*Уллы Октябрь социалистлик революциясының 60 жыллығына арналады.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

ӨЗБЕКСТАН ССР ИЛИМЛЕР АКАДЕМИЯСЫ
ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ФИЛИАЛЫ

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АССРы ТАРИЙХЫ

ЕКИ ТОМЛЫҚ

*Бас редакция ағзалары:*
НУРМУХАМЕДОВ М. К. (председатель), ҒУЛАМОВ Я Ғ., ДОСУМОВ Я. М., ЖДАНКО Т. А., КАМАЛОВ С. К., ҚОСБЕРГЕНОВ Р. Қ., ҚОСЫМБЕТОВ И. Қ., МАҚСЕТОВ Қ. М., ТОЛСТОВ С. П.

„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН"

www.ziyouz.com kutubxonasi

Н. ДӘЎҚАРАЕВ АТЫНДАҒЫ ТАРИЙХ, ТИЛ ҲӘМ ӘДЕБИЯТ ИНСТИТУТЫ

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АССРы ТАРИЙХЫ

## УЛЛЫ ОКТЯБРЬ СОЦИАЛИСТЛИК РЕВОЛЮЦИЯСЫНЫҢ ЖЕҢИСИНЕН БИЗИҢ КҮНЛЕРИМИЗГЕ ДЕЙИН

II
ТОМ

НӨКИС—1977

www.ziyouz.com kutubxonasi

„Қарақалпақстан АССР ы тарийхының“ екинши томы қарақалпақ халқының тәғдиринде Совет власты жылларында болып өткен түпкиликли өзгерислерге арналған.

Бул томда оғада көп санлы фактли материаллар тийкарында үлкеде Октябрь социалистлик революциясының жеңиўи совет властының орнаўы, қарақалпақ халқының миллий мәмлекетинин қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы, бурын езилип келген және артта қалған халықтың социалистлик экономикасы менен мәдениятының гүллениўи баян етиледи.

Қарақалпақстандағы социалистлик қайта өзгерислерди әмелге асырыўда ҳәм коммунистлик қурылыста ленинлик партияның басшылық ҳәм шөлкемлестириўшилик роли және туўысқан рус ҳәм СССР дағы басқа да халықлардың үлкен жәрдеми айрықша атап көрсетилген.

*Жуўаплы редакторлар:*

КАМАЛОВ С. К. ҳәм ҚОСЫМБЕТОВ И. Қ.

*Томның редколлегия ағзалары:*

БЕКИМБЕТОВ А. Б., ДОСУМОВ. Я. М., ҚАЛНИЯЗОВ У. К., МАҚСЕТОВ Қ. М., НУРМУХАМЕДОВ М. К.

$\frac{1602030450}{16-76-М}$

© Издательство „Фан“ АН Узбекской ССР—1974
© Издательство „Каракалпакстан“ — 1977

www.ziyouz.com kutubxonasi



В. И. Ленин

www.ziyouz.com kutubxonasi

## КИРИСИЎ

Совет халқы ҳәм пүткил прогрессивлик адамзат жүзден аслам миллет және халықгы бирлестиретуғын, көп миллетли Совет мәмлекетиниң даңқлы сәнесин—Уллы Октябрь социалистлик революциясының 60 жыллығын ылайықлы белгилеп өтиўге таярлық жүргизип атыр. Адамзаттын раўажланыўында жана дәўирди ашқан Уллы Октябрь социалистлик революциясы данышпан Лениниң азат миллетлердин ықтыярлы аўқамы ҳаққындағы идеясын ис жүзинде әмелге асырды.

Совет Социалистлик Республикалар Союзынын тарийхы,—бул Совет социалистлик мәмлекети көлеминде бирлескен барлық халықлардың бузылмас беккем бирлигиниң ҳәм дослығының пайда болыўының тарийхы. Бул социалистлик революциядан дөреген ҳәм бүгинги күни дүньядағы ең қүдиретли мәмлекетлерден бири болған мәмлекеттиң бурын көрилмеген дәрежеде өсиўинин ҳәм раўажланыўының тарийхы. Бул—онын байрағы астында жәмленген барлық республикалардын, елимизде мәкан еткен барлық миллетлер менен халықлардың ержетип нығайыўының және экономикалық, сиясий ҳәм мәдений жақтан ҳақыйқат гүллениўинин тарийхы.

Уллы Лениннин, коммунистлик партияның басшылығы менен иске асырылған Уллы Октябрь революциясы қарақалпақ халқына да кен, жарқын жол ашып берди. Оның Совет власты жылларындағы раўажланыўы Советлер Союзы Коммунистлик партиясынын ленинлик миллий сиясаты салтанатынын айқын мысалы болып есапланады. Барлық Совет халықларынын, биринши гезекте уллы рус халқының туўысқанлық жәрдеминин арқасында қарақалпақ халқы тарийхый қысқа ўақыттын ишинде патриархаллық-феодаллық дүзимнен социализмге өтти, ал ҳәзирги ўақытта коммунистлик курылысқа актив қатнаспақта. Сонлықтан да, Совет Қарақалпақстаны мийнет кешлериниң Уллы Октябрьден ҳәзирги күнлерге дейинги өткен даңқлы жолын изерглеў ҳәм



www.ziyouz.com kutubxonasi

үйрениў ҳүрметли ўазыйпа болып, бул үлкен илимий әҳмийетке ийе ҳәм жәмийетшилигимиздиң автономиялы республикамыз ҳаққындағы билим жәнe түсиниклерин кеңейтеди.

„Қарақалпақстан АССР ы тарийхының" екинши томында социалистлик ҳәм коммунистлик қурылыс жылларында автономиялы республика мийнеткешлериниң санаат, аўыл хожалығы ҳәм мәдeният тараўында ерискен жетискенликлери баян етип көрсетилген.

„Қарақалпақстан АССР ы тарийхы"нын очерклери жарыққа шыққаннан (II том, 1964-жыл) кейин, КПСС Орайлық Комитетиниң Октябрь Пленумының (1964-жыл), КПСС XXIII съездиниң (1966- жыл)қарарларын, КПСС Орайлық Комитетинин 1967- жыл 14-августтағы „Жәмийетлик илимлерди буннан былай да раўажландырыў ҳәм олардын коммунистлик қурылыстағы ролин арттырыў бойынша илажлар ҳаққындағы" қарарын басшылыққа алып, Қарақалпақстан тарийхшылары „Қарақалпақстанда социализм дүзиўдиң ленинлик программасының әмелие асырылыўы (1917 — 1937-ж.ж.)" (Ташкент, 1971-жыл) „Қарақалпақстан социализмнин жениси ҳәм коммунизм дүзиў дәўиринде" (Ташкент, 1969-жыл) атлы монографияларды баспадан шығарды. Бул жумыслардын материаллары усы мийнетте кен пайдаланылды Сонын менен бирге усы томнын авторлары Союзымыздағы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстандағы архивлерден алынған жана документлер менен материалларды да пайдаланды.

Авторлар „Уллы Октябрь социалистлик революциясына 50 жыл" (Москва, 1967-жыл), „Владимир Ильич Ленинниң туўылған күнине 100 жыл толыўына" (Москва, 1970-жыл) арналған юбилейлик топламлардағы, КПСС XXIV, XXV съездлери материалларындағы, Л. И. Брежневтиң „Совет Социалистлик Республикалар Союзының елиў жыллығы ҳаққында"ғы докладындағы ҳәм СССР дың дүзилгенине 50 жыл толыўына арналған басқа да документлер менен материаллардағы баҳалы теориялық режелерди ҳәм жуўмақларды басшылыққа алды. Совет тарийх илиминиң, әсиресе Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан тарийхшыларынын жетискенликлери бул томда сәўлеленген,

Екинши томды таярлаўға төмендеги авторлар қатнасты: I бап —„Уллы Октябрь социалистлик революциясының жеңиси ҳәм Қарақалпақстанда Совет властынын орнаўы (1917-жыл апрель — 1918-жыл июль)", II бап—„Қарақалпақстан сырт ел әскерий интервенциясы ҳәм граждан̆лар урысы дәўиринде (1918 — 1920-ж. ж.)", XI бап—„Қарақалпақстан АССР ы Уллы Ўатанларлық урыс жылларында (1941—1945-ж ж.) — Өзбекстан ССР Илимлер академиясының хабаршы-ағзасы тарийх илимлериниң докторы Я. М. Досумов тәрепинен; III бап — „Қарақалпақстан халық хожалығын қайта тиклеў дәўиринде (1921—1925-ж. ж.) тарийх илимлеринин кандидатлары У. Қ. Қалниязов (§ 1—4) ҳәм Қ. А. Аметов (§ 5) тәрепинен; IV бап — „Орта Азияны миллий-мәмлекетлик шегаралаў ҳәм Қарақалпақстан автономиялы областынын дүзилиўи" — Я. М. Досумов хәм К. А Аметовлар тәрепинен; V бап



www.ziyouz.com kutubxonasi

— „Қарақалпақстан АССР ы халық хожалығын социалистлик реконструкциялаўға өтиў дәўиринде (1926—1928-ж. ж.)", XV бап— „Қарақалпақстан АССР ы сегизинши бес жыллықта (1966——1970-ж. ж.)"—тарийх илимлеринин кандидаты А. Б. Бекимбетов тәрепинен; VI бап — „Қарақалпақстан АССР ы социализмниң экономикалық фундментин дүзиў дәўиринде (1929—1932-ж. ж.)", XII бап— „Қарақалпақстан АССР ы социалистлик халық хожалығын қайта тиклеў ҳәм раўажландырыў дәўиринде (1946—1950-ж. ж.)" —тарийх илимлериниң кандидаты Ж. Т. Уббиниязов тәрепинен: VII бап—„Қарақалпақстан АССР ының дүзилиўи"—тарийх илимлеринин докторы С. У. Татыбаев тәрепинен; VIII бап — „Қарақалпақстан АССР ы халық хожалығын социалистлик қайта қурыўды тамамлаў дәўиринде (1933 — 1937- ж. ж.)", X бап — „Қарақалпақстан АССР ы СССР да социалистлик жәмийетти беккемлеў ҳәм раўажландырыў дәўиринде (1938- жыл — 1941-жылдың июнь айы)" —тарийх илимлериниң кандидаты И. Қ. Қосымбетов тәрепинен; IX бап—„Қарақалпақстан АССРында мәдений революция (1917—1937- ж. ж.)"—филология илимлериниң докторы Қ. М. Мақсетов. тарийх илимлеринин кандидатлары И. Қ. Қосымбетов, Б К. Кетебаева, П. М. Муратовалар тәрепинен; XIII бап — „Қарақалпақстан АССР ы социализм дүзиўдиң тамамланыўшы басқышын да" (1951 — 1958-ж. ж.)" — Қ. А. Аметов тәрепинен, XIII баптын „Санаат" тараўын жазарда Қ. А. Аметов тәрепинен „Қарақалпақстан АССР ы тарийхының очерклери" (Ташкент, 1964- ж.) екинши томының X бабындағы ҳәм „Қарақалпақстан социализмниң жеңиси ҳәм коммунизм дүзиў дәўиринде" атлы китаптың IV бабындағы У. Х. Шалекеновтың, У. Қ. Қалниязовтың ҳәм Ж. Т. Уббиниязовтың материалларынан пайдаланылды; XIV бап —„Қарақалпақстан АССР ы жети жыллық планды әмелге асырыў жылларында (1959—1965- ж. ж.)" — У. Қ Қалниязов тәрепинен; XVI бап — „Қарақалпақстан АССР ы тоғызыншы бес жыллықта (1971—1975-ж. ж.)" — Я. М. Досумов, П. М Муратова, тарийх илимлеринин кандидаты Ы. Ельмуратов ҳәм М. Абдреимов тәрепинен; XVII бап — „Қарақалпақстан АССР ы социалистлик мәдениятының гүллениўи (1938—1975-ж. ж.)" — И. Қ. Қосымбетов, Қ. М. Мақсетов, Р. Т. Тилеўов ҳәм П. М. Муратова тәрепинен жазылды.

Сәне ҳәм ўақыялардың хронологиясы Г. Я. Досумова тәрепинен, жеке адам атларынын көрсеткиши Ы. Ельмуратов тәрепинен, географиялық ҳәм тарийхый-топографиялық орын атамаларының көрсеткиши П. Муратова тәрепинен ҳәм әдебиятлардың көрсеткиши Ж. Т. Уббиниязов тәрепинен дүзилди.

Томның редакциялық коллегиясы менен авторлар коллективи китап оқыўшылардың баҳалы ескертиўлерин ҳәм тилеклерин миннетдаршылық билдириў арқалы қабыл етеди және „Қарақалпақстан АССР ының тарийхы" бойынша буннан былайғы жумысларда оларды есапқа алады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Биринши бөлим

# УЛЛЫ ОКТЯБРЬ СОЦИАЛИСТЛИК РЕВОЛЮЦИЯСЫНЫҢ ЖЕҢИСИ. ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АССРы СССРда СОЦИАЛИЗМ ҚУРЫЛЫСЫ ДӘЎИРИНДЕ

www.ziyouz.com kutubxonasi

## *I бап*

# УЛЛЫ ОКТЯБРЬ СОЦИАЛИСТЛИК РЕВОЛЮЦИЯСЫНЫҢ ЖЕҢИСИ ҲӘМ ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА СОВЕТ ВЛАСТЫНЫҢ ОРНАЎЫ
## (1917- жыл апрель — 1918- жыл июль)

### 1. ҚАРАҚАЛПАҚСТАН УЛЛЫ ОКТЯБРЬ СОЦИАЛИСТЛИК РЕВОЛЮЦИЯСЫН ТАЯРЛАЎ ДӘЎИРИНДЕ
### (1917-жыл апрель—ноябрь)

1917- жылы февральда Россияның рабочийлары, солдатлары ҳәм матрослары большевиклер партиясының басшылығы астында патша самодержавиясын қулатты. Барлық губернияларда ҳәм уездлик қалалардың көпшилик бөлегинде рабочийлар ҳәм солдатлар депутатларының Советлери дүзилди. Бирақ, меньшевиклер менен эсерлердиң тәсири арқалы дүзилген буржуазиялық ўақытша ҳүкимет үстемликти ийеледи. Сол ўақыттағы аўҳалды В. И. Ленин: „. . . Ўақытша ҳүкимет, буржуазияның ҳүкимети менен бир қатарда, еле ҳәлсиз, жаңа дөреп киятырған, бирақ солай да болса ис жүзинде өмир сүрип ҳәм өсип киятырған өзгеше ҳүкимет: рабочийлар менен солдатлар депутатларының Советлери дүзилди“[1], – деп сыпатлады.

Солай етип, елде қос властлық дүзилди. Ол „революцияның раўажланыўында, әдеттеги буржуазиялық-демократиялық революциядан асып өткен, бирақ, еле пролетариат пенен дийханлардың „сап“ диктатурасына жетеғоймаған мәҳәлиндеги“ өгиў пайытын билдиреди“[2].

Революцияны иске асырған рабочийлар, дийханлар, солдатлар ҳәм матрослар парахатшылық, ғәлле, жер берилиўин, социаллық ҳәм миллий езиўдиң сапластырылыўын талап етти. Бирақ, буржуазиялық ўақытша ҳүкимет халықтың талабын тыңлағысы келмеди ҳәм елде буржуазиялық-помещиклик дүзимди сақлай отырып, империалистлик урысты даўам етти.

---

[1] В. И. Ленин Таңламалы шығармалары, 2-том, „Қарақалпақстан“ баспасы, Нөкис, 1969, 19-бет

[2] Бул да сонда 27-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ўақытша ҳүкимет миллет мәселесин де шешпеди. Ол „бөлинбейтуғын бир Россия" ҳаққындағы қурғақ сөзлерди бүркенип, патша ҳүкиметиниң империалистлик-колониаллық сиясатын даўам етти.

Түркстан үлкесиниң Әмударья бөлиминде түпкиликли өзгерислер иске асырылмады.

Аўыллардағы власттың басында бурынғы ақсақаллар қалды. Аўыллық атқарыў комитетлери тийкарынан кулаклар менен байлардан қуралды. Сондай-ақ пүткил елдеги сыяқлы Қарақалпақстанда да буржуазиялық Ўақытша ҳүкимет органлары менен бирге тағы бир власть—рабочийлар ҳәм солдатлар депутатларының Советлери дөреди. Төрткүлде, Шораханда мусулман депутатларының Советлери дүзилди. Петро-Александровск пенен Шымбайда рабочийлар солдатлар ҳәм матрослар депутатларының Советлери дүзилди Олар Әмударья бөлиминдеги халықтың революциялық ҳәрекетин басқарды.

Петро-Александровск рабочийлар, солдатлар ҳәм матрослар депутатларының Советлери патшаның әскерий ҳәм гражданлық басқарыўшыларын власть басынан шетлетти. Миллетлердин өз-ара байланысларын тәртиплестириў, азық-аўқат мәселесин шешиў, почта менен телеграф үстинен қадағалаўды шөлкемлестириў бойынша басшылықты өз қолына алды. Сондай-ақ, ол сегиз саатлық жумыс күнин енгизиў ҳаққында қарар қабыл алды.

Сол дәўирдеги Әмударья бөлиминде ҳәм Арал теңизиниң қубла жағаларындағы мәўсимли талап пенен ҳәм қол-өнерментшилиги менен шуғылланыўшылардың, өнимди қайта ислеўши санаатта, дәрья ҳәм теңиз транспортында, балықшылық өндирисинде ислеўшилердиң саны 30 000 рабочийға шамаласатуғын еди. Соның ишинде, пахта тазалаў, май шығарыў, тери ийлеў ҳәм жоңышқа тухымын тазалаў санаатларында 500 адам иследи.

Санаат кәрханаларында рус ҳәм жергиликли буржуазия бийлик етти. Жумыс күни 12—14 саатқа созылды. Рабочийлар аўыр аўҳалларда жасады Олар оғада аз мийнет ҳақы алды. Қымбатшылықтың ақыбетинен күн көрис үзликсиз төменледи. Аўылларда байлар өз билдигинше үстемлик сүрди. Әмударья бөлиминдеги барлық егислик жерлердиң 40% тен асламырағы байларға тийисли болды. Дийхан хожалықларының қуты кетти. Мысалы, Әмударья бөлиминдеги 5319 дийхан хожалығының егислик жери пүткиллей жоқ еди, ал 15921 жарлы хожалықтың орта есап пенен тек 2 десятинадан жери болған болса, 9552 орташа хожалықтың орта есап пенен 3,03 десятинадан ғана жери болған.

Орташа аўҳалда жасап атырған орташалар көпшилик жағдайларда гедейлерге айланды Жерсиз ҳәм жери аз дийханлар байларға жалланып ислеўге мәжбүр болды. Ямаса олар кәсип пенен шуғылланды ҳәм батракларға, рабочийларға айланды. Күн сайын әскерий салықлар көбейди. Урыс ушын малларды алыў ҳәм ҳәр қыйлы алымлар өсти. Россиядан ғәлле ҳәм санаат буйымларын алып келиў қысқарды. Социаллық ҳәм миллий езиў күшейди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

В. И. Ленин 1917-жыл 3-апрельде эмиграциядан Россияға қайтып келди 4-апрельде ол „Ҳәзирги революцияда пролетариаттың ўазыйпалары ҳаққында" (Апрель тезислери) тезислер менен Петроградта шығып сөйледи. Онда социалистлик революцияға өтиўдиң ҳәм Совет власты формасындағы пролетариат диктатурасын орнатыўдың теориялық жақтан негизленген конкрет планы белгилеп берилди. „Россиядағы ҳәзирги пайыттың өзгешелиги—деп жазылған онда,—революцияның биринши басқышынан,—пролетариаттың саналылығының ҳәм шөлкемлескенлигиниң жеткиликсиз болыўы арқасында властьты буржуазияға берип қойған басқышынан,—*екинши* басқышына,—властьты пролетариат пенен дийханлардың ең гедей қатламының қолына бериўи тийис болған басқышына *өтиўден* ибарат болып отыр"[1].

„Апрель тезислери" марксизмге қосылған жаңа илимий үлес болды ҳәм Россияда социалистлик революцияның жеңисин тәмийинлеўде оғада уллы роль ойнады

Ленинлик тезислер ҳәм Апрель конференциясының тарийхый қарарлары большевиклер партиясы менен Россия рабочий классына жаңа жағдайдағы гүресте дурыс бағдар берди, большевиклик шөлкемлердиң кең мийнеткешлер массасын өз тәрепине тарта отырып, меньшевиклер менен эсерлердиң келисимпазлығын әшкаралаўына жәрдемлести.

Түркстанның,әсиресе Қарақалпақстанның жергиликли халықлары арасында большевиклердиң жүргизген жумысы үлкен қыйыншылықлар жағдайында әмелге асырылды.

Бир қатар объективлик себеплерге байланыслы Әмудәрья бөлиминдеги социал-демократиялық ҳәрекет ҳәлсиз еди. Бул ҳәлсизлик рабочий класстың аз санда болыўынан, жергиликли большевиклердиң идеялық ҳәм практикалық жақтан жетерли шынықпағанлығынан, олардың өз баспа сөз органларының болмаўынан ҳәм Әмудәрья бөлиминиң Россияның, Түркстанның әдеўир раўажланған санаат орайларынан географиялық жақтан узақта жайласқанлығынан келип шыққан еди. Соған қарамастан, большевиклер үлкениң жәмийетлик-сиясий турмысында кем-кемнен актив роль атқара баслады Олардың жумысларының түрлери тийкарынан аўызша үгитлеў, нәсиятлаў, листовкалар, плакатлар, сүренлер таратыў ҳәм т. б. формаларда болды.

Усы дәўирде Петро-Александровск солдатларының, матросларының рабочийларының, батракларының, салдаўшыларының ҳәм Қарақалпақстанның мийнеткеш дийханларының арасында революциялық-демократиялық ҳәм миллий-азатлық ҳәрекетлери кескин күшейди.

Большевиклердиң тәсири астында Әмудәрья бөлими Советиниң революциялық қанаты күшейди. Петро-Александровск Советиниң басламасы менен 1917-жылы 4-апрельде Петроградқа—

---

[1] В. И. Ленин Таңламалы шығармалары, 2-том, „Қарақалпақстан" баспасы, Нөкис, 1969, 14-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

рабочийлар, солдатлар ҳәм дийханлар депутатлары Советлериниң Пүткил россиялық Орайлық Атқарыў Комитетиниң биринши сессиясына—қутлықлаў телеграмма жиберилди.

Әмударья Совети халық ҳүкиметиниң органы ретинде Петроградтың, Москваның, Каганның, Чаржоўдың, Ташкенттиң, Самарқандтың, Ашхабадтың ҳәм Қазалының революцияшыл пролетарияты, солдатлары, матрослары ҳәм дийханлары менен байланысын даўам етти. Петро-Александровск гарнизонындағы солдатлар, матрослар ҳәм офицерлердиң арасында большевиклердиң революциялық үгит-нәсиятының күшейиўи менен революциялық демократиялық кейиплер өсти.

1917- жылы 17- апрельде, Түркстан рабочийлар ҳәм солдатлар депутатлары Советлериниң үлкелик съездиниң телеграммасына тийкарланып, әскерий комитет гарнизон солдатлары, матрослары ҳәм офицерлериниң, Төрткүл қаласы рабочийларының ҳәм муғаллимлер аўқамының (корпорациясының) қатнасыўы менен халықлардың интернационаллық туўысқанлығы сүрени астында 1- Май ҳүрметине көшеге шығып жүриў (манифестация) өткериўин, деп қарар етти. Усы қарарда, әскерий комитет солдатларды, матросларды, прогрессив офицерлерди, рабочийлар менен дийханларды халықлардың интернационаллық туўысқанлығын күшейтиўге шақырды. Рабочийлар, солдатлар ҳәм матрослардың көшеге шығып жүриўи революциялық күшлердиң және де көбирек жәмлесиўине ҳәм Әскерий комитеттиң революциялық сүренлерин жергиликли мийнеткешлерге түсиндириўге тәсир етти.

1917-жылы 27-апрельде Петро-Александровск гарнизонының 738- Симбирск пиядалар дружинасының командири офицерлердиң өз билдигинше ҳәрекетлерин шеклейтуғын ҳәм солдатлар менен матрослар массасының жәмийетлик жумысларға қатнасыўына имканият туўғызатуғын әскерий шөлкемлердиң сайланыўшылығы туўралы жаңа системаны енгизиў ҳаққында арнаўлы буйрық шығарыўға мәжбүр болды. Солдатлар ҳәм матрослар комитетлери дүзилди, сондай-ақ әскерий бөлимлердеги тәртип ҳәм қәделерди сақлаў, хожалық жумысларының үстинен қадағалаў, хызмет орынларындағы адамлардың власттан өз мәпи ушын пайдаланыўына ҳәм олардың ҳәдден тыс кетиўине қарсы гүресиў, солдатлар, матрослар ҳәм олардың командирлери арасындағы таласлы мәселелерди қарап шығыў, солдатлар менен матросларды билимлендириўге тәсир етиў ҳәм тағы басқа да ўазыйпаларды орынлайтуғын тәртип сақлаўшы судлар дүзилди.

Әскерий комитетлер менен дружина судының усындай илажлары солдатлар, матрослар ҳәм офицерлердиң арасында революциялық кейиплердиң өскенлигиниң айқын дәлили болды.

Рабочийлар, солдатлар ҳәм матрослардың революциялық ҳәрекетиниң тәсири астында жергиликли мийнеткешлердиң арасында буржуазиялық Ўақытша ҳүкиметке қарсы миллий-азатлық ҳәрекет раўажланды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кең экономикалық ҳәм сиясий талапларды усынған және большевиклердиң идеясын мийнеткешлерге түсиндирген профсоюз шөлкемлери большевиклерге салдамлы жәрдем көрсетти.

Барлық жерде жаңа профсоюзлар дүзилди. 1917-жылы 12-майда әскерий комитет пенен солдатлар депутатлары Советиниң ҳәрекет етиў программасын (платформасын) қоллап-қуўатлайтуғын Петро-Александровск қазнаханасы хызметкерлериниң Союзы шөлкемлестирилди. Большевиклерден И. Касьяненко, Г. Заюшев, И. Бринкман, Киселев, Т. Лушников ҳәм басқалар усы союздың актив ағзалары еди. Бөлимниң пахта тазалаў, май шығарыў, жоңышқа тухым тазалаў заводларының ҳәм басқа да кәрханаларының қапталынан „Хлопмасмыл" профсоюзы шөлкемлестирилди: Оның жумысларына большевиклерден И. Савинов, В. Е. Крошиловлар актив қатнасды. Мойнақта „Рыбаксоюз" дүзилди, ал 15- мартта почта-телеграф рабочийлары менен хызметкерлериниң Союзы шөлкемлестирилди. Профсоюзлар мийнет ҳақының көбейтилиўи, жумыс күниниң қысқартылыўы ҳәм т. б. ҳаққында талаплар усынды.

Сол жылдың март айында Петро-Александровск большевиклер группасының басламасы менен алдыңғы ағартыў хызметкерлерин бирлестиретуғын, олардың кәсипшилик мәплерин қорғаў ҳәм педагогикалық және ағартыў жумысларын жақсылаў ушын муғаллимлердиң Союзы дүзилди

Сол дәўирде профсоюзда Л Г. Желябин, Герасимова, И. К. Китавева, В. И. Барановский, К. Салимов, С. А. Беляев, А. К. Барановская, Попов, В. И. Платонова, Н. Мухамедов, З. Мухамедова, И. Кожуров' Д. Бабажанов, Ю. Ахмедов ҳәм басқалар актив жумыс алып барды. Олар большевиклердиң басшылығында Қарақалпақстан мийнеткешлериниң арасында прогрессивлик ҳәм революциялық идеяларды таратыўға қатнасты.

1918- жылы 19- январьда Петро-Александровскте қалалық өзин-өзи басқарыў, тутқынға алыў орны, Әмударья бөлими Комиссариаты, транспорт ҳәм саўда кәрханалары рабочийлары менен хызметкерлериниң Союзы дүзилди. Профсоюзлардың жәрдеминде русслар менен жергиликли мийнеткешлердиң арасындағы дослық қатнасықлар жолға қойылып ҳәм беккемленип, бул Қарақалпақстанда Совет властының жеңип шығыўына жәрдемлести.

Әмударья бөлиминдеги профсоюз шөлкемлери Каган, Чаржоў ҳәм басқа да қалалардағы областьлық шөлкемлер менен байланыслы болды. Большевиклик группалар профсоюзларды орайластырыў мақсетинде оларда системалы үгит-нәсият жумысларын алып барды, эсерлердиң, меньшевиклердиң ҳәм буржуазиялық миллетшиллердиң сиясатын әшкаралады.

Меньшевик-эсерлердиң басқарыўына қарамастан, Советлердиң қарарларында революциялық кейиплер менен халық массасының талаплары көрсетилди. Мысалы, рабочийлар менен солдатлар депутатларының Петро Александровск Совети 1917-жылы 28- ап-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рельде сегиз саатлық жумыс күнин орнатыў, мийнет ҳақыны көбейтиў. Әмударья бөлиминдеги ирригациялық жумыслардың таярлығына қатнасыў ҳәм соған қусағанлар ҳаққында талаплар усынды. Совет телеграфтың, почтаның ҳәм рәсмий хат алысыўлардың үстинен қадағалаў орнатты, азық-аўқат пенен тәмийинлеў, коммунал хожалығы ҳәм саўда мәселелери менен шуғылланды.

Халық-массасының аўырласып баратырған аўҳалы олардың Ўақытша ҳүкиметтиң сиясатына наразылығын барған сайын күшейтти. 1917-жылы 29-апрельде Әмударья бөлиминиң Шорахан участкасында ең гедей дийханлардың қозғаланы басланды. Турк комитеттиң ҳәм оның жергиликли органларының реакцияшыл сиясатына қәҳәрленген гедей дийханлар Шораханның қасына митинге жыйналды, оған сондай-ақ бир неше мыңлаған қазыўшылар да қатнасты. Митингте шығып сөйлегенлер жер-суў мәселесин халық массасының мәпине ылайық шешиўди, колониаллық-феодаллық тутымды сапластырыўды, Әмударья бөлими менен Хийўа ханлығындағы әскерлердиң командующийси генерал-майор Мирбадаловтың ҳуқуқын шеклеўди, империалистлик урысты тоқтатыўды, ашлық ҳәм бүлгиншилик пенен гүрести шөлкемлестириўди талап етти ҳәм Советлердиң ролин күшейтиўдиң зәрүрлигин атап көрсетти.

Большевиклердиң революциялық үгитлеў жумысларының тәсири астында жергиликли мийнеткешлер ҳәкимлердиң рухсатысыз-ақ, өз бетинше қазналық жайлаўларды басып алды, жер мәселесин өзлериниң ерки менен шешти, эксплуататорларға қарсы ашық наразылықлар менен бас көтерип шықты.

Бөлимдеги халықтың басқа қатламларының арасында да революциялық-демократиялық ҳәрекет күшейди. Мысалы, май айында Әмударья бөлиминдеги оқыўшылар менен муғаллимлер Ўақытша ҳүкиметке наразылық билдирип, шөлкемлескен түрде көшеге шығып жүриў өткерди.

1917-жылдың май—август айларындағы қарақалпақ мийнеткешлериниң азатлық ҳәрекети улыўма россиялық революциялық ҳәм миллий-азатлық ҳәрекеттиң состав бөлегин қурады.

Большевиклер Әмударья бөлимине орналастырылған әскерий бөлимлердиң солдатлары менен офицерлериниң арасында актив үгит-нәсият жумысларын алып барды, меньшевиклердиң, эсерлердиң, буржуазиялық миллетшилердиң сатқыншылық сиясатын әшкаралады.

1917-жыл 5-майдағы рәсмий буйрық пенен Петро-Александровск гарнизонының әскерий комитети солдатлар, офицерлер ҳәм рабочийлар депутатлары Советлериниң, темир жол ҳәм пароход администрациясы атқарыў комитетлериниң ўәкиллеринен 5—7 адам қурамында рәсмийлестирилди.

Петро-Александровск гарнизоны әскерий комитети жәнe солдатлар депутатлары Совети Ташкент Совети менен байланысларын бурынғыдан да бетер беккемледи. 1917-жылы 12-майда Әскерий



www.ziyouz.com kutubxonasi

комитеттиң мәжлиси: „Келеси ўақытта Петро-Александровск қаласының әскерий шөлкемин ескериўсиз қалдырмаўды ҳәм бундай жағдайларда сөзсиз ўәкил шақырыўды Ташкент қаласы рабочийлар ҳәм солдатлар депутатларынын Советинен соралсын",— деп қарар қабыл алды. Әскерий комитеттин қарары Петро-Александровск гарнизоны солдатлары менен офицерлеринин жалпы жыйналысында мақулланды.

1917- жылы 15- майда Әскерий комитет Петро-Александровск гарнизонынын солдатлары, унтер-офицерлери ҳәм офицерлериниң жыйналыслары бирлестирилсин, деп қарар етти.

1917- жылы 23-июньда Әскерий комитет рабочийлар менен солдатлар депутатлары Сырдәрья областьлық Советиниң вагонлардың үстине қызыл байрақлар орнатыў ҳаққындағы буйрығын басшылыққа алды ҳәм усы буйрықтың тезлик пенен орынланыўы ҳаққында Петро-Александровск ҳәм Хийўа гарнизонларының әскерий бөлимшелери менен бөлимлерине көрсетпе берди. Сол күннен баслап қызыл байрақ солдатлардың, матрослардың, рабочийлардың ҳәм дийханлардың бирден-бир байрағы болды.

Россия менен Түркстанда өсип баратырған революциялық ҳәрекеттиң тәсири астында Петро-Александровск гарнизонынын Әскерий комитети барлық революциялық-демократиялық күшлерди бирлестириў мақсетинде ҳәм рабочийлар менен солдатлар депутатлары Сырдәрья Советиниң буйрығына ылайық революциядағы өзиниң буннан былайғы ўазыйпаларын белгилейтуғын солдатларға қаратылған үндеў қабыл алды. Үндеўде:„Петро-Александровск гарнизонының Әскерий комитети, еле революциянын дәслепки күнлеринде шөлкемлестирилиўине байланыслы . . . енди, үлкелик съезд тәрепинен исленип шыққан режеге сәйкес келмейтуғын шөлкем есабында қайта дүзилиўи тийис. Түркстан үлкеси Совети менен толық байланыста болыўды қәлей отырып, Петро-Александровск гарнизонының әскерий комитети қайта дүзиўди 1917-жылдын 1- августына белгиледи Сол ўақыттан баслап Әскерий комитет Петро-Александровск солдатлар депутатларының Совети болып аталады", — деп көрсетилген.

Рабочийлар менен Петро-Александровск гарнизонының солдатлары депутатларының Советине депутатлар сайлаў ўақтында солдатлар менен офицерлердиң тең ҳуқуқлылығы орнатылды. Советтин „Режесинде": „Солдатлар, офицерлер ҳәм класслық дәрежелилер ғалаба, тең, тиккелей ҳәм жасырын сайлаў ҳуқуқлары тийкарында бир сайлаў жыйналысын қурайды", — деп билдирген.

„Режеде" демократиялық басламаларда сайланған рабочийлар, солдатлар ҳәм дийханлар депутатлары властынын органы ретиндеги Советлердиң ўазыйпалары белгиленди ҳәм „пүткил гарнизондағы әскерий дәрежелилер өз ислеринде солдатлар депутатлары Советлеринин көрсетпелерин басшылыққа алады" — деп көрсетилди.

Әскерий комитеттиң меньшевиклик-эсерлер бөлегиниң тәсири астында „Реже" ге Советлердиң ўазыйпаларын „басқарыў ор-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ганларының үстинен жәмийетлик қадағалаў арқалы шеклейтуғын" бирқатар дүзетиўлер киргизилди. Мысалы, „ҳүкиметлик властьтың ислерине Советлердин актив араласыўына пүткиллей жол қойылмайды", — деп көрсетилди.

Соған қарамастан, бул документ Советлердин идеясын үгитнәсиятлаў ушын ҳәм Қарақалпақстанда революциялық-демократиялық ҳәрекеттиң өсиўинде үлкен әҳмийет тутты

Революцияшыл кейиптеги солдатлар менен матрослар өз командирлериниң буйрықларын орынлаўдан бас тартты. 1917-жылы 29-июльде полковник Гурьев округ әскерлеринин командующийсине берген телеграммасында солдатлар депутатлары Совети абыройының күшейип баратырғанлығын айтып шағынып. „Халықты баспашылардын талаўшылығынан қорғаў ушын әскер жибериўде отряд начальнигине емес, ал пүткиллей солдатлар депутатлары Советине ҳәм басқа да жәмийетлик шөлкемлерге сүйениледи", — деп жазды.

1917-жылы июль айынын ақыры менен август айының басында 738-Симбирск пиядалар дружинасының ҳәм 24-батареяның солдатлары солдатлар депутатлары Советинин большевиклер бөлегиниң сиясатын қуўатлап, өз командирлери менен начальниклеринин реакцияшыл ҳәрекетлерине ашық қарсы шықты.

Пиядалар бөлимине исенбеген әскерий командование 738-дружинаны толықтырыў ушын Керкиден Әмударья бөлими менен Хийўа ханлығына Уссурий казаклар дивизиясынын 3-жүзлигин алып келди. Бирақ, большевиклер солдатлардын, матрослардың ҳәм казаклардың бул бөлегин де өз тәрепине тартты.

Жана мағлыўматларға сәйкес, Петро-Александровск гарнизонының революцияшыл солдатларынын арасында РСДРП(б) ның басланғыш партия шөлкеминиң пайда болыўы 1917-жылдын март айының биринши ярымына туўра келеди. Тихон Бугаевтин №21 партия ағзалығы билетинин түп нусқасында большевиклер партиясының қатарына 1917-жылы 15-мартта киргенлиги жазылған. Жәнe бир № 58 партияға ағзалық билети Матвей Яковлевич Усенкоға Петро-Александровск партия шөлкеми тәрепинен берилген.

Революцияшыл социал-демократлар солдатлардын, матрослардын арасында ҳәм ағартыў шөлкемлеринде үлкен жумыслар алып барды, өзлеринин барлық күшин, билимин ҳәм тәжирийбесин мийнеткешлерди революциялық тәрбиялаўға жумсады. Әмударья бөлимине жер аўдарып жиберилген партия ағзаларынын есабында 1907-жылдан РКП(б) ағзасы, слесарь И. К. Кандратенко, 1912-жылдан РКП(б) ағзасы, рабочий А А Маскалов, 1905—1907-жыллардағы биринши рус революциясының актив қатнасыўшысы, слесарь Д. Д. Головяшкин (1884—1965-ж. ж.)болды.

Әмударья бөлими менен Хорезм мийнеткешлеринин революциялық гүресине жәрдем көрсетиў мақ етинде, бәринен бурын Совет Түркстанынын қәўипсизлигине қарсы Зайцевтин контрреволюцияшыл жасырын тил бириктириўин (заговорын) аппласты-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғыў ушын Петро-Александровск пенен Хийўаға Түркстаннан 14 адамнан ибарат коммунистлер группасы жиберилди.

Москваның Үлкен Ярослав мануфактурасының бурынғы рабочийсы, 1911-жылдан Коммунистлик партияның ағзасы Василий Ефимович Крошилов (1890—1920- ж. ж.) Әмударья бөлиминдеги рус ҳәм жергиликли мийнеткешлердиң арасында үлкен абыройға ийе болды. Ол 1905—1907- жыллардағы биринши рус революциясына актив қатнасқаны ушын патша ҳүкимети тәрепинен Хорезм оазисине жер аўдарылған. 1917— 918- жыллары ол Қызыл гвардияшылар ротасының командири болды. 1918—1919- жыллары Крошилов РКП(б) Петро-Александровск қалалық комитетиниң председатели, ал 1919—1920- жыллары Әмударья бөлими депутатлары Советиниң председатели, ағартыў бойынша комиссар, финанс бөлиминиң баслығы, Түркстан республикасының Хийўа ислери бойынша айрықша комиссиясының ағзасы болды. Түркстан Коммунистлик партиясының I съездине (1918- жыл) делегат болды. Талантлы шөлкемлестириўши, үгит-нәсиятшы ретинде ол Қарақалпақстанда Совет властын орнатыў ҳәм беккемлеў исине көп мийнет сиңирди.

Иван Николаевич Касьяненко (1893—1919-жж.) Октябрь революциясының ҳәм Әмударья бөлиминдеги граждан лар урысының актив қатнасыўшы болды. Әмударья бөлиминде Совет власты орнағаннан кейин Касьяненко Петро-Александровсктеги мәмлекетлик банкти басқарды. 1918- жылы ол партияның Петро-Александровск қалалық комитетиниң секретары, ал 1918-жылы Әмударья Советлери атқарыў комитетиниң председатели болып сайланды. Областьтың 17 жуўаплы партия ҳәм совет хызметкерлери қатарында Шымбайда ақ гвардияшылар тәрепинен жыртқышлық пенен өлтирилди.

Петро-Александровск шөлкеминиң 1917—1919-жыллардағы басшыларының биреўи, бурынғы Шаббаз волостлық басқарыўшысының хаткери, 1917-жылдан Коммунистлик партияның ағзасы Өте Тыныбаев болды. Февраль революциясы дәўиринде ол Шаббаз волостында батраклар менен гедейлердиң бас көтериўин шөлкемлестирди, жазалаўшы отряд тәрепинен тутқынға алынды, бирақ Советтиң революцияшыл бөлегиниң қысымы астында көп узамай-ақ тюрьмадан азат етилди. Ө. Тыныбаев Октябрь революциясына ҳәм Әмударья бөлиминдеги гражданлар урысына актив қатнасты. 1919-жылы ол коммунистлик партияның Петро-Александровск қалалық комитетине секретарь болып сайланды. 1919-жылы августта Ө. Тыныбаев Шымбайда ақ гвардияшылардың қолынан набыт болды.

А. И. Качанов (1883—1938- ж. ж.) Октябрь социалистлик революциясы менен гражданлар урысына актив қатнасты. 1912-жылы ол Петро-Александровскке келди, Қарақалпақстан менен Хорезмниң пахта тазалаў заводларында машинист болып иследи, ал соңынан Үргенчтеги пахта заводта механик болды. 1917- жылдан баслап Коммунистлик партияның ағзасы. Ол 1917—1929-жыл-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лары Петро Александровск партия шөлкеминиң басшыларынан бири болды, ал 1919—1920-жыллары Әмударья областьлық халық хожалығы советиниң председатели болды. Соңында басшы хожалық жумысларында актив мийнет етти.

Пахта заводтың машинисти И. Савинов, 1916-жылдан РСДРП(б) ның ағзасы Х. Алиев ҳәм басқалар үлкен революциялық жумыс алып барды.

1918- жылдан РСДРП (б) ның ағзасы М. Балжанов Әмударьяның төменинде Совет властьы ушын актив гүрескенлердиң бири болды. Октябрь социалистлик революциясы дәўиринде Әмударья бөлиминдеги рабочийлар менен солдатлар депутатлары Советиниң секретары, ал 1919 — 1920- жыллары Ревкомның ағзасы болды.

1918- жылдан партия ағзасы, қызыл гвардияшы А. Досназаров Октябрь социалистлик революциясы менен гражданлар урысына актив қатнасты. Ол 1924-1925-жыллары РКП(б) Қарақалпақстан обкомының секретары болды. 1919-жылдан Коммунистлик партияның ағзасы, Қызыл гвардияшы Өтенияз Бекимбетов Октябрь социалистлик революциясы менен гражданлар урысына актив қатнасты. Ол 1925- жылы Ревком ағзасы, ал соңынан Қарақалпақстан АССР ының Москвадағы РСФСР ВЦИК иниң қапталындағы турақлы ўәкили, автономиялы республиканың социаллық тәмийинлеў халық комиссары болды.

Әмударья бөлиминдеги жергиликли ҳәм рус мийнеткешлеринен шыққан, 1917-жылдың январынан баслап РКП)б) ағзалары Н. Долгов, О. Сыдықов, Б. Городецкий, К. Вернигоров, А. Дорничев, Н. Турдыбаев ҳәм басқалар революцияға актив қатнасты.

Рус ҳәм жергиликли рабочий класстың революциялық гүреси тәсири астында қарақалпақ дийханларының арасында да, әсиресе Советлер, революцияшыл кейиптеги атқарыў комитетлери, профсоюзлар ҳәм т. б. шөлкемлер болған, қалаларға, балықшылар елатларына, ири елатлы пунктлерге жақын орналасқан районлардағы дийханлардың азатлық ҳәрекетлери күшейди.

Қарақалпақстанда революциялық ҳәрекетлердиң активлесиўи тылда хызмет етиўшилердин туўылған ўатанына қайтып келиўине себепши болды. 1917- жылдың май—июнь айларында, 1916-жылы тылда хызмет етиў ушын жиберилген рабочийлар, батраклар ҳәм гедейлерден 5000 нан асламырағы бөлимге қайтып келди. Олар Орайлық Россияның пролетариаты менен ҳәм гедей дийханларының, Баку менен Тифлис рабочийларының революциялық гүрес тәжирийбелерин, пролетар интернационализми рухын ўатанына өзлери менен бирге алып келди. Олар қарақалпақ аўыллары менен қышлақларындағы революциялық ҳәм миллий-азатлық гүреслердиң баслаўшылары болды. Олардың жәрдеми менен аўыллар ҳәм қышлақлардың мийнеткеш дийханлары байлардан дүзилген атқарыў комитетлери менен комиссариатларға қарсы гүреске көтерилди. Тылда хызмет еткенлердин арасында Орын Хожаниязов, Сәмендер Қәлендеров, Сапарнияз Досымов, Нурна-



www.ziyouz.com kutubxonasi

зар Мәуленов. Абылла Ерманов, Мәшәрип Сейтниязев, Нарбай Абдуллаев ҳәм басқа да көплеген адамлар болды. Қарақалпақстанда жумыс ислеп атырған большевиклер оларды өзлериниң исенимли жәрдемшилери ҳәм аўқамласлары етип алды.

Рус рабочийлары менен тылда хызмет еткенлердиң тәсири астында гедей дийханлар менен батраклар Советлер тәрепине өтти. Атқарыў комитетлер менен комиссариатлардың составы өзгерди, Рабочийлар менен солдатлар депутатлары Советиниң жумысы күшейди, ол жергиликли ўәкиллердиң жәрдеми менен мусулман мийнеткешлери Советине тәсир жасады.

Аўыллар менен қышлақларда мийнеткешлердиң жер-суў мәселесин шешиў ушын гүреси күшейди. Шымбай менен Шорахан участкаларындағы дийханлар мураблардың, арық ақсақаллар менен байлардың қиянетшиликлерине қарсы шықты, суўғарыў каналларынан суўдың әдил бөлистирилиўин талап етти.

Елдиң ишиндеги класслық күшлердиң жиклениўи кем-кемнен кескин сыпат алды. Петроград рабочийлары менен солдатларының июль демонстрациясы Қарақалпақстан рабочийларының, солдатларының ҳәм мийнеткешлериниң арасында қызғын тилеклесликке ийе болды. Июльдиң ақырында Петро-Александровскте болған жергиликли мийнеткешлердиң, солдатлардың ҳәм матрослардың митингисинде большевиклер буржуазиялық ўақытша ҳүкиметтиң халыққа қарсы ҳаслы мәнисин әшкаралап шығып сөйледи. „Жоқ болсын урыс!“ сүренин ортаға таслады.

В. И. Ленин подпольеде жүрип жазған „Сиясий аўҳал“, „Үш кризис“, „Лозунглер туўралы“, „Конституциялық иллюзиялар ҳаққында“ ҳәм басқа да бир қатар мақалаларында бастан кеширилип атырған пайытқа терең анализ берди, Коммунистлик партияның жаңа тактикаға — қуралды көтерилисти таярлаўға өтиўиниң зәрүрлигин тийкарлады. Уллы көсемниң көрсетпелери партияның VI съезди қарарларының тийкары болды.

Съезд июль ўақыяларынан кейин жағдайдың кескин өзгериўине қарамастан революция өседи ҳәм кеңейеди, деп көрсетти. Ол хожалық сферасына жайылды, санаатта рабочий қадағалаўы, жерди национализациялаў ҳәм дийханларды қурал-сайманлар менен тәмийинлеў, қалалар менен аўыллар арасындағы товар алмаслаўды дурыс шөлкемлестириў, банкларды национализациялаў ҳәм ең ақырында пролетариат пенен ең гедей дийханлардың властьты алыўы ҳаққында мәселе қойды.

Съезд „Барлық власть Советлерге!“ лозунгасын ўақытша алып таслаўдың зәрүрлигин тийкарлады ҳәм бул Советлердиң жумысынан пүткиллей бас тартыў дегенди билдирмейди, деп айрықша атап көрсетти, өйткени, олар власть органы болыўды тоқтата отырып, массаны жәмлестириў органы болып қалды.

1917-жыл июль ўақыяларынан кейин революцияның парахат раўажланыў лозунгасы алып тасланды. Буржуазияның күш көрсетиўине күш көрсетиў менен жуўап бериў ҳәм властьты қолға алыў керек болды. VI съезд партияны қуралды көтерилиске,



www.ziyouz.com kutubxonasi

социалистлик революцияға, пролетариат диктатурасын орнатыўға бағдарлады.

Батраклар менен гедейлер байлардың ҳәм кулаклардың жерлерин, күш-көликлерин басып алды. 1917-жылы 29- июльде батраклар менен гедейлер Хожелинин қасындағы (Хийўа ханлығында) ири капиталистлик плантацияны зорлық пенен басып алды.

1917- жылы августтың екенши ярымында аўыллық, қышлақлық, волостьлық ҳәм участкалық атқарыў комитетлери менен комиссариатларына қайта сайлаўлар басланды, олардың составына, көплеген бурын тылда хызмет еткенлер ҳәм қарақалпақ халқынын прогрессив кейиптеги басқа да ўәкиллери сайланды. Ири бай Инияг Ниязовтың орнына Нөкис волосты комиссары болып Т. Жаўлыбаев сайланды. Шымбай участкасы атқарыў комитетинин составына Д. Усенов, В. Земцов, А. Айтымов ҳәм басқалар кирди.

Революциялық. миллий-азатлық ҳәм аграрлы—демократиялық ҳәрекетлердиң күшейиўине байланыслы 1917- жылы 17- сентябрьде Әмудәрья бөлимине ҳәм Хийўа ханлығына полковник Зайцевтиң казаклар отрядлары алып келинди. Полковник Зайцев Түркстан әскерий округи начальнигине телеграмма жиберип, онда: „236- дружинанын орнына 31- августта Хийўаға келген 732- дружинанын еки ротасының солдатларында оғада зыянлы кейиплер бар. Келиўи бойынша Хийўа гарнизоны тәрепинен орнатылған тәртиплерди критикалай баслады, казакларды офицерлерге қарсы шығыўға ашы түрде үгитледи... сол себепли бул әскерлерди усы жерден алып кетиў истиң мәпи ушын пайдалы болған болар еди“, — деп айтылған

Пүткил елде революциялық толқынлардын тезлик пенен күшейип баратырған жағдайында, Ташкентте келип шыққан сентябрь ўақыясы, пүткил Орта Азияда, сонын ишинде Әмудәрья бөлиминде революциялық ҳәрекеттиң жанадан көтерилиўине баслама салды.

Рабочийлар менен солдатлар депутатлары Ташкент Советинин атқарыў комитетинен үлги алған Петро-Александровск гарнизоны солдатлар депутатлары Совети, рабочийлар депутаты Совети ҳәм жәмийетлик шөлкемлердиң ўәкиллери менен бирликте азық-аўқаттың үстинен қадағалаўды өз қолларына алды. 1917- жылы 15- сентябрьде рабочийлар ҳәм солдатлар депутатлары Совети азық-аўқат затларын халықтың ең гедей бөлегине бөлистирип бериўге олардың дизимин алыў ушын комиссия дүзди. Комиссиянын составына солдатлар менен рабочийлар депутатлары Советинен ҳәм азық-аўқат комитетинен үш ўәкилден кирди.

Солдатлар депутатлары Совети гарнизонының өзиндеги азық-аўқат запасына қадағалаў орнатты.

Усы дәўирдеги революциялық гүреске мийнеткеш ҳаял-қызлар да активлик пенен қосылды. Мысалы, 1917- жылы ноябрьде Петро-Александровскте сол ўақытта ҳәрекет етиўши армияда болып атырған солдатлардың ҳаяллары ири демонстрация өткерди.

Большевиклердин басшылығы астында Әмудәрья бөлими рабочийлар, солдатлар ҳәм дийханлар депутатлары Советиниң ра-



www.ziyouz.com kutubxonasi

бочийлар, солдатлар, матрослар ҳәм жергиликли мийнеткешлер арасында абыройы өсти. Сиясий ҳәм хожалық мәселелерин шешиўде Совет жетекши роль ойнай баслады.

1917- жылы октябрь-ноябрьде Петро-Александровск гарнизонының солдатлар депутатлары Советине қайта сайлаўлар болып өтип, Советке тийкарынан революцияшыл солдатлардың, матрослардың, унтер-офицерлердиң ҳәм прогрессив офицерлердиң ўәкиллери кирди.

Большевиклердиң басшылығы астында ҳәм рус рабочий класының жәрдеми менен Әмудәрья бөлими аўыллық, волостьлық ҳәм участкалық атқарыў комитетлериниң составына, мийнеткеш мусулманлар депутатларының Шымбай ҳәм Петро-Александровск Советлерине басым көпшилиги жергиликли мийнеткешлердиң ўәкиллеринен сайланды. Пахта тазалаў, май шығарыў ҳәм тери ийлеў заводларындағы рабочийлар депутатлары Советлерине тийкарынан рабочийлардың ўәкиллери кирди.

1917- жыл ноябрьдиң басында жергиликли атқарыў комитетлеринде, рабочийлар менен солдатлар депутатлары Советлеринде ҳәм мийнеткеш мусулманлар депутатлары Советинде Қарақалпақстандағы революцияшыл кейиптеги рабочийлардың, солдатлардың, матрослардың ҳәм мийнеткешлердиң ўәкиллери көпшиликти тутты.

Елдеги жаңа революциялық көтерилиў келисимпаз партиялардың ишинде келиспеўшиликлер ҳәм турақсызланыўшылықларды келтирип шығарды. 1917- жылы октябрьдиң басында Петро-Александровскте „солшыл“ эсерлер группасы ҳәм меньшевиклер группасы - „интернационалистлер“ дүзилди, олар массаның исениминен пүткиллей айырылып қалыўдан қорқып, бир қатар мәселелер бойынша большевиклер менен блокқа бирлести. Хийўа феодалларына байланыслы келисимпазлық ҳәм реформистлик сиясаты сәтсизликке ушыраганнан кейин „Жас хийўалылардың“ прогрессивлик бөлеги бир қатар мәселелер бойынша большевиклердиң талабына қосылды.

Большевиклер пайда болған жағдайды есапқа ала отырып, массаға тәсири еле сақланып қалған „солшыл“ эсерлер ҳәм меньшевик - „интернационалистлер“ менен ҳәм жас хийўалылар“ менен бир революциялық фронт дүзиўге келисти. 1917-жылы Октябрьдиң екинши ярымында Петро-Александровскте большевиклер менен „солшыл эсерлердиң-ячейкалары дүзилди, олардың ағзалары рабочийлар, қала гедейлериниң ўәкиллери, өнерментлер, тылда хызмет етип келгенлер менен әскерден қайтарылған солдатлар ҳәм матрослар болды.

Хийўа ханлығының Хожели, Қыпшақ ҳәм Қоңырат бекликлеринде ҳәтте буржуазиялық Ўақытша ҳүкиметтиң әскерлери менен дийханлардың қураллы соқлығысыўы келип шықты. Қыпшақтың, Маңғыттың, Порсының, Ниязбайдың, Ильялының, Ташаўыздың ҳәм Манақаның ашырқаған халқы байлардың, сүтхорлардың, ири саўдагерлердиң үйлерине, дүканларына топылды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

олардың ғаллесин, малларын, дүнья мүлкин тартып алды. Сол күнлери полковник Зайцев: „Халықтың кейипи анағурлым тынышсыз, өзиниң тамақланыўына олжа ушын ашырқағанлардың топылысқа өгиў ҳәдийселери сезиледи“, — деп жазды.

1917-жылы 25-октябрьде (7-ноябрьде) Россияда Уллы Октябрь социалистлик революциясы жеңди, Петроградтағы Әскерий-революциялық комитет „Россия гражданларына“ үндеўинде буржуазиялық Ўақытша ҳүкиметтиң қулатылғанлығы ҳәм властьтың рабочийлар менен солдатлар депутатларының Советлери арқалы революцияшыл халыққа өткенлигин билдирди.

Сол күни Смольныйда Ленин басқарған Пүткил Россиялық Советлердиң II съезди ашылды.

Петроградта социалистлик революцияның жеңиси ҳаққындағы телеграмма Петро-Александровск почта-телеграф конторасының баслығы Чанчиков тәрепинен 25 октябрь күни алынды, бирақ Әмударья бөлими комиссарының көрсетпеси бойынша ол халықтан жасырылды.

Петроградтағы ўақыя ҳаққындағы ҳақыйқатлық ҳәр қыйлы жоллар менен бөлимдеги ҳәм Хийўа ханлығындағы революцияшыл солдатларға, матросларға ҳәм мийнеткешлерге келип жетти.

Орайлық Россияда социалистлик революцияның жеңиси ҳәм пролетариат диктатурасының орнаўы революцияның Түркстанда жеңиўине жәрдемлести. Коммунистлик большевиклер партиясының басшылығы астында 1917-жылы 1-ноябрьде рабочийлар, қуралланған солдатлар, матрослар ҳәм мийнеткеш дийханлар Ташкетте Советлер властын орнатты.

Партия Орайлық Комитетиниң жәрдеми менен уллы көсемимиз В. И Ленинниң Түркстан большевиклерине берген көрсетпелериниң арқасында Түркстан большевиклери өз қәтеликлерин дүзетти, олар Совет властьы органларына жергиликли мийнеткешлердиң ўәкиллерин активлик пенен тартты.

Түркстан Халық Комиссарлар Совети үлкениң барлық халқын хожалық бүлгиншилигине қарсы гүресте қолға киргизилген ҳуқуқларды беккемлеў және социализмниң жеңиси ушын жаңа халық властьы дөгерегине жәмлесиўге шақырды ҳәм мусулманлардың мийнеткеш халқы арасына азатлық, теңлик ҳәм туўысқанлық идеяларын таратыўдың илажлары қабыл алынғанлығын билдирди.

## 2. ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА СОЦИАЛИСТЛИК РЕВОЛЮЦИЯНЫҢ ЖЕҢИСИ ҲӘМ СОВЕТ ВЛАСТЫНЫҢ ОРНАЎЫ (1917-жыл декабрь—1918-жыл февраль)

Россияда ҳәм Түркстан үлкесиниң орайы Ташкентте, Каганда ҳәм Перовскде (Қызыл-Орда) Уллы Октябрь социалистлик революциясының жеңиси ҳәм пролетариат диктатурасының орнаўы менен революциялық аўдарыспақ ушын жағдай писип жетилис-



www.ziyouz.com kutubxonasi

кен Қарақалпақстанда да революциялық ҳәм миллий-азатлық ҳәрекети күшейди.

Сол ўақытта Чаржоўда Коммунистлик партияның өз бетинше комитети дүзилди. Чаржоў коммунистлериниң бири А. Л. Тимошенко өзинин еске түсириўлеринде, 1917-жылы октябрьде Чаржоўдағы Коммунистлик партия шөлкеми темир жол депосының саналы рабойчийлары менен Әмударья флотилиясы матросларының партияға кириўиниң есабынан беккемленди ҳәм өсти, — деп жазды.

Әмударья бөлими большевиклери мийнеткешлерди Коммунистлик партия дөгерегине жәмлестирди, халықты рабочийлар менен солдатлар депутатлары Советлериниң келеси сайлаўларында, онын ең жақсы ўәкиллери ушын даўыс бериўге шақырды.

Мийнеткешлердин, солдатлар менен матрослардын арасындағы актив үгитлеў жумысларынын нәтийжесинде Әмударья бөлими рабочийлар, солдатлар ҳәм дийханлар Советлерине тийкарынан большевиклер ҳәм оларға тилеклес мийнеткешлер сайланды.

Қарақалпақстан аўыллары менен қышлақларындағы батраклар ҳәм гедейлердиң арасында большевиклер менен бирлесиўге умтылыўшылар өсти. Мийнеткешлер жер-суў, миллий ҳәм социаллық езиўден азат етиў мәселеси қусаған ең әҳмийетли мәселелерди, тек большевиклер партиясы ғана шеше алатуғынлығын түсинди.

Профсоюз шөлкемлеринин 1917-жыл декабрьдиң басынан ислей баслаған ҳәм Әмударья бөлими менен Хийўа ханлығындағы профсоюзлардың барлық исин басқарып отырған бирден-бир орайы – профсоюзлар Бюросының жумыслары күшейди. Бюро „Хлопмасломыл", тери ийлеўшилердин, байланысшылардың, „Медикосантруд", билимлендириў ҳәм социалистлик мәдeният хызметкерлеринин, транспорт ҳәм саўда кәрханалары рабочийлары менен хызметкерлеринин профсоюзларын бирлестирди. Бул профсоюзлар 1000 ға шамалас адамды өзине тартты.

Большевиклердин актив үгит-нәсият, жумысларының арқасында көплеген профсоюз шөлкемлери эсерлерди, меньшевиклерди ҳәм буржуазиялық миллетшилерди өз қатарларынан қуўып шықты ҳәм большевиклер тәрепине өтти. Большевиклердиң басшылығы астында тийкарынан жергиликли мийнеткешлерден қуралған Қарақалпақстан профсоюзлары қүдиретли революциялық күшке айланды.

Қуралды көтерилисти таярлаў дәўиринде большевиклер ықтыярлылар дружинасын дүзе баслады. 1917-жылы 18-ноябрьде солдатлар менен рабочийлар депутатлары Советлериниң қалалық өзин-өзи басқарыўдың, жәмийетлик комитеттин, профсоюзлар менен Петро-Александровск комиссариатынын бирликтеги мәжилиси ықтыярлылар дружинасы шөлкемлестирилсин, — деп бир аўыздан қарар етти, бул ушын бес адамнан айрықша комиссия дүзилди. Ықтыярлылар дружинасына басшылық етиў большевиклердин қолында болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дружинаның уставында, оның ағзалары әскерий хызметкерлер менен санаспайды, бирақ әскерий оқыўдың қысқа курсын өтиўи ҳәм мылтықлар менен патронларға жекке жуўапкершиликти алыўы тийис,—деп көрсетилди. Уставта дружинаның мақсети менен ўазыйпалары ҳәм оған жергиликли халықтың қатнасы ҳаққында ҳеш нәрсе айтылмағанлығы оның үлкен кемшиликлеринен болды.

Ықтыярлылар отрядын актив шөлкемлестириўшилердиң бири, ураллы мийнеткешлердиң ўәкили Федор Шляпин,—бул иске Төрткүл қаласындағы ураллылар қызғын қатнасты Жергиликли халық пролетарларының европалыларынан да, отырықшыларынан да ықтыярлылар отряды шөлкемлестирилди. Еки жүз әскер жыйналды, олар казармаға орналастырылды, барлығы да мылтықлар, пулеметлар ҳәм тағы да басқа қураллар менен қуралландырылды. Соннан кейин рабочийлар, солдатлар ҳәм дийханлар депутатлары Совети жаңа жас революцияшыл әскерлердиң қорғаўы астында болды... Көп узамай-ақ Төрткүл қаласы гражданларынан 150 адамнан қуралған рота шөлкемлестирилди —деп жазды.

Большевиклер дружиналардан басқа буржуазия менен гүресиў ушын ықтыярлылар ҳәм халықтың өзин өзи қорғаў отрядларын дүзди. Қызыл гвардияшылардың отрядына жергиликли мийнеткешлердиң көплеген ўәкиллери кирди, солардың есабында рабочий Х. Алламбергенов, батрак Х. Бабажанов, хызметкер М. Балжанов, дийхан Х. Хасанов ҳәм басқалар болды.

Қазалы ҳәм Арал большевиклериниң басшылығы астында Мойнақ атаўында ҳәм оған жақын атаўларда ықтыярлылар отряды шөлкемлестирилди. 1918-жылы 16 январьда Советлердиң Қазалы уездлик атқарыў комитети Жунайыд хан бандаларының topылысына байланыслы Арал теңизиниң жағалаўларын ҳәм атаўларды қорғаў ушын қурал-жарақ ажыратып шығарыў ҳаққындағы большевик Зайкинниң докладын тыңлап: „Қурал-жарақ ажыратып шығарыў ҳаққында республика Әскерий комиссариаты менен большевиклик коммунистлик партия Орайлық Комитетинен соралсын", деп қарар етти.

Сол дәўирде 738-Симбирск пиядалар дружинасы, 732-Саратов пиядалар дружинасы ҳәм Кушка пулемет взводы, сондай-ақ Әмудәрья әскерий флотилиясының бөлимшеси Әмудәрья бөлиминде еди. Усы әскерий бөлимшелердеги солдатлар менен матрослардың басым бөлеги революцияшыл кейипте болды ҳәм большевиклердиң сиясатын қуўатлады.

Сонда-ақ Хийўа гарнизонындағы солдатлар менен қатардағы казаклардың да полковник Зайцев пенен реакцияшыл офицерлердиң диктаторлығына наразылығы өсти. Солдатлар менен алдыңғы қатарлы казаклар Петро Александровск гарнизонының революцияшыл солдатлары менен матросларына қосылды.

1917-жылы 17-декабрьде полковник Зайцев Түркстан әскерий округи штабына: „Хийўада хызмет етиўден бас тартқан, Жеги-



www.ziyouz.com kutubxonasi

суўдан келген старший сроктағы запастағыларды массалық босатып жибериўден кейин, 732-дружинаның солдатлары өз бетинше тәртипсизлик пенен ҳәр қыйлы тәрепке таралып кетти". — деп телеграмма берди. 1918-жылы 5-январьда ол: „Пиядалар бөлими, Уссурий жүзлиги Хийўа сорамында хызмет етиўден үзилкесил бас тартты. бирақта,ханлықтың ишки ислерине, ҳәттеки диний ислерге де араласып атыр, мысалы, Хусайнбек ҳәм оның тәрептарлары солдатлардың жәрдеми менен аўдарыспақ жасамақшы ҳәм властьты өз колына алмақшы болды ...

Солдатлар менен казаклар депутатлары Советлеринин қарары салдарынан, Уссурий казаклар жүзлиги қорғаўшы алдынғы отрядты қурай отырып өз бетинше постты таслап кетти, ҳәттеки барлық хызметти де орынлаўдан бас тартты". — деп билдирди.

Ханның, уруў ақсақаллары менен мусулман руханыйларының езиўине қарсы азатлық гүресин күшейтип атырған Хийўа ханлығындағы түркмен мийнеткешлеринин арасында да Совет властына тилеклеслик өсти. Хан ҳәм феодаллар мийнеткеш түркменлердиң рус революцияшыл пролетариаты менен жақынласыўына ҳәр тәреплеме кесент келтириўге умтылды.

1917-жылы 10-декабрьде Түркстан үлкеси Халық Комиссарлар Совети барлық областьлық Советлерге „Жергиликли Советлерди шөлкемлестириў ҳаққында режелер жыйнағын" жиберди, онда жергиликли Советлерге буржуазиялық Ўақытша ҳүкиметти тарқатып жибериў ҳәм властьты өз қолына алыў талап етилди. Рабочийлар, солдатлар ҳәм мусулманлар депутатлары Әмудәрья бөлими Совети бул „Режелер" жыйнағын" 1917-жылы 11-декабрьде алды. Онын басып шығарылыўы Әмудәрья бөлиминдеги рабочийлардың, солдатлардың, матрослардын ҳәм мийнеткешлердин революциялық ҳәм миллий-азатлық ҳәрекетлеринин жәнеде көбирек күшейиўине себепши болды.

Большевиклердин басшылығы астында 1917-жылы 11-декабрьде Петро-Александровсктиң казармаларында, кәрханалары менен мәкемелеринде „Жоқ болсын буржуазиялық Ўақытша ҳүкиметтиң властыı", „Жасасын рабочийлар менен дийханлардын көсеми В. И. Ленин!", „Жасасын Совет властыı", „Жасасын большевиклер партиясыı" деген сүренлер астында массалық митинглер өткерилди.

12-декабрь күни саат 12 ге революцияшыл солдатлардың, матрослардын, рабочийлардың ҳәм қала гедейлеринин демонстрациясы белгиленди. Большевиклердиң басшылығы астында Петро-Александровсктиң революциялық күшлери, сол күни казаклар жүзлигинин тәсирин сапластырып,бийтәреплендирди ҳәм контрреволюциялық элементлерди қуралсызландырып, қан төгиспесиз-ақ қалада Совет властын орнатты.

Әмудәрья бөлиминдеги рабочийлардың солдатлардың, матрослардың ҳәм жергиликли мийнеткешлердиң жеңиси Хорезм оазиси мийнеткешлери тәрепинен қуўанышлы түрде күтип алынды. Шораханда, Шаббазда, Бийбазарда, бир қанша соңырақ (1918-



www.ziyouz.com kutubxonasi

жылы 1-январьда) Шымбай менен Нөкисте Совет власты орнады

Октябрь революциясы жеңисиниң дәслепки күнлеринде Шымбайда болып өткен ўақыялар ҳаққындағы документлердиң биреўинде 1917-жылы декабрьде Шымбай қаласындағы базарға көп адам жыйналды, қызыл отрядлардың командири базардың ортасына шықты ҳәм Петроградта. Москвада, Ташкентте жәнe Петро-Александровскте революцияның жеңгенлиги ҳаққында билдирди, бул хабар дийханлар тәрепинен қуўаныш пенен күтип алынды. Жыйналыста халықтың гедей қатламы менен қызыл отрядлардан жети адамнан ибарат қаланы басқарыўшы жана состав сайланды. Соның изин ала Шымбайдын ең соңғы приставы тутқынға алынды, — деп атап көрсетилген.

Шымбайда ҳәм Нөкисте Совет властын орнатыўға А. Досназаров. Ө. Бекимбетов, С. Абдуллаев. П. Бекназаров, А. Айтымов, Т. Қаржаўбаев. Т. Жаўлыбаев ҳәм басқалар актив қатнасты.

Патриархаллық-уруўлық қалдықлардың сақланыўы, феодаллық — буржуазиялық элементлер менен мусулман руханыйларының күшли тәсири, ураллы кулақлардың, эсерлер менен меньшевиклердиң қатаң қарсылығы Шымбай менен Нөкисте властьты Советлердиң өз қолына алыўында қыйыншылықлар туўдырды. Бирақ советлердиң барлық душпанлары да мийнеткешлер массасының қуўатлаўына ерисе алмады.

1918-жылы январьдын биринши ярымында Мойнақ атаўы менен оған жақын ярым атаўларда ҳәм Қубла Аралдағы атаўларда Совет власты орнады, Мойнақ атаўындағы революциялық ҳәрекетке большевиклерден Зайкин, Галкин, Харченко ҳәм басқалар басшылық етти.

Солай етип. 1918-жылдың басында Қарақалпақстанда (Тамды районы менен Әмудәрьяның шеп жағалығынан басқа жерлерде) социалистлик революция женди.

Революцияның Қарақалпақстанда жениси ушын большевиклердиң гүреси қыйын жағдайларда, меньшевиклер, эсерлер ҳәм буржуазиялық миллетшилер актив жәрдем берип атырған рус буржуазиясының, помещиклер менен жергиликли эксплуататорлардың күшли қарсылығы жағдайында өтти. Ески тутымды сақлап қалыў мақсети менен жергиликли феодаллар ҳәм буржуазияның ўәкиллери Қарақалпақстанда буржуазиялық автономия сүренин усынды.

Қарақалпақстанда социалистлик революцияның жеңиси ушын гүрес үлкениң экономикалық ҳәм мәдений артта қалыўшылығы жағдайында өтти. Аўылларда патриархальлық-уруўлық турмыстың күшли қалдықлары сақланды, санаат пролетариаты оғада аз санда еди. Әмудәрья бөлиминдеги партия шөлкеминин босаңлығы менен аз санлылығы да усыған байланыслы болды Контрреволюцияның айтарлықтай күшлериниң (Зайцевтиң казаклар полки, Жунайыдхан менен Асфандияр бандаларының) сақланыўы да қосымша қыйыншылықлар дүзди.



www.ziyouz.com kutubxonasi



В. Е. Крошилов.



И. Н. Касьяненко.



М. Р. Ваничкин.



Н. Мәўленов.

Қарақалпақстанда совет властын орнатыў ушын гүреске актив қатнасқанлар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1918-жылы 6—8-март күнлери Петроград қаласында болған партияның VII съезди қарарларына тийкарланған большевиклер Әмударья бөлиминдеги рабочийлар, солдатлар ҳәм дийханлар депутатлары Советлерине сайлаўларды таярлаў дәўиринде бөлимдеги солдатлар. матрослар ҳәм жергиликли мийнеткешлер арасында, оларға Совет властының сиясатын түсиндире отырып үлкен үгит-нәсият жумысларын өткерди.

Большевиклердин үгитлеўиниң тәсири астында көплеген алдынғы рабочийлар, матрослар ҳәм гедейлер Коммунистлик партияның қатарына кирди. Мысалы. 1918-жылы январьда Тоғызбай Тоқмәмбетов, Қудайберген Мәдеминов, Жүсип Ўәлийов, Үмбетали Беркимбаев, Асай Каниев, Әбдирахман Ялышев, Меңлибай Ҳәбибов, Карл Франк, Макар Ефремов, Инаят Клевлиев, Николай Шайн ҳәм басқалар партияға кирди

Советлердиң составына рабочийлардың, солдатлардың, матрослардың ҳәм жергиликли мийнеткешлердиң ўәкиллерин сайлаў ушын олар тәжирийбели большевиклер менен бирге руссларың ҳәм жергиликли халықтың арасында активлик пенен революциялық үгит-нәсиятлар жүргизди.

Рабочийлар, солдатлар ҳәм дийханлар депутатлары Советлерине сайлаўларға таярлық ўақтында, 1918-жылы мартта РКП(б) Петро-Александровск группасы үндеў жәриялап, сайлаўшыларды коммунист-большевиклер партиясы ушын даўыс бериўге шақырды.

Усы дәўирде Әмударья бөлиминдеги Советлерге қайта сайлаўлар ўақтында кадетлердиң меньшевиклердиң, эсерлердиң, буржуазиялық миллетшилердиң өзлерин партияда жоқлар деп көрсетип, сайлаўшылардың дизимине өтип алғанлығын атап өтиў керек. Большевиклердин Петро-Александровск группасы контрреволюциялық элементлердин „партияда жоқлық“ пердесин жулып алып таслап, оларды халық алдында әшкаралады. Бул шақырық Советлерге сайлаўлар ўақтында мийнеткешлер массасының Коммунстлик партия дөгерегине жәмлесиўинде үлкен роль ойнады.

25-мартта Әмударья бөлиминиң рабочийлар, солдатлар ҳәм дийханлар депутатларының Совети „Түркстан Совет республикасының жергиликли Советлерди шөлкемлестириў ҳаққындағы режелерин“ иске асырыў ҳаққында қарар қабыл етти. Қарарда: „Советлерди қайта дүзе отырып, солдат жолдаслардан, профсоюз шөлкемлеринен, Петро-Александровск қаласының гражданларынан ҳәм бөлим халқынан солдатлар, рабочийлар ҳәм дийханлар депутатлары Советине өз ўәкиллерин сайлаў соралсын“, — деп көрсетилди

1918-жылдың 30-мартына дейин аўыллық, қишлақлық, волостьлық, участкалық Советлерге ҳәм Әмударья бөлими Советине депутатлар сайлаў өткерилди. Советлер составына басым көпшилиги болып большевиклердиң, революцияшыл солдатлардың матрослардың, бурынғы тылда хызмет еткен рабочийлардың ўәкиллери өтти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1918-жылы 15-июльда Түркстан АССР ы Советлеринин Орайлық Атқарыў Комитети Совег властын қорғаў ушын буйрық шығарып, онда:

I Барлық Әмударья бөлими Советлерине, олардын председательлеринин жуўапкершилиги астында усы буйрықты алыў менен үш күнлик мүддет ишинде Советлердиң барлық ағзалары қураллацдырылсын ҳәм оларды әскерий таярлыкқа үйретиў баслансын.

2 Советлердиң Пүткил россиялық Орайлық Атқарыў Комитети буйрығына муўапық өз депутатлары Советлеринин составында социалистлик революцияның тек ҳақыйқат қорғаўшыларын: большевик-коммунистлерди ҳәм „солшыл" социалист-революционерлерди ғана қалдырып, келисимпазлардын, оншыл социалистлердиң барлық ағзалары олардын составынан тоқтаўсыз қуўып шығылсын.

3. Орынлардағы Советлер власттың жоқарғы органы регинде коммунист-большевиклер партиясының барлық ағзаларын ҳәм „солшыл" социалист-революционерлерди мобилизациялаъын ҳәм үш күнлик мүддет ишинде оларды қураллапдырсын, олар да совет инструкторларынын басшылығы астында әскерий таярлыққа үйретилсин, оннан кейин сол заматта-ақ Советлердиң қараўына өткерилсин.

4. Қураллацдырыў ҳәм әскерий таярлыққа үйретиў бойынша Советлер сыяқлы, аты аталған партиялардын ағзалары да республика Орайлық Атқарыў Комитетинин қараўына өтеди, онын шақырыўы менен ҳәмме бир адамдай болып, қолларына қурал алып, социалистлик ўатанды қорғайды.

5. Советлердин, аты аталған партиялардын қолына қурал алып күнине төрт саат даўамында үйретилетуғын ағзалары сол ўақыт ушын басқа миннетлерден азат етиледи, сондай-ақ барлық Совет мәкемелерин қорғаў миннетин атқарады ҳәм сол ўақыт ушын Қызыл Армияда берилетуғын муғдарда ҳақы алады яғный бир сутка ушын он сомнан алады, соның менен бир ўақытта олардын хызмет орны ҳәм хызмет ҳақысы да сақланады", — деп жазылды.

Усы буйрықты орынлай отырып Әмударья бөлими Совети өз қатарларында тазалаў өткерди Барлық Советлерге солдатлар, матрослар. рабочийлар ҳәм мийнеткешлер массасын ишки ҳәм сыртқы душпанларға, соның ишинде Жунайыд хан бандаларына қарсы гүрес ушын мобилизациялаў усыныс етилди.

Коммунистлер партиясының басшылығы астында рабочийлар, революцияшыл солдатлар, матрослар ҳәм дийханлар класслық душпанлардын қатаң қарсылығын женип Советлер властын беккемледи.

Контрреволюциялық күшлерге қарсы қатан гүреслердин барысында рус рабочий класының жәрдеми арқасында қарақалпақ өзбек, қазақ, түркмен, мийнеткешлери өзлерин жана азат турмысқа баслаған коммунистлик партияның дөгерегине тағы да тығызырақ жәмлести.

## 3. ДӘСЛЕПКИ СОЦИАЛИСТЛИК ӨЗГЕРИСЛЕР. ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА СОВЕТ ВЛАСТЫН БЕККЕМЛЕЎ УШЫН ГҮРЕС.

Уллы Октябрь социалистлик революциясының жеңисинен кейин Коммунистлик партия менен совет мәмлекетиниң алдында ески мәмлекетлик аппаратты сапластырыў ҳәм жаңасын дүзиў бойынша үлкен әҳмийетке ийе ўазыйпалар турды.

Жер жүзинде биринши рабочий дийханлар ҳүкиметин —Халық Комиссарлар Советин дүзген Советлердин Пүткил россиялық II съезди, ал Түркстанда Халық Комиссарлар Советин дүзген үлке Советлеринин III съезди пүткил ел көлеминде совет мәмлекетлик аппаратын дүзиўдин басламасын салды.

Түркстан үлкеси Халық Комиссарлар Советиниң директивалары менен буйрықларын орынлай отырып, рабочийлар, солдатлар ҳәм дийханлар депутатларынын Әмудәрья Совети патша ҳүкимети менен буржуазиялық Ўақытша ҳүкимет тәрепинен дүзилген мәмлекетлик мәкемелер және басқармалардың қалдықларын сапластырыўға киристи. Шөлкемлестириўши жыйналысқа (учредительное собраниеге) сайлаўларға таярлық бойынша арнаўлы комиссия тарқатып жиберилди, жәмийетлик кәўипсизлик Комитети, бурынғы бөлим начальнигиниң канцеляриясы, участкалық приставлар, ал соңынан атқарыў комитетлери, участкалық ҳәм волостьлық комиссарлар, бөлим комиссарының канцеляриясы сапластырылды.

1918-жылы 13-октябрьде Совет Петро-Александровск қалалық думасын тарқатып жибериўге қарар етти:

„Халық хожалығы бөлими дүзилип, ол бөлим Комиссариатына қосылыўына байланыслы қалалық өзин өзи басқарыў (Городское самоуправление) сапластырылсын. Дума менен қала басқармасы тарқатып жиберилсин".

Қарақалпақстанда власттың ески феодаллық-буржуазиялық аппаратын сындырыў ҳәм жаңа совет аппаратын дүзиў, Совет властының мәмлекетлик ҳәм хожалық курылысы тараўындағы илажларын иске асырмаўға, ең болмағанда оған иркиниш жасаўға барлық илажлар менен ҳәрекет еткен революция душпанларына қарсы класслық гүрестиң ең қыйын жағдайларында әмелге асырылды.

Октябрь революциясы қарақалпақ халқына Совет Россиясының барлық халықлары менен теңдей ҳуқуқ берди. Миллий езиўди сапластырыўда жергиликли Советлердин қапталынан дүзилген миллетлер иси бойынша бөлимлер әҳмийетли роль ойнады. Олар большевиклер партиясының миллий сиясаты принциплериниң ис жүзине асырылыўына жәрдемлести, кең халық массасын совет қурылысына тартты.

Октябрь жеңислерин қорғаў ушын Түркстанда Қызыл Гвардияшылар менен қызыл партизанлар отрядларының дүзилиўи большевиклер партиясы менен рабочийлар, солдатлар ҳәм дийханлар депутатлары советлериниң ең әҳмийетли илажы болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Түркстан Халық Комиссарлар Советиниң 1917-жыл 28-ноябрьдеги қарарында орынлардағы Советлерге қызыл гвардияшылар отрядларын шөлкемлестириўге тоқтаўсыз кирисиў усыныс етилди.

Қызыл Гвардияның руслардан, қарақалпақлардан, өзбеклерден, қазақлардан ҳәм т. б. жергиликли миллетлер мийнеткешлеринен қуралған ықтыярлылар отрядлары Петро-Александровскте Шымбайда ҳәм Нөкисте дүзилди. Олар Түркстанда Совет властын беккемлеўде ҳәм контрреволюцияның дәслепки ҳүжимлерине соққы бериўде айтарлықтай роль ойнады. Бирақ Совет елине, Совет ҳүкиметинин биринши бўйрығы бойынша Октябрь жеңислерин қорғаў ушын тақ турғандай турақлы армия керек болды.

1918-жылы 15-январьда В. И. Ленин Рабочий-Дийхан Қызыл Армиясын, ал 1918-жылы 14-февралда Қызыл флот дүзиў ҳаққында РСФСР Халық Комиссарлар Советиниң декретине қол қойды

Рабочийлар, солдатлар ҳәм дийханлар депутатларынын Әмудәрья Совети халық ықтыярлылар дружиналарын тиккелей шөлкемлестириўге 1918-жылы июньнын басында кирисги. Жунайыд хан бандаларының Әмудәрьяның оң жағалығына басып кириў қәўпи жергиликли халықтан шыққан жаўынгерлердиң жыйналыўын тезлетти.

Халық ықтыярлылар дружиналарының составына жергиликли мийнеткешлердиң көплеген ўәкиллери кирди. Олардын ишинде В. И. Ибадов, М. Султанов, С Атаниязов. Х. Бабажанов, Н. Абдуллаев, У. Хожаниязов, К. Хожаниязов, Ж. Аташов, Ш Назаров, М Бабажанов, С. Аббазов, М Рысмәмбетов, Д. Пайзалов, Ж. Кенжебаев. У. Баккаров, Ж. Ермухамедов, Ж. Резменов, Д. Даўтов, Д Бахантаев, М. Байрамов Е. Адаев, Ж. Бердибеков ҳәм көплеген басқа да адамлар болды

Мийнеткешлердин арасында әскерий жумысларды шөлкемлестириў ушын коммунистлерден А. Желябин, Н. Сладков. И. В. Гадецкий, Ж. Аташов, Г. Заюшев. Д. Крошилов, Д Головяшкин, Качанов, С. Мусин, ураллылардан Ф. Шляпин ҳәм басқалар тартылды.

Тылдағы жумыслардан қайтып келген рабочийлар жергиликли мийнеткешлерден ықтыярлылар отрядларын дүзиўде шешиўши роль ойнады Отрядларға кириўшилердиң саны күн сайын өсти. Көп узамай-ақ Әмудәрья бөлими мийнеткешлеринен 5 Ю адамлық батальон, сондай-ақ төрт топ пенен еки пулеметтен батарея вз ·оды шөлкемлестирилди.

Әскерий қәўиптиң күшейиўине байланыслы рабочийлар, солдатлар ҳәм дийханлар депутатлары Советиниң әскерий секциясы 1918-жылы 30-июньда арнаўлы буйрық пенен Әмудәрья бөлими әскерий аўҳалда, ал бөлимдеги барлық ер адамлар әскерий миннетти орынлайды деп жәриялады.

Рабочийлар, солдатлар ҳәм дийханлар депутатлары Совети әскерий секциясының председагели Ташкенттиң әскерий ислер



www.ziyouz.com kutubxonasi

бойынша комиссарына: „Петро-Александровсктен ески армия солдатлары шығарылыўдан-ақ қаланың барлық халқы қураллан-дырылды ҳәм гарнизонлық хызметти атқарыўға тартылды, соның арқасында барлық қазналық мүликлер сақланып қалды", — деп жазды.

Большевиклик шөлкемлердиң басшылығы астында Әмудәрья бөлиминиң территориясында Қызыл Армия бөлимшелерин дүзиў басланды Советлердиң Әмудәрья атқарыў комитети әскерий секциясының 1918 жылы 15-августтағы буйрығы тийкарында 1-августтан баслап Петро-Александровск ықтыярлылар дружинасы қайта дүзилди ҳәм сол күннен баслап жаңа басламада рабочий-дийханлар Қызыл Армиясының Петро-Александровск ротасы жаңадан шөлкемлестирилди," — делинген. Оннан соң рабочий-дийханлар Қызыл Армиясының Шымбай отряды дүзилди, оған жергиликли мийнеткешлерден шыққан 22 адам қосымша қабыл етилди.

Петро-Александровск рабочий-дийханлар Қызыл Армиясының бөлимлерин биринши шөлкемлестириўшилердиң бири, 1918-жылы июньда Ташкенттен келген әскерий инструктор, большевик С. В. Синебрюков (1893 – 1919-жж.) болды. Ол Ташкенттеги қызыл командирлер курсын питкерди ҳәм Әмудәрья бөлиминдеги Қызыл Армия бөлимлери менен бөлимшелерин дүзиўге ҳәм әскерий таярлаўға актив катнасты. Ол 1919-жылы Нөкисти Жунайыд хан бандаларынан қорғаў ўақтында Қызыл Армияның әскерий бөлимлерине командирлик етти ҳәм қаланы қорғаў ўақтында қаҳарманлық пенен набыт болды.

1918-жылы июльдин ақырында ески армия бөлимлериниң таратып жиберилиўине байланыслы 738-ҳәм 732-пиядалар дружинасы Петро-Александровскти таслап кетти. Қалада тек қызыл-гвардияшылардың, ықтыярлылардың отрядлары ҳәм жаңадан дүзилген Қызыл Армия бөлимлери менен бөлимшелери ғана қалды. Ташкенттин, Чаржоўдың рабочийлары менен Әмудәрья флотилиясының революцияшыл солдатлары бөлим мийнеткешлерине жәрдемге келди.

Совет властына революциялық нызамлылық пенен социалистлик заңға муўапық тәртиплердиң қатаң орынланыўын тәмийин етиўге уқыплы арнаўлы органлар керек болды. Октябрь революциясы жеңисиниң дәслепки күнлеринде рабочийлар, солдатлар ҳәм дийханлар депутатларының Әмудәрья бөлими Совети үлкелик властьтың көрсетпелерин күтпестен-ақ „халық милициясы" деп аталған органның составын тексерип көриў ҳәм өзгертиў исин баслады.

1918-жылы 4-июльда большевиклердиң басламасы бойынша ҳәм жәмийетлик ўәкиллердиң актив қатнасыўында жергиликли халық пенен байланысты күшейтиў ҳәм парахат халыққа Жунайыд хан бандалары тәрепинен болатуғын тиккелей қәўиптин алдын алыў ушын Әмудәрья бөлиминдеги халық милициясы қатарын 100 адамға дейин жеткериўге ҳәм оларды мылтықлар менен



www.ziyouz.com kutubxonasi

қураллаңдырыўға қарар етилди. Әмударья бөлиминдеги рабочий-дийханлар милициясы Совет властын беккемлеўге актив қатнасты ҳәм ақ гвардияшыларға, Жунайыдхан бандаларына ҳәм Қарақалпақстандағы Совет властының басқа да ишки душпанларына қарсы қаҳарманлық пенен гүрести,

Солай етип, қатаң класслық гүрестиң нәтийжесинде Қарақалпақстанда феодаллық-буржуазиялық мәмлекетлик машина қыйратылды, ески мәмлекетлик властьтың басқарыў органлары сапластырылды. Большевиклердиң басшылығы астында Совет мәмлекетлик аппараты дүзилди, рабочийлар, солдатлар ҳәм дийханлар депутатларының областьлық, уездлик, волостьлық, аўыллық, қышлақлық Советлери ҳәм олардың атқарыў комитетлери беккемленди. Совет мәмлекетлик аппаратының дүзилиўи экономика тараўындағы дәслепки социалистлик өзгерислердиң табыслы иске асырылыўына мүмкиншилик туўғызды.

В. И. Ленин „Совет властының нәўбеттеги ўазыйпалары" атлы мақаласында: „Енди Совет властының алдында биринши дәрежели әҳмийетке ийе, болған мәмлекетти басқарыў ўазыйпасы сондай өзгешеликке ийе болып енди сөз онын үстине, итимал, цивилизациялласқан халықлардың ҳәзирги дәўир тарийхында биринши рет — шешиўши әҳмийетке сиясат емес, ал экономика ийе болған ўақыттағы басқарыў ҳаққында болып отыр"[1], — деп атап көрсеткен еди.

1917-жылы 27-октябрьде Советлердиң Пүткил россиялық II съездинде қабыл алынған жер ҳаққындағы ленинлик Декрет бул бағдардағы дәслепки уллы адым болды, ол жерге жекке меншикликти пүткил халықлық, мәмлекетлик меншик пенен алмастырды, аўылларды социалистлик раўажланыў жолына өткериў ушын тийкар таярлады.

Жер мәселесиниң шешилиўи аграрлық мәселе айрықша үлкен роль ойнаған Қарақалпақстанның миллий районларындағы мийнеткеш дийханлар ушын да үлкен әҳмийетке ийе болды, ал жер ҳаққындағы Декреттиң иске асырылыўы халық көпшилигин Совет властына тәрепине тартыўды тәмийинледи.

Қарақалпақстан аўылларының басым көпшилигинде тек Октябрь революциясының жеңисинен кейин басланған ҳәм тийкарынан 1918-жылдың ноябринде ғана тамамланған дийханлар депутатлары Советлерин дүзиў процесиниң узаққа созылыўы аграрлық өзгерислердиң барысына терис тәсир жасады. Аўыллар менен қышлақлардың ең гедей қатламларының аўыллық эксплуататорлардан экономикалық ғәрезлилиги, ислам тәрепинен ҳүрметленилип отырған ески тийкарларды сақлап қалыўды жақлайтуғын мусулман руханыйларының тәсири жер ҳаққындағы Декреттиң иске асырылыўына кесент етти. Патриархальлық уруўлық қалдықлар, халықтың, соның ишинде Советлердиң ҳәм аўыллар-

---

[1] В. И. Ленин. Шығармаларының толық жыйнағы. 36-том, 130-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

дағы Совет властының басқа да органлары ағзаларының сауатсызлығы буған үлкен тосқынлық жасады.

Жер ҳаққындағы ленинлик декретти орынлаў мақсетиндеги Түркстан Халық Комиссарлар Советиниң арнаўлы қарары менен жерди сатыў ҳәм сатып алыў бойынша барлық шәртлесиўлер менен келисимлерге тыйым салынды, жерди кирейге алыў бир жыл мүддетке шекленилди ҳәм оған жергиликли жер комитетиниң ямаса оның орнын атқаратуғын органның (аўыллық жыйналыслар менен комитетлердиң) рухсаты менен айрықша жағдайларда ғана жол қойылды 1918-жылы 3-январьда үлке Халық Комиссарлар Советиниң буйрығы менен үлкени аграрлық колонизациялаў ҳәм Түркстанның турғылықлы миллетлери мийнеткешлеринен жерди экспроприациялаў қуралы болған — жаңа жерлерге көширип қонысландырыў шөлкемлери сапластырылды.

1918-жылы 6-декабрьде Түркстан Халық Комиссарлар Совети жер комитетлерин шөлкемлестириў ҳаққында карар қабыл етти ҳәм олардың орынларда дүзилиўине тезлик пенен кирисиўге дийханлар ҳәм мусулманлар депутатлары Советлерине көрсетпе берди. Соның менен бирге, өз ислери менен жер ҳаққындағы Декретке қарсы болған буржуазиялық Ўақытша ҳүкиметтиң тусында дүзилген айырым жер-суў комитетлери тарқатылып жиберилди.

1917-жылдың декабринен баслап, 1918-жылдың 15 сентябри аралығында Түркстанда 196 волостлық жер-суў комитети дүзилди, солардың 51 и Әмудәрья бөлимине қараслы болған Сырдәрья областында дүзилди.

1918 жылы 3 мартта ҳалық Комиссарлар Совети женил шәртлер менен мийнеткеш хожалықларға тухым, ақшалай қарыз, аўыл хожалық қурал-сайманларын, төгинлер бериў ҳаққында қарар шығарды.

1918-жылы 25 мартта үлке Халық Комиссарлар Советиниң буйрығы менен арнаулы аўыл хожалық егинлериниң мийнет сарп етилмейтуғын бирақ санаатлық әҳмийети бар барлық хожалықлары миллий меншик болып жәрияланды ҳәм дийханшылық Комиссариатының басқарыўына ҳәм қадағалаўы астына берилди. Коллективлестириўдин басламасын салыў ушын улыўма халықлық фондтағы жерлерде аўыл хожалық артельлерин шөлкемлестириўге қарар етилди.

1918-жылы 17-майда В. И. Ленин Халық Комиссарлар Советинин „Түркстанда суўғарыў жумысларына ҳәм бул жумысларды шөлкемлестириўге 50 миллион манат ақша ажыратыў ҳаққында ..“ ғы декретине қол қойды. Усы ақшаның бир бөлеги Әмудәрья бөлиминдеги суўғарыў ислерин жақсартыўға ажырағылды.

Жас Совет елиниң өз басынан кеширип атырған әскерий ҳәм хожалық қыйыншылықлары жағдайында суўғарыў жумысларына ири қаржы ажыратып шығарыўы Коммунистлик партия менен Совет ҳүкиметинин Орта Азия соның ишинде Қарақалпақстан халықлары ҳаққындағы үлкен ғамхорлығының гүўасы болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарақалпақстан мийнеткешлери жер ҳаққындағы Декретти ҳәм жер-суў мәселеси бойынша Совет мәмлекетиниң басқа да илажларын қуўанышлы қарсы алды

Үлке Халық Комиссарлар Советиниң қарары тийкарында рабочийлар, солдатлар ҳәм дийханлар депутатларының Әмударья бөлиминдеги Советлери ески жер органларын сапластырды ҳәм волостьлық Советлердиң қапталынан жер майданшаларына, аўыл хожалық қурылысларына, өнимлер менен материалларға, күш-көликлерге, қурал-сайманларға ҳәм мийнет сарп етилмейтуғын хожалықтың басқа да мүликлерине есап ҳәм конфискалаў өткерген волостьлық жер комитетлерин дүзди.

Жергиликли Советлер жерди, суўды ҳәм тоғайларды национализациялаў ҳаққында қарар шығарды. Шаббаз, Бадай, Назархан, Нөкис, Дәўқара ҳәм басқа да тоғайлықлар национализацияланды. Шорахан участкасындағы бурынғы Әмударья бөлими начальниги менен жер-салық инспекторының ықтыярындағы 45 десятинадан асламырақ өнимдарлы жерлер, сондай-ақ Қонысландырыў басқармасының жер фонды, еки қалалық бағ ҳәм тағы басқалар национализацияланды.

Рабочийлар, солдатлар ҳәм дийханлар депутатлары Совети бир қатар национализацияланған жер майданларында тәжирийбе атызларын шөлкемлестирди. Басқа жерлерде коллективлик хожалықтың басланғыш түри болған аўыллық артельлер дүзилди. Жер менен қоса суў да мийнеткеш дийханлардың пайдаланыўына берилди. Баслы каналлар менен ирригациялық қуылыслар Совет мәмлекетиниң меншиги болды.

Урыс ҳәм хожалық бүлгиншилигинен келип шыққан, ел үстине түскен ашлық пенен гүресиў мақсетинде Әмударья бөлими Советиниң қапталынан арнаўлы комиссия дүзилди, оған профсоюз, совети ҳәм партия шөлкемлериниң ўәкиллери кирди Ол Төрткүлден, Шораханнан ҳәм басқа да ири елатлы пунктлерден пулсыз аўқатландырыў орынларын ашты. Түркстан республикасы Халық Комиссарлар Советиниң көрсетпеси бойынша Әмударья Совети жесир ҳаялларға, батраклар менен гедейлердиң хожалықларына ун, салы ҳәм басқа да азық-аўқатлар берди.

Халық арасындағы ашлық пенен гүресиў бойынша Шымбай участкасында 9 адам составында комиссия дүзилди. Оның председательлигине муғаллим И. Поповты. жуўаплы секретарлығына И. В. Гадецкийди, ғазийнешисилигине (казначейлигине) Ширинскийди белгиледи, ал Т. Канеев, В. Первушин, Т. Жаўлыбаев ҳәм басқалар оның ағзалары болды. Әмударья бөлими Советиниң атқарыў комитети азық-аўқаттың интендантлық запасынан ақ май, ун сондай-ақ, ашлық пенен гүресиў ушын бир миллион манат ақша бөлип шығарды.

Әмударья бөлиминиң рабочийлар, солдатлар ҳәм дийханлар депутатлары Совети Шымбай участкасының мийнеткешлерине тезлик пенен материаллық жәрдем көрсетиўге айрықша дыққат аўдарды. Комиссия жарлы хожалықларға жәрдем ушын ақша,



www.ziyouz.com kutubxonasi

мал, егислик материалларын, ағашлар ҳәм тағы басқм да затлар берди. Нөкисте, Ийшан қалада ҳәм басқа да орынларда аўқатландырыў пунктлери ашылды. Шымбай участкасының ең гедей халқының турмысы Әмударья бөлими Совети атқарыў комитетиниң жәрдеми ҳәм жергиликли халықтың пидәкерлик жумысының арқасында бир қанша жолға қойылды.

Әмударья бөлими Совети алып-сатар саўдагершилик пенен актив гүрес жүргизе отырып, орынларда ғәлле монополиясын орнатты ҳәм жылына ҳәр бир адамға 10 пуд ғәлледен жан басы нормасын енгизди. Дийханлар ғәллесин сатқан ўақтында ашырқап атырған халық ушын ғәллесинен ажырагып шығарыўға тийисли болды.

Дәслепки аграрлық өзгерислер ҳәм Совет властының аўыл хожалығы тараўындағы илажлары көплеген жерсиз ҳәм жери аз дийхан хожалықларына бай-помещиклердиң конфискаланған жерлерин үлестирип бериў, мәмлекеттиң дийханларға қолынан келген жәрдемин бериўи менен ғана емес, ал аўылдың мийнеткеш халқының жана рабочий-дийханлар властының олардың мәпин қорғайтуғынлығына исенимин пайда еткенлиги менен үлкен әҳмийетке ийе болды.

Совет властын беккемлеўде, социалистлик қурылысты ен жайдырыўда жас Совет мәмлекетиниң экономикалық тийкарын шөлкемлестириў ҳәм буржуазияның экономикалық қуўатын қыйратыў үлкен әҳмийетке ийе болды. Банклерди, темир жолларды, ири санаатты национализациялаў, өндирис қуралларын орайластырыў зәрүр болды.

1918-жылы 28 февральда Түркстан республикасы Халық Комиссарлар Совети пахтаны конфискалаў ҳаққында декрет шығарды, оны Совет мәмлекетинин меншиги деп жәриялады. Сол жылы мартта пахта санааты национализацияланды. 1918-жылы 2-мартта Түркстан республикасы Халық Комиссарлар Совети барлық завод комитетлерине, ақсақаллар кеңеслерине ҳәм „Хлопмасмыло" бөлимлерине барлық пахта ўәжлерин, сондай-ақ заводлардағы, складлардағы, транспорт ҳәм қамсызландырыў жәмәәтлериндеги бар май менен сабынлардын санын, сортын ҳәм нәрсе-қара ўәжлердиң түрлерин көрсетиў менен есапқа алыўды буйырды. Бул буйрық дийханлардың қолындағы пахта ўәжлерине тийисли болмады.

Орайласқан экономикалық басқарыў ушын Түркстан үлкеси Халық Комиссарлар Советинин декрети менен пахта санаатының Әмударья бөлими пахта тазалаў заводларын өз ишине алатуғын Хийўа районлық комитети дүзилди.

1918-жылы 23-февральда Арал теңизи менен Әмударьядағы „Хийўа" акционерлик пароход жәмийети национализацияланды.

1918-жылы 26-мартта Түркстан республикасы Халық Комиссарлар Совети Арал капиталистлериниң — балық санаатшыларының сиясий ҳәм экономикалық саботажын сапластырыў, Арал әтирапы районларындағы балықшылық, дуз ҳәм басқа да кәр-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ханаларды қайта дүзиў ҳәм олардың кәсипшилик ислерин қайта тиклеў ушын Түркстан үлкеси Халық Комиссарлар Советине тиккелей бағынатуғын, айрықша ўәкилликке ийе комиссар белгиледи.

1918-жылы 22-апрельде, Советлердиң V Үлкелик съездинде коммунистлердиң фракциясы өз резолюциясында Түркстан Халық Комиссарлар Советиниң санаат кәрханаларын национализациялаў ҳаққындағы директивасын тастыйықлады.

Әмудәрья Советн санаат кәрханаларының сегиз саатлық жумыс күнине өткенлигин, өндирис үстинен рабочий қадағалаўы орнатылғанлығын, пахта газалаў, май шығарыў, сабын қайнатыў, жонышқа туқым тазалаў ҳәм тери ийлеў заводларының, жекке банклардың, баспаханалардың ҳәм соған қусағанлардың национализацияланғанлығын жәриялады. 1918-жылы майда бөлимдеги рус ҳәм жергиликли буржуазияның 24 кустарьлық ҳәм ярым кустарьлық пахта тазалаў заводлары национализацияланды ҳәм олар сол ўақытта Петро-Александровскте дүзилген завод комитетлериниң қолына берилди.

Ири жай ийелери Мануилов, Сазонов, Насырулла Мусабеков, Сейтмурат Әминов, Першин ҳәм басқалардың жайлары да национализацияланды.

Санаат кәрханалары менен балықшылық кәрханаларының национализацияланыўы ҳәм олардың рабочий класстың қолына бериливи Қарақалпақстанда санааттың қайта тиклениўине ҳәм раўажланыўына мүмкиншилик туўғызды.

Уллы Октябрь социалистлик революциясының жеңиси, барлық жерде Совет властының орнаўы ҳәм беккемлениўи ишки ҳәм сыртқы контрреволюция лагеринде қатаң ызаланыўшылықты пайда етти.

Рус помещиклери, буржуазиясы, жергиликли феодаллық — буржуазиялық элементлер ҳәм олардың Әмудәрья бөлиминдеги малайлары миллий ғәрезсизлик сүренин бүркенип, социалистлик революцияның раўажланыўына тосқынлық етиўге урынды. Хорезм оазисиндеги феодаллық-буржуазиялық элементлер рус помещиклери ҳәм буржуазиясы менен аўқамласып, бир план бойынша ҳәрекет ете отырып, Хийўа ханлығындағы әскерлердиң бурынғы командующийси полковник Зайцевтиң жәрдеми арқасында, Әмудәрья бөлиминде тийкарынан эксплуататор класслардың ўәкиллеринен, атап айтқанда, бөлимдеги ураллы казак кулакларынан қуралған отрядлар шөлкемлестирди. Олар Жунайыд ханның Хийўа ханлығының территориясында ири баспашылар топарын (бандитлер шайкасын) шөлкемлестириўине жәрдем көрсетти.

Хийўа диктаторы Жунайыд хан, Совет Әмудәрья бөлими территориясына, Совет властын иштен бузыў ушын Аллияр ийшан ҳәм басқалардың басшылығында өз жансызларын жиберди. Хийўа ханы Асфандияр да антисоветлик фронтқа қосылды. Полковник Зайцев жергиликли байлар ҳәм реакцияшыл мусулман руханыйлары менен келискен ўәдеси бойынша өзиниң аўқамласы Жу-



www.ziyouz.com kutubxonasi

найыд ханға Хийўа ханлығының территориясын тапсырды, оннан казаклар полкин алып шықты. Өз гезегинде Жунайыд хан полковник Зайцевтиң буйрығына бағыныўға миннетленди.

Жаңа Үргенчте Зайцев рус, татар, армян помещиклерин, буржуазиясын ҳәм әмелдарларын қураллландырды. Өзин-өзи қорғаў ротасы взводының бурынғы командири Ш. Ҳәкимов усыған байланыслы өзинин еске түсириўлеринде: „Полковник Зайцев Оренбургке кетер ўақтында Үргенчке келди, европалы гражданларды жыйнады ҳәм европалы гражданлардың өзин-өзи қорғаўы ушын қурал-жарақ ҳәм оқ-дәрилер қалдырыўға ўәде берди", — деп жазды.

1918-жылы 5-январьда Жаңа Үргенчтеги Хийўа сорамындағы рус пухараларының жалпы жыйналысында 9 адамнан жәмийетлик өзин-өзи қорғаў комитетин ҳәм өзин-өзи қорғаў ушын жергиликли еркли дружина шөлкемлестириўге, оны қураллландырыўға ҳәм Жаңа Үргенч рус колониясының өзин-өзи қорғаў және барлық ислерин басқарыў бойынша қарар қабыл етилди.

Қалада турыўшылардың өтиниши бойынша, кетип қалған 738-дружинаның орнына Жаңа Үргенч рабочийлары менен хызметкерлеринен тезлик пенен 100 адамға жетерлик Жаңа Үргенч әскерий дружинасы шөлкемлестирилди, И. В Галецкий оның командири болды. Дружинаның составына: А. Качанов, Фролов, Морозов, Н. Востриков, Ингулатов. А. Смирнов, С. Лебедев, А. Симаков, И. Бринкман, А. А. Заводский, В Ганчиков, Михальченко ҳәм басқалар кирди.

Дружина РСФСР гражданларының қәўипсизлигин, банктеги, складлар менен пахта заводларындағы мәмлекетлик ғәзийнелерди қорғады. Жунайыд хан қаланы қорғаў ушын дүзилген дружинаны тарқатып жибериўди ал қурал жарақты тапсырыўды талап етти. Үргенчтин қорқақ басқарыўшылары усы талапты орынлаўға асықты. Солай етип, қала геллекесер Жунайыд ханның „мийрим-шәпәәтына" берилди. Қуралларын тапсырыўды қәлемеген дружинашылар Әмудәрьяның оң жағына, совет тәрепине өтти.

Сонын арасында Әмудәрья бөлими Советлеринин буйрығы бойынша 738-Симбирск ҳәм 732-Саратов пиядалар дружиналарының революцияшыл бөлимлери Петро-Александровск пенен Үргенчке жыйналды.

Полковник Зайцев 1918-жылы 5-январьда Хийўадан берген телеграммасында „округ Штабынын Хийўа отряды бөлимлерин бөлистириўге араласыўына, атап айтқанда 732-дружинанын жартысына Үргенчге, жартысына Петро-Александровскте орналасыўға рухсат етиўине" наразылық билдирди. Бирақ, Хийўа гарнизонынын бөлимлери совет командованиесинин буйрығын орынлай отырып, Әмудәрья бөлиминин территориясына өтти.

Сол ўақытлары қатардағы казаклар большевиклердиң басшылығы астында полк комитетлери менен жүзлик комитетлерин ҳәм казаклар депутатлары Советлерин дүзди. Олар Әмудәрья



www.ziyouz.com kutubxonasi

бөлиминдеги мийнеткеш казакларды жер, азық-аўқат пенен тәмийинлеў, халық мүлкин қорғаў ислери менен шуғылланды.

Солай етип, революцияшыл кейиптеги мийнеткешлер массасы менен Хийўа гарнизонынын солдатлары Совет властына садық болып қалды. Ақ гвардияшыл полковник Зайцев тәрепинен қуўатланылған феодаллар менен буржуазияның контрреволюциялық тил бириктириўи иске аспай қалды.

## 4. ТҮРКСТАН СОВЕТ АВТОНОМИЯСЫНЫҢ ЖӘРИЯЛАНЫЎЫ ҲӘМ ҚАРАҚАЛПАҚ СОЦИАЛИСТЛИК МИЛЛЕТИНИҢ ҚӘЛИПЛЕСИЎИНЕ АЛДЫН-АЛА ЖАҒДАЙЛАРДЫҢ ДҮЗИЛИЎИ

1917 жылы 3 ноябрьде Совет ҳүкимети В. И. Лениннин қолы қойылған „Россия халықлары ҳуқуқларынын Декларациясын" жәриялады.

Үлкен тарийхый әҳмийетке ийе болған бул документ Қарақалпақстан мийнеткешлери тәрепинен үлкен көтеринкилик пенен қарсы алынды. Миллет мәселесиниң ленинлик жол менен шешилиўи, пүткил елде, әсиресе, Қарақалпақстанда Совет властын беккемлеў исинде, миллий-советлик мәмлекетиниң дүзилиўинде, экономика менен мәдениятты раўажландырыўда үлкен әҳмийетке ийе болды.

„Россия халықлары ҳуқуқларының Декларациясында" езилген халықлардың әсирлер бойы күткен үмит-әрманлары сәўлеленген, олардың алдында Октябрь революциясынын уллылығы ашып көрсетилген. Ол эксплуататор класларды – помещиклерди, байлар менен капиталистлерди қулатпай, социалистлик революция женбей турып, езилген халықларды азат етиў ақылға муўапық емес екенлигин ис жүзинде дәлилледи. Онда халықлардын азатлығы ҳәм тең ҳуқуқлылығы. олардын өзин-өзи еркин белгилеў ҳуқуқлары жәрияланған.

Россия халықларының өз-ара исеним ҳәм ықтыярлы басламалар тийкарында ғана беккем туўысқанлық бирликке келетуғынлығына терен исенген Коммунистлик партия өзинин программасын қатаң ҳәм избе-излилик пенен иске асырды.

Уллы державалық шовинистлер ҳәм жергиликли миллетшилер менен гүресте Коммунистлик партия ҳәр адым сайын халықлар арасындағы жаңа социалистлик қатнастың — дослық, туўысқанлық ҳәм тең ҳуқуқлылық қатнастың тийкарын салды

Коммунистлик партия Совет мәмлекетин дүзиў ҳәм раўажландырыўдын барысында анаў ямаса мынаў халықтын миллий келбетине сәйкес келетуғын мәмлекетлик басшылық мийнеткеш дийханлар менен аўқамласқан рабочий класс тәрепинен иске асырылыўы тийисли деп атап көрсетти. Рабочий класс диктатурасының ақырына дейин иске асырылыўы ҳәм оның тарийхый ўазыйпаларынын шешилиўи ушын қаланың ҳәм аўылдын мийнеткешлер массасы өзинин социалистлик мәмлекетин шөлкем-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лестириў исине кең қатнасыўы тийис еди. Миллий районлардағы Совет властынын органларына мүмкиншилиги болғанынша отырықшы халықтын турмысын, үрп әдетин, тилин жақсы билетуғын жергиликли халықлардың ўәкиллери киргизилиўи тийис. Тек сонда ғана кең масса менен беккем байланыс орнайды ҳәм тек сонда ғана шын мәнисинде Совет властьı беккем болады.

1917-жылы 20-ноябрьде В. И. Ленин ҳәм И. В. Сталин қол қойған РСФСР Халық Комиссарлар Советинин „Россия менен Шығыстың барлық мусулман мийнеткешлерине" атлы тарийхый үндеўи басып шығарылды, онда патша ҳүкиметиниң миллий сиясатынан түп-тамыры менен айырылатуғын совет мәмлекети миллий сиясатынын жаңа принциплери жәрияланды. „Үндеўде" „Шығыс халықларын азат етиў ушын социалистлик революция женисинин әҳмийети атап көрсетилген ҳәм Поволжье, Қырым, Кавказ, Орта Азия ҳәм Сибирь халықларының диний исенимлери менен үрп-әдетлеринин толық азатлығы жәрияланған.

Халық Комиссарлар Советиниң „Россия менен Шығыстың барлық мусулман мийнеткешлерине" атлы үндеўи үлкен сиясий әҳмийетке ийе болды. Ол шығыс халықларының миллий ҳәм класслық сана-сезимлеринин ояныўына ҳәм беккемлениўине, олардың большевиклик партиянын, Совет властының ҳәм уллы рус халқының әтирапына жәмлесиўине алып келди.

Түркстан коммунистлери миллетлердин өзин-өзи белгилеў принциплерин иске асырыў тараўында ҳәрекет етиўдиң конкрет ҳәм анық ленинлик программасын алды.

Түркстанның Орайлық Россия менен ўақытша бирлесиўи, Түркстанда, соның ишинде Қарақалпақстанда Совет властының буннан былай беккемлениўи ушын үлкен әҳмийетке ийе болды.

В. И Лениннин үлкеде совет автономиясын дүзиў ҳәм беккемлеў ҳаққындағы көрсетпесине ылайық Түркстан коммунистлери 1918 жылы 20-апрельде Ташкентте рабочийлар, солдатлар, дийханлар депутатлары ҳәм Түркстанның мусулман депутатлары Советлеринин үлкелик Айрықша V съездин шақырды. Съездиң РСФСР Халық Комиссарлар Советине қутлықлаў телеграммасында: „Революциялық ўазыйпа ўәсиятларына садық Түркстан үлкелик съезди Орайлық ҳүкиметке барлық революциялық сүренлер усы жерде, Түркстанда анық ҳәм булжытпай әмелге асырылады, деп мәлим етеди", — деп көрсетилди.

Советлердин V үлкелик съезди большевиклердин РСфСР составында Түркстан үлкеси совет автономиясының жәрияланыўы ҳаққындағы усынысын бир аўыздан қуўатлады. 1918 жылы 30-апрельде съезд Түркстан Автономиялы Совет Социалистлик Республикасының дүзилгенлигин жәриялады ҳәм сонында Түркстан АССР ы Конституциясы ушын тийкар болған „Россия Совет республикасы ҳаққындағы режелер жыйнағын" тастыйықлады. Съезд ТАССР дын жоқарғы нызам шығарыўшы органын — Орайлық Атқарыў Комитетин ҳәм жоқарғы атқарыўшы органын — Түркстан АССР ы Халық Комиссарлар Советин сайлады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Съезд мәжилислеринде ТАССР Халық Комиссарлар Советиниң нәўбеттеги ўазыйпалары ҳаққында большевиклик декларация жәрияланды. Онда: „Мусулман пролетариатының кең массасын үлкедеги дөретиўшилик жумысларға тартыў, халық билимлендириўи, ден саўлықты сақлаў, финанс, суд, аўыл хожалығы, санаат ҳәм мийнет тараўларындағы жумысларды дурыс жолға қойыў, революцияшыл судларды, армия кардларын дүзиў Халық Комиссарлар Советинин ҳәм үлкенин нызам шығарыўшы органының жақын күнлердеги ўазыйпасы болып есапланады", —деп көрсетилди.

Үлкениң мийнеткешлер массасы — өзбеклер, қазақлар тәжиклер, түркменлер, қырғызлар, қарақалпақлар ҳәм басқалар Түркстан Автономиялы Совет Социалистлик Республикасының дүзилиўин қуўаныш пенен қутлықлады ҳәм Түркстанда, соның ишинде Қарақалпақстанда Совет властын беккемлеў исине барлық күшин жумсаўға толық таяр екенлигин билдирди.

1918-жылы 27-майда ТАССР Орайлық Атқарыў Комитети үлкениң совет автономиясы болып салтанатлы жәрияланыўына байланыслы Түркстанның барлық халықларына шақырық жәриялады. Шақырықта, Түркстан АССР ының жоқарғы нызам шығарыўшы органы — Орайлық Атқарыў Комитети 36-ўәкилден, ТАССР дың жоқарғы атқарыўшы органы—Халық Комиссарлар Совети 16 адамнан сайланды, — деп көрсетилген

Советлердиң V үлкелик съезди Түркстан халықларының тарийхында айрықша әҳмийетли ўақыя болды Ол Коммунистлик партияның көп миллетли Түркстан Совет республикасын дүзиў ушын гүресин жуўмақластырды. ТАССР дың дүзилиўи менен Орта Азия отырықшы миллетлеринин кең мийнеткешлер массасын жас совет мәмлекетин басқарыў ислерине актив тартыў ушын жағдайлар дүзилди.

Енди Түркстан үлкесиниң барлық большевиклик группаларын беккем орайласқан партия шөлкемине бирлестириў ўақты келди Бул ўақытқа дейин оның болмаўы орынлардағы жумысларға басшылық етиўди ҳәм оларды қадағалаўды оғада қыйынластырып келген еди.

1918-жылы 17—25-июнь күнлери Ташкентте Түркстан большевиклик шөлкемлериниң I Үлкелик съезди болды. Онда РКП(б) ның ажыралмайтуғын ҳәм состав бөлеги болған бир пүтин Түркстан Коммунистлик партиясы шөлкемлесиў жағынан дүзилди.

Түркстан Коммунистлик партиясының I съезди ўақтынан баслап Ташкентте жергиликли тилдеги биринши совет баспа сөз органы „Иштракиюн" — „Коммунист" — миллет ислери бойынша Комиссариаттың газетасы шыға баслады.

ТАССР Орайлық Атқарыў Комитетиниң 1918-жыл 9-августтағы декрети менен миллий тиллер, рус тили менен тендей мәмлекетлик тил болып таныдды,

Усы декреттиң тыйкарында Әмударья Совети жергиликли совет органларына мәмлекетлик мәкемелердеги ислерди жүргизиў-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ге рус тили менен бир қатарда, халқының басым көпшилиги қарақалпақлар болған Шымбай участкасында қарақалпақ тилинде, ал Төрткүл участкасында өзбек тилинде жүргизиўди енгизиў ҳаққында көрсетпе берди.

Қарақалпақстанда ислердиң жергиликли тилде жүргизиле баслаўы қарақалпақ миллий тилиниң раўажланыўы ушын тийкар салды.

Коммунистлик партия менен Совет властының Түркстан халықларының, соның ишинде Қарақалпақстан халықларының да совет автономиясы менен Совет мәмлекетлик қурылысында ленинлик принциплерди иске асырыў бойынша дәслепки илажлары усындай болды.

Түркстан АССР ының составына кирген Әмудәрья бөлими совет автономиясының мүмкиншиликлеринен пайдаланды. Совет автономиясының ыңғайлылығы экономикалық ҳәм мәдений раўажланыўы ҳәр қыйлы дәрежеде болған Россияның барлық миллий шет-шебирлерин қамтыўға имканият туўғызды.

Қарақалпақ халқы өзиниң миллий ҳуқуқларын тәмийин ететуғын совет территориялық-сиясий автономиясының конкрет формасынан кең пайдаланды. Россия халықларын миллий-ҳуқуқлық жағынан азат етиўге бағдарланған Совет властының мәмлекетлик ҳәм сиясий илажлары усыған ылайық хожалық-экономикалық шаралар менен беккемленди.

Түркстан Автономиялы Совет Социалистлик Республикасының салтанатлы жәрияланыўы Түркстан халықларының совет миллий мәмлекетлерин дүзиўге баслама салды ҳәм үлке халықларының рус халқы менен және бизиң елимиздиң басқа да халықлары менен дослығының ҳәм бирге ислесиўиниң беккемлениўине мүмкиншилик туўғызды.

Түркстан халықлары мийнеттиң, тең ҳуқуқлылықтың ҳәм барлық миллетлер бахытының тиреги болған Советлер республикасының қорғаўы астына өтти.

Түркстан Автономиялы Совет Социалистлик Республикасының дүзилиўи Совет властын халыққа жақынлатты, оны мийнеткешлер менен бурынғыдан да жақын туўысқанластырды, халықтың бурын аўытқып жүрген бөлегин эксплуататор элементлердиң тәсиринен қутқарыўға ҳәм оларды социалистлик қурылыс жолына тартыўға мүмкиншилик берди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## *II бап*

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН СЫРТ ЕЛ ӘСКЕРИЙ ИНТЕРВЕНЦИЯСЫ ҲӘМ ГРАЖДАНЛАР УРЫСЫ ДӘЎИРИНДЕ (1918-1920-ж. ж.)

## 1. ГРАЖДАНЛАР УРЫСЫНЫҢ БАСЛАНЫЎЫ. ИШКИ ҲӘМ СЫРТҚЫ КОНТРРЕВОЛЮЦИЯ ҮСТИНЕН ШЕШИЎШИ ЖЕҢИСЛЕР ДӘЎИРИ (1918—жылдың жазы—1920-жыл март)

1918-жылдың бәҳәринде бизиң Ўатанымыздың тарийхындағы жаңа дәўир—сырт ел әскерий интервенциясы ҳәм граждаплар урысы дәўири басланды.

Россиядағы ҳәм оның шет-шебириндеги Уллы Октябрь социалистлик революциясы тәрепинен қулатылған эксплуататор класслар пролетар революциясының жеңилетуғынлығына ҳәм елде буржуазиялық-помещиклик дүзимниң орнайтуғынлығына исенимин жойытпады. Олар усы мақсетте Антанта ҳәм АҚШ империалистлери менен тил бириктирип, жас Советлер республикасына қарсы қураллы гүрес баслады.

1918-жылы бәҳәрде американ, англичан ҳәм япон интервентлери елдиң арқасындағы, қубласындағы хәм шығысындағы шет-шебирлерге өз әскерлерин түсирди. Усы ўақытта австро-герман ҳәм түрк әскерлери Украинаны, Белоруссияны, Балтик бойын жәнe Закавказьяның бир бөлегин басып алды.

Оренбург, Жетисуў, Ферғана ҳәм Закаспий фронтлары пайда болған Орта Азия менен Қазақстанда айрықша аўыр аўҳал орын алды. Оренбургты басып алып, Ақтөбеге гопылыс жасап атырған атаман Дутовтың әскерлери Түркстанды Россия Совет Федерациясынан бөлип таслады.

Интервентлер өзлериниң басқыншылық планларында Закаспий фронтының ақ гвардияшы бөлимлериниң тылындағы Совет Қарақалпақстанына үлкен орын берди. Қарақалпақстанды басып алыў англичан интервентлерине Жунайыд хан баспашылары ҳәм Бухара әмири әскерлери менен бирлесип совет әскерлериниң тылындағы Чаржоўға бирликте соққы бериў, соңынан Қазалы менен Қызыл-Ордаға бағдар алып, атаман Дутовтың әскерлерине қосылыў имканиятын туўғызар еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Англия интервентлери Жунайыд хан бандаларын қуралландырып, олардын Қарақалпақстанға әскерий атланысын шөлкемлестирди. Жунайыд хан ишки ҳәм сыртқы контрреволюция тәрепинен исленип шыққан, Орта Азияда Совет властын қыйратыўдын улыўма планының айырым ўазыйпасын орынлаўшы болып шықты.

Жунайыд ханның 25 мың адамлық баспашы бандасы дәслеп Төрткүлге ҳүжим жасаўы, ал Қарақалпақстан территориясын басып алғаннан кейин, Бухара әмири менен бирлесип, Чаржоўды алыўы керек еди.

Қарақалпақстан мийнеткешлери большевиклердиң басшылығында Совет властын ҳәм Октябрьдиң уллы жеңислерин қорғаўға тик турды

1918-жылы сентябрьдиң ақырында большевиклер Қарақалпақстан мийнеткешлерин революцияшыл қырағылықты күшейтиўге шақырды. Әмудәрья Совети әскерий секциясының буйрығы бойынша Петро-Александровск ҳәм оның әтирапында әскерий аўҳал жәрияланды. Әмудәрья бөлиминин айрықша әскерий комиссары Н. А. Шайдаков „Әмудәрья бөлиминиң қурал көтерип жүриўге жарамлы барлық гражданлары... Түркмен феодаллары менен буржуазиялық элементлерге қарсы рабочий-дийхан Қызыл Армиясы қатарларына шақырылған жағдайда әскерий секция кеңсесине келиўге миннетли“ деп көрсетилген буйрыққа қол қойды.

Қарақалпақстан мийнеткешлери Қызыл Армияға, Қызыл гвардия ҳәм партизан отрядларына актив өтти. 1918-жылы 1-октябрьде Ф. Шляпин бас болған 1-Петро-Александровск казак-жүзлиги дүзилди. Усы жүзликтиң 199 жаўынгер ҳәм командирлеринен 130 адам қарақалпақлар, қазақлар, өзбеклер ҳәм түркменлер болды, ал қалғанлары ураллы казаклар еди.

1918-жылы 25-октябрьде 154 жаўынгер ҳәм командирлерден қуралған 2-Петро-Александровск ротасы шөлкемлестирилди.

1918-жылы 31-октябрьде 161 адамлық Петро-Александровск қурама атлылар жүзлиги шөлкемлестирилди. Петро-Александровскти қорғаў ўақтында мийнеткеш казаклардың алдынғы бөлеги рабочийлар менен дийханлардың мәпи ушын актив гүрести.

Айрықша әскерий аўҳалға байланыслы 1918-жылы 24-ноябрьде Петро-Александровск қаласы гражданларынан-ықтыярлылардан 147 адамлық әскерий отряд шөлкемлестирилди.

Соның менен бирге, Әмудәрья бөлиминин әскерий-революциялық Совети жергиликли халықтан 400 ден аслам адамды ор-қарымлар қазыў, жолларды оңлаў, азық-аўқат тасыў ҳәм т. б. жумыслар ушын мобилизациялады.

Солай етип, бөлим территориясына Жунайыд хан бандалары топылыс жасаў алдында, Нөкис гарнизонынан тысқары Қызыл Армияның 1320 жаўынгер, командир ҳәм сиясий хызметкерлеринен қуралған әскерий бөлимлери шөлкемлестирилди. Әскерий бөлимшелерде тезлетилген пәт пенен әскерий сапқа таярлаў ҳәм



www.ziyouz.com kutubxonasi

сиясий оқыўлар өткерилди, Большевиклер рус ҳәм жергиликли халықты Петро-Александровскти қорғаўға таярлады.

Турақлы Қызыл Армия отрядлары менен бирге ықтыярлы Қызылгвардияшылар отрядлары да ҳәрекет етти Оларды шөлкемлестириўде биринши жер жүзилик урыс ўақтында шығыс фронттың тыл жумысларында ислеп қайтып келген рабочийлар шешиўши роль ойнады,

Эсерлер ҳәм меньшевиклер Петро-Александровскти қорғаў исине кесент келгириўге ҳәр қыйлы жоллар менен урынды. Контрреволюцияның „Түркстан әскерий шөлкеминиң" басшысы, алдаў жолы менен большевиклик партия қатарына кирип алған ҳәм республика әскерий комиссары хызмет орнын ийелеген қыянетши, сатқын Осипов, „солшыл" эсер. сыртқы ислер бойынша комиссар Домогатский менен бирге 1918-жылы 19 сентябрьде ири помещиктин баласы, патша армиясының штабс-капитаны, Түркстан әскерий шөлкемлеринин актив ағзасы. эсер В. П. Коноплевты Түркстан республикасының Хийўа ҳәм Әмудәрья бөлими ислери бойынша Айрықша ўәкили етип белгиледи. Коноплев Чаржоўда турып Шайдаковқа Жунайыдқа қарсы хеш қандай илаж қолланбаў ҳаққында буйрық берди. Ол Шайдаковтың солдатлар менен жергиликли мийнеткешлердиң арасында партиялық сиясий жумыслар жүргизиўине тыйым салды, ал соңынан Осипов пенен Домогатский арқалы Шайдаковты Петро-Александровсктен шақырып алыўға еристи.

Коноплев Жунайыд хан, Хийўа ханы қапталындағы Англия адамы Хожа хан ҳәм контрреволюциялық „Закаспий ҳүкимети" менен жасырын байланыс орнатты. Большевиклер солшыл эсерлердиң Төрткүлдеги барлық әскерий күшлерге басшылық етиў иси Коноплевқа берилсин деген усынысына шешиўши қарсылық көрсетти. Коноплев өз исин Ревкомды ҳәм депутатлар Советиндеги әскерий бөлимди тарқатып жибериўден баслады.

Рус кулаклары, помещиклери ҳәм жергиликли феодаллық— буржуазиялық элементлер, ең алды менен ураллы казаклардың жоқарғы қатламлары Коноплев пенен оның жалпылдақларының социаллық тиреги болды.

Биринши мүмкиншиликтен-ақ, қуралларын мийнеткеш халық пенен Совет властына қаратыў ушын ураллы казаклардың кулаклық жоқарғы қатламы менен жергиликли реакцияшыл феодаллық-буржуазиялық элементлер Жунайыдтың топылысынан қорғаныўды сылтаў етип, өзлериниң қуралланған бөлимлерин дүзди. Мәселен, хан Мақсым байлар, феодаллар, моллалар ҳәм жынаятшы элементлердиң балаларынан 500 адамлық отряд дүзди. Коноплев атаман М. Фильчевке шекленбеген ҳуқуқ берди ҳәм ураллылардан дүзилген 3-Зайыр жүзлигине Әмудәрья бөлиминиң арқа районларын қорғаўды тапсырды

Коноплев ҳәм Совет властының басқа да душпанларының контрреволюциялық ислери Әмудәрья бөлиминде аўыр аўҳалдың пайда болыўына алып келди. Орай ҳәм Чаржоў менен байланыс



www.ziyouz.com kutubxonasi

үзилиске түсти. Бөлимдеги халық пенен совет әскерлерине ашлық қәўпи туўды.

Жунайыд хан Әмудәрья бөлимине басып кириў исин тезлетиў ҳаққында шешимге келди. Оған Асфандияр хан, Хийўа феодаллары, контрреволюцияшыл казаклар ҳәм басқа да антисоветлик элементлер актив жәрдемлести. Сырт ел империалистлери Жунайыд хан баспашыларын қурал-жарақ ҳәм оқ-дәрилер менен аянбастан тәминледи Ол англичанлардан 3000 мылтық ҳәм көп муғдарда оқ-дәри алды. Баспашылар Хийўадағы хан ҳәм патша армиясының көп сандағы қурал-жарақларын басып алды.

1918-жылы 24-ноябрьде Жунайыд хан Төрткүл менен Чаржоў арасындағы телефон байланысын қыйратып, Әмудәрьяның советлик жағалаўына топылыс баслады. Баспашылардың бир бөлеги түнде дәрьядан өтип Аққамыстағы (Төрткүлге 25 шақырым жерде) совет отрядына топылды. Күшлер тең емес еди, совет отряды қасарысқан саўаштан кейин Шораханды таслап Төрткүлге қарай шегинди. Жунайыд бандаларының екинши бөлеги Қыпшақ пенен Бийбазардың тусынан дәрьяны кесип өтти ҳәм Шаббаз бенен Бийбазарды басып алды

Төрткүлдиң рабочийлар, солдатлар ҳәм дийханлар депутатлары Совети менен Әскерий Совет сатқын Коноплевтин қарсы ҳәрекетлерине қарамастан қаладағы ҳәм оның дөгерегиндеги мийнеткешлерди Жунайыд баспашыларына соққы бериўге мобилизациялады.

1918-жылы 24-ноябрьде Петро-Александровск гарнизонының буйрығы бойынша Төрткүлдин советлик бөлеги толық әскерий таярлыққа келтирилди, қаланың қурал-жарақ қолланыўға шамасы келетуғын барлық ер адамларының қаланы қорғаўға мобилизацияланғанлығы жәрияланды

1918-жылы 24-ноябрьде баспашылар Төрткүлди қоршаўға ала баслады. Қалаға жақын жерлердеги қышлақ ҳәм аўыллардан қашып келген 20 мыннан аслам қашқынлардың қалаға келип тығылыўы қаланы қорғаўды бурынғыдан да бетер қыйынластырды. Совет властын ҳәм туўылған қаласын Жунайыд бандаларынан қорғай отырып, қызыл гвардияшылар, қызыл әскерлер ҳәм ықтыярлылар айрықша қаҳарманлық көрсетти. Рус ҳәм жергиликли жаслар қаланы қорғаўшыларға актив жәрдемлести. Қаланы қорғаўға ҳаял-қызлар да қатнасты. Олардың биреўлери қолына қурал алып, душпан менен атысса, басқалары ор-қарымлар қазды, жарадарларға медициналық жәрдем көрсетти.

Төрткүлди қорғаўға сырт ел әскерий тутқынлары — венгрлер, чехлар, румынлар австриялылар ҳәм басқалар актив қатнасты.

Төрткүлди қоршаўға алып, Жунайыд хан бандалары Шымбайдың, Назарханның, Нөкистиң, Шаббаздың, Бийбазардың Шораханның ҳәм дөгеректеги аўыл-елатлардың халқын тонады, парахат адамларды өлтирди, малларды, ғәллени ҳәм басқа да мүликлерди алып кетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Баспашылар тутқын болып қолына түскен қызыл әскерлерди ҳәм совет гражданларын жыртқышлық пенен қатаң жазалады. Жунайыд хан, егер Төрткүл берилмесе, оның барлық халқы қырып тасланады, деп дағазалады.

Баспашылардың ҳайўаншылығы менен зорлық-зомбылықлары халықта душпанға болған қатаң жек көриўшилик туўдырды. Күшиниң басым болыўына ҳәм душпан жансызларының Төрткүлде тимискилениўлерине қарамастан Жунайыд хан қаланы қорғаўшылардың ерлик пенен қарсылық көрсетиўин жеңе алмады.

Түркстан республикасы ҳүкимети қоршаўдағы Төрткүл мийнеткешлерине үлкен жәрдем көрсетти. ТАССР Орайлық Атқарыў Комитетиниң Председатели В Д. Вотинцевтиң буйрығы бойынша Чаржоўдан Әмудәрья менен Төрткүлге жәрдем жиберилди. „Ташкент“ пароходы ҳәм „Верный“ теплоходы менен матрослардан, қызыл партизанлардан. темир жол рабочийларынан ҳәм барла ўшылар дружинасы әскерлеринен 180 адамлық огряд келди. Келгенлердиң үш дюймли гобы ҳәм еки пулеметы бар еди. Отряд душпан халқасын бузып, Төрткүл гарнизонына қосылды. бул қаланы қорғаўшылардың жаўынгерлик рухын көтерди.

Төрткүлди қорғаўшылар баспашылар менен қатаң саўашлар жүргизип атырған пайытта, сатқын Коноплев феодаллық-буржуазиялық элементлердиң қуўатлаўына сүйенип, қаланы тапсырыў ҳаққында Жунайыд хан менен келисти. Бирақ, қаланы қорғаўшылар Коноплевтың баспашылар менен ақ гвардияшыларға қаланы тапсырыўға таярлық көрилип атырғаны ҳаққында жазылған ҳәм Жунайыд ханға жиберилген хатын жолда қолға түсирди.

Қамалдың 11-күни Төрткүлди қорғаўшылар душпанның 7 ҳүжимин қайтарып, қарсы ҳүжимге өтти. Баспашылар совет әскерлериниң қысқысына шыдам бере алмады ҳәм 1918-жылы 3-декабрьде кешқурын сасқалақлаўы менен Шаббаз тәрепке қарап шегинди. Усы топылыс ўақтында жунайыдшылар 1700 адамынан айрылды. Ал совет отрядларынан 28 адам набыт болып, 27 адам жараланды.

Жунайыд бандалары үстинен ерисилген жеңис, Қызыл Армия отрядларының парады ҳәм 12 мыңға шамалас адам қатнасқан Төрткүл мийнеткешлериниң демонстрациясы менен белгиленип өтилди.

1918 жылы 27-ноябрьде 1500 ден аслам баспашылар Әмудәрьядан өтип, 300 ден көбирек қызыл әскерлер менен ықтыярлылар қорғап турған Нөкиске топылды.

Усы ўақытлары 2 мыңға шамалас қашқынлар қарақалпақлар, өзбеклер, қазақлар, русслар, татарлар ҳәм т. б. Нөкисти паналап атырған еди. Қурал-жарақтан пайдалана алатуғынлардың барлығы қаланы қаҳарманлық пенен қорғап атырғанлардың қатарына келип қосылды. Баспашылар қорғанға онлаған мәргебе ҳүжим жасады, бирақ ҳәр сапары көп адамынан айырылып кейин шегинди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әмударья бөлими әскерий Советиниң буйырығында: „... Нөкис қорғаны ҳәм оның районы таслап кетилмесин, ең соңғы мүмкиншиликке дейин қорғалсын. Жәрдем, транспорт ҳәм ақша таярланылып атыр, сизлерге баратырған жолдағы бир участка тазаланып болыўдан-ақ, кешиктирместен сизлерге жиберемиз ҳәм бизден әскерлердиң шыққанлығы ҳаққында сизлерге хабарлаймыз",—деп көрсетилди

Нөкисти қаҳарманлық пенен қорғаўдың 16-шы күнинде (1918-жылы 13-декабрьде) Төрткүлден Қызыл Армия отряды келди. Ол душпан халқасын бузып өтип, қаланы қорғаўшыларға келип қосылды. Баспашыларға қыйратыўшы соққы берилди Қызыл Армия бөлимлери қуўып шыққан баспашылар ат-жарағын таслаўы менен сасқалақлап қашты.

Нөкисти қорғаў ўақтында қызыл әскерлер менен командирлерден Турлыбай Қалыбаев, Төле Гүлимбетов, Жолдас Өгамбетов, Гурдыбай Есенбаев, Матвей Шевченко, Иван Пересыпка ҳәм басқалар қаҳарманларша қаза тапты Нөкис қорғаны гарнизонының командири большевик С. В. Синебрюков қатты жарадар болды.

Жергиликли халық Қызыл Армия бөлимлери менен бирге Шымбайдағы, Ийшанқаладағы ҳәм бөлимниң басқа да қалалары менен елатларындағы баспашылардың ҳүжимлерине соққы бериўде актив қатнасты.

1918-жылдың ақырында Жунайыд ханның женилиўи Орта Азиядағы барлық контрреволюцияға аўыр соққы болды. Усыған байланыслы Жунайыд хан ҳәм уруў-қәўим басшыларының арасында ала-аўызлық ҳәм жәнжеллер келип шықты. Алдаў ҳәм зорлық пенен баспашылар отрядларына тартылған мийнеткешлер массасы, Совет властың оларға туўысқан власть, ал Жунайыд хан ҳәм оның жалпылдақлары душпан екенлигин түсинди. Буны аңлаған мийнеткешлер массалық түрде Совет власты тәрепине өте баслады. Усы дәўирде Әмударья бөлиминиң пүткил Хорезм оазиси ҳәм Әмударья алабында Хийўа менен Бухара халықларына ханлар ҳәм әмирлердиң зулымлығына, орта әсирлик қараңғылыққа наданлыққа қарсы азатлық ушын гүресте жол көрсетиўши революция шам-шырағы сыпатындағы роли айқын көринди.

Большевиклик шөлкемлер басшылық еткен Қарақалпақстанның мийнеткешлер массасы қаҳарман Қызыл Армия бөлимлериниң қуўатлаўы арқасында қасарысқан, аўыр саўашларда баспашылардың тийкарғы күшин қыйратты ҳәм соның менен бирге сырт ел интервентлериниң планларын ҳәм баспашылар күшиниң Закаспийде ҳәрекет етип атырған англичанлардың, ақ гвардияшылардың әскерлери менен бирлесиўин үзилиске түсирди.

Жеңилиске ушыраған Жунайыд хан Англия империалистлеринен, Бухара әмиринен, атаман Дутовтан ҳәм контрреволюцияшыл „Закаспий ҳүкиметинен" жаңадан жәрдем сораўға мәжбүр болды. Англия империалистлери менен ақ гвардияшыл генерал-



www.ziyouz.com kutubxonasi



Б. Бабажанов.



Н. А. Шайдаков.



К. И. Школин.



А. Ф. Гурушкин.

Қарақалпақстанда совет властын беккемлеў ушын гүреске актив қатнасқанлар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

лардың қуўатлаўы арқасында Жунайыд хан қуралланған қарақшыларды жаңадан топлады ҳәм Әмударья бөлими территориясына бир неше мәртебе басып кирди, бирақ ҳәр сапары совет әскерлери менен жергиликли мийнеткешлердиң қасарысқан қарсыласыўына жолықты.

Жунайыд хан бандаларын қыйратыўдың нәтийжесинде ерисилген ўақытша дем алысты большевиклер Қызыл Армия бөлимлерин беккемлеў, оның қатарына мийнеткешлердиң ўәкиллерин кең тартыў, партия, совет ҳәм хожалық жумысларын күшейтиў ушын пайдаланды.

1918-жылы 24-декабрьде Петро-Александровскте коммунистлердиң шөлкемлестириўши жалпы жыйналысы болды. Онда Түркстан Коммунистлик партиясы Петро-Александровск қалалық комитети сайланды. Коммунист В. Е. Крошилов председатель, М. М. Фролов оның жәрдемшиси (сондай-ақ ол казначей де болды), И. Н. Касьяненко секретары болып сайланды.

Коммунистлик партияның Әмударья комитети ҳәм рабочийлар, солдатлар ҳәм дийханлар депутатлары Совети Қызыл Армия бөлимлерин беккемлеў мақсетинде әскерий шөлкемлерге әскерий басқарыўдың орайластырылыўын иске асырыўды, армия кадрларын партия хызметкерлери менен беккемлеўди қызыл әскерлерге, командирлер менен сиясий хызметкерлер арасында мәдений-ағартыў жумысларын ҳәм тәртипти күшейтиўди усыныс етти. Әмударья бөлиминдеги совет әскерий бөлимлериниң әскерлери менен командирлери ушын 1919-жылдың 1-январынан баслап әскерий ант енгизилди. Кем-кемнен пытыраңқылық, тәртипсизлик сапластырылды, жоқары саналы әскерий рух беккемленди.

Советтиң атқарыў комитети әскерий шөлкемлерди бақлаўды күшейтиў ҳәм басқарыўды орайластырыў мақсетинде әскерлердиң командирлерине тек әскерий-оперативлик жумысларды ғана қалдырып, ал қамал аўҳалы ўақытларында оған Түркстан республикасының Хийўадағы ҳәм Әмударья бөлиминдеги ўәкилиниң жумыслары көлеминде ғана ҳәрекет етиў ҳуқуқы берилди. Бул қарар айырым хызметкерлердиң әсиресе әскерлерлердиң командующийси эсер Коноплевтиң жуўенсизлигин белгили дәрежеде шекледи.

Әмударья бөлими Әскерий Советиниң 1919-жыл 17-январьдағы мәжлисинде Арал теңизи жағалаўларын ҳәм ондағы атаўларды қорғаўды күшейтиў ҳаққындағы мәселе додаланды ҳәм әскерий коллегия ағзасы А. Л. Тимошенко менен Әмударья бөлиминиң бурынғы әскерий комиссары И. В. Гадецкийлдрдиң басшылығында арнаўлы отряд жиберилди.

1919-жыл 14-февральда Әмударья бөлими Совети атқарыў комитетиниң қарары менен Советтиң атқарыў комитетине ҳәм Советтиң әскерий секциясына бағынатуғын Қызыл гвардияның штаблары шөлкемлестирилди.Бул Қарақалпақстандағы әскерий бөлимлерге бир әскерий басшылықтың дүзилиўине баслама салды.

Ақ гвардияшылардың Оренбург түбинде қыйратылыўы ҳәм



www.ziyouz.com kutubxonasi

Түркстанның жас совет мәмлекетиниң орайы менен ўақытша байланысыўы Қарақалпақстандағы мийнеткеш халықтың ҳәм Қызыл Армия жаўынгерлери менен командирлериниң жаўынгерлик рухын көтерди. Әмударья бөлими Совети В. И. Ленинге жиберген радиограммасында Кызыл Армияның Оренбург фронтындағы жеңисин қутлықлады ҳәм Қарақалпақстан мийнеткешлериниң Жунайыд хан бандаларына қарсы жеңисли саўаш жүргизип атырғанлығы ҳаққында мәлим етти. Радиограммада: „Мәдений дүньядан үш ай даўамында байланысы үзилген, Асхабад контрреволюциясы қуралландырған баспашылар бандасы қоршап алған солдатлар, рабочийлар ҳәм дийханлар депутатларының Петро-Александровск Совети. бүгин биринши рет көп миллионлы Қызыл Түркстанға аштан өлиў қәўпин туўдырған Дутов тығынын қаҳарман қызыл әскерлердиң ашқанлығы ҳаққындағы қуўанышлы хабарды алды. Еки миллионлық Хийўа халқы террор астында азап шегип атыр. Олар баспашылардың террорынан ҳәм жаўызлық нийет пенен қанлы пәнжелерин созып атырған жыртқыш империалистлердиң шабыўылынан Хийўаны азат ететуғын совет әскерлериниң келиўин интизарлық пенен күтип атыр. Хийўа халқы езилип атырғанларға азатлық алып келиўши Қызыл Армияға туўысқанлық сәлем жоллайды ҳәм азат Совет Россиясына қосылыўды қәлейди",—деп жазылған.

1919-жылы февраль-март айларында Коммунистлик партия солшыл эсерлерге қарсы огада қатаң гүрес жүргизип, Әмударья бөлиминдеги сиясий басшылық, хожалық ҳәм мәдений қурылыс мәселелеринде басым тәсирге ерисги. Коммунистлик партияның Арал комитети басланғыш партия шөлкемлери дүзилип атырған Арал теңизиндеги атаўларға 1919-жылдың февралынан баслап өз ўәкиллерин жиберди. Үргеде 80 ҳәм Ушсайда 60 коммунистке ийе дәслепки партия ячейкалары дүзилди.

Коммунистлердиң Арал теңизи атаўларындағы жергиликли шөлкемлери алдыңғы салдаўшылардың, балықшылардың ҳәм балықшы кәрханаларындағы рабочийлардың есабынан өз қатарларын толықтырды. Түркстан Коммунистлик партиясы Арал комитетиниң докладында: „Орынларда шөлкемлестириўшилер" солшыл эсерлердиң" қарсылығына ушырады. Бирақ коммунистлердиң идеясы бизиң қатарларымызға келип атырған балықшылар менен рабочийларды бирлестирди",—деп көрсетилди. Балықшылар кәрханаларында рабочийлардың қуўатлаўы арқасында партия ағзаларының 25% ин Қызыл Армия қатарына мобилизациялаў табыслы өтти, Мойнақ ҳәм оған жақын атаўлардағы балықшылар кәрханаларында Коммунистлик партия ағзаларын қайта есапқа алыў өткерилди. Усылардың барлығы Арал теңизи атаўларындағы алдыңғы рабочийларды Коммунистлик партия қатарларына тартыўға ҳәм мийнеткешлердиң активлесиўине ерисиўге мүмкиншилик берди.

Әмударья бөлими большевиклери 1919-жылы январь-февральдағы Советлерге қайта сайлаўларда шешиўши жеңиске еристи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Коммунистлердиң басшылығы астында Түркстан республикасы конституциясына сәйкес Әмудәрья бөлими рабочийлар, солдатлар ҳәм дийханлар депутатлары Советлерине сайлаўлар ҳаққында Реже тексти ислеп шығылды, өндириўши ямаса улыўма пайдалы мийнети менен күн көриў ушын қәрежет табатуғын ҳәм кәсипшилик аўқамында (профсоюзда) туратуғын, сайлаў күнине 18 жасқа толған еки жыныстағы совет гражданлары сайлаў ҳуқуқын алды. Буған санаатта, саўдада ислеўши рабочийлар ҳәм барлық категориядағы хызметкерлер, аўыл хожалығында ислеўши және жалланба мийнеттен пайдаланбайтуғын дийханлар ҳәм казаклар жатқарылды. Қызыл Армияның жаўынгерлери менен командирлериниң ҳәм Коммунистлик партия ағзаларының сайлаў ҳуқуқлары айырым пунктлер менен тастыйықланды. Советлерге сайлаўлар ҳаққындағы Режениң жәрияланыўы үлкен сиясий әҳмийетке ийе болды ҳәм орынлардағы совет органларының жумысларына мийнеткешлерди тартыўға жәрдемлести.

Солшыл эсерлерге қарсы кескин гүрес жүргизиў нәтийжесинде Петро-Александровск Совети атқарыў комитетиниң составына Коммунистлик партияның ағзалары көпшилик болып сайланды.

Әмудәрья бөлими Советиниң атқарыў комитетинде аўыр аўҳал пайда болды. Коммунистлерден А. Л. Тимошенконың, Д. Д. Головяшкинниң, Г. Заюшевтың ҳәм т. б. жоқлығынан пайдаланған солшыл эсерлер фракциясы 16 адам составында атқарыў комитет дүзиў ҳаққында қарар қабыл алыўға еристи, ал коммунистлик партия ўәкиллерине соннан тек 5 орын белгиленди. Коммунистлер фракциясы бул қарарды бийкарлады ҳәм Әмудәрья бөлими Советиниң атқарыў комитетиндеги ўәкилликтен бас тартты.

Большевиклер бул дәўирде солшыл эсерлер менен қатнасықты толық үзиўге тәўекел ете алмады, себеби бул қатарында рабочийлар ҳәм дийханлар қатламы болған усы партияның қатардағы ағзаларына унамсыз тәсир тийгизиўи мүмкин еди. Оннан тысқары, армияда солшыл эсерлердиң белгили тәсири бар еди.

1919-жылы 26-февральда Әмудәрья бөлими Советиниң жаңа атқарыў комитетине сайлаўлар болды, онда Коммунистлик партия фракциясы жеңип шықты. Оған сайланғанлар Кемпчинский, Крошилов, Морозов, Головяшкин, Балжанов, Солоповлар еди. Бир аўыздан Кемпчинский Совет атқарыў комитетиниң Председатели болып сайланды.

1919-жылы 11-февралда Әмудәрья бөлими Совет атқарыў комитети сатқын Осиповтың ақ гвардияшыл ҳәрекети ҳаққында Ташкенттен алынған телеграмманы дозалады ҳәм Түркстан республикасының ўақытша революциялық комитетине 14 Түркстан комиссарының набыт болыўына байланыслы терең қайғырыў сезимин билдирди. Әмудәрья бөлиминиң партия-совет органлары ҳәм мийнеткешлери республиканың ўақытша революциялық комитетинен душпанды қыйратыў ҳәм сатқынларды қатаң жуўапкершиликке тартыў исин тезлетиўди соранды. Совет халық массасын революциялық қырағылықты күшейтиўге шақырды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ташкенттеги ўақыяларға байланыслы солшыл эсерлерден ҳәм басқа да суғылысқан элементлерден совет аппаратын тазартыўға уйғарылып, усы мақсетте Кемпчинский, Крошилов, Хасанов ҳәм т. б. составында Советтиң арнаўлы комиссиясы дүзилди.

Совет органларынан контрреволюциялық элементлерди қысып шығарыў бойынша екинши әҳмийетли адым, 1919-жылы 20 февральда Айрықша дала суды қапталынан тексерип изертлестириў комиссиясынын дүзилиўи болды. Комиссияның составына тек большевиклер кирди.

Ташкенттеги контрреволюциялық көтерилис бастырылғаннан кейин, аса кеткен сатқын эсер Коноплев осиповшы ретинде Төрткүл большевиклери тәрепинен әшкараланды. 1919-жылы 22 февральда ол тутқынға алынды ҳәм Чаржоў әскерий трибуналы судына берилди.

Большевик А. Л. Тимошенко Әмудәрья бөлими әскерий комиссары ҳәм әскерлердиң командующийси болып белгиленди.

Әмудәрья бөлимине совет әскерлеринин жаңа отряды ҳәм бөлимде партия-совет жумысларын беккемлеў ушын сиясий искерлер группасы келди. Бул Әмудәрья бөлиминин барлық территориясында Совет властының буннан былай беккемлениўине мүмкиншилик туўғызды.

Солай етип, большевиклик шөлкемлердиң басшылығында Қарақалпақстан мийнеткешлери 1918-жылдың ақырында Жунайыд хан банлалары менен ақ гвардияшылардың қысқысына төтепки бере отырып, оларды Хийўа ханлығының территориясына ысырып таслады. Әмудәрьяның жағалаўындағы ҳәм Арал тенизиниң атаўларындағы қорғанларды беккемледи, Дутовшы ак казаклардың Закаспий контрреволюциясы менен қосылыўының алдын алды.

1919-жылы бәҳәрде Антанта ҳәм АҚШ империалистлери, ишки контрреволюция Совет Россиясына қарсы жаңа топылыс баслады. Адмирал Колчактың көп санлы армиясы усы атланыстың баслы күши болды. Елдиң қубласында Деникинниң, ал арқа батысында генерал Юденичтиң ақ гвардияшы армиясы топылысқа өтти. Арқада англичан-американ интервентлери менен генерал Миллердин әскерлери ҳәрекет етти. Атаман Дутов жаңа әскерий атланысқа таярланды. 1919-жылы марттың басында топылыс баслаған Колчактың ярым миллионлық армиясы апрельдиң басында Волгаға шекем жетти.

Усы қәўетерли ўақытта Москвада Коммунистлик партияның VIII съезди (1919-жыл 18—23—март) болды. Съезд Россияның рабочий классын ҳәм оның партиясын уллы революциялық тәжирийбе менен байытқан ҳәм бизиң елимизде социализм дүзиў ушын гүрестиң ең әҳмийетли ўазыйпаларын белгилеген партияның жаңа Программасын бекитти. Совет властын буннан былайда беккемлеў ҳәм ишки жәнe сыртқы контрреволюцияның күшлерин қыйратыў ушын РКП (б) VIII съездиниң орташа дийханларды бийтәреп етиў сиясатынан рабочий класстың басқарыўшылық



www.ziyouz.com kutubxonasi

ролин сақлап, оның менен беккем аўқамласыў ҳаққындағы қарары үлкен әҳмийетке ийе болды.

Партияның VIII съезди әскерий-сиясий мәселелерге айрықша кеўил аўдарды. Съезд Қызыл Армиядағы партизаншылықтың қалдықларын жақлап шыққан „Әскерий оппозицияға" шешиўши соққы берди ҳәм турақлы совет қуралды күшлерин буннан былай да беккемлеў ҳәм армия менен флоттағы коммунистлердиң ролин көтериў бойынша илажлар белгиледи.

Партия VIII съездиниң қарарына муўапық армия коммунистлериниң жәрдеми менен үлкен партиялық-сиясий жумысты ең жайдырған әскерий комиссарлар белгиленди. Түркстан большевиклери РКП (б) VIII съездиниң қарарларын, соның ишинде съезддиң әскерий-сиясий мәселелер бойынша қарарын активлик пенен ис жүзине асырды.

ТАССР Советлери VII съездиниң (1919-жыл март) әскерий секциясы Қызыл Армияны беккемлеў мақсетинде төмендеги илажларды өткериўди усыныс етти: әскерий басқарыўды орайластырыў; партия хызметкерлериниң 25% ин армияға тартыў; мәдений-ағартыў бөлимлерин шөлкемлестириў; армияда сайланып қойылыў басламасын сапластырыў ҳәм әскерий қанийгелерди тайынлап қойыўды енгизиў: барлық бөлимлерде жолдаслық судлар дүзиў; армияда ғалаба әскерий билим бериўди енгизиў. Барлық майда, пытыраңқы отрядлар бир әскерий бирликлерге — роталарға, батальонларға, полклерге жәмленди. Ғалаба мобилизация өткериўге, тылда запас әскерий бөлимлер дүзиўге, командирлер составын планлы таярлаўға қарар етилди.

1919-жылы 10-мартта Әмудәрья бөлими Советлери атқарыў комитетиниң мәжилисинде Шымбай участкасында орналасқан әскерий бөлимлердиң жаўынгерлик таярлығын тексериў ҳаққында мәселе талқыланды. Басқарыўды координациялаў ушын Шымбай участкасында орналасқан совет әскерлериниң бөлимлерине, участкадағы барлық әскерий бөлимлердиң, сондай-ақ Мойнақ гарнизонының ўәкиллеринен қуралған әскерий коллегия дүзиўге уйғарылды, Коллегия өз ишинен Әмўдәрья бөлими әскерлериниң командующийсине бағынатуғын Шымбай участкасы әскерлериниң командующийсин сайлады. Советтиң бул қарары Әмудәрьяның төмениндеги совет әскерлериниң әскерий бөлимлерине басшылықты координациялаў ушын үлкен сиясий әҳмийетке ийе болды.

Әмудәрья бөлиминиң территориясында сол ўақытта Қызыл Армияның 134 адамлық, соның ишиндеги 70 адамы жергиликли халық ўәкиллеринен болған 1 Ташкент ротасы, Мерв разведкашылар дружинасы; 1-Петро-Александровск ротасы (60 әскер): 2-Петро-Александровск ротасы (145 әскер); 3-Нөкис ротасы (162 әскер); 1-Қырғыз казаклар жүзлиги (182 әскер); 2-казаклар жүзлиги (161 әскер): 3-Зайыр казаклар жүзлиги (182 әскер); қурама батарея (90 әскер); пулемет командасы (35 әскер) ҳәм т б. жайласқан еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарақалпақстанды қорғаўды беккемлеў мақсетинде оған қосымша әскерий күшлер алып келинди. Закаспий фронтынын штабы Чаржоў темир жол рабочийлары менен жаўынгер-интернационалистлерден қуралған 250 адамлық отряд бөлип шығарды, бурынғы солдат-артиллерист, Чаржоў депутатлары Советиниң ағзасы, большевик Наумов басқарған бул отряд 1919-жылы 12-мартта Төрткүлге келди.

Большевик Наумов отрядынын келиўи менен большевиклер шөлкемине жаңа күшлер келип қосылды. Партиялық жумыс ири рабочий орайларынын үлгиси бойынша жолға қойыла баслады.

РСФСР дың Хийўа ислери бойынша Айрықша миссиясынын ағзасы, коммунист А. Н. Христофоровтың келиўи менен рабочий-дийхан Қызыл Армиясынын миллий бөлимшелерин шөлкемлестириў күшейди.

ТАССР Советлери VII съездиниң қарарына муўапық Петро-Александровск гарнизоны бөлимшелерин қайта шөлкемлестириў басланды. Жаңадан келген пиядалар ротасы менен үш Петро-Александровск пиядалар ротасынан, көпшилиги жергиликли миллет адамларынан қуралған 598 солдат, командир ҳәм сиясий хызметкерлерден ибарат 1-Хийўа революцияшыл батальоны дүзилди.

546 жаўынгер составында атлы әскерлер полки дүзилди. Жергиликли ҳәм Чаржоўдан келген батареялар артиллерия дивизонына бириктирилди.

Революциялық Әскерий Совет әскерлердиң командующийсинен, әскерий комиссарлардан, әскерий бирлеспелердиң сиясий комиссарларынан, әскерий бөлимлер менен жергиликли партия-совет шөлкемлери ўәкиллеринен қуралды. Ол еки тәреплеме:— Түркстан республикасы Революциялық Әскерий Советине ҳәм рабочийлар. қызыл әскерлер және дийханлар депутатларынын Әмударья бөлими Советлери Атқарыў комитетине бағынышлы болды

1919-жылы 22-июньде Түркстан Коммунистлик партиясы Төрткүл шөлкеминиң жалпы жыйналысы Коммунистлик партия ағзаларынын 25% ин ҳәм оған тилеклеслерди Қызыл Армия қатарларына мобилизациялаўға қарар етти. Нәтийжеде Төрткүл партия шөлкеминен 59 коммунист Қызыл Армия қатарларына шақырылды, ол әскерий бөлимлердеги партиялық ядроны айтарлықтай беккемледи.

1919-жылы апрельде Жунайыд хан Совет властьы ўәкилинен питим жасасыўды өтиниш етти. Советлик Түркстан ҳүкимети менен сөйлесиўлер жүргизиўге Жунайыд ханды мәжбүрлеген тийкарғы себеплердин бири, Хийўа ханлығындағы мийнеткешлердиң революциялық, миллий-азатлық ҳәм аграрлық-демократиялық ҳәрекетлеринин күшейиўи болды

1919-жылы 9 апрельде Тахтада Хийўа ҳүкимети менен келисим жасалды

Хийўа менен жасалған келисим үлкен сиясий әҳмийетке ийе болды. Совет Россиясынан Түркстанды жаңадан бөлип таслаўға



www.ziyouz.com kutubxonasi

таярланып атырған бир пайытта Жунайыд хан ўақытша бийгәреплик жағдайға түсирилди. Келисим ақ гвардияшылар менен интервентлердиң Хийўа ҳәм Бухараның жәрдеми менен Қызыл Армия бөлимлерин жәнe Түркстан Совет Республикасын қоршап алып қыйратыўға бағдарланған нийетлерин үзилиске түсирди ҳәм Закаспий менен Бухарадағы түркмен мийнеткешлериниң Совет Түркстанына болған қатнасықларының кескин өзгериўине алып келди, мийнеткешлер арасында Советлер властының абырайы күшейди. Хийўа ҳүкимети менен дүзилген питим келисимин Хорезм оазиси мийнеткешлери үлкен қанаатланыўшылық пенен күтип алды.

Коммунистлик партия ҳәм Түркстан Совет. ҳүкимети Хорезм мийнеткешлер массасының революциялық, миллий-азатлық ҳәм аграрлық-демократиялық ҳәрекетине жәрдемди күшейтти Астыртын ҳәрекет етип атырған Хийўа революционерлерине массаны көтерилиске таярлаў бойынша жәрдем көрсетиў ушын 1919-жылы апрельде-ақ Петро-Александровсктен Хийўаға коммунистлер группасы жиберилген еди. Жиберилген коммунистлер рабочийлар, батраклар, мәрдикарлар ҳәм дийханлар менен байланыс орнатты. Қатаң террор жағдайында жумыс жүргизип,олар ханлықтың мийнеткешлерине олардың аўыр турмыс кешириўиниң себеплерин түсиндирди ҳәм оларды жеркенишли феодаллық-деспотлық дүзимди қулатыўға, Хийўада халық властын орнатыўға шақырды.

Хорезм Коммунистлик партиясының тийкарғы ядросы ҳәм негизи Қызыл Армия қатарларында гүрес жүргизген ықтыярлылар болды. Ханлық территориясында партизанлық гүрес күннен-күнге кең ен жайды. Әмудәрья областында Хийўадан қашып келгенлерден революциялық отрядлар дүзилди. Хийўа коммунистлери, рабочийлары ҳәм батраклары РКП (б) Орайлық Комитети жиберген рус большевиклериниң басшылығында Хийўаның мийнеткеш халқына Совет властьі ҳаққындағы ҳақыйқатлықты айтып берди, халықты Жунайыдтың жеркенишли тутымын қулатыўға шақырды, әскерий дружиналар дүзип, оларды беккемледи.

Ташкентке Түркомиссия келгеннен кейин жергиликли коммунистлердин шөлкемлестириўшилик ҳәм мобилизациялаўшылық жумыслары кең пәт алды. Ташкенттиң қысқа мүддетли агитаторлар таярлаў курсларында бир неше онлаған хийўалы коммунистлер өз ана тилинде билим алды. Олар Хийўаға келип, Совет властының халықлық сыпатын, хан менен Жунайыдтың Англия тәсирине берилип сатқыншылық сиясат жүргизип атырғанын мийнеткешлерге түсиндирди.

1919-жылы 11-июньде Россия Коммунистлик партиясы Петро-Александровск шөлкеми комитетинин мәжилисинде жас хийўалылар революциялық комитетиниң ағзасы Арысланов шөлкемлестириў-агитациялық бюроның ўақытша председатели болып белгиленди.

Большевиклердин басламасы менен Төрткүлде Хийўа революциялық орайы пайда болып, ол өз алдына: ханды тахтынан қу-



www.ziyouz.com kutubxonasi

латыў, халық властын орнатыў, ханнын ийелеген мүликлерин ҳәм ири феодаллардың жерлерин халыққа бериў, мәжбүрий жумысларды жоқ етиў, пулсыз билим бериўди, медициналық хызмет көрсетиўди ҳәм соған уқсағанларды енгизиў ўазыйпаларын қойды. Орайдың басқарыўшы составына Хийўа ханлығындағы барлық демократиялық ҳәм патриотлық элементлердин ўәкиллери кирди.

Хийўа реакциясына қарсы гүресшенлердин қатарында революцияның баслы ҳәрекетке келтириўши күшин қураған рабочийлар, батраклар, дийханлар, өнерментлер избе-из революциялық позиция тутты. Олар феодаллық езиўден толық азат болыў ушын елде түпкиликли социаллық ҳәм сиясий қайта дүзиўлер ушын гүрести. Халықтың қалған қатламлары өзлеринин класслық шекленгенлиги себепли ханлықта үзил-кесил социаллық өзгерислер жасаўға умтылмады ҳәм революцияның тек ўақытша жолбийкелери ғана болды. Жас хийўалылар бас болған миллий буржуазия менен орта ҳәм төменги руханыйлардың бир бөлеги өзлеринин буржуазиялық мәмлекетин дүзиў мақсети менен революцияға қатнасты.

Хорезм Коммунистлик партиясы өзиниң дәслепки күнлеринен баслап-ақ интернационаллық сыпат алды. Оның қатарларында Хорезмдеги барлық миллетлердин дерлик: өзбеклердиң, түркменлердиң, қарақалпақлардын, қазақлардын, руслардың, татарлардың ҳәм т. б. миллетлердиң ўәкиллери болды. ТАССР сыртқы ислер комиссарынын Түркстан Совет Республикасынын сыртқы сиясаты ҳәм Хийўа революциялық комитетинин жумысы ҳаққындағы докладында Хийўада көтерилисти иске асырыў бойынша Хийўа революциялық комитетинин басламаларын ҳәр тәреплеме қуўатлаўдын зәрүрлиги көрсетилди.

1919-жылдын жазында Шығыс фронтта Қызыл Армия ири женислерге ерисги, Колчактың қыйратылған әскерлери еки бағдарға қарап Сибирь менен Түркстанға дейин шегинди. Колчак армиясының қубла группасы генерал Беловтын командалығында Түркстан жерине бузып өтиўге ҳәм түркстанлы ақ гвардияшылар, баспашылар, әмир Бухарасы ҳәм Жунайыд бандалары менен тиккилей байланыс орнатыўға, оннан кейин Каспий теңизи арқалы Деникин армиясына қосылыўға умтылды.

РКП (б) Орайлық Комитети пайда болған аўҳалды есапқа алып, Шығыс фронттын қубла группасын Түркстан фронты етип қайта дүзди. М. В. Фрунзе Түркстан фронты әскерлериниң командующийси болып белгиленди, П. И. Баранов, Ш. З. Элиава, ал сонынан В. В. Куйбышев Революциялық әскерий советтин ағзалары болды.

Түркстан фронты әскерлери генерал Беловтың ақ гвардияшы әскерий бөлимлерин қыйратып, душпан қоршаўын бузып өтиўи ҳәм Орта Азия мийнеткешлерине, олардың баспашылар ҳәм Жетисуў менен Закаспийдеги ақ гвардияшы армияларға қарсы гүресине тиккелей жәрдем көрсетиўи тийис болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1919-жылы 13-августта Түркстан фронтынын 1-армиясы топылысқа өтип, душпан бекинисин бузып, 30-августта Орскти ийеледи 11-сентябрьде Совет Түркстаны әскерлери 1-армиянын кията тырған бағытына шығып Шалқарды ийеледи, ал 13-сентябрьде Муғажар разъездинде Түркстан фронты 1-армиясының алдынғы отрядлары менен Ақ төбе фронтының түркстанлы әскерлери қосылды.

Солай етип, Түркстан АССР ы Орайлық Россия менен жанадан ҳәм усы сапары биротала тутасты. Үлкен тарийхый әҳмийетке ийе болған бул ўақыя Түркстан АССР ы мийнеткешлери тәрепинен уллы қуўаныш пенен күтип алынды. Колчактың Түркстандағы контрреволюциялық күшлер ҳәм Деникин әскерлери менен қосылыў нийетлери иске аспады. Англичан-американ империалистлериниң Түркстанды Совет Россиясынан бөлип алыў планлары иске аспай қалды. РСФСР ҳәм Орта Азия арасында тиккелей байланыс орнатылыўы нәтийжесинде Орта Азияда Түркстанға туўысқан халықлардын ҳәр тәреплеме жәрдеми өсип, бул үлкеде Совет властының тағы да беккемлениўине ҳәм контрреволюциялық күшлердиң биротала қыйратылыўына алып келди.

Усы арада, ўақытша келисимнен пайдаланып, Жунайыд хан Советлерге қарсы урыс ҳәрекетлерине таярлана баслады. 1919-жылы июньде ол Хийўа ханлығындағы халықты жалпыламай армияға мобилизациялаў жәриялады. Ири байлар, аса кеткен контрреволюционерлер менен қылмыслы элементлерден қураллы баспашылар отрядларын асығыслық пенен дүзди. Бундай қарақшылар топары Хийўа ҳанлығынын барлық бекликлеринде де дүзилди. Оларды:—англичанлар, ақ гвардияшы „Закаспий ҳүкимети", атаман Дутов пенен генерал Толстовтың ақ казаклары қураллаидырды, ал колчакшы офицерлер оларды әскерий иске үйретти.

Бухара әмири ҳәм Жунайыд хан Қызыл Армияға қарсы әскерий операцияларға таярланып, Арал теңизиндеги ақ казак бандалары менен қосылыўды ҳәм Совет Түркстанына қарсы бир тутас фронт дүзиўди нәзерде тутты.

Түркстан республикасы Революциялық әскерий совети Жунайыд хан баспашыларын ҳәм Әмудәрьянын төмениндеги территорияларда шыққан ақ гвардияшылардың көтерилислерин тезлик пенен сапластырыў ушын 1919-жылы 16 августта Арқа (Оренбург) ҳәм Батыс (Закаспий) фронтларындағы совет әскерлериниң урыс ҳәрекетлерине бир орайдан басшылық етиў ҳаққында буйрық берди. Соның менен бирге душпанға бирликте соққы бериў ушын таярланған Әмудәрья ҳәм Арал әскерий флотилияларының урыс ҳәрекетлерине де басшылық етиў орайластырылды. Түркстан республикасының Революциялық әскерий совети:

„1 Белгиленген Қоңырат—Шымбай—Жаман қала линиясының арқа тәрепиндеги Әмудәрьяның қуярлық районы, барлық Арал теңизи районы сыяқлы революциялық әскерий советке қараслы Арқа (Оренбург) фронты зонасына киреди, усы районда орна-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ласқан барлық әскерий күшлер агалған советке бағынады, сондай-ақ оны қорғаўды шөлкемлестириў ҳәм зәрүрли қорғаныў қураллары менен тәмийинлеў ўазыйпасы да усы советке жүкленеди.

Контрреволюциялық күшлер бағынғысы келмеди. Сырт ел империалистлери тәрепинен қуўатланған ҳәм рухландырылған әмир Бухарасы менен Жунайыл хан бандалары Совет Түркстанына қарсы жаңа атланысқа таярланды. Олардын көрсетпеси бойынша 1919-жылы Әмудәрьянын төмениндеги қураллы казаклар советке қарсы топалаң көтерди.

Августта оларға 3-Зайыр казаклар жүзлиги келип қосылды. Контрреволюцияшыл топалаңшылардын ордасы Зайыр болып, бул Жерде кулаклардың баспашылар бандасы халықтың Совет властына исенимин ыдыратыў мақсетинде большевиклердиң буйрығы бойынша исленип атыр деп исендирип, жүзсизлик пенен жергиликли халыққа тинтиў жасады. Олар Оренбург фронтына ақ казак генераллары Дутов пенен Толстовларға—жибериў ушын от-шөп, балық ҳәм басқа азық-аўқат таярлады. Ураллы кулаклар ийшан, молла ҳәм байлардың жәрдеми менен жергиликли халық арасында Ташкентте большевиклер қыйратылыпты мыш, олар Оренбург фронтында жеңилиске ушырапты-мыш сыяқлы провокациялық мыш-мыш сөзлер таратты.

Нөкис гарнизонының советке қарсы кейиптеги казаклар жүзлиги Нөкис әскерий коллегиясына бағыныўды қәлемей гарнизоннан шығып, Зайырға кетти. Кулаклардың ҳәм басқа да контрреволюциялық элементлердиң балаларын өз әтирапына жыйнап алып, казак атаманы М. Фильчев совет командованиесине қурал-жарақларын тапсырыўдан бас тартты ҳәм шақырық бойынша Петро-Александровскке келмеди.

Памшев, Парадиев, Лукьянов ҳәм т. б. басшылық еткен Әмудәрья бөлиминдеги эсерлер ураллы казаклардың идеологлары болды. Олар бөлимди советлестириўге кедерги жасады, ураллы казакларды көтерилис жасаўға үгитледи.

Әмудәрья бөлими әскерий командованиеси менен Советлердиң Шымбай атқарыў комитетиниң ўәкиллери контрреволюциялық элементлерди өз ўақтында қуралсызландырмады. бунын ушын рус рабочийлары менен жергиликли мийнеткешлердиң жәрдемин пайдаланбады. Тәжирийбели партия-совет кадрларының жетиспеўшилигинен жергиликли большевиклер отырықшы халықтың батрак, гедей ҳәм орташа қатламлары менен беккем байланыс орната алмады.

1919-жылы 20-июльде Түркстан Коммунистлик партиясы Әмудәрья комитети ҳәм Советлердиң атқарыў комитетиниң қарары менен Шымбай участкасына 3-Зайыр казаклар жүзлигин қуралсызландырыў ҳәм жергиликли совет органларын беккемлеў ушын 17 адам составында Айрықша комиссия жиберилди. Олардың арасында: Советлердиң Түркстан Орайлық Атқарыў Комитетиниң ағзасы, РСФСР дың Хийўа ҳүкимети қапталындағы толық ерик-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ли ўәкили А. Н. Христофоров (председатели), Советлердиң Әмударья атқарыў комитетиниң председатели И. Н. Касьяненко, Түркстан Коммунистлик партиясы Әмударья комитетиниң председатели Фролов, революциялық трибуналдың ҳәм профсоюзлар Советиниң председатели И. И. Бринкман. әскерий бөлимниң баслығы И. Сладков, миллетлер бөлими баслығының орынбасары М. Юнусов, Әмударья бөлими азық-аўқат отрядының исенимли ўәкили Ф. Липовский, жер-суў бөлиминиң баслығы Ө. Тынымбаев ҳәм т. б. болды.

Комиссияға Шымбай участкасында совет нызамлылығын орнатыў менен участканың барлық зыянлы ҳәм жарамсыз элементлерин анықлап зыянсызландырыў, анаў ямаса мынаў адамды тутқынға алыў, советлерди шөлкемлестириў ҳәм қайта дүзиў, революциялық комитет дүзиў ҳәм т. б, ҳуқуқларға ийе айрықша ўәкиллиги бар комиссия дүзиў тапсырылды.

Кулак Фильчев ҳәм жергиликли феодаллар басқарған контрреволюцияшыл казаклар комиссияға қураллы қарсылық көрсетти. 1919-жылы 10-августта комиссия топаланшы казакларды қуралсызландырыў ушын Төрткүлден отряд сораўға мәжбүр болды. Щымбайға коммунистлер Замыслаев ҳәм Николаев басқарған интернационаллық отряд (80 адам) жиберилди

Айрықша комиссия феодаллық-буржуазиялық элементлер орнасып алған Советлердиң Шымбай атқарыў комитетин тарқатып жиберди ҳәм оның орнына коммунист Бринкман бас болған Шымбай участкасының Революциялық комитетин дүзди. Зайыр ураллылар жүзлигине тоқтаўсыз бағыныў усыныс етилди.

Буған жуўап ретинде казаклар жергиликли кулаклардың қуўатлаўы арқасында М. Фильчев пенен Сальниковтың басшылығында Совет властына қарсы көтерилис шығарды ҳәм көп узамай Шымбай, Нөкис, Зайырды басып алды. Топаланшылар Айрықша комиссияның барлық ағзаларын жыртқышлық пенен өлтирди. 14 жаўынгер—интернационалистлер—венгрлер, австриялылар ҳәм басқалар набыт болды.

1919-жылы 15-август күни түнде Шымбайдан 15 шақырым жердеги Тазқараға жақын тоғайлықтың ишинде Замыслаев пенен Николаевтың отряды ақ казақлардың топылысына дуўшар болды. Қызғын саўашта отрядтың 18 адамы өлтирилди, оннан кейин отряд ақ казаклар тәрепинен қуралсызландырылды, ал Замыслаев пенен Николаев турған жеринде атып тасланды.

1919-жылы 20-августта ақ гвардияшы баспашылар Шымбайда 500 адамға жетти ҳәм 3 пулемет пенен 2 топқа ийе болды. Ақ казаклараға Хан Мақсым менен Балабийдиң 200 адамнан асламырақ баспашылар отряды қосылды. Қуралланған топаланшылардың барлық саны 3 мың адамға жетти.

ТАССР дың сыртқы ислер бойынша комиссарының Түркстан республикасының сыртқы сыясаты ҳаққындағы докладында ураллы кулаклар менен жергиликли феодаллық-буржуазиялық элементлер көтерилисиниң контрреволюциялық ҳаслы мәниси:



www.ziyouz.com kutubxonasi



1919 жылы Тазқарада қурбан болған қызыл гвардияшарға естелик.



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Қалғанларынын барлығы ҳәмме илажлар менен көмеклесетуғын ҳәм совет ҳукиметине қарсы ашық үгит жүргизиўге руқсат ететуғын Хийўа ҳәкимлери менен бирге ҳәрекет етип атырған контрреволюцияшыл казакдардың қолында. Шымбай мусулманларынын (қазақлар менен қарақалпақлар) Зайыр казаклары ураллыларға қосылыўы усындай үгиттиң нәтийжеси болып отыр",—деп атап көрсетилди.

Шымбай участкасы халқынын айрықша аўыр экономикалық аўҳалынан пайдаланып, контрреволюцияшыл казаклар ҳәм жергиликли феодаллық-буржуазиялық элементлер отырықшы халықтың ен артта қалған қатламын Совет властына қарсы қоя алды ҳәм феодаллар менен буржуазиянын ўақытша үстемлигин орнатты.

Шымбай менен Нөкисти басып алған ақ казаклар Мойнак атаўын да ийелемекши болды. Мойнақ пенен Үргениң большевиклери атаўды қорғаўға басшылық еткен революциялық комитет дүзди. Онын ықтыярында ярымынан көбиреги жергиликли миллетлерден болған 2С0 ден асламырақ әскерлер ҳәм командирлердиң партия-совет дружинасы болды. Атаўды қорғаў еки сутқадан аслам даўам етти, оннан кейин басым болған душпан күшиниң қысқысы астында совет әскерлери Мойнақтан шығып кетти. Халық арасында астыртын жумыс жүргизиў ушын Мойнақта, Үргеде ҳәм Үшсайда большевиклердиң тек азғана группасы қалды.

Ақ казакларға тылдан соққы бериў ушын 60 тан аслам жаўынгер тоғай ишине кетти. Отрядтың бир бөлими большевик Фроловтын командалығында контрреволюциялық топаланды бастырыўға совет командованиесинен жәрдем сораў ушын еки желқомлы қайыққа минип Тиграўдын үсти менен Арал теңизине қарап жүзип кетти.

Солай етип, жергиликли феодаллар менен бирлескен ақ казаклар Қарақалпақстанның арқа районларында кулаклар менен феодаллардың шекленбеген властын орната алды. М. Фильчев Шымбай участкасы „ҳукиметиниң" баслығы болып сайланды.

Хийўа ҳукиметинин атынан Жунайыд хан „Фильчев ҳукиметин" Әмударьяның оң жағалығындағы „бирден бир нызамлы власть" деп таныўға асықты ҳәм Төрткүлге бирлесип топылыс жасаў ушын таярлық баслады. 1919-жылы 20-августта ол сөйлесиўлер жүргизиў ушын Фильчев пенен Хан Мақсымға өз ўәкиллерин жиберди, ал Бухара әмири Сейид Әлимге — „Төрткүлге топылыс жасаў ушын зәрүрли" қурал-жарақлар менен оқ-дәрилерди тезлик пенен жөнетиўди өтиниш етип, Хан Ийшан басшылығында делегация жиберди.

Төрткүлге Шымбай тәрепинен топалаңшылардың ҳәм Хийўадан Жунайыд хан баспашыларынын топылыў қәўпи дөнди.

Шымбай топалаңын бастырыў ушын Закаспий фронтынын Штабы қыстаўлы илажлар көриўге уйғарды. Чаржоўдан пароход пенен коммунист Н. А. Шайдаков басшылығында отряд жибе-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рилип, ол 17-августта Төрткүлге келип жетти. Г. М. Рыжков Әмудәрья бөлими әскерлериниң сиясий комиссары болып белгиленди. Н. А. Шайдаковтын буйрығына муўапық Әмудәрья бөлиминиң барлық әскерлери Закаспий фронты командованиесине бағындырылды. Төрткүл қаласында ҳәм оған тутас районларда әскерий аўҳал жәрияланды. Әскерий ислер бойынша барлық коллегиялар тарқатып жиберилди, жергиликли совет мәкемелери тәрепинен берилген әскерий мандатлар бийкар етилди.

Бул буйрық басшылықты орайластырыў, әскерлерди, сиясий хызметкерлер менен командирлерди әскерий ҳәм сиясий жақтан таярлаўды күшейтиўде, олар арасындағы пытыранқылық пенен анархизм қалдықларын сапластырыўда үлкен әҳмийетке ийе болды.

1919-жылы 22-августта Закаспий фронты совет әскерлериниң Хийўа группасының командири Н. А. Шайдаков Төрткүлде аз ғана гарнизон қалдырып, контрреволюциялық топаланды бастырыў ушын Қызыл Армия отрядын басқарып, Нөкис пенен Шымбай районына бағдар алды. Отряд 15-августта Әмудәрья флотилиясының революцияшыл матросларының қуўатлаўы арқасында саўаш пенен Нөкисти ийеледи.

Усы пайытта Бухара әмири менен ақ казаклардың қуўатлаўы арқасында Жунайыд ханның Төрткүлге топылыс жасаў ушын таярланып атырғанлығы белгили болды. Пайда болған аўҳалды есапқа алып, совет командованиеси Шымбай топаланшыларын қуўдалаўды тоқтатты ҳәм Қаратаў линиясын күшли беккемлеп, Шайдаков пенен Рыжковтың отряды 1919-жылы 5-сентябрьде Төрткүлге қайтып келди.

Закаспий фронтының командованиеси Мойнақтағы контрреволюциялық топаланды бастырыў ушын 26—28-августта Қызыл Армияның 1-Арқа полкин жиберди. Полк Арал әскерий флотилиясының кемелери менен келди ҳәм қатаң саўашлардан кейин Мойнақтағы ҳәм оған жақын атаўлардағы баспашылар менен ақ гвардияшыларды қыйратты.

Мойнақты ақ казаклардан азат етиўде Арал теңизи тәрептен топылысқа өткен әскерий курсантлар полки актив қатнасты.

Қызыл Байрақлы ҳәм Қызыл Жулдыз орденли В. И. Ленин атындағы Ташкент әскерий училищесиниң 1958-жылы басылып шыққан қысқаша тарийхый очеркинде әскерий курсантлардың Мойнақ атаўындағы ураллы кулаклар менен баспашылардың контрреволюциялық көтерилисин бастырыўға қатнасқаны жақсы тәрипленген. Колчактың Қубла армиясын қыйратып сапластырғаннан кейин В. И. Ленин атындағы Түркстан әскерий инструкторлар мектеби ураллы кулаклардың топаланын бастырыў ҳаққында жаўынгерлик тапсырма алды. Закаспий фронты командованиеси мектептиң курсантлар отрядын қыстаўлы түрде Мойнақ атаўына жиберди. 1919-жылы 18-сентябрде отряд атаўға келип түсти ҳәм жеделли ҳүжим алып барды. Қатаң саўаштан кейин душпан барлық позицияларынан қуўып шығарылды ҳәм тым-ты-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рақай қашты. Ленинщил курсантлар усы саўашта душпан менен арыслапдай алысып оған қыйратыўшы соққы берди. Лениншил курсантлардың пидәкерлик ерлиги ҳәм батырлығы, совет властьі душпанларына болған шексиз жек көриўшилиги баспашылар менен ақ гвардияшыларға қорқыныш туўдырды. Ақлар командованиеси өз солдатларына лениншил курсантлардың ҳәр бириниң басы ушын 500 манат сыйлық бериўге ўәде еткени қуры ешейин емес.

1919-жылы октябрьде Мойнақта сақшылық хызметин атқарып атырған курсантлардың орнын 1-Түркстан армиясының составына кириўши ҳәм 1-Айырым атқышлардың Волга бойы татар бригадасына тиккелей бағыныўшы Қызыл Армияның 1-әскерий кәрўаны ийеледи. Әскерий кәрўанның татар бригадасының алдына қойылған оперативлик ўазыйпа Мойнақ атаўын ҳәм оның дөгерегиндеги жерлерди казаклар менен баспашылардың басып кириўинен қорғаў болды. Коммунист Корнеев кәрўанның командири, коммунист З. С. Черник әскерий комиссары болды. Отряд үш линиялы мылтықлар, тез атылғыш еки топ, пулеметлер ҳәм көп муғдардағы патронлар; снарядлар менен қуралланған 370 жаўынгерден ибарат болды. Беккем большевиклик партия шөлкеми отрядтың ядросы болды. Әскерий қәрўанның составында ҳәтте 22 адам санында немец коммунистлери де болды.

Әмудәрья бөлиминде совет властының беккемлениўине қарай, ең жақсы ўәкиллери РКП(б) қатарына кирип атырған жергиликли мийнеткешлердиң арасында большевиклердиң абырайы үзликсиз өсти.

1919-жылы 11-сентябрьде Әмудәрья бөлиминдеги барлық власть Қарақалпақстан мийнеткешлериниң революциялық күшлерин бирлестириў орайы, жаңадан дүзилген революциялық комитеттиң қолына өтти. Н. А. Шайдаков — Революциялық комитеттиң председатели, Ш. Ҳасанов—председательдиң жәрдемшиси, И. Митин—секретары, М. Балжанов пенен Ваничкинлер — ағзалары болып сайланды.

Власттың республикалық органларының декретлерин, буйрықларын, нусқаўларын ис жүзине асырыў ҳәм Әмудәрья бөлиминдеги барлық әскерий, сиясий жумысларды бақлаў; қалалар ҳәм Түркстан АССР ы орайлық власты менен қатнасыў, революция йигиликлеринде кең түрде өз басламаларын көрсетиў революциялық комитетке тапсырылды.

Революциялық комитет жаўынгерлерди әскерий ҳәм сиясий тәрбиялаў ислерин жақсылаўға ҳәм жергиликли мийнеткешлерди Қызыл Армия қатарларына тартыўға үлкен дыққат аўдарды.

Партияның Орайлық Комитети усы дәўирде ТАССР дың отырықшы халқын Қызыл Армия қатарларына шақырыў ҳаққында қарар қабыл алды. Совет Түркстанында ғалаба әскерий миннетти иске асырыў Орта Азия халықларының, соның ишинде қарақалпақ халқының тарийхындағы әҳмийетли ўақыялардың бири болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1919-жылы 23 августта жергиликли мийнеткешлерден қызыл әскерлер алыў ҳаққында Закаспий фронтынын Хийўа группасы әскерлери бойынша буйрық шығарылып, онда: „ ... Қызыл Армия қатарларына ҳәр қыйлы саяқ-сандырақлар кирип кетпеўи ушын, жақсы минез-қулыққа ийе болған, күшли, физикалық жақтан раўажланған, Совет властын ҳәм социализмди қорғаў ушын өзиниң барлық күшин жумсаўға, өмирин сарп етиўге таяр ҳәм коммунистлер партиясынан жоллама алған айрықша адамларды қабыл етиў ушын ең зәрүрли дурыс илажларды көриўди усыныс етемен“,—деп көрсетилген.

Көп кешикпей жергиликли рабочийлардын ҳәм аўыл гедейлеринин ықтыярлыларынан үш рота дүзилди. Августтың екинши ярымында Шорахан ҳәм Петро-Александровск партиялық жаўынгер дружиналары, сондай-ақ Шейхаббаз партиялық ротасы дүзилди. Шорахан участкасында большевиклердиң басшылығында жергиликли мийнеткешлерди әскерий таярлаў системалы өткерилди.

1919-жылы 10-сентябрьде составы 147 адам, соның 124 адамы жергиликли миллетлерден болған 1-Петро-Александровск революцияшыл атлылар эскадроны дүзилди. Атлылар бөлимлерин шөлкемлестириў ушын орайдан, сондай-ақ жергиликли миллетлерден әскерий қанийгелер жиберилди. 1919-жылы 23-октябрьде ТАССР Революциялық әскерий совети түркмен ҳәм өзбек атлылар бөлимлерин шөлкемлестириў ҳаққында қарар шығарды.

Усы ўақытлары гражданлар урысының тийкарғы фронтларындағы совет әскерлери ири жеңислерге ерисги. Бул РСФСР дың Совет Түркстанына жәрдем көрсетиўин күшейтиўге имканият туўғызды. В. И. Лениниң тапсырмасы бойынша Пүткил россиялық Орайлық Атқарыў Комитети ҳәм РСФСР Халық Комиссарлар Совети 1919-жылы 8-октябрьде Түркстан ислери бойынша комиссия (Түрккомиссия) дүзиў ҳаққында қарар қабыл етти.

Түрккомиссияның дүзилиўине байланыслы В. И. Ленин „Түркстанлы коммунист жолдасларға“ —Түркстанда совет қурылысының ең әҳмийетли ўазыйпалары түсиникли етип қысқаша жазылған хат жоллады.

„Түркстан халықлары менен дурыс қатнасықлар орнатыў,—деп жазды В. И. Ленин,—Россия Социалистлик Федеративлик Совет Республикасы ушын оғада үлкен жер жүзилик-тарийхый әҳмийетке ийе екенлигин лап етпей-ақ айтыўға болады“[1]

Пүткил россиялық Орайлық Атқарыў Комитети менен РСФСР Халық Комиссарлар Советинин Түрккомиссияны дүзиў ҳаққындағы қарары ҳәм В. И. Лениниң хаты Түркстан коммунистлери ушын, соның ишинде Әмударья областы ушын да Совет властын беккемлеў, отырықшы халықтын кең массасын мәмлекетлик басқарыў органларына тартыў, ишки ҳәм сыртқы контрреволю-

---

[1] В. И. Ленин. Шығармаларының толық жыйнағы. 39-том. 304-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

цияны қыйратыў ушын гүрестин жаўынгерлик программасы, күдиретли идеялық қуралы болды.

М. В. Фрунзе, В. В. Куйбышев, Ш. З. Элиава. Я. Э. Рудзутаклар бас болған Түрккомиссия ленинлик миллет сиясатын иске асырыўда, партия-совет жумысларын жетилистириўде ҳәм Түркстанда. соның ишинде Әмудәрья бөлиминде Совет властының душпанлары үстинен жеңисти тәмийинлеўде үлкен роль ойнады.

Ташкент пенен Чаржоўдан жиберилген совет-партия хызметкерлери Хорезм мийнеткешлери менен байланысларын беккемлеўге жигерлилик пенен киристи. Әмудәрья областындағы Совет властының табыслары Хийўа ханлығындағы халықларға революциялық тәсир жасады.

Хийўа мийнеткешлери арасындағы революциялық жумыслардың күшейиўи өз мәҳәлинде болды, себеби Жунайыд хан бас болған хийўалы байлар менен феодаллар Әмудәрья бөлимине жаңадан басып кириўге таярланып атыр еди. Соның менен бирге Жунайыд хан генерал Толстовтың ақ казаклардан қуралған бөлимлери келип қосылған Шымбай топаланщыларының жәрдемине ҳәм қуўатлаўына исенди. Қарақалпақстандағы граждан урысына қатнасыўшылардың бири, М. Фильчевке саны 130 адам ураллы казаклар отряды келип қосылды, олар ат жеккен арбалар менен 800 дана мылтық, бир неше пулемет, сондай-ақ топ снарядларын алып келди,—деп еске түсиреди.

Генерал Толстов Колчактың көрсетпеси бойынша Жунайыд хан баспашыларына, Шымбай баспашыларына ҳәм ақ казакларына басшылық етти, оларды қурал-жарақлар ҳәм адам күшлери менен де тәмийинледи. 1919-жылы 30-сентябрьде Колчак Омсктен Жунайыд ханға хат жиберип, онда: „Россия ҳүкиметиниң әскерлери дәслепки мүмкиншиликтен-ақ, совет властын сапластырыў мақсети менен Түркстан үлкесине қарай атланысқа шығады ... Россия ҳүкимети, сизиң ҳүкиметиниз де, сизин исенимли пуқараларыныз да большевиклерди ... қулатыўға жигерли түрде қатнасатуғынлығына гүманланбайды. Большевиклерге қарсы гүрес жүргизиў ушын Хийўа сорамында қураллы күшлер дүзиўде жәрдем көрсетиў мақсети менен, түркмен ҳәм өзбек қәўимлеринен отрядлар дүзиў ҳәм оларды урысқа таярлаў ушын Хийўаға айрықша әскерий миссия жиберемен", — деп көрсетилген. Хийўа ханлығындағы контрреволюциялық күшлер Колчактың жәрдемине сүйенип, халықтың қараңғы, санасы төмен бөлегин диний байрақ астында бирлестириўге умтыллы.

Колчактың ўәде еткен әскерий миссиясы 130 казак ҳәм 8 офицер составында, полковник Худяковтың командирлиги астында 1919-жылы октябрьде жиберилди. Ол миссия өзи менен бирге бир неше топ, 500 ден аслам снаряд, 1500 ден көбирек үш линиялы мылтық,—„Максим" системасындағы 5 пулемет, 1 миллионннан асламырақ патрон ҳәм т. б. алып келди.

Толстов ҳәм Жунайыд хан басқарған Шымбай ақ казақлары менен баспашылары Фильчевтин, Хан Мақсымның, Балабийдиң



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳәм Темир Али ханның командалығында совет әскерлерине қарсы актив ҳәрекет баслады. Олар Төрткүл менен Шымбайға топылыс жасауға таярланып, ҳәр бир үйге 1000 манат контрибуция салды ҳәм ҳәр бир 20 үйден бир қарақалпақты зорлық пенен урысқа мобилизациялады.

Жергиликли феодаллық-буржуазиялық элементлер Төрткүлге бирликте топылыс жасаў ҳаққында сөйлесиўлер ушын Жунайыд хан менен Хийўа ханына өзлериниң ўәкиллерин жиберди. Мысалы, 1919 жылы 28-октябрьде разведкашы С. И Тоқмамбетов олар ҳаққында совет әскерлериниң штабына:—„Шымбай ақсақаллары Хан Мақсым, Сейтназар ҳажы, Ибрайым болыс, Халим Ийшанлар бирликте Жунайыд ханға, Хийўа ҳанына Төрткүлге атланыс жасаў ушын жәрдем сораўға делегатлар жиберип атыр", —деп хабарлады.

1919-жылы 8-ноябрьде Төрткүлден Түркстан фронты штабына жиберилген телеграммада атаман Фильчев ҳәм Хан Мақсымның Жунайыд хан менен әскерий келисим дүзгенлиги ҳаққында мәлим етилди.

1919-жылы гүзде Жунайыд хан 15 мыңнан аслам жақсы қуралланған баспашыларды топлады ҳәм дәрьяда муз қатыўдан-ақ, Қыпшақ ҳәм Шейихаббаз районларынын тусынан Әмудәрьяны кесип өтип, Төрткүлге топылыс баслаўды уйғарды, Фильчев ҳәм Хан Мақсым отрядлары да Төрткүлге қарай жүриўи тийис болды. 1919-жылы 11-ноябрьде Совет командованиеси Шайдаков отрядына Төрткүлден уралы казаклар менен Жунайыд хан бандаларына жанадан қарсы шығыў ҳаққында буйрық берди.

Отряд 1-Хийўа революциялық батальонынын 360 жаўынгери, атлылар эскадронының 150 жаўынгери ҳәм командири, 125 артиллерияшы менен пулеметшылар ҳәм үш баркаслы „Хивинец" пароходы менен „Верный" теплоходы экипажының 40 матросы составында атланысқа шықты,

Оң жағалыққа Нөкисген 15 шақырым төменирекке түскен отряд душпанның баслы күшлери менен ушырасты. 1919-жылы 19—20-ноябрь күнлери совет әскерлери душпанның басым күшлери менен қатаң саўаш жүргизди. Д. А. Костюков командирлик еткен коммунистлик ротаның бир неше ҳүжими нәтийжесинде душпанның 400 ден аслам адамы өлтирилди ҳәм соншелли адамы жарадар етилди, душпан кейин шегинди.

1919 жылы 27 ноябрьде Н. А. Шайдаковтың отряды Әмудәрья флотилиясы матросларының қуўатлаўында Нөкисти контрреволюциялық бандалардан тазалады. Нөкисти азат етиў ўақтында жергиликли мийнеткешлер, соның ишинде ҳаял-қызлар да совет әскерлерине үлкен жәрдем етти. Қарақалпақ ҳаял-қызлары Совет жаўынгерлери менен бирге ақ казаклар ҳәм баспашыларға қарсы қаҳарманлық пенен гүрести. Мәселен, қарақалпақ қызлары Мийирхан Дәниярова менен Тазагүл Шайдаковтың тапсырмасы бойынша Шоршадан Шағал тоғайына дейинги аралықта разведкашылық етти, душпан күшлериниң аўҳалы ҳәм орнала-



www.ziyouz.com kutubxonasi



1919-жылы Нөкисти азат етиў ўақтында қурбан болған қызыл гвардияшыларға естелик.



www.ziyouz.com kutubxonasi

сыўын, оның солдатларының кейнин ҳәм душпан тылының жағдайын анықлады.

Усы ўақытта Жунайыд ханның 600 ден аслам қуралланған баспашылары Назарханның тусынан оң жағалыққа өтти ҳәм Фильчев пенен Хан Мақсымның қарақшылар топарына қосылды. Олар жалпы күшлери менен Нөкисти қамалға ала баслады. Қамаўда қалған қорғанның командованиеси Төрткүл менен байланысыў ушын коммунист Телегинниң командирлигинде 40 адамнан атлылар отрядын бөлип шығарды. Бул отряд тайсалмай ҳәм шешиўши ҳәрекет етип, қамаўдың биринши линиясын бузып өтти, бирақ Төрткүлге баратырған жолда. Назарханның тусында Фильчевтиң өзи басқарған баспашы казакларға соқлығысты. Қызыл армияшылар күшлердиң тең болмаўына қарамастан саўашқа түсти ҳәм душпан қатарын Төрткүлге қарай бузып өтти. 1919-жылы 28-ноябрьде Шайдаковтың отрядын күшейтиў ушын Төрткүлден топ ҳәм пулемотлер менен қуралланған бир рота жиберилди.

1919-жылы декабрьдиң биринши ярымында Түркстан республикасы советлериниң Орайлық Атқарыў Комитети Әмударья революциялық комитетин қайта шөлкемлестирди. Жаңадан дүзилген революциялық Комитетке, Әмударья бөлиминиң қорғаныў уқыплылығын беккемлеў ҳәм властьтың жергиликли органлары жумысларын жақсылаў ушын келген жаңа партия-совет хызметкерлери киргизилди.

Революциялық комитеттиң 1919-жыл 11-декабрьдеги № 1 буйрығында „властьтың жергиликли органлары жумысларын жақсылаў мақсетинде Советлердиң Орайлық атқарыў комитети Әмударья бөлиминде 5 адам составында Революциялық комитет дүзип, оның председатели — Солдатов, орынбасары — М. Балжанов, ағзалары — Скалов, Макаев ҳәм Хасановлар“, — деп атап көрсетилди.

Ташкенттен Қызыл Армияның айрықша батальоны толық қураллары менен революциялық комитеттиң ықтыярына жиберилди.

Әмударья бөлиминиң аўҳалы бул ўақытлары айрықша кескинлести: Зайыр казаклары менен саўашлар жүрип атыр еди, Әмударьяның шеп жағасындағы Жунайыд хан баспашыларының — оң жағалыққа тез-тез шабыўыллары болып турды. Атаман Фильчевтиң Жунайыд ханның тийкарғы күшлери менен бирлесиў қәўпи туўды.

Революциялық комитеттиң басшылығында айрықша батальон менен Петро-Александровск гарнизоны бөлимлериниң бирликтеги ҳәрекетлери арқалы биринши гезекте бөлим территориясындағы Жунайыд хан баспашыларын сапластырыў бойынша илажлар көрилди.

1919-жылы 30-ноябрьде Чаржоўдан Төрткүлге бир батальон составында жәрдем жиберилди. Онын менен бирге РСФСР Пүткил россиялық Орайлық Атқарыў Комитети ҳәм РСФСР Халық Комиссарлар Совети Түрккомиссиясының ҳәм РСФСР Түркстан фронты Революциялық әскерий советиниң ўәкили Г. Б. Скалов



www.ziyouz.com kutubxonasi

Төрткүлге келди. Ол совет әскерлерине улыўма сиясий басшылықты иске асырды. Г. Б. Скалов Хорезм оазисиндеги жергиликли ҳәм рус мийнеткешлеринин арасында үлкен абыройға ийе болды.

Закаспий фронты совет әскерлеринин Әмударья группасына уақытша командирлик етиў Әмударья бөлими оперативлик штатының ўәкили А. М. Шербаковқа тапсырылды.

1919-жыл 21-декабрьде әскерлердиң Хийўа группасы Әмударья группасы болып қайта аталды. оның составына: Петро-Александровск қорғаны группасы, айырым Шорахан, Шейхаббаз ҳәм Бийбазар роталары, жағалық сақшылар ҳәм ҳәрекеттеги Арқа және Қубла отрядлары кирди.

Арқа отрядтың составына бес топ, үш алты дюймлы бомбамет ҳәм 4 пулеметы бар биринши, екинши ҳәм үшинши роталар, коммунистлик рота және атлылар эскадроны кирди. Атлы разведкашылар атлылар эскадронынын составына қосылды.

Қубла отрядтың составына үш топ ҳәм үш пулемети бар 5-совет полкинин 3 батальоны ҳәм Петро-Александровск қорған ротасынын 1-взводы кирди.

Арқа отрядқа Н. А. Шайдаков командалық етти. 5 совет полкинин 3-батальонынын командири Урядов қубла отрядқа командир болып белгиленди.

Бирақ, Әмударья бөлими менен шегаралас Хийўа ханлығында халықтын зәрресин алып, террор жүргизген, Әмударья бөлими территориясына үзликсиз топылыс жасап, парахат халықты талаған контрреволюцияшы баспашылар пайда болды.

В. И. Лениннин көрсетпеси бойынша Түркстан большевиклери Хийўа мийнеткешлеринин арасында революциялық жумысларды күшейтти. Коммунистлер Жунайыд ханды мийнеткешлердиң қанхор душпаны, ақ гвардияшылар менен Англия империалистлери тәрепинен қойылған адам ретинде әшкаралады. Олар, Хийўа халқына ашлықтан, дийўанашылықтан ҳәм ҳуқуқсызлықтан қутылыўдың бирден-бир жолы, Жунайыдтын, Хийўа феодалларынын шексиз деспотизмин қулатыў ҳәм Хорезмде Орайлық Россия менен Түркстанның үлгиси бойынша халық властын орнатыў екенлигин түсиндирди. Баспашылар ҳәм Хийўа феодаллары тәрепинен жүргизилип атырған үзликсиз талаўлар, аяўсыз террор ҳәм зорлық Хорезм мийнеткешлеринин қатаң қәҳәрлениўине алып келди, олар Совет властына тилеклеслик билдирди. Жунайыд ханнын тылында жергиликли халықтан партизан отрядлары дүзилди. Қонырат, Гөне Үргенч ҳәм басқа да районлардын аўылларындағы дийханлар хан властын мойынламады, салықлар төлемеди, хан әмелдарларын өлтирди.

1919-жыл ноябрьдин дәслепки күнлеринде большевиклердин басшылығында Қонырат, Хожели, Ильялы ҳәм Гөне Үргенч бекликлериндеги мийнеткешлер Жунайыд хан ҳәм Хийўа феодалларына қарсы қураллы көтерилиске шықты.

1919-жылы 4-ноябрьде Түркстан край бюросы, ТАССР Орайдық Атқарыў Комитети ҳәм революциялық әскерий советтиң



www.ziyouz.com kutubxonasi

ўәкили: „... Хийўа пролетариаты Жунайыд ханға қарсы көтерилис шығарды. Барлық жерде саўаш болып атыр. Хийўадан делегация келди, жәрдем сорап атыр. Аўҳал қатаң, көтерилиске шыққан Хийўа пролетариатына жәрдем бериў ушын отряд пенен Хийўаға қарап шығыўға сизиң руқсат етиўиңизди соранаман",— деп мәлим етти.

ТАССР ҳүкимети, Түркстан фронты командованиеси ҳәм Түрккомиссия Хийўа мийнеткешлериниң өтинишин қабыл алды ҳәм совет әскерлериниң Әмудәрья группасына Хорезм халықларына туўысқанлық жәрдем көрсетиўди тапсырды. Түркомиссияның ҳәм Түркстан фронты штабының көрсетпеси бойынша 1919 жылы 22-декабрьде совет әскерлериниң Әмудәрья группасына Шымбай ақ казакларына қарсы шешиўши ҳәрекет баслаў ҳәм көтерилис шығарған Хорезм халқының феодаллық-жунайыдшы жаўызларға қарсы гүресине жәрдем көрсетиў ушын Хийўа ханлығының сорамына өтиў ҳаққында буйрық берилди.

Арқа отрядының алдында Нөкис — Шымбай районындағы ақ казакларды сапластырыў, ал оннан кейин Жунайыд ханның Хожелидеги баслы күшине ҳүжим жасаў ҳәм баспашылардың тылында ҳәрекет етип атырған партизан отрядлары менен бирге Гөне Үргенч, Порсы, Ильялы ҳәм Ташаўыз районларына қарап топылысты күшейтиў ўазыйпасы турды.

Қубла отрядтың алдында Төрткүлдиң төменирегинен Әмудәрьяның шеп жағасына қарап дәрьяны кесип өтиў ҳәм душпанның Хаңқа—Жаңа Үргенч районындағы күшлерине ҳүжим жасаў, ал оннан кейин партизан отрядлары менен бирге Хийўаға топылыў ўазыйпасы турды. Совет әскерлериниң Әмудәрья группасы Қубла отрядының составында 140 тан аслам коммунист болды.

Үшинши отряд совет әскерлериниң Арқа отряды менен Шымбай районында қосылыў ушын Арал теңизи ҳәм Мойнақ тәрептен Үрге, Зайыр, Тербенбес ҳәм Шымбайға қарай топылысқа өтти. Төртинши отряд Закаспий фронтынан шығып, Қарақум ҳәм Гөне Үргенчтиң үсти менен жүрип, совет әскерлериниң Әмудәрья группасына қосылыў ушын жөнеп кетиўи тийис болды.

1919-жылы 25-декабрьде Қубла отряд Щербаковтың командалығында Петро-Александровсктен 18 шақырым қубларақта шеп жағалыққа Әмудәрьяны кесип өтти ҳәм қатаң саўашлардан кейин кеште Хазараспты ҳәм Ҳаңқаны ийеледи. Жунайыд бандалары бул қаланы қайтарып алыўға умтылды, бирақ еки күнлик нәтийжесиз ҳүжимлерден кейин шегиниўге мәжбүр болды.

Солай етип. Қубла отряд Хийўа ханлығы мийнеткешлериниң қуўатлаўы арқасында Жунайыд ханның баслы күшлерин қыйратты. 1920-жылы 1-февральда жергиликли халық тәрепинен қуўанышлы күтип алынған совет әскерлери Хийўаға кирди.

Арқа отрядтың командири Н. А. Шайдаков әскерлериниң бир бөлимин Нөкисте қалдырып, екинши бөлими менен Әмудәрьяны кесип өтип шеп жағаға шықты ҳәм 1919-жылы 29 декабрьде Хожели қаласын саўаш пенен ийеледи. Топылысты даўам етип,



www.ziyouz.com kutubxonasi

отряд Жунайыд ханнын ири күшлерин қыйратты ҳәм 1920-жылы 2-январда Гөне Үргенчти ҳәм Қуш қаланы азат етти. Гөне Үргенч ийеленгеннен кейин Қошмамед ханнын 500 ден аслам атлылары Қызыл Армиянын әскерий бөлимлерине келип қосылды.

Большевиклердиң тәсири астында қарақалпақ мийнеткешлери ҳәм ураллылар арасында топаланшыларға қарсы революциялық ҳәм миллий-азатлық ҳәрекетлери күшейди. Әмударья бөлиминиң мийнеткеш дийханлары, Жунайыдхан, Хийўа феодаллары ҳәм ақ казаклар байлардын, кулаклардын, феодаллардың ҳәм халықтың басқа да душпанларының мәпин ғана қорғайтуғынлығын түсинди. Қарақалпақстан гедейлери душпаннын тылында ҳәрекет еткен партизан отрядлары менен ықтыярлылар отрядларын дүзди.

Қарақалпақ гедейлери Хан Мақсымға ҳәм атаман. М. Фильчевке қарсы Нөкис районындағы партизан ҳәрекетлерине қатнасты, ал Шымбай районындағы партизан ҳәрекетине Шымбай участкасының бурынғы әскерий комиссары Қаржаўбаев ҳәм рабочийлар, қызыл әскерлер, дийханлар депутатлары Советиниң Шымбай атқарыў комитетинин бурынғы ағзасы, коммунист А. Айтымовлар басшылық етти. Көплеген мийнеткеш қарақалпақлар Қызыл Армия қатарларында хызмет етти ҳәм баспашылар менен ақ казакларға қарсы қаҳарманларша гүрести. Олардың арасында О. Халмуратов, Н. Мәўленов, П. Бекназаров, Ө. Бекимбетов, А. Досназаров ҳәм басқалар болды.

М. Фильчевтиң отрядында ыдыраў басланды, Қызыл Армияға қарсы урыс ҳәрекетлерин тоқтатыўды талап еткен Совет властың тәрептарларының саны өсти. 1919-жылдың декабри ҳәм 1920-жылдың январында Зайыр жүзлигиндеги солдатлардың қашып кетиўшилиги ҳәм өз ықтыяры менен совет әскерлерине берилиўи күшейди. Мысалы, Мойнақ гарнизонының ҳәм 1-әскерий кәрўанның начальниги Корнеев: „Усы ўақыттың ишинде бир бөлеги куралдары менен бир бөлеги куралсыз қашып шыққан ураллылардан 10 адамға шамаласы Үргеге ҳәм Мойнаққа қашып келди",—деп жазды. Әскерий комиссар Черник, Мойнақ атаўындағы дәслепки әскерий кәрўаннын аўҳалы ҳаққындағы докладында: „руслар сыяқлы ураллы гедейлердин де Зайырды (ақ казакларды—*ред.*) жек көриўшилик кейпи бар",—деп көрсетип өтти.

Ураллы казак—кулаклар көшип келип қонысланған ураллылардың артта қалған, қараңғы, саўатсыз бөлегин қорқытыўға ҳәм оларды совет властына қарсы көтериўге умтылды. Мийнеткеш казаклардың басым көпшилиги эксплуататор элементлердин ҳәрекетлерин шеклеўге қаратылған Совет властынын революциялық илажларын актив қуўатлады. Ураллы казаклардың мийнеткешлеринен шыққан жүзлеген әскерлер ҳәм командирлер Қызыл Армия қатарларында қолларына курал алып, ақ казакларға қарсы, Қарақалпақстанда Совет властын беккемлеў ушын гүреске актив қатнасты.

Совет әскерлеринин табыслы атланыслары ҳәм казаклар арасындағы революциялық қозғалаңлар Фильчев ҳәм Хан Мақсым-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ды Совет власты менен питим ҳаққында сөйлесиўлер баслаўға мәжбүр етти. 1920 жылы 18-февральда питим келисимине қол қойылды. 1920-жыл 24-февралдағы Петро-Александровск гарнизоны бойынша берилген буйрықта усы питим шәртлери баян етилген, онда: Шымбай участкасында Совет властын топалаңшылардың мойынлаўы; участкада революциялық комитет дүзиў нәзерде тутылған: участканың барлық волостларында нормаль турмыс орнатылғанға дейин мийнеткеш халық тәрепинен (жалланба мийнеттен пайдаланбайтуғынлардың барлығы) бес адамнан комитетлер сайланады, олар Шымбай участкасы революциялық комитетиниң көрсетпелерин ҳәм совет властының декретлерин басшылыққа алады. Участкада нормаль турмыс орнатыў ушын Россия совет республикасы Конституциясының тийкарында сайлаўлар өткерилиўи тийис деп атап көрсетилген. Келисимде казаклардың социаллық-мәдений аўҳалы ҳәм турмыс өзгешеликлерин есапқа алып, ураллы казакларды өз дәстүрлери бойынша басқарыўға руқсат етилген

Келисимде, РСФСР Советлери Пүткил россиялық Орайлық Атқарыў Комитетиниң ширкеўди мәмлекеттен айырыў ҳәм Совет Россиясының барлық гражданларына динге исениў еркинлигин бериў ҳаққындағы декретине тийкарланып, Шымбай участкасы ушын айрықша шараятлар көрсетилип, арнаўлы түсиник берилди, онда ҳәр бир граждан өз қәлеўи бойынша белгили бир динге исениў еркине ийе екенлиги, ал совет власты ҳеш қайсы динге де, ҳеш қандай диний исенимлерге де артықмашлық бермейтуғынлығы атап көрсетилди.

Келисимде казаклардың Қызыл Армия қатарларына кириў ықтыярлылығы нәзерде тутылған. барлық топалаңшыларға толық кеширим бериў, Зайыр жүзлигин тек Әмудәрья жағалаўларын қорғаў ушын пайдаланыў көзде тутылды.

Питим келисиминиң дүзилиў ҳүрметине Шымбайда 2000 адам қатнасқан үлкен митинг болды. Жергиликли мийнеткеш дийханлар ҳәм гедей ураллы казаклар қызыл әскерлерди ҳәм Қызыл Армияның командирлерин қызғын қутлықлады, ураллы кулаклар менен жергиликли феодаллық-буржуазиялық элементлердин езиўинен азат еткени ушын оларға алғыслар айтты.

1920-жылы мартта Түркстан Коммунистлик партиясы Әмудәрья шөлкеминиң жыйналысы болды, онда қала коммунистлериниң барлығы Шымбайда келисилген питимниң тексти менен таныстырылды. Партия жыйналысы питим келисимин қуўатлап, қыйраған хожалықты қайта тиклеўге ҳәм партия-совет жумысларын жақсылаўға актив қатнасыўға барлық коммунистлерди шақырды.

Питим келисиминен кейин көп кешикпей-ақ Шымбай участкасында Революциялық комитет дүзилди, Совет власты органлары қайта тикленди ҳәм бул райондағы турмыс кем-кемнен нормалласа баслады, жергиликли мийнеткешлер совет мәмлекетин басқарыў исине кең тартыла баслады. Совет әскерлериниң



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әмудәрья группасының командующийси РСФСР Түркстан фронтч революциялық әскерий советиниң уәкилине берген өз докладында: „Совет властьі менен питим ҳаққында келисим жасаўлы талап еткен ураллы казаклардың 2-взводы ширкеўлик гежелер менен фанатизмнен бас тартып, жергиликли атқарыў комитетлерине өз уәкиллерин жиберип, Мойнаққа өтти ҳәм бул жерде қоныс басты. Советлерге соңғы сайлаўлар ўақтында ураллылардың ишиндеги дурыслылары оның составына кирди, олар жақсы ислеп атыр", — деп жазды.

1920-жылы 29-февральда Жунайыд ханның қарақшылар топары Бадаркенттиң қасында совет әскерлери тәрепинен қыйратылды ал олардың қалғанлары өзлери-ақ суўсыз қумлықларға қашып кетти.

Усылай етип Жунайыд ханның, Сейид Абдулла ханның ҳәм жергиликли байлардың Хийўадағы деспотлық тутымы сапластырылды, Хийўа революциясының салтанатлы жүриси Хорезм Халық Совет Республикасының (ХНСР) дүзилиўи менен табыслы жуўмақланды.

Түркстан республикасының ҳүкимети баспашылар ҳәм ақ гвардияшыларды қыйратқаннан кейин Хорезм Халық Совет Республикасын күшейтиў ҳәм беккемлеў мақсетинде Қызыл Армия қатарларында хызмет етип атырған хийўалыларды Хорезм Халық Совет Республикасының ықтыярына берди.

Коммунистлик партия басқарған Қызыл Армияның ҳәм Қарақалпақстан мийнеткешлериниң қаҳарманлық гүресиниң арқасында сырт ел интервентлери менен ишки контрреволюцияның совет ҳүкиметине қарсы планлары толық сәтсизликке ушырады.

## 2. ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ГРАЖДАНЛАР УРЫСЫНЫҢ ТАМАМЛАНЫЎ ДӘЎИРИНДЕ (1920-жыл март—декабрь)

1920-жылдың басында Совет Россиясының халық аралық ҳәм ишки аўҳалы әдеўир беккемленди. Ел ўақытша тыныс алды. Бирақ, 1920-жылы апрельде Антанта Советлер республикасына қарсы жаңа атланыс баслады. Панлар Польшасының әскерлери, Қырымда бас паналаған барон Врангельдиң ақ гвардияшылары, елдиң шет-шебириндеги қыйратылмаған контрреволюция бул атланыстың баслы күшлери болды.

Қызыл Армия командованиеси ўақытша дем алысты совет әскерлерин шөлкемлескенлик жағынан беккемлеў ушын пайдаланды.

1920-жылы майда ТАССР Советлери Орайлық Атқарыў Комитети қапталындағы Түркстан фронтының революциялық әскерий совети жасы 19 дан 35 ке шекемги жергиликли мийнеткешлерден 30 мың адамды Қызыл Армия қатарларына шақырыў ҳаққында қарар шығарды Усыған байланыслы М. В Фрунзе 1920-жылы 20-июньде Әмудәрья уездлик әскерий комиссарына: "Мусулманлардан армия қатарына алыўды бираз интенсивли ҳәм



www.ziyouz.com kutubxonasi

планлы өткериў мақсетинде барлық нақ күшлерди ҳәм орынлардағы атқарыўшы әскерий органлардың жәрдеминен пайдаланыўға буйыраман..", — деп телеграмма берди.

Шақырық үш гезекте өткерилди. Бирииши гезекте 19—24 жастың аралығындағы гражданлар шақырылды. Бөлистириў жергиликли советтин қарары ямаса шек бойынша, сол аўыл ямаса қышлақ халқынын санына сәйкес өткерилди.

Совет мәкемелеринин хызметкерлери, муғаллимлер ҳәм барлық оқыў орынларындағы оқыўшылар армия қатарына шақырылыўдан азат етилди. Басқалардын мийнети есабынан күн көриўши адамлар (мысалы иймамлар,моллалар, мударрислер ҳәм т.б.) әскерий хызметти өтеў ҳуқуқларынан айырылды.

Қарақалпақстан мийнеткешлери ғалаба әскерий миннет ҳаққындағы хабарды қуўанышлы күтип алды. 1920-жылы 8-июльде Төрткүльде Советлердиң волостлық атқарыў комитетлери ўәкиллеринин қатнасыўы менен Әмударья революциялық комитетинин кеңеси шақырылды. Кенес қатнасыўшылары бир аўыздан төмендегише қарар қабыл алды: „Түркстаннын отырықшы халқын Қызыл Армияға шақырыўдың әҳмийетлилиги ҳаққындағы докладты тыңлап, жалпы жыйналыс усы буйрықты иске асырыўға толық келисимин билдиреди... Совет власты бизин мәплеримизди сақлайды, Сонлықтан биз Россия Совет Федеративлик Социалистлик Республикасының мәпи ушын өзлеримизге жүкленген жумысларды орынлаўға салтанатлы миннетленемиз".

Октябрьдин үш жыллығын байрамлап өткериў бойынша комиссия жергиликли халыққа үндеў жәриялап онда: „Әскерий властьлардын буйрығы менен мусулман халықлардан 19 дан 35 ке шекемгилер Қызыл Армия қатарына алынады. Олар россиялы рабочийлар ҳәм дийханлар сыяқлы күшли: шөлкемлескен болыўы тийис, Қызыл Армия қатарында олар менен тендей бир сапта болып, ишки ҳәм сыртқы душпанлардың жыртқышлық топылысларына соққы бериўи тийис. Ҳуқуқларыңызды, еркинлигиңизди, мийнат мәплериңизди қорғаў ушын Қызыл Армия қатарына жигерли түрде аўыз биршилик пенен келиңиз", — деп атап көрсетилди.

1920-жылдын майына Петро-Александровск гарнизоны әдеўир күшейди, оның составында 2000 нан аслам жаўынгер, командир ҳәм сиясий хызметкер болды.

Совет әскерлери пүткил Хорезм оазиси мийнеткешлериниң мәплерин беккем исенимли қорғады.

Түркстан фронтынын Революциялық әскерий совети М. В. Фрунзениң ҳәм революциялық әскерий совет ағзасы В. В. Куйбышевтин басшылығында Арал флотилиясын. әсиресе Әмударья флотилиясын беккемледи. М В. Фрунзе Бас командуюшийге 1920-жылы 7-апрельде жиберген телеграммасында: „Ҳәзирги сиясий жағдай ҳәм орнатылған рәсмий дослық қарым-қатнасықлар жағдайында ,бизиң менен шегаралас Афғанстан, Бухара ҳәм Хийўа тәрепинен шийеленисиўшилик күткендей ҳәзиринше ҳеш



www.ziyouz.com kutubxonasi

қандай мағлыўмат болмаса да, бирақ келешекте усы мәмлекетлер тәрипинен урыс қәўпи келип шықпайды, деп исендириў қыйын.

Усыны иске алып, мен қонысыларымыз биз бенен тыныш татыў қатнасық сақлаған ўақытта транспорт мақсетлеринде пайдаланылыўы мүмкин болған әскерий флотилияның Әмударьяда сақланыўын пүткиллей зәрүрли деп есаплайман", — деп жазды.

Қарақумда жасырынып жүрген Жунайыд хан бандалары Хорезм ҳәм Әмударья оң жағалығындағы парахат халыққа топылыс жасаўын даўам етти. Мысалы, 1920 жылы 27-октябрьде баспашылар Қоңыратқа басып кирип, ондағы совет ҳәм партия хызметкерлериниң бир группасын жыртқышлық пенен жазалады.

1920-жылы гүзде 700 баспашы Нөкистеги совет гарнизонын 14 күн қамал етти.

Қызыл әскерлер оқ-дәрилердиң ҳәм азық-аўқаттын жетиспеўшилигине қарамастан баспашылардың ҳүжимин мәртлик пенен қайтарды. Гарнизон жаўынгери. Б. Рузматов дийўана болып кийинип, баспашылар ийелеген жерлерден өтип барып, Нөкис гарнизонының аўыр аўҳалы ҳаққында совет командованиесине хабарлады. Әмударья бөлими әскерий комиссары сол заматы-ақ Нөкиске батарея командири Т. С. Гоменюктиң басшылығында жәрдем жиберди. Дәслеп Назархан төбеликлерине жетип Гоменюктиң отряды душпанға тосыннан топ ҳәм мылтықлардан оқ жаўдырды. Нөкисти қорғаўшылар да топылысқа өте баслады. Баспашылар көплеген набыт болған ҳәм жарадар жаўынгерлерин саўаш майданында қалдырып, сасқалақлаўы менен қашыўға қарады.

1920-жылдың екинши ярымында Хорезмге 2-Түркстан атқышлар бригадасы жиберилип. ол Жунайыдтын баслы күшлери менен саўашқа киристи (Ильялыдан 55 шақырым қубла-батыста) ҳәм оларға шешиўши соққы берди. 1920-жылы сентябрьде совет әскерлеринин Әмударья группасының 2-Түркстан атқышлар бригадасының бөлимлеринен ҳәм Қызыл Армияның Хорезм бөлимлеринен жақсы қуралланған ҳәрекетшең алты отряд составында еки колонна шөлкемлестирилди, олар баспашылардың изинен қуўып барып, олардың қалдықларын сапластырды.

Хорезм Республикасының территориясында баспашылардың қутырынған қалдықлары ҳәрекет етти.

Совет командованиеси Хорезм оазисинин барлық мийнеткешлерин баспашылардын, ақ гвардияшылар менен ақ казаклардың қалдықларына қарсы бирлескен күшлер менен бир фронт болып гүресиўге шақырды.

Әмударья бөлиминиң қалаларында ҳәм көплеген волостьларында жергиликли милиция отрядлары ҳәм жергиликли мийнеткешлерден дружиналар дүзилип, олар Қызыл Армияға пытыраңқы баспашылар группаларын жоқ етиўге жәрдемлести.

Әмударья бөлиминин мийнеткешлери Қызыл Армия ҳәм дружиналардың қатарларына ықлас пенен келип қосылды. Әмударья



www.ziyouz.com kutubxonasi

уездлик әскерий комиссариаты өз докладында: „Ҳәзирги мәҳәлде Қызыл Армия жергиликли халықтың нағыз пролетариатынан алынғанлар менен толықтырылмақта . , сондай-ақ орынларда мусулман коммунистлик ячейкалары тәрепинен волостлық әскерий дружиналар шөлкемлестирилмекте, оларға жерсиз пролетарлар келип қосылып атыр", — деп атап көрсетиледи.

1920-жылдың ақырында Жунәйыд ханға ҳәм оның тәрепдарларына Хийўа мийнеткешлериниң атынан ультиматум хат жиберилди, онда: „Бәри-бир сизлердиң исиңиз питти, себеби пүткил түркмен халқы улыўма қан төгиспени тоқтатыў ушын сизлерди тутып бериўге ғана емес, ал ҳәттеки қолына қурал алып,Қызыл Армия менен бирге сизлерди толық қыйратқанға дейин қуўдалаўға таяр", — деп көрсетилди.

Пүткил Хорезм мийнеткешлери қуўатлаған бул хат Жунайыд ханның контрреволюцияшыл авантюрасына өлим жазасы болды. 1920 жылдың ақырында Гөне Үргенчке жақын жерде (Бөкентаў районында) совет әскерлери баспашылардың көп сандағы ири топарын қуўып жетип, оны қыйратты.

Контрреволюцияның қураллы күшлерине қарсы табыслы гүрес Қарақалпақстанда Советлер властының буннан былай беккемлениўин тәмийинледи.

1919-жылы декабрьдиң басында ТАССР Советлери Орайлық Атқарыў Комитети жергиликли совет органларының жумысларын жақсылаў мақсетинде Әмударья бөлиминдеги Ревком қайта шөлкемлестирилип, барлық совет хызметкерлерине өзлериниң революциялық миннетлерин ҳақ жүреклилик пенен орынлаўға ҳәм халықты совет властының илажларын ҳәр тәреплеме қуўатлаўға шақырды.

Мийнеткешлердиң кең массасын мәмлекетти басқарыўға тартыў мақсетинде властьтың барлық жергиликли органларына — аўыллық Советлерден баслап Пүткилроссиялық Орайлық Атқарыў Комитетине шекем қайта сайлаўлар өткериў зәрүр болды. Советлерге сайлаўлар бойынша инструкцияға муўапық барлық Әмударья Советлерине қайта сайлаўлар өткериў ушын Ревком: революциялық комитеттен бир ўәкил, РКП(б) Петро-Александровск шөлкеминен еки ҳәм жергиликли мийнеткешлердиң Мусулманлар бюросынан еки ўәкил составында сайлаў комиссиясын белгиледи. Сайлаў комиссиясы Шорахан участкасының волостьлық ҳәм аўыллық Советлерине сайлаўларды 1920-жылдың 8—20-декабрь күнлерине белгиледи.

Советлерге қайта сайлаўлар Төрткүл, Шорахан, Шейхаббаз-Вәлий, Сарыбий ҳәм Бийбазар волостьларында өткерилди. Жергиликли халықтан, тийкарынан рабочийлардан, батраклардан, гедейлер менен орташалардан 74 адам сайланды.

Советлерге сайлаўлардың нәтийжеси 1921-жылы 21-январда Әмударья революциялық комитетиниң мәжилисинде талқыланды; онда мандат комиссиясының докладын ҳәм Шорахан участкасындағы аўыллық ҳәм волостьлық атқарыў комитетлериниң



www.ziyouz.com kutubxonasi

протоколлары тастыйыкланды. Әмударья бөлиминдеги мусулман бюросы Сарыбий волостынан Советлердиң составына сайланған мийнет етпейтуғын элементлердиң кандидатураларын қабыл етпеди.

ТАССР Советлери Орайлық Атқарыў Комитетинин Совет властының гражданлық аппаратын әпиўайыластырыў хаққындағы 1919 жыл 23-февралдағы декретин басшылыққа алып, Әмударья революциялық комитети 1920-жыл 8-апрельде буйрық шығарып, онда совет аппаратының жумысын жақсылаўға ҳәм жергиликли мийнеткешлер арасында оның абырайын көтериўге бағдарланған илажлар белгиледи.

1920-жылы майда Ревком Шымбай участкасының аўыллық ҳәм волостлық атқарыў комитетлерине қайта сайлаўлар өткериўди белгиледи. Мийнеткеш дийханлар сайлаў алды компаниясына актив қатнасты.

Шымбай участкасындағы сайлаўлар ўақтында жергиликли байлар Советлерге өз адамларын өткериўге умтылды.

Совет әскерлери Әмударья группасының командующийси 1920-жылы 31-майда: „Сайлаўлар ўақтында еки партиянын—бириншиден белгили бай Хан Мақсым тәрепдарларының ҳәм екиншиден, Шымбай волостынын бурынғы басқарыўшысы Шынықулдың, олда бай адам, күшли агитациясы кен ен жайдырылды". — деп жазды. Сайлаў комиссиясы жергиликли мийнеткешлердин жәрдеми менен мийнет етпейтуғын элементлердиң тимискилениўлерин үзилиске түсириўге еристи, нәтийжеде Шымбай уезди Советине мийнеткеш халық ўәкиллери өтти.

1920-жылы 12—13-май күнлери болған Шымбай участкасы Советлеринин съездине Советлердин волостьлық съездлери 27 делегаттан сайлап, оған барлығы болып 243 делегат қатнасты.

Советлер съездинде қабыл етилген революцияшыл қарарлар Шымбай участкасы мийнеткешлерин рухландырды ҳәм оларды Совет властын беккемлеў ҳәне Қарақалпақстанның халық хожалығын қайта тиклеў ушын гүреске актив қатнасыў ушын Коммунистлик партия дөгерегине жәмлесгирди.

Советлердиң съезди 7 адам: Т. Қаржаўбаев, Х. Сейтназаров, Ю. Бейимбетов, А. Айтымов, А. Халекеев. А. Исмайылов, Х.Дәменовлар составында Шымбай участкасы Советлеринин атқарыў комитетин сайлады

1920 жылы июньда Шымбай участкасынын барлық аўыллық ҳәм волостлық Советлерине қайта сайлаўлар болды. Волостьлық Советлердиң составына 32 адам, ал аўыллық Советлердиң составына 138 адам сайланды.

Шорахан участкасында Төрткүл, Шорахан, Сарыбий, Шаббаз ҳәм Бийбазар волостьлықларында, сондай-ақ, 19 аўыллық Советлерде сайлаўлар өткерилди. Аўыллық ҳәм волостлық советлерге 61 адам сайланды. Советлерге қайта сайлаўларға гедейлер комитети актив қатнасты.

Әмударья бөлиминдеги административлик басқарыўды жақсылаў мақсетинде Туркстан АССР Советлеринин Орайлық Атқа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рыў Комитети 1920-жылы 10-октябрьдеги қарарына муўапық Әмиударья бөлими бурынғы территориясы көлеминде Әмударья областы болып қайта дүзилди. Төрткүл (бурынғы Петро-Александровск) оның областлық қаласы деп жәрияланды. Әмударья областы еки уездге Шорахан ҳәм Шымбай (бурынғы Шорахан ҳәм Шымбай участкалары) уездине бөлинип, Төрткүл ҳәм Шымбай уездлик қала болып белгиленди. Ал Әмударья областын басқарыў ушын Орайлық Атқарыў Комитети тәрепинен белгиленилген ҳәм улыўма тийкарда ҳәрекет етиўши ўақытша областьлық ревком дүзилди. Уездлерди басқарыў ушын уездлик ревкомлар ҳаққындағы Режеге муўапық дүзилетуғын ҳәм ҳәрекет ететуғын уездлик Ревкомлар дүзилди. Областьлық ҳәм уездлик революциялық комитетлердиң зәрүрли бөлимлери шөлкемлестирилди.

Өз алдына территориялық-экономикалық ҳәм административлик бирлик регинде Әмударья областының дүзилиўи үлкен сиясий әҳмийетке ийе болды. Ол областьты басқарыўда демократиялық централизмниң күшейиўине, қарақалпақ халқының социалистлик қурылыста жаңа табысларға жетисиўине, социалистлик миллет болып қәлиплесиўине мүмкиншилик туўғызды.

Усы дәўирде жергиликли Советлерге қайта сайлаўлар өткериў ҳаққында жаңадан мәселе қойылды Мийнеткешлер арасында большевиклер жүргизген үлкен агитациялық жумыслар нәтийжесинде власть органларының составына жаңа сайлаўларда тийкарынан гедейлер ҳәм рабочийлар өтти.

Мойнақтағы ураллы казаклардың гедей бөлеклери де Совет жумысларына актив қатнаса баслады.

Большевиклер жергиликли ҳәм рус мийнеткешлериниң кең массасын өз дөгерегине бирлестире отырып, орынларда Совет властының беккемлениўине ҳәм әпиўайыластырылыўына жәрдем етти Буған сондай-ак суд органларындағы бир қатар реформалар да жәрдемлести. Түркстан АССР ындағы орайлық властың декрети тийкарында бирден-бир халық суды принципи жәрияланды. Пүткил Әмударья областында (халқы 200 мыңға шамалас) сол ўақытта халық судының тек 2 участкасы ғана бар еди. Жергиликли турмыс жағдайларын есапқа ала отырып, Советлердиң волостьлық атқарыў комитетлериниң тиккелей бақлаўы астында қазылар судының да ўақытша ислеўине руқсат етиўге туўра келди. Бул халық заседательлери сыпатында мийнеткешлер ўәкиллери қатнасатуғын қазылардың реформаланған суды болды. Ҳәр бир қазы исги тек еки судья—заседательдиң қатнасыўы менен ғана қарай алды ҳәм олар менен бирликте, коллегиялы түрде ғана қарар шығаратуғын болды.

Қазылар судында волость халқының граждан лық арзалары қаралды. Барлық контрреволюциялық ҳәм жынаятлы ислер революциялық трибуналда қаралды.

Мийнеткешлерден қазылар пайдасына алынатуғын барлық салықлар сапластырылды. Қазыларға белгили хызмет ҳақы белги-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ленди, ол суд заседательлерине мәжилиске қатнаскан күнлери ушын ҳақы төленди.

1920-жылы 11-майда Кегейли волосты, ал 1920-жылы 13-майда Шымбай аўылы халық судларына сайлаў өткерилди. Халық судьяларын сайлаўларға ҳәм суд жумысларына жергиликли мийнеткешлердиң актив қатнасыўы, мийнеткешлердиң мәпин қорғайтуғын совет юстиция органы болған совет судының халықшыллық принциплериниң реаль ис жүзине асыўы болды,

1920-жылы 14-июльде Әмудәрья ревкомы „Волостьлық атқарыў комитетлерине коммунистлик ячейкалар ҳәм гедейлер Союзы ўәкиллери менен бирге белгиленип атырған ҳәрбир халық судьясы хызмет орынларына 3 кандидаттан көрсетиў усынылсын", — деп қарар етти.

Қарақалпақстан мийнеткешлерин мәмлекетти басқарыўға кең тартыў мақсетинде Түркстан АССРы Советлериниң IX съезди қабыл еткен, орынлардағы Совет властын шөлкемлестириў тәртиплерин өзгертиў ҳаққындағы қарарына тийкарланып Әмудәрья бөлиминиң ревкомы 1920-жыл 20-ноябрьде Ревкомларды белгилеп қойыў системасынан Советлер атқарыў комитетлерине сайлаўларға өтиў ҳаққында қарар кабыл етти. Усы қарар тийкарында, Әмудәрья бөлими мийнеткешлериниң парахат жасаўын тәмийинлеў ушын Хийўаға Қызыл Армияның қосымша әскерий отрядларының келиўин есапқа алып, Әмудәрья ревкомы аўыллық ҳәм волостьлық атқарыў комитетлерин қайта сайлаўларға кирисиў ҳәм советлердиң Әмудәрья областьлық съездин шақырыў ҳаққында қарар қабыл етти. 1920-жылы 30-ноябрьде Ревком партия шөлкемлери, Совет әскерлери Әмудәрья группасының сиясий бөлимлери ҳәм мийнеткешлердиң ўәкиллеринен областьлық сайлаў комиссиясы дүзилди.

Рабочийлар ҳәм мийнеткеш дийханлар арасындағы партиялық жумыслар күн сайын күшейди. Гедейлер коммунистлик партия қатарына ықлас пенен өтти.

Партияның жоқары идеялылық ҳәм өз қатарларының тазалығы ушын гүреси, пантюркистлик-миллетшил ҳәм колонизаторлық уклонларды әшкаралаўы большевиклер партиясы абырайының өсиўине алып келди.

РКП(б) қатарларын тазалаў тәртипти беккемлеў ҳәм коммунистлердиң идеялық дәрежесин көтериў ушын үлкен әҳмийетке ийе болды.

1920-жылы 25-мартта РКП(б) Орайлық Комитети областлық шөлкем ҳуқуқы менен РКП(б) составына киретуғын бирден-бир Түркстан Коммунистлик партиясын дүзиў ҳаққында қарар қабыл етти. Мусулман бюросы ҳәм оның жергиликли органлары қайта шөлкемлестирилди. Уллы державалық шовинизм ҳәм жергиликли миллетшилликке қарсы маўасасыз гүрес, жергиликли коммунистлик шөлкемлерди идеялық ҳәм шөлкемлескенлик жағынан беккемлеўде әхмийетли роль атқарды



www.ziyouz.com kutubxonasi

1920-жылы 30-мартта РКП(б) Петро-Александровск шөлкеми комитетиниң Мусулман бюросы ағзалары менен ревком ағзаларынын бирлескен мәжлисинде партия комитетин қайта шөлкемлестириў ҳәм бөлимдеги барлық партия шөлкемлериниң бир коммунистлик партияға биригиўи ҳаққында қарар қабыл етилди. 7 адамнан (3 рус ҳәм 4 мусулман) ўақытша комитет ҳәм жалпы жыйналыста қалалық партия комитетин сайлаў ҳаққында қарар қабыл етилди.

Уақытша комитеттиң составына Балжанов,Надыров, Орманов, Алтыбаев, Фролов, Любченко, Беловлар кирди. Усы мәжилисте үш адам: председатель, оның жәрдемшиси ҳәм секретарь составында ўақытша комитеттиң Президиумы сайланды. Бир аўыздан Балжанов председатель, Фролов—председательдиң жәрдемшиси, Белов—секретарь болып сайланды.

1920-жылы 1-августта Петро-Александровскке Россия Коммунистлик партиясының Әмударья бөлими уездлик-қалалық шөлкемлериниң 1 съезди жыйналды. Оған 1527 партия ағзасынан 49 делегат қатнасты. Съезд партияны шөлкемлескенлик жағынан беккемлеў, партиялық тәртипти күшейтиў, аўылларда партиялық-массалық жумысларды жақсылаў, халық хожалығын қайта тиклеў, комсомол ҳәм профсоюз шөлкемлериниң жумысларын жолға қойыў ҳәм т. б. мәселелерге үлкен дыққат аўдарды.

Аўылдағы партиялық жумыслар ҳаққындағы мәселени додалаў ўақтында батраклардың, гедейлердиң мийнеткеш өнерментлер ҳәм орташалардың саналылығын көтериўдиң, мийнеткеш дийханлар арасында партиялық-совет жумысларын күшейтиўдиң, орташалар менен аўқамды беккемлеўдиң, миллий теңсизликти сапластырыўдың зәрүрлигине айрықша дыққат аўдарылды.

РКП(б) Әмударья уездлик-қалалық шөлкемлериниң съезди бөлим партия шөлкемлерин идеялық шөлкемлескенлик жағынан беккемлеўде, оларды жат ҳәм суғылысып кирип алған элементлерден тазалаўда, уллы державалық шовинизмге ҳәм жергиликли миллетшиликке қарсы гүресте әҳмийетли роль ойнады, қарақалпақ дийханлары арасында партиялық жумысларды күшейтиўге жәрдемлести.

Шымбай уезди мийнеткешлериниң арасында партиялық-массалық жумысларды буннан былай да тереңлестириў мақсетинде РКП (б) Әмударья бөлиминдеги РКП (б) уездлик-қалалық комитети (Уторком) басланғыш партия шөлкемлерин қайта тиклеўге киристи. 1920-жыл августта Шымбайда, ал 1920-жыл октябрьде Нөкисте коммунистлик партия ячейкалары жаңадан дүзилди

Партиялық басшылықты беккемлеў ҳәм Шымбай уезди мийнеткешлерин коммунистлик рухта тәрбиялаўды күшейтиў ушын 1920-жылы октябрьдиң ақырында Шымбайда қалалық партия комитети шөлкемлестирилди.

Профсоюзлар мийнеткешлерди коммунистлик рухта тәрбиялаў исинде партияның ең биринши жәрдемшилери болды. Олар хожалық шөлкемлериниң жумысын, азық-аўқаттың ҳәм санаат то-



www.ziyouz.com kutubxonasi

варларының дурыс бөлистирилиўин бақлады, шембиликлер, митинглер ҳәм т. б. шөлкемлестирди.

Профсоюзлар кең мийнеткешлер массасын барған сайын тығызырақ жәмлестирди, оларды социалистлик қурылыс ўазыйпаларын орынлаўға мобилизациялады.

РСФСР Советлери Пүткил россиялық Орайлық Атқарыў Комитети В. И. Лениннинң көрсетпелерине тийкарланып, 1918-жылы 11-июньде гедейлердин волостьлық ҳәм аўыллық комитетлерин шөлкемлестириў ҳаққында декрет шығарды.

Түркстан республикасында гедейлер аўқамын шөлкемлестириў ҳаққында дәслепки қарар 1918-жылы октябрьде ТАССР советлери VI съездинде-ақ қабыл етилген еди. Түркстан Орайлық Атқарыў Комитетиниң 1919-жыл 30-октябрьдеги декрети менен гедейлер аўқамы ҳаққында реже тастыйықланды, олардың мақсет ҳәм ўазыйпалары белгиленди.

Түркстан Компартиясы үлке комитети ҳәм ТАССР Советлери Орайлық Атқарыў Комитетинин көрсетпеси бойынша, 1920-жылы январда Әмудәрья бөлими аўыллары менен қышлақларында гедейлер аўқамын шөлкемлестириў басланды. Әмудәрья бөлиминдеги гедейлер аўқамы Қарақалпақстан аўыллары менен қышлақларында ленинлик аграр сиясатын иске асырыўда Коммунистлик партияға жәрдемлести, мийнеткеш дийханларды совет власты дөгерегине жәмлестирди. ақ казаклар менен Жунайыд хан бандаларын қыйратыўға актив қатнасты.

1920-жылы 8—12-январь күнлери, Шорахан уезди Ақбаслы, Шорахан ҳәм Келтеминар қышлақлары гедейлеринин 650 адам қатнасқан жыйналысларында ҳәм Әмудәрья бөлиминиң басқа да аўыллары менен қышлақларында гедейлер аўқамынын басланғыш шөлкемлери дүзилди.

Бай ҳәм кулакларға қарсы гүресиў, қала пролетариатының аўыл гедейлери ҳәм орташа дийханлары менен аўқамын беккемлеў ушын аўыл ҳәм қышлақлардын пролетар және ярым пролетар массасын бирлестириў мақсетинде Түркстан Компартиясы Орайлық Комитети 1920-жылы 3-ноябрьде Түркстанда „Қошшы" союзын шөлкемлестириў хаққында қарар қабыл етти. 1920-жылы 6-ноябрьде Әмудәрья областында „Қошшы" союзын дүзиў басланды, 1921-жылы бәҳәрде оның қатарында жери аз ҳәм жерсиз дийханлардан 5000 адам болды. 1921-жылы жазда „Қошшы" союзларынын областлық съезди болып, онда олардың областьлық басқармасы сайланды.

Петро-Александровск партия комитетиниң басшылығында Қарақалпақстандағы жергиликли ҳәм рус халықлары ҳаял-қызларының арасында үлкен жумыслар жүргизилди, 1919-жылы 8-майда Әмудәрья бөлими Советлери съезди VI сессиясынын бас қоспа мәжлисинде ҳаял-қызларды азат етиў ҳаққындағы мәселе арнаўлы қаралды. Жергиликли администрацияның жумысы ҳаққындағы есапты тыңлап, сессия административлик бөлим ҳаял-қызлардың қәлеген жеринде жасаўына, қәлеўи бойынша күйеўге шығыўы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

на ерки бар екенлиги, олардың қол қатылмаслығы ҳаққында гуўалық берип, хаял-қызлардың азатлығын қорғайды, деп атап көрсетти. Жергиликли жағдайды есапқа алып, VI сессия жергиликли халық арасындағы неке мәселелери бойынша суд ислерин қазылар суды қараўына, ал бақлаўды юстиция бөлиминиң қараўына қалдырыў ҳаққында қарар қабыл етти.

1920-жылы 3-февралда партия шөлкеми Петро-Александровск комитетиниң мәжилисинде Петро-Александровск ҳаял-қызларының арасында сиясий жумысларды анағурлым кеңейтиўдиң зәрүрлиги ҳаққында мәселе қаралып, тийисли илажлар белгиленди.

Ҳаял-қызлар арасындағы жумысларды күшейтиў мақсетинде 1920-жылы февралда Төрткүлде 30 ҳаял-қызды өз ишине алған мийнеткеш ҳаял-қызлар аўқамы шөлкемлестирилди. Түркстан Компартиясының үлке комитети, РКП(б) Әмударья шөлкеминде өз-алдына айрықша мийнеткеш ҳаял қызлар аўқамының пайда болыўы коммунистлик партияның шөлкемлестириў принциплерине қарсы келеди, деп атап көрсетти ҳәм ҳәрбир партия комитети қапталынан мийнеткеш ҳаял-қызлар бөлимин дүзиўди тапсырды.

Коммунистлик партияның Әмударья бөлими уездлик-қалалық комитетиниң басшылығында рабочий жаслардың коммунистлик союзы дөреди ҳәм беккемленди.

Қарақалпақстанда комсомол шөлкемин дүзиўдин дәслепки баслаўшылары Әмударья флотилиясы матрослары—коммунистлерден—Шутов ҳәм Федоренколар болды. 1919-жылы 17-декабрьде Россия Коммунистлик партиясы Петро-Александровск шөлкеми комитетиниң мәжилисинде: „Бул жерде (Әмударья бөлиминде—*ред.*) рабочий жаслардың коммунистлик союзын шөлкемлестириўге байланыслы Шутов ҳәм Федоренко жолдасларды „Ташкент" пароходынан ўақытша шақырып алыў ҳаққында әскерий, подотделдин алдына усыныс қойыў соралсын", — деген қарар қабыл алынды.

1919-жылы 19-декабрьдеги шөлкемлестириў жыйналысында Шутов ҳәм Федоренко жолдаслардың доклады бойынша тоқтаўсыз түрде РКСМ шөлкемлестириў ҳаққында қарар шығарылды. Көпшилик ағзалардың қәлеўи бойынша жыйналыста РКСМ Программасы менен Уставы оқып еситтирилди.

1919-жылы 29 декабрьде РКСМ Петро-Александровск группасының 38 ағзасы қатнасыўы менен болған жыйналысында РКСМ Петро-Александровск группасы комитетине сайлаў өткерилип, оның составына Епифанов, Шиповский, Гурская, Кулькина, Родионов, Салимов Шалимов Пузиков ҳәм Грушецкий, ал Г. Епифанов председатели ҳәм А. Гурская секретары болып сайланды.

1920-жылы 8-январда Россия Коммунистлик рабочий жасларының Петро-Александровск комитети ағзаларынан 35 адам қатнасқан жалпы жыйналысында көпшилик даўыс пенен Пузиков комитеттин председатели болып сайланды. Комсомолдың қалалық комитети Әмударья бөлиминиң қалаларында ҳәм ири елатлы пунктлеринде комсомол ячейкаларын шөлкемлестириўге кирисги.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1920-жылы 19-февралда Петро-Александровск қалалық партия комитети коммунистлериниң Петро-Александровск шөлкеминиң жасы 21 ге дейинги барлық ағзаларын жаслар Союзында актив жумыс ислеўге тартыў ҳаққында қарар қабыл етти.

1920 жылы 25-июньде РКП(б) Әмударья уездлик-қалалық шөлкеми комсомол жумысы ҳаққындағы мәселени қарады ҳәм бул жумысларды қанаатландырарлық деп тапты. Усы ўақытлары жергиликли жаслардан Ж. Бетьяков, У. Юсупов, Қ. Досымов, Ж. Таңатаров ҳәм т. б. комсомол жумысларына актив қатнасты.

Комсомол шөлкемлерине партиялық басшылықтың күшейтилиўи, алдыңғы ўәкиллери комсомолға кирип атырған союзда жоқ жаслар арасындағы жумысларды да әдеўир активлестирди.

### 3. ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ХАЛЫҚ ХОЖАЛЫҒЫ ГРАЖДАНЛАР УРЫСЫ ҲӘМ СЫРТ ЕЛ ИНТЕРВЕНЦИЯСЫ ЖЫЛЛАРЫНДА СОЦИАЛИСТЛИК ҚУРЫЛЫСТЫҢ БАСЛАНЫЎЫ

Граждашлар урысы ҳәм сырт ел әскерий интервенциясы жылларында елдиң, соның ишинде Түркстанның халық хожалығы оғада төмен жағдайға түсти. Көплеген кәрханалар шийки заттың, отынның ҳәм рабочий күшиниң жетиспеўшилигинен жумысларын тоқтатты Олардың бир бөлеги душпан тәрепинен қыйратылды. Транспорт аўыр аўҳалда болды. Аўыл хожалығына үлкен зыян келтирилди.

Қулатылған эксплуататор класслар ҳәр қыйлы жоллар менен елдиң экономикалық аўҳалын төменлетиўге умтылды. Буржуазия Совет ҳүкиметиниң хожалық. басшылығына қарсы бағдарланған илажларына саботаж жасады Кулаклар артық азық-аўқатты мәмлекетке тапсырыўдан бас тартты, азық аўқатлық ҳәм техникалық егинлердиң егислик майданын қысқартты. Совет властының душпанлары социалистлик революцияны ашлық пенен туншықтырыўға ҳәм бизиң елимизде помещиклер ҳәм капиталистлердиң властын орнатыўға нийетленди.

Усындай жағдайларда Совет ҳүкимети айрықша илажлар көриўге мәжбүр болды. Пүткил россиялық Орайлық Атқарыў Комитетиниң 1919-жыл 2-октябрьдеги декрети менен пүткил ел әскерий лагерь деп жәрияланды Совет властында ғәлле менен жекке саўда етиўге тыйым салды ҳәм барлық азық-аўқатты армия менен рабочийларды тәмийинлеў ушын азық-аўқат разверсткасы системасын орнатты. Азық-аўқат затларына карточка системасы енгизилди. Ғалаба мийнет етиў миннетлилиги тийкарында барлық мийнетке жарамлылар ушын мийнет етиў миннетлилиги енгизилди.

Кәрханалар менен мәмлектлик мәкемелер қорғаныў жумысларына өткерилди ямаса олардың қураллары ҳәм адамлары қорғаныў санаатына өткерилип, олар жабылды. Совет мәмлекетиниң барлық хожалық аппараты, таярлаў, санаатты басқарыў, оны шийки зат, отын, ақшалай қаражетлер менен тәмийинлеў иси қатаң орайластырылды. Барлық халық хожалығына басқа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рыўды В. И. Лениннин председательлигинде рабочийлар ҳәм дийханлар қорғаныў Совети иске асырды.

Бул илажлар әскерий коммунизм атағын алды. Әскерий коммунизмды енгизиў социализм қурыў программасына негизинен кирмеди. Ол айрықша жағдайда келип шықты.

„Өзине тән әскерий коммунизм" соннан ибарат болды, — деп жазды В. И. Ленин, — ҳақыйқатында биз дийханлардан барлық аўысығын, гейде ҳәтте аўысығын емес, ал дийхан ушын зәрүрли азық-аўқаттың бир бөлегин де алдық, армияға жумсалған шығынларды жабыў ҳәм рабочийларды тәмийинлеў ушын алдық. Көбинесе қарызға, қағаз ақшаларға алдық. Болмаса,пытыраңқы майда дийханлар елинде биз помещиклер менен капиталистлерди жене алмас едик"[1].

Әскерий коммунизмниң экономикалық принциплери Қарақалпақстанда да иске асырылды. 1919-жылы 3-майдан баслап, Әмудәрья бөлими территориясында ғалаба мийнет етиў миннетлилиги енгизилди.

1919-жылы апрельдиң ақырында Әмудәрья бөлими Советлери съезди басшылықты орайластырыў ҳәм рабочий қадағалаўын күшейтиў мақсетинде халық хожалық бөлимин халық хожалық ҳәм санаат Совети етип қайта шөлкемлестириў ҳаққында қарар қабыл етти.

1919-жылы 25-февральда ҳәм 16-майда Төрткүл қаласындағы ири жекке меншиклик жайларды, заводларды ҳәм жер майданларын национализациялаў ҳәм муниципализациялаў ҳаққында Әмудәрья бөлими Атқарыў комитетинин дәслепки декретлери шығарылды.

1919-жылы 1-июньде Төрткүлдеги еки тери ийлеў заводы ҳәм Сарыбийдеги тери ийлеў заводы национализацияланды,олар халық хожалығы советиниң басқарыўына өтти. Большевиклердиң басшылығында усы кәрханалардың рабочийлары өндирислик программаларды табыслы орынлай баслады.

1919-жылы июньде Шымбай участкасының рабочийлар, солдатлар ҳәм дийханлар депутатлары Совети жекке меншикликтеги пахта тазалаў ҳәм жоңышқа туқым тазалаў заводларын национализациялады. Октябрьде Әмудәрья Совети менен район пахташылық комитети жекке меншикликтеги 24 заводты национализациялап, олар Қарақалпақстанның жаңа, социалистлик экономикасының иргесин қурады Сондай-ақ халық хожалығы Советиниң буйрығы бойынша жергиликли ҳәм рус буржуазиясына тийисли пахта запаслары конфискаланды.

Баспашылар ҳәм ақ казаклар көплеген санаат кәрханаларын қыйратты, олардың үскенелерин жарамсыз ҳалға келтирди Әмудәрья бөлиминиң партия ҳәм совет шөлкемлери мийнеткешлерди қыйратылған заводларды кайта тиклеўге мобилизациялады. 1919-жылы ақ, бурын Г. Равиловқа тийисли болған пахта тазалаў за-

---

[1] В. И. Ленин. Шығармаларының толық жыйнағы, 32-том, 321-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

воды ҳәм П. Мануиловқа тийисли болған май шығарыў заводы қайта тикленди

1919-жылы 22-мартта Хийўа ҳәм Әмудәрья бөлими ислери бойынша Түркстан фронты революциялық әскерий советинин ўәкили Г. Б. Скалов заводлардың экономикалық ҳәм сиясий жақтан оғада әҳмийетлилиги атап көрсетилген буйрық шығарды. „Совет республикасының меншигиндеги пахта заводлары ел ушын оғада үлкен байлық болып есапланады Совет республикасының ҳәр бир гражданынын, әсиресе онын мәплерин қорғап турған қызыл әскерлердиң ўазыйпасы заводлардың пүтинлигин сақлаў ушын барлық илажларды көриўден ибарат", — деп көрсетилди буйрықта.

1920-жылы 10-июльде Әмудәрья ревкомы ағзаларынын бөлим Советлери съезди делегатлары менен бирликтеги кенеси болды. Кеңес ағымдағы пайыттың баслы ўазыйпасы халык хожалығын қайта тиклеўден ибарат деп атап көрсетти. Кеңес қатнасыўшылары Қарақалпакстанның барлық мийнеткешлерин бүлгиншиликке қарсы гүреске актив қосылыўға шақырды жәнe ишки ҳәм сыртқы контрреволюция қураллы күшлери қаншелли табыслы қыйратылса, экономикалық турмыстың да сонщелли жигерли ҳәм тез қайта тикленетуғынлығына беккем исеним билдирди.

Совет хожалық органлары Қарақалпақстанның экономикасында әҳмийетли роль ойнаған өнерментшилик өндирисин раўажландырыўға үлкен дыққат аўдарды. ТАССР Орайлық Статистика Басқармасының мағлыўматлары бойынша, Әмудәрья бөлиминде (Мойнақ районынан басқа) 1920-жылы 625 рабочий ҳәм өнермент жумыс ислейтуғын 537 өнерментшилик мәкемеси болды, ал, Шымбай ҳәм Шорахан уездлеринде 344 жумысшы хызмет ететуғын 303 өнерментшилик ун қаразы иследи. Усы каразлар жыл бойы шама менен 205—294 мың пуд ғәллени таргып, ун еткен. Төрткүл менен Шымбайда Совет власты тәрепинен национализацияланған механикалық қаразлар болды

1919-жылы 10-мартта Әмудәрья бөлими Советинин атқарыў комитети Халық хожалығы ҳәм санаат Советине Төрткүлде каланың барлық өнерментлерин ҳәм кәсипшилерин бирлестирип, мийнет үйин ашыўды тапсырды. Совет мәмлекети арнаўлы қаржы бөлип шығарып, пытыраңқы өнерментлерди коллективлик өндириске бирлестириўди нәзерде тутты.

Жергиликли кәсипши ҳәм өнерментлерди кооперативлестириў ушын совет ҳәм партия органлары барлық илажларды қолланды.

1920 жыл 1-июньнен халық хожалығы совети тоқыўшылардың ҳәм жип ийириўшилердин өндирислик артелин шөлкемлестире баслады. 1920-жылы 15-июньнан 14-сентябрьге дейин 568 ағза қамтыған 43 кәсипшилер артели дүзилди.

Тоқыўшылар менен жип ийириўшилерди материаллық жақтан қызықсындырыў ушын олар азық-аўқат паеги менен тәмийинленди, ислегенине қарай мийнет хақы төлеў енгизилди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әмудәрья бөлиминде тек 1920-жылдын өзинде 69 кооператив-лик-қәсипшилик артели дүзилди.Майда өнерментлерди кәсипшилер артелине кооперативлестириў (дәслеп сатыў жолы бойынша, ал соңынан кредит ҳәм өндирис тараўында) майда товарлы өндиристи ири социалистлик өндирис етип қайта дүзиў бойынша дәслепки адым болды.

Усы ўақытта, капиталист балық санаатшыларынан Арал балықшы гедейлерин ғәрезлиликтен азат етиў мақсетинде оларды артельлерге шөлкемлестириў басланды. Жергиликли совет органлары мийнеткеш балықшыларды зәрүрли материаллар менен, балық аўлаў қураллары ҳәм азық-ақат пенен тәмийинледи, олар ға мүддетсиз ҳәм узақ мүддетли қарыз берди.

1919-1920-жыллары Еникеевтин, ағайынли Салиховлардын, Рейтманнын ҳәм басқалардың балық санааты фирмаларынын ири кәрханалары национализациялачды. Жекке адамлардың қолындағы кәрханалардын ҳәм саўда үйлеринин жумысы үстинен қадағалаў күшейтилди

Көпшилик ураллы-гедейлер Совет властынын эксплуататор элементлердин жумысын шеклеўге бағдарланған илажларын актив қуўатлады.

Әмудәрья бөлиминдеги транспорт ҳәм байланыс әсбапларынын жумыслары да кем-кемнен жолға қойылды. Әмудәрья бөлими Советиниң атқарыў комитети ҳәм Ревком суў транспорты. жүк тасыйтуғын күш-көлик ҳәм транспорттың басқа да түрлери арқалы Чаржоў, Ташкент және совет Түркстанынын басқа да қалалары менен турақлы байланыс орнатыўға барлық илажлар көрди 1919-жылғы мәўсимде Чаржоўға 24 вагон пахта. 1920-жылы-138, ал 1921-жылы 118 вагон пахта мамығы жиберилди

Ғәлле менен саўдагершилик жасаўды тоқтатыў мақсетинде Түркстан Совет республикасы Орайлық Атқарыў Комитети 1919-жылы 4-июньде ғәлле монополиясы ҳаққында арнаўлы Декрет шығарып, онда республика территориясында ғәлле менен еркин саўда жасаў қадаған етилди. Декретке ылайық барлық аўысық ғәлле турақлы баҳа бойынша мәмлекетлик таярлаў органларына тапсырылыўы тийисли болды.

Азық-аўқат бөлими, ашлыққа қарсы гүресиў бойынша жер-суў комиссиясы ўәкиллеринин, кооперацияланған өндирис ҳәм онда ислеўши адамлардың қатнасыўы менен болған 1919-жыл 18-июльдеги бирлескен мәжилисинде: „Орайдан толық инструкция алынғанға дейин байлардын, аўқатлылардың аўысық ғәллелерин турақлы баҳа бойынша реквизициялаў (мәжбүрий алыў) жолы менен монополияны ис жүзине асырыўға кирисилсин ол ҳәзирден басланСын". — деген қарар алынды. Бул илажға мал-мүлкли бай класслар қасарысып қарсылық көрсете баслады.

Коммунистлер советке қарсы мыш-мыш хабарларды әшкаралап, совет властының гедейлер менен орташа дийханлардын мәпин қорғайтуғын азық-аўқат сиясатынын класслық маңызын халыққа түсиндирди Әмудәрья жер-суў бөлими өзиниң 1919-жыл



www.ziyouz.com kutubxonasi

24-июньдағы буйрығында реквизицияның орташа ҳәм гедей дийханларға қагнасы жоқ екенлигин түсиндирди —„Барлық орташалар ҳәм гедейлер, керисинше, қыйралған ҳәм ҳәлсиреген хожалығын тиклеп, жолға салыў ушын ярым жылдан 8 жылға дейинги мүддетке халық банкасынан қарыз алады... Пролетарлар, дийханлар! Тынышланыңлар, улыўма пайда ушын ислеңлер ҳәм Совет власты—гедейлер менен орташалар власты екенлигине исениңлер".

1919-жылы азық-аўқат разверсткасы менен бирге фронтты қурал-жарақ, оқ-дәри, кийим-кеншек ҳәм азық-аўқат пенен тәмийинлеў ушын халықтан контрибуциялық алым алынды Прогрессивлик табыс салығының енгизилиўи мәмлекетлик доходтың әҳмийетли дәреги болды.

Қарақалпақстанның мийнеткеш халқы пүткил ел сыяқлы әскерий фонд керек-жарағына контрибуциялық алым енгизилгенге шекем де көп қаржы жыйнаған еди. Январдың басында халық қазнасына 230100 манат нақ ақша салынды.

Мийнет етпейтуғын элементлер бул илажға ҳәр тәреплеме қарсылық көрсетти ҳәм контрибуция бойынша миннетлемелерди орынламады. 1919-жылы 26-февральда Қызыл Армияны ҳәм мийнеткешлердиң мүтәжликлерин тәмийинлеў ушын Әмудәрья бөлими советиниң қарары менен Төрткүл қаласы ҳәм Шорахан участкасы бойынша 75 ири жер ийеси ҳәм саўдагерлерден 10 миллион манат контрибуциялық алым алынды. 1920-жылы сентябрьде Әмудәрья Советиниң атқарыў комитети 50 ири саўдагер ҳәм Петро-Александровск қаласындағы кәрхана ийелерине Улыўма муғдары 1739500 манатлық контрибуция салды. Бул илажлар Совет властының экономикалық жақтан беккемлениўине мүмкиншилик туўғызды ҳәм мийнеткешлердиң класслық душпаны—буржуазияның финанс қуўатын ҳәлсиретти.

Усы ўақытта ашлыққа қарсы гүрес биринши дәрежели ўазыйпа болды. 1919-жылдың 15-майында Шорахан участкасында 5 мың ашырқап атырғанлар есапқа алынды, Шымбай участкасындағы ашырқағанлардың саны 25 мың адамға жетти.

РСФСР Халық Комиссарлар Совети Түркстанға азық-аўқат ҳәм ең зәрүрли ўәжлер салынған көп санлы вагон жиберди. Совет Түркстаны ҳүкимети өз гезегинде Әмудәрья бөлиминдеги ашлыққа қарсы гүресиў ушын көп қаржы бөлип шығарды.

1920-жылы 12-апрельде РСФСР дың Хийўа ҳәм Әмудәрья бөлиминдеги айрықша ўәкилиниң буйрығы менен Әмудәрья ревкомы ушын Шымбай уездиндеги жумысларға 1 миллион манат, ашлыққа қарсы гүресиў бойынша комиссияға 5 миллион манат муғдарында кредит ашылды.

Төрткүл қаласында жумысқа жарамсыз гражданлар ушын пулсыз асхана ашылды, 1919-жылы апрельде онда 274 адам аўқатланды Советлердиң атқарыў комитети қаладағы ашырқағанларға жәрдем көрсетиў ушын 25 мың манат бөлип шығарды.

Жергиликли Советлер рабочийларды ҳәм хызметкерлерди жумысқа орналастырыў менен үзликсиз шуғылланды. Әмудәрья



www.ziyouz.com kutubxonasi

атқарыў комитетинин мийнет ҳәм социаллық тәмийинлеў бөлими көплеген гражданларды қаладағы жумысларға тартты. оларды тиришилик етиў минимумы менен тәмийинледи. 1919-жылы 8-майда мийнет ҳәм социаллық тәмийинлеў бөлими, мийнет биржасы еки ай даўамында 178 адамды өз қанигелиги бойынша жумысқа орналастырды, деп мәлим етти. Усылардың барлығы жергиликли мийнеткешлердин материаллық аўҳалынын жақсыланыўына мүмкиншилик туўғызды

Жергиликли партия ҳәм совет органлары Әмудәрья бөлиминдеги аграрлық мәселенин жер ҳаққындағы ленинлик Декрет тийкарында шешилиўине атқарыў комитетиниң дийханшылық бөлими барлық жерде халықтың есабын алыўды, мийнет етпейтуғынлардың ийеликлериниң есабын алыўды, жер майданларын анықлаў ушын топографиялық съемка жүргизиўди тапсырды

Қарақалпақстанның мийнеткеш дийханлары ири жер ийелеринен тартып алынған жерлерди пайдаланыў ушын мутқа ала баслады. Дийханлардың арендаға алған жерлери Совет мәмлекетиниң меншиги болғанлығы ушын, олар аренда ҳақы төлеўден азат етилди. Жарымшылық та сапластырылды ҳәм „барлық жарымшы ҳәм арендалар дийханларға... , олардың қараўындағы жерлер барлық қурал-сайманлары менен бирге олардың пайдаланыўында болады, өнген өнимди алыў ҳуқуқы тек олардың өзлерине тийисли ҳәм жетистирген өниминиң ярымын байларға бериўге байланыслы барлық миннетлемелери бийкарланады", — деп жәрияланды. Жерлерге берилген „қазыхатлар" (яғный жерлерди белгили хожалыққа бекитиў ҳаққындағы қазылар судының гүўалығы) бийкарланды.

Бөлимниң жер-суў секциясы мийнеткеш дийханлардың талапларын есапқа алып, 1919-жылы 10-майда жерден пайдаланыўды тәртипке салыў ҳәм ирригация ҳаққында ўақытша режени Әмудәрья бөлими Советлери VI сессиясының тастыйықлаўына усынды, онда: „Бөлимдеги барлық жерлер мәмлектлик фондқа берилсин", — деп атап көрсетилди.

Жер ҳаққында ленинлик Декретке муўапық Әмудәрья бөлими Советлериниң сессиясы жерге жекке меншиклик ҳуқуқын бийкар етти хәм оны пүткил халықлық, мәмлекетлик меншик деп жәриялады. Сессияның қарары бойынша егилип атырған жерлер курал-сайманлар, тухым маллар менен бирге сол жерлерде ким ислеп атырған болса, соған берилди. Жекке пайдаланыў ушын бир адамға шығыр менен суўғарылатуғын жерлерде 10 танаптан, аяқтан суў ишетуғын жерлерде 15 танаптан, аралас суўғарылатуғын жерлерде 10 танаптан ибарат мийнет нормасы белгиленди. Сондай-ақ, пишенликлер ҳәм жайлаўлар да пүткил халықлық меншик деп жәрияланды. Арнаўлы қарарда: „от-шөп майданлары, беде, селеў, боян, жантақ, қамыс ҳәм т. б. шөплер қайсы жәмәәтқа қараслы болса, сол жәмәәтқа берилиўи тийис. Дәстүр бойынша бурын сол жердиң от-шөплерин басқа жәмәәттың ағзалары пайдаланып келген жерлерде, усы пайдаланғаны



www.ziyouz.com kutubxonasi

ушын халықлық (мәмлекетлик) қазнанын есабына ҳақы белгиленсин. Жайлаў жерлер аўыллар арасында жерлердиң жетиспеўшилигин ҳәм маллардын санын есапқа алыў менен бөлистирилсин", - деп көрсетилди.

Жайлаў жерлерди аўыллық жәмәәтлар арасында бөлистириў ўақытында жергиликли дәстүрлер, сондай-ақ ҳәр бир жәмәәттағы маллардың саны есапқа алынды.

Әмудәрья бөлими Советлери съезди VI сессиясының қарарына муўапық жер-суў бөлимлери дийханлардын жер суўғарағуғын суўға болған талапларын есапқа алыўы тийис болды. Суўдан пайдаланыўдың дурыслығын бақлаў ушын мийнеткеш дийханлар ўәкиллеринин 8 ағзасынан жер-суў комитетлери дүзилип, олар мурап ҳәм суўдан пайдаланыўшылардан қойылған гүзетшилердиң жәрдеми менен суўды бөлистириўдин гезеклилигин бақлады. Суўды пайдаланыўдағы гезекти бузғаны ушын айыплылар 3 күннен 3 айға дейин қамаўға алынды ямаса оларға 100 манаттан 3 мын манатқа шекем ақшалай штраф салынды.

Советлердиң съезди суў жолларын қайта тиклеў, реконструкциялаў ҳәм жаңа магистрал каналлар қурыў ўазыйпаларын атқаратуғын суў комитетин шөлкемлестириўди усынды.

Әмудәрья бөлими Советлери съездиниң VI сессиясы тастыйықлаған „Әмудәрья бөлиминде жерден пайдаланыў ҳәм ирригация ҳаққында ўақытша реже" жер ҳаққындағы ленинлик Декреттиң иске асырылыўының революциялық илажы болды. Жер сияқлы суў да мийнеткеш дийханлардың пайдаланыўына берилди. Реже Қарақалпақстандағы колониаллық сиясаттың ақыбетлерин ҳәм патриархаллық-феодаллық қатнасларды сапластырыў ушын үлкен әҳмийетке ийе болды.

Әмудәрья бөлими Советлери съездиниң бөлимде жерден пайдаланыў ҳәм ирригация ҳаққындағы қарары оғада үлкен экономикалық ҳәм сиясий әҳмийетке ийе болды. Қарақалпақстан мийнеткешлери Советлер съездиниң мийнеткеш халықтың түпкиликли мәплерине жуўап беретуғын бул қарарын жалпы жыйналысларда ҳәм митинглерде талқылап қызғын қуўатлады.

Совет властьы орайлық органларының көрсетпесине муўапық мийнеткеш дийханлар байларға, помещиклерге, кулакларға, сүтхорларға ҳәм руханыйларға төлейтуғын қарызларын төлеўден азат етилди. 1919-жылы 18-сентябрьде Әмудәрья Ревкомы барлық жер қарызларын бийкар етиў ҳаққында қарар қабыл етти.

Бул революциялық аграрлық илажлар батраклармы, гедейлер менен орташаларды Коммунистлик партия ҳәм Совет властының дөгерегине бурынғыдан да бетер тығыз жәмлестирди

Түркстан Компартиясының V съезди ҳәм ТАССР Советлериниң IX съезди Түркстанда помещиклик-бай жер ийелеўшиликти сапластырыў, отырықшы халықтын жер ҳәм суўға байланыслы мийнет ҳуқуқларын теңлестириў және жергиликли гедейлерди рус кулакларының, байлардың ҳәм помещиклердиң қулшылықкреспостнойлық езиўинен азат етиў ҳаққында қарар қабыл етти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ТАССР Советлеринин IX съезди 1920-жылы сентябрьде нызам қабыл етип, ол бойынша „Түркстан республикасындағы барлық жер ҳәм суў, кимниң пайдаланыўында болыўына қарамастан, бирден-бир мәмлекетлик халықлық мүлик есапланды".

Мийнет етпейтуғын хожалықлардың барлық жери ТАССР дийханшылық Комиссариаты тәрепинен биринши гезекте чайрикерлер (жарымшылар), мәрдикерлер (батраклар) ҳәм жерсиз дийханлар арасында бөлистирилди.

Жерлердин бир бөлегинде совет хожалықларын, коммуналар, артеллер, серикликлер шөлкемлестириў нәзерде тутылды. Оларды да зәрүрли қурал-сайманлар менен тәмийинлеў зәрүр болды.

Түркстан Советлеринин IX съезди: „Жерди ҳәм суўды сатып алыў, сатыў гиреўге ҳәм арендаға бериў пүткиллей қадаған етиледи ҳәм мәмлекетлик қылмыс есабында қаралланады",—деп қарар етти. Жерден пайдаланыў уруўлық басламаларда иске асырылған жағдайларда өзиниң мийнеги менен жерди ислеген ҳәр бир адам мийнет пайын алды. Жер ҳаққындағы нызамды иске асырыў ТАССР қышлақлары менен аўылларындағы патриархаллық-уруўлық ҳәм феодаллық қатнасларды бузыў ушын база дүзди.

Жергиликли жағдайларды, ғаўаша, салы ҳәм т. б. егинлердин көп мийнет жумсаўды талап ететуғынлығын есапқа алып, ТАССР Советлери Орайлық Атқарыў Комитети жаллаўшылардың мийнети ҳаққында нызамлар Кодекси бойынша мийнет миннетлемелерин сақлаған жағдайда жалланба мийнеттен пайдаланыўға руқсат етти.

ТАССР Советлеринин IX съездинде тастыйықланған жер ҳаққындағы нызам оғада үлкен экономикалық ҳәм сиясий әҳмийетке ийе болды. Жерге жекке меншикликтиң бийкар етилиўи ҳәм оның мийнеткеш дийханлардың пайдаланыўына берилиўи, олардың рабочий класс, коммунистлик партия ҳәм совет властының дөгерегине тығыз жәмлесиўине алып келди. Социалистлик революцияның жеңиси ҳәм пролетариат диктатурасы жағдайында жердин национализацияланыўы аўыл хожалығын коллективлестириўдеги әҳмийетли алдын-ала жағдайлардың бири болды.

Түркстан Компартиясы Орайлық Комитетиниң басшылығында Әмудәрья партия комитети ҳәм Әмудәрья бөлими Советлериниң атқарыў комитети хожалық органлары ҳәм атқарыў комитеттиң әскерий подотдели менен бирге эсерлердиң контрреволюциялық ҳәрекетлеринин, Жунайыд хан баспашылары шабыўылларының ақыбетлерин сапластырыўға ҳәм бурын жол қойылған хателиклерди дүзетиўге асығыслық пенен киристи.

Әмудәрья бөлиминиң партия-совет ҳәм хожалық органлары баспашылардың шабыўылларынан жәбирленип зыян көрген дийханларды зәрүрли аўыл хожалық ҳәм егислик материаллары менен тәмийинлеўге, сондай-ақ Жунайыд хан бандаларының шабыўыллары ўақтында Шорахан участкасындағы түркменлер тәрепинен таслап кетилген саҳралық жерлерди пайдаланыў ушын илажлар көрди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1918-жылы гүздеги жунайыдшылардың шабыўыллары нәтийжесинде Шорахан участкасындағы ата түркмен мийнеткеш дийханларының жерлери ўайранланғаннан кейин, қонсы волостьлардың феодал-бай элементлери тәрепинен алып кетилген аўыл хожалық қураллары олардың өзлерине қайтарып берилди. Әмудәрья жер-суў бөлими 1919-жыл 26-июньдеги буйрығы менен волостлық жер-суў подотделлерди ҳәм барлық дийханларды еки ҳәптелик мүддет ишинде барлық қозғалмайтуғын мүлклерди Советлердиң волостлық подотделлерине қайтарып бериўге шақырды. Усындай илажларға байланыслы аўыл ҳәм қышлақ мийнеткешлериниң мийнеткешлер массасының мәплерин шын қорғаўшы ретинде Совет властына исеними күшейип, бул Әмудәрья бөлиминиң ең гедей халқының Совет властының аграрлық сиясатын иске асырыў ушын, орынларда Советлерди шөлкемлестириў ҳәм беккемлеў ушын гүресиниң активлесиўине алып келди.

1916-жылы патша ҳүкиметинен қашып, Россиядан шығып кеткен казаклар ҳәм 1918-жылы Коноплевтиң жазалаўшы экспедициясынан кейин Әмудәрья бөлиминен қашып шыққан ата түркменлер 1920-жылы бәҳәрде, Хийўа сорамынан Әмудәрья бөлимине қайтып келе баслады. Қайтып келиўшилердиң көпшилиги қыйын аўҳалда болды. Хийўада олар Жунайыд тәрепинен тоналды ҳәм зорлық-зомбылыққа ушырады.

Ревком бөлимниң барлық гражданларын кимде-ким өзи, ықтыярлы түрде „бизиң пролетарлық семьямызға келетуғын болса" оларды туўысқанларша қарсы алыўға шақырып, өтиниш жасады. Көшип өтиўши казакларға ҳәм ата түркменлерге, көшип өтиў ўақтында қандай жәрдем көрсетилсе, олардың суўғарылатуғын жер участкаларын өзлестириў ўақтында да сондай жәрдем көрсетиў барлық власть органларына миннетленди.

Әмудәрья бөлими рабочийлар, солдатлар ҳәм дийханлар депутатлары Совети орайлық партия ҳәм совет органларының жер-суў мәселеси бойынша көрсетпелерин иске асырыў ушын барлық илажларды көрди. 1920 жылы 10-июньде Петро Александровскте бөлим Советлери съездиниң делегатлары менен бирге Ревкомның кеңеси болып, онда Совет властының жер сиясаты ҳаққындағы мәселе додаланды. Кеңес қатнасыўшылары Совет властының жер мәселеси бойынша илажларын мақуллап, аўыл хожалығының барлық тараўларын, әсиресе пахташылықты раўажландырыўды күшейтиў зәрүр деп тапты.

Бул ўақытта Әмудәрья бөлиминиң аўыл хожалығы оғада аўыр жағдайда еди. Ақ казаклар ҳәм Жунайыд баспашылары бир қатар волостьлықларды талады ҳәм бүлгиншиликке салды. Көплеген аўыллар менен қышлақлардың халқы туўылған жерлерин таслап кетиўге мәжбүр болды, ал олардың мүлклери яки тартып алынды, ямаса баспашылар тәрепинен жоқ етилди.

Баспашылардың ҳәм уралльлардың кулак отрядларының қыйратыўшылық ҳәм талаўшылық ҳәрекетлеринен Шымбай уездиниң мийнеткеш халқы айрықша жәбир көрди. Совет әскерлери



www.ziyouz.com kutubxonasi

Закаспий фронты Әмударья группасынын командующийси Михайлов 1920-жылы 31-майдағы докладында: „Әмударьянын оң жағалығындағы, әсиресе Шымбай участкасындағы халықтың экономикалық ҳәм сиясий аўҳалы оғада аўыр ҳәм ҳәдден тыс жағдайда... Олардың аўҳалы шеп жағалаўдағы (Хийўадағы) Жунайыд баспашыларынын шабыўыллары ҳәм тонаўлары нәтийжесинде тағы аўырласып атыр.

Ҳәзирги ўақытта халық усы шабыўыллардан, сондай-ақ, Зайыр жүзлигинин Совет властына қарсы жүргизген урысынан, биротала ўайранланған ҳәм олардын аўҳалы оғала аянышлы",— деп жазды.

Әмударья бөлиминиң жалпы егислик майданы 1913-жылғы 62132 десятинадан 1917-жылы 57950 десятинаға шекем, ал 1920-жылы 47000 десятинаға шекем қысқарып кетти.

Аўыл хожалығы кем-кемнен натураллық характер алды, жоқары табыслы техникалық егин ғаўашаға қарағанда дәнли ҳәм бақша егинлеринин егисликлери басым орын ийелей баслады. Пахтанын жалпы өними 1917-жылғы 433 мың пудтан 1921-жылы 88 мын пудқа шекем төменледи. Солай етип, 1917-жыл менен салыстырғанда пахта жетистириў 4 есе, ғәлле 3 есе дерлик ҳәм от-жемлик егинлердиң өними 3,5 есе қысқарды.

Империалистлик ҳәм гражданлар урысы нәтийжесинде ирригациялық хожалық пүткиллей төмен жағдайға түсип қалды. Көп санлы суўғарыў қурылыслары баспашылар тәрепинен қыйратылды. Бир неше жыл даўамында суўғарыў тараўларында гезектеги оңлаў ҳәм тазалаў жүргизилмеди, олардан суў ағыў мүмкиншилиги кескин төменлеп кетти. Әмударья бөлиминдеги ири ҳәм майда маллардын бас саны 1917-жылғы 566 мын бастан, 1921-жылы 201 мың басқа дейин қысқарды.

Совет власты Әмударья бөлиминин мийнеткеш дийханларына ҳәр тәреплеме материаллық жәрдем көрсетти ҳәм аўыл хожалығын қайта тиклеў ушын шешиўши илажлар көрди.

Әмударья бөлими дийханларынын кескин мүтәжликлерин есапқа алып Түркстан Совет республикасы, Совет власты ушын қыйын мәҳәлде, дийханларға 35 миллион манат ссуда ажыратып шығарды. Бул ақшаға маллар ҳәм қурал-сайманлар сондай-ақ, егислик тухымлар сатып алынды, олардын барлығы шөлкемлестирилген артеллерге берилди. Дийханшылық мийнет артеллерине бирлескен батракларға ҳәм ең гедей дийханларға биринши гезекте жәрдем көрсетилди. Бул артеллер ен мүтәж дийханлардан, ең алды менен гедейлер аўқамы ағзаларынан, тек ықтыярлы келисим принциплери бойынша ғана шөлкемлестирилди. Ҳәр бир хожалыққа 6 танаптан жер участкасы бөлип берилди, 6 танаптан артық жер ийелеген дийханлар артельге қабыл алынбады. Ҳәр бир волостьта артельлерди шөлкемлестириў волостьлық атқарыў комитети, волостлық жер бөлими ҳәм волостлық гедейлер аўқамы ўәкиллеринен қуралған комиссияға тапсырылды. Артельдиң ағзалары мәмлекет тәрепинен аўыл хожалық қурал-сайманлары,



www.ziyouz.com kutubxonasi

ссуда, зәрүрлигине қарап, азық-аўқат, тухымлар менен тәмийинленди. Олар ҳеш қандай жалланба мийнетти қолланбаған, артель ағзаларының жалпы жыйналысында белгиленген норматив бойынша мийнет етти. Өним ҳәрбир хожалықтағы (семьядағы) жан санына қарай бөлистирилди. Өнимнин бөлистирилиўин бақлаў жер бөлиминиң миннетине жүкленди.

Артель мәпине берилген ссудалардың жумсалыўының үстинен бақлаў жүргизиў уездлик жер бөлиминин жалпы басшылығы астында волостлық атқарыў комитетлерине ҳәм волостьлық жер бөлимлерине тапсырылды. Усылайынша жерди коллектив болып ислеў ҳәм ссудалар менен қурал-сайманларды пайдаланыў урыс нәтийжесинде қыйралған дийханлар хожалығын қайта тиклеўге мүмкиншилик берди.

Солай етип, коллективлик хожалықлардың дүзилиўи Әмудәрья бөлиминде 1920-жылы-ақ басланды ҳәм Қарақалпақстанның дийханлар хожалығын коллективлестириў исиндеги дәслепки адым болды.

Дәслепки коллективлик хожалықлар кескин класслық гүрес жағдайында дүзилди. Байлар, кулаклар ҳәм реакцияшыл мусулман руханыйлары коллективлик хожалықларды шөлкемлестириўге ҳәр тәреплеме тосқынлық етти, бирақ олар дийханлардың ен гедей бөлегиниң бирлесиўге умтылыўларына иркиниш жасай алмады.

Қарақалпақстанның мийнеткеш дийханларына Совет властының ҳәр тәреплеме жәрдеми аўыл хожалығының, соның ишинде пахташылықтың кем-кемнен қайта тиклениўине мүмкиншилик туўғызды.

Мал шарўашылығын көтериў бойынша да илажлар көрилди. Шарўа мийнеткешлерге ҳәр қыйлы жеңилликлер, ақшалай қарызлар ҳәм т. б. жәрдем берилди.

Гедейлер аўқамы, профсоюзлар ҳәм мийнеткешлердиң т. б. массалық шөлкемлёриниң жәрдеми менен жергиликли партия ҳәм совет органлары граждanлар урысы менен сырт ел интервенциясының оғада қыйын жағдайында РКП(б) Орайлық Комитети ҳәм Совет ҳүкиметиниң Қарақалпақстанның халық хожалығын қайта тиклеў ҳәне социалистлик қайта қурыў бойынша көрсетпелерин жигерли түрде иске асырды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## *III бап*

# ҚАРАҚАЛПАКСТАН ХАЛЫҚ ХОЖАЛЫҒЫН ҚАЙТА ТИКЛЕЎ ДӘЎИРИНДЕ (1921—1925-ж.ж.)

## 1 ӘМУДӘРЬЯ ОБЛАСТЫНДА ЖАҢА ЭКОНОМИКАЛЫҚ СИЯСАТҚА ӨТИЎ

Совет халқы ақ гвардияшылар менен сырт ел интервентлериниң ҳүжимлерин табыслы қайтарып, парахат қурылысқа өтти. Елдиң алдында аўыр ўазыйпа—биринши жер жүзилик урыс ҳәм гражданлар урысы дәўиринде қыйраған халық хожалығын қайта тиклеў ўазыйпасы турды.

Халық хожалығын қайта тиклеўге өтиў аўыр халық аралық ҳәм ишки қыйын жағдайда иске асты.

Капиталистлик еллерде капитализмниң улыўмалық кризиси тереңлести, рабочий ҳәрекети кеңейди, колония ҳәм ғәрезли еллерде миллий-азатлық ҳәрекети күшейди.

Совет Россиясына капитал еллериндеги рабочийлар менен демократиялық күшлердиң кең массасының тилеклеслиги артты. Олар өз ҳүкиметлеринен Советлер ели менен саўда ҳәм дипломатиялық қатнасықлар орнатыўды талап етти. 1920—1921-жыллары совет ҳүкимети Европа ҳәм Азияның бир қатар еллери менен дипломатиялық қатнасықлар орнатты, дәслепки саўда келисимлерин дүзди. Иран, Афғанстан, Түркия менен өз-ара суверенитет ҳәм миллий ғәрезсизлик принциплери тийкарында дүзилген келисимлер үлкен халық аралық әҳмийетке ийе болды. Усылардың барлығы бизиң елимиздиң сыртқы сиясий аўҳалының жақсыланғанлығынан дәрек берди.

Бирақ, Батыстың империалистлери совет ҳүкиметине қарсы өз планларынан бас тартпады. Олар жас Советлер республикасында хожалық бүлгиншилигин сақлаўға ҳәм тереңлестириўге умтылды, оған қарсы тил бириктириўлер, топалаңлар ҳәм диверсиялар шөлкемлестирди, бизиң елимизге өзиниң халық хожалығын қайта тиклеўге ҳәм оны социализм жолы менен тағы да алға раўажландырыўға ҳәр тәреплеме қарсылық көрсетти

Империалистлердиң совет ҳүкиметине қарсы планларында Түркстан әҳмийетли орын тутты. Олар оны Совет властына қарсы гүрес плацдармларының бирине айландырыўға умтылды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Түркстан АССР ының Әмударья областы Бухара ҳәм Хорезм халық совет республикалары менен шегаралас болып, олар менен тығыз экономикалық, сиясий ҳәм мәдений байланыслар жүргизди Бирақ парахат халықты тонаған ҳәм адамларды өлтирген, егисликлерди өртеген, жолларды, көпирлерди ҳәм т. б. қыйратқан баспашылардың топылыслары парахат қурылысқа үлкен кесент етти.

Империалистлик ҳәм граждалық урыслардын ақыбетлери Түркстанның ишки аўҳалына жаман тәсир етти. Үлкенин экономикасы өндирис көлеми бойынша XIX әсирдиң екинши ярымындағы дәрежеге шекем пәсеңледи. Тараўлар арасындағы, ҳәр қыйлы районлар, аўыл хожалығы ҳәм санаат арасындағы экономикалық байланыслар оғада төменлеп кетти. Азық-аўқат ҳәм ең зәрүрли затлар жетиспеди, қағаз ақша қәдирсизленди

Әмударья областының аўыл хожалығы төменлеп кетти. Оның егислик майданы 1913-жылғы 90097 десятинадан, 1920 жылы 46330 десятинаға дейин қысқарды. Ең әҳмийетли аўыл хожалық егини—пахта егисликлери қайта тиклеў дәўириниң басында оғада қысқарған еди. Пахтаның улыўма өними 1922-жылы 1913-жылға салыстырғанда 12 есе азайды.

Шарўашылық та үлкен зыянға ушырады. Әмударья бөлиминде 1913-жылы 566 мың бас мал бар еди, ал 1920-жылы ол 315,6 мың басқа қысқарды.

Санаат та оғада күшли пәсеңледи. 1920 жылғы санаат есабын алыў бойынша область территориясында ислеп турған тек 6 кәрхана ғана есапқа алынған, революцияға дейинги 24 пахта тазалаў заводларынан тек Төрткүл пахта заводы ғана ислеп турды.

Урыс ўақтында Арал теңизиниң қубла жағалаўларындағы кәрханалар да зыянланды. Егер 1913-жылы 280 мың центнер балық аўланған болса, ал 1919-жылы 65,5 мың центнер балық аўланды.

Урыстың ақыбетлери Түркстанның басқа районларына салыстырғанда Қарақалпақстанның экономикалық ҳәм мәдений жақтан оғада артта қалғанлығы менен де аўырласты 1920-жылы Әмударья областы барлық хожалықларының 35 процентин қурайтуғын 22225 хожалықта 5 плуг, 948 тырма болды

Капиталистлик раўажланыўдың дәслепки басқышына кирискен Қарақалпақстанда патриархаллық-феодаллық қатнаслар үстемлик сүрди. Қарақалпақстанның сол ўақыттағы территориясында фабрика-завод санааты шын мәнисинде болмады. Революцияға дейин, барлық ярым өнерментшилик типиндеги пахта тазалаў заводларының қуўатлылығы барлығы болып 160 ат күши шамасындағы механикалық двигательге ийе еди. 1920-жылы Әмударья областында санаат есабы бойынша 462 өнерментшилик кәрханасы есапқа алынды. Санаат пролетариаты дерлик жоқ еди. 1920-жылы 6 санаат кәрханасында—81, ал өнерментшилик кәрханаларында 544 рабочий иследи. Солай етип, бир санаат кәрханасы орташа 13 жумыс ислеўшиге ийе болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Түркстан АССР ының, соның ишинде Әмудәрья областының да азық-аўқат аўҳалы оғада қыйын болды, ең зәрүрли азық-аўқатлардың базардағы баҳасы жоқарылап кетти

Партияның X съезди (1921-жыл март) әскерий коммунизм сиясатынан жаңа экономикалық сиясатқа (нэпке) өтиўде бурылыс пункти болды. Съезд тийкары развертканы азық-аўқат салығы менен алмастырыў болған партияның жаңа экономикалық сиясатын мақуллады. Азық-аўқат салығы азық-аўқат развертка-сынан аз болды ҳәм онын турақлы нормасы алдын-ала белгиленди. Азық-аўқат салығын төлеп болғаннан кейин, қалған барлық аўысықлары дийханның өз еркине қалдырылды, олар енди оны өзлеринин ықтыяры бойынша пайдалана алды. Усылардың барлығы аўыл хожалығының раўажланыўына дийханлардын қызығыўшылығын аттырды, елдиң пүткил экономикасының жанланыўына мүмкиншилик берди.

Жаңа экономикалық сиясаттың ҳаслы мәниси гражданлар урысы ҳәм сырт ел интервенциясы жылларында қәлиплескен рабочий класс пенен мийнеткеш дийханлардың әскерий сиясый аўқамын беккем экономикалық аўқам менен күшейтиўден, қала менен аўыл, санаат пенен аўыл хожалығы арасында экономикалық байланыс орнатыўдан ибарат болды.

1921-жылы 21-мартта Пүткил россиялық Орайлық Атқарыў Комитетинин сессиясы „Азық-аўқат ҳәм шийки зат развертскасын натурал салық пенен алмастырыў ҳаққында" ғы декретти бекитти, ал 28-мартта РСФСР Халық Комиссарлар Совети 1921—1922-жыллар ушын натурал салықтың муғдары ҳаққында декрет қабыл алды. Усы күни Халық Комиссарлар Советиниң басқа декрети менен развертска орынланған жерлерде ғәллени, дән-жем ҳәм картошканы еркин сатыўға руқсат етилди. Совет ҳүкиметиниң май (1921-ж.) декрети менен алмастырыў, сатып алыў ҳәм сатыў ҳуқуқлары аўыл хожалығы өнимлерине, майда ҳәм өнерментшилик санааты буйымларына ен жайдырылды.

РКП(б) Орайлық Комитетиниң Түркстан бюросы ҳәм Түркстан Компартиясы Орайлық Комитети X съезд қарарларын түсиндириў ҳәм оларды орынлаўға рабочийларды, дийханларды ҳәм республиканың барлық мийнеткешлерин мобилизациялаў бойынша үлкен жумыс жүргизди, Түсиндириў ҳәм шөлкемлестириў жумысларын жүргизиў ушын Түркстанның областьларына, уездлерине, қышлақларына ҳәм аўылларына көплеген басшы хызметкерлер жиберилди. Республиканың қышлақлары менен аўылларындағы массалық-сиясий жумысларға айрықша дыққат аўдарылды.

Партия менен совет ҳүкиметинин жаңа экономикалық сиясаты Әмудәрья областының мийнеткешлер массасы тәрепинен де қуўаныш пенен күтип алынды. Әмудәрья областы Советлериниң 1 айрықша съезди (1921-жыл август) азық-аўқат салығы ҳаққында арнаўлы мәселе қарады. Қабыл алынған резолюцияда съезд партияның жаңа экономикалық сиясатын қуўатлады. Онда, азық-



www.ziyouz.com kutubxonasi

аўқат салығын ис жүзине асырыў рабочийлар менен дийханлардын туўысқанлық аўқамын сөзсиз беккемлейтуғынлығы атап көрсетилди.

Түркстан жағдайында жана экономикалық сиясатты дурыс жүргизиў В. И. Лениннин, РКП(б) Орайлық Комитетинин ҳәм оның Түркстан бюросының үзликсиз дыққат орайында болды

Түркстан Компартиясынын VI съезди (1921-жыл 11—20-август) Түркстанның халық хожалығын қайта тиклеў ушын нэптин үлкен әҳмийетин атап көрсетти. Түркстан АССР ы Халық Комиссарлар Совети 1921-жыл 10-августтағы қарарында 1921—1922-жыллар ушын дийхан хожалықларынан алынатуғын азық-аўқат салығының мөлшерин анықлады. Бунда егислик майданы, оның өнимдарлығы ҳәм ири маллар менен майда маллардың бас саны есапқа алынды.

1921-жылы 31-августта Әмудәрья областьлық партия комитети, областьлық атқарыў комитети, рабочий-дийхан инспекциясы, областьлық жер бөлими, областьлық азық-аўқат комитети ўәкиллеринин мәжилиси болып онда Әмудәрья областы бойынша дәнли егинлерге натурал салығын енгизиў ҳәм дәнли егинлердин (бийдай, арпа, салы, тары, мәш ҳәм жүўери) бир танабынан алынатуғын зүрәәтлиликти анықлаў мақсетинде областьты районларға бөлиў ҳаққында мәселе қаралды. Область Шымбай, Дәўқара, Таллық ҳәм Шорахан районларына бөлинди.

## 2. ӘМУДӘРЬЯ ОБЛАСТЫНЫН ХАЛЫҚ ХОЖАЛЫҒЫН ҚАЙТА ТИКЛЕЎ

Нэп областьтың экономикалық турмысының жанланыўына мүмкиншилик берди. 1921-жылғы дәслепки егис мапазы бир қанша шөлкемлескенлик пенен өтти. 1921-жылы 25-февральда Әмудәрья егис комитети дүзилди. Областьтың волостьларында, қышлақларында ҳәм аўылларында егис комитетлери дүзилди.

Ирригация хожалығын жақсылаў бойынша үлкен жумыслар жүргизилди. 1921-жылы бәҳәрде Шорахан уездинде Шорахан (ҳәзирги Пахта Арна) каналы, ал Шымбай уездинде Қуўаныш жарма каналы менен Кегейли каналынын сағасы кеңейтилди. Сондай-ақ көплеген ири ҳәм майда жаплар тазаланды. 1921-жылы натураллық миннет тертибинде 135) шақырым узынлықтағы жапларды тазалаў жумыслары исленди ҳәм 285 шақырым узынлықтағы суўды иркиўши бөгет ҳәм суў қашыртқыш оңланды

Областьтын Ревкомы ҳәм баска да органлары ирригациялық жумыслар ўақтында дийханларға, әсиресе гедейлерге жәрдем көрсетти. Мысалы, оларға ҳәр адамға 2 қадақтан жуўери ҳәм ярым қадақтан гөш берилди Түркстан АССР ы ҳүкимети тәрепинен финанс жәрдеми де көрсетилди. Түркстан АССРы Жер Халық Комиссарлығы 1921-жылы 9-апрельде ирригация тараўларын қайта тиклеў ушын Әмудәрья областының суў хожалығына 6751 мың манат бөлип шығарды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ирригация бойынша жүргизилген жумыслар өткен жылларға салыстырғанда жерлерди егиске жақсырақ таярлаўға мүмкиншилик берди.

1921-жылы 1-мартта Төрткүлде аўыл хожалық хызметкерлериниң съезди шақырылып, оған 46 делегат қатнасты. Съездде егис разверсткасы, маллар ҳәм қурал-сайманлар, ирригация жумысларын шөлкемлестириў, қаржылар ҳәм материаллар, пахта, егиси ҳаққындағы мәселелер қаралды. Съезд областтын мүмкиншилигин есапқа алып, 1921-жыл ушын егис майданы көлемин 61 мың десятина етип белгиледи. Съездде мақулланған егис майданы соң Түркстан АССР ы ҳүкимети тәрепинен бекитилди.

Дийханларға тухым. күш-көлик ҳәм қурал-сайманлар бойынша жәрдем берилди Мысалы, 1921-жылы апрельде олар мәмлекеттен 200 ат, үш мың пуд бийдай, сондай-ақ 200 өгиз ҳәм 80 түйе алды.

Қурал-сайманлардан ен зәрүрлилери: кетпен, бел, шығыр ҳәм т. б жетиспеди. Оларды таярлаў ушын темир болмады. Хорезм областына алып барып темирге алмастырыў мақсетинде Шымбайда жуўери көтере сатып алынды, гөне аўыл хожалық қуралсайманларын оңлаў ушын волостьларда артеллер дүзилди. Халық хожалығы Совети Хорезм областында 300 шығыр соғыўды тапсырды, ал областьтың ревкомы 200 шығыр комплектин таярлаў ушын 30 миллион манат бөлип шығарды.

Түркстан АССРы ҳүкимети область дийханларына қолынан келген жәрдемин көрсетти Орайдан 5 мың пуд бийдай ҳәм 2 мың пуд арпа жиберилди, оннан басқа областлық егис комитетине областлық азық-аўқат комитетинен қосымша 6 мын пуд тары, 6 мың пуд мәш, 500 пуд гүнжи, 21 мың пуд жуўери алыў ҳаққында буйрық берилди. ТАССРы ҳүкимети Әмударья областы ҳәм Хорезм республикасы дийханлары ушын 25 мың пуд тухым шигит жиберди. 1921-жылы апрельде область кооперативлери 7519 пуд тухым шигит, соның 2206 пудын Шымбай уезди алды.

1921-жылы аўыл хожалық артельлерин ҳәм совхозлар шөлкемлестириўге ҳәрекет исленди. 1921-жылы бәҳәрде ҳәм жазда областьта 711 ағзаға ҳәм 1100 десятина жерге ийе болған 85 артель, сондай-ақ тәжирийбе атызлары болып хызмет еткен кишкене совхоз дүзилди. Областьлық жер бөлими оларға күш көлик ҳәм қурал-сайманлар менен жәрдем көрсетти. 1921-жылы июньде областьлық атқарыў комитети артеллерге ҳәм жарлы дара хожалықларға жәрдем көрсетиў мақсетинде күш-көлик ҳәм аўыл хожалық қурал-сайманларын сатып алыў ушын 20 миллион манат қаржы бөлип шығарды 1921-жылы аўыл хожалық артельлери областлық жер бөлиминен арендалық басламалар да 600 бастан көбирек күш-көлик ҳәм 888 ҳәр қыйлы дийханшылық қурал-сайманларын алды.

Кем-кемнен пахташылық та қайта тиклене баслады 1921-жыл 11-майда областьлық атқарыў комитети өз буйрығында Түркстан



www.ziyouz.com kutubxonasi

республикасы Халық Комиссарлар Совети телеграммасынын мазмунын жәрияладьı, пахтакешлерди миннетли жүк тасыў (арбалы, шаналы ҳәм т. б.) және мийнет етиўден қутқарыў ҳаққында ҳәм оларға мәўсимли жалланба мийнеттен пайдаланыў ҳуқуқы берилгенлиги және оларда мийнет нормаларынан артық жер майданларынын қалдырылатуғынлығы айтылған.

Түркстан республикасы Халық хожалығы совети қапталындағы пахташылық комитетинин Әмудәрья пахташылық бюросы 1921-жыл 1-сентябрьде Әмудәрья атқарыў комитети тәрепинен тастыйықланған буйрық шығарып, онда пахта ҳәм онын мамығы мәмлекетлик монополия деп дағазаланды, оның менен жекке саўда ислеў бийкар етилди. Усы буйрыққа муўапық кооперативлерге кирген ҳәм оларға кирмеген дийханлар өзлеринин пахталарын мәмлекетлик заводларға, көтере сатып алыў пунктлерине, кооперативлерге, ал кооперативлер болмаған жерлерде егис комитетлерине тапсырыўы тийис болды

Барлық қабыл алынған илажлар Әмудәрья областы дийханларына аўыл хожалық егинлеринин, соның ишинде пахтанын егис планларын табыслы орынлаўға имканият туўғызды.

Нәпке өтиў менен саўда үлкен әҳмийетке ийе болды. Түркстан АССРы Халық Комиссарлар Советинин 1920-жыл 3!-декабрьдеги декрети тийкарында туркбон пайдаланыўдан қалды. 10 туркбон 1919-жылдын 1-январы менен 1921-жылдын 1-марты аралығындағы үлгидеги 1 манатлық РСФСР ақша белгисине алмастырылды. Түркстан республикасы бойынша 1919-жылғы үлгидеги ақша белгисине алмастырылған туркбоннын муғдары 53451,0 миллион манат, соның ишинде Әмудәрья областы бойынша 1183,3 миллион манат болды. Бирақ, бул ақша белгиси қәдиринин төменлеўин тоқтата алмады, оның муғдары 1921-жылдын ақырына келип, тағы кескин көбейип, азық-аўқатлардын баҳасы тез өсип кетти.

1917-жылғы есап бойынша Әмудәрья бөлими территориясында 6 районлық базар болды. 1921-жылы июльде Төрткүл базарында бийдай унынын пуды 1800 манат, қара мал гөшинин қадағы 1986 манат, қой гөшинин қадағы 1716 манат болды. 1921-жылы базарлар жекке адамларға берилди, олар мәмлекетке дийханлардын ҳәм шарўалардын ўәж-буйымларынан жыйнап алғанларынан 10% тен азырақ арендалық төлем төледи. Усындай жол менен жекке саўдагерлер гедей-дийханлардын есабынан оғада көп байлық жыйнады.

1921-жыл 1-декабрьден баслап кәсипшилик салығы ҳаққында жаңа реже енгизилди, оған муўапық монополияластырылмаған ўәжлердиң барлық түри менен шекленбеген муғдарда ҳеш қандай тосқынлықларсыз саўда ислеўге руқсат етилди. Усыған байланыслы 1922-жыл 1-январьдан баслап областьтын барлық базарларын тутыныўшылар жәмийетинин областьлық союзына бериў үлкен әҳмийетке ийе болды. Бунын ушын областьлық союз, 1922-жыл 1-январьдан баслап, коммерциялық басламаға өткен



www.ziyouz.com kutubxonasi

коммунальлық бөлимге 350 миллион манат арендалық төлем төлеўи тийис болды.

1921-жылы Әмудәрья областы ғәлле ҳәм басқа аўл хожалық өнимлери менен тек өзин ғана тәмийинлеп қоймастан, ал Қазақстан ҳәм РСФСР дың ашырқап атырған халқына да қолынан келген жәрдемин көрсетти.

1921-жылы Мойнақтың, Аральск менен Қазалынын ўәкиллери Шымбай уездине келип, азық-аўқат комитетине усы қалалардын балықшыларына ғәлле бойынша жәрдем көрсетиўди өтиниш етти. Шымбай уездинен оларға 3500 пуд ғәлле жиберилди,

Қурғақшылық ҳәм зүрәәтсизлик нәтийжесинде Россиянын ашырқаған мийнеткешлерине Қарақалпақстан мийнеткешлеринин көрсеткен жәрдеми олардың үлкен интернационаллық иси болды.

1921-жылы Поволжьеде, Арқа Кавказда ҳәм Украинаның қубласында ашлық 30 миллионнан аслам адамды қамгыды. Ашырқағанларға жәрдем көрсетиў улыўма халықлық ис болды. 21 июльде „Правда"да партия Орайлық Комитетинин „РКП (б) нын барлық шөлкемлерине, барлық ағзаларына" хаты жәрияланып, онда „стихиялық апатқа қарсы планлы үзликсиз гүрести тоқтаўсыз шөлкемлестириўге, ашырқаған халыққа жәрдем көрсетиўдиң күдиретли шөлкемин дүзиўге" шакырылды. Пүткил ел жәбир көрген районларға туўысқанлық жәрдем көрсетти.

РСФРС Халық Комиссарлар Советги Түркстан АССР ында зүрәәттин жақсы болғанын еске алып, 1921-жылы июльде республика ҳүкиметинен 250 мың пуд ғәлле жибериўди сорады. 14-июльден баслап-ақ Поволжьенин ашырқаған халқына жәрдем көрсетиў мапазы басланды. 1921-жыл 29-июльде 20 вагонға ғәлле жүклеген дәслепки маршрутлы поезд Түркстаннан жөнеп кетти. Түркстан АССР ы Россияның ашырқаған халықына 600 мын пуд ғәлле берди. Ал Поволжьеден келген 200 мыңға шамалас адам республикаға қонысландырылды.

Әмудәрья областынын мийнеткешлери де ашырқағанларға қолынан келген жәрдемин көрсетти. 1981-жыл 8 августта ашырқағанларға областьлық жәрдем көрсетиў комиссиясы шөлкемлестирилди. Усындай комиссиялар Шымбай уездинде ҳәм волостьларда да шөлкемлестирилип, олар ашырқағанларға жәрдем көрсетиў бойынша әдеўир жумыслар жүргизди. 1921-жылдың 11-августынан 17-ноябрине шекем область мийнеткешлери ашырқағанларға жәрдем фондына 17 миллион манатқа шамалас ақша ҳәм 923 пуд ғәлле берди. Буннан тысқары саўдагерлерден конфискаланып алынған ҳәр қыйлы қымбат баҳалы затлар, маллар комиссияның ықтыярына берилди. Ашырқағанларға үлкелик жәрдем комиссиясының ықтыярына барлығы болып, 15 миллион манаттан аслам ақша жиберилди. 1921-жылы 2-ноябрьде областьлық атқарыў комитети Ташкентке 800 пуд (160 қалта) ғәлле жиберилсин деп буйрық берди. Ашырқағанлардан 900 адам Әмудәрья областында бас пана тапты, олар турақ жай, кийим-кеншеклер ҳәм азық-аўқат пенен тәмийинленди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ашырқағанларға Арал балықшылары да үлкен жәрдем көрсетти. 1921-жылы 7-ноябрьде В. И. Ленин „Арал теңизиндеги балықшы рабочий жолдасларға", қаратылған өз үндеўинде Россияның ашырқаған халқына жәрдем көрсетиўди өтиниш етти. Көсемнин үндеўине жуўап ретинде Арал балықшылары 1921-жылдың ақырында 14 вагон қам балық жиберди. Буннан кейинги жыллары да балық өнимлеринин үлеси барған сайын көбейип барды.

Әмударья областының халық хожалығын қайта тиклеўде Орта Азия республикаларын экономикалық жақтан бирлестириў оғада үлкен әҳмийетке ийе болды. 1922-жылы майда РКП(б) Орайлық Комитетиниң ҳәм РКП(б) Орайлық Комитетинин Орта Азия бюросының қарарларында конкрет илажлар ислеп шығылып, онда Орта Азия халықларының турмыс ҳәм миллий өзгешеликлери есапқа алынды. 1922-жылы жазда Түркстан Орайлық Атқарыў Комитети ўақым жерлерди бурынғы ийелерине қайтарып бериў, қазы ҳәм бий судларына руқсат етиў ҳаққында декрет қабыл алды. Қатардағы жай баспашыларға кеширим берилди. Бул илажлар кен мийнеткешлер массасын совет ҳәм хожалық қурылысына тартыўға және Орта Азиядағы баспашылардың қалдықларын сапластырыўға жәрдемлести.

Әмударья областын хожалық жағынан қайта тиклеў партия ҳәм совет органларының, мийнеткешлердин тийкарғы ўазыйпасы болды.

1921—1922-жыллардың қысы аўыл хожалығы ушын қолайлы болып, ирригациялық жумысларды тез жүргизиўге жәрдемлести. 1922-жылдың январынан 1-октябрине шекемги аралықта 176 ҳәр қыйлы ирригациялық жумыслар өткерилди. 1500 шақырымға шамалас узынлықтағы суўғарыў тараўлары тазаланды, 255 шақырым суў иркип турыушы қашылар онланды. Барлық усы оғада үлкен жумыслар мийнеткешлер массасының күши менен жүргизилди. Мысалы, Шымбай суў хожалығы районы—Кегейли суў системасы бойынша ирригациялық жумысларға 1922-жылдың 23-мартынан 23-апрельине шекемги аралықта 7670 қазыўшы қатнасып, соннан тек 1100 адам ғана байлар хожалығы есабынан болды

1922-жылы республика ҳүкимети ирригациялық жумысларға 156 миллион манат бөлип шығарды. Мәмлекет 1922 жылғы егис мапазын өткериўде де дийхан хожалықларына қолынан келген жәрдемин көрсетти. Гелей хожалықлар мәмлекеттен 1812 пуд тухым, 186 пуд картошка, 251 ат, 171 өгиз, 169 түйе, , сыйыр, қой, 81 пазна, 292 бел, 137 кетпен, 20 тырма ҳәм 60 шығыр алды. Егис мапазын шөлкемлестириўге ҳәм өткериўге барлығы болып 200 миллион манат ажыратылды.

1922-жылы Әмударья областында 4 совхоз, сондай-ақ, бир неше агрономиялық пункт жумыс жүргизип, оларда жақсы нәтийжелер беретуғын жүўери ҳәм пахтаның тәжирийбе участкалары болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Нэптиң дэслепки гезинде шарўашылық оғада эстелик пенен қайта тикленди. Маллардын бас саны областьта 1921-жылғы 201 мыннан 1922-жылы 233 мыңға көбейди.

Мэмлекетлик ҳэм партиялық органлар шарўаларға қолынан келген жэрдемин көрсетти 1922-жылы шарўашылықты көтериў ушын 25 миллион манат ажыратылды

Аўыл хожалығының эсиресе пахташылықтың раўажланыўы область санаатынын, соның ишинде пахтатазалаў ҳэмтери иилеў санаатынын кем-кемнен жанланыўына алып келди.

Область санааты эстелик пенен қайта тикленди. Ол аўыл хожалығынан күшли ғэрезли болды ҳэм халықты ең зэрүрли ўэжлер менен тэмийинлеўге бағдарланды. Мысалы, 1921-жылы тек еки қараз (биреўи Төрткүлде, күнине 250 пуд, ал екиншиси Шымбайда, суткасына 100 пуд өним ислеп шығарды). Төрткүлде гарнизон клубына, совет мэкемлеринин бир бөлегине ҳэм т. б. орынларға хызмет көрсетуғын электрстанция жумыс иследи.

Санааттың усындай жағдайда болыўы областта, Халық хожалығы Советиниң сақланыўына зэрүрлилик туўдырмады. Сонлықтан 11-августта Халық хожалығы Советн сапластырылды ҳэм оның орнына Түркстан АССР ы Орайлық Халық хожалығы Советиниң (оның Президиумына тиккелей бағынатуғын) Областьлық санаат бюросы дүзилди. 1921-жыл 1-декабрьде санаат бюросының орнына Эмудэрья областьлық атқарыў комитетиниң бөлими ҳуқуқы берилген экономикалық кеңес (ЭКОСО) дүзилди

Областьтың санаатын қайта тиклеўге Түркстан АССР ы ҳүкимети, партия, совет органлары үлкен дыққат аўдарды. Область Советлери Съездлеринде (1921.жыл апрель июль) ҳэм биринши областьлық партия конференциясында (1921-жыл июнь) санаат мэселеси қызғын талқыланды ҳэм оны көтериў бойынша илажлар ислеп шығылды.

Эмудэрья областында санаатты қайта тиклеў ҳэм раўажландырыў ушын жанармай жетиспеди. Түркстан АССР ы Халық хожалығы Советиниң буйрығы бойынша Чаржоў нефть склады областька барлығы болып 1101 пуд 153 мың манатлық жанармай нефть, лампамай, машина майы жиберди

Нэп ке өтиў менен жекке кэрхана ийелеўшилер активлести. Жоқарыда көрсетилгениндей-ақ, 1921-жылдың ақырында, областьта қолында бар барлық буйымлары менен еркин саўда жасаўға руқсат етилди. 1922-жылы областьта 200 ге жақын майда саўда кэрханасы иследи. Жекке кэрхана ийелери, областтағы белгили заводшылар Мануилов, Сазонов ҳэм т. б. өз жумысларын ен жайдырды. Мысалы, Мануилов өз кэрханасында үш рет сабын қайнатыў арқалы 700 миллион манат нақ пайда алды.

Өнерментшилик санааты да белгили дэрежеде раўажланды 1924-жылдың басына областьта 521 өнерментшилик кэрханасы болды, соның 477 си азық-аўқат өнимлерин жетистирди. Сондай ақ, бөз /мата/, сабын, тери, гилем жетистиретуғын өнерментшилик өндирислери ен жайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дәслепки өнерментшилик артельлери пайда болып, оларда ислеў ушын ҳаял-қызлар ҳәм өнерментлер тартылды. 1920-жылы-ақ 44 өнерментшилик артелинде 507 ҳаял-қыз жумыс иследи. 1922- жылы артельлер 1370 өнерментти бирлестирди.

Солай етип, нэптиң дәслепки жылларында-ақ областтың экономикалық ҳәм мәдений жақтан әдеўир артта қалыўшылығына қарамастан, оның аўыл хожалығын, санаатын ҳәм экономикасының басқа да тараўларын қайта тиклеўде белгили табыслар қолға киргизилди.

Түркстан Компартиясының 1923-жылы мартта болған VII съезди резолюцияларында РКП(б) Орайлиқ Комитетиниң 1922-жыл 11-январдағы тарийхый көрсетпелерин иске асырыў нәтийжесинде Түрсктан халық хожалығының көтериле баслағанлығы атап көрсетилди. Съезд материалларында экономиканы, әсиресе пахташылықты буннан былай раўажландырыўға үлкен дыққат аўдарылды. Съезд партияда жоқ рабочийларды ҳәм дийханларды совет аппараты жумысларына кең тартыўдың ҳәм мийнеткешлер массасына партия шөлкемлериниң басшылығын күшейтиўдиң зәрүрлигин атап көрсетти.

Түркстанның, соның ишинде Әмудәрья областының халық хожалығын, жәмийетлик-сиясий турмысын ҳәм мәдениятын буннан былай раўажландырыў ушын РКП(б) XII съездиниң (1923-жыл апрель) қарарлары үлкен әҳмийетке ийе болды.

Съезд партияның халық хожалығын қайта тиклеў ушын гүресиниң еки жыллық тәжирийбесин жуўмақластырды ҳәм оны буннан былай да раўажландырыўдың жолын белгиледи.

Съездде додаланған тийкарғы мәселелердиң бири миллет мәселеси болды. Партияның миллет сиясаты тараўындағы нәўбеттеги ўазыйпасы бурын езилген халықлардың ҳақыйқат теңсизлигин ҳәм уллы державалық шовинизм менен жергиликли буржуазиялық миллетшиликтиң қалдықларын сапластырыўдан ибарат болды.

Түркстан жағдайында XII съезд қарарларын дурыс иске асырыў ушын, Түркстан партия ҳәм совет шөлкемлериниң алдында турған ўазыйпаларды конкретлестирип көрсеткен РКП(б) Орайлық Комитети сиясий бюросының 1923-жыл 10-майдағы қарары оғада үлкен әҳмийетке ийе болды.

1923-жылы июньде РКП(б) Орайлық Комитетиниң миллий республикалар ҳәм областьлардың жуўапкерли хызметкерлери менен IV кеңеси болып өтип, оның қарарларында партияның XII съезди көрсетпелерин иске асырыў бойынша практикалық илажлар белгиленди.

Түркстан Компартиясы Орайлық Комитетиниң 1923-жыл июль Пленумы „РКП(б) XII съезди ҳәм миллет мәселеси бойынша IV кеңес қарарларын иске асырыў тараўындағы илажлар ҳаққында" қарар қабыл етип, онда партия ҳәм совет жумысларына, халық хожалығына жергиликли миллет ўәкиллеринен кадрлар таярлаў бойынша илажлар нәзерде тутылды, қарарда кең сиясий саўат



www.ziyouz.com kutubxonasi

ашыў тараўларын дүзиўдиң мәкемелердеги ислерди отырқшы халықтың тилинде жүргизиўдиң зәрүрлиги атап көрсетилди.

РКП(б) XII съездиниң ҳәм Түркстан АССР ы басшы партия органларының қарарлары Әмудәрья областы партия шөлкемлериниң де ҳәрекет етиў программасы болды. Областьта РКП(б) XII съезди материалларын түсиндириў бойынша кең мапаз өткерилди.

1923-жылы 26—28-май күнлери Түркстан Компартиясы Әмудәрья обкомының пленумы болып. онда Шымбай уездинде совет, партия органларын, „Қосшы“ Союзын бай ҳәм руханый элементлерден тазалаўға, совет мектеплериниң кең тараўларын раўажландырыўға айрықша дыққат аўдарылды. Пленумда қабыл алынған қарарда: „пленумға дейин совет мәкемелерине атқарыў бюросының басшылығы жеткиликсиз болды, сонлықтан пленум областьтың совет-хожалық органлары үстинен, әсиресе аўыл хожалығы, салық иси, ирригация, халық билимлендириўи тараўлары бойынша басшылықты ҳәм қадағалаўды күшейтиўди зәрүр деп есаплайды. . .“,—деп атап көрсетилди.

Ирригация тараўларын қайта тиклеў ҳәм раўажландырыў бойынша кең илажлар белгиленди. Областьлық атқарыў комитетиниң қарары бойынша жергиликли бюджеттиң 25% и ирригация қурылысларына ажыратылды. 1924-жылы Совет мәмлекетиниң Түркстан ирригациясына ажыратқан қаржетинен Әмудәрья областына 180 мың манат бөлип шығарылды. Каналлар кеңейтилди ҳәм узайтылды, ески қашылар беккемленди, жаңа қашылар салынды ҳәм т б. Усының барлығы суўғарып егилетуғын егислик жерлердиң кеңейиўине алып келип, ол 1924-жылы 54816 гектарға жетти.

1923-жылы тек ғаўашаның өзи 2264 десятина жерге егилип, оннан 209797 пуд зүрәәт жыйнап алынды, Усы жылы областтың барлық товарлы өндирисиндеги пахтаның тутқан орны 47,3% болды

Пахташылық пенен тийкарынан кем куўатлы гедей хожалықлары шуғылланды, пахташылықты раўажландырыў мақсетинде мәмлекет оларға жәрдем берди. Областьтағы барлық хожалықлардың 90% ин гедей хожалықлары қурап. олар еле оғада артта еди. Байлардың. руханыйлардың. сондай-ақ майда саўдагерлер менен сүтхорлардың, алып сатарлардың ҳәрекетлериниң толық шекленбегенлиги пахташылықтың раўажланыўына иркиниш жасады.

Партияның областлық комитетиниң бюросы өзиниң 1924-жыл 24-марттағы мәжлисинде „Пахта мапа^ындағы дәлдалшылық ҳаққында“ мәселе қарап, арнаўлы комиссияға „пахта ушын төленетуғын ақшаның бир бөлимин алдын ала бериўди шөлкемлестириў бойынша илажлар таярлаўды тапсырды. ал пахта заводларының басқарыўшыларына жеке дәллалшы алып-сатарларды ҳәзирги пахта мәўсимине қатнастырмаў мақсетинде ис алып барыўды“ ҳәм Түркстан республикасының басқа областларына



www.ziyouz.com kutubxonasi

қарағанда төмен болған пахтаның сатып алыў баҳасын теңлестириў мәселесин анықлаўды усыныс етти

1924-жылы тек Шорахан уездиндеги пахта егиўшилер 203912 манат 95 тийин муғдарында аванс алды. Буннан тысқары, пахтакеш—дийханлар азық-аўқат салығынан, жүк тасып бериў және т. б. миннетлерден азат етилип, тухым, ғәлле ҳәм мануфактура менен тәмийинленди.

Дийхан хожалықларын майда саўдагер—алып-сатарлардан қорғаўда кооперация үлкен роль ойнады. Экономикалық кеңес пленумының 1923-жыл 2-марттағы қарары бойынша тутыныўшылар аўл хожалық кооперациясы жаңа кооперативлик бирлеспеге—„аўыл хожалық кредитине" айландырылды. Областьлық атқарыў комитетиниң жер бөлими аўыл хожалық кредитине 463 бас күш-көлик. 32 двигатель. сондай-ақ 1922-жылы дийханларға берилген тухым қарызларын (5 мың пуд ғәлле) жыйнаў ҳуқуқын берди. Аўыл хожалық кредити 4 совхозды ҳәм т. б. арендаға алды.

1924-жылы 15-июньде Түркстан Компартиясы обкомының шөлкемлестириў бөлими коллегиясының мәжлисинде областта „кооперация дүзиў ҳаққындағы„ мәселе додаланды. Онда Әмударья областы ушын кооперацияның қолайлы формасы дийханлардың аўыл хожалық кооперативлери болып есапланады деп уйғарылды. Қабыл алынған қарарға муўапық барлық бурынғы кооперативлер сапластырылды, ал олардын қаржылары жанадан шөлкемлестирилип атырған аўыл хожалық кооперативлерине берилди.

1924-жылдың ақырына Шорхан уездинде 12 аўыл хожалық сериклиги ҳәм 1 аўыл хожалық аўқамы, Шымбай уездинде 16 аўыл хожалық сериклиги ҳәм 1 аўыл хожалық аўқамы жумыс иследи. 1925 жылдын 1-ноябрине Төрткүл ҳәм Шымбай округинде аўыл хожалық сериклери 3080 дийхан хожалығын ямаса барлық дийхан хожалықларынын 12,2% ин бирлестирди.

Усы дәўирде областтын жер органлары үлкен жумыслар жүргизди. Олар 1923—1924-жыллары 33348 десятина мәмлекетлик жер фондын ҳәм мийнет етпейтуғын хожалықлардағы 6300 десятинаға жақын жерди есапқа алды. Усы жыллары жер комиссиясы жерсиз 507 хожалыққа 1147 гектар жер бөлип берди. Жер менен тәмийинлеў жумыслары халық хожалығын қайта тиклеў ўақтында жаңа ғана басланып, айрықша қыйын жағдайларда жүргизилди Партия конференциясы Түркстан Компартиясы Орайлық Комитетинин есабы бойынша қарарында „Мийнет етпейтуғын хожалықлардың (байлар ҳәм т. б.) жерлерин есапқа алыў және батраклар ҳәм ең гедей дийханларға бериў бойынша жер менен тәмийинлеў жумысларын күшейтиўге" бағдарланған Орайлық Комитеттиң тутқан бағытының дурыслығын қанаатланыўшылық пенен көрсетип өтти.

Мал шарўашылығын қайта тиклеўде де табыслар қолға киргизилди. Мәмлекет Қарақалпақстан шарўаларына үлкен жәрдем көрсетти. Жарлы шарўа хожалықлары салықлардан азат етилди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мысалы, тек 1923—1924-жыллары Шорахан уездинде 15 мын шарўа салықлардан азат етилди. Гедей хожалықларға мал бөлистирип берилди. Жер бөлими алған төллеринин 35% ин дийханның пайдасына бериў шәрти менен майда шарўаларға 230 қаракөл қой бөлистирип берди.

Совет властының жәрдеми ҳәм шарўалардың жигерли мийнети жақсы нәтийжелер берди. 1924-жылы-ақ маллардың бас саны урысқа дейинги дәрежесиниң 83% ине яғный 471522 басқа жетти.

Бирақ, еле көплеген хожалықлардың пүткиллей малы жоқ еди. 1924-жылдың басында 3 мыңға шамалас хожалықта ҳеш мал болмады, ал 13 мың хожалықтың сыйыры болмады

Советлердин IX областьлық съезди (1923-жыл ноябрь) дийхан хожалықларының аўҳалын жеңиллестириўге бағдарланған бир қатар қарарлар қабыл етти. Съезд: „аўыл хожалығы салығынан азат етиў ушын тухым маллардың дизимин алыў бойынша илажлар көрилсин“, —деп қарар етти, „барлық пахта егисликлерин аўыл хожалығы салығынан миннетли азат етиўдин зәрүрлигин“ тастыйықлады ҳәм областьлық атқарыў комитетинин жанадан сайланған составына „ирригациялық миннетлердиң басқа районларға қарағанда Әмудәрья областында әдеўир артық екенлигин“ еске алып, салықты усыған муўапық азайтыў ҳаққында орайдын алдына мәселе етип қойыўды тапсырды.

Түркстанның басқа областьларына қарағанда Әмудәрья областында аўыл хожалығы жумысларын жүргизиў бир қанша көбирек мийнет жумсаўды талап ететуғын еди. 1923—1924-жыллардағы ирригациялық жумысларға халықтың жумсаған қаржысы Фергана областындағы усындай жумысларға жумсалған қаржыдан 5,3 есе артық болды. Областта майда дийхан хожалықлары басым болды. Мәселен, Шымбай уездинде хожалықлардын 84,6% иниң тек 3 десятинаға жақын, 14,7% инин —3 тен 10 десятинаға жақын, 0.7% иниң 10 десятинадан көбирек жери бар еди. Солай етип халық хожалығын қайта тиклеў дәўиринде Қарақалпақстанның аўыл хожалығында майда гедей дийхан хожалықлары басым орын ийеледи.

1924—1925-жыллар ушын турақлы аўыл хожалық салығы ҳаққынағы режениң шәртлери бойынша салықтын барлық түрлери ақшалай алынды. Әмудәрья областы атқарыў комитетиниң 1924-жылы 17-сентябрьдеги қарары бойнша бир де малы жоқ ҳәм егислик жери 1/4 десятинадан артық болмаған хожалықлар турақлы аўыл хожалық салығынан азат етилди. Сондай-ақ, составында мийнетке жарамлы 18 ден 60 жасқа дейинги ер адам ҳәм 16 дан 55 жасқа дейинги ҳаял-қыз болмаған хожалықлар да салықтан азат етилди. Бул женилликлер саўдадан, санааттан ҳәм аўыл хожалығы менен байланыслы емес басқа да дәреклерден түсирим-пайда алып отырған хожалықларға ен жайдырылмады.

Солай етип Совет властынын салық сиясаты жарлы дийхан хожалықларының мәпин гөзледи ҳәм олардын хожалығын қайта



www.ziyouz.com kutubxonasi

тиклеўге жəне буннан былай да раўажландырыўға мүмкиншилик туўғызды.

Суўдың болмаўына, шегирткениң зыян келтириўине, суўықтың ерте түсиўине ҳəм т. б, байланыслы 1924-жыл областьтың аўыл хожалығы ушын қыйын жыл болды. Сонлықтан жыйнап алынған өним (пахтадан басқасы) 1923-жылғыдан 50% аз болды. Соған қарамастан, көпшилик дийхан хожалықлары аўыл хожалық салығын өз ўақытында төледи. 1924-жылдың 18-ноябринен 1925-жылдың 1-февралына шекемги аралықта Əмудəрья областында 313723 манат муғдарында салық жыйналды.

Аўыл хожалығының көтерилиўи, оның жетекши тараўы болған пахташылықтың дəслепки табыслары пахта тазалаў санаатының раўжланыўына мүмкиншилик туўғызды. 1924-жылы Төрткүл пахта заводы тек Шорахан уезди дийханларынан 202933 пуд пахта қабыл алды. Оның өним шығарыўы 1922-жылғы 178,3 тоннадан 1924—1925-жыллары 2731,2 тоннаға дейин өсти. Заводта 1922-жылы 26 адам ислеген болса, ал 1924—1925 жыллары онда 52 штатлы рабочий ҳəм 161 мəўсимли рабочий жумыс иследи.

1924-жылы областьтың май шығарыўшы санаатының өними айына 52200 манат болды, 1925-жылы сабын қайнатыўшы завод 1500 пуд сабын қайнатып шығарды.

Арал тенизиниң Кубла жағалаўындағы балық аўлаў бир қəлипте өспеди. 1923-жылы 272 мың пуд балық аўланған болса, ал 1924-жылы 85 мың пуд ғана балық аўланды, Ол ўақытлары балық аўлаўда жеке меншик ийелериниң үлеси еле басым болды. 1923-жылы жеке меншик ийелериниң қолындағы 22 балықшылық кəсип орны барлық аўланған балықтың 62,7% ин берди. Буннан, мəмлекетлик балық аўлаўды раўажландырыўдың ҳəм балықшылар кооперативлерин шөлкемлестириўдиң зəрүрлиги келип шықты. 1925-жылы Мойнақта 77 балықшыны бирлестирген „Прогрес" кооперативи дүзилди. Каратерең менен Қазақдəрьяда 128 адамды бирлестирген балықшылық артельлери шөлкемлестирилди. 1925-жылы балықшылар аўқамының 7 сериклигинде 487 адам болды, балықшыларды кооперативлестириў оларды жеке кəрхана ийелериниң тəсиринен азат етиўде ҳəм олардың материаллық аўҳалының жақсыланыўында үлкен əҳмийетке ийе болып, бул өз гезегинде Кубла Аралда балықшылықтың табыслы қайта тиклениўине ҳəм буннан былай да өсиўине жəрдемлести.

Қайта тиклеў дəўириниң ақырында Əмудəрья областында электростанция, баспахана, қаразхана ҳəм бирнеше жүзлеген майда өнерментшилик кəрханалары жумыс иследи.

Область транспортының тийкарғы түри суў транспорты болды. Орта Азия республикаларының 1923-жыл августтағы биринши экономикалық конференциясының қарарына муўапық шөлкемлестирилген Орта Азия мəмлекетлик пароходствосы областьқа хызмет етти. Ол 1923—1924-жыллары Арал тенизи бойынша 311 мың пуд жүк, Əмудəрья бойынша 315 мың пуд жүк ҳəм 21,5 мың жолаўшы тасыды. Жүклердиң тийкарғы түрлери пахта, ба-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лық, ғәлле, дуз, отын, лампамай, мануфактурада ҳәм т. б. болды. 1924-жылы Хорезм оазисиниң жүк айланысы 22,5 мың тоннаны курап, соннан 14,9 мың тонна жүк сырттан алып келинди, ал 7,6 мың тонна жүк сыртқа шығарылды, Арал тенизи флотының механизацияласыў дәрежеси ол ўақытта еле төмен еди.

Халық хожалығын қайта тиклеў дәўиринде байланыс ислери де кем-кем жолға қойылды. 1921-жылы Хийўа ҳәм Төрткүлде қабыл алыўшы радиостанциялар орнатылды. 1923-жылы Түркстан АССР ы хүкимети Төрткүл-Шымбай телеграф линиясын өткериў хаққында қарар қабыл етип, бул ушын алтын есабы менен 170 мың манат бөлип шығарылды, Төрткүл Шымбай менен 1924-жылы-ақ пайдаланыўға берилген Жаңа Үргенч—Хожели телеграф линиясы арқалы байланыса алатуғын еди. 1925-жылдың ақырында Хожели—Шымбай телеграф линиясы ислей баслады. 1925-жылы мартта Төрткүл—Жаңа Үргенч—Хожели—Шымбай линиясы ашылды. Линия областьтың алыстағы еки округин орай менен байланыстырып, мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик шөлкемлердиң жумысларының жақсыланыўына әдеўир дәрежеде мүмкиншилик туўғызды. Буған шекем бундай байланыслар атлылар нарядының жәрдеми менен иске асырылатуғын еди.

Нэптиң биринши жылынан соң, кейин шегиниў дәўири питип, капиталистик элементлерге топылыс жасаў ушын күшлерди қайта топлаў дәўири басланған ўақытта саўданы раўажландырыў ең әҳмийетли ўазыйпаға айланды, ал саўда исин үйрениў коммунистлердиң ең әҳмийетли ўазыйпасына айланды.

Мәмлекетлик саўданы раўажландырыў ҳәм кооперативлик саўда шақаплары тараўын дүзиў жолы менен ғана жеке саўдагерлерди қысып шығарыў мүмкин болды.

1923—1924-жыллары Әмударья областында бул тараўда дәслепки илгерилеўлерге ерисилди. Егер 1923—1924-жыллардың екинши ярымында улыўма саўда айланысындағы мәмлекетлик саўданың үлеси 9,7%, ал кооперативлик саўданың үлеси 9,1% болған болса, 1924—1925-жыллардың екинши ярымында олардың саўда айланысындағы үлеси сол есапта 16% ҳәм 15% ке өсти. Аўыллардағы саўдада басым орын ийелеп, жеке-капиталистлик элементлер аўыл менен қала арасындағы байланыстың беккемлениўине тосқынлық жасады.

Түркстан Компартиясының VIII съезди (1924-жыл май) экономикалық қурылыс мәселесин додалап, санааттың, аўыл хожалығының, ирригацияның қайта тиклениўи менен бирге социалистлик сектордың өскенлигин атап көрсетти. Соның менен бирге съезд жеке капиталды көтере ҳәм усақлап сатыў сферасынан, әсиресе аўыллардағы тәсиринен қысып шығарыў бойынша шешиўши илажлар көриў зәрүр деп көрсетти.

Съезд санаатты, аўыл хожалығын, саўданы ҳәм халық хожалығының басқа да тараўларын буннан былай да көтериў бойынша илажлар белгиледи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 3. ӘМУДӘРЬЯ ОБЛАСТЫНДАҒЫ ПАРТИЯ-СОВЕТ ҚУРЫЛЫСЫ

Революциялық комитетлерди белгилеўден сайланатуғын атқарыў комитетлерине өтиў ҳаққындағы Түркстан АССР ы Советлеринин IX съезди (1920-жыл сентябрь) карарына муўапық 1921-жылы январда ауыллық ҳәм волостьлық Советлерге сайлаўлар болып өтти. 1921-жылы январдың ақырында Советлердиң Шымбай уездлик съезди, ал сол жылдын 13—16-апрель күнлеринде Советлердиң Шорахан уездлик съезди болып өтти.

Советлердин 16 волостьлық, 2 уездлик, 77 аўыллық атқарыў комитетине 978 депутат сайланды, олардын ишинде: гедейлер—668, орташалар—303 ҳәм байлар—7 адам болды. Сайланғанлардын ишинде 518 қарақалпақ, 253 өзбек, 181 қазақ 26 түркмен, ал жергиликли Советлердин 46 депутаты РКП/б/ ағзасы болды.

1921-жылы 25-апрельде салтанатлы жағдайда Әмудәрья областы Советлеринин съезди ашылып, оған 36 делегат қатнасты, олардың ишинде 20 коммунист, 16 партияда жоқлар болды. Социаллық составы бойынша делегатлар былай бөлинди: дийханлар —17, рабочийлар—4, хызметкерлер—15. Съезд: ҳәзирги пайыт, экономикалық қурылыстың нәўбеттеги ўазыйпалары ҳәм т. б. мәселелерди додалады. Съезд Әмудәрья областы Советлеринин областьлық атқарыў комитетин сайлады. Съезд өз жумысын 1921-жылы-30-апрельде питкерди.

Съезд жумысына областьлық партия комитети партиялық фракция арқалы басшылық етти. Усы съездге дейин Ревкомнын бөлимлеринде, ҳәтте бөлим баслықлары болып, бурынғы әмелдарлар менен полиция хызметкерлери де ислеп келди. Ревкомның ағзалары оларды болажақ атқарыў комитетиниң составына қосты. Большевиклик фракция бул кандидатураларды өткермеди.

Партияның Әмудәрья областьлық комитетиниң Түркстан Компартиясы Орайлық Комитетине 1921-жыл 27-майдағы баянламасында Советлердин областьлық съезди жумысынын жуўмақларына тоқтап: „Ең баҳалы ҳәм терен из қалдыратуғын ис областьлық комитетиниң усы жыл апрель айының ақырында Советлердиң 1-областьлық съезди ўақтындағы жүргизген жумысы... бизиң жумысымыз тийкарында—атқарыў комитет енди азлы көпли қанаатландырарлық болып дүзилди", —деп жазды

Бундай бағдар конкрет илажлар менен беккемленди. 1921-жылы апрельде областлық айрыкша комитет (облчека) Төрткүл мәкемелеринде ислеп атырған бурынғы 37 полицияшы (хызмет орны бойынша қылмыслары, контрреволюциялық агитациясы ҳәм колонизаторлық ислери ушын) тутқынға алынды.

1921-жылы 25—30-июньде Төрткүлде I областьлық партия конференциясы болып өтти. Конференцияға 59 делегат, соның ишинде 49 делегат шешиўши даўыс пенен қатнасты. Ол экономикалық ҳәм партия-совет қурылысы, аўыллардағы жаслар ҳәм ҳаял-қызлар арасындағы жумыслар тараўларындағы партия шөлкемлериниң нәўбеттеги ўазыйпаларын додалады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Конференция қатнасыўшылары В И. Ленинге. РКП(б) Орайлық Комитетине, Коминтернниң III Конгресине, Түркбюроға ҳәм Түркстан Компартиясы Орайлық Комитетине телеграмма текстин үлкен көтериңкилик пенен қабыл алды. Делегатлардың шығып сөйлеген сөзлеринде колониализм қалдықларын сапластырыў ҳәм қышлақлар менен аўыллардағы бай моллалардың тәсирине қарсы гүресиў ҳаққында кескин мәселелер қойылды.

Конференцияда областьтың партия шөлкеми рәсмийлестирилди ҳәм партия шөлкеминиң жаңа экономикалық сиясат жағдайындағы бағдарының дурыслығы тастыйықланды.

1921-жылы 10—13-июль күнлери Әмударья областы Советлериниң 1-Айрықша съезди болды, оған 35 делегат, соның ишинде 24 коммунист ҳәм 11 партияда жоқ делегат қатнасты. Съезд жер мәселесин, кооперация, хожалық сиясаты ҳәм т. б. мәселелер бойынша тийисли қарарлар қабыл етти ҳәм Түркстан АССР ы Советлериниң Х үлкелик съездине делегатлар сайлады.

1921-жылы 23 июньде Әмударья областының аз жерли ҳәм жерсиз дийханларының 1 съезди болды, онда „Қосшы" Союзының областлық басқармасы сайланды. Жер ҳаққындағы мәселе съездиң дыққат орайында турды. Съезд қарарында „Қосшы" Союзы басқармасына барлық аўысық жерлерди есапқа алыўды. ийшанлардан, байлардан ҳәм рус кулакларынан өз мийнети менен ислеп-тәрбияламайтуғын жерлерди тартып алып, союз ячейкаларының ықтыярына бериўди тапсырды.

Область волостларында волостьлық ўәкиллердиң басшылығында жергиликли „Қосшы" Союзлары шөлкемлестирилди Бирақ, тәжирийбели хызметкерлердиң болмаўының себебинен олардағы жумыслар босаң жүргизилди.

В. И. Ленин ҳәм РКП(б) Орайлық Комитети Түркстанда жаңа экономикалық сиясаттың дурыс жүргизилиўин дыққат пенен бақлап барды. РКП(б) Орайлық Комитети жаңа экономикалық сиясаттың Түркстандағы биринши жылының нәтийжелери менен танысып шығып, оларды жуўмақластырып, 1922-жылы 11 январьда „Түркстан Компартиясына" хат жиберди. Бул хат Түркстанда нэп жағдайларында миллет сиясатын жүргизиўде үлкен роль ойнаған әҳмийетли партиялық документ болды.

1922-жылы мартта болып өткен Түркстан Компартиясының VI үлкелик конференциясы барлық қаралған мәселелерди РКП(б) Орайлық Комитетиниң январьдағы хаты рухында шешти ҳәм оны иске асырыў бойынша конкрет ўазыйпалар белгиледи.

Конференция Түркстан Компартиясы қатарларын тазалаўдың жуўмағын додалап, оны мақуллады. Тазалаў Түркстан Компартиясы абырайының ҳәм жаўынгерлик уқыбының артыўында, оның республикадағы социалистлик экономикаға басшылық етиў ролиниң күшейиўинде үлкен әҳмийетке ийе болды.

Әмударья областы партия шөлкемлериниң қатарларын қайта дизимге алыў 1920-жылдың ақырынан 1921-жылдың сентябрь айының ортасына дейин өткерилди. Усы дәўир ишинде оның



www.ziyouz.com kutubxonasi

составынан 188 адам шығарылды ҳәм жаңадан 32 адам кандидатлыққа қабыл алынды. Тазалаўдың басында Әмударья областы партия шөлкемлеринде 404 партия ағзасы ҳәм кандидаты есапта турды.

1921-жылы 12-октябрьде РКП/б/ Орайлық Комитетиниң шөлкемлестириў бюросы Түркстанда партия қатарын көзден өткериў, тексерип шығыў ҳәм тазалаў жүргизиў ҳаққында қарар қабыл етти. Тазалаў 1921-жылдың ақырында ҳәм 1922-жылдың басында өткерелди. Нәтийжеде Әмударья областында партия қатарларынан 95 адам шығарылды, 3 партия ағзасы кандидатлыққа өткерилди, ал еки адам партия ағзалығынан өз ықтыяры менен шықты. Тазалаўдан кейин область партия шөлкемлеринде 304 партия ағзасы ҳәм кандидаты есапта турды.

РКП/б/ Пүткил россиялық есап алыўының жуўмақлары бойынша 1922-жылы 1-августта Әмударья областы партия шөлкемлеринде 362 партия ағзасы ҳәм кандидаты есапта турып, олардың 8 и ҳаял-қызлар еди. Жасайтуғын орны бойынша олар былай бөлинди: Төрткүлде — 92, Шымбай уездинде — 100, Шорахан уездинде — 170. Партия ағзалары менен кандидатларының социаллық составы төмендегише болды. Рабочийлар — 60, дийханлар — 287, хызметкерлер — 10. басқалар — 5, ал олардың билими бойынша составы: жоқары мағлыўматлылар — 3, орта мағлыўматлылар 4, баслаўыш билими барлар — 157, үйде билим алғанлар — 25, саўатсызлар — 162.

Солай етип, Әмударья областы партия шөлкемлери тийкарынан рабочийлар ҳәм дийханлардан ибарат болып олардың басым көпшилиги шала саўатлылар ҳәм саўатсызлар еди. Партиялық жумыстың сол ўақыттағы қыйыншылықларының бири мине усыған байланыслы болды.

Область халық хожалығын қайта тиклеўдиң барысында областтағы партия, совет ҳәм т. б жәмийетлик шөлкемлердиң жумыслары жанланып барды,

Партияның областьлық комитети пария конференцияларын ҳәм обкомның бюро мәжилислерин ўақтында шақырып турды, халық хожалығын қайта тиклеўде. совет ҳәм т. б жәмийетлик шөлкемлердиң жумысларын жақсылаўда партия жолын иске асырды.

1922-жылы февралда шақырылған 2 областьлық партия конференциясында ҳәзирги пайыт, область партия шөлкемлери басшы органларының есаплары, экономикалық сиясаттағы жаңа бағдарға байланыслы Түркстан Компартиясының ўазыйпалары ҳәм т. б. додаланды

Конференция партияда жүргизилген тазалаўдың питиўине байланыслы партия қурылысы ҳаққында мәселе қаралды Усы мәселе 1922-жылы августта Түркстан Компартиясы Әмударья обкомының кеңейтилген пленумында додаланды Пленум. өткерилген тазалаўдың әҳмийетин көрсетип, партия қатарларының бирлигин беккемлеў, оның социаллық составын тазалаў ҳәм беккемлеў



www.ziyouz.com kutubxonasi

бойынша буннан былай да илажлар көриўдин зәрүрлигин атап көрсетип, партия қатарларын беккемлеў бойынша ҳәптелик өткериўге қарар етти

Партия қатарының өсиўине байланыслы онын қатарына класслық-жат элементлер де өтип алатуғын еди. Сонлықтан 1923-жылы январьда Әмударья областында партия ағзаларын ҳәм кандидатларын қайта дизимге алыў өткерилди. Қайта дизимге алыўдан кейин областлық партия шөлкемлеринде 281 партия ағзасы болып, олар 18 партия ячейкасына бирлести.

1923-жылы 26—28-майда Түркстан Компартиясы Әмударья обкомынын пленумы болып, онда Шымбай уездиндеги аўҳал ҳаққында мәселе додаланды. Қабыл алынған қарарда бул уездиң алыста жайласқанлығын, артта қалғанлығын, территориясының кеңлигин ҳәм ондағы халық санының көплигин есапқа алып, оған айрықша дыққат аўдарыўдың кереклиги атап көрсетилди.

Пленум аўыллар менен қышлақларда партияның класслық сиясатын дурыс жүргизиўде. совет ҳәм басқа жәмийетлик шөлкемлердиң жумысларын активлестириўде үлкен роль ойнады.

1924-жылы мартта Төрткүлде ҳәм Шымбайда уездлик партия конференциялары болып, оларда Түркстан Компартиясы обкомының областьлық қадағалаў ҳәм тексериў комиссияларының есаплары җәне областьтың экономикалық аўхалына арналған мәселелер додаланды. Уездлик партия конференциялары областьлық партия конференциясына делегатлар сайлады.

1924-жыл марттын ақыры ҳәм апрельдин басында болған IV областьлық партия конференциясында Түркстан Компартиясы Орайлық Комитетиниң есабы, Түркстан Компартиясы Әмударья областькық қадағалаў комиссиясының жумысы, областьтын хожалық ҳәм экономикалық аўҳалы, партиялық-қурылыс ҳаққындағы ҳәм т. б. мәселелер қаралды.

Конференциянын қарарлары партиялық ҳәм советлик қурылыста. областьтын халық хожалығын қайта тиклеўди тамамлаўда ҳәм партияның миллет сиясатын иске асырыўда оғада үлкен әҳмийетке ийе болды.

1924-жылы 21-январда партиянын ҳәм мийнеткешлер массасының уллы көсеми — Владимир Ильич Ленин қайтыс болды.

Усындай аўыр мәҳәлде рабочий класс, барлық мийнеткешлер коммунстлик партиянын дөгерегине бурынғыдан да тығызырақ жәмленди. Рабочий класс пенен дийханлардың ең жақсы перзентлеринин Ленин партиясының қатарына өтиўге қызығыўшылығы күшейди. РКП/б/ Орайлық Комитетинин 1924-жыл 29-31-январь күнлери болып өткен Пленумы кең массаның тилеклерин есапқа алып партияға ленинлик шақырық дағазалады.

Әмударья областында партияға ленинлик шақырықты иске асырыўда қадағалаў бойынша үшлик дүзилди. 1924-жылдын 15-апрелинен 15-июлине шекем даўам еткен ленинлик шақырық ўақтында Қарақалпақстанның санаат ҳәм балықшылық кәрханаларындағы көплеген алдынғы қатардағы рабочийлар, балықшы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лар, Шорахан ҳәм Шымбай уездлериниң батраклары коммунистлик партия қатарына қабыл алыў хаққында өтиниш етип арза берди.

Ленинлик шақырық бойынша пүткил областьта 311 адам партия ағзалығына кандидатлыққа қабыл алынды, олардан рабочийлар — 84, батраклар — 227 адам болды Нәтийжеде область партия шөлкемлериниң қатарлары өсти. Егер 1924-жылдың 1-январына область партия шөлкемлеринде 466 партия ағзасы ҳәм кандидат болған болса, 1924-жыдлың 1-сентябринде олардың саны 821 адамға жетти.

Область партия шөлкемлери қатарларының беккемлениўи менен басқарыўшы совет органларының — аўыллық ҳәм волостьлық атқарыў комитетлериниң жумысларына басшылық етиў иси жақсыланды.

1922-жылдың сентябрь — октябринде Шымбай ҳәм Шорахан уездлериниң аўыллық және волостьлық Советлерине қайта сайлаўлар болып өтти, ал октябрьде Шымбай уезди Советлериниң 3-съезди болды, Уездлик атқарыў комитетлерине отырықшы халықтың ўәкиллери, тәжирийбели партия хызметкерлери сайланды.

Советлерге сайлаўлар азық-аўқат салығына, жаңа экономикалық сиясатқа, совет қурылысына ҳәм халықлар дослығына арналған агитациялық-массалық жумыслар менен гүрриңлер өткерилген бир ўақытқа туўры келип, әҳмийетли сиясий мапаз болы.

1922-жылы 1-ноябрьде Әмударья областы Советлериниң VIII съезди шақырылып, оған 75 делегат қатнасты, олардың 52 делегаты партия ағзалары ҳәм кандидатлары еди. Съезд атқарыў комитеттиң бурынғы составының жумысын мақуллады, оның жаңа составын ҳәм Советлердиң үлкелик съездине делегатлар сайлады.

1922-жылы декабрьде Түркстан АССР ы Советлериниң XI съезди болып, оның жумысына Әмударья областынан Ж. Аташев, В. Хорзаев, Ө. Бекимбетов, Е. Жаманқазыев, И. Яқыпбеков, И. С Павлов ҳәм т. б. қатнасты.

1922-жыл елимиздиң халықлары тарийхындағы даңқлы ўақыя менен аяқланды Совет республикалары (РСФСР, УССР БССР ҳәм ЗСФСР) жәмийетти социалистлик басламаларда қайта қурыў ушын қолайлы жағдайларды тәмийинлеў, экономиканы ҳәм мәдениятты көтериў, өзлериниң қорғаныў қуўатлылығын ҳәм халық аралық жағдайын беккемлеў мақсетинде 1922-жылы декабрьде көп миллетли бир мәмлекетке — Совет Социалистлик Республикалар Союзына бирлести.

„СССР дың дүзилиўи,—делинген КПСС Орайлық Комитетиниң Совет Социалистлик Республикалар Союзы дүзилгениниң 50 жыллығына таярлық хаққындағы қарарында,— өзиниң сиясий әҳмийети ҳәм социаллық-экономикалық ақыбетлери бойынша Совет мәмлекетиниң тарийхында айрықша орын тутады. Бул тарийхый ўақыя — пролетар интернационализми идеясының жайнаған жеңиси. Коммунистлик партияның ленинлик миллет сиясатын иске асырыўының жемисли нәтийжеси".



www.ziyouz.com kutubxonasi

1923-жылы совет органлары властының орынларда буннан былайда беккемлениўи даўам етти Олар енди административлик-хожалық басқарыў, салық сиясатын иске асырыў, жәмийетлик жумысларды жүргизиў бойынша ҳәм басқа да өз функцияларын бир қанша табыслы орынлай алатуғын болды.

1923-жылы 15—20-апрельде волостьлық ҳәм аўыллық атқарыў комитетлеринин бириншн областлық кенеси болып, оған 73 делегат қатнасты, олардан 27 адам партия ағзасы еди. Миллий составы бойынша делегатлардың составы: қарақалпақлар—42, өзбеклер—11. қазақлар—18, түркменлер—1, руслар—1. социаллық аўҳалы бойынша: гедейлер -56, орташалар—17, билими бойынша: саўатлылар—15, саўатсызлар—58. Кенес делегатлары В И. Ленинге телеграмма жиберди, онда: „Кенес. азатлыққа шығып атырған Шығысты рухландырыўшы, қәдирли Ильичти қутлықлайды ҳәм оның тез саўалып кетиўин тилейди". —делинди.

Кеңестиң күн тәртибинде орынлардан келгенлердин докладлары, мийнет жүк тасыў салығын бөлистириў, турақлы аўыл-хожалық салығы ҳәм ақшалай-шанарақ салығы ҳаққында информация; егис мапазы ҳаққында ҳәм т. б. мәселелер болды. Кенестин жумысы орынларда Совет власты органларынын беккемленип атырғанлығынан гуўалық берди.

Бирақ, сол жыллары төменги совет аппараты еле бай элементлердиң тәсиринде болды Волостьлық атқарыў комитетлериниң председательлери бир қатар жыллар даўамында өзгертилмеди ҳәм сайлаўшылар алдында гезекли есап берип турмады Жергиликли Советлердиң мийнеткешлердин кең массасы менен байланыслары жеткиликсиз болды Советлердиң жумысын тексериў ҳәм совет жумыс принциплерин енгизиў, көрсетпелер бериў бойынша жумыслар босаң жүргизилди Сонлықтан Совет жумысларын жақсылаў ҳәм оларды эксплуататор элементлерден тазалаў, область партия шөлкемлеринин әҳмийетли ўазыйпаларынын бири болды

1923-жылы октябрьде аўыллық Советлерге, Әмударья областынын волостьлық ҳәм уездлик атқарыў комитетлерине гезектеги сайлаўлар болып өтти Эксплуататор элементлер сайлаў ҳуқукларынан айырылды. Шымбай волостының тек 9 аўылынан 148 адам сайлаў ҳуқуқынан айырылды Олар тийкарынан кулаклар (байлар), руханыйлардын ўәкиллери, ески администрациянын бурынғы ўәкиллери еди

Әмударья областы Советлерине сайланғанлардын 10% и коммунистлер болды. 1923-жылы 16 октябрьде Советлердин IX областьлық съезди өз жумысын баслап, оған шешиўши даўыс пенен 80 делегат ҳәм кеңесши даўыс пенен 2 делегат қатнасты, соның ишинде партия ағзалары ҳәм кандидатлары 56, комсомол ағзасы 5 адам болды Делегатлардын ишинде шешиўши даўысқа ийе 58 рабочий, хызметкер ҳәм 22 дийхан менен шарўа бар еди

Съездде мына мәселелер қаралды: халық аралык жағдай, областьлық атқарыў комитетиниң есабы, финанс сиясаты, мектеп



www.ziyouz.com kutubxonasi

иси, ирригация, совет қурылысы, пахташылық ҳаққында информация, областьлық атқарыў комитетине қайта сайлаўлар ҳәм ағымдағы мәселелер. Съезд областлық атқарыў комитетиниң 27 ағзасы менен 9 кандидатын ҳәм Түркстан Республикасы Советлериниң XII съездине делегатлар сайлады.

1924-жылы январьда Советлердиң XII Пүткил Түркстан съезди болып, ол Советлерге сайлаўлардың жуўмағын, аўыл хожалығын қайта тиклеў, аўыл хожалығы, және кредит кооперацияларының жумыслары ҳәм т б. мәселелерди қарады. Съездде республиканың экономикалық ҳәм сиясий аҳўалының әдеўир беккемленгенлиги, мәмлекетлик аппараттың кең массаға жақынласқанлығы көрсетип өтилди

Түркстан Советлериниң XII съездине Әмударья областынан А Досназаров Н. Кеўлимжаев, Д. Қурбанаев, Л. И, Масовер, Б. Г. Городецкий, К. Әдинаев, А. Әлифбаев ҳәм т б. делегат болды.

Совет мәмлекетлик аппараты қурылысында қолға киргизилген табыслар менен бирге көплеген волостьлық ҳәм аўыллық Советлердиң жумысларында ири кемшиликлер де болды. Сол ўақытта миллет ҳәм уруў аралық душпанлық, тәрепшиллик қалдықлары еле сапластырылмаған еди Буған областьта еле әдеўир муғдардағы эксплуататор элементлердиң сақланыўы себепши болды. 300 батракты жаллап ислеткен белгили Қарақум ийшан сыяқлы өзине тән помещик-ярым феодаллар еле ушырасатуғын еди Нэп жылларында байып кеткен нэпманлар ҳәм кулаклар халықтың ең артта қалған қатламларының арасындағы наразылықларды шектен тыс күшейтиў ушын Совет властының ҳәр қандай қәте ҳәм кемшиликлерин пайдаланды

Контрреволюциялық элементлердиң тимискилениўлери коңсылас Хорезм республикасындағы аўҳалдың шийеленисиўине байланыслы айрықша қәўипли түр алды. 1924-жылы 17-январьда Хийўаға Жунайыд хан бандаларының жақынласып киятырғанлығы ҳаққында Хийўадан телеграмма алынды. Хорезм республикасы жәрдем көрсетиўди өтиниш етти. Областьлық партия комитетиниң ГПУ ҳәм әскерий комиссариаттың областьлық бөлимлериниң жуўапкерли хызметкерлериниң асығыс түрде кенеси болды. Кеңесте ГПУ диң областьлық бөлиминиң баспашылар ҳәрекети Әмударья областы ушын да қәўипли болып есапланады, деген информациясы тастыйықланды Сонлықтан кеңес, ол ҳаққында Түркстан Компартиясы областьлық комитетиниң бюросына билдириў ҳәм зәрүрли илаж ретинде областта әскерий аўҳал дағазалаўды усыныс етиў ҳаққында қарар қабыл етти. 1924 жылы 18-январда областьлық партия комитети бюросының мәжилисинде 5 адамнан Ревком дүзиўге, партияның, комсомолдың барлық ағзаларын баспашылар менен гүреске мобилизациялаўға ҳәм ЧОН отрядларын шөлкемлестириўге қарар етилди

Ревком властьты толығы менен өз қолына алды. Хорезм республикасының өтиниши бойынша Әмударья областының қуралды күшлери Жунайыд хан бандаларына қарсы шықты. Февральдың



www.ziyouz.com kutubxonasi

ақырында баспашылар Хорезм республикасы жеринен қуўып шығылды.

1924-жылы 28-февральда Ревком тарқатып жиберилди ҳәм атқарыў комитет областьтағы властты толығы менен қабыл алды.

Контрреволюционер-баспашыларға қарсы гүресте көрсеткен жәрдеми ушын Әмудәрья областы Хорезм Орайлық Атқарыў Комитетиниң Қызыл Байрағы менен нарадланды ҳәм оған алғыс жәрияланды. Қызыл Байрақ ҳәм алғыс ҳаққындағы жарлық 1924-жылы 17-августта Әмудәрья областы ўәкиллерине салтанатлы жағдайда Төрткүлде тапсырылды.

Совет мәмлекетлик аппаратын буннан былай да раўажландырыўда, онын отырықшы халықтың кең массасы менен байланысын беккемлеўде Түркстан Орайлық Атқарыў Комитети менен Түркстан АССР ы Халық Комиссарлар Советиниң 1923-жыл 29-августтағы „Совет мәкемелеринде ис жүргизиўди жергиликли тиллерде әмелге асырыўға тезлик пенен өткериў бойынша илажлар ҳаққында"ғы қарары әҳмийетли роль ойнады, соған тийкарланып республика мәмлекетлик органларының барлық декретлери менен қарарлары республиканын тийкарғы миллетлеринин тиллеринде басып шығарылыўы, ал волостьлық, қышлақлық ҳәм аўыллық атқарыў комитетлериндеги ис қағазларын жүргизиў тек жергиликли тиллерде ғана әмелге асырылыўы тийис болды, властьтын уездлик, областьлық ҳәм орайлық органларында жергиликли тиллер менен рус тилинде параллель ис жүргизиў енгизилди.

Областьтың 1923 жыл октябрьдеги 2-уездлик кеңесинде волостьлар, аўыллар, қышлақлар менен отырықшы халықтың тилинде қарым-қатнас жасаўдын әҳмийети атап көрсетилди. Кеңес төменги совет аппараты ушын (секретарлар) таярлаў бойынша қысқа мүддетли курслар ашыўдың зәрүрлигин көрсетти.

1924-жылы 19-февральда областьлық партия комитетиниң бюросы өз мәжлисинде „мәкемелердеги ис жүргизиўди жергиликли тиллерде әмелге асырыў ҳаққында" мәселе қарады ҳәм областьлық ревкомға (бул ўақытта областьлық атқарыў комитетиниң орнында ревком ҳәрекет етип турған еди) арнаўлы комиссия дүзип, оған ис жүргизиўди жергиликли тиллерде әмелге асырыўға өткериў ҳәм жергиликли отырықшы халықлардың ўәкиллеринен хызметкерлер таярлаў бойынша жумыстын улыўма планын ислеп шығыўды тапсырыў усыныс етилди.

1924-жылдың 1-августында, ГПУ, әскерий комиссариат ҳәм статистика бюросы хызметкерлерин есапламағанда, областьлық атқарыў комитетинин бөлимлериндеги 373 штатлы орынның 200 орны жергиликли халықтың ўәкиллери менен толықтырылды.

Совет суд органларынын жумыслары да жақсылана баслады. 1921-жылы Төрткүлдеги совет халық судында рус ҳәм жергиликли участка болды.

„РСФСР дағы суд дүзилиси ҳаққындағы реженин" енгизилиўине байланыслы Әмудәрья областының суд органлары да бир системаға келтирилди. 1923-жылы 1-июньнан баслап **областьтағы**



www.ziyouz.com kutubxonasi

революциялық трибунал менен халық судлары совети сапластырылып, областьлық суд дүзилди. 1924- жылдын 1- июнына областьта 6 суд ҳәм 2 тергеў участкасы жумыс ислеп, оларда 22 хызметкер жумыс алып барды.

Совет судлары менен бирге 1921-жылы областьта мусулман халық судлары да болып, олардағы ислерди, көбинесе бурынғы қазылар менен бийлер қарады ҳәм шешти. 1923-жылы пүткил Түркстан бойынша, ҳүкимлери халықлық совет судларынын ҳүкимлери менен бирдей нызамлы күшке ийе адат ҳәм шариат судлары болды. Ҳәрбир адам өз қәлеўи бойынша анаў ямаса мынаў судқа арыз ете алатуғын еди. Адат ҳәм шариат судларының жумысынан наразы болғанлар, әсиресе ҳаял-қызлар бул судлардын сапластырылыўын талап етти.

Баспашылар қалдықларының қыйратылыўы, Советлер менен совет судлары жумысларынын беккемлениўи ҳәм жақсыланыўы, олардың кең халық массасы арасындағы абыройынын өсиўи қазылар судын сапластырыўға мүмкиншилик берди. Миллий шегаралаўға дейин Хорезм Совет Социалистлик Республикасынын составында болған Хожели ҳәм Қоңырат бекликлеринде 1925-жылы апрельде-ақ қазылар суды сапластырылды.

Пүткил Қарақалпақстан территориясы бойынша совет судларының бир системасы дүзилди.

Жаслар ҳәм оның алдынғы отряды—Ленин комсомолы ўақыттын революциялық рухын терең түсинди. Комсомол областьтын жәмийетлик-сиясий турмысында ҳәм халық хожалығын қайта тиклеўде үлкен роль ойнады. 1924-жылы апрельде областьлық комсомол конференциясы болып, оған 20 делегат қатнасты. Конференция область жасларының алдында турған мәселелерди додалады, комсомолецлерди партия шөлкемлеринин актив жәрдемшилери болыўға шақырды.

1924- жылдын 1-августына Әмудәрья комсомол шөлкемлеринде ТЛКСМ нын 373 ағзасы ҳәм 18 кандидаты болып, соның бесеўи қызлар еди, ал социаллық аўҳалы бойынша — 37 рабочий, 223 дийхан, 20 хызметкер ҳәм 43 басқа қатламлардан болып бөлинди.

1924-жылдың екинши ярымында миллий шегаралаўға ҳәм Қарақалпақстан автономиялы областының дүзилиўине байланыслы комсомоллардын саны тез көбейди. 1925-жылдың 1- январына ҚҚАО дағы 37 комсомол ячейкаларында 1105 комсомол ағзасы есапта турды.

Областьтың профсоюз шөлкемлери де халық хожалығын қайта тиклеўге актив қатнасты. 1921- жылы олардын қатарында 1157 ағза болып, бул 1923- жылы 333 ке дейин қысқарғаны белгили. Бул ағзалыққа өтиўдиң ықтыярлылығы принципинин орнаўына, совет аппаратында тазалаў жүргизилиўине ҳәм мәмлекетлик мәкемелердеги штатлардың қысқарыўына байланыслы болды. Майда буржуазиялық элементлер ҳәм ылайықлы болмағанлар профсоюзлардан шығарылды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1924-жылдың июнына келип областьтағы профсоюз ағзаларының саны 420 адамға шамалас болды Усы жылдың екинши ярымы профсоюзлар ҳәрекетинде бурылыс пайты болды Область халық ҳожалығының тийкары пахташылық ҳәм шарўашылық болыўына байланыслы профсоюз ағзалары қатары өндирислик союзлардың, әсиресе жер-тоғай рабочийлары (рабземлес) союзының есабынан өсти. Пахташылықтың раўажланыўы пахта заводлары жумысларының жанланыўына, тоқымашылар союзының ағзалары санының көбейиўине алып келди.

1925-жылдың 1-апрелине Қарақалпақстан автономиялы областында 2002 адам ямаса барлық ислеўшилердиң 95,3% и профсоюз ағзалары болды. Областьта барлығы 8 профбирлеспе ҳәм бир қайықшылар союзы болды. Солардың ишиндеги ең ирилери жер-тоғай рабочийлары союзы (813 ағза), совет хызметкерлери (411 ағза), қайықшылар (415 ағза), тоқымашылар (165 ағза), ағартыў хызметкерлери (125 ағза) ҳәм т. б. союзлар болды. Профсоюз ағзаларының тийкарғы массасы жергиликли халықлардың ўәкиллеринен қуралды.

Профсоюзлардың жумысы дийханлардың кең мийнеткеш массасын, әсиресе гедейлер менен батракларды қамтыған „Қошшы" союзының жумысы менен тығыз байланыслы болды. Түркстан Компартиясы Әмударья обкомының май (1923-жыл) пленумы байлар менен руханыйлардың шөлкемлесиў жағынан активлесип атырғанын атап көрсетти. Оларға шөлкемлескенлик пенен қарсы турыў ушын, пленум гедей мийнеткешлер массасын „Қошшы" Союзына бирлестириў зәрүр деп есаплады.

Партия шөлкеминиң жақыннан басшылық етиўи, союздың шөлкемлескенлик жақтан беккемлениўи оның материаллық базасының өсиўи нәтийжесинде „Кошшы" союзының жумыслары жанлана баслады. Әмvдәрья областы „Қошшы" союзының жумысына Түркстан АССР ы „Қошшы" союзының Орайлиқ Комитети де әлеўир дыққат аўдарды

IV областьлық партия конференциясында (1924-жыл март—апрель) партияда жоқлар арасындағы, әсиресе „Қошшы" союзы менен комсомолдағы жумысларға үлкен дыққат берилди. Оның материалларында, „Қошшы" союзы комсомол менен бирге партия ҳәм совет властының аўылдағы ҳақыйқат тиреги болыўы, аўылларды советлестириў солар арқалы жүргизилиўи зәрүр, деп атап көрсетилди

1924-жылы июльде „Қошшы" союзы Төрткүлде қызыл шайхана ашты. ол батраклар менен қала рабочийларының арасында мәденийй-массалық жумыслар жүргизиў бойынша тирек пункти болды. Шайханаға „Ақ жол", „Түркстан" газеталарының жаңа санлары системалы келип турды. Оның қапталынан батраклар ҳәм союз ағзаларының ҳаяллары ушын саўатсызлықты сапластырыў (ликбез) мектеби шөлкемлестирилди. Оған 28 ҳаял-қыз ҳәм 33 ер адам қатнасты. Олардың жақсы саўат ашқанлары оқыўға ҳәм жумыс ислеўге жиберилди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1924-жылы июльде „Қошшы" союзынын волостьлық ҳәм аўыллық комитетлеринин кенеси болып, онда совет қурылысы, ағартыў жумыслары ҳәм „Қошшы" союзынын ўазыйпалары ҳаққындағы мәселелер доқаланды. Кенес жумысы ўақтында областьлық партия комитетинин агитация-пропаганда бөлими пролетар студентлерге жәрдем, орайлық газеталарға жазылыў ҳәм миллет мәселесин түсиндириў бойынша үш мапаз өткерди.

„Қошшы" союзы жумысында табыслар менен бирге кемшиликлер де болды. Олар бәринен де бурын „Қошшы" союзынын бурынғы ағзаларынын ҳәм оған жаңадан киргенлердиң арасына класслық-жат элементлердиң өтип кетиўине байланыслы болды. 1924-жылы 15-августта партия обкомынын бюросы „Қошшы" союзынын жумысы ҳаққында мәселе қарап, „Қошшы" союзы қатарларында арнаўлы тазалаў ҳәм тексериў зәрүр деп тапты.

1924-жылы гүзде областьда „Қошшы" союзынын 3528 ағзасы болып, олардан — 1464 адам Шорахан уездине ҳәм 2001 адам Шымбай уездинде еди.

„Қошшы" союзы мийнеткеш дийханлардын массалық шөлкеми ретинде, областьлық партия шөлкеминиң басшылығында қайта тиклеў дәўири жылларында дийханлардын ең гедей бөлегинин материаллық аўҳалын жақсылаў, халық хожалығын, әсиресе пахташылықты қайта тиклеў ҳәм дийханлар массасынын мәдений дәрежесин көтериў бойынша үлкен жумыслар жүргизди.

Профсоюзлар ҳәм „Қошшы" союзы Коммунистлик партия менен Совет властынын сиясатын область мийнеткешлери арасында кен пропагандалап, Қарақалпақстаннын халық хожалығын қайта тиклеўге жәнe раўажландырыўға актив жәрдемлести.

## 4. ҚАРАҚАЛПАҚ ҲАЯЛ-ҚЫЗЛАРЫНЫН АЗАТЛЫҚҚА ШЫҒЫЎЫ

Елдиң парахат турмысқа өтиўи менен ҳаял-қызларды халық хожалығын қайта тиклеўге тартыў ҳәм олардын жәмийетлик-сиясий активлигин көтериў үлкен әҳмийетке ийе болды. Орта Азия, әсиресе Әмударья областы ҳаял-қызларын азат етиў экономикалық ҳәм мәдений артта қалыўшылыққа, эксплуататор класслардын, әсиресе. мусулман руханыйларынын күшли тәсирине қарсы жигерли гүрес жүргизиў жағдайында иске асырылды, сондай-ақ баспашы бандаларынын жийи-жийи топылыслары, тәжирийбели партия ҳәм совет кадрларынын жетиспеўшилиги де бул иске үлкен тосқынлық жасады. Бирақ партия-совет ҳәм басқа да жәмийетлик шөлкемлер ҳаял-қызлар арасында үлкен сиясий-тәрбия жумысларын жүргизди.

Арнаўлы ҳаял-қызлар артельлерин шөлкемлестириў жолы менен область ҳаял-қызлары өндирислик жумысларға тартылды. Областьда партияда жоқ хаял-қызлардын конференциясы, делегатлар жыйналысы, митинглер, сиясий темаларда гүрриңлесиўлер, газеталар оқып бериў ҳәм т. б. илажлар өткерилди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1921 - жылы 14- июньде Түркстан АССР ы Орайлық Атқарыў Комитети өтмиштиң шерменделик қалдығы—қалын малды бийкар етиў ҳаққында декрет қабыл алды. Декрет пенен неке жасы ерлер ушын—18 жас, қызлар ушын—16 жас болып белгиленди.

Декрет ески турмыс тәртиплерине қатаң соққы берди ҳәм ҳаял-қызларды азат етиўде үлкен әҳмийетке ийе болды.

1921-жылы 25 сентябрьде Әмудәрья областьлық атқарыў комитети буйрық шығарып, онда областьтағы барлық совет органларын қалың малды бийкар етиў ҳаққындағы декретти булжытпай ис жүзине асырыўға миннетледи.

Жергиликли халық ҳаял-қызларын азат етиўде 1923-жылы мартта болған Шығыс ҳаял-қызлары арасындағы жумыслар бойынша 2- Пүткил россиялық кенес үлкен роль атқарды. Оған Түркстан АССР ынан да ҳаял-қыз делегатлар қатнасты

Түркстан Компартиясы Орайлық Комитетинин ҳаял-қызлар бөлими Әмудәрья областы ҳаял-қызлары арасындағы жумысқа дыққатты күшейтти. 1923- жылы 13-октябрьде ҳаял қызлар бөлими Түркполитпросветке (Түркстан сиясий ағартыўына) хат жиберип, онда Әмудәрья областының жергиликли халқы ҳаял-қызлары арасында саўатсызлықты сапластырыў бойынша мектеплердиң санын көбейтиўдиң зәрүрлиги ҳаққында мәселе қойды.

Түркстан Компартиясынын Әмудәрья обкомының ҳаял-қызлар бөлиминиң қапталында сиясий билимлендириў кружоги жумыс ислеп, ондағы оқыў арнаўлы программа тийкарында жүргизилди.

IV партия конференциясында (1924-жылы март-апрель ҳаял-қызлар арасындағы жумыс арнаўлы мәселе етип қаралды. Онда қабыл алынған қарарда „аўылда ҳаял-қызлардың жалпы жыйналысларын өткериў, ҳаял-қызларды сайланып қойылағын мәмлекетлик ҳәм жемийетлик хызмет орынларына сайлап, оларды совет жәмийетшилигине тартыў бойынша актив жумыс жүргизиў, мәкемлердин жумысларына делегатлар ретинде қатнастырыў" кереклиги атап көрсетилди.

1924- жылы 24- июньде областьлық атқарыў комитети область мийнеткешлерине шақырық жәриялап, онда азатлыққа шыққан совет ҳаял-қызлары социалистлик жәмийеттин тең ҳуқуқлы ағзалары ретинде хожалық, мәдений ҳәм сиясий жумысларға актив қатнасыўы тийис деп атап көрсетилди.

Совет ҳаял-қызларына берилген ҳуқуқларды область жағдайында иске асырыў ушын партия, совет ҳәм басқа жәмийетлик шөлкемлердиң үлкен күш салыўы талап етилди. Ҳаял-қызлар арасында да, ер адамлар арасында да үлкен шөлкемлестириўшилик массалық жумыслар жүргизиў керек болды.

Ҳаял-қызлардың ҳуқуқларын кең ен жайдырыў мақсетинде 1924-жылы 5—9-сентябрь күнлери жергиликли халықлардың партияда жоқ ҳаял-қызларының уездлик-қалалық конференциясы өткерилип, онда Совет Шығысы ҳаял-қызларынын ҳуқуқ аўҳалы, комсомолдын ўазыйпалары ҳәм қызлар, „Қошшы" союзы—диййхан ҳаял-қызлардың мәпин қорғаўшы; ҳаял-қызлар бөлими ҳақ-



www.ziyouz.com kutubxonasi

қында түсиник ҳәм оның ўазыйпалары, орынлардағы жумыслар ҳаққында ҳәм т. б. мәселелер додаланды.

Конференциядан кейин ҳаял-қызлардың жалпы қалалық жыйналыслары турақлы өткериле баслады. 1924-жылдың сентябринен 1925-жылдың мартына шекем усындай 31 жыйналыс болып өтти. Аўылларда комсомол ячейкалары менен бирликте 9 жыйналыс өткерилди.

Партия совет шөлкемлери өткерген үлкен сиясий-тәрбиялық жумыслар нәтийжесинде ҳаял-қызлардың ең саналылары партия қатарына, Қошшы" союзына кирди, областьтың жәмийетлик-сиясий турмысына актив қатнасты.

1924-жылы 6-ноябрьде Түркстан Компартиясы ағзаларының жалпы жыйналысы болды, онда қалың малды бийкарлаў ҳәм бул жумыста партия ағзаларының ўазыйпалары ҳаққында доклад тыңланды. Усы жыйналыста 9 батрак партия ағзалығына кандидатлыққа қабыл алынды, 1924-жылы 7-ноябрьде—Октябрь революциясының 7 жыллығын байрамлаў күнине—жергиликли халықтан 40 ҳаял-қыз „Қошшы" союзының ағзалығына өтти.

Обтастьлық партия комитетиниң ҳаял-қызлар бөлими қызлар арасында бир қатар жумыслар жүргизди. 1924-жылы ноябрьде Төрткүл қаласында ЛКСМ басланғыш ячейкасы шөлкемлестирилди, жергиликли қызлардан 15 адам оның ағзалығына өтти. Ячейкада саўатсызлықты сапластырыў, комсомолдың ўазыйпаларын түсиндириў ҳәм басқада жумыслар алып барылды.

Ҳаял-қызлар бөлими ҳаял-қызлардың намысына шермендешилик пенен дақ келтиретуғын қалың мал ҳәм өтмиштиң басқа да зыянлы қалдықларына қарсы жигерли гүрес жүргизди.

1925-жылы—халық заседательлернне қайта сайлаўлар болып өтип, 66 ҳаял-қыз халық заседателлигине сайланды.

Ҳаял-қызлар арасында мәдений-ағартыў жумысларын жүргизиўде ҳаял-қызлар клубы актив роль ойнады. Жергиликли бюджеттен 1925—26-жыллары Төрткүлде ҳаял-қызлир клубын шөлкемлестириўге 2080 манат, 1927-28-жыллары Шейхаббазда ҳаял-кызлар клубын ашыўға 6300 манат ҳәм Шымбайда ҳаял-қызлар мүйешин ашыўға 1000 манат бөлип шығарылды.

Ҳаял-қызлар клубынын алдына, ҳаял қызларды социалистлик қурылысқа тартыў, мийнеткеш ҳаял-қызлардың өндирислик, жәмийетлик—мәдений көнликпелерин ҳәм қызығыўшылығын раўажландырыў, оларды делегатлық жыйналысларға, өндириске, кооперацияға, совет ҳәм партия жумысларына турақлы араластырыў, яслилер, бала-бағшалар ҳәм балалар майданшаларын шөлқемлестириў арқалы балалы аналарға балаларын тәрбиялаўына жәрдемлесиў, қызлар арасында арнаўлы жумыслар жүргизип, оларды кем-кемнен халық аралық, балалар ҳәм жас өспиримлердиң коммунистлик ҳәрекетине тартыў мақсетинде мийнеткеш ҳаял-қызларды сиясий тәрбиялаў бойынша үлкен ўазыйпалар қойылды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Төрткүл қаласындағы В. И. Ленин атындағы клубтың қапталында дийхан-ҳаял-қызлардын мүйеши шөлкемлестирилип, ол дийхан ҳаял-қызлардың мәдений дәрежесин көтериў, олар арасында ҳәр қыйлы темаларда гүрринлесиўлер өткериў сыяқлы жумыслар жүргизиўи тийис болды. Сондай-ақ, ҳаял-қызлар арасында саўатсызлықты сапластырыў мектеби ашылды.

Көшпелилер жасайтуғын районлардағы ҳаял қызлар арасында тәлим-тәрбия жумысларын жүргизиў ушын көшпели стационарлық қызыл үйлер дүзилди. Олар ҳаял-қызларға ҳәм балаларға медициналық жәрдем көрсетти, көшпелилер арасында жекке гигиена ҳәм тазалық ҳаққында гүррињлер юристлик мәселелер бойынша консульгациялар өткерди, саўатсызлықты сапластырыў бойынша жәрдем көрсетти ҳам т. б. Қызыл үйлердиң қапталында, қызыл үй баслығының ямаса суд хызметкерлеринин басшылығында сораў-жуўап бөлими жумыс иследи.

Ҳаял-қызларды областьтың жәмийетлик-сиясий турмысына тартыў ҳәм олардын халық хожалығын қайта тиклеўге және раўажландырыўға қосқан үлеси қарақалпақ халқының социализм қурылысына өтиўине белгили дәрежеде жағдай дүзди.

Рус халқынын ҳәм елимиздиң басқа да халықларының ҳәр тәреплеме және қалыс жәрдеми, область мийнеткешлер массасынын жигерли мийнети нәтийжесинде Қарақалпақстанның халық хожалығын қайта тиклеўде әҳмийетли табысларға ерисилди.

Аўыл хожалығының егислик майданы 1925–26-жыллары урыстан бурынғы дәрежениң 54,2% ин, ал жетистирилген улыўма өним 64,9% ин қурады. Шарўа малларынын бас саны ҳәм алынған улыўма өним урысқа дейинги дәрежеден 1,5 есе асып кетти. Әсиресе, пахташылық тез раўажланды, оның егислик майданы 1925-жылы урысқа дейинги дәрежеден 84% көбейди. Пахташылықтың тез пәт пенен раўажланыўы СССР дың пахта бойынша ғәрезсизлиги ушын гүресинде үлкен әҳмийетке ийе болды.

Санааттың, әсиресе пахташылық санаатынын раўажланыўы пахташылықтын қайта тиклениўи менен тығыз байланыслы болды. 1924—25-жыллары областьтың еки пахта заводы 1291 тонна пахта мамығын ислеп шығарды, бул урысқа дейинги дәрежеден 275 тонна көп еди.

Солай етип партиялық-мәмлекетлик қурылыста, ҳаял-қызларды азатлыққа шығарыўда, қарақалпақ халқынын кең массасын жаңа турмыс қурыўға тартыўда әдеўир табыслар қолға киргизилди.

### 5. ХОРЕЗМ РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ ҚАРАҚАЛПАҚ РАЙОНЛАРЫНДАҒЫ РЕВОЛЮЦИЯЛЫҚ-ДЕМОКРАТИЯЛЫҚ ҲӘМ СОЦИАЛИСТЛИК ҚАЙТА ДҮЗИЎЛЕР (1920 — 1924-ж. ж.)

1920-жылы 2-февральда Хийўада власть биринши халық ҳүкимети—революциялық комитет қолына өгти.

Хийўадағы революция Октябрь социалистлик революциясынан бир қанша кейинирек болып өткенине қарамастан, оның тикке-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лей нәтийжеси ҳәм даўамы болып есапланды. Өзиниң ҳәрекетке келтириўши күшлери, ўазыйпасы ҳәм характери бойынша ол улыўма халықлық революция болып, дәслепки басқышында революциялық-демократиялық, антифеодаллық, антиимпериалистлик сыпат алды. Хийўа революциясы биринши гезекте ири жер ийелерине крепостнойлыққа ҳәм ханнын деспотиялық тәртибиние қарсы қаратылып „капиталға қарсы емес, ал орта әсирлик қалдықларға қарсы гүрес“[1] ўазыйпасын орынлап шықты.

Сонлықтан Хийўа революциясы жениске ерисиўден-ақ, биринши гезекте социалистлик характердеги емес, ал революциялық-демократиялық қайта дүзиўлер ўазыйпасын әмелге асырыўы зәрүр болды. Ал Хийўада революция орнатқан Совет властьы ол ўақытта коммунистлер басқарған рабочий класс пенен дийханларының революциялық-демократиялық диктатурасынан ибарат

жана режелери ҳаққында, Хорезм Қызыл Армиясын дүзиў ҳаққында, ўақытша ҳүкиметтиң есабы ҳәм Хорезмниң жаңа ҳүкиметин сайлаў мәселелери қаралды.

Қурылтай елди азат етиўдеги туўысқанлық жәрдеми ушын РСФСР ҳүкиметине алғыс билдирип, дослық шәртнамалар ҳәм келисимлер дүзиў ушын Москваға делегация сайлады. Хийўа халықларынын еркин билдирип, елдиң тарийхый аты—Хорезмди қайта тикледи ҳәм оны Халық Совет Республикасы (ХХСР) деп салтанатлы түрде жәриялады. В. И. Лениннниң анықламасы бойынша Хорезм Халық Совет Республикасы — социаллық базасы мийнеткеш дийханлардан қуралған дийханлар—совет республикасы[1] болды.

Хорезм мийнеткешлериниң қолға киргизген жеңислери, әсиресе олардын сиясий ҳуқуқлары қурылтайда қабыл алынған Конституцияда беккемленди. „Яўмудлар, қырғыз-қазақлар, қарақалпақлар. өзбеклер ҳәм азат Хорезм Республикасының басқа қаналас туўысқанлары, — делинген ХХСР Конституциясында, — жүз жыллар даўамында қан төгискенлер, бирин-бири қырып жойғанлар ХХСР дың тең ҳуқуқлы гражданлары болып таныла- ды ҳәм усы күнлерге дейин даўам етип келген тарийхый хәтеликлер умытылады“.

Революциянын характерин ҳәм онын дәслепки басқыштағы ўазыйпаларын баянлап, Конституция өндирис қуралларына (сонын ишинде жерге де) жекке меншикликти сақлады, эксплуататор класслардың әдеўир бөлегине сайлаў ҳуқуқларын берди. шариат суды системасын сақлады.

Қурылтай атқарыўшы властьтың ең жоқарғы органын, ХХСР ҳүкиметин—Халық Нәзирлери Советин (ХНС) сайлады. Ҳүкимет составына кирген „мулкдарлар“ менен руханыйлардын ўәкиллери революциялық-демократиялық қайта дүзиўлердиң әмелге асырылыўына қарсылық көрсетиўге ҳәрекет етти. Елдин оғада артта қалыўшылығына ҳәм революциянын жолдан қосылған ўақытша жолбийкелериниң қарсылығына байланыслы оғада қыйын жағдайда жас халық совет республикасынын коммунистлери ҳәм барлық мийнеткешлери Хорезм халықлары турмысының барлық тараўларында түпкиликли өзгерислерди әмелге асырыў ушын гүрес жүргизди

1920- жылы 22-майда улыўма Хорезм партия конференциясы болып, ол Хорезм Коммунистлик партиясын шөлкемлесиў жағынан рәсмийлестирди. Жас коммунистлик партия өзиниң өмир сүриўинин дәслепки күнлеринен баслап-ақ республикада демократиялық қайта дүзилислерди өткериў ушын гүрести ен жайдырды 1920- жылдың жазына Хорезм Коммунистлик партиясы республиканың пүткил территориясы бойынша дерлик орналасқан 600 ге жақын коммунистти ҳәм 22 ячейканы бирлестирди. 1920- жылы сентябрьдын басына ХКП ның 1000 ға шамалас ағзасы

---

[1] В. И. Ленин Шығармаларының толық жыйнағы 42- том 132-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

болып, оның 80 проценттен көбирегин мийнеткешлердиң ўәкиллери қурады.

1920- жылы июньде партия конференциясының изин-ала комсомол конференциясы болып, онда Хорезм коммунистлик жаслар союзының (ХКЖС) Орайлық Комитети сайланды.

Республикадағы дәслепки аграрлық қайта дүзиўлер нәтийжесинде ханға, ханның ири әмелдарлары менен феодалларға қараслы болған 10 мың десятинадан аслам жер конфискаланып, диййханларға үлестирип берилды Аграрлық илажларды әмелге асырыўда гедейлер комитетлери үлкен роль атқарды.

Коммунистлик партия ҳәм ХХСР ҳүкимети Хорезм халықларының мәдений жақтан артта қалыўшылығын сапластырыў бойынша илажлар көрди. РСФСР дың жәрдеми менен 1920- жылдың ортасында-ақ қалаларда дәслепки 10 совет мектеби, педагогикалық училище, гедейлердиң балалары ушын интернат, музей ҳәм 50 орынлық емлеўхана ашылды.

Хорезм революциясының бириншн, халық-демократиялық басқышы мине усылайынша аяқланды. Оннан кейин революцияның екинши, революциялық-демократиялық басқышы басланып, ол 1920-жылдың февралында қанхор Жунайыд хан диктатурасы қыйратылғаннан баслап, 1923-жылдын октябринде Советлердиң IV Пүткил Хорезм қурылтайында социалистлик республика дүзилгенге шекемги дәўирди өз ишине алды.

Халық ўәкиллериниң I Пүткил Хорезм қурылтайы сайлаған делегация тәрепинен 1920-жылы 20-сентябрьде Москвада РСФСР менен ХХСР арасында Союзлық шәртнама дүзилди.

РСФСР ХХСР дың толық өз-бетиншелигин ҳәм ғәрезсизлигин мойынлады, патша ҳүкимети ҳәм Хийўа ханы арасында дүзилген қулшылыққа түсиретуғын шәртнамалар менен келисимлерди бийкар етти, Хорезм территориясындағы Россияға тийисли барлық мүлк ХХСР ға мутқа берилди ҳәм Хорезм Халық Совет республикисының экономикасы менен мәдениятын раўажландырыўда оған үлкен жәрдем бериўге миннетленди. Сондай-ақ РСФСР ҳәм ХХСР дағы өмир сүрип турған дүзимге сырт ел империалистлериниң қастыянлық пенен қол суғыўларына қарсы гүресте еки тәреп те бир-бирине жәрдемлесиўге миннетленди. Шәртнама ҳәм оннан соңғы келисимлер Хорезм республикасы мийнеткешлериниң турмысында, РСФСР менен ХХСР халықлары дослығын беккемлеўде, жас республиканың экономикасы менен мәдениятын раўажландырыўда үлкен роль атқарды.

ХХСР да халық властының демократиялық принциплериниң ҳәм революциялық-демократиялық өзгерислердиң раўажланыўы кескин класслық гүрес жағдайында иске асты. Революция тәрепинен қулатылған эксплуататорлық жоқарғы қатламлар интервентлердиң ҳәм ақ гвардияшылардың жәрдеми арқасында баспашылардың қарақшы бандаларын шөлкемлестирди ҳәм халық дүзимине қарсы қураллы гүрести ен жайдырды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Класслық гүрестиң ҳәм демократиялық өзгерислердиң барысында көплеген „жас хийўалылар“ турақлы коммунистлер болып жетисти. Бирақ, олардың бир қатарлары революцияның раўажланыўының барысында халық властының душпанлары тәрепине өтип кетти, баспашыларға жәрдем көрсетти.

Усы дәўирдеги республика мийнеткешлериниң ХКП басшылығындағы гүреси революцияның тийкарынан баслы еки мәселесиниң — республиканың раўажланыў жоллары ҳәм онда мәкән етиўши халықлардың өз-ара миллий қатнасықлары ҳаққындағы мәселелер дөгерегинде ең жайдырылды.

ХХСР ҳүкимети составына кирип алған „жас хийўалылардың“ басшылары П. Юсупов, Д. Султанмуратов, Б. Рахманов ҳәм т. б. түркменлер, қазақлар ҳәм қарақалпақлар жөнинде шовинизм позициясын тутты. Ис түркмен ҳәм өзбек халықлары ўәкиллериниң арасындағы ашық соқлығысыўларға дейин барып жетти.

Усындай қыйын жағдайларда Пүткил россиялық Орайлық ·Атқарыў Комитети менен РСФСР Халық Комиссарлар Советиниң Түрккомиссиясы Хийўға М. Сафоновтың басшылығында Айрықша комиссия жиберди. Комиссияның басшылығында ХКП буржуазиялық миллетшиллерди әшкаралады, өз қатарларын контрреволюциялық элементлерден тазалады, өз қатарын идеялық-шөлкемлесиў жағынан беккемлеў ҳәм мийнеткеш халықтың алдыңғы ўәкиллерин партияға тартыў ушын шешиўши гүрес алып барды.

Советлердиң II Пүткил Хорезм қурылтайына сайлаўларға таярлыққа байланыслы коммунистлер мийнеткешлер массасы арасында кең түсиндириў жумысларын ең жайдырды. Партия шөлкемлериниң басшылығында гедейлер комитетлери де өз жумысын активлестирди, олар 1921-жылы марттың басына 12 районлық комитетти бирлестирди.

1921-жылы 15 — 23-май аралығында болған халық ўәкиллериниң II Пүткил Хорезм қурылтайы совет қурылысының: жер ҳәм суўдан пайдаланыў, финанс ҳәм халық хожалығын қайта тиклеў, қуралды күшлер, миллет мәселеси, билимлендириў ҳәм мәдений ҳаққындағы бир қатар әҳмийетли мәселелерди шешти. Қурылтай Конституцияның жаңа текстин тастыйықлап, онда бир қатар статьялар өзгертилди ҳәм айырым тараўлар толықтырылды. Мәмлекетлик властьтың жоқарғы органы енди мийнеткеш халық Советлериниң Қурылтайы болды, 60 адам составында ХХСР Советлериниң Орайлық Атқарыў Комитети сайланды, соның ишинен Орайлық Атқарыў Комитетиниң Президиумы ҳәм Халық Нәзирлери Совети — ХНС дүзилди. Қурылтай миллет мәселеси бойынша қарар қабыл етип, оған муўапық ҳәр бир миллет тийисли мәкемелери менен бирге жергиликли өзин-өзи басқарыўды шөлкемлестириў ҳуқуқын алды. Советлердиң Орайлық Атқарыў Комитети қапталында түркмен ҳәм қазақ-қарақалпақ бөлимлери шөлкемлестирилди. Қурылтай делегатлары РСФСР ға ҳәм В. И. Ленинге қутлықлаў телеграммасын жиберип, онда республикаға көрсеткен жәрдеми ушын миннетдаршылық билдирилди ҳәм Хо-



www.ziyouz.com kutubxonasi

резм халықлары барлық қыйыншылықларды жеңип, социализм жолына түсиўине беккем исеним баян етилди.

Совет властының жаңа органлары қайта сайланды Феодаллар, хан әмелдарлары сайлаў ҳуқуқларынан айырылды. Қурылтай 5000 адамнан ибарат Хорезм республикасының Қызыл Армиясын шөлкемлестириўге қарар етти.

Қурылтайдан кейин ҳүкиметтиң сегиз саатлық жумыс күни, ханның ҳәм сарай әмелдарларының жерлерин конфискалаў ҳаққындағы қарарлары жигерли түрде әмелге асырыла баслады. Халық милициясы, ЧК органлары, суд дүзилди, бирақ жаңа совет нызамлары менен бирге еле шариат ҳәм адат режелери ҳәрекет етти. Совет мектеплери менен бир ўақытта ески мектеплер ҳәм медреселер де ислеп турды.

ХХСР дийханлар республикасы болды, ондағы халықтың 90 % и дийханшылық пенен шуғылланды, халықтың 4 % и көшпели турмыс кеширди, ал қалаларда халықтың 6 % ти жасады. Рабочийлар оғада аз еди. Көпшилиги ярым өнерментшилик устаханалардан ибарат болған санаат кәрханаларында еки мыңға шамалас ғана адам иследи, олар да тийкарынан жалланба талап ислеў ушын аўыллардан келген мәўсимли рабочийлар еди.

Республиканың өмир сүриўиниң баслы дәреги жер ҳәм суў болды. ХХСР дүзилген мәҳәлде егислик жер 324 мың десятинадан ибарат болды, ол республиканың барлық пайдаланылатуғын жер майданының тек 5,7 % ине ғана тең еди. Суўғарылатуғын жерлердиң төрттен үшине шамаласы ханның, оның жақын-жуўықларының ҳәм руханыйлардың меншиги болды. Пүткил халықтың 83 % ин қурайтуғын мийнеткеш дийханларға егислик жердиң 28 % и ғана тийисли болды. Феодаллардың жерлери, соның ишинде ўақым жерлер де қуллыққа түсириўши шәртлер тийкарында батраклар ҳәм гедейлер тәрепинен исленди. Көпшилик жерлердеги суўғарыў тараўларындағы суўға бурынғысынша феодаллар бийлик етти.

Советлердиң II Пүткил Хорезм қурылтайының бурын ханға тийисли болған 14 мың танап (5,6 мың *га*) жерди конфискалаў ҳәм оларды ең гедей дийханларға бөлистирип бериў ҳаққындағы қарары дийханлардың класслық сана-сезимин оятыўда ҳәм Хорезм республикасының буннан былай да раўажланыўының барысында оғада үлкен роль ойнады.

Республика территориясының 20 % ке шамаласын қурайтуғын, Әмударьяның шеп жағалығындағы қарақалпақ районларында жайласқан ири феодаллардың жерлери де басқа орынлардағы сияқлы Советлердиң II Пүткил Хорезм қурылтайының қарарына муўапық конфискаланды. Мәселен, Қоңырат районында Хийўа ханының бурынғы ири дәрежели әмелдарларының бири Палуанжан Мырзабашиға қараслы 2 мың танаптан aслам аяқтан суўғарылатуғын „Жарлықлы мүлк" жери, қазақ старшинасы Азбергенге қараслы Қоңыраттың арқасындағы „Азбергеннин бағы" деп аталатуғын 2 мың танаптан aслам „Жарлықлы мүлк" жери, Құт-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лымурат беглер бегине қараслы Қанлы көлдеги (ҳәзирги Ленин-абад районындағы Свердлов атындағы совхоздың территориясы) жерлер, сондай-ақ Хожели қаласына жақын жайласқан ҳәм усы қаладағы пахта тазалаў заводының ийеси Аракель Сафарянцқа қараслы 9000 десятина суўғарылатуғын жер конфискаланып, бурын бул жерлерди аўыр шәртлер тийкарында ижараға алып ислеп келген жарлы дийханларға бөлистирип берилди

Советлердиң II Пүткил Хорезм курылтайында сайланған жаңа совет ҳүкиметинин усы шаралары, тек дийханлардын ғана емес, ал Хорезм республикасынын Қарақалпақ районларындағы барлық халықтың да сана-сезиминин өсиўине үлкен революцияландырыўшы тәсир көрсетти ҳәм олардын совет властына исенимин күшейтти.

ХХСР халқына мусулман руханыйларынын әдеўир тәсирге ийе екенин есапқа алып, Советлердиң II пүткил Хорезм қурылтайы мусулман руханыйларына тийисли ўақым жерлерди конфискаламады, бирақ коммунистлердин усыныcы бойынша ўақым жерлерден түсетуғын табыс ҳаққындағы мәселени дийхан комитетлеринин қараўына берди, бул дийханлардын ўақым жерлер ҳаққындағы мәселеде сиясий активлигин оятты. Қурылтай өз қарарларында жер мәселеси бойынша Коммунистлик партия программасына тийкарланып истин аўырманлығын гедей дийхан комитетлеринин қараўына өткерди ҳәм оларға жергиликли власть органлары тәрепинен жәрдем көрсетилетуғынына исеним билдирди.

Хорезм халықларынын социал-экономикалық ҳәм сиясий турмысындағы барлық усы илгерилеўлер Советлердиң II Пүткил Хорезм қурылтайы қабыл алған ХХСР дың жаңа Конституциясында нызам менен бекитилди

Советлер қурылтайының қарарлары ХХСР дың революциялық-демократиялық ҳәм социалистлик өзгерислер жолы менен буннан былай да табыслы раўажланыўын тәмийинлеўде үлкен әҳмийетке ийе болды.

1921-жылы 10—11-декабрь күнлери Хорезм Коммунистлик партиясының I съезди болып, оған 1200 коммунисттен 37 делегат қатнасты. Съезд қарарларында революцияның биринши басқышында ХХСР дың алдында турған аграрлық реформа өткериў, санаат кәрханаларын национализациялаў, миллий қатнасықларды жөнге салыў, ағартыў исин раўажландырыў, ҳаял-қызлар, мәселесин шешиў ҳәм т. б. баслы ўазыйпалар атап көрсетилди.

Съезд үлкен сиясий көтеріңкилик жағдайында өтип, ХХСР дың хожалық, сиясий ҳәм мәдений турмысынын барлық тараўлары бойынша Компартияның ҳәм Совет властының баслы жолын ислеп шықты.

ХКП съезди, өз қатарларында 2600 ағзасы бар ҳәм партиянын аўылдағы тиреги болып хызмет етип атырған „аз жерли ҳәм жерсиз дийханлар Союзынын“ съезди менен бир ўақытта болып өтти. Еки съездиң бирликтеги мәжлисинде дийханларға күш-көлик, аўылхожалық қурал-сайманларын сатып алыўға ссуда



www.ziyouz.com kutubxonasi

бериў ушын жер банкасын шөлкемлестириўге қарар етилди. Жерсиз ҳәм аз жерли дийханларға қайтарып алынбайтуғын ссудалар берилди.

ХХСР өзиниң раўажланыўында барлық совет республикаларының, биринши гезекте РСФСР дың уллы туўысқанлық бирге ислесиўине ҳәм дослық жәрдемине сүйенди. РСФСР менен ХХСР арасында дүзилген экономикалық келисим бул дослық қатнасықтың ҳәм жәрдемниң айқын гуўасы болып хызмет етти.

1921-жылы бәҳәрде ХХСР дын мәмлекетлик транспорты дүзилип, ол суў жоллары менен арба жолларда жүк тасыўды бирлестирди. Биринши совет почта-транспорт самолетлери пайда болды.

1922-жылы бәҳәрде суўғарыў тараўларын тазалаў ҳәм суў иркетуғын қашыларды шабыў бойынша қазыў жумыслары Хорезм тарийхында биринши мәртебе феодал-бай хожалықлардың қәрежетлери есабынан исленди. Хазарасптан баслап Хожелиге дейинги аралықта 120 шақырым узынлықта жаңа қашы шабылды ҳәм ескилери дүзетилди. Бул жумыслар менен 45000 адам шуғылланды.

Республиканың партия-совет ҳәм хожалық органлары пахташылықты раўажландырыў мақсетинде, пахтакешлерди ғәлле менен, жоқары сортлы тухым ҳәм аўыл хожалық қурал-сайманлары менен планлы түрде тәмийинлеў бойынша илажлар көрип, бул ис ХХСР да кең таралған кооперативлик шөлкемлер арқалы әмелге асырылды.

Хорезм Компартиясынын 1922-жылы РКП (б) составына өтиўи ХХСР турмысында үлкен сиясий ўақыя болды. Партияның жаңа программасы менен уставын қабыл алған ҳәм жергиликли Советлерди тазалаўдың конкрет планын белгилеген ХКП II съезди (1922-жыл июль) республика партия шөлкемлерин беккемлеўде ҳәм оның барлық жумысын активлестириўде әҳмийетли роль ойнады.

1922-жылы июльде мийнеткешлер Советлеринин III Пүткил Хорезм қурылтайы республиканың жаңа, бурынғыдан — әдеўир демократиялық Конституциясын қабыл алды. Егер, бурын делегатларды сайлаўлар ўақтында өзбеклер „ақсақаллық бойынша", ал басқа халықлар уруў бирлеспелери бойынша сайлаған болса, енди делегатлар мийнеткешлер Советлериниң аўыллық, қышлақлық, қалалық ҳәм районлық қурылтайларында сайланды. Жаңа Конституция бойынша Хорезмдеги түркмен, қазақ ҳәм қарақалпақ районлары автономиялы административлик районлар болып бөлинди. Конституция халық революциясының жеңисинен берли өткен ўақыт ишиндеги ХХСР дың социал-экономикалық ҳәм сиясий турмысында болып өткен уллы өзгерислерди атап көрсетти.

Советлердиң III қурылтайы ХХСР Орайлық Атқарыў Комитетин ҳәм Халық Нәзирлер Советин сайлады. ХХСР дың жаңа Конституциясы бойынша Қарақалпақстанның шеп жағалықтағы



www.ziyouz.com kutubxonasi

районлары, административлик орайы Хожели қаласы болған қазақ-қарақалпақ областының составына бирлести. Усылардың барлығы Хорезмдеги қарақалпақ районларында халықлық совет властының буннан былай беккемлениўине ҳәм революциялық-демократиялық өзгерислерди иске асырыўға мүмкиншилик туўғызды.

Үлкен қыйыншылықларға қарамастан, бир қанша қысқа мүддетте республикада көзге көринерликтей социал-экономикалық ҳәм мәдений илгерилеўлер әмелге асты. 1920—1923-жыллары жәмийетлик дүзимди демократияластырыўға бағдарланған бир қатар илажлар өткерилди, оғада ири жер ийелери экспроприацияланды, феодаллық-бай ҳәм капиталистлик элементлер қатаң шекленди.

1922-жылы Түркстан АССР ы, Бухара ҳәм Хорезм ХСР ының экономикалық бирлесиўи халық хожалығын қайта тиклеў ҳәм раўажландырыў ушын үлкен әҳмийетке ийе болып ол Орта Азия республикаларының бөлшеклениўшилигин сапластырыўға мүмкиншилик туўғызды ҳәм Орта Азия халықларының миллий қәлиплесиўин беккемледи

1922-жылы ХХСР РКП(б) Х съездинин қарарлары тийкарында жаңа экономикалық сиясатқа өтти. Нэп жағдайында ХХСР дийханларының аўҳалын жақсылаўға айрықша дыққат аударылды. 1922-жылы Советлердин III Пүткил Хорезм қурылтайы мийнеткеш дийханлардан алынатуғын азық-аўқат салығының нормасын әдеўир азайтты. Пахта егиўши дийханлар үлкен жеңилликлер алды. Оларға пахта егиў ушын ҳеш қандай тосқынлықларсыз мәмлекетлик жер участкалары ажыратып берилди. Баспашылардан жәбир көрген жүз мыңлаған дийханларға мутқа жәрдем ретинде күш-көликлер, аўыл хожалық қурал-сайманлары, тухым берилди. ХХСР да тек 1921-жылдың өзинде ғана оларға 10 мың пудтан аслам дән бөлип берилди.

Кооперативлик шөлкемлер дийханларға ҳәр тәреплеме жәрдем көрсетти. 1922-жылы июньде ХХСР да 14 пахташылық кооперативи, 4 балықшылық артели ҳәм ХХСР орайлық кооперативлик союзы бар еди, олар тәжирийбе атызларын шөлкемлестириў ушын өз ықтыярларында 100 мың танап жерге ийе болды.

1921—1922-жыллары Орта Азия аўыл хожалық банкиниң Хорезм бөлими дийханларға 1,5 миллиард манат ссуда берди.

ХКП мийнеткешлер массасының сиясий активлигин күшейтиў, мийнеткеш дийханлардың класслық шөлкемлерин—„Қосшы" союзын, батрачкомлар (батраклар комитетлерин) дүзиў ҳәм беккемлеў бойынша илажлар қабыл етти.

1921—1922-жыллары Қоңырат районында ағзаларының миллети бойынша—„қарақалпақ", „қырғыз (қазақ)" ҳәм „өзбек" „Қосшы" союзлары аўыл хожалығы серикликлери пайда болды. „Қосшы" союзы дийханларға жер, күш-көлик, аўыл хожалық қурал-сайманларын, тухым бөлип бериў ислеринде, оларды кооперативлестириўде, дийханларға агрономиялкқ жәрдем көр-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сетиўде үлкен жумыслар жүргизди, аўыллардың батрак-гедейлер, орташалар қатламының байларға және т. б. қарсы экономикалық ҳәм сиясий аўқамының беккемлениўине жәрдемлести.

Батрачкомлар жалланба жумыс ислеп жүрген батраклардың есабын алды, жаллаўшылар менен батраклар арасындағы мийнет шәртнамаларын дүзди, сондай-ақ, олар батракларды саўатсызлықты сапластырыў илажларына, кооперацияларға, серикликлерге ҳәм т. б. жәмийетлик шөлкемлерге тартты.

Батрачкомларға, „Қосшы" союзына, Советлерге, ширкетлерге, комсомолға шөлкемлескен батраклар партия менен Совет власты феодал-бай элементлерге қарсы гүресте сүйенген тийкарғы социаллық күш болды

ХХСР Компартиясы ҳәм совет власты дийханлардың мийнетин жеңиллестириў ушын барлық илажларды көрди

Бирақ, баспашылардың үзликсиз шабыўыллары орынларда Совет властының беккемлениўине кесент етти Баспашылар дийханларды тонады, елатлықларды ўайран етти, малларды айдап алып кетти, ал адамларды бенделикке алып кетти, жергиликли тоғайлардың кең майданларын өртеди, егислерди ҳәм егинлерди басқылап езип кетти. Хожели районындағы Жаңа қалада 3500 ге жақын қарақалпақ хожалықларын баспашылар бүлгиншиликке ушыратты. Қоңырат қаласы әтирапларының ҳәм Қанлы көл (ҳәзирги Ленинабад районы Свердлов атындағы совхоздың территориясы) халқы баспашылардың бир неше рет шабыўыл жасаўының себебинен Әмударьяның оң жағалығына, Кегейли ҳәм Шымбай волостьларының территорияларына қашып барып паналаўға мәжбүр болды

Халық милициясы отрядларына, ЧОН ҳәм Қызыл Армия бөлимлерине баспашыларды қыйратыўда дийханлар барлық жерлерде актив жәрдемлести. 1924-жылы Хорезм оазисиндеги баспашылардың тийкарғы күшлери сапластырылып, бул совет властының белгилеген илажларын тез әмелге асырыўға мүмкиншилик берди.

1923-жылы ғаўашаның егислик майданы 15 мың танапқа жеткерилди ямаса 1921-жылға қарағанда 2 есе көп болды. Ирригация тараўлары қайта тикленди, маллардың бас саны көбейди

РСФСР дың жәрдеми менен 1924-жылдың басына 6 пахта заводы 1 май шығарыў заводы, 4 тери ийлеў ҳәм 10 нан аслам гербиш заводы қайта тикленди. Майда өнерментшилик кәрханаларын есапламағанда санаат кәрханаларының көпшилиги мәмлекет қолына өтти.

ХХСР миллий районларында халық хожалығын қайта тиклеў тез пәт пенен жүргизилди. Қарақалпақ ҳәм қазақ областының орайы Хожели қаласының өзинде 1923—1924-жыллары бир пахта тазалаў заводы ҳәм бир тери ийлеў заводы иске қосылды. Сондай-ақ, бул жерде өнерментшилик санаатының 193 кәрханасы ҳәм 265 саўда кәрханасы жоқары пәт пенен жумыс иследи. Қоңырат районында балықшылық кәрханалары қайта тикленди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мәдений қурылыс бойынша да үлкен жумыслар исленди. 1922-жылы ХХСР да 4 медициналық пункт, 4 амбулатория, 2 емлеўхана, 65 адамлық педагогикалық курс, 60 курсантлық 4 жыллық педагогикалық семинар, 50 оқыўшыға арналған ҳаял-қызлар мектеби, 7 интернат, балалар ушын 25 баслаўыш мектеп, үлкенлер ушын саўатсызлықты сапластырыў бойынша 16 мектеп, 12 китапхана, 800 орынлық театр болды, ал Хийўадағы ханның бурынғы бағы Ленин атындағы халық бағы болып өзгертилди.

ХХСР дағы, әсиресе Қарақалпақстанның шеп жағалықтағы районларының мәдений қурылысы тарийхында, 1921-жылы апрельде мәденият хызметкерлери бригадасының („Культбригадалар") составында Хорезмге келген Хамза Ҳәкимзада Ниязийдиң (1889—1929) хызмети оғада үлкен болды. Хамза Хожелиде, Гөне Үргенчте, Қоңыратта болды. 1921-жылдың ноябринен 1924-жылдың сентябрине шекем ол Хожели балалар үйине басшылық етти. Оның басламасы бойынша жаңа труппалар, Қызыл шайханалар, китапханалар-шөлкемлестирилди, искусство хызметкерлериниң жас кадрлары тәрбияланды.

ХХСР дың мәдений қурылысында РСФСР менен ТАССР дың туўысқанлық жәрдеми үлкен әҳмийетке ийе болып, усының нәтийжесинде 1923-жылдың майына дейин-ақ республикала 29 улыўма билим бериўши өзбек, қарақалпақ ҳәм түркмен тиллеринде оқытатуғын мектеплер, 8 интернат, 3 арнаўлы коммуна мектеби, 2 муғаллимлер семинариясы, халық университети, көп сандағы кружоклар ҳәм саўатсызлықты сапластырыў мектеплери, 3 театр, 6 клуб ҳәм китапхана, халық музейи ислеп турды. „Инқилаб қуяши" („Революция қуяшы"), „Ешлар овози" („Жаслар ҳаўазы"): „Деҳқан товуши" (Дийхан даўысы"), „Ҳунармандлар чўкучи" („Өнерментлер балғасы") газеталары ҳәм „Қызыл Хорезм") „Просвещение" („Ағартыў"), „Қапқан" журналлары ҳәм басқалар басылып шығып турды.

Барлық туўысқан халықлардың ҳәр тәреплеме жәрдеми арқасында ХКП басшылығында Хорезм республикасы тарийхый қысқа мүддет ишинде өз раўажланыўының революциялық-демократиялық басқышын өтти, халық хожалығы қайта тикленди, Хорезм халықларының жаңа, советлик миллий мәденияты дөреди ҳәм раўажланды. Баспашыларға қыйрата соққы берилди. Ҳаял-қызларды азатлыққа шығарыў бойынша әмелий илажлар иске асырылды: қалың мал бийкар етилди, балағатқа жетпей некелесиўге ҳәм ҳаял-қызларды урлап алып қашыўға тыйым салынды, ҳаял-қызлар массасын өндириске ҳәм жәмийетлик турмысқа тартыў бойынша дәслепки адымлар исленди, усы мақсетте ҳаял-қызлар устаханалары, ҳаял-қызлар арасында саўатсызлықты сапластырыў мектеплери ҳәм т. б. ашылды. Руханыйлар менен бай элементлер әдеўир дәрежеде ҳәлсиретилди ҳәм мийнеткешлердиң тийкарғы массасынан шетлетилди.

1923-жылы жазда ХКП ны жат буржуазиялық-миллетшилик элементлерден тазалаў өткерилип, оның ағзаларының 32% и пар-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тия қатарынан шығарылды, ал партия қатарында қалған 584 ағза ҳәм 211 кандидаттың 22,5% и рабочийлар менең хызметкерлер ҳәм 77,5% и дийханлар болды. ХКП қатарларын тазалаў оғада әҳмийетли сиясий мектеп болып, коммунистлердиң революциялық қырағылығын арттырды, батраклардың, гедейлердиң, мийнеткеш дийханлардың ҳәм өнерментлердин класслық сана-сезимин раўажландырды. Республикадағы барлық миллетлердиң дослығын беккемледи, оларды ХКП ҳәм Совет властының дөгерегине жәмлестирди. Тазалаў ХХСР мийнеткешлерине уллы рус халқының туўысқанлық қалыс жәрдеминиң ҳәм РКП(б) Орайлық Комитети басшылығының пүткил күшин ҳәм әҳмийетин айқын көрсетти.

Коммунистлик партия менен халықлық совет властының сиясий, экономикалық ҳәм мәдений илажлары мийнеткешлердиң кең массасын сиясий турмысқа тартты, олардың класслық саналылығын, шөлкемлескенлигин ҳәм жаңа турмыс қурылысындағы активлигин арттырды.

Солай етип, Хорезм республикасын халық республикасынан социалистлик республика етип қайта дүзиў ушын объективлик тийкар дүзилди

1923-жылы 18—20-июль күнлери кең мийнеткешлер массасының сиясий активлиги жағдайында Хийўа қаласында Хорезм Компартиясынын II съезди болып, ол басып өткен жолға жуўмақ жасады ҳәм социализм ушын буннан былайғы гүрестиң әмелий программасын белгиледи. Съезд, халық революциясы жеңисиниң ҳәм 1920 — 1923-жыллары халық ҳүкимети тәрепинен өткерилген социал-экономикалық илажлардың нәтийжесинде республика мийнеткешлери социализм жолына түсти, деп атап көрсетти. Феодал бай ҳәм капиталистлик элементлер менен гүресте республикадағы ең гедей ҳәм орташа дийханлар жәнe қала мийнеткешлеринен ибарат болған халықлық-советлик дүзимниң социаллық тиреги тағы да беккемленди. Массаның өсип баратырған сиясий активлигине сүйенип эксплуататор элементлерге қарсы шешиўи илажлар көриўге, қаталырақ сиясатқа өтиўге мүмкиншилик берди.

Съезд, Хорезмде раўажланыўдың жаңа социалистлик басқышына өтиў ушын жағдай писип жетилисти, деп атап көрсетти, Советлердиң гезектеги IV Пүткил Хорезм қурылтайында тастыйықлаўға усыныў ушын республиканың жаңа конституциясының проектин таярлаўға қарар етти.

1923-жылы 17-октябрьде Советлердиң IV Пүткил Хорезм қурылтайы жыйналып, онда Хорезм халық Совет республикасы — Хорезм Совет Социалистлик Республикасы (ХССР) болып қайта дүзилди. Қурылтай жаңа конституцияны қабыл алды, ол мийнет етпейтуғын элементлерди сайлаў ҳуқуқынан айырды, жерге жекке меншикликти бийкарлады ҳәм ўақым жерлерди сапластырды, барлық дийханларға улыўма бир аўыл хожалық салығы белгиленди. Конституция, адамды адамның езиўи мүмкин болмаған жағдай дүзиў ХССР ҳүкиметиниң тийкарғы ўазыйпасы, деп жәрия-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лады. Бул, Хорезм халықларының, соның ишинде Қарақалпақстанның шеп жағалықтағы районлары халықларының да социал-экономикалық раўажланыўдың биринши басқышынан табыслы өткенлигин аңлатты.

Қурылтайға Хорезмниң барлық халықларынан ўәкиллер қатнасты. 234 делегаттың 20 сы қарақалпақлар ҳәм қазақлар болды. Дийханлардан 200 делегат шешиўши даўысқа ийе болды. Барлық делегатлардың 47% и коммунистлер, 22,2% и комсомоллар ҳәм 30,8% и партияда жоқлар болды. Усы қурылтайда сайланған 46 ҳүкимет ағзасының жетеўи қарақалпақлар менен қазақлардан болды.

Жаңа конституция пүткил властьты сайланып қойылатуғын ақсақаллардың қолынан алып, қышлақ Советлеринин қолына берди.

Қурылтайда сайланған Советлердиң Пүткил Хорезм Орайлық Атқарыў Комитети менен ХССР Халық Нәзирлери Совети ХКП басшылығында ҳәм массаның актив қуўатлаўы арқасында республиканың пүткил турмысын социалистлик басламаларда қайта қурыўға киристи. Қурылтайдан кейин көп узамай-ақ Хорезмдеги миллий қатнасықларды буннан былай жолға салыў бойынша әҳмийетли илажлар көрилди.

1924-жылы майда ХССР ОАК ниң IV сессиясы республика составында Түркмен автономиялы областын ҳәм Қарақалпақ-қазақ автономиялы областын шөлкемлестириўге қарар етти, ол түркменлер менен қарақалпақлардың миллий өзин-өзи белгилеўинде үлкен әҳмийетке ийе болды.

Қарақалпақ-қазақ автономиялы областы халқы тийкарынан қарақалпақлардан ибарат болған ҳәм соңынан Қарақалпақстан автономиялы областының составына кирген Қоңырат, Хожели ҳәм Қыпшақ (Қытай менен бирге) районларын бирлестирди.

1924-жылдың 29-сентяоринен 2-октябрине шекем ХССР Советлериниң V қурылтайы болып өтип, ол Хорезм ССР ында жасаўшы „рабочийлар менен дийханлар массасының улыўмалық еркин иске асырыў мақсетинде" қарақалпақларға ХССР составынан шығыў ҳәм жанадан дүзилип атырған Қарақалпақстан автономиялы областы составына өтиў ҳуқуқы берилсин, деп қарар етти. Қарақалпақстан жерлерин бирлестириў мине усылайынша әмелге асырылып, биринши рет қарақалпақ халқының совет автономиясы дүзилди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

*IV бап*

# ОРТА АЗИЯНЫ МИЛЛИЙ ШЕГАРАЛАЎ ҲӘМ ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АВТОНОМИЯЛЫ ОБЛАСТЫНЫҢ ДҮЗИЛИЎИ

Совет властьı жыллары ишинде Түркстан, Хорезм ҳәм Бухара республикаларында жасаўшы халықлар Коммунистлик партияның дана басшылығында мәмлекетлик, хожалық ҳәм мәдений қурылыста оғада үлкен табысларға еристи. Орта Азияның басқа да халықлары сыяқлы ТАССР ҳәм ХХСР составындағы қарақалпақ халқы да өзиниң сиясий, экономикалық ҳәм мәдений раўажланыўында әдеўир табысларды қолға киргизди.

Уллы Октябрьден туўылған совет мәмлекетлик дүзилиси Орта Азияда совет автономиясы тийкарында орнады ҳәм раўажланды, ол сол дәўирдеги тарийхый жағдайға ылайық Түркстандағы мәмлекетлик дүзилистиң бирден-бир дурыс ҳәм мақсетке муўапық формасы болды. Бирақ, 1918-жылы апрельде дүзилген Түркстан Автономиялы Совет Социалистлик Республикасы Бухара ҳәм Хорезм Совет Республикалары сыяқлы халқының составы бойынша көп миллетли республика болды

1920-жылғы мағлыўмат бойынша Түркстан АССР ының миллий составы төмендегише болды: өзбеклер — 2050755 адам, ямаса 39,3%, қазақлар — 1 091 925 (20,8%), руслар — 536671 (10.3%), қырғызлар — 522292 (10%), тәжиклер – 399912 (7,7%), түркменлер — 266681 (5,1%) ҳәм т. б. 353727 (6,8%) (соның ишинде қарақалпақлар 75334 адам болды).

Түркстан халықларының экономикалық, сиясий ҳәм мәдений жақтан оғада артта қалыўшылығының себебинен, олардың миллет болып дүзилиў процеси бир қанша әстелик пенен иске асты. Соңлықтан бул жерде октябрьдиң қолға киргизген жеңислерин ҳәм совет властын беккемлемей, мәмлекетлик дүзилиске кең мийнеткешлер массасын тартпай, Түркстанның экономикасы менен мәдениятын жоқары көтермей турып, Орта Азияда миллий шегараларды өткериў мүмкин емес еди. РКП(б) Орайлық Комитети көп миллетли Түркстан совет автономиясын, Орта Азияда совет миллий республикаларын дүзиў жолындағы сөзсиз болыўы тийис өтиў формасы деп есаплады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

РКП(б) Орайлық Комитети қабыл еткен „Түркстан автономиясы ҳаққындағы режеде" Түркстан, — өзине тән экономикалық ҳәм турмыс тәртиплерине ийе миллий группалар бойынша областьларға бөлинген, онда мәкән басқан тийкарғы халықлардың автономиялы республикасы болып есапланады ҳәм „Россия Федеративлик Социалистлик Республикасының Түркстан Автономиялы Совет Социалистлик Республикасы" атағын алады, — деп көрсетилген

Рысқулов бас болған миллий уклонистлер Түркстан АССР ын „Түрк Совет Республикасы" деген атама менен қайта дүзиўди қатаң талап етип, Орта Азияда миллий шегаралаў өткерилиўине қарсы шықты

Түрккомиссиянын 1920-жыл 23 — 24-февралдағы мәжлисинде Түркстан автономиясы ҳаққында арнаўлы мәселе додаланды. Усы мәжилиске қатнасқан М. В. Фрунзе шығып сөйлеп, Рысқуловшылардың миллий программасынын ҳаслы мәнисин әшкаралады. Ол, Түркстанда қандай да „бир түрк миллети" емес, ал бир неше миллетлер жасайды, совет автономиясы олардын мәпин нәзерде тутады, деп атап көрсетти.

1920-жылы Бухара ҳәм Хорезм халықлары феодаллық езиўшиликке қарсы бас көтерип шығып, Қызыл Армия бөлимлериниң қуўатлаўы менен әмир ҳәм ханнын деспотиялық режимин кулатып, властты өз қолына алды. Хорезм ҳәм Буҳара Халық Совет Республикалары дүзилди. Бул республикалардың социалистлик мәмлекетлик дүзимге кем-кемнен өгиўи ушын рабочий ҳәм диййханлар Советлерин дүзиў және беккемлеў, жергиликли мийнеткешлер арасында сиясий-тәрбия ҳәм мәдений жумысларды күшейтиў, оларды бай, ийшан, және моллалардың реакцияшыл тәсиринен қутқарыў зәрүр болды.

РСФСР ҳүкимети БХСР ҳәм ХХСР дын сиясий, экономикалық және мәдений раўажланыўы ҳаққында оғада үлкен ғамхорлық көрсетти. 1920-жылы 13-сентябрьде Москвада ХХСР ҳәм РСФСР арасында, 1920-жылы 23-ноябрьде ХХСР ҳәм БХСР арасында, ал 1921-жылы 4 мартта РСФСР менен БХСР арасында аўқамласлық ҳаққында келисим дүзилди.

1922-жылы СССР дын дүзилиўи Орта Азия совет республикаларынын сиясий ҳәм экономикалық раўажланыўында үлкен тарийхый әҳмийетке ийе болды. СССР дың дүзилиўи Коммунистлик партиянын ленинлик миллет сиясатының оғада ири жеңиси болды.

Түркстан АССР ы СССР дын составына РСФСР дың состав бөлеги ретинде өтти. Халық совет республикалары болған БХСР ҳәм ХХСР СССР дың составына кирмеди, бирақ олар Советлер Союзынын барлық республикаларынын, соның ишинде ТАССР дың жақыннан жәрдеми арқасында экономикалық ҳәм мәдений жақтан раўажланыўға еристи

1922-жылы РКП(б) Орайлық Комитети Бухара ҳәм Хорезм Компартияларын РКП(б) составына өткериў ҳаққында қарар



www.ziyouz.com kutubxonasi

қабыл етти. Түркстан, Бухара ҳәм Хорезм Компартияларының жумысына тиккелей басшылықты әмелге асырыў ушын РКП(б) Орайлық Комитетиниң Түркбюросы РКП(б) Орайлық Комитетиниң „Орта Азия бюросына“ айландырылды.

Орта Азия республикаларынын сиясий ҳәм экономикалық мәплериниң улыўмалылығы олардын жақынласыўына және бирге ислесиўине жәрдемлести. 1922-жылы ТАССР, БХСР және ХХСР экономикалық жақтан бирлести ҳәм Орта Азия экономикалық кенеси дүзилип, оның ўазыйпасы Орта Азия республикаларының экономикалық раўажланыўын планластырыўдан ибарат болды.

Усының барлығы Орта Азия халықларынын өз-ара ҳәм социалистлик раўажланыў жолына түскен басқа да совет республикалары менен экономикалық, сиясий және мәдений байланысларынын беккемлениўине алып келди.

1923 жылы октябрьде Советлердин IV Пүткил Хорезм қурылтайы Хорезм Халық Совет Республикасын Хорезм Совет Социалистлик Республикасы етип қайта дүзиў ҳаққында қарар қабыл етти. 1924-жылы 19-сентябрьде Советлердиң V Пүткил Бухара қурылтайы Бухара Халық Совет Республикасын Бухара Совет Социалистлик Республикасы етип қайта дүзиў ҳаққында қарар қабыл етти.

1924-жылға келип Түркстан АССР ында, Бухара ҳәм Хорезм ССР ында миллий шегаралаўға жағдай дүзилди. Бул республикаларда баспашылар сапластырылды, халық хожалығын көтериў иске асырылды, мийнеткешлердиң кең массасы Совет властының дөгерегине бурынғыдан тығызырақ жәмлести, партия ҳәм совет шөлкемлери жергиликли кадрлар менен беккемленди.

Орта Азия совет республикаларының алдында: жоқары раўажланған социалистлик санаатты дүзиў, аўыл хожалығын көтериў, дийханлар менен өнерментлердиң кең массасын кооперативлестириў, формасы бойынша миллетлик, мазмуны бойынша социалистлик мәденият дүзиў, властьтың жергиликли органларын мийнеткешлерге жақынластырыўдан ибарат оғада үлкен әҳмийетке ийе ўазыйпалар турды.

Бул ўазыйпаларды табыслы шешиў ушын Орта Азияда миллий шегаралаў өткериў, өзбеклердиң, түркменлердиң, тәжиклердиң, қазақлардын, қырғызлардың, қарақалпақлардың бурын бөлшекленген жерлерин бириктириў зәрүр болды.

Орта Азияны миллий шегаралаўдын зәрүрлиги Коммунистлик партияның ҳәм Совет властының өз алдына мәмлекет болып бөлинип шығыўға шекем миллетлердиң өзин-өзи белгилеў ҳәм азат миллий совет республикаларының бир мәмлекетлик аўқамға биригиў принципин дағазалаған миллий сиясатының талапларынан келип шықты.

Орта Азияны миллий шегаралаў Өзбекстаң, Түркменстан, Қазақстан, Тәжикстан, Қырғызстан ҳәм Қарақалпақстан халықларының өзлерине жақын ҳәм түсиникли, өз совет мәмлекетлик органларына ийе болыўға умтылыўшылығына жуўап берди. Ол



www.ziyouz.com kutubxonasi

Орта Азияда Совет властынын беккемлениўине, кең мийнеткеш-лер массасын социалистик қурылысқа тартыўға жәрдемлести.

Орта Азияда совет республикаларынын дүзилиўинде В. И. Лениниң роли оғада уллы.

1920-жылы июньның ақырында В. И. Ленин совет қурылысына „дийханлардын түркстанлы мийнеткешлер массасын" тартыў усылларын ойлап көриўди, мусулман руханыйлары, панисламизм ҳәм буржуазиялық миллетшилик ҳәрекетлерге қарсы гүресиўдиң илажларын айрықша ислеп шығыўды усынды. В. И. Ленин „Түрк республикасын" дүзиў ҳаққындағы Рысқуловтың проектин бийкарлады ҳәм Түрк комиссияның усынысын қуўатлап: „1. Өзбекстанға, Қырғызыстанға ҳәм Түркменстанға бөлинген Түркстанның картасын (этнографиялық ҳәм *басқа да*) дүзиў тапсырылсын. 2 Усы 3 бөлимниң қосылыў ямаса бөлиниў жағдайлары толық түрде анықлансын"[1], — деп көрсетпе берди.

1924-жылдың басында Бухарадағы, Хийўадағы ҳәм Түркстандағы партия, совет ҳәм профсоюз шөлкемлериниң жыйналысларында Орта Азияны миллий шегаралаў ҳаққындағы мәселе додаланды. 1924-жылы 25-февральда Бухара Компартиясы Орайлық Комитетиниң Пленумы Орта Азияда миллий совет республикаларын дүзиў ҳаққындағы мәселе толығы менен писип жетилисти, деп есаплады. 1924 жылы 23-мартта ТКП Орайлық Комитетиниң Пленумы, ТКП Орайлық Комитети менен ТАССР Орайлық Атқарыў Комитети Президиумының Ташкенттиң партия ҳәм Совет хызметкерлери менен бирликте өткерген кеңеси миллий шегаралаўды ҳәм Орта Азияда совет миллий республикаларын дүзиўди жақлап шықты. Хорезм партия шөлкеминиң кеңеси де усындай қарар қабыл етти.

Буржуазиялық миллетшилер ҳәм уллы державашы шовинистлер Орта Азияны миллий шегаралаўға қарсы шықты. Пантүркистлер топары Түркстан „бир", оны миллий белгилери бойынша бөлиўдиң кереги жоқ, деп тастыйықлады, олар өзбек, түркмен ҳәм басқа миллетлердиң бар екенлигин бийкарлады, жоқ жердеги „улыўма мусулман және түрк миллетлериниң" сақланыўын талап етти.

Великорус шовинистлери миллий шегаралаўдын оғада уллы жер жүзилик тарийхый әҳмийетин мойынламады, айырым республикалардың өзине тән өзгешеликлерин, Орта Азия халықларының күн көриси ҳәм турмысының өзине тән жағдайларын бийкарлады.

Қарақалпақстандағы жергиликли миллетшилер бизиң елимиздин айырым халықларынын социалистлик миллетке раўажланып өтиў перспективаларын баҳалай алмады ҳәм Әмудәрья областын Хорезм ССР ына қосыўды усынды. Өз гезегинде, феодаллық-буржуазиялық Орта Азия автономиясын дүзиўди әрман еткен Хорезмнин буржуазиялық миллетшилери Хорезм республикасы-

[1] В. И. Ленин. Шығармаларынын толық жыйнағы, 41-том, 436-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

нын сақланып қалыўын жақлап шықты ҳәм оған Әмудәрья об-ластын қосыўды талап етти.

Орта Азия партия шөлкемлери буржуазиялық миллетшилер менен уллы державашы шовинистлерди қыйратып, Орта Азияда миллий шегаралаўды жақлап шықты. 1924-жылы 5-апрельде РКП(б) Орайлық Комитети РКП(б) Орайлық Комитетиниң Орта Азия бюросына шегаралаў бойынша зәрүрли материалларды таярлаўды ҳәм РКП(б) Орайлық Комитетиниң қараўына усыныў-ды тапсырды. 1924-жылы 28-апрельде РКП(б) Орайлық Комите-тиниң Орта Азия бюросы миллий шегаралаўдың әмелий мәселе-лерин ислеп шығыў ҳәм дүзилетуғын республикалар менен об-ластьлардың шама менен шегараларын белгилеў ушын Ўақытша территориялық комиссия және ҳәр бир миллет ҳәм халық бо-йынша айырым жәрдемши комиссиялар дүзди

1924-жылы 12-июньде РКП(б) Орайлық Комитети Түркстан-ның, Бухараның ҳәм Хорезмниң партия және совет органлары-ның усынысларын қарап шығып, Орта Азияны миллий шегаралаў ҳәм бул жерде жаңа миллий совет республикалары менен об-ластьларын дүзиў ҳаққында қарар қабыл етти.

Миллий шегаралаўды табыслы иске асырыў ушын агитмасса-лық жумысларды ен жайдырыў ҳәм ең әҳмийетли шөлкемлес-тириў-хожалық илажларын (жаңа республикалар менен область-лардын шегараларын белгилеў, экономикалық шегаралаў ҳәм т. б.) өткериў керек болды. Мыңлаған партия, комсомол ҳәм профсоюз хызметкерлери орынларға жиберилди, олар бул жер-лердеги халықлар арасында үлкен массалық-түсиндириў жумыс-ларын жүргизди. Бул исте партия ҳәм совет баспа сөзи әҳмий-етли роль ойнады.

1924-жылы сентябрьдиң басында ўақытша территориялық ко-миссия этнографиялық, экономикалық ҳәм тарийхый-географиял-лық мағлыўматлар тийкарында жаңа республикалар менен авто-номиялы областьлар шегараларынын алдын-ала проектин ислеп шықты.

Түркстан АССР Орайлық Атқарыў Комитетинин 1924-жыл 15-сентябрьде ашылған III гезексиз сессиясы Орта Азияда миллий-мәмлекетлик шегаралаўды өткериўге ҳәм бул мәселени Совет-лердиң Пүткил Союзлық Орайлық Атқарыў Комитетиниң тас-тыйықлаўына усыныўға бир аўыздан қарар қабыл етти. Түрк-стан АССР Орайлық Атқарыў Комитети сессиясының миллий-мәмлекетлик шегаралаў ҳаққындағы қарарында: „Бурын патша-шылық тусында ҳуқуқсыз колониаллық қулшылық жағдайында болған Түркстан халықлары ҳәзир азат ҳәм тең ҳуқуқлы болды, мийнеткешлердиң күш салыўлары менен өз мәмлекетлерин дү-зип атыр. Миллий азатлыққа ерискен, рабочий-дийхан-властының тийкарын беккемлеген Түркстан халқы мәдений ҳәм экономика-лық қурылысты тайсалмай раўажландырып ҳәм кеңейтип, Түрк-стан АССР ын миллий-биргелкили мәмлекет етип қайта дүзиў мүмкиншилигин беретуғын жағдайға еристи“,—деп атап көрсетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1924-жылы 19-сентябрьде Советлердиң V Пүткил Бухара қурылтайы Орта Азияда миллий шегаралаў өткерилиўин ҳәм БССР дың ӨзССР составына кириўин, сондай-ақ, Өзбекстан ССР ы менен Түркменстан ССР ының СССР составына кириўин қуўатлады.

Советлердиң 1924-жыл 29-сентябрьде шақырылған V Пүткил Хорезм қурылтайы да миллий шегаралаў өткерилиўин мақуллады ҳәм Хорезмде жасап атырған өзбеклердиң, түркменлердиң ҳәм қарақалпақлардың ХССР дан бөлинип шығыў ҳуқуқын және олардың тийисли миллий республикаларға биригиўин мойынлады.

Хорезм ССР ы Советлериниң Орайлық Атқарыў Комитети V Пүткил Хорезм қурылтайының қарарын орынлап, 1924-жыл 22-ноябрьде қарар қабыл етип, онда:

а) Хожели областы, Қыпшақ ҳәм Қытай жанадан дүзилген Қарақалпақстан Автономиялы областына берилсин;

б) Түркмен областы, Дарғаната ҳәм Садувар Түркменстан Совет Социалистлик Республикасына берилсин;

в) Хорезмниң қалған территориясы Өзбекстан Совет Социалистлик Республикасына берилсин", — деп атап көрсетилди.

Бурынғы Хорезм ССР ы составына кирген ҳәм барлығы да тең болған үш миллеттиң мәплерин есапқа алып, Хорезмде мәкан басқан халықлардың сиясий ҳәм экономикалық ҳуқуқларына қандай да болмасын кесент келтирместен, миллий шегаралаўды әмелге асырыўға ҳәрекет етип, ХССР Орайлық Атқарыў Комитети ҳәм Халық Нәзирлер Совети ҳәр бир миллеттиң ўәкили қатнасыўы менен Сапластырыў комиссиясын дүзди.

ХССР Орайлық Атқарыў Комитети усы қарарына муўапық 1924-жыл 23-ноябрьде, ал ХССР Халық Нәзирлер Совети сол жылдың 30-ноябринде өзлериниң атқаратуғын хызметин тоқтатыўы тийис болды.

Советлердиң V Пүткил Хорезм қурылтайының Хорезмниң барлық мийнеткешлерине үндеўинде: „Өзбеклер, түркменлер ҳәм қарақалпақлар жасайтуғын Хорезм ССР ы ҳәзирге шекем усы үш миллетти бирлестирип, оларды ХССР Советлери Орайлық Атқарыў Комитетинен ибарат республика ҳүкимети басқарды. Орта Азия мийнеткешлери ҳәм Коммунистлик партия миллий шегаралаўдың зәрүрлигин, ҳәр бир миллет өзин-өзи басқарыў ҳуқуқына ийе болыўы тийис" екенлигин атап көрсетти.

Орта Азияда Өзбекстан ССРы (составында Тәжикстан АССРы). Түркменстан ССРы, Қырғызстан АССР ы, Қазақстан АССР ы ҳәм Қарақалпақстан автономиялы областы дүзилди.

Жоқарыда аты аталған миллетлер жасайтуғын жерлер миллий белгиси бойынша жаңадан дүзилген республикалар менен областлар қараўына өтти.

Пүткил власть жаңадан дүзилген Революциялық комитетлерге берилип, олар пролетариаттың жеңип алғанларын беккемлеўи тийис болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарақалпақстанның рабочийлар ҳәм дийханлар массасының улыўмалық еркин әмелге асырыў мақсетинде Советлердиң V Пүткил Хорезм қурылтайы қарақалпақ халқына Хорезм ССР ы составынан шығыў ҳәм Қазақстан АССР ы составына өтиў ҳуқуқын берди.

СССР Орайлық Атқарыў Комитетиниң II сессиясы Орта Азия халықларының еркин орынлай отырып, Түркстан АССР ы Орайлық Атқарыў Комитетиниң, Советлердиң V Пүткил Бухара ҳәм V Пүткил Хорезм қурылтайларының Орта Азияда миллий шегаралаў ҳаққындағы өтинишин қанаатландырды ҳәм жаңадан дүзилген Орта Азия республикаларын, усы республикалар Советлери съездлериниң қарарларына ылайық нызам менен рәсмийлестирилиўин иске асырыўды СССР Орайлық Атқарыў Комитетиниң Президиумына тапсырды.

СССР Орайлық Атқарыў Комитетиниң „Известия" газетасы „Орта Азия ҳәм миллий шегаралаў" атлы мақаласында: „Солай етип, пүткил россиялық самодержавецлердиң колониялары — Түркстан, бурынғы Бухара әмирлиги менен Хийўа ханлығы мәңгиге жер бетинен жоқ етиледи ҳәм олардың орнына: 1. Өзбек; 2. Түркмен; 3. Тәжик республикалары және Қарақырғыз ҳәм Қарақалпақстан автономиялы областлары пайда болады.

Миллий шегаралаў Орта Азия халықларының турмысына айқын ҳәм анық жол ашып берди, Орта Азия халықлары СССР менен бурынғыдан беккемирек байланысыў ушын ғана миллий шегаралаў өткерип атыр.

Орта Азиядағы азатлық ҳәм парахатшылық исинде халықлар тарийхында бурын болып көрмеген ўақыя болып атыр...

Пүткил жер жүзиниң халықлары Орта Азиядағы совет еллеринде өзбеклер, түркменлер, тәжиклер, қырғызлар, қазақлар, қарақалпақлар бар екенлигин, олар өзлери дүзген миллий мәмлекетлерин өзлери басқарып атырғанлығын билсин.

Капитал еллеринде шовинизм, халықларды бир-бирине өшиктириўшилик, қырғын ўайраншылық, параға сатып алыўшылық, колониаллық тонаўшылық ҳәм ҳуқуқсызлық миллий программаны шешиўдиң бирден-бир жолы болып есапланады.

Ал бизлер Ильич ўәсиятлары бойынша алға барамыз, дейди Орта Азияның халықлары", — деп жазды 1924-жыл 21-октябрьде.

Қарақалпақ халқы Орта Азияның басқа да халықлары менен бирге, қарақалпақ жерлериниң көп әсирлерден бери бөлшеклениўшилигин сапластырған Орта Азияны миллий-мәмлекетлик шегаралаўды қызғын қутлықлады.

Орта Азияда миллий шегаралаў басланбастан бурын-ақ, 1923-жылы 20 июльде Түркстан АССР ының Ишки ислер халық комиссариатында болып өткен айрықша жыйналыс:

а) Мойнақ атаўы Сырдәрья областының қараўынан алынып Төрткүл (Әмудәрья—*ред.*) областының қараўына өткерилсин,

б) Төрткүл (Әмудәрья —*ред.*) областына аты атап өтилген атаўда онда жасаўшы халық арасында сиясий-тәрбия жумысла-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рын жүргизиўге кирисип, басқарыў орайын шөлкемлестириў тапсырылсын...," — деп қарар етти.

1924-жылдың май айында ХССР Советлериниң Орайлық Атқарыў Комитети Хорезм ССР ының составында автономиялы Түркмен ҳәм автономиялы Қырғыз (қазақ)-Қарақалпақ областын дүзиўге қарар етти.

Қарақалпақстан Автономиялы областын дүзиў ҳаққындағы мәселени ислеп шығыў территориялық комиссияның тийкарғы ўазыйпаларының бири болды. Қарақалпақ халқы өзинин миллий мәмлекетин дүзиўге тилек билдирди. Хорезмде бул дәўирде 34200 қарақалпақ бар еди, ал олардың тийкарғы массасы (93074 адам) Әмударья областында жасайтуғын еди. 1924-жылы 21-августта территориялық комиссия миллий шегаралаў бойынша төмендегише қарар қабыл етти:

1. Қарақалпақ халқының Хорезмнен ҳәм Әмударья областынан Қарақалпақстан Автономиялы областына бөлинип шығыўы зәрүрли деп есаплансын ҳәм усы областьтың шегараларын. халқының санын ҳәм т. б. анықлаў ҳаққындағы мәселелерди ислеп шығыў Қарақалпақлар бойынша жәрдемши комиссияға тапсырылсын. Ислеп шығылған материаллар Қарақалпақстан автономиялы областын дүзиў ҳаққындағы қарар менен бирге РКП(б) Орайлық Комитетинин Орта Азия бюросына ҳәм РКП(б) Орайлық Комитетине тапсырылсын.

2. Қырғыз АССР ы ҳәм Өзбек ССР ларының Әмударья областы бойынша шегараларын белгилеў ҳаққындағы мәселе Қарақалпақстан автономиялы областы ҳаққындағы мәселе биротала шешилип болғанына дейин ашық қалдырылсын.

3. Бир тәрептен Түркмен ССР ы менен Хорезм арасындағы белгиленген шегаралардан шыға отырып ҳәм екиншиден, қарақалпақ халқының Автономиялы областын шөлкемлестириўди есапқа алып, шегараларды белгилеў ҳаққындағы мәселени шешиў тийисли миллий комиссияларға тапсырылсын".

Қарақалпақстан Автономиялы областын дүзиў ўақтында миллий составты есапқа алыўдың ҳәм территория бирлигин сақлаўдың миллий-сиясий принциплери тийкар етип алынды.

Территориялық комиссиянын Қарақалпақстан Автономиялы областын дүзиў ҳаққындағы қарары үлкен сиясий әҳмийетке ийе болды ҳәм Қарақалпақстан мийнеткешлеринин мийнет ҳәм сиясий активлигинин буннан былай да көтерилиўине мүмкиншилик туўғызды.

Қарақалпақлар бойынша жәрдемши комиссия Орта Азияны миллий шегаралаўдың ҳәм Қарақалпақстан Автономиялы областы дүзилиўинин мақсетлерин жәнe әҳмийетин түсиндире отырып үлкен агитациялық-пропагандалық жумысларды ен жайдырды.

1924-жыл августтың екинши ярымында комсомол шөлкеми ҳәм „Қосшы" союзы ағзаларының Шымбайда болып өткен жыйналысы РКП(б) Орайлық Комитетиниң Орта Азия бюросы менен Түркстан Компартиясы Орайлық Комитетиниң тутқан жолын ма-



www.ziyouz.com kutubxonasi

қуллап, шегаралаўдың тийкарғы мақсети партияның миллет мәселеси бойынша қарарларын иске асырыў болып табылатуғынлығын атап көрсетип, кен масса арасында усы мәселени түсиндириў бойынша илажлар белгиледи.

1924-жылы 31-августта Түркстан Компартиясы Шымбай қалалық комитетинин пленумы РКП(б) Орайлық Комитетинин Орта Азияда миллий шегаралаўды өткериў ҳаққындағы қарарын додалап, оны мақуллады.

1924-жылы 26-августта обком халықты миллий мәмлекетлик шегаралаў мәселеси менен таныстырыў ҳәм онын әҳмийетин түсиндириў ушын жергиликли орынларға 15 адам жиберди.

Миллий шегаралаў бойынша агитациялық-пропагандалық жумыслар Шорахан участкасында 5500 адамды қамтыды, 14 қышлақ жыйналысы 5 партия, комсомол ҳәм қошшы ячейкаларынын жыйналыслары, 3 митинг, 2 волостлық конференция ҳәм бир қалалық жыйналыс өткерилди.

РКП(б) Орайлық Комитети Орта Азия бюросы менен Түркстан КП Орайлық Комитетинин Қарақалпақстан Автономиялы областын дүзиў ҳаққындағы қарарының проекти партия-совет органлары, Қарақалпақстаннын пүткил жәмийетшилиги ҳәм кең мийнеткешлер массасы тәрепинен толығы менен мақулланды.

1924-жылы 5-сентябрьде ТКП Әмударья областлық комитетинин Пленумы РКП(б) Орайлық Комитети Орта Азия бюросынын тутқан жолын мақуллап, Қарақалпақстан Автономиялы областын Түркстан республикасынын Әмударья областы менен Хорезм республикасынын Қонырат ҳәм Хожели районларынан дүзиў зәрүр деп шешти, ал оны қайсы республикаға қосыў мәселесин миллий шегаралаў бойынша Орайлық Комиссиянын шешиўине тапсырды.

Түркстан Компартиясы Әмударья областьлық комитетинин пленумы:

1. Партиямыз Орайлық Комитетинин Орта Азия республикаларын миллий-мәмлекетлик шегаралаў ҳаққындағы мәселе бойынша тутқан бағдары дурыс деп есаплансын.

2. Қарақалпақстан Автономиялы областының дүзилиўи қутлықлансын ҳәм бул илажлар зәрүрли деп есаплансын.

3. Болажақ Қарақалпақстан Автономиялы областынын комиссия тәрепинен исленилип шыққан ҳәм Орайлық Комиссияға усынылған территориясы менен шегараларынын проекти толығы менен мақуллансын", — деп қарар етти.

Областьлық комитет пленумының усы қарарына тийкарланып, территориялық комиссия 1924-жылы 6-сентябрьде төмендегише қарар қабыл етти:

"1. Хорезм ССР ынын Хожели ҳәм Қоңырат районларын олардын Хорезм республикасындағы шеклеринде Қарақалпақстан Автономиялы областы қараўына өткериў зәрүр деп есаплансын.

2. Әмударья областынын Шымбай уезди толығы менен Қарақалпақстан Автономиялы областына өткерилсин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

3 Әмударья областынын Шорахан районын (уезди) толығы менен Хорезм областынын өзбек районлары қатарына өткериў мақсетке муўапық деп есаплансын.

4. Қарақалпақстан Автономиялы областын республикалардын қайсысына қосыў мәселеси РКП(б) Орайлық Комитети Орта Азия-бюросынын шешиўине берилсин".

РКП(б) Орайлық Комитетиниң Орта Азия бюросы Қарақалпақстан Автономиялы областын Қазақ АССР ынын составына киргизиў ҳаққында қарар қабыл етти.

Солай етип, Хорезм ССР ының Қоңыраг, Хожели районларынан ҳәм Кытай-Қыпшақ участкаларынан (ҳәзирги Әмударья районының бир бөлими—*ред.*) 128008 адамлық халқы менен ямаса бурынғы Хорезм республикасы халқынын 20% ин ҳәм Түркстан республикасынын 170204 адамлық халқы бар Әмударья областынан — 298212 адамлық халқы бар Қарақалпақстан Автономиялы областы дүзилди. Ал, ҳәзирги Әмударья районынын бир бөлими Шуро-Манғыт Өзбекстан ССР ынын Хорезм областына қосылды.

1924-жылы 15-сентябрьде Түркстан Орайлық Атқарыў Комитетинин миллий шегаралаўға арналған Айрықша сессиясы ашылды. Усы сессиянын Орта Азия ҳәм Түркстаннын барлық халықларына Үндеўинде: „Түркстанда миллий-мәмлекетлик шегаралаў — миллетлер арасында қатнасықларды орнатыўдын ҳәм Орта Азия халықлары арасында беккем миллий татыўлық орнатыў исинде халықлар тарийхында бурын болып көрилмеген адым болды, ҳәзир Түркстан менен Орта Азиянын мийнеткешлери Октябрь революциясы өз байрақларында адамзатқа алып келген женислердиң уллылығына өзлери және бир рет исенди ҳәм Европа менен Американың, Азия менен Африканың барлық езилген халықларында буған исеним пайда етти" — деп атап көрсетилди.

1924-жылы 11-октябрьде Орта Азиядағы барлық республикалардын басшы хызметкерлеринин қатнасыўы менен РКП(б) Орайлық Комитети Орта Азия республикаларын миллий шегаралаў ҳаққында биротала шешимге келген қарар қабыл алды

1924-жылы 14-октябрьде болған Советлердиң Пүткил-союзлық Орайлық Атқарыў Комитетинин екинши сессиясы Түркстан Орайлық Атқарыў Комитетинин миллий шегаралаў ҳаққындағы қарарын бир қатар өзгерислер менен бекитти.

Сессия қарақалпақ мийнеткешлеринин еркин орынлай отырып, қарақалпақларға Түркстан республикасының составынан шығыў ҳәм Қазақстан АССР ы составында Қарақалпақстан Автономиялы областын шөлкемлестириў ҳуқықын бериў ҳаққында қарар қабыл етти.

Солай етип, Орта Азияда миллий шегаралаўды ис жүзине асырыў дәўри басланды.

1924 жыл 17-октябрьде Советлердин Қазақстан АССР Орайлық Атқарыў Комитетитиң киши Президиумы Пүткил союзлық Орайлық Атқарыў Комитетинин екинши сессиясынын қарарларын



www.ziyouz.com kutubxonasi

әмелге асырыў мақсетинде Қазақстан АССР ы составына киретуғын Қарақалпақстан Автономиялы областын дүзиўге қарар етти.

1924-жылы ноябрьде Орта Азияда жаңа миллий республикалар менен областьлардың дүзилиўине байланыслы барлық власть голығы менен жанадан дүзилген республикалардың ҳәм автономиялы областьлардың революциялық комитетлерине берилди.

Орта Азияның басқа республикалары менен миллий областлары сыяқлы Советлердиң Қазақстан АССР ы Орайлық Атқарыў Комитетиниң 1924-жыл 17-октябрьдеги қарары бойынша рабочийлар, дийханлар ҳәм қызыл әскерлер депутатларының I съезди шақырылғанға шекем Қарақалпақстан Автономиялы областының Революциялық комитети дүзилди.

1924-жылы 27-ноябрьде Қарақалпақстан Автономиялы областының революциялық комитети Қазақстан АССР ы Орайлық Атқарыў Комитетиниң қарарын орынлап, областьтың барлық жергиликли советлерине, Орта Азиядағы миллий-мәмлекетлик шегаралаў, Қарақалпақстан Автономиялы областының дүзилгенлиги, оның Қазақстан АССР ының составына киретуғынлығы ҳәм соңын ала округ болып қайта аталған Қоңырат, Хожели, Шымбай ҳәм Шорахан уездлериниң ҚАО составына киретуғынлығы ҳаққында мәлим етти.

Қарақалпақстан Автономиялы областы ревкомының усы хабары мийнеткешлердиң сиясий активлигин көтерди. Сол күни Хожели округиниң административлик орайы Хожели қаласында партия, комсомол, „Қошшы“ союзы ағзаларының ҳәм хызметкерлердиң жалпы жыйналысы болды, жыйналыс қатнасыўшылары „Миллий-мәмлекетлик шегаралаў ҳәм Қарақалпақстан Автономиялы областының дүзилиўи ҳаққында“ мәселени додалады ҳәм бир аўыздан автономиялы областьтың дүзилгенлигин, оның Казақстан АССР ының составына киретуғынлығын мақуллайтуғын қарар қабыл алды

Мийнеткешлердин усындай жыйналыслары ҳәм митинглери автономиялы областьтың барлық районларында болып өтти.

Орта Азияда миллий шегаралаўға байланыслы сапластырыў комитети дүзилди ҳәм оның қапталынан Орта Азия республикаларын және областьларын экономикалық шегаралаўды иске асыратуғын экономикалық комиссия дүзилди. Оның ўазыйпасы бурынғы Түркстан АССР ы, Бухара ҳәм Хорезм республикаларының меншиги есапланған кәрханаларды, егислик майданларды, малларды ҳәм т. б. әдил бөлистириўден ибарат болды.

Мәмлекетлик мүлик жанадан дүзилген республикалар менен автономиялы областьлар халқының санына қарай бөлистрилди. Ал көширилмейтуғын мүлик территориялық белгиси бойынша, товарлы өним улыўма суммасына қарай бөлистирилди. Орта Азия республикаларының шегаралары белгилениў алдында улыўма есапқа алынған мүлик 75 287 315 манатты қурады. Соннан, Хорезм республикасының үлесине 2400 мың манат, ямаса улыўма сумманың 3,2% и қарасды болды. Хорезм республикасы үле-



www.ziyouz.com kutubxonasi

синиң 20 % и Қарақалпақстанның шеп жағалық районларының пайына тийди. Ал Қарақалпақстан Автономиялы областына кирген бурынғы Әмударья областының үлеси 800 мың манаттан ибарат болды, яғный барлық Орта Азия республикаларына тийисли мүлик суммасының 1% ин қурады.

1925-жылы 23-мартта Орта Азия сапластырыў комиссиясы Қарақалпақстан Автономиялы областының қараўына Ташкент қаласындағы бурынғы Хийўа ўәкилханасының жайын берди.

Аўыл хожалық банкиниң кредитлери егислик майданына ҳәм аўыл хожалығы өнимлериниң муғдарына қарай бөлистирилди, шийки зат таярлаў басқармасының шийки затты маллардың бас санына қарай, тоғайлық жерлер ағашлардың сапасына қарай бөлистирилди.

Бөлистириў нәтийжесинде Қарақалпақстан Автономиялы областы ҳәр қыйлы егинлер егилген 28310 десятина жер, 38745 бас мал ҳәм Орта Азия республикалары менен автономиялы областларындағы барлық тоғайлықлардың 5% ин алды.

Солай етип, Орта Азияның хожалық ресурслары республикалар менен автономиялы областлар арасында әдил бөлистирилип, олардың экономикалық жақтан буннан былай да раўажланыўы ушын зәрүрли жағдайлар дүзип берилди.

Қарақалпақстан Автономиялы областының дүзилиўи Коммунистлик партияның дурыс миллий сиясатының нәтийжеси болды, ол қарақалпақ халқына экономикалық, сиясий ҳәм мәдений раўажланыўдың кең жолын ашып берди.

Совет Шығысында миллий сиясаттың жеңисин белгилеў ушын, Қазақстан АССР ы Орайлық Атқарыў Комитети мүтәжликтен ямаса санасызлығынан қылмыс ислегенлиги ушын айыпланған ҳәм ис жүзинде социаллық жақтан қәўипли болмаған гражданларға кеширим берди.

1925-жылы 12 — 19 февраль аралығында Төрткүлде Қарақалпақстан Автономиялы областының дийханлар, батраклар ҳәм қызыл әскерлер депутатлары советлериниң I шөлкемлестириўши съезди болды. Қарақалпақстан халықларының еркин билдире отырып, съезд Қазақстан АССР ы составында Қарақалпақстан Автономиялы областының дүзилгенлигин нызам менен рәсмийлестирди ҳәм „Қарақалпақстан Автономиялы областының дүзилгенлиги ҳаққында декларация“ дағазалады.

Советлердиң I съезди хожалық қурылысы ҳәм жергиликли совет аппараты жумысларын жақсылаў, халық ағартыўын раўажландырыў мәселелерин додалады. Қарақалпақстан халық хожалығының табыслы қайта тикленгенлигин атап көрсетип, съезд областьта пахташылықты буннан былай да раўажландырыўдың планын тастыйықлады, аўыл хожалығы кредити көлеминиң көбейтилиўине ҳәм дийханларды жер менен тәминлеўди жақсылаўға бағдарланған илажлар белгиледи.

Қарақалпақстан Автономиялы областы Советлериниң I съезди, сондай-ақ Революциялық комитеттиң есабы бойынша да қа-



www.ziyouz.com kutubxonasi



Қарақалпақстан Автономиялы областының дәслепки мәмлекеклик ҳәм жәмийетлик искерлериниң бири, РКП(б) ның Қарақалпақстандағы 1924 — 1925-жыллардагы шөлкемлестириў бюросының жуўаплы секретары Аллаяр Досназаров.

рар қабыл етти ҳәм область мәмлекетлик властының басқарыўшы органын—Қарақалпақстан Автономиялы областының Атқарыў комитетин және Советлердиң Пүткил Қазақстан V съездине 40 адам составында делегация сайлады.

Қаракалпақстан Автономиялы областын дүзиў ҳәм рәсмийлестириў бойынша барлық шөлкемлестириў жумысларына жергиликли миллетлердиң ўәкиллеринен Аллаяр Досназаров, Ибрайым Бекимбетов, Қасым Әўезов, Жумағалий Аташев, Өтенияз Бекимбетов, Абдулла Ерманов, Ораз Ерманов, Әбиў Қудабаев, Ержан Кожуров, Досымбет Қурбанаев, Тәжим Напесов, Алланияз Әйтешев, Турдымурат Низаматдийнов ҳәм т. б. актив қатнасты.

1925-жылдын 15—19-апрели аралығында Советлердиң Қызыл Орда қаласында болған Пүткил Қазақстан V съезди бир аўыздан Қарақалпақстан Автономиялы областын Қазақстан АССР ы составына қабыл алыў ҳаққында қарар қабыл етти.

Қарақалпақстан Автономиялы областы Советлериниң I Шөлкемлестириўши съездинин қарары ҳәм 1925-жылдың 11-майындағы Советлердиң Пүткил Қазақстан V съездиниң қарары Советлердиң Пүткил Россиялық XII съездинде тастыйықланды. Қарақалпақ халқының тарийхындағы ең әҳмийетли басқышлардың бири оның миллий-мәмлекетлик дүзилиўи усылайынша иске асты.

РКП(б) Орайлық Комитетиниң Сиясий бюросы: „Бурын Төрткүл округиниң бир участкасы есапланған, Октябрь революциясынан кейин уезд түриндеги административлик дүзилиске ийе болған бурынғы Шорахан уездин қосыў менен уездиң пүткил халқы тәрепинен билдирилген тилеклерди есапқа алып, Пүткил Төрткүл округин оның ески шегаралары көлеминде Қарақалпақстан Автономиялы областына тийисли деп есапланылсын ҳәм бул мәселе биротала шешилген деп табылсын", —деп қарар етти.

СССР Орайлық Атқарыў Комитети Президиумының 1925-жылдың 5 сентябриндеги қарары менен Шорахан уезди Қарақалпақстан Автономиялы областына бекитилди. Бул қарарда: „Пүткил Шорахан уезди Төрткүл қаласы менен бирге Қарақалпақстан



www.ziyouz.com kutubxonasi

Автономиялы областының қарауында қалдырылсын.

Бурынғы Шорахан уездинен Қарақалпақстан Автономиялы областының басқа округлери менен теңдей түрде барлық тийисли административлик аппаратлары менен бирге административлик округ дүзиў зәрүр деп есапланылсын.

Областьтың хожалық ҳәм мәдений турмысын беккемлеўде Қарақалпақстан Автономиялы областы халқының ықтыярлы басламаларының раўажланыўына ҳәр тәреплеме жәрдем көрсетиў зәрүр деп есапланcын.

Пүткилсоюзлық Орайлық Атқарыў Комитетиниң Президиумы арқалы Қазақстан АССР ы ҳүкиметине усы қарардың 2-ҳәм 3-пунктлеринде көрсетилген илажлардың ис жүзине асырылыўына дыққат аўдарыўды усыныс етиў тапсырылсын", —деп атап көрсетилди.



Қарақалпақстандағы Ревкомның председатели, соңынан Қарақалпақстан Автономиялы областының Атқарыў Комитетиниң председатели Әбиў Қудабаев.

Солай етип, Қарақалпақстан Автономиялы областы; Төрткүл, Шымбай, Хожели ҳәм Қоңырат округлеринен ибарат болды. Төрткүл округине: Бийбазар, Сарыбий, Төрткүл, Шаббаз, Мыңбулақ, Тамды ҳәм Шорахан волостьлары кирди.

Шымбай округи: Дәўқара, Кегейли, Көкөзек, Қоңырат, Нәўпир, Нөкис, Таллық, Шымбай ҳәм Жаңабазар волостьлықларына бөлинди.

Хожели округи: Қаратерең, Қыпшақ, Қытай, Лаўзан, Мискин ата, Хожа жармыш волостьларынан ибарат болды.

Қоңырат округине: Қызыл жар, Ханжап, Мойнақ ҳәм Тоқпақ ата волостьлықлары кирди

Қарақалпақстан Автономиялы областының территориясы шама менен 160 мың *кв км* ге жетти. 1926-жылғы халықтың есабын алыўдың мағлыўматларына муўапық область халқының — 38,1 % ин қарақалпақлар, 28,5% ин қазақлар, 27,6% ин өзбеклер, 3,2 % ин түркменлер, 2,6% ин басқа миллетлер қурады.

Барлық қарақалпақ районларын бирлестирген автономиялы областьтың дүзилиўи қарақалпақ социалистлик миллетинин қәлиплесиўиндеги ҳәм буннан былай да раўажланыўындағы ең әҳмийетли факторлардың бири болды.

Автономиялы областьтың дүзилиўине байланыслы Қарақалпақстан коммунистлери ҳәм барлық мийнеткешлери областьта партия-совет қурылысын беккемлеў, социаллық, сиясий, экономика-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лық ҳәм мәдений қайта қурыўлар өткериў бойынша оғада үлкен ўазыйпаларды әмелге асырыўы тийис болды. Бул исте жаңадан автономиялы областьлық партия комитетиниң дүзилиўи үлкен әҳмийетке ийе болды.

1925-жылдың 19—23-октябри аралығында Төрткүлде Биринши Қарақалпақстан автономиялы областьлық партия конференциясы болып, оған 42 партия ячейкасына бириккен 495 партия ағзасынан ҳәм 1035 партия ағзалығына кандидаттан 34 делегат шешиўши, ал 2 делегат кеңесши даўыс пенен қатнасты. Шешиўши даўысқа ийе болған делегатлардың он бири қарақалпақ, он бири қазақ, жетеўи өзбек ҳәм бесеўи басқа миллетлердиң ўәкиллери еди. Ал социаллық жағдайы бойынша делегатлардың арасында 3 рабочий. 26 дийхан, 3 хызметкер ҳәм 2 басқа кәсиптегилер болды.

Конференция областлық шөлкемлестириў бюросының есабын партия қурылысы ҳәм партиялық билимлендириў, қоншы союзының ўазыйпалары, совет қурылысы, Қарақалпақстан автономиялы областында хожалық қурылысының ўазыйпалары, совет властының салық сиясаты, халық билимлендириўи жумысы, дийханларды жер менен тәминлеў мәселелерин додалап, олар бойынша тийисли қарарлар қабыл етти.

Биринши областьлық партия конференциясы областьлық партия комитетиниң, областьлық партия комитети қадағалаў комиссиясының ҳәм тексериў комиссиясының жаңа составын ҳәм Қазақстан крайлық партия конференциясына делегатлар сайлады.

Советлер Союзы Коммунистлик партиясының дана ленинлик миллий сиясатының арқасында қарақалпақлар өзлериниң миллий совет социалистлик мәмлекетине ийе болды.

Миллий шегаралаўдың табыслы жүргизилиўи, Орта Азияда жаңа совет республикалары менен автономиялы областьларының дүзилиўи, олардың ықтыярлы түрде СССР ға кириўи бизиң партиямыздың ленинлик миллий сиясаты салтанатының ҳәм СССР дың барлық халықлары менен Орта Азия халықлары дослығының беккемлениўиниң айқын гүўасы болды. Миллет мәселесин ленинлик принцип тийкарында шешиўдиң дурыслығы Шығыста социализмниң шам-шырағы болған Орта Азия республикаларының буннан былайғы раўажланыўы тарийхы арқалы исенимли түрде дәлилленди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

*V бап*

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АССР ы ХАЛЫҚ ХОЖАЛЫҒЫН СОЦИАЛИСТЛИК РЕКОНСТРУКЦИЯЛАЎҒА ӨТИЎ ДӘЎИРИНДЕ (1926-1928-ж.ж.)

## 1. ҚАРАҚАЛПАҚСТАН МИЙНЕТКЕШЛЕРИНИҢ СОЦИАЛИСТЛИК САНААТТЫ РАЎАЖЛАНДЫРЫЎ УШЫН ГУРЕСИ

1925-жылдың ақырында бизиң елимиздиң халық хожалығын қайта тиклеў тийкарынан питти. Усы ўақытқа ири санааттың улыўма өними урысқа дейинги дәрежениң 75% ине, ал аўыл хожалығының улыўма өними 95% ине жетти. Хожалықтың қалған тараўлары да табыслы қайта тикленди, жекке капиталдың санааттағы ҳәм саўдадағы үлеси төменледи. Халық хожалығын қайта тиклеў ҳәм раўажландырыў тараўындағы табыслар Коммунистлик партия ҳәм Совет ҳүкиметиниң басшылығында совет халқының пидәкерлик мийнети нәтийжесинде қолға киргизилди.

Елдиң халық хожалығын қайта тиклеў, оның экономикасын беккемлеў партия ҳәм совет халқының алдына халық хожалығын социалистлик реконструкциялаўға, социалистлик мәмлекет экономикасының тийкары—аўыр санаатты раўажландырыўға өтиў ўазыйпаларын қойды. Социалистлик индустриаластырыў совет填елиниң жетекши күши—рабочий класстың өсиў дереги болды.

Елди индустриаластырыўдағы партияның тутқан бас бағдарына троцкийшилер ҳәм зиновьевшилер қарсы шықты. Олар социализм дүзиўдиң мүмкин екенлигин, рабочий класс пенен дийханлардың беккем аўқамын бийкарлады, дийханларға рабочий классқа душпан элемент сыпатында қарады. Мийнеткешлер массасы арасында социализм қурыў исине исенимсизлик рухын таратты.

Партия олардың капитулянтлық бағдарына қарсы шешиўши гүрести ен жайдырды. 1925-жылы апрельде партияның XIV конференциясы болып, ол СССР да социализм дүзиўдиң мүмкинлиги ҳаққындағы мәселени додалады. Конференция резолюциясында: „Пролетариат партиясы, егер елди ҳәр қандай реставрация жасаўға урыныўлардан қутқарыўға ериссе, социалистлик жәмийет дүзиў иси жеңиске ерисиўи мүмкин ҳәм сөзсиз жеңиске ериседи,



www.ziyouz.com kutubxonasi

деген исеним менен барлық күш-жигерин социалистлик жәмийет дүзиўге жумсаўы тийис"[1],—деп агап көрсетилди.

Партияның XIV конференциясының қарары СССР да социализм дүзиўдин оғада үлкен ўазыйпаларын ис жүзине асырыў ушын гүрестиң программалық документи болды.

ВКП (б) нын 1925-жыл декабрьдеги XIV съезди партияның XIV конференциясының елимизде социализмнин жеңип шығатуғыны ҳаққындағы көрсетпелерин толық мақуллап, социалистлик индустриаластырыўды ен жайдырыўға айрықша дыққат аўдарды Сонын менен бирге съезд „Жаңа оппозицияның" капитулянтлық тезислерине шешиўши соққы берди ҳәм елди индустриаластырыўға бағдар алды

Индустриаластырыўды әмелге асырыў нәтийжесинде миллий шет-шебирлерде, соның ишинде Орта Азия республикаларында санаат орайлары дүзилди.

1925-жылы, индустриаластырыўдың алдында Қарақалпақстанның мәмлекетлик секторында еки пахта тазалаў заводы, бир баспахана кәрханасы, май шығарыў, сабын қайнатыў ҳәм тери ийлеў заводлары, еки балықшылық кәрханасы, 380 өнерментти бирлестирген 20 өнерментшилик кәрханасы болды.

Область санааты раўажланыўының оғада төмен болыўына байланыслы Қарақалпақстан халық хожалығын социалистлик реконструкциялаў, әстелик пенен жүрди. Қаржының жетиспеўшилигинен тысқары, санаат қурылысына партия-совет шөлкемлери тәрепинен басшылықтың жеткиликсиз болыў фактлары сезилди. Партия обкомы бюросының 1926-жылы 19-ноябрьдеги қарарында хожалық турмысына партия шөлкемлериниң басшылығы жеткиликсиз болғанлығы жергиликли ҳәм өнерментшилик санаатын қайта тиклеў пәтинин төменлиги ҳәм т. б. атап көрсетилди

Областьлық партия комитети бюросының бул қарары социалистлик санаатты раўажландырыў бойынша ўазыйпаларды, иске асырыўға мийнеткешлерди мобилизациялаўға мүмкиншилик берди.

1927-28 жыллары мәмлекетлик санаатты раўажландырыў ушын 110 мын манат, ал жергиликли санаат ушын 73,9 мың манат ажыратылды.

1927-жылы Хожели пахта тазалаў заводы иске қосылып, үш сменада жумыс иследи, Пахта тазалаў заводлары рабочийларының саны жылдан-жылға өсти.

Төрткүл ҳәм Шымбай қаразлары жумыс ислеўге кирисип, 1925 — 1927-жыллары 25 мын пуд ун таярлады, сондай-ақ ҳәр қайсысының жылына 10 мын дана тери шығарыў мүмкиншилиги бар еки тери ийлеў заводы ислей баслады. Гербиш заводының ис өнимлилиги артып, 1927 жылы 187 мын гербиш таярланды. Баспахана санаатының жумысы да бир қанша жанланды.

---

[1] КПСС резолюцияларда ... II бөлим, 50-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Областьты электрлестириўге үлкен дыққат аўдарылды. 1927-жылы Төрткүл қаласындағы электростанция ушын зәрүрли үскенелерди сатып алыўға 9000 манат ажыратылды. Электростанцияның дәслепки қуўатлылығы санаат мүтәжликлерин қанаатландыра алмады. Электрлестириўдиң буннан былай раўажланыўына байланыслы, оның қуўатлылығы 1928-жылы 39 *квт* қа, ал барлық электростанциялар бойынша электр энергиясын жетистириў 48 *квт* қа жеткерилди.

Қарақалпақстанның халық хожалығында балықшылық санааты әдеўир роль ойнады. Усы тараўды көтериў ҳәм раўажландырыў, жекке балық аўлаў кәсип орынлары ийелериниң экономикалық қуўатына шешиўши соққы бериў мақсетинде еки мәмлекетлик кәрхана: Арал мәмлекетлик балық тресты ҳәм Орта Азия пароходствосы шөлкемлестирилди. 1927-жылы Арал мәмлекетлик балық трестиниң Мойнақта ҳәм Үргеде еки кәрханасы болды. Арал кооперативлик кәсип орны „Балықшылар союзы" өсти ҳәм беккемленди. 1925/26-жыллары Союздың 7 сериклигинде 487 балықшы болған болса, ал 1927-жылы 9 сериклик ҳәм 4 артельде 710 балықшы болды. Балықшы хожалықларының ақша қаржы жағдайын жақсылаў бойынша илажлар көрилди. 1927-жылы Қазақстан АССР ының аўыл хожалық банки балықшыларға 185 мың манатлық узақ мүддетли кредит берди, ол балықшылардың усы жылы бәҳәрги балық аўлаў мәўсиминде 1926-жылғы 97 мың пуд балық орнына мәмлекетке 265 мың пуд балық аўлап тапсырыўына алып келди.

Область партия шөлкеми жергиликли санаатты раўажландырыў бойынша да үлкен жумыслар жүргизди. Өнерментшилик кәрханаларының саны 1925-1926-жыллардағы 300 ден 1927-жылы 666 ға дейин көбейди.

Дуздың бай кенлерине ийе болған Шымбай менен Қоңырат округлеринде ҳәм Мойнақтың территориясында дуз ҳәм таў-кән санааты жумыслары да әдеўир жанланды.

Ҳәк күйдириў санааты бир қанша раўажланды. Усы дәўирде областьта айына 22 мың пуд ҳәк өндирип шығаратуғын ҳәм айлық айланысы 17500 манат болған 37 печь болды.

Партия ҳәм совет шөлкемлери тәрепинен көрилген илажлар социалистлик санаат тараўларының көтерилиўине ҳәм жаңа санаат объектлериниң иске қосылыўына мүмкиншилик туўғызды. Автономиялы область рабочий класының қатарлары батраклар менен гедейлер арасынан шыққан жаңа кадрлар менен толықтырылды.

Социалистлик қурылыста транспорттың раўажланыўы шешиўши орын тутты. Областьтың темир жол менен байланыспағанлығы халық хожалық қурылысының раўажланыўына, халықтың мәдений турмысына унамсыз тәсир жасады. Партия, совет шөлкемлери дәрья транспортының турақлы ислеўин тәмийинлеў ушын бар күшин жумсады. Әмудәрьяның бойындағы ири дәрья портлары—Төрткүл, Қыпшақ, Хожели ҳәм т. б. портлардың жумысы



www.ziyouz.com kutubxonasi

жолға қойылды. Мәмлекетлик дәрья ҳәм теңиз флотының жүк айланысын әдеўир көбейтиў ушын жүк тийелетуғын үлкен кемелерге ири ремонт жумыслары жүргизилди. Областьта жүк тасыў мәмлекетлик пароходство ҳәм жекке адамлар тәрепинен иске асырылды. 1925-1926-жыллары Әмударья бойынша тасылған жүктиң 27% и мәмлекетлик пароходство тәрепинен, ал жекке саўдагерлер тәрепинен 75% и тасылды. Арал теңизи бойынша мәмлекетлик пароходство тасылған жүктиң 30,1% ин, ал жекке саўдагерлер 40 9% ин тасыды.

Халық хожалық қурылысында оғада әҳмийетли болған байланыс жумысларына да үлкен дыққат аўдарылды. 1929-жылдың 1-октябрине область бойынша барлығы болып, 11 почта телеграф: 1 почта-телеграф конторасы, 4 почта бөлими. 1 радиостанция ҳәм 5 штатсыз почта агентлиги болды. Почта-телеграф пунктлеринин көп шақаплы тараўларынын болмағанлығы область районлары арасындағы байланысларды, почта ҳәм телеграф арқалы хат, телеграмма ҳәм т б жеткизип бериўди қыйынластырды. 10 районлык орайдың тек үшеўинде—Шымбай, Хожели ҳәм Қоныратта ғана телеграф болды. Усыны есапқа алып, область партия шөлкеми барлық районлық орайларда, елатлы пунктлерде ҳәм участкаларда телефон-телеграф линияларын дүзиўге, автономиялы республиканың пүткил территориясы бойынша почта ҳәм телеграфлардың турақлы ислеўин тәмийинлеўге қарар қабыл етти.

Усы дәўирде совет саўдасы әдеўир раўажланды. 1925-жылы Облторг дүзилди, ол мәмлекетлик саўдаға басшылық етти, оның дүзилиўи совет саўдасының ен жайыўында ҳәм жекке саўдагерлерди шеклеўде үлкен роль ойнады. Егер 1925/26-жыллардың бирииши ярымында мәмлекетлик мәкемелердиң саўда айланысы 913 мың ҳәм кооперативлердики 454 мың манат болған болса, ал 1926/27-жыллардың бириниш ярымында мәмлекетлик кәрханалардың саўда айланысы 1407 мың манатқа дейин өсти, ал кооперативлердики 413 мың манат болды. Усы ўақыт ишинде жекке саўда мәкемелеринин улыўма айланысы 2752 мың манаттан 1800 мыңға дейин төменледи Бирақ жекке саўдагерлер улыўма саўда айланысы көлеминиң 48% ин ийеледи.

1926-жылдың 15-сентябри менен 1927-жылдың 18-январы аралығында Төрткүл, Хожели ҳәм Қоныват қалаларында турақлы түрде ярмаркалар шөлкемлестирилип, бул жекке капиталды шеклеў менен бирге совет саўдасының раўажланыўына жәрдемлести.

Саўданың раўажланыўы менен бирге автономиялы республика мийнеткешлеринин материаллық абаданлығы үзликсиз жақсыланды. Санаат кәрханаларындағы бир рабочийдын орташа айлық өндирислик көрсеткиши 1990 манат болды, соның ишинде пахта тазалаў санаатындағы бир рабочийдың орташа айлық ислеп шығарыў өндирислик көрсеткиши 3464 манат, май шығарыў-сабын қайнатыў санаатында 2516 манат болды Санаат кәрханаларындағы мийнет өнимлилигинин өсиўи ҳәр бир рабочийдың орташа



www.ziyouz.com kutubxonasi

айлық мийнет ҳақысының көбейиўине алып келди. Мәселен, пахта тазалаў ҳәм май шығарыў санаатларындағы ҳәр бир рабочийдың орташа айлық мийнет ҳақысы 1926/27-жылдағы 77,4 манаттан, 1927/29-жылы 86,6 манатқа дейин көбейди.

Усы жыллары санаатты ҳәм қурылысты раўажландырыўға қаржы бөлип шығарыў өсти. 1927—1930-жыллары санаатқа ири қаржы жумсаўға 3711 мың манат, ал ҳәр қыйлы қурылыс объектлерине 1760 мың манат бөлип шығарылды. Усы жыллары толығы менен алғанда автономиялы областьтың халық хожалығын раўажландырыўға 15496 мың манат жумсалды. Усы дәўирде областтың жергиликли бюджети 900 мың манаттан 4500 мың манатқа көбейди.

## 2. АЎЫЛ ХОЖАЛЫҒЫН КӨТЕРИЎ УШЫН ГҮРЕС

Бизиң елимизде халық хожалығын қайта тиклеў менен бирге партия ҳәм совет мәмлекетиниң алдында аўыл хожалығын буннан былайда раўажландырыў бойынша әҳмийетли ҳәм жуўапкерли ўазыйпалар турды. В. И. Лениниң социализм қурылысы мәселелерине арналған соңғы шығып сөйлеген сөзлери менен мақалаларында, әсиресе оның белгили кооперативлик планында аўыл хожалығында социалистлик өзгерислер жасаўға әҳмийетли орын берилген. Аўыл хожалығы ҳаққындағы мәселе партия съездлериниң, конференцияларының ҳәм пленумларының барлық қарарларынан да әҳмийетли орын ийеледи.

Октябрь революциясынан кейин де узақ ўақытларға дейин қарақалпақ аўылларында хожалықтың оғада артта қалған формалары үстемлик етти, феодаллық-патриархаллық қалдықлар сақланды, Қарақалпақстанда аграрлық мәселени шешиўдиң қыйынлығы мине усыларға байланыслы болды. Егислик жерлердиң әдеўир бөлеги байлар менен руханыйлардың қолына топланды.

Жер-суў реформасы байлардың экономикалық қуўатына соққы бериўи ҳәм аўыл хожалығында өндириўши күшлердиң раўажланыўына мүмкиншилик туўғызыўы тийис еди.

Областта аўыл хожалығы серикликлерин дүзиў кең ен жайды. 1925—1927-жыллары-ақ 26 сериклик бар еди. Дәслепки сериклик 1927-жылы Төрткүл округи Шаббаз волостының Саркоп жәмәәтында (ҳәзирги Беруний районы Орджоникидзе атындағы колхозының территориясында) пайда болды. Оны шөлкемлестириўши аўыл активистлериниң бири, гражданлар урысының қатнасыўшысы Абдулла Нурниязов болды. Сериклик 150 ге шамалас дийхан хожалығын бирлестирди ҳәм ғәлле егинлерин ҳәм пахта екти.

Аўыл мийнеткешлериниң турмысында кооперативлик қурылыс үлкен роль ойнады. Автономиялы областьтың барлық округлеринде кооперативлик бирлеспелер шөлкемлестириў жүргизилди Усындай бирлеспелердиң бири Қытай волосты 4-аўыл советиниң территориясында дүзилип, ол 250 хожалықты қамтыды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аўыл хожалығы кредит кооперациялары қамтыған серикликлердин саны үзликсиз өсти, Егер, 1925—1926-жыллары усындай хожалықлардың тутқан үлеси область бойынша 50% ке жетпейтуғын болса, ал бир жылдан кейин 47342 дийхан хожалығынан 28882 хожалық аўыл хожалығы кредит кооперацияларына тартылды. Серикликлердин мүтәжлери ушын аўыл хожалығы банки линиясы бойынша 252 мың манат ажыратылды.

Аўыл хожалығы серикликлери ҳәм артельлери менен бирге областьта машина-прокат пунктлери де дүзилди. Дәслепки машина-прокат пунктлери Төрткүл округиндеги Ески Келтеминар участкасында (ҳәзирги Төрткүл районының М Горький атындағы колхоздың территориясында) ҳәм Уллыбағ аўыл советиниң территориясында (ҳәзирги Төрткүл районының „Коммунизм" колхозының территориясы) шөлкемлестирилди.

Дийханларды аўыл хожалығы техникасы менен таныстырыў мақсетинде арнаўлы участкалар дүзилип, оларда дийханлар трактор айдаўды, аўыл хожалығының Европа үлгисиндеги қураллайманларды ҳәм үскенелерди пайдаланыўды үйренди, Машина-прокат пунктлери соңын ала Қарақалпақстандағы колхоз өндирисиниң тийкарғы техникалық базасы болып хызмет етти. Қарақалпақстан партия шөлкеми ирригациялық қурылысқа үлкен әҳмийет берди. Область бойынша ирригациялық суўғарыў тараўларының улыўма узынлығы 2433 шақырым болды. Ирригациялық қурылысты буннан былай раўажландырыў мақсетинде бес жыллық план (1924 — 1928/29-ж.ж.) қабыл алынып, оның баслы ўазыйпалары жергиликли ирригация тараўларын кеңейтиў ҳәм реконструкциялаўдан ибарат болды,

Планға муўапық, Истемес көлинин жанындағы 3000 десятина жерди суўғарыў мақсетинде Төрткүл районындағы Бий жап ҳәм Найман өзек каналларының әтирапларында изертлеў жумыслары жүргизилди. Хожели-Қоңырат суў округи бойынша Суўенли, Хан жап ҳәм Халық жап магистралларын бир каналға бирлестириў ушын усы каналлардың бойларына изертлеў жүргизилди. Шымбай округи бойынша Кегейли ҳәм Қуўаныш жарма каналларының тараўларын қайта қурыў белгиленди. Усының менен бирге 1926-жылы сентябрьде басланған 18.6 *км* узынлықтағы Қызкеткен каналының қурылысын питкериўге айрықша дыққат аўдарылды. Ирригациялық қурылысларға жумсалған ири қаржылар 13591 мың манат болды. Усы илажлардың барлығы суўғарылатуғын жер майданының 20 мың десятинаға көбейиўине алып келди.

Аўыл хожалығы серикликлериниң шөлкемлестирилиўи менен бирге мелиоративлик серикликлер де дүзилди. 1925—1927-жыллары 20 мелиоративлик серикликлер дүзилди.

Область аўыл хожалығының көтерилиўинде аўыллардағы дийханлар массасының материаллық турмыс дәрежесиниң жоқарылаўы ҳәм гедейлердиң аўыл хожалығы салығын төлеўден азат етилиўи үлкен әҳмийетке ийе болды. 1926—1927-жыллары 10425



www.ziyouz.com kutubxonasi

хожалық 51969 манат 77 тыйын муғдарындағы салықтан азат етилди, ал оннан соңғы жылы улыўма 45507 хожалықтан 17640 хожалық 33921 манат 48 тыйын муғдарындағы салықтан азат етилди.

Қазақстан АССР Орайлық Атқарыў Комитетиниң 1926-жыл 20-майдағы қарарына муўапық 1926-жылдан баслап жүргизиле баслаған жер менен тәмийинлеў жумыслары аўыл хожалығын социалистлик бағдарда буннан былай раўажландырыўдың шешиўши факторларының бири болып, ол 1927-жылдан баслап кең ен жайды. 1927-жылы 3-майда автономиялы областьтың пүткил территориясы бойынша жер менен тәмийинлеў жумысларының бес жыллық планы тастыйықланып, оған муўапық 1 322 499 *га* сүрилетуғын ҳәм от-шөпли жерлерге ийе барлық округларда жер менен тәмийинлеў жумысларын жүргизиў белгиленди.

Жер менен тәмийинлеў жумысларын жүргизиў менен бирге жарлы хожалықларға үлкен жәрдем көрсетилди. 1927—1929-жыллары олар күш-көликлер, аўыл хожалығы қурал-сайманларын, тухым ҳәм т. б. сатып алыў ушын мәмлекеттен 3 342 520 манат алды.

Жер менен тәмийинлеў мапазының барысында әдеўир муғдардағы жер участкаларын меншиклеген эксплуататор хожалықлардың саны ҳаққындағы мағлыўматлар да анықланды. Мәселен, Шымбай районындағы 6356 хожалықтан кем дегенде 200 хожалық өз қараўында 60—70 танаптан егислик жерлерди ҳәм ири от-шөпли жерлерди ийелеген. Ал Шаббаз районында 153 хожалык 10 десятинадан аслам егислик жерлерден ийелеген ҳәм 2164 десятина сүрилетуғын жерлерди өз қолларына топлаған.

Байлардан тысқары, руханыйлар да ири жер участкаларына ийелик етти. Төрткүл районында 2709 танап егислик жер мешитлерге тийисли болды. Шаббаз районындағы 130 мешит көп муғдарда егислик жер ийеледи. Бурынғы Хожели округлик комиссиясының мағлыўматы бойынша округте 17237 танап байлардың егислик жерлери ҳәм руханыйларға тийисли көп муғдардағы егислик жер есапқа алынған.

От-шөпли ҳәм егислик жерлердиң әдеўир бөлегиниң байлар менен руханыйлардың қолына топланыўы жерсиз ҳәм аз жерли хожалықлардың көбейиўине алып келди. Областта —0,08 десятинадан 1,09 десятинаға дейин жери бар хожалықларды қосып есаплағанда 16427 аз жерли ҳәм 3300 жерсиз хожалық болды.

Областьтың партия, совет, жер органлары байлардың жерден пайдаланыў ҳуқуқларын шеклеўге ҳәм биринши гезекте жерсиз ҳәм аз жерли дийхан хожалықларын егиске жарамлы сүрилетуғын жерлер менен тәмийинлеўге бағдарланған сиясат жүргизди.

Нәтийжеде, областьтағы 28572 жерсиз ҳәм аз жерли хожалық 917 127 *га* егиске жарамлы ҳәм жайлаў жерлерди алды.

Автономиялы областьта жер менен тәмийинлеў мапазын тутасы менен иске асырыў класслық душпанлар—байлар, руханыйларға қарсы қатаң гүрес жағдайында өтти.

Шаббаз районындағы руханыйлардың ўәкиллери жер мәсе-



www.ziyouz.com kutubxonasi

леси бойынша аўыл халқы арасында Совет власты сиясатына қарсы агитация алып барды, дийханларды „Қошшы“ союзына жазылмаўға, кооперацияларға кирмеўге шақырды ҳәм т. б Ис совет активлерине, партия хызметкерлерине қарсы ашық террор жүргизиў ўақыяларына дейин барып жетти. Социализм иси ушын актив гүресшеи, граждаилар урысының қатнасыўшысы, 1924-жылдан ВКП(б) ағзасы, Шымбай районы 13-аўыл советиниң председатели Ж. Бердақов 1928-жылы 26-июньға қараған гүнде жаўызлық пенен өлтирилди. Усы районның 8-аўыл советиниң активисти Ж. Пирниязов ҳәм т. б. усы террордың қурбаны болды.

Қарақалпақстан партия шөлкеми коммунистлерди, комсомолецлерди, областьтың барлық мийнеткешлерин, контрреволюциялық элементлерге қарсы шешиўши гүреске, ғалаба жер менен тәмийинлеў ўазыйпаларын табыслы орынлап шығыўға мобилизациялады.

Қазақстан крайкомы бюросының 1926 жыл 11-декабрьдеги қарары, Қарақалпақстан областьлық III партия конференциясына (1927-жыл октябрь) крайкомның сентябрь хаты ҳәм Қазақстан крайкомы бюросының 1928-жыл 20-июньдеги қарары автономиялы областьта социалистлик қурылысты иске асырыўда үлкен әҳмийетке ийе болды.

Солай етип, партия менен ҳүкиметтиң автономиялы областьта жер суў қатнасықларын шешиў ушын көрген илажлары Қарақалпақстанда аўыл хожалығын буннан былайда раўажландырыў ҳәм ғалаба коллективлестириўди ең жайдырыўға жағдай дүзди.

1927-жылы декабрьде партияның XV съезди болып, ол аўыл хожалығын коллективлестириўге ҳәм кулакларды класс ретинде сапластырыўға бағдар алды. Съезд директиваларында: „Кулакларға топылыс тағы да раўажландырылсын ҳәм аўылларда капитализмниң раўажланыўын шеклейтуғын және дийханлар хожалығын социализмге қарай алып баратуғын бир қатар жаңа илажлар көрилсин[1],—деп белгиленди.

Съезддиң жумысында СССР халық хожалығын раўажландырыўдың бириншн бес жыллық планын дүзиў бойынша директиваларды тастыйықлаў ҳаққындағы мәселе үлкен орын тутты. Усыған байланыслы съезд, „Бес жыллық план артта қалған миллий шет үлкелер менен артта қалған районлардың экономикалық ҳәм мәдений жақтан артта қалыўшылығын кем-кемнен сапластырыў зәрүрлигине тийкарланып, олардың экономикасы менен мәдениятын көтериў мәселелерине айрықша кеўил бөлиўи, сондай-ақ бул районлардың талап ҳәм зәрүрликлерин Союздың талап ҳәм зәрүрликлери менен байланыстырып, олардың экономикасы менен мәдениятын тағы да тез пәтлер менен раўажландырыўды нәзерде тутыўы тийис“[2], —деп атап өтти.

ВКП(б) XV съездиниң қарарларын ис жүзине асыра отырып, область партия ҳәм совет шөлкемлери, аўыл мийнеткешлери аўыл

---

[1] КПСС резолюцияларда ... II бөлим. 482-бет.
[2] Бул да сонда, 463-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

хожалыгын раўажландырыўда жана табысларды қолға киргизди. Мәселен, 1928-жылы барлық егинлердиң егислик майданы урысқа дейинги дәрежениң 89,4% ин қурады, ал аўыл хожалығынын улыума өнимиусы ўақытқа урысқа дейинги дәрежеден 13,4% асып кетти. Аўыл хожалығының товарлы бөлиминиң өсими 1913-жылдағыға қарағанда 157,3% болды.

Мал шарўашылығын көтериўде де белгили табысларға ерисилди. Қайта тиклеў дәўириниң ақырында область мал шарўашылығы урысқа дейинги дәрежеден 215% асып кетти, ал оның улыўма өними 218% ке жетти. Қара көл терилерин таярлаў 81,4 мың данаға өсти. Егер 1913-жылы қаракөлшиликтин тутқан үлеси 20,6% болса, ал 1927-1928-жыллары ол 23,6% ке өсти.

ВКП(б) XV съездиниң көрсетпелерине тийкарланып, область партия шөлкеми бай элементлерди шеклеў ҳәм қысып шығарыў бойынша үлкен жумыслар иследи. Усының менен бирге Қарақалпақстан областьлық III партия конференциясының аўыл байларына қарсы класслық гүрести ен жайдырыў ҳәм күшейтиў ҳаққындағы қарары Қазақстан АССР Орайлық Атқарыў Комитетиниң 1928-жыл 17-августтағы „Байлардын жерден пайдаланыў мүликлерин конфискалаў ҳаққында"ғы декрети үлкен әҳмийетке ийе болды.

Коммунистлер, комсомолецлер, „Қошшы" союзынын ҳәм т. б. шөлкемлердиң активистлери кең дийханлар массасынын актив қуўатлаўы арқасында байлардың ҳәм руханыйлардын жерлерин конфискалаў бойынша мапазды ен жайдырды. Байлардың жерлерин конфискалаўдын нәтийжесинде 10 мыңнан аслам гедей ҳәм батраклар өзлериниң егислик жерлерин 20 мың дәсятинаға дейин кеңейтиў мүмкиншилигин алды. 853 бай хожалығы 500 манаттан 1000 манатқа дейин салық төлеўи тийис болды. Бай хожалықлар ирригациялық жумыслар ушын жалланба рабочийлардың санын көбейтиўи тийис болды Егер 1927—1928-жыллары бай хожалықлардың есабынан 9498 қазыўшы шығарылған болса, ал 1928—1929-жыллары олардың саны 15939 қазыўшыға дейин көбейтилди.

Аўыл хожалығын массалық коллективлестириўге таярлық дәўиринде аўылдың капиталистлик элементлерин экспроприациялаў байларға қарсы қатаң гүрес жағдайында өтти.

Аўылдағы өз тәсирин сақлап қалыўға умтылған байлар Совет властының илажларына саботаж жасаўға урынды: маллар сойып азайтылды, гедейлерге ҳәм орташаларға мал үлестирип бериў арқалы оларды өзлериниң тәрепине тартыўға умтылды, уруўлық қалдықларды пайдаланды, контрреволюциялық агитация жүргизди ҳәм т. б. Байларға қарсы гүресте, областьлық партия комитетиниң партия ячейкалары менен районлық комитетлердиң барлық ағзаларына үндеўи әҳмийетли роль ойнады, онда ВКП(б) XV съездиниң қарарларына тийкарланып, „байларға қарсы гүрес ўазыйпаларына пәт салынсын ҳәм байларға топылыс тағы да күшейтилсин Усы саўашта гедейлер менен орташалар өзлериниң класслық мәплериниң рабочийлар мәплери менен ҳәм совет влас-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ты менен тығыз баланыслы екенлигин терең аңласын", — деп атап көрсетилди.

Областьта ауыл хожалығын коллективлестириу процесин тезлеткен құдиретли илажлардын бири кооперативлик тарауларды рауажланыуы болды Олар әсиресе 1928 — 1929-жыллары кең рауажланды. Усы уақытқа хожалықлардын 16,8% ин қурайтуғын 13 тутыныушылар бирлеспеси, хожалықлардын 54,0% ин қамтыған 20 мал шаруашылығы бирлеспеси, хожалықлардың 9,8% ин қамтыған 13 мелиоративлик бирлеспе дүзилген еди. Бир жылдан кейин кооперативлик таураулар тағы да өсти. Барлық түрдеги кооперациялар 48 889 дийхан хожалығын қамтыды.

Елди социалистлик индустриаластырыудын табыслары Қарақалпақстан ауыл хожалығын коллективлестириуде шешиуши әхмийетке ийе болды Тракторлар ҳәм басқа да ауыл хожалық техникаларының жеткерилип бериліуи дийханлардың мийнетин женилллестирди. ауыл хожалығындағы мийнет өнимлилигин арттырды. 1928—1929-жыллары автономиялы область атызларында ҳәр қыйлы 338 хожалық машиналары жумыс иследи,

Совет мәмлекети, сонын менен бирге ауыл хожалық машиналарын сатып алыу ушын дийхан хожалықларына кредитлер берди. 1928—1929 жыллары усындай мақсетке 325 мың манат ажыратылды, ал бир жылдан кейин бул қаржы еки еседен асламыраққа көбейтилди. Коммунистлик партия менен совет мәмлекетиниң үлкен жәрдеми арқасында автономиялы областьтың майда пытыраңқы хожалықлары кем-кемнен коллективлик хожалықларға бирлесиу жолына тусти, дәслепки колхозлар пайда болды. 1928-жылы 15 колхоз дүзилди. Олар 779 *га* егислик жер майданы менен 264 хожалықты бирлестирди

Дәслепки колхозлар дара дийханларға коллектив хожалықтың артықмашлықларын ис жүзинде көрсетти. Дара дийхан хожалықлары колхозласыу жолына кен көлемде өте баслады. Орташалардың колхозлар тәрепине бурылыуы колхоз ҳәрекетиниң массалық ен жайыуына баслама салды.

### 3. ПАРТИЯ-СОВЕТ АППАРАТЫНЫҢ БЕККЕМЛЕНИУИ

Қарақалпақстан партия шөлкеминиң халық хожалығын социалистлик реконструкциялауға өтиу дәуириндеги ең әҳмийетли уазыйпаларының бири, партия-совет шөлкемлериниң жумысларын буннан былай да беккемлеу, мийнеткешлердиң кен массалық шөлкеми ҳәм социалистлик қурылыстың тийкарғы рычаги ретинде советлердиң жумысларын жанландырыудан ибарат болды.

Партияның ауылды советлестириу тарауындағы сиясаты Советлердиң жумысларын жанландырыуға бағдарланған пүткил ел ушын бир улыумалық мәптен келип шықты. Коммунистлик партия Советлердиң жумысларындағы әскерий коммунизм методларын сапластырыуға, совет демократиясын кеңейтиуге ҳәм солай етип, Советлерди мийнеткешлер массасы менен тығызырақ байланыстырыуға ҳәрекет етти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мийнеткеш дийханларды байлардын тәсиринен қутқарыў ҳәм ауылдағы патриархаллық-феодаллық қатнасықларды сапластырыў және гедейлерге сүйенип, рабочий класстың орташа дийханлар менен аўқамын беккемлеў зәрүр болды. Тек Советлердин жумысларын жанландырыў жолы менен ғана дийханлар массасынын сиясий активлигин раўажландырыў, оларды хожалық, мәдений ҳәм сиясий қурылысты ен жайдырыў бойынша гүреске тартыў, партияның ауылдағы пүткил жумысының жақсыланыўына ерисиў, кооперацияның, комсомолдың, „Қошшы" союзының ҳәм басқа да массалық жәмийетлик шөлкемлердиң жумысларын активлестириў мүмкин болды.

Халық хожалығын социалистлик реконструкциялаўға өтиўге байланыслы келип шыққан жаңа ўазыйпалар Қарақалпақстан областьлық партия шөлкеминен Советлердиң ҳәм басқа да барлық совет мәкемелериниң жумыс формалары және методларын өзгертиўди талап етти. Биринши гезекте, социализм исине шын берилген рабочийларды ҳәм дийханларды, алдыңғы қатардағыларды жоқары көтериў есабынан совет, мәмлекетлик. партия аппаратларын тәжирийбели, саўатлы хызметкерлер есабынан толықтырыўға үлкен кеўил бөлиў зәрүр болды.

1926-жылы пүткил Қарақалпақстан автономиялы областы 160 мың *кв км* территорияны ийеледи. Область төрт басқышлы административлик орган — областьлық атқарыў комитети, округлик атқарыў комитети, волостьлық атқарыў комитети ҳәм ауыллық совет арқалы басқарылды. Область территориясы: Төрткүл, Шымбай, Хожели ҳәм Қоңырат округлерине бөлинип, олардың қараўында 24 волость ҳәм 112 ауыллық-поселкалық совет болды. Төрткүл қаласында партияның областьлық комитети ҳәм Төрткүл округиниң составында бир район—Тамды районы болды.

Барлық округлер бойынша 45 партия ячейкасы болды, соннан Төрткүл округинде — 17, Хожелиде — 9, Шымбайда — 12, Қоныратта — 7 партия ячейкасы бар еди. Олардың қатарларында 1926-жылдың 1-январына 915 партия ағзасы ҳәм 858 партия ағзалығына кандидат есапта турды. Солардың ишинен 1215 адам тийкарынан саўатсызлар еди,

Партияның областьлық комитетиниң кадрлар таярлаў бойынша көрген илажлары нәтийжесинде совет мәмлекетлик аппараты хызметкерлериниң өсиўине алып келди. 1926-жылдың 1-апрелине 487 кадр таярланып, соннан 116 адам жергиликли халық ўәкиллери болды. Партия-совет ҳәм хожалық органларын жергиликли халық ўәкиллери менен толықтырыў бир қанша тезлетилген пәт пенен жүргизилди. 1928—1929-жыллары областьлық аппаратта жергиликли халық ўәкиллериниң тутқан үлеси 31,6% тен 44,8% ке көтерилди.

Совет мәмлекетлик аппаратының қанийгелескен кадрлар менен беккемлениўи жергиликли Советлердиң жумысының жақсыланыўына ҳәм олардың жумысларының жанланыўына алып келди.

Мәмлекетлик власть органларына сайлаўлар халықтың актив-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лиги жағдайында өтти. 1927-жылғы сайлаў мапазы ўақтында Шымбай менен Төрткүлде дәслепки қалалық Советлер шөлкемлестирилди. 24-февральдан баслап қалалық Советлерге сайлаўлар болып өтти, ал 1—6-март аралығында Советлердиң округлик съездлери. 13—17-март аралығында Советлердиң областьлық съезди болып өтти.

Сайлаў мапазы нәтийжесинде қалалық советлердиң составына 143 адам, аўыллық Советлерге—4281, волостьлық атқарыў комитетлерине — 173, округлик атқарыў комитетлерине — 86 ҳәм областьлық атқарыў комитетине — 45 адам сайланды.

1927-жылы аўыллық Советлерге ҳәм волостьлық атқарыў комитетлерине рабочийлардан, батраклардан ҳәм гедейлерден 5216 адам сайланды. Бул, Қарақалпақстанда Совет власты органларын буннан былай беккемлеў ушын гүресте мийнеткешлердин сана-сезими ҳәм активлиги өскенлигинен дерек берди. Сайланғанлардан 630 депутат ВКП б) ағзалары ҳәм ағзалығына кандидатлар болды. Егер 1925—1926-жыллары аўыллық советлер менен волостьлық атқарыў комитетлери депутатларынын арасында 267 қарақалпақ болған болса, ал 1927-жылы олар 1688 ге жетти.

1927-жылы 13—16-март күнлери Төрткүл қаласында Қарақалпақстан автономиялы областы Советлеринин II съезди ашылды. Съезд, партия-совет қурылысын беккемлеў ҳәм раўажландырыў тараўындағы әдеўир жетискенликлерди атап көрсетип, аўылда социалистлик демократияны кең ен жайдырыўдын базасында Совет властынын Қарақалпақстандағы жергиликли органлары жумысларын тағы да раўажландырыўға ҳәм беккемлеўге қарар етти. Сонын менен бирге съезд Совет властынын жергиликли органлары жумысындағы орын алған кемшиликлерди тез сапластырыў, аўыллық советлердин жумысларына волостьлық атқарыў комитетлеринин ҳәм округлик атқарыў комитетлеринин басшылығын күшейтиў илажларын белгиледи.

Қарақалпақстан автономиялы областынын административлик-территориялық бөлиниўин жақсылаў бойынша да илажлар белгиленди. Автономиялы областын жана административлик бөлиниўи 112 аўыллық советлери менен бирге 11 районның шөлкемлестирилиўин нәзерде тутты. Үш басқышлы: областьлық, районлық ҳәм аўыллық-поселкалық Советлер арқалы басқарылатуғын мәмлекетлик басқарыў системисы орнатылды. Жаңа административлик система областьтың совет ҳәм хожалық қурылысын басқарыў структурасын әпиўайыластырды. Жаңа районластырыў ўақтында ҳәр бир районнын хожалық түрине ылайық, өзине тән өзгешеликлери есапқа алынды.

1927-жылдың ақырында болған III областьлық партия конференциясынын ҳәм 1928-жылы майда ашылған Қарақалпақстан областьлық партия комитети II пленумынын қарарлары басқарыў аппаратынын жумысын жақсылаўда үлкен әҳмийетке ийе болды.

Қарақалпақстан областьлық партия комитети конференциясы



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳәм пленумы қарарлары тийкарында совет-партия аппаратында тазалаў жүргизиў кең ен жайды.

Тазалаў нәтийжесинде 1928-жылы 200 адам партия қатарынан шығарылды, совет, хожалық ҳәм кооперативлик аппаратлардан, көбинесе округлик ҳәм областьлық аппаратлардан 100 адам, „Қошшы" союзынан 1000 нан аслам, аўылхожалығы рабочийлары аўқамынан 500 ден асламырақ адам шығарылды.

Область партия шөлкеми аўыл гейлериниң ҳәм рабочийларының алдынғы активлистлери есабынан толықтырылды, бул өз гезегинде оның қатарлары составының сапа жағынан жақсыланыўына алып келди. Область партия шөлкеминин есабында 1926-жылдың 1-январына 915 партия ағзасы ҳәм 858 партия ағзалығына кандидат турды. Социаллық составы бойынша олар төмендегише бөлинди: рабочийлар—54, аўыл гедейлериниң ўәкиллери 615, хызметкерлер — 1104.

Усы жыллары областьлық комсомол шөлкеминиң қатары да өсип, 1927-жылдың 1-январынан 1929-жылдың 1-январына шекемги аралықта 2500 адамнан 2672 адамға дейин көбейди.

Партия-совет аппаратының беккемлениўи, оның жумысларына жергиликли халық ўәкиллерин тартыў Қарақалпақстанның халық хожалығын социалистлик реконструкциялаўды табыслы ен жайдырыўда, область аўыл хожалығын социалистлик тийкарға өткериў ушын материаллық база таярлаған санаат өндирисин раўажландырыўда әҳмийетли фактор болып хызмет етти.

### 4. ХАЯЛ-ҚЫЗЛАРДЫҢ СОЦИАЛИСТЛИК ҚУРЫЛЫСҚА ҚАТНАСЫЎЫ.

Партия менен ҳүкимет область экономикасын социалистлик реконструкциялаў менен бирге ҳаял-қызлар мәселесин шешиўге де үлкен әҳмийет берди. РКП(б) X ҳәм XII съездлериниң бурын езилип келген Шығыс халықларының ҳақыйқат теңсизлигин қысқа ўақыт ишинде сапластырыў ўазыйпасын алға қойған қарарлары миллий районлардың ҳаял-қызларын азат етиў ҳәм оларды социалистлик қурылысқа тартыўда биринши дәрежели әҳмийетке ийе болды.

Партияның XIII съезди „Рабочий ҳәм дийхан ҳаял-қызлар арасындағы жумыслар ҳаққында" қарар қабыл етип, онда „Шығыстың мийнеткеш ҳаял-қызлары арасындағы жумысларға партком-лардың басшылығын күшейтиўдиң зәрүрлиги, турмыстағы ески үрп әдетлерге қарсы гүресиўдиң, Шығыс мийнеткеш ҳаял қызларын азат етиў тараўында нызам тәртиплерин беккемлеў жумысларын жүргизиўдиң ... сондай-ақ Шығыстың мийнеткеш ҳаял-қызларын өндириске ҳәм партия қатарына тартыў бойынша жумыслардың күшейтиўдиң зәрүрлигин"[1] атап көрсетти.

РКП(б) Орайлық Комитети январь пленумының (1925-жыл

---

[1] КПСС резолюцияларда ... II бөлим, 89—90 бетлер.

www.ziyouz.com kutubxonasi

„Шығыстың рабочий, дийхан ҳәм мийнеткеш ҳаял-қызлары арасындағы жумысларда партияның гезектеги ўазыйпалары ҳаққында"ғы қарары оғада үлкен әҳмийетке ийе болып, ол жергиликли миллет ҳаял-қызлары арасындағы жумысларды: а) оларды актив партия, совет, профсоюз ҳәм кооперативлик қурылысқа барынша көбирек тартыў. б) ҳаял-қызлардың ер адамлар менен бирге жәмийетлик турмысқа қатнасыўына мүмкиншилик беретуғын мәкемелерди раўажландырыў, в) рабочий ҳәм дийхан ҳаял-қызлар арасында совет жәнe коммунистлик ағартыў жумысларын күшейтиў, г) рабочий ҳаял-қызлардын мийнет қанийгеликлерин көтериў ҳәм оларды өндиристе беккемлеў бағдарында жүргизиўге миннетледи.

СССР Советлери Орайлық Атқарыў Комитети Президиумының (1925-жыл февраль) „Совет Шығысы мийнеткеш ҳаял-қызларының ҳуқуқлары ҳәм оларды экономикалық жәнe семья ҳуқуқ тараўындағы қулшылыққа түсириўдиң барлық түрине қарсы гүрестиң зәрүрлиги ҳаққындағы" үндеўи ҳаял-қызларды азат етиў ушын гүресте әҳмийетли басқыш болды. Үндеў миллий шет үлкелердеги халықларды хаял-қызларды өндирислик турмысқа тартынбай тартыўға, ҳаял-қызлар, балалар мәкемелериниң кең тараўларын дүзиўге, ҳаял-қызларды мектеплерге ҳәм басқа ағартыў мәкемелерине тартыўға шақырды.

Қарақалпақстанның партия комсомол, жәмийетлик шөлкемлери жергиликли миллетлердин ҳаял-қызларын азат етиў. оларды жана турмыс қурылысына тартыў бойынша үлкен жумыс жүргизди. Егер 1927-жылға дейин Қарақалпақстандағы оқыў орынларында барлығы болып, жергиликли миллеттеги бир неше ҳаял-қыз ғана билим алған болса, 1928-жылы 120 ҳаял-қыз арнаўлы таярлықтан өтти, олардын: 41 и совет-партия мектебин, 13 и педагогикалық техникумды, 20 сы совет активлерин таярлаў курсларын ҳәм 12 си районлық курсларды питкерди.

1928-жылы декабрьде Шығыстың ҳәм киши миллетлердиң ҳаял-қызлары арасында жумыс жүргизиўшилердин Пүткил союзлық IV кенеси болып, оның қарарлары тийкарында автономиялы областьта ҳаял-қызларды азатлыққа шығарыў бойынша үлкен жумыслар жүргизилди. Партияның Қарақалпақстан обкомының бюросы ҳаял-қызлар арасында ески зыянлы үрп-әдетлерди сапластырыўдын әҳмийети ҳаққында кен түсиндириў илажларын, ВКП/б/ ячейкаларынын арнаўлы жыйналысларын өткерди. Ҳаял-қызлар арасында түсиндириў жумысларын жүргизиў ушын бир неше жүзлеген агитаторлар хәм пропагандистлер бөлип шығарылды. Олар мийнеткеш ҳаял-қызларды қаранғылыққа, ески үрп-әдетлер ҳәм дәстүрлерге қарсы актив гүрес жүргизиўге, жана социалистлик жәмийет қурылысына жигерли қатнасыўға шақырды. Молла ҳәм ийшанлардын абай етиўлерине қарамастан, Төрткүл районының көплеген аўылларындағы ҳаял-қызлар жаңа советлик турмысты енгизиўге актив қатнасты.

Усы ўақытлары Турсын Ерманова (сол ўақытлары Төрткүл



www.ziyouz.com kutubxonasi

районы ауыллық советлериниң биреуиниң председатели) ҳаял-қызларды азат етиў бойынша үлкен агитациялық жумыслар жүргизди. Ол: „ерлер менен бир қатарда теңдей болыў ушын шапан менен жегдени ылақтырып таслаў керек“, — деди. Таза ауылдағы (бурынғы ески Келтеминар) ҳаял-қызлар жийналысына түркмен ҳаял-қызлары бетлерин бүркеместен, жүзлерин ашып қатнасты, Таза Әмирабад ауылындағы жыйналысқа 168 ҳаял-қыз қатнасты, сондай-ақ Ақ баслы, Ақ қамыс аўылларында ҳәм районның басқа да аўылларында ҳаял-қызлар жыйналыслары болды.

Ҳаял-қызлардын азат етилиуине класслық душпанлар — байлар менен руханыйлар қасарысып қарсылық көрсетти. Олар ҳаял-қызларды азат етиў бойынша партияның сиясатына ҳәр тәрепламе тосқынлық жасады Моллалар ер адамларды өзлериниң ҳаялларының ҳәм қызларының жүзлерин ашып жүриўлерине руқсат етпеўге, оларды съездлерге ҳәм жыйналысларға жибермеўге, олардың жәмийетлик орынларда көриниўине тыйым салыўға шақырды, олар жийи-жийи актив ҳаял-қызларды өлтирди ҳәм азаплады. Мысалы, Төрткүл районының Бағжап аўылында, усы аўылдың актив ҳаял-қызларының бири Яқытбийке Наўрызбаева жаўызлық пенен өлтирилди.

Душпанлардың қасарысып қарсылық көрсетиўине қарамастан ҳаял-қызларды азат етиў массалық характер алды. Областьтың Шымбай, Төрткүл, Хожели, Қыпшақ, Қоңырат, Шаббаз районларында 68 жыйналыс өткериў белгиленген болса, 143 жыйналыс өткерилип, оған 18 228 ҳаял-қыз қатнасты.

Қарақалпақстан ҳаял-қызларының тең ҳуқуқлылық ушын ҳәрекетиниң табыслары ҳаққында рабочий ҳаял-қызлар бөлими баслығының Қазақстан үлкелик комитетиниң атына жиберген телеграммасы дәрек береди. Онда: „ .. Пәренже ҳәм шапанға қарсы гүрес мапазы қызғын баратыр. Шораханда, Шыбықлыда, Аққамыста мыңлаған ҳаял-қызлар пәренже ҳәм шапанларын тасглады, басларының ораўларын жаздырып қызыл орамаллар тартып атыр. Төрткүл қаласы шапанларды отқа жағып өртеп жибериў бойынша да алда баратыр. Оның орнына көйлек ушын материаллар сатып алып атырмыз. Жас ҳаяллар менен қызлардың кейпи жақсы“, — деп хабарланды.

Партия шөлкеминиң ҳаял-қызларды азат етиў ушын гүреси ҳаял-қызлар арасында үлкен сиясий көтериңкилик пайда етти. Олар автономиялы область халық хожалығы қурылысының барлық тараўларында да актив қатнаса баслады. Егер 1926—1927-жыллары жергиликли Советлерге сайлаўларға ҳаял-қызлардың тек 1—2% и ғана қатнасқан болса, 1928—1929-жыллары барлық сайлаўшылар арасында ҳаял-қызлар 36,3% ти қурады. Улыўма Сайлаўшылардан 30954 адам ҳаял-қызлар болды.

Сайлаўлардың нәтийжесинде 30 ҳаял-қыз аўыллық советлердин председательлери болып сайланды. Олардың ишинде 14 қарақалпақ. 6 өзбек, 8 қазақ ҳәм 2 туркмен ҳаял-қыз болды. Усы жыллары 46 делегатлық жыйналыс болып, оларға қатнасқан



www.ziyouz.com kutubxonasi

11139 ҳаял-қыздан 1118 и делегат болып сайланды. Сайланған делегат ҳаял-қызлардың социаллық составы төмендегише болды: 25 ҳаял-қыз батрак, 816 сы — гедей ҳәм 4 и хызметкер еди.

Ҳаял-қыз партия ағзаларынын саны үзликсиз өсти Егер 1926-жылдың 1-январына партия шөлкемлеринин катарларында барлығы болып, тек 32 ҳаял-қыз ғана болса, 1928-жылдың 1-январына олардын саны еки еседен асламырақ өсти, ал 1929-жылдың 1-январына олар 125 адамға жетти.

Комсомол шөлкемлери қатарларындағы ҳаял-қызлар саны да өсти, олар бир жылдың ишинде (1928-жыл 1-январынан баслап 1929-жыл 1-январьға дейин) 15 адамнан 185 адамға көбейди. Ҳаял-қызлар басқа да жәмийетлик шөлкемлерге: профсоюзларға, „Қошшы" союзына, аўыл хожалығы рабочийлары союзына тартылды.

Партия шөлкеми ҳаял-қызлар арасындағы саўатсызлықты сапластырыўға үлкен дыққат аўдарды, онысыз хожалық ҳәм мәдений қурылысты әмелге асырыў мүмкин емес еди.

Ҳаял-қызлар арасындағы саўатсызлықты сапластырыў область партия шөлкеминиң кешиктириўге болмайтуғын ўазыйпаларының бири болды. Тек, 1928—1929-жыллардың ишинде ғана ҳаял-қызлардын саўатсызлығын сапластырыў бойынша 20 пункт ашылып, оларда 354 ҳаял-қыз саўат ашты. Қызыл үйлерде алты айдын ишинде 3258 ҳаял-қыз саўат ашты. Усы жылдын ишинде 24 ҳаял-қыз автономиялы областьтан сырттағы оқыў орынларына жиберилди, олардың 90% и коммунист ҳәм комсомол ағзалары еди.

Мийнеткеш ҳаял-қызларды өндириске мобилизациялаў мақсетинде, ҳаял-қызлардын мийнетин ҳәм турмысын жақсылаў бойынша арнаўлы комиссия дүзилди. 1928—1929-жыллары 18 ҳаял-қыз тартылған кийим пишиў ҳәм тигиў мектеби ушын ҳәм 15 ҳаял-қыз ислейтуғын наўқан қуртын бағыў артелин шөлкемлестириўге усы комиссия тәрепинен 5000 манат қаржы бөлип шығарылды Сондай-ақ, ҳаял-қызлардың өнерментшилик артельлери де дүзилди, 1928 - 1929-жыллары оларға 294 ҳаял-қыз бирлестирилди. Соның ишинде: 150 ҳаял-қыз гилемшилик артельлерине, 80 ҳаял-қыз кийиз-байпақ артелине ҳәм 39 ҳаял-қыз басқа артельлерге бирлести. Ал 225 ҳаял-қыз тутыныўшылар кооперациясынын пайшылары болды. Басқа өндирис орынларында балықшылық кәрханасы менен май шығарыў заводында 22 ҳаял-қыз иследи. Усы ўақытта, партиялық-мәмлекетлик аппаратта ўлыўма алғанда 334 ҳаял-қыз жумыс иследи, соның ишинен 27 ҳаял-қыз басшы хызметлерде, 12 ҳаял қыз басқарыў органларында, 3) ҳаял-қыз төменги хызмет орынларында жумыс иследи.

ВКП/б/ XV съездинин: „... ҳаял-қызлар пролетариатының кең қатламларын ҳәм дийхан ҳаял-қызлардын алдынғы массасын социализм қурылысы исине кең түрде тартыўдың" зәрүрлиги ҳаққындағы көрсетпелерин Қарақалпақстан партия шөлкеминин избе-из иске асырыўы социалистлик қайта қурыўларда ҳәм автономиялы областьтын экономикасы менен мәдениятын рауажландырыўда үлкен табысларға ерисиўге мүмкиншилик берди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

*VI бап*

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АССР ы СОЦИАЛИЗМНИҢ ЭКОНОМИКАЛЫҚ ФУНДАМЕНТИН ДҮЗИЎ ДӘЎИРИНДЕ

## (1929—1932-ж. ж.)

### 1. БИРИНШИ БЕС ЖЫЛЛЫҚТА САНААТТЫҢ РАЎАЖЛАНЫЎЫ

### (1929—1932-ж. ж.)

1929-жылы апрельде партияның XVI конференциясы болып, ол СССР халық хожалығын раўажландырыўдың биринши бес жыллық планын /1928-1932-ж. ж./ тастыйықлады Бес жыллық планның тийкарғы ўазыйпасы СССР ды аграрлық елден индустриалы елге айландырыў ҳәм соның тийкарында капиталистлик элементлерди халық хожалығының барлық тараўларынан қысып шығарыў ҳәм социалистлик экономиканың фундаментин дүзиўге байланыслы оғада уллы сиясий әҳмийетке ийе болған ўазыйпаларды шешиўден ибарат болды

Коммунистлик партияның патша Россиясының бурынғы шетшебирлериндеги экономикалық ҳәм мәдений артта қалыўшылықты сапластырыўға бағдарланған ленинлик миллет сиясаты биринши бес жыллық планда өзинин әжайып көринисине ийе болды. План санааттың улыўма өниминин көлемин көбейтиўди, рабочий класс кадрларын дүзиўди нәзерде тутты. Аўыл хожалығы тараўында жекке дийхан хожалығынан, алдынғы ўатандарлық техника менен қуралланған коллективлик хожалыққа өтиў, қарақалпақ аўыл арындағы патриархаллық-уруўлық турмыстың калдықларын сапластырыў ҳәм оларды социалистлик қурылыс жолы менен раўажландырыў нәзерде тутылды. Биринши бес жыллық планды ис жүзине асырыў социализмнин экономикалық тийкары ушын беккем база дүзди.

1928-жылы Қарақалпақстан автономиялы областының халық хожалығын раўажландырыўдың биринши бес жыллық планы қабыл алынып, ол СССР халық хожалығын раўажландырыўдың бес жыллық планының состав бөлеги болды. Елдиң алдында турған улыўмалық ўазыйпаларды шешиў менен бирге Қарақалпақстан автономиялы областының бес жыллық планы өндириўши



www.ziyouz.com kutubxonasi

күшлерди көтериў, экономикалық ҳәм мәдений артта қалыўшылықты сапластырыў ўазыйпасын алға қойды. Раўажланыўдың капиталистлик басқышын атлап өтип, феодаллық катнасықлардан социализмге өтиўди тәмийинлеўдин ен әҳмийетли илажлары усылардан ибарат болды

1917—1928-жыллар аралығында санаатты раўажландырыўға барлығы болып 5 млн манат жумсалса, биринши бес жыллық жылларында Қарақалпақстан санаатына 6 млн манат ири қаржы жумсалды. Басқаша айтканда биринши бес жыллыктағы ҳалық хожалығына жумсалған барлық ири қаржынын 16,3% и санаат пенен транспортқа жумсалды.

Биринши бес жыллықта Қарақалпақстан санаат өндирисинде пахта тазалаў санааты жетекши орын ийеледи. Оны раўажландырыў ушын 2221,6 мың манат жумсалды. Бул қаржы ең дәслеп Төрткүл ҳәм Хожели заводларын реконструкциялаў җәне кеңейтиўге, Шымбайда жаңа пахта тазалаў заводын салыўға жумсалды.

Қарақалпақстан автономиялы областынын ен ири санаат кәрханаларының бири Төрткүл пахта заводы болды. 1928—1932-жыллары усы заводты реконструкциялаўға 289 мын манат ажыратылды. Егер 1928—1929-жыллары заводта 5 джин болған болса, 1931—1932-жыллары олардың саны 7 ге жетти. 1928—1929-жыллары заводта суткасына 51,2*т* пахта тазаланған болса, ал биринши бес жыллықтың ақырында бул көрсеткиш 85,0*т* ға жетти.

Төрткүл пахта тазалаў заводынын коммунистлери, профсоюз ҳәм комсомол шөлкемлери менен бирге биринши бес жыллық план ўазыйпаларын завод коллективинин инабат пенен орынлап шығыўы ушын барлық илажлар көрди. Завод партия комитети мийнет тәртибин күшейтиў бойынша үлкен жумыс жүргизди, социалистлик санаатқа үлкен зыян тийгизетуғын, билқасдан, себепсиз жумыстан қалыўшыларға қарсы шешиўши гүрес жәриялады ҳәм барлық рабочийлар менен хызметкерлерди қабыл алынған социалистлик миннетлемелерди орынлаўға мобилизациялады.

Пахта тазалаў санаатын жөнге салыў ҳәм пахта заводлары коллективлери арасында партиялық-массалық жумыслар жүргизиў ушын 1930-жылы ВКП/б/ Орайлық Комитети Орта Азияға 163 адам жиберди. Олардан Шамуратов. Полозов, Максимов, Гладков Орлов, Денисов. Вишняков Куров ҳәм т. б. Қарақалпақстанға келди. Орлов ҳәм Гладков Төрткүл пахта заводына жоллама алды. Усы жолдаслардың келиўи кәрханалардын жумысларында үлкен жанланыўшылық пайда етти. Олардың басламасы менен рабочийларға жәрдем көрсетиў, джин жарғыларының жағдайын бақлаў ҳәм т. б. бойынша комиссиялар дүзилди. Заводтың алдынғы рабочийлары Арзуев, Бектурсынов ҳәм т. б. усы комиссиялардың составына кирди. Шөлкемлестириў илажларының әмелге асырылыўы ҳәм партиялық-массалық жумыслардың активлестирилиўи завод рабочийларының мийнет басламалары менен мийнет өнимлилигинин өсиўине алып келди. 50 рабочийға кәрхана ылғаллысы атағы берилди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Биринши бес жыллықта Хожели пахта тазалаў заводы реконструкцияланды ҳәм жаңа техника менен үскенеленди.

Пахташылықтың раўажланыўы областьның арқа районларынан және бир пахта тазалаў заводын қурыўды талап етти. Шымбай қаласындағы жаңадан салынған пахта тазалаў заводы 1931-жылы ноябрьде иске қосылып, өним бере баслады.

1931-жылы Шымбай пахта заводы бир айда 228 тонна пахта тазалады, ал 1932-жылы пахта мамығын ислеп шығарыў 4529 тоннаға жетти. 1932-жылы завод 5668 мың манатлық улыўма өним ислеп шығарды (1926—1927-жыллардағы баҳа менен).

Заводта кадр таңлаўға ҳәм орналастырыўға үлкен дыққат аўдарылды. 1932-жылы рабочийлардың улыўма саны 82 адам болып, олардың бир бөлими Хорезмнен, орайдан келди.

Биринши бес жыллықта Қарақалпақстанның пахта тазалаў санаатында өндиристи реконструкциялаў бойынша үлкен жумыслар жүргизилди. Заводлардағы двигательлер ҳәм электр моторлары, пресслер жаңартылды, қосымша джинлер орнатылды ҳәм т. б Қол мийнетин талап ететуғын пресслер гидравликалық пресс пенен алмастырылды. Гидравликалық пресслерди қолланыў пахта тайының орташа салмағының 6—7,5 пудтан 8—10 пудқа өсиўине алып келди. Усылардың барлығы пахта заводларындағы жүк тасыўшы рабочийлардың мийнетин әдеўир жеңиллестирди, мийнет өнимлилигин арттырды, өнимниң сапасын жақсылады. Ал пахта мамығын жетистириў 3 есе көбейди.

Партияның XVI конференциясы (1929-жыл апрель) рабочий классты биринши бес жыллық планды орынлаўға мобилизациялаўда әҳмийетли роль ойнады. Конференция „Советлер Союзының барлық рабочийларына ҳәм мийнеткеш дийханларына“ үндеў қабыл алды, онда, социалистлик жарыс „партияның бас жолы тийкарында бес жыллық хожалық планының орынланыўы ушын және рабочий класс, үмитсизлениўшилер менен ғаўасатшылардың оппортунистлик тайсалақланыўына қарамастан, өзиниң класслық душпанларының қутырынып қарсылық көрсетиўине қарамастан, социалистлик жәмийет дүзиў исинде аўыл мийнеткешлер массасы менен бирге алға қарай жеңисли түрде адым атлап барыўы ушын ең жақсы гарантиялардың бири болады“[1], деп атап көрсетилди.

Партияның XVI съезди (1930-жыл 26-июль) барлық фронт бойынша социалистлик қурылысты ең жайдырыў съезди болып тарийхқа кирип, ол өткен дәўир ишиндеги елдиң халық хожалығын раўажландырыўдың жуўмақларын шығарды. Съезд, СССР халық хожалығының улыўма балансында санааттың салыстырма салмағы 1929—1930-жыллары 53% ке дейин көтерилгенлигин атап көрсетти.

1930 жыл 3-сентябрьде ВКП/б/ Орайлық Комитети ҳәм ВЦСПС „Барлық партия, хожалық, профсоюз, комсомол шөлкемлерине

---

[1] КПСС Резолюцияларда... II бөлим 619-бет.

www.ziyouz.com kutubxonasi

үндеў" қабыл алып, онда бес жыллықтын үшинши, шешиўши жылындағы планды табыслы орынлаў ушын мийнеткешлердиң барлық массалық шөлкемлерин социалистлик жарысты ҳәр тәреплеме ен жайдырыўға шақырды. Үндеўди Қарақалпақстан мийнеткешлери актив қуўатлап. партия, профсоюз хәм комсомол жыйналысларында додалады

Биринши бес жыллықта Қарақалпақстан партия ҳәм профсоюз шөлкемлери мийнет тәртибин беккемлеў мақсетинде қызыл ҳәм қара тахталар, мийнет тәртибин бузыўшылардың үстинен ашық судлаў ҳәм т. б. шөлкемлестирди Бул илажлар өз нәтийжелерин берди. 1932-жылы Төрткүл пахта заводынын коллективи социалистлик жарысты жолға салыў ҳәм басқа пахта заводларына әмелий жәрдем көрсетиў ушын 3 адам (бир мастер, еки джинши) составында жәрдемлесиў бригадасын шөлкемлестирди.

Төрткүл пахта заводында 69 ылғаллы болып, олардың жумысынын сапасы профсоюзлардың жалпы жыйналысларында тексерилди ҳәм ең жақсы деп баҳаланды Рабочийлардың дөретиўшилик активлигинин арқасында пахта заводларында өним ислеп шығарыў өсти Биринши бес жыллықтың дәслепки жылы менен салыстырғанда оның соңғы жылындағы өним ислеп шығарыў 221,6% ке, ал мийнет өнимлилиги 22% ке өсти.

Биринши бес жыллықта Қарақалпақстанның партия-профсоюз. шөлкемлери рабочийлардың жаңа кәсиплерди үйрениўине. жаңа техниканы өзлестириўине айрықша дыққат аўдарды. Усы мақсет пенен Төрткүл, Шымбай ҳәм Хожели пахта заводларының қапталларынан техникалық маманлықларды жоқарылатыў ушын кружоклар шөлкемлестирилди. Оларға джиншилер, слесарьлар. линтерщилер, пресслеўшилер, май шығарыўшылар ҳәм т. б. қатнасты. Төрткүл заводы қапталындағы кружокта 70 адам билим алды.

Қарақалпақстанда жергиликли миллетлерден қанийгелескен рабочийлар таярлаўда рус рабочийлары үлкен роль ойнады. Олардың ишинде И. Митин, Седов, Козлов, Булгаков ҳәм т. б. болды. Рабочийлардың қанийгелигин арттырыў ҳәм қанийгели кадрларды массалық түрде таярлаўға бағдарланған илажлардын арқасында биринши бес жыллықта рабочийлар составының сапасы әлеўир жақсыланды.

Жай рабочийдан жоқары қанийгели рабочий дәрежесине дейинги жолды басып өткен жүзлеген қанийге өндирисшилердиң ишинде 1905-жылдан баслап Төрткүл пахта заводында жумыс ислеген биринши бес жыллықтын ветераны Нурым Сапаров болды. Ески рабочий, КПСС ағзазы Мәтсапаев қанигелескен джинши болып жетисти С. В. Лезин тай пахта ораўшыдан смена мастери дәрежесине жоқарылады ҳәм т. б

Қарақалпақстан пахта тазалаў санаатының рабочий. инженертехник хызметкерлери, үлкен қыйыншылықларға қарамастан биринши бес жыллық ўазыйпаларын инабатлы орынлап шықты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Революцияға дейин бир де электр қуўатын жетистириў орнына ийе болмаған Қарақалпақстанда биринши бес жыллықта электрлестириў тараўында-да әҳмийетли табысларға ерисилди

В. И. Ленин Совет елин электрлестириўди халық хожалығын техникалық жақтан кайта қуралландырыў ҳәм коммунизм қурыў планы менен тиккелей байланыстырған еди

Орта Азияны ҳәм Қарақалпақстанды электрлестириў пүткил елди электрлестириўдиң улыўма планының состав бөлеги болды.

Қарақалпақстанда электр қуўатын жетистириў бес жыллықтың ишинде 2 9 есе көбейсе де, Орта Азиядағы қонсы республикаларды электрлестириў дәрежесинен артта болды. Санаат кәрхана арын ҳәм пүткил халық хожалығын электр қуўаты менен тәмийинлеў ең әҳмийетли ўазыйпалардың бири болып қалды Қарақалпақстанда электрлестириў соңғы бес жыллықлар ўақтында да ең әҳмийетли халық хожалық ўазыйпаларының бири болды.

Биринши бес жыллықта санааттың басқа тараўлары да белгили дәрежеде раўажланды. Полиграфия санааты өсти, Төрткүл баспаханасы кеңейтилди, Мойнақ пенен Шымбайда жаңа баспаханалар иске қосылды Баспаханалардың қурылыўы хәм дәслепки газета-журналлардың шығарылыўы Қарақалпақстанның мәдений турмысындағы әҳмийетли ўақыялардын бири болды Қарақалпақстанның полиграфия санаатының қурылысына 1928–1929-жыллары 2,6 мың манат, ал 1932-жыллы 20 мың манат ири қаржы жумсалды.

Область полиграфиялық базасы ерисилген жетискенликлерге қарамастан, тез өсип баратырған талаплардан еле артта еди. Халықтын саўатлылығының өсиўи менен бирге халық массасының баспа сөзге қызығыўшылығы үзликсиз өсти.

1931-жылы газета-журнал ҳәм китап-баспа бирлеспеси (Газжурпо) дүзилди. 1932-жылы 27-декабрьде „Қарақалпақгиз" өз алдына баспа ретинде рәсмийлестирилди. Төрткүл қаласында Газжурпо шөлкемлестирилгенге дейин Шығыс халықлары орайлық баспасының жәрдеми менен Москвада қарақалпақ тилинде 49 баспа табақ көлеминде, 34500 дана ҳәр қыйлы брошюра ҳәм китаплар басып шығарылып, соның ишинде 7 атамадағы оқыў қуралы, 16 атамадағы агит-массалық әдебиятлар ҳәм марксизм-ленинизм классиклериниң мийнетлери болды

Биринши бес жыллықта баспахана ески машиналар менен жумыс иследи, шрифтлер жетиспеди, цинкография жоқ еди, ҳәрип териўши кадрлар, әсиресе миллий баспа сөз бойынша ҳәрип териўши кадрлар оғада жетиспеди

Биринши бес жыллықта Қарақалпақстан азық-аўқат санаатынын раўажланыўына көп дыққат аўдарылды. Бул тараў 1930—1931-жыллардан баслап кең раўажланыўға еристи. ВКП/б/ Орайлық Комитети ҳәм СССР Халық Комиссарлар Советиниң 1931-жыл 29-сентябрьдеги қарарында „социалистлик қурылыстын жаңа жағдайы, мийнеттиң жаңа талаплары пүткил азық-аўқат са-



www.ziyouz.com kutubxonasi

наагын түп-тамырынан реконструкциялаў ўазыйпаларын ҳәзир биринши орынлардын катарына шығарды", —деп көрсетилди.

Мийнеткешлердиң материаллық аўҳалының үзликсиз жақсыланыўы жана санаат объектлерин дүзиўди ҳәм ҳәр тәреплеме кеңейтиўди талап етти. Партияның XVI съезди қарарларында „Кең массаның аўқатланыўына хызмет ететуғын санаатты тез пәт пенен раўажландырыў зәрүр"[1] деп атап көрсетилди.

Қарақалпақстан жағдайында пахта, балық, мал шарўашылығы өнимлери, жүзимшилик, бақша-палыз өнимлери ҳәм т. б. азық-аўқат санаатының шийки зат базасы болып хызмет етти. Биринши бес жыллықта Аралдың қубласындағы балықшылық тағы да раўажланды. Балықшылық кәрханаларының тийкарғы бөлеги Үшсайда, Мойнақта, Үргеде, Қазақдәрьяда, Майпоста, Бозатаўда ҳәм т. б. орынларда болды.

1929-жылдың ақырынан баслап коллективлестириўдиң кең ен жайыўы балықшылардың социал-экономикалық укладын түп-тамырынан өзгертти.

Балықшылық колхозлары өзлериниң шөлкемлескен ўақтында Пүткилсоюзлық Халық Хожалығы Советиниң, оннан соң Жер ислери Халық Комиссариатының басқарыўында болды, ал ВКП/б/ Орайлық Комитети менен СССР Халық Комиссарлар Советиниң 1930-жыл 3-августтағы „Балықшылық колхозлары ҳаққында"ғы қарары тийкарында олар Азық-аўқат санааты халық комиссариатының қараўына өткерилди. СССР Халық Комиссарлар Советиниң 1931-жыл 20-июльдеги қарары менен „Всекоопромрыбакколхозсоюз" дын базасында барлық балықшылық колхозлардын жумысын бирлестиретуғын Орайлық орган—СССР Рыбакколхозцентри дүзилип, ол СССР да тутасы менен, әсиресе Қарақалпақстан территориясында балықшылықтың буннан былай да раўажланыўында үлкен роль ойнады. Усы қарар тийкарында Қарақалпақстан обкомының қарары менен 1930-жылы Мойнақта балықшылардың жоқарғы органы—Рыбакколхозсоюз шөлкемлестирилди. Усы жылы балықшылық колхозларын шөлкемлестириў ҳәрекети ен жайдырылды. 1930-жылы „Талапкер", „Қызыл жулдыз", „Кеңес", Калинин атындағы, Марат атындағы, „Қазақдәрья", „Октябрьдиң 13 жыллығы" колхозлары шөлкемлестирилди ал 1932-жылы колхозлардың саны 11 ге жетти. Жанадан шөлкемлестирилген колхозлардың ишинде „Қызыл балықшы", „Память Ленина", Буденный атындағы ҳәм т. б. колхозлар болды, Егер 1931-жылы 1642 колхозшы балықшылық пенен шуғылланған болса, 1932-жылы олардың саны 1913 ке жетти. Ал 1931-жылы 981 дара хожалық болған болса, 1932-жылы олардың саны 197 ге дейин қысқарды.

Балықшылық артеллериниң көплеген ағзалары пидәкерлик мийнет үлгилерин, балық аўлаў қуралларына ҳәм артельдиң басқа да мүликлерине ықтыятлылық пенен қатнас жасаў үлгиле-

---

[1] КПСС резолюцияларда... III бөлим, 7-басылыўы, 33-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

рин көрсетти, балық аўлаў тапсырмаларын мудамы артығы менен орынлады. Биринши бесжыллықта балықшылық колхозларында 97 партия ағзасы ҳәм 112 комсомолец болды.

Қарақалпақстанның балықшылық санаатын раўажландырыўға актив қатнасқан ветеранлардын ишинен И. Аташов, Ө. Бегжанов, А. Хромов, И. Темирбаев, Е. Қоспанов, А. Тилеўов, П. Насыров, Ә. Султонов Л. Х. Силаева, Е. Қошетеров ҳәм т. б. атап көрсетиўге болады.

Биринши бес жыллықта Қарақалпақстандағы улыўма балық аўлаў 2 еседен көбирек өсти. Кубла районның Арал теңизиндеги улыўма балық аўлаўда тутқан орны 1929-жылы 35% болса, 1933 жылдың басында ол 64% ке дейин көтерилди, ал Мойнақ „Арал балық кәнине“ айланды.

Арал теңизинин қубла бөлегинде бес балық заводы болып, оларда 2487 рабочий жумыс исleди, 1932-жылы Мойнақ районының балық заводлары елге 4,6 мың *ц* таза балық, 74,6 мын *ц*—дузланған, 21,4—мың *ц* күнге кептирилген ҳәм қақланған, 1,7 мың *ц*—ыслап қақланған балық өнимин берди.

Бирақ, балық санаатын реконструкциялаўдың пәти еле жеткиликсиз еди, оған балық аўлаўдың техникалық қураллары ҳәм қанийге кадрлар жетиспеди.

Сонлықтан, область партия, комсомол ҳәм профсоюз шөлкемлеринин ең әҳмийетли ўазыйпаларынын бири көп мийнет талап ететуғын жумыс процесслерин механизациялаўды, сондай-ақ маман қанийгелер таярлаў, кадрларды тәрбиялаў ҳәм оқытыў бойынша жумысларды күшейтиўден ибарат болды. 1932-жылы балықшылық санаатына маман рабочий кадрлар таярлаў ушын 11200 манат ажыратылды. Мойнақта арнаўлы курслар ашылды, ал 3 балықшы тәжирийбе алып қайтыў ушын Каспий балықшылық кәрханаларына стажировкаға жиберилди.

Балықшылық колхозларынын өсиўи ҳәм олардың хожалығының беккемлениўи менен балықшылардың мәдений-турмыс жағдайы әдеўир жақсыланды. Мойнақ, Үрге балық заводларында, „Память Ленина“ ҳәм т. б. колхозларда китапханалар, оқыў заллары балалар бақшалары шөлкемлестирилди. Балықшылардың саўатсызлығын сапластырыў ушын 14 мектеп ашылды. Балықшылық колхозларының ағзаларына ҳәм балық заводларының рабочийларына турақ жайлар салып алыўы ушын жәрдемлер көрсетилди. Усындай мақсетлерге 1929 жылы 123,7 мың манат, ал 1931-жылы 2520 мың манат ажыратылды.

Балықшылық кәсип орынларында коллективлестириўди иске асырыўдың нәтийжесинде балықшыларды эксплуатациялаў биротала сапластырылды.

1931-жылы 10-февральда Рыбакколхозсоюз ўәкиллеринин II съезди балықшылық кәрханаларын коллективлестириўге жуўмақ жасады ҳәм биринши бесжыллықтың өндирислик тапсырмаларын орынлаў ҳәм арттырып орынлаў бойынша ўазыйпалар белгиледи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Рыбакколхозсоюз ўәкиллеринин съезди бир аўыздан „Барлық колхозларға, серикликлерге колхозшылар менен балықшыларға" үндеў қабыл алды, онда: „Қәдирли жолдаслар. Екинши съезд, сизлерди 1931-жылдың тапсырмаларын орынлаўға ҳәм арттырып орынлаўға шақырады және Қарақалпақстан автономиялы областы балықшыларының алдында турған ўазыйпалардын орынланатуғынлығына исеним билдиреди. Өзлеримиздиң майда, пытыраңқы, дара хожалықларымызды коллективлик басламаларда қайта қурайық ҳәм материаллық дәрежемизди көтериў ушын қалай гүрессек, мәдений дәрежемизди көтериў ушын да сондай гүресейик...

Санаат товарларынын орнына, санаат орайларынын рабочийларын балық өнимлери менен тәмийинлейик. Планды орынлаў ҳәм арттырып орынлаў арқалы партия менен ҳүкиметке саўға таярлайық. Жасасын бизиң көсемимиз ВКП/б/ Орайлық Комитети!",—деп көрсетилди

Бул шақырық Мойнақ районының балықшыларын ҳәм рабочийларын жана мийнет ерликлерине рухландырды.

Бириншн бес жыллқтың ақырына балық өниминиң область санаатының улыўма өниминдеги тутқан орны 58,7%болды Қарақалпақстанда балықшылықтың ҳәм балықшылық санаатынын бундай өсиўи бул жерде Советлер Союзындағы ири балық консерва комбинатынын салыныўына алып келди.

Биринши бес жыллықта, ең зәрүрли буйымларды ислеп шығаратуғын, халықты әпиўайы аўыл хожалық курал-сайманлары, қурылыс материаллары ҳәм т. б. менен тәмийинлейтуғын майда ҳәм өнерментшилик санаатының раўажланыўына үлкен дыққат аўдарылды.

1929-жыл декабрьде Қарақалпақстан санаат кооперациясының I съезди болып, ол өнерментшилик санаатын буннан былай беккемлеўде үлкен роль ойнады.

Область партия шөлкеми өнерментлерди кооперативлестириў бойынша үлкен жумыс жүргизди. Усыған байланыслы артеллердиң саны ҳәм оларда ислеўши ағзалардың саны жылдан-жылға өсти. 1931-жылы 55 өндирислик артель болып, оларда 1924-адам жумыс иследи, 4 транспорт артелинде 1929 ағза ҳәм басқа ҳәр түрли 12 артельде 1562 ағза болды.

Санаат кооперациясы системасындағы барлық санаат кооперациялары ағзаларынын 5% и коммунистлер, 30% и ҳаял-қызлар, 1,4% и саўатлылар болды.

1932-жылы транспортшылар үлкен табысларға еристи. Қарақалпақстаннын барлық районларында 12 артель шөлкемлестирилип, олар 112 380 *т* ҳәр қыйлы халық хожалық жүклерин тасып берди.

Биринши бес жыллықта өнерментшилик санааты қурылыс материалларын ислеп шығаратуғын бирден-бир санаат тараўы болды. 1930-жылы өндирилген қурылыс материаллары өнерментшилик санаатынын улыўма өниминиң 32,8% ин қурады 6 млн дана пискен гербиш ҳәм 7,6 млн дана қам гербиш, 4888 *т* ҳәк ҳәм т. б. зәрүрли материаллар таярланды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Партия ҳәм ҳүкиметтиң оғада үлкен жәрдеми арқасында Қарақалпақстанның кооперативлик ҳәм өнерментшилик санааты тез пәт пенен раўажланды 1930-жылы өнерментшилик санаатын раўажландырыўға 187,0 мың манат, 1931-жылы —208 мың, ал 1932-жылы – 452,0 мың манат ажыратылды.

Қарақалпақстанның санаат кооперациялары туўысқан союзлық республикалардың кооперативлеринен де жәрдем алды 1929-1932 жыллары Пүткил Украина санаат советинен бир миллион манатқа жақын кредит алынып, ол өндиристи механизациялаўға ҳәм жаңа санаат кәрханаларын қурыўға жумсалды.

1931-жыл 20 июньда ВКП(б) Қарақалпақстан обкомы бюросының жәжлисинде „Өнерментшилик санааты ҳаққында" мәселе додаланды. Бюро кеңейтилген қарар қабыл алып, онда кең тутыныў затларын ислеп шығарыў бойынша жаңа кәрханалар шөлкемлестириў, ишки ресурсларды барынша мобилизациялаў бойынша илажлар белгиленди

Санаат артельлеринин саны жылдан-жылға өсти, майда өнерментшилер санаат кооперацияларына көплеп тартылды. Егер 1929 – 1930 жыллары 2100 өнермент кооперативлердиң ағзалары болған болса, 1932-жылы олардың саны 6041 ге жетти. Өнерментшилик санаатын мийнетти шөлкемлестириўдиң социалистлик формалары тийкарында қайта дүзиў тез пәт пенен иске асырылды.

1931-жыл 26—31-декабрьде Қарақалпақстан автономиялы областының санаат кооперациясы Союзы ўәкиллеринин II съезди болып, оған 80 делегат қатнасты.

Санаат кооперациясы съезди басқа мәселелер менен бирге маман кадрларды таярлаўға да үлкен дыққат аўдарды. Бес жыллықтың ақырына қурылыс материалларын ислеп шығарыў бойынша қанийгелер таярлайтуғын 70 адамлық курс, 40 адамлық гилемшилик мектеби, кийим пишип-тигиўшилердиң 9 айлық курсы ҳәм т. б. ашылды Жаңа кадрларды оқытыў ушын 255 мың манат жумсалды.

Санаат кооперациясының барлық тараўларында улыўма өним үзликсиз өсти, ол бес жыллықтың ақырында 1929-жыл дәрежесинен 6 еседен көбирек ртты.

Ерисилген жетискенликлерге қарамастан Қарақалпақстан өнерментшилик санаатының раўажланыўы халық хожалығының басқа тараўларының өсиўинен еле артта еди, өндиристи шөлкемлестириўде ири кемшиликлер орын алды, бул бәринен бурын хожалық органлары тәрепинен өнерментшилик санаатына басшылықтың босаңлығын көрсетти.

Өнерментшилик өндирисинде, әсиресе артельлерде ислеп атырған ҳаял-қызлардың саны кем-кемнен өсти. 1931-1932-жыллары ҳаял-қызлардың өнерментшилик артельлеринде—тийкарынан гилемшилик ҳәм тигиўшилик кәрханаларында 480 ҳаял-қыз иследи.

1930-жылы, жол ҳәм көпирлер салыў және оңлаў, олардың есабын алыў жумысларын басқаратуғын жол транспорт қурылысы (Дортранст) басқармасы дүзилди. Транспорт, әсиресе дәрья



www.ziyouz.com kutubxonasi

транспорты раўажланды. Биринши бес жыллықта Қарақалпақстаннын транспортына ири қаржы жумсаў 1929-жылғы 47 мын манаттан 1932-жылы 458 мың манатқа көбейди.

Арал теңизиндеги ири кемелердин жүк тасыў қуўаты еки есе көбейди, қайықшылық транспорты әдеўир өсти. пассажирлер ҳәм жүклер тасыў ушын хызмет өтетуғын бир неше катер ҳәм пароход пайдаланыўға берилди.

Әмударья ҳәм Арал флотынын жүк тасыў қуўатының әдеўир өскенлигине қарамастан республика халық хожалығы жүклерин тасып үлгере алмады, нәтийжеде бир неше мың т санаат товарлары. қурылыс материаллары, мәдений тәгинлер жыл сайын Чаржоў ҳәм Аральск престаньларында топланып қалып отырды.

1927-жылы Қарақалпақстанда авиатранспорт пайда болды, сол жылы Чаржоў—Төрткүл—Жаңа Үргенч ҳәм Мойнақ арасында почта—пассажирлер тасыйтуғын авиа байланыс орнатылды. Транспорттың бул түрининң әҳмийети жыл сайын өсти. Қарақалпақстан аспанында биринщилер қатарында ҳаўа соқпақларын баслап бергенлер, өз исине шын берилген летчиклерден И. Васильев, А. Сычев, Б. Тимомалов, Н Дорогоков, В. Федоров, С Богдановлар, авиотехниклерден О. Қалменов, А. Усманов, А. Парфенов ҳәм т. б. болды.

Авиа линиялардың узынлығы 1931-жылғы 41 545 км ден 1932-жылы 125 190 км ге ямаса 3 есе өсти 1931—1932-жыллары ҳаўа транспорты менен пассажирлер тасыў 6 есе дерлик, ал жүк тасыў 5 есе дерлик өсти. Автомашина ҳәм самолетлардың пайда болыўына байланыслы Қарақалпақстан транспортынын барлық түрлери менен жүк тасыў айланысы 85,5 мын тоннаға дейин көбейди.

Биринши бес жыллықта Қарақалпақстанда байланыс та раўажланды. 1930-жылы бурыннан сақланып келген Орта Азия басқармасы менен онлаған округлик байланыс конторалары сапластырылды ҳәм олардың базасында Орта Азия экономикалық Совети қапталында СССР почта ҳәм телеграф Халық Комиссариаты ўәкиллигинин басқармасы дүзилди. Қарақалпақстанда да байланыс басқармасы дүзилди. 1929-жылы радио еситтириў ҳәм радиоластырыў ўазыйпаларын иске асырыў ушын Орта Азия радио орайы дүзилди. Партия менен ҳүкиметтиң ғамхорлығы нәтийжесинен автономиялы областьтағы байланыс тараўы жылданжылға раўажланды.

Халық хожалығын табыслы қайта тиклеў, елди индустриаластырыў мәмлекетлик ҳәм кооперативлик көтере саўданын раўажланыўы және оннан жекке капиталдың биротала қысып шығарылыўы ушын жағдай дүзди. Мәмлекетлик саўда тағаўлары кенейди ҳәм өсти. Егер, 1928-жылы Қарақалпақстанда барлығы болып 240 саўда орны болған болса, бес жыллықтын ақырында олар 456 ға жетти.

Биринши бесжыллықта қала ҳәм аўыл арасындағы экономикалық байланысты иске асырыўда совет саўдасынын роли әдеўир өсти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарақалпақстан территориясындағы пайдалы қазылма-байлықлар кәнлерин ҳәр тәреплеме изертлеўге үлкен дыққат аўдарылды. 1928-жылы партияның областьлық комитети СССР Илимлер академиясынан Султан Ўәйис таўда, Үстүртте ҳәм Әмударьяның төменииндеги басқа да районларда илимий экспедициялар шөлкемлестириўди өтинди. Қазақстан геологларының изертлеўшилер партиясы 1930-жылы жазда Қарақалпақстанда изертлеў жумысларын жүргизип, инженер Мягковтың басшылығында еки фосфорит кәнин анықлады, олардың биреўи 4 662 мың тонна запасқа ийе болып. Султан Ўәийс таўынын шығыс бөлегииен, ал екиншиси 840 мың тонна запасқа ийе болып, Хожели районынан табылды.

1931-жылы геохимиялық экспедиция Қызылқумнан күтә көп ҳәм дыққатқа ылайықлы материаллар жыйнады. Бул, партияның областьлық комитетинин, СССР Илимлер академиясы президиумынын алдына Қызыл қумнын Қарақалпақстандағы 10 млн гектарға шамалас территориясының тәбийий байлықларын ҳәр тәреплеме өзлестириў ушын комплексли экспедиция жибериў ҳаққындағы мәселени қойыўына тийкар болды.

Қарақалпақстанда изертлеў жумысларын жүргизген көрнекли илимпаз-геологлар—А. Е. Ферсман, А. Н. Чистяков, А. Ф. Соседко ҳәм т. б. илимпазлар тальк, фосфорит, гипс мрамор, ҳәк ҳәм басқа да қазылма байлықлар шығатуғын бай орынлардын бар екенлигин анықлады. Бирақ, Қарақалпақстан территориясындағы бул дәўирдеги геологиялық-барлаў жумыслары еле де кең пәт ала алмады.

Қарақалпақстан сол жыллары ҳәр қыйлы өнимлерди тек ишки талапларды қанаатландырыў ушын ғана емес, ал бир бөлегин сыртқа шығарыў ушын да жетистирди. Бул тийкарынан, қаракөл терилер, шыпа болатуғын техникалық шийки затлар, ақ қуўдың мамығы, гилемлер, мал шарўашылығы өнимлери ҳәм т. б. болды.

Халық хожалығының барлық тараўларының раўажланыўы рабочий класс санының көбейиўине алып келди. Барлық санаат кәрханаларында, транспортта, қурылыста, байланыста ҳәм совхозларда (мәўсимли рабочийларды қосып есаплағанда) 1932-жылы 15,7 мын рабочий иследи, ал 1928-жылы тек 2,5 мың ғана рабочий бар еди. Рабочийлардың 82% и ҳәм хызметкерлердин 57% и жиргиликли миллетлердиң ўәкиллери болды.

Областьлық партия, совет органлары массанын өсип баратырған мийнет ҳәм жәмийетлик-сиясий активлигине, олардын билимге, жаңа техниканы ийелеўге қуштарлығына сүйене отырып, ҳәр қыйлы профильдеги қанийгеликлерден маман кадрлар таярлаў, массалық қанийгеликтеги хызметкерлерди, соның ишинде жаңадан қурылып атырған ҳәм реконструкцияланып атырған санаат тараўлары ушын рабочийлар таярлаў бойынша үлкен шөлкемлестириўшилик ҳәм тәрбиялық жумысларды ен жайдырды. Усы мақсетте бес жыллықтың ақырында ҳәр қыйлы курслардың, техника-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лық кружоклардын, өндирис новаторлары мектеплеринин ҳәм т. б. кен тармақлары дүзилди. Көплеген жоқары оқыў орынларында, техникумларда, рабфакларда ҳәм елимиздиң басқа да оқыў орынларында жоқары және орта техникалық маманлықтағы кадрлар таярланды.

Солай етип, биринши бесжыллықта Қарақалпақстанның санаатын раўажландырыўда ири табысларға ерисилди Егер, биринши бес жыллыққа дейин Қарақалпақстан санааты тийкарынан бурынғы хожайынлардан, жекке кәрхана ийелеринен қалдырылған майда кәрханалардан ибарат болса, бес жыллықта областьта жана техника менен қуралланған ири санаат кәрханалары пайда болды.

1932-жылы улыўма өнимдеги үлеси бойынша: санаат – 54,1% ти, кооперативлик өндирис орынлары—45.9% ти қурады.

Коммунистлик партия елди социалистлик индустриаластырыўға избе-из бағдар алды, әсиресе союздың бурын артта қалған Қарақалпақстан сыяқлы шығыс районларындағы халықлардың социализмге табыслы өтиўин тәмийинлеў мақсетинде, олардын экономикалық артта қалыўшылығын сапластырыў ушын жигерли түрде гүрес жүргизди.

## 2. ҚАРАҚАЛПАҚСТАН МИЙНЕТКЕШЛЕРИНИҢ АЎЫЛ ХОЖАЛЫҒЫН КОЛЛЕКТИВЛЕСТИРИЎ УШЫН ГҮРЕСИ

Социалистлик индустриаластырыўдың табысларына негизленип, ВКП(б) XV съезди аўыл хожалығын коллективлестириўге бағдар алды. Ол дийханлар хожалығын социалистлик қайта қурыў илажы, ленинлик кооперативлик планлы иске асырыўдын шешиўши шәрти болды. Съезд социалистлик санааттың халық хожалығындағы жетекши ролине негизленди. Съезд қарарларында, аўыллардағы социалистлик қурылыс тәжирийбелери, социалистлик индустриаластырыў кооперациялар арқалы майда дийхан хожалықларын социализмге алып бара алады, деген ленинлик кооперативлик планның дурыслығын тастыйықлады, —деп атап көрсетилди.

Майда хожалықлардан ибарат аўыл хожалығын ири социалистлик хожалық жолына өткериў керек болды. Сонлықтан, ВКП(б) XV съезди аўыл хожалығын коллективлестириўди ҳәр тәреплеме ен жайдырыў ҳаққында қарар қабыл етти. Партия, В. И. Лениннин дийханшылықта майда дийхан хожалықларынан ири коллективлик хожалыққа өтиўдиң зәрүрлиги хаққындағы: „Майда хожалықлар мүтәжликтен шыға алмайды"[1], „Егер биз ескише майда хожалыклар менен шекленип қала берсек дархан жердиң ерикли гражданлары болғанымыз бенен де, бәри бир бизге қутылыўға болмайтуғын набыт болыў қәўпи туўады"[2],— деген көрсетпелерине сүйенди.

---

[1] В. И. Ленин Шығармаларынын толық жыйнағы. 39-том 314 бет

[2] В И Ленин. Шыгармаларынын толық жыйнағы, 32-том, 187-бет



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ленинлик кооперативлик план дийханлар басым болған елде социалистлик жәмийетти қурыўдың толық мүмкин екенлиги ҳаққындағы идеяға негизленди.

Қарақалпақстанның аўыл хожалығын коллективлестириў пүткил Союз бойынша бир улыўмалық нызамлылықлар тийкарында әмелге асырылды. Бул пүткил елде Совет власты формасындағы пролетариат диктатурасының орнатылыўынан, социалистлик индустриаластырыў арқалы рабочий класс пенен дийханлар аўқамының иске асырылыўынан, коммунистлик партияның басқарыўшылық ҳәм бағдарлаўшылық ролинен ибарат болды. Соның менен бирге Қарақалпақстан аўыл хожалығын социалистлик негизде өзгертиў өзиниң өзгешеликлерине ийе болды, ол дийханлардың кең массасына руханыйлардың тәсириниң оғада күшли ўақтында, жерден пайдаланыўда феодаллық, хәтте патриархаллық—уруўлық қалдықлардың тәсирине қарсы кескин гүрес жағдайында өткенлигинен ибарат еди.

Суўғарып егилетуғын дийханшылыққа тән оғада майда хожалықлардың сақланыўы Қарақалпақстандағы колхоз қурылысын қыйынластырды.

Мийнеткешлердиң мәдений дәрежесиниң ҳәм класслық санасезимлериниң төменлигин рабочий класстың, миллий ҳәм партиялық кадрлардың аз санлылығы коллективлестириўдин қыйыншылықларын арттырып жиберди.

Бирақ, Қарақалпақстанда коллективлестириўди иске асырыўды қыйынластырған өзгешеликлер менен бирге аўыл хожалығын социалистик қайта қурыўды жеңиллестиретуғын факторлар да бар еди. Олар—ирригациялық қурылысларды салыў, онлаў ҳәм пайдаланыў бойынша дийханлардың коллективлик күш салыўларын талап ететуғын суўғарып егилетуғын дийханшылықтың өзине тән шараятлары еди.

1929—1930-жыллары совет властының аўыл хожалығына социалистлик өзгерислер енгизиў бойынша дәслепки адымларының арқасында Қарақалпақстанның дийханлар массасы коллективлестириўди өткериўге таярланған еди.

Совет властының аўылларды аўыл хожалық қурал-сайманлары менен тәмийинлеў, аўыл халқын кооперативлестириў, гедей хожалықлардың әдеўир бөлегин салықтан азат етиў, дийханларды совет қурылысына кең тартыў, гедейлерди "Қошшы" союзына шөлкемлестириў ҳәм т. б. усындай илажлары қарақалпақ аўылларының гедей—орташалар қатламларының ири феодаллық хожалықларды сапластырыўды әмелий баслаўға шынтлап кирисиўине алып келди.

Ири феодаллардың мүликлерин конфискалаў класслық душпанлардың қатаң қарсылығын келтирип шығарды. Буржуазиялық миллетшилер ҳәм басқа да душпан элементлер бай хожалықларды конфискалаўды үзилиске түсириўге ҳәр тәреплеме күш салды. Олар, байларға малларын сатыўға, малларды шет еллерге айдап кетиўге, жасырыўға, хожалықларды көзабаға бөлеклеўге



www.ziyouz.com kutubxonasi

көмеклести. Олар Совет властына жала жапты, еле орташалар менен гедейлер де конфискаланады деген сыяқлы ойлап табылған хабарларды таратты.

Коммунистлик партия аўыл хожалығын коллективлестириў ҳәм кулакларды класс ретинде сапластырыў сиясатын жүргизген ўақтында СССР районларының өзгешелигин, дийханлардын коллективлестириўге таярлық дәрежесиниң өзгешелигин есапқа алды. Усыған тийкарланып, ВКП(б) Орайлық Комитети 1930-жылы 5-январьда „Коллективлестириўдин пәти ҳәм колхоз қурылысына мәмлекеттин жәрдем бериў илажлары ҳаққында" қарар қабыл етип, онда аўыл хожалық артельлерин колхозластырыў ҳәрекетиниң усы басқыштағы тийкарғы формасы ретинде усынды. Қарарда, республикалар, үлкелер ҳәм областьлар бойынша аўыл хожалығын коллективлестириўди питкериўдиң мүддетлери белгиленди. Орта Азия республикаларында, соның ишинде Қарақалпақстанда коллективлестириўди питкериўдиң мүддети 1933-жыл болып белгиленди.

ВКП(б) Орайлық Комитетиниң 1930-жыл 5-январьдағы қарары дағазаланғаннан кейин пүткил ел бойынша дийханлардын колхозларға массалық кириўи басланды.

Жоқарыда көрсетилгениндей-ақ, сапластырылған бай хожалықларының базасында 1928-жылы Қарақалпақстанда дәслепки үш колхоз дүзилди, олар 200 батрак-гедейлер хожалықларын бирлестирди. Солай етип, батраклар менен гедейлердиң өзлери Қарақалпақстандағы колхозларға дәслепки кириўшилер ҳәм оларды шөлкемлестириўшилер болды.

1926—1929-жыллар колхоз қурылысындағы тутасы менен коллективлестириўге таярлық, колхозлардың дара хожалықларға тәсириниң күшейиўи барлық аўыл хожалығын коллективлестириўге өтиў ушын басланғыш тийкарлар дүзиў дәўри болды.

Партияның XVI конференциясы, „колхозлар дийханлар массасының ҳәрекети ҳәм төменнен болып атырған басламасы тийкарында көбейип атырғанын, ири хожалықтың артықмашлығы коллективлерде өз көринисине ийе болып атырғанлығын... аўылдағы гедей қатламларының ғана емес, ал өзлериниң қурал-сайманлары ҳәм күш-көликлери менен коллектив хожалықларға бирлесип атырған орта дийханлардын да коллектив хожалықларға талпыныл атырғанын колхоз ҳәрекетиниң соңғы ўақытлардағы ең әҳмийетли өзгешелиги екенлигин атап өтти"[1].

Биринши бес жыллықта-ақ Қарақалпақстанның аўыл хожалығын социалистлик қайта қурыў исинде ири табысларға ерисилди. Егер 1929-жылы Қарақалпақстанда 33 колхоз болған болса, 1931-жылы олар 416 ға жетти. Бирлескен хожалықлардың ишинде 11563 гедейлер ҳәм 2039 орташалар болды. Шөлкемлескен колхозлардың көпшилиги өз составы бойынша көп миллетли болды.

---

[1] КПСС резолюцияларда.. II бөлим, 586-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Оларда өзбеклер, қарақалпақлар, қазақлар, түркменлер жумыс иследи.

Бирак, дийханлар арасында уруўлық қалдықлардың сақланыўының, сондай-ақ батрак-гедейлер группалары жумысларының оғада босаңлығының себебинен, колхозлар жийи-жийи уруўлық принциплер тийкарында ҳәм басым көпшилигинде миллий составы бойынша дүзилди. Усының барлығы Қарақалпақстандағы колхоз қурылысының буннан былай раўажланыўына кедерги жасады,

ВКП(б) Орайлық Комитетиниң 1930-жыл 14-марттағы „Колхозластырыў ҳәрекетиндеги партияның жолын бурмалаўларға қарсы гүрес ҳаққындағы" қарары аўыл ҳожалығын коллективлестириўде айрықша әҳмийетли роль ойнады. Ол автономиялы область партия ҳәм совет шөлкемлериниң колхоз қурылысында жол қойылған қәтеликлерди сапластырыўына жәрдемлести.

Пахтакешлер арасында аўыл хожалық кооперацияларының кең раўажланыўы нәтийжесинде, дийханлар массалық коллективлестириўге бир қанша жақсырақ таярланған пахташылық районларында коллективлестириўге оғада ықласланыўшылық сезилди.

1929-жылы 1-мартта Қарақалпақстанда 16 пахташылық серикликги шөлкемлестирилди. Олар: 21825 хожалықты ямаса областтағы барлық дийхан хожалығының 38,8% ин бирлестирди.

Қарақалпақстандағы пахташылық кооперацияларының буннан былайғы раўажланыўында Пахтасоюзлары үлкен роль ойнады.

Пахтасоюзларының ең әҳмийетли ўазыйпаларының бири, гедейорташа дийханлардың хожалықларының көтерилиўине ҳәм кооперативлесиўине көмеклесиўден ибарат болды. Аўыл хожалық өнимлерин контрактациялаўды кең ен жайдырып, оны өткериў ушын үлкен финанс ҳәм материаллық ресурсларды бөлип шығарып, Совет мәмлекети контрактацияны, гедейлерди жәмлестириў ҳәм оларды орташалар менен аўқамластырыў қуралы, аўыл хожалығын социалистлик жол менен қайта қурыў процесинде капиталистлик элементлерге қарсы шешиўши атланыс жасаў қуралы ретинде пайдаланды.

Аўыл ҳожалығын коллективлестириў, аўыллардағы ең соңғы капиталистлик элементлерди - кулакларды сапластырыўға байланыслы класслық гүрестиң кескинлесиў жағдайында өтти.

Тутас коллективлестириў тийкарында кулакларды класс ретинде сапластырыўға өтиў аўыл өндирисин социалистлик реконструкциялаўдың жаңа басқышын ашты.

Кулакларды класс ретинде сапластырыў сиясаты СССР Халық Комиссарлар Совети менен Пүткил союзлық Орайлық Атқарыў Комитетиниң 1930-жыл 1-февральдағы „Тутас коллективлестириў районларындағы аўыл ҳожалығын социалистлик қайта қурыўды беккемлеў бойынша ҳәм кулакларға қарсы гүрес бойынша илажлар ҳаққы дағы" қарары менен белгиленди.

ВКП(б) XV съездиниң көрсетпелерин басшылыққа алып, Қарақалпақстан партия шөлкеми кулак-бай элементлерди шеклеў ҳәм қысып шығарыў бойынша үлкен жумыслар жүргизди. Усы



www.ziyouz.com kutubxonasi

ўақытта, 1927-жылдың ақырында „Байларға қарсы классłық гүрести күшейтиў ҳаққында"ғы мәселени додалаған партияның областьлық III конференциясының қарарлары, сондай-ақ, Қазақстан АССР Орайлық Атқарыў Комитетиниң 1928-жыл 17-августтағы „Байлардың жерден пайдаланыў мүликлерин конфискалаў ҳаққында"ғы декрети үлкен әҳмийетке ийе болды.

Қарақалпақстан автономиялы областында коллективлестириў феодаллық-уруў укладының қалдықларын сапластырыў менен бир қатарда жүргизилди. Гедейлер ҳәм батраклар колхозларды шөлкемлестире отырып, жерлерден байларды қуўды ҳәм совет властының қуўатлаўына сүйенип, оларды көширип жибериўге еристи. Байлардың мүликлери жанадан шөлкемлестирилген колхозларға берилди. Хожели районында, тийкарынан областьтың пахташылық районларында 1930-жылы 33 колхоз болды, ал 1931-жылы олар 56 ға жетти, соның ишинде 36 артель ҳәм жерди бирге ислеўшилердиң 20 серикликги (ТОЗ) болды. 1931-жылы 57 социаллық-жат элементлер колхозлардан көширип жиберилди.

Дәслепки шөлкемлестирилген колхозлар майда ҳәм кем қуўатлы болды. кадрлар жоқ еди, техника болмады. „Қызыл Туў" колхозы 22 хожалықты бирлестирип, 25 гектарға егин екти, „Курама" колхозы 20 хожалықты бирлестирип, оның 75 ағзасының жумысқа жарамлысы 22 ер адам, 21 ҳаял-қыз болды, ал пахтаның егислик майданы 12,2 *га* еди ҳәм т. б.

1929-жылы, колхозлар менен бирге Қарақалпақстанда дәслепки совхозлар да дүзилди. Автономиялы областьта пайда болған биринши совхоз—Әмудәрьяның жағалаўында созылып жатырған 25 мың гәктар жерди ийелеген дәслепки „Аму-Луб" совхозы болды. Совхоз кендир өсириў, оннан қабық шығарыў ҳәм қабықты қайта ислеў менен шуғылланды. Оған қосымша совхозда аз муғдарда бийдай ҳәм арпа егилди.

1931-жылы Шаббаз районының территориясында пахташылыққа бағдарланған „Истемес" совхозы шөлкемлестирилди. Совхозға 27 мың *га* жер майданы ажырагылды. Усындай қуўатлы хожалықтың шөлкемлестирилиўи, партия Орайлық Комитетиниң 1929-жыл 19-июньдағы пахташылықты раўажландырыў ҳаққындағы қарарында нәзерде тутылған еди.

„Истемес" совхозына ирригациялық қурылыслар ҳәм механизация ушын, сондай-ақ турақ жай-турмыс қурылысы ушын үлкен қаржы ажыратылды. Хожалық 8 трактор ҳәм т. б. аўыл хожалық қурал-сайманларын алды.

Бирақ, топырақтың қолайсыз жағдайлары себепли, совхоз пахтадан ҳәм басқа аўыл хожалық егинлеринен оғада төмен зүрәәт алды. Совхозда зәрүрли қанийгелер составы ҳәм рабочийлар жетиспеди.

1933-жылы совхозды Семеноводсоюзға бериў ҳаққында қарар етилди. Соңын ала ол ҚҚАССР Жер ислери ҳалық комиссариатының қараўына берилди ҳәм мал шарўашылығы совхозына айландырылды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1930-жылы январь-март айларында колхозласыў ҳәрекети кең ен жайыўын даўам етти, бул массалық коллективлестириў ушын беккем тийкар дүзилгенлигинен дәрек берди Бирақ, 1929-жылы декабрьде, әсиресе 1930-жылы көплеген районларда жергиликли шөлкемлер дийханларды кооперативлестириўдиң ленинлик принциплерин буза баслады ҳәм колхоз қурылысының тийкарғы мәселелери бойынша партияның жолын бурмалады. ВКП(б) Орайлық Комитетиниң 1930-жыл 14-марттағы „Колхоз ҳәрекетинде партияның жолын бурмалаўшылыққа қарсы гүресиў ҳаққында" ғы карарында көрсетилгениндей-ақ, бир қатар районларда дийханлардың ықтыярлы кооперативлесиўи ҳәм оларды колхозларға мәжбүрлеп тартыўға тыйым салыныўы бузылды, колхозлар дүзиў ўақтында артельлердиң орнына жасалма түрдеги коммуналар орнатылды, турақ жайлар, маллар ҳәм қуслар мәжбүрий түрде жәмийетлестирилди, ҳәтте айырым жерлерде орташалар сайлаў ҳуқуқынан айрылды ҳәм кулак ретинде олардың жер-мүликлери тартып алынды.

Жергиликли партия шөлкемлериниң колхоз қурылысындағы қәтеликлеринен ҳәм аса кетиўшиликлеринен байлар менен руханыйлар ҳәм совет властының басқа да душпанлары пайдаланыўға умтылды. Олар коллективлестириўди ыдыратыў ушын барлық илажды пайдаланды, колхозларға кирместен бурын малларды жоқ етиў керек деп дийханларды азғырды. Байлар менен руханыйлар алдыңғы активистлерди өлтириўге умтылды коммунистлерди комсомолецлерди ҳәм партияда жоқ батракларды өлтирди. Хожели районындағы „Қызыл байрақ" артелиниң баслығы Буев жасырын жиберилген қанхордың қолынан набыт болды Қыпшақ районының 4-аўылынан комсомолец Ш. Сапашов та жаўызлар қолынан қазаланды 1929-жылы 10-октябрьде Қыпшақ районының 3 аўылында аўыллық советтиң ағзасы Б. Кутлымуратов, оның ҳаялы, үш жасар баласы ҳәм иниси бир түнде өлтирилди.

Дийханлардың массалық түрде колхозларға кириўин иркиў ушын өз ҳәрекетлериниң нәтийже бермегенине көзи жеткен байлар менен руханыйлар енди айырым террорлық ҳәрекетлерден, ашық контрреволюциялық топылысқа өтти 1929-жылы сентябрьде байлардың, ийшанлардың, аталықлардың ҳәм олардың жалпылдақларының Тахтакөпир районында қуралды көтерилиси келип шықты. Басқа районларға қарағанда Тахтакөпирде феодаллық қатнасықлардың қалдықлары көбирек сақланды. Бул жерде еле жер суў илажлары өткерилмеди, ярым феодаллар конфискаланбады, басқа районларға қарағанда бул жерде совет властының класслық сиясаты кейинирек жүргизилди. Көтерилистиң ири баслы басшылары 8 ийшан ҳәм 18 бай болды. Олар өзлериниң алдына совет властын қулатыўды ҳәм ески хан тәртиплерин орнатыўды мақсет етти.

27-сентябрь күни байлардан, моллалардан, ийшанлардан, сондай-ақ саўдагерлер менен қылмыслы элементлерден қуралған гелле кесерлер отряды Тахтакөпирге басып кирип, жергиликли ком-



www.ziyouz.com kutubxonasi



Марқабай Оразымбет улы.

мунистлердин, комсомолецлердиң, колхозластырыў ҳәрекетиниң батрак-активистлерине қарсы жабайыларша жазалаўлар жүргизди.

Партияның Қарақалпақстан обкомы Тахтакөпирдеги ўақыя ҳаққында 29 сентябрьде мағлыўмат алды ҳәм асығыслық пенен Төрткүлден 62 адамнан ибарат отряд жиберди.

Контрреволюционерлерге қарсы қатаң саўашта Шымбай районлық милиция бөлиминиң начальниги, отрядтың командири Дедов, халық тергеўшиси Кутлымуратов, Тахтакөпир тутыныўшылар жәмийетинин хызметкери Мамбеталиев, батрак Ибрайымов, ҳәм т. б. қазаланды.

Тахтакөпирдеги контрреволюциялық көтерилисти сапластырыўға Белоноговтың командирлигинде 315 адамнан ибарат ГПУ отряды қатнасты, олардын ишинде көпшилиги коммунистлер, комсомолецлер болды.

Тахтакөпирдеги контрреволюциялық көтерилис бир күнниң ишинде сапластырылды, онын басшыларының биразы саўаш майданында өлтирилди, ал қалғанлары тутқынға алынды. Контрреволюциялық көтерилистиң 250 ге шамалас қатнасыўшысы тутқынға алынып, судқа берилди.

Класслық душпанлардың Қарақалпақстанда социалистлик қурылысты үзилиске түсириўге урыныўы мине усылайынша шермендешилик пенен аяқланды.

Қарақалпақстанда совет властын беккемлеўде ҳәм баспашы бандаларынын қалдықларын сапластырыўда даңқы елге жайылған халық қаҳарманлары өсип жетисти. Солардың бири Марқабай Оразымбет улы болды. Халық душпанларына қарсы гүресте көрсеткен айрықша ерлик ислери ушын ол Марқабай батыр деп аталды. Совет властьі ҳәм халық алдындағы хызметлери ушын Марқабай Оразымбет улы СССР Орайлық Атқарыў Комитети Президиумынын 1933-жыл 7-декабрьдеги қарарына муўапық жаўынгерлик Қызыл Байрақ ордени менен наградланды. Ол қарақалпақ халқынын усы орденге биринши рет миясар болған ҳасыл перзенди болды.

Байлар менен руханыйлардың советке қарсы ҳәрекетлерин батраклар менен орташалар қуўатламады. Мийнеткеш дийханлар байлар менен руханыйлардын изинен ермеди, ал революция байрағын инабат пенен жоқары көтерген ҳәм рабочий класс ҳәм



www.ziyouz.com kutubxonasi

мийнеткеш дийханларды аўқамластырып, жаңа турмыс қурыўға баслаған партияның сиясатын қуўатлады.

Усы ўақытлары батраклар менен орташалардың болып өткен көп санлы жыйналыслары ири ярым феодаллардың хожалықларын тоқтаўсыз сапластырыўды талап етти. Ярым феодаллық хожалықлардың сондай-ақ контрреволюциялық ҳәрекетлерге қатнасқан аталықлардың, беклердиң, ийшанлардың пагша және хан әмелдарларының, бурынғы завод ийелерининң, ири жер ийелеўшилердиң ҳәм саўдагерлердиң сапластырылыўы менен бирге аўылдағы уруўлық ярым феодаллық қалдықлардың негизи де қыйралды Солай етип Қарақалпақстанда социализмди табыслы дүзиў ушын ҳақыйқат зәрүрли жағдайлар дүзилди.

Биринши бес жыллықта рабочий класстың дийханларға сиясий ҳәм шөлкемлестириў-хожалық жағынан басшылық етиўиниң бир формасы болған рабочий класстың аўылларды қәўендерликке алыўы кең ен жайды.

Бизин елимиздеги аўыл хожалығын коллективлестириўди таярлаў ҳәм өткериў дәўири рабочий класс пенен дийханлардың аўқамын беккемлеўдеги ен әҳмийетли басқышлардын бири болды. Партияның XV съезди аўыл хожалығын коллективлестириўге бағдар алып, Орта Азияның, соның ишинде Қарақалпақстанның аўыл хожалығын массалық коллективлестириўди ис жүзине асырыў бойынша сиясий, экономикалық ўазыйпалар системасын ислеп шықты. Қәўендерликти әмелий ис жүзине асырыў ушын, қәўендерликке алыў жумысларының өзин ақлаған усыллары пайдаланылды, (бәҳәрги егис ҳәм пахта терими ўақтында комплексли рабочийлар бригадалары аўылларға жиберилди).

Биринши бес жыллықта 1929-жылы ВКП(б) Орайлық Комитети Пленумының қарары тийкарында пайда болған 25 мыңшылар ҳәрекети есабынан Қарақалпақстанға айырым бир бригада ҳәм ВКП(б) Орайлық Комитети және Өзбекстан Компартиясының жолламасы менен 175 тен аслам адам келди. Олар сиясий шынық қан, класслық гүрестиң ҳәм социалистлик өндиристи шөлкемлестириўдин тәжирийбелерине ийе болған рабочий класстың ең алдыңғы ўәкиллери еди.

Рабочий бригадалары ҳәм 25 мыңшылар тийкарынан, түтасы менен коллективлестириўге өтейин деп атырған районларға жиберилди. Жигирма бес мыңшылардың тийкарғы бөлеги колхозларға, машина-трактор станцияларына ҳәм районколхозсоюзларға жиберилди.

1930-жыл рабочий бригадалары менен жигирма бес мыңшылардың Қарақалпақстанда жумыс ислеўинин дәслепки жылы, дийханлардың колхоз қурылысына өзлериниң қатнасықларын еле белгилей алмай атырған ўақтындағы, автономиялы областьтағы коллективлестириўдин ең қыйын жылларының бири болды. Усы дәўирде рабочий класстың басшылығы, оның шөлкемлестириўшилик жәрдеми коллективлестириўдиң табысларын белгилеген факторлардың бири болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Рабочий класстын сиясий ҳәм шөлкемлестириўшилик тәжирийбеси коллективлестириў исин оның өз қолына алыўына мүмкиншилик берди, ол аўыл хожалығын социалистлик реконструкциялаўдың табысларын тәмийинледи.

1930-жылы 29 февралда 5 адам составындағы (Репинский, Горшков, Ботурин ҳәм т. б.) Ленинградлы рабочий жаслар бригадасы Қарақалпақстанға келди. Бригада Төрткүл қаласындағы мәкемелер менен шөлкемлердиң жумыслары менен таныстьı, 68 дана аўыл хожалық қурал-сайманын оңлап-дүзетти, мәдений ағартыў жумысларын жүргизди.

19-мартта бригада Хожелиге келип, бир неше күн даўамында 196 сеялка, 17 плуг, 6 жети қатарлы сеялка, 200 мойынтырық ҳәм т. б. аўыл хожалық қурал-сайманларын оңлап-дүзетти.

Сондай-ақ бригада Назарханға, Сарыбийге, Шаббазға ҳәм т.б. жерлерге барды

ВКП(б) Орайлық Комитетиниң жолламасы менен агрономлар-А. Н. Данилов Харьковтен; И. Ф. Козлов Орта-Волга үлкесинен, И. Д. Суслов Дон областынан, Саркизов Андижаннан, Д. М Логинов, Петров, Белоусов, Иванов, Демченко ҳәм т. б. 25 мыңшылар Қарақалпақстанға келди. Олар өзлериниң пидәкерлик мийнети ҳәм қалыс жәрдемлери менен қарақалпақ дийханларының исенимине ийе болды. Усы исеним тийкарында үлкен сиясий-тәрбиялық жумысларды жүргизип, рус рабочийлары жергиликли партия, совет ҳәм жәмийетлик шөлкемлердиң дөгерегинде гедей-орташалар активин дүзди ҳәм олар менен бирге колхозларды шөлкемлестириў бойынша жумыслар алып барды.

Россия федерациясы тек қанийгелерди жибериў менен ғана қәўендерлик етип қоймастан, халық хожалығының зәрүрликлери ушын ҳәр қыйлы түрдеги қурал-сайманларды жеткерип берип жәрдем көрсетти. 1930-1931-жыллары Қарақалпақстан автономиялы областына Европа типиндеги қурал-сайманлардан—плуглар тырмалар, пахташылық сеялкалары, культиваторлар, окучниклер, насослар ҳәм т. б. ибарат 22 мын данадан асламырақ қурал-сайманлар алып келинди. Сондай-ақ, ирригациялық жумысларға 4 қуўатлы экскаватор жеткерип берилди. „Красный металлист" заводы экскаваторлар ушын бир неше мотор. ал Сталинград трактор заводы 16 трактор моторын жиберди. Харьков трактор заводының рабочийлары 20 землесос, 2 экскаватор ҳәм басқа да көплеген машиналар жиберди. Қарақалпақстанға слесарьлық үскенелер, станоклар, инструментлер, шеге ҳәм басқа материаллар жиберилди.

ВКП(б) Орайлық Комитетиниң 1930-жыл 21-майдағы „25 мыңшылардың буннан былайғы жумыслары" ҳаққындағы қарары келген рабочийларды нәтийжели пайдаланыўда үлкен роль ойнады. Партияның жолламасы менен Қарақалпақстанға келген рабочийлар коллективлестириўге тиккелей қатнасты, мийнет тәртибин жөнге салыўда, мийнетти шөлкемлестириўде ҳәм жергиликли миллетлерден кадрлар таярлаўда үлкен жәрдем көрсетти. Олар



www.ziyouz.com kutubxonasi

колхозлар менен совхозлардын өндирислик-финанс планларын дүзиўге жәрдемлести, өндирис нормаларын белгилеўде, бригадаларды шөлкемлестириўде, агротехникалық илажларды ислеп шығыўда үлкен жәрдем көрсетти.

Қалалардың аўылларды қәўендерликке алыўы автономиялы областьтың өзинде де кең таралды. Қарақалпақстанның пахта тазалаў заводларының рабочийлары конкрет жәрдем көрсетиў есабында 1931-жылы 139 сеялка 186 плуг, 70 окучник, 193 культиватор, 3050 шығыр, 58 арба ҳәм басқаларды онлап-дүзетти. Рабочийлар дийханларға аўыл хожалық қурал-сайманларын ремонтлаў жолларын ҳәм трактор айдаўды үйретти, олардан ремонтшы механик кадрлар таярлады.

Партияның Қарақалпақстан обкомы 1931-жылғы егис мапазын өткериў ушын районлық активлерден 528 адамды ҳәм 4 мыннан аслам аўыллық активлерди мобилизациялады.

Автономиялы областьқа Қазақстан мийнеткешлери де ҳәр тәреплеме үлкен жәрдем көрсетти. Бес жыллықта Қазақстанда партия, совет органларында ислеген Ф. И. Голощекин, У. Жандосов, У. Исаев, У. Қулымбетов, Е. Ерназаров, И. Қурамысов ҳәм т. б Қарақалпақстанда миллет мәселесиндеги партияның сиясатын большевиклик турақлылық ҳәм жигерлилик пенен жүргизди, партия, совет, профсоюз шөлкемлериниң жумысларын жолға салыўға жәрдемлести.

Социалистлик қаланың, рабочий класстың аўылға жәрдеми күннен-күннен өсип, аўыллар социалистлик қайта қурыўлардың тезлениўинде, колхоз қурылысы жеңислерин беккемлеўде шешиўши роль ойнады. Соның менен бирге аўылда коллективлестириў процесине рус рабочийларының тиккелей қатнасыўы—рабочий класс пенен мийнеткеш дийханлардың аўқамын беккемлеў ушын жаңа тийкар дүзди.

Москва, Ленинград, Ташкент, Алма-Ата рабочийларының қарақалпақ аўылларындағы хызмети, колхозластырыў ҳәрекетинде миллий кадрлардың дүзилиўи, коммунистлик партияның қарақалпақ халқының экономикалық ҳәм мәдений тенсизлигин сапластырыўға бағдарланған сиясатының бир бөлеги болды.

Жипек те пахта сыяқлы бизиң Ўатанымыздың баслы байлықларының биринен есапланады. Биринши бес жыллықта совет мәмлекети пиллешиликти раўажландырыўға үлкен дыққат аўдарды, аўыллық жерлерде тут плантацияларын дүзиўге кирисилди. План бойынша тут ағашының барлық түрлери егилген жер майданын 12 000 гектарға жеткериў нәзерде тутылды. 1928-жылы Қарақалпақстанда улыўма майданы 62 гектар болған биринши мәмлекетлик тут питомниги қурылды. Онда жыл сайын 400 мыннан 1 миллионға дейин тухымнан көгерген нәлшелер жетистирилди. Пиллешиликти буннан былай раўажландырыў ҳәм наўқан құртының урығын өндирип шығаратуғын бир қатар станцияларды қайта тиклеў ушын мәмлекет 31 255 манат бөлип шығарды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көрилген илажлар арқасында 1929-жылы пилле таярлаў революцияға дейинги дәрежеден бир ярым есе көбейди.

Дийхан хожалықларын массалық коллективлестириў жылларында пиллешилик тағы да раўажланды Бир қуты наўқан куртынан алынатуғын пиллениң өнимлилиги 12,6 *кг* болды. Бес жыллықта наўқан қуртын сатыўдың муғдары үш есе өсти, ал пилле таярлаў төрт есе өсти.

Биринши бес жыллықта пиллешиликтеги табыслар тийкарынан сан жағынан өсиўдиң есабынан ерисилди. Бес жыллықтың басындағы өним менен салыстырғанда пиллениң өнимдарлығы шама менен бир ярым есе көбейген болса да сапа көрсеткиши жағынан еле артта еди.

Қарақалпақстан областында пахташылықтың раўажланыўы менен тығыз байланыслы жоңышқашылық та раўажланды. Шымбай сорты деп аталатуғын қарақалпақ жоңышқасы СССР дағы ең жоқары сапалы жоңышқа болып есапланды.

Бириишн бес жыллықта жоңышқаның егислик майданы үзликсиз өсти. Егер 1929-жылы 11,3 мың гектарға жоңышқа егилген болса, 1932-жылы жоңышқаның егислик майданы 1 ,5 мың гектарға жетип, бул қарақалпақ жоңышқа тухымына пүткилсоюзлық базардағы талаптың күшейиўине ҳәм пахта-жоңышқа алмаслап егиўи усылының енгизилиўине байланыслы болды.

Бул дәўирде үлкен ирригациялық қурылыслар жүргизилди. Қарақалпақстан социалистлик аўыл хожалығы ушын пайдаланыўға мүмкин болған кең жер көлемине ийе еди. Бирақ. 1929-жылға дейин жаңа магистрал каналлар қурыў ҳәм ескилерин кеңейтиў бойынша жумыслар пүткиллей дерлик жүргизилмеди.

Биринши бес жыллықта ирригациялық қурылыслар ушын мәмлекетлик бюджеттен әдеўир муғдарда қаржы бөлип шығарылды. 1929-жылы 746-мың манат, ал 1932-жылы 5 644 мың манат ажыратылды.

Жаңа магистрал каналларының қурылыўы, насос станцияларының салыныўы Қарақалпақстанның егислик жер майданын көбейтип, ол 1928-жылы 89,4 мың гектар болса, 1932-жылы 119 мың гектарға жетти.

Аўыл хожалығын техникалық жақтан қайта қураллandырыўды тәмийинлейтуғын социалистлик индустрия аўылдағы социалистлик қайта қурыўдың материаллық негизин дүзди.

Аўылларда тракторлар, тиркеў үскенелери сыяқлы жаңа өндирис қуралларының пайда болыўы оларды аўыл хожалығында қолланыўдың жаңа шөлкемлестириў формаларын талап етти. Бундай форма машина-трактор станциялары болды. 1930-жылы Қарақалпақстанға 30 трактор алып келинип, бул Қарақалпақстан аўыл хожалығын механизацияластырыўға баслама салды.

Шаббаз ҳәм Халқабад машина-трактор станциялары (МТС) шөлкемлестирилди Союзлық ҳүкиметтиң қуўатлаўы арқасында дүзилген усы дәслепки трактор паркларының күши менен 1931-



www.ziyouz.com kutubxonasi

жылғы бәҳәрги егис мапазында пахта егиў ушын 8855 *га* жер сүрилди, 934 *га* жерге мала басылды 5246 *га* жер тырмаланды.

1932-жылы автономиялы областьта 5 машина-трактор станциясы ислеп, оларда 209 трактор болды. МТС лар Қарақалпақстанда тутас коллективлестириўдиң тирек базасы ҳәм аўыл хожалығын реконструкциялаўдың ең әҳмийетли қуралы, пахта бойынша сырт еллерден ғәрезлиликти сапластырыў ушын гүресгин қуўатлы базасы болды. Машина-трактор станциялары Қарақалпақстан колхозларына шөлкемлестириў ҳәм техникалық жақтан жәрдем көрсетти, феодал-бай элементлерди колхозлардан қысып шығарыўда, колхозшылардың мийнет өнимлилигин арттырыўда үлкен роль ойнады. Олар хожалықты планлы жүргизиўдиң, колхозлардағы мийнет тәртибин жолға салыўдың шөлкемлестириўшилери болды. Мәмлекет қолындағы МТС лар колхоз қурылысын раўажландырыў ҳәм беккемлеў, көп миллионлаған дийханларды коллективизм рухында қайта тәрбиялаў ушын ең әҳмийетли қурал болып хызмет етти.

Партия-совет шөлкемлери басшылығында Қарақалпақстан мийнеткешлери өзиниң әҳмийети бойынша автономиялы областьтың халық хожалығында пахташылықтан кейинги екинши орынды ийелеген мал шарўашылықты көтериў ушын барлық илажларды әмелге асырды.

Мал шарўашылығы тийкарынан байлар менен руханыйлардың қолына топланған еди, олар көшпели-шарўаларды аяўсыз эксплуатациялады. Октябрь революциясы ўақтына Қарақалпақстандағы хожалықлардың 57% ииниң сыйыры болмады ҳәм 15% ииниң ҳеш қандай малы да болмады

Дара хожалықлар секторындағы маллардың бас санының әдеўир бөлеги бай-кулак қатламларының қолына топланды Барлық хожалықлардың шама менен 5% ин қурайтуғын бай-кулак хожалықлары областьтағы барлық маллардың бас санының 26,8% ин, ал шарўашылық районларында маллардың улыўма бас санының 30—35% ин ийеледи.

1929—1931-жыллардың ишинде дийхан хожалықларындағы маллардың бас санының кескин төменлегенин атап өтиў керек. Бул коллективлестириўдиң барысындағы қәтеликлер менен аса кетиўшиликлердиң нәтийжесинде келип шыққан жағдай еди. Байлар менен руханыйлар малларды жыртқышларша сойып заялады, орташаларды өз малларын алып Қарақалпақстаннан сыртқа көшип кетиўге үгитлеўинин нәтийжесинде 1930-жылдан баслап тек Тамды районының өзинен шарўа хожалықларының 48% и көшип кетти.

ВКП(б) Орайлық Комитети менен СССР Халық Комиссарлар Советиниң 1931 жыл 30-июльдағы „Социалистлик мал шарўашылығын ең жайдырыў" ҳаққындағы қарары мал шарўашылығын раўажландырыўда үлкен роль ойнады. Бул тарийхый документ Қарақалпақстан партия шөлкеми ушын колхоз мал шарўашылы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғын бунпан бы̄тай 5еккемлеў исинде ҳәрекет етиў программасы болды.

1930-жылы Қарақалпақстан территориясында қой өсиретуғын ең биринши қаракөлшилик совхозы шөлкемлестирилди. 1931-жылы Қарақалпақстан бойынша 120400 қаракөл қойлары болып, олардың 16827 басы мал шарўашылығы колхозларында ҳәм 8000 басы қой өсириў совхозларында жәмийетлестирилди. Мал шарўашылығының социалистлик секторында барлығы болып 24827 қаракөл қойлары, яғный қойлардың улыўма бас санының 20% и болды.

Сонын менен бирге область бойынша маллардың басқа түрлериниң де жәмийетлестирилиў процеси болды. 1932-жылы Қарақалпақстан автономиялы областы бойынша 6020 хожалықты бирлестирген 72 мал шарўашылығы колхозы дүзилип, оларда 16 қой өсириў товарлы фермасы ҳәм 16 жылқы өсириў фермасы болды. Малшарўашылық колхозлары менен совхозларындағы жәмийетлик маллардың барлық саны 34264 бас болды.

Шарўалардың арасында өткерилген массалық-түсиндириў жумысларының, совет мәмлекетиниң ири хожалық жәрдеминиң ҳәм мал шарўашылығы колхозлары менен совхозларындағы жумыслардың үлгили мысалларының нәтийжесинде гедейлердиң ҳәм орташа шарўалардың колхозларға массалық кириўи басланды. 1932-жылы барлық маллардың бас санының 55,8% и социалистлик секторда болды.

Аўыл хожалығын тутас коллективлестириўди ен жайдырыў менен бирге көшпели ҳәм ярым көшпели хожалықларды отырықшылыққа өткериў бойынша илажлар жүргизилди.

1931-жылы областьта 11 мың көшпели ҳәм ярым көшпели хожалық болды. Усы жылы ВКП(б) Орайлық Комитети Орта Азия бюросының ҳәм партияның Қарақалпақстан обкомы секретариатының қарары менен 517 хожалық отырықшылыққа өткерилди. соның 270 хожалығы 609 *га* жер майданы менен коллективлестириўге тартылды.

1932-жылдын планында көшпели ҳәм ярым көшпели хожалықларды дийханшылық районларына көширип қоныслапдырыў белгиленди. Усы мақсетке мәмлекет 88,9 мың манат ажыратты.

Биринши бес жыллықта колхоз қурылысы елимиз бойынша соның ишинде Қарақалпақстанда колхозлар санының көбейиўи ҳәм колхозлардың барған сайын жана районларды өз ишине қамтыў бағдары бойынша өсти. Бул көпшилик колхозлардың шөлкемлестириўшилик ҳәм техникалық жақтан кем қуўатлы болыўына алып келди, ал колхозшылардың мийнет ҳақылары төмен болды.

1931-жылы 20-июньде партияның Қарақалпақстан обкомының бюросы ҳәр бир район колхозларының жумысларына басшылық етиўдиң жаңа формаларын ислеп шықты. Хожалық түрин есапқа алыў менен территориялық секторлар дүзилди Аўыл хожалық өндирисиндеги колхозшылардың мийнетине ҳақы төлеўдиң со-



www.ziyouz.com kutubxonasi

циализм принциплерине туўра келмейтуғын ески усыллары ҳәм формалары сапластырылды Колхоз доходын бөлистириўдин теңлестириўшилик формаларының сапластырылыўы ҳәм оның доходты жаңа, мийнет күни бойынша бөлистириў формасы менен алмастырылыўы колхозшылардың жәмийетлик ҳәм жекке мәплеринин дурыс үйлестирилиўин тәмийинледи.

Партия менен ҳүкимет, социалистлик өзгерислердин мәниси мийнеттин муғдары менен өнимнин бөлистирилиўин есапқа алыў ҳәм бақлаўдан ибарат, деген В. И. Лениннин көрсетпелерине тийкарланып, мийнеттин муғдары менен сапасын есапқа алыўдың бирден-бир дурыс ҳәм барлық колхозлар ушын улыўма бирдей өлшеў бирлигин белгиледи ҳәм колхозлардын доходларын мийнет күнге қарап бөлистириўдиң тийкарғы принциплерин енгизди.

Усының нәтийжесинде 1931-жылы 447 колхоз доходты бөлистириўдиң жаңа формасына өтти. 1322 турақлы колхоз бригадалары дүзилди. Жаңа прогрессив усыл тийкарында, Қарақалпақстанда 253 колхоз өз хожалықларында мийнетке ислегенине қарай ҳақы төлеўди енгизди. 358 колхоз өндирислик планлар дүзди, 375 өндирислик кеңеслер шөлкемлестирилди, усы кеңеслерге 8240 адам қатнасты. Мийнетке ислегенине қарай ҳақы төлеў тәртибиниң енгизилиўи менен мийнет өнимлилиги ҳәм жумыс ислеўге қызығыўшылық әдеўир артты.

Қарақалпақстанда колхоз өндирисин социалистлик негизде қайта қурыў ҳәм беккемлеўдин барысында 1246 кулак-бай элементлер колхозлардан қуўып шығарылып, бул көпшилик колхозлардың шөлкемлесиўшилик жағынан беккемлениўине ҳәм олардың мәмлекетлик тапсырмаларды табыслы орынлаўына ҳәм арттырып орынлаўына имканият туўғызды.

Қарақалпақстан колхозларында социалистлик жарыстың ең жайдырылыўы колхозларды шөлкемлесиў-хожалық жағынан беккемлеўде, аўыл хожалығында мийнет өнимлилигин көтериўде үлкен роль ойнады. Бирақ, биринши бес жыллықта социалистлик жарыс, ылғаллылық ҳәрекети аўыл хожалығына еле босаң енгизилди. 1932-жылдың 1-январына барлығы болып 800 ылғаллы, 1500 жарысыўшыны өз ишине алған 48 ылғаллы бригада ғана болды.

Бәҳәрги егис дәўиринде, 147 колхоз, 25 өндирислик сериклик ҳәм 4 район социалистлик жарысқа тартылды. Колхозлардағы социалистлик жарыстың баслаўшылары коммунистлер менен комсомолецлер болды. Область колхозларының активлери — Қарақалпақстандағы колхоз қурылысының баслаўшылары ҳәм шөлкемлестириўшилери әмелий жумысларда, қыйыншылықларға қарсы гүресте тәрбияланып шықты. Олардың арасында Шаббаз районынан А. Тайыров, К. Искендеров, Ю. Төреев, Төрткүл районынан Е. Сейтназаров, А. Розымбетов, Шымбаз районынан А. Бекмуратов, С. Дәўлетияров, Кегейли районынан Т. Султанов, Ж. Юсупов, Қоңырат районынан Д. Қылышов ҳәм тағы басқалардың атларын атап көрсетиўге болады. Бурынғы батраклар пахташы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лық бригадаларын басқарды, өз жерлеринин хожайынлары болды. Олар ҳәр қыйлы курслар менен семинарларда ири коллективлик хожалықларды басқарыў илимин үйренди. Биринши бес жыллықта олар колхозлардын басқарма председателлери дәрежесине дейин өсип жетисип, узақ жыллар даўамында өндиристин мәдениятын көтерди.

Қарақалпақстан партия шөлкеми аўыллардын партия-совет активлерин, сондай-ақ дийханлардын кең массасын агрономиялық жақтан оқытыўды жолға салыў бойынша белгили жумыслар жүргизди. Агротехникалық саўатсызлықты сапластырыў аўыл хожалығын социалистлик реконструкциялаўдың әҳмийетли шәрти болды. 1931-жылы 72 агротехникалық сапарға шығыў (агротехпоход) шөлкемлестирилип, оған 7660 тыңлаўшы тартылды, олардын ишинде 1998 гедей, 747 орташа, 4939 колхозшы, соның ишинде 1003 ҳаял-қыз болды.

1931-жылы область аўыл хожалығында 20 агроном, 7 зоотехник ҳәм 12 агротехник, ал 1932-жылы 64 агроном ҳәм 46 агротехник жумыс иследи.

Биринши бес жыллықта Қарақалпақстандағы аўыл хожалық кадрлары тек Төрткүл аўыл хожалығы техникумында таярланып, онда орта мағлыўматлы маманлық берилди, усы техникумды 1931-жылы 21-адам питкерди. Олардың ишинде П. Сейтов, Х. Қалмуратов, И. Арзекеев, Донцов, Маевский ҳәм т. б. болды.

1930-жылы 100 тракторшы, 100 мурап, 65 пиллекеш ҳәм 210 агрономиялық ўәкил таярланды, 1932-жылы Жер ислери халық комиссариаты тәрепинен 1490 аўыл хожалығы кадры таярланды.

Коммунистлик партияның бас жолын иске асырыў нәтийжесинде Қарақалпақстанның колхоз қурылысында әдеўир табысларға ерисилди. Биринши бес жыллықта Қарақалпақстанның аўыл хожалығы 276 трактор, 8 мың плуг, 4 мың тырма, сеялкалар, культиватор ҳәм т. б. техника алды.

1932-жылдың ақырында областьта 597 колхоз, соның ишинде 471 аўыл хожалық артели, 126 жерди бирге ислеў шериклиги (ТОЗ) болды 31319 хожалық ямаса республикадағы барлық хожалықлардың 53% и коллективлестирилди.

Бес жыллықтың ақырында егиншилик колхозларының егислик жер майданы 66 909 *га* болды, ямаса Қарақалпақстанның барлық егислик жер майданының 57,7% ин қурады. Колхозлардың пахта атызлары 36 173 *га* жерди, ямаса барлық пахта егилген жер майданның 64 5% ин ийеледи. Колхозларда пахташылықтың тутқан орны 54%, ал ол дара хожалықларда 40% болды.

Аўыл хожалығын реконструкциялаўдың ҳәм минерал төгинлерди пайдаланыўдың нәтийжесинде пахтаның зүрәәтлилиги әдеўир өсти. Егер, 1928-жылы колхозшылар гектарынан орташа 5,4 центнерден пахта зүрәәтин жетистирип, мәмлекетке 15 мың *т* пахта тапсырған болса, 1933-жылы гектарынан орташа 7,5 центнерден зүрәәт алынып, мәмлекетке 29301 *т* пахта тапсырды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Пахташылықтың көтерилиуи ҳәм раўажланыўы менен бирге жоңышқашылық пенен шарўашылық та раўажланды.

Дийхан хожалықларынын тийкарғы массасы 1932-жылы-ақ колхозларға кирип болды. Колхоз қурылысының жеңиси дийханлардың өзлериниң түп-тамырынан өзгериўине себепши болды. Колхозшылар совет властының аўыллардағы беккем тирегине айланды.

Қарақалпақстан аўылларында социализм фундаментинин дүзилиўи, қарақалпақ халқының социалистлик кооперативлестириў арқалы раўажланыўдын капиталистлик басқышын өтпестен-ақ, биротала социализмге қарап алға барыўының беккем гиреўи болды.

## 3. ЖӘМИЙЕТЛИК-СИЯСИЙ ТУРМЫС

Елимиздиң, соның ишинде Қарақалпақстаннын мийнеткешлери социализм қурыўдың ленинлик планын әмелге асырыў ушын гүресип, коммунистлик партиянын басшылығында биринши бес жыллықта социалистлик қурылыста әдеўир табысларға еристи.

Қарақалпақстан партия шөлкеми ВКП(б) Орайлық Комитетинин ҳәм онын Орта Азия бюросынын жәрдемине сүйенип, 1929—1932-жыллары ақ, қарақалпақ халқының көп әсирлерге созылған артта қалыўшылығын сапластырыў бойынша бир қатар илажларды иске асырды, социализмниң барлық фронт бойынша топылысқа өтиўине жағдай таярлады.

1929-жылы 19-январьда Қарақалпақстан областьлық IV партия конференциясы ашылып, онда: 1) Қарақалпақстан Областьлық партия комитетинин есабы; 2) ВКП(б) Орайлық Комитети ноябрь Пленумының жуўмақлары ҳаққындағы мәселелер қаралды. Партиянын областьлық IV конференциясы ҳәм ВКП(б) Төрткүл шөлкеминин улыўма қалалық жыйналысы Пленумның қарарларын толығы ҳәм тутасы менен мақуллады. Областьлық конференцияның материалларында партия ағзаларының саны 1928-жылдың октябринен баслап 39,3% өскенлиги атап көрсетилди. Партия шөлкемлеринин социаллық составы (рабочийлар менен батраклар группасы 7,4% тен 36,1% ке дейин, дийханлар группасы 41,9% тен 42,6 ке дейин өсти) әдеўир жақсыланды. Хаял-қызлардын салыстырма салмағы 4,7% тен 7,6% ке дейин өсти.

1929-жылы Қарақалпақстан партия шөлкеми қатарларында тазалаў өткерилип, ол область партия шөлкемин тағы да беккемледи ҳәм идеялық жақтан шынықтырды.

Областьлық партия шөлкеми қатарларын тазалаў ҳәм буннан былай беккемлеўде ВКП(б) XVI съезди үлкен роль ойнады. Партия XVI съездиниң қарарларын әмелге асырыў партия шөлкемлеринен шөлкемлестириў ҳәм сиясий жумыслардың дәрежесин тағы да арттырыўды талап етти.

Усыған байланыслы социалистлик қурылысқа партия тәрепинен әмелий басшылықтың жаңа форма ҳәм усыллары, партия органларының барлық тараўларын массаға, өндириске жақынлас-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тырыў зәрүр болды. Усындай мақсет пенен барлық санаат кәрханаларында, колхозларда, совхозларда партия комитетлери, цех ячейкалары ҳәм бригадаларда партия группалары шөлкемлестирилди. Балықшылық санаатын раўажландырыўдың оғада әҳмийетлилигин есапқа алып, партияның Қарақалпақстан областьлық комитети 1930-жылы 28-декабрьде Мойнақ пенен Майпос, Үрге менен Тикөзек кәрхана ячейкалары ҳәм Қазақдәрья менен Үшсай кандидатлық группалары составында теңиз жағалаўы районлық партия шөлкемин дүзиўге қарар етти. Усы төрт ячейкада ҳәм еки кандидатлық группада 108 коммунист болды. Колхозлардағы партия ячейкалары бурын территориялық белгиси бойынша дүзилген еди. „Колхозлардағы ВКП(б) ячейкалары ҳаққындағы реже" тийкарында тутасы менен коллективлескен ҳәм 50% тен кем болмаған хожалықлары коллективлескен районларда колхоз басланғыш партия шөлкемлери дүзилди.

1930-жылы 18-майда Қарақклпақстан облаcтьлық V партия конференциясы ашылып, ол Қарақалпақстан партия шөлкемлериниң „аўыллық Советлерди турақлы ҳәм исшен коммунистлер, комсомолецлер менен беккемлеў, Советлердиң ҳәм оның секцияларының жумысларын барынша жанландырыў, Советлердиң дөгерегине ҳәм олардың өзинде батрак-гедейлер ядросын дүзиў, рабочий класс пенен орташалардың аўқамын беккемлеў" мақсетиндеги буннан былайғы ўазыйпаларын белгиледи. Конференция қарарларында, орташалар менен ауқамда болып тек батраклар менен гедейлерге сүйениў ғана, баспашылар және байларға ҳәм қулакларға қарсы гүресте, оларды ақырына дейин қыйратыў исинде Советлердин тез ҳәм шешиўши табысларға ерисиўин тәмийинлейди, деп атап көрсетилди.

Партияның Қарақалпақстан обкомы аўыл коммунистлерин сиясий тәрбиялаўға ҳәм идеялық шыныктырыўға үлкен дыққат аўдарды. Усы мақсетте сиясий оқыўлардың ҳәр қыйлы формалары пайдаланылды, массалық сиясий әдебиятлар басып шығарылды, аўыл коммунистлериниң китапханалары дүзилди. 1928—1932-жыллары ВКП(б) Уставы, „Аўыллық партия ячейкаларының режеси" „Партияның аўылдағы ўазыйпалары ҳаққында", „Пүткил Қазақстан VI ҳәм областьлық III партия конференцияларының материаллары бир қатар комментариялары менен" ҳәм т. б. қарақалпақ тилинде баспадан шығарылды.

1930—1931-жыллары 36 партиялық оқыў орны жумыс иследи, соның ишинде 2 кешки совет партия мектеби, 15 басланғыш партия мектеби, 19 кружок болды. Оларда 1556 тынлаўшы, соның ишинде 288 ҳаял-қыз, 624 коммунист, 399 комсомолец оқыды.

Қарақалпақстан партия шөлкемлери қатарларының беккемлениўи, жаңа кадрлардың басшы жумысларға көтерилиўи, аўылдағы партия жумысларының жақсыланыўы Қарақалпақстан партия шөлкеминиң жаўынгерлик уқыбының артыўына ҳәм оның әтирапына автономиялы область мийнеткешлериниң буннан былай да жәмлесиўине әдеўир мүмкиншилик туўғызды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Партияның ленинлик Орайлық Комитетиниң басшылығында миллий республикаларда, соның ишинде Қарақалпақстанда, мийнеткешлерди социалистлик қурылыс жолындағы гүреске баслап барыўға уқыплы коммунистлик шөлкемлер өсип шықты. Қарақалпақстан партия шөлкеми, идеялық-шөлкемлестириўшилик жағынан беккемленди ҳәм буннан былай да раўажланды.

ВКП(б) Орайлық Комитети Орта Азия бюросының „Қарақалпақстан партия шөлкеминиң жумысы ҳаққында"ғы қарарында партияның ленинлик миллет сиясатын ҳәм бас жолын ис жүзине асырыў тийкарында Қарақалпақстан партия шөлкеми жер реформасын питкериўге, феодаллық ҳәм ярым феодаллық хожалықларды сапластырыўға, ирригациялық жумыслар бойынша мийнет миннетлилигиниң хан тәртибин сапластырыўға ҳәм қарақалпақ халқының материаллық-мәдений абаданлығының әдеўир өсиўине еристи", деп айрықша атап көрсетилди.

ВКП(б) XVI съезди қарарларының негизинде Қарақалпақстан партия шөлкеми алдында совет мәмлекетлик-хожалық аппаратын беккемлеў, советлердиң жумысларын социалистлик реконструкциялаўдың ўазыйпаларына сәйкес қайта қурыўды питкериў, мәмлекетлик аппараттын мийнеткешлер массасының кең қатламлары менен байланысларын күшейтиў бойынша ҳәм т. б. кешиктириўге болмайтуғын ўазыйпалар турды.

1929-жылы 18-февральдан 6 мартқа шекем Төрткүл қаласында Қарақалпақстан автономиялы областы Советлериниң III съезди болып, ол Атқарыў комитет ағзаларын сайлады. Съезде Пүткил Қазақстан Советлериниң VII съездине делегатлар сайланды. Делегатлардың ишинде Е. Берденов, Е. Далиев, А. Адакаев, К. Нурмухамедов, Қ. Әўезов, П. Варламов ҳәм т. б. болды. Пүткил союзлық Советлердиң V съездине К. Нурмахамедов, Қ. Әўезов, Е. Далиевлер сайланды.

Советлердиң соңғы сайлаўлары ҳәм қайта сайлаўлар пролетар демократизминиң буннан былай раўажланыўында, мийнеткешлерди мәмлекетти басқарыўға тартыўда үлкен роль ойнады.

Социализмниң қала менен аўылдағы капиталистлик элементлерге қарсы ен жайдырылған атланысы жағдайында болып өткен 1931-жылғы қайта сайлаўлардың нәтийжесинде Советлердиң социаллық составы әдеўир жақсыланды.

Қарақалпақстан мийнеткешлериниң сиясий активлигиниң ҳәм саналылығының үлкен өсиўшилиги барлық жерде байқалды.

Қарақалпақстан партия шөлкеми профсоюз шөлкемлери жумысының жақсыланыўына үлкен дыққат аўдарды. Төмендеги мағлыўматлар Қарақалпақстан профессионаллық союзларының өскенлигинен дәрек береди. Егер, 1929-жылы 5061 профсоюз ағзасы болса, 1932-жылдың 1-январына олардың саны 14268 адамға жетти.

Қарақалпақстан профсоюзларының 1932-жыл январьда болған III съезди профессионаллық шөлкемлердиң бириншi бес жыллық ўазыйпаларын орынлаўға актив қатнасқанлығын атап көрсетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Батраклардың совхозлардың ҳәм қурылыс орынларының рабочийларын және азлы-кем саўда-кооператив шөлкемлериниң хызметкерлерин профсоюзларға тартыў исинде де бир қатар табысларға ерисилди.

Партия шөлкемлериниң басшылығында Қарақалпақстан профсоюзлары кең массаны социалистлик өндиристи шөлкемлестириўге, аўыл хожалығын коллективлестириўге мобилизациялады, рабочий класс пенен дийханлардың аўқамын беккемлеў ҳәм раўажландырыў ушын ҳәрекет етти.

Қарақалпақстан комсомол шөлкеми социалистлик қурылысқа актив қатнасты. Жас өспиримлер менен қызлар комсомол қатарларына жыл сайын көплеп кире баслады. Егер 1930-жылы областьлық комсомол шөлкеминде 5380 адам болған болса, 1931-жылы олардың саны 6818 адамға жетти, олардың ишинде 111 рабочий, 2102 батрак, 3582 гедей, 524 орташа, 41 өнермент, 426 т. б. қатламлардың ўәкиллери болды.

Комсомол шөлкемлериниң ҳәм комсомол активиниң өсиўи менен бирге комсомолдың хожалық-сиясий ўазыйпаларды шешиўдеги әмелий хызметлери де әдеўир жанланды. Комсомол гедей дийханлар менен батраклардың мәплерин қорғаўда бай-қулак элементлерге актив қарсы шықты.

Биринши бес жыллықта ҳаял-қызлардың сиясий инициативалылығы өлшеўсиз дәрежеде өсти.

1928—1929-жыллары 1118 ҳаял-қыз делегатлық жыйналыслардың жумысларына қатнасты, 14 ҳаял-қыз партия қатарларына кирди, 42 ҳаял-қыз комсомол қатарына өтти. 14 ҳаял-қыз „Қосшы" союзына кирди.

Қарақалпақ, өзбек, түркмен, қазақ ҳаял-қызларын азат етиў ислеринде партия шөлкемлериниң үлкен қыйыншылықларды жеңиўине туўра келди. Әсиресе, ҳаял-қызларға феодал-байларша қатнас жасаўға ҳәм актив ҳаял-қызларға қарсы террорлық ҳәрекетлерге қарсы шешиўши гүрес жүргизиўге туўра келди

Қарақалпақстан мийнеткешлери Коммунистлик партияның басшылығында, рус рабочий класының, елимиздеги барлық халықлардың туўысқанлық жәрдеми менен биринши бес жыллықта социализмниң материаллық-техникалық базасын қурыўда үлкен табысларға еристи.

Солай етип, биринши бес жыллық даўамында автономиялы область халық хожалығында түпкиликли социаллық-экономикалық алға илгерилеўлер орын алды: хожалықтың барлық тараўларында социалистлик меншик үстемлик орынға ийе болды. Усыған байланыслы Қарақалпақстан Автономиялы областының Қарақалпақстан Автономиялы Совет Социалистлик Республикасы болып қайта дүзилиўи ушын зәрүрли жағдайлар пайда болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## *VII бап*

## ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АССРынын ДҮЗИЛИЎИ

Қарақалпақстанда социалистлик қурылыстың пәтлерин тезлетиў мақсетинде, сондай-ақ партиянын Қазақстан Крайкомы қуўатлаған Қарақалпақстан Автономиялы областының партия ҳәм совет органларынын тилеклерин есапқа алып, 1930-жыл 20-июльде Пүткил союзлық Орайлық Атқарыў Комитетиниң Президиумы Қарақалпақстан Автономиялы областынын Қазақстан АССРы составынан шығыўы ҳәм онын РСФСР орайлық органларының тиккелей басқарыўына өтиўи ҳаққында қарар қабыл етти. Бул илажлы Қазақстан Орайлық Атқарыў Комитетинин 1930-жылы октябрьдеги III сессиясы бир аўыздан мақуллады, ал усы жылы декабрьде Пүткил союзлық Орайлық Атқарыў Комитетинин он төртинши шақырық III сессиясы Пүткил союзлық Орайлық Атқарыў Комитети Президиумының 1930-жыл 20-июльдеги қарарын тастыйықлады.

РСФСР ҳүкимети Қарақалпақстан автономиялы областына үзликсиз ҳәм қалыс туўысқанлық жәрдем көрсетти.

1931-жылы 1-августта РСФСР Халық Комиссарлар Совети Қарақалпақстан Автономиялы областы Атқарыў Комитетинин областьтағы хожалық ҳәм мәдений қурылыслар ҳаққындағы доклады бойынша қарар қабыл етти. РСФСР Халық Комиссарлар Совети областьтын экономиканы ҳәм мәдениятты раўажландырыўдағы бир қатар жетискенликлери менен бирге айырым кемшиликлерин де көрсетти, олардың ең баслысы хожалық ҳәм мәдений қурылысты раўажландырыў пәтлеринин РСФСР дағы басқа автономиялы республикалардың раўажланыў пәтлеринен артта қалыўы болды

Аўыл хожалығынын техникалық базасы ҳәлсиз еди, ирригациялық система жеткиликсиз раўажланды, колхоз ҳәм совхоз өндириси еле тийисли түрде жөнге салынбаған еди, транспорттың халық хожалығының мүтәжликлеринен әдеўир артта болыўы, кадрлардың жетиспеўшилиги кескин сезилди.

Областьлық ҳәм районлық органлар турмыстын барлық тәреплерин қамтый алмады.

РСФСР Халық Комиссарлар Совети СССР Халық хожалығынын жалпы системасында Қарақалпақстанның техникалық егин-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лерди (пахта, жоңышқа) өсириў, қаракөлшиликти раўажландырыў ҳәм балық жетистириў бойынша әҳмийетли районлардын бири ретиндеги тутқан орнын атап көрсетип, суўғарылатуғын жерлердиң майданын 120 мың гектарға жеткериў мақсетинде Шымбай ирригациялық системасын кеңейтиў бойынша изертлеў жумысларын жүргизиўге; Қарақалпақстан аўыл хожалығын энергетикалық базаға өткериўге; пахта тазалаў заводын салыў, салы совхозын дүзиўге; трактор паркинин қуўатын 4 мың ат күшине дейин жеткериўге және 4 МТС шөлкемлестириўге қарар етти. Пахта егилетуғын жер майданын 35 мың гектарға жеткериў ҳәм жаңа жерлерди өзлестириў мақсетинде 10.0 ға жақын гедей және орташа хожалықларды отырықшылыққа көшириў ўазыйпалары алға қойылды.

Қарақалпақстанды кадрлар менен тәмийинлеў мәселесине айрықша дыққат аўдарылды. „ҚҚАО ның кадрлар менен оғада төмен тәмийинленгенлиги еске алынып, – деп көрсетилген қарарда,—РСФСР халық комиссариатлары ҳәм хожалық бирлеспелери Қарақалпақстанға тезирек керек муғдарда тийисли қанийгелиги бар хызметкерлер жибериў бойынша зәрүрли илажлар көриўге миннетленсин; 1932-жылы Қарақалпақстан автономиялы областында ветеринариялық зоотехникум, мелиоративлик-ирригациялық техникум шөлкемлестириў ҳәм пахташылық техникумын кеңейтиў, Қарақалпақстан автономиялы областында балықшылық техникумын ашыў ушын илажлар көриў, 1932-жылы ФЗО мектеплерин ашыў РСФСР Жер ислери халық комиссариатына тапсырылсын; Қарақалпақстан автономиялы областын билимлендириў хызметкерлери менен тәмийинлеў ҳәм Қарақалпақстан автономиялы областында педагогикалық институт ашыў ҳаққындағы мәселени ислеп шығыў РСФСР Билимлендириў Халық Комиссариатына тапсырылсын".

Оннан кейин қарарда әдебиятларды қарақалпақ тилинде басып шығарыўды көбейтиўдиң зәрүрлиги көрсетилди. Усы мақсет пенен РСФСР Пүткил Россиялық Халық хожалығы советине Төрткүлдеги баспахананы үскенелер менен тәмийинлеў ҳәм кеңейтиў бойынша илажлар көриў менен бирге жаңа баспахана қурыўды тезлетиў тапсырылды.

РСФСР Билимлендириў Халық Комиссариатына ҳәм ҚҚАО атқарыў комитетине 1932-жылдын ақырында халықтын арасындағы саўатсызлардың 50% ин саўатсызлықты сапластырыў мектеплерине тартыўды тәмийинлеў тапсырылды.

РСФСР ҳүкимети Қарақалпақстанды зәрүрли кадрлар менен тәмийинлеў ҳаққында үлкен ғамхорлық көрсетип, Қарақалпақстанға командировкаға қанийгелер жибериў ушын 20 мың манат қаржы ажыратты.

СССР Халық Комиссарлар Советиниң ҳәм Орайлық Атқарыў Комитетинин 1932-жыл 11-январьдағы қарары менен ҚҚАО ның ўәкили Орта Азия экономикалық кеңесине (Средаз ЭКОСОға)



www.ziyouz.com kutubxonasi

ағзалыққа қабыл етилип, ол басқа республикалардын ўәкиллери менен тендей ҳуқуққа ийе болды.

ВКП(б) Орайлық Комитетинин ҳәм Союзлық ҳүкиметтиң ғамхорлығы менен жәрдеминиң және қарақалпақ халқының жигерли мийнетиниң арқасында хожалық ҳәм мәдений қурылыстың барлық тараўларында әдеўир табысларға ерисилди.

Совет қурылысында ири илгерилеўлер болды. Бунда партия менен ҳүкиметтиң советлер жумысын буннан былай да жақсылаўға бағдарланған қарарлары үлкен әҳмийетке ийе болды. Бул қарарларда совет органларын ғалаба коллективлестириў жағдайында өзинин әҳмийетин жойытқан орган ретинде сапластырып жибериўге умтылған айырым сапластырыўшылық кейиплерге қарсы, аўыл хожалығын социалистлик қайта қурыў исинде Советлердиң ролинин күшейип баратырғанлығы атап көрсетилди.

1930—1931-жыллары РСФСР да Советлерге сайлаўлар өткерилди. ВКП(б) Орайлық Комитети ҳәм Орайлық қадағалаў Комитетиниң бирликтеги пленумының (1930-жыл декабрь) „Советлерди қайта сайлаўлар ҳаққында"ғы қарарында барлық фронтлар бойынша социализмнин ен жайдырылған ҳүжимин иске асырыў дәўириндеги сайлаўлардың ўазыйпалары белгиленди.

„Оңшыл" ҳәм „солшыл" оппортунизмге қарсы беккем маўасасызлық пенен аяўсыз гүрес жүргизип, партияның бас бағдарын әмелге асырыўшылар ретинде советлердиң ролын арттырыў тийкарында ғана советлерди қайта қурыў мүмкин еди. Партияның ленинлик сиясатын әмелий иске асырыўда Советлердиң ролин жоқары көтериў-қайта сайлаўлар мапазынын тийкарғы сиясий ўазыйпасы мине усыннан ибарат болды.

Партия социализмниң барлық фронт бойынша еле де избеизлилик пенен, еле де шешиўши түрде ҳүжим жасаўының ҳәм елдиң қорғаныў күшин барынша беккемлеўдиң зәрүрлигин атап көрсетти.

Орайлық Комитет пенен Орайлық Қадағалаў комиссиясы пленумының қарарында Советлерди қайта сайлаўлар ўақтында „ленинлик миллий сиясатты әмелге асырыў, интернационаллық бирликти беккемлеў, СССР дағы барлық халықлардың пролетарлық тилеклеслиги ҳәм өз-ара бирге ислесиўи және олардың формасы бойынша миллетлик, мазмуны бойынша пролетарлық мәдениятын раўажландырыў ислерининг әмелге асырылыўын тексериў кең ен жайдырылыўы тийис"[1],—деп атап көрсетилди.

Кулакларды класс ретинде сапластырыў сиясатын иске асырыў, майда дийхан өндирисин коллективлик хожалыққа айландырып қайта қурыў аўылдын социалистлик раўажланыў жолына түсиўи ушын жаңа өндирислик база, ири хожалық базасын дүзди. Усы жаңа базада Советлер, тек қалаларда ғана емес, ал аўылларда да социализм жеңиси ушын гүресте барлық қолда бар

[1] КПСС резолюцияларда..., III бөлим, М., Госполитиздат, 1954, 89—93-бетлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

мүмкиншиликлерди толығы менен ашып көрсете алды. Қарақалпақстан қусаған артта қалған районлардың социалистлик раўажланыўы жолына түсиўин тезлетиў ушын алдын-ала жағдайлар оғада кен дәрежеде өсти. Усылардың барлығы Советлерди социалистлик қурылыстың түпкиликли ўазыйпаларына ылайықлы етип тезлик пенен қайта қурыўды талап етти.

ВКП(б) Қарақалпақстан обкомы Советлерге сайлаўларға таярлық процесинде областьлық партия шөлкеминиң барлық ағзаларына қарата хат жоллап, онда, Қарақалпақстанның социалистлик қайта қурыўдағы, эксплуататор элементлерге ҳүжим жасаўдағы табыслары ҳаққында айта келип, Советлердиң алдына жана ўазыйпалар қойылып, Советлер бес жыллық планды мүддетинен бурын орынлаўды шөлкемлестириўшилер болыўы, колхоз қурылысында дийханлар массасын басқарыўы, аўылларда мәдений қурылыстың жаўынгерлик штабы болыўы тийис, деп көрсетилди. Партияның областьлық комитети барлық партия, совет, комсомол, профсоюз ҳәм басқа да жәмийетлик шөлкемлер Советлерге қайта сайлаўларды мийнеткешлердиң кен массасын буннан былайда шөлкемлестириў ҳәм Коммунистлик партия дөгерегине тығызырақ жәмлестириў ушын пайдаланыўға ерисиўи тийис, деп атап көрсетти.

Советлерге қайта сайлаўлар Советлердиң составын түп-тамырынан жақсылаўы тийис болды.

Бунын ушын партияда жоқ рабочийлар менен колхозшыларды, сондай ақ гедей ҳәм орташа жекке дийханларды, әсиресе рабочий, дийхан ҳаял-қызларды ҳәм жасларды Советлерге тартыў исинде әҳмийетли илгерилеўлерге ерисиў зәрүр болды.

Қайта сайлаўлар, Советлердиң жумысын жақсылаў бойынша өткерилген илажларды беккемлеўи, Совет мәмлекети пролетар демократизминиң буннан былай раўажланыўында үлкен роль ойнаўы мәмлекетлик аппарат жумысы үстинен рабочийлар менен дийханлардың қадағалаўын беккемлеўи ҳәм бюрократизмге қарсы гүресті күшейтиўи тийис болды.

Партияның көрсетпелери 1930—1931-жыллары Советлерге қайта сайлаўларды табыслы өткериўде шешиўши роль ойнады.

Қарақалпақстан Советлерине сайлаўлар нәтийжесинде олардың социаллық составы әдеўир жақсыланды. Советлердиң составында рабочийлар менен батраклар 11%, дийханлар менен гедейлер 62%, орташалар 22% болды.

Советлердиң областьлық съездине қатнасыўшы 192 делегаттың 47 си рабочий, 98 и дийхан 40 ы хызметкер болды. Советлердиң областьлық съезди делегатларының составында 45 ҳаял-қыз, 122 партия ағзасы ҳәм партия ағзалығына кандидат, 12 комсомол ағзасы болды.

Областьлық атқарыў комитетиниң 63 ағзасының ишинде 25 рабочий, 23 дийхан, 11 хызметкер, 8 ҳаял қыз ҳәм 45 партия ағзасы менен партия ағзалығына кандидат, 2 комсомол ағзасы болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

РСФСР Советлериниң XV съездине Қарақалпақстан автономиялы областынан 3 адам сайланды ҳәм бир адам XV шақырық Пүткил Россиялық Орайлық Атқарыў Комитетиниң составына сайланды.

Қарақалпақстан жәмийетлик шөлкемлериниң жумыслары әдеўир жақсыланды, олардың абыройы өсти. 1931-жылы профсоюз шөлкемлериниң саны 132 ден 160 қа көбейди, ал олардың ағзаларының саны 10 мыңнан 15 мыңға көбейди. Қарақалпақстан профсоюзларының 1932-жылы январьда болған III съезди биринши бес жыллық план ўазыйпаларын орынлаўда профсоюз шөлкемлериниң актив қатнасқанлығын атап көрсетти

Қарақалпақстан партия шөлкеми областтағы социалистлик қурылыстың авангарды болды. 1932-жылы ВКП(б) Орайлық Комитетиниң Орта Азия бюросы Қарақалпақстан партия шөлкеми, Орта Азия республикаларына салыстырып қарағанда бир қатар қосымша қыйыншылықларды жеңе отырып, халық хожалығын көтериў ҳәм социалистлик қайта қурыўды әмелге асырыў бойынша әдеўир жумыслар иследи ҳәм өз қатарларының партияның бас большевиклик жолы дөгерегине жәмлесиўине еристи, деп атап көрсетти.

1932 жыл 1-апрельдеги мағлыўмат бойынша Қарақалпақстан партия шөлкеминде 3666 адам болып, олардан 1058 адам—рабочийлар, 1339 адам—дийханлар, 669 адам—хызметкерлер еди. ал 1932-жылдың ақырында партия шөлкеминде 4180 ағза болып, соның 40% ин қарақалпақлар қурады.

Бул цифрлар „партияның түпкиликли ўазыйпаларының бири, жергиликли халықтың пролетар ҳәм ярым пролетар элементлеринен миллий республикалар менен областьлардың жас коммунистлик шөлкемлерин тәрбиялап жетилдириў ҳәм раўажландырыў болып есапланады"[1],—деген партия көрсетпесиниң табыслы орынланғанлығынан дәрек береди.

Қарақалпақстан мийнеткешлери Коммунистлик партияның басшылығында, рус халқының туўысқанлық жәрдеми арқасында хожалық, мәдений ҳәм совет қурылысында үлкен табысларға еристи. Бул Қарақалпақстан автономиялы областының өскенлигиниң ҳәм беккемленгенлигиниң дәлийли болып, оның хожалыққа ҳәм мәдений қурылысқа басшылық етиў тараўындағы ҳуқуқларының кеңейиўине мүмкиншилик туўғызды.

Усыннан шыға отырып, 1932-жылы РСФСР ҳүкимети Қарақалпақстан автономиялы областын Қарақалпақстан Автономиялы Совет Социалистлик Республикасы етип қайта дүзиў ҳаққында қарар қабыл етти.

Қарақалпақстан автономиялы областын АССР етип қайта дүзиў ҳаққындағы мәселе жергиликли партия ҳәм совет органлары тәрепинен қозғалып, ортаға қойылды.

---

[1] КПСС резолюцияларда..., I бөлим, 761-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ВКП(б) Қарақалпақстан обкомының ҳәм областьлық атқарыў комитетиниң усы мәселе бойынша баянлама хатында: „Областьлық комитет хожалық ҳәм мәдений турмыстағы табысларға тийкарланып, ВКП(б) Орайлық Комитетиниң алдында Қарақалпақстан автономиялы областын РСФСР составына киретуғын Автономиялы Совет Социалистлик Республикасы етип қайта дүзиў ҳаққында өгиниш билдиреди. РСФСР составында республика етип қайта дүзиў халық хожалығын ҳәм мәдений қурылысты бир қанша тезлетилген пәт пенен түпкиликли реконструкциялаў исинде үлкен әҳмийетке ийе ўақыя болады ..“, – деп көрсетилди.

1932-жыл 5-мартта Қарақалпақстан автономиялы областының атқарыў комитети IV Пленумының гезексиз мәжилиси Қарақалпақстанның буннан былай раўажланыў келешегин есапқа алып, „Пүткил Союзлық Орайлық Атқарыў Комитети Президиумының алдында Қарақалпақстан Автономиялы Областын РСФСР ға киретуғын Автономиялы Совет Социалистлик Республикасы етип қайта дүзиў ҳаққында өтиниш етип, мәселе қойылсын“,—деп қарар етти.

Ленинлик миллет сиясаты принциплерине садық Коммунистлик партия ҳәм совет ҳүкимети Қарақалпақстан мийнеткешлериниң тилегин есапқа алды, 1932-жылы 20-мартта Пүткил союзлық Орайлық Атқарыў Комитетиниң Президиумы:

1. Қарақалпақстан автономиялы областы оның мийнеткеш халқының тилегине муўапық РСФСР составына федеративлик бөлим ретинде киретуғын, ҳәзирги шегараларында Қарақалпақстан Автономиялы Совет Социалистлик Республикасы болып қайта дүзилсин.

2. Қарақалпақстан Автономиялы ССРы территориясында властьтың жоқары органы, алдағы ўақытта оның советлериниң республикалық съезди шақырылғанға дейин, қарақалпақстан областьлық атқарыў комитети болып есаплансын, оған Орайлық Атқарыў Комитетин сайлаў ҳәм власть аппаратын шөлкемлестириў ушын биринши Қарақалпақстан Советлериниң республикалық съездин шақырыў тапсырылсын“,—деп қарар етти.

Қарарға М. И. Калинин қол қойды.

Коммунистлик партия бул илаж арқалы миллий совет мәмлекетлериниң раўажланыўы ҳаққындағы ғамхорлығын тағы бир рет ис жүзинде көрсетти ҳәм совет автономиясы қатып қалған бир нәрсе емес, ал ол өзиниң раўажланыўында ең ҳәр қыйлы формаларға ҳәм басқышларға ийе болған автономия екенлигин дәлилледи.

ВКП(б) Қарақалпақстан обкомы ҳәм областьлық атқарыў комитетиниң „Барлық коммунистлерге, комсомолецлерге, колхозшыларға, батракларға, гедейлерге, орташаларға, Қарақалпақстанның барлық мийнеткешлерине“ үндеўинде:

„1932-жылы 20-мартта совет ҳүкимети Қарақалпақстанның буннан былай раўажланыў келешегин есапқа алып ҳәм ленинлик миллет сиясатын булжытпай иске асырып, рабочийлар менен



www.ziyouz.com kutubxonasi

дийханлар депутатлары Советлери Областьлық атқарыў комитетиниң өтиниши бойынша Қарақалпақстан автономиялы областын Автономиялы Совет Социалистлик Республикасы етип қайта дүзиў ҳаққында тарийхый қарар қабыл етти

Бул тарийхый қарар рабочийлардың, колхозшылардың, батраклардың, гедейлердиң ҳәм орташалардың бирлигин тағы да беккемлейди, оларды ленинлик партияның дөгерегине жәмлестиреди, байлар менен ийшанларды биротала түп тамырынан қуртыўға жағдай дүзеди, великорус шовинизмине ҳәм жергиликли миллетшиликке соққы береди", — деп атап көрсетилди.

Қарақалпақстан мийнеткешлери Қарақалпақстан АССР ының дүзилиўи ҳаққындағы хабарды үлкен қуўаныш пенен қарсы алды. 1932 жылы 30-мартта Төрткүлде мийнеткешлердиң салтанатлы митинги болды. Митинг қатнасыўшылары партияның Орайлық Комитетине қутлықлаў жоллап, онда партия менен ҳүкиметтиң тарийхый қарары ушын өзлериниң терең алғысларын билдирди ҳәм Каракалпақстан мийнеткешлери социалистлик қурылыста еле де үлкен табысларға ерисиў ушын күш-ғайратын аямайды деп, партияның Орайлық Комитетин исендирди.

Пүткил союзлық Орайлық Атқарыў Комитетиниң Қарақалпақстан автономиялы областын АССР етип қайта дүзиў ҳаққындағы қарары жәрияланғаннан кейин көп кешикпей-ақ Советлердиң I республкалық съездин шақырыўға таярлық бойынша жумыслар басланды.

Қарақалпақстан автономиялы областьлық атқарыў комитети 28-марттағы мәжлисинде Советлердиң съездин таярлаў бойынша массалық жумысларды ен жайдырыў ҳаққында қарар шығарды. Бул жумыс. съездди жаңа мийнет табыслары менен күтип алыўға таярланып атырған мийнеткешлердин үлкен сиясий көтериңкилиги жағдайында иске асырылды.

Пүткил республика бойынша жыйналыслар, советлердин пленумлары болып өтип, оларға қатнасқан мийнеткешлер партия менен ҳүкиметтиң Қарақалпақстан автономиялы областын АССР етип қайта дүзиў ҳаққындағы қарарын мақуллап Қарақалпақстанның алдында турған жаңа ўазыйпаларды атап өтип, оларды табыслы орынлап шығыўға барлық күш-жигерин жумсайтуғынлығын билдирди.

Советлер съездиниң жумысы басланбастан сәл бурын 1932-жылы 1-майда Пүткил союзлық Орайлық Атқарыў Комитетиниң Президиумы ҚҚАССР ының мәмлекетлик дүзилиси ҳаққындағы режени тастыйықлап, ол бойынша Қарақалпақстан АССРы РСФСР дың федеративлик бөлегин қурады. Қарақалпақстан АССР ының мәмлекетлик власть аппараты СССР ҳәм РСФСР Конституцияларына муўапық жергиликли советлерден, олардың съездлеринен ҳәм Халық Комиссарлар Советлеринен шөлкемлестирилди.

Қарақалпақстан АССР ындағы жумысларды басқарыў ушын: юстиция. билимлендириў, ден саўлықты сақлаў, социаллық тәмийнат, жеңил санаат, дийханшылық, коммунал хожалығы, мий-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нет, тəмийинлеў, финанс, рабочий-дийхан инспекциясы халық комиссариатлары дүзилди. РСФСР ҳүкимети қапталында Қарақалпақстан АССР ының ўəкиллиги дүзилди.

1932-жылы 25-майда Төрткүлде Қарақалпақстан АССР Советлериниң I шөлкемлестириўши съезди салтанатлы жағдайда өз жумысын баслады. Съездге Қарақалпақстанның барлық жерлеринен делегатлар, туўысқан республикалардан қонақлар келди.

Съезд адресине Өзбекстанның, Қазақстанның, Тəжикстанның, Қырғызстанның, Түркменстанның мийнеткешлеринен сондай-ақ көп сандағы шөлкемлерден қутлықлаўлар алынды. Өзбекстан ССР Советлери Орайлық Атқарыў Комитети Президиумының Председатели Ю. А. Ахунбабаевтың қутлықлаўында: „Қарақалпақ республикасының дүзилиўи — бул тарийхый əҳмийетли ўақыя ҳəм қарақалпақ халқының раўажланыўында жаңа басқыш болып есапланады... Қарақалпақстанның рабочийлары ҳəм мийнеткешлери барлық туўысқан республикалардың рабочийлары ҳəм мийнеткешлери менен бирге патшашылықтың езиўин сапластырды, Хийўаның ханлық үстемлигин қулатты ҳəм граждалық урыста буржуазия менен помещиклердиң контрреволюциялық күшлерин, барлық ақ казак бандалары менен баспашыларды қыйратты ҳəм үзликсиз қатаң класслық гүрес пенен өтмиште ярым натураллық болған хожалықты, азаплы капиталистлик раўажланыў жолын өтпестен-ақ, биротала социалистлик хожалық етип қайта қурыў аяқланып киятыр...", — деп атап өтилди.



Өзбекстан ССР Советлериниң Орайлық Атқарыў Комитетиниң Председатели Юлдаш Ахунбабаев.

1932-жыл 29-майда съезд өз жумысын питкерди ҳəм „Барлық колхозшыларға ҳəм колхозшы ҳаял-қызларға, дийханлардың батрак-гедейлер ҳəм орташалар массасына, МТС лар менен совхозлардың рабочийларына, агроном хызметкерлерге, ҚҚ АССР ының барлық мийнеткешлерине" үндеў қабыл алды „Рабочий класстың ерки менен Пүткил союзлық Коммунистлик (большевиклер) партиясының басшылығында, — деп көрсетилди үндеўде, — Совет Социалистлик Республикалар Союзы пролетариатының жəрдеми ҳəм қуўатлаўы арқасында ҚҚ АССР Советлериниң I съездин бизлер қарақалпақ халқының тарийхындағы тарийхый сəне етип белгилеймиз. Тек ВКП(б) Орайлық Комитетиниң сы-



www.ziyouz.com kutubxonasi



Қарақалпақстан АССР Советлеринин Орайлық Атқарыў Комитетиниң председатели К. Нурмухамедов.



Қарақалпақстан АССР Халық Комиссарлар Советиниң председатели Қ. Әўезов.

налған ленинлик басшылығында, тек партияның бас жолын иске асырыў ушын үзликсиз гүрес, ленинлик миллет сиясатын избе-из жүргизиў арқалы ғана, тек пролетариат диктатурасы тусында ғана, бурын рус патшасы Хийўа ханларының езилген колониясынан Қарақалпақстан тарийхый қысқа мүддет ишинде класслық душпанларға қарсы қатаң гүрес жағдайында социалистлик қурылыс, мийнеткешлердиң материаллық-мәдений дәрежесин көтериў исинде үлкен табысларға еристи... Бүгин бизлер раўажланыўдың капиталистлик формалары үстинен социалистлик формаларының женисин бизиң елимизде және бир рет дәлиллеп көрсетемиз, бүгин Ленин идеялары менен бирлескен Совет Социалистлик Республикалар Союзының туўысқан халықлары және бир рет социализмниң есапсыз жеңислериниң биреўин бизлер менен бирге байрамлайды.

Жаңа жас республиканың—Қарақалпақстан АССР ының дүзилиўи ленинлик миллет сиясатының салтанаты, Шығыстың езилип атырған колониялық ҳәм ярым колониялық халықларына Коммунистлик партия байрағы астында жәмлесиўге, капитализмниң езиўинен азатлыққа шығыў ушын гүрес жолына түсиўге пролетариат диктатурасын иске асырыў ушын, социализм қурыў ушын шақырық болды".



www.ziyouz.com kutubxonasi




Қарақалпақстан АССРы



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаңадан сайланған Орайлық Атқарыў Комитеттиң 1932-жыл 30-майдағы биринши сессиясында ҚҚАССР ҳүкимети—Халық Комиссарлар Совети дүзилди. ҚҚАССР Халық Комиссарлар Советинин председатели болып Қ. Әуезов, Орайлық Атқарыў Комитетиниң председатели болып К. Нурмухамедов белгиленди.

ҚҚАССР дың дүзилиўи Коммунистлик партияның ленинлик миллет сиясатының уллы принциплерин ис жүзине асырыўдың нәтийжеси болып. ол Қарақалпақстан мийнеткешлерининң сиясий активлигинин тасқынлап өсиўине алып келди. оларды социалистлик курылыста жаңа женислерге рухландырды.

Қарақалпақстан АССРы хожалық ҳәм мәдений қурылыс тараўларында кең ҳуқуқларға ийе болды. Республика Конституциясын ислеп шығыў ҳәм оны РСФСР мәмлекетлик власты жоқарғы органларының тастыйықлаўына усыныў, халық хожалық планларын тастыйықлаў,Қарақалпақстан АССР нызамларын бекитиў, мәмлекетлик салықларды белгилеў, санаатқа, аўыл хожалығына, турақжай, ири қурылысқа, саўдаға, халық билимлендириўи, ден саўлықты сақлаў, социаллық тәмийнат ислерине басшылық етиў ҳәм т. б. жүргизиў оның қараўында болды. Бул ҳуқу лар Қарақалпақстан АССРы мәмлекетлик власты ҳәм мәмлекетлик басқарыўының жоқарғы органлары тәрепинен әмелге асырылды.

Мәмлекетлик власть ҳәм мәмлекетлик басқарыў органлары Коммунистлик партия менен совет ҳүкиметиниң совет, хожалық ҳәм мәдений қурылыс тараўларындағы сиясатын Қарақалпақстан АССРы жағдайына сәйкеслеп, оның миллий өзгешеликлерин есапқа алыў менен жүргизиўи тийис болды.

Солай етип, Қарақалпақстан АССРы автономиялық басламаларда иске асырылатуғын кең сиясий ҳуқуқларға ҳәм мәмлекетлик ўәкилликлерге ийе болды. Қарақалпақстан АССР ының дүзилиўи Қарақалпақстанда социалистлик қурылысты күшейтиўдиң, оның хақыйқый теңсизликлерин сапластырыўдың, социализмниң женисин тәмийинлеўдиң күдиретли қуралы болды.

„Кимде-ким мәмлекетке соның ишинде автономиялы мәмлекетке ерисиўди бирден-бир тийкарғы мақсет деп ойласа, ол қатаң алжасады, ол коммунист болыўдан қалады. Бизде, СССР да, барлық мәмлекетлик дүзилислер ҳәм ССР Союзының өзи коммунизм жениси ушын хызмет етеди“[1], — деп көрсеткен еди М. И. Калинин.

Қарақалпақстан АССР ының дүзилиўи хожалық қурылысының пәтлерин тезлетиў ушын үлкен әҳмийетке ийе болды.

---

[1] Өзбекстан Коммунистлик (большевиклер) партиясының I съезди, стенографиялық есап, Ташкент. 1925-ж. 23—24 бетлер



www.ziyouz.com kutubxonasi

## VIII бап

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АССР ы ХАЛЫҚ ХОЖАЛЫҒЫН СОЦИАЛИСТЛИК ҚАЙТА ҚУРЫЎДЫ ТАМАМЛАЎ ДӘЎИРИНДЕ (1933—1937-ж. ж.)

## I. САНААТ

Социализмның экономикалық фундаментиниң салыныўы совет халқының Коммунистлик партияның басшылығында бириншн бес жылықта ерискен ири тарийхый жеңиси болды. 1933 жылы Совет ели өз раўажланыўының жаңа дәўирине—халық хожалығын социалистлик қайта қурыўды тамамлаў дәўирине өтти. СССР халық хожалығын раўажландырыўдың екинши бес жыллық планы (1933—1937-ж. ж.) жаңа дәўирдеги түпкиликли сиясий ҳәм хожалық ўазыйпаларды шешиўге бағдарланды.

1933—1937-жылларда СССР халық хожалығын раўажландырыўдың екинши бес жыллық планының директивалары Пүткилсоюзлық XVII партия конференциясында (1932-жыл 30 январь — 4-февраль) қабыл етилип, ВКП(б) XVII съезди (1934-жыл январь-февраль) тәрепинен мақулланды. 1934-жылы 17-ноябрьде екинши бес жыллық план СССР Орайлық Атқарыў Комитети ҳәм Халық Комиссарлар Совети тәрепинен тастыйықланды.

Екинши бес жыллықтың тийкарғы сиясий ўазыйпалары барлық эксплуататор классларды биротала сапластырыўдан, адамды адамның эксплуатациялаўын пайда етиўши себеплерди толық жоқ етиўден,социалистлик жәмийетти қурыўдан ибарат болды. Баслы хожалық ўазыйпалары халық хожалығының барлық тараўларын: санаатты, транспортты ҳәм аўыл хожалығын техникалық реконструкциялаўды тамамлаўдан ибарат болды.

Техникалық реконструкциялаўды тамамлаў ўазыйпасы 1937-жылы жаңа кәрханалардан, сондай-ақ биринши ҳәм екинши бес жыллықта толық реконструкцияланған кәрханалардан барлық санаат өниминиң 80% ин алыўды тәмийинлей алатуғындай етип, халық хожалығының барлық тараўларын қайта қураллandырыўды нәзерде тутты.

Аўыл хожалығы тараўында екинши бес жыллық план коллективлестириўди тамамлаў, колхозларды шөлкемлесиу хожалық



www.ziyouz.com kutubxonasi

жағынан буннан былай да беккемлеў ҳәм аўыллардағы капиталистлик элементлерди биротала сатластырыў ўазыйпасын алға қойды. Совет халқының абаданлығын буннан былай да көгериўдиң кең программасы белгиленди

Планда миллий республикалардың экономикасын ҳәм мәдениятын раўажландырыў, олардың техника-экономикалық ҳәм мәдений артта қалыўшылығын сапластырыу сыяқлы әҳмийетли сиясий жәнe халық хожалық ўазыйпаларын иске асырыўда шешиўши илгерилеўлер нәзерде тутылды.

ВКП(б) нын XVII съезди „миллий республикалар ҳәм областьлардың хожалық жәнe мәдений артта қалыўшылығын сапластырыўды"[1] тәмийинлеў ушын өндириўши күшлерди бир тегис орналастырыўдын ҳәм санаатты шийки зат базасына жақынластырыўдың зәрүрлигин атап көрсетти.

Миллий районларда индустрияны дүзиў ҳәм раўажландырыў коммунистлик партиянын ленинлик миллет сиясаты тәрепинен белгиленди, өйткени социалистлик индустриаластырыў бурын езилген халықлардың ҳақыйқый теңсизлигин сапластырыўдың тийкарғы қуралы ҳәм олардың экономикалық жәнe мәдений көтерилиўиниң дереги болды. Оны иске асырмай турып, миллий республикаларда социализмниң материаллық-техникалық базасын дүзиў мүмкин емес еди.

Бириншн бес жыллықта Орта Азия аграрлық үлкеден аграрлы индустриалы үлкеге айланды. Бирақ Қарақаллақстан, биринши бес жыллықта ерисилген айырым табысларға қарамастан, екинши бес жыллықтын басында санаатының раўажланыўы бойынша ҳәтте қонсы респу ликалар менен салыстырғанда да әдеўир артта еди. Оның санаат өндирисиниң салыстырма салмағы төмен болды. Санааттың улыўма өниминиң халықтың жан басына есаплағандағы дәрежеси еле төмен еди. Егер, 1932-жылы СССР да тутасы менен алғанда халықтың жан басына жетистирилген санаат өними шама менен 273 манаттан (1926—1927-жыллардағы баҳа менен) туўра келсе, Орта Азия республикаларында бул көрсеткиш 71—46 манат аралығында, ал Қарақалпақстанда 36 манат 60 тыйын болды.

Қарақалпақстанның граждaнлар урысынан кейин қайта тикленген ҳәм биринши бес жыллықта жаңадан дүзилген санаат кәрханалары жергиликли шийки затты толығы менен қайта ислеўди тәмийинлей алмады Ислеп турған пахта тазалаў заводлары тек пахта мамығын өндириў менен ғана шекленди. Қарақалпақстанда социалистлик қурылыстың өсиў пәти тийисли энергетикалық базаның жоқлығына байланыслы төмен болды. 1933 жылдың басына автономиялы республикада тек *24 квс* қуўатлылыққа ийе киши еки электростанция (ҳәр қайсысы 12 *квс* Төрткүл менен Шымбай электростанциялары) ҳәм Қарақалпақстанның халық

---

[1] КПСС резолюцияларда..., II бөлим, 760-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

хожалығын энергетикалық қураллландырыў ушын сезилерлик әҳмийети болмаған басқада бир неше майда установкалар болды.

Қарақалпақстанның тәбийий байлықларының ишинде балықшылық хожалығы тийкарғы орынлардың бирин ийеледи. Бирақ. Қарақалпақстан балықшылық хожалығының раўажланыўы бир қатар ең әҳмийетли жетискенликлерге ерисиўине қарамастан, экономиканың жетекши тараўларындағы социалистлик қурылыстың пәтлеринен әдеўир артта қалды. Аўланған балықты тасыў ушын сол ўақытлардағы бирден-бир транзитлик пункт Аральск қаласының әдеўир узақлығы, өндирис процесслеринин әпиўайылығы, олардын техникалық жақтан жеткиликсиз үскенеленгенлиги. музлатқышлардын ҳәм тез жүретуғын флоттың болмаўы балық өнимлеринин сапасын әдеўир төменлетти.

Усылардың барлығы орынлардан алынатуғын аўыл хожалық ҳәм басқа да шийки затларды қайта ислеп шығаратуғын санаат кәрханаларын қурыўды, қурылыс материаллары базасын дүзиўди, бир қатар жәрдемши өндирислерди—ремонтлаў мастерскойларын, қалдықларды қайта ислеп шығарыўшы кәрханаларды, сондай-ақ тийкарғы тараўлар менен байланыса отырып санааттын ҳәм пүткил халық хожалығынын комплексли раўажланыўын тәмийинлейтуғын бир қатар басқа да кәрханаларды шөлкемлестириўди талап етти. Бул өндириўши күшлердиң раўажланыўын тезлетиўи халық хожалығының тийкарғы фондаларын кеңейтиўи автономиялы республиканың экономикасындағы колониальлық өтмиштиң қалдықларын сапластырыўы тийис болды

Транспорт пенен байланыстьі раўажландырыў тараўында да үлкен ўазыйпалар алда турды. Автономиялы республика халық ҳожалығының өсиў пәти дәрья ҳәм теңиз флотының жүк тасыў мүмкиншилигинен бир қанша алға кетти. Мыңлаған тонна санаат товарлары, қурылыс материаллары, төгинлер жыл сайын Чаржоў менен Аральскте топланып қалып отырды. Бул суў транспортын тез пәт пенен раўажландырыўды талап етти.

Республика халық хожалығының раўажланыўы, жаңа жерлерди өзлестириў, ири кәрханалар қурыў, аўыл хожалығын коллективлестириў, жаңа елатлы пунктлердин пайда болыўы автомобиль транспортынын раўажланыўын талап етти. Ал, бул өз гезегинде жол қурылысын раўажландырыўдың зәрүрлигин келтирип шығарды.

Қарақалпақстан АССР ынын екинши бес жыллық планы санаат ҳәм транспорт тараўында усы ўазыйпаларды шешиўге бағдарланды. Ол алдын-ала ВКП(б) Орта Азия бюросында ҳәм СССР Госпланында додаланды Екинши бес жыллықта бир қатар пахта тазалаў кәрханаларын, азық-аўқат ҳәм басқа да санаат кәрханаларын қурыў, мийнет өнимлилигин арттырыў белгиленди. Республика санаат өниминиң улыўма көлемин 1932-жыл менен салыстырғанда 3,5 есе дерлик көбейтиў планластырылды

Қарақалпақстанда санаат, транспорт ҳәм байланысты раўажландырыў ушын екинши бес жыллықта 34.5 миллион манат қар-



www.ziyouz.com kutubxonasi

жы бөлип шығарылды, бул биринши бес жыллыққа қарағанда 5,5 есе көп еди. Автономиялы республика санаатының тийкарғы фондлары 1932-жылғы 6,8 миллион манаттан 1937-жылы 10,6 миллион манатқа дейин көбейди.

Пахта тазалаў санаатының раўажланыўына айрықша лыққат аўдарылды. Қоңырат қаласында пахта тазалаў заводының қурылысы басланды. Бес жыллықта жаңа қурылыслар менен бирге Төрткүл, Шымбай ҳәм Хожели қалаларындағы гөне пахта тазалаў заводлары толығы менен реконструкцияланды. Реконструкциялаўдың барысында кәрханалардың техникалық қуралландырылыўы жоқарылады, гөнерген үскенелер жаңа, бир қанша өнимли ҳәм үнемлирек үскенелер менен алмастырылды. Егер 1932-жылы Қарақалпақстан пахта тазалаў заводларында 16 джин ҳәм 1230 дюймли жарғы болса, 1937-жылдың ақырында 21 джин ҳәм 1712 дюймли жарғы болды. Көплеген пахта тазалаў заводларына пневматикалық үскенелер енгизилди Заводлардың техникалық қуралланыўын арттырыў нәтийжесинде пахта тазалаў санаатының тийкарғы фондларының қуны 4,2 *млн* манаттан 11,1 *млн* манатқа өсти.

Техникалық реконструкциялаў пахта тазалаў заводларын ҳәзирги заман үскенелерге ийе болған ҳақыйқый жаңа санаат кәрханаларына айландырды. Хожели пахта тазалаў заводын техникалық реконструкциялаў нәтийжесинде әпиўайы өнерментшилик кәрханасының орнына өним шығарыўды әдеўир көбейтиўге мүмкиншилик беретуғын ири пахта тазалаў завод өсип шықты.

1934-жылы Нөкис қаласында жонышқа тухым тазалаў заводы пайдаланыўға берилди. Бул жонышқа туқым тазалаў бойынша Союздағы бирден-бир кәрхана еди. 1935-жылы-ақ завод планда белгиленген 1500 *ц* орнына 1563 4 *ц* жоңышқа туқым таярлады. 1936-жылы заводта 5640 *ц* жонышқа туқымы таярланылды, ал улыўма өним 3467 мың манатты (1935-жылғы баҳа менен) қурады.

Қурылыс материалларын жетистириў бойынша жаңа кәрханалар дүзилди, Республикада турақ жай-коммуналлық қурылыстың өсиўине байланыслы қурылыс материалларына талап үзликсиз өсти. Ақ таўдағы ҳәк завод ҳәм қамысты брикетлеў заводы иске қосылды, Нөкис қаласында жылына 6 миллион дана гербиш шығаратуғын гербиш заводы пайдаланыўға берилди.

Полиграфия санааты буннан былай да раўажланды. Автономиялы республиканың партия шөлкеми полиграфияны ҳәм баспа сөзди раўажландырыўға үлкен дыққат аўдарды. Областьлық ҳәм Төрткүл қалалық партия комитетлериниң 1933-жылғы бирликтеги пленумы Областьлық комитетиң бюросына ҳәм ҚҚАССР Халық Комиссарлар Советине „Полиграфия базасын кеңейтиўди ҳәм беккемлеўди, баспаханалар басып шығарған өнимлердиң сапасын жақсылаўға ерисиўди, баспа сөзди массалық таратыў исин жақсы жолға қойыўды ҳәм оны жеткерип бериў исиниң механизацияланыўын, баспахананы таярлығы бар кадрлар менен тәмийин-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лейли тапсырды. Полиграфия санаатын раўажландырыў ушын 1935-жылы 159 мың манат бөлип шығарылды.

Полиграфия санаатының техникалық қуралланыўы линотиплер орнатыўдын есабынан өсип, бул мийнет өнимлилигинин әдеўир өсиўине алып келди.

Қарақалпақстан полиграфия санаатын буннан былай да раўажландырыў ушың, Нөкис қаласында республикалық баспахана қурыў ҳаққындағы РСФСР Халық Комиссарлар Советинин қарары (1935-жыл) үлкен әҳмийетке ийе болды. Бул баспахана Уллы Ўатандарлық урыстың алдында иске қосылды.

1934-жылы 7-ноябрьде Уллы Октябрь байрамының ҳүрметине Төрткүлде жанадан қурылған электростанция дәслепки ток берди, ол энергетикалық тараўдын дүзилиўине баслама салды. Екинши бес жыллықта республика санааты пахта тазалаў ҳәм жоңышқа тухым тазалаў санаатларындағы өндирис процесслерин механизациялаўға имканият туўдырған энергетикалық базаға ийе болды. Санааттағы двигательлердиң улыўма қуўатлылығы 1758 ат күшине жетти, ол революцияға дейинги Қарақалпақстан санааты двигательлеринин қуўатлылығынан 17,5 есе көп еди.

Азық-аўқат санааты тез пәт пенен раўажланды. Балық таярлаў ҳәм балықты қайта ислеп шығарыў санаатларының материаллық-техникалық базаларын беккемлеў және кеңейтиў бойынша үлкен жумыслар жүргизилди. Совет мәмлекети Қарақалпақстанның балықшылық санаатын раўажландырыўға үлкен қаржы бөлип шығарды. Егер 1928-жылы бўл тараў ушын 123 мың манат ажыратылған болса, ал 1937-жылы 2,1 *млн.* манат ажыратып шығарылды. Балық аўлаўды механизациялаў бойынша жумыслар даўам еттирилди. 1932-жылы дүзилген моторлы балық аўлаў станциясы екинши бес жыллықтың басында техникалық жақтан қайта қуралландырылды. 1933-жылы ҚҚАССР да 2236 балықшыны бирлестирген 11 балықшылық артели болды. Екинши бес жыллықта Мойнақ ҳәм Үрге поселкаларында жана балық заводлары жумыс ислей баслады

СССР Халық Комиссарлар Советинин 1931-жыл 16-июньдеги „Консерва санааты ҳаққында"ғы қарарына муўапық, 1933-жылы Мойнақта жылына 10 *млн* банка консерва ислеп шығаратуғын ири балық консерва комбинатының қурылысы басланды.

Төрткүл май заводы реконструкцияланды, Хожели май заводының қурылысы ен жайдырылды.

Ун тартатуғын санаатта да әдеўир илгерилеўлер болды. 1933-жылы Төрткүлде ун тартатуғын қаразхана салынып, ол республикадағы ун тартыў өндирисин түпкиликли реконструкциялаў исинде алға илгерилеўшилик болды. Төрткүл қаразханасынан басқа автономиялы республикада және 9 қаразхана жумыс иследи. Нөкис қаласындағы қаразхана жылына 7 мың *т* ун тартыў қуўатына ийе болды

Екинши бес жыллықта өнерментшилик санаатында да әҳмийетли илгерилеўлер болды, санааттың улыўма өниминиң жалпы



www.ziyouz.com kutubxonasi

көлеминде оның тутқан орны 1933-жылдың басына 41—42% болды. Қарақалпақстан жағдайында халықтың кең тутыныў буйымларына болған талапларын қанаатландырыўда өнерментшилик санааты үлкен әҳмийетке ийе болды. Бул тараўды раўажландырыўға 1935-жылы 400 мың манат бөлип шығарылды. Өнерментшилик артельлеринин ҳәм устаханаларынын тараўлары өсти. Егер бириншн бес жыллықтын ақырында өнерментшилик кооперациялары 2360 адамды бирлестирген болса, 1937-жылы олар 2900 адамды бирлестирди. Өнерменгшилик кооперациялары аўыл хожалығын кетпен, бел, орақ ҳәм т. б. қураллар менен тәмийинлеўде, ал халықты кийим-кеншек, ыдыс, мебель, азық-аўқат затлары, сондай-ақ қурылыс материаллары менен тәмийинлеўде үлкен роль ойнады

Өнерментлерди кооперативлестириў олардың психологиясының ҳәм турмысының түп-тамырынан қайта қурылыўына, олардын санасындағы патриархаллық-уруўлық қалдықлардың сапластырылыўына себепши болды.

Транспорт ҳәм байланыс буннан былай да раўажланды. Дәслепки 34 автомобиль Қарақалпақстанда 1932-жылы пайда болды, ал оннан соңғы жылы олардың саны 60 қа жетти. Автопарк жылдан-жылға толықтырылды. 1935-жылы-ақ автономиялы республиканын автомобил хожалығында 300 ден аслам автомашина болды.

Транспорт жумысын шөлкемлестириўди буннан былай жетилистириў мақсетинде 1935-жылы автомобиль, арба, шана транспорты тресги, ал 1937-жылы мартта ҚҚАССР Халық Комиссарлар Совети қапталында „Қарақалпақтранс" Басқармасы шөлкемлестирилди. Бес жыллықтың ақырына распубликаның автопаркиндеги машиналар 673 ке жетги.

Жол қурылысына үлкен дыққат аўдарылды Екинши бес жыллықта гөне жоллардын ҳәм көпирлердин әдеўир бөлеги реконструкцияланды, жаңадан 248 *км* автомобиль жолы салынды.

1935-жылы СССР Халық Комиссарлар Совети Орта Азия дәрья транспортын раўажландырыўды күшейтиў ҳаққында ҳәм Әмудәрья бассейнинде суў транспортын шөлкемлестириў ҳаққында қарар қабыл етти. СССР Халық Комиссарлар Советинин 1936-жыл 29-июньдеги „Орта Азияда дәрья транспортын раўажландырыў бойынша илажлар ҳаққындағы" қарары менен Әмудәрья госпароходствосынын транспортлық жақтан өзлестирилиўин тәмийинлеў тапсырылды. Қарақалпақстаннын суў транспортын раўажландырыўға зәрүрли қаржыларды ҳәм материалларды РСФСР дың резерв фондынан бөлип шығарыўға қарар етилди. Дәрья флоты жана кемелер менен толықтырылды. Флот ушын ремонтлаў базасы дүзилди. 1937-жылы Хожели кеме ремонтлаў мастерскойы пайдаланыўға берилди

Екинши бес жыллықта көрилген илажлар нәтийжесинде Қарақалпақстан дәрья транспортынын жүк тасыў қуўаты әдеўир өсти, ири баслы каналларда кемешилик пайда болды ҳәм раўаж-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ланды. 1936-жылдан баслап автономиялы республиканың бир қатар районларына жүк тасыў суў жоллары арқалы иске асырылды, сондай-ақ Әмударьяның қуярлығынан Арал теңизи арқалы да жүк тасылды

Авиация байланысы да раўажланды. Ол автономиялы республика пайгахтын онын ен алыстағы районлары менен ҳәм елдиң бир қатар областьлары менен байланыстырды.

Транспорттын раўажланыўы ҳәр қыйлы жүклерди алып келиўди ҳәм сыртқа шығарыўды көбейтиўге имканият туўғызды. 1932-жылы 66 мың *т* жүк алып келинген болса, 1937-жылы ол 112 мын тоннаға өсти. Республикадан сыртқа жүк тасыў усы жыллары 34,4 мын тоннадан 96,7 мың тоннаға көбейди.

Екинши бес жыллықта санаат пенен транспорт көплеген станоклар, машиналар ҳәм т. б. техникалық үскенелер алды. Жаңа техника мийнет өнимлилигин арттырыў ушын беккем база дүзди.

Республика санаатының раўажланыўы менен бирге рабочий класстын миллий кадрлары өсип жетисти. Көп санда маман кадрлар таярлаў мәселеси екинши бес жыллықта әсиресе актуаллыққа ийе болды, өйткени санаатты техникалық реконструкциялаўды тамамлаў, жаңа санаат орайларын дүзиў ўазыйпаларын тек маман рабочийлар ҳәм инженер-техник кадрлар ғана шешиўи мүмкин еди.

Қарақалпақстан рабочий класы дүзилиўиниң тийкарғы дәреги аўыллар ҳәм өнерментшилик өндириси болды. Санаат кәрханаларының ҳәм басқа да объектлердиң қурылысларына жыл сайын жүзлеген колхозшылар келди. Олардын әдеўир бөлеги қурылыс питкерилгеннен кейин турақлы санаат рабочийлары сыпатында қалаларда қоныс басып қалды. Дийханларды заводлардың жумысларына тартыў олардын аўыл хожалығы жумысларынан қоллары бос ўақытларында, санаат кәрханалары ҳәм колхозлар арасындағы договорлық басламалар менен де иске асырылды. Төрткүл районының бир қанша колхозларынан договорлар бойынша колхозшылардың бир топары Төрткүл қаласындағы пахта тазалаў заводына жиберилди.

Совет власты тәрепинен азатлыққа шығарылған ҳаял-қызларды санаатқа жумысқа тартыў есабынан да рабочийлардың қатары өсип барды. Сондай-ақ мәмлекет Қарақалпақстанға елдиң орайлық районларынан маман рабочий кадрларын жиберип отырды. 1937-жылы Қарақалпақстан санаатында 5,7 мын рабочий жумыс исledи.

Қарақалпақстан партия шөлкеми рабочий класстың тек қатарларынын өсиўине ғана емес, ал оның мәдений-техникалық дәрежесинин артыўына да үзликсиз дыққат аўдарды.

Жаңа санаат кәрханаларының қурылыўы, техникалық қайта қуралландырыў жаңа техниканы өзлестириўге уқыплы рабочийлардың ҳәм инженер-техник хызметкерлердиң маман кадрларын массалық таярлаўды талап етти. Техникалық реконструкциялаў-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ды иске асырыўдың шешиўши шәртлериниң бири ретинде маман рабочийларды, инженер-техниклерди таярлаўды белгилеген партияның XVII съездиниң қарарларын басшылыққа алып, автономиялы республиканың партия, профсоюз ҳәм басқа да жәмийетлик шөлкемлери, совет органлары маман кадрлар таярлаў бойынша үлкен жумыслар алып барды.

Турақлы рабочийлардың маманлығын арттырыў бойынша илажлар иске асырылды. Бул исте өндирислик жол-жобалар бериў. техникалық минимум кружоклары үлкен роль ойнады. 1936-жылы Төрткүл пахта тазалаў заводында техникалық оқыўлар кружогинде 32 адам, Хожели пахта заводында усындай оқыўда 20 адам билим алды. Екинши бес жыллықта техникалық оқыўлардың, техниканы ийелеў бойынша мәмлекетлик, жәмийетлик-техникалық сынақлар шөлкемлестириў формалары кең ен жайды. Тек 1936-жылы Төрткүл пахта тазалаў заводының 80 рабочийсы техникалық минимумды ийелеп, сынақтан өтти. Саўатсыз рабочийлар ушын саўатсызлықты сапластырыў мектеплери дүзилди. Көплеген санаат кәрханаларында ҳәм жаңа қурылысларда рабочийларды өндирислик қанийгеликлерге үйретиў бойынша мектеплер ҳәм кешки курслар ашылып, оларда турақлы рабочийлар өз маманлықларын арттырды. Усындай қурслардың көпшилигинде тыңлаўшылар өндирисген қол үзбей билим алды. Бес жыллықта Хожели пахта тазалаў заводының барлық рабочийлары оқыўға тартылып, олардан 95 адам саўатсызлықты сапластырыў мектеплеринде оқыды, 20 адам техникалық кружокларға қатнады. Сондай-ақ өндирислик-техникалық қурслары да шөлкемлестирилип, оларда ҳеш қандай маманлығы жоқ адамлар ҳәр қыйлы маманлықлар бойынша билим алды.

Қарақалпақстанның санааты ушын маман рабочий кадрлар таярлаўда елдиң ири санаат орайларының рабочийлары оғада баҳалы жәрдемлер көрсетти. Бул жөнинде, Қарақалпақстанды қәўендерликке алған Москва қаласының Дзержинский районы мийнеткешлериниң жәрдеми әсиресе үлкен болды. Қарақалпақстанлы 52 рабочий Москваның бир қатар заводларында бир жыллық стажировкадан өтти. Қарақалпақстанның көплеген рабочийлары атақлы „Калибр" инструменталь заводында, сийрек металлар заводында, „Союзстроймеханизация" ремонтлаў-механикалық заводында ҳәм т. б. кәрханаларда өндирислик оқыў курсларын өтти. Практикантларға маман қанийгелер бекитилип, практикантлар олардың басшылығы ҳәм бақлаўы астында жумыс иследи. Соның менен бирге олар өзлериниң қәлеген қанийгелиги бойынша теориялық сабақлар өтти ҳәм практикалық жумыслар иследи, сондай-ақ рус тили ҳәм математика курсын да өтти.

Елдиң ҳәм туўысқан республикалардың орайлық қалаларындағы жоқарғы техникалық оқыў орынларында, техникумларда, рабочий факультетлеринде (рабфакларда) ҳәм т. б. оқыў орынларында ҚҚАССР санааты ушын жоқарғы ҳәм орта техникалық маманлықтағы кадрлар таярланды. Екинши бес жыллықтың ақы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рына автономиялы республикада 940 ямаса 1932-жылға қарағанда еки есе көп инженер техник хызметкер болды.

Елдиң алдыңғы өндирислик коллективлерининң үлгиси бойынша автономиялы республикада социалистлик жарыс ҳәм ылғаллылар ҳәрекети ен жайды. Рабочий класс мийнет өнимлилигин арттырыў, санаат өнимлерин ислеп шығарыўды көбейтиў ҳәм онын өзине түсер баҳасын төменлетиў ушын гүрести.

1935-жылы стахановшылар ҳәрекетиниң пайда болыўына байланыслы социалистлик жарыс өз раўажланыўының жаңа басқышына өтти. Стахановшылық ҳәрекет өндирис алдыңғылары менен новаторларынын жаңа техниканы өзлестириў, ески техникалық нормаларды қайта қараў, жоқары мийнет өнимлилиги ушын ен жайған массалық ҳәрекети болды. Коммунистлик партия новаторлар ҳәрекетиниң шөлкемлестириўшиси ҳәм рухландырыўшысы болды. Донбасс көмир санаатында пайда болған бул ҳәрекет пүткил елге тез таралып кетти.

Қарақалпақстан АССР ында пахта тазалаў санаатының рабочийлары бириншилерден болып стахановшылық ҳәрекетке қосылды. Төрткүл пахта тазалаў заводының джин айдаўшысы А. Жуманазаров бириншилерден болып жумыстың алдыңғы, стахановшылық усылларын қолланды. нәтийжеде онын сменасындағы ҳәр бир джин айдаўшының мийнет өнимлилиги 30% ке көбейди. Жуманазаровтын сменасында бурын 7689 *кг* пахта талшығы таярланған болса, енди ол 6356 *кг* ға жеткерилди. Егер бурын ҳәр бир джин айдаўшы сменада орташа 2553 *кг* нан пахта талшығы таярласа, енди бул көрсеткиш 4678 *кг* ға жеткерилди.

А. Жуманазаровтың ис усылы республика пахта заводлары рабочийлары арасында кең таралды Шымбай пахта тазалаў заводынын джин айдаўшылары Арзиев, Бектурсынов ҳәм Өмирзақовлар бурын тек 2—3 джинде ғана жумыс ислеген болса, енди 5 джинде ислеўге өтти ҳәм мийнет өнимлилигин еки есе арттырып, өндирис новаторлары қатарына қосылды.

Санаат ҳәм транспорттың алдыңғы рабочийларының 1935-жылы ноябрьдеги Пүткилсоюзлық биринши кеңеси өндиристеги новаторлар ҳәрекетиниң буннан былайда раўажланыўында, алдыңғылар тәжирийбесининң кен таралыўында үлкен әҳмийетке ийе болды. Кенеске аўыр, женил, азық-аўқат ҳәм тоғай санаатларынан жәнe темир жол транспорты алдыңғыларынан 3000 адам қатнасты. Кеңес жаңа техниканы өзлестириў бойынша топланған тәжирийбелерди жуўмақластырды, мийнет өнимлилигин мудамы арттырыў ушын гүрестин перспективаларын белгиледи ҳәм новаторлар ҳәрекетине жаңа күш енгизди.

Алдыңғы рабочийлардың ҳәм рабочий ҳаял-қызлардың Пүткилсоюзлық кеңесинен кейин автономиялы республикада новаторлар ҳәрекети тағыда ен жайды. 1935-жылы гүзде республикадағы барлық районларда өндирис новаторларынын слеты болып өтти. Оларда алдыңғы рабочийлар өзлериниң ис усылларын баян



www.ziyouz.com kutubxonasi

етип, тежирийбе алмасты, өз үстилерине арттырылған миннеглемелер алды.

1935 жыл 26-декабрьде Төрткүл қаласында автономиялы республика санаатындағы стахановшылардың биринши республикалық кенеси ашылды. Қарақалпақстан стахановшылары кенес трибунасынан жана мийнет усылларын қолланыўдың нәтийжелери ҳаққында айтып, өз-ара тәжирийбе алмасты, стахановшылық ҳәрекетин буннан былайда ен жайдырыўға кесент етип атырған кемшиликлерди атап көрсетип, оларды сапластырыўдың конкрет жолларын белгиледи, алдыңғылар қатарын көбейтиуге шақырды.

Массалық стахановшылық ҳәрекети балықшылық санаатында ислеўшилер арасында да кең таралды. 1935-жылы балық аўлаў бойынша жыллық план 103,9% орынланды. Көплеген балықшылар жигерли мийнет үлгилерин көрсетти.

Өндирис новаторларының массалық ҳәрекети де барлық жаңа, прогрессивлик ҳәрекетлер сыяқлы, айырым хожалық басшыларының, инженер-техник хызметкерлердиң техникалық нормалар ҳаққындағы өзлериниң үйреншикли түсиниклери менен шекленген ҳәм стахановшылық ҳәрекетин жете баҳаламайтуғын бөлегиниң консерватизмине қарсы жигерли гүрес арқалы өзине жол ашты. Бир қатар хожалық басшылары новаторлар ҳәректин шөлкемлестириў ҳәм оған басшылық етиў бойынша өз ўазыйпаларын жете баҳаламады, олар бул ис жигерли шөлкемлестириўшилик жумысларды ҳәм сиясий басшылықты талап ететуғынлығын тез түсинип жетпеди.

ВКП(б) Орайлық Комитетиниң 1935-жыл декабрьдеги 3000ға шамалас хожалық ҳәм партия хызметкерлери, қанийгелер ҳәм алдыңғы рабочийлар қатнасқан Пленумы артта қалыўшылыққа, кери тартпалылыққа, бюрократизмге қарсы гүресте барлық хожалық жумысларын қайта қурыўда ҳәм социалистлик жарысқа партиялық басшылық усылларын жетилистириўде үлкен роль ойнады.

Орайлық Комитет Пленумы массалық стахановшылық ҳәрекет елимиздеги социализм жеңисинин нәтийжеси болды, деп атап көрсетти. Ол мийнетти жаңаша. социалистлик шөлкемлестириўди аңлатты, совет рабочий класының мәдений-техникалық дәрежесин көтерди, ески техникалық нормаларды тартынбастан сапластырды. Стахановшылық хәрекет бурынғы көплеген техникалық нормалардың жүдә төмен екенлигин ҳәм олар өндиристе дүзилген жаңа жағдайларға сәйкес келмейтуғынлығын ашып берди. Партия Орайлық Комитети хожалық органларына ескерген, төмен техникалық нормаларды, социалистлик өндиристиң жана талапларына жуўаи беретуғын бир қанша жоқары нормалар менен алмастырыўды тапсырды. Пленум санаатта ҳәм транспортта новаторлар тәжирийбелериниң таралыўына, бул ҳәрекеттиң жолындағы барлық тосқынлықларды сапластырыўға үлкен дыққат бөлди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Партия Орайлық Комитети декабрь пленумынын қарарларын елимиздиң барлық мийнеткешлери соның ишинде Қарақалпақстан мийнеткешлери де толық қуўатлады Санаат кәрханаларының партия, комсомол ҳәм профсоюз шөлкемлери декабрь Пленумынын қарарларын орынлаў бойынша үлкен шөлкемлестириўшилик ҳәм түсиндириў жумысларын ен жайдырды.

Партия шөлкемлери новаторлар ҳәрекетиниң массалық, пүткил халықлық сыпат алыўы ушын гүрести. Бунын барлығы социалистлик жарыстын раўажланыўында жаңа табысларға алып келди. Өндирис алдынғыларының саны үзликсиз өсти. Хожели пахта тазалаў заводындағы стахановшылардың саны 1936-жылғы 40 адамнан 1937-жылы 65 адамға көбейди. Төрткүл пахта тазалаў заводында 1937-жылы 42 стахановшы ҳәм 31-өндирис ылғаллысы болды.

1937-жылы Шымбай пахта тазалаў заводында 39 ылғаллы ҳәм 51 стахановшы болды. Бул жердеги үш джиншилер бригадасында 9 адам иследи, олар бир сменада 2300 *кг* пахта тазалады. Рабочийлардын өзлериниң тилеклери бойынша усы бригадалардын ҳәр бириниң ишинен бир-бирден джин айдаўшы бөлип шығарылды ҳәм төртинши бригада дүзилди, усының нәтийжесиде сменада пахта тазалаў 4500 *кг* ға дейин көбейтилди.

Шымбай заводының коллективи стахановшылық усыл менен жумыс ислеп, 1937-жылдың биринши ярымында жыллық программаны арттырып орынлады, пахта талшығын қайта ислеў мүддетинен 36 күн бурын питкерилди. Планлы тапсырмаларды мүддетинен бурын орынлаў ушын гүрестиң барысында заводта көплеген алдыңғылар өсип шықты.

Қарақалпақстан стахановшы-қурылысшыларынын 1936-жылы болған Биринши республикалық кенеси автономиялы республика қурылысшыларын ВКП (б) Орайлық Комитетиниң декабрь (1935-жыл) Пленумы қарарларын орынлаўға мобилизациялаўда ҳәм олардын арасында новаторлар ҳәрекетин ен жайдырыўда үлкен әҳмийетке ийе болды. Кенестен кейин республиканың барлық жаңа қурылысларында социалистлик жарыс ен жайды. 1936-жылы Хожели пахта тазалаў заводы қурылысында ислеп атырған 170 рабочийдиң 45 и. ямаса барлық ислеп атырғанлардың улыўма саны ың 26.5% и стахановшылар болды.

Социалистлик жарыс балық аўлаў ҳәм балықты қайта ислеў санаатының мийнеткешлери арасында да кең ен жайды. 1936-жылы Қубла Арал балықшылары алдынғы усылларды қолланыў арқасында үлкен табысларға еристи. Власенко, Киселенко, Кузембаев, Махорин, Олейников, Пиримбетов, Оралбаев, Федоренко, Шатровко сыяқлы балықшылардың атлары республикада кеннен белгили болды. Олар алдыңғы мийнет усылларын қолланып, белгиленген нормаларды еки-үш есе арттырып орынлады. Буденный атындағы колхоздың Махорин басшылық еткен бригадасы 20 күн ишинде балық аўлаўдың бир жыллық планын 129% ке орынлады. Атақлы бригада екинши бес жыллықтың тамам-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ланыўшы жылы болған 1937-жыл ушын арттырылған социалистлик миннетлеме алды. Усы бригаданың баслығы Махорин ҳәм оның шәкирти жәнe жәрдемшиси Фищенко Мойнақ районының барлық бригада баслықларына ҳәм балықшыларына үндеўинде: „1937-жылы социалистлик жарысқа қосылған бизиң бригада жылдың пүткил даўамында ҳақыйқый стахановшылық усылларын қолланыўға, массалық балық аўлаў ўақтында күни-түни үзликсиз балық аўлаўды шөлкемлестириўге, комбинацияланған балық аўлаўды кең қолланыўға миннетленеди. Мийнет етиўдиң стахановшылық усылларын кең қолланыў тийкарында 2400 ц муғдарында балық таярлаў белгиленген жыллық планды 1937-жылдың 1-июнына орынлаўға өз үстилеримизге миннетлеме аламыз", — деп жазды. Бул баҳалы басламаны районның барлық балықшылары қуўатлады. Колхозлар ҳәм балық заводлары тутасы менен жарысқа қатнасып, өндирислик планларын әдеўир арттырып орынлаўға еристи.

Коммунистлер социалистлик жарысты баслаўшылар болды. Олар жаңа техниканы ҳәм жумыс ислеўдиң новаторлық усылларын ең жайдырыў арқалы мийнет өнимлилигин арттырыў есабынан өнимди көбейтиў, өнимнин өзине түсер баҳасын арзанлатыў ушын гүрести.

Жаңа техниканы өзлестириўдиң, өндирис новаторларының дөретиўшилик басламаларының нәтийжесинде автономиялы республика санаатының барлық тараўында мийнет өнимлилиги тез өсти.

Жаңа санаат кәрханаларын қурыў ҳәм ескилерин техникалық жақтан қайта қуралландырыў, „Қарақалпақстан рабочий класының елдиң санаат орайлары рабочийларының туўысқанлық жәрдемине сүйенип, мийнет өнимлилигин арттырыў, техниканы ийелеў, технологиялық процесслерди жетилистириў, бойынша жүргизген гүреси, маман кадрлар таярлаў бойынша ўазыйпаларды габыслы шешиў. рабочийлардың социалистлик сана-сезиминиң өсиўи ҳәм олардың мийнетке социалистлик қатнас жасаўы,социалистлик жарысты ең жайдырыў, мийнетти социалистлик шөлкемлестириў ҳәм хожалықты басқарыўдың социалистлик усылларын санаатқа ҳәр тәреплеме енгизиў автономиялы республика санаатының улыўма көтерилиўин, екиииши бес жыллық план ўазыйпаларының орынланыўын ҳәм арттырып орынланыўын тәмийинледи.

Екинши бес жыллықта Қарақалпақстан санаат улыўма өниминиң көлеми 1932-жылғы 14 840 мың манаттан 1937-жылы 39 050 мың манатқа (1926—1927-жыллардағы баҳа менен) дейин өсти. Пахта тазалаў заводлары бес жыллықта пахта мамығын ислеп шығарыўды 1932-жылғы 11 500 тоннадан 1937-жылы 54 200 тоннаға дейин, ал улыўма өнимди 1933-жылғы 9104 мың манаттан 1937-жылы 21835 мың манатқа көбейтти. Балық аўлаў 1932-жылғы 173 мың центнерден 1937-жылы 194 мың центнерге өсти.

Екинши бес жыллықта Қаралалпақстан АССР ы санаатының раўажланыўына пүткил елдиң индустриаллық раўажланыў нәти-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нен де жоқары пәт пенен өсиўи тән болды. Егер улыўма санаат өними тутасы менен СССР бойынша 1937-жылы 1932-жылға салыстырғанда 220,6% ке өскен болса, Қарақалпақстан АССР ында ол 288% ке өсти. Қарақалпақстан АССР халық хожалығындағы санааттың тутқан орны 1928-жылғы 24,0% орнына 1937-жылы 27,8% ке көбейди.

Солай етип. Қарақалпақстан АССРы екинши бес жыллықта санаатты раўажландырыўда, халық хожалығын техникалық реконструкциялаўды тамамлаўда оғада үлкен табысларға ийе болды.

## 2. АЎЫЛ ХОЖАЛЫҒЫ

Екинши бес жыллық план аўыл хожалығын коллективлестириўди толық тамамлаўды ҳәм пүткил аўыл хожалығын техникалық реконструкциялаўды иске асырыўды белгиледи. Буның ушын аўыл хожалығының техникалық базасының тез өсиўин тәмийинлеў, колхозларды шөлкемлесиў-хожалық жағынан беккемлеў, колхозларға сиясий ҳәм хожалық жағынан басшылықты жақсылаў, аўылда партиялық жумысты күшейтиў зәрүр болды.

Қарақалпақстанның екинши бес жыллықта аўыл хожалығы тараўындағы тийкарғы ўазыйпалары аўыл хожалығын коллективлестириўди дийханшылық районларында 1933—1934-жыллары, шарўашылық районларында 1934—1935-жыллары тамамлаў, колхозларды шөлкемлесиў-хожалық жағынан тағы да беккемлеў, аўыл хожалығын механизациялаў, колхоз өндирисине жаңа агротехникалық усылларды енгизиўден ибарат болды. Пахтаның зүрәәтлилигин гектарына орташа 10,2 центнерге жеткериў, мал шарўашылығын сан ҳәм сапа көрсеткиши бойынша раўажландырыўға ерисиў нәзерде тутылды. Суў хожалығы қурылысы бойынша үлкен жумысларды әмелге асырыў белгиленди.

Усы ўазыйпаларды иске асырыўда ВКП (б) Орайлық Комитетиниң ҳәм Орайлық Қадағалаў Комиссиясының бирлескен январь (1933-жыл) Пленумының машина-трактор станциялары менен совхозларда сиясий бөлимлер ашыў ҳаққындағы қарары айрықша үлкен әҳмийетке ийе болды.

МТС ҳәм совхозлардағы сиясий бөлимлер аўылдың раўажланыўына партиялық басшылықтың өзгеше формасы, Коммунистлик партияның айрықша органы болды Олар колхоз ҳәм совхозлардағы массалық-сиясий жумысларды ен жайдырыў, колхоз ҳәм совхозларды шөлкемлесиў-хожалық жағынан беккемлеў менен шуғылланыўы, егинлердиң зүрәәтлилигин арттырыў, малларды жақсы күтип-бағыўда, гүзги ҳәм бәҳәрги егислерди, жыйын-теримди өз ўақтында шөлкемлестириўде, мәмлекет алдындағы барлық миннетлемелерди өз ўақтында ҳәм толық орынлаў бойынша колхозлар менен совхозлардың алдына қойылған ўазыйпаларды шешиўде МТС ҳәм совхозлардың хожалық-техникалық жумысларына жәрдемлесиўи тийис болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сиясий бөлимлерге тәжирийбели партия хызметкерлери, жоқары маманлыққа ийе шөлкемлестириўшилер жиберилди.

Қарақалпақстан МТС лары қапталындағы сиясий бөлимлер 1933-жылдын басында дүзилди. Партия ҳәм хожалық жумыслары тәжирийбелерине ийе болған көплеген ески партия ағзалары бул жумысқа жоллама алды.

Ол ўақыттағы колхозлардың көпшилиги майда ҳәм экономикалық жақтан жетилиспеген еди. колхозларға кирген дийханлардын майда меншикшилик, индвидуалистлик кейиплери әдеўир унамсыз тәсир етти. Коллективлик хожалықты басқарыўға уқыплы шөлкемлестириўшилер жетиспеди, МТС лардың жумысларында да кемшиликлер орын алды: техника толық пайдаланылмады, аўыл хожалығы жумыслары гейде өз ўақтында жүргизилмеди, олардың сапасы кеўилдегидей болмады.

Класслық душпанлар социалистлик аўыл хожалығынын табыслы раўажланыўын ҳәр қыйлы жоллар менен иркиўге умтылды. Колхозларға кирип алған кулаклар ҳәм байлар оларды ишинен ыдыратыўға ҳәрекет етти, дийханларға абай етип қорқытты, ҳәтте колхоз активистлерине қарсы жаўызлық нийетлерин иске асырыўға урынды.

МТС лардың сиясий бөлимлери колхоз өндирисин ыдыратыўға ҳәрекет еткен бай-кулак элементлерден ҳәм олардын жәрдемшилеринен колхозларды тазалаў бойынша үлкен жумыслар жүргизди. Төрткүл МТСындағы бай-кулак элементлердин зыянкеслик ҳәрекети ашылды. Сиясий бөлимлердин душпан элементлерге қарсы шешиўши гүресиниң арқасында бай ҳәм ийшанлар колхозлардан қуўылды.

Сиясий бөлимлер ВКП (б) Орайлық Комитетиниң 1933-жыл 5-июньдеги „Аўыллық территориялық партия ячейкаларын колхоз массасы менен тығыз байланыслы ҳәм өндириске тиккелей қатнасатуғын өндирислик ячейкалар етип қайта дүзиў ҳаққында" ғы қарары тийкарында өндирислик принцип негизинде аўыллардағы партиялық органларды шөлкемлестириў жағынан беккемлеў бойынша үлкен жумыслар жүргизди. Сиясий бөлимлер колхозларда партия ячейкаларын ҳәм кандидатлық группаларды дүзиўде партияның районлық комитетлерине үлкен жәрдем көрсетти. Тек 1933-жылы 86 колхоз ячейкасы дүзилди, ал пүткил республика бойынша 3743 партия ағзасын ҳәм партия ағзалығына кандидатларды бирлестиретуғын 221 басланғыш партия ячейкасы ҳәм 70 кандидатлық группа болды. Сиясий бөлимлер ячейкалардағы партиялық жумысларды жанландырып, оларды өндирис пенен байланыстырды ҳәм кадрларды дурыс орналастырыўда оларға үлкен жәрдем көрсетти. Колхоз басқарма председательлеринин, бригада баслықларының ҳәм басқа да басшы хызметкерлердиң арасында коммунистлердиң саны әдеўир өсти.

Аўыллық комсомол шөлкемлери де өндирислик принциплер бойынша қайта қурылды. 10264 комсомол ағзасын бирлестиретуғын 429 колхоз ҳәм 105 аўыллық-қалалық комсомол ячейкасы



www.ziyouz.com kutubxonasi

дүзилди хәм 20 өндирислик ячейка шөлкемлестирилди. Тиккелей колхоз өндирисинде жумыс ислеп атырған комсомол ағзаларының саны да әдеўир өсти.

Сиясий бөлимлердин партия сиясатын бузыўшыларға ҳәм бурмалаўшыларға, басқарыў исинде ҳәдден тыс кетиўлерге және қысым жасаўға қарсы гүреси үлкен әҳмийетке ийе болды. Сиясий бөлимлердин усынысы бойынша жүзлеген жаңа адамлар — коммунистлер, комсомолецлер, партияға садық, партияда жоқ колхозшылар—активистлер басшы жумысларға тартылды. 1933-жылы Қарақалпақстан колхозлары ушын 345 колхоз басқарма председатели, 588 дийханшылық бригада баслығы, 70 шарўашылық бригада баслығы таярланылды.

Сиясий бөлимлер массалық маман кадрлар—механизаторлар, тракторшылар таярлаў ҳәм тәрбиялаў бойынша үлкен жумысларды ен жайдырды. Тек 1933-жылы 625 тракторшы таярланды.

Сиясий бөлимлер колхозларға кирип атырған дийханларды жекке меншикшилик үрп-әдетлери менен дәстүрлеринен азат етиў, олардың турмысқа, биринши гезекте жәмийетлик меншикке ҳәм мийнетке социалистлик көз-карасларын раўажландырыў бойынша үлкен тәрбиялық жумыслар жүргизди. Сиясий бөлимлер өз жумыслары менен дийханлардың психологиясының социалистлик қайта дүзилиўине әдеўир дәрежеде мүмкиншилик туўғызды.

Сиясий бөлимлердин ҳәм аўыллық партия шөлкемлеринин басшылығында ен жайған социалистлик жарыс колхозлардың дийханлар массасын мийнет ерлигине рухландырды ҳәм бир неше жүзлеген ылғаллыларды келтирип шығарды. Колхозшы-ылғаллылардың қатары үзликсиз өсти. 1933-жылы-ақ Хожели районы „XVII партсъезд“ колхозынан Палўанов, Тәжимуратов, Төрткүл районы „Рабочий“ колхозынан Я. Сағыйтов, С. Искендеров, З. Матьяқубова сыяқлы колхоз өндириси ылғаллыларының атлары кең белгили болды.

Сиясий бөлимлердиң ҳаял-қызларды колхоз қурылысына тартыў бойынша ислеген жумыслары үлкен хожалық ҳәм сиясий әҳмийетке ийе болды. Сиясий бөлимлердиң басшылығында колхозларда ылғаллы-активист ҳаял-қыз кадрлар өсип шықты. Төрткүл МТС ы сиясий бөлими ҳаял-қызлар арасында үлкен сиясий-тәрбиялық жумыслар жүргизди. 1933-жылы-ақ районда 212 ылғаллы ҳаял-қыз болды, 33 ҳаял-қыз колхозлардың өндирислик бригадаларын басқарды, 11 ҳаял-қыз колхоз басқармаларының ҳәм 13 ҳаял-қыз колхоз тексериў комиссияларының ағзалары болды, 9 колхозшы ҳаял-қыз колхозлардағы зүрәәт кеңеслерине басшылық етти.

Қарақалпақстан колхозшы-ылғаллыларының I съезди (1933-жыл) делегатларының ишинде 200 ден аслам ҳаял-қыздың болыўы аўыл ҳаял-қызларының сиясий ҳәм мийнет активлиги өскенлигинен дәрек береди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сиясий бөлимлер колхозлардағы мийнетти шөлкемлестириў ҳәм оған ҳақы төлеўди жақсылаў бойынша үлкен жумыслар жүргизди. МТС лардың сиясий бөлимлеринин жәрдеми арқасында 1933-жылы-ақ барлық колхозлардағы турақлы өндирислик бригадалар беккемленди, ал олардын ярымы жанадан дүзилди. 1933-жылы республика колхозшылары доходларды шөлкемлескенлик пенен мийнет күн бойынша бөлисип алды.

МТС сиясий бөлимлери колхозларды сиясий ҳәм шөлкемлесиў-хожалық жағынан беккемлеўде айрықша әҳмийетли роль ойнады. ВКП(б) Орайлық Комитетинин ноябрь (1934-жыл) Пленумынын „Аўыл хожалығындағы сиясий бөлимлер ҳаққында" ғы қарарында: „сиясий бөлимлердин дүзилиўи өзлерин толығы менен ақлады ҳәм сиясий бөлимлер аўылларда орын алған кемшиликлерди сапластырыўда айрықша әҳмийетли роль ойнады". Олар „...социалистлик қурылыстын ен артта қалған тараўын — аўыл хожалығын — алдынғы тараўға айландырыў исинде әҳмийетли табысларға еристи"[1], — деп атап көрсетилди.

Ўақытша, айырықша органлар ретинде дүзилген МТС сиясий бөлимлери өзлеринин тийкарғы ўазыйпаларын орынлаўына байланыслы, ВКП(б) Орайлық Комитетинин ноябрь (1934 жыл) Пленумынын қарарына муўапық, әдеттеги партия органлары болып қайта дүзилди ҳәм партиянын районлық комитетлерине қосылды. Сиясий бөлимлердин хызметкерлери районлардағы жумысларға бекитилди. Ҳәрбир МТС да директордын сиясий бөлим бойынша орынбасары хызмет орны шөлкемлестирилди.

1933-жылы февральда Москвада болған колхозшы ылғаллылардын Пүткил союзлық I съезди колхозшылар массасын екинши бес жыллық планды орынлаўға мобилизациялаў исинде, колхозларды шөлкемлесиў-хожалық жағынан беккемлеўде үлкен роль ойнады.

Съезд колхозларды шөлкемлесиў-хожалық жағынан беккемлеў, жәмийетлик өндиристи көтериў бойынша гүресте ерисилген алдынғы тәжирийбелерди жуўмақластырды. Ол: „Барлық колхозларды большевиклестириў, ал колхозшыларды қурғынластырыў" сүренин алға қойды. Бул сүрен хожалық ўазыйпаларын колхозшылардын өз абаданлығын көтериў ўазыйпалары менен тығыз байланыстырды, колхозшылардын өз мийнетлеринин нәтийжелерине материаллық қызығыўшылығын күшейтти.

1933-жылы сентябрьде Төрткүл қаласында Қарақалпақстан колхозшы - ылғаллыларынын I съезди болып, ол колхозшы-ылғаллылардын Пүткил союзлық I съездинин жуўмақларын мақуллады, колхоз қурылысында ерисилген табысларды жуўмақластырды, колхоз өндирисин көтериў ушын гүрестин алдынғы тәжирийбелерин улыўмаластырды ҳәм республикадағы колхоз ҳәрекетин буннан былай раўажландырыў ўазыйпаларын белгиледи.

---

[1] КПСС резолюцияларда ..., III бөлим, 263-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Колхозларды шөлкемлесиў-хожалық жағынан беккемлеў, колхоз ҳәрекетин буннан былай ен жайдырыў ҳәм сол тийкарда аўыл хожалығын көтериў ўазыйпалары областьлық партия шөлкеминин ҳәм автономиялы республика совет органларының дыққат орайында болды. ВКП(б) Қарақалпақстан обкомынын бюросы 1933-жылы июньде районлық партия ҳәм совет органлары басшыларынын, МТС сиясий бөлимлери баслықларынын қатнасыўы менен аўыл хожалығының аўҳалы ҳаққындағы мәселени додалады ҳәм Қарақалпақстан колхозларын шөлкемлесиў-хожалық жағынан беккемлеў бойынша конкрет илажлар белгиледи.

Областьлық партия комитетиниң барлық коммунистлерге үндеўинде колхоз партия ячейкаларында колхозларды шөлкемлесиў-хожалық жағынан беккемлеў, оларды класслық жат элементлерден тазалаў, мийнетти дурыс шөлкемлестириўге ерисиў, колхоз меншигин талан-тараж етиўшилерге қарсы гүрести күшейтиў, колхоз доходларын ҳәм зүрәәтти бөлистириўди жақсылаў, коммунистлердиң өндиристеги авангардлық ролин көтериў бойынша жумысларды кең ен жайдырыўдын зәрүрлиги атап көрсетилди.

ҚҚАССР Орайлық Атқарыў Комитети 1933-жылы июльде колхозларды шөлкемлесиў-хожалық жағынан беккемлеў ҳаққында қарар қабыл етип, оған муўапық колхозлардағы мийнет тәртибин беккемлеў, хожалықты басқарыўдын социалистлик усылларын енгизиў бойынша илажлар иске асырылды. Колхозлардағы тийкарғы өндирислик бирлеспе бригадалар болып, оларға белгили егислик жер майданы, аўыл хожалық қурал-сайманлары, күшкөликлер бекитилди.

1934-жылы январьда Төрткүл қаласында Қарақалпақстан АССР ы гедейлеринин I съезди болып, оған 74 делегат келди Онда аўыл хожалығын коллективлестириўди тамамлаў, колхоз хожалығын көтериў ўазыйпалары ҳаққында, класслық-жат элементлерге қарсы гүрести күшейтиўдиң зәрүрлиги ҳаққында сөз етилди.

ВКП(б) Орайлық Комитети Орта Азия бюросының 1933-жыл 31-декабрьдеги қарары колхозларды шөлкемлесиў-хожалық жағынан беккемлеўде үлкен әҳмийетке ийе болды, онда Қарақалпақстан АССР ын коллективлестириў ушын ҳәзирги мәҳәлдеги тийкарғы форма ТОЗ лар болыўы тийис деп атап көрсетилди. Орта Азия бюросы ВКП(б) Қарақалпақстан обкомына коллективлестириў исинде орын алған барлық қәтеликлерди шешиўши түрде сапластырыўды, бул исте барынша дыққат ҳәм итиятлылық көрсетиўди, ҳеш қандай жағдайда да коллективлестириўдин пәтин асығыслыққа салмаўға, ал коллективлик хожалықларды беккемлеўге, гедей-орташа хожалықларды кем-кемнен коллективлестириў жолына түсириў арқалы. оларға жәрдем бериўди шөлкемлестириўге айрықша дыққат аўдарыўды тапсырды. ВКП(б) Қарақалпақстан обкомы усы қарар тийкарында, барлық коллек-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тивлик хожалықларды қатаң ықтыярлылық басламаларда ауыл хожалығы артельлери ҳәм ТОЗ лардың Уставларына өткериў бойынша илажлар ислеп шықты.

ВКП(б) Қарақалпақстан обкомының 1934-жыл 23-майдағы II пленумы районлық партия комитетлериниң секретарьларын. МТС лардың сиясий бөлимлери баслықлары менен директорларын колхозларды ТОЗ лар ҳәм артельлердиң Уставлары бойынша рәсмийлестириў исин 1934-жыл 15- июньге питкериўге миннетледи. Пленум доходларды бөлистириў ўақтында мийнетти дурыс есаплаўды шөлкемлестириўдиң зәрүрлигин атап көрсетти.

Колхоз қурылысын бүннан былай ең жайдырыў, колхозларды шөлкемлесиў-хожалық жағынан беккемлеў бойынша партияның көрген илажлары жақсы нәтийжелер берди. Егер 1932-жылы гедей-орташалар хожалықларының 57.4% и коллективлестирилген болса, 1934-жылдың ақырында гедей-орташалар хожылықларының 62% и коллективлестирилди.

Колхозларды шөлкемлесиў-хожалық жағынан бунан былай да беккемлеўде колхозшы-ылғаллылардың 1935-жыл февральдағы Пүткил союзлық II съезди үлкен әҳмийетке ийе болды. Съездде колхоз қурылысының оғада үлкен тәжирийбелерин жуўмақластырып, колхозларды бүннан былай раўажландырыўдың ҳәм беккемлеўдиң перспективалары белгиленген аўыл хожалық артельриниң жана үлгили Уставы қабыл алынды.

Уставқа муўапық, колхозлардың ҳақыйқый пайдаланып атырған барлық жерлери оларға мәңгиге пайдаланыўға берилди. Ҳәр бир коллективлик хожалықтың жер массивиниң қол қатылмаслық етип белгилениўи жерден пайдаланыўдағы ийесизликтиң сапластырылыўына мүмкиншилик туўғызды, жәмийетлик жерлердиң талан-тараж етилиўин сапластырды.

1935-жылы жерди мәңгиликке пайдаланыў ҳаққындағы мәмлекетлик акт 564 колхозға тапсырылды 1937-жылы барлық колхозлар жана Устав тийкарында рәсмийлестирилди.

Аўыл хожалығын техникалық реконструкциялаўда үлкен табысларға ерисилди. Коммунистлик партия ҳәм совет мәмлекети аўылдың жаңа техникаға болған өсип баратырған талапларын қанаатландырып барды. Екинши бес жыллықта Қарақалпақстанда машина-трактор станцияларының тараўлары әдеўир кеңейтилди. Егер 1933-жылы автономиялы республикада 6 МТС жумыс ислеген болса, 1937-жылы олар 15 болды, 1933-жылы МТС лардың трактор паркында 276 трактор болса, 1937-жылы олар 972 ге жетти. 1937-жылы МТС лар тракторлар менен 209,1 мың *га* жер сүрип берди.

1934-жылдың басында 8 мың плуг, 5 мыңға шамалас тырма, сеялкалар, культиваторлар ҳәм т. б. үскенелер кең қолланылды, суўғарыў тараўында 80 насосы бар 15 насос станциясы жумыс иследи.

Колхозлардың қүдиретли техника менен қураллландырылыўы, усы техниканы нәтийжели пайдаланыў ушын барынша кең жер



www.ziyouz.com kutubxonasi

майданларының талап етилиўи колхозларды үлкейтиў ўазыйпаларын алға қойды. Усы ўазыйпаны шешиў нәтийжесинде Қарақалпақстандағы ҳәрбир колхоздағы хожалықлардың орташа саны 1932-жылғы 57 ден, бес жыллықтың ақырында 102 ге дейин көбейди, ал егислик майданы усы жыллары 100.5 гектардан 205,5 гектарға кеңейди.

Екинши бес жыллықта Қарақалпақстан АССР ы аўыл хожалығын раўажландырыўға 11,756 мың манат қаржы ажыратылды, бул биринши бес жыллықтағыға қарағанда 3 есе көп болды.

Колхозшылардың ҳәм суў хожалығы хызметкерлериниң пидәкерлик мийнети, партия ҳәм совет органларының күш салыўлары арқасында, екинши бес жыллықта ирригациялық қурылыслар бойынша үлкен жумыслар иске асырылды. 1935-жылы республиканың ең үлкен ирригациялық қурылысы — секундына 18 куб метр суў ағызыў мүмкиншилигине ийе ҳәм 25 шақырым узынлықтағы Қызкеткен каналы пайдаланыўға берилди. 1936-жылы реконструкцияланғаннан кейин, узынлығы 35 шақырым болған ҳәм секундына 65 кубометр суў ағызыў мүмкиншилигине ийе болған „Пахтаарна" (бурынғы Шорахан) каналы пайдаланыўға берилди. Тек усы еки канал суў жеткерип беретуғын егислик жер майданлары 238 мың гектар болды. Қуўанышжарма, Кегейли каналларын реконструкциялаў бойынша үлкен жумыслар исленди Екинши бес жыллықтың ақырында Ленин, Сүўенли каналларын реконструкциялаў, сондай-ақ хожалық аралық ирригациялық тараўларды раўажландырыў бойынша жумыслар басланды.

ВКП(б) Орайлық Комитетиниң ҳәм СССР Халық Комиссарлар Советиниң 1935-жыл 15-сентябрьдеги „Хорезм оазисинде пахташылықты ҳәм туқымлық жоңышқаны раўажландырыў бойынша илажлар ҳаққында" ғы қарары Қарақалпақстанның аўыл хожалығын көтериў ушын да үлкен әҳмийетке ийе болды. Қарар 3800 *га* пахта ҳәм жоңышқа майданларын шығыр менен суўғарыўдан машина менен суўғарыўға өткериўди нәзерде тутты Буның ушын союзлық ҳүкимет Қарақалпақстанға 50 нефть двигателин, 7 землесос ҳәм бир неше экскаватор берди.

Екинши бес жыллықта елдиң бир қатар санаат орайларының рабочийлары Қарақалпақстанның аўыл хожалығын көтериўге үлкен жәрдем көрсетти. 1933 — 1936-жыллары бес жыллық планды орынлаўда колхозшыларға жәрдем бериўди шөлкемлестириў ушын москвалылар Қарақалпақстанға арнаўлы бригадалар жиберди. Булардан басқа, Қарақалпақстанға 10 адам составында арнаўлы техникалық бригада келип, ол аўыл хожалық қурал-сайманларын оңлап дүзетти ҳәм Қызкеткен каналының қурылысына қатнасты. Москвалылар аўыл хожалығын техникалық жақтан реконструкциялаўға да жәрдем көрсетти. Олар ирригациялық жумыслар ушын қуўатлы 4 экскаватор, суўғарыў тараўлары ушын 10 насос жиберди; „Красный металлист" заводы Қызкеткен каналы қурылысына экскаваторлар ушын бир неше мотор жи-



www.ziyouz.com kutubxonasi

берди. Елимиздиң ири заводлары Қарақалпақстанға машиналар, механизмлер, үскенелер жиберди. Мысалы, Сталинград трактор заводы 16 трактор моторын, Харьков трактор заводының рабочийлары 20 землесос, 2 экскаватор, 60 трактор, Кострома заводы —2 экскаватор ҳәм 5 гусеницалы ЧТЗ тракторын жиберди.

Аўыл хожалығын буннан былай көтериўде, колхозларды шөлкемлесиў-хожалық жағынан беккемлеўде колхозшылар арасында новаторлар ҳәрекетиниң таралыўы үлкен әҳмиетке ийе болды. 1934-жыл июньде колхозшы ылғаллы ҳаял-қызлардың республикалық слеты өткерилди. Сол ўақытта аўыл хожалығы өндириси алдыңғыларының ишинде Төрткүл районы „Крайком" колхозынан Г. Оразымбетова, Қараөзек районы „Райком" колхозынан Г. Артықова, Шымбай районы Куйбышев атындағы колхоздан Б. Қосбергенова сияқлы ылғаллы ҳаял-қызлардын қатары республикада барған сайын көбейди.

Партия ҳәм совет ҳүкимети Қарақалпақстан колхозшыларының мийнеттеги қаҳарманлықларын жоқары баҳалады. 1935-жылы автономиялы республика аўыл хожалығының алдыңғыларынан 11 адам „Ҳүрмет Белгиси" ордени менен наградланды.

1935-жылы Қарақалпақстан мәмлекетке пахта тапсырыў планын 155% ке, ал жоңышқа тухым тапсырыў планын 100% ке орынлады. Пахтаның зүрәәтлилиги республика бойынша гектарына нәзерде тутылған 6,4 *ц* орнына 8,5 центнерге жеткерилди. Ал айырым районларда бул көрсеткиш оннан да жоқары болды.

Партия ҳәм ҳүкимет басшыларының Өзбекстан, Қазақстан ҳәм Қарақалпақстан АССР ы колхозларының алдынғылары менен 1935-жылы 19-декабрьде өткерген кеңеси автономиялы республикада аўыл хожалығын буннан былай раўажландырыўдың әҳмийетли стимулы болды. Кеңесте шығып сөйлеген Қарақалпақстан АССР ы Орайлық Атқарыў Комитетиниң председатели Н. Сапаров автономиялы республиканың аўыл хожалығы тараўында ерискен үлкен табыслары ҳаққында айтып берди.

Коммунистлик партияның ғамхорлығынан рухланған МТС рабочийлары ҳәм колхозшылар социалистлик жарысты және де кең ен жайдырды, аўыл хожалығы өндирисии көтериўдиң жаңа резервлерин изледи. 1936-жылы Төрткүл қаласында болған тракторшылардың республикалық кеңесинде трактор менен культивациялаўды, аўыл хожалығы машиналарын ремонтлаўды, механизатор кадрлар таярлаўды жақсы жүгизиў ушын социалистлик жарыс шөлкемлестириўге қарар етилди. Кеңес республика механизаторлары арасында социалистлик жарыстың буннан былай раўажланыўына себепши болды. ҚҚАССР да егислик жер майданларының ҳәр гектарынан 20—30 *ц* пахта алыўды ўазыйпа етип қойған „жигирма центнершилер" ҳәм „отыз центнершилер" ҳәрекети ен жайдырылды. 1936-жылы 80 колхозшы, 26 бригада ҳәм 30 звено усы ҳәрекетке қосылды.

Екинши бес жыллық планды табыслы орынлап шығыў ушын



www.ziyouz.com kutubxonasi



Қарақалпақстан АССР ының ылғаллы пахтакешлери Москва қаласында, ортада Қарақалпақстан АССР ы Советлеринин Орайлық Атқарыў Комитетиниң председатели Н. Сапаров.

www.ziyouz.com kutubxonasi

гүрестиң жуўмағында колхоз қурылысы шешиўши жеңиске ерисaround. 1937-жылы колхозлар автономиялы республиканың барлық дийхан хожалықларының дерлик 90% ин ҳәм барлық егислик жер майданының 96% ин бирлестирди.

Соңғы эксплуататор класс — кулаклар сапластырылды. Аўылда жаңа жәмийетлик-экономикалық уклад биротала беккемленди. Майда дара хожалық ирилендирилип, оны техникалық жақтан реконструкциялаў питкерилди.

### 3. МИЙНЕТКЕШЛЕРДИҢ МАТЕРИАЛЛЫҚ АБАДАНЛЫҒЫНЫҢ КӨТЕРИЛИЎИ

СССР да социализмниң жеңиси, екинши бес жыллық планның табыслы орынланыўы миллий доходтың бурын көрилмеген дәрежеде өсиўине алып келип, мийнеткешлердиң материаллық абаданлығын тағы да арттырыў ушын материаллық база дүзди.

Республикалық бюджеттиң өсиўи Қарақалпақстан мийнеткешлери материаллық аўҳалының жақсыланыўының көрсеткиши болды Егер 1932-жылы Қарақалпақстанда халықтың абаданлығын көтериўге мәмлекетлик ҳәм жергиликли бюджет бойынша жумсалған қаржы 12888 мың манат болған болса, 1937-жылы ол 78302 мың манатқа жетти. Бюджетлик қаражеттиң халықтың жан басына жумсалыўы 1932-жылғы 31 манат 50 тыйыннан 1937 жылы 185 манатқа жетти.

Рабочийлардың ҳәм хызметкерлердиң мийнет хақыларының көбейиўи, колхозлардың ҳәм колхозшылардың табысларының өсиўи, мийнеткешлердиң сатып алыў уқыбының өсиўи ҳәм семья бюджетиниң көбейиўи республика мийнеткешлериниң материаллық абаданлығының усы жылларда артқанлығының айқын гуўасы болып есапланады. Екинши бес жыллықта автономиялы республика рабочийларының ҳәм хызметкерлериниң мийнет ҳақы фондлары 3 есе көбейди ҳәм 1937-жылы 123 млн. манат болды, ҳәр бир мийнет ислеўши адамның жыллық орташа мийнет ҳақысы 1967 манаттан 3774 манатқа өсти.

Колхоз қурылысының жеңиси дийханлардың көп әсирге созылған жарлышылығын сапластырды. Екинши бес жыллықта көпшилик колхозлар жәмийетлик хожалықларды раўажландырыўда әдеўир табысларға еристи, колхозлардың ҳәм колхозшылардың доходлары кескин өсти. Екинши бес жыллықтың ахырына колхозлардың улыўма доходы 37 *млн* манатты қурады, ал мийнет күн бойынша бөлистирилетуғын доход 25,4 *млн* манаттан ибарат болды. Колхозшылардың абаданлығы өскенлиги ҳәм колхозлардың беккемленгенлигинен бөлинбес фондлардың өскенлиги гуўалық береди. Бес жыллықтың ақырына автономиялы республика колхозларының бөлинбес фондлары 4,2 *млн* манатты қурады.

Халық хожалығының барлық тараўларында социалистлик қурылыстың табыслары совет саўдасының раўажланыўы ушын



www.ziyouz.com kutubxonasi

жағдай дүзди. Усақлап сатыў товар айланысы 1932-жылғы 46,9 *млн* манаттан 1937 жылы 207,9 *млн* манатқа көбейди.

Ден саўлықты сақлаў тараўында да үлкен табысларға ерисилди, оны шөлкемлестириў ушын биринши бес жыллықта жумсалған 2020 мың манат орнына, екинши бес жыллықта 22 362 мың манат жумсалды. Екинши бес жыллықта емлеўханалардағы орынлар үш есе көбейди. 1937-жылы Қарақалпақстанда 82 врач, 218 орта мағлыўматлы медициналық хызметкер жумыс иследи.

Екинши бес жыллықта коммунал-турақ жай хожалығының раўажланыўына үлкен дыққат аўдарылды. 1935-жылы Халық Комиссарлар Совети Қарақалпақстанның тек балықшылық колхозларындағы турақ жай ҳәм турмыс қурылысларына ғана 150 мың манат мәмлекетлик кредит бөлип шығарды.

Халықтың турмыс жағдайларында әдеўир өзгерислер болды. Үй-үскенеде миллий затлар менен бирге металл ҳәм ағаш кроватьлар, стол,стул, радио, патефон, велосипед, ҳәм т. б. жаңа затлар кең пайдаланылды. Кийим-кеншеклерде де бир қатар өзгерислер болды. Европа типиндеги қала кийим-кеншеклери күнделикли турмысқа кең енди.

Социалистлик экономиканың тасқынлап раўажланыўы менен социаллық қамсызландырыў қаржылары да тез өсти, қартайғанлығы бойынша пенсия ҳәм ҳәр қыйлы пособиелер көбейтилди.

Республиканың қала ҳәм аўылларын абаданластырыў бойынша екинши бес жыллықта жүргизилген үлкен жумыслар ҳәм мийнеткешлердиң турмыс жағдайларының әдеўир дәрежеде жақсыланыўы туўылыўшылықтың өсиўине ҳәм өлиўшилик процентиниң азайыўына мүмкиншилик туўғызды. 1939-жылғы пүткилсоюзлық халықтың есабын алыў басланған ўақытта Қарақалпақстан АССР ы халқының улыўма саны 1926-жыл менен салыстырғанда 144,7 мың адамға, 43,6% ке көбейди.

Мийнеткешлердиң материаллық абаданлығын түп-тамырынан жақсылаў ушын гүресте ерисилген уллы табыслар тек совет власты ҳәм хожалықтың социалистлик системасы жағдайында ғана мүмкин болды.

## 4. СОВЕТ ЖӘМИЙЕТЛИК ҲӘМ МӘМЛЕКЕТЛИК ДҮЗИМИНИҢ БУННАН БЫЛАЙ ДА БЕККЕМЛЕНИЎИ

СССР халық хожалығын раўажландырыўдың екинши бес жыллық планын табыслы орынлаўдың нәтийжесинде совет жәмийетиниң экономикасында ҳәм класслық қурылысында, елимиздиң турмысының барлық тараўларында түпкиликли өзгерислер болды. Социализмниң жениси тәмин етилди.

Автономиялы республика халық хожалығын социалистлик қайта дүзиўдиң нәтийжесинде эксплуататор класслар сапластырылды, адамды-адамның эксплуатациялаўын дөретиўши себеплер ҳәм жәмийеттиң эксплуатацияланыўшылар ҳәм эксплуатациялаўшылар болып бөлиниўи сапластырылды. Еки дос класс — рабо-



www.ziyouz.com kutubxonasi

чийлар ҳәм дийханлар қалып, олар социалистлик қурылыстың барысында түпкиликли өзгерислерге ушырады. Қарақалпақстанда бес жыллықлар дәўиринде қәлиплескен совет рабочий класы жәмийетти басқарыўшы күшке айланды Қарақалпақ дийханларының социаллық тәбияты өзгерди. Олар класслық майда өндириўшилер болыўын тоқтатты ҳәм өзлериниң турмысын коллективлик мийнетке жәнe алдыңғы, ҳәзирги заман техникасына тийкарланған хожалықтың социалистлик формасы менен байланыстырды.

Усы ўақытқа келип, рабочийлардан ҳәм дийханлардан жаңа совет интеллигенциясы қәлиплести ҳәм ески интеллигенция совет власты платформасына биротала өтти.

Пүткил халықтың идеологиясы болған социалистлик идеология женди. Бул қарақалпақ халқының рухый турмысында да социализминиң жеңгенлигин аңлатты.

Бир-биреўге исенбеўшиликтиң жоқ болыўы, елимиз халықларының арасында дослық сезимлериниң беккемлениўи, олардың туўысқанлық бирге ислесиўи пролетар интернационализминиң ленинлик идеяларының жеңиси, ленинлик миллет сиясатының ең әҳмийетли нәтийжеси болды.

Коммунистлик партияның ленинлик миллет сиясатын иске асырыўының, рус халқының ҳәм бизиң елимиздиң басқа да халықларының туўысқанлық қалыс жәрдеминиң арқасында қарақалпақ халқы тарийхый қысқа мүддет ишинде раўажланыўдың капиталистлик басқышын өтпестен-ақ социализмге өтиўди иске асырды. Социализмге өтиў процесинде қарақалпақ халқының қарақалпақ социалистлик миллет болып дүзилиўи иске асты.

СССР да социализминиң жеңиси ҳәм елдиң хожалық ҳәм жәмийетлик-сиясий турмысындағы уллы өзгерислер жаңа конституция қабыл алыўдың зәрүрлигин көрсетти. Усыған байланыслы СССР Советлериниң Пүткил союзлық VII съезди 1935-жыл февральда Совет Конституциясына өзгерислер киргизиў ҳаққында қарар қабыл етти.

1936-жыл июньде жаңа Конституцияның проекти ВКП(б) Орайлық Комитетиниң Пленумында ҳәм СССР Орайлық Атқарыў Комитетиниң Президиумында қаралды ҳәм мақулланды. 1936-жыл 12 июньде ол пүткил халықлық додалаў ушын баспа сөзде жәрияланды.

Пүткил совет халқы сыяқлы Қарақалпақстан АССР ы мийнеткешлери де жаңа СССР Конституциясы проектин үлкен қанаатланыўшылық пенен қарсы алды ҳәм оны додалаўға актив қатнасты.

1936-жыл 15-ноябрьде ашылған Қарақалпақстан АССР Советлериниң III Айрықша съезди СССР Конституциясы (Тийкарғы Нызамы) проектин қызғын мақуллады. Съезд СССР Конституциясы проекти ҳаққындағы доклад бойынша қарарында: „Социалистлик мәмлекеттиң Конституциясының проекти ҳаққындағы докладты тыңлап ҳәм додалап, Қарақалпақстан АССР Советлериниң



www.ziyouz.com kutubxonasi

III Айрықша съезди адамзат тарийхындағы ең уллы бул документти қызғын қуўатлайды. Советлердиң съезди Конституция проектин тутас ҳәм толығы менен мақуллайды", — деп жазды.

СССР Конституциясы проекти Қарақалпақстан АССР ының Өзбекстан ССР ы составына өтиўин нәзерде тутты. Қарақалпақстанның территориаллық аўҳалы, оның халық хожалығының өзине тән өзгешелиги автономиялы республиканың Орта Азия республикаларының биреўиниң составына өтиўин зәрүр етти. Олардың ишинде Қарақалпақстанға экономикалық, территориялық, мәдений ҳәм басқа да белгилери бойынша ең жақыны Өзбекстан ССР ы болды. Қарақалпақстан АССР ының Өзбекстан ССР ы составына өткенлиги ҳаққандағы хабар автономиялы республика мийнеткешлери тәрепинен мақулланды.

1936-жыл 25-ноябрьде СССР Советлериниң VIII Айрықша съезди ашылды. Ол СССР Конституциясын тастыйықлады. Жаңа Совет Конституциясы совет халқының гүресиниң ҳәм жеңисиниң жуўмағы болды. Ол социалистлик дүзимниң жеңисин ҳәм оның тийкарғы принциплерин нызам менен бекитти.

Жаңа Конституцияның, женген социализм Конституциясының қабыл алыныўы СССР дың социалистлик жәмийет дүзиўди тамамлаў дәўирине өтиўиниң нышаны болды.

1937-жыл 12-февральда ӨзССР Советлериниң VI Айрықша съезди Өзбектстан ССР ының жаңа Конституциясын бир аўыздан мақуллады ҳәм тастыйықлады. Онда жаңа СССР Конституциясының тийкарғы режелерине муўапық, өзбек халқының экономикасында ҳәм жәмийетлик-сиясий турмысында 1925 жылдан бери болып өткен өзгерислер есапқа алынды, сондай-ақ республиканың өзине тән миллий өзгешеликлери сәўлеленди

ӨзССР Советлериниң VI Айрықша съезди жумысына СССР ҳәм Өзбекстан ССР Конституцияларына муўапық ӨзССР составына өткен Қарақалпақстан АССР ынан 50 делегат қатнасты.

СССР Конституциясы проектин пүткил халықлық талқылаў менен бирге автономиялы республикада ҚҚАССР дың жаңа Конституциясын ислеп шығыў бойынша үлкен жумыслар жүргизилди. 1936-жыл 9 сентябрьде Қарақалпақстан АССР ының жаңа Конституциясының проектин таярлаў бойынша комиссия дүзилди. 1937-жылы март айына шекем-ақ конституция проекти ислеп шығылып, ол ҚҚАССР Орайлық Атқарыў Комитети Президиумы тәрепинен мақулланды ҳәм республикалық баспа сөзде жәрияланды.

Пүткил халықлық додалаў ҳәм мақуллаўдан кейин Қарақалпақстан АССР Советлериниң III Айрықша съезди 1937-жылы 23-мартта оғада үлкен көтеринкилик жағдайында Қарақалпақстан Автономиялы Совет Социалистлик Республикасының Конституциясын тастыйықлады. Конституция қарақалпақ халқының Коммунистлик партияның басшылығында, уллы рус халқының ҳәм елимиздиң басқа да халықларының жәрдеми менен капитализм басқышын өтпестен-ақ социализм қурғанлығы ҳәм социалистлик



www.ziyouz.com kutubxonasi

жәмийет дүзиўди тамамлаў және кем-кемнен коммунизмге өтиў дәўирине кирискенлиги ҳаққындағы тарийхый фақты нызам менен тастыйықлады. Конституция, Қарақалпақстан Автономиялы Совет Социалистлик Республикасы помещиклердиң, капиталистлердиң, ханлардың, аталықлардың ҳәм байлардың властын қулатыўдың, пролетариат диктатурасын орнатыўдың, миллетшил контрреволюцияны қыйратыўдың ҳәм қарақалпақ халқының бирлесиўиниң нәтийжесинде өсип шыққан ҳәм беккемленген және автономиялы республиканың сиясий тийкары болып есапланатуғын Мийнеткешлер депутатлары Советлери арқалы барлық власть қала, аўыл, қышлақ ҳәм поселка мийнеткешлерине тийисли болған рабочийлардың ҳәм дийханлардың социалистлик мәмлекети екенлигин белгиледи.

Пүткил Советлер Союзындағы сияқлы Қарақалпақстан АССР ының да экономикалық тийкары хожалықтың социалистлик системасы ҳәм хожалықтың феодаллық және капиталистлик системасын сапластырыўдың, өндирис қураллары менен әсбапларына жекке меншикликти бийкарлаўдың, адамды-адамның эксплуатациялаўын жоқ етиўдиң нәтийжесинде орнаған мәмлекетлик ҳәм кооперативлик-колхоз меншиги формасындағы өндирис қураллары менен әсбапларына социалистлик меншик болып есапланады.

Конституция, Қарақалпақстан АССР ының хожалық турмысы жәмийетлик байлықты көбейтиў, мийнеткешлердиң материаллық ҳәм мәдений дәрежесин үзликсиз көтериў, социалистлик мәмлекеттиң ғәрезсизлигин беккемлеў және оның қорғаныў уқыбын күшейтиўди нәзерде тутатуғын мәмлекетлик халық хожалық планы менен белгиленеди ҳәм бағдарланады, деп атап көрсетти.

Қарақалпақстан АССР ында ҳәр кимнен уқыбына қарай, ҳәр кимге мийнетине қарай, деген социализмниң принципи иске асырылды.

Конституция, Қарақалпақстан АССР ының барлық гражданларына мийнет етиў ҳуқуқын, яғный мийнетиниң муғдары ҳәм сапасына қарай хақы төленетуғын гарантияланған жумыс алыў ҳуқуқын берди. Барлық мийнеткешлерге дем алыў ҳуқуқы, ҳақы төлениўи менен ҳәр жылы мийнет отпускасы, пулсыз медициналық жәрдем аўырғанда ямаса мийнет етиў уқыбын жойытқанда, сондай ақ қартайғанда материаллық тәмийинлеў гарантияланады. Қарақалпақстан АССР ы гражданлары билим алыў ҳуқуқына ийе. Ол билим алыўдың ғалаба миннетлилиги, ҳақы төленбейтуғынлығы, жоқары мектеплердеги оқыўшылардың басым көпшилигине мәмлекетлик стипендия төлеў системасы, мектеплерде ана тилинде билим бериў ҳәм т. б, арқалы тәмийин етиледи

Қарақалпақстан ҳаял-қызларына хожалық, мәмлекетлик, мәдений ҳәм жәмийетлиқ сиясий турмыстың барлық тараўларында ерлер менен тендей ҳуқуқ берилди. Усы ҳуқуқларды ҳаял-қызлардың ис жүзинде пайдаланыўы ушын оларға ерлер менен тендей мийнет етиў, тендей мийнет ҳақы алыў, дем алыў, соци-



www.ziyouz.com kutubxonasi

аллық қамсызландырыў, билим алыў, ана ҳәм бала мәплерин мәмлекетлик қорғаў, жүкли ўақтында айлық ҳақысын толық сақлап, отпуска бериў, туўыў үйлери менен бала бақшалардың кең тараўларынан пайдаланыў мүмкиншиликлери бириледи. Ҳаял-қызлар азатлығына ҳәр қыйлы жоллар менен қарсылық көрсететуғынлар нызам менен жазаланады.

Қарақалпақстан АССР граждановларының миллий ҳәм расалык айырмашылықларына қарамастан хожалық, мәмлекетлик, мәдений ҳәм жәмийетлик-сиясый турмыстың барлық тараўларында тең ҳуқуқлылығы беккем нызам болып есапланады.

Конституция Қарақалпақстан АССР гражданларына барлық демократиялық еркинликлерди: сөз, баспа сөз, жыйналыс ҳәм митинглер, көшелерде салтанатлы жүрислер менен демонстрациялар өткериў еркинлигин гарантиялады ҳәм жәмийетлик шөлкемлерге бирлесиў ҳуқуқларын тәмийинледи. Конституцияда рабочий класстан ҳәм мийнеткешлердин басқа да қатламларынан шыққан айрықша актив, саналы гражданлардың мийнеткешлердиң социалистлик қурылысты беккемлеў ҳәм раўажландырыў ушын гүрестеги алдыңғы отряды, олардың барлық жәмийетлик ҳәм мәмлекетлик шөлкемлеринин басқарыўшы ядросы болған Пүткил союзлық Коммунистлик партияға ағза болып кириўине жол ашық, — деп көрсетилди.

Қарақалпақстан АССР гражданларынын жекке басына ҳәм турак жайларына, хат алысыўларының сыр сақланыўына қол қатылмаўы гарантияланды.

Қарақалпақстан АССР Конституциясы автономиялы республика гражданларының ўазыйпаларын да белгилеп берди. Қарақалпақстан АССР ының ҳәр бир граждакы СССР, Өзбекстан ССР ҳәм Қарақалпақстан АССР Конституцияларын дурыс басшылыққа алыўға, нызамларды орынлаўға, мийнет тәртибин сақлаўға, жәмийетлик миннетлерге ҳадал қатнас жасаўға, жәмийетлик, социалистлик меншикти қорғаўға ҳәм беккемлеўге миннетли. Ўатанды — қорғаў-Қарақалпақстан АССР ынын ҳәр бир гражданы ушын әдиўли миннет, ғалаба миннетли әскерий хызмет етиў нызам болып есапланады.

Қарақалпақстан АССР Конституциясы, автономиялы республикада пүткил Советлер Союзындағыдай, ең кең, нағыз социалистлик демократия принциплери бойынша дүзилген сайлаў системасын енгизди. Оған муўапық Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Советине ҳәм мийнеткешлер депутатларының жергиликли Советлерине депутатлар сайлаў сайлаўшылар тәрепинен ғалаба, тен ҳәм тиккелей сайлаў ҳуқуқлары тийкарында жасырын даўыс бериў жолы менен өткерилетуғын болды. Сайлаўлар ғалаба болып табылады, яғный ақылдан айрылғанлардан ҳәм судтың қарары менен сайлаў ҳуқуқларынан айрылғанлардан басқа, Қарақалпақстан АССР ының 18 жасқа шыққан барлық гражданлары расалық ҳәм миллий айырмашылығына, динге исениўине, билим



www.ziyouz.com kutubxonasi

цензине, мал-мүликлик жағдайына ҳәм өткендеги ислерине қарамастан депутатлар сайлаўға және сайланыўға ҳуқуқлы болды.

Жаңа Конституция қарақалпақ халқының алдына социалистлик раўажланыўдың перспективаларын ашып берди, республика халықларының СССР дағы барлық халықлар менен дослығын тағы да беккемледи, оларды бир семьяға жәмлестирди.

Елде СССР Жоқарғы Советине биринши сайлаўларға таярлық ен жайды Жана конституцияның тийкарында партия алдағы сайлаўларды ылайықлы күтип алыў ушын барлық жумысларды басқарды ВКП(б) Орайлық Комитетинин 1937-жыл февраль—марттағы Пленумы СССР Жоқарғы Советине болатуғын сайлаўларға байланыслы партия шөлкемлериниң ўазыйпалары ҳаққындағы мәселени додалады.

Пленум қарарларын басшылыққа алып, партия шөлкемлери партияның ишки демократиясын буннан былай раўажландырыў, партиялық масса алдында партия органларының жуўапкершилигин күшейтиў ҳәм коммунистлерди активлестириў тийкарында партиялық жумысларды қайта курыўды иске асырды.

1937-жыл июльде СССР Орайлық Атқарыў Комитетинин IV сессиясы „СССР Жоқарғы Советине сайлаўлар ҳаққындағы реже" ни тастыйықлады. Онда жаңа Конституцияға муўапық сайлаўшылардың өз депутатларын сайлаў тәртиплери белгиленди.

СССР Жоқарғы Советине сайлаўлар оғада үлкен көтериңкилик пенен өтти. Оның өткерилген күни 12-декабрь ғалаба халықлық байрамға айланды. Қарақалпақстан АССР ында сайлаўшылардың 98 8% и сайлаўларға қатнасты, соның 99,65% и коммунистлер менен партияда жоқлардың блогы кандидатлары ушын даўыс берди. Қарақалпақстан АССР мийнеткешлери СССР Жоқарғы Советине депутат етип республиканың көрнекли партия ҳәм мәмлекетлик хызметкерлери, санаат ҳәм аўыл хожалығы алдынғыларын, совет интеллигенциясының ўәкиллерин сайлады.

СССР Жоқарғы Советине биринши сайлаўлар бизиң уллы Ўатанымыз халықлары дослығының ҳәм мораллық-сиясий бирлигиниң айқын дәлийли болды. Олар мийнеткешлерди коммунистлик тәрбиялаўдың мектеби болды, олардың өндирислик ҳәм сиясий активлигин тағы да жоқары көтерди.

1937-жылдың 1-январына областьлық партия шөлкеминде 884 партия ағзасы ҳәм 795 партия ағзалығына кандидат болды. Екинши бес жыллықтың ақырына область партия шөлкеминдеги коммунистлердиң улыўма составының 30,8% и рабочийлар, 40,8% и колхозшы дийханлар болды.

ВКП(б) Орайлық Комитетинин Қарақалпақстан партия шөлкеминде партиялық документлерди тексериўдиң жуўмақлары ҳаққындағы 1936-жыл басындағы қарары Қарақалпақстан партия шөлкеми жумысын буннан былай жақсылаўда үлкен әҳмийетке ийе болды. ВКП(б) Орайлық Комитети, Қарақалпақстан партия шөлкеми орайдан алыста ҳәм өзиниң составында аз санлы болыўына байланыслы арықша дыққат бөлиўди ҳәм жәрдем бериў-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ўди талап етеди,—деп атап көрсетти. ВКП(б) Орайлық Комитети Қарақалпақстандағы ҳаял-қызлар арасындағы жумыстың босанлығын есапқа алып, Қарақалпақстан областьлық партия комитетине обкомнын ҳаял-қызлар секторын ашыўға руқсат етти ҳәм районлық комитетлер де ҳаял-қызлар арасында жумыс ислейтуғын бир-бирден инструкторлар бөлип шығарыўға ерик берди, Қарақалпақстан Областьлық комитети ҳәм районлық партия комитетлериниң штатларын көбейтиўге руқсат етилди.

· ВКП(б) Орайлық Комитетиниң қарарына муўапық, 1937-жыл апрельде Қарақалпақстан областьлық партия шөлкеми Өзбекстан Коммунистлик партиясының составына қосылды.

Партия шөлкемлери профсоюзлардың жумысларынын жақсыланыўына жәрдемлести. Комсомол шөлкемлеринин активлиги арттырылды. 1937-жылдың 1-июлына Қарақалпақстан комсомолынын қатарында 685 комсомол шөлкемлерине бирлескен 8300 қызжигит болды.

ВЛКСМ Орайлық Комитетинин Орта Азия бойынша бюросынын 1933-жыл 19-майдағы „Қарақалпақстан областьлық комсомол комитетиниң басланғыш комсомол шөлкемлерине басшылығы ҳаққында"ғы қарары автономиялы республика комсомол шөлкемлериниң жумысын активлестириўде үлкен әҳмийетке ийе болды. Бул қарар 1933-жыл 21-июньда болған областьлық комсомол кокомитетиниң гезексиз Пленумында додаланып, ол областьтың комсомол шөлкеми жумысындағы елеўли кемшиликлерди ашты ҳәм оларды сапластырыў бойынша илажлар белгиледи.

1936-жыл февральда автономиялы республика комсомолы өзиниң 10 жыллық юбилейин салтанатлы белгиледи. 1936-жыл 12-февральда VII салтанатлы областьлық Комсомол конференциясы ашылып, ол комсомол шөлкеминиң он жыл ишиндеги үлкен жумысына жуўмақ жасады. Қарақалпақстан комсомолының он жыллық юбилейин байрамлаў комсомолецлердин ҳәм автономиялы республиканың барлық жасларының сиясий ҳәне мийнет активлигин буннан былай арттырыўда үлкен әҳмийетке ийе болды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## IX бап

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АССР ында МӘДЕНИЙ РЕВОЛЮЦИЯ (1917 — 193/-ж.ж.)

## 1. ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎИ

Октябрь революциясының женисинен кейин Коммунистлик партияның ҳәм Совет мәмлекетиниң ен әҳмийетли ўазыйпаларының бири елимиз халықларының формасы бойынша миллетлик ҳәм мазмуны бойынша социалистлик жана мәдениятын дүзиўден ибарат болды.

Жана социалистлик мәдениятты дүзиўдин баслы қыйыншылығы халық массасының, әсиресе миллий шет үлкелердеги жергиликли халықлардың арасында саўатсызлықтың жоқары дәрежеде болыўына байланыслы болды. Патша Россиясының ен артта қалған шет үлкелериниң бири болған Қарақалпақстанда халықтың тек 0,2% и ғана саўатлы еди.

Саўатсызлықты сапластырыў социализм дүзиўдиң зәрүрли шәрти болды „... Бизде еле елде саўатсызлық сияқлы қубылыс орын алып турғанда сиясий ағартыў ҳаққында сөз етиўдиң өзи оғада қыйын. Бул сиясий ўазыйпа емес, ал зәрүрли жағдай болып, онысыз сиясат ҳаққында сөз етиўге болмайды. Саўатсыз адам сиясаттан шетте болады, оны бастан баслап үйретиў керек“[1], — деген еди В. И. Ленин.

Халықтың саўатсызлығын сапластырыў ушын гүрес еки бағдар бойынша: егеделердин саўатын ашыў ҳәм жасларды мектеплерде билимлендириў системасын раўажландырыў арқалы жүргизилди.

Халық Комиссарлар Советинин 1919-жылы 26-январьдағы „РСФСР халқы арасында саўаттызлықты сапластырыў ҳаққында“-ғы арнаўлы декрети ғалаба саўат ашыў ушын массалық атланысқа баслама салды.

Усы декрет тийкарында Түркстан республикасы Халық Комиссарлар Совети республика халқы арасындағы саўатсызлықты сапластырыў ҳаққында декрет шығарып, ол 8 жастан 40 жасқа шекемги барлық саўатсызлардын саўатын ашыўды миннетледи.

---

[1] В И. Ленин. Шығармаларының толық жыйнағы 44-том, 174—175-бетлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Декретти ис жүзине асырыў ушын билимлендириў комиссариатына ҳәм оның орынлардағы органларына барлық саўатлы адамларды саўатсызларды оқытыў исине тартыўға ҳукук берилди. Саўатсызлықты сапластырыў мектеплери халық үйлеринде, ширкеўлерде, мешитлерде, клубларда, жекке хожалықлардын жайларында ашылды, олар ушын фабрикаларда, заводларда, совет мәкемелеринде ҳәм т. б. орынларда бөлмелер ажыратылды. Кәрханаларда ислеп жүрип саўат ашып атырған адамлар ушын айлық мийнет ҳақысы сақланыўы менен жумыс күни еки саатқа қысқартылды.

Саўатсызлықты сапластырыў бойынша Пүткил россиялық айрықша комиссия дүзилгеннен кейин Түркстан республикасы билимлендириў халық комиссариаты қапталынан да, ал орынларда ҳалық билимлендириўи бөлимлери қапталынан усындай саўатсызлықты сапластырыў бойынша Айрықша комиссиялар дүзилди. Олардын ўазыйпасы, саўатсызлықты сапластырыў бойынша жумысларға тиккелей басшылық етиў. егеделерди оқытыў бойынша барлық шөлкемлердин жумысларына басшылық етиў, оқыў қуралларын басып шығарыў, саўат ашыў мектеплеринин тараўларын ашыў сияқлы илажларды иске асырыўдан ибарат болды

Россияның орайлық областьларының басламалары ҳәм тәжирийбелерине тийкарланып, Түркстан партия шөлкеми халықтың аз сандағы саўатлы қатламын „Жоқ болсын саўатсызлық" ықтиярлы жәмийетине бирлестирди. Жәмийет халық арасында ағартыў жумысларын жүргизиўде партияға ҳәм совет властына үлкен жәрдем көрсетти. Ол өз жумысын кең мийнеткешлер массасына сүйенип жүргизди ҳәм саўатсызлықты сапластырыў мүтәжликлери ушын жәмийетлик қаржылар топлады.

Усылардын барлығы саўатсызлықты сапластырыў мектеплеринин өсиўине алып келди. 1924/25-оқыў жылында Қарақалпақстанда егеделер ушын 25 мектеп ашылып, оларда 1105 адам оқыды.

Партия Орайлық Комитетинин 1925-жыл май айындағы „Саўатсызлықты сапластырыў бойынша комиссиянын жумысы ҳаққында"ғы, „Жоқ болсын саўатсызлық" жәмийетинин жумысы ҳаққында"ғы арнаўлы қарарлары саўатсызлықты сапластырыў ушын гүресте үлкен әҳмийетке ийе болды.

Қарақалпақстанның партия, совет органлары ҳәм жәмийетлик шөлкемлери Орайлық Комитеттиң қарарларын орынлай отырып, саўатсызлыққа қарсы кең атланыс жүргизди. 1925-жылы октябрьде болып өткен Қарақалпақстан областьлық Биринши партия конференциясы егеделер арасында саўатсызлықты сапластырыў бойынша кең илажлар белгиледи.

Областьта саўатсызлықты сапластырыў бойынша жанадан мектеплер ҳәм пунктлер дүзилди. 1927-жылы 52 саўатсызлықты сапластырыў пункти жумыс ислеп, соның 25 и мәмлекетлик бюджеттин, ал 27 си жергиликли бюджеттиң есабынан тәмийинленди. Оларда 2083 адам оқыды (1924/25-оқыў жылына қарағанда еки есе дерлик көп). Ҳаял-қызларды саўатландырыў исинде



www.ziyouz.com kutubxonasi

де дәслепки адымлар исленди. 1926-жылы ҳаял-қызлар ушын областьта 4 саўатсызлықты сапластырыў мектеби иследи.

Егеделер арасында халық билимлендириўи системасының раўажланыўы оқыў қуралларын ҳәм сабақлықлар дүзиўди талап етти. Қарақалпақстан автономиялы областы Советлериниң I Шөлкемлестириўши съезди 1925-жылы февралда Қазақстан АССР ы ҳүкимети алдына ана тилинде оқыў қуралларын дүзиўге жәрдем көрсетиў ҳаққында мәселе қойды. Қарақалпақ тилиниң өзгешеликлерине жуўап беретуғын орфографияны ислеп шығыў зәрүр болды. Қазақстан үлкелик партия комитетиниң бюросы халық билимлендириў органларына қарақалпақ жазыў белгилерин ислеп шығыўды тапсырды. 1925-жылы қарақалпақ тилинде дәслепки сабақлықлар басып шығарылды, соның ишинде егеделер ушын „Егеделер саўаты“ әлипбеси болды. Оны туўысқан республикалардың илимпазлары менен бирликте Қарақалпақстанның көрнекли жазыўшыларының бири С. Мәжийтов дүзди.

Қарақалпақстанда 20-жыллардың ақыры 30-жыллардың басында елдин орайлық районларының үлгиси бойынша саўатсызлықты сапластырыў, жаңа латынластырылған алфавитти енгизиў ушын массалық атланыс ен жайды.

1928-жылы 13-майда ВКП(б) Қарақалпақстан обкомының бюросы Қарақалпақстан автономиялы областын экономикалық ҳәм мәдений раўажландырыў исинде жаңа, латынластырылған қарақалпақ алфавитиниң үлкен сиясий әҳмийетин атап көретип, жаңа алфавитти массалық агитациялаў, оны аўыл менен қыслақлардың кең дийханлар массасына кеннен үйретиў мақсетинде 1-июньнен баслап 1-сентябрьге шекемги аралықта саўатсызлыққа қарсы гүрестиң үш айлығын өткериў ҳаққында қарар қабыл етти. „Мәдений атланыс“ латынластырылған қарақалпақ алфавити тийкарында ҳалықты жазыў-сызыўға үйретиўди мақсет етти. 9 мың адамның саўатын ашыў ўазыйпасы белгиленди. Барлық партия, совет, комсомол, профсоюз ҳәм басқа да жәмийетлик шөлкемлер менен мәкемелер, сондай-ақ партия ағзалары менен ағзалыққа кандидатлары, комсомол ағзалары ҳәм мәкемелердин хызметкерлери мәдений атланысқа қатнасыўы тийис болды. „Жоқ болсын саўатсызлық“ жәмийети шөлкемлериниң санын көбейтиў усынылды.

Муғаллимлер, врачлар, жоқарғы класслардың оқыўшылары, ҳәр қыйлы шөлкемлер менен кәрханалардың саўатлы хызметкерлери, сондай-ақ жазғы каникулға келген рабфакшылар, партия мектеплериниң тыңлаўшылары, институтлар менен техникумлардың студентлери саўатсызлыққа қарсы гүреске тартылды. 1930-жылы жазда 180 аўыллық муғаллим, каникулға келген 187 студент халықты оқытыў менен шуғылланды. Олардың ишинде 57 комсомол ағзасы бар еди.

1933-жылы январьдан баслап саўатсызлыққа қарсы қысқы мәдений атланыс басланды. Атланыс ўақтында 29 220 адам саўат ашты, соның 10 702 си ҳаял-қыз еди. 1928—1933-жыллары 81 583



www.ziyouz.com kutubxonasi

да м саўатсызлықты сапластырыў мектеплеринде саўатын ашты. а1933-жылы областьта 51 мын адамды қамтыған 760 саўатсызлықты сапластырыў мектеби жумыс иследи. Халықтын улыўма саўатлылығы 32% ке жеткерилди.

Барлық партия, мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик шөлкемлериниң актив жумыс жүргизиўи, рус халқынын ҳәм басқа да туўысқан халықлардын қалыс жәрдеминин арқасында соңғы үш жылдын ишинде 173 мыңнан аслам адам саўат ашты 1937-жылы халықтын 48,1% и, ал 1939-жылы 60% тен асламы саўатлы болды. Буннан кейинги жылларда халықтын саўатлылық проценти өсиўин даўам етти. Ис жүзинде урыстын алдындағы жыллары Қарақалпақстанда, Орта Азиянын басқа республикаларындағыдайақ халықтын саўатсызлығы тийкарынан сапластырылды.

Партия ҳәм Совет мәмлекети жас әўладты тәрбиялаўға және оқытыўға үлкен дыққат аўдарды. Совет властынын дәслепки жылларында-ақ, елдин аўыр аўҳалына қарамастан жана, совет мектеплерин ашыў бойынша үлкен жумыслар ен жайды ҳәм оларды жәмийеттин классларға бөлиниўин толық сапластырыў, жәмийетти коммунистлик қайта қурыў қуралына айландырыў мақсетиндеги жумыслар кен өрис алды. Партия шөлкемлери жана, совет мектеби ушын гүресте партиянын халық билимлендириўи тараўындағы программалық көрсетпелерине сүйенди.

1918-жыл 30-июньде Әмудәрья халық билимлендириўи бөлими дүзилди. Ол Қарақалпақстаннын оң жағалықтағы совет мектеплерин дүзиўге ҳәм раўажландырыўға, халық билимлендириўинин барлық исине басшылық етиўи тийис болды.

Қарақалпақстанда мектеп иси үлкен қыйыншылықлар жағдайында қәлиплести. Муғаллим кадрларынын жетиспеўшилиги оғада кескин мәселе болды, зәрүрли оқыў құраллары жоқ еди, сабақлықлар болмады. Баспашылардын ҳәм мусулман руханыйларынын күшли қарсылығына байланыслы қыйыншылықлар тағы да тереңлести.

Қарақалпақстанда дәслепки совет мектеплери граждан лар урысы ўақтында пайда болды. 1918-жылы январьда Халық. Комиссарлар Советинин В. И. Ленин қол қойған „Ширкеўди мәмлекеттен ҳәм мектепти ширкеўден айырыў ҳаққындағы“ декрети тийкарында халық билимлендириўин түпкиликли қайта қурыў иске асырылды.

1919-жыл 16-октябрьде РСФСР Пүткил Россиялық Орайлық Атқарыў Комитети тастыйықлаған „РСФСР дын бирден-бир мийнет мектеплери ҳаққындағы реже“де ҳәм 1918-жыл 31-октябрьдеги РСФСР Билимлендириў халық комиссариатынын „Киши миллетлер мектеплери ҳаққында“ғы қарарында мектеп қурылысы бойынша айқын илажлар белгиленди. Мектеплер диний зиянлы тәсирден азат етилди, балаларға мийнет көнликпелери берилди.

Егер революцияға шекемги Қарақалпақстанда 174 оқыўшысы бар 4 „рус-жергиликли“ мектеби болған болса, тек 1919-жылдын өзинде ғана 470 баланы оқыўға тартқан 8 мектеп ашылды. Бурынғы рус-жергиликли мектеплер 1 дәрежели мектеплер бо-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лып, приход мектеплери рус мектеплери болып, жоқары басланғыш қалалық училише—II дәрежели мектеплер болып қайта дүзилди, Солай етип бирден-бир мийнет мектеплери қәлиплести.

Материаллық қаржынын азлығына қарамастан балалардын қараўсыз қалыўына қарсы гүреске үлкен дыққат аўдарылды. 1919-жылы Төрткүл қаласында дәслепки балалар үйи ашылды, ал 1920-жылы 9 балалар үйи болып, оларда 266 бала тәрбияланды. Көшпели ҳәм ярым көшпели районларда мектеп-интернатлар дүзилди.

1919-жылы бүлгиншиликке ҳәм ашлыққа қарамастан, халық билимлендириўине жумсаў ушын мәмлекетлик қаржы есабынан 25 152 манат бөлип шығарылды.

Солай етип, Совет власты гражданлар урысынын, бүлгиншилик ҳәм ашлықтың айрықша қыйын жағдайларында да Қарақалпақстанда халық билимлендириўи тараўында патша ҳүкиметинин 44 жыл басқарған ўақты ишиндегиге қарағанда анағурлым көбирек көлемде билимлендириў жумысын иске асырды.

1920—1922-жыллары мектеп тараўлары кенейди. Мектеп ҳаққында бурын ҳеш қандай түсиниги болмаған районларда да мектеплер пайда болды. 1922-жылы Әмудәрья бөлиминде 19 мектеп ҳәм 9 балалар үйи болды. Қарақалпақстанда халық билимлендириўин дәслепки шөлкемлестириўшилер Х. Мазитов, Е. Кожуров, Ю. Ахмедов, Х. Сәлимов, С Мажийтов, О. Ерманов, А. Г. Желябин, Қ. Әўезов, И. Аллабергенов, Д. Төлесинов, Т. Төлеев, Р. Мажийтов, У. Нуржанов, Х. Исмагулов, К. Турғанбаев, Х. Амиров ҳәм т. б. болды.

Сонын менен бирге, айырым жерлерде „Төте оқыў" деп аталатуғын жаңа метод мектеплери де болды, олар формасы бойынша да, оқыў-тәрбия процесиниң мазмуны бойынша да ески мектеплерден өзгеше болды.

Бирақ, мектеплер ҳаққындағы Совет властынын үлкен ғамхорлығына қарамастан дәслепки ўақытларда аўҳал еле аўыр еди. Муғаллим кадрлары жетиспеди. Оларды таярлаўдын пәти мектеп тараўларынын кеңейиўинен артта болды. Мектеп жасындағы балалардын көпшилиги мектеплерге тартылмады.

Мусулман руханыйлары совет мектеплерине қарсы агитация жүргизди, диний мектеплер ашыўға умтылды. Консервативлик элементлерге қарсы қатан гүресте совет мектеплери беккемленди, оқыўшылар контингенти жылдан-жылға өсти

Қарақалпақстан автономиялы областынын дүзилиўи менен халық билимлендириўиниң мүтәжликлерине мәмлекетлик қаржы ажыратып шығарыў өсти. Тек 1924-жылы оған мәмлекетлик бюджеттен 244 465 манат бөлип шығарылды

1924-жылдың басына Шымбай округинде биринши басқыш мектеплери, 11 аўыллық мектеп, 120 балаға есапланған 2 интернат, ал Шорахан округинде 1 биринши басқыш мектеби, 1 екинши басқыш мектеби, рус мектеби, 3 интернат, 12 аўыллық мектеп ашыл-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ды. Қоныраt ҳәм Хожели округлеринде 12 аўыллық мектеп ҳәм 6 интернат ашылды.

Совет властының жети жылы ишинде область мектеплериниң саны 13 есе, контингенти—10 есе, муғаллимлердиң саны 14 есе өсти. Мектеплердиң материаллық базасы беккемленди, жаңа мектеп жайларының қурылысы ен жайды, оларды оқыў қураллары ҳәм сабақлықлар менен тәмийинлеў жақсыланды. 1929-жылға келип ески метод пенен оқытатуғын диний мектеплер биротала сапластырылды.

Кең халық массасының билим алыўын қыйынластырған араб жазыў белгилеринен латын алфавити тийкарындағы жазыў белгилерине өтиў бойынша үлкен жумыслар жүргизилди. Кең түрде додалаўлардан кейин, 1928-жылы латын графикасы тийкарындағы жаңа қарақалпақ алфавити тастыйықланды.

1929-жылдан баслап мектеплерде латынластырылған алфавит пенен оқытыў басланды.

1929/30-оқыў жылында 124 мектеп болып, оларда 14670 оқыўшы билим алды.

Елимизде социализм дүзиў исиндеги ҳәм халық билимлендириўиндеги ерисилген табыслар ғалаба миннетли баслаўыш билим бериўди енгизиў ушын зәрүрли жағдайлар дүзип берди.

Партияның XVI съездинде ғалаба баслаўыш билим бериўди енгизиў ҳаққындағы мәселеге үлкен дыққат аўдарылды. Съезд, „Ғалаба миннетли баслаўыш билим бериўди иске асырыў ҳәм саўатсызлықты сапластырыў партияның жақын арадағы жаўынгерлик ўазыйпасы болыўы тийис" деп көрсетти.

Усыны басшылыққа алып, ВКП(б) Орайлық Комитети 1930-жыл 25-июльде „Ғалаба миннетли баслаўыш билим бериў ҳаққында" қарар қабыл алды.

Қарақалпақстанның партия ҳәм совет шөлкемлери бул әҳмийетли ўазыйпаны орынлаўға киристи. Пүткил союзлық қарар тийкарында областьлық партия комитетиниң бюросы 1930-жыл 24-сентябрьде „ҚАО да ғалаба миннетли баслаўыш билим бериў ҳаққында", ал 2-октябрьде „Ғалаба билим бериўге таярлық ҳаққында" қарар қабыл етип, оларда ғалаба миннетли баслаўыш билим бериўди енгизиў бойынша айқын ўазыйпалар белгиленди.

Республиканың өзгешеликлерин, оның мәдений артта қалыўшылығын есапқа алып, ғалаба баслаўыш билим бериўди енгизиўдиң мүддетлери: 8—10 жас аралығындағы балалар ушын 1932/33-оқыў жылы; 11 жастағы балалар ушын 1933/34-оқыў жылы болып белгиленди. 1930/31-оқыў жылында баслаўыш билим бериўге 31,5%, ал 1931/32-оқыў жылында 59%, 1932/33-оқыў жылында 80%, ал 1933/34-оқыў жылында 100% балаларды оқыўға тартыў нәзерде тутылды. Барлық жерде ғалаба билим бериўдиң енгизилиўи мәдений революцияның әҳмийетли басқышы болды. Белгиленген ўазыйпаларды иске асырыў ушын областьлық ҳәм районлық ғалаба билим бериў комитетлери дүзилип, олар ғалаба билим



www.ziyouz.com kutubxonasi

бериў ҳаққындағы нызамды орынлаў ушын күш ҳәм қаржыны мобилизациялаў бойынша үлкен жумыс жүргизди.

Қарақалпақстанда ғалаба билим бериўдиң енгизилиўи мектеп тараўларын әдеўир кеңейтиўди, оның материаллық базасын беккемлеўди, оқытыўшы кадрлардың санын кескин көбейтиўди, ана тилинде оқыў қуралларын дүзиўди талап етти. Халық билимлендириўин қаржы менен тәмийинлеўдиң көлеми артты. Бул иске 1929/30-жыллары автономиялы областьта 1,4 *млн* манат ажыратылған болса, 1930/31-жыллары—3,2 *млн* манат, ал 1933-жылы 6,5 *млн* манатқа жақын қаржы ажыратылды. Гедейлердиң балаларына материаллық жәрдем көрсетиў ушын профсоюзлар өзлериниң мәдений фонды есабынан 10% қаржы бөлип шығарды. Ғалаба билим бериў фондларына ықтыярлы түрде ақшалай ҳәм затлай взнослар келип түсти.

Ғалаба билим бериў ушын гүрес пүткил халықлық ҳәрекет сыпатын алды, оған комсомолецлер, профсоюз ағзалары, халықтың кең қатламы актив қатнасты. Нәтийжеде мектеп тараўлары да, оқыўшылар контингенти де кескин көбейди. 1932/33-жылы 566 мектеп жумыс иследи, оларда 26,8 мың оқыўшы билим алды.

Бир қатар районларда балаларды ғалаба билим бериўге тартыў 100% ке шамаласты. 1933-жылдың 1-мартына Шымбай районының мектеплери ғалаба билим бериў планын 95,6% ке, Шаббаз районының мектеплери — 95% ке орынлады.

Оқыўға қызларды толық тартыўға айрықша дыққат аўдарылды. Бир қатар районлардың өзине тән жағдайларына байланыслы қызлар ушын арнаўлы мектеплер ашыўға туўра келди. Қызлар ушын 1930-жылы еки мектеп, ал 1931-жылы 19 мектеп ашылды. 1932-жылы қызлар мектеп оқыўшыларының 41.1% ин қурады.

Биринши бес жыллықта мектеплерде әдеўир сандағы муғаллимлер жумыс иследи. Егер 1927/28-оқыў жылында 135 муғаллим жумыс ислеген болса, 1932/33-оқыў жылында олар 750 ге жетти.

Ғалаба билим бериўди енгизиўге байланыслы мектеп жумысларының мазмунын түп мәнисинен өзгертиў зәрүрлиги писип жетилисти. Бул исте ВКП(б) Орайлық Комитетиниң 1931-жыл 5 сентябрьдеги „Баслаўыш ҳәм орта мектеплер ҳаққында"ғы ҳәм 1932-жыл 25 августтағы „Баслаўыш ҳәм орта мектеплердеги оқыў программалары ҳаққында"ғы қарарлары үлкен роль ойнады.

Халық билимлендириў хызметкерлери усы қарарларды басшылыққа алып, оқыў процесин шөлкемлестириўдеги кемшиликлерди сапластырыўға, оқыўшылардың илим тийкарларын беккем ҳәм системалы өзлестириўин тәмийинлеўге, өз маманлықларын арттырыўға күш салды. Оқыў процесин шөлкемлестириўдиң тийкарғы формасы сабақ болды. Ана тилиндеги дәслепки оқыў қураллары ҳәм сабақлықлар массалық тираж бенен басып шығарылды.

Партия ҳәм ҳүкиметтиң үлкен ғамхорлығының нәтийжесинде Қарақалпақстан муғаллимлериниң пидәкерлик мийнети менен халық билимлендириўи тараўында әдеўир табысларға ерисилди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Халық билимлендириўи екинши бес жыллықта айрықша тез пәт пенен раўажланды. Барлық жерде ғалаба билим бериўдиң иске асырылыўы халық массасы мәдениятынын үзликсиз өсиўи ушын жағдай дүзди. Ғалаба саўатлылық ушын, мийнеткешлердин мәдений дәрежесин көтериў ушын гүрес массалық ҳәрекетке айланды.

ВКП(б) Қарақалпақстан областьлық комитети менен областьлық қадағалаў комиссиясының бирлескен пленумы 1933-жыл августта „Қарақалпақстанда мәдений қурылыс ўазыйпалары ҳаққында"ғы мәселени додалады. Пленум партия шөлкемлеринин ҳәм халық билимлендириўи органларынын дыққатын мектеп жумысларының сапасын жақсылаўға, оқыўшылардың оқыўды таслап кетиўшилигин ҳәм класында еки жыл қалыўшылығын сапластырыўға, мектеплерди турақлы сабақлықлар, оқыў-көргизбели қураллары ҳәм үскенелер менен тәмийинлеўге айрықша аўдарып өтти. Пленум мектеп қурылысын тезлетиў, мектеплерди политехникаластырыўды иске асырыў ўазыйпаларын алға қойды.

Халық билимлендириўи ушын үлкен қаржылар бөлип шығарылды. Ол биринши бес жыллықтағыға салыстырғанда 6 есе өсти. Тек 1937-жылы усы мақсетлерге 36 823 мың манат ажыратылды. Усы жылы республикада 640 баслаўыш мектеп болып, оларда 46110 бала, 17 толық емес орта мектепте 8000 оқыўшы ҳәм 2 орта мектепге 2800 оқыўшы билим алды. Оқыўшылардың 20 мыңға шамаласы, ямаса 34,5% и қызлар еди.

Халық билимлендириўин буннан былай раўажландырыў ушын ВКП(б) Орайлық Комитетиниң „Баслаўыш ҳәм орта мектеплер ушын оқыў қураллары ҳаққындағы" (1933-жыл) „Баслаўыш ҳәм орта мектеплерде географияны оқытыў ҳаққындағы" (1934-жыл) „СССР мектеплеринде гражданлық тарийхты оқытыў ҳаққындағы" (1935-жыл), „Баслаўыш, толық емес орта ҳәм орта мектеплерде оқыў жумысларын шөлкемлестириў ҳәм олардағы ишки тәртиплер ҳаққында"ғы (1935-жыл), „Билимлендириў халық комиссариаты системасындағы педалогиялық бурмалаўлар ҳаққында"ғы (1936-жыл) хәм т. б. қарарлары үлкен әҳмийетке ийе болды.

Билимди тереңлестириў ушын гүрес совет мектеплериниң барлық жумыслары дәрежесинин жоқарылаўына пайдалы тәсир етти

Мектеплердин муғаллим кадрлары менен тәмийинлениўи жақсыланды. Муғаллимлер қысқа мүддетли курслар, педтехникумлар, муғаллимлер институты, туўысқан республикалардың жоқары оқыў орынлары арқалы таярланды. 1937-жылы республика мектеплеринде 1476 муғаллим жумыс иследи.

СССР Халық Комиссарлар Советинин ҳәм ВКП (б) Орайлық Комитетинин 1936-жыл 3-апрельдеги „Муғаллимлердин ҳәм басқа да мектеп хызметкерлеринин мийнет ҳақысын көбейтиў ҳаққындағы" ҳәм 1937-жыл 20-апрельдеги „Билимлендириў хызметкерлериниң бир қатар категориялары ушын мийнет ҳақыларына



www.ziyouz.com kutubxonasi

ўақты-ўақты қосымшалар қосыў ҳаққындағы" қарарлары муғаллимлердин материаллық жағдайын әдеўир жақсылады.

1936-жыл 10-апрельдеги арнаўлы қарарға муўапық баслаўыш ҳәм орта мектеплердиң муғаллимлери ушын арнаўлы атақ енгизилди, муғаллимлерди таңлаў ҳәм жумысқа тайынлаў тәртиплери белгиленди

Екинши бес жыллықтың ақырына республика ғалаба баслаўыш билим бериўге өтиўди тамамлады ҳәм жети жыллық билим бериўге өте баслады. Ғалаба билим берегуғын совет мектеплери жаңа адамды—социалистлик жәмийетти дүзиўшилерди оқытыў ҳәм тәрбиялаў бойынша өз үстилерине жүкленген ўазыйпаларды орынлаўда үлкен табысларға еристи.

## 2. ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА ОҚЫЎ ОРЫНЛАРЫНЫҢ РАЎАЖЛАНЫЎЫ

Қарақалпақстанда мәдений революцияның ең әҳмийетли ўазыйпаларының бири миллий интеллигенция кадрларын дүзиўден ибарат болды. Революция халықтан шыққан уқыплы адамларды басшы жумысларға тартты. Басшы хызметкерлердиң бир бөлеги ҳәр қыйлы курсларда, сондай-ақ жоқары ҳәм орта арнаўлы оқыў орынларында таярланды.

Бирақ, қысқа мүддеттиң ишинде миллий интеллигенция кадрларын дүзиў мүмкин болмады. Материаллық база, профессороқытыўшылар составы, жоқары мектепте оқып билим алыўға мүмкиншилиги бар оқыўшылар контингенти де жетиспеди. Дәслепки ўақытларда Қарақалпақстан ўәкиллериниң әдеўир бөлеги Советлер Союзының басқа республикаларындағы жоқары оқыў орынларында билим алды.

1920-жылы Ташкентте ашылған Орта Азия мәмлекетлик университети Орта Азия ҳәм Қазақстан республикалары ушын кадрлар таярлаў орайы болды. 1921-жылы РСФСР Миллетлер халық комиссариаты қапталынан ашылған Шығыс мийнеткешлериниң Коммунистлик университетинде партия-совет хызметкерлери таярланды. Усы оқыў орынларында ҳәм елдиң басқа да жоқары ҳәм орта оқыў орынларында Қарақалпақстан ушын жыл сайын белгили муғдарда орын белгиленди.

Қарақалпақстан Советлери Орайлық Атқарыў Комитети қапталынан жоқары оқыў орынларына барып оқыўды қәлеўшилерди танлап алыў бойынша арнаўлы комиссия дүзилди. 1925-жылы СССР дың жоқары оқыў орынларына 40 адам жиберилди. Олардың ишинен:Москвадағы Шығыс мийнеткешлериниң коммунистлик университетине (КУТВ ға) — 4 адам, Орта Азия коммунистлик университетине (Ташкенттеги САКУ ге) — 6 адам, Ленинград политехника институтына—1 адам, Қазан педагогика институтына—2 адам, Москвадағы рабфакке — 2 адам, Ленинградтағы рабфакке — 4 адам, Оренбургтеги рабфакке — 15 адам, Оренбург ветеринария-зоология техникумына — 1 адам, Оренбург медицина техникумына — 2 адам, Оренбург педагогика техникумына 2



www.ziyouz.com kutubxonasi

адам жиберилди. Қарақалпақстан 1926/27-оқыў жылында ҳәр қыйлы жоқары оқыў орынларына ҳәм техникумларға 92, ал 1927/28-оқыў жылында 142 адам жиберди. Тарийхта биринши рет қарақалпақ жаслары жоқары оқыў орынларында билим алыў мүмкиншилигине ийе болды. Бул социалистлик революцияның ең уллы женислериниң бири еди.

Область партия шөлкеми студентлердиң оқыўы ушын материаллық жағдайлар дүзиў ҳаққында ғамхорлық етти. 1925-жыл ноябрьде арнаўлы комиссия дүзилип, ол усы бағдарда бир қатар жумыслар иследи. Студентлер менен байланыс жасаў бойынша бюро дүзилди.

Оқыўға жиберилетуғын адамлардың таярлық дәрежесин арттырыў мақсетинде областьлық партия комитети 6 айлық курслар дүзиў ҳаққында қарар қабыл етти. Рус тилин үйрениўге айрықша дыққат аўдарыў усыныс етилди, Областьлық комитет, сондай-ақ рабочий факультетин ашыў ҳаққында өтиниш етип, мәселе көтерди. Бул мәселениң унамлы шешилиўи Қарақалпақстаннан сыртқа оқыўға жиберилип атырғанлардың санын көбейтиўге ҳәм оларды таярлаўдың сапасын жақсылаўға имканият туўғызды. 1929/30-окыў жылында 222 адам, 1930/31-оқыў жылында 280 адам, соның ишинде 60 ҳаял-қыз оқыўға жиберилди. 1931-жылдың июлине келип, ҚАО дан сыртга 500 ге шамалас адам, соның 348 адамы Ташкентте билим алды.

Жоқары оқыў орынларын питкерип шыққан Қарақалпақстанның дәслепки ўәкиллери 30-жыллардың басында жумыс ислеў ушын үлкемизге қайтып келе баслады. 1932-жылы тек Орта Азия жоқары оқыў орынларынан 43 адам келди.

Соның менен бирге Қарақалпақстанның өзинде де интеллигенция кадрларын таярлаў жумысы алып барылды. 30-жыллардың орталарына дейин бул жумыс орта оқыў орынлары ҳәм ҳәр қыйлы курслар арқалы иске асырылды. Төрткүлде 1925-жылы педагогикалық ҳәм аўыл хожалық техникумлары ашылды. Аўыл хожалығы техникумының өзинде 1928/29-оқыў жылында—84, 1934-жылы—112, ал 1937-жылы 381 адам билим алды.

1925-жылы партия областьлық комитетиниң қарары бойынша областьта партия-совет аппаратларына басшы хызметкерлер ҳәм мәдений-ағартыў хызметкерлерин таярлаў ушын арналған совет-партия мектеби ашылды. Онда 1925/26-оқыў жылында 67 адам билим алды. 1926 жылы бәҳәрде совет-партия мектебин дәслепки 30 адам питкерип шықты. 1932/33-оқыў жылының акырында совет-партия мектебинде 162 адам оқыды.

1933-жыл 3-октябрьде ВКП(б) обкомының бюросы совет-партия мектебин қайта дүзиў ҳаққында қарар қабыл етти. Оқыў мүддети 2—2,5 жылдың орнына 8 ай болып белгиленди. Совет-партия мектебинде: партиялық, совет ҳәм сиясий-ағартыў бөлимлери ашылды. Партиялық бөлимде оқыйтуғынлардың ишинде комсомол хызметкерлери 20% тен кем болмаўы тийис болды. Совет-партия мектебиниң тийкарғы ўазыйпасы колхоз партия



www.ziyouz.com kutubxonasi

ячейкалары ушын секретарьлар, партиялық шөлкемлестириўшилер басқарма председательлери ҳәм председательлердиң орынбасарларын, қызыл мүйешлердин баслықларын, китапханашыларды, клуб баслықларын ҳәм т. б. таярлаўдан ибарат болды.

Орта мағлыўматлы медицина кадрлары—фельдшерлер акушеркалар ҳәм медсестралар таярлаў ушын 1935-жылы Төрткүлде медициналык училище ҳәм Шымбайда медсестралар мектеби ашылды. 1937/1938-оқыў жылында бул оқыў орынларының тийкарғы бөлимлеринде 297 адам, таярлаў бөлимлеринде 139 адам оқыды. Усы оқыў жылында бул оқыў орынларын 61 адам дәслепки рет питкерип шықты. 1935-жылы финанс-планластырыў техникумы ашылып, онда 1937/1938-оқыў жылында 116 адам оқыды.

Халық ҳожалығы ушын кадрлар таярлаўда қысқа мүддетли курслар үлкен әҳмийетке ийе болды.

ВКП(б Орайлық Комитети менен РСФСР Комиссарлары Советиниң 1934-жыл 1-июльдеги арнаўлы қарары менен 1935-жылы Төрткүлде қарақалпақ мәмлекетлик муғаллимер институты ашылды. Солай етип республикада жоқарғы оқыў орны пайда болды. Институт дәслеп өз жумысын еки факультет: физика-математика ҳәм қарақалпақ тили менен әдебияты факультети составында баслады. Ол ўақытта институтта барлығы болып 12 оқытыўшы иследи ҳәм 42 студент оқыды. Бирақ жылдан-жылға онын оқыў-материаллық базасы күшейип барды, жаңа факультетлер ашылды. Институттын капталында таярлық бөлими жумыс иследи. Нәтийжеде кем-кемнен студентлердиң контингентин арттырып барыў мүмкин болды. 1938-жылы институтын улыўма контингенти 336 студентке жетти. Солардың ишинен 149 адам тийкарғы бөлимде, 167 адам таярлық бөлиминде оқыды. 1937-жылы институт 27 адам составында өзинин биринши питкериўшилерине турмысқа жоллама берди.

1929/1930-оқыў жылында 17 ҳәр қыйлы курс жумыс ислеп, оларда 705 адам билим алды. 1930/1931-оқыў жылында 28 ҳәр қыйлы курс ислеп, оларда 1864 адам оқыды.

Қарақалпақстанды қанийгели кадрлар менен тәмийинлеўде туўысқан республикалар, биринши гезекте РСФСР жақыннан жәрдем көрсетти. ВКП(б) Орайлық Комитети ҳәм онын Орта Азия бюросы 1932-жылдың тек бес айы ишинде Қарақалпақстанға 25 коммунистти жумыс ислеўге жиберди. Келгенлердиң ишинде партия-совет хызметкерлери, юристлер, финанс хызметкерлери, техникалық қанийгелер баспа сөз ҳәм билимлендириў хызметкерлери бар еди.

Үшинши Москва медицина институтын питкергеннен кейин 30-жыллары Қарақалпақстанға келген Т. А. Никитина Хожели районында мийнеткешлердиң ден-саўлығын сақлаў тараўында узақ мийнет етти. „Дәслеп, — деп еске түсиреди ол, — бул жерде тийисли еки жылды ислеп беремен ҳәм Москваға қайтып кетемен деп ойлаған едим. Бирақ кетпей қалдым. Қалайғана кете



www.ziyouz.com kutubxonasi

қоярсаң? Адамлар саған деген үлкен исеним менен емлеўханаға келеди, ал сен оларды таслап кетиўди ойлайсаң ... Бул мүмкин емес еди. Мен Хожелини шын жүрегимнен жақсы көрип қалдым". Т. А. Никитина республикада үлкен абыройға ийе болды. Ол бир неше рет жергиликли Советлерге депутат болып сайланды, ал 1962-жылы республика мийнеткешлери оны СССР Жоқарғы Советине депутатлыққа сайлады.

Қарақалпақстанда сол жыллары ден саўлықты сақлаў тараўында әжайып рус врачлары: профессор Казанский, А. П. Ормат, В. В. Восковойников, Г. И. Дубровин ҳәм т. б. жумыс иследи.

Миллий республикалар ушын жоқары ҳәм орта маманлықтағы кадрлар таярлаў бойынша коммунистлик партия ҳәм совет мәмлекетиниң илажлары жақсы нәтийжелер берди. 1933-жылы Қарақалпақстан колхозларында 194 агроном, 268 механик, 1257 тракторшы жумыс иследи, 1937-жылы халық хожалығында 940 инженер-техник хызмет етти. Медициналық хызметкерлердиң саны тез пәт пенен өсти. Егер 1931-жылы республикада 39 врач ҳәм 189 орта мағлыўматлы медицина хызметкери жумыс ислеген болса, 1937-жылы 82 врач ҳәм 218 орта мағлыўматлы медицина хызметкери болды.

## 3. ИЛИМ, ӘДЕБИЯТ ҲӘМ ИСКУССТВОНЫҢ РАЎАЖЛАНЫЎЫ

Совет властының дәслепки жылларынан баслап-ақ илим партияның ҳәм халықтың удайына ғамхорлығындағы улыўма мәмлекетлик ис болды

Қарақалпақстанның экономикасын ҳәм мәдениятын системалы ҳәм терең изертлеў Уллы Октябрь революциясынан кейинги дәўирде ғана басланды. Илимий-техникалық жумыстың ленинлик планы илимпазларды, тәбийий байлықларды изертлеўге ҳәм өндириўши күшлерди рационал орналастырыўға бағдарлады. 20-жыллары автономиялы область территориясында үлкениң тәбийий байлықларын планлы өзлестириўдиң ҳәм қарақалпақ халқының мәдениятын үйрениўдиң басламасын салған ҳәр қыйлы илимий экспедициялар жумыс иследи.

1924-жылдан баслап И. П Герасимов ҳәм басқада илимпазлар Қарақалпақстанның территориясында геоморфологиялық изертлеўлер жүргизди. Үстүрттиң ҳәм Қызыл қумның топырағын изертледи. 20-жыллардың екинши ярымында Әмудәрья дельтасының оң жағалық тәрепиниң топырағын Е. Н. Иванова басшылығындағы экспедиция изертледи. 1926-жылы ҳәзирги белгили тюрколог, ол ўақытта жас илимпаз Н. А. Баскаков ҳәм Ардашир Давлет составындағы этнографиялық экспедиция өз жумысын баслады. Оның жумысына өз өмирин филология илимлери тараўындағы иске бағышлаған бирнеше жергиликли жас илимий хызметкерлер қатнасты.

Усы жыллары Қарақалпақстанда дәслепки киши илимий мәкемелер: Областьлық халық билимлендириўи бөлиминиң илимий-



www.ziyouz.com kutubxonasi

терминология секциясы, үлке таныў музейи. областьлық архивтиң тарийхый бөлими, областьлық китапхананың илмий бөлими, областьлық жер басқармасының экономикалық кабинети пайда болды Метеорологиялық станциялар тараўлары менен Союз НИХИ тәжирийбе станциясы өз жумысын баслады.

30-жыллардың басынан баслап СССР Илимлер академиясы Қарақалпақстанның өндириўши күшлерин ҳәм мәдениятын кең түрде изертлеўге киристи. Оған Академияның көплеген илим-изертлеў институтлары, атап айтқанда энергетика, геология институтлары, Нефть-геология излеп табыў институты, Докучаев атындағы топырақты изертлеў институты, Геохимия институты, М. В. Ломоносов атындағы минералогия ҳәм кристаллография институты, Шығысты изертлеў институты, Тил ҳәм ой институты, сондай-ақ өндириўши күшлерди изертлеў бойынша Совет усаған орайлық илим-изертлеў мәкемелери тартылды.

20-жыллары ҚАО да шөлкемлестирилген майда илимий мәкемелер бирлестирилип.Комплексли илим-изертлеў институтының дүзилиўи Қарақалпақстандағы илим-изертлеў жумысларының раўажланыўында үлкен әҳмийетке ийе болды. „Қарақалпақстан автономиялы областындағы илим-изертлеў жумыслары ҳаққындағы доклад бойынша областьлық партия комитетиниң 1931-жыл 20-июльде қабыл алған қарарында: „Қарақалпақстан автономиялы областы районларының экономикалық жақтан канийгелесиў перспективасына байланыслы өндириўши күшлерди раўажландырыў, қарақалпақ халқының тарийхий-революциялық жолы, этнологиялық-этнографиялық ҳәм басқа да өзгешеликлерин изертлеў проблемалары Қарақалпақстан автономиялы областында илим-изертлеў жумысын жолға қойыўға ҳәм раўажландырыўға барынша дыққат бөлиўди талап етеди".—деп атап көрсетилди. Усы мақсетте областьлық партия комитети Қарақалпақстан автономиялы областында комплексли илим-изертлеў институтын шөлкемлестириў проектин мақуллады. Институт басқармасы тастыйықланды. Институт тарийх-революция, геология ҳәм топырақты изертлеў, педагогика, этнология ҳәм лингвистика, биология, экономика секциялары составында 1931-жыл августта ашылды.

Туўысқан республикалар, биринши гезекте РСФСР жас институтқа кадрлар бойынша үлкен жәрдем көрсетти. Институт тез арада жоқары мағлыўматлы илимий кадрлар менен толықтырылды. Онда 5 профессор ҳәм 6 доцент жумыс исleди. Институтта 50 илимий хызметкер болды.

Институттың илим-изертлеў жумысы социалистлик қурылыс практикасы менен тығыз байланыслы раўажланды. Усы дәўирде „Үстирттиң қарақалпақ бөлегин өзлестириў проблемасы", „Тақырларды хожалыққа пайдаланыў проблемасы", „Топырақтың шорланыўына қарсы гүрес проблемасы", „Алмаслап егиўди енгизиў схемасында хожалық районластырыў проблемасы" ҳәм „Төгинлеў проблемасы", „Республиканы экономикалық районластырыў ҳәм



www.ziyouz.com kutubxonasi

оның социалистлик хожалығын айырым объектлер бойынша шөлкемлестириў проблемасы" ҳәм т. б. темалар исленди.

Қарақалпақстанның топырағын ҳәм гейпара аўыл хожалық өсимликлерин өсириўдиң агротехникасын изертлеўдиң дәслепки жуўмақлары бойынша институт бирқанша илмий жумысларды баспаға таярлады. Институттың энтомология кабинети үлкениң энтомологиялық фаунасын изертлеў бойынша әдеўир жумыс иследи. Автономиялы республиканың тарийхын, қарақалпақ халқының тилин изертлеў бойынша үлкен жумыслар исленди.



СССР Илимлер академиясының хабаршы-ағзасы, Өзбекстан ССР ҳәм Қарақалпақстан АССР ының илимге миййнети синген гайраткери С П. Толстов.

СССР Илимлер академиясы тәрепинен 1933-жылы Ленинградта шақырылған Қарақалпақстанның өндириўши күшлерин изертлеў бойынша I конференция орайлық ҳәм жергиликли илимий мәкемелердиң автономиялы республикада жүргизген изертлеў жумысларының бирқатар жуўмақларын шығарды. Конференцияның жумысына көрнекли совет илимпазлары академиклер — А. П. Карпинскей, В. Л. Комаров, В П. Волгин, А. А Зернов, А Ф.Иоффе, Н. И. Вавилов, М. И. Губкин, А А. Борисяк, Б. А. Келлер, Н. С. Курнаков, С. Ф. Ольденбург, А. Е. Ферсман ҳәм т. б. қатнасты. Конференцияға Қарақалпақстаннан К. Нурмухамедов, Д. М. Логинов, Н. Баскаков, К. Убайдуллаев, Т. Низаматдинов ҳәм т. б. қатнасты.

1937-жылы СССР Илимлер академиясының С. П. Толстов басқарған Хорезм археологиялық-этнографиялық экспедициясы өз жумысын баслап, ол қарақалпақ халқының революцияға дейинги тарийхына, этнографиясына ҳәм ирригациясына байланыслы көплеген баҳалы материаллар топлады.

Қарақалпақ совет әдебияты Уллы Октябрьдиң нурлы қуяшы астында дөреп, пәт пенен раўажлана баслады. Ол женип шыққан социалистлик дүзимге байланыслы орнаған шынлыққа негизленип, революцияға дейинги қарақалпақ әдебияты менен фольклорының, жер жүзилик, бәринен де бурын алдыңғы рус әдебияты ҳәм СССР дағы туўысқан халықлар әдебиятларының ен жақсы дәстүрлерин өзине өзлестирип, раўажланды ҳәм жетилисти.

Республикада мәдений революцияның иске асырылыўы, 20-жыллардың басында қарақалпақ ҳәм рус тиллеринде баспа сөз органларының пайда болыўы, бир қатар оқыў орынларының ашы-



www.ziyouz.com kutubxonasi



Н Дәўқараев—филология илимлериниң докторы.



Я. М. Досумов—Өз ССР Илимлер академиясының хабаршы-ағзасы.



Қ. Әйимбетов—филология илимлериниң докторы.



Ж. А Орымбаев—педагогика илимлериниң докторы.

Қарақалпақстанның дәслепки илимпазлары.



www.ziyouz.com kutubxonasi





Аяпберген Муўсаев. Сейфулғабит Мәжийтов.

лыўы ҳәм т. б. жаңа қарақалпақ совет әдебиятының раўажланыўы ушын тийкар таярлады.

РКП(б) Орайлық Комитетиниң Союздын туўысқан халықлары әдебиятларын буннан былай раўажландырыў ўазыйпаларын белгилеген 1925-жыл 18- июньдеги „Көркем әдебият тараўындағы партияның сиясаты ҳаққында“ ғы қарары жаңа баслап жазып атырған Қарақалпақстан әдебиятшылары ушын үлкен әҳмийетке ийе болды.

20- жыллардың ақырында „Еркин Қарақалпақ“ газетасының бетлеринде қарақалпақ совет әдебиятынын дәслепки үлгилери пайда болды. Усы жыллары С. Мәжийтов. Қ. Әўезов, Ә. Өтепов, Х. Ахметов, А. Матьяқубов, И. Фазылов, А. Бегимов. Ж. Аймурзаев, Қ. Ерманов ҳәм т. б. баспа сөз бетинде өз шығармалары менен актив қатнасты. Олар өз шығармаларында социалистлик ҳақыйқатлықты сүўретледи, Совет властынын класслық душпанларына, қарақалпақ аўылларын коллективлестириўдиң душпанларына қарсы гүрести, жана советлик турмыс ушын гүрес идеясын қызғын қорғады.

Совет властының дәслепки жылларында қарақалпақ халқының өзине тән поэтикалық шеберлиги қарақалпақ халық шайырлары арқалы бурын болып көрилмеген табысларға еристи. Көркем сөздиң әжайып шеберлери, бир тәрепген қарақалпақ аўызеки халық творчествосын, екинши тәрептен революцияға шекемги классикалық әдебиятты таратыўшылар—халық шайырлары жаңа



www.ziyouz.com kutubxonasi



Аббаз Дабылов — Өзбекстан ССР ҳәм Қарақалпақстан АССР халық шайыры.



Садық Нурымбетов—Өзбекстан ССР ҳәм Қарақалпақстан АССР халық шайыры

заман поэзиясын дөретиўшилер болды. Халық шайырлары Ленин, партия, жаңа турмыс ҳаққында әжайып қосықлар дөретти. Олардың белгили ўәкили Аяпберген Муўсаев (1880—1936) болды. Жаңа заман бағдарынан рухланған шайыр өз творчествосын халық хызметине арнады. Оның кеңнен белгили „Ленин" қосығы халық арасында жоқары баҳаланды. Онда шайыр революцияға, халықтың сүйикли көсемине өзиниң шын жүректен сүйиўшилик сезимлерин баян етти. Бул қосық өзинин идеялық мазмуны ҳәм көркемлик баҳалылығы бойынша ол ўақытта еле жас Қарақалпақ совет поэзиясының ири жетискенлиги, тереӊ халықлық ҳәм партиялылық үлгиси болды. Аяпбергенниң сол ўақытта дөреткен бир қатар шығармалары республика халқы арасында кеӊ мәлим болды. Олардан „Берегөрмеӊ", „Бола баслады", „Биринши май", „Мойнақ", „Нәсийҳат" ҳәм т. б. қосықларын атап көрсетиўге болады.

Буннан кейинги жыллары халық шайырларының тутас бир топары—Аббаз Дабылов, Садық Нурымбетов, Қазақбай Хожаниязов ҳәм т. б. көплеген шайырлардың творчествосы кеӊ өрис ала баслады. Талантлы жыраўлар, төкпе шайырлар, бақсылар—Есемурат Нурабыллаев, Қурбанбай Тәжибаев, Есжан Қосполатов, Жапақ Шамуратов ҳәм т. б. усы топарға жақын болды.

Қарақалпақ халқының коллективлик аўыз-еки поэтикалық творчествосы Октябрь социалистлик революциясының азатлық идеяларын жырлады. Халық творчествосының баслы темасы әсирлерге созылған қайғы-уўайым, азап-ҳәсирет, жәбир-жапа темасының орнын енди халықлардын азатлығы ҳәм бахты ушын гүрес те-



www.ziyouz.com kutubxonasi

масы ийеледи. Жаңа советлик халық қосықларының қаҳарманлары — революция жаўынгерлери, большевиклер, уллы Ленин болды.

Областьлық партия шөлкеминиң басшылығында 1928- жылы Қарақалпақ пролетар жазыўшыларының аўқамы (ассоциациясы) шөлкемлестирилип, И. Фазылов Ә Өтепов, Х. Ахметов, А. Матьяқубов, Г Сеитмамутов, Ж Аймурзаев, А Бегимов, Қ. Ерманов лар оның составына кирди. Айырым кемшиликлерине қарамастан Қарақалпақ пролетар жазыўшылары аўқамының (Қар. АПП) дүзилиўи тутас алғанда жас қарақалпақ совет әдебиятының раўажланыўына унамлы тәсир жасады.



Жолмырза Аймурзаев — Қарақалпақстан АССР халық жазыўшысы.

ВКП(б) Орайлық Комитетиниң 1932-жыл 23-апрельдеги „Әдебий-художестволық шөлкемлерди қайта қурыў ҳаққында"ғы тарийхый қарары қарақалпақ совет әдебиятының ҳәм басқа туўысқан халықлар әдебиятының раўажланыўында үлкен әҳмийеткеийе болды Усы қарарға ылайық Қарақалпақстан совет жазыўшылары союзы ҳәм оның органы қарақалпақ тилиндеги әдебий-көркем журнал „Мийнет әдебияты" шөлкемлестирилди. журналдың басып шығарылыўы Қарақалпакстанның мәдений турмысындағы үлкен тарийхый ўақыя болды.

„Мийнет әдебияты" әдебий журналы Қарақалпақстанның жас жазыўшыларын өз дөгерегине бирлестирди. Журналда қарақалпақ жазыўшыларының, рус ҳәм басқа да халықлар жазыўшыларының шығармалары басылып турды. Журнал А. М. Горькийдиң хызметине ҳәм оның әдебият ҳаққындағы айтқан пикирлерине айрықша дыққат аударды. В. И. Лениниң әдебият ҳаққындағы ойлары 30- жыллардың басында кең таралды. „Мийнет әдебияты" журналы өзиниң 1932- жылғы 6-санындағы бас мақаласын Ленинге ҳәм оның әдебият жәнe искусство ҳаққындағы айтқан пикирлерине бағышлады. Әдебият ҳаққындағы ленинлик тәлиймат жас қарақалпақ әдебияты ҳәм әдебий критикасы ушын теориялық негиз болды.

20 — 30- жыллардағы қарақалпақ әдебиятында Сейфулғабит Мәжийтовтың (1869 — 1938) творчествосы айрықша орын тутады. Қарақалпак совет әдебиятының баслаўшылардың бири С Мәжийтов усы жыллары кеннен мәлим болған бир қатар әдебий шығармалар дөретти. С. Мәжийтовтың „Ильяның улы" (1924), „Октябрь" (1925),



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Маркс“ (1928), „Оқыўға кел“ (1925), „Ысық“, „Қызлар“ (1929), „Таза арнаға“ (поэма, 1932), „Қыз кеткен“ (поэма, 1934) сияқлы поэтикалық шығармалары, 20-жыллары жазылған „Сабақ“, „Жигит болдық“. „Ерназар алакөз“, „Айман-Тайман“ драмалық шығармалары, 1934—1935-жыллары жазылған „Бағдагүл“ ҳәм „Тазагүл“ пьесалары, сондай-ақ оның ертеклери, гүрриңлери ҳәм тарийхый-әдебий очерклери қарақалпақ совет әдебиятынын раўажланыўында айрықша орын ийеледи.



Әбдираман Өтепов

Қарақалпақ совет драмагургиясынын пайда болыуында Әбдираман Өтеповтын роли оғада үлкен болды. Әбдираман Өтеповтын айрықша үлкен драматурглик, актерлик ҳәм режиссерлық хызметлери қарақалпақ совет драматургиясынын ҳәм театрынын тийкарын салыўшылар қатарына көтерди.

20—30-жыллардағы қарақалпақ әдебиятынын көрнекли ўәкили белгили жазыўшы ҳәм жәмийетлик искер—Қасым Әўезов (1897—1938) усы жыллары „Тилек жолында“ пьесасын, „Қазыў“ поэмасын, сондай-ақ сол ўақыттың актуаль мәселелерине арналған қосықларын дөретти. Рус ҳәм жер жүзилик классикалық шығармалардын айырым аўдармалары. бир қатар әдебий-критикалық мақалалар оның қәлемине тийисли.

Қарақалпақ совет жазыўшылары Коммунистлик партия идеяларын актив таратыўшылар болды, өз шығармаларында жоқары патриотизм. Коммунистлик партияға, халықлар дослығына садықлық идеяларын жырлады.

Жаңа поэзия жаңа темаға. көркем сүўретлеў объектине ийе болды. Усы дәўирде қарақалпақ совет әдебиятында колхоз аўылларынын бахытлы турмысына, даңқлы механизаторларға арналған Ж. Аймурзаевтың „Машина ал“ (1928), „Жәбдилесиў зүрәәт күнине“ (1930), А. Матьяқубовтың „Трактор“, „Тоғыз мын бел“, Х. Ахметовтын „Өз-ара жарыс“ ҳәм т. б. шығармалары пайда болды Әсиресе ҳаял-қызларға арналған А Матьяқубовтын „Гөне әпшер“, „Урлиқа“. Х. Ахметовтың „Қош болың“ ҳәм т.б. қосықлары айрықша көзге түсти.

1934- жыл 10-июльде қарақалпақ жазыўшыларынын биринши съезди шақырылды Съезд қарақалпақ совет жазыўшыларының творчестволық жумысларын жуўмақластырды ҳәм баслы ўазыйпаларды белгиледи. Бәринен бурын рус жазыўшыларынан үйрениў күн тәргибине қойылды Жазыўшылардын республикалық съезди ҳәм 1934- жылы августа болған Пүткилсоюзлық съезди қарақалпақ әдебиятының раўажланыўында үлкен теориялық ҳәм



www.ziyouz.com kutubxonasi



Мырзағалий Дэрибаев.

практикалық әҳмийетке ийе болды. Пүткил союзлық съездге қарақалпақ жазыўшылары шөлкеминен А. Бегимов, И. Фазылов ҳәм Ж. Аймурзаев қатнасты.

Съезден кейин туўысқан әдебиятлардың дослық байланыслары тағыда раўажланды. 1939- жылы Қарақалпақстанға Москва жазыўшылары бригадасы келип, олар қарақалпақ жазыўшыларының бир қатар шығармаларын аўдарды ҳәм „Поэты Каракалпакии" топламын басып шығарды.

30- жыллары Н. Дәўқараев, Д. Нәзбергенов, М. Дәрибаев, Н. Жапақов, Ә. Шамуратов ҳәм т. б. жас жазыўшы ҳәм шайырлар әдебият майданында өз шығармалары менен көрине баслады.

30- жыллардағы қарақалпақ әдебиятында поэзия айырықша орын ийелеп, оның тематикасы кенейди. Елди индустриаластырыў, колхоз қурылысы, социалистлик мийнет, партия, Ўатан, жаңа бахытлы турмыс-поэзияның баслы темалары болды. Жаңа социалистлик жәмийет қурып атырған жаңа совет адамлары оның дыққат орайында турды.

20- 30- жыллары қарақалпақ әдебиятында поэзия менен бир қатарда әдебияттың жаңа жанрлары: драматургия, проза ҳәм әдебий критика қәлиплесип раўажланды.

Революцияға дейинги қарақалпақ әдебиятында шын мәнисинде болмаған проза рус, қазақ, өзбек ҳәм басқа да әдебиятлардың тәсири астында, бай фольклорлық дәстүрлер негизинде пайда болды ҳәм раўажланды. Дәслепки очерклер, гүрриңлер, фельетонлар ҳәм повестьлер 30- жыллардың орталарынан жарыққа шығып, олардан оқыўшыларға кең мәлим болғанлары — Н. Дәўқараевтың „Партизанлар", „Интернатта", М Дәрибаевтың „Мыңлардың бири", Ә. Шамуратовтың „Ески мектепте", Қ. Ермановтың „Балықшылар" ҳәм басқа да шығармалары болды.

Кең халық массасының билим дәрежесинин, ой-өрисиниң өсиўи менен қарақалпақ китап оқыўшыларының рус классик ҳәм совет әдебиятының шығармаларына қызығыўшылығы күшейди, 30- жыллары А С. Пушкин М Ю. Лермонтов, Н. В. Гоголь, Л. Н Толстой. А. П. Чехов А. М. Горький, В В. Маяковский, А А Фадеев ҳәм т. б жазыўшылардың көплеген шығармалры қарақалпақ тилине аўдарылып басып шығарылды.

Усы дәўирде жер жүзилик әдебияттың айырым шығармалары, мәселен Мольердин, Шекспирдиң, Байронның хәм т. б. шығармалары қарақалпақ тилине аўдарылды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Октябрь революциясынын женисинен кейин Қарақалпақстанда театр искусствосы дөреди. Қарақалпақ театрының дүзилиўинде рус ҳәм өзбек театр мәдениятынын жәрдеми айрықша болды. Қарақалпақ театр искусствосы 20- жыллардың басында дүзилген драмалық кружоклар негизинде өсип шықты.

1917- жылдың ақырында Петро-Александровск қаласында солдатлардын ҳәўескерлик кружоги болып, оның составы ҳәм репертуары интернационаллық сыпатқа ийе еди. Қарақалпақлар, өзбеклер, қазақлар, татарлар, түркменлер, тәжиклер, руслар, украинлар ҳәм т. б. миллетлердиң ўәкиллери кружок жумысына қатнасты.

1919- жылы Петро-Александровскте дәслепки мәмлекетлик искусство мәкемесы—РСФСР музыкалық-драма жәмийетиниң бөлими ашылды, ол Әмудәрья бөлиминдеги ҳәўескерлик кружокларды бирлестириўи, оларды басқарыўы, қалаларда спектакльлер, концертлер ҳәм кешелер шөлкемлестириўи, сондай-ақ орайлық қалалардан профессионаллық коллективлерди шақырыўы тийис болды.

Партия ҳәм совет органлары жаңа совет искусствосының раўажланыўына ҳәр тәреплеме мүмкиншилик туўғызды. РКП(б) Петро-Александровск комитети ҳәўескерлик кружоклары тараўларын кеңейтиўге бағдарланған бир қатар әҳмийетли қарарлар қабыл алды. 1919- жыл 7- августта РКП(б) Петро-Александровск уездлик-қалалық комитетинин мәдений-ағартыў бөлими мәжилисинде сахна секциясынын жумысы ҳаққында мәселе додаланды ҳәм сахна искусствосы хәўескерлеринин санын көбейтиўге бағдарланған илажлар белгиледи. РКП(б) Петро-Александровск уездлик қалалық комитети қапталындағы мәдений-ағартыў комиссиясы коммунистлердин ҳәм Әмудәрья бөлими мийнеткешлеринин арасында мәдений-ағартыў жумысларын күшейтиў ушын 1920- жылы 383480 манат бөлип шығарды.

1920 жылы Қоныратқа келген Хийўа өзбек театр труппасы қала халқында үлкен тәсир қалдырды. Хийўа труппасының Қоныратқа келиўи жергиликли жаслардың өз театр кружокларын шөлкемлестириўге қызығыўшылығын пайда етти 1920-жылы Қоңырат округлик комсомол комитети қапталынан 25 адам составында усындай кружок шөлкемлестирилди.

1920—1921- жыллары усындай кружоклар Шымбайдағы, Шораханлағы, Шаббаздағы клублардын, интернатлардың қапталында, дийханлар үйинде, қызыл шайханаларда, қызыл үйлерде ҳәм т. б. орынларда шөлкемлестирилди.

1920- жылы Төрткүлде қалалық клуб, китапхана ҳәм кинотеатр ашылды. Келешек театрдың қәлиплесиўинде Түрткүл қалалық клубынын тутқан орны айрықша болды. Ҳәр қыйлы кешелер, лекциялар, кружоклардың концертлери, сондай-ақ сырттан келген артистлердиң концертлери де усы клубта өткерилди.

1923-жылы Хорезм труппасы „Сайёр" Төрткул қаласына келип, қала халқына өзбек тилинде спектакльлер көрсетти. Өзбек



www.ziyouz.com kutubxonasi



Хамза Ҳәкимзада Ниязий

совет әдебиятының тийкарын салыўшы Хамза Ҳәкимзада Ниязийдиң 20-жыллардың басында Хорезмге ҳәм Қарақалпақстанға келиўи қарақалпақ драматургиясының ҳәм қарақалпақ халқы театр искусствосының раўажланыўына белгили дәрежеде тәсир жасады.

Қаракалпақстан областьлық атқарыў комитетиниң тапсырмасы бойынша 1925-жылы Төрткул қаласындағы педагогикалық техникумның тәбият таныў бойынша оқытыўшысы Зәриф Фатихович Қасымов тәрепинен студентлердиң күши менен биринши қарақалпақ миллий труппасы „Таң нуры“ шөлкемлестирилди.

„Таң нуры“ труппасы ҳәзирги К. С. Станиславский атындағы қарақалпақ мәмлекетлик театрының дөрелиўине негиз таярлады. Дәслепки қарақалпақ драмалық шығармалары қарақалпақ драматургиясының баслаўшылары — С. Мәжийтов. Қ. Әўезов, Ә Өтеповлар тәрепинен жазылып, оларды „Таң нуры“ труппасы сахнаға қойды

1922—1925-жыллары Ә. Өтепов өзинин дәслепки „Жездежан“, „Зиндан“ сахналық шығармаларын жазды. 1925-жылы „Тенин тапқан қыз“ пьесасының дәслепки варианты ҳәм „Шалекебай“ пьесасын дөретти. Қ. Әўезов 1916-жылғы көтерилис ҳаққындағы „Тилек жолында“ пьесасын жазды, С. Мәжийтов 1926-жылы қарақалпақ халқының Хийўа ханына қарсы гүресин көрсететуғын „Ерназар алакөз“ пьесасын жазды. 1927-жылы „Таң нуры“ труппасының репертуарында Қ Әўезовтың „Тилек жолында“. С Мәжийтовтың „Ерназар алакөз“, „Ақсақал“ пьесалары болды.

1925-жылы „Таң нуры“ ның шөлкемлестирилиўи, 1927-жылы усы кружок базасында Ә Өтеповтың басқарыўында бирден-бир областьлық миллий труппаның дүзилиўи, ал 1930-жылы декабрьде директоры Әбдираман Өтепов болған биринши Қарақалпақ мәмлекетлик театрының ашылыўы республиканың мәдений турмысындағы әҳмийетли ўақыя болды.

Қарақалпақ театрының раўажланыўына тәсир еткен әҳмийетли документ РСФСР Халық Комиссарлар Советиниң 1930-жыл 7-октябрьдеги „Театр исин жақсылаў ҳаққында“ғы қарары болды. Қарақалпақстанда театр ашыў ҳаққындағы мәселени изертлеў мақсетинде 1929 жылдың ақырында Қарақалпақстанға РСФСР Билимлендириў халық комиссариатының искусство бөлиминен



www.ziyouz.com kutubxonasi

комиссия келди 1931-жылы театрдың творчестволық составы 12 адамнан (соның ишинде 3 ҳаял қыз) ибарат болды.

1933-жылы театрда 34 адам жумыс ислели 1934-жылы Москвадағы А В. Луначарский атындағы театр искусствосы институтында Қарақалпақстаннан 33 адам оқыды. Белгили искусство ғайраткерлери О Пыжова, В. И Качалов ҳәм т. б қарақалпақ театры ушын кадрлар таярлаў исине көп күш жумсады. Қарақалпақ халқының театр ҳәм музыка мәдениятының раўажланыўында, республикада көркем ҳәўескерлик исинин ен жайыўында миллий театр үлкен роль атқарды.

Қарақалпақстанда биринши бес жыллықта массаны коммунистлик рухта тәрбиялаўдын құдиретли қуралы радио еситтириў кен таралды. Республикада қуўатлы радио еситтириў станциясы қурылды. Қалалар ҳәм аўылларда радио точкаларының саны жыл сайын өсти, 1932—1937-жыллары олар алты есе көбейди. Қарақалпақстанда Россия киносының (Роскиноның) республикалық бөлими шөлкемлестирилди. Республикада кинотеатрлардың қурылысы ен жайдырылды. Қарақалпақстанды қәўендерликке алған Москва қаласы Дзержинский районлық Совети республикаға биринши даўыслы кино үскенлерин сыйлыққа берди.

## 4. МӘДЕНИЙ-АҒАРТЫЎ ЖУМЫСЛАРЫНЫҢ ЕН ЖАЙДЫРЫЛЫЎЫ

Коммунистлик партия ҳәм совет ҳүкимети Октябь жеңисинен кейин сиясий ҳәм мәдений ағартыў жумысларын ен жайдырды, клублар, мәдeният үйлери, китапханалар, кинотеатрлар, оқыў үйлери ҳәм қызыл мүйешлердиң кең тараўын дүзиўге киристи. Бурын бундай мәдений орынларға ийе болмаған қарақалпақ халқы ушын бул мәдений мәкемелердин шөлкемлестирилиўи үлкен әҳмийетке ийе болды.

Түркстан республикасы Орайлық атқарыў комитетинин „Түркстан республикасы китапханаларын национализациялаў ҳаққында" ғы қарарына муўапық 1919-жыл апрельде Әмударья область депутатлар совети тәрепинен бурынғы патша әмелдарлары ҳәм ири санаатшылардың жекке меншик китапханаларын национализациялаў бойынша арнаўлы комиссия дүзилди. 1919 жыл майда комиссия Төрткүл қаласындағы Новиковтың жекке меншик китапханасын ҳәм бурынғы патша администрациясына тийисли болған Төрткүл китапханасын, бир қатар басқа да китаплар жыйнағын национализациялады. Усы ўақытлары дүзилген Төрткүл халық китапханасының фонды китаплар менен үзликсиз толықтырылды. Көп узамай-ақ онда 7000 ға шамалас китап болды

Совет власты жылларында Қарақалпақстанда китапхана ислерин түп-тамырынан қайта қурыў жумысларын әмелге асырыўда бул тараўдағы В. И. Ленинниң көрсетпелери үлкен әҳмийетке ийе болды. В. И. Ленин 1919-жыл май айында мектептен тысқары билимлендириў хызметкерлериниң Пүткил Россиялық биринши съездинде сөйлеген сәзинде: „Биз өзимизде бар китапларды пай-



www.ziyouz.com kutubxonasi

даланыўға ҳәм өзимизде бар ҳәр бир китапшаны халықтың пайдаланыўына жәрдемлесетуғын китапханлардың шөлкемлескен тараўын дүзиўге кирисиўимиз, параллель шөлкемлерди дүзбеўимиз, ал бирден-бир планлы шөлкемди дүзиўимиз тийис"[1], — деп атап көрсетти.

Елди социалистлик индустриаластырыў ушын гүрес ҳәм аўыл хожалығын тутас коллективлестириўге таярлаў дәўиринде кең мийнеткешлер массасы арасында, әсиресе Қарақалпақстан жағдайында сиясий-массалық ҳәм мәдений-ағартыў жумыслары үлкен әҳмийетке ийе болды.

Оқыў үйлери, қызыл үйлер, китапханалар, клублар, кино, қызыл шайханалар, дийханлар үйлери, қызыл мүйешлер ҳәм т. б. мәдений-ағартыў мәкемелери партияның ҳәм ҳүкиметтин мийнеткешлерди коммунистлик рухта тәрбиялаў бойынша жумысында тирек пунктлери болды.

Усы дәўирде, пүткил елдегидей-ақ Қарақалпақстанда да барлық мәдений-ағартыў жумыслары партияның XIII, XIV ҳәм XV съездлериниң қарарлары тийкарында жүргизилди.

РКП(б) XIII съезди „Аўылдағы мәдений жумыслар ҳаққында" ғы қарарында: „Аўылларымыздың ҳәзирги мәдений дәрежеси жағдайында аўылда жүргизилегуғын ҳәр қандай сиясий жумыс саўатсызлықты сапластырыў, ен әпиўайы билимлерди таратыў ҳәм аўылға ең зәрүрли болған мәдений хызмет көрсетиў жумыслары менен сөзсиз байланыстырылыўы керек"[1], — деп атап көрсетти.

Партияның усы ҳәм басқа да директиваларына тийкарланып, Қарақалпақстанның партия ҳәм совет органлары қала ҳәм аўыл мийнеткешлери арасында массалық мәдений-ағартыў жумысларын раўажландырды.

Қалаларда китапханалардың ҳәм клублардың, аўылларда қызыл шайханалардың, оқыў үйлериниң, қызыл үйлердин тараўлары кеңейди. Қызыл шайханаларда сиясий ҳәм өндирислик мәселелер бойынша гүрриңлер өткерилди. Олардың жумысларына „Қошшы" союзының областьлық комитети, областьлық ағартыў мәкемеси ҳәм областьлық билимлендириў бөлими басшылық етти.

Мәдений ағартыў мәкемелериниң тараўлары жыл сайын кеңейтилди. Егер 1921-жылы августта областьта 5 клуб, 6 қызыл шайхана, 8 оқыў үйи жумыс ислеген болса, 1927—1928-жыллары Қарақалпақстанда 8 клуб, 13 қызыл шайхана, 8 дийханлар үйи, 9 китапхана, 1 қызыл үй, 2 кинотеатр, 3 көшпели кино, 2 радиоузель ҳәм бир миллий труппа болды.

Мәдений ағартыў жумысларын ен жайдырыўда ВКП(б) Орайлық Комитетинин 1928-жыл 28-декабрьдеги „Оқыўшылар массасына китаплар менен хызмет көрсетиў ҳаққында"ғы, 1929-жыл 1-апрельдеги „Профсоюзлардың мәдений-ағартыў жумыслары

---

[1] В. И. Ленин. Шығармаларының толық жыйнағы, 38-том, 332-бет.
[1] КПСС резолюцияларда... II бөлим, 861-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳаққында"ғы, 1929- жыл 11- ноябрьдеги „Оқыў үйлери ҳаққында"ғы, 1931- жыл 15- августтағы „Баспа жумысы ҳаққында"ғы қарарлары үлкен роль ойнады.

1933- жылға Қарақалпақстандағы мәдений ағартыў орынларының тараўлары тағы да өсип, 41 қызыл шайхана, 15 клуб, 43 китапхана, 71 оқыў үйи, 49 қызыл мүйеш, 1 қызыл үй, 12 турақлы кино үскене, 20 көшпели кино, 6 радиоузель, 1 миллий театр, 13 көшпели ҳәўескерлик труппасы, 25 ҳәўескерлер кружоги, 101 сиясий кружок, 760 саўатсызлықты сапластырыў пункти, 3 партия кабинети болды.

1935- жыл февральда ВКП(б) Қарақалпақстан обкомы мийнеткешлер арасында мәдений-массалық жумысларды буннан былай да жетилистириўге бағдарланған „Клублардың ҳәм китапханалардың жағдайы ҳаққында" қарар қабыл алып, ол үлкен әҳмийетке ийе болды.

Қарақалпақстанда халық хожалығын социалистлик реконструкциялаўдың тасқынлап раўажланыўы рабочий күшин және де көбирек талап етти, бул өз гезегинде өндириске ҳаял-қызларды тартыўдың зәрүрлигин келтирип шығарды. Буның ушын мектепке шекемги балаларды тәрбиялаў мәкемелери тараўларын кеңейтиў зәрүр болды. 1932- жылы республикада 70 ясли жумыс иследи. оларға 2800 бала тартылды.

1934- жылы 15 бала бақшада 9 3 бала (яслилерден тысқары), 120 балалар майданшасында 10500 бала тәрбияланды.

Оқыўшылардың билимлерди өзлестириўинде араб жазыў үлгиси оғада қыйыншылық туўдырды. Усыған байланыслы латынластырылған графикаға өтиўге таярлық жумыслары жүргизилди.

1929- жыл январьдан баслап, биринши рет областьлық газета „Қызыл Қарақалпақстан" ның бир бети латынластырылған алфавит пенен басып шығарылды.

Совет аппаратындағы ислерди жүргизиўге латынластырылған алфавитти енгизиў ушын кадрлар таярлаў мақсетинде Төрткүл қаласында латынластырылған алфавитти үйрениў бойынша машинисткалар курсы шөлкемлестирилди. Оны 16 ҳаял-қыз питкерди.

Биринши бес жыллық дәўиринде кадр таярлаўға ҳәм мийнеткешлердиң кең массасын социалистлик қурылысқа тартыўда баспа сөз үлкен хызмет атқарды. 1932- жылға келип Қарақалпақстанда 4 газета ҳәм бир журнал шығып турды. Газеталардың тиражы 1924- жылғы 100 данадан 1932- жылы 22200 данаға дейин көбейтилди. Газеталардың жумысына 300 ден аслам рабочий ҳәм аўыллық хабаршылар активи қатнасты.

1927—1928- жыллардан баслап китап басып шығарыў иси өсти. „Советлерге сайлаўлар ҳаққында реже", „Қалың мал ҳаққында", „Ҳаял-қызлар делегатлары жыйналысларының программасы", „Әлипбе" сыяқлы китап ҳәм китапшалар қарақалпақ тилинде басылып шықты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1930-жылы „Қызыл Қарақалпақстан“ журналы басылып шыға баслады. Жас шайырлар шығармаларынын жыйнағы, бир неше оқыў қураллары басып шығарылды.

Биринши бес жыллықтың ақырына 72 атамадағы китаплар басылып шықты, 6 газета шығып турды, рабочий-аўыл хабаршылары отряды 1470 адамға өсти.

Екинши бес жыллықтын ақырында 11 газета шығарылып, олардын тиражы 6 миллионға жетти. Китап шығарыў 1932—1937- жыллары 14 есе өсти ҳәм екинши бес жыллықтың ақырғы жылында олардын улыўма тиражы 1700 мың дана болды.

Солай етип, қарақалпақ халқы мәдениятынын улыўма көтерилиўи, халық билимлендириўиниң раўажланыўы, мәдений ағартыў мәкемелери тараўынын кеңейиўи, жоқары маманлықтағы кадрлар таярлаўдын өсиўи, баспа сөздин, көркем әдебияттын, театр искусствосынын раўажланыўы, миллий совет интеллигенциясынын дүзилиўи—мине усылардын барлығы Қарақалпақстандағы мәдений революциянын женисинин гүўасы, Коммунистлик партиянын дана миллий сиясатының салтанаты болды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Екинши бөлим

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АССРы СССРда РАЎАЖЛАНҒАН СОЦИАЛИСТЛИК ЖӘМИЙЕТ ДҮЗИЎ ДӘЎИРИНДЕ (1938—1958-ж. ж.)

www.ziyouz.com kutubxonasi

*X бап*

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АССРы СССР да СОЦИАЛИСТЛИК ЖӘМИЙЕТТИ БЕККЕМЛЕЎ ҲӘМ РАЎАЖЛАНДЫРЫЎ ДӘЎИРИНДЕ

## (1938—1941-жыл июнь)

### 1. САНААТ ҲӘМ ТРАНСПОРТТЫҢ РАЎАЖЛАНЫЎЫ

СССР да социалистлик жәмийет екинши бес жыллықтын ақырына тийкарынан дүзилди. Ел үшинши бес жыллыққа киристи. Бизиң жәмийетимиздиң раўажланыўында жаңа дәўир басланды. Бул дәўирдеги партия менен халықтың баслы ўазыйпасы социализм дүзиўди тамамлаўдан ҳәм кем-кемнен коммунизмге өтиўден ибарат болды.

Советлер Союзы Коммунистлик партиясының ленинлик сиясаты арқасында ел қуўатлы индустриалы державаға айланды. Екинши бес жыллықтың ақырына СССР да санаатты ҳәм аўыл хожалығын технакалық реконструкциялаў тийкарынан тамамланды. Санааттың өсиў пәти бойынша Советлер Союзы баслы капиталистлик еллерди қуўып жетти ҳәм олардан озып кетти, ал санааттағы ҳәм аўыл хожалығындағы өндирис техникасының дәрежеси бойынша Европада биринши орынға шықты. Енди совет халқы Коммунистлик партия тәрепинен алға қойылған баслы экономикалық ўазыйпаны: Европаның айрықша раўажланған капиталистлик еллерин ҳәм Америка Қурама Штатларын экономикалық жақтан, яғный халықтың жан басына өним ислеп шығарыў, бойынша қуўып жетиў ҳәм озып кетиў ўазыйпасын шешиўи тийис болды. Социализм елиниң раўажланыўының келешектеги ўазыйпасы ретинде Октябрь революциясының алдында В. И. Ленин тәрепинен ортаға қойылған бул ўазыйпа енди партия менен совет халқының жақын арадағы әмелий ўазыйпасына айланды

Халық хожалығын раўажландырыўдың үшинши бес жыллық планы бул ўазыйпаны шешиў жолындағы ең әҳмийетли адым болыўы тийис еди.

Барлық совет халықлары менен бирге Қарақалпақстан АССР ы да тарийхый раўажланыўдың жаңа дәўирине өтти. Автономия-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лы республикадағы социалистлик қурылыстың табыслары 1938-жыл 30-майдан 2-июньге шекемги аралықта болып өткен Қарақалпақстан областьлық VIII партия конференциясында жуўмақластырылды. Онда VII областьлық партия конференциясынан (1937-жыл май) кейин өткен дәўир ишинде Қарақалпақстан АССР ында хожалық ҳәм мәдений қурылыстын жуўмақлары ҳаққындағы областьлық партия комитетиниң есаплы доклады тыңланды ҳәм доталанды. Конференция автономиялы республиканын хожалық ҳәм мәдений қурылыста әҳмийетли табысларға ерисилгенлигин атап көрсетти.

Сонын менен бирге VIII областьлық партия конференциясы партия шөлкемлеринин, совет ҳәм хожалық органларынын хожалық жәнe мәдений қурылысқа басшылық етиўиндеги ири кемшиликлерди ашты ҳәм оларды сапластырыўға бағдарланған илажлар белгиледи.

Конференция автономиялы республиканын халық хожалығын ҳәм мәдениятын буннан былай раўажландырыў бойынша илажлар белгиледи. Аўыл хожалығын механизацияластырыўға айрықша дыққат аўдарылды. Конференция қарарларында: „Конференция областьлық партия комитетин аўыл хожалығына механизацияны ҳәр тәреплеме енгизиўге, жерди ислеўдин гөнерген усылын шешиўши түрде сапластырыўға миннетлейди",—деп атап көрсетилди.

1939-жылдын басында ВКП(б) Орайлық Комитетинин партиянын гезектеги XVIII съездин шақырыў ҳаққында қарары ҳәм СССР халық хожалығын раўажландырыўдын 1938—1942-жыллардағы үшинши бес жыллық планы ҳаққында жәнe партия Уставындағы өзгерислер ҳаққында съездде жасалатуғын докладлардын Тезислери басылып шықты. Партия ҳәм пүткил совет халқы бул документлерди терен қанаатланыўшылық сезимлери менен күтип алды.

Съезд алдында Тезислер пүткил халықлық додалаўдан өтти, Олар басланғыш партия шөлкемлеринин ашық партия жыйналысларында, районлық ҳәм қалалық, областьлық ҳәм үлкелик партия конференцияларында, союзлық республикалар компартияларынын съездлеринде додаланды.

Пүткил елдегидей-ақ Қарақалпақстан АССР ында да коммунистлер ҳәм партияда жоқ мийнеткешлер тезислерди додалаўға актив қатнасты. Автономиялы республиканын коммунистлери менен барлық мийнеткешлери қалалардағы, санаат кәрханаларындағы, совхоз ҳәм колхоз басланғыш партия шөлкемлериндеги көп мын адам қатнасқан митинглер менен жыйналысларда үшинши бес жыллық план ҳаққындағы доклад тезислерин бир аўыздан мақуллады ҳәм өзлеринин усыныслары менен қосымшаларын киргизди.

Партиянын XVIII съездине ВКП(б) Орайлық Комитетиниң доклады тезислерин 1939-жылы 25-27 февральда болған Қарақалпақстан областьлық IX партия конференциясы да мақуллады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Конференция партия, совет, профсоюз, комсомол шөлкемлерин ҳәм хожалық органларын партияның XVIII съезди ҳүрметине социалистлик жарысты тағы да кең ен жайдырыўға ҳәм хожалық және мәдений қурылыстың барлық участкаларында жаңа табысларға ерисиўге шақырды,

ВКП(б) XVIII съезди 1939-жылы 10—21-март аралығында болып өтти. Ол партия ҳәм совет халқының турмысында үлкен сиясий ўақыя болды. Съезд 1938-1942-жылларда СССР халық хожалығын раўажландырыўдың үшинши бес жыллық планын тастыйықлады.

Үшинши бес жыллық план өндирис қуралларын ислеп шығарыўды басым раўажландырыў менен социалистлик экономиканың барлық тараўларын оғада тез пәтпенен көтериўди нәзерде тутты. Халық хожалығының барлық тараўларын қуўатлы раўажландырыў тийкарында совет халқының материаллық абаданлығын ҳәм мәдений дәрежесин арттырыў нәзерде тутылды.

Үшинши бес жыллық план тийкарында 1938-1942-жылларда Қарақалпақстан АССР ы халық хожалығын ҳәм мәдениятын раўажландырыўдың конкрет ўазыйпалары белгиленди. Бес жыллық план бойынша автономиялы республикада цемент, алебастр, гранит, гербиш, ремонтлаў-механикалық, пиво-лимонад, пахта тазалаў ҳәм май шығарыў заводларының қурылысы белгиленди. Соның менен бирге Мойнақтағы балық консерва комбинатын питкериў және пайдаланыўға бериў ҳәм т. б. планластырылды. Жергиликли санаатты ҳәм санаат кооперацияларын әдеўир раўажландырыў белгиленди. Автономиялы республика экономикасына ири қаржы жумсаў 150 млн манат муғдарында белгиленди, бул биринши ҳәм екинши бес жыллықты қосып есаплағандағыға қарағанда да олардан 2,6 есе көп деген сөз еди.

Үшинши бес жыллықта Қарақалпақстан аўыл хожалығының алдына үлкен ўазыйпалар қойылды. Аўыл хожалығы жумысларын бұннан былай механизацияластырыў, 1942-жылы пахтаның зүрәәтлилигин гектарынан 24 центнерге, жоңышқа туқымының зүрәәтлилигин гектарынан 5 центнерге арттырыў белгиленди. Жаңа жерлерди өзлестириў есабынан ғаўашаның егислик майданын 45 мың гектарға көбейтиў планластырылды.

Халық хожалығының үзликсиз көтерилиўи автономиялы республика мийнеткешлериниң абаданлығының ҳәм мәдениятының бұннан былай өсиўин гәмийин егиўи тийис болды. Бес жыллық план бойынша рабочийлардың, колхозшылардың ҳәм интеллигенцияның табысларын тағы да көбейтиў белгиленди. Турақ жай-турмыс ҳәм мәдений қурылысларға мәмлекеттиң бөлип шығаратуғын қаржысы көбейтилди.

Барлық совет адамлары сыяқлы Қарақалпақстанның коммунистлери ҳәм барлық мийнеткешлери партияның XVIII съезди қарарларын үлкен рухланыўшылық пенен қабыл алды. 1939 жылы болып өткен Өзбекстан Компартиясы Қарақалпақстан обкомының ҳәм Төрткүл қалалық партия комитетиниң пленумлары съезд қа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рарларын толығы менен мақуллады. Оның қарарлары партия активинин ҳәм мийнеткешлердиң жыйналысларында додаланды және барлық жерде бир аўыздан мақулланды. Кәрханаларда, мәкемелерде, колхозларда ҳәм оқыў орынларында шөлкемлестирилген кружоклар менен семинарларда съезд материаллары үйренилди.

Автономиялы республика мийнеткешлери үшинши бес жыллық планды орынлаўға үлкен мийнет көтериңкилиги менен киристи.

Үшинши бес жыллық план көрсеткелерине муўапық санаатты ҳәм транспортты буннан былай раўажландырыў ушын гүрес ен жайдырылды. Усы гүресте социалистлик жарыстың уллы күши жанадан көринди. ВКП(б) XVIII съездиниң кейнин ала, 1939-жылы Москваның „Красный пролетарий" станок қурылысы заводының рабочийлары менен инженер-техник хызметкерлери Үшинши бес жыллық атындағы Пүткилсозлық социалистлик жарысты баслаўшылар болып шықты. Москвалылардың үлгиси бойынша автономиялы республиканың кәрханалары менен қурылысларында социалистлик жарыс ен жайды. 1939-жылы 31-мартта Шымбай пахта тазалаў заводының рабочийлары менен инженер-техник хызметкерлери көп адам қатнасқан митингте Москва „Красный пролетарий" заводы коллективинин шақырығын қабыл алыўға қарар етти ҳәм улыўма халықлық социалистлик жарысқа қосылып өндирислик планды мүддетинен бурын орынлаў бойынша конкрет миннетлемелер алды.

Социалистлик жарысқа қосылған Хожели пахта тазалаў заводында стахановшылардың саны тек 1939-жылдың өзинде 46 адамға көбейди. Усы жылы заводтың рабочийлары ҳәм инженер-техник хызметкерлери 8 рационализаторлық усыныс киргизип, оларды қолланыў нәтийжесинде мийнет өнимлилиги әдеўир артты ҳәм көп қаржы үнемленди. Бир қатар тараўлардың рабочийлары, инженер-техниклери туўысқан республикалардағы кәрханалардың коллективлери менен жарысқа түсти. Мәселен, 1939-жылы автономиялы республика балық санаатының рабочийлары Қазақстан балық санааты рабочийлары менен жарысты. Алдынғы тәжирийбени, мийнеттиң новаторлық усылларын ен жайдырыўда өз-ара тексериўлер өткериў үлкен әҳмийетке ийе болды.

Областьлық партия шөлкеми автономиялы республика мийнеткешлериниң үшинши бес жыллықты табыслы орынлаў ушын гүресин шөлкемлестирди. Партия шөлкемлери мийнеткешлерди үшинши бес жыллық планды орынлаўға мобилизациялап, өндириске, кадрларды таңлаўға ҳәм орналастырыўға, техниканы ең нәтижели пайдаланыўға, мийнет тәртибин беккемлеўге, рабочийлардың мийнет жағдайларының ҳәм турмысының жақсыланыўына байланыслы оғада әҳмийетли мәселелер менен конкрет шуғыллана баслады.

Бес жыллықтың жаңа қурылыслары, әҳмийетли санаат объектлери совет, профсоюз ҳәм комсомол шөлкемлериниң дыққат орайында болды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Рабочийларды профессиональлық-техникалық оқытыўға үлкен дыққат аўдарылды. Өндирис новаторларынын алдынғы тәжирийбелерин таратыўда үлкен әҳмийетке ийе болған ҳәр қыйлы курслар, стахоновшылық мектеплери дүзилди, техникалық конференциялар өткерилди. 1940-жылдың басында Хожели пахта тазалаў заводында стахановшылық мектеби жумыс ислеп,онда 23 адам, саўатсызлықты сапластырыў мектебинде 50 рабочий ҳәм 30 үй жумысы менен шуғылланыўшы ҳаял оқыды.

Мойнақ консерва комбинатынын дирекциясы массалық маманлықтағы кадрлар таярлаў ҳәм қайта таярлаў бойынша бир қатар илажларды иске асырды. Комбинатта Усындай мақсетлер ушын 1941-жылы 51,4 мың манат ажыратылды. 1941-жылдын басында бул жердеги техникалық минимум кружокларында 76 адам шуғылланды. Комбинат қапталында стахановшылық мектеби ҳәм социалистлик мийнет шеберлеринин курсы жумыс иследи.

Қарақалпақстан ушын маман рабочий кадрлар таярлаўда туўысқан республикалардын рабочий класы жәрдемлести. Қарақалпақстан пахта тазалаў заводларынын рабочийлары жумыс ислеўдиң алдынғы тәжирийбелерин үйрениў ушын Өзбекстаннын пахта тазалаў заводларына системалы барып турды. Балықсанаатынын көплеген хызметкерлери Қазақстан ССР ының балық санааты кәрханаларында ҳәм оқыў орынларында оқып билим алды.

Үшинши бес жыллықта маман рабочийлар менен инженер-техник кадрларынын саны өсиўин даўам етти. Егер 1938-жылы пахта тазалаў санааты участкаларында 3226 рабочий жумыс ислеп, 130 адам техникумларда, 16 адам маманлықты арттырыў институтларында таярланса, 1939-жылы рабочийлардың саны 3381 адамға өсти, техникумлар 290 қанийге таярлады, институтлар 157 адамнын маманлығын көтерди, 1939-жылы маманлықты көтериў курсларында 97 адам таярланды. Солай етип, 1939-жылы инженер-техник ҳәм рабочий кадрлардың улыўма саны 8659 адам болды, ал Ўатандарлық урыстын алдында рабочийлардың саны 10 мың адамнан көбирек еди.

Үшинши бес жыллықтың тек үш жылында (1938-1940-ж. ж.) Қарақалпақстан санаатын раўажландырыўға 20 млн манат ажыратылды, яғный пүткил екинши бес жыллықта қанша қаржы ажыратылса, усы үш жылда санаатқа сонша қаржы жумсалды.

Бес жыллық планға муўапық ески кәрханалар кеңейтилди ҳәм реконструкцияланды, биринши бес жыллықта қурылысы басланған санаат объектлери пайдаланыўға берилди, жаңа санаат кәрханаларынын қурылысы ен жайдырылды.

1938-жылы Қоныраттағы пахта тазалаў заводы пайдаланыўға берилди. Ол 1939-жылы (1926—1927-жыллардағы баҳада) 5456 мың манатлық өним берди. Жаңа, ҳәзирги заман техникасын енгизиўдиң есабынан пахта тазалаў санаатынын қуўатлылығы өсти. Пахта мамығын таярлаўдын барлық процеси механизацияланды. 1941-жылға келип, республика пахта тазалаў санааты сол ўақытта



www.ziyouz.com kutubxonasi

автономиялы республикада жетистирилген пахта зүрәәтин қайта ислеў қуўатына ийе болды.

1940-жылы Мойнақ гөш-балық консерва комбинатының қурылысы питкерилди. Үшсай. Үрге, Мойнақ. Порлытаў ҳәм Қазақдәрья балық заводларының өндирислик қуўаты артты. Балық заводларының жаңа, ҳәзирги заман техникасы менен үскенелениўи балық аўлаўды ҳәм оны қайта ислеўди әдеўир арттырыўға имканият туўғызды.

Усы жыллары Нөкис гербиш заводы, қамыс брикетлеў өндириси, Нөкис ағаштан зат ислеў фабрикасы ҳәм т. б. кәрханалар пайдаланыўға берилди.

1940-жылы ири санаат кәрханаларының саны 89 ға жетти, яғный 1928-жыл менен салыстырғанда 17,8 есе өсти. Егер 1937-жылы Қарақалпақстан санаатының тийкарғы фонды 10600 мың манат болса, 1940-жылы ол 35800 мың манатқа жетти, яғный 3 еседен асламырақ көбейди.

Солай етип, Қарақалпақстан мийнеткешлери Коммунистлик партияның басшылығында туўысқан халықлардын үлкен жәрдеми арқасында урыстан бурынғы бес жыллықлар дәўиринде социалистлик санаат дүзди. 1940-жылы ҳәр бир жаңа завод, 1913-жылы Қарақалпақстан территориясынлағы өнерментшилик ҳәм ярым өнерментшилик кәрханалардын барлығы бирге ислеп шығарған өниминен әдеўир көп өним ислеп шығарды. Автономиялы республикада маман рабочийлардың ҳәм инженер-техник кадрлардын көп санлы отряды қәлиплести.

Өнерментшилик кооперациялары да қайта қуралландырылды. Көплеген артельлер техникалық үскенелениўи, өндирис көлеми ҳәм рабочий күшинин саны бойынша мәмлекетлик санаат кәрханаларынан дерлик айырмасы болмады. 1939-жылы артельлердиң саны 19 дан 24 ке көбейди. Олардын ағзаларының саны 1937-жылғы 2900 адамнан 1939-жылы 3856 адамға өсти. 1939 жылы санаат кооперациялары 17800 мың манат муғдарында өним берди.

Социализмди беккемлеў ҳәм буннан былай раўажландырыў ўазыйпалары елдин индустриальлық қуўатының ҳәм қорғаныў уқыбынын артыўын тәмийинлеўди, мийнет тәртибин ҳәр қандай бузыўшыларға ҳәм өндириске кесент келтириўшилерге қарсы гүрести күшейтиўди талап етти.

Бул ўазыйпаларды шешиўде Коммунистлик партия менен Совет мәмлекетинин мийнет тәртибин беккемлеў ҳәм мийнеткешлердиң өндирислик активлигин арттырыў бойынша иске асырған илажлары айрықша үлкен әҳмийетке ийе болды. 1938-жыл 20-декабрьде СССР Халық Комиссарлар Совети рабочийлар ҳәм хызметкерлер ушын бирден-бир мийнет дәптершесин енгизиў ҳаққында қарар қабыл алды, 1938-жылы 28-декабрьде СССР Халық Комиссарлар Совети. ВКП(б) Орайлық Комитети ҳәм ВЦСПС тын „Мийнет тәртибин жолға салыў, мәмлекетлик социаллық қамсызландырыў тәртибин жақсылаў ҳәм бул истеги қия-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нетшшликлерге қарсы гүрес бойынша илажлар ҳаққында“ғы қарарына муўапық мийнет тәртибин бузыўшылар ҳәрқыйлы административлик жазалаўларға тартылды.

Санааттын жаңа техника менен ускенелениўи, кадрлардың мәдений-техникалық дәрежесинин артыўы, массалық социалистлик жарыстың раўажланыўы ҳәм мийнет тәртибиниң беккемлениўи мине булардын барлығы мийнет өнимлилигинин буннан былай өсиўине алып келди. Пахта тазалаў санаатында ислеўшилердиң ҳәр бирине жылына орташа туўра келетуғын шигитсиз пахта жетистириў 1938 жылғы 42.4 тонна орнына 1939-жылы 55,1 тонна болды. Санааттың бул тараўындағы бир рабочийға есаплағандағы ислеп шығарылған өним 1937-жылғы 39,9 мың манат орнына 1940 жылы 66,6 мың манат болды

Қарақалпақстан АССР ы санаатының тийкарғы тараўлары урыстан бурынғы жыллардың өндирислик тапсырмаларын табыслы орынлады. Улыўма алғанда Қарақалпақстан санааты (жоңышқа тухым тазалаў заводынан басқасы) 1939-жылы 66,3 миллион манатлық (1926 1927-жыллардағы баҳа бойынша) өним берди, бул 1938-жылдағыдан 14,1% көп болды. 1940-жылы пахта тазалаў заводлары шигитсиз пахта ислеп шығарыў планын 104.6% ке, пахта мамығын ислеп шығарыў планын—102,1% орынлады, санааттын бул тараўдағы улыўма өними планда белгиленген 35973 мың манат орнына 36810 мың манат болды Балық аўлаў жылына 270 мын центнерге жеткерилди Полиграфия кәрханаларының улыўма өними 1937-жылғы 230 мың манат орнына 1940-жылы 340 мың манат болды.

Бес жыллықтын үш жылы ишинде мәмлекетлик санааттың улыўма өними 2 есе дерлик өсти ҳәм ол 1940-жылы 1937-жылғы 25649 мын манат орнына 45295 мын манатқа жетти.

Үшинши бес жыллықта транспортты раўажландырыў бойынша әдеўир табысларға ерисилди. Транспорт қуралларын нәтийжели пайдаланыў ушын „Қарақалпақтранстың“ жумысы қайта шөлкемлестирилды, ҚҚАССР Халық Комиссарлар Совети қапталынан автомобиль транспорты Басқармасы дүзилди, суў транспорты да оның қараўына берилди. Автономиялы республиканын автопаркинде 1100 машина болды.

Жол қурылысы кең көлемде жүргизилди. Республикалық әҳмийеттеги жоллардың қурылысына ҳәм пайдаланыўына жумсалған қаржының улыўма муғдары тек 1939-жылдын өзинде 2015 мың манат болды.

Халықлық қурылыс усылы менен Төрткүл—Арал теңизи жолы өткерилди ҳәм реконструкцияланды, Қара таўдан түсерлиги жүриўге қолайластырылып дүзетилди. Урыстың басланыўына Қарақалпақстан АССР ы жол тараўларынын узынлығы 4695 *км*, соның ишинде жергиликли әҳмийеттеги жол 4024 *км*. республикалық әҳмийеттеги жол 671 *км* болды. Автономиялы республика пайтахтынын барлық районлар менен автомобиль қатнасы орнатылды. Төрткүл—Арал теңизи жолы бойынша Қазақдәрьяға



www.ziyouz.com kutubxonasi

шекем ҳәм қублада Мешеклиге шекем автомобиль транспорты нормаль түрде қатнап турды. 1938-жылы. ҚҚАССР автомобиль транспорты басқармасы бойынша жүк тасыў 1428 мың *т/км*, болса, 1939-жылы 2171 мын *т/км* болды. 1940-жылы Қарақалпақстанда автотранспорттың жүк айланысы 2 млн *т/км* болды. 1938-жылы автомобиллер менен жолаўшылар қатнатыў 3786 мың жолаўшы/*км*, 1939-жылы 9052 мын жолаўшы/*км* болды. 1940-жылы автомомиль транспорты менен 220,8 мың жолаўшы қатнатылды.

Суў транспорты да раўажланды. Автономиялы республиканың дәрья флоты жаңа кемелер менен толықтырылды, жүклерди тасыў ҳәм түсириў жумысларын механизацияластырыў дәрежеси өсти. Дәрья транспорты менен жүклер тасыў 1937-жылғы 4478-мың *т/км* орнына 1938-жылы 9423 мың *т/км* болды. Автотранспорттын жүк айланысы 1938-1940-жыллар аралығында 132% ке, ал суў транспортында 107,8% ке өсти. Арал тенизи арқалы суў-темир жол жүк тасыўы да өсти, ол автономиялы республиканын СССР дың Европа бөлими, Қазақстан, Сибирь менен экономикалық байланысларын беккемледи.

Санаат ҳәм транспорт тараўларындағы партия шөлкемлеринин ўазыйпаларын додалаған ВКП б) Пүткил союзлық XVIII партия конференциясы (1941-жыл февраль) санаат пенен транспортты буннан былай қуўатлы раўажландырыў ҳәм елдиң қорғаныў уқыбын беккемлеў исине халықты мобилизациялаўда үлкен роль ойнады. Конференция партия шөлкемлерин санааттын ҳәм транспорттың мүтәжликлери менен мәплерине ғамхорлықты күшейтиўге миннетледи. Конференция қарарларына муўапық хожалық ҳәм партия шөлкемлери үскенелер менен материалларды дурыс пайдаланыў, жаңа техниканы енгизиў мәселелерине, кәрханалар менен транспорттағы аварияларға ҳәм бийкар турыўларға қарсы гүрести күшейтти.

1941-жыл мартта Нөкис қаласында XVIII партия конференциясынын жуўмақларына арналған областьлық партия шөлкеми активиниң жыйналысы болды. Партия активиниң жыйналысына қатнасыўшылар XVIII партия конференциясының қарарларын бир аўыздан мақуллады, санаатқа басшылық етиў бойынша автономиялы республика партия шөлкеминин жумысындағы кемшиликлерди ашып, оларды сапластырыў бойынша конкрет илажлар белгиледи.

ВКП(б) XVIII партия конференциясынын қарарларын басшылыққа алып, автономиялы республика партия шөлкеми санаат тараўындағы кемшиликлерди сапластырыў ушын жигерли гүрес жүргизди. Ол жарыстын нәтийжелилигин жақсылаў, мийнет өнимлилигин арттырыў, өнимниң өзине түсер баҳасын арзанлатыў; шийки затты, материалларды үнемлеўдиң қатаң режими, үскенелерди күтип сақлаў ушын рабочийлардын гүресин бағдарлады. Коллективлерде бракка жол қойыўшыларға ҳәм өз ўазыйпаларына бийпарўа қараўшыларға қарсы мәўасасызлық жағдайы дүзилди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Партия XVIII конференциясының санаатты ҳәм транспортты буннан былай да раўажландырыў бойынша қарарларын орынлаў бойынша Қарақалпақстан партия шөлкеминин қабыл алған илажлары жақсы нәтийжелер берди. 1941-жылы пахта тазалаў заводлары, өнерментшилик-санаат кооперациялары план тапсырмаларын табыслы орынлап шықты. 1940-жыл менен салыстырғанда қурылыс материалларын жетистириў жети есе, силикат-гүлалшылық буйымларын ислеп шығарыў алты есе өсти. Транспорт товарларын ислеп шығарыў 66% ке, тигиўшилик буйымлары 38% ке көбейтилди.

Үшинши бес жыллықта байланыс. радио еситтириў ҳәм радиоластырыў тағы да раўажланды. 1941-жылы 24 мартта Нөкис қаласында Киров атындағы РВ—81 радиостанциясы жумыс ислей баслады. Эфирде биринши мәртебе: Тыңланызлар, тыңлаңызлар! Нөкистен сөйлеймиз...“ сөзлери жаңлады. Төрткүл—Ташкент радиотелефон линиясы үскенеленди, Нөкис қалалық телефон станциясының қуўаты арттырылды,бир қатар жаңа жергиликли телефон тараўлары линиясы орнатылды, радиотелефон ҳәм телефон байланыслары кеңейтилди ҳәм жақсыланды. Ушинши бес жыллықтың тек дәслепки еки жылынын ишинде байланыс кәрханаларынын (почта, телеграф, телефон) саны 35,8% ке өсти, радиоточкалардың саны 60% ке көбейтилди, қалалық телефон станциясы абонентлеринин саны бир ярым еседен көбирек өсти. Тек, 1939-жылы 5 аўыллық совет, 2 МТС телефонластырылды. 1940-жылы автономиялы республиканың жана пайтахты Нөкис барлық район орайлары менен, көплеген аўыллық совет, МТС ҳәм колхозлар менен телефон арқалы байланысқа ийе болды.

## 2 КОЛХОЗ ДҮЗИМИНИҢ БЕККЕМЛЕНИЎИ ҲӘМ СОЦИАЛИСТЛИК ХОЖАЛЫҚТЫҢ РАЎАЖЛАНЫЎЫ

Үшинши бес жыллықта Коммунистлик партия менен Совет ҳүкимети колхоз дүзимин беккемлеўге, социалистлик аўыл хожалығының барлық тараўларын көтериўге бағдарланған бир қатар илажларды иске асырды. Аўыл хожалығы артели Уставының бузылыўына ҳәм колхоз жеринен пайдаланыў бойынша партия сиясатын бурмалаўларға қарсы гүрес илажлары айрықша үлкен әҳмийетке ийе болды.

Жәмийетлик өндиристе дийханлардың басым көпшилиги ҳадал ҳәм жигерли мийнет етти. Бирақ, колхоз хожалығындағы жумыслардан шетлеўши, үй қапталы участкасын колхоз жери есабынан барынша кеңейтиўге умтылыўшы жалған колхозшылар да ушырасты. Олар үй қапталы участкаларын өз доходынын тийкарғы дәрегине айландырды Ал бул мийнет тәртибине унамсыз тәсир тийгизди колхозшылардын жекке мәплерин колхозлардың жәмийетлик мәплери менен дурыс үйлестириў принциплериниң бузылыўына алып келди. Мийнет тәртибиниң бузылыўы кол-



www.ziyouz.com kutubxonasi

хозларда адамлар жеткиликли бола тура қол күшиниң жетиспеўшилигине алып келип турды.

Колхоз жерин талан-тараж етиў, аўыл хожалық артели уставының турпайы түрде бузылыўлары сыяқлы фактлер Қарақалпақстан АССР ында да орын алды.

1939-жыл 27-майда ВКП(б) Орайлық Комитети ҳәм СССР Халық Комиссарлар Совети „Колхозлардың жәмийетлик жерин талан-тараж етиўден сақлаў илажлары ҳаққында“ қарар қабыл етип, ол сол жылы ВКП(б) Орайлық Комитети май Пленумында мақулланды. Партияның Орайлық Комитети менен Совет ҳүкимети жәмийетлик жерлерди талан-тараж етиўден ибарат колхозларға қарсы ҳәрекетлерди қаралады. Қарарда колхоз жерлерин талан-тараж етиўге қарсы гүресиў, колхозларда мийнет тәртибин беккемлеў, жәмийетлик мийнеттиң өнимлилигин арттырыў илажларын белгиледи. Партия Орайлық Комитетиниң май (1939-жыл) Пленумы жергиликли партия ҳәм совет органлары үй қапталы участкаларын өлшеп шығыўға ҳәм артық жерлерди жәмийетлик жер фондына қайтарып қосыўға миннетледи.

ВКП(б) Орайлық Комитетиниң май Пленумы колхозшылардың өндирислик активлигин арттырыў ҳәм колхозларда мийнет тәртибин беккемлеў мақсетинде ҳәр бир мийнетке жарамлы ер ҳәм ҳаял-қыз колхозшылар ушын жыллық мийнет күн табыўдың миннетли минимумын (Советлар Союзының ҳәр қыйлы зоналары ушын 60 тан 100 ге шекем мийнет күн) белгиледи. Колхозлар белгиленген минимумдағы мийнет күнлерди ислеп таба алмаған колхозшыларды колхозлардан шығарып жибериў ҳуқуқына ийе болды.

Қарақалпақстан партия шөлкеми менен совет органлары, партия Орайлық Комитетиниң ҳәм Совет ҳүкиметиниң көрсетпелерин иске асыра отырып, колхоз жерин пайдаланыўдың тәртибин бузыўды сапластырыў ҳәм колхозшылар арасында мийнет тәртибин беккемлеў бойынша шешиўши илажлар көрди. 1939-жылы үй қапталы участкаларын өлшеў өткерилип, оның нәтийжесинде республиканың 45710 колхозшы хожалығының ишинде 8418 хожалықтың белгиленген мөлшерден артық жер участкасына ийе екенлиги анықланды. Бир қатар жағдайларда колхоз бенен байланысын әлле қашан-ақ үзген адамлардың жәмийетлик жерлерден пайдаланып атырғанлығы белгили болды.

Қарақалпақстан АССР ы бойынша улыўма алғанда 7608 *га* артық жер анықланып, олардын көпшилик бөлеги колхозларға қайтарып берилди, ал қалған бөлегин колхозлар үй қапталы жер участкасы жоқ хожалықларға бөлистирип берди.

ВКП(б) Орайлық Комитетиниң ҳәм Совет ҳүкиметиниң, партия Орайлық Комитети май Пленумының колхоз жерлерин талан-тараж етиўшиликке, колхоз уставын бузыўшылыққа қарсы гүрес алып барыў ҳаққындағы көрсетпелерин ис жүзине асырыў бойынша жумыслар колхоз массасының сиясий ҳәм мийнет көтериңкилиги жағдайында жүргизилди Колхоз ағзалары жыйна-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лысларда кемшиликлерди кескин критикалады, артельлердиң ҳүждансыз ағзаларын әшкаралады, жәмийетлик хожалықларды беккемлеў, колхоз мүлкин сақлаў ҳаққында миннетлемелер алды.

Жерге жәмийетлик меншикти беккемлеў бойынша жүргизилген үлкен жумыслар, ҳәр бир мийнетке жарамлы колхозшы ушын миннетли минимумдеги мийнет күн табыўдың белгилениўи колхозларда мийнет тәртибиниң беккемлениўине алып келди. Минимум мийнет күн ислеп таба алмаған колхозшылардың саны кескин қысқарды. Егер 1938-жылы мийнетке жарамлы колхозшылардың 11% и белгиленген минимум мийнет күнди ислеп таба алмаған болса, 1939-жылы олар 5,4% болды. Егер, 1939-жылы усындай колхозшылардың саны 7322 адам болса, 1940-жылы олар 988 болды.

Күнлик нормасын орынлаўшы колхозшылардың саны кескин өсти. Қарақалпақстан колхозшылары 1938-жылғы 22 млн мийнет күнниң орнына, 1939-жылы 26 млн мийнет күн ислеп тапты.

1939-жыл 22-декабрьде ВКП(б) Орайлық Комитети ҳәм СССР Халық Комиссарлар Совети „Өзбекистанда пахташылықты буннан былай раўажландырыў бойынша илажлар ҳаққында" қарар қабыл етти. Партияның Орайлық Комитети ҳәм Совет ҳүкимети Өзбекстанның партия ҳәм совет шөлкемлериниң алдына—республикадағы барлық материаллық ресурсларды айрықша нәтийжели пайдаланыў, жаңа жерлерди өзлестириў, мийнет өнимлилигин кескин арттырыў, трактор парки жумысының сапасын жақсылаў, алдыңғы агротехниканы енгизиў ўазыйпаларын алға қойды.

Үшинши бес жыллықта аўыл хожалығын тракторлар ҳәм басқада машиналар ҳәм механизмлер менен техникалық қураландырыў даўам етти. Егер, 1937-жылы автономиялы республиканың колхоз атызларында 972 трактор жумыс ислеген болса, 1939-жылы олардың саны 1087 болды. Аўыл хожалығы техникалары 16 МТС қа жәмлести, олардың ишинен бир МТС үшинши бес жыллықта шөлкемлестирилди.

Колхоз қурылысы кадрларды массалық таярлаў мектеби болды. Аўыл хожалығының техникалық артта қалыўшылығын жеңиў ҳәм оны машина-трактор базасына өткериў процесинде кешеги батраклар менен гедей-орташалар қатламы жаңа техниканы өзлестирди, тракторшылық, механиклик, шоферлик, машинистлик ҳәм т. б. қанийгеликлерди ийеледи. Колхозларда, МТС ларда өз исин жақсы билетуғын маман механизаторлар армиясы өсип шықты. Механизаторларды ҳәм басқа да колхоз кадрларын таярлаўға мәмлекет қаржыны аямады. Үшинши бес жыллықтың тек дәслепки еки жылының ишинде ғана аўыл хожалығы кадрларын таярлаў ҳәм қайта таярлаў бойынша ҳәр қыйлы курсларды 14843 адам питкерип шықты.

Ҳаял-қызлардан механизатор кадрлар дүзиў үлкен жетискенлик болды. Атағы шыққан механизатор П. Н. Ангелинаның шақырығы бойынша Қарақалпақстанның көплеген ҳаял-қызлары механизаторлық кәсибин ийеледи. 1938-жылы 47 ҳаял-қыз трактор-



www.ziyouz.com kutubxonasi

шы болып жумыс иследи, және 150 қыз өндиристен қол үзбесген тракторшылар таярлаў курсында оқыды. Дәслепки тракторшы қызлардан—Р. Мамытова, Мәшәрипова ҳәм Мәтназарова трактор менен жумыс ислеў нормаларын системалы арттырып орынлады.

Аўыл хожалығының техникалық үскенеленгенлигиниң ҳәм механизатор кадрлар санының өсиўи аўыл хожалығы жумыслары дәрежесиниң жоқарылаўына имканият туўғызды. МТС лардың тракторлар менен жумыс ислеў көлеми 1937-жылы 209,1 мың *га* орнына 1939-жылы 346,4 мың *га* болды. 1939-жылы ғаўашаның барлық егислик майданының 39% и трактор сеялкалары менен ҳәм 61% и ат жегилген сеялкалар менен егилди. Аўыл хожалығы жумысларының механизацияластырылыў дәрежесиниң өсиўи нәтийжесинде колхозшылардың мийнети әдеўир жениллести ҳәм олардың мийнетиниң өнимлилиги өсти.

Колхозлардың басшы кадрларын таярлаўға ҳәм қайта таярлаўға, олардың техникалық, агрономиялық ҳәм зоотехникалық билимлериниң өсиўине үлкен дыққат аўдарылды. Усы мақсет пенен республикада, әсиресе қыс ўақтында өндиристиң басшы кадрларын, сондай-ақ бригада және звено баслықларын таярлаў ҳәм қайта таярлаў бойынша көплеген курслар ашылды. Өзбекстан КП(б) Орайлық Комитетиниң ҳәм ӨзССР Халық Комиссарлар Советиниң 1939-жыл 4-февральдағы „Колхоз активлериниң қысқы агро техникалық оқыўы ҳаққында"ғы қарарына муўапық басшы колхоз хызметкерлериниң маманлығын көтериў бойынша мектеплер ашылды. 1940-жылдың 1-августына республикадағы усындай мектеплердиң саны 100 ге жетти. Оларда стахановшылардың алдынғы тәжирийбелери үйретилди, аўыл хожалық егинлеринен жоқары өним алыў бойынша тәжирийбе алмасылды, алдыңғы агротехника илажлары үйретилди.

Өзбекстан ҳүкиметиниң 1939-жыл январьдағы қарары артта қалған районларды таярлықтан өткен кадрлар менен беккемлеўде үлкен әҳмийетке ийе болды.

Қарақалпақстан АССР ы ушын жоқары ҳәм орта маманлықтағы аўыл хожалығы қанийгелерин туўысқан республикалардың аўыл хожалығы жоқары оқыў орынлары менен техникумлары ҳәм Төрткүл аўыл хожалығы техникумы таярлады

Республикада кең ирригациялық қурылыслар ең жайдырылды. Ферғана областы колхозшыларының басламасы бойынша Қарақалпақстан колхозшылары мәмлекеттиң жәрдеми менен тезлетилген пәт пенен ири ирригациялық жумысларды иске асырды. 1939-жылы Шымбай ҳәм Қараөзек районлары колхозларының күши ҳәм қаржысы менен 50 күн ишинде узынлығы 25 *км* Майжап каналы қазып питкерилди. Канал қурылысында мыңлаған колхозшылар әжайып мийнет үлгилерин көрсетти, олар нормаларын 200—300% етип арттырып орынлады, ал айырым жағдайларда 500% ке орынлады.

Усы жылы Ленин жап—Суўенли каналын қазыў жумысларының бириншн гезеги питкерилди. 1940-жылы бәҳәрде В. И. Ленин



www.ziyouz.com kutubxonasi

атындағы каналдың екинши гезегинин қурылысы даўам етти. Хаўа-райынын аўыр жағдайларында қысқа мүддет ишинде—30 күнде 40 мың колхозшы 2,5 млн $м^3$ топырақ қазды. Майжап ҳәм Ленин жап-Сүўенли каналларын қазыўшылардың қаҳарманлық мийнети жоқары баҳаланды: айрықша көзге түскен қурылысшылардан 88 адам Өзбекстан ССР Жоқарғы Совети Президиумының Ҳүрмет грамотасы менен ҳәм 369 адам Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Совети Президиумының Ҳүрмет грамотасы менен наградланды

1940-жылы суў магистралларының улыўма узынлығы 2500 *км* ге жетти.

Ирригация тараўларын қурыў ҳәм реконструкциялаў нәтийжесинде республика 1940-жылы 10100 *га* жаңа жерлерди өзлестириўге имканият алды ҳәм барлық егислик жер майданы 1939-жылғы 116,3 мың *га* орнына 151,2 мың гектарға жеткизилди, сонын ишинде ғаўаша егилетуғын жерлер 1937-жылғы 55,0 мың *га* орнына 60,9 мың гектарға жеткерилди.

Үлкен ирригациялық қурылыстың иске асырылыўы, суў менен тәмийинлеўдин жақсыланыўы ҳәм егислик жер майданының кеңейтилиўи Қарақалпақстан АССР ында пахташылықтың ҳәм басқа да аўыл хожалығы тараўларының тез раўажланыўы ушын жағдай дүзди.

Аўыллардың партия шөлкемлери социалистлик жарысқа, алдынғылар менен өндирис новаторларының тәжирийбелерин таратыўға көп дыққат аўдарып, бул автономиялы республика аўыл хожалығының буннан былай раўажланыўына алып келди. Аўыл мийнеткешлери аўыл хожалығы егинлеринен жоқары өним алыў ҳәм мийнет өнимлилигин арттырыў ушын жарысты ен жайдырды

Көплеген колхозлар, бригадалар ҳәм звенолар өнимдарлықты кескин арттырыўға еристи. Тахтакөпир районы Максим Горький атындағы колхозда 1939-жылы егислик жер майданынын ҳәр бир гектарынан 30,75 центнерден. Төрткүл районы Чкалов атындағы колхозда 31,4 центнерден, Шаббаз районы „Комсомол" колхозында 34,7 центнерден зүрәәт алынды. Гектарынан 42—50 *ц* пахта зүрәәтин жетистирген Төрткүл районы Чкалов атындағы колхоздың бригада баслығы С. Бекмырзаевтың, Куйбышев районы „Обком" колхозының бригада баслығы Б. Бахийбаевтың атлары пүткил республикаға белгили болды.

Қарақалпақстан АССР ы аўыл мийнеткешлеринин қаҳарманлық мийнети Коммунистлик партия ҳәм совет мәмлекети тәрепинен жоқары баҳаланды. Пахташылықты раўажландырыўдағы айрықша табыслары ҳәм жигерли мийнети ушын ҚҚАССР аўыл хожалығы алдыңғыларынан 29 адам 1939-жылы Советлер Союзынын орден ҳәм медаллары менен наградланды. Олардың ишинде Қараөзек районы „Алғабас" колхозының басқарма председатели У. Турымова Ленен ордени менен наградланды

1939-жылы 1-августта Москвада ашылған Пүткилсоюзлық аўыл хожалығы көргизбеси социалистлик аўыл хожалығы жетис-



www.ziyouz.com kutubxonasi

кенликлеринин көзден өткерилиўи болды. Ол алдынғы тәжирийбени пропагандалаўда үлкен роль ойнады. 1939-1940-жыллары Пүткилсоюзлық аўыл хожалығы көргизбесине қатнасыў ҳуқуқы ушын социалистлик жарыс ен жайды. 1939-жылы Қарақалпақстан АССР ынын 89 пахташылық колхозы, жоңышқа тухым өндириўге қанийгелестирилген 27 колхозы, 5 балықшылық колхозы ҳәм 3 МТС өз жетискенликлери менен көргизбеге қатнасты. Автономиялық республикадан Пүткилсоюзлық аўылхожалығы көргизбесине 924 адам қатнасты.

Партия ҳәм ҳүкиметтиң колхозларды буннан былай беккемлеў бойынша илажларының, аўыл хожалығы артельлери уставын бузыўшыларға қарсы шешиўши гүрес жүргизиўдиң, аўыл хожалығы жумысларын механизацияластырыў дәрежесинин артыўынын, суў хожалығы қурылысынын қуўатлы раўажланыўынын ҳәм егислик жер майданларының кеңейиўиниң, областьлық партия шөлкеминиң үлкен шөлкемлестириўшилик ҳәм тәрбиялық жумысларынын, аўыл мийнеткешлериниң сиясий және мийнет активлигин арттырыўдың, социалистлик жарысты ен жайдырыўдын нәтийжесинде, СССР халықларының туўысқанлық жәрдеми арқасында автономиялы республика аўыл хожалығы өндирисиниң барлық тараўларының көтерилиўине ерисилди.

Автономиялы республикада пахта таярлаў 1937-жылы 68,5 мын тоннадан 1939-жылы 81,6 мын тоннаға жеткерилди. Пахта таярлаўды көбейтиўге тийкарынан зүрәәтлиликти арттырыў есабынан ерисилди. Үшинши бес жыллықтың дәслепки еки жылы ишинде ғаўашаның егислик майданы 8% ке көбейтилди, ал улыўма пахта өними 20% ке өсти. Зүрәәтлилик гектарынан 14,3 центнерден 15,8 центнерге көтерилди, ал усы ўақытта АҚШ та зүрәәтлилик гектарынан 10 центнерден, Бразилияда 6 центнерден аспады ҳәм т. б.

Дән жетистириў де өсти. Ғәлле егисликлеринин майданы 1937-1939-жыллар аралығында 37,4 мын гектардан 39,3 мын гектарға кеңейди. Салынын зүрәәтлиги усы дәўир ишинде гектарынан 12,4 центнерден 15,8 центнерге өсти.

ВКП(б) Орайлық Комитети менен СССР Халық Комиссарлар Советиниң 1939-жыл 8 июльдеги „Колхозларда жәмийетлик мал шарўашылығын раўажландырыў бойынша илажлар ҳаққында"ғы қарарынан кейин Қарақалпақстан АССР ында мал шарўашылығы әдеўир табысларға еристи. Республиканың партия, совет ҳәм хожалық органларын маллардың бас санын өсириў, жәмийетлик мал шарўашылығының өнимдарлығы ушын гүреске мобилизациялаўда Өзбекстан КП(б) Орайлық Комитети менен ӨзССР Халық Комиссарлар Советинин „СССР Халық Комиссарлар Советиниң 1939-жыл 8-июльдеги қарарының орынланыў барысы ҳаққында"ғы ҳәм „Колхозларда жәмийетлик мал шарўашылығын раўажландырыў бойынша илажлар ҳаққында"ғы қарарлары үлкен әҳмийетке ийе болып, оларда мал шарўашылығында орын алған кем-



www.ziyouz.com kutubxonasi

шиликлердиң бети ашылды және оларды сапластырыў жоллары белгиленди.

ӨзКП(б) Орайлық Комитети менен ӨзССР ҳүкимети жергиликли партия, совет ҳәм хожалық шөлкемлеринин алдына мал шарўашылығын көтериў, жана малханалар салыў, турақлы от жем базасын дүзиў, ҳасылландырыў исин жақсылаў, жас малларды сақлаў, көп мийнетти талап ететуғын процесслерди механизациялаў, мал шарўашылығы кадрларын таярлаў, оларға зәрүрли мәдений-турмыс жағдайларын дүзиў ҳәм т. б. конкрет ўазыйпаларды қойды.

Партия карарларына муўапық Қарақалпақстан АССР ында мал шарўашылығын раўажландырыў бойынша ири илажлар әмелге асырылды. Автономиялы республиканың барлық колхозларында жаңа мал шарўашылық фермаларын дүзиў ҳәм бар фермаларды кеңейтиў бойынша жумыслар жүргизилди. Тек 1939-жылы колхоз товарлы фермаларының саны 266 дан 1048 ге дейин көбейди, колхоз падаларындағы маллардың бас саны: қара маллар бойынша 49% ке, жылқылар бойынша 10% ке, түйелер бойынша 40% ке өсти. Малларды ҳасылландырыў бойынша да әдеўир жумыслар жүргизилди.

Жоңышқашылық тараўында да айтарлықтай табысларға ерисилди. Үшинши бес жыллықтың тек еки жылының ишинде ғана жоңышқаның егислик майданы еки есе көбейди, яғный 1937 жылғы 19,6 мың гектардан 1939-жылы 38,7 мың гектарға кеңейди. Ол пахта-жоңышқа алмаслап егиўди дурыс енгизиў ушын турақлы база дүзди ҳәм колхоз мал шарўашылығының от-жем ресурсларын күшейтти.

Автономиялы республика аўыл хожалығының әҳмийетли тараўларының бири пиллешиликти раўажландырыў бойынша да әдеўир жумыслар исленди Пилленин өнимдарлығы жылдан-жылға өсти. Буған пиллешиликтиң жәмийетлестирилиўи, оның агротехникасының жетилистирилиўи, от-жем базасының кеңейтилиўи ҳәм т. б. себепши болды. Пиллешиликти жәмийетлестириўдиң үлкен артықмашлықлары Қыпшақ районы колхозларының мысалында айқын көринди. 1939-жылы усы районның 18 колхозынан 12 си наўқан қуртын жәмийетлестирилген усыл менен бағыўға өтти. Нәтийжеде район бойынша ҳәр бир қуты наўқан қуртынан алынатуғын пилленин орташа өнимдарлығы 1938-жылғы 38 *кг* орнына 43 *кг* болды. Айырым алдыңғылар ҳәр бир қуты наўқан қуртынан алынатуғын пиллениң өнимдарлығын 80—90 *кг* ға дейин жеткерди.

Пүткил Өзбекстан бойынша, соның ишинде Қарақалпақстан АССР ында пиллешиликти раўажландырыўдың үлкен программасын белгилеген ВКП(б) Орайлық Комитети менен СССР Халық Комиссарлар Советинин 1940 жыл 10-декабрьдеги „Өзбекстанда пиллешиликти буннан былай көтериў бойынша илажлар ҳаққында"ғы қарары үлкен әҳмийетке ийе болды. 1941-жылы Қарақал-



www.ziyouz.com kutubxonasi

пақстан пилле таярлаўдың мәмлекетлик планын табыслы орынлап шықты.

Колхоз дүзиминиң жеңиси ҳәм аўыл хожалығын социалистлик реконструкциялаўдың тамамланыўы Коммунистлик партияның миллий шет үлкелердеги халықлардың, соның ишинде қарақалпақ халқының ҳақыйқый теңсизлигин сапластырыў бойынша жүргизген сиясатының состав бөлеги болды.

## 3. МИЙНЕТКЕШЛЕРДИҢ МАТЕРИАЛЛЫҚ АБАДАНЛЫҒЫНЫҢ БУННАН БЫЛАЙ ДА КӨТЕРИЛИЎИ

СССР да социализмниң жеңиси ҳәм совет ели экономикасының раўажланыўы мийнеткешлердиң абаданлығының өсиўине алып келди. Рабочийлар менен хызметкерлердиң хызмет ҳақы фонды 1940-жылы 155 млн манатқа жетти.

Колхозларды шөлкемлесиў-хожалық жағынан беккемлеўдиң, пахта ҳәм басқа да егинлердиң өнимдарлығының әдеўир өсиўиниң нәтийжесинде колхозшылардың абаданлығы әдеўир өсти. Колхозшылардың ақшалай доходлары 1935-жылы 37 млн манат болса, 1939-жылы 131,8 млн манат болды, яғный 3,5 есе көбейди.

Мийнеткешлердиң сатып алыў уқыбы әдеўир өсти. 1940-жылы автономиялы республика бойынша усақлап сатыў товар айланысы 249,8 млн манат болды, ал 1938-жылы ол 225 млн манат болған еди. Усақлап сатыўдың материаллық базасы кеңейди. Үшинши бес жыллықтың дәслепки үш жылы ишинде саўда орынлары 787 ге көбейди, ал жәмийетлик аўқатланыў орынлары 142 ге жетти.

Мийнеткешлер мәмлекеттен социаллық қамсызландырыў, ҳәр қыйлы пособиелер, пенсиялар, төленетуғын отпускалар, пулсыз оқытыў ҳәм медициналық хызмет көрсетиў, санаторийлар менен дем алыў үйлерине барыў ушын пулсыз және жеңиллетилген путевкалар алыў ҳәм т. б. түриндеги әдеўир қосымша табысларға ийе болды. Тек 1939-жылы автономиялы республика мийнеткешлерин социаллық тәмийинлеў ушын 1891,7 мың манат қаржы жумсалды.

Республикада халықтың ден саўлығын сақлаў иси де жақсыланды. СССР Халық Комиссарлар Советиниң 1938-жыл 23-апрельдеги „Врачлық участкаларды беккемлеў ҳаққында"ғы қарарын орынлаў ушын көп илажлар исленди. Ден саўлықты сақлаўға қаржы ажыратыў кескин көбейди. Егер биринши ҳәм екинши бес жыллықта Қарақалпақстан АССР ында ден саўлықты сақлаў мүтәжликлерине 2 438,1 мың манат жумсалса, үшинши бес жыллықтың тек дәслепки еки жылының ишинде бул ислерге 31 343,2 мың манат жумсалды. Бул емлеў-профилактикалық мәкемелер тараўларын әдеўир кеңейтиўге имканият туўғызды. 1940-жылы автономиялы республикада 37 емлеўхана мәкемеси иследи, ал 1937-жылы олар 13 еди, 62 туўыў үйи, көплеген консультациялық-врачлық пунктлер жумыс ислеп, оларда 117 врач, 758 орта мағ-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лыўматлы медициналық персонал хызмет етти, бул 1937-жылдағыдан 2,5 есе көп еди.

Бала бақшалар менен яслилердин саны өсти, олар балаларды тәрбиялаўды, олардың ден саўлығын бақлаўды жениллестирди ҳәм ҳаял-қызлардың өндирислик ҳәм жәмийетлик жумысларға актив қатнасыўы ушын жағдай дүзди.

Үшинши бес жыллықта турақ-жай-коммунал қурылысын кеңейтиў бойынша да илажлар көрилди. Қоңырат районының колхозшылары тек 1939-жылдың өзинде ҳәзирги заман типинде 318 турақ жай салып алды.

Автономиялы республиканың барлық районларының орталығындағы бос жатқан жерде социалистлик Нөкис қаласы қәд көтерди ҳәм өсти. Онда ҳәзирги заман типиндеги көп этажлы ҳәм бир этажлы жайлар пайда болды. Нөкис қаласын раўажландырыў ушын үшинши бес жыллықтың тек дәслепки еки жылының ишинде ғана 7783 мың манат қаржы ажыратылды. Усы дәўир ишинде жасыл қорғаныў зонасына, сондай-ақ қала көшелери бойларына ҳәм скверлерге 66000 түп жас ағаш нәллери тигилди.

Мийнеткешлердиң материаллық ҳәм мәдений дәрежесиниң көтерилиўи ҳәм олардың ден саўлығын сақлаў ҳаққында ғамхорлықтың нәтийжесинде республикада шешек, тырыспай, безгек сыяқлы жуқпалы аўырыўлар сапластырылды. аўырыўшылық ҳәм өлиўшилик қысқарды, туўылыўшылық ҳәм халықтың тәбийий өсиўшилиги артты. 1926—1939-жыллар аралығында Қарақалпақстан халқы 144,7 мың адамға,яғный 43,7% ке көбейди. Қарақалпақстан АССР ы халқының улыўма саны 1926-жылғы 331,0 мың адамнан 1939-жылы 475 мың адамға жетти.

## 4. ПАРТИЯ ҲӘМ СОВЕТ ҚУРЫЛЫСЫ. ЖӘМИЙЕТЛИК ҲӘМ ҚОРҒАНЫЎ-МАССАЛЫҚ ШӨЛКЕМЛЕРИНИҢ БЕККЕМЛЕНИЎИ

Үшинши бес жыллықта Советлердиң, профсоюзлардың, комсомолдың ҳәм мийнеткешлердиң басқа да массалық жәмийетлик шөлкемлериниң жумысы тағы да активлести. Совет жәмийетиниң хожалық, жәмийетлик-сиясий ҳәм мәдений турмысында партияның басқарыўшылық ҳәм шөлкемлестириўшилик роли өсти.

Пүткил партия сыяқлы оның жаўынгер отряды болған Қарақалпақстан областьлық партия шөлкеми де социалистлик қурылыстың қыйын ўазыйпаларын шеше отырып, барған сайын шынығып барды, халық хожалығына ҳәм мийнеткешлердиң кең қатламлары арасындағы шөлкемлестириў жумысларына басшылық етиў бойынша өз тәжирийбелерин байытты.

VIII (1938-жыл май), IX (1939-жыл-февраль) ҳәм X (1940-жыл март) областьлық партия конференцияларының қарарлары Қарақалпақстан партия шөлкемин идеялық-шөлкемлесиў жағынан беккемлеўде үлкен әҳмийетке ийе болды.

Партиялық жумыстағы кемшиликлерди сапластырыў бойынша илажлардың иске асырылыўы областьлық партия шөлкеминиң жумысының жақсыланыўына, бәринен бурын рабочийлардың,



www.ziyouz.com kutubxonasi

колхозшылардын ҳәм совет интеллигенциясынын ең жақсы ўәкиллери есабынан партия қатарларының өсиўине алып келди. Егер 1937-жылдын басында областьлық партия шөлкеминде 1679 партия ағзасы ҳәм ағзалыққа кандидат болса, 1940-жылдын 1-мартына олар 4021 ге жетти. Тек 1940-жылдын өзинде 807 адам партия ағзалығына кандидатлыққа, 963 адам партия ағзалығына қабыл алынды.

Урыстың алдындағы жылларда Совет мәмлекетиниң хожалық-шөлкемлестириў ҳәм мәдений-тәрбиялық функциясы тағы да өсти. Сонын менен бирге оның қорғаныў функциясы өз күшинде қалды. ВКП(б) XVIII съезди социалистлик мәмлекетти ҳәр тәреплеме беккемлеўди, онын шәлкемлестириўшилик ҳәм тәрбиялық ролин арттырыўды, совет қураллы күшлерин беккемлеўди зәрүр деп есаплады.

СССР дын жаңа Конституциясы тийкарында, совет жәмийетлик ҳәм мәмлекетлик дүзиминин тағы да демократияласыўының нәтийжесинде советлердиң роли артты. Үшинши бес жыллықта Коммунистлик партияның басшылығында Қарақалпақстан АССРында совет властының органлары, пүткил мәмлекетлик аппарат тағы да беккемленди, оның жумысынын формалары ҳәм усыллары жетилисти. Мәмлекетлик власть органлары автономиялы республиканың жаңа Конституциясы тийкарында қайта дүзилди.

Жаңа Конституция тийкарында Өзбекстан ССР ы, Қарақалпақстан АССР ы Жоқарғы Советлерине ҳәм мийнеткешлер депутатларынын жергиликли Советлерине биринши сайлаўлар Автономиялы республиканың сиясий турмысын тағы да демократиялластырыўда ҳәм Совет власты органларынын мийнеткешлер менен байланысын күшейтиўде әҳмийетли адым болды. СССР Жоқарғы Советине сайлаўлардағыдай-ақ бул сайлаўларда да Коммунистлик партия партияда жоқлар менен бир блокта болды. 1938-жылдын мартынан баслап, республикада Өзбекстан ССР ы ҳәм Қарақалпақстан АССР ы Жоқарғы Советлерине сайлаўларға таярлық ен жайды.

Сайлаўлар 1938-жыл 25-июльде өткерилди. Олар совет адамларының жоқары идеялылығын, коммунистлик партияға садықлығын көрсетти. Барлық сайлаўшылардын 99,1% и даўыс бериўге қатнасты. Даўыс бериўге қатнасқан сайлаўшылардын 99,6% и коммунистлер менен партияда жоқлар блоги кандидатлары ушын өз даўысларын берди.

Қарақалпақстан АССР ы Жоқарғы Советине сайланған 149 депутаттын составында 81 партия ағзасы ҳәм 68 партияда жоқлар, 35 рабочий, 77 колхозшы ҳәм 41 хызметкер менен интеллигенцияның ўәкиллери бар еди. Депутатлардын ишинде онлаған миллет ўәкиллери болды. Усылардың барлығы социализмнин ҳәм пролетар интернационализминиң жеңисинен дәрек берди.

Қарақалпақстан АССР ы Жоқарғы Советинин биринши сессиясы Қарақалпақстан АССР ы Жоқарғы Советиниң Президиумын сайлады ҳәм республика ҳүкиметин дүзди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1939-жыл 29-декабрьде Қарақалпақстан АССРы мийнеткешлер депутатларының жергиликли Советлерине сайлаўлар өткерилип, ол совет халқының моральлик-сиясий бирлигин айқын көрсетти. Даўыс бериўге 27 2963 сайлаўшы қатнасты. Мийнеткешлер депутатлары қалалық советлерине сайлаўлар бойынша даўыс бериўге қатнасқанлардың 98 49% и, районлық Советлерге сайлаўлар бойынша даўыс бериўге қатнасқанлардың 99,75% и, аўыллық ҳәм поселкалық Советлерге сайлаўлар бойынша даўыс бериўге қатнасқанлардың 99,66% и коммунистлер менен партияда жоқлар блоги кандидатлары ушын даўыс берди.

Автономиялы республика мийнеткешлер депутатларының жергиликли Советлерине 3427 депутат, соның ишинде қалалық советлерге—147, районлық советлерге—424, аўыллық ҳәм поселкалық советлерге—2756 адам сайланды.

Мийнеткешлер депутатлары жергиликли Советлерине сайлаўлар совет халқының бирлигин беккемлеў, депутатлардың сайлаўшылар менен байланысларын күшейтиў ушын ҳәм власть органларының масса алдындағы жуўапкершилигин арттырыўда үлкен әҳмийетке ийе болды.

Автономиялы республикадағы совет мәмлекетлик аппаратын жаңа Конституция тийкарында қайта дүзиў бойынша барлық жумысларды областьлық партия шөлкеми басқарды. Областьлық партия шөлкеми мәмлекетлик аппарат жумысларын жақсылаў ҳаққында ғамхорлық көрсете отырып, басшылық етиўдиң бюрократлық усылларына қарсы ҳәм кадрларды таңлаў ҳәм орналастырыўдың большевиклик принциплери ушын гүресті кең ен жайдырды.

Советлер партия шөлкемлериниң басшылығында үшинши бес жыллықтың өндирислик планларын орынлаўға мийнеткешлер массасын шөлкемлестириў, мәдений-турмыс қурылысын раўажландырыў бойынша үлкен жумыслар жүргизди.

Автономиялы республика комсомол шөлкеми жасларды коммунистлик рухта тәрбиялаў бойынша үлкен жумыс алып барды. Комсомолецлер социализм қурылысшыларының алдыңғы қатарында болды. Үшинши бес жыллықта Қарақалпақстанның жас өспиримлери менен қызлары мийнет фронтының көплеген участкаларында пидәкерлик пенен мийнет етти. В. И. Ленин атындағы каналдың қурылысында 11 мың комсомолец, соның ишинде 835 қыз жумыс иследи. Олар 46 комсомол бригадаларын шөлкемлестирди. Усы бригадалар нормаларын 360—370% ке орынлады. 250 комсомолец аўыл хожалығы алдыңғысы болды. Комсомолецлер техниканы табыслы ийеледи. 1939—1940-жыллары комсомол ағзаларынан 360 қыз тракторшылар таярлаў курсларында оқып билим алды. Комсомолдың жәрдеми менен 1939-жылы 413, ал 1940-жылы 1234 колхоз мал шарўашылық фермалары дүзилди.

Хожалық қурылысында актив қатнасқаны ушын Қарақалпақстанның 34 комсомолеци СССР орденлери ҳәм медальлары менен, көпшилиги Өзбекстан ССР Жоқарғы Совети Президиумының ҳәм



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Совети Президиумының Ҳүрмет грамоталары менен наградланды

Үшинши бес жыллықта Қарақалпақстан комсомолы сан жағынан өсти ҳәм шөлкемлесиў жағынан беккемленди. Егер 1938-жылдың май айына оның қатарларында 685 комсомол шөлкемине бирлескен 12036 ағза болса, 1940-жылы 33301 адам комсомол ағзасы болды. Тек, 1940-жылы гүздин өзинде 219 жаңа комсомол шөлкеми дүзилди Басшы совет ҳәм хожалық жумысларына 474 комсомол ағзасы тартылды. Автономиялы республика мийнеткешлери СССР Жоқарғы Советине—4, Өзбекстан ССР Жоқарғы Советине—14, Қарақалпақстан АССР ы Жоқарғы Советине—31 комсомол ағзасын өз депутатлары етип сайлады. Көплеген комсомол ағзалары мийнеткешлер депутатлары жергиликли Советлерине депутат болып сайланды.

Қарақалпақстан профсоюзлары үшинша бес жыллық ўазыйпаларын иске асырыў, социалистлик жарысты ен жайдырыў, мийнет өнимлилигин арттырыў ҳәм кәрханалар менен мәкемелерде мийнет тәртибин беккемлеў бойынша үлкен жумыслар жүргизди.

Партия шөлкемлериниң басшылығында профсоюзлар рабочийлардың мийнеттиң алдыңғы усылларын ийелеўине жәрдемлести, социалистлик жарысты, ойлап табыўшылық ҳәм рационализаторлық ҳәрекетти ен жайдырды, мийнетти қорғаў ҳәм қәўипсизлик техникасы қәделериниң сақланыўын бақлаўды күшейтти, мийнеткешлер арасында мәдений-ағартыў, физкультура, қорғаныў-массалық жумысларын кеңейтти.

Басланып кеткен екинши жер жүзилик урыс жағдайында империалистлик мәмлекетлердиң Советлер Союзына топылыс жасаў-қәўпиниң күшейиўине байланыслы Коммунистлик партия менен Совет ҳүкимети елдиң қорғаныў уқыбын беккемлеўге бағдарланған бир қатар илажларды иске асырды.

Елдиң қорғаныў уқыбын беккемлеў мақсетинде, СССР Жоқарғы Совети Президиумының 1940-жыл 26-июльдеги Указы менен жумыс күнин 8 саат етип белгилеў, алты күнлик жумыс ҳәптесинен жети күнлик жумыс ҳәптесине өтиў зәрүр деп табылды.

Барлық совет адамларындай-ақ, өзлериниң патриотлық ўазыйпаларын терең түсинген Қарақалпақстан АССР ы мийнеткешлери де СССР дың экономикалық ҳәм қорғаныў қуўатын беккемлеў ушын гүрес жүргизди. Бул жумысты областьлық партия шөлкеми басқарды. Областьлық X партия конференциясы партия ҳәм совет шөлкемлерине мийнеткешлерди елди қорғаўға таярлаўды, барлық партия, совет ҳәм хожалық шөлкемлериниң мобилизациялаўшылық жумысларын жақсылаўды, Осоавиахим ҳәм басқа да ықтыярлы қорғаныў шөлкемлерин беккемлеўди тапсырды.

Халықты әскерий-патриотлық тәрбиялаў бойынша жумыслар күшейди, қорғаныў-спорт жумыслары активлести. Осоавиахимның массалық шөлкемлеринде мийнеткешлер өндиристен қол үзбес-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тен әскерий таярлықтан өтти, ҳәр қыйлы әскерий қанийгеликлерди ийеледи.

Областьлық Қызыл Крест шөлкеми санитарлық билим бериўди шөлкемлестириўде ҳәм медициналық хызметкерлер таярлаўда әдеўир жумыслар иследи.

Үшинши бес жыллықта физкультура ҳәрекети үлкен пәт алды. 1940-жылы өткерилген колхозлар спартакиадасына 1204 колхоз спортсмени қатнасты. Өзбекстан колхозлар спартакиадасында Қарақалпақстан ўәкиллери 3-орынды ийеледи, ал айырым түрлери бойынша 1-орын алды.

Солай етип, урыстың алдындағы жылларда Қарақалпақстан АССР ында жәмийетлик, қорғаныў-массалық ҳәм физкультура шөлкемлеринин жумыслары да буннан былай активлесип, үлкен табысларға ерисилди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## XI бап

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АССРы УЛЛЫ ЎАТАНДАРЛЫҚ УРЫС ЖЫЛЛАРЫНДА (1941—1945-ж.ж.)

## 1. СОВЕТЛЕР СОЮЗЫНЫҢ УЛЛЫ ЎАТАНДАРЛЫҚ УРЫСЫНЫҢ БАСЛАНЫЎЫ. ҚАРАҚАЛПАҚСТАН МИЙНЕТКЕШЛЕРИНИҢ ПАТРИОТЛЫҚ КӨТЕРИҢКИЛИГИ

1941-жылдың 22-июнинде фашистлик Германия топылыс жасаспаў ҳаққындағы келисимди бузып, Советлер Союзына қиянетшилик пенен топылыс жасады. Фашистлик Германия баслаған урыс әдил емес, басқыншылық, талаўшылық, империалистлик урыс болды.

Совет халқы өзиниң парахат мийнетин ўақытша тоқтатып, социалистлик Ўатанын қорғаўға атланыўға мәжбүр болды. Совет халқының гитлершил басқыншыларға қарсы Уллы Ўатандарлық урысы—адамзат өз басынан кеширген урыслардың ишиндеги ең аўыр урыс болды.

Совет халқының ҳәм оның армиясының фашист басқыншыларына қарсы гүресинде рухландырыўшысы жәнe шөлкемлестириўшиси Советлер Союзының Коммунистлик партиясы болып, ол В. И. Лениниң мына көрсетпесин басшылыққа алды: „... ис урысқа шекем барып жеткен екен, онда барлық нәрсе урыс мәплерине бағындырылыўы тийис, елдиң пүткил ишки турмысы урыс жағдайына қолайластырылыўы зәрүр, бул мәселеде аз да болса екилениўшиликке жол қойыўға болмайды..."[1].

СССР Жоқарғы Совети Президиумының, ВКП(б) Орайлық Комитети ҳәм СССР Халық Комиссарлар Советиниң 1941-жыл 30-июньдеги бирликтеги қарары менен душпанға соққы бериўди шөлкемлестириў бойынша барлық жумысларға басшылық етиў ушын И. В. Сталин басшылығында Мәмлекетлик Қорғаныў Комитети дүзилди. Коммунистлик партия, оның Орайлық Комитети менен Мәмлекетлик Қорғаныў Комитети елимиздиң барлық күшлерин мобилизациялаў бойынша оғада үлкен жумыслар жүргизди.

Буннан сәл кейинирек, нәтийжели қорғаныўды шөлкемлестиў ушын фронт қапталы районларында жергиликли қорғаныў

[1] В. И. Ленин. Шығармаларының толық жыйнағы. 41-том, 117-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

комитетлери дүзилди. Қарақалпақстанда да Өз КП(б) Қарақалпақстан обкомының биринши секретары Сабыр Камаловтың басшылығында Қорғаныў комитети шөлкемлестирилди.

Автономиялы республика партия шөлкеми ВКП(б) Орайлық Комитетиниң ҳәм ӨзКП(б) Орайлық Комитетиниң көрсетпелерин әмелге асыра отырып, өзиниң барлық жумысын төмендеги әҳмийетли ўазыйпаларды шешиўге бағындырды:

— Советлер Союзының барлық халықлары менен бирликте немец-фашист басқыншыларына қарсы Ўатандарлық урысқа өзбек ҳәм қарақалпақ халықларының актив ҳәм тиккелей қатнасыўын тәминлеў;

— санаат өнимлерин, биринши гезекте, эвакуацияланған кәрханаларды толық қуўатында өзлестириў ҳәм пүткил санаатты әскерий мақсетте қайта қурыў, жергиликли шийки зат және отын ресурсларын мүмкиншилигинше толық пайдаланыў жолы менен қурал-жарақ, оқ-дәри ҳәм Қызыл Армияға керекли басқа да затларды жетистириўди көбейтиў;

— колхоз дүзимин буннан былай да беккемлеў, социалистлик аўыл хожалығының барлық ресурсларын пайдаланыў тийкарында елдиң ҳәм фронттың керек-жарағы ушын аўыл хожалық өнимлериниң барлық түрлерин жетистириўди көбейтиў;

— республиканы буннан былай да электрлестириў—гидроэлектростанциялардың қурылысын тезлетиў, солай етип, республика халық хожалығының барлық тараўларын буннан былай да көтериў ушын қысқа мүддет ишинде энергетикалық база дүзиў;

— мийнеткешлерди материаллық-турмыс жағынан тәминлеўди жақсылаў және илимди, мәдениятты ҳәм искусствоны буннан былай да раўажландырыў.

Пүткил автономиялы республикада мийнеткешлердин көп мың адам қатнасқан митингилери болып өтип, оларда колхозшылар, рабочийлар ҳәм интеллигенция ўәкиллери өзлериниң совет ўатанына ҳәм Коммунистлик партияға шексиз сүйиўшилигин және шын берилгенлигин баян етти. Қарақалпақ халқы душпан үстинен жеңиске ерисиў бойынша улыўмалық иске ылайықлы үлес қосыў ушын барлық илажларды көриўге ант етти.

1941-жылдың 23-июнинде Нөкисте пүткил қалалық митинг болып, оған қатнасыўшылар қабыл еткен резолюцияда: „Бизлер, Нәкис мийнеткешлери, бизиң Ўатанымызға фашистлик Германияның топылыс жасаўына жуўап ретинде уллы ҳәм жеңилмес Ленин партиясының, Совет ҳүкиметиниң дөгерегине тағы да тығызырақ жәмлесетуғынлығымызды билдиремиз. Ҳүкиметимиздиң биринши шақырыўынан-ақ, бизлердиң ҳәр биримиз қолларымызға қурал алып, Октябрь социалистлик революсиясының уллы жеңислерин қорғаўға, социалистлик Ўатанымызды қорғаўға атланамыз. Бизлер өз кәрханаларымызда ҳәм мәкемелеримизде тағы да жақсырақ, күшке-күш қосып, жигерлилик пенен ислеймиз, өндирислик тапсырмаларды арттырып орынлаймыз, Советлер Союзының хожа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лық ҳәм қорғаныў қудиретин беккемлеймиз",—деп атап көрсетилди.

Қарақалпақстанның көп мыңлаған мийнеткешлери қолларына қурал алып, Совет Ўатанын қорғаў ушын ҳәрекеттеги Совет Армиясының қатарына тезден жөнеп кетиў тилегин билдирди. Мәселен, комсомолец Ибрайым Ерназаров былай деп жазды: „Мени фронтқа, алдыңғы позицияларға жибериўиңизди өтиниш етемен. Ленин комсомолының ағзасы ушын қолға қурал алып, сүйикли Ўатанды қорғаўдан артық ҳүрметлирек ис жоқ. Душпан менен соңғы тамшы қаным қалғанша алысаман, ал егер керек болса, бизиң әдил исимиз ушын жанымды да беремен".

Балық санааты рабочийларының Мойнақтағы митингине еки мыңнан аслам адам қатнасты. Бурынғы қызыл партизан Зимин өзиниң патриотлық сезимлерин билдирип шығып сөйлеп, мыналарды айтты: „Қурал-жарақтан жақсы пайдалана аламан. Военкоматтан мени Қызыл Армия қатарына алыўын соранаман. Мен өз өмиримди Совет власты ушын бериўге таярман".

1941-жылдың июль айында Коммунистлик партия менен Совет ҳүкиметиниң шақырығы бойынша Қызыл Армия қатарына ықтыярлы өтиў ҳаққында Шымбай қалалық военкоматына—113 адам, Қоңырат районлық военкоматына—151 адам, Төрткүл қалалық военкоматына—164 адам, Нөкис қалалық военкоматына—108 адам арза берди.

Уллы Ўатандарлық урыс дәўиринде совет адамларының ленинлик партияға болған шексиз сүйиўшилиги менен шын берилгенлиги айрықша айқын көзге түсти. Қарақалпақстан халқы Коммунистлик партияны фашистлик Германия менен урысты жеңисли питкериўге уқыбы жететуғын, халыққа шын берилген ҳәм сыналған басшы деп есаплады. 1941-жылы Қарақалпақстан АССРында есапта 4510 КПСС ағзасы болды, соннан 528 адам партияға 1941-жылдың екинши ярымында қабыл етилген еди Партия ағзалығына 1470 кандидаттан 245 и 1941-жылдың екинши ярымында партия ағзалығына кандидатлыққа қабыл етилген еди. Коммунистлердиң әдеўир бөлеги ҳәрекеттеги Қызыл Армия қатарына шақырылыўына қарамастан, областлық партия шөлкеминиң қатары сезилерли дәрежеде өсти. Коммунистлик партия қатарына социалистлик санааттың, аўыл хожалығының алдынғылары ҳәм совет интеллигенциясының ең жақсы ўәкиллери өтти.

Өзбек ҳәм қарақалпақ халықлары өзлериниң ул-қызларын фронтқа жөнетип, оларға жаўынгерлик ўазыйпа—совет жерин, ўатанымыздың ар-намысын, азатлығы менен ғәрезсизлигин соңғы тамшы қаны қалғанша қорғаўды, жаўыз душпанға қарсы аянбай саўаш жүргизиўди тапсырды.

СССР Мәмлекетлик Қорғаныў Комитетиниң қарарына муўапық Қарақалпақстанда улыўма әскерий билим бериў шөлкемлестирилип, буған 1941-жылдың 1-ноябрине республика бойынша 13572 адам тартылған еди. Әскерий билим бериўди әмелге асырыў ушын 491 коммунист ҳәм комсомолец, сондай-ақ әскерий-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сиясий жумыслар бойынша тәжирийбеге ийе болған активистлер бул иске тартылған еди.

1941-жылдың 12-июлинде ӨзКП(б) Қарақалпақстан обкомының бюросы менен ҚҚАССР Халық Комиссарлар Совети халықты ҳаўа топылысына ҳәм химиялық топылысқа қарсы ғалаба миннетли таярлаў ҳаққында қарар қабыл етти.

Бул қарар кең мийнеткешлер массасын ҳаўа топылысына ҳәм химиялық топылысқа қарсы қорғаныўдың тийкарлары менен билимлендириў исинде әҳмийетли орын тутты.

Солай етип, республика партия шөлкеминин басшылығы астында Қарақалпақстан мийнеткешлери тылда Қызыл Армияның күш-қудиретин беккемледи, революциялық қырағылықты күшейтти, рабочийлардың фабрикалардағы ҳәм заводлардағы жигерли мийнети мийнет өнимлилигиниң тез пәтлер менен өсиўине алып келди, социалистлик аўыл хожалығында колхозшылар пахта таярлаў, ғәлле жетистириў, пилле таярлаў, гөш жетистириў планларын арттырып орынлады. Қарақалпақстан қалалары менен аўылларының мийнеткешлери Қызыл Армия немец-фашист басқыншыларын тез қыйратып, совет жерлерин азат етиўи ушын өзлериниң күш-жигерин аямады.

## 2 ҚАРАҚАЛПАҚСТАН САНААТЫ, ТРАНСПОРТЫ ҲӘМ БАЙЛАНЫСЫ ЎАТАНДАРЛЫҚ УРЫС ЖЫЛЛАРЫНДА

Урыстың дәслепки күнлеринде-ақ Коммунистлик партия елимиздиң пүткил халық хожалығын урыс мақсетлеринде қайта қурыў бойынша оғада кең көлемде әскерий-шөлкемлестириў жумысларын ен жайдырып жиберди.

ВКП(б) Орайлық Комитетиниң басшылығы астында Өзбекстан Компартиясы республиканы Қызыл Армияның әҳмийетли арсеналларының бирине айландырыўға ерисги. ӨзКП(б) Орайлық Комитетиниң ҳәм Қарақалпақстан областлық партия комитетиниң тиккелей басшылығында автономиялы республика мийнеткешлери санаатты қорғаныў өнимлерин жетистириўге өткериў бойынша жигерли жумыс жүргизиўге киристи.

1941-жылдың ноябринде ӨзКП(б) Қарақалпақстан обкомының VI пленумы республиканың барлық материаллық күшлерин фронтқа жәрдем бериўге мобилизациялаў ҳаққындағы мәселени додалады. Пленум фронт ҳәм тыл итияжларын қанаатландырыў бойынша республика оғада үлкен ресурсларға, стратегиялық шийки затқа және азық-аўқатқа ийе екенлигин атап көрсетти.

Социалистлик санаат хызметкерлери барлық жерде өндирис резервлерин излестирди, қаржы ҳәм материалларды үнемлеў ушын гүрести. Жаўынгерлерше жумыс ислеп, Қоңырат, Хожели ҳәм Шымбай пахта тазалаў, май және сабын ислеп шығарыў заводларының рабочийлар ҳәм инженер-техник хызметкерлер коллективлери тоғыз айлық өндирислик программаны арттырып орынлап шықты ҳәм планнан зият бир неше миллионлаған манат үнем-



www.ziyouz.com kutubxonasi

леўге еристи. Қоңырат пахта тазалаў заводының тәжирийбели рабочийсы джинши жолдас Палўаниязов 1941-жылдың сентябрь айында өндирислик тапсырманы 122,6 процент, цех баслығы жолдас Хван—122,6 процент, ал слесарь Артеменко—183 процент етип орынлады.

Қызыл Армия қатарына кеткенлердиң орнына қанийгели рабочийлар таярлаў жумысларын кең ен жайдырып жибериў зәрүр болды. Қарақалпақстанның партия ҳәм совет шөлкемлери социалистлик санаат ушын қанийгели кадрлар таярлаў исине үлкен кеўил бөлди. Буның ушын қысқа мүддетли курсларда, мектеплерде ҳәм техникумларда бригадалық және жеке түрде оқытыў жолы менен рабочий кадрлар таярлаў шөлкемлестирилди. Қарақалпақстан ҳаял-қызлары фронтқа кеткен әкелеринин, ерлериниң ҳәм ағаларының өндиристиң қәлеген участкасында орнын ийелеў ушын джиншилер, токарьлар, шоферлар ҳәм басқа да қанийгеликлерди актив түрде ийелеўге киристи.

ӨзКП(б) Қарақалпақстан обкомының „Санаат карханалары ушын кадрлардың қосымша резервин дүзиў ҳаққындағы" қарарына муўапық 1942-жылы 623 қанийгели рабочий таярланды. Ўатандарлық урыстың дәслепки айларында-ақ пахта тазалаў, май ҳәм сабын ислеп шығарыў заводларының рабочийлар және инженер-техник хызметкерлеринин 50 проценттен асламын ҳаял-қызлар қурады.

Автономиялы республика пахта тазалаў заводларының рабочийлар ҳәм инженер-техник хызметкериниң коллективлери рационализаторлық усынyслар менен ойлап табыўларды өндириске енгизиў арқасында материаллар менен жанылғыны әдеўир үнемлеўге, өнимниң өзине түсер баҳасын азайтыўға еристи. Төрткүл пахта тазалаў заводында тай пахтаның тығызлығын анықлайтуғын әсбап ойлап табылып, ол таярланған тай пахталардың бирдей аўырлықта болыўын тәминледи. Хожели пахта тазалаў заводында шигитли пахтаны шийки зат камерасына ярым автомат түрде жеткерип бериўши қолайластырыў әмелге асырылып, ол бул операциядағы рабочийларға болған талапты еки есе қысқартыўға мүмкиншилик берди. Қоңырат пахта тазалаў заводында бас инженер Еременко тай пахталарды кептириў ушын роликли трансформатор курастырып шығарды.

Қарақалпақстанның партия ҳәм совет шөлкемлери жергиликли санаатты раўажландырыў ушын бир қанша күш жумсады. 1941-жылдың екинши ярымында 12 жаңа райпромкомбинат ҳәм 124 устахана шөлкемлестирилди, ал 1942-жылы Карпромсоюз қапталынан бес қурылыс устаханасы, бес ун қараз, бес жип ийириў устаханасы, шойын еритиў ҳәм трикотаж цехлары ашылды.

1942-жылдың басында автономиялы республика жергиликли санаат хызметкерлеринин Нөкисте болып өткен кеңесинде жергиликли санааттың буннан былай да раўажланыўы перспективалары ҳәм өнимниң түрлерин көбейтиў ҳаққындағы мәселе додаланды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кеңес қатнасыўшылары автономиялы республика жергиликли санаатының барлық рабочийларына, инженер-техник хызметкерлерине Үндеў қабыл етип, ол Қарақалпақстандағы санаат кәрханаларының, инженер-техник хызметкерлеринин мийнет өнимлилигиниң кескин өсиўине алып келди. Бул Үндеўге жуўап ретинде Қарақалпақстанның жергиликли санаатында 1942-жылы пламнан зият мың тонна шойын еритилип, бул басқа жақтан металл алып келиўден бас тартыў мүмкиншилигин берди. Қысқа ўақыт ишинде жергиликли санаат қосымша түрде 1100 дана печь әсбап-үскенесин, арбалар ушын 8 мың дана гүбшек труба, аўыл хожалық машиналары ушын 11 мың дана запас бөлеклер, 7 мың дана пазна ҳәм т. б. затлар ислеп шығарды.

Қарақалпақстан балықшылары 1941-жылы балық аўлаў ҳәм таяр өним ислеп шығарыў планын арттырып орынлап шығып, қаҳарманларша мийнет етти. Тек Мойнақ районының өзи 226 мың центнер таяр балық өнимлерин жетистирип, оның көпшилик бөлегин фронтқа жөнетти. „Қызыл балықшы" колхозы жыллық планды 111 процент, Ворошилов атындағы колхоз—108 процент етип орынлап шықты ҳәм т. б. Балық аўлаўдың ҳәм балықтан таяр өним жетистириўдиң тоғыз айлық планларын „Майпос", „Үрге", „Учсай", „Мойнақ" ҳәм „Қазақдәрья" заводлары әдеўир арттырып орынлады.

Урыстың дәслепки айларында-ақ автономиялы республика ҳәрекеттеги армияға 419 автомашина ҳәм 4872 жылқы жиберди. Усыған қарамастан, автотранспорт хызметкерлери жаўынгерлерше ислеп, қалған машиналар парки менен мәмлекетлик планды арттырып орынлаўды тәминлеўге миннетленди.

Урыс жылларында авиатранспорт әҳмийетли орын ийелеп, оның жәрдеми менен оғада көп муғдарда әскерий ҳәм граждан-лық жүклер тасылды. Чаржоў, Төрткүл ҳәм Нөкис аралығында почта-пассажир авиа байланысы орнатылды. Ўатандарлық урыстың дәслепки дәўиринде дәрья ҳәм теңиз транспорты Әмудәрья жәнe Арал теңизи арқалы әскерлерди ҳәм фронт жәнe тыл ушын зәрүрли болған ҳәр қыйлы жүклерди тасыды. Мәмлекетлик дәрья флоты улыўма жүк тасыў қуўаты 20,7 мың тонна болған 79 механизацияласқан ҳәм 228 механизацияласпаған кемеге ийе болды.

Қысқа мүддет ишинде Қарақалпақстандағы байланыс урыс мәплеринде қайта шөлкемлестирилди. Ўатандарлық урыс дәўиринде 39 дан аслам почта бөлимлери системалы түрде жумыс ислеп турды. Телефон станциялары барлық район орайларында орнатылған еди. Автономиялы республикада радиостанция, 29 радио алып еситтириў узели ислеп турды. Ҳәр күни республика радиокомитети қарақалпақ ҳәм рус тиллеринде өз еситтириўлерин алып барды.

Уллы Ўатандарлық урыс жылларында елимиздеги алдыңғы қатар кәрханалардың басламасы бойынша Қарақалпақстанда мийнет өнимлилигин арттырыў ушын, жоқары сапалы өним ислеп шығарыў ушын, үнемлеў ҳәм өндирис шығынларын қысқартыў



www.ziyouz.com kutubxonasi

режимин әмелге асырыў ушын, өндирис процесслерин рационализацияластырыў ушын социалистлик жарыс ен жайып кетти. Автономиялы республика партия шөлкеми санааттағы социалистлик жарысқа басшылық етти. Коммунистлер менен комсомолецлер жарысыўшылардың алдынғы қатарларында болды, олар алдыңғы рабочийлардын ис тәжирийбелерин жаслар арасында ен жайдырыў бойынша үлкен жумыслар жүргизди. Социалистлик жарыс нәтийжесинде автономиялы республикада өзлериниң сменалық нормаларын еки-үш есе арттырып орынлайтуғын рабочийлардың ҳәм инженер-техник хызметкерлердиң саны тез пәт пенен өсти

1942-жылдың ноябрь айынын ақырында республикадағы санаат артеллеринин арасында Қоңыраттағы „Передовик" артели, Мойнақтағы „Путь к коммунизму" артели, Шаббаздағы Коминтерн атындағы артель өзлеринин өндирислик планларын мүддетинен бурын орынлап шығып, социалистлик жарыстын жеңип шығыўшылары болды.

Республикамыздын жетекши санаат кәрханасы—Мойнақ балық консерва комбинатында 1942-жылдың ақырында 71 адам өзлеринин өндирислик нормаларын 200 процент етип орынлап шықты.

Ўатандарлық урыс дәўринде Қарақалпақстанның көплеген мийнеткешлери елимиздиң санаат кәрханаларында жумыс ислеўге мобилизацияланған еди. Қарақалпақстанлы мийнеткешлерди Свердловск ҳәм Пермь областларындағы, Оренбург ҳәм Советлер Союзының басқа да қалаларындағы заводларда, фабрикаларда ҳәм шахталарда гезлестириўiе болатуғын еди. Мәселен, 1943-жылы тек Пермь областы Кизелевский районындағы „Коспатуголь" трестиниң шахталарында қарақалпақстанлы 1000 адам жумыс нследи. Олардың барлығы да өзлеринин айлық ис планларын арттырып орынлады.

Қоныpат санаат артелиниң бурынғы рабочийсы П. Курбаниязов жаңа қанийгелик—металлургия заводында литейщик кәсибин ийелеп өзиниң күнлик тапсырмаларын 150 процент етип, арттырып орынлап жүрди. Рус мастерлеринин жәрдеми менен қарақалпақстанлы рабочийлар механик, литейщик, ағаш усталары сияқлы көплеген жана қанийгеликлерди ийелеп алды. Әсиресе, қурылыс бригадаларының рабочийлары айрықша көзге түсетуғын еди Мәселен қурылыс бригадаларының рабочийлары Бекмуратов ҳәм Бектурғановлар өндирислик планларын 200 процент етип арттырып орынлады. „Н" заводының директоры жолдас Володин ӨзКП(б) Қоңырат районлық партия комитетиниң секретары атына өзинин жазған хатында: „Қарақалпақстанлы стахановшылар өзлериниң жигерли мийнетлери менен мәмлекетлик өндирислик планларын табыслы түрде орынлап шығыўға ерисип жаўыз душпанды жеңип шығыў исинде қаҳарман Қызыл Армияға ылайықлы жәрдем берип атыр".—деп атап көрсеткен еди.

1943-жылы Қарақалпақстанлы 400 адам Бегабат металлургия комбинатының қурылысында жумыс иследи. Ташкентли комсо-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мол қызлардын шақырығы бойынша Қарақалпақстанның көплеген қызлары Ангрен шахталарында жумыс ислеў ушын жөнеп кетти. Қарақалпақстанлы қызлардың бир группасы Ангреннен жоллаған хатында былай деп жазады: „Бизлер қорғаныў санаатына көп муғдарда көмир бериў ушын, барған сайын көп муғдарда қурал-жарақ және оқ-дәри таярлаўда оған жәрдемлесиў ушын келдик. Усы мақсетке ерисиў жолында бизлердиң хәр биримиз өзлеримиздиң күш-жигеримизди аямаймыз. Шахтер, слесарь ҳәм токарь сияқлы бул жерде керекли болған жаңа қанийгеликлерди тез арада ийелеп алыў ушын өзлеримиздиң барлық ақыл-ойымызды және күшимизди жумсаймыз ...Бизлер урыс ўақтының стахановшылары болыўға, күнлик ис нормаларын еки-үш есе арттырып орынлап барыўға ўәде беремиз ҳәм Қарақалпақстандағы қызларды бизлерден үлги алыўға шақырамыз".

Ўатандарлық урыс дәўиринде Қарақалпақстаннан Өзбекстан менен РСФСР дағы ФЗО ҳәм кәсип-техникалық училищелерине оқыўға 3300 жигит ҳәм қызлар жиберилген еди.

Автономиялы республика аўыл хожалығы мийнеткешлери елимиздиң санаат районларына азық-аўқат затларын жиберип, өзлериниң туўысқанлық жәрдемин көрсетти. Ўатандарлық урыс жылларында Қарақалпақстанның балық санааты Өзбекстан ССР ының азық-аўқат индустриясының жетекши тараўларының бирине айланды. Мойнақ гөш-балық консерва комбинаты ҳәр жылы фронтқа бирнеше миллионлаған банка гөш ҳәм балық консерваларын жиберип турды. Улыўма алғанда 1941—1945-жыллар даўамында комбинаттың рабочийлары ҳәм инженер-техник хызметкерлериниң жигерли мийнет етиўиниң арқасында фронт ҳәм тыл ушын 20 миллион банка гөш және балық консерваларын жетистирип берилди.

Қарақалпақстанның жергиликли санааты әдеўир дәрежеде раўажланыўға ерисип, ол республика халқын ең биринши гезекте керекли затлар менен тәминлеўи тийис болды. Өндирис көлеминиң кеңейўи ислеп турған кәрханалардың қуўатлылығын арттырыў жолы менен, сондай-ақ жаңа кәрханалар қурыў арқалы әмелге асырылды.

Өз КП(б) Орайлық Комитетиниң ҳәм Өз ССР Халық Комиссарлар Советиниң „1943-жылы Өзбекстан партия шөлкеминиң гезектеги ўазыйпалары ҳаққында"ғы қарары тийкарында Хожели районында былғары заводының, Нөкисте аяқ кийим фабрикасының, кийим тигиў фабрикасының, жип ийириў ҳәм шыт гезлеме фабрикасының қурылысы басланды. Шаббаз ҳәм Тахтакөпир районларында еки пахта тазалаў заводы Нөкисте механизациялысқан нанбайхана қурылды. Хожели, Шымбай, Қоңырат ҳәм Маңғыт май заводларының қурылысы басланды. Нөкисте мотор ремонтлаў заводы иске қосылды.

Бул дәўирде кооперативлик санаатты тез пәтлер менен раўажландырыў ҳәм халықтың кең тутыныў товарларының түрлерин көбейтиў бойынша шешиўши илажлар көрилди. 1944-жылы Қар-



www.ziyouz.com kutubxonasi

промсоюз 19940 мын манатлық кең тутыныў товарларын ислей шығарып бул 1943-жылдағыға қарағанда 47 процент көп болды. Нәтийжеде товарлардың айырым түрлери—жип гезлеме 150 мың метр, аяқ кийим 40 мың жуп көбейди. 1944-жылы жипек келеплеў ҳәм шайы тоқыў ендириси өзлестирилип, 60 мың метр шайы гезлеме тоқылды.

Қарақалпақстан АССРының санаат кооперацияларының кәрханалары урыс ўақтының қыйыншылықларына қарамастан, ендирислик планларды жылма-жыл арттырып орынлап келди. 1943-жылы „Қарпромсоюз" системасы бойынша товарлы өним ислеп шығарыў планы 122 процент орынланды. Жыл бойылық планнан тысқары республика санаат кооперациясы 1700 мың манатлық өним жетисгирип берди.

„Карпромсоюз" системасындағы кәрханалар өзлериниң ендирислик планларын 1944-жылы да табыслы орынлап шықты. Төрткүлдеги 400 адам ислейтуғын „Текстильщик" санаат артелинде коммунистлердиң басшылығы астында цехлар ҳәм артель ағзалары арасында социалистлик жарыс ен жайды. Бул жарыста өзлериниң ендирислик планларын 230—300 процент орынлаған жүн-трикотаж ҳәм ийириў цехлары алда болды. Өндирис алдыңғыларынан—комсомол ағзалары Абдуллаева ҳәм Базарбаевалар норма бойынша айына 14 килограмм орнына 32 килограмм ҳәм оннан да көп муғдарда жип ийириўге еристи. Тоқыўшы Салия Абдуллаева айрықша табысларға ерисип, өзинин ендирислик планларын ай сайын 275 проценттен арттырып орынлаўға ерисги.

Қарақалпақстанға эвакуацияланып келген келеплеўши Райгородская өзинин 62 жасқа шыққанына қарамастан, ендирислик планларын системалы түрде 300 процент орынлады. Оның төрт баласы фронтта, ал солардың биреўи Советлер Союзының Қаҳарманы болды. Мине усы мәрт жаўынгерлердин анасы өз мийнети менен немец-фашист басқыншыларын тез қыйратыўда өз балаларына жәрдем беретуғынлығын жақсы түсинип, ўақыт пенен санаспастан, жигерли мийнет етти.

Жана ендирис тараўларының өзлестирилиўи, товарлардын түриниң көбейтилиўи ҳәм көплеп жергиликли кадрлардың таярланыўы Қарақалпақстан жергиликли санаатындағы атап өтиўге ылайықлы унамлы қубылыслар болып табылады. 1942—1944-жыллары бул тараўда жеке ҳәм бригадалық оқытыў жолы менен сондай-ақ қысқа мүддетли курслар арқалы 1100 қанийгели хызметкер таярланды. Урыс жыллары ишинде жергиликли санаатта ислеўши рабочийлардың улыўма саны 452 ден 1301 адамға, санаат кооперациясында—1628 ден 3545 адамға, инвалидлер кооперациясында—413 тен 671 адамға ести.

Рабочийлардын саны тийкарынан ендириске ҳаял-қызларды ҳәм жасларды тартыў есабынан ести. Мәселен. 1944-жылы санаат кооперациясы артеллериндеги улыўма 3545 рабочийдың 1950 и ҳаял-қызлар болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өз КП(б) Орайлық Комитети менен Өз ССР Халық Комиссарлар Совети санаат хызметкерлериниң социалистлик жарысының жуўмақларын қарап шығып, мәмлекетлик планларды артығып орынлап, ислеп шығарылған өнимлердиң техникалық шәртлерге муўапық жоқары сапада болыўын тәминлеп, жарыста жеңип шыққанларға 1945-жылдың январь айында Өз КП(б) Орайлық Комитети менен Өз ССР Халық Комиссарлар Советинин көшпели Қызыл Байрақлары тапсырылды Байрақланған кәрханалардын арасында Қарақалпақстан инвалидлер санаат союзы да болды.

Өз КП(б) Қарақалпақстан обкомы менен ҚҚ АССР Халық Комиссарлар Совети автономиялы республика санаатындағы 1945-жыл январь айындағы социалистлик жарыстың жуўмағын қарап шығып, жарыстың женип шығыўшыларына көшпели Қызыл Байрақлар, ақшалай сыйлықлар берди. Санаат кооперациясы системасы бойынша бириншн орынды январь айының өндирислик планын 132 процент орынлап шыққан Киров атындағы Щымбай санаат артели ийелеп, оған Өз КП(б) Қарақалпақстан обкомы менен ҚҚ АССР Халық Комиссарлар Советиниң көшпели Қызыл Байрағы берилди. 1945-жылдын январь айында Төрткүлдеги „Транспортник" артелиниң, Нөкистеги „Стахановец" артелиниң, Хожелидеги „3-бес жыллық" артелиниң ҳәм Қоныраттағы „Передовик" артелиниң жақсы ислегенлиги атап өтилди.

Совет Армиясының немец-фашист басқыншылары үстенен жеңисиниң жақынласып киятырғанлығына байланыслы Коммунистлик партия ҳәм Совет ҳүкимети Өзбекстанда, соның ишинде Қарақалпақстанда пахташылықты қайта тиклеў және буннан былай да көтериў ушын улыўма халықлық атланысты ен жайдырып жибериўге шақырды. Өндирислик планларды мүддетинен бурын орынлап шығыў ҳәм кең халық тутыныў товарларын ислеп шығарыўды көбейтиў бойынша алған миннетлемелеринен тысқары „Карпромсоюз" артеллери егис мапазы ўақтында республика колхозларына 3500 ден аслам кетпен ҳәм бел, 26 арба, 3000 дана ҳәр қыйлы қаңылтыр буйымлар, 1500 пазна жеткерип берди, 300 плуг ҳәм сеялканы, 100 арбаны ремонтлап берди ҳәм т. б. Бул жәрдем 1944-жылғы бәҳәрги егис мапазының табыслы питкериливине жәрдемлести.

1944-жылдың 24-декабринде Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Советиниң юбилей сессиясында „Н" заводының рабочийлары ҳәм инженер-техник хызметкерлериниң ўәкили жолдас Антипов президиумға сыйлық—жаўынгерлик самолеттың моделин тапсырып, шығып сөйлеп: „Бизлер сизиң МТС ларыңыздың тракторлары ушын запас бөлеклер таярладық, бизиң көплеген рабочийларымыз Қарақалпақстандағы машина-трактор станцияларының устаханаларында көп ўақыт даўамында жумыс иследи. Бизлер туўысқан қарақалпақ халқына буннан былай да өзлеримиздиң туўысқанлық жәрдемлеримизди көрсете беремиз",—деди. Рус рабочий класының қарақалпақ халқына бул туўысқанлық жәрдеми ленинлик интернационализм ҳәм Советлер Союзы халықларының бек-



www.ziyouz.com kutubxonasi

кем дослығы идеясынын әмелге асырылыўынын нәтийжеси, совет патриотизминиң көриниси болды.

Коммунистлик партияның басшылығы астында рабочийлардың, инженер-техник хызметкерлердиң жигерли мийнет етиўинин арқасында Қарақалпақстан санаатының улыўма өним ислеп шығарыўынын көлеми 37,9 миллион манатқа жетип, бул елимиздиң қорғаныў уқыбын беккемлеў бойынша улыўма халықлық иске қосылған ылайықлы үлес болды.

Парахатшылық ўақыттағыдай-ақ, Уллы Ўатандарлық урыс дәўиринде де Коммунистлик партия совет халқының мораллық сиясий бирлигиниң бизиң социалистлик мәмлекетимиздиң экономикалық ҳәм қорғаныў қудиретинин шешиўши факторларынын бири болған рабочий класс пенен колхозшы дийханлардын аўқамын беккемлеў хаққында тынбай ғамхорлық етип келди.

Бул аўқам урыс дәўиринде қаланың аўылға өндирислик жәрдеминде айқын көзге түсти. Қарақалпақстан рабочий класы МТС лар ҳәм колхозларды техника һәм оған керекли запас бөлеклер менен тәминлеў исинде актив жәрдем бериўди өзиниң әдиўли миннети деп есаплады. Бул жыллары уллы Лениниң „Қала рабочийлары менен аўыл мийнеткешлери арасында байланыс орнатыў зәрүр өз-ара жолдаслықтын олар арасында женил дүзиўге болатуғын формасын орнатыў керек.—бул бизиң миннетимиз, бул рабочий класстың тийкарғы ўазыйпаларынын бири болып есапланады“,—деп атап көрсеткен ўәсияты кен түрде әмелге асырылды.

Коммунистлик партия рабочий классты ер жүреклилик ҳәм шыдамлылық, турақлылық ҳәм жигерлилик рухында тәрбиялап, онын күшин социалистлик ўатанымыздын ар-намысы һәм ғәрезсизлиги ушын гүреске бағдарлады.

## 3. ҚАРАҚАЛПАҚСТАННЫҢ АЎЫЛ ХОЖАЛЫҒЫ УЛЛЫ ЎАТАНДАРЛЫҚ УРЫС ЖЫЛЛАРЫНДА

Душпан үстинен жеңиске ерисиў жолында Қарақалпақстаннын қаҳарман рабочий класы менен бирге автономиялы республикамыздын данқлы колхозшы дийханлары да жигерли түрде мийнет етти. Урыс басланып, аўыр жағдай пайда болған ўақытта Өз КП(б) Қарақалпақстан обкомынын бюросы партия активиниң жыйналысын өткерди. Азық аўқат, от-жем ҳәм техникалық егинлер өниминин қуўатлы резервин дүзиў һәм фронт пенен тылды тәминлеў мақсетинде партия активи барлық колхозшыларды, партия, совет ҳәм жер органларын аўыл хожалығы бойынша төмендеги илажларды әмелге асырыўға шақырды:

— урыс ўақтында таярлаў планларын үзилиске түсириў, мәмлекет алдындағы миннетлемелерди үзилиске түсириў душпанға жәрдемлесиўшилик болатуғынлығын ядта тутып, бул мәселеде өзин-өзи ақлаўшылыққа жол жоқ екенлигин ядта тутып, аўыл



www.ziyouz.com kutubxonasi

хожалығы өнимлеринин барлық түрлери бойынша таярлаў планларын табыслы орынлап шығыўды тәмийинлеў;

— қорғаныў мәплерине аўыл хожалығынын барлық ишки резервлерин мобилизациялаў, ҳәр бир қыйтақ жердин, ҳәр бир литр суўдын мақсетке муўапық ҳәм нәтийжели пайдаланыўына ерисиў. усыған тийкарланып, 1942-жылы егислик жерлердин көлемин 20 мың гектарға көбейтиў;

— әскерий тәртип пенен, заяланыўшылыққа жол қоймастан, жетистирилген пахта зүрәәтин eң соңғы гөрегине шекем жыйнап алыўды 15-ноябрьге шекем тамамлаў ҳәм 1942-жыл ушын гүзги жер сүриўди 1941-жылдын 1-декабринен кешиктирмей питкериў;

— төллерди аман сақлаў ҳәм колхозлардын мал фермаларын толықтырыў жолы менен мал шарўашылығын раўажландырыў планынын орынланыўын тәминлеў, бунда-күш-көлик малларын гезектеги аўыл хожалығы жумысларына таярлаў исине айрықша кеўил бөлиў;

— фронтқа көп муғдарда жипек жеткерип бериў мақсетинде пиллешиликтин азық базасын пүткиллей кеңейтиў ҳәм онын өнимдарлығын арттырыў;

— МГС лар менен кәрханаларда жанылғы ҳәм майлаў материалларын жумсаў исине қадағалаў жүргизиў. фронт ҳәм тыл ушын eң қәдирли болған бул материаллардын оғада үнемлениўине ерисиў ушын барлық илажларды көриў.

Областлық партия активи жыйналысынын қарарын басшылыққа алып Қарақалпақстан партия ҳәм совет шөлкемлери 1941-аўыл хожалық жылын табыслы тамамлаў ушын барлық илажларды әмелге асырды. Республика партия шөлкеминиң басшылығы астында Қарақалпақстаннын аўыл хожалығын урыс мәплеринде қайта қурыў аўыл мийнеткешлеринин патриотлық көтеринкилигин пайда етти. Душпаннын қутырынып Москваға топылысын Қызыл Армия қаҳарманлық пенен қайтарып таслап атырған бир ўақытта. 1941-жылдың 26-октябри күни Қарақалпақстан АССРы Ўатанымызға 95,3 мың тонна пахта тапсырып, жыллық пахта таярлаў планын мүддетинен бурын орынлап шықты.

Пахта таярлаў планларын республиканын барлық районлары орынлап шықты, ал Қоңырат районы план тапсырмаларын орынлап шыққанлығы ҳаққында биринши болып рапорт бериўге ерисrти. Пахта егиўши 415 колхоздан 348 и 1741 бригададан 1262 си өз планларын орынлап шықты. Көплеген колхозлар, бригадалар ҳәм звенолар белгиленген планды еки-үш есе арттырып орынлаўға мүмкиншилик беретуғын дәрежеде зүрәәт жетистириўге еристи. Қыпшақ районындағы Крупская атындағы колхоздын Ибрагимов басқарған бригадасы ҳәр бир гектар жерден 41 центнерден. ал Тахтакөпир районындағы „Қызыл нур“ колхозынын Қазымбетов басқарған звеносы гектарынан 60 центнерден зүрәәт жетистирди.

Партия, совет ҳәм хожалық шөлкемлеринин басшылығы астында оғада кең көлемде ирригациялық қурылыслар әмелге асы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рылып, егислик жерлердин көлеми қосымша 38815 гектарға көбейди. Бул республиканың ғәлле егинлери бойынша өз азық-аўқат базасын дүзиў проблемасын шешиўге ҳәм пахтаның егислик майданын буннан былай да көбейтиўге мүмкиншилик берди.

Уатандарлық урыстын бириншн жылында маллардын бас санын көбейтиў планы да орынланды. Қарақалпақстан шарўалары маллардын бас санын көбейтиў менен бирге фронт ҳәм тылдың мал шарўашылығы өнимлерине болған талабын әдеўир дәрежеде қанаатландырыўға еристи.

Қарақалпақстан қаракөл тери, гөш, май, жүн, ғәлле ҳәм аўыл хожалығының басқа да өним түрлерин таярлаў бойынша мәмлекетлик планларды да орынлап шықты.

Өз КП(б) Орайлық Комитетиниң V Пленумының қарары тийкарында Қарақалпақстан областлық партия комитетиниң 1941-жыл 24—25-декабрьде болып өткен VII пленумы аўыл хожалығы егинлерининң егислик майданын 1942-жылы 176700 гектарға шекем көбейтиўге, соның ишинде пахта егилетуғын жерлерди 67,7 мың гектарға, ғәлле егинлериниң егислик майданын - 60100 мың гектарға жеткериўге қарар етти.. Пахтаның зүрәәтлилигин гектарынан 18 центнерге, гүзлик бийдайды—14,5 центнерге жазлық бийдай ҳәм салыны — 18 центнерге шекем, собықлы егинлер өнимин гектарынан 11 центнерге жеткериў әҳмийетли ўазыйпа етип қойылды.

Өз КП(б) Қарақалпақстан обкомының VII пленумының қарары бойынша 1942-жылы ири қарамаллардың бас санын 61 мың басқа, қаракөл қойларының бас санын—230 мыңға, басқа породалы қойлардың бас санын—29,7 мыңға, ешкилердиң бас санын—99,9 мыңға, шошқалардың бас санын—4,2 мыңға жеткериў белгиленди.

Москва қапталында немец-фашист әскерлериниң қыйратылыўы пүткил совет халқын, соның ишинде Қарақалпақстан мийнеткешлерин жаңа мийнет ериклерине рухландырып жиберди. Қарақалпақстанның партия ҳәм совет шөлкемлериниң басшылығы астында 1942-жылдың бәҳәрги егис мапазын табыслы питкериўге бағдарланған илажлар белгиленди. Усы қыйыншылықлы жылы Қарақалпақстандағы тракторлар менен автомашиналардың әдеўир бөлеги фронтқа жиберилген еди. Нәтийжеде республикадағы барлық егислик майданының тек 19 проценти ғана тракторлар менен сүрилген еди. Елимиздиң орайлық областларынан минерал төгинлердиң келиўи пүткиллей қысқарып қалды, усыған байланыслы егислик майданның 52 мың гектарына төгин төгилмеди. Аўыл хожалығында тийкарғы рабочий күши күш-көлик маллары болды. Кадрлар мәселеси шешилиўи қыйын проблемаға айланып кетти. Уатандарлық урыстың дәслепки айларынан-ақ, 813 районлық ҳәм республикалық басшы партия-совет ҳәм хожалық хызметкерлери фронтқа мобилизацияланған еди Сондай-ақ фронтқа мың-мыңлаған тәжирийбели колхозшылар, звено ҳәм бригада баслықлары кетти. Олардың орнын тийкарынан хаял-қызлар ийелеп, Уатандарлық урыс жылларында автономиялы республика-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ның машина-трактор станцияларында хаял-қызлардан 467 тракторшы таярланды, 222 ҳаял-қыз аўыл механизаторлары курсларында оқытып шығарылды. Төрткүл МТС ында токарь, мыскер, механик, электр кепсерлеўши қанийгеликлерин ийелеген 65 ҳаял-қыз иследи. Қысқа мүддет ишинде ҳаял-қызлардан ҳәм жас жигитлерден 6600 тракторшы, трактор бригадалары ушын 60 механик, ремонт жумыслары бойынша 32 механик, 360 учетчик ҳәм заправшик, 74 шофер, 51 ремонтшы таярланды.

Үлкенлерге өспиримлер менен мектеп оқыўшылары айрықша жәрдем көрсетти. Мектеплерде агротехника, пахта, ғәлле егинлерине тәрбия бериў бойынша жана пәнлер енгизилди. Үлкен жастағы мектеп оқыўшылары атыз жумысларында ата-аналары менен бирге мийнет етти. 1942-жылдың бәҳәринде Халқабад ҳәм Назархан МТС ларында үлкен жастағы көплеген мектеп оқыўшылары тракторшылық кәсибин ийелеп, мийнет майданына атланды.

Кең көлемде ирригациялық қурылыс қумыслары даўам еттирилди 1942 жылы республикада 68 ирригациялық қурылыс питкерилип, бул 65 мың гектардан ислам жана жерлерди егин егиўге таярлаўға мүмкиншилик берди. 1942-жылы колхозшы дийханлардың пидәкерлик мийнет егиўи нәтийжесинде Қарақалпақстан мәмлекетке 1940-жылдағыға қарағанда 1,3 мың тонна көп пахта тапсырыўға еристи. Көплеген колхозлар мәмлекетке ғәлле тапсырыў бонынша өз миннетлемелерин мүддетинен бурын орынлап шығыўға еристи. 1942-жылы автономиялы республика колхозлары мәмлекетке 222,1 центнер ғәлле жетистирип берди. Қарақалпақстан пиллекешлери де үлкен табысларды қолға киргизди 1941- ҳәм 1942-жыллары пилле таярлаўдың мәмлекетлик планлары арттырып орынланды. ҳәр қутыдан алынатуғын өним пландағы 40,3 *кг* орнына орта есап пенен 47,2 килограммды қурады.

1943-жыл Уллы Ўатандарлық урыстың барысында шешиўши, бурылыс жылы болды. Бизин әскерлеримиздиң Волга бойындағы уллы жеңислеринен кейин, Қызыл Армияның барлық фронтларда жеңисли атланысы басландм. 1943-жыл совет тылы ушын да бурылыс жылы болды. Қарақалпақстан партия шөлкеми ВКП(б) ҳәм Өз КП (б) Орайлық Комитетлериниң басшылығы астында урыс ўақтының қыйыншылықлары менен бирге халық хожалығын буннан былай да раўажландырыў бойынша гезлескен қыйыншылықларды да жеңип шығыўға еристи.

1942-жылдың гүзинде Өз КП (б) Орайлық Комитети менен Өзбекстан ҳүкимети республикада, соның ишинде Қарақалпақстанда беккем азық-аўқат базасын дүзиў ҳаққында қарар қабыл етти. ҚҚАССР колхозшы дийханлары партия шөлкемлериниң басшылығы астында автономиялы республиканы өзлери жетистирген ғәлле зүрәәти менен толық түрде тәминлеўге ерисип, артықша ғәллени мәмлекетке сата баслады. 1940-жылы автономиялы республикада улыўма жетистирилген ғәлле 45 мың тонналы



www.ziyouz.com kutubxonasi

қураған болса, ал 1943-жылы жетистирилген ғәлле 88 мың тоннаға жетти. Бул Қарақалпақстан колхозларына мәмлекетке 1940-жылдағыға қарағанда ғәллени 241 мың пуд, салыны—304,7 мың пуд. гүнжини—3402 пуд. картошканы—25,8 мың пуд. овощь өнимлерин- 38,2 мың пуд көп тапсырыўға мүмкиншилик берди.

1943-жылдың бәҳәрги компаниясына шекем автономиялы республикада улыўма узынлығы 450 километр болған жаңа 25 канал питкерилди, 80 нен аслам ирригациялық қурылыс техникалық жақтан қайта ремонтланды. Усының нәтийжесинде Төрткүл, Қыпшақ, Қоңырат, Хожели ҳәм Тахтакөпир районларында егислик жерлер 2.5 есе, ал жетистирилген ғәлле өними еки еседен аслам өсти. 1943-жылы мәмлекетлик ғәлле таярлаў планы 105 процент орынланды.

Мал шарўашылығы тараўында да үлкен табыслар қолға киргизилди. Автономиялы республикада өнимдарлы ҳәм күш-көлик малларының бас саны 1940—1943-жыллар аралығында 8,5 процент, колхозлардың жәмийетлик малларының бас саны 66 процент өсти

1944-жылы Қарақалпақстан мал шарўашылығы өнимлериниң мәмлекетке тапсырыў планларын—гөш 100,1%,—май 100%, иримщик — 117,8%, жүн — 102%, етип, мәйек таярлаўды — 100,8% орынлап шығыўға ерисги.

1943 жыл пиллекешлер ушын да табыслы болды. Төрткүл, Қыпшақ, Хожели ҳәм Шымбай районлары пилле таярлаў планларын артгырып орынлап шықты. Көплеген пиллекешлер ҳәр бир қуты наўқан куртынан рекорд өним жетистириўге ерисги. Төрткүл районының „Советская Каракалпакия“ колхозынан Ф. Юсупова пилле таярлаў планын 152%. „Инқилаб“ колхозынан Р. Жуманиязова 275% орынлап шықты.

Қарақалпақстанның партия ҳәм совет шөлкемлери жергиликли кадрлар таярлаў исине үлкен кеўил бөлди. 1943 жылы март айында Шаббаз районындағы қысқа мүддетли курсларда 112 бригада баслықлары, 37 өним кеңес председателлери, 60 механик-бригада баслығы, Төрткүл районында—39 тракторшы, 52 колхоз ба қарма председатели, 86 егиншилик бригада баслығы, 330 звено баслығы, 77 шарўашылық бригада баслығы оқып билим алып шықты.

Социалистлик жарысқа қосылып, көплеген колхозлар ҳәм пүткил районлар пахта ҳәм басқа да егинлерден жоқары зүрәәт жетистириўде айтарлықтай табысларға ерисги Қарақалпақстан пахтакешлери 1944-жылдың 13-ноябринде мәмлекетлик пахта таярлаў планын мүддетинен бурын 109,7 процент етип орынлап шықты. ал пахтаның зүрәәтлилиги 1943-жылдағыға қарағанда еки есе дерлик жоқары болды.

Республика партия шөлкеми барлық мийнеткешлерди халық хожалығы планларын орынлап шығыўға мобилизациялаў менен бирге шөлкемлестириў-тәрбия жумысларына да үлкен кеўил бөлди. Колхозлардағы басланғыш партия шөлкемлери беккем-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ленди, колхоз өндирисиниң шешиуши участкаларына коммунистлер белгиленли. Партия ҳәм комсомол ағзалары пахтадан 100 центнер зүрәәт алыў ушын гүрестиң авангардында болды.

Аўыл хожалығы жумысларын механизацияластырыў бойынша бирқанша илажлар көрилди. Нәтийжеде механизмлердиң үлеси жер сүриўде—67,3%, егис жумысларында—48% ке жақын, культивациялаўда—25% ке жақын болды. Суў бөлистириўде тәртип орнатылды, жерлердин мелиоративлик жағдайы ҳәм пахтаға агротехникалық тәрбия бериў жақсыланды. 1943-жылдағыға қарағанда бир өзгешелик—1944-жылы пахтаны ен жақсы ҳәм өнимдарлы, суў менен жеткиликли муғдарда тәминленген жерлерге орналастрыў бойынша үлкен жумыслар жүргизилди.

1944-жылы Қоңырат, Хожели, Куйбышев, Кегейли, Төрткүл районлары, Нөкис қаласы қапталындағы колхозлар мәмлекетке пахта тапсырыў бойынша өзлеринин социалистлик миннетлемелерин мүддетинен бурын орынлап шығыўға еристи. Мәмлекетлик пахта таярлаў планларын мүддетинен бурын 200 колхоз, 650 бригада ҳәм 500 звено орынлап шықты. Қонырат районындағы „Авангард" колхозының пахтакешлери егислик майданынын ҳәр бир гектарынан 24 центнерден зүрәәт жетистирди. 1-Куйбышев ҳәм Сарыбий МТС лары Пүткил союзлық социалистлик жарыстын женип шығыўшылары болды. Бул МТС ларға СССР Жер ислери бойынша Халық Комиссариатының көшпели Қызыл Байрақлары тапсырылды.

Социалистлик жарыс пахта жыйын-терими мапазында әсиресе кең ен жайып, қызғын пәт алды. 5 мың ҳәм оннан да көп килограмм пахта териў ушын гүреске барлық дерлик теримшилер қосылды. Олардың басым көпшилиги өзлериниң социалистлик миннетлемелерин арттырып орынлаўға еристи.

1944-жылы Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Совети Президиумынын Указы менен пахтадан жоқары зүрәәт алыўға ерискени ушын, ғәлле жетистириў тараўында жоқары көрсеткишлерге ерискени ушын ҳәм мал шарўашылығын раўажландырыў планларын арттырып орынлап шыққанлығы ушын аўыл хожалығынын 503 алдынғылары Ҳүрмет грамоталары менен наградланды.

Аўыл хожалығы жумысларында МТС лардын тутқан орны айрықша болды. Олар өз-ара жарысып, өзлериниң өндирислик тапсырмаларын орынлап шығыўда үлкен табысларды қолға киргизди 1943-жылы Төрткүл МТС ы бәҳәрги жер сүриў планын—118,5%, ал гүзги жер сүриў планын—185% орынлап шықты Машина-трактор станцияларынын пүткил союзлық социалистлик жарысында Төрткүл МТС ы биринши орынды ийелеп шықты. Өз КП(б) Орайлық Комитети менен Өз ССР Халық Комиссарлар Советинин қарары менен Төрткүл МТСына Өз КП(б) Орайлық Комитети ҳәм Өз ССР Халық Комиссарлар Советинин көшпели Қызыл Байрағы және 50 мын манат муғдарында биринши сыйлық берилди. Бул қарарда сондай-ақ Сарыбий ҳәм 1-Шаббаз МТС ла-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рының жақсы ислегенлиги, Тахтакөпир және Қыпшақ районларының халық хожалық планларын табыслы орынлап шыққанлығы атап көрсетилди

Бул жыллары республика партия шөлкеми ВКП(б) Орайлық Комитетиниң 1944-жыл 6-марттағы „Өзбекстанда пахташылықты қайта тиклеў ҳәм раўажландырыў илажлары ҳаққында"ғы және Өз КП(б) Орайлық Комитетиниң X Пленумының (1944-жыл апрель) усы мәселе бойынша қарарын орынлап шығыўға айрықша дыққат бөлди.

Өз КП (б) областлық партия комитети тәрепинен өткерилген аўыл партия шөлкемлери активлериниң кеңеслеринде колхоз қурылысының әҳмийетли мәселелери, егиске таярлық ҳәм оны өткериў, аўыл хожалығы егинлерине тәрбия бериў, жетистирилген зүрәәтти жыйып-терип алып, мәмлекетке тапсырыў, массалық-сиясий жумыслар бойынша колхозлардағы басланғыш партия шөлкемлериниң ўазыйпалары додаланды.

Пахтакешлердиң ҳәр жылы өткерилетуғын қуралтайлары, алдынғы тәжирийбе алмасыў ҳәм пахташылықты раўажландырыў бойынша гезектеги ўазыйпаларды додалаў ушын өткерилген колхоз активиниң районлық ҳәм республикалық кеңеслери әҳмийетли роль атқарды. 1945-жылдың январь айында Төрткүлде алдынғы колхозшылардың слеты өткерилип, оған райондағы 200 ден аслам аўыл хожалығы алдынғылары қатнасты. Бундай слетлар автономиялы республиканың барлық районларында өткерилди. Бул слетларда пахтакешлер тәжирийбе алмасты, пахташылықты раўажландырыў бойынша гезектеги ўазыйпалар додаланды.

1945-жылдың 5-февралында Қарақалпақстанның алдынғы пахтакешлериниң екинши республикалық қуралтайы шақырылып, оған пахтадан жоқары зүрәәт жетистириў шеберлери, басшы партия ҳәм совет хызметкерлери, аўыл хожалығы органларының ўәкиллери, машина-трактор станциялары менен суў хожалығының стахановшылары қатнасты. Қуралтай қатнасыўшылары республика аўыл хожалығы мийнеткешлериниң барлық күшин Қарақалпақстанда пахташылықты көтериў ушын мобилизациялаўға бағдарланған қарар қабыл етти ҳәм алдыңғы пахтакешлердиң екинши улыўма Өзбекстан қуралтайына делегатлар сайлады.

Өзбекстан пахтакешлериниң екинши қуралтайы: „1945-жылы елимизге 1 миллион тонна пахта жетистирип беремиз!"—деп жаўынгерлик сүрен көтерди.

Советлер Союзының Уллы Ўатандарлық урыста фашистлик Германия үстинен ерискен тарийхый жеңиси пүткил совет халқын үлкен мийнет ерликлерине рухландырып жиберди Қарақалпақстан пахтакешлериниң ғаўашаға табыслы ҳәм жоқары сапада тәрбия бериў ушын социалистлик жарысы жаңа күш пенен ең жайып кетти.

СССР ҳүкиметиниң пахташылық колхозларына санаат ҳәм азық-аўқат товарларын сатыўды нәзерде тутқан қарары колхоз-



www.ziyouz.com kutubxonasi

шылардын пахтадан жоқары зүрәәт алыў ушын гүресинде материаллық қызықсындырыўшылық роль атқарды. 1944—1945-жыллары Қарақалпақстан колхозлары тапсырылған пахта ушын мәмлекеттен 6291 тонна ғәлле, 201 тонна шигитсиз тай пахта, 596 690 метр шыт, 59 тонна чай алды.

Пахташылықты буннан былай да көтериў ушын ири ирригациялық жумыслар жүргизиў зәрүр болды. Ўатандарлық урыс жылларында Энгельс атындағы, „Шоманай", „Қырқ қыз", „Кировабад" сияқлы ири каналлар қурылды. Ҳәр жылы ирригациялық системаларды қазып тазалаўдан тысқары, Ўатандарлық урыс жылларында автономиялы республикада 109 объектте 6439.7 мың кубометр көлеминде жер қазыў жумыслары жүргизилди. 1945-жылы Өз ССР ҳәм ҚҚ АССР ҳүкиметлери ирригация тараўларын пайдаланыў мақсетлери ушын 1944-жылдағы 4090 мың манат орнына 4,630 мың манатты ҚҚ АССР Суў хожалығы халық комиссариатына бөлип шығарды, ирригация тараўлары ушын 996 мың манатлық ири қаржы жумсалды. 1945-жылы Назархан каналының сағасы тас қаланып, қайта қурылды, Қуўанышжарма каналында туўрыланып арна қазыў жумыслары жүргизилди, Сарыбий коллекторы қазылды.

1945-жыл 14-июльде ВКП (б) Орайлық Комитети менен СССР Халық Комиссарлар Совети „Өзбекстанда пахташылықты қайта тиклеў ҳәм буннан былай да раўажландырыў илажлары ҳаққында" қарар қабыл етти. ВКП (б) Орайлық Комитети менен Совет ҳүкиметиниң көрсетпелерин басшылыққа алып, Өз КП (б) Орайлық Комитетинин XII Пленумы республика партия шөлкемлерине пахташылықты раўажландырыў мәселелери бойынша ҳәрекет етиўдиң кең программасын белгилеп берди.

Қарақалпақстан шарўалары да үлкен табысларды қолға киргизди. 1944-жылдын декабрь айының ақырында колхозлардағы жәмийетлик маллардын бас саны 1940-жылдағыға қарағанда 32,5% өсти. 1944-жылы 15421 пуд гөш таярланып, бул 1940-жылдағыдан әдеўир көп болды, 612 пуд сары май таярланды.

Ўатандарлық урыс жылларында автономиялы республика қаракөлшилери де әдеўир табысларға еристи. Қаракөл қойларының бас саны 1945-жылы 1941-жылдағыға қарағанда 163% өсти. Таярланған қаракөл терилериниң сапасы барған сайын жақсыланып барды. Қаракөлшиликте қойларды ҳасылландырыўшылық жумыслары үлкен әҳмийетке ийе болды. 1944—1945-жыллары Төрткүл, Хожели ҳәм Шаббаз районларында ҳасыл тухымлы қаракөлшилик фермалары шөлкемлестирилди.

Қарақалпақстан партия ҳәм совет шөлкемлери социалистлик аўыл хожалығы ушын кадрлар таярлаў исине үлкен кеўил бөлип келди. Қарақалпақстан аўыл хожалығы техникумы қанийгели агрономлар, пиллекешлер, бағманлар ҳәм мал шарўашылығының орта қанийгеликтеги маманларынын көп санлы отрядын таярлап жетистирди. Республикада районлар аралық ҳәм районлық колхоз мектеплери жумыс ислеп турды. Район орайларында



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳәм машина-трактор станцияларының қапталында шөлкемлестирилген қысқа мүддетли қурслар мыңлаған колхозшыларды ауыл хожалығының ҳәр қыйлы қанийгелиги бойынша оқытып шығарды. 1944-жыл ҳәм 1945-жылдың биринши кварталынды тек Шымбай районлар аралық колхоз мектебинде 50 ден аслам техник-шаруалар, 23 ветеринар, 25 колхоз басқарма председателлериниң мал шаруашылығы бойынша орынбасарлары ҳәм мал шаруашылығы фермаларының басқарыўшылары, 63 есапшы ҳәм 30 колхоз бухгалтерин оқытып таярлады.

Автономиялы республика партия шөлкеминиң басшылығы астында ауыл мийнеткешлери дийханшылық ҳәм мал шаруашылығы өнимлерин көплеп жетистириў ушын гүресте жигерли мийнет етип, Уллы Ўатандарлық урыс жылларында Советлик Ўатан алдындағы, СССР дағы барлық халықлар алдындағы өзлериниң патриотлық, интернационалистлик миннетин инабатлы түрде атқарып шықты ҳәм душпан үстинен ерисилген уллы жеңиске ылайықлы үлес қосты.

## 4. УЛЛЫ ЎАТАНДАРЛЫҚ УРЫС ЖЫЛЛАРЫНДА ҚАРАҚАЛПАҚСТАННЫҢ ЖӘМИЙЕТЛИК-СИЯСИЙ ТУРМЫСЫ

1941-жылдың октябрь айының ақырында Өз КП (б) Қарақалпақстан обкомының партия активиниң жыйналысы болып өтти. Партия активи қабыл еткен резолюцияда Қарақалпақстанның партия шөлкемлерин, барлық коммунистлер менен мийнеткешлерди фронтқа жақыннан жәрдем бериў ушын күшке күш қосып, жигерли мийнет етиўге, Ўатан алдындағы әдиўли патриотлық миннетти орынлап шығыў ушын барлық күшти мобилизациялаўға шақырды. Өз КП (б) Қарақалпақстан обкомының партия активи төмендегише қарар қабыл етти.

1. Партиямыз бенен ҳүкиметимиздиң Совет мәмлекетиниң жасаўы қәўип астында екенлиги ҳаққындағы мәселе, СССР халықларының тағдири ҳаққындағы мәселе, Советлер Союзының халықлары азат болып қала ма яки қуллыққа түсе ме деген мәселе шешилип атырғанлығы ҳаққындағы көрсетпелери халықтың барлық қатламларына толық жеткерилсин. Совет адамлары буны түсиниўи, урыс мәплери ушын өзлерин мобилизациялаўы ҳәм өз жумысларын қайта қурыўы зәрүр.

2 Ҳәр қашанғыдан да қырағылықты күшейтиў, барлық тәртипти бузыўшыларға, ғаўасатшыларға, қорқақларға қарсы аяўсыз гүрес жүргизиў зәрүр, ондайлар партия қатарынан қуўып шығарылсын.

3. Қызыл Армияның қатарларын алдын-ала таярланған кадрлар менен толықтырыў мақсетинде Мәмлекетлик Қорғаныў Комитетиниң улыўма әскерий билим бериў ҳаққындағы қарарын орынлаў ушын барлық илажлар көрилсин.

4. Қысқа мүддет ишинде республиканың барлық халқын ҳаўа топылысына қарсы ҳәм химиялық топылысқа қарсы қорғаныўға



www.ziyouz.com kutubxonasi

таярлаў жумысы питкерилсин. Ҳәр бир колхоз, ҳәр бир қала ҳәм ҳәр бир елатлы пункт беккем қорғанға айландырылсын.

5. Партия шөлкемлери кәрханалардың басшылары менен бирге Армия қатарына кеткенлердиң орнына массалық түрде қанийгели рабочийлар таярлаў исин кең ен жайдырсын.

Бул ўазыйпаларды орынлап шығыў ушын партия шөлкемлери масса арасындағы барлық партиялық-сиясий жумыслардың дәрежесин урыс ўақтының талапларына муўапық жоқары көтериўи зәрүр болды. Агитациялық-пропагандистлик жумыслардың мазмуны түп-тамырынан өзгертилсин сиясий агитация ҳәм пропаганданың барлық формалары менен методлары пайдаланылсын.

Автономиялы республика партия активи ВКП (б) Орайлық Комитетин ҳәм Мәмлекетлик Қорғаныў Комитетин Қарақалпақстан коммунистлери партияның садық тиреги болғанлығын ҳәм болып қалатуғынына, революциялық қырағылықты тынбай арттыратуғынлығына, қорқақларды ҳәм ғаўасатшыларды аяўсыз әшкаралап, оларды өз қатарларынан қуўып шығыўға, ҳәр қандай қыйыншылықларды женип шығыў ушын, жаўыз душпан үстинен жениске ерисиў ушын мийнеткешлерди баслай алатуғынлығына исендирди.

Актив қатнасыўшылары партия ҳәм ҳүкиметимизди өзлериниң ўақыт пенен санаспастан жигерли мийнет ететуғынлығына, душпан үстинен жениске ерисиў ушын тылды беккемлеў ўазыйпасын, фронтты барлық зәрүрли затлар менен тәминлеў ўазыйпасын үлгили орынлап шығатуғынлығына беккем исендирди.

Партия активиниң қарарлары коммунистлер, комсомол ағзалары ҳәм Қарақалпақстанның барлық мийнеткешлери арасында халық хожалығы планларын, әсиресе пахта таярлаў планын мүддетинен бурын орынлап шығыў ушын, әскерий билимлерди тез ийелеў ушын патриотлық ҳәрекеттиң ен жайыўында үлкен сиясий әҳмийетке ийе болды.

Коммунистлик партия шақырығын Қарақалпақстанның барлық мийнеткешлери қызғын мақуллаў менен күтип алды. Олар социалистлик Ўатанды немец-фашист басқыншыларынан қорғаў ушын Рабочий-Дийхан Қызыл Армиясының қатарына ықтиярлы түрде кириў тилегин билдирди Уллы Ўатандарлық урыстың дәслепки күнлеринде ҳәрекеттеги Қызыл Армия қатарына Қарақалпақстаннан 62 мыңға жақын адам, соның ишинде 1752 коммунист ҳәм 16000 комсомол ағзасы жөнеп кетти.

1941-жылдың июль айының басында Нөкис қалалық партия шөлкеми фронтқа 162 коммунист ҳәм 760 комсомол ағзасын фронтқа жиберди, соның ишинде тек Өз КП (б) Қарақалпақстан обкомы қапталындағы басланғыш партия шөлкеми өз есабындағы 42 коммунистти фронтқа атландырды. Көп санлы қарақалпақстанлы жаўынгерлер Ўатандарлық урыс фронтларында қаҳарманлық ҳәм ерликтиң жақары үлгилерин көрсетти.

Көплеген жаўынгерлер фронтқа жөнеп баратырып, коммунистлик партия қатарына өтти. Коммунистлик партия қатарына са-



www.ziyouz.com kutubxonasi

наат өндирисиниң, аўыл хожалығының алдыңғылары, совет интеллигенциясының ең жақсы ўәкиллери өтти.

Ўатандарлық урыс жағдайында Областлық партия комитетинин ҳәм Өз КП (б) Орайлық Комитетиниң басшылығында ҳәм „Барлық нәрсе фронт ушын, барлық нәрсе жеңис ушын" деген сүрен астында басланғыш партия шөлкемлеринде есап бериў-сайлаў жыйналыслары, районлық, қалалық ҳәм областьлық партия комитетлеринин конференциялары болып өтти.

Урыс жылларында Қарақалпақстандағы басланғыш партия шөлкемлериниң тараўы сезилерли дәрежеде кеңейди. 1941-жылдың 1-июнине коммунистлердиң басланғыш партия шөлкемлери, кандидатлардың ҳәм партия-комсомол группалары 425 еди, ал 1943-жылдың 1-ноябрине олардың саны 543 ке жетти.

1944-жылдың 1-январына Қарақалпақстан областьлық партия шөлкеминин составында 5024 коммунист болып, олардың 2895 и партия ағзалары, 2129 адам партия ағзалығына кандидатлар болды, олардан 1318 адам ҳаял-қызлар еди. Уллы Ўатандарлық урыстың жуўмақлаўшы басқышында—1945-жылдың 1-январына Қарақалпақстан областьлық партия шөлкеми 6071 адамнан ибарат болып, соның 3581 и партия ағзалары, 2490 адам партия ағзалығына кандидатлар болды.

Урыс ўақты жағдайларында мийнеткешлерди идеялық-сиясий тәрбиялаў үлкен әҳмийетке ийе болды. Сиясий агитацияның тийкарғы мақсети Советлер Союзы халықларының мораллик-сиясий бирлигин беккемлеўден, душпанға жеккөриўшилик сезимлерин тәрбиялаўдан ибарат болды. Агитаторлар ҳәм пропагандистлер Қарақалпақстан мийнеткешлерине Ўатандарлық урыстың әдил, азат етиўшилик характерге ийе екенлигин түсиндирди, халықты жаўыз душпан үстинен жеңиске ерисиў ушын жигерли мийнет етиўге шақырды. 1943-жылы Қарақалпақстанда 4000 нан аслам агитатор ҳәм пропагандистти бирлестиретуғын 625 агитпункт ислеп турды. Нөкис аўыл советиниң Куйбышев атындағы колхозының басланғыш партия шөлкеминдеги коммунистлер колхозшыларды егинлерден жоқары зүрәәт жетистириў ушын гүреске мобилизациялаў сияқлы, әҳмийетли илажларды әмелге асырыўдың баслаўшылары болды. Коммунистлер өндирислик кеңеслерди турақлы түрде өткериўге ерисип, оларда өндирис алдыңғыларының жумыс тәжирийбелерин ен жайдырды, артта қалыўшыларды критикалады.

Колхозшыларды жоқары мийнет өнимлилигине ерисиў ушын мобилизациялаўда колхоз агитпунктының жәрдеми үлкен болды. Жумыстан соң агитпунктларда агитаторлар колхозшыларға газеталар оқып берип, Совинформбюроның хабарлары менен таныстырып, халық аралық ахўал ҳаққында гүрриңлер өткерип барды, жоқары зүрәәт ушын гүресте колхозшылар алдында турған ўазыйпаларды түсиндирди.

Душпан үстинен жеңиске ерисиў исине Қарақалпақстандағы ўақытлы партиялық баспасөз әдеўир үлес қосты. „Қызыл Қара-



www.ziyouz.com kutubxonasi

қалпақстан" (ҳәзирги „Совет Қарақалпақстаны") ҳәм „Советская Каракалпакия" газеталары өзлериниң пүткил жумысын автономиялы республика мийнеткешлерин душпанды қыйратыў исине мобилизациялаўға бағдарлады. Бул газеталарда партия, совет, профсоюз ҳәм комсомол шөлкемлериниң турмысы ҳаққындағы, атыз жумысларының барысы ҳаққындағы, ең жақсы колхоз бригадалары ҳәм звеноларының табыслары ҳаққындағы, мийнеткешлердин қорғаныў фондына харжы жыйнаў бойынша патриотлық ҳәрекети ҳаққындағы материаллар системалы дағазаланып барылды. Газеталарда фронтқа кеткенлердиң семьялары ҳаққында, эвакуацияланып келген балалар ҳаққында ғамхорлық жасаўға үлкен кеўил бөлинди. Оларда санаат кәрханаларының, совхозлардың, машина-трактор станцияларының ҳәм т. б. өндирис орынлары ҳаққындағы мақала, хабарларға кең орын берилди.

Дийўалы газеталардың, жаўынгерлик листовкалардың ҳәм фото-газеталардың саны ҳәм пропагандистлик тәсиршеңлиги әдеўир өсти.

Уллы Ўатандарлық урыс жылларында рабочийларды, колхозшыларды ҳәм хызметкерлерди сиясий жақтан тәрбиялаў исинде көргизбели агитацияның тутқан орны айрықша болды. Ҳәмме жерде фото-витриналар, стендлер, фото-мантажлар шөлкемлестирилди, лозунглер, плакатлар, транспорантлар ҳәмениң дыққатын өзине аўдарды.

Урыс жылларында марксизм-ленинизм классиклеринин шығармалары, партия ҳәм ҳүкимет қарарлары, жәмийетлик-сиясий әдебият қарақалпақ тилине аўдарылып, баспадан шығарылды.

Мийнеткешлерди идеялық-сиясий тәрбиялаўда радио оғада үлкен роль атқарды. Партия менен ҳүкиметимиз радио алып еситтириў тараўларын ҳәм жергиликли радио еситтириўди кеңейтиў исине үлкен дыққат бөлип келди. Совинформбюро хабарлары Москва ҳәм Ташкенттен қабыл етилип, сол заматы-ақ қарақалпақ тилине аўдарылып, радио арқалы еситтирилетуғын еди.

Мийнеткешлер массасын идеялық-сиясий тәрбиялаў исине автономиялы республикамыздың китап баспасы да белгили дәрежеде үлес қосты. Уллы Ўатандарлық урыс жылларында киноның роли ҳәм әҳмийети айрықша өсти.

Ўатандарлық урыс жылларында совет жәмийетиниң рабочийлар менен дийханлардың беккем аўқамына, СССР халықларының туўысқанлық дослығына, олардың жалынлы патриотизмине ҳәм пролетарлық интернационализмине тийкарланған мораллик-сиясий бирлиги оғада үлкен әҳмийетке ийе болды.

Коммунистлик партияның басшылығында әмелге асырылған аўыллық, поселкалық, районлық, қалалық ҳәм Жоқарғы Советлердиң барлық илажлары мийнеткешлерди ҳәм материаллық ресурсларды душпан үстинен жеңиске ерисиў исине мобилизациялаўға бағдарланған еди.

Ўатандарлық урыс дәўиринде профсоюзлардың тийкарғы ҳәм баслы ўазыйпасы Қарақалпақстан мийнеткешлерин өндирислик



www.ziyouz.com kutubxonasi

тапсырмаларды арттырып орынлауға, фронтқа ҳәр тәреплеме жәрдем көрсетиўге мобилизациялаўдан ибoрат болды. Автономиялы республика партия шөлкеминиң басшылығы астында профсоюзлар социалистлик жарыстың баслаўшылары болды, жоқары мийнет өнимлигин тәминледи.

Өндиристе ҳәм басқа жумыс орынларында ислеўшилердиң басым көпшилигигин ҳаял-қызлар қурады. Партиямыз ҳәм ҳүкиметимиздиң „Барлық нәрсе фронт ушын, барлық нәрсе женис ушын“ деген шақырығына Қарақалпақстан ҳаял-қызлары халық хожалығының барлық участкаларында өзлериниң мийнет ерликлери менен жуўап қайтарды.

1943-жылдың август айының ақырында автономиялы республиканың барлық районларында стахановшы ҳаял-қызлардың конференциялары болып өтип, оларда „Ўатандарлық урыс дәўиринде ҳаял-қызлардың ўазыйпалары ҳаққында“ғы мәселе додаланды. Бул конференцияларға 20538 ҳаял-қыз қатнасты.

Қарақалпақстан колхозларында 20 дан аслам гвардияшы ҳаял-қызлар бригадалары ҳәм звенолары шөлкемлестирилди. 1942-жылы республикада 476 дан аслам ҳаял-қыз тракторшылар болып жумыс иследи Ал Халқабад МТС ының мастерскойында электр кепсерлеўши болып ислеген Полина Голикова ҳәр күни өндирислик нормаларын 200—250 процент етип орынлап жүрди. Шымбай районындағы „Интернационал“ колхозының ағзасы комсомолка Оразгүл Есенова мәўсимде 10200 килограмм пахта терди. Тахтакөпир районындағы 1-МТС тракторшысы Уржан Ермaнова гүзги жер сүриў ўақтында ҳәр күни ис нормаларын 180 проценттен асырып орынлаўға еристи.

Уллы сынаў жылларында ленинлик комсомол Коммунистлик партияның садық жәрдемшиси болды. Қарақалпақстаннан көп мыңлаған комсомолецлер социалистлик Ўатанды немец-фашист басқыншыларынан қорғаў ушын ықтиярлы түрде фронтқа жөнеп кетти. 1943-жылдың август айына шекем Қызыл Армия қатарына 13 мыңнан аслам комсомолец шақырылған еди.

Урыс жылларында Қарақалпақстан комсомол шөлкеминиң қатарына жаңадан 9335 ағза қабыл етилип, олардың көпшилигин қызлар қурады. Олар фронтқа кеткен ағаларының орынларын ийелеп, тапсырылған жумысларды жақсы атқарыўға ерисип жүрди.

Көплеген комсомол ағзалары колхоз басқарма председательлери, аўыл совет председательлери сияқлы ҳәр қыйлы жуўапкерли жумысларды атқарды. Комсомол ағзаларынан 18 и-колхоз басқарма председательлери. 93 и бригада баслықлары, 142 си— звено баслықлары, 384 и — табельшилер, 18 и — мал шарўашылығы фермаларының басқарыўшылары болып жумыс иследи.

1943-жылдың 10—12-май күнлери Нөкисте XI Қарақалпақстан областлық комсомол конференциясы болып өтип, ол комсомол ағзаларын ишки ресурсларды қыстаўлы түрде фронтқа жәрдем бериў ушын мобилизациялаўға актив қатнасыўға шақырды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1943-жылы комсомол-фронт айлығы өткерилип, оған 6700 ден аслам комсомол ағзалары ҳәм 17 мың мектеп оқыўшылары қатнасты.

Қарақалпақстан комсомолы Советлер Союзынын Қаҳарманлары комсомол ағзалары – Инаят Наўрызбаевтың, Оразбай Жуманиязовтын, Мақаш Балмағанбетовтын, Никалай Сараевтын ҳәм басқа да халық мәртлеринин исимлерин ылайықлы түрде мақтаныш етти, олардын мийнет жәнe саўаш майданындағы ерлик ислеринен үлги алды.

## 5. ҚАРАҚАЛПАҚСТАН МИЙНЕТКЕШЛЕРИ ТЫЛДЫҢ ФРОНТ ПЕНЕН БАЙЛАНЫСЫН БЕККЕМЛЕЎ УШЫН ГҮРЕСТЕ

Уллы Ўатандарлық урыс фронтларында руслар, украинлар, белоруслар, өзбеклер, қазақлар ҳәм басқа да туўысқан халықлардың ўәкиллери менен бирге қарақалпақстанлы жаўынгерлер де мәртлик пенен саўаш жүргизди. Қарақалпақ халқы урыстын дәслепки күнлеринен баслап-ақ өзиниң ең жақсы ул-қызларын социалистлик Ўатанды немец-фашист басқыншыларынан қорғаў ушын саўаш майданына атландырды. Жаўынгерлерди фронтқа жөнетип, автономиялы республака мийнеткешлери оларға жаўынгерлик наказ – жаўды биротала қыйратып, елге жеңис пенен қайтыўды тапсырды

Қарақалпақстанлы жаўынгерлер Қызыл Армия қатарында мәртлик пенен саўаш жүргизди, ҳәр бир қарыс совет жерин жигерли түрде қорғады. Фронтшылар өз хатларында Ўатанды душпаннан қорғап қалыўға ант етти.

Армия қатарына Шымбай районынан шақырылған сержант Қанназар Өтеназаров фронттан туўысқанларына былай деп жазды: „Қәдирли ана! Бизлер басқыншыларға қыйрата соққы берип атырмыз, олар изли-изинен жеңилиске ушырап атыр. .

Жаўынгерлик хызметимди есапқа алып, Ҳүкиметимиз бурынғы еки орденимнен тысқары жақында мени Қызыл Жулдыз ҳам Екинши дәрежели Ўатандарлық урыс орденлери менен наградлады.

Қәдирли ана! Сизди ҳәм мен бирге ислеген промкомбинат коллективин фашистлерге қарсы бүннан былай да аяўсыз саўаш жүргиземен деп исендиремен. Қәдирли дослар, гитлеризмди биротала жоқластырыў ушын шешиўши саўаш күнлеринде сизлерди тағыда жақсырақ ислеўге көп өним бериў ушын аянбай мийнет етиўге шақыраман"

Промкомбинат рабочийлары ҳәм хызметкерлери Қанназар Өтеназаровқа мийнет фронтынан жоллаған жуўап хатында мыналарды жазды: „Сенин анаңа, досларыңа, промкомбинат коллективине арнап жоллаған соңғы хатынды алдық Сениң жазған хатыннан төртинши орден менен наградланғанынды билдик Бул хабар бизлерди оғада куўандырып жиберди, биз сени мақтаныш етемиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Промкомбинат коллективи фронт ҳәм Ўатан алдындағы миннетин инабатлы орынлап шығатуғынлығын Сизге үлкен қанаатланыў менен мәлим етемиз... Сегиз айлық өндирислик план 146 процент орынланды. Стахановшылардан Досымбетова, Қәлимбетова, Арзымбетова ҳәм т. б. өзлеринин жумыс нормаларын еки, үш есе арттырып орынлаўға ерисги. Қәдирли Қанназар! Сизиң фронттағы табысларыңыз бизлерди жана мийнет ерликлерине рухландырады Бизлер өзлеримиздиң барлық күш-жигермизди үст ҳәм аяқ кийимлерди тағы да көбирек жетистириўге, өнимниң сапасын арттырыўға, урыс ўақты талап еткен дәрежеде ислеўге жумсаймыз".

Әскерий бөлимшениң командири жолдас Колихман фронттан Хожели районлық атқарыў комитети председателиниң атына жоллаған хатында усы районлық атқарыў комитетиниң бурынғы хызметкери жаўынгер Досназар Есемуратовтың ерлик ислери ҳаққында мыналарды жазды:

„... Қызыл Армияның жаўынгери жолдас Есемуратов немец-фашист басқыншыларына қарсы жигерли түрде саўаш жүргизди. Қатарында сизиң жерлесиңиз де болған жаўынгерлердиң кишкене бир группасы тек бир күниң өзинде ғана душпанның бир неше танкин ҳәм 30 дан аслам солдатын сапластырды. Досназар Есемуратов батыр жаўынгер болып жетисти. Душпанның жаўдырған оғының астында ол Днепр дәрьясының оң жағасына өтиўге еристи Днепр дәрьясынан табыслы өткенлиги ушын, ерлик ҳәм батырлық көрсеткенлиги ушын командование жолдас Есемуратовты Қызыл Жулдыз ордени менен наградлады. Жаўынгерлик орденди қабыл етип алып, ол былай деди. „Украина жерин немец басқыншыларынан азат етип, мен өзимниң туўылған Қарақалпақстанымды қорғаған боламан. Жерлес-жолдасларым маған фашист ҳайўанларды аяўсыз жоқ етиўди тапсырды. Мен бизиң жеримизде бир де басқынша қалмағанша саўаш жүргиземен...".

Хожели районлық атқарыў комитетиниң хызметкерлери фронтқа мыналарды жазды: „Жолдас Есемуратовтың Қызыл Жулдыз ордени менен наградланғанлығын үлкен қуўаныш пенен күтип алдық... Сизлерди жеңис күниң тезлетиў ушын өзлеримиздиң барлық күш-жигеримизди жумсаймыз деп исендиремиз... Азат етилген районлар ушын колхозшылар 73 бас мал, 3 мың тоннадан аслам ғәлле таярлады... Ўатанды қорғаўшылардың семьяларына жәрдем фондына көп муғдарда азық-аўқат, кийим-кеншек, аяқ кийим, отын таярланды, олардың үй-жайлары ремонтланды ... Фашистлерди аямай жоқ етиң!..".

Қудиретли совет тылының мораллик ҳәм материаллық қуўатлаўына ийе болған Қызыл Армия изли-изинен душпанға қыйрата соққы бере баслады.

Ўатандарлық урыс жылларында бизиң елимизде танклар, самолетлер ҳәм басқа да әскерий техникалар таярлаў ушын кең



www.ziyouz.com kutubxonasi

ен жайған улыўма халықлық ҳәрекет фронт ҳәм тылдың беккем бирлигиниң айқын көринисиниң бири болды

Халық массасының басламасы менен дүзилген Қызыл Армия фондына ақшалай харжылар ҳәм материаллық баҳалы затлар оғада көп муғдарда изли изинен келип турды. Қарақалпақстан мийнеткешлери танк колонналарын ҳәм әскерий самолетлар эскадрильяларын дүзиў ушын 24 миллион манат муғдарында харжы жыйнады. Хожели районындағы Ахунбабаев атындағы колхоз басқарма председатели Худайберген Қәдирбергенов өз есабынан нақ ақшалай 25 мың манат, „XVII партсъезд" колхозының басқарма председатели Бекимбет Қәлимбетов—11 мың манат, Ахунбабаев атындағы колхоздың стахановшысы Айша Қәдирбергенова—1 мың манат муғдарындағы жеке харжыларын Қызыл Армия фондына өткерди.

Қарақалпақстан мийнеткешлери барлығы болып, Ўатанымыздың қорғаныў фондына 5 173 700 манат нақ ақшалай ҳәм 4 863 000 манат муғдарында мәмлекетлик заем облигацияларына жазылып, өз үлеслерин қосты. Қызыл Армия жаўынгерлери ушын 64 400 дана жыллы кийим, 23 725 постын, 25570 килограмм жүн таярланды. Фронт ушын 493 500 тонна гәлле, 228,6 тонна гөш, 5654 килограмм басқа да азық-аўқат затлары жиберилди.

Ўатандарлық урыс жылларында Қарақалпақстан мийнеткешлери мәмлекетлик әскерий заемға—154 589 мың манат муғдарында, ақша-зат лотореяларына—30 755 мың манат муғдарында жазылды.Көпшилик колхозшылар заемларға жазылып, нақ ақшаларын мәмлекетлик банкке өткерди. Мийнеткешлердин үзликсиз ғамхорлығы Қызыл Армия жаўынгерлерин, командирлерин сиясий хызметкерлерин жанадан-жана ерликлерге рухландырды.

Фронттағы жаўынгерлердиң семьялары ҳаққындағы үлкен ҳәм ҳәртәреплеме ғамхорлық фронт пенен тылдың беккем және үзликсиз байланысының тағы бир айқын мысалы болды. Партия ҳәм ҳүкиметимиз тыл мийнеткешлерин фронттағылардың семьяларына үлкен дыққат бөлип, ҳәртәреплеме ғамхорлық жасаўға шақырды. Әскерий хызметтегилердиң семьяларына тек мәмлекетлик пособиелер есабынан 30 миллион манатқа жақын, бир жола көрсетилетуғын жәрдем түринде—2 миллион манат харжы жумсалды. Қарақалпақстан мийнетлешлери фронттағылардың семьяларына жәрдем ушын өзлериниң жеке қаржылары есабынан 586002 манат бөлип шығарды.Фронттағылардын семьяларына 6945 бас сыйыр, қой-ешки, 124 3з2 килограмм ғәлле, 384 685 килограмм овощь ҳәм мийўе, 22 514 кубометрден аслам ағаш отын, 3947 метр гезлеме, 25 771 дана үст кийм ҳәм аяқ кийим, 33 397 квартира ремонтланды ҳәм жанадан салып берилди.

Қарақалпақстан партия-совет шөлкемлери ҳәм социаллық тәминлеў органлары тәрепинен Ўатандарлық урыс инвалидлерин жумысқа орналастырыў бойынша, кәсипке үйретиў, оларға турмыс жағынан хызмет көрсетиў бойынша үлкен илажлар исленди. Қарақалпақстан АССР ында тек 1941-жылдың июль айынан



www.ziyouz.com kutubxonasi

баслап 1913-жылдың 1-январына шекем әскерий хызметкерлер менен Ўатандарлық урыс инвалидлерине 9282190 манат берилди, ал әскерий хызметтегилердиң семьяларына 138254 манат муғдарында пособиелер берилди

Солай етип, партия, совет, профсоюз, комсомол ҳәм әскерий шөлкемлер. Қарақалпақстанның барлық мийнеткешлери Уллы Ўатандарлық урыстың барысы даўамында әскерий хызметтегилердиң семьялары менен урыс инвалидлери ҳаққында үзликсиз ғамхорлық көрсетип келди, олардың мүтәжликлери менен талапларын өз ўақтында қанаатландырды, оларға нормаль жумыс ислеў ҳәм турмыс кешириў ушын. душпанға қарсы улыўма халықлық гүреске актив қатнасыў ушын жағдайлар дүзип берди.

Автономиялы республика мийнеткешлери қаҳарман Ленинградты қорғаўшылар менен тығыз дослық байланысларына ийе болды. Қарақалпақстан мийнеткешлери Ленин қаласының қорғаўшыларына туўысқанлық жәрдем ретинде 224 916 манат ақша, 5819 килограмм гөш, 21614 килограмм ғәлле, 3700 килограмм гүриш ҳәм басқа да азық аўқат затларын жиберди.

Қарақалпақстан мийнеткешлери қаҳарман Сталинградты қорғаўшылар менен беккем дослық байланыста болды. Сталинградты қорғаўшыларға туўысқанлық жәрдем ретинде 87 мың манат ақша. 45.5 тонна гөш, 262 тонна бийдай, 230 центнер ысланған балық, 293 центнер ҳәрқыйлы азық-аўқат затлары, 123,1 центнер гүриш, 1370 килограмм қақ ерик ҳәм 280 килограмм қаўын қақ жиберилди.

Қарақалпақ халқы айрықша ықлас ҳәм үлкен ғамхорлық көрсетип, эвакуацияланып алып келинген балаларды өз қушағына алды. Мыңлаған адамлар урыс ата-анасынан айырған балаларды өз тәрбиясына алыўға қызғын тилек билдирди. Әскерий хызметтегилердиң ҳәм эвакуацияланғанлардың 20299 балалары Қарақалпақстандағы балалар яслилери менен балалар үйлеринде орналастырылды. Республика мийнеткешлериниң жеке қаржылары есабынан балалар ушын 262 860 манат, 2457 дана үст кийим,аяқ кийим ҳәм басқа да керекли затлар жыйнап берилди.

Советлер Союзындағы басқа да халықлар менен бирге қарақалпақ халықы да азат етилген районлар менен областлардың фашистлик қуллықтан қутқарылған халқына туўысқанлық жәрдем қолын созды. 1942-жылы азат етилген районлардағы халық ушын 77 гектар жерге ғәлле егинлери егилди. 1943-жылы 14500 бас майда ҳәм 1100 бас ири қарамал, 1944-жылы 20 мың бас майда ҳәм ири қарамал жиберилди. Совет Украинасының партизанлары ушын 733577 манат, 4690 килограмм ғәлле ҳәм гөш жиберип, жәрдем көрсетилди.

Қарақалпақстан комсомолецлери менен жаслары совет патриотизминиң айрықша үлгилерин көрсетти, олар 1943-жылы жаўынгерлик эскадрилья ҳәм танк колоннасы ушын 1,5 миллион манат жыйнады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 6 ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ЖАЎЫНГЕРЛЕРИНИҢ УЛЛЫ ЎАТАНДАРЛЫҚ УРЫС ФРОНТЛАРЫНДАҒЫ КӨРСЕТКЕН ЕРЛИКЛЕРИ.

1941-жылдың гүзине келип, немец-фашист әскерлери оғада үлкен шығынларға ушыраўына қарамастан, елимиздиң ишкерисине қарай илгерилеўин даўам еттирди. Душпан күш салып Москваға қарай умтылды. Москва бағдарында 77 пиядалар, моторластырылған ҳәм танк дивизиялары жәмленген еди. Советлер Союзының Коммунистлик партиясы ҳәм Совет ҳүкимети Қызыл Армия менен халықты қәдирли және сүйикли пайтахтымызды қорғаўға шақырды. „Москва душпанға берилмесин!"-Коммунистлик партия менен пүткил совет халқының қарары мине усындай болды. Москваға оғада үлкен қәўип дөнген ўақытта халық туўысқан партиямыз дөгерегине тағы да тығызырақ жәмленди, душпанға соққы бериў ушын барлық күшин жумсады.

Москва түбиндеги саўашларда қарақалпақ халқының көплеген жаўынгер уллары да көзге түсти. Өз ЛКСМ Куйбышев райкомының бурынғы секретары старшина Аллабай Жийемуратов батыс фронтта 1119-атқышлар полкының составында саўаш жүргизди. Ол атқышлар взводына командирлиқ етип, қараўындағы 33 жаўынгери менен бирге 1941-жылдын 17-сентябринде өз участкасында душпанның топылысын иркип, бизиң бөлимлеримиздиң Ржев дәрьясынан өтиўин тәминледи. Усы саўашта көрсеткен ерликлери ушын оның взводындағы 10 жаўынгер Советлер Союзының орден ҳәм медаллары менен наградланды.

Москва түбиндеги саўашлардың биринде душпан отрядына қарсы оқ атып турған пулемёт расчетында тек комсомолец Василий Федоров, оның жаўынгер досты комсомолец қарақалпақ Женисбай Жумағулов ҳәм жараланған сержант Иванов ғана қалған еди, Жаўынгер дослар өз позицияларынан бир де душпанды өткермеўге ант етти... Патронлар таўсылды, Ж. Жумағулов душпанның жаўдырған оғына қарамастан 8 қуты пулемет лентасын алып келди. Душпанның күши басым болыўына қарамастан. саўаш даўам етти. Көп өтпей В. Федоров аўыр жарадар баланды. Ж. Жумағулов оның гимнастеркасның шеп қалтасындағы қанға боялған комсомол билетин алып, оның орнына өтип, пулеметтан оқ жаўдырыўға таярланды. Фашистлер 25 метрдей аралыққа жақынласып келген ўақытта бәленг ҳаўаз бенен: „Қанға қан! Ўатан ушын!" деп, Ж Жумағулов душпан үстине әжел отын шашты ҳәм бизиң әскерлеримиз келемен дегенше өз позициясын қаҳарманлық пенен қорғап қалды. Бул саўашта душпанның 150 ден аслам солдат ҳәм офицерлери тутқынға алынды.

Батыс фронтының Сиясий басқармасының начальниги генерал-полковник Кузнецов Өз КП (б) Қарақалпақстан Обкомының секретарына былай деп жазды: „Төрткүл районындағы Киров атындағы колхоздын бурынғы ағзасы сержант Ражап Бекчановтың даңқы пүткил Батыс фронтқа жайылды. Р. Бекчанов диви-



www.ziyouz.com kutubxonasi

зиядағы ең жақсы снайпер болып. ол 132 фашистти жоқ етти. Даңқлы снайпер өз тәжирийбесин басқа жаўынгерлерге үйретеди, оларға снайперлик шеберликти ийелеў исинде жәрдемлеседи. Ражап Бекчанов Қызыл Байрақ, Қызыл Жулдыз орденлери ҳәм Монголия Халық Республикасының „Поляр Жулдызы“ ордени менен наградланды. Ержүрек снайпер Коммунистлик партия қатарына қабыл етилди“.

Өз КП (б) Областлық партия комитетиниң басламасы бойынша республикада қарақалпақ миллий бригадасы дүзилип, оның составына 4300 ге жақын коммунист, комсомолец ҳәм партияда жоқ жаслар өтти. Бригада бирнеше атқышлар батальонларынан, байланыс батальонынан ҳәм саперлар ротасынан ибарат болды. Полковник Шутников бригаданың командири, полковник Богатков штаб начальниги, капитан Файзулла Ербайев оның сиясий бөлимин басқарды,

Бригаданың сиясий хызметкерлериниң арасында лейтенант Т. Бекимбетов —соңынан Т. Г. Шевченко атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының доценти, соңынан филология илимлериниң докторы, профессор болған капитан Қ. Әйимбетов айрықша көзге түсти. Қарақалпақ миллий бригадасы өзиниң Ўатан алдындағы миннетин инабатлы орынлап шықты. Бригаданың барлық солдат, сержант, офицер ҳәм сиясий хызметкерлери орден ҳәм медаллар менен наградланды.

Сталинград ушын аўыр саўашлар ўақтында өзбек ҳәм қарақалпақ халықлары фронттағы өзбек ҳәм қарақалпақ жаўынгерлерге хат жазып, мәрт улларын қайтпас батыр болыўға, Ўатан ушын өзлериниң жанын да аямаўға шақырды. Бул хатқа 2 миллион 412 адам қол қойды. Бул хат 1942-жылы 31-декабрьде „Правда“ газетасында дағазаланды. Өзбек ҳәм қарақалпақ халықларының бул хат—наказы Совет Армиясының барлық жаўынгерлерине үлкен тәсир жасады, оларды жаңа жаўынгерлик ерликлерге, фашист басқыншыларға қарсы аяўсыз саўаш жүргизиўге рухландырды.

Сталинград ушын саўашларда қарақалпақ халқының мәрт уллары батырлық ҳәм ерликтиң үлгилерин көрсетти. 4-армияның 115-гвардияшы Қызыл байрақлы полкының составында старший лейтенант 3-артиллерия батареясының командири Шымбай районынан коммунист А.А. Сопляков ержүреклик пенен саўаш жүргизди. Совет командованиесиниң тапсырмаларын үлгили орынлаўға ерискени ушын ол Қызыл Жулдыз ҳәм 1-Дәрежели Ўатандарлық урыс орденлери менен наградланды.

66-атқышлар дивизиясының 41-айырым қыйратыўшы гвардияшы танкке қарсы артиллерия дивизионының командири коммунист қарақалпақ Мәден Мәтназаров фронттан былай деп жазды: „Душпанға қарсы шешиўши саўашларда мен буннан былай да ерлик ҳәм турақлылық көрсетемен деп сизлерди исендиремен“. Коммунист М, Мәтназаров өз антын инабат пенен орынлап шықты. Саўашларда көрсеткен ерлик ислери ушын оның алты наг-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рада алыўға ерисиўи буның айқын дәлили бола алады. М. Мәтназаровтын басшылығы астында тек бир ғана саўашта дивизион душпанның пулемет ҳәм бир миномет точкасын сапластырды, душпан танкин тақап атып истен шығарды, бир взводқа жақын душпан пияда әскерин кейин шегиндирип, оның әдеўир бөлегин сапластырды.

Сталинград ушын саўашларда Қарақалпақстан комсомолы тәрбиялаған мыңлаған жаўынгерлер қатнасты. Комсомолец Ә. Дәрибаев: „Бул жерлер маған—Қарақалпақстан. Бул жерлер ушын жанымды аямай саўаш жүргиземен",—деп ант етти.

Аўыр саўашлар күни-түни даўам етти. Әсиресе бир траншея ушын саўаш ядда қаларлықтай болды. Жаўынгерлер жер баўырлап жылысып, алға илгериледи. Душпанның күшли оқ атыўы оларды иркилиўге мәжбүрледи. Сол заматы Ә. Дәрибаев орнынан турды да, алға қарай жүрди, ал оның изин-ала бөлимшениң барлық жаўынгерлери орынларынан турып, алға умтылды. Душпан менен қызғын ҳәм қатаң бетпе-бет алысыў басланып кетти. Ә. Дәрибаев алты фашистти сапластырды. Ол жарадар болса да, саўаш майданын таслап кетпеди. Траншея ийеленди. Саўаш питкеннен кейин тыныспа ўақтында ержүрек комсомолец взвод парторгине келип„ Мен коммунистлер партиясының перзенти болыў қаншелли жоқары ҳүрмет екенлигин билемен. Мен саўашқа коммунист болып кириским келеди", —деди. Взвод басланғыш партия шөлкеми Әбдибай Дәрибаевты Ленин партиясы қатарына бир аўыздан қабыл етти. Қарақалпақ халқының садық улы социаликтлик Ўатанның мәрт қорғаўшысы коммунист болды. Ўатан ушын болған саўашларда коммунист-жаўынгер душпан үстинен жеңиске ерисиў жолында өз өмирин пидә етти.

1944-жылдың ма̓рт айында Псков қапталында А. Оразымбетов совет командованиесиниң тапсырмасы менен жаўынгер Л. Фомичев екеўи разведкаға шығады. Душпанның жаўдырған оғының астында Оразымбетов басынан, жараланған гвардия сержанты ленинградлы Л. Фомичевтың қасына жер баўырлап жылысып келеди ҳәм қысқылап келген фашистлерди кейин қайтарып, оны қәўипли зонадан алып шығады. Командованиениң жаўынгерлик тапсырмасы табыслы орынланды. Саўашта көрсеткен ерлиги ҳәм батырлығы ушын А. Оразымбетов үшинши награда —Қызыл Жулдыз орденин алыўға ериседи.

Ленинград әскерий округи әскерлериниң командуюшийси Советлер Союзының Маршалы Л.А. Говоров ҳәм Әскерий Совет ағзасы генерал-лейтенант Богаткин А. Оразымбетовқа былай деп жазды: „Қәдирли жолдас гвардияшыл қызыл әскер А. Оразымбетов, Сиз урыстын аўыр гезинде Ленинград фронтының әскерлери менен бирге үлкен ҳәм қатаң жаўынгерлик жолды басып өттиңиз, Ўатан ушын, Ленинград ушын, совет халқының азатлығы ҳәм ғәрезсизлиги ушын мәртлик пенен саўаш жүргиздиңиз. Сизди шығарып салып атырып, биз шын кеўлимизден: Ўатанымызға ҳадал хызмет еткениңиз ушын Сизге рахмет. дей-



www.ziyouz.com kutubxonasi

миз. 1941—1945-жыллардағы Уллы Ўатандарлық урыс ўақтындағы жаўынгерлик хызметлериңизди Ўатан ҳәм Ленинград ҳеш ўақытта да умытпайды. Округтың Әскерий Совети парахат турмысқа қайтып барып, Ленинград жаўынгерлериниң даңқлы дәстүрлерин әдиўлеп сақлап байытатуғынлығыңызға беккем исеним билдиреди".

Курск дугасындағы тарийхый саўаш ўақтында да Қарақалпақстанлы жаўынгерлер даңққа бөленди. Қарақалпақ халқының орденли жаўынгерлериниң қатары көбейди. Хожели районынан старший лейтенант М. Махмутов өз отряды менен бирге Курск областының Дьяковский районындағы Сапилово аўылын азат етти. Саўашта көрсеткен батырлығы ҳәм саўаш ҳәрекетлерине шебер басшылық еткенлиги ушын Ўатан М. Махмудовты 1-Дәрежели Ўатандарлық урыс ордени менен наградлады.

Ҳүжим жасаўшы Н авиация полкиниң радисти младший лейтенант Х. Мамутов немец-фашист басқыншылары менен болған саўашларда ерлик ҳәм батырлық үлгилерин көрсетти. 1943-жылдың 1-ҳәм 25-июль аралығында ол 23 рет табыслы жаўынгерлик ушыў әмелге асырып, нәтийжеде оның самолетының экипажы душпанның 7 танкын, жүги менен 11 автомашинасын, бир неше зенит топларын, 300 ге жақын солдат ҳәм офицерин сапластырды, сондай-ақ душпанның бир самолетын ҳәм ишинде бақлаўшылары бар бир аэростатын атып түсирди.

1943-жылдың 2-август күни үш „миссершмиттке" қарсы саўаш жүргизилген ўақытта Х. Мамутов ийнинен, қолынан, аяғынан аўыр жараланады, бирақ усыған қарамастан барлық күшин жыйнап. кабинадағы жана баслаған 18 ракетаны далаға ылақтырып, экипажды ҳәм самолетты қутқарып қалады.

1943-жылдың 7-сентябринде коммунист Худайберген Мамутов Гастеллоның қаҳарманлық ерлигин тәкирарлап, өз командири менен бирге мәртлерше набыт болды.

Қарақалпақ халқының жаўынгер уллары Совет Украинасын азат етиў ушын жүргизилген саўашларда қаҳарманлық ҳәм ерликтиң әжайып үлгилерин көрсетти. 73-атқышлар дивизиясының айырым таярлық батальонының 2-рота бөлимшесиниң командири гвардия сержанты М. Балмағамбетов өз бөлимшеси менен Днепрдиң оң жағалығындағы Бородаевка аўылының қапталындағы жаўынгерлик позицияны беккем услап турды. Ержүрек жаўынгер 20 фашистти сапластырып, 16 сын тутқынға алды. Саўашта көрсеткен ерлиги ҳәм қаҳармарлығы ушын СССР Жоқарғы Совети Президиумының 1944-жыл 22-февралдағы Указы бойынша гвардия сержанты М. Балмағамбетовқа Ленин ордени ҳәм „Алтын Жулдыз" медалы тапсырылыўы менен Советлер Союзының Қаҳарманы атағы берилди.

266-Глуховский атқышлар дивизиясының 985-атқышлар полки автоматшылар ротасының солдаты, армия қатарына Шаббаз районынан шақырылған О. Жуманиязов өз жолдаслары менен сан жағынан басым болған душпанға қарсы саўашқа кирисип.



www.ziyouz.com kutubxonasi

душпанның 25 солдат ҳәм офицерин сапластырады, солай етип, атқышлар батальонына дәрьядан өтиў ушын мүмкиншилик туўдырады. О Жуманиязовтың анасына командованиениң жазған хатында· „Бөлимниң командованиеси ҳәм барлық қатардағы составы өз қаҳарманын мақтаныш етеди. Ўатанымыздың азатлығы ушын, совет халқын фашист басқыншыларынан қорғаў ушын өз өмирин аямай саўаш жүргизип атырған мәрт патриотты тәрбиялап жетистиргенициз ушын Сизге миннетдаршылық билдиремиз.

Бизиң усы хатымизды колхозыңыздың барлық ағзаларына оқып бериң. Олар өз аўылласы қандай қаҳарман екенлигин билсин, өз ул-қызларын мине усындай Ўатанымызға шын берилген мәрт ҳәм ержүрек етип тәрбияласын“, деп көрсеткен.

Армия командуюшийси генерал-лейтенант И. Д. Черняховский ҳәм Әскерий Совет ағзасы генерал-майор З. М. Оломин О. Жуманиязовтың қаҳарманлық ҳәм ерлигин жоқары баҳалады: „О. Жуманиязов саўашлардың барлық барысында ең аўыр ҳәм ержүреклиликти талап ететуғын тапсырмаларды орынлап келди, ол өлимнен ҳеш қорықпады...“. СССР Жоқарғы Совети Президиумының 1943-жыл 17-сентябрьдеги Указы менен Оразбай Жуманиязовқа Советлер Союзының Қаҳарманы атағы берилди.

Десна дәрьясынан өтиў ўақтында басқалар қатары ишинде Нөкис гербиш заводынын бурынғы рабочийсы Н.Сараев ҳәм Мойнақ балық консерва заводының механиги И. Д. Махорин де болған паром дәрьяның ортасына барған жерде фашист самолетларының топылысына ушырайды. Бомбалардың жарылыўынан полат трос үзилип, паромға зиян тийеди. Бомбалар түсип жарылып атырғанына қарамастан, Сараев муздай суўға түсип, тросттың үзилген жақларын таўып алып, тутастырып байлайды. Бөлимше командири менен бирге ол паромның зиянланған жерин де дүзетип оңлайды. Мәртлик ҳәм ержүреклилик өлимнен де күшли шықты. Бизиң жаўынгерлеримиз дәрьяның оң жағасына шығып алып, душпан кейин қарай ысырып таслапды.

СССР Жоқарғы Совети Президиумының 1943-жыл 16-октябрьдеги Указы менен қатардағы жаўынгер Н. Сараевқа ерлиги ҳәм қаҳарманлығы ушын Советлер Союзының Қаҳарманы атағы берилди. Саўашта көрсеткен мәртлиги, ержүреклилиги ҳәм батырлығы ушын СССР Жоқарғы Совети Президиумының 1944-жыл 15-январдағы Указы менен гвардия сержанты И. Д. Махоринге Советлер Союзының Қаҳарманы атағы берилди.

Днепр дәрьясынан өтиў ўақтында көрсеткен қаҳарманлығы ҳәм мәртлиги ушын, сондай-ақ И. Наўрызбаевқа, А. А. Пищулинге, А. М. Симоновқа ҳәм Ж. Қалдықараевқа Советлер Союзының Қаҳарманы атағы берилди.

1944-жылғы шешиўши саўашларда немец-фашист әскерлериниң тийкарғы күшлери қыйратылған еди. Гитлершил блок ыдырай баслады. Әскерий жағдай түп-тамырынан Советлер Союзының пайдасына өзгергенлиги, аўқамласлардың жәрдемисиз өз күшлери менен-ақ оның фашистлик Германияны қыйратыўға ша-



www.ziyouz.com kutubxonasi

масы келетуғынлығы пүткил дүньяға белгили болды. Мине соннан кейин ғана еки жыл кешигип, англичан-американ әскерлери 1944-жылдың 6-июнинде Арқа Францияға түсирилди, солай етип Европада Екинши фронт ашылды.

Совет әскерлериниң соққысы астында Финляндия урыстан шықты. Румыния, Болгария ҳәм Венгрия халықлары фашист малайлары болған „өз" үстем топарларына қарсы гүреске көтерилди.

Шығыс ҳәм Қубла-Шығыс Европадағы совет әскерлери составында қарақалпақстанлы жаўынгерлер де саўаш жүргизди. Польшаны азат етиўде актив қатнасқан старший сержант А. Аманбаев Данқ орденин иң үш дәрежесин де толық алыўға еристи.

Югославия партизанлары қатарында қарақалпақстанлы жаўынгер Жамал Шаниязов та қаҳарманларша саўаш жүргизди, ол туўысқан югослав халқының азатлығы ушын қурбан болды.

Чехословакияны азат етиў ушын болған саўашлардың биринде Жуман Қарақулов өзиниң ержүрек батырлығын көрсетти. 1944-жыл 18-октябрьде ол Александр Матросовтын өлмес мәртлик исин тәкирарлады. СССР Жоқарғы Совети Президиумының 1945-жыл 24-марттағы Указы менен гвардияшы қызыл әскер Жуман Қарақуловқа Советлер Союзынын Қаҳарманы атағы берилди.

Төрткүл қалалық комсомол шөлкеми қатарында тәрбияланған майор Ф. В. Грабовский Польша ҳәм Чехословакияны азат етиў ушын жүргизилген саўашларда қаҳарманлық үлгилерин көрсетти. Саўашларда көрсеткен қаҳарманлығы ушын Ф. В. Грабовский Польша Халық Республикасынын жети, ал Чехословакия Халық Республикасының төрт жаўынгерлик ордени менен наградланды.

1944-жылы Уллы Ўатандарлық урыстын жуўмақлаўшы дәўри басланды. Балтик бойын немец-фашист басқыншыларынан азат етиў ушын болған саўашларда Кызыл Армия қатарына Төрткүл районынан шақырылған О. Абдуллаев айрықша көзге түсти. 1944-жылдын 10-июли күни душпанның қорғаныўын бузып өтиў ушын ол биринширлерден болып алға умтылып, миналанған далалықтан өтеди, шинелин кийип алып, „Бруно" спиралы арқалы домаланып асырылып түсип, үш қатар тикенек сымлы қоршаўдан да өтип, душпанның траншеясына басып киреди. Бетпе-бет алысып, Абдуллаев үш фашистти сапластырады. Взвод душпанның еки пулеметын басып алып, олардың расчетын жоқ етеди, солай етип, батальон бөлимшелериниң алға илгерилеўине жол ашып береди. Кейин шегинген гитлершилердиң изинен қуўып, полк душпанның Сафоново аўылының қапталындағы екинши қорғаныўына барып жетеди. 1944-жылдын 14-июли күни қатарында О. Абдуллаев хызмет ететуғын взвод душпан траншеяларында қатан саўаш жүргизип, оғада тезлик пенен алға умтылып, тоғайдын шетине барып жетеди. Ержүрек жаўынгерлер тоғайдың ишинде кейин шегинип баратырған душпан менен гезлеседи ҳәм фашистлердиң бир бөлегин сапластырып, бир бөлегин тутқынға алады, Бул саўашта қатардағы жаўынгер О. Абдуллаев 12 фашистти сапластырып, үшеўин тутқынға алады.



www.ziyouz.com kutubxonasi



Уллы Ўатандарлық урыс жылларында қурбан болған жаўынгерлерге Хожели районындағы Ленин атындағы колхозда орнатылған естелик



www.ziyouz.com kutubxonasi

Арадан бес күн өткеннен кейин, 1944-жылдын 19-июлинде Рундени деген жер ушын болған саўашта взвод қоршаўға түсип қалады. аман қалған 11 ержүрек, соның ишинде О. Абдуллаев. күшлери басым душпанның атакаларын бир сутка даўамында қайтарып турады. Бир неше рет бетпе-бет қызғын алысыўлар да болып өтеди. Аблуллаев еки жеринен жараланып, қанға боялыўына қарамастан, қоршап киятырған душпанға қарсы саўаш жүргизиўин даўам еттирди. Бул саўашлардағы көрсеткен мәртлиги ушын СССР Жоқарғы Совети Президиумының 1945-жыл 24-марттағы Указы менен қызыл әскер Орынбай Абдуллаевқа Советлер Союзының Қаҳарманы атағы берилди. Латвияның Лудзе қаласына жақын жердеги мрамор естеликке ҳәр қыйлы миллеттеги он бир жаўынгердиң фамилиялары ойып жазылған. Мрамор естеликтеги жазыўдағы бесинши қатарда: „Советлер Союзының Қаҳарманы Орынбай Абдуллаев“ деп көрсетилген еди.

Қарақалпақ мәмлекетлик муғаллимлер институтының биринши питкерип шығыўшыларынан П. К. Нурпейисов Ўатандарлық урыс жылларында ушыўшы-разведкашы болды. Ол жүзден аслам жаўынгерлик ушыў өткерди. Ҳаўа разведкасының шебери, полктағы ержүрек, жигерли, инициативалы бақлаўшы ушыўшылардың бири болған П. К Нурпейисов душпанның 73 қала ҳәм портын, 148 аэродромын разведкалап, сүўретке түсирди, ҳаўада душпанның ҳәр қыйлы түрдеги 3 мыңға жақын самолетын тапты.

П. К. Нурпейисов ушыў ўақтында радионавигация қуралларынан шебер пайдалана билди, душпанның Днепр, Березино дәрьяларының бойындағы қорғаныў қурылысларына, СССР дың батыстағы мәмлекетлик шегарасының жағалаўына, Шығыс Пруссиядағы қорғаныў системаларына разведка жасады.

П. К. Нурпейисов радист-атқыш екеўи 1945-жыл февраль-март айларында Шығыс Пруссия ҳәм Померанияға жаўынгерлик тапсырмалар менен ушыўлар жасап, буннан тысқары шегинип баратырған душпан колонналарына 17 рет шабыўыл жасап, фашистлердиң 40 тан аслам солдат ҳәм офицерин, көп автомашиналарын сапластырды, еки темир жол эшелонын қыйратады.

СССР Жоқарғы Совети Президиумы 1945-жыл 18-августтағы Указы менен гвардияшы старший лейтенант П. К. Нурпейисовке Советлер Союзының Қаҳарманы атағын берди.

Ўатандарлық урыс жылларында автономиялы республикамыздан армия қатарына шақырылған 15 мыңнан аслам солдат ҳәм офицер орден ҳәне медаллар менен наградланды. 14 адам Советлер Союзының Қаҳарманы деген жоқары атаққа мияссар болды.

Урыстың барысында қарақалпақ халқының улларынан бир неше жүзлеген талантлы офицерлер өсип жетисти. Ленинлик пролетар интернационализми рухында тәрбияланған қарақалпақстанлы жаўынгерлер Ўатанымыздағы басқа да туўысқан халықлардың жаўынгерлери сияқлы Ўатандарлық урыста қаҳарманлық мәртлик ҳәм патриотизмниң жайнаған үлгилерин көрсетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

*XII бап*

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АССРы СОЦИАЛИСТЛИК ХАЛЫҚ ХОЖАЛЫҒЫН ҚАЙТА ТИКЛЕЎ ҲӘМ РАЎАЖЛАНДЫРЫЎ ДӘЎИРИНДЕ (1945—1950-ж. ж.)

## 1. САНААТТЫҢ, ТРАНСПОРТТЫҢ ҲӘМ БАЙЛАНЫСТЫҢ РАЎАЖЛАНЫЎЫ.

Ўатанларлық урыс тамамланғаннан кейин бизин елимиздиң баслы ўазыйпасы пүткил халық хожалығын парахат жолға өткериўден, Совет мәмлекетиниң экономикасы менен мәдениятын қайта тиклеўден ҳәм буннан былай да раўажландырыўдан ибарат болды.

Урыс ҳәм фашист басқыншыларынын елимиз территориясының бир бөлимин ўақытша оккупациялаўы Советлер Союзынын экономикасына оғада үлкен зиян тийгизди. Урыс жылларында совет халқы ушыраған материаллық шығынлар улыўма алғанда 2600 миллиард манатқа жақын болды.

Коммунистлик партия елимиздиң экономикасын тез арада парахат жолға салыў ушын, халық хожалығын қайта тиклеў ушын улыўма халықлық гүрестин шөлкемлестириўшиси болды. Пүткил елимизде, сонын ишинде Қарақалпақстанда халық хожалығын қайта тиклеў жумыслары кең ен жайып кетти,

Қарақалпақстан АССР ы фронтқа жақын жайласпағаны менен урыс бул жерде де халық хожалығына үлкен зиян тийгизген еди. Аўыл хожалығынын баслы тараўы болған пахташылық әсиресе зиян көрди. Маллардың бас саны кемип кетти. Пахта тазалаў, балық, май шығарыў ҳәм санааттың басқа да тараўларының раўажланыўы пәти пәсеңледи.

1945-жылы автономиялы республика санааты азлы-кем, ал буннан кейинги жылы толық түрде парахат турмыс өнимлерин ислеп шығарыўға өтти Кәрханаларда 8 саатлық жумыс күни, дем алыс күнлери, отпускалар қайта тикленди, белгиленген ўақыттан тыс миннетли жумыс ислетиўлер бийкар етилди. Урыс қарежетлериниң оғада қысқарыўы халық хожалығына ири қаржы жумсаўды ҳәм социаллық-мәдений илажларға бөлип шығарылатуғын қаржыларды көбейтиўге мүмкиншилик берди. Халық



www.ziyouz.com kutubxonasi

хожалығын парахат жолға өткериў исинде Совет Армиясы қатарындағыларды демобилизациялаў оғада үлкен әҳмийетке ийе болды. СССР Жоқарғы Советиниң 1945-жыл 23-июньдеги XII сессиясы Қураллы Күшлер составындағылардың үлкен жастағыларының биринши гезегин демобилизациялаў ҳаққында Нызам қабыл етти. Милитаристлик Япония қыйратылғаннан кейин 1945-жылдың 25-октябринде СССР Жоқарғы Советиниң Президиумы Совет әскерлери составындағылардың екинши гезегине демобилизация жүргизиў ҳаққында Указ қабыл етти. Бул әҳмийетли илажлардан кейин Қарақалпақстанға Совет Армиясы қатарынан демобилизацияланған жаўынгерлер келе баслады. Автономиялы республика мийнеткешлери женимпазларды оғада үлкен қуўаныш пенен күтип алды. Армия қатарынан қайтқанлар сол заматы-ақ жумысларға актив кирисип кетти, олар өндиристиң ең жуўапкерли участкаларына барды. Демобилизацияның планлы түрде жүргизилиўи нәтийжесинде миллионлаған совет адамлары парахат дөретиўшилик мийнетке қайтты.

1946-жылы март айында екинши шақырық СССР Жоқарғы Советиниң Биринши сессиясы „1946—1950-жыллары СССР халық хожалығын қайта тиклеў ҳәм раўажландырыўдың бес жыллық планы ҳаққындағы Нызам"ды қабыл етти. Бес жыллық план СССР экономикасын тезлетилген пәтлер менен қайта тиклеўди нәзерде тутты. Егер биринши жер жүзилик урыс ҳәм граждалық урыстан кейин Совет елиниң санаатын қайта тиклеў ушын алты жыл талап етилген болса, ал төртинши бес жыллық 1940-жылғы дәрежени 1948-жылы, яғный үш жылда ерисиўди белгиледи.

Бес жыллық план ҳаққындағы нызам аўыр санаат пенен бирге жеңил, тоқымашылық, азық-аўқат ҳәм санааттың халық тутыныў товарларын ислеп шығаратуғын басқа да тараўларын, сондай-ақ аўыл хожалығын, мәденият пенен искусствоны раўажландырыўды нәзерде тутты.

Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Советы „1946—1950-жыллары Қарақалпақстан АССРының халық хожалығын қайта тиклеў ҳәм раўажландырыўдың бес жыллық планы ҳаққындағы Нызамды" қабыл етип, „Балық аўлаў ҳәм балық санаатын көтериўди, халық тутыныў товарларын, қурылыс материалларын, жергиликли санаатта ҳәм санаат кооперациясында өним ислеп шығарыўды әдеўир кеңейтиўди, сондай-ақ тәбийий ресурсларды үйрениў бойынша жумысларды ең жайдырыўды Қарақалпақстан АССР ы мийнеткешлериниң тийкарғы ўазыйпалары" болып есапланады деп атап көрсетти. Бес жыллық план ҳаққындағы нызам Қарақалпақстан АССР ы жергиликли санаатының, өнерментлер кооперациясының улыўма өним ислеп шығарыўын 18,3 миллион манат муғдарында (1926—1927-жыллардағы баҳалар тийкарында), яғный улыўма өним ислеп шығарыўды 1950-жылы 1940-жылдағыға салыстырғанда 131 процент арттырыўды белгиледи.

Қарақалпақстан АССР Халық Комиссарлар Совети республика санааты ҳәм аўыл хожалығы ушын жоқары ҳәм орта билимли



www.ziyouz.com kutubxonasi

қанийгелер таярлаўды жақсылаў бойыша конкрет илажлар белгиледи.

Төртинши бес жыллық планда транспорт ҳәм байланыстың жумысын жақсылаў, әсиресе жергиликли миллетлерден массалық маманлықлар бойынша қанийгели кадрлар таярлаў нәзерде тутылды.

1946-жылы январь айында Өз ССР Халық Комиссарлар Совети ҳәм Өз КП Орайлық Комитети „Өзбекстан ССР тоқымашылық халық комиссариаты пахта тазалаў санаатының жумысын жақсылаў ҳәм таярлаў пунктларынан пахтаны тасып алыўды күшейтиў бойынша илажлар ҳаққында" қарар қабыл етти. Бул қарарда сондай-ақ, барлық пахта тазалаў заводларының қапталындағы рабочийлар жатақханалары оғада қараўсыз екенлиги атап көрсетилди. Жәмийетлик аўқатланыўды шөлкемлестириў пүткиллей қанаатланарсыз дәрежеде болған. Усыған байланыслы пахта тазалаў заводларының директорлары ҳәм басланғыш партия шөлкемлерининң секретарларына 1946-жылдың биринши кварталының ишинде барлық клублар менен қызыл мүйешлерди ремонтлаў ҳәм үскенелеў, оларда сиясий-тәрбия ҳәм мәдений-массалық жумысларды жақсылаў миннети жүкленди.

Бул қарар республика санааты ушын кадрлар таярлаўды жақсылаў исинде де үлкен әҳмийетке ийе болды

Төртинши бес жыллық жылларында инженер-техник хызметкерлердиң саны 42 процент өсти, жергиликли миллетлерден шыққан рабочийлар еки есе көбейди. Мәселен Шымбай пахта тазалаў заводында жергиликли миллеттеги рабочийлар 79 процентти, сонын ишинде қарақалпақлар—73,9 процентти, Қоңырат ҳәм Хожели пахта тазалаў заводларында 67,6 процентти қурады. Мойнақта балық санааты ушын қанийгели рабочийлар таярлайтуғын ФЗО мектеби шөлкемлестирилди. 1947-жылы оны 93 жас қанийге питкерип шықты. Қарақалпақстанға қәўендерлик жердем ретинде Ташкент қаласының санаат кәрханаларының коллективлери жүзлеген токарьлар, слесарьлар ҳәм басқа да қанийгелер таярлап берди.

1946—1947-жыллары пахта тазалаў санааты ушын арнаўлы курсларда 59 адам ҳәр қыйлы қанийгеликлер бойынша оқытып шығарылды, 120 дан аслам адам өндиристен қол үзбестен оқытылды: тиккелей бригадаларда ҳәм цехларда джиншилер, линтершилер, пресслеўшилер және машинистлер таярланды. Төрткүл пахта тазалаў заводында 60 тан аслам адам, Қоңырат пахта тазалаў заводында 50 адам өз қанийгеликлерин арттырды. Соның менен бирге басқа союзлық республикалардан қанийгелер, рабочийлар ҳәм инженер-техник хызметкерлер шақырылды.

Қарақалпақстанның санаатын қайта тиклеў ҳәм буннан былай да раўажландырыў исине елимиздиң көплеген илимпазларыда қатнасты.

1949-жылы Қарақалпақстан пахта тазалаў заводларын техникалық қураллandырыў бойынша үлкен жумыслар жүргизилди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ески талшық айырыўшы машиналар жаңасы менен алмастырылды. Шымбай пахта тазалаў заводы электрлестирилип, усының нәтийжесинде 1948-жылы талшық айырыўшы машиналардың мийнет өнимлилиги 1940-жылдағыға қарағанда 28 процент өсти.

Социалистлик жарыстың кең ен жайдырылыўы нәтийжесинде пахта тазалаў санаатының хызметкерлери 1948-жылдың өндирислик планын арттырып орынлаўға еристи. Усы жылы Хожели пахта тазалаў заводында джинлердиң екинши батареясы ҳәм екинши пресс орнатылып, бул 1949-жылы кәрханада мийнет өнимлилигиниң 4—5 есе өсиўине алып келди.

Егер Қарақалпақстан пахта тазалаў заводлары 1940-жылы 29902 тонна шигитсиз пахта жетистирген болса, ал 1950-жылы 36614 тонна шигитсиз пахта жетистириўге еристи. Қарақалпақстанның пахта тазалаў санааты бурынғыдай-ақ улыўма санааттың жетекши тараўы болыўын даўам етип келди. Республика санаатының жалпы өниминдеги оның салыстырма салмағы 50 процентген асламырағын қурады.

Пахта тазалаў заводларының рабочийлары, инженер-техниклери ҳәм хызметкерлери ленинградлылардың шақырығы бойынша социалистлик жарысқа қосылып, бес жыллық план тапсырмаларын төрт жылда орынлап шығыў ушын гүресип және өндирислик тапсырмаларды арттырып орынлаўға ерисип, үлкен табысларды қолға киргизди.

ӨзКП(б) Орайлық Комитети 1951-жыл 16-июльдеги қарарында Областлық партия комитетин ҳәм Қарақалпақстан АССР Минстрлер Советин республиканың барлық кәрханаларында улыўма өним ислеп шығарыў бойынша ғана емес, ал ислеп шығарылған өнимниң сапасын арттырыў ҳәм оның өзине түсер баҳасын кемитиў бойынша да мәмлекетлик планның орынланыўына ерисиў ушын басшылықты жақсылаўға, республика мийнеткешлерине материаллық-турмыс ҳәм мәдений хызмет көрсетиўди бурыннан былай да жақсылаў мәселелерине айрықша дыққат бөлиўди, рабочийлар менен хызметкерлердиң квартираларын ҳәм жатақханаларын өз ўақтында ремонтлаўды тәминлеўге, оларды овощь өнимлери ҳәм отын менен үзликсиз тәминлеп барыўға миннетледи.

Өз КП(б) Орайлық Комитети ҳәм Өз ССР Халық Комиссарлар Совети республика санаат кәрханалары коллективлери арасындағы социалистлик жарыстың жуўмақларын қарап шығып, 1946-жыл февраль айында Мойнақ районындағы Қазақдәрья балық заводына Өз КП(б) Орайлық Комитети менен Өз ССР Халық Комиссарлар Советиниң көшпели Қызыл Байрағын тапсырды. 1947-жылдың өндирислик планын Қазақдәрья балық заводы арттырып орынлаўға ерисип, планнан зият 3900 центнер балық тапсырды. Мойнақ балықшылары арасында урыстан соңғы бес жыллық план тапсырмаларын мүддетинен бурын орынлап шығыў ушын социалистлик жарыс ен жайды. Бул жарысқа ра



www.ziyouz.com kutubxonasi

йонның 12 балықшылық колхозы, 77 бригада ҳәм 1830 колхозшы балықшылар қосылды.

1949-жылы Мойнақ балық консерва комбинаты балық аўлаў планын 105 процент етип орынлап шықты, жыллық план бойынша белгиленген 19 840 центнер орына 20920 центнер балық аўланды, ал консерва ислеп шығарыў планы 111,5 процент орынланды. 1949-жылы комбинатта 422 стахановшы ҳәм ылғаллы болды.

Қарақалпақстан партия шөлкеми мийнеткешлерди қаҳарманларша мийнет етиў рухында тәрбиялады, ең жақсы өндирис алдыңғыларының ис тәжирийбелери жуўмақластырылып ен жайдырылды. Тек бир ғана Мойнақ балық консерва комбинатының өзинде 1947-жылы өндириске 11 рационализаторлық усыныс енгизилип, бул 53,6 мың манат үнемлеўге мүмкиншилик берди.

1949—1950-жыллары Қарақалпақстанның жыл сайын өндирислик планларын арттырып орынлаўға ерисип жүрген алдыңғы кәрханаларының арасында Хожели пахта тазалаў заводы, Қазақдәрья, Порлытаў балық заводлары да болды.

Жергиликли санаат министрлигиниң кәрханалары жыллық өндирислик планларын 110 процент орынлап шықты олардың арасында өз тапсырмаларын гербиш заводы — 114,4 процент, Ақтаў ҳәк заводы—163 процент, ағаштан зат ислеў заводы — 119,1 процент орынлап шықты. Жергиликли санаат кәрханаларының жумысындағы бул табыслар социалистлик жарыстың кең ен жайдырылыўы, қолда бар ресурслерден шеберлик пенен пайдаланыўдың ҳәм т. б. нәтийжесинде қолға киргизилди. Мәселен Нөкис үст кийим-аяқ кийим комбинаты 1950-жылы шийки затты үнемлеў есабынан 983 ҳаял-қызлар көйлегин ҳәм 211 жуп аяқ кийим тигип таярлаўға еристи. Ал Хожели май шығарыў заводы үнемленген шийки зат есабынан 34 тонна шигит майын таярлады ҳәм т. б.

Урыстан соңғы бес жыллық даўамында Хожели ҳәм Қоңырат май шығарыў заводлары (1946-ж.) Шымбай май шығарыў заводы, Нөкисте электростанция ҳәм пиво заводы, мотор-ремонтлаў заводы ҳәм 2 джингауз (1948-ж.) жәнe т, б. иске түсирилди. Нәтийжеде 1948-жылы Қарақалпақстанда өсимлик майын ислеп шығарыў 1947-жылға қарағанда 14 процент артты. Май заводларының жаңа техникалық үскенелер менен тәминлениўи. алдынғы өндирис усылларының иске енгизилиўи шигиттен алынатуғын майдың муғдарын көбейтиўге хәм өндирис процесин еки есе дерлик тезлетиўге мүмкиншилик берди.

Урыстан соңғы бес жыллық планның ең әҳмийетли ўазыйпаларының бири халыққа турмыс жағынан хызмет көрсетиўди жақсылаўдан ибарат болды. Усыған байланыслы халықтан кийим тигиу, үст кийим, аяқ кийимлерди, мебельди, металл ыдысларды ҳәм. т. б. ремонтлаў бойынша жеке заказлар қабыл ететуғын устаханалар тараўын кеңейтиў зәрүрлиги келип шықты.

1946-жылдың 9-ноябринде СССР Ҳүкимети карар қабыл етип, онда санаат кооперациялары менен жергиликли санааттың раўаж-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ланыўы ушын жағдайлар дүзиў зәрүрлигин атап көрсетти. Артельлерге ҳәм қурылыс комбинатларына мәмлекетлик миннетлемелерди орынлап болғаннан кейин колхозларда және колхозшыларда аўысып қалған шийки затларды (жүн, тери ҳәм т. б.) сатып алыўға рухсат етилди.

Жергиликли санаат ҳәм санаат кооперациялары кәрханалары халық ушын керекли товарларды ислеп шығарыўды жыл сайын көбейтип, өзлериниң өндирислик планларын 1949-жылы — 110 процент, 1950-жылы—112 процент орынлаўға еристи.

Қарақалпақстан АССР ының дүзилгенине 25 жыл толыўына байланыслы ҳәм санаатты раўажландырыўдағы табыслары ушын СССР Жоқарғы Совети Президиумының 1949-жыл 17-декабрьдеги Указына муўапық автономиялы республика кәрханаларының көплеген рабочийлары, инженер-техниклери ҳәм хызметкерлери жоқары ҳүкиметлик наградалар алды. Олардың арасында Нөкис мотор ремонтлаў заводының рабочийсы Ө Абаданов, Нөкис полиграфкомбинатының цех баслығы А. Ещанов Ленин ордени менен, Хожели пахта тазалаў заводының рабочийсы И. Мәтирзаев Мийнет Қызыл Байрақ ордени менен, Төрткүл пахта тазалаў заводының слесары Н Сапаров Ҳүрмет Белгиси ордени менен, Қоңырат май заводының мастери Т. Әўезов, Мойнақ балық-гөш комбинатының рабочийсы А. Кабулова, Шымбай пахта тазалаў заводында ислеўши Т. Қалбаева „Мийнетте айрықшалығы ушын“ медалы менен наградланды.

Урыстан соңғы дәўирде санаат пенен бирге суў, автомобиль ҳәм ҳаўа транспорты тез пәтлер менен раўажланды. 1946—1950-жыллары Қарақалпақстан АССР ының халық хожалығын қайта тиклеў ҳәм раўажландырыўдың бес жыллық планы ҳаққындағы Нызамда республиканың пүткил халық хожалығын раўажландырыўдың ең әҳмийетли илажларының бири ретинде республикалық суў ҳәм автомобиль трантпортын қайта тиклеў және раўажландырыў, Нәкис қаласының район орайлары менен телефон-телеграф байланысын жақсылаў, жергиликли орынлардағы телефон станцияларының күўатын күшейтиў, телефон байланысын, радио еситтириў точкаларының тараўын кеңейтиў нәзерде тутылды. Төртинши бес жыллықта Нәкис, Ташкент ҳәм Москва аралығында телефон байланысы орнатылған еди.

1949-жылға шекем дәрья ҳәм автомобиль транспорты оғада көп муғдардағы ҳәр қыйлы жүклерди тасып үлгере алмады, бул транспорт, курылыс жумысларына ҳәм әсиресе аўыл хожалығының раўажланыўына кери тәсир жасады 1949-жылдың январь айында болып өткен XI областлық партия конференциясы транспорттың жумысындағы кемшиликлерди атап көрсетип. оларды сапластырыў бойынша конкрет илажлар белгиледи. Автономиялы республиканың транспорт шөлкемлерине конкрет жәрдем ретинде 1949-жылы 22.6 миллион манат бөлип шығарылды.

Автомобиль транспортының раўажланыўы ҳәм автомобиль жолларының салыныўы, Нөкис қаласының авиалиниялар арқалы



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ташкент, Үргенч, Ташаўыз ҳәм басқа да қалалар менен, сондай-ақ автономиялы республиканың барлық район орайлары менен тиккелей байланысыўы Қарақалпақстан халық хожалығының буннан былай да раўажланыўы ушын үлкен әҳмийетке ийе болды.

Қарақалпақстанның темир жол менен тығыз байланыслы болған суў транспорты республиканың жүк тасыў айланысында белгили орын тутты.

1947-жылы СССР Дәрья флоты министриниң буйрығы менен жүк тасыў планын табыслы орынлап шыққаны ушын Хожели пристаныйың суў транспортшылары 15 мың манат муғдарындағы Пүткил союзлық үшинши сыйлықты, ал кеме ремонтлаў мастерскойларының коллективи 8 мың манат муғдарында сыйлық алыўға еристи. Көплеген рабочийлар СССР Дәрья флоты министрлигиниң баҳалы сыйлықлары ҳәм ҳүрмет грамоталары менен наградланды.

1949-жылы СССР Жоқарғы Совети Президиумының Указы менен Орта Азия пароходствосының хызметкерлеринин үлкен бир топары дәрья флоты кемелеринде узақ жыллар ҳәм минсиз ислегени ушын орден ҳәм медаллар менен наградланды. Олардын арасында Хожели пристаныйын хызметкерлери де болды.

Юзеф Юзефович Тоут дәрья флоты пароходшылығынын ветеранларынын бири болып, ол миллети бойынша венгер, граждан-лық урыстың қатнасыўшысы, коммунист, Ленин орденли, өз өмирин Советлер ели менен тығыз байланыстырды. Ж. Абдуллаев 1917-жылы Чаржоў әскерий флотилиясына матрос болып жумысқа кириседи, ал 1930-жылы ол Калинин атындағы пароходтың капитаны болып белгиленеди. Дәрья флотындағы көп жыллық жумысы даўамында ол кемешилик кәсибине 40 тан аслам адамды үйретип шығарды.

Қарақалпақстан халық хожалығының барлық тараўларының тез пәтлер менен өсиўи республикаға машиналардың, үскенелердиң, ҳәр қыйлы аўыл хожалығы техникаларынын өз ўақтында ҳәм барған сайын көп муғдарда алып келиниўин талап етти. Әмударьяның төменги жағында өндириўши күшлердин, экономика ҳәм мәдениятгың буннан былай да раўажланыўын нәзерде тутып, 1947-жылы ВКП(б) Орайлық Комитети ҳәм СССР Министрлер Совети Чаржоў — Қоңырат темир жолын салыў ҳаққында қарар қабыл етти. Қарақалпақ халқы бул қарарды үлкен рухланыўшылық пенен күтип алды. Барлық колхозларда ҳәм мәкемелерде көп санлы адамлар қатнасқан митинглер менен жыйналыслар болып өтип, оларда Қарақалпақстан мийнеткешлери Коммунистлик партияға, Совет Ҳүкиметине көрсеткен үлкен ғамхорлығы ушын шексиз миннетдаршылық билдирилди

Салынып атырған Чаржоў—Қоңырат темир жолының Хорезм областы менен Қарақалпақстан АССР ының халық хожалығының раўажланыўы ушын айрықша әҳмийетке ийе екенлигин есапқа алып. Өз КП(б) Орайлық Комитети ҳәм Өзбекстан ССР Министрлер Совети темир жол қурылысының тез мүддетте питкерилиўин



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳәм пайдаланыўға берилиўин тәминлеў ушын барлық илажлрды әмелге асырды. Бул темир жолдың қурылысы СССР халық хожалығын қайта тиклеў ҳәм раўажландырыўдың төртинши бес жыллық планында нәзерде тутылған еди. Хожели районындағы Ахунбабаев атындағы аўыл хожалық артелиниң ер ҳәм ҳаял колхозшылары Қарақалпақстан АССР ның барлық мийнеткешлерин улыўма халықлық Чаржоў—Қоңырат темир жолы қурылысында қатнасыў ҳуқуқын алыў ушын социалистлик жарысты ен жайдырып жибериўге шақырып үндеў қабыл етти.

Хожелишилердин шақырығын Қарақалпақстанның барлық мийнеткешлери қуўатлады. 1947-жылы жол қурылысында 3919 адам жумыс иследи. Чаржоў—Қоңырат темир жолы қурылысына байланыслы мийнеткешлер депутатлары Ташкент қалалық Советиниң атқарыў комитети Қарақалпақстанға автомашиналар, үскенелер ҳәр қыйлы қурал-әсбаплар жиберип үлкен жәрдем көрсетти.

Массалық түсиндириў ҳәм агитациялық жумыслар өткериў ушын жолдың қарақалпақ участкасында 500 ден аслам агитаторлар менен пропагандистлерди бирлестиретуғын 58 агитпункт, соның ишинде 29 тирек пункты ашылған еди.

Мийнеткешлердиң активлигин есапқа алып, ӨзКП(б) Қарақалпақстан обкомының бюросы ҳәм Қарақалпақстан АССР Министрлер Совети „Чаржоў-Қоңырат темир жолының қурылысына таярлық көриў бойынша илажлар ҳаққында" қарар қабыл етти. Қарақалпақстан мийнеткешлериниң күши менен темир жол полотнасының Дарғаната менен Жаңа Үргенч аралығындағы 75,2 километрлик участкасы қурып питкерилди Төрткүл ҳәм Хожели районларының мийнеткешлери бирнеше күнниң ишинде 21920 кубометр көлеминде топырақ үйиў жумысларын әмелге асырды. Ал Чаржоў — Хожели темир жолының пайдаланыўға бериилиўи Қарақалпақстан халық хожалығын раўажландырыўдын әҳмийетли илажларының бири болды.

## 2. АЎЫЛ ХОЖАЛЫҒЫНЫҢ РАЎАЖЛАНЫЎЫ.

Уллы Ўатандарлық урыс жылларында егислик жерлер майданы пүткиллей қысқарып қалған еди, барлық аўыл хожалығы егинлериниң зүрәәтлилиги ҳәм олардан улыўма өним жетистириў төменлеп кетти, маллардың бас саны ҳәм олардың өнимдарлылығы азайды.

Өзбекстан менен Қарақалпақстанда пахташылық ҳәм мал шарўашылығының үлкен әҳмийетке ийе екенлигин есапқа алып, СССР Халық Комиссарлар Совети 1946-жыл 2-февралда „1946—1953-жыллары Өзбекстанда пахташылықты қайта тиклеў ҳәм оны буннан былай да көтериў планы және илажлары ҳаққында" қарар қабыл етти. СССР Халық Комиссарлар Советиниң қарарында пахташылыққа басшылық етиў исинде үлкен кемшиликлерге жол қойылғаны атап көрсетилди. 1946-жылы Өзбекстанда 460 мың гектар



www.ziyouz.com kutubxonasi

суўғарылатуғын жерге егин егилместен бос қалдырылған. Қарақалпақстанның колхозлары алдыңа бос жатқан жерлерди өзлестириў ўазыйпасы қойылды. Усыған байланыслы колхозшыларға үлкен женилликлер берилди: пахташылық районларынан алынатуғын өткен жыллар ушын қарызлар бийкар етилди. Пахта алмаслап егиўге байланыслы жоңышқа егисликлерине ийе болған колхозлар 1946 жылдан баслап, мәмлекетлик ғәлле таярлаўдан азат етилди. Қарарда тийкарғы аўыл хожалық жумысларын механизацияластырыў дәрежесин арттырыў бойынша конкрет илаж-лар атап көрсетилди.

1946-жылдың 25—26-февраль күнлери Өз КП(б) Қарақалпақстан обкомының XVIII Пленумы болып өтти. Пленум „СССР Халық Комиссарлар Советиниң 1946-жыл 2-февралдағы қарарын орынлап шығыў бойынша партия шөлкеминиң ўазыйпалары" ҳаққындағы мәселени додалады. Пленум, бул қарар Коммунистлик партия ҳәм Совет ҳүкиметиниң халық хожалығын буннан былай да көтериў, мәдениятты ҳәм халық массаларының турмыс абаданлығын тағы да арттырыў ҳаққындағы ғамхорлығының айқын көриниси екенлигин атап көрсетти. Пленумның қарарында автономиялы республикада пахташылықты көтериўдеги санааттың тутқан орны атап өтилди. Пленум республика партия шөлкеминиң ҳәм барлық мийнеткешлеринин әҳмийетли ўазыйпасы 1946-жылды пахташылықты раўажландырыўда шешиўши жылға айландырыўдан, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстанда пахташылықты тез пәтлер менен көтериў ушын барлық зәрүрли жағдайлар дүзиў жылына айландырыўдан ибарат деп, есаплады.

Урыстан соңғы дәўирде СССР аўыл хожалығын қайта тиклеў ҳәм буннан былай да раўажландырыўдың программасын ислеп шығып, Коммунистлик партия оны әмелге асырыўдың жолларын белгилеп берди. Бул программаның автономиялы республика аўыл хожалығына байланыслы конкрет илажлары 1946—1950-жыллары Қарақалпақстан АССР ының халық хожалығын қайта тиклеў ҳәм раўажландырыўдың бес жыллық планы ҳаққындағы Нызамда баян етилген еди. Бул Нызамда пахташылықтың урысқа шекемги дәрежесин 1947-жылы қайта тиклеў ҳәм 1950-жылы пахта жетистириўди 163 мың тоннаға жеткериў, пахта жетистириўди барған сайын көбейтиў, жерлердин мелиоратив жағдайларын жақсылап барыў ҳәм бос жатқан жерлерди өзлестирип барыў, мал шарўашылығын жәнe аўыл хожалығының басқа тараўларын қайта тиклеў ҳәм раўажландырыў Қарақалпақстанның аўыл мийнеткешлериниң тийкарғы ўазыйпалары етип белгиленди.

Партиямыздың Орайлық Комитетиниң февраль Пленумы (1947-жыл) аўыл хожалғын тез пәтлер менен көтериўдиң, колхозларды шөлкемлестириў-хожалық жағынан буннан былай да беккемлеўдиң ҳәм олардың жәмийетлик хожалығының өнимдарлығын арттырыўдың, машина-трактор станцияларының жумысын шешиўши түрде жақсылаўдын, алдыңғы агротехника илажларын өндириске енгизип, жоқары ҳәм турақлы өним жетистириўдиң ҳәм



www.ziyouz.com kutubxonasi

мал шарўашылығынын өнимдарлығын тез пәтлер менен арттырыўдың конкрет жолларын белгилеп берди.

Төртинши бес жыллық дәўринде колхоз дүзимин беккемлеўге ҳәм оны буннан былай да жетилистириўге бағдарланған илажлар әмелге асырылды. Бул тараўда ВКП(б) Орайлық Комитети менен СССР Министрлер Советиниң 1946-жылы қабыл еткен „Колхозларда аўыл хожалығы артелинин Уставын бузыўларды сапластырыў илажлары ҳаққындағы" қарары әҳмийетли роль атқарды.

Пахташылықты ҳәм аўыл хожалығынын басқа тараўларын раўажландырыўда суў хожалығын тәртипке салыў оғада үлкен әҳмийетке ийе болды. 1946-жылы республиканың суў хожалығы 154800 гектар (соның ишинде 54 мың гектар пахта егилетуғын жер) суўғарылатуғын жерге ийе 425 колхозға хызмет көрсетти. Ирригация тараўлары инженерлик басқарылатуғын әсбап-үскенелер менен оңлы тәминленбеген еди Республикада ол ўақытта кем қуўатлы төрт землесос ғана ислеп, олар каналлардағы жыллық қазыў жумысларынын 3 процентке шамаласын орынлаған еди, ал 1940-жылы қазыў жумысларынын 25 проценти механизмлердиң күши менен әмелге асырылған еди. Бул жағдай Қарақалпақстан аўыл хожалығынын буннан былай да раўажланыўына иркиниш жасады.

1946-жылғы күшли қурғақшылық аўыл хожалығы бойынша төртинши бесжыллық илажларын әмелге асырыўды қыйынластырып жиберди. Усыған қарамастан 1946-жылы мәмлекетлик пахта таярлаў планы мүддетинен бурын орынланды. Мәмлекетке 55449 тонна, яғный 1945-жылдағыдан 1595 тонна көп пахта тапсырылды. Ҳәр гектардан жетистирилген зүрәәт 1945-жылғы 7,1 центнер орнына 10.3 центнерди қурады.

Пахта егиўши 421 колхоздан 271 и мәмлекетке пахта тапсырыў планын, ал 123 колхоз өзлериниң социалистлик миннетлемелерин орынлап шықты. 32 колхоз пахта зүрәәтлилигиниң урыстан бурынғы дәрежесине еристи, ал 1945-жылы бул дәрежеге ерискен колхозлар саны тек онға жеткен еди. 1610 пахташылық бригадасынан 980 и зүрәәтлилик бойынша өзлерине белгиленген планларын орынлап шықты, ал соннан 544 бригада өзлеринин социалистлик миннетлемелерин орынлап шықты.

Хожели районы бойынша 1946-жылы пахтанын зүрәәтлилигиниң урыстан бурынғы дәрежесинен — гектарынан 9,4 центнер орнына 14,5 центнерге жеткерилди. Усыған байланыслы колхозлардың доходы әдеўир өсти. Егер 1945-жылы колхозлардың пахташылықтан алған доходы 41 миллион манатты қураған болса, ал 1946-жылы бул 65 миллион манаттан асып кетти

Пахташылықты раўажландырыўдағы жоқары жетискенликлери ушын ҳәм 1946-жылы мәмлекетке пахта тапсырыў планларын арттырып орынлаўға ерискенлиги ушын автономияли республика аўыл хожалығы алдыңғыларының үлкен бир группасы СССР Жоқарғы Совети Президиумының Указы бойынша орден ҳәм медаллар менен наградланды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Партия ҳәм ҳүкиметимиз уллы Лениннин коммунизмди „тиккелей энгузиазм тийкарында емес, ал уллы революция дөреткен, жеке мәпке, жеке қызығыўшылыққа, хожалық есабына негизленетуғын энтузиазмнин жәрдеми менен қурыў керек“[1], — деген көрсетпесин басшылыққа алып, колхозлар менен колхозшылардын материаллық қызығыўшылығын арттырыўға бағдарланған илажларды әмелге асырды.

1948-жылдың 2-октябринде СССР Халық Комиссарлар Советинин „Агрономлардын, ветеренария врачларынын, жер дүзиўшилердин хызмет ҳақысын өз ўақтында төлеп барыўды тәминлеў илажлары ҳаққында“ғы қарары шығып, ол аўыл хожалығы қанийгелеринин материаллық жағдайын жақсылаўды нәзерде тутты.

Ҳүкиметимиздин 1949-жыл 4-февралдағы қарары менен пахтанын мәмлекетлик таярлаў баҳасы еки есе арттырылды. Егер бурын республика пахтакешлери 1 тонна пахта ушын 1047 манат алып келген болса, енди планды орынлап шыққан жағдайда 2200 манат алатуғын болды

Пахташылықты қайта тиклеў ҳәм раўажландырыў исинде санаат кәрханаларынын және қала мәкемелеринин колхозларға, МТС ларға урысган кейинги дәўирде ен жайып кеткен қәўендерлик жәрдеми үлкен әҳмийетке ийе болды.

Рабочийлар менен хызметкерлердиң республика пахтакешлерине қәўендерлик жәрдеми дәстүрге айланып кетти. 1947—1950-жыллары Нөкис қаласындағы кәрханалар ҳәм шөлкемлер 116 колхозды, 7 МТС ты қәўендерликке алып, оларға қанийгели кадрлар, техника және рабочий күши менен жәрдем берип келди. Көп мынлаған қалалылар, студентлер ҳәм мектеп оқыўшылары автономиялы республика колхозларына ғаўашаға тәрбия бериў мапазында, әсиресе пахта терими ўақтында жақыннан жәрдем көрсетти.

1947-жылы Өз КП(б) Орайлық Комитети Қарақалпақстанға Андижан ҳәм Ферғана областларынан 9 инженер, 33 тракторшы, аўыл хожалығы техникаларын ремонтлаўшы 20 дан аслам слесарьларды жиберди. Ташкент қалалық партия шөлкеми 1948-жылы шигит егиси дәўринде Қарақалпақстан АССР ы менен Хорезм областындағы өз қәўендерлигиндеги колхозларға тракторларды ҳәм ирригациялық қурылысларды ремонтлаў ушын 54 маман қәнийге, тракторларға 60 мыннан асламырақ манатлық запас бөлеклер жиберди.

Төртинши бес жыллық даўамында Қарақалпақстанға Наманган, Андижан, Хорезм, Ташкент областларынан ҳәм Түркменстан, Азербайжан ССР ларынан пахтакешлердиң делегациялары келип, өзлеринин дослық кенеслери менен туўысқанлық жәрдем көрсетти.

---

[1] В. И. Ленин. Шығармаларынын толық жыйнағы. 45-том, 367-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өзбекстан ССР Жоқарғы Советинин Президиумы ҳәм Министрлер Совети және Өз КП(б) Орайлық Комитети 1949-жылғы социалистлик жарыстың жуўмақларын қарап шығып, Өзбекстан ССР Жоқарғы Совети Президиумынын ҳәм Министрлер Советинин және Өз КП(б) Орайлық Комитетиниң көшпели Қызыл Байрағын мәмлекетлик пахта таярлаў планын арттырып орынлаўға ерискен Төргүл районына берди. 1949-жылы республика бойынша улыўма алғанда пахта таярлаў планы орынланбағаны менен 1948 жылдағыға қарағанда мәмлекетке 34 процент көп пахта тапсырылып, пахташылықтан алынған доход 1948-жылы аўыл хожалығының барлық тараўынан алынған доходтан еки есе көп болды.

СССР Министрлер Советинин 1950-жыл 11-январдағы „Өзбекстан ССР ында 1950-жылы пахташылықты буннан былай да раўажландырыў ҳаққындағы" қарары Өзбекстанда пахташылықты қайта тиклеў ҳәм раўажландырыў ушын гүресте әҳмийетли басқыш болды. Бул қарар Қарақалпақстан партия шөлкемлериниң барлық пахтакешлериниң жигерли жумысының программасына айланды.

Мәмлекет автономиялы республика пахтакешлерин кредитлер, минерал төгинлер ҳәм қудиретли аўыл хожалығы техникасы менен тәминлеп, оғада үлкен жәрдем көрсетти.

Пахта егислигиниң майданы тийкарынан Шоманай, Қырққыз ҳәм Қызыл қала массивлеринде жаңа жерлерди өзлестириў есабынан кенейип барды.

Пахтаның вильтке шыдамлы жаңа сортларын дөретиў бойынша үлкен жумыслар жүргизилди. Бул тараўдағы жумысларда Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстанның селекцияшы илимпазларының соның ишинде Союз НИХИ диң Шымбайдағы тирек пунктының хызметкери Г. И Гавриловтың хызметлери айрықша болды.

Қарақалпақстан партия шөлкеми СССР Министрлер Советиниң 1950-жыл 7-июльдеги „Майда кохозларды ирилендириў ҳаққында"ғы және СССР Министрлер Совети менен ВКП(б) Орайлық Комитетиниң 1950-жыл 9-июльдеги „Колхозлардағы председательлердин ҳәм басқа да басшы хызметкерлердиң составын буннан былай да беккемлеў бойынша партия және совет шөлкемлериниң ўазыйпалары ҳаққында"ғы қарарларын әмелге асырыў бойынша үлкен жумысларды әмелге асырды. Буған шекем Қарақалпақстанда 410 майда колхоз болған болса, олар ирилендирилгеннен кейин 200 колхоз қалды.

Жаңадан дүзилген хожалықларды беккемлдў мақсетинде колхоз председательлери хызмет орынларына район партия ҳәм совет активлеринен 22 адам усынылды.

Пахташылықты буннан былай да раўажландырыў бойынша ўазыйпаларды табыслы орынлаў иси ҳақыйқат улыўма халықлық социалистлик жарысты кең ен жайдырыўды талап етти.

Коммунистлер менен комсомолецлер социалистлик жарысты баслап барып, мийнет қаҳарманлығының үлгилерин көрсетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Нәтийжеде 1950-жылы Қарақалпақстан колхозлары 1948-жылға салыстырғанда пахтаны 68,6 процент көп жетистирип, мәмлекетлик пахта таярлаў планын 100,2 процент орынлап шықты. Мәмлекетлик пахта таярлаўдың жыл бойылық планын 101 колхоз, 1119 бригада ҳәм 4636 звено орынлап шығыўға ерисги. Төрткүл районындағы „Ленинизм" колхозы 391 гектар пахта майданының ҳәр бир гектарынан 31,5 центнерден, Шоманай районындағы Ленин атындағы колхоз 470 гектар пахта майданының ҳәр бир гектарынан 28,6 центнерден зүрәәт жетистирди. Шымбай районындағы Ахунбабаев атындағы колхоздың звено баслығы, Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы Шамурат ата Муўсаев қараўындағы ҳәр бир гектар пахта майданынан 79 центнерден зүрәәт жетистириўге ерисги.

Солай етип, урыстан соңғы жыллары Коммунистлик партияның басшылығы астында пахташылықты раўажланаырыўда белгили табыслар қолға киргизилди ҳәм бул табыслар аўыл хожалығының усы әҳмийетли тараўын буннан былай да тез пәтлер менен раўажландырыў ушын қолайлы жағдайлар дүзип берди.

Республикада мал шарўашылығын қайта тиклеў бойынша үлкен жумыслар жүргизилди. „1946—1950-жыллары Қарақалпақстан АССР ының халық хожалығын қайта тиклеў ҳәм раўажландырыўдың бес жыллық планы ҳаққындағы Нызамда" колхозларда малларды ҳасылландырыў жумысларын жақсылаў, тухым мал фермаларын шөлкемлестириў, мал шарўашылығын жоқары пәтлер менен раўажландырыўды ҳәм маллардың өнимдарлығын арттырыўды тәминлеў мақсетинде малларды жайын бағыўды және қолдан бағып семиртиўди кең түрде шөлкемлестириў ҳәм мал шарўашылығының от-жем базасын түп-тамырынан жақсылаў зәрүрлиги атап көрсетилген еди.

1949—1950-жыллары пүткил елимиздеги сияқлы Қарақалпақстанда халық хожалығының бул тараўын раўажландырыў жумысы СССР Министрлер Совети менен ВКП(б) Орайлық Комитетиниң мал шарўашылығын раўажландырыўдың үш жыллық планы ҳаққындағы қарарын орынлаў тийкарында әмелге асырылды.

Мал шарўашылығын раўажландырыўдын үш жыллық планын әмелге асырыў нәтийжесинде 1950-жылы Қарақалпақстан колхозларында ири қара маллардын бас саны 1940-жылдағыға салыстырғанда 43 процент, қаракөл қойларының бас саны—еки еседен аслам, қойлардың басқа нәсиллериниң бас саны—үш есе көбейди.

1948-жылы Қарақалпақстан АССР Министрлер Советиниң қарары менен Шымбай районында тухым мал совхозы шөлкемлестирилип, ол ҳасыл тухымлы қара маллардың бас санын көбейтип, республика колхозларына таратыўы тийис болды.

Автономиялы республикада мал шарўашылығын раўажландырыўда ВКП(б) Орайлық Комитетиниң февраль (1947-ж.) Пленумының қарарлары үлкен әҳмийетке ийе болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өзбекстан ССР Министрлер Советинин 1947-жыл 25-октябрьдеги „Тут ағашының нәллерин жетистириў илажлары ҳаққында“ ғы қарарына муўапық Қарақалпақстанда жети колхозда жер майданы 14 гектардан 16 гектарға шекем болған тут ағашы нәллерин жетистириўши питомниклер қайта тикленди ямаса жанадан шөлкемлестирилди. Олар мәмлекетлик питомниклер менен бирге колхозларды тут ағашы нәллери менен толық түрде тәминлеп турды.

Пиллешиликти буннан былай да раўажландырыў азықлық базаны жақсылаўды ҳәм кеңейтиўди талап етти. Қарақалпақстан колхозлары 1947—1948-жыллар даўамында жаңа жерлерге тут нәллерин егип, жақсы сортлы тут ағашларына ийе болған туттарлықлардың майданын 1946-жылға салыстырғанда 2,5 есе кеңейтти.

1948-жылы автономиялы республика бойынша мәмлекетлик пилле таярлаў планы 120 процент орынланды. Колхозлардың әдеўир бөлеги усы жылы-ақ ҳәр бир қуты наўқан қуртынан 50 килограммнан пилле жетистириўге еристи, яғный бес жыллықтың ақырына белгиленген план көрсеткишин орынлап шықты, 36 колхоз ҳәр бир қуты наўқан қуртынан 55 килограммнан пилле жетистирди.

1949-жылы Қарақалпақстан мәмлекетлик пилле таярлаў планын мүддетинен бурын орынлап шықты. Социалистлик жарыстың алдынғыларына „Социалистлик аўыл хожалығының отличниги“ значоги тапсырылды.

1950-жылы улыўма пилле жетистрриў 1945-жыл менен салыстырғанда 150,7 процент артты. Пилле таярлаўдың мәмлекетлик планын орынлап шығыўға ерисип, көплеген колхозлар пиллешиликтен бир неше мыңлаған манат доход алды. Солай етип, 1945—1950-жыллары Қарақалпақстанда аўыл хожалығынын тийкарғы тараўлары—пахташылық, мал шарўашылығы ҳәм пиллешиликти қайта тиклеў менен шекленилместен, ал олардың буннан былай да раўажланыўы тәминленди.

Санаат өндирисиниң өсиўи ҳәм аўыл хожалығының раўажланыўының жетискенликлери тийкарында совет халқынын материаллық абаданлығы үзликсиз өсип барды.

1947-жыл 14-декабрьде СССР Министрлер Совети ҳәм ВКП(б) Орайлық Комитетинин қарары менен ақша реформасы өткерилди және азық-аўқат ҳәм санаат товарларына болған карточка системасы бийкар етилди. 1946—1950-жыллар даўамында кең халық тутыныў товарларының баҳалары үш рет арзанлатылды.

Усы илажлардың әмелге асырылыўы нәтийжесинде рабочийлар менен хызметкерлердиң реал хызмет ҳақысы әдеўир артты Қарақалпақстан колхозларынын ақшалай доходлары 1940-жыл менен салыстырғанда 3 еседен аслам көбейди.

1948-жылы Қарақалпақстан АССР ының мәмлекетлик бюджети 130 677 мың манаттан ибарат болды. Республика бюджетиниң әдеўир бөлеги социаллық-мәдений итияжларға, халық билимлен-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дириўине, ден-саўлықты сақлаў исине ҳәм социаллық тәминлеўге жумсалды. Бул дәўрде саўда шөлкемлериниң жумысы әдеўир жақсыланды. Азық-аўқат ҳәм кең тутыныў товарлары менен саўда жасаў кеңейди. Автономиялы республика халқы төртинши бес жыллықтың ақырында 159,2 миллион манатлық ҳәр қыйлы тутыныў товарларын сатып алыўға еристи.

Төртинши бес жыллық ақырында турақ-жай коммунал хожалығына 2 миллион 720 мың манат жумсалды, ал 1948-жылы бул мақсетлерге 1 миллион 776 мың манат бөлип шығарылған еди.

Қарақалпақстанда ден-саўлықты сақлаў иси буннан былай да раўажланды. Медицина мәкемелериниң тараўы кеңейди. 1950-жылы республикада 40 емлеўхана ҳәм 50 аўыллық врач участкасы, 35 амбулатория және поликлиника ҳәм бир неше арнаўлы емлеў мәкемелери болды

Төртинши бес жыллық жылларында халық хожалығын раўажландырыў планының табыслы орынланыўы халық хожалығының барлық тараўын буннан былай да раўажландырыўды, халықтың материаллық дәрежесин тағы да жақсылаўды нәзерде тутқан жаңа бес жыллық планның қабыл етилиўине мүмкиншилик берди.

## 3. ЖӘМИЙЕТЛИК-СИЯСИЙ ТУРМЫС

Парахат қурылысқа өтиў пүткил партиялық-сиясий ҳәм хожалық жумысларын тез және шеберлик пенен қайта қурыўды талап етти, Халық хожалығына, пүткил жәмийетлик турмысқа партиялық басшылықтың дәрежесин арттырыў исинде басшы партия ҳәм совет кадрларын таярлаў және оларды орналастырыў үлкен әҳмийетке ийе болды Урыс ўақтында ҳәм урыстың соңын ала партия, совет, хожалық ҳәм мәдений жумыслар тараўына өткен басшы кадрлардың көпшилиги зәрүрли улыўма, әсиресе тийисли сиясий таярлыққа ийе емес еди.

1941—1946-жыллар аралығында Қарақалпақстан партия шөлкеми ВКП(б) ағзалығына 3472 адамды ҳәм партия ағзасы кандидатлығына 4702 адамды қабыл етти. Областлық партия шөлкеми қатарының өсиўи ВКП(б) ның кең масса менен байланысының тағы да беккемленгениң, мийнеткешлердиң кең қатламлары арасында-оның абыройының өскенлигин көрсетти. Қайта қурыў дәўриндеги ўазыйпалардың табыслы орынланыўы, коммунистлерди идеялық-сиясий билимлендириўди қайта қурыў бойынша оғада үлкен жумысларды әмелге асырыў, ишки партия демократиясын раўажландырыў зәрүрлиги ВКП(б) Орайлық Комитетиниң 1946-жыл 26-июльдеги „Партия қатарының өсиўи ҳәм ВКП(б) ға жаңадан қабыл етилгенлер арасында партиялық-шөлкемлестириўшилик ҳәм партиялық-сиясий жумысларды күшейтиў илажлары ҳаққында“ғы қарарында баян етилди.

Урыстан соңғы дәўирде бурын колхозларда ислеп, соңынан басқа тараўлардағы шөлкемлерге өтип кеткен бурынғы 191 бригада ҳәм 560 звено баслығы колхозларға қайтып келди. Буннан



www.ziyouz.com kutubxonasi

тысқары колхозлардағы басшы жумысларға 187 коммунист хәм 77 комсомолец жиберилди. 1949-жылы ауыл хожалығы тарауында ислеўшилердиң 40 проценти, санааттағылардың —15 процентке жақыны коммунистлер еди Басланғыш партия шөлкемлериниң улыўма саны 940-жылдағы 123 тен 691 ге шекем, ал колхозлардағы басланғыш партия шөлкемлери 123 тен 389 ға өсти.

Парахат дөретиўшилик мийнетке өтиў жағдайында партияның Орайлық Комитети басшы кадрларды таярлаў ҳәм қайта таярлаў исин түп тамырынан қайта қурды Бул тараўдағы жумыстың мазмуны, усыллары ҳәм формалары ВКП(б) Орайлық Комитетиниң 1946-жылы 2-августта қабыл еткен „Басшы партия ҳәм совет хызметкерлерин таярлаў және қайта таярлаў ҳаққында" ғы қарарында белгилеп берилген еди.

Усы қарар тийкарында Өз КП(б) Қарақалпақстан областьлық партия комитети 18 районлық кешки мектебин, 218 сиясий кружок ҳәм В. И. Лениниң өмир баянын үйрениў бойынша 122 кружок шөлкемлестирди. Буннан тыскары әдеўир сандағы партия совет хызметкерлери Москва, Ташкент ҳәм елимиздиң басқа да қалаларына оқыўға жиберилди.

Урыстан соңғы жыллары марксизм-ленинизм классиклериниң шығармалары, партия документлери массалық тиражлар менен басылып шыға баслады, сиясий билимлендириў кабинетлери ҳәм үйлери ашылды. 1950-жылдан бери қарақалпақ тилинде „Агитатор блокноты" басылып шығып киятыр, ал 1950-жылдың июль айынан баслап, жаслардың республикалық газетасы, Өз ЛКСМ Қарақалпақстан обкомының органы „Жас Ленинши" газетасы қайтадан шыға баслады.

1947-жылы сиясий ҳәм илимий билимлерди таратыў жәмийетиниң Қарақалпақстан бөлими ашылды. Жәмийет ағзаларының лекцияларын 1949-жылы 29 мың адам тыңланған болса, ал 1950-жылы 42 мың адам тынлады.

Урыстан кейин автономиялы республика халық хожалығын қайта тиклеў исинде ҳаял-қызлар оғада үлкен хызмет атқарды. 1948-жылы Өз КП(б) Орайлық Комитети „Республикада ҳаял-қызлар арасындағы жумыстың жағдайы ҳәм оны жақсылаў илажлары ҳаққында" қарар қабыл етип, онда жергиликли миллет ҳаял-қызларын халық хожалығына ҳәм жәмийетлик турмысқа тағы да кең түрде тартыў нәзерде тутылды. 1949-жылы 2—3-сентябрь күнлери Қарақалпақстан ҳаял-қызлар активиниң Республикалық жыйналысы болып өтти. Урыстан соңғы бес жыллық жылларында Қарақалпақстанда 58 ҳаял-қыз СССР Жоқарғы Советиниң, Өзбекстан ССР ҳәм Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Советлериниң депутаты, мыңға жақын ҳаял-қыз жергиликли Советлердиң депутатлары болды. Ҳаял-қызлар Қарақалпақстанның ауыл хожалығында, әсиресе пахташылықта пидәкерлик мийнеттиң жайнаған үлгилерин көрсетти. Санаатты, пахташылықты, мал шарўашылығын ҳәм халық хожалығының басқа да тараўларын раўажландырыўдағы үлкен хызметлери ушын 353 ҳаял-



www.ziyouz.com kutubxonasi

қыз Советлер Союзының орден ҳәм медаллары менен наградланды, Автономиялы республика санаат кәрханалары менен қурылыс шөлкемлери рабочийларының 30 процентке жақынын, колхоз өндирисинде ислеўшилердин 60 процентке шамаласын ҳаял-қызлар қурады. Көп балалы 10 ана „Қаҳарман ана" ҳүрметли атағына мияссар болды, ал 3434 ана көп балалы болғаны ушын Советлер Союзының орден ҳәм медаллары менен наградланды.

ӨзКП(б) Орайлық Комитетинин қарарын басшылыққа алып, Қарақалпақстан партия шөлкеми ҳаял-қызларды басшы партия, совет, профсоюз, комсомол ҳәм хожалық жумысларына көтериў бойынша үлкен илажларды әмелге асырды. Қарақалпақстанның көплеген ҳаял-қызлары мәмлекетти басқарыў исинде ҳүрметли орынды ийеледи. Олардың қатарында Жумагүл Сейитова Қарақалпақстан АССР Министрлер Совети Председателиниң орынбасары, Злейха Авелбаева Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Совети Президиумы Председателинин орынбасары болып хызмет атқарды ҳәм т, б.

1949-жыл 17—18-январь күнлери XI Қарақалпақстан областлық партия конференциясы болып өтип, онда Өз КП(б) Қарақалпақстан областлық партия комитетиниң биринши секретары П. Сейитов есаплы доклад жасады. Конференция Қарақалпақстан партия шөлкеми X ҳәм XI партия конференциялары аралығындағы дәўирде идеялық жақтан өскенлигин ҳәм шөлкемлескенлик жақтан беккемленгенлигин атап өтти.

Урыстан соңғы жыллары ҳақыйқат халық власты органлары ретинде, миллионлаған масса ушын мәмлекетти басқарыў мектеби ретинде Советлердиң роли артты.

СССР Жоқарғы Совети Президиумының Указы менен 1946-жыл 10-февралда СССР Жоқарғы Советине сайлаўлар белгиленди. Қарақалпақстан партия шөлкеми сайлаўшылар арасында үлкен агитациялық-массалық жумысты кең ен жайдырып жиберди. Сайлаўларды өткериў ушын 144 сайлаў округи ал округлардың составында 322 сайлаў участкасы шөлкемлестирилди.

1946-жылы февраль айында халықтың үлкен мийнет ҳәм сиясий көтериңкилиги жағдайында СССР Жоқарғы Советине сайлаўлар болып өтип, ол Коммунистлик партияның, Совет ҳүкиметиниң ҳәм халықтың уллы бирлигин дәлиллеп көрсетип берди. Сайлаўларда коммунистлер менен партияда жоқлардың беккем блоги толық жеңиске еристи. Өткерилген агитациялық-массалық жумыслар нәтийжесинде Қарақалпақстанда сайлаўшылардың 99,9 проценти сайлаўларға қатнасып, олардың 99,0 проценттен асламы СССР Жоқарғы Советине депутатлыққа кандидатлар ушын даўыс берди.

1947-жылдың 16 февралында Өзбекстан ССР ҳәм Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Советлерине, ал 1948-жылдың басында Қарақалпақстан АССР ындағы мийнеткешлер депутатларының қалалық, районлық, поселкалық ҳәм аўыллық Советлерине сайлаўлар өткерилди. Өзбекстан ССР ҳәм Қарақалпақстан АССР



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жоқарғы Советлерине және мийнеткешлер депутатларының жергиликли Советлерине болған сайлаўлар автономиялы республика халқынын барлық қатламлары арасында жаңа мийнет ҳәм сиясий көтеринкилик пайда етти. Бул сайлаўлар республикамыздың барлық мийнеткешлеринин моральлик-сиясий бирлигиниң айқын көриниси болып табылды.

Автономиялы республикадағы барлық сайлаў округлары бойынша коммунистлер менен партияда жоқлардың блоги кандидатлары ушын сайлаўшылардың 99,79 проценти даўыс берди. Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Советине 144 депутат сайланды. Қарақалпакстан АССР Жоқарғы Советине сайланған депутатлардың составы 11 миллет ўәкиллеринен ибарат болып, олардың арасында қарақалпақлар—56, өзбеклер—27, қазақлар—22,русслар—21, татарлар—9, түркменлер—3 ҳәм елимиздеги басқа да миллет ўәкилеринен 6 адам болды. Қарақалпақстан АССРы Жокарғы Совети депутатларының арасында 104 адам Советлер Союзынын орден ҳәм медаллары менен наградланғанлар еди. Депутатлардың арасында үш Советлер Союзының Қаҳарманы болды

Жоқарғы Советлер менен мийнеткешлер депутатларынын жергиликли Советлерине болып өткен сайлаўлар мәмлекетти басқарыў исине кең мийнеткешлер қатламын тартыўға мүмкиншилик берди. Мыңлаған депутатлар ең әҳмийетли халық хожалық ўазыйпаларын шешиў исине актив қатнасты. Жергиликли Советлердин қапталында халық хожалығының ҳәм мәденияттың ҳәр қыйлы тараўлары бойынша 709 турақлы комиссия шөлкемлестирилип, оларда 1772 депутат ҳәм бир неше жүзлеген активистлер жумыс жүргизди.

Халық хожалығын раўажландырыўдың урысған соңғы төртинши бес жыллық планының жуўмақланыўы қарсаңында елатымыздын қала ҳәм аўыл мийнеткешлери Қарақалпақстан Автономиялы Совет Социалистлик Республикасынын жигирма бес жыллық юбилейин үлкен қуўаныш ҳәм мақтаныш сезимлерине толыптасқан жағдайда салтанатлы түрде байрамлап өтти.

Қарақалпақстан АССР ынын жигирма бес жыллық юбилейине байланыслы СССР Министрлер Совети ҳәм ВКП(б) Орайлық Комитети Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Советиниң Президиумына, Министрлер Советине ҳәм Өз КП(б) Қарақалпақстан областлық партия комитетине қутлықлаў хат жоллап, онда Қарақалпақстанның рабочийлары, колхозшылары ҳәм интеллигенциясы республика халық хожалығы менен мәдениятын буннан былай да гүллендириў ушын, бизин социалистлик Ўатанымыздын күш-кудиретин тағы да беккемлеў ушын алдағы ўақытта да жигерли гүрес жүргизеди, деп беккем исеним билдирилди. Партия менен ҳүкиметимиздиң бул исеними автономиялы республиканың барлық рабочийларын, колхозшы дийханларын ҳәм интеллигенциясын жаңа мийнет жеңислерине рухландырды.

СССР Жоқарғы Совети Президиумының Указы менен ерискен



www.ziyouz.com kutubxonasi

үлкен табыслары ушын санаат ҳәм аўыл хожалығының көплеген алдынғылары, мәденият ҳәм илим ғайраткерлери Советлер Союзының орден ҳәм медаллары менен, сондай-ақ Өзбекстан ССР және Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Советлери Президиумларының Ҳүрмет Грамоталары менен наградланды.

Өткен шерек әсир даўамында Қарақалпақстан АССР ының мийнеткешлери экономика ҳәм мәдениятты раўажландырыўда үлкен табысларға ерисип, бул Коммунистлик партияның дана ленинлик миллий сиясатты әмелге асырыўының, бизиң елимизлеги туўысқан халықлардың беккем дослығының нәтийжеси болып есапланады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## XIII бап

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АССР ы СОЦИАЛИЗМ ДҮЗИЎДИҢ ТАМАМЛАНЫЎШЫ БАСҚЫШЫНДА (1951—1958- ж. ж.)

## 1. ҚАРАҚАЛПАҚСТАН САНААТЫНЫҢ БЕСИНШИ ҲӘМ АЛТЫНШЫ БЕС ЖЫЛЛЫҚЛАРДАҒЫ РАЎАЖЛАНЫЎЫ

Партиямыздың 1952-жыл октябрь айында болып өткен XIX съезди 1951 — 1955-жыллары СССР халық хожалығын раўажландырыўдың бесинши бес жыллық планы бойынша Директивалар қабыл етти.

Жаңа бес жыллық планда Қарақалпақстан санаатының буннан былай да раўажланыў перспективалары белгиленди. Өз КП (б) Орайлық Комитети өзиниң 1951 жыл 16-июльдеги қарарында Өз КП (б) Қарақалпақстан обкомы менен Қарақалпақстан АССР Министрлер Советин санаатқа басшылықты жақсылаўды, республикадағы барлық кәрханалардың мәмлекетлик планды тек улыўма өним жетистириў бойынша ғана емес, ал ҳәр бир өним түри бойынша да орынлаўға ерисиўин тәминлеўге миннетледи. Ислеп шығаралып атырған өнимлердиң сапасын жақсылаўға, өнимниң өзине түсер баҳасын арзанлатыўға, республика мийнеткешлерине материаллық-турмыс ҳәм мәдений хизмет көрсетиўди буннан былай да жақсылаў мәселелерине айрықша дыққат бөлиў зәрүр болды.

Бул қарарды басшылыққа алып, партия, совет, хожалық профсоюз, комсомол шөлкемлери бес жыллық план тәрепинен Қарақалпақстан санааты алдына қойылған ўазыйпаларды әмелге асырыў ушын барлық жерде социалистлик жарысты ең жайлырып жиберди.

Бесинши бес жыллықта Қарақалпақстанның ислеп турған санаат кәрханалары кеңейтилди ҳәм реконструкцияланды, сондай-ақ жаңа кәрханалар қурылды.

Жаңа бес жыллықтың дәслепки жылының өзинде-ақ 1950-жыл менен салыстырғанда Қарақалпақстан санааты улыўма өним ислеп шығарыўды 24,3 процент арттырды, ал улыўма Өзбекстан ССР ы бойынша бул көрсеткиш 13 процент ғана болған еди.

1951-жылы Қарақалпақстанның жергиликли санааты улыўма өним ислеп шығарыў планын 128,4 процент ал 1952-жылы 108



www.ziyouz.com kutubxonasi

процент орынлап шықты. Қарақалпақстанның улыўма союзлық әҳмийеттеги санаат кәрханалары 1952-жыл тапсырмаларын 105 процент орынлап шықты, улыўма өним ислеп шығарыў көлеми 1951-жылдағыға қарағанда 3 процент көбейди.

Бес жыллықтың дәслепки жылының тапсырмаларын Мойнақ балық-консерва комбинаты, Хожели кеме ремонтлаў мастерскойы ҳәм Шаббаз санаат комбинаты арттырып орынлаўға еристи.

Бирақ республикадағы 67 санаат кәрханасының тек 31 и ғана улыўма өним ислеп шығарыў планын орынлады. Автономиялы республика партия-совет ҳәм хожалық органларының ўазыйпасы санааттағы бул артта қалыўшылықты сапластырыўдан ибарат болды.

КПСС Орайлық Комитетиниң сентябрь (1953-ж.) ҳәм февраль-март (1954-ж.) Пленумлары халық хожалығын буннан былай да раўажландырыўға ҳәм мийнеткешлердиң материаллық абаданлығын тағы да арттырыўға бағдарланған қарарлар қабыл етти.

Коммунистлик партияның басшылығы астында автономиялы республика мийнеткешлери партиямыздың бул қарарларын әмелге асырыў ушын пидакерлик пенен гүрес жүргизди. Санаатта өндирис алдыңғылары менен новаторлары әдеўир өсип, олар жоқары мийнет өнимлилигин тәминлейтуғын жаңа техниканы тез ҳәм шебер өзлестирип, басқаларға үлги көрсетти.

1953-жылы 1-июльде Өз КП Қарақалпақстан областлық партия комитетиниң бюросы „Санаат ҳәм транспорт кәрханаларының, байланыс ҳәм қурылыс шөлкемлериниң ер ҳәм ҳаял рабочийларының, инженерлериниң, техник ҳәм хызметкерлериниң социалистлик миннетлемелерди орынлап шығыўын тәминлеў бойынша илажлар ҳаққында“ қарар қабыл етти. Бул қарар жергиликли партия, совет ҳәм хожалық органларын социалистлик жарысты кең жайдырыўға, санаат, транспорт кәрханаларының, байланыс ҳәм қурылыс шөлкемлериниң коллективлерин мәмлекетлик планларды орынлап шығыўға мобилизациялаўға бағдарлады.

1953-жылы Қарақалпақстан санаат кәрханаларының мийнеткешлери санаат өнимлериниң айырым түрлерин ислеп шығарыўда белгили дәрежедеги табысларды қолға киргизди. 1953-жылы автономиялы республикада ислеп шығарылған санаат өниминиң көлеми 1952-жылдағыға салыстырғанда 4 процент өсти. Бирақ улыўма өним ислеп шығарыў планы тек 95 процент орынланды.

Мойнақ балық-консерва комбинатының коллективи жақсы мийнет етип, консерва ислеп шығарыўдың жыл бойылық планын 125,4 процент орынлап шықты. 1953-жылы Мойнақ балық-консерва комбинаты Гурьев балық-консерва комбинаты менен болған социалистлик жарыста жеңип шықты. Комбинат коллективи бул табысқа рабочийлар ҳәм инженер-техник хызметкерлердиң пидәкерлик пенен мийнет етиўиниң, көп мийнет талап ететуғын жумыс процесслерин механизацияластырыўдың және өндиристи кеңейтиўдиң нәтийжесинде еристи. Комбинаттың 389 ҳаял-қыз рабочийсы 1953-жылдың тапсырмасын мүддетинен бурын орынлап



www.ziyouz.com kutubxonasi

шығыўға еристи, ал олардан 15 адам 1956-жылдың есабына жумыс иследи.

Мойнақ балық-консерва комбинаты алдынғыларының пидакерлик мийнети жоқары баҳаланып, оларға СССР Жоқарғы Совети Президиумының Указы менен Советлер Союзының орден ҳем медаллары берилди. Олардын арасында Шестериков, Дакенов, Қалқоразов, Шагиахмедов, Танцерова ҳәм т. б. болды.

Санаат кәрханаларының 1953-жылғы жумысының жуўмақлары анализленип, олардың жумысын жақсылаўға бағдарланған илажлар әмелге асырылды, нәтийжеде 1954-жылы санаат кәрханаларынын мийнеткешлери мийнет өнимлилигин арттырыўға ерисип, өнимниң өзине түсер баҳасын әдеўир арзанлатты. 1954-жылы автономиялы республикада санаат өндириси бойынша мәмлекетлик план 101,2 процент орынланды. Өним ислеп шығарыў 1953-жылдағыға қарағанда 11 процент артты.

Автономиялы республика санаатының тийкарғы тараўлары болған пахта тазалаў ҳәм балықты қайта ислеў кәханаларынан Жергиликли санаат ҳәм жанылғы материаллары министрлиги кәрханалары да кейинде қалмады. Олар 1954-жылдың улыўма өним ислеп шығарыў планын 102 6 процент, Карпромсовет кәрханалары 104,6 процент ҳәм Нөкис полиграфкомбинаты —128,9 процент орынлап шықты. Солай етип, санааттын усы тараўларынын 1954-жылы ислеп шығарған улыўма өниминин көлеми урыстан кейинги 1946-жылға салыстырғанда 2 есе көбейди.

Республика санаатының мийнеткешлери москвалылар менен ленинградлылардын басламасына қосылып, социалистлик жарысты кен ен жайдырып жиберди ҳәм 1954-жылы планнан зият әдеўир муғдарда көп өним ислеп шығарыўға ерисги. Нөкис қаласындағы кәрханалар өним ислеп шығарыўдың жыл бойылық планын 103,2 процент орынлап шықты. Олардын арасында полиграфкомбинат, тигиў фабрикасы, №11 вино заводы, гербиш заводы, „Стахановец" ҳәм „Интруд" артеллериниң коллективлери жыллық өндирислик планларын мүддетинен бурын орынлап шығып, планнан зият 4177 мың манатлық өним жетистирип берди.

Республика пайтахтындағы санаат кәрханаларынын көплеген рабочийлары ҳәм инженер-техник хызметкерлери мийнет өнимлилигин арттырыўда, өнимниң өзине түсер баҳасын арзанлатыўда және сапасын жақсылаўда айтарлықтай табысларды қолға киргизди. Мәселен, орайлық ремонтлаў-экскаватор мастерскойларының слесарьлары Ешдаўлетов, Узаев, токарь Советкин, мотор ремонтлаў заводынын слесары Панков, формовшик Орлов, токарь Евдокимов ҳәм т. б. 1954-жылы еки жыллық жумыс нормаларын орынлап шықты.

КПСС Орайлық Комитетиниң январь ҳәм июль Пленумлары (1955-ж.) елимиздин санаатын буннан былай да раўажландырыўдын илажларын белгилеп берди

КПСС Орайлық Комитетиниң июль Пленумы санаатта мийнетти шөлкемлестириўди ҳәм оған ҳақы төлеўди жақсылаў, мийнет



www.ziyouz.com kutubxonasi

өнимлилигин арттырыўды тəминлеў, санааг кəрханаларына басшылық етиў исинде партия-совет, профсоюз ҳəм комсомол шөлкемлеринин активлигин арттырыў зəрүрлигин атап көрсетти.

КПСС Орайлық Комитетиниң Пленумлары қарарларын əмелге асырып, Қарақалпақстан партия шөлкеми автономиялы республика санаатын буннан былай да раўажландырыў ушын гүрести күшейтип жиберди. 1955-жылы шигитсиз пахта, өсимлик майын, балық консерваларын, хəк ҳəм т. б. өнимлер ислеп шығарыў планлары əдеўир арттырып орынланды. 1953-жылға салыстырғанда улыўма санаат өнимин ислеп шығарыў 27,2 процент, ал 1950-жылдағыға қарағанда — 72,6 процент өсти. Қарақалпақстан АССР ы санаат өндириси планын 1955-жылы 103 процент, ал КПСС XIX съезди Директивалары тəрепинен нəзерде тутылған мийнет өнимлилигин арттырыў бойынша ўазыйпаны бес жыллықтын ақырында 7,2 процент арттырып орынлады, соның менен бирге Қарақалпақстанның көплеген санаат кəрханалары ислеп шығарылған өнимлердиң өзине түсер баҳасын əдеўир арзанлатыўға еристи. Мəселен, Шымбай май заводы 1955-жылдың 11 айы ишинде өнимниң өзине түсер баҳасын арзанлатыў арқалы 2183 мың манат, Хожели кеме ремонтлаў заводы 597 мын манаг үнемлеўге еристи.

1955-жылы Қарақалпақстанның көплеген санаат қəрханалары бес жыллық план тапсырмаларын табыслы орынлап шықты. Нөкис қаласының санаат кəрханалары улыўма өним ислеп шығарыў бойынша бес жыллық планды 1955-жылдың 1-ноябрине орынлап шығып, планнан зият 6 миллионнан аслам манатлық өним ислеп шығарды, ал мийнет өнимлилиги 1,9 процент артты. Өнимниң өзине түсер баҳасы 4 процент кемитилди.

Республиканың алдынғы қатар санаат кəрханалары — Нөкис қаласындағы орайлық экскаватор ремонтлаў устаханасы, кийим тигиў фабрикасы, пиво қайнатыў ҳəм мотор ремонтлаў заводлары, қалалық водопровод, „Стахановец" ҳəм „Интруд" артеллери, нан комбинаты, полиграфкомбинат; Хожелидеги кеме ремонтлаў ҳəм пахта тазалаў заводлары, қалалық промкомбинат, Шымбай қаласындағы май заводы менен пахта тазалаў заводы; Мойнақ балық консерва комбинаты, „Мойнақ" балық заводы, „Ленин естелиги" ҳəм Буденный атындағы балықшылық колхозлары санаат өндириси бойынша бес жыллық планды мүддетинен бурын орынлап шықты.

1955-жылы Шымбай пахта тазалаў заводы 1954-жылдағыға қарағанда 19 тонна көп пахта талшығын жетистирди. Мойнақ балық консерва комбинаты консерва жетистириў бойынша планды арттырып орынлаўға еристи, өнимниң өзине түсер баҳасын 9,4 процентке кемитти, Мойнақ районы ондатра терисин жетистириў планын сан көрсеткиши бойынша 150,7 процент етип орынлады, ал „Мойнақ" балық заводы 1954-жыл екинши кварталының планын 136 процент етип орынлап шығып, СССР Балық санааты министрлигиниң санаат кəрханаларының арасындағы социалистлик жарыста үшинши орынды ийеледи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бес жыллық планды мүддетинен бурын орынлап шығыў ушын ен жайдырылған социалистлик жарыста: Нөкис кийим тигиў фабрикасының мотористкасы, өндирислик нормасын удайына 136 проценттен арттырып орынлаўға ерисип жүрген Айтмуратова, Нөкис қалалық промкомбинатының тахтай тилиўшиси, план тапсырмаларын 400 процент етип орынлаўға ерисип жүрген Досымбетов, сол комбинаттан ағаш устасы, өндирислик планын 135 процентке аттырып орынлаўға ерисип жүрген Абатов ҳәм т. б. өндирис алдынғылары айрықша көзге түсти. Нөкис қаласындағы санаат кәрханаларында — ремонтлаў заводынан токарь Иванов, слесарь Маслов, №1 гербиш заводының рабочийларынан С. Аякеев, Д. Төлегенов, А. Өтеев ҳәм т. б. 1955-жылдың план тапсырмаларын мүддетинен бурын орынлап шығып 1956-жылдың есабынан өним ислеп шығарыўға киристи, ал Хожели май заводынын масгерлеринен А. Асамаддинов жыллык планды 108,9 процент, М. Бабажанов — 117 процент, М. Машарипов 114,8 процент, слесарь Сапаров — 164 процент етип орынлап шыкты. Хожелидеги курылыс монтажлаў басқармасының экскаваторшылар бригадасының баслығы Казанцев жыллық планды 272 процент, бульдозерши Қулбаев — 431 процент, „Үшинши бес жыллық" артелиниң тигиўшиси Буркитбаева 280 процент етип орынлап шықты. Өндиристиң бундай алдынғылары менен новаторлары автономиялы республикадағы басқа да санаат кәрханаларында көплеп орын алды.

Қарақалпақстандағы санааттың раўажланыўы өз гезегинде рабочийлар менен хызметкерлердиң санының өсиўин, олардың маманлығының арттырылыўын талап етти. Бул талапты қанаатландырыў бойынша республикада әдеўир жумыслар жүргизилди, нәтийжеде 1954-жылы автономиялы республика санаатындағы рабочийлар менен инженер-техник хызметкерлердиң улыўма саны революцияға шекемги дәўирге салыстырғанда 50 есе өсти. Әсиресе, бесинши бес жыллықта республика санаат кәрханаларындағы рабочийлардын қатары рабочий ҳаял-қызлардың есабынан өсти олардың саны 3128 адамға жетти. Қарақалпақстан санаатындағы рабочийлар менен иженер-техник хызметкерлердиң көпшилик бөлеги жети жыллық, орта ямаса орта арнаўлы ҳәм жоқары мағлыўматқа ийе болды.

Бесинши бес жыллықта автономиялы республиканың коммунал хожалығы әдеўир раўажланыўға еристи. Республика қалалары менен район орайларының халқы жаңа механизм және үскенелер менен қуралландырылған коммунал хожалығының ҳәр қыйлы хызметлеринен кең түрде пайдалана баслады. Республикадағы қалалар менен елатлы пунктлер жылдан-жылға көркейип, абаданласты, олардың қатары да өсти. Мәселен, қысқа мүддет ишинде Тақыятас қаласы, жаңа район орайлары — Төрткүл, Шоманай, Кеңес ҳәм т. б. қалалар менен поселкалар бой тикледи.

Автономиялы республика халық хожалығын ҳәм мәдениятын раўажландырыўда транспорт пенен байланыс үлкен әхмийетке



www.ziyouz.com kutubxonasi

ийе болды. Суў, ҳаўа ҳәм автомобиль транспорты бесинши бес жыллық тапсырмаларын мүддетинен бурын орынлап шығыўды тәминледи.

1952-жылдың июнь айында Чаржоў-Хожели темир жолы пайдаланыўға берилип, ол Қарақалпақстанды елимиздиң орайлық районлары менен тағы да тығызырақ байланыстырды. Қарақалпақстан ушын транспорттың жаңа түри болған темир жол транспорты автономиялы республиканың, сондай-ақ пүткил Хорезм оазисиниң өндириўши күшлериниң оғада кең көлемде раўажланыўы ушын үлкен мүмкиншиликлер ашып берди.

Чаржоў-Қоңырат темир жолы арқалы поездлар халық хожалығы жүклерин ҳәм пассажирлерли изли-изинен тасый баслады. Хожели темир жол станциясы бойынша 1955-жылы жүк тасыў планы 109 процент орынланды. Темир жолдың пайдаланыўға берилиўи менен Қарақалпақстанда халық хожалығы жүклерин тасыў бесинши бес жыллық ақырында төрт еседен асламырақ өсти.

Республика халық хожалығын раўажландырыўда автомобиль транспортын ҳәм тас жоллар қурылысын ен жайдырыў үлкен әҳмийетке ийе болды. Бесинши бес жыллықта автономиялы республика пайтахты барлық район орайлары менен, сондай-ақ Ташаўыз, Үргенч ҳәм Ташкент қалалары менен автомобиль жоллары арқалы байланысты.

Автомобиль транспортының раўажланыўына байланыслы Қарақалпақстанда жол қурылысы кең ен жайып кетти. Автомобиль жолларының әдеўир бөлеги асфальтланды. Тек 1955-жылдың өзинде ғана автономиялы республикада 257,3 мың квадрат метр тас жол асфальтланған еди. Қарақалпақстан АССР автомобиль транспорты ҳәм тас жоллар министрлиги 1953-жылы жыл бойылық планды 115 процент орынлап шықты. 1954-жылы республика автомобиль транспортының жүк тасыў көлеми урыстан бурынғы 1940-жылға салыстырғанда дерлик төрт есе өсти. Автономиялы республика автомобиль ҳәм тас жоллар министрлигиниң автобазалары 1955-жылдың жүк ҳәм пассажирлер тасыў планын арттырып орынлаўға еристи.

Бесинши бес жыллықта автономиялы республикада ҳаўа транспорты кең түрде пайдаланылды.

Темир жол станциялары менен тығыз байланысқан дәрья ҳәм тениз транспорты Қарақалпақстанның жүк тасыў айланысында әҳмиетли орын тутты. Республиканын Әмудәрьядағы ҳәм Арал теңизиниң қубла жағасындағы баслы пристанлары—Хожели ҳәм Үшсай ҳәзирги аман техникасы менен үскенеленди, жүк жүклеў процесслери механизациластырылды.

Солай етип, бесинши бес жыллық ақырында Қарақалпақстан АССРы республиканы елимиздиң көплеген областлары ҳәм районлары менен байланыстырған ҳәзирги заман гражданлық транспортының барлық түрлерине ийе болған еди.

Автономиялы республикада байланыс тараўлары кең раўажланды. Халықтың турмысында радио ҳәм телефон айрықша орын



www.ziyouz.com kutubxonasi

ийеледи. Қаракалпакстанның шет-шебирлеринде де почта бөлимлери ашылды. Көплеген колхозлар өзлериниң радиоузеллерине ийе болды. 1955-жылы Қарақалпакстандағы радиоузеллердиң саны 1940-жыл менен салыстырғанда 4 еседен аслам өсти, ал радио точкалардың саны 1940-жылдағы 4 мыңның орнына 1955-жылы 16 ярым мыңға жетти.

1956-жылы февраль айында пүткил елимизде орын алған үлкен мийнет ҳәм сиясий көтеринкилик жағдайында КПСС XX съезди болып өтип, ол партия менен совет халқының турмысында оғада айрықша ўақыя болды.

Съезд партияның дыққатын ҳәзирги заманның ең әҳмийетли проблемаларына аўдарып өтти, жер жүзилик раўажланыўдың тийкарғы тенденцияларын жуўмақластырды, барлық марксистлик партиялар ушын оғада үлкен әҳмийетке ийе болған бир қатар теориялық режелерди негизлеп берди, Советлер Союзының халык аралық жағдайына, социалистлик ҳәм капиталистлик системалардың халық аралық рабочий хәм миллий азатлық ҳәрекетинин раўажланыўына анализ жасап берди.

Партияның XX съезди „1956—1960-жыллары СССР халық хожалығын раўажландырыўдың алтыншы бес жыллық планы бойынша Директивалар“ хаққындағы мәселени додалады. Жаңа бес жыллық план бойынша съезд қабыл еткен Директиваларда аўыр санаатты басым түрде раўажландырыў, техникалық прогресс ҳәм мийнет өнимлилигин үзликсиз арттырыў базасында халық хожалығының барлық тараўларының буннан былай да раўажланыўын тәминлеў, аўыл хожалығы өндирисин тез пәтлер менен жоқары көтериў ҳәм усының тийкарында совет халкының материаллық абаданлығын және мәдений дәрежесин арттырыўға ерисиўден ибарат баслы ўазыйпалар көрсетилди.

Алтыншы бес жыллық Өзбекстан экономикасының өсиўи ушын да кен мүмкиншиликлер ашып берди Жана бес жыллықта пахташылық пенен бирге санаатты раўажландырыўға да үлкен кеўил бөлинди.

Өзбекстан Компартиясының 1956-жыл январь айында болып өткен XIII съезди алтыншы бес жыллық план тапсырмаларын санааттың барлық тараўлары бойынша орынланыўын тәминлеўди, санааттың барлық тараўларының, биринши гезекте, пахташылыққа хызмет ететуғын кәрханалар тараўының буннан былай да раўажланыўын тәминлеўди партия шөлкемлериниң ең әҳмийетли ўазыйпасы, деп есаплады.

Алтыншы бес жыллық Қарақалпақстан автономиялы республикасының ҳәр тәреплеме раўажланыўы ушын да кең перспективалар дүзип берди. Рабочийлар менен колхозшылар, барлық мийнеткешлер партия XX съезиниң қарарларын әмелге асыра барып, социалистлик жарысты кең ен жайдырып жиберди

Партиямыздың XX съездиниң қарарларынан рухланып автономиялы республика санаатының мийнеткешлери партия шөлкемлериниң басшылығы астында 1956-жылы санаат өнимлерин,



www.ziyouz.com kutubxonasi

биринши гезекте шигитсиз пахта. өсимлик майын, консервалар, қурылыс материалларын ислеп шығарыўда, олардың сапасын жақсылаўда, ҳәр бир өндирис операциясына ўақыт және материаллық харжыларды жумсаўды қысқартыўда белгили табысларды қолға киргизди. 1956-жылы Қарақалпақстан санааты улыўма өним жетистириў бойынша мәмлекетлик планды 103 2 процент орынлаўға еристи. Планнан зият 20,4 миллион манатлық санаат өними ислеп шығарылды.

Автономиялы республика балық санааты жыл бойылық планын 1956-жылдың 21-декабринде орынлап шықты. Мәмлекетке 23655 тонна балық тапсырылып, бул 1955-жылдағыдан 25,3 мың ц көп. Ҳәзирги заман техникасы менен үскенеленген Мойнақ балық консерва комбинаты 1956-жылы 1959 мың шәртли банка консерва ислеп шығарды.

1956-жылы автономиялы республика санааты 41884 тонна шигитсиз пахта, 19999 мың шәртли банка консерва, соннан 19159 мың шәртли банка балық консерваларын, 840 мын шәртли банка гөш консервасын жетистирди, ал аўланған балық 23655 тоннаға жеткерилди, сондай-ақ 645 тонна кондитер затлары, 3532 тонна өсимлик майы, 5118 тонна ҳәк, 29,3 миллион киловатт-саат электр энергиясы, 26599 мың дана пискен гербиш ҳәм т. б. өнимлер ислеп шығарылды.

Ислеп шығарылған шигитсиз пахта, консервалардын, колбаса өнимлеринин, кондитер затларының ҳәм т. б. өнимлердин сапасы әдеўир жақсыланды.

Бирақ айырым санаат кәрханалары артықша ҳәм өндирислик емес шығынларға, сапасы төмен өнимлердин ислеп шығарылыўына жол қойды. Автономиялы республикадағы 13 санаат кәрханасы жыллық өндирислик планды орынлай алмады.

Республиканың партия-совет ҳәм хожалық органлары, профсоюз ҳәм комсомол шөлкемлери жол қойылған кемшиликлерди сапластырыў ҳәм санаатты буннан былай да раўажландырыў ушын барлық күш-жигерин жумсап, шөлкемлестириў ҳәм сиясий-тәрбия жумысларын ен жайдырып жиберди.

Мийнеткешлердин ҳәм областлық партия конференцияларынын санаатты әдеўир рациональ жайластырыў, оны шийкизат дереклерине ҳәм тутыныў районларына жақынлатыў ҳаққындағы усыныс және тилеклерин есапқа алып, Өзбекстан Коммунистлик партиясының XIII съезди КПСС Орайлық Комитети менен СССР Министрлер Советиниң қараўына елимиздин халық хожалығын раўажландырыўдың алтыншы бес жыллық планы бойынша Директиваларынын проектине Бухара, Қашқадәрья, Сурхандәрья, Хорезм областларының ҳәм Қарақалпақстан АССР ының санаатын буннан былай да кең раўажландырыўды нәзерде тутатуғын толықтырыўларды усыныс етти.

Санаатқа ҳәм қурылысқа басшылық етиў исинде орын алған кемшиликлерди сапластырыў мақсетинде КПСС Орайлық Комитетиниң февраль (1957-ж.) Пленумы санаатқа ҳәм қурылысқа опе-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ратив басшылықтың тийкарғы бас орайы кәрханаларға және қурылысларға жақынластырылыўы тийис, деп атап көрсетти.

СССР Жоқарғы Советиниң 1957-жыл май айында болып өткен жетинши сессиясында қабыл етилген нызамға муўапық, санаатка ҳәм курылысқа басшылық етиўдиң тийкарғы шөлкемлестириўшилик формасы совнархозлар (халық хожалық советлери) болды.

Өзбекстан ССР Жоқарғы Советиниң 1957-жыл 27 майда болып өткен сессиясы республикада бирнеше административлик-экономикалық районлар дүзиў ҳаққында қарар қабыл етти. Усы қарарға муўапық, территориялық принцип бойынша Қарақалпақстан АССР ы ҳәм Хорезм областы бир администравлик-экономикалық районға биригип, оны Қарақалпақ совнархозы басқарды.

Бирақ санаатқа территориялық принцип бойынша басшылық етиў улыўма алғанда өзин ақламады. Атап айтқанда экономикалық районлардың көлеминде санаат өндирисиниң тараўлар аралық қәнийгелесиў ҳәм кооперацияласыў мүмкиншилигин әдеўир кеңейткени менен совнархозлар бойынша басқарыўдың территориялық бөлшеклениўи тараўлық қәнийгелесиўдиң раўажланыўына ҳәм ҳәр қыйлы экономикалық районлардағы кәрханалар арасында өндирислик байланыслардың ен жайыўына тосқынлық жасады ҳәм тараўлар бойынша басшылық етиўде гейде белгили дәрежедеги бөлшеклениўшиликке және көп басқышлылыққа алып келди.

Усыны есапқа алып, Коммунистлик партия менен Совет ҳукимети санаатқа тараўлық принцип бойынша басшылык етиўди буннан былай да жетилистириўге бағдарланған бир қатар илажлар қабыл етти. Буннан кейинги жылларда санаатты раўажландырыў мақсетине жумсалатуғын мәмлекетлик қаржылардың көлеми көбейтилди. 1956—1958-жыллары, Хожели, Шымбай, Қоңырат май заводлары, Беруний ҳәм Тахтакөпир пахта тазалаў заводлары, Хожели гөш комбинаты сыяқлы ири санаат кәрханалары толық иске қосылды.

Алтыншы бес жыллықта Қарақалпақстан санааты кәрханаларын техникалык үскенелеўди жетилистириў бойынша үлкен жумыслар жүргизилди. Санаат кәрханаларында 300 ден аслам ҳәзирги заман машиналары орнатылды. Егер 1950-жылы алты балық заводына тек бир ғана транспортер туўры келген болса, ал 1958-жылы балық заводлары тоғыз турақлы, жети көшпели транспортер, сегиз электрокран ҳәм т. б. әсбап-үскенелер менен тәмийинленди. Мойнақ балық консерва комбинатында балықларды пресслеў ҳәм басқа да жумыс процесслери механизациялаcтырылды.

1957-жыл Уллы Октябрьдиң қырқ жылға толыў жылы—совет рабочий класының даңқлы тарыйхында жаңа бет ашты. Пүткил елимиздеги сияқлы Қарақалпақстанда да даңқлы юбилейди ылайықлы күтип алыў ушын массалық социалистлик жарыс ен жайып кетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1957-жылдын май айында Өз КП обкомы, Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Советинин Президиумы менен Министрлер Совети автономиялы республиканың барлық мийнеткешлерин Совет властынын юбилейи хүрметине қабыл етилген социалистлик миннетлемелерди инабатлы орынлап шығыўға шақырды.

Бул шақырыққа жуўап ретинде санаат кәрханаларындағы рабочийлардың 95 проценттен асламы өз үстлерине арттырылған миннетлемелер қабыл етип, социалистлик жарысқа қызғын пәт ендирип жиберди.

Көплеген санаат кәрханаларынын коллективлери өзлеринин байрам алды миннетлемелерин инабат пенен орынлап шықты. Уллы Октябрьдин 40 жыллық мерекесине жыл бойылық өндирислик планларын Мойнақ балық консерва комбинатынын, Шымбай май заводынын, Нөкистеги орайлық ремонтлаў-экскаватор мастерскойлары ҳәм басқа да санаат кәрханаларынын коллективлери орынлап шығып, даңқлы юбилейге ылайықлы саўға таярлады. Мереке күнине шекем Тахтакөпир, Қараөзек районлары, көплеген хожалықлар, жүзлеген звено ҳәм бригадалар мәмлекетлик пахта таярлаў планларын орынлап шықты.

Партия, совет, профсоюз ҳәм комсомол шөлкемлери юбилей жылынын тапсырмаларын арттырып орынлап шығыў ушын жигерли түрде гүрес жүргизди Усынын нәтийжесинде автономиялы республиканың санааты 1957-жылы мәмлекетлик планды 104 процент орынлап шығыўға еристи. 1956-жылдағыға қарағанда 107 миллион манатлық өним көп жетистирилди. Республиканын балық санааты кәрханалары, Хожели хәм Беруний пахта тазалаў заводлары, Шымбай май заводы ҳәм т. б. өндирис орынлары әсиресе жоқары көрсеткишлерди қолға киргизди.

Қарақалпақстан АССР Министрлер Совети жанындағы Санаат басқармасының кәрханалары жыл бойылық өндирислик планды 102 процент орынлап, 38 миллион манатлық өним ислеп шығарды. Карпромсовет артеллери менен кәрханалары 1957-жылдын улыўма өним ислеп шығарыў планын 105 процент орынлап, 25 миллион манатлық өним ислеп шығарды. Жергиликли санаат ҳәм өнерментлер кооперациясы бойынша 1957-жылы 1956-жылдағыға қарағанда 4 миллион манатлық өним артық жетистирилди.

1957-жылы Қарақалпақстан санааты кәрханаларында ислеўшилерден 3000 адам өндирислик нормаларын арттырып орынлаўға еристи, сонын ишинде 1800 адам еки-үш нормадан орынлады.

1958-жылы санаатты раўажландырыўға арналған қаржылар әдеўир көбейтилип, бул Қарақалпақстанда санааттын металлды қайта ислеўши, энергетика тараўларын ҳәм курылыс материаллары кәрханаларын дүзиўге мүмкиншилик берди.

1958-жылы автономиялы республикада 159 ири, көплеген орта ҳәм майда кәрханалар болып, оларда 12,7 мың адам жумыс иследи, соннан 585 адам жоқары ҳәм орта техникалық мағлыўматқа ийе болды·



www.ziyouz.com kutubxonasi

Республика санаатын раўажландырыўда санаат кәрханаларын реконструкциялаў ҳәм өндирис процесслерин механизацияластырыў үлкен әҳмийетке ийе болды. Нөкис нан комбинатында арнаўлы үскенелер менен тәминленген кондитер цехлары ашылды, қамыр ийлеўши, қамырды қәлипка салып, нанлардың бир салмақта ҳәм бир қәлипли болып шығыўын тәминлейтуғын жаңа машиналар орнатылды. Мойнақ балық консерва комбинатында балықларды музханадан консерва цехына алып келиў ҳәм балықларды тазалап таярлаў бөлиминдеги жумыслар механизацияластырылды, ҳәм т. б. Комбинатта таяр өнимлерди қутыларға салып пардазлаў бөлиминде жаңа жетилискен машиналар ислей баслады.

Соның менен бирге ойлап табыўшылар, рационализаторлар ҳәрекети ең жайып, 1958-жылы рационализаторлық усынысларды өндириске енгизиў нәтийжесинде 2,4 миллион манат үнемленди.

Тек Мойнақ балық консерва комбинатының өзинде 10 рационализаторлық усыныстың өндириске енгизилиўинен 212 мың манат үнемленди. Шымбай пахта тазалаў-май заводында 13 рационализаторлық усыныс ҳәм техникалық жетилистириўлер өндириске енгизилип, 203 мың манат үнемленди. Хожели май шығарыў заводында 9 рационализаторлық усыныстын өндириске енгизилиўи нәтийжесинде 600 мың манат үнемленди.

Алтыншы бес жыллық ақырында рабочийлардың инженер-техник хызметкерлердиң жигерли мийнет етиўи нәтийжесинде Қарақалпақстан санааты айтарлықтай табысларды қолға киргизди. Республика санаатынын улыўма өним ислеп шығарыўы 1953-жылға салыстырғанда 31 процент өсти.

Қарақалпақстан совнархозы системасындағы кәрханалар улыўма өним ислеп шығарыўдың мәмлекетлик планын 27-декабрьге орынлап шықты Беруний, Қоңырат, Шымбай пахта тазалаў заводлары, Хожели май заводы, Мойнақ балық консерва комбинаты ҳәм басқа да көплеген санаат кәрханалары өндирислик тапсырмаларды арттырып орынлап шықты

Қарақалпақстан пахта тазалаў заводлары Иран ҳәм Афганстанның барлық пахта тазалаў заводларына қарағанда 1,5 есе көп шигитсиз пахта ислеп шығарды. Өнимнин өзине түсер баҳасын арзанлатыў ҳәм мийнет өнимлилигин арттырыў нәтийжесинде пландан зият 2188 мың манат үнемленди.

Қарақалпақстан жергиликли санаат басқармасының кәрханалары улыўма өним ислеп шығарыў планын 101,8 процент, өнерментлер кооперациясының кәрханалары — 112,8 процент орынлап шықты. Олар 1957-жылдағыға қарағанда 15 миллион манатлық өнимди көп ислеп шығарды. Бул табыслар рабочийлардың ҳәм инженер-техник хызметкерлердин жигерли мийнет етиўинин, өндириске жаңа техниканы енгизиўдиң, өндирис процесслерин механизацияластырыўдың ҳәм мийнет тәртибин беккемлеўдин нәтийжесинде қолға киргизилди.

Жергиликли санаат қәрханалары арасында Нөкис гербиш заводы айрықша көзге түсти. Завод коллективи улыўма халықлық



www.ziyouz.com kutubxonasi

социалистлик жарысқа қосылып, улыўма өним ислеп шығарыўды көбейтиў менен бирге оның сапасын жақслаў исинде де әдеўир табысларды қолға киргизди ҳәм 1958-жылдың өним ислеп шығарыў планын мүддетинен бурын орынлап шығып, планнан зият 100 мың манатлық өним жетистирди

Алтыншы бес жыллықта Қарақалпақстанның санаат кәрханаларында коммунистлик мийнет ылғаллылары атағын алыў ушын социалистлик жарыс қызғын ен жайып кетти. Партия, профсоюз ҳәм комсомол шөлкемлери, мийнеткешлер депутатларының жергиликли советлери мийнеткешлердин бул ийгиликли ҳәрекетине басшылық етип, Қарақалпақстан совнархозы менен Жергиликли санаат басқармасы кәрханаларынын өним ислеп шығарыўдын мәмлекетлик планынын мүддетинен бурын орынланыўын тәминледи, солай етип, автономиялы республика санаатының буннан былай да раўажланыўы ушын жағдай туўғызды.

Бул жыллары ондатра хожалығы ҳәм аң терилерин жетистириў әдеўир раўажланыўға еристи. 1956-жылы Қарақалпақстан АССР ы таярланған ондатра терилериниң муғдары ҳәм сапасы жағынан елимизде биринши орынды ийеледи. 1957-жылдан баслап, республикада баҳалы аң терили ҳайўанлар бағып өсирилетуғын фермалар шөлкемлестириле баслады. 1958—1959-жыллары олар мәмлекетке баҳалы аң терилерин таярлап тапсырыўдан 900 мың манаттан аслам пайда алыўға еристи.

Алтыншы бес жыллықта Қарақалпақстанда қурылыстын көлеми менен пәтлери әдеўир өсти 1956-жылы 19 мың квадрат метр турақ-жай пайдаланыўға берилип. Турақ-жай қурылысы аўыллық жерлерде де кең ен жайдырылды. Хожели районынын Ленин атындағы колхоз орайынан бөлинбес фонд есабынан колхозшылар ушын 20 типовой турақ-жай салынып пайдаланыўға берилди.

1957-жылы КПСС Орайлық Комитети ҳәм СССР Министрлер Совети „Турақ-жай қурылысын раўажландырыў ҳаққында“ қарар қабыл етти. Автономиялы республиканың партия, совет ҳәм хожалық шөлкемлери усы қарарды басшылыққа алып, қурылыс жумысларынын кең программасын әмелге асыра баслады.

1957-жылы Қарақалпақстандағы ири қурылысқа 257 миллион манат жумсалды, соннан турақ-жай қурылысына 38,5 миллион манат, ал Нөкис қаласындағы қурылыс жумысларына 7,4 миллион манат бөлип шығарылған еди.

Республиканың қурылыс шөлкемлери 1957-жылы турақ-жай қурылысы бойынша тапсырманы орынлап, 22 мың квадрат метр көлеминдеги турақ-жайды пайдаланыўға берди. Турақ-жай қурылысы барлық жерде ен жайдырып жиберилди. Қала ҳәм аўыл халқы жеке үнемлеўлери есабынан ҳәм мәмлекетлик кредиттиң жәрдеминен пайдаланып, улыўма көлеми 60 337 квадрат метр меншик жайларын салып алды.

Автономиялы республика қурылыс шөлкемлериниң көплеген коллективлери үлкен табысларды қолға киргизди. Жемисли жу-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мысы ушын 1957-жылы Қурылысшылар күни мүнәсибети менен 39 алдынғы қурылысшы Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Совети Президиумынын Ҳүрмет грамоталарын алыўға мияссар болды.

1958-жылы республикада 30 мың квадрат метр көлеминдеги турақ-жай, яғный 1956-жылға—алтыншы бес жыллықтың бирин-ши жылындағыға қарағанда 11 мың квадрат метр көп турақ-жай пайдаланыўға берилди.

1958-жылы турақ-жайларды ҳәм өндирис объектлерин газлестириў мақсетинде республикалық „Қарақалпақресгаз" тресті дүзилди. Усы жылы Султан Ўәйис таў геологиялық-разведкалаў партиясы шөлкемлестирилип, ол тальк запасларын (10 миллион тонна) тапты. Бул жерде тальк кәнлеринин табылыўы тек Қарақалпақстанда ғана емес, ал қонысылас Ҳорезм ҳәм Ташаўыз областларында да санаат ҳәм турақ-жай қурылысынын пәтлерин әдеўир тезлетиўге мүмкиншилик берди.

1958-жылы Тақыятаста 4 мың киловатт саатлық қуўатқа ийе энергопоезд пайдаланыўға берилип, усынын нәтийжесинде Тақыятас ГРЭС инин қурылысы тезленди. Нөкисте қурылыс жумысларынын көлема 1957-жылдағыға қарағанда еки есе өсти. Темирбетон конструкциялары заводы, гербиш заводы иске қосылды, сондай-ақ 318 квадрат метр көлеминде турақ-жай майданы пайдаланыўға берилди

Колхозлардың қаржысы есабынан қурылыс жумыслары аўыл-лық жерлерде де ен жайдырылды. Колхозлар аралық қурылыс шөлкемлери Төрткүл, Беруний ҳәм Әмудәрья районларында ири жәмийетлик объектлердеги қурылысларға 1958-жылы 428 480 манат жумсады.

Алтыншы бес жыллықта Қарақалпақстанда транспорттын барлық түрлери буннан былай да раўажланды. 1956-жылы Қарақалпақстан темир жол транспорты жыл бойылық планды 120,8 процент орынлап шықты. Республика автотранспортшылары арасында социалистлик жарыстың ири ремонтсыз автомашиналардың жүз мың километр жүриўине ерисиў сияқлы формасы кен ен жайды. Бул жарыста автотранспорт хызметкерлеринин жигерли мийнети өзинин жақсы нәтийжелирин берди. Қарақалпақстан АССР ы автомобиль транспорты ҳәм тас жоллар министрлигинин автобазалары 1921 мың тонна жүк тасып, бул 1955-жылдағыға қарағанда 160 мың тонна көп болды

Республиканын дәрья транспорты 1956-жылы план тапсырмаларын 100,5 процент орынлап шықты. Сондай-ақ ҳаўа транспорты да жақсы нәтийжелерге еристи.

1957-жылы транспорттың барлық түрлери бойынша улыўма жүк тасыўдын көлеми 34,8 миллион тоннаны қурады. Алтыншы бес жыллықтың соңғы жылында республиканын дәрья транспортшылары үлкен табысларды қолға киргизди. Олар 82 мын тонна ҳәр-қыйлы халық хожалық жүклерин тасып берди.

Магистрал тас жоллардын қурылып пайдаланыўға берилиўи автотранспорттың турақлы ислеўине мүмкиншилик берди. 1958-



www.ziyouz.com kutubxonasi

жылы автобазалар тәрепинен 1929 мың тонна жүк тасылды ҳәм 10216 мын пассажир қатнатылды.

Алтыншы бес жыллықта байланыс қуралларынын раўажланыўына да үлкен кеўил бөлинди. Қала ҳәм аўыллар тез пәтлер менен радиоластырылды. Телефон тараўы да әдеўир кеңейди, байланыс кәрханалары менен бөлимлеринин халыққа хызмет көрсетиўи бир қанша жақсыланды.

Солай етип, бесинши ҳәм алтыншы бес жыллық жылларында автономиялы республика санаатынын, қурылыс, транспорт ҳәм байланыс тараўларынын рабочийлары, инженер-техник хызметкерлери барлық совет адамлары сияқлы бизиң елимизде социализм қурылысынын жуўмақлаўшы басқышында мәмлекетлик план тапсырмаларын мүддетинен бурын арттырып орынлап шығыў ушын улыўма халықлық гүреске қосылып, санаатты, ири ҳәм турақ жай қурылысын, транспортты және байланыс қуралларын раўажландырыўда үлкен табысларды қолға киргизди.

Санаат кәрханаларында, курылыс орынларында, транспортта, байланыс тараўларында жана техниканың енгизилиўи, қол күшин көбирек талап ететуғын мийнет процесслеринин механизацияластырылыўы Қарақалпақстаннын жас рабочий класының мәдений-техникалық дәрежесинин әдеўир өсиўине алып келди.

Партия, совет, профсоюз, комсомол ҳәм басқа да жәмийетлик шөлкемлер өндирис орынларының рабочийлары менен инженер-техник хызметкерлеринин дөретиўшилик басламаларын басқарып, республикада санааттың, транспорттын, қурылыстың ҳәм т. б. өндирис тараўларынын буннан былай да раўажланыўы ушын беккем тийкар таярлады.

Қарақалпақстаннын рабочий класы автономиялы республика партия шөлкеминин басшылығы астында өзинин жигерли мийнети менен бизиң елимизде социализм курылысын табыслы питкериў исине ылайықлы үлес қосты ҳәм коммунизм қурылысы ушын зәрүрли жағдайлар дүзди.

## 2. ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АЎЫЛ ХОЖАЛЫҒЫ БЕСИНШИ ҲӘМ АЛТЫНШЫ БЕС ЖЫЛЛЫҚЛАР ДӘЎИРИНДЕ

Аўыл хожалығын раўажландырыў мәселелери бул жыллары Коммунистлик партия менен Совет ҳүкиметинин дыққат орайында болып келди. Колхозлар менен совхозлардың материаллықтехникалық базасын беккемлеў, аўыл хожалығына қаржы бөлип шығарыўды көбейтиў бойынша ҳәм аўыл мийнеткешлеринин материаллық қызығыўшылығын арттырыўға бағдарланған бир қатар илажлар әмелге асырылды.

Аўыл хожалығы өндирисинин барлық тараўларын буннан былай да көтериўдиң конкрет ўазыйпалары КПСС XIX съездинин (1952-жыл октябрь) СССР халық хажалығын раўажландырыўдың бесинши бес жыллық планы бойынша Директиваларында белгилеп берилген еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1953-жылдын августында СССР Жоқарғы Советиниң V сессиясы ауыл хожалығына ири қаржы жумсауды көбейтиу мәселесин қарап шығып, ауыл хожалығы салығы ҳаққында жаңа Реже қабыл етти. Бул Реже салық белгилеудин жаңа тәртибин орнатты ҳәм салықтын муғдарын әдеуир кемитти

Коммунистлик партиянын елимиз ауыл хожалығын рауажландырыуға бағдарланған жумысында КПСС Орайлық Комитетиниң 1953-жыл сентябрь Пленумы үлкен әҳмийетке ийе болды. Ауыл хожалығына байланыслы мәселелер КПСС Орайлық Комитетиниң буннан кейинги—февраль-март, июнь (1954-ж,) ҳәм январь (1955-ж.) Пленумларында да қаралды. Ауыл хожалығын буннан былай да рауажландырыу уазыйпалары КПСС XX съездиниң (1956-жыл февраль) 1956—1960-жыллары СССР халық хожалығын рауажландырыудың алтыншы бес жыллық планы бойынша Директиваларында белгилеп берилген еди.

Партия ҳәм ҳүкиметимиздин бул қарарлары партия, совет ҳәм ауыл хожалығы органларынын, профсоюз, комсомол шөлкемлериниң, сондай-ақ Қарақалпақстаннын барлық ауыл мийнеткешлеринин дөретиушилик жумысларынын программасы болды. Автономиялы республика ауыл хожалығынын тийкарғы тарауы болған пахташылыққа айрықша кеуил бөлинди

1951-жылы Қарақалпақстан АССР ынын бюджети 1950-жыл менен салыстырғанда 1729 мың манат көбейди, сондай-ақ ауыл хожалығына жумсалатуғын қаржылардың көлеми де әдеуир өсти. Нәтийжеде, республиканың ауыл хожалығы көп муғдарда жаңа техника менен қураллаңдырылды. 1951-жылы республиканың трактор паркине жаңадан 1041 трактор (15 ат күшине есаплағанда), 530 пахта териу машинасы, 194 жер қазыу агрегаты келип қосылды. Ирригация ҳәм мелиорацияны техника менен тәмийинлеуге көп муғдарда қаржы бөлип шығарылды Бул суу-ғарыу тарауларының үзликсиз көбейиуине, ауыл хожалығы егинлеринин егислик майданларының кеңейиуине алып келди. Мәселен. 1951-жылы пахтаның егислик майданы 2900 гектарға өсти.

1951-жылы Қарақалпақстан мәмлекетке 195 мың тонна, яғный 1950-жылдағыға қарағанда 67 мың тонна көп пахта тапсырды. Орташа зүрәәтлилик гектарынан 15,7 центнерди курады.

1952-жылы Қарақалпақстан мәмлекетке 117100 тонна пахта тапсырды. Үш жыл дауамында (1951 — 1953-ж.ж ) республикада пахта таярлаудың мәмлекетлик планы орынланбады.

1950-жылдан баслап Қарақалпақстаннын арқа районларының гейпара колхозлары кенеп ҳәм қызыл кендир егип жетистире баслады. Мәселен, Шымбай районынын колхозлары бул егинлерди 4 мың гектар жерге етип, жоқары зүрәәт жетистирди. 1953-жылы Шымбай районынын колхозлары бул қабықлы егинлерден 91 ден 117 центнерге шекем зүрәәт жетистирип алды.

1953-жылы республикада коллектор-суу қашырыу тарауларын қурыу ҳәм ирригация тарауларының техникалық жағдайын жақсылау бойынша биркатар жумыслар жүргизилди. Ирригация та-



www.ziyouz.com kutubxonasi

раўларын тазалаў жумысларын механизацияластырыў дәрежеси әдеўир арттырылды. Трактор паркиниң қуўаты 1953-жылы 1952-жылға салыстырғанда 27 процент, ал экскаватор паркиниң қуўаты — 54 процент ҳәм пахта териў машиналары 36 процент артты. Жер қазыў ҳәм басқа да қуўатлы машиналардың саны көбейди. Шымбайда тағы бир МТС ҳәм машина-экскаватор станциясы шөлкемлестирилди

Бул илажлар республика колхозларына пахташылықты раўажландырыўда бир қанша табысларды қолға киргизиўге мүмкиншилик берди Қарақалпақстан бойынша улыўма алғанда пахтаның зүрәәтлилиги 3,2 центнер артты.

Бирақ республика аўыл хожалығының раўажланыў пәтлери еле жеткиликсиз болып, бесинши бесжыллық план тапсырмалары дәрежесинде емес еди.

1953-жыл ноябрь айының басында ӨзКП Қарақалпақстан обкомының IX Пленумы ҳәм аўыл хожалығы алдынғыларының 1954-жыл январь айында болып өткен X қуралтайы КПСС Орайлық Комитети сентябрь Пленумының жуўмақлары ҳәм аўыл хожалығын буннан былай да раўажландырыў бойынша республика партия шөлкеми менен барлық аўыл мийнеткешлериниң ўазыйпалары ҳаққындағы мәселени додалады.

Бул Пленум ҳәм қуралтай автономиялы республика аўыл хожалығында орын алған кемшиликлерди ашып таслап. КПСС Орайлық Комитетиниң сентябрь Пленумының қарарларын әмелге асырыў бойынша, пахташылықты ҳәм аўыл хожалығының барлық тараўларын буннан былай да раўажландырыў бойынша әмелий илажлар ислеп шықты.

Областлық партия комитетиниң Пленумы республиканың партия, совет ҳәм аўыл хожалығы органларын барлық күшти аўыл хожалығын раўажландырыўдың кең программасын әмелге асырыўға мобилизациялаўға миннетледи. Ал республика аўыл хожалығы алдынғыларының қуралтайы қатнасыўшылары барлық ер ҳәм ҳаял колхозшыларға, механизаторларға ҳәм МТС лардың барлық рабочийларына, инженер-техник хызметкерлерине қарата үндеў қабыл етип, оларды социалистлик жарысқа актив қосылыўға шақырды.

Пленум ҳәм қуралтай республика пахтакешлериниң алдына 1954-жылы пахтаның егислик майданын 89 мың гектарға шекем көбейтиў, пахтаның зүрәәтлилигин әдеўир арттырыў ҳәм ирригация тараўларын жетилистириў ўазыйпасын қойды.

1954-жылы февраль айында СССР Министрлер Совети ҳәм КПСС Орайлық Комитети „1954—1958 жыллары Өзбекстан ССР ында пахташылықты буннан былай да раўажландырыў ҳаққында" қарар қабыл етти. 1954-жыл 2-мартта КПСС Орайлық Комитетиниң Пленумы Өзбекстанның партия ҳәм совет органларының суўғарыў тараўлары менен бирге пайдаланылмай атырған жерлерди пахта егиў ушын аўыл хожалығы айланысына енгизиў ҳаққындағы басламасын қуўатлады. Пленум СССР Аўыл хожа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лығы министрлигин, СССР Совхозлар министрлигин, Орта Азияның, Закавказияның ҳәм Қубла Қазақстан областының пахта егиўши районларының жергиликли партия және совет органларын дийханшылыққа жарамлы бос жатқан жерлерди өзлестириў ҳәм пахта-жонышқа алмаслап егиўине енгизиўге, колхозларда суўдан пайдаланыўдың жағдайына қатаң қадағалаў орнатыўды тәминлеўге ҳәм аўыл хожалығы егинлерин суўғарыўдың әдеўир жетилискен усылларын кең қолланыўға ерисиўге миннетледи. Пленум жақын 2—3-жыл даўамында суўғарып егилетуғын жерлердин мелиоратив жағдайын түп-тамырынан жақсылаўды, ислеп турған коллектор-дренаж тараўларын тәртипке салыўды ҳәм оның жаңа тараўларын қурыўды, суўғарып егилетуғын жерлердиң кебирленип, аўыл хожалығы айланысынан шығып қалыўына жол қоймаўды ўазыйпа етип қойды.

Соның менен бирге КПСС Орайлық Комитети союзлық республикалар Компартиялары Орайлық Комитетлерине партия крайкомларына, обкомларына санаат орайларынан ҳәм халық хожалығының басқа тараўларынан инженер-техник хызметкерлерди аўылларға жибериўди, колхозларды шөлкемлесгириў-хожалық жағынан беккемлеўди ҳәм аўылда сиясий-тәрбия жумысларын жақсылаўды тапсырды.

Партияның бул қарарларын булжытпай орынлаў ушын басшылыққа алып, партия, совет органлары автономиялы республика аўыл хожалығын қанийгели кадрлар менен беккемлеў бойынша үлкен жумыслар жүргизди. Ал 1954-жылы январь айында Өзбекстан ССР Министрлер Совети менен ӨзКП Орайлық Комитети Қарақалпақстанға 18 инженер ҳәм агроном жиберди. КПСС Орайлық Комитетиниң сентябрь Пленумынан кейин 3600 жоқары ҳәм арнаўлы орта билимли қанийге МТС ларға және колхозларға барып жумыс ислеў тилегин билдирди. Қарақалпақстанның МТС ҳәм колхозларында турақлы жумыс ислеў ушын 260 агроном зоотехник және механизаторлар көплеген партия-совет хызметкерлери келди. Республикалық аппараттан ҳәм районлық активистлерден 27 адам колхоз басқарма председателлигине, 119 адам колхозлардағы басланғыш партия шөлкемлери секретарьлығына, 20 адам районлық партия комитетлеринин МТС лар зонасы бойынша секретарлары хызмет орнына, 58 адам инструкторлыққа усыныс етилди.

1954-жылы республика МТС ларының турақлы механизатор кадрларын дүзиў мақсетинде механизаторлардан 3436 адам МТС лардың турақлы штатларына өткерилди, Қарақалпакстан АССР ындағы механизатор кадрлар усы жылы 3632 адамға жеткерилди.

Республика аўыл хожалығының раўажланыўында аўыл хожалығы өндирисин техника менен тәминлеў үлкен әҳмийетке ийе болды. 1954-жылы Қарақалпақстан трактор паркинин қуўаты 1940-жылдағыға салыстырғанда 4,4 есе өсти. Автономиялы республикада пахташылықтың раўажланыўында ирригациялық жу-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мысларды механизацияластырыў, суўғарыў тараўларын үзликсиз түрде жетилистирип барыў үлкен әҳмийетке ийе болды.

Аўыл мийнеткешлерине республика қалалары менен район орайларының халқы үлкен әмелий жәрдем көрсетти. Мәселен, 1954-жылы тек Нөкис қаласындағы 49 санаат кәрханасының, мәкеме ҳәм оқыў орны коллективлери республиканың 40 колхозына қәўендерлик жасады. Олар тәрепинен 7 мың тонна пахта, 3 мың тонна минерал төгин, 450 тонна шийкизат тасып берилди. 1954-жылғы пахта терим компаниясына нөкислилерден 3000 ға жақын адам қатнасып, олар 3 мың тонна пахта, 500 тонна ғөрек ҳәм 43 тонна палыз өнимлерин жыйнап терип берди



Қарақалпақстан АССР ындағы дәслепки Социалистлик Мийнет Қаҳарманы, Шымбай районындағы Ахунбабаев атындағы колхоздың звено баслығы, Өзбекстан ССР Аўыл хожалығы илимлери академиясының ҳүрметли академиги Шамурат Муўсаев

КПСС Орайлық Комитетиниң март (1954-ж ) Пленумының қарарларын орынлап, республиканың партия, совет ҳәм хожалық органлары жаңа жерлерди өзлестириў есабынан ҳәм бурын пайдаланыўдан қалдырылған жерлерди аўыл хожалығы айланысына қосыў арқалы егислик жерлердиң майданын кеңейтиўге айрықша дыққат аўдарды. 1951-жылы республикада егислик майдан 19,6 мың гектарға, соның ишинде Кегейли районында 1271 гектарға, Куйбышев районында 1830 гектарға көбейди. Бирақ егислик майданы бойынша план көрсеткиши автономиялы республика бойынша тек 93.5 процент етип орынланды

Республикамыздағы селекционер илимпазлардың пахташылықтың арқа зонасындағы қатаң тәбийий шараятларға ийкемлестирилген тез писер, жоқары зүрәәтли ҳәм суўыққа шыдамлы жаңа пахта сортларын жетистирип шығарыўы Қарақалпақстанда пахташылықтың раўажланыўына белгили дәрежеде мүмкиншилик туўғызды. Мәселен селекционер Г. И. Гаврилов тәрепинен шығарылған пахтаның жаңа сорты арқа районлардағы 60 мың гектар жерге егилип, суўық түскенге шекем әдеўир муғдарда пахта терип алыныўына мүмкиншилик берди. Сондай-ақ пахтадан жоқары зүрәәт алыўдың маманы Социалистлик Мийнет Қаҳарманы Шамурат ата Муўсаевтың бай тәжирийбеси кең таралды. Пахтаны квадратлы-уялы усылда егиў де белгили дәрежеде унамлы нәтийжелер берди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарақалпақстан пахтакешлери 1954-жылы үлкен табысларды қолға киргизди. Мәмлекетлик пахта таярлаў планы 106 процент орынланып, ҳәр бир гектар жерден орташа 17,9 центнерден зүрәәт алынып, 1953-жылдағыға қарағанда 42,5 мың тонна ямаса 29,8 процент көп пахта тапсырылды. Республика колхозларының пахташылықтан алған доходлары 1953-жылдағыға қарағанда 39,5 процент артты.

1954-жылы Қарақалпақстандағы ең биринши пахташылық совхозы—Хожели районындағы „Әмудәрья“ совхозы шөлкемлестирилди. Жаңа совхоздың 1600 гектар егислик жери болып, оған зәрүрли муғдарда қурал-сайманлар, экскаваторлар ҳәм басқа да аўыл хожалық машиналары ажыратып берилди.

Қарақалпақстанда дәслепки жаңа совхоздың шөлкемлестирилиўи республика аўыл хожалығында жаңа басқышқа баслама салды.

1954-жылы Москвада Пүткил союзлық аўыл хожалығы жетискенликлериниң көргизбеси жәнe қайтадан ашылып, ол урыстан соңғы дәўирдеги елимиз аўыл ҳожалығының раўажланыўының тарийхында айрықша ўақия болды. Өзбекстан ССР ының павильонындағы еки зал Қарақалпақстан АССР экспонатлары ушын ажыратылып, оларда аўыл хожалығындағы ҳәм балықшылықтағы жетискенликлер көрсетилди. Союз НИХИ диң Қарақалпақстан комплексли зоналық станциясы тәрепинен дөретилген пахтаның тез писер ҳәм жоқары зүрәәтли сортлары да усы залларда орын алды. Сондай-ақ көргизбеде 1953-жылы 470 гектар пахта майданының ҳәр бир гектарынан 36 центнерден зүрәәт алған Төрткүл районындағы Молоков атындағы колхоздың ҳәм ҳәрбир гектар пахта майданынан орта есап пенен 36 центнерден зүрәәт жетистирген Чкалов атындағы колхоздың жетискенликлери де көргизбе залларында көрсетилди.

Көргизбеге Кеңес районындағы Ахунбабаев атындағы колхоздың звено баслығы Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы Шамурат Муўсаев, Төрткүл МТС ының бригада механиги Авез Аманназаров, агроном-селекционер Г. И. Гаврилов, Төрткүл районындағы Молоков атындағы колхоздың звено баслығы Қазақ Жуманазаров, алдыңғы пахта теримши Енегүл Арызқлычева ҳәм аўыл хожалығының көплеген басқа да алдынғылары қатнасты Аўыл хожалығы алдынғыларының тәжирийбеси аўылдың барлық мийнеткешлериниң ийгилигине арналды, ал көргизбе шын мәнисинде алдынғы тәжирийбениң халық университетине айланды.

КПСС Орайлық Комитети Пленумлары менен СССР Министрлер Советиниң қарарларын жәнe Өзбекстан Компартиясының XII съездиниң аўыл хожалығы өндирисин тағы да көтериў бойынша қарарларын әмелге асырып, Қарақалпақстанның партия, совет ҳәм аўыл хожалығы органлары егислик майданларын әдеўир кеңейтиў, дийханшылықтың алдыңғы агротехника илажларын кең қолланыў бойынша үлкен жумыслар жүргизди. Республикада әҳмийетли от-шөп дереги ретинде мәкке кең түрде егиле баслады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1955-жылы республикадағы егислик жер майданы 10,7 процентке, соның ишинде пахта егилетуғын жер майданы—22, процентке кеңейди Бирақ 1955-жылы пахта таярлаўдың мәмлекетлик планы тек 82 процент орынланды. Қарақалпақстан областлық XV партия конференциясы атап көрсеткениндей-ақ, республикада пахтаның зүрәәтлилиги ҳәр бир гектарға орташа алғанда 5 центнерге кемип кетти, зүрәәтлилик әсиресе Төрткүл, Шаббаз ҳәм Қыпшақ районларында төменледи.

1955-жылы пахтаның зүрәәтлилигиниң төменлеўине алып келген жағдайлардың бири суўықтың ерте түсиўи болды. Соның менен бирге МТС лардағы бар болған техниканың төмен дәрежеде пайдаланылыўы да зүрәәтлиликтиң төменлеўине алып келген тийкарғы себеплердиң бири болды. Республикадағы 19 МТС тан тек I ҳәм II Төрткүл МТС лары ғана жер сүриў ҳәм басқа да жумыслар бойынша план көрсеткишлерин орынлап шықты. Республикада 1954-жылғы гүзги жер сүриў планы тек 17 процент орынланды.

Соның менен бирге республика аўыл хожалығы өндирисинде еле бир қатар кемшиликлер де орын алып, оларды 1956-жылы январь айында болып өткен XV Қарақалпақстан областлық партия конференциясы атап өтти. Автономиялы республикада суў хожалығы қурылысына тийисли кеўил бөлинбеди, мәмлекет тәрепинен усы мақсетлерге бөлип шығарылған қаржылардың әдеўир бөлеги пайдаланылмай қалды. Жерлерди мелиорациялаў жумыслары жеткиликсиз жүргизилди, жер қазыў техникасы тийисли дәрежеде пайдаланылмады, аўыл хожалығы өндирисинде мийнетти көп талап ететуғын жумыслар талапқа муўапық механизацияланбады.

Конференция бул кемшиликлерди сапластырыўға бағдарланған қарар қабыл етти.

Халық хожалығының барлық тараўларын буннан былай да раўажландырыўда ҳәм аўыл хожалығына партиялық басшылықты жетилистириўде КПСС XX съездиниң тарийхый қарарлары үлкен әҳмийетке ийе болды Съезд партияның басшы органларының есаплы докладларын тыңлады ҳәм 1956—1960-жыллары СССР халық хожалығын раўажландырыўдың алтыншы бес жыллық планы ҳаққында Директивалар қабыл етти

Алтыншы бес жыллық план бойынша Өзбекстанда пахта жетистириў 1,5 есе, ал Қарақалпақстанда—2,2 есе, гөш—3,4 есе, сүт—3,0 есе, жүн—2,5 есе, қара көл тери—1,5 есе, пилле—1,2 есе көбейтилиўи нәзерде тутылды

Автономиялы республика мийнеткешлери партия XX съездиниң тарыйхий қарарларын үлкен қанаатланышылық пенен күтип алды. 1956-жыл 13-мартта Нөкисте республикалық партия активиниң жыйналысы болып өтип, онда „КПСС XX съезди жумысының жуўмақлары ҳәм Қарақалпақстан партия шөлкеминиң ўазыйпалары" додаланды. Аўыл хожалығы өндириси өнимлерин көбейтиў ушын адам ҳәм материаллық-техникалық ресурсларды



www.ziyouz.com kutubxonasi

мобилизациялаў, аўыл мийнеткешлери арасында партиялық шөлкемлестириў ҳәм идеологиялық жумысларды жетилистириў бойынша конкрет илажлар белгиленди Партия активи республика мийнеткешлери алдына 1956-жылы 197 мын тонна „ақ алтын" жетистириўди ўазыйпа етип қойды.

Республикалық партия активиниң шақырығына бириниши болып аўыл механизаторлары өзлериниң жигерли мийнети менен жуўап берди. 1956-жылдын март айынын ақырында республиканың жас механизаторларының кеңеси болып өтип, оған 200 ден аслам адам қатнасты. Кенес қатнасыўшылары республиканың барлық жас механизаторларын ҳәм колхозшы жасларын пахташылықта механизацияны кең қолланыўға және механизаторлардын қатарын көбейтиўге шақырды,

1956-жылдың басында Қарақалпақстанда кем қуўатлы колхозлардың экономикасын көтериў бойынша әҳмийетли илажлар әмелге асырылды. Мәмлекет оларға аўыл хожалығы салығы бойынша жеңилликлер берди, оларды суўдан пайдаланғаны ушын ҳәм басқа да қарызларынан азат етти. Мәселен, Куйбышев районынын колхозлары мәмлекетлик миннетли 60 центнер гөш, 99 центнер сүт, 178 центнер жүн, 795 центнер салы тапсырыўдан азат етилди. Сондай-ақ пүткил район бойынша колхозлардын суўдан пайдаланғаны ушын 521541 манат муғдарындағы қарызы алып тасланды. Бул илажлар республиканын әсиресе арқа районларындағы кем қуўатлы колхозларынын экономикасын көтериўде белгили орын тутты.

Республика мийнеткешлери КПСС XX съездиниң жуўмақларын кең түрде додалап, аўыл хожалығы өнимлерин жетистириўди көбейтиў бойынша өз үстилерине арттырылған социалистлик миннетлемелер қабыл етти. Төрткүл районында партия XX съездиниң жуўмақлары 52 басланғыш партия шөлкеминде додаланды. Бул жыйналысларда 853 коммунист шығып сөйлеп, баҳалы усыныс ҳәм пикирлерин көрсетти, партия съездинин аўыл хожалығын раўажландырыў бойынша қарарларын әмелге асырыў мақсетинде 47 бригада баслығы, 158 звено баслығы ҳәм 372 колхозшы пахта және басқа да аўыл хожалығы өнимлерин жетистириў бойынша план тапсырмаларын әдеўир арттырып орынлаўға миннетленди.

Пахтакешлер жигерли мийнет етиўдин үлгилерин көрсетти. Егис алды таярлық жумыслары өткен жыллардағыға қарағанда әдеўир бурын питкерилди Аўыл хожалығы техникасынан ҳәм ирригация тараўларынан өнимли пайдаланылды.

Тәжирийбели басшы кадрлар бекитилип, артта қалған хожалықларды беккемлеў, аўыл хожалығының барлық тараўлары бойынша маман қанийгелер таярлаў исине үлкен кеўил бөлинди.

Сиясий-тәрбия жумысларын жақсылаў максетинде республикадағы артта қалған колхозларға партия-совет кадрларынан 42 адам жиберилип, олар басланғыш партия шөлкемлеринин секретарлығына усынылды. 1956-жылы аўылда турақлы жумыс ислеў



www.ziyouz.com kutubxonasi

ушын район орайларынан 81 адам өз семьялары менен колхозларға көшип келди. Олар өзлериниң шебер басшы, аўыл хожалығы өндирисиниң ҳақыйқат командирлери екенлигин ис жүзинде көрсетти

Республиканын аўыл хожалығы ушын қанийгелер таярлаўда 1925 жылы Төрткүл қаласында шөлкемлестирилген Нөкис аўыл хожалық техникумы үлкен хызмет атқарды. 1925—1956 жыллар аралығында техникум 815 аўыл хожалығы қанийгесин таярлап шығарды. Олардын арасында ҳаял-қызлардан 52 адам болды. 1956—1957-оқыў жылында техникумда оқыўшылардың саны 700 адамға жетти. Техникумды питкерип шыққан қанийгелер колхозларды шөлкемлестириў хожалық жағынан беккемлеўге ҳәм республика аўыл хожалығы өндирисин раўажландырыў исине өзлериниң ылайықлы үлеслерин қосты.

КПСС Орайлық Комитети менен СССР Министрлер Советинин 1956-жыл 11-августтағы „Пахта жетистириў ҳәм таярлаўда материаллық стимулластырыўды буннан былай да арттырыў ҳаққында"ғы қарары елимизде пахташылықты раўажландырыўда үлкен әҳмийетке ийе болды.

Республиканын партия, совет ҳәм хожалық органлары барлық ресурсларды пахта жетистириўди көбейтиўге жумсады. 1955-жылдың пахта таярлаў планы инабатлы орынланып, Ўатанға 178 мың тонна „ақ алтын" жеткерип берилди. бул 1955-жылдағыға қарағанда 37 мың тонна көп болды. Ал пахтаның орташа зүрәәтлилиги бир жылда 3,9 центнер артты. Республика колхоз-



Социалистлик Мийнет Қаҳарманы Амангүл Сапарбаева.



Социалистлик Мийнет Қаҳарманы Абажан Дурдыев.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ларының пахташылықтан алған доходы 250 миллион манатты қурады. Мийнет өнимлилиги 17,6 процент артты.

Жигерли мийнети ушын Қарақалпақстан аўыл хожалығынын ең жоқары көрсеткишлерге ерискен алдынғыларына Социалистлик Мийнет Қаҳарманы деген жоқары атақ берилди, олардың арасында Шымбай районынан звено баслығы—Амангүл Сапарбаева, Төрткүл районынан колхоз председатели—Абажан Дурдыев, Шаббаз районынан звено баслығы — Гүлжан Қурбанова. Өз КП Төрткүл қалалық комитетиниң секретары—Фаттах Васигов, Төрткүл МТС ының бас инженери Артық Балтабаев, Шаббаз районынан бригада баслығы—Садық Төрениязов ҳәм т. б. болды.

1957-жылы пүткил совет халқы ҳәм барлык прогрессив адамзат Уллы Октябрь социалистлик революциясының 40 жыллығын белгилеп өтти. Қарақалпақстан аўыл хожалығының мийнеткешлери даңқлы юбилей ҳүрметине пахта ҳәм аўыл хожалығы өнимлериниң басқа да түрлерин таярлаўдың мәмлекетлик планларын арттырып орынлап шығыў ушын социалистлик жарысқа актив қосылды.

Республиканың партия, совет ҳәм аўыл хожалық органлары егислик майданларын кеңейтиўге, пахташылықта жаңа прогрессив усылларды кең қолланыўға айрықша дыққат бөлди. Бурын бос жатқан, бирақ егин егиўге жарамлы жерлер аўыл хожалығы өндирисине енгизилди. Тек Төрткүл районынын өзинде 1954—1960-жыллары Қырқ қыз массивиндеги колхозлар бирликте 3177 гектар жерди өзлестирди. Көплеген районларда ирригация тараўлары кеңейтилип, жаңа каналлар қурылды, ескилери реконструкцияланды, бул илажлар егислик жерлеринин кеңейиўине жәрдемлести.

Нәтийжеде пахтаның егислик майданлары 1957-жылы 105 мың гектарға, ал 1958-жылы—117 мың гектарға жеткерилди.

Егислик майданларын кеңейтиў ҳәм кең көлемде жаңа жерлерди өзлестириўде машина-экскаватор станциялары менен бирге 1957-жылы Қарақалпақстанда биринши рет Төрткүл, Беруний, Әмудәрья ҳәм Хожели районларында дүзилген колхозлар аралық қурылыс шөлкемлери үлкен хызмет атқарды.

1957-жылдың май айында Өз КП Қарақалпақстан обкомы, Қарақалпақстан АССР ының Жоқарғы Совети Президиумы менен Министрлер Совети республиканың барлық колхозшыларына, механизаторларына, аўыл хожалығының қанийгелерине МТС лар менен „Әмудәрья" совхозының рабочийларына, қала ҳәм район орайларының мийнеткешлерине қарата үндеў жәриялап, оларды Уллы Октябрь социалистлик революциясының 40 жыллығын пахташылық бойынша алынған социалистлик миннетлемелерди орынлап шығыў менен күтип алыўға шақырды.

Бул шақырыққа ис пенен жуўап берип пахтакешлер ҳәм механизаторлар пахта егиси мапазын табыслы жуўмақлады, 70 мың гектар жерге шигит квадратлы-уялы усыл менен егилип бул пахта егислигиниң әдеўир бөлегинде ғаўашаның қатар арала-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рына ислеў бериўди еки бағдарда жүргизиўге мүмкиншилик берди.

Шигитти квадратлы-уялы усылда егиўде айрықша жақсы нәтийжелерге ерискен алдыңғы қатар механизаторлардан 142 адам Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Совети Президиумының 1957-жыл 4-майдағы Указына муўапық Ҳүрмет грамотасы менен наградланды.

Аўыл хожалығы жумысларының табыслы жүргизилиўине мәмлекеттиң техника, минерал төгинлер ҳәм ядохимикатлар менен жәрдем бериўи үлкен жағдай туўғызды. 1956—1957-жыллары республика хожалықлары менен МТС лары мәмлекеттен 1000 нан аслам ҳәр қыйлы тракторлар, 11 экскаватор, 250 скрепер, 36 землесос ҳәм басқа да аўыл хожалық машиналарын алды.

1957-жылы Қарақалпақстанда республиканың арқа зонасының климат шараятларына ийкемлестирилген пахтаның жаңа сортларын дөретиў бойынша жумыслар даўам еттирилди. КПСС Орайлық Комитети менен СССР Министрлер Советиниң 1956-жыл 14-февралдағы „Аўыл хожалығы бойынша илим-изертлеў мәкемелериниң жумысларын жақсылаўға бағдарланған илажлар ҳаққында“ ғы қарарын әмелге асыра отырып, селекционер илимпазлар Шымбай районында СоюзНИХИ Қарақалпақстан тәжирийбе станциясында дөретилген 1083, 1543, 2056, 1576 сортлары бойынша ҳәм Өзбекстан республикалық пахта тухымгершилиги селекциясының Уз—49 сорты бойынша элита-тухымгершилик хожалығын шөлкемлестирген еди. 1957-жылы бәҳәрде бул сортларды өршитип көбейтиў ушын дәслепки питомниклер қәлиплестирилди.

Пахташылықты ҳәм аўыл хожалығының басқа тараўларын буннан былай да раўажландырыў, дийханшылық мәдениятын жақсылаў ҳәм аўыл хожалығы мийнеткешлериниң материаллық абаданлығын тағы да арттырыў мақсетинде КПСС Орайлық Комитети менен СССР Министрлер Совети „Өзбекстан ССР ында 63 жаңа совхоз шөлкемлестириў ҳаққында“ қарар қабыл етти. Усы қарарға муўапық Қарақалпақстанда 13 МТС, 1 МЖС (мал шарўашылығы машина станциясы), 119 колхоз базасында 20 жаңа совхоз, соның ишинде 17 пахташылық, 1 мал шарўашылығы, 1 қаракөлшилик ҳәм 1 овощь-сүт жетистириў совхозы шөлкемлестирилди. Совхозларға барлық егислик майданларының $^{2}/_{3}$ бөлеги караслы болды. Олар улыўма пахта өниминиң 48 процентин, гөштиң—70.7 процентин, сүттиң—71,2 процентин, жүнниң—64,4 процентин жетисириўи тийис болды.

Республиканың арқа районларындағы бурын артта қалған, сондай-ақ кем қуўатлы басқа барлық колхозлардың совхозларға айландырылыўы аўыл хожалығының тез пәтлер менен раўажланыўына, мийнеткешлердиң абаданлығының буннан былай да артыўына кең мүмкиншиликлер ашып берди. Буны Тахтакөпир, Шымбай, Кегейли ҳәм Қоңырат районларындағы хожалықлардың мысалында айқын көриўге болады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарақалпакстан АССР ынын арқа районларында жаңадан шөлкемлестирилген совхозлар 1957-жылы пахта ҳәм аўыл хожалығының басқа да өнимлерин таярлаўдын мәмлекетлик планларын арттырып орынлаўға еристи. 136 бригада ҳәр бир гектардан 20—30 центнерден, 148 звено—30—40 центнерден өним алды.

КПСС XX съездининң қарарларын әмелге асыра отырып, совет халқының уллы жеңислеринен рухланған Қарақалпақстан пахтакешлери мәмлекетлик пахта таярлаў планын 1957-жыл 21-ноябрьде орынлап шықты.

Тахтакөпир, Қараөзек. Төрткүл, Қыпшақ ҳәм Кегейли районларының пахтакешлери үлкен мийнет женислерин қолға киргизип, пахта таярлаў бойынша тапсырмаларды мүддетинен бурын арттырып орынлаўға еристи. Төрткүл районының пахтакешлери 16800 гектар пахта майданының ҳәр бир гектарынын 26 центнерден, Қыпшақ районының пахтакешлери—22 центнерден зүрәәт алыўға еристи. Колхоз ҳәм совхозлардың пахташылықтан алған доходлары еки есе көбейди.

Қарақалпақстан АССР ы 1957-жылы аўыл хожалығын раўажландырыўдағы табыслары ушын Москвадағы Пүткил союзлық Халық хожалығы жетискенликлерининң көргизбесине қатнасыў ҳуқуқына мияссар болды Қарақалпақстаннын пахтадан жоқары зүрәәт жетистирген 14 колхозына ӨзКП Орайлық Комитетининң, Өзбекстан ССР Жоқарғы Совети Президиумы менен Министрлер Советининң Қызыл Байрақлары берилди.

Колхозлардын, совхозлардың ҳәм МТС лардын материаллык базасының беккемлениўи, аўыл хожалығы өндирисининң техникалық тәминлениў дәрежесининң артыўы, қанийгели кадрлардын көбейиўи аўыл хожалығының буннан былай да көтерилиўине қолайлы жағдайлар дүзип берди.

Усындай шараятларда колхоз өндирисин шөлкемлестириў ҳәм басқарыў исинде ири қайта қурыўларды әмелге асырыў зәрүрлиги келип шықты. КПСС Орайлық Комитетининң февраль (1958-жыл) Пленумы „Колхоз дүзимин буннан былай да раўажландырыў ҳәм машина трактор станцияларын қайта шөлкемлестириў ҳаққында" қарар қабыл етти. Пленум машина трактор станциялары колхозларды шөлкемлестириўде жәнe оларды беккемлеўде, аўыл хожалығын техникалық үскенелеўде, рабочий класс пенен дийханлардың аўқамын беккемлеўде оғада үлкен тарийхый хызмет атқарғанлығын атап көрсетти Колхоз қурылысының дәслепки басқышында партия жәмийетлик хожалықты беккемлеўде колхозларға мәмлекеттиң машина трактор станциялары түриндеги жәрдем бериў формасын сол ўақытлар ушын мақсетке муўапық болған еди, деп уйғарды.

Солай етип, МТС лар социализмнин аўылда жениске ерисиўинде өзлерининң тарийхый хызметин инабатлы атқарып шықты. Коммунистлик қурылыстын ҳәзирги басқышында МТС лар аўыл хожалығы өндириўши күшлеринин раўажланыў талапларына муўапық келиўден қалды, себеби бир жердин өзинде еки кәрхана—кол-



www.ziyouz.com kutubxonasi

хоз бенен МТС хожалық жүргизди, бундай жағдай көбинесе өндиристи шөлкемлестириўди ҳәм техникадан пайдаланыўды қыйынластырды, зүрәәтти арттырыў ушын колхозлардың да, сондай-ақ МТС лардың да жуўапкершилигин төменлетти, параллель ҳәрекет етиўши административлик аппаратты сақлаў ушын үлкен және керексиз шығынлардын жумсалыўына алып келди.

КПСС Орайлық Комитетинин Пленумы машина трактор станцияларын ремонт-техникалық станциялар етип қайта шөлкемлестириўди, МТС ларға тийисли техниканы ҳәр қыйлы мүддетлерге, районлардың өзгешеликлерин есапқа алыў менен колхозларға сатыўды мақсетке муўапық деп есаплады.

КПСС Орайлық Комитетиниң Пленумы усынған илажлар пүткил халық арасында додаланды ҳәм олар толық қуўатланып мақулланды.

1958-жылдың 11-мартында Өз КП Орайлық Комитетиниң VII Пленумы болып өтип, ол КПСС Орайлық Комитетиниң февраль Пленумының, пахтакешлердиң пүткил союзлық кеңесиниң жуўмақларын додалады ҳәм усыған байлынысла Өзбекстан партия шөлкеминиң ўазыйпаларын белгиледи.

Партия ҳәм ҳүкиметимиздиң қарарларын әмелге асырып, Қарақалпақстан колхозлары өз қолларында аўыл хожалығы техникасын, механизатор кадрларды ҳәм өндиристиң барлық әсбап-үскенелерин жәмлеў мақсетинде МТС лардан зәрүрли техника сатып алды ҳәм механизатор кадрлар таярлады. КПСС Орайлық Комитетинин февраль Пленумынан кейинги өткен 7—8 ай даўамында республика колхозлары мәмлекеттен 302 сүрим ҳәм 890 қатар араларына ислеў бериў тракторын, 116 пахта териў машинасын және басқа да аўыл хожалығы машиналарын сатып алды.

Аўыл хожалығы техникасының тиккелей колхозлардың қараўына берилиўине байланыслы механизатор кадрлар да колхоз өндирисинде турақлы ислеўге өтти. 1958-жылы I Төрткүл МТС ының 35 механизаторы механизацияластырылған звеноларды басқарып, колхоз өндирисинде ислей баслады.

1958-жылы Қарақалпақстанда колхозлар менен совхозларда 54 трактор-дийханшылық бригадалары шөлкемлестирилип, оларды тәжирийбели механизаторлар басқарды. 326 механизатор комплексли дийханшылық звеноларын басқарды.

1958-жылы март айында Нөкисте Қарақалпақстан халық хожалығының өндириўши күшлерин раўажландырыў бойынша илимий-өндирислик конференция болып өтип, оған туўысқан Өзбекстан ҳәм Түркменстан республикаларынан илимпазлар, қанийгелер қатнасты. Конференцияда аўыл хожалығы өндирисин комплексли механизацияластырыўды жақсылаў бойынша пайдалы пикирлер алмасылды.

Областлық партия комитетиниң басламасы менен 1958-жылдың жазында Төрткүл районында аўыл хожалығы өндирисиндеги алдынғы ис усыллары тиккелей атыз басында көрсетилип тәжирийбе алмасыўлар өткерилди. Оларға республиканың басқа рай-



www.ziyouz.com kutubxonasi

онларынан 2000 адам келип қатнасып пахтанын қатар арасына тәрбия бериў, азықландырыў ҳәм суўғарыў бойынша алдыңғы тәжирийбе ис усыллары менен танысты. Соның менен бирге Төрткүл районынан 100 ден аслам тәжирийбели пахтакеш республиканың басқа районларындағы өз кәсиплеслериниң арасында болып, өз тәжирийбелери менен ортақласты.

1958-жылы июнь айында КПСС Орайлық Комитетиниң Пленумы болып өтип, ол „Миннетли түрде өним жеткерип бериўди ҳәм МТС лардың жумысы ушын затлай ҳақы төлеўди бийкар етиў ҳаққында, аўыл хожалық өнимлерин таярлаўдың жаңа тәртиби,баҳасы ҳәм шәртлери ҳаққында“ қарар кабыл етти. Пленум аўыл хожалық өнимлерин мәмлекетке тапсырыўдың гектар бойынша есаплаў принципиниң үлкен стимулластырыўшылық әҳмийетке ийе екенлигин атап көрсетти ҳәм экономикалық жақтан тийкарлы болған баҳалар бойынша сатып алыў тәртибинде аўыл хожалығы өнимлерин мәмлекетлик таярлаўдың бир тутас формасына өтиў зәрүр, деп есаплады.

КПСС Орайлық Комитетиниң 1958-жылғы июнь Пленумының қарарына муўапық ҳәм бесинши шақырық СССР Жоқарғы Советиниң 1958-жыл 31-марттағы Биринши сессиясында қабыл етилген „Колхоз дүзимин буннан былай да раўажландырыў ҳәм МТС ларды қайта шөлкемлестириў ҳаққындағы Нызамын“ әмелге асырыў мақсетинде СССР Министрлер Совети колхозлардың аўыл хожалық өнимлерин мәмлекетке миннетли түрде бериўин, таярланатуғын өнимниң бир түриниң орнына екинши бир түрин алмастырып тапсырыў системасын ҳәм МТС лардың, РТС лардың ҳәм басқа да арнаўлы станциялардың жумысы ушын затлай ҳақы төлеўди арнаўлы қарар менен 1958-жылдың 1-июлинен баслап бийкар етти.

Колхозларда аўыл хожалық өнимлерин мәмлекетлик таярлаў системасы жетилистирилди. Соның менен бирге колхозлардың мойнында бир неше жыллар даўамында болып келген, барлық қарызлардың алып тасланыўы нәтийжесинде олардың материаллық жағдайының жақсыланыўы ушын үлкен мүмкиншиликлер пайда болды. Усыған байланыслы, мәселен, экономикалық жақтан кем қуўатлы хожалықлардың өндирислик-техникалық хызмет көрсетиўдиң жаңа формасына өтиўи жеңиллести, жәмийетлик хожалық ҳәм аўыл мийнеткешлериниң материаллық абаданлығы тез пәтлер менен өсти.

Машина-трактор станцияларының қайта шөлкемлестирилиўи ҳәм аўыл хожалығы өнимлерин таярлаў тәртиби менен шәртлериниң өзгертилиўи оғада үлкен әҳмийетке ийе сиясий-экономикалық илаж болып, ол рабочий класс пенен дийханлардың аўқамын тағы да беккемледи, колхоз өндирисиниң ҳәм пүткил халық хожалығының тез пәтлер менен раўажланыўы ушын жағдай дүзди.

Партия ҳәм ҳүкиметимиздиң колхоз дүзимин, пүткил аўыл хожалығын буннан былай да раўажландырыў, аўыл мийнеткеш-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лериниң материаллық абаданлығын тағы да арттырыў ҳаққындағы ғамхорлығына әмелий ис пенен жуўап бере отырып, Қарақалпақстан пахтакешлери жигерли мийнет етиўдиң жайнаған үлгилерин көрсетти. Ҳәўа-райының қолайсыз келиўине қарамастан. олар 1958-жылы пахтадан мол зүрәәт жетистирип, мәмлекетлик планды арттырып орынлаўға еристи ҳәм Ўатан ғазийнесине 196 мың тонна „ақ алтын" инәм етти. Республиканың пахтакешлери пахтаның зүрәәтлилигин арттырыўда әдеўир табысларға еристи, 1288 бригададан 450 и ҳәр бир гектарынан 20 центнерден аслам 27 бригада 40 тан 60 центнерге шекем, ал 8 колхоз 30 дан 40 центнерге шекем пахта зүрәәтин жетистириўге еристи.

Төрткүл районының колхозлары жақсы нәтийжелерге еристи, олар мәмлекетлик пахта таярлаў планын 106,4 процент орынлап, орта есап пенен ҳәр бир гектардан 29,1 центнерден зүрәәт жетистирди.Районның „Қызыл Өзбекстан", М. Горький. „Ленинизм", Димитров атындағы колхозлары гектарынан 30 центнер ҳәм оннан да жокары зүрәәт жетистирди. Калинин атындағы колхоздың Бегжан Әўезниязов басқарған комсомол-жаслар бригадасы 80 гектар пахта майданының ҳәр бир гектарынан 46 центнерден зүрәәт алды „Ленинизм" колхозының Ораз Бахиев басқарған бригадасы 139 гектар пахта майданының ҳәр бир гектарынан 45 центнерден, М. Горький атындағы колхоздың Дадәбай Салтықмуратов басқарған бригадасы 132 гектар пахта майданының ҳәр бир гектарынан 41 пентнерден зүрәәт жетистирип алды. Жетистирилген зүәәтти жыйнап-терип алыўда теримши Сона Мамбетова өз исиниң асқан шебери екенлигин көрсетти, ол мәўсимде 27 тонна, ал Гүлжан Қурбанова—26 тонна пахта териўге еристи.

Әмудәрья районының аўыл мийнеткешлери де үлкен табысларды қолға киргизди, олар мәмлекетлик пахта таярлаў планын 114 процент етип орынлап шықты. М. Горкий. „Ленинизм" атындағы колхозлар орта есап пенен гектарынан 34—35 центнерден зүрәәт жетистирди. Аўыл хожалығы өндирисине пахта жетистириўдеги комплексли механизацияластырыўдың алдыңғы тәжирийбесин енгизиў арқалы усындай жоқары зүрәәт жетистириўге ерисилди. Райондағы пахта егилген егислик майданның 70 проценттен асламына машиналар менен ислеў берилди.

Коммунистлер ҳәм комсомол ағзалары басқарған бригадалар айрықша көзге түсти. Коммунистлер ҳәм комсомол ағзалары басқарған 43 бригада өзлериниң социалистлик миннетлемелерин де арттырып орынлап шықты. „Коммунизм" атындағы колхоздың коммунист Ердаш Матқурбанов басқарған бригадасы 71 гектар пахта майданының ҳәр бир гектарынан 37,5 центнерден зүрәәт жетистирип алды, ал „Ленинизм" колхозының Ибадулла Юлдашев басқарған бригадасы гектарынан 48 центнерден зүрәәт жетистириўге еристи. Районның ең алдыңғы қатар теримшиси Айым Камалова мәўсимде 24,5 тонна, М. Горький атындағы колхоздың ағзасы Оразгүл Самандарова 18,6 тонна пахта терди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Беруний районы да мәмлекетке пахта тапсырыў планын 103,4 процент орынлап, гектарынан 24,8 центнерден зүрәәт жетистирди. Районнын „Пахташы" колхозы 649 гектар пахта майданынаң орта есап пенен 46,3 центнерден өним алды.

Пахта жетистириўде республиканын арқа районларындағы жанадан шөлкемлестирилген совхозлар дәслепки табысларды қолға киргизди. Олардағы көплеген бөлимлер, бригадалар және звенолар 20 центнерден ҳәм оннан да көбирек зүрәәт жетистириўге ериcти.

Республика пахтакешлериниң бул табыслары ирригациялық қурылыслардың кең ен жайдырылыўы, суўғарыў тараўларын қазып тазалаўдың механизацияластырылыўы ҳәм егислик жерлердиң мелиоративлик жағдайынын жақсыланыўы нәтийжесинде қолға киргизилди. Тек 1958-жылдың өзинде бул жумысларға 30 миллион манатган аслам қаржы жумсалды.

Мәмлекетлик пахта таярлаў планларының табыслы орынланыўына республика қалаларынын ҳәм район орайларынын мийнеткешлери, оқыўшы және студент жаслар өзлериниң ылайықлы үлеслерин қосты.

1958-жылы декабрьде КПСС Орайлық Комитетинин гезектеги Пленумы болып өтип. ол партия Орайлық Комитетинин сентябрь (1953-ж.) Пленумынан кейинги өткен бес жыл ишинде елимиз аўыл хожалығының раўажланыўына жуўмақ жасады ҳәм аўыл хожалық өнимлерин жетистириўди буннан былай да көбейтиў бойынша аўыл хожалығы мийнеткешлери алдында турған ўазыйпаларды белгилеп берди. Пленум партия белгилеген илажлардың әмелге асырылыўы нәтийжесинде аўыл хожалығын раўажландырыўда үлкен табысларға ерисилгенлигин, колхозлар менен совхозлардын, пүткил елимиздиң экономикасы тағы да беккемленгенлигин атап өтти.

Усы дәўирде Қарақалпақстан АССР ы аўыл хожалығынын материаллық техникалық базасы әдеўир беккемленди. Республиканың аўыл хожалығы 1954—1958-жылларда 2200 трактор, 41 экскаватор,1639 жүк автомашинасын, бир неше мынлаған трактор плугларын, сеялкалар, культиваторлар және басқа да көплеген ҳәр қыйлы машиналар алды, Соның менен бирге мал шарўашылығындағы көп күш жумсаўды талап ететуғын мийнет процесслерин механизацияластырыў бойынша әдеўир жумыслар исленди Аўыл хожалығын кадрлар менен тәмийинлеў жақсыланды. Бул жыллары Қарақалпақстанда 10 мыннан аслам тракторшы таярланды 1958-жылы аўыл хожалығында жоқары ҳәм орта мағлыўматлы 1066 қанийге иследи. 1577 бригаданың 1288 ин аўыл хожалығы қанийгелери басқарды. Бес жыл ишинде автономиялы республиканың РТС, колхоз ҳәм совхозларына жоқары және орта арнаўлы аўыл хожалығы билимине ийе болған 1248 канийге жиберилди.

Бес жыллықта пахташылықта комплексли механизацияластырыў ҳәм пахтаны машина менен териўдиң прогрессив усыллары



www.ziyouz.com kutubxonasi

әмелге асырылды. Бул Қарақалпақстан АССР ы бойынша орташа алғанда пахта егилген жерлердиң ҳәр бир гектарына жумсалған мийнетти 23 процент кемитиўге алып келди.

КПСС Орайлық Комитетиниң сентябрь Пленумынан кейин республиканың пахта егиўши хожалықларында хожалық-шөлкемлестириў структурасында әҳмийетли өзгерис болып өтти. Әсиресе арқа районлардағы экономикалық жақтан кем қуўатлы хожалықлар артта қалыўшылықты сапластырыў мақсетинде совхозлар болып қайта дүзилди. Солай етип 1957—1958-жыллары Қарақалпақстан АССР ы территориясының 70% инде ири совхозлар шөлкемлестирилип, оларға мәмлекетимиз үлкен жәрдем көрсетти.

1953—1958-жыллардағы республиканың партия-совет ҳәм аўыл хожалығы органлары тәрепинен әмелге асырылған илажлар пахта жетистириўди әдеўир көбейтиўге мүмкиншилик берди. Бес жыллықта Қарақалпақстан пахташылықтың раўажланыўындағы артта қалыўшылықты сапластырды.

Қарақалпақстанда аўыл хожалығының пахташылықтан кейинги әҳмийетли тараўы мал шарўашылығы болып табылады. КПСС Орайлық Комитетиниң 1953-жылғы сентябрь Пленумы аўыл хожалығының бул тараўына үлкен әҳмийет берип, оны тез пәт пенен көтериў елимиз ушын оғада үлкен әҳмийетке ийе екенлигин ҳәм бул ҳәзирги ўақытта партия менен мәмлекетимиздиң кешиктириўге болмайтуғын ең әҳмийетли ўазыйпасы екенлигин атап көрсетти.

Пленум мал шарўашылығын раўажландырыўға басшылықты кескин түрде күшейтиў зәрүрлигине жергиликли партия органларының дыққатын аўдарып өтти.

КПСС Орайлық Комитетиниң (сентябрь 1953-ж.) Пленумының қарарлары аўыл хожалығын, соның ишинде мал шарўашылығын буннан былай да раўажландырыў мәселеси бойынша партия ҳәм ҳүкиметимиз қабыл еткен бир қатар қарарларға тийкар болып хызмет етти.

Қарақалпақстан АССР ының партия, совет ҳәм аўыл хожалығы органлары пүткил елимиздегидей-ақ КПСС Орайлық Комитетиниң сентябрь Пленумының қарарларын ис жүзине асырыў ушын әмелий илажлар белгиледи. 1953-жылы 25-декабрьде ӨзКП Қарақалпақстан обкомының X пленумы болып өтип, онда мал шарўашылығын раўажландырыў бойынша КПСС Орайлық Комитетиниң сентябрь пленумының қарарларының орынланыўының барысы ҳаққындағы мәселе додаланды. Пленумда Қарақалпақстанда КПСС Орайлық Комитетиниң сентябрь Пленумының қарарынан кейин үш айдың ишинде колхозларда жумыс ислеў ушын 78 зоотехник жиберилгенлиги, МТС лардың қараўына 79 зоотехник ҳәм ветеринария хызметкери берилгени атап көрсетилди. Усы ўақыттың өзинде колхозларда сыйырлар 2013 басқа өсти, жаңадан 9 атхана, 14 малхана 12 қора ҳәм т б. қурылды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Республикамыздың алдынғы қатар шарўалары бар мүмкиншиликлерден ҳәм ресурслардан пайдалана отырып 1953-жылы маллардың бассанын арттырыўға ҳәм олардың өнимдарлығын көтериўге еристи.

Колхозшылардың жеке меншигиндеги маллардың бас саны да әдеўир өсти. Барлық хожалықлар еле өзлерине зәрүрли болған малларға ийе емес еди. Колхозшы хожалықларының улыўма санынан 23854 хожалық сыйырға ийе емес еди. 9775 хожалық малсыз, 19891 хожалық ири малларға, ал 26907 хожалық майда қара малларға да ийе емес еди.

Республиканың партия, совет ҳәм аўыл хожалық органларының алдында—жеке меншигинде өнимдарлы малларға ийе болмаған колхозшылардың хожалықларына жәрдем көрсетиўден ибарат мәмлекетлик әҳмийетке ийе болған ўазыйпа турды. Усы мақсетте оларға ҳәртүрли женилликлер ҳәм узақ мүддетли ссудалар бериў мәселелери шешилди. Соның менен бирге областьлық партия комитетиниң X пленумы мал шарўашылығында орын алған кемшиликлерди де ашып көрсетти. Мал шарўашылығының өнимдарлығы төмен болды. Қанийгели мал шарўашылығы кадрлары жетиспеди. Пленум КПСС Орайлық Комитетиниң 1953-жылғы сентябрь Пленумының „Колхозшылардың, рабочийлардың ҳәм хызметкерлердиң хожалықлары миннетли түрде тапсыратуғын мал шарўашылығы өнимлериниң нормасын кемитиў ҳаққындағы“ қарарын әмелге асырыў бойынша конкрет илажлар белгиледи.

КПСС Орайлық Комитетиниң январь (1955-жыл) Пленумының қарарларынан рухланған Қарақалпақстан шарўалары партия шөлкемлериниң басшылығында 1955-жылы мал шарўашылығын көтериў бойынша әдеўир табысларға еристи. Республика гөш,жүн, қаракөл тери, мәйек ҳәм тери тапсырыўдың мәмлекетлик планларын орынлады. Маллардың көплеген түрлериниң бас санын көбейтиў бойынша жетискенликлерге ерисилди Егер 1954-жылдың 1-январына ири қарамаллардың бас саны 154,8 мың болса, ал 1955-жылдың 1-январына 159,3 мың бас, қойлардың бас саны 314.2 мыңнан 358,2 мыңға, шошқалар 1,5 мың бастан 1,9 мың басқа жетти. Солай етип КПСС Орайлық Комитетиниң 1953-жылғы сентябрь Пленумының қарарынан кейинги еки жылдың ишинде республикада маллардың барлық түриниң бас санын көбейтиў бойынша (ешки ҳәм жылқыдан басқа) үлкен табысларға ерисилди.

Пүткил елимиз Уллы Октябрь социалистлик революциясының 40 жыллық мерекесин белгилеп өтиўге таярлық көрилген 1957-жыл Қарақалпақстан АССР ында мал шарўашылығының раўажланыўында бурылыс жылы болды.

Даңқлы мереке ҳүрметине социалистлик жарысқа қосыла отырып, автономиялы республикамыздың шарўалары мал шарўашылығы өнимлерин таярлаў ҳәм сатыўдың мәмлекетлик планын орынлап шықты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Усы жылдың 6-ноябрине жыл бойылық план қаракөл тери бойынша 101%. гөш—100 0%, сүт—112,6%, мәйек—107,1%, жүн-100,4%, сондай-ақ мал шарўашылығының басқа өнимлери бойынша да план көрсеткишлери артығы менен орынланды, ал жыл ақырында план гөш бойынша—104,5%, мәйек бойынша 107,6%, жүн бойынша—113,6% орынланды

Республикада төл алыўдың жылда-жылға өсип барыўы нәтийжесинде маллардың бас санын көбейтиў бойынша да әдеўир табысларға ерисилди. 1958-жылдың 1-январында 1957-жылдың 1-январына қарағанда ири қарамал 15 мың басқа, соның ишинде сыйырлар 10 мың басқа, қойлар 426 мың басқа, ешкилер 105 мың басқа, шошқалар 3 мың басқа көбейди.

Сондай-ақ мал шарўашылығы өнимлерин жетистириў де көбейди. 1957-жылы 12,2 мың *т* гөш (тирилей салмақта), 47,7 мың *т* сүт, 948 *т* жүн, 56,8 мың дана қара көл тери, 21,5 миллион дана мәйек таярланды

Республикадағы көплеген алдыңғы қатарлы шарўалардың мийнет майданында ерискен үлкен табыслары ҳүкиметлик наградалар менен белгиленди. Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Совети Президиумының 1957-жыл 30-сентябрьдеги Указы менен 200 адам Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Совети Президиумының Ҳүрмет грамотасы менен наградланды. Көплеген алдыңғы қатардағы шарўаларға „Қарақалпақстан АССР ына хызмет көрсеткен шарўа" деген ҳүрметли атақ берилди. Олардың арасында көпшиликке белгили шарўаларымыздан: С. Кошмуратов, Маденов, Қ. Досжанов, К. Қуўандықов ҳәм тағы басқалар болды.

Бирақ Қарақалпақстанда мал шарўашылығы өнимлерин жетистириўдин бир қанша түрлери бойынша еле артта қалыўшылық орын алды. Егер Советлер Союзы бойынша 1957-жылы ҳәрбир саўын сыйырдан орташа 1858 литр сүт саўып алынған болса, ал Қарақалпақстанда бул көрсеткиш тек 742 литр болды. Сүт саўып алыў аўыл хожалығында пайдаланатуғын ҳәрбир 100 гектар жер есабынан халықтың жан басына есаплағанда орташа Союз бойынша 279 литрден туўра келсе, ал Қарақалпақстан бойынша тек 119 литрден туўра келди.

Қарақалпақстанның партия, совет хәм аўыл хожалығы органларының алдында 1958-жылы жәмийетлик мал шарўашылығын әдеўир көтериўге ерисиўден ибарат жуўапкерли ўазыйпа турды. Усы мақсетте өним жетистириўди көбейтиў, маллардың бас санын өсириў ҳәм от-жем базасын беккемлеў бойынша илажлар көрилди.

1958-жылы Қарақалпақстан колхозлары менен совхозларында малларға жем болатуғын егинлердиң, әсиресе мәккениң егислик майданы әдеўир кеңейтилди, мал шарўашылығында 7 мыңнан аслам адам жымыс иследи, олардың көпшилиги зоотехникалық ҳәм ветеринариялық билимге ийе қанийгелер болды. Көпшилик хожалықлардағы мал шарўашылық фермаларына тәжирийбели коммунистлер басшылық етти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1957-жылы республикада совхозлар дүзилгеннен кейин, олар мал шарўашылық өнимлерин мәмлекетлик таярлаўды тәмийинлейтуғын шешиўши күш болды. 1958-жылы Қарақалпақстан бойынша мәмлекетлик ҳәм колхоз хожалықларының таярлаўдың улыўма көлеминдеги олардың салыстырма салмағы: гөш бойынша 91,3% ти, сүт бойынша — 89%ти, жүн бойынша 78,5% ти ҳәм қаракөл териси бойынша 98,4% ти қурады.

Республика шарўалары маллардың бас санын көбейтиў бойыншада әдеўир табысларға еристи. 1958-жылдың 1-январына салыстырғанда 1959-жылдың 1-январына ири қара маллар 9500 басқа (соның ишинде сыйырлар — 4400 басқа), қойлар — 1200 басқа, шошқалар — 2700 басқа көбейди. 1957-жылға қарағанда мәмлекетке сүт — 13%, жүн — 11%, гөш — 4,8%, мәйек 35%, көп сатылды.

Солай етип, КПСС Орайлық Комитетиниң сентябрь (1953-жыл) Пленумынан кейинги 6 жыл ишинде Қарақалпақстан АССР мийнеткешлери мал шарўашылығын көтериўде әдеўир табысларға ерисги. Бул дәўир ишинде ири қара маллардың бас саны 15,1%, сыйырлар — 28,6%, қой-ешкилер — 14,7%, шошқалар 3,3 есе көбейди. Бул дәўир ишинде маллардың бас санының көбейиўи ҳәм өнимлилигиниң өсиўи тийкарында гөш жетистириў 1,5 есе, сүт — 4,2, жүн 1,4, мәйек—2,7 есе көбейди, ал Өзбекстан бойынша гөш—1,7 есе, сүт—2, жүн—1,3, мәйек—1,8 есе көбейген еди.

Бирақ мал шарўашылығын раўажландырыўдағы жетискенликтиң дәрежеси бар болған мүмкиншиликлерге сәйкес болмады ҳәм өсип баратырған талапларды қанаатландырмады.

Бесинши ҳәм алтыншы бес жыллықлар дәўиринде Қарақалпақстанда пиллешилик раўажланып барды. 1953-жылы мәмлекетке 354 *т* пилле тапсырылды ҳәм план 110 процент орынланды. Бул урыстан бурынғы 1940-жылға қарағанда 2 5 есе көп еди.

КПСС Орайлық Комитетиниң сентябрь (1953-жыл) Пленумының қарарларын орынлай отырып, республиканың партия, совет хәм аўыл хожалығы органлары пилле жетистириўди көбейтиў, тут плантацияларын кеңейтиў, пиллешилик қанийгелерин таярлаў ҳәм пиллешиликте алдыңғы қатар ис усылларын кең қолланыў бойынша илажлар ислеп шықты. 1954-жылы февральдың басында болып өткен Қарақалпақстан областьлық XIV партия конференциясы жақын 4—5 жыл ишинде пилле жетистириўди 2—3 есе көбейтиўди ўазыйпа етип қойды.

Қарақалпақстан пиллекешлери өзлериниң алдына қойылған ўазыйпаларды орынлап шығыў ушын пидәкерлик пенен мийнет етти. 1954-жылы пилле жетистириўде Кыпшақ районының хожалықлары үлкен табысларға ерисги. 1165 қутының ҳәр биринен орта есап пенен 57 килограммнан пилле алыўға ерисилип, мәмлекетлик план 105,2 процент етип орынланды Автономиялы республикада 1955-жылы пилле таярлаўдың планы орынланбаса да, 1950-жылдағыға қарағанда 2,5 еседен асламырақ пилле жетистирилди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1956-жылы 25-мартта Нөкис қаласында алдыңғы пиллекешлердин республикалық кенеси болып. буған 150 ден аслам алдыңғылар қатнасты.

Кенесте 1955-жылы исленген жумыслардын жууўмақлары ҳәм 1956-жылда Қарақалпақстан пиллекешлериниң ўазыйпалары ҳаққындағы доклад тыңланды ҳәм додаланды. Кеңес қатнасыўшылары наўқан қуртын бағып жетилистириў мүддетин қысқартыў ҳәм пилле өнимин көбейтиў бойынша социалистлик миннетлеме қабыл етти

Пиллекешлердин республикалық кенесинде алға қойылған ўазыйпалардың табыслы әмелге асырылыўы нәтийжесинде 1956-жылы мәмлекетлик пилле таярлаў планы арттырып орынланып Ўатан ғәзийнесине 410 тонна пилле тапсырылды.

Төрткүл районының пиллекешлери ҳәрбир қутыдан 67 *кг* пилле тапсырып, үлкен жетискенликлерге ерисги. Усы районның Молоков атындағы колхоздын пиллекеши Шарийпа Султанова ҳәр бир қутыдан 99,3 *кг* пилле тапсырды. Қыпшақ районы „Коммунизм" колхозынын Жумагүлжан Палўаниязова басқарған бригадасы 109 қутынын ҳәр биринен 63 *кг* пилле тапсырды.

1957-жылы март айында Қарақалпақстан пиллекешлери Уллы Октябрь социалистлик революциясынын 40 жыллық мерекесин ылайықлы күтип алыў ушын социалистлик жарысқа қосылып, мәмлекетлик планды, 100,1% орынлап шықты, мәмлекетке 410 *т* пилле тапсырылды. Төрткүл, Беруний, Әмудәрья районларынын мийнеткешлери ҳәрбир қуты наўқан қуртынан 58—60 килограммнан пилле тапсырып, үлкен табысларға ерисги.

1958-жылы Қарақалпақстан АССР ы мәмлекетке 410 *т* пилле тапсырып, жақсы нәтийжелерге ерисги яғный бул 1953-жылға салыстырғанда 49% көп.

Қарақалпақстан пиллекешлери жигерли мийнет етиўдин жайнаған үлгисин көрсетти Мәселен Төрткүл районының Ленин атындағы аўыл хожалық артелинин колхозшысы Шаман Игамбердиева мәмлекетке ҳәр қуты наўқаи қуртынан пландағы 64 *кг* орнына 200 *кг*, Нариманов атындағы колхоздан Садат Қалендерова 166 килограммнан К. Маркс атындағы колхоздан Наржан Жуматова 123 килограммнан пилле жетистирди. 1958-жылы Қарақалпақстан пиллекешлери мәмлекетке 1940-жылға салыстырғанда 3 есе артық пилле тапсырды.

Бул жыллары мал шараўашылығы ушын ен әҳмийетли отшөп егини болған жонышқа жетистириўге үлкен кеўил бөлинди. Ўатандарлық урыс жылларында жоңышқанын егислик майданы бир қанша қысқарып қалған еди. 1947-жылдан баслап жонышқа егисликлери майданы жәнe кеңейип, 1953-жылы 37 400 гектарға жеткерилди. Бирақ жонышқаның мал шарўашылығы ушын әҳмийетин баҳаламаўшылықтын салдарынан оны жетистириў бесинши бес жыллықтын дәслепки жылларында кеўилдегидей болмады 1953-жылы жаңадан жоңышқа егиў планы 55% орынланды, ал жоңышқа тухым жетистириў гектарынан тек ғана



www.ziyouz.com kutubxonasi

21 килограммға жетти, беде таярлаў пландағы ҳәр гектардан 69 *ц* орнына 10 *ц* болды 1954-жылы мәмлекетке жоңышқа тухым тапсырыў планы орынланбай қалды. Жоңышқашылықтағы бундай аўҳал хожалықтың бул тараўын раўажландырыў ушын партия, совет ҳәм аўыл хожалығы органларынан кешиктириўге болмайтуғын илажлар қолланыўды талап етти, ӨзКП Орайлық Комитети менен Өзбекстан ССР Министрлер Совети бирликте республика колхозларында жоңышқашылық хожалығын кескин түрде жақсылаў илажлары ҳаққында қарар қабыл етти

Өзбекстан КП Қарақалпақстан областлық партия комитетинин бюросы менен Қарақалпақстан АССР Министрлер Совети 1954-жылы 13-ноябрьде ӨзКП Орайлық Комитети менен Өзбекстан ССР Министрлер Советинин жоқарыда атап өтилген қарарынын автономиялы республикада орынланыўын тәминлеўге бағдарланған арнаўлы қарар қабыл етти.

Қарақалпақстан аўыл хожалығы мийнеткешлери буннан кейинги жыллары жонышқа егисликлеринин көлемин кенейтиў ҳәм онын зүрәәтлилигин арттырыў арқалы жонышқа жетистириўдиң пәтин тезлетти Егер республикада 1956-жылы жоңышқа егиў планы 77 процент орынланған болса, ал 1958-жылы—81 процент етип орынланды.

Жонышқа егислиги майданынын кеңейиўи республикада мал шарўашылығынын от-жем базасын беккемлеў, дийханшылықта алмаслап егиўди ен жайдырыў ҳәм аўыл хожалығынын бул әҳмийетли тараўын буннан былай да раўажландырыў ушын алдын-ала жағдай дүзип берди.

Бул жыллары Қарақалпақстанда техникалық, овощь,палыз ҳәм от-жем егинлеринин майданлары кеңейиўи менен бир қатар дәнли егинлердин, сонын ишинде мәкке егисликлеринин майданы тез өсип барды. Мысалы: мәкке егислигинин майданы 1957-жылы 2067 гектар, ал 1958-жылы 5772 гектар болды, яғный оир жыл ишинде дерлик 3 есе кеңейди. Мәкке егислигинин ҳәр гектарынан 35,5 центнер зүрәәт алынды. Буннан тысқары 1958-жылы мәмлекетке 92 мың пуд салы сатылды.

Қарақалпақстан аўыл хожалығынын мийнеткешлери овощь, картошка ҳәм палыз өнимлерин жетистириў исинде де үлкен табысларға еристи.

Автономиялы республика пайтахтынын халқын овощь ҳәм мал шарўашылығы өнимлери менен тәмийинлеўди жақсылаў мақсетинде 1957-жылы қала дөгерегиндеги колхозлар базасында „Нөкис" овощь сүт жетистириў совхозы дүзилди. Қанийгелескен хожалықтың дүзилиўи овощь-палыз өнимлерин ҳәм картошка жетистириўди көбейтиўге бир қанша мүмкиншилик туўдырды.

1957-жылдын 21-ноябрине мәмлекетлик план: овошь бойынша 101,2%, картошка бойынша 101,1% орынланды. 1958-жыл республиканың қалалары дөгерегиндеги хожалықлар 2800 *т* овощь ҳәм 6600 *т* палыз өнимлерин жетистирип мәмлекетке тапсырды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Солай етип 1953-жыл менен салыстырғанда алтыншы бес жыллықтың ақырында картошка жетистириў 51%, ал овощь өнимлерин жетистириў 56% көбейди.

Бул дәўирде бағшылықты ҳәм жүзимгершиликти раўажландырыўға үлкен кеўил бөлинди.

1955-жылы 13-сентябрьде ӨзКП Орайлық Комитети менен Өзбекстан ССР Министрлер Совети „Республиканың колхозлары менен совхозларында, бағшылықты ҳәм жүзимгершиликти қайта тиклеў және буннан былай да раўажаландырыў ҳаққында" қарар қабыл етти.

Қарақалпақстан бағманлары қарарда белгиленген илажларды әмелге асырыў бойынша үлкен жумыслар жүргизди. Өзбекстанның алдынғы қатар бағманларының тәжирийбелерин қоллана отырып, олар жана бағлар орнатты ҳәм ески бағлар менен жүзимгершиликлерди кеңейтти. Питомниклер шөлкемлестирилип, оларда жаңадан тигилетуғын нәлшелер өсириў ҳәм жетистириў жолға қойылды. Жас ҳәм ески бағларда тәрбия бериў жумыслары агротехника талапларына сәйкес өткерилди 1958-жылы мийўе беретуғын бағлар 310 гектарға, жүзимгершиликлер 440 гектарға жеткерилди. Мийўе бойынша орташа зүрәәтлилик гектарынан 22 центнер болды. Бирақ бул гектарынан орташа 80—90 центнерден мийўе ҳәм жүзим жетистирген Хожели районының „XVII партсъезд" колхозының, Шымбай районындағы „Кеңес" совхозының Ахунбабаев атындағы бөлиминиң, Кегейли районының Куйбышев атындағы совхоздың „Қызыл Октябрь" бөлиминиң ҳәм т. б. хожалықлардың ерискен нәтийжелерине салыстырғанда оғада төмен еди.

Қарақалпақстандағы мийўе ҳәм жүзим жетистириўдиң дәрежеси халықтың бул өнимлерге болған өсип баратырған талабын қанаатландырмады, жетистирилген мийўе ҳәм жүзимниң өзине түсер баҳасы еле жоқары болды. Сонлықтан Қарақалпақстан АССР ы бағманларының барлық аўыл ҳожалығы мийнеткешлериниң алдында республика қала ҳәм район орайларының халқын мийўе ҳәм жүзим менен жеткиликли дәрежеде тәминлеўден ибарат үлкен ўазыйпа турды.

## 3 МИЙНЕТКЕШЛЕРДИҢ МАТЕРИАЛЛЫҚ АБАДАНЛЫҒЫНЫҢ ӨСИЎИ

Коммунистлик партия менен Совет ҳүкимети усы жыллар ишинде халықтың материаллық абаданлығын көтериўге бағдарланған бир қанша илажларды әмелге асырды. Төмен ҳәм орташа хызмет ҳақы төленетуғын рабочийлар менен хызметкерлер айлығының табыс салығы алынбайтуғын муғдары көбейтилди. Колхозшылардың реаль доходларының көбейиўинде олардан алынатуғын аўыл хожалық салығы муғдарының азайтылыўы белгили әҳмийетке ийе болды. 1953-жылы аўыл хожалығы салығы 2,5 есе кемитилди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Партия ҳәм ҳүкиметимиздиң колхозларды хожалық-шөлкемлестириў жағынан буннан былай да беккемлеў тийкарында аўыл хожалығының барлық тараўларын тез пәт пенен көтериў және колхозшылардың материаллық қызығыўшылығын арттырыў бойынша жүргизген илажлары массаның активлигин әдеўир күшейтип, колхозларда мийнет өнимлилигиниң буннан былай да көтерилиўине беккем база дүзди. Колхозлар ҳәм колхозшылардың мәмлекетке миннетли түрде тапсыратуғын өнимлериниң сатып алыў баҳасының арттырылыўы арықша үлкен әҳмийетке ийе болды. Мал ҳәм қус гөшиниң сатып алыў баҳасы 5,5 есе, сут және май бойынша 2 есе, картошка бойынша—2,5 есе, овощь өнимлери бойынша 25—4 % арттырылды ҳәм т. б.

Колхозлар менен колхозшылар аўыл хожалығы ҳәм мал шарўашылығы өнимлерине таярлаў және сатып алыўдың жаңа баҳалары белгилениўи нәтийжесинде әдеўир көп доход алды. Колхозлардың мал шарўашылығынан алған доходы 1953-жылы 1952-жылға салыстырғанда 1,23 еседен артық өсти. 1953-жылдың екинши ярымында ҳәм 1954-жылдың басында автономиялы республика колхозлары менен колхозшылары мәмлекетке аўыл хожалық өнимлерин арттырылған баҳа менен сатыўдың нәтийжесинде 6 миллион манаттан аслам доход алды. Таярлаў ҳәм сатып алыў баҳасының арттырылыўы нәтийжесинде автономиялы республика колхозшыларының қосымша алған доходларының улыўма муғдары 1953-жылы 18575 мың манат болды.

Товар айланысының өсиўи мийнеткешлердиң реал доходының артқанлығынан дерек береди, 1953-жылы Қарақалпақстан АССР ы халқына санаат ҳәм азық-аўқат товарлары 1952-жылға қарағанда 26,5 миллион манат көп сатылды. Колхоз базарларында аўыл хожалығы өнимлерин сатыў 55,5% көбейди.

Халықтың материаллық абаданлығының өсиўине мәмлекетлик заемлар бойынша утыслар да бир қанша тәсир етти. 1954-жылы автономиялы республика халқының облигациялар бойынша утысы 20 миллион манаттан аслам болды. 1955-жылы заем ийелерине утыс ҳәм қарызларды өтеў бойынша 25,5 миллион манат төленди.

Бесинши бес жыллықта Нөкис, Хожели, Тақыятас қалаларында, Кызкеткен, Қаратаў поселкаларында кең көлемде турақ жай қурылысы ҳәм абаданластырыў жумыслары жүргизилди. Қысқа ўақыт ишинде Тақыятас қаласы, жаңа район орайлары — Төрткүл, Шоманай, Кенес ҳәм т. б. бой тикледи. Қарақалпақстанның қалалары ҳәм поселкаларындағы улыўма турақ жай фонды Совет властының 50 жылы ишинде 12 еседен артық өсти.

Республикада мәмлекет ҳәм жеке хожалықлар есабынан 50780 *кв м* турақ жай салынып, пайдаланыўға берилди. 257,3 мың *кв м.* жол ҳәм тротуар асфальтланды.

Нөкисте кең көлемде қурылыс жумыслары ен жайып, тек бесинши бесжыллықта 112 ири имарат, соның ишинде 87 турақ жай, бес административлик жай, үш мектеп, аўыл хожалығы



www.ziyouz.com kutubxonasi

техникумының жайы, еки балалар бақшасы, еки балалар яслиси, көп санлы жеке хожалық жайлары салынды. Жеке жай салыўшыларға мәмлекет тәрепинен 1314 мың манат ссуда берилди.

Водопровод қурыў ушын 15 млн манат ажыратылды. Бесинши бесжыллық жылларында қалада 105,6 мың *кв.м.* жол асфальтланды, көшелерге жарық беретуғын 500 точка орнатылды ҳәм қала территориясына 150 мың түп ағаш отырғызылды.

Қарақалпақстанда ден саўлықты сақлаў исинин буннан былай да раўажланыўы партия менен ҳүкиметимиздиң халықтың турмыс абаданлығын көтериў ҳаққындағы үзликсиз ғамхорлығының айқын гүўасы болып табылады.

1953-жылы республикада ден саўлықты сақлаўға бөлип шығарылған қаржы 31,5 миллион манат болып, бул урыстан бурынғы 1940 жылға салыстырғанда 6,5 еседен көп. 1955-жылы Қарақалпақстан бойынша ден саўлықты сақлаў мақсетлерине бөлип шығарылған қаржы 36,5 миллион манат болып, бул 1953-жылға салыстырғанда 10% көп. Бул Қарақалпақстан емлеўханаларындағы орынлардың санын 295 тен 2485 ке жеткериўге, сондай-ақ 48 фельдшер-акушеркалық пунктларын емлеў-профилактикалық ҳәм балалар мекемелерин дүзиўге мүмкиншилик берди.

Республиканың медициналық мәкемелеринде емлеў ҳәм диагностиканың ең жаңа усылларының колланылыўы нәтийжесинде халық арасында аўырыўшылық ҳәм өлиўшилик әдеўир азайды. Мәселен, балалар арасындағы өлиўшилик революцияға шекемги дәўирге салыстырғанда 35 есе, ал ересеклер арасында 45 есе азайды. Бул ўақытларда қарақалпақ халқының арасындағы туўылып өсиўшилик үш есе көбейди. Сүзек, трахома, безгек ҳәм басқа да оғада жуқпалы аўырыўлар жоқ болды. Күрөзек ҳәм туберкулез бенен аўырыўшылық оғада азайды.

Мийнеткешлердиң дем алыўының және мийнетти қорғаўдың жақсы жолға қойылыўы, партия ҳәм ҳүкиметимиздиң халықтың абаданлығы ҳаққындағы ғамхорлығының көриниси болып есапланады. 1955-жылы Қарақалпақстанда рабочийлардың мийнетин қорғаў ҳәм қәўипсизлик техникасын сақлаў бойынша илажлар көриў ушын мәмлекет есабынан 180 мың манат, ал 1958-жылы 3,6 миллион манатқа шамалас қаржы ажыратылды.

1955-жылы орайлық курортларға ҳәм дем алыў үйлеринде автономиялы республиканың мыннан аслам мийнеткешлери болды. Ал социаллық тәмийинлеўге ажыратылған қаржы 1953-жыл менен салыстырғанда 1955-жылы 233 мың манатқа көбейип, 1836 мың манатқа жетти.

Солай етип пүткил елимиздеги сыяқлы бесинши бес жыллық даўамында Қарақалпақстан мийнеткешлериниң материаллық турмыс жағдайын жақсылаў, республика қалалары менен аўылларын абаданластырыў бойынша үлкен жумыслар исленди.

Елимиздиң халық хожалығын раўажландырыўдың алтыншы бес жыллық планы бойынша партия XX съездиниң Директиваларында, халықтың материаллық абаданлығын буннан былайда кө-



www.ziyouz.com kutubxonasi

териў бойынша конкрет ўазыйпалар белгиленди. Съезд Директиваларына муўапық 1956—1958-жыллары халық хожалығының тез пәт пенен раўажланыўы тийкарында совет халқының абаданлығын буннан былайда көтериў бойынша үлкен илажлар әмелге асырылды. 1958-жылы Қарақалпақстанда миллий доход 1956-жыл менен салыстырғанда 50% өсти. Рабочийлер менен колхозшылардың доходы көбейди. Рабочийлар менен хызметкерлердиң дем алыс ҳәм байрам алды күнлериндеги жумыс ўақты азайтылды, 16 дан 18 жасқа шекемги жаслар ушын алты саатлық жумыс күни енгизилди, жүклилиги ҳәм туўғанына байланыслы ҳаялларға берилетуғын отпусканың мүддети узайтылды.

КПСС Орайлық Комитети менен СССР Министрлер Советинин 1956-жылы 8-сентябрьдеги ҳәм 1957-жыл 27-апрельдеги қарарына муўапық елимиздин халық хожалығының көпшилик тараўларындағы хызметкерлерди қысқартылған жумыс күнине өткериў менен бир ўақытта хызмет ҳақыларды көбейтиў ҳәм тәртиплестириў бойынша илажлар жүргизилди.

Колхозшылардың турмыс жағдайын көтериў мақсетинде КПСС Орайлық Комитети ҳәм СССР Министрлер Совети 1956-жылы 6-марттағы қарары менен жумыс көлемин нормадан тыс белгилеў ҳәм колхозшылардың мийнетине ҳақы төлеў практикасын додалап, колхозларға бул мәселени жергиликли өзгешеликлерди ҳәм жағдайларды есапқа алып шешиў ҳуқуқы берилди.

Колхозлардың ҳәм колхозшылардың доходларын арттырыўда КПСС Орайлық Комитетинин июнь (1955-ж.) Пленумының „Миннетли түрде өним таярлап бериўди ҳәм МТС ларға ҳақы төлеўди бийкар етиў ҳаққында, аўыл хожалығы өнимлерин таярлаўдың жаңа тәртиби, баҳа ҳәм шәртлери ҳаққындағы" қарары үлкен әҳмийетке ийе болды. Бул қарардың әмелге асырылыўы нәтийжесинде колхозшылардың ақшалай ҳәм затлай доходлары әдеўир көбейди. Солай етип, 1958-жылы 1953-жыл менен салыстырғанда Қарақалпақстан АССР ы бойынша орташа бир мийнет күнге туўра келетуғын доход муғдары ақшалай есаплағанда дерлик үш есе өсти. 1958-жылы колхозшылардың улыўма ақшалай доходының муғдары 1953-жыл менен салыстырғанда 90% өсти.

Алтыншы бесжыллықта санаат ҳәм азық-аўқат товарлары баҳаларының бирнеше рет арзанлатылыўы мийнеткешлирдин материаллық абаданлығының көтерилиўине ҳәм реаль доходының көбейиўине мүмкиншилик берди. Нәтийжеде мийнеткешлердиң доходының муғдары 1947-жыл менен салыстырғанда 1958-жылы шама менен 2,3 есе өсти. Бул жыллары әсиресе азық-аўқат ҳәм ең зәрүрли тутыныў затларына талап күшейди.

Республикада халықтың өсип баратырған талабын қанаатландырыў ушын, жәмийетлик аўқатланыў мәкемелеринин жумысына үлкен кеўил бөлинди.

ӨзКП Қарақалпақстан обкомы 1957-жыл сентябрьде КПСС Орайлық Комитети менен СССР Министрлер Советиниң 1955-жыл



www.ziyouz.com kutubxonasi

1-марттағы „Жәмийетлик аўқатланыў мәкемелериниң жумысын жақсылаў иләжлары ҳаққындағы“ қарарының орынланыўының барысын додалап, республиканың партия шөлкемлери бул қарарды иске асыра отырып, жәмийетлик аўқатланыў мәкемелериниң жумысын жақсылаўда әдеўир табысларға ерискенлигин атап өтти. Областлық партия комитети республиканың партия, совет, профсоюз ҳәм комсомол шөлкемлерин саўда жумысына прогрессив усылларды енгизиў, жәмийетлик аўқатланыўды тәмийинлеўди жақсылаў, сондай-ақ жәмийетлик аўқатланыў кәрханаларының кадрлар составын жақсылаў зәрүрлигин атап көрсетти.

Қарақалпақстанда алтыншы бесжыллықтың үш жылы ишинде 177 жаңа магазин. 57 асхана ҳәм аўқатланыў орынлары пайдаланыўға берилди. 1958-жылы Қарақалпақстанда 236 жәмийетлик аўқатланыў орны болды.

Халықтың материаллық абаданлығын жақсылаў бойынша басқада иләжлар менен бир қатарда 1958-жылы мәмлекетлик заемлар шығарыў тоқтатылды ҳәм төмен хызмет ҳақы алатуғын рабочийлар менен хызметкерлердиң хызмет ҳақысы көбейтилди. Мийнеткешлердиң аманат кассаларына салатуғын ақшаларының жылдан-жылға көбейиўи халықтың материаллық жағдайының жақсыланғанлығынан дерек береди. 1953-жылдан 1958-жылға шекем аманат кассаларына ақша салғанлардың саны 2,5 есе өсти, ал олардың аманат ақшалары шама менен еки есе өсти.

Алтыншы бесжыллықта денсаўлықты сақлаўға бөлип шығарылған қаржының өсиўи нәтийжесинде республикада емлеў-профилактикалық мәкемелериниң тараўлары кеңейди. 1958-жылдың ахырында Қарақалпақстанда 65 қалалық, аўыллық емлеўханалар ҳәм туўыў үйлери, 253 фельдшер-акушеркалық пункт, 2 санаторий, 12 поликлиника, 25 врач пункты, 13 ден саулықты сақлаў пункти ҳәм т. б. ислеп турды. 1958-жылы врачлардың саны 275 ке ҳәм орта медицина хызметкерлериниң саны 1496 ға жетти. Анық материалларға қарағанда алтыншы бесжыллықтың үш жылы ишинде (1956—1958-жыллар) Нөкис медицина училищеси 600 фельдшер, акушерка ҳәм медсестраларды таярлап шығарды. Бул жыллары республиканың жергиликли халықларынан елимиздиң медициналық институтларында 200 ден аслам адам оқып билим алды.

Алтыншы бесжыллық жылларында гражданлардың пенсиялық тәмийинлениўи жақсыланды. Қарақалпақстанда 1956-жылдың 1-октябринен 1957-жылдың 1-октябрине шекем пенсионерлердиң саны 1785 адамға көбейди. 1957-жылы оларға 35,5 миллион манат ақша төленди. Колхозларда қартайған колхозшыларға, инвалидлерге ҳәм асыраўшысынан айрылған семья ағзаларына пенсия төлеў әмелге асырылды. Кегейли районының бурынғы Микоян атындағы колхоздан 100 ден аслам колхозшы пенсия алды.

Коммунистлик партия менен Совет ҳүкимети аналардың ҳәм жас балалардың сондай-ақ наўқас және қартайған адамлардың ден саўлығын қорғаў ҳаққында үлкен ғамхорлық көрсетип кия-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тыр. Аналарға жақсы жағдайлар туўғызыў мақсетинде 1956-жыл 26-мартта СССР Жоқарғы Советинин Президиумы „Елимизде аналарды ҳәм балаларды қорғаўды буннан былайда жақсылаў ҳаққында" Указ шығарып, онда жүкли ҳәм туўған ҳаяллар отпускасы оларға толық пособие төлеў менен 78 күннен 112 күнге көбейтилди. Сондай-ақ колхозлардың уставына муўапық колхозшы ҳаялларға да жүклилиги ҳәм туўыўына байланыслы жыллық мийнит күнинин орташа муғдары есабынан отпуск белгиленди.

Бизиң елимизде аналар мәмлекет тәрепинен хошаметленеди. Бес ҳәм оннанда көп бала туўған ҳәм тәрбиялаған ҳаял медаль менен бирге бир жола пособие алады. Көплеген қарақалпақ ҳаяллары „Қаҳарман ана" медалын мақтаныш пенен тағып жүреди. ал он мынлаған ҳаяллар „Аналық даңқы" ордени ҳәм „Аналық медалы" менен наградланды.

Қарақалпақстанда көп балалы ҳәм жалғыз баслы аналарға мәмлекетлик пособие бериў ушын бөлип шығарылатуғын қаржы жылдан-жылға өсип барды. Егер 1956-жылы оларға туўған ўақтында айма-ай берилетуғын пособие 13,5 миллион манатты қураған болса, ал 1958-жылы, ол 14,2 миллион манатқа жетти.

Алтыншы бесжыллықта мектепке шекемги жастағы балалар мәкемелеринин тараўлары кеңейди. 1958-жылы 3967 орынлы 85 ясли ҳәм бақшалар ислеп турды.

Халықтың материаллық абаданлығының өсиўиниң баслы көрсеткишлериниң бири—турақ жай қурылысы кең ен жайдырылды.

1966—1958-жылларда автономиялы республикада мәмлекеттиң ҳәм жеккё граждаплар есабынан 50.780 квадрат метр турақ жай қурылды ҳәм пайдаланыўға тапсырылды 257,3 мын *кв. м.* жол ҳәм тротуарлар асфальтланды. Қарақалпақстан қалалары ҳәм аўылларының келбети өзгерди.

Булардын ҳәммеси барлық совет халықларындай-ақ автономиялы республика халқының материаллық абаданлығы үзликсиз өсип барғанлығынан, бизин елимизде социализм қурылысын тамамлаў басқышында халықтың ийгилиги ҳаққында ғамхорлық көрсетиў коммунистлик партия менен совет мәмлекетинин дыққат орайында болғанлығынан дерек береди

## 4. ҚАРАКАЛПАҚСТАННЫҢ ЖӘМИЙЕТЛИК-СИЯСИЙ ТУРМЫСЫ.

Бесинши ҳәм алтыншы бес жыллықлар дәўиринде Советлер Союзының алында турған жана уллы ўазыйпалар кен массаның мийнет ҳәм жәмийетлик-сиясий активлигин буннан былайда көтериўди, коммунистлик партияның шөлкемлестириўшилик ҳәм басшылық ролин күшейтиўли ҳәм бизиң елимизде социализим қурыўды тамамлаў басқышында жергиликли партия, совет ҳәм жәмийетлик шөлкемлердиң барлық жумысларын активлестириўди талап етти.

1952-жылы августта 1951—1955-жылларда СССР дын халық хожалығын раўажландырыўдын бесинши бесжыллық планы бо-



www.ziyouz.com kutubxonasi

йынша партия XIX съездинин Директиваларынын проекти ҳәм ВКП(б) Уставының проекти баспа сөзде жәрияланды. Бул тарийхый документлер Қарақалпақстанда кеңнен додаланды. Үш республикалық ҳәм 14 районлық газета, Қарақалпақстан радиосы, Қарақалпақстан мәмлекетлик баспасы, 4 мыңнан аслам агитаторлар, партия, комсомол сиясий оқыўлары, сиясий-мәдений ағарыўмәкемелеринин кең тараўлары партия съездинин материалларын колхозшылар, рабочийлар, хызметкерлер, оқыўшылар ҳәм автономиялы республиканың барлық халқы арасында пропагандалаў бойынша үлкен жумыс жүргизди

1952-жылдың 5-октябринен 14-октябрине шекем Москвада партиянын XIX съезди болып өтти. Съезд 1951—1955-жылларда СССР халық хожалығын раўажландырыўдың бесинши бесжыллық планы бойынша Директиваларын тастыйықлады, сондай-ақ партиянын атын Советлер Союзынын Коммунистлик партиясы (КПСС) деп өзгертиў ҳаққында қарар қабыл етти.

ӨзКП Қарақалпақстан Областьлық, қалалық ҳәм районлық партия комитетлери, жергиликли партия шөлкемлери барлық партия, совет, профсоюз, комсомол активин, барлық коммунистлерди, қала, район ҳәм аўыл интеллигентлерин пүткил халық арасында КПСС XIX съездинин материалларын кең түрде пропагандалаўға жумсады. Автономиялы республиканың барлық қалаларында, район орайларында, елатлы пунктлеринде, аўылларында ҳәм жайлаўларында мийнеткешлер съезд материалларын терең үйренип, оның қарарларын пүткил халық толық мақуллады.

1953—1954-оқыў жылында Қарақалпақстаннын барлық партиялық билимлендириў тараўында 10 мыңнан аслам тынлаўшылар оқыды. 1954-жылы 138 сиясий мектеп, КПСС тарийхын үйренетуғын 212 кружок 57 жоқары типтеги кружок, 14 кешки партия мектеби болды. 1953-жылы тек ғана Нөкисте партия билимлендириўи тараўында 989 коммунист ҳәм 300 ден аслам партияда жоқлар оқыды. 48 кружок, сиясий мектеп ҳәм кешки партия мектеби иследи.

1953-жылдың 1-январына Қарақалпақстаннын партия шөлкемлеринин қатарында 8492 коммунист болып, сонын 7162 си КПСС ағзасы ҳәм 1330 ы ағзалыққа кандидат еди. Қарақалпақстан коммунистлери халық арасында кең пропаганда жумысын жүргизиўде авангардлық роль атқарды. Партиялых билимлендириў жумысын әдеўир жақсылаўда пропагандист кадрларды таңлаў ҳәм оларды тәрбиялаўда партия шөлкемлеринин күнделикли ғамхорлығы үлкен әҳмийетке ийе болды. 1953—1954-оқыў жылында Қарақалпақстанда 800 ден аслам пропагандист жумыс жүргизди, олардың 70 проценти жоқары, тамамланбаған жоқары билимге ҳәм еки жылдан аслам пропагандистлик стажға ийе болды. Пропагандистлерден 253 адам басшы партия ҳәм совет хызметкери еди. 300 ден аслам адам бир неше жыллар даўамында Өзбекстан КП Орайлық Комитети жанындағы бир айлық қайта таярлаў курслеринен өтти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Автономиялы республикада идеологиялық жумыста сиясий ҳәм илимий билимлерди таратыў жәмийети үлкен роль атқарып, ол 1952-жылы 4 мыңға жақын, ал 1954-жылдың I кварталында 900 ге шамалас лекция шөлкемлестирди. 1955-жылы „Билим" жәмийетиниң Қарақалпақстан областлық бөлими 600 ден аслам ағзаға ийе болып, ҳәр қыйлы темаларда 4 мыңнан артық лекция өткерди.

Бул жыллары техникалық прогрессти енгизиўде, мийнет өнимлилигин арттырыўда ҳәм мәмлекетлик планларды орынлап шығыў ушын гүресте жергиликли партия, совет профсоюз ҳәм комсомол шөлкемлериниң роли. артты.

1956-жылы январьда Өзбекстан Компартиясының XIII съезди 1956—1960-жыллардағы халық хожалығын раўажландырыўдың алтыншы бесжыллық планы бойынша Директивалардың проектин додалады ҳәм партия шөлкемлерине Директиваларды додалаўды шөлкемлестириў ҳәм оларды ҳәрбир мийнеткешке жеткериўди тапсырды. Съездде идеологиялық ҳәм партиялық шөлкемлестириў жумысына үлкен кеўил аўларылды. Делегатлар партиялық билимлендириўди коммунистлик қурылыстың практикасы менен тығыз байланыстырыўды беккемлеў зәрүрлигин атап көрсетти.

КПСС Орайлық Комитетиниң июль (1955-ж.) Пленумының, Өзбекстан Компартиясы XIII съездинин қарарларын, алтыншы бесжыллық план бойынша Директивалар проектин додалап, санаат кәрханаларының, колхозлардың коллективлери, автономиялы республиканың барлық мийнеткешлери партияның XX съезди ҳүрметине жокары социалистлик миннетлемелер қабыл алды. Бул миннетлемелер мүддетинен бурын орынланды.

1956-жылдың февралында елимизде сиясий ҳәм мийнет көтериңкилиги жағдайында партияның XX съезди болып өтти. Ол партияның ҳәм совет халқының турмысында үлкен әҳмийетке ийе болды. XX съезд материаллары барлық жерлерде ҳәр тәреплеме додаланды.

Съездиң материалларын пропагандалаў мақсетинде 1956-жылы Өзбекстан КП Орайлық Комитетиниң инициативасы бойынша „Билим" жәмийетиниң III съезди өткерилди. Баспа сөз, радио ҳәм телевидение хызметкерлериниң съезди. Өзбекстан художниклериниң V съезди, интеллигенцияның I съезди ҳәм басқада иләжлар республиканың жәмийетлик-сиясий ҳәм мәдений турмысында үлкен роль атқарды.

Санаат кәрханаларының, колхозлардың ҳәм совхозлардың мийнеткешлери съезд жуўмақларын додалап, арттырылған социалистлик миннетлемелер алды. Төрткүл районында партия XX съездиниң жуўмақлары 52 партия шөлкеминде додаланды. Додалаў дәўиринде 47 бригада, 158 звено ҳәм 372 колхоз жаңа арттырылған социалистлик миннетлеме қабыл етти, бул миннетлемелер кейин-ала мүддетинен бурын орынланды.

Партия XX съездиниң қарарларын турмысқа асыра отырып. автономиялы республика мийнеткешлери санаат өндириси өнимин



www.ziyouz.com kutubxonasi

ислеп шығарыўды, аўыл хожалық өнимлерин жетистириўди көбейтиў ҳәм ҳәрбир өндирис операциясына жумсалатуғын материаллық қаржы ҳәм ўақытты қысқартыў ушын гүрес жүргизди.

1957-жылы сентябрьде КПСС Орайлық Комитети „Аўыллық районлық партия комитетлериниң структурасына ҳәм штатларына өзгерислер киргизиў ҳаққында" қарар қабыл етти. Усы қарар тийкарында айырым партия комитетлериниң айырым бөлимлери қысқартылыўы нәтийжесинде босаған партия хызметкерлери кем қуўатлы колхозларды беккемлеўге жиберилди. Өз КП Қарақалпақстан обкомы кем қуўатлы колхозларда турақлы ислеўге тәжирийбели коммунистлерди жиберип, олардан 77 адам жергиликли партия шөлкемлериниң секретарлары, 60 адам—колхозлардың председателлери болып сайланды. Коммунистлер өндиристиң шешиўши участкаларына жиберилип, аўыллық партия шөлкемлериниң жумысы әдеўир жақсыланды.

Алтыншы бес жыллықта партияның мийнеткешлер массасы менен байланысы тағы да беккемленди. Мийнеткешлер мәмлекетти басқарыўға кеңнен тартылды. Қарақалпақстанда партия шөлкемлериниң қатары өсти. 1958-жылдын январына Қарақалпақстан областлық партия шөлкеминиң қатарында 521 басланғыш партия шөлкеми, 10706 коммунист, соның ишинде 9743 КПСС ағзасы, ҳәм 963 партия ағзалығына кандидат болды. Партия қатарына қабыл етилген рабочийлар менен дийханлардың саны бир жыл ишинде 9% көбейди. басланғыш партия шөлкемлериниң қатары да өсти.

Партия ХХ съездиниң қарарларын басшылыққа алып, Қарақалпақстан партия шөлкеми халық массасы арасында идеологиялық жумысты коммунистлик қурылыстын практикасы менен байланыстырып, оны әдеўир жақсылады. Бул жумысқа басшы партия-совет профсоюз ҳәм комсомол хызметкерлери, өндирис алдынғылары менен халық хожалығының қанийгелери, областлық партия комитетиниң, районлық партия комитетлериниң, профсоюз ҳәм комсомол комитетлериниң лекторлары менен сиясий докладшылары мәденият хызметкерлери қатнасты. Олардың күши менен 1957—1958-жыллары ҳәр түрли темаларда 15600 лекция, соның ишинде аўыллық жерлерде 10200 лекция оқылды. Қарақалпақстанда 345 агитпункт болып, сиясий мектеплердиң ҳәм семинарлардың 600 кружоги жумыс ислеп, оларға 12 мың адам тартылды, соннан 8586 адам, коммунистлер болды.

Партия шөлкемлери партиялық пропаганданың тәсиршеңлигине, өндиристиң экономикасын терең үйрениўге, массаны интернационаллық рухта тәрбиялаўға, халықлар арасында дослықты ҳәм туўысқанлықты беккемлеўге айрықша кеўил аўдарды.

Партияның ХХ съездиниң қарарлары барлық орайлық ҳәм жергиликли совет органларының жумысының түп-тамырынан жақсыланыўына мүмкиншилик берди. Съезд көрсетпелерин басшылыққа ала отырып КПСС Орайлық Комитети 1957-жылы 22-нварьда „Мийнеткешлер депутатлары советлериниң жумысын



www.ziyouz.com kutubxonasi

жақсылаў ҳәм олардың масса менен байланысын күшейтиў ҳаққында" қарар қабыл өтти. Бул қарарда Орайлық Комитет хожалық ҳәм мәдений қурылыс мәселелерин шешиўде, оларға қараслы басқарыў органлары менен кәрханаларға басшылық етиўде, социалистлик нызамлылықты сақлаўда ҳәм гражданлардың ҳуқықларын қорғаўда конституция берген барлық ҳуқықларды Советлердиң толық пайдаланыўының зәрүрлигине айрықша кеўил аўдарды.

1957-жылы мийнеткешлер депутатларының аўыллық Советлери ҳаққында жаңа Реже тастыйықланып, бул олардың хожалық ҳәм мәдений қурылыстағы ролин буннан былайда жақсылаўға бағдарлады.

Усы қарарларды басшылыққа алып, автономиялы республиканың Советлери өз жумысын жақсылады. 1957-жылы 3-мартта Қарақалпақстанда мийнеткешлер депутатларынын районлық қалалық, поселкалық, аўыллық советлерине сайлаўлар өткерилди. Мийнеткешлер депутатларының 13 районлық, 5 қалалық, 4 поселкалық ҳәм 38 аўыллық Советлерине депутатлар сайланды. Даўыс бериўге барлық сайлаўшылардың: районлық советлерге—221350 адам ямаса 99.99%, и, қалалық советлерге—62184 адам ямаса 99,97% и, поселкалық советлерге—17313 адам, ямаса 100% и, аўыллық Советлерге—173173 адам ямаса 99, 99% и қатнасты.

Жергиликли Советлерге Қарақалпақстан АССР ы бойынша барлығы болып, 3805 депутат, соның ишинде 1082 ҳаял-қыз, 1718 КПСС ағзасы ҳәм ағзалыққа кандидат сайланды. Депутатлардың көпшилиги сайлаўшылардың алдында мудамы есап берип турды. Мысалы 1957-жылы сайлаўшылар алдында районлық Советлердин 462 депутаты, қалалық советлердиң 112 депутаты, аўыллық советлердиң 2204 депутаты есап берди.

Мийнеткешлерди мәмлекетти басқарыў исине тартыўда советлердиң турақлы комиссиялары үлкен әҳмийетке ийе болды. Қарақалпақстанда 1958-жылдың мартына 500 ден аслам турақлы комиссия болып, оларда 1500 ден артық депутат ҳәм көплеген активистлер жумыс алып барды.

КПСС XX съездинен кейин хожалық ҳәм мәдений қурылыс ислерин шешиўде профсоюзлардың роли әдеўир өсти. КПСС Орайлық Комитетиниң декабрь (1957-жыл) Пленумының СССР да профсоюзлардың жумысы ҳаққында"ғы қарары айрықша әҳмийетке ийе болды. Пленум ҳәзирги жағдайларда профсоюзлардың орайлық ўазыйпасы бизин елимиздиң халық хожалығын буннан былай да көтериў, экономикалық ҳәм қорғаныў қуўатын беккемлеў ушын гүреске халық массаларын мобилизациялаўдан ибарат, деп атап көрсетти. КПСС Орайлық Комитетиниң декабрь Пленумының қарарларын басшылыққа алып, Қарақалпақстан АССР ы профсоюзлары хожалық қурылысына, әсиресе жаңадан шөлкемлестирилген совхозларда мийнет шараятларын, рабочийлар менен хызметкерлердиң турмысын, тәрбиялық, мәдений-массалық жу-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мысларды жақсылаўға ҳәм социалистлик жарысты шөлкемлестириўге үлкен кеўил бөлди.

СССР Жоқарғы Совети Президиумының 1958-жылы 15-июньде „Фабрика-завод жергиликли профсоюз шөлкемлеринин ҳуқуқлары ҳаққындағы Реже" ни тастыйықлаўы нәтийжесинде профсоюз шөлкемлериниң ҳуқуқлары әдеўир кеңейди.

Совет жәмийетиниң раўажланыўының барлық басқышларындағыдай-ақ бизиң елимизде социализм қурыўды тамамлаў басқышында Ленин комсолы коммунистлик партияның биринши жәрдемшиси ҳәм оның қатарларын толықтырыўшы резерви болды.

Партия XX съездиниң қарарын орынлай отырып, Қарақалпақстан партия шөлкеми комсомол шөлкемлерине басшылықты ҳәм жасларды коммунистлик рухта тәрбиялаўды күшейтти.

Партия XX съезди қарарлары тийкарында комсомол шөлкемлериниң ўазыйпаларын додалаған ВЛКСМ Орайлық Комитетиниң апрель (1956-ж.) пленумының қарарларын басшылыққа алып, Қарақалпақстан комсомолы областлық партия шөлкеминиң басшылығында жаслардың көплеген патриотлық басламаларының инициаторы болды.

1956-жылы ӨзЛКСМ Қарақалпақстан обкомы ӨзКП Обкомының басшылығында бәҳәрги егис жумысларын табыслы өткериў ҳәм пахтаны квадратлы-уялы усылда егиўдиң планын орынлаў ушын егис агрегатларын басқарыўшы комсомол-жаслар арасында республикалық социалистлик жарыс жәриялады. ӨзЛКСМ Қарақалпақстан обкомының иләжлары бойынша социалистлик жарысқа 200 ге шамалас комсомол-жаслар агрегатлары қосылды, олар 7 мың гектарға квадратлы уялы усылда ҳәм 17 мың гектарға әпиўайы усыл менен шигит екти.

Бул жарыста Қыпшақ районының II МТС механизаторы комсомол ағзасы Г. Тәжибаев жеңип шықты. Экипаж ағзалары ӨзЛКСМ Қарақалпақстан обкомының көшпели вымпелин, ӨзЛКСМ Орайлық Комитетиниң Ҳүрмет грамотасын ҳәм баҳалы сыйлықлар алды.

1957-жылы да Қарақалпақстан жаслары жақсы мийнет етти. 84 комсомол-жаслар бригадасы ҳәм 431 комсомол жаслар звеносы шөлкемлестирилди. 63 бригада, 366 звено мәмлекетлик пахта таярлаўдың планын ҳәм социалистлик миннетлемесин де орынлап шықты. 27 мың комсомол ағзасы 1957-жылы пахта жыйынтеримине қатнасып, 45400 *т* пахта ҳәм 35411 *т* ғөрек терди.

1957-жылы пахта жыйын-тәрим компаниясын жақсы шөлкемлестиргени ушын ӨзЛКСМ Қарақалпақстан обкомы ВЛКСМ Орайлық Комитетиниң ҳүрмет грамотасын алыўға миясар болды, ал Төрткүл қалалық, Қыпшақ, Кегейли, Қоңырат, Тахтакөпир ҳәм Қараөзек районлық комсомол комитетлери ӨзЛКСМ Қарақалпақстан обкомының ҳүрмет грамотасын алды. 505 адам „Ең жақсы жас теримши" значоги менен, 1054 адам—ӨзЛКСМ Қарақалпақстан



www.ziyouz.com kutubxonasi

обкомынын Ҳүрмет грамотасы менен 376 адам Өзбекисган Ленинши Коммунистлик Жаслар Союзы Орайлық Комитетинин Ҳүрмет грамотасы менен наградланды.

Солай етип, партиялық, мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик турмыста ленинлик нормалардын қайта тиклениўи ҳәм раўажланыўы. бизиң партиямыздың басқарыўшылық ролиниң күшейиўи, партиянын ҳәм мәмлекеттин хожалық-шөлкемлестириў және идеялық-тәрбиялық жумысынын кеңейиўи, социалистлик жарыста жәмийетлик шөлкемлердиң ролиниң өсиўи, бизиң елимизде социализмди қурыўды тамамлаў ушын гүресте Қарақалпақстан АССР ы мийнеткешлеринин творчестволық күшлеринин, сиясий ҳәм мийнет активлигинин жанадан күшли пәт пенен өсиўине алып келди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ү ш и н ш и  б ө л и м

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АССР ы СССР да КОММУНИЗМ ҚУРЫЛЫСЫ ДӘЎИРИНДЕ

www.ziyouz.com kutubxonasi

## *XIV бап*

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АССР ы ЖЕТИ ЖЫЛЛЫҚ ПЛАНДЫ ӘМЕЛГЕ АСЫРЫЎ ЖЫЛЛАРЫНДА (1959—1965-ж. ж.)

## 1. САНААТ.

Совет халқы 60-жылларға келип, раўажланған социалистлик жәмийет дүзиў исин әмелге асырып, бул оған коммунизм дүзиў исине кирисиўге мүмкиншилик берди. „Совет халқы Коммунистлик партияның басшылығы астында, — делинеди КПСС XXI съездиниң резолюцияларында,—экономиканың ҳәм жәмийетлик-сиясий турмыстың барлық тараўларында социализмниң сондай жеңислерине еристи, бул жеңислер коммунистлик жәмийеттиң материаллық-техникалық базасын дүзиў ҳәм коммунизмге планлы түрде өтиў ўазыйпаларын ис жүзинде әмелге асырыўға мүмкиншилик береди“[1].

КПСС тың гезексиз XXI съезди (1959-жылдың 27-январы—5-февралы) „1959—1965-жылларда СССР халық хожалығын раўажландырыўдың қадағалаў цифрлары ҳаққында“ ғы докладты додалап, бул бойынша кең түрде қарар қабыл етти. Съезд жуўмақларын пүткил совет халқы үлкен сиясий ҳәм мийнет көтериңкилиги жағдайларында күтип алып, коммунистлик қурылыстың уллы ўазыйпаларын әмелге асырыўға киристи.

Жети жыллық планның тийкарғы экономикалық ўазыйпасы „аўыр индустрияның артықмаш түрде өсиўи базасында экономиканың барлық тараўларын буннан былай да қуўатлы көтериўге ерисиў, елдиң экономикалық потенциалын әдеўир күшейтиў, солай етип, халықтың турмыс дәрежесиниң үзликсиз артыўын тәмин етиў“[2] ден ибарат болды.

СССРдың халық хожалығын раўажландырыўдың жети жыллық планын ислеп шығыў ўақтында партия ленинлик миллет сиясатын басшылыққа алды, ең жоқары экономикалық нәтийже-

---

[1] КПСС тың гезексиз XXI съездиниң материаллары. Қарақалпақ Мәмлекет баспасы Нөкис. 1959-жыл 203-бет.

[2] Бул да сонда, 239-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ге ерисиў ҳәм барлық союзлық республикалардын экономикасы менен мәдениятынын жоқары көтерилиўин тәминлеў мақсетинде өндириўши күшлердиң елимиз территориясында дурыс орналастырылыўы зәрүрлигине тийкарланды.

Жети жыллық планда елимиздиң Шығыс районларынын, атап айтқанда, Уралдын, Сибирьдин, Узақ Шығыстың, Қазақстанның ҳәм Орта Азиянын экономикасын тез пәтлер менен раўажландырыўға үлкен кеўил бөлинди.

Жети жыллық планның қадағалаў цифрлары бойынша Өзбекстанның халық хожалығын раўажландырыўға 35—36 миллиард манат, яғный 1952—1958-жыллардағыға қарағанда шама менен 2,4 есе көп ири қаржы жумсаў нәзерде тутылды.

Жети жыллық план Қарақалпақстан АССР ының алдында да үлкен перспективалар ашып берди. Планлы көрсеткишлерде автономиялы республиканын халық хожалығын раўажландырыўға 1952—1958-жыллардағыға қарағанда 3,3 есе көп ири қаржы бөлип шығарыў нәзерде тутылды.

Хожели май экстракциялаў заводынын қурылысын, Тақыятас ГРЭС иниң қурылысын питкериў, Нөкисте силикацит ҳәм жай соғыў заводынын қурылысы, макорон фабрикасынын, қара үй кийиз басыў комбинатынын, гөш комбинатынын қурылысы, ислеп турған кәрханалардын көпшилигин реконструкциялаў нәзерде тутылды. Өндиристин жетекши тараўларында мийнет өнимлилигин 40,5 процент арттырыў планластырылды.

Республиканың халық хожалығын раўажландырыў планында авиация, автомобиль ҳәм суў жолы транспортынын өсиўи бойынша илажлар белгиленди.

Жети жыллықта республика аўыл хожалығы алдында да үлкен ўазыйпалар турды. Жети жыллықтың ақырында улыўма жетистирилетуғын пахта 1958-жылғы дәрежеден 1,4 есе артыўы тийис болды.

Тың ҳәм партаў жерлерди өзлестириў бойынша үлкен жумыслар жүргизиў, мал шарўашылығы өнимлерин, пилле, палыз өнимлерин, мийўе ҳәм т. б. өнимлер жетистириўди әдеўир көбейтиў белгиленди.

Автономиялы республиканың рабочийлары, колхозшылары ҳәм интеллигенциясы партия XXI съездиниң материалларын додалап, өз үстилерине жети жыллық тапсырмаларын орынлап шығыў бойынша конкрет миннетлемелер қабыл етти. Бул патриотлық ҳәрекетти областлық партия шөлкеми басқарды.

1959-жылы 14 февралда республикалық партия активинин жыйналысы болып, онда КПСС тың гезексиз XXI съездиниң жуўмақлары додаланды ҳәм областлық партия шөлкеминиң ўазыйпалары белгиленди. Партия активинин жыйналысында қабыл етилген резолюцияда: „Областлық партия шөлкеми Қарақалпақстан мийнеткешлерин республика халық хожалығын раўажландырыўдың жети жыллық планын мүддеттен бурын орынлап шығыўға ҳәм арттырып орынлаўға, бәринен де бурын 1959-жылдың, жети жыл-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лықтың дәслепки жылынын планын орынлап шығыўға мобилизацияллаўды өзиниң баслы ҳәм тийкарғы ўазыйпасы деп есаплайды",—деп атап көрсетилди.

Республика санаатының хызметкерлери жигерли мийнет етип, жети жыллық план тапсырмаларын әмелге асырыўға күш салды. Кәрханаларда социалистлик жарыс кең ен жайып, ол санааттағы мийнеткешлердин 90 процентин қамтыды.

Социалистлик жарыстың ең жоқарғы формасы коммунистлик мийнет ушын ҳәрекет болды. Ол 1958-жылы октябрьде Москва-Сортировочная депосынын алдынғы қатар рабочийларының басламасы бойынша пайда болған еди. Партия бул бахалы басламаны ҳәр тәреплеме қуўатлады ҳәм онын пүткил елимиз бойынша таралыўына жәрдемлести.

Коммунистлик мийнет ылғаллылары атағы ушын ҳәрекет 1958-жылдың ақырында Қарақалпақстанда да басланды. 1958-жылы 58 коллектив ҳәм бир неше жүзлеген мийнеткешлер коммунистлик мийнет бригадалары ҳәм ылғаллылары атағы ушын гүрес жүргизди. 1965-жылдың март айына келип бул ҳәрекетке қатнасыўшылардың саны 18 мың адамнан асып кетти. 1964-жылы көплеген бригадалар, участкалар, бөлимлер ҳәм 500 адам коммунистлик мийнет бригадалары ҳәм ылғаллылары атағын жеңип алды.

Қарақалпақстанда коммунистлик мийнет ушын ҳәрекет ең дәслеп Хожели май заводында пайда болды. Оны коммунист А. Асамаддинов басқарған комсомол-жаслар бригадасы баслады. Бригаданың барлық ағзалары өзлериниң улыўма ҳәм сиясий билимлерин арттырды. 10 адам кешки рабочий-жаслар мектебин питкерди, ал қалғанлары техникалық курсларда ҳәм сиясий билимлендириў тараўында оқыды, Бригада ҳәр қыйлы миллет ўәкиллеринен ибарат болып, дос, татыў жасап, мийнет етти ҳәм олардың барлығы өндирислик нормаларын арттырып орынлаўға ерисги.

А. Асамаддинов бригадасынан үлги алып, Хожели май заводының барлық өндирислик бригадалары 1962-жылдың ақырында коммунистлик мийнет бригадалары атағын жеңип алыўға еристи.

Бул алдынғы қатардағы өндирис орны коммунистлик мийнет кәрханасы атағын алыў ушын гүрес жүргизди. Ондағы рабочий ҳәм хызметкерлердиң 85 проценти 1963 64-оқыў жылында оқыў срыплларында иштен ҳәм сырттан оқыды, кружок ҳәм семинарларда өзлериниң сиясий билимлерин арттырды. Завод Калинин атындағы колхозға қәўендерлик жасады

Қарақалпақстанда коммунист С. Саатдинов көпшиликке белгили болды, ол 1953-жылдан баслап, Тақыятас қурылыс-монтажлаў басқармасының бригадир-экскаваторшысы. Ол басқарған бригада 1961-жылы КПСС XXII съезди ҳүрметине басланып кеткен социалистлик жарысқа қосылып, жыл бойылық планды 15-августта орынлап шықты ҳәм коммунистлик мийнет бригадасы атағын жеңип алды. С. Саатдинов КПСС XXII съездиниң деле-



www.ziyouz.com kutubxonasi



Социалистлик Мийнет Қаҳарманы Аяп Назарханов.

гаты болды. 1962-жылы ол СССР Жоқарғы Советиниң депутатлығына сайланды.

Коммунистлик мийнет ушын ҳәрекет Мойнақ балық консерва заводында да басланып кетти. 1963-жылдың октябрь айына келип, бул ҳәрекетке заводтың сегиз цехы. төрт участкасы ҳәм 27 бригадасы қосылды.

Кубла Аралдын балықшылары пидәкерлик мийнеттин үлгилерин көрсетти. „Октябрьдиң 15 жыллығы" колхозының мотофелюга капитаны У. Әзиров жети жыллық план бойынша алған миннетлемелерин 2-жыл 8 айда, „Коммунизм" колхозынын бригада баслығы Б. Тәженов —4-жылда орынлап шықты. Совет халқы балықшылардың жемисли мийнетин жоқары баҳалады У. Әзиров ӨзССР Жоқарғы Советиниң депутатлығына сайланды ҳәм Ленин ордени менен наградланды. Б. Тәженов ӨзССР ҳәм ҚҚ АССР Жоқарғы Советлери Президиумларынын Ҳүрмет грамоталары менен, „Мийнетте айрықшалығы ушын" медалы менен наградланды. Ал Мойнақ районындағы „Коммунизм" колхозының мотофелюга капитаны А. Назархановқа Социалистлик Мийнет Қаҳарманы атағы берилди.

Республикада жети жыллық планды орынлап шығыў исине рационализаторлар менен ойлап табыўшылар белгили дәрежеде үлес қосты. Олар тәрепинен 4227 усыныс көрсетилип. бул усыныслардың 3517 синин өндириске енгизилиўи нәтийжесинде 3 миллион 666,7 мын манат үнемленди.

„Қарақалпақ нефтегазразведка" трестиниң. „Востокнефтепроводстрой" трестинин 2-Қурылыс басқармасының, Тақыятас ГРЭС иниң, Хожели, Беруний, Шымбай май заводларынын, Мойнақ балық консерва комбинатынын ҳәм т. б. өндирис орынларынын хызметкерлери актив новаторлар болды.

1966-жыл 9-июньде СССР Жоқарғы Совети Президиумының Указы менен өндирис алдынғыларынын, рационализаторлардың ҳәм ойлап табыўшылардың үлкен бир группасы орден ҳәне медаллар менен наградланды.

Автономиялы республика мийнеткешлери жети жыллық план тапсырмаларын арттырып орынлап шықты. Қарақалпақстаннын санаат өндирисиниң улыўма көлеми бул дәуирде 34 процент өсти. Улыўма өним ислеп шығарыў, электр энергия жетистириў, пахта мамығын, өсимлик майын, гөш сүт май өнимлери ҳәм т.



www.ziyouz.com kutubxonasi

б. өнимлер ислеп шығарыў бойынша тапсырмалар арттырып орынланды.

Республикада жеңил ҳәм азық-аўқат санааты кеңраўажланып, улыўма санаат өниминде олардың тутқан үлеси 1965-жылы 80 проценттен асламырақты тутты.

Төрткүл, Беруний, Манғыт, Хожели, Қоныpат ҳәм Шымбай пахта тазалаў заводлары жети жыллық ишинде 520, 2 мың тонна пахта мамығын ислеп шығарып, жыл сайын өндирислик тапсырмаларды арттырып орынлаўға еристи.

1963- жылы Төрткүлдеги пахта тазалаў заводы иске қосылды ондағы аўыр мийнет талап ететуғын барлық өндирис процесслери автоматластырылды ҳәм механизацияластырылды. Завод 1963-жыл мәмлекетлик планын 12-декабрьге шекем орынлап шығып, жыл ақырына шекем плаңнан зият 303 тонна өним ислеп шығарды. Өнимнин өзине түсер баҳасы арзанлатылып, 164 мың манат үнемленди. Жоқары көрсеткишлерге ерискени ушын заводқа Орта Азия Совнархозының көшпели Қызыл Байрағы берилди.

1960-жылы иске қосылған Нөкис макорон фабрикасы өним ислеп шығарыўдың көлемин жыл сайын арттырыўға ерисип келди, 1960-жылы фабрика 582 тонна өним ислеп шығарған болса, ал 1965-жылы оны 1428 тоннаға жеткерди. Хожели ҳәм Шымбай май заводлары да айтарлықтай табысларды қолға киргизип келди. 1963-жылы Шымбай май заводы Өзбекстанның усы тараўдағы кәрханалары арасындағы социалистлик жарыста үш кварталдың жуўмағы бойынша женип шығыўға еристи.

Қарақалпақстанның азық-аўқат санаатында Мойнақ балық консерва комбинаты әҳмийетли орынды ийелеп, оның өними тек Өзбекстанда ғана емес, ал пүткил елимизде кеңнен мәлим. Бирақ жети жыллық жылларында ислеп шығарылған балық консерваларының муғдары азайып кетти. Егер 1959-жылы 20 миллион 103 мың шәртли банка консерва ислеп шығарылған болса, ал 1965-жылы ислеп шығарылған консерва тек 13, 9 миллион банка болды. Бул тийкарынан Қубла Аралда балық аўлаўдың кемип кетиўине байланыслы болды.

Өз КП Орайлық Комитети ҳәм Өз ССР Министрлер Совети Арал теңизиниң балық запасларын қайта тиклеў, барлық көллер менен суў сақлағышларда балық өршитиўди кең жолға қойыў бойынша үлкен илажларды әмелге асырды.

Жети жыллық жылларында транспорт хызметкерлери де жақсы мийнет етти. 1961-жылдың биринши кварталында Чаржоў— Қоңырат темир жол линиясы қурылып питкерилип, пайдаланыўға берилди. СССР Транспорт қурылысы министрлигиниң „Средазтрансстрой" трестиниң ҳәм басқа да шөлкемлердин рабочийларының жәнe инженер-техник хызметкерлериниң айрықша нәтийжелерге ерискен үлкен бир группасы СССР дың орден ҳәм медаллары менен наградланды.

Республикаға ҳәр қыйлы халық хожалығы жүклерин тасып алып келиў кескин түрде көбейди. Егер 1955-жылы республика-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ға 202 мың тонна жүк тасып алып келинген болса, ал 1965-жылы бул көрсеткиш 958 мың тоннаға жетти. Бул жыллары Қарақалпақстаннан жөнетилетуғын жүклердиң муғдары да өсти. Темир жол Қарақалпақстанды Союзымыздағы басқа туўысқан республикалар ҳәм областлар менен тығыз байланыстырды, автономиялы республиканың халық хожалығының буннан былай да раўажланыўы ушын беккем негиз таярлап берди.

Автомобиль транспортынын хызметкерлери әдеўир табысларды қолға киргизди. Қарақалпақстан автохожалықлары жана машиналар менен толықтырылды, жүк тасыў көлеми 116 процент артты, жүк тасыў айланысы—123 процент, асфальтланған жоллардын узынлығы 268 *км* өсти. Халық хожалық жүклерин тасыў ҳәм пассажирлер қатнатыў, автомобыль жолларын қурыў, ремонтлаў ҳәм жақсы сақлаў бойынша жети жыллық план тапсырмаларын орынлап шығыўдағы ерискен табыслары ушын автомобиль транспорты ҳәм жол хожалығы хызметкерлериниң үлкен бир группасы СССР дың орден және медаллары менен наградланды.

Республикада кен көлемде жол қурылысы жүргизилди, 1965-жылы усы мақсетлерге 6,5 миллион манаттан аслам қаржы бөлип шығарылған еди.

Өз КП Орайлық Комитети ҳәм Өз ССР Министрлер Совети Әмудәрьяның еки жағасын бойлап. Газли—Үргенч—Маңғыт—Тақыятас—Қонырат—Үрге (узынлығы 450 *км* ге жақын) ҳәм Дүлдүл—Төрткүл—Беруний—Нөкис—Қазақләрья (узынлығы 300 *км* ге жақын) магистрал автомобиль жолларынын қурылысын питкериў ҳаққында 1964-жылы қарар қабыл еткен еди. Республика мийнеткешлери жол қурылысында актив қатнасты. 1965-жылы Төрткүл районының мийнеткешлери 16 күн ишинде халық қурылысы усылы менен районлағы жол қурылысы хожалығының еки жыллық жумыс мөлшери көлеминдеги жол қурылысы жумысларын әмелге асырды. Бул баҳалы баслама Қарақалпақстанның басқа районлары мийнеткешлери тәрепинен қуўатланды, Бул жоллардың қурылысы тек Қарақалпақстанның ғана емес. ал қоныслас Хорезм ҳәм Ташаўыз областларының да экономикасы менен мәденияты ушын үлкен әҳмийетке ийе болды.

Жети жыллық жылларында ҳаўа транспорты тез пәтлер менен өсти. 1964-жылдың 16-ноябринен баслап, Нөкис пенен Ташкент, Москва ҳәм елимиздиң басқа да қалалары арасында пассажирлер ушын қолайлы ҳәм тез ушар ИЛ—18 самолетлары қатнай баслады.

Жети жыллық жылларында қурылысқа ири қаржы жумсаўдың көлеми 520 миллион манаттан асламыраққа жетип, бул 1952—1958-жыллардағыға қарағанда төрт еседен де асламырақ көп болды. Усы дәўир ишинде 30 дан аслам санаат кәрханасы қурылып, пайдаланыўға берилди, ал ислеп турған көплеген кәрханалар реконструкцияланды ҳәм кеңейтилди, тийкарғы өндирис бейфондлары 1960—1965-жыллары 2,3 есеге жақын көди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Республикадағы қурылыс материалларын ислеп шығарыў тез пәтлер менен өсти. Нөкисте қуўаты 35 мың кубометр болған ири панелли жай соғыў заводы ҳәм 8 мын кубометр қуўатлылыққа ийе силикацит заводы иске түсирилди. Хожели, Нөкис ҳәм Қоныраг гербиш заводлары пайдаланыўға берилди. Қала ҳәм аўыл халқына турмыс және мәдений жақтан хызмет көрсетиў орынларының қурылысы бойынша үлкен жумыслар жүргизилди.

Әмударьяның төменги жағының өндириўши күшлеринин буннан былай да раўажланыўы отын-энергетикалық, ирригациялық ҳәм транспорт проблемаларының шешилиўине байланыслы болды. Қарақалпақстанның энергетикалық проблемасынын шешилиўи үлкен халық хожалығы әҳмийетине ийе, өйткени республиканын санаат кәрханалары басқа жерлерден алып келинетуғын отын-жанар май базасында ислейди. Жети жыллықта Қарақалпақстанды электрлестириўдин өзине 20 миллион манат жумсалды. 1956-жылы Тақыятас ГРЭС инин қурылысы басланып, ол жети жыллық жылларында да тез пәтлер менен жүргизилди. Брянск машина қурылысы заводы тәрепинен жиберилген турбианын монтажланыўын 1961-жыл 24-майда мәмлекетлик қабыл етиў комиссиясының ағзалары жоқары баҳалады. XIX областлық партия конференциясы ашылған күнге шекем (1961-жыл 8 сентябрь) Хожели пахта тазалаў ҳәм гербиш заводлары, Шымбай пахта тазалаў заводы, Нөкис, Шымбай қалаларының санаат кәрханалары менен электр тараўлары ток алды.

Тақыятас ГРЭС инин қурылысы республика партия шөлкеминин дыққат орайында болды. Станция биринши гезеги қурылысының барысы ӨзКП Қарақалпақстан обкомынын бюро мәжлислеринде системалы түрде қарап барылды.

Тақыятас ГРЭС иниң басланғыш партия шөлкеми барлық күшти биринши турбогенератордын қурылысын питкериўге мобилизациялады. Өзбекстан комсомолы Тақыятас ГРЭС иниң қурылысын қәўендерликке алды 1959-жылы Тақыятас ГРЭС инин курылысына комсомол жолламасы менен 200 комсомол ағзасы келип жумыс иследи.

Өзбекстан ССР Курылыс министрлигинин „Өзбекгидро-энергострой", „Өзсантехгазмонтаж" трестлеринин, „Средазэнергомонтаж" ҳәм басқа да арнаўлы қурылыс шөлкемлериниң қурылысшылары, монтажлаўшылары туўысқанлық жәрдем көрсетти.

Станциянын биринши гезегинин қурылысы даўамында бөлип шығарылған 9106 мың манатлық ири қаржы өзлестирилди. Қурылысшылардың пидәкерлик мийнетин мына мағлыўматлар мысалынан көриўге болады: станцияда 827 мын кубометр топырақ қазып алынды, 529 мын кубометр топырақ тегисленди, 26 мың кубометр бетон ҳәм темир бетон қуйылды, 7 мың кубометр таяр темир бетон орналастырылды, 55 мын кубометр гербиш өрилди, 3300 тонна металл конструкция монтажланды. ҳәм т. б.



www.ziyouz.com kutubxonasi



Тақыятас ГРЭС и



www.ziyouz.com kutubxonasi

Энергетиклердиң даңқлы мийнети жоқары баҳаланды. Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Советиниң Президиумы алдынғы қурылысшылардан 82 адамды Ҳүрмет грамоталары менен наградлады.

1964-жылдың ақырында Тақыятас ГРЭС и толық проектлик қуўатқа жетип ислей баслады. ГРЭС коллективи жети жыллық планды мүддетинен бурын орынлап шығыў ушын ен жайдырылған социалистлик жарысқа қосылып, коммунистлик мийнет кәрханасы атағын алыў ушын гүрес жүргизе баслады. 1964-жылы бул ҳәрекетке 8 бригада, 12 смена, барлығы болып 245 адам қосылды. 1965-жылдың ақырында 44 адам коммунистлик мийнет ылғаллысы деген жоқары атақты алыўға мияссар болды. Тақыятас ГРЭС и иске түскеннен кейин республикада электр энергиясын жетистириў бес еседен аслам көбейди. Егер 1958-жылы 48,3 миллион киловатт саат электр энергиясы жетистирилген болса, ал 1965-жылы 261, 3 миллион киловатт саат жетистирилди.

Тақыятас ГРЭС и қонысылас Хорезм ҳәм Ташаўыз областларын да электр энергиясы менен тәминлейди. Хорезм оазисиниң экономикасы менен мәдениятынын тез пәтлер менен раўажланыўы электр энергиясына болған талапты күшейтти. „Средазэлектросетьпроект" институтының есаплаўы бойынша электр энергиясына болған қосымша талап 50 мың киловатт саатты қурады Өсип баратырған талапты есапқа алып, 1965-жылы Тақыятас ГРЭС и қурылысының үшинши гезеги басланды. Тақыятас ГРЭС—Наўайы ГРЭС электр линиясының қурылысы басланды, бул линия қурылып питкеннен кейин Әмударьяның төменги жағы Орта Азияның бир пүтин энергосистемасы менен биригеди.

Партияның XXII съезди өз жумысын даўам еттирип атырған ўақытта Бухара—Урал газопроводының қурылысы басланған еди. Бул уллы магистрал запасы оғада көп болған Бухара тәбийий газын Уралдың индустриялы кәрханаларына жеткерип бериўи тийис болды. Бул уллы газ жолының қурылысы пүткил совет халқының уллы қурылысы болып, оған 45 миллеттиң ўәкиллери қатнасты.

Партия ҳәм ҳүкимет газопроводтың қурылысына үлкен кеўил бөлди. Ылғаллы комсомол қурылысына бирнеше мыңлаған жас қурылысшылар қатнасып, қаҳарманлық мийнеттиң үлгилерин көрсетти. Қурылысқа қатнасқан студентлердиң өзи 7 мыңнан аслам адам болды. Челябинск қаласында газопроводтың қурылысы бойынша ВЛКСМ Орайлық Комитетиниң штабы шөлкемлестирилди. Бухараның, Хорезмниң ҳәм Қарақалпақстанның комсомол шөлкемлери трассаның қубла участкасын қәўендерликке алды.

Қарақалпақстан комсомол шөлкеми Бухара—Урал газопроводының қурылысына ҳәртәреплеме жәрдем көрсетти. Газопровод қурылысы бойынша областлық комсомол комитетиниң штабы ислеп турды Ал обкомол секретарларының биреўи ВЛКСМ Орайлық Комитети ағзасы болды.

Комсомол жолламасы менен қурылысқа 450 ден аслам гер биш өриўшилер, шоферлар, сыбаўшылар, ағаш усталары ҳәм



www.ziyouz.com kutubxonasi



Орта Азия – Орай газопроводының 5 Компрессор станциясы

www.ziyouz.com kutubxonasi

басқа да кәсип ийелери жиберилди. Қарақалпақстанлы 30 қыз ҳәм жигит компрессор станцияларында ислеў ушын Москва және Хмельницкий областларында оқытылды.

1963-жылы 25-ноябрьде Челябинск қаласының кәрханалары Бухара газын алды. Трассаның биринши гезегинин узынлығы 1995 километрден ибарат болды. Ол мәртлик, халықлар дослығы трассасы деп аталды. Газопроводтың қурылысы халықлар дослығын тағы да беккемледи.

## 2. АЎЫЛ ХОЖАЛЫҒЫ

Жети жыллықта Қарақалпақстанның аўыл хожалығы үлкен табысларды қолға киргизди. Пахташылық аўыл хожалығының жетекши тараўы болды. Қарақалпақстан жети жыллықта Ўатанымыздың ғәзийнеханасына барлығы болып 1 миллион 558 мың тонна „ақ алтын" инәм етти. Егер 1958-жылы республика мәмлекетке 193 мың тонна пахта тапсырған болса, ал жети жыллықтың соңғы жылында жетистирилген пахта 260 мың тоннаға жетти.

Аўыл коммунистлери массаның пахтадан жоқары зүрәәт алыў ушын гүресиниң шөлкемлестириўшилери болды. 1965-жылдың апрелинде 69 аўыллық баслаңғыш партия шөлкеминиң есабында 6583 коммунист болып, олардың 2710 ы дийханшылық бригадаларында ҳәм мал шарўашылығында жумыс иследи. Ал партияның ең жақын жәрдемшиси болған комсомолдың қатарында 1965-жылдың 1-июнине шекем 65 мың ағза болып, олардың басым көпшилиги аўыл хожалығы тараўларында жумыс иследи.

Партия шөлкемлериниң басшылығы астында ҳәр бир хожалықтың ишки резервлерин ҳәм мүмкиншиликлерин ашыў бойынша үлкен жумыслар жүргизилди. Аўыл мийнеткешлери өз үстилерине арттырылған социалистлик миннетлемелер қабыл етти. „Бизлер,— деп жазды республика аўыл хожалығы алдыңғыларының II қуралтайының (1960-ж.) делегатлары, — сизлерди бизиң барлық жеңислеримиздиң шөлкемлестириўшиси болған ленинлик партия дөгерегине тағы да тығызырақ жәмлениўге, барлық күш-жигериңизди партия XXI съездиниң тарийхый қарарларын орынлап шығыўға, кең ен жайдырылған коммунистлик қурылыс ўазыйпаларын әмелге асырыўға жумсаўға шақырамыз".

Коммунистлик мийнет ушын гүрес аўыл хожалығы мийнеткешлери арасында да кең ен жайып кетти. 1965-жылы бул ҳәрекетке 367 бригада ҳәм көплеген бөлимлер қатнасты.

Аўыл рационализаторлары да улыўма халықлық ҳәрекетке актив қосылып, олардың рационализаторлық усынысларының өндириске енгизилиўинен 100 мың манат үнемлеўге ерисилди.

Жети жыллықта аўыл хожалығы өндирисин механизацияластырыў кең ен жайдырылды. Егер 1958-жылы республика аўыл хожалығында 5435 трактор (15 ат күши есабында) болған болса, ал 1965-жылы олардың саны 12088 ге жетти. Пахта териў машиналарының саны усы дәўирде 965 тен 2189 ға жетти, дән комбайнлары—15 тен 161 ге көбейди, Жүк автомобильлериниң



www.ziyouz.com kutubxonasi



*Указ Президиума Верховного Совета СССР*

**О НАГРАЖДЕНИИ КАРА-КАЛПАКСКОЙ АССР ОРДЕНОМ ЛЕНИНА**

За большую и плодотворную работу трудящихся Кара-Калпакской Автономной Советской Социалистической Республики Узбекской ССР в увеличении производства хлопка и за успешное выполнение в 1959 году социалистического обязательства по продаже государству 218 тысяч тонн хлопка-сырца наградить Кара-Калпакскую АССР орденом Ленина.

Председатель Президиума Верховного Совета СССР К. ВОРОШИЛОВ.

Секретарь Президиума Верховного Совета СССР М. ГЕОРГАДЗЕ.

Москва, Кремль, 25 декабря 1959 г.

Қарақалпақстан АССР ын Ленин ордени менен наградлаў ҳаққында СССР Жоқарғы Совети Президиумының Указы.

саны да әдеўир кө}ейди. Техникадан пайдаланыў дәрежеси де бир қанша жақсыланды. Республикада механизатор кадрларын таярлаў бойынша үлкен жумыслар жүргизилди. Егер 1963-жылы республикада 8,7 мың механизатор болған болса, ал 1965-жылы олар 11, 5 мын адамға жетти.

Жети жыллық жылларында пахтаны машина менен териўге айрықша кеўил бөлинди. КПСС Орайлық Комитети менен СССР Министрлер Советиниң 1959-жыл 2-июльде қабыл еткен „Пахташылықтағы жумыслар ды комплексли механизацияластырыўды тәминлеў бойынша илажлар ҳаққында“ қарар қабыл етип, онда „ҳәзирги ўақытта пахташылықтағы жумысларды комплексли механизацияластырыў бойынша баслы бағдар зүрәәтти машина менен терип алыў болып табылады“[1]—деп атап көрсетилди.

Партия ҳәм ҳүкиметимиздин көрсетпелерин орынлап, республика механизаторлары пахтаны машина менен терип алыўдын пәтлерин жылдан-жылға арттырып барды. Егер 1959 жылы пахта териў машиналары менен 30 мын тонна пахта терип алынған болса, ал 1965-жылы бул көрсеткиш 61 мын тоннаға жеткерилди.

Алдынғы қатар механизаторлар пахта териў бойынша планлы тапсырмаларды жыл сайын арттырып орынлаўға ерисги. Хожели районындағы Ленин атындағы колхоз механизаторы А. Арғықова ХВС—1,2 пахта териў машинасы менен 1961-жылы 64 тонна, ал 1962-жылы—96 тонна, Төрткүл районындағы Ленин атындағы колхоздан Р. Таңирбергенова 1962-жылы 140 тоннаға жақын пахта териўге еристи ҳәм т. б

Пахта жыйын-териминде ҳаял-қызлар шешиўши роль атқарды. Олардың арасында даңқлы көп мыңшы теримшилер ҳәм механизоторлар болды. Әмудәрья районындағы Крупская атындағы колхоздан А Камалова даңқлы механизатор Турсынай Ахуновадан үлги алды. Ол өзиниң 1960-жыл 5 январда „Совет Қарақалпақстаны“ газетасында жәрияланған хатында жасларды механизаторлар болып жетисиўге шақырды, Өз КП Қарақалпақстан обкомы Айым Камалованың патриотлық басламасын мақуллады ҳәм

[1]КПСС ҳәм Совет ҳүкимети Өзбекстан ҳаққында. Документлер топламы (1925—1970) Ташкент, „Өзбекстан“баспасы, 197ᵼ-ж. 533-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

республикадағы партия. профсоюз және комсомол шөлкемлерин бул патриотлық басламаны кең ен жайдырыўға, комсомолецлер менен жасларды пахта жетистириўди көбейтиў ушын, жаңа техникаларды өзлестириў ушын гүреске кең тартыўға миннетледи.

Областлық партия шөлкеми механизатор кадрларын таярлаў мәселеси менен удайына шуғылланып, 1961-жыл 2-февралда „Республикада механизатор кадрларын таярлаўды жақсылаў бойынша илажлар ҳаққындағы“ мәселени қарады ҳәм аўыл хожалығын механизацияластырыў училищелеринде механизатор кадрларын таярлаўдың конкрет планын тастыйықлады Партия, комсомол шөлкемлериниң бул тараўдағы жүргизген жумыслары унамлы нәтийжелерге еристи. Ҳаял-қыз механизаторлардың қатары тез өсти. Егер механизаторлар қурсын 1960-жылы 350 ҳаял-қыз питкерип шыққан болса, ал 1961-жылы механизация училишелери менен курсларында 700 қыз оқыды.



**Социалистлик Мийнет Қаҳарманы Айым Камалова.**

Пахташылықты буннан былайда раўажландырыў ўазыйпалары пахта жетистириўди комплексли механизацияластырыўды талап етти. 1964 жылы Өзбекстанда 3 мың комплексли механизацияласқан звено ҳәм бригада жумыс иследи, ал Қарақалпақстанда бундай звено ҳәм бригадалардың саны тек 76 болды. Республика хожалықларынан агрономлар, инженерлер ҳәм аўыл хожалығының басқа да қанийгелериниң үлкен бир группасы 1965-жылы февраль айында Ташкент областының алдыңғы хожалықларында болып қайтты. Олар өзбекстанлы пахтакешлердиң бай тәжирийбесин үйренип, өз хожалықларында пахташылықта комплексли механизацияластырыўдың нарядсыз системасын кең түрде енгизе баслады.

Жети жыллықтың ақырында Өзбекстанда 5 мың соннан Қарақалпақстанда 429 комплексли-механизацияласқан бригада ҳәм звено болды, XXI областлық партия конференциясында (1966-ж 1-февраль) атап көрсетилгениндей-ақ, олардың басым көпшилиги пахта жетистириўде, мийнет өнимлилигин арттырыўда, өнимниң өзине түсер баҳасын арзанлатыўда, машина менен пахта териў планын орынлап шығыўда жақсы көрсеткишлерге еристи.

Комплексли бригада ҳәм звеноларды Қоңырат районының „Қоңырат“ совхозынан З. Даниленко, Хожели районының Ленин



www.ziyouz.com kutubxonasi

атындағы колхозынан Ю. Маткаримов сияқлы атақлы механизаторлар басқарды. Пахта жетистириўди көбейтиўде көрсеткен үлкен хызметлери ушын СССР Жоқарғы Совети Президиумының Указы менен Ю. Маткаримовқа Социалистлик Мийнет Қаҳарманы атағы, ал З. Даниленкоға Ленин ордени берилди.

Механизаторлардың мийнети аўылда иззет-ҳүрмет пенен қәдирленди. Аўыл хожалығы қанийгелериниң 1964-жылы июль айында болып өткен республикалық кеңесинде 23 механизаторға „Қарақалпақстан АССРына хызмет көрсеткен механизатор“ ҳүрметли атағы берилди, ал 93 механизатор Қарақалпақстан АССР ы Жоқарғы Совети Президиумының Ҳүрмет грамоталары менен наградланды.

Алдыңғы хожалықлардың тәжирийбесин ҳәмме кең пайдаланды. Жети жыллық жылларында алдыңғылардың бай тәжирийбесин системалы үйренип барыў шөлкемлестирилди. Социалистлик Мийнет Қаҳарманы А. Камалова басқарған Крупская атындағы колхозда. Қ, Сапаров (Төрткүл районы М, Горький атындағы колхоз), З. Даниленко („Қоңырат“ совхозы) басқарған бригадаларда ҳәм басқа да хожалықларда алдыңғы тәжирийбе мектеплери ислеп турды.

Республикада пахташылықты раўажландырыў исинде туўысқан Хорезм ҳәм Түркменстан ССР ы пахтакешлериниң кеңеслери үлкен жәрдем берди.

Артта қалған хожалықлар тәжирийбели кадрлар менен беккемленди. Алдыңғы хожалықлардан 4 адам совхоз директорлығы, еки адам колхоз председателлиги хызмет орынларына, 37 адам ферма басқарыўшылары ҳәм бригада баслықлары хызмет орнына және 24 қанийге басқа да жумысларға усынылды. Ғаўашаны тәрбиялаўда пахта жыйын терими ўақтында қала ҳәм район орайларының мийнеткешлери, оқыў орынларының студентлери менен оқыўшылар үлкен жәрдем берип келди.

Пахташылықтың ҳәм аўыл хожалығы өндирисиниң басқа да тараўларының буннан былай да раўажланыўына ирригациялық ҳәм мелиоративлик жумыслардың кең көлемде жүргизилиўи қолайлы жағдай туўғызды. 1959—1965-жыллары суў хожалығы қурылысына 30, 2 миллион манат, соның ишинде қурылыс-монтаж жумысларына 24, 5 миллион манат жумсалды. Тийкарғы ҳәм өндирислик фондлар 2 еседен аслам өсти. „Узводстрой“ ҳәм „Қоңыратводстрой“ трестлери жети жыллықтың соңғы үш жылы ишинде 18 миллион манатлық жер қазыў техникасын алды, Жети жыллықтың ақырында олар басқа да шөлкемлер менен бирге 317 скреперге, 293 бульдозерге, 305 экскаваторға, 43 тракторға. 79 жүзип жүриўши земснарядқа ҳәм басқа да механизмлерге ийе болды.

Ирригациялық жумыслар тийкарынан Ленин атындағы, Кегейли, Пахтаарна ҳәм Кызкеткен сияқлы баслы магистрал каналларда жүргизилди. 1960—1961-жыллары Қуўанышжарма, Кегейли ҳәм Пахтаарна каналларында гидротехникалық қурылыслар әмел-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ге асырылды. 1961—1962-жыллары Қызкеткен суўғарыў системасының Кегейли тармағында Бес жап, ал 1962—1963-жыллары Майжап гидроузеллери салынды.

Қуўанышжарма тармағында Есимабад гидроузели салынды. Бул ири ирригациялық қурылыслардың салыныўы бир неше жүзлеген гектар жаңа жерлерди суўландырыўға мүмкиншилик берди.

Өз КП Орайлық Комитети 1963-жылдың 3-октябринде секундына 60 кубометрлик өндирислик қуўатқа ийе болған Қаттағар насос станциясын қурыў ҳаққында арнаўлы қарар қабыл етти. Бул әҳмийетли станцияның қурылысына пүткил елимиз жәрдемлести. Урал ирригациялық машина қурылысы заводы насос установкаларын, Ташкент темирбетон өнимлери заводы арматуралы плиталар жиберди. Нөкис қурылыс материаллары комбинаты өре блоклар жеткерип берди. Насос станциясының қурылысына Ферғана, Андижан, Самарқанд ҳәм Өзбекстанның басқа да областларынан механизаторлар, „Узводстрой" трестинин Кегейли ҳәм Шымбай Қурылыс-монтажлаў басқармаларының бетоншылары, № 166 қурылыс трестиниң, „Сибэлектромонтаж", „Узгидроэнергострой", „Средазэлектросеть" монтажшылары келип жәрдемлести, Станция оғада қысқа мүддет ишинде—алты айда пайдаланыўға берилди.

1961—1962-жыллары Ленин атындағы канал сағасында да насос станциясы қурылып, ол суткасына 4,5 миллион кубометр суў ағызыў қуўатына ийе болды.

1965-жылы Ленин атындағы суўғарыў системасында өнимдарлығы секундына 60 кубометр болған Бегжап насос станциясының қурылысы питкерилди. Оннан кейинги гезекте Ленин атындағы каналдың суў қәддин 1—2 метр жоқары көтериўге мүмкиншилик беретуғын Киндикөзек гидроузелиниң қурылысы басланды.

Әмудәрьяда ҳәм каналларда ҳәрқыйлы насослар орнатылып, олар суў кемтарлығы ўақтында дәрья ҳәм каналлардан керекли муғдарда суў жеткерип берип турды.

Суўғарып егилетуғын дийханшылық тәжирийбеси аўыл хожалық егинлеринең беккем ҳәм турақлы жоқары зүрәәт алыў ушын ирригациялық жумыслар менен қатар мелиоративлик жумысларды да бирге қосып алып баўыў зәрүрлигин дәлиллеп көрсетти.

Жети жыллық даўамында республикада улыўма узынлығы 500 километр болған коллектор тараўлары қурылды, соннан 175 километри магистрал тараўлар трассасын қурады.

Ирригация мақсетлерине Совет ҳүкимети тәрепинен бөлип шығарылған оғада көп муғдардағы ири қаржылар пахташылықты жеткиликли муғдарда суў менен тәминлеўге, республикада салы егилетуғын жерлердиң майданын кеңейтиў ушын тың жерлерди өзлестириўге мүмкиншилик берди. Қанийгелескен сегиз салыгершилик совхозы ҳәм бир колхоз шөлкемлестирилди. Усы хожалықлардың керек-жарағы ушын мәмлекет 50 миллион манаттан аслам қаржы бөлип шығарды



www.ziyouz.com kutubxonasi



Социалистлик Мийнет Қаҳарманы Өтенияз Турымбетов.

Усының нәтийжесинде салы егисликлериниң майданы әдеўир көбейди. Егер 1961-жылы салы егислигинин майданы 1,9 мың гектар болған болса, ал 1965-жылы ол 13.6 мың гектарға жетти ҳәм оның көпшилик бөлеги жаңадан өзлестирилген жерлер болып табылады. Жаңадан шөлкемлестирилген салыгершилик хожалықларына комсомол жолламасы менен Өзбекстанның ҳәр қыйлы жерлеринен 200 механизатор ҳәм ҳәр қыйлы қанийгеликке ийе 500 қыз-жигит турақлы жумыс ислеўге келди.

Салыгершилик совхозларында мийнетти көп талап етегуғын жумыслар механизацияластырылып барылды 1964-жылы салы егилетуғын жерлердин 95 процентине егис машиналардын жәрдеми менен әмелге асырылды. Салыны машиналардың жәрдеми менен орып жыйнап алыў қол мийнетинин жумсалыўын қысқартты.

Салыгершилик совхозларында тың жерлер өзлестирилип, егислик жерлер барған сайын кеңейтилиўи ҳәм салыкешлердин пидакерлик пенен мийнет етиўи нәтийжесинде салы жетистириў және оны мәмлекетке тапсырыў барған сайын көбейип барды. Егер 1961-жылы барлық категориядағы хожалықларда жетистирилген улыўма өним 3.5 мың тоннаны кураған болса, ал 1965-жылы ол 27,9 мың тоннаға жетти. Усыған муўапық мәмлекетке салы тапсырыў 1961-жылғы 3,0 мың тоннадан 1965-жылы 25,7 мың тоннаға жеткерилди.

Республика салыкешлериниң табыслары жоқары баҳаланды, СССР Жоқары Совети Президиумынын 1966-жыл 23-июньдеги Указы менен Тахтакөпир районындағы „Мәденият“ совхозының бригада баслығы Ө. Турымбетовқа Социалистлик Мийнет Қаҳарманы атағы, берилди. 3 адам Ленин ордени, 8 адам Мийнет Қызыл Байрақ ордени менен наградланды ҳәм т. б.

Республика шарўалары жигерли мийнет етти. олар маллардың бас санын арттырыўда ҳәм малшарўашылығы өнимлерин жетистириўди көбейтиўде айрықша табысларға еристи. Мал шарўашылығының тийкарғы өнимлерин жетистириў әдеўир өсти. Егер 1958-жылы республикадағы барлық категориядағы хожалықларда 8,6 мың тонна гөш 58,0 мың тонна сүт, таярланған болса, ал 1965-жылы 10,6 мың тонна гөш, 77,2 мың тонна сүт жетистирилди.

Республика пилле жетистириўде ҳәм аўыл хожалығының басқа да тараўларында айтарлықтай табысларға ерисги.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарақалпақстан АССР ының бул ерискен жетискенликлери Коммунистлик партия ҳәм Совет ҳүкимети тәрепинен жоқары баҳаланды. 1959-жылы пахта жетистириўди көбейтиў бойынша жүргизген үлкен ҳәм жемисли жумысы ушын және мәмлекетке пахта жетистирип бериў бойынша алған социалистлик миннетлемелерин табыслы орынлап шыққаны ушын автономиялы республика Ленин ордени менен наградланды. СССР Жоқарғы Совети Президиумының 1965-жыл марттағы Указы бойынша республика аўыл хожалығының, санаатының, транспортының, қурылысының, саўда, илим ҳәм мәдениятының алдынғыларынан 666 адам СССР дың орден және медаллары менен наградланды. 1966-жылдың 22-мартында ҳәм 30-апрелинде 1965-жылы пахта, мал шарўашылығы өнимлерин хәм пилле жетистирип таярлаўдағы жетискенликлери ушын өндирис алдынғыларынан 402 адам СССР дың орден ҳәм медаллары менен наградланды. Қарақалпақстан халық хожалығының алдынғылары СССР Халық хожалығы жетискенликлери көргизбесиниң бир неше жыллар даўамында қатнасыўшысы болып келди 1960-жылы республика Көргизбе Советиниң биринши дәрежели дипломын алыўға еристи.

Бирақ ерисилген жетискенликлер менен бирге қәте-кемшиликлер де орын алды. Жети жыллық даўамында пахташылық бир тегис раўажланбады. 1966-жылы февраль айында болып өткен XXI областлық партия конференциясы пахта таярлаўдың кадағалаў цифрлары орынланбағанлығын атап өтти. Пахтаның егислик майданы кеңейтилгени менен оның зүрәәтлилиги төмен болып қалған жыллар да болды.

1960—1962-жыллары пахтаның улыўма өниминиң төменлеўи Өзбекстан бойынша да орын алды, бул техникадан, рабочий күшинен тийисли пайдаланылмағанлығына ҳәм басшылықтың жеткиликли дәрежеде болмаўына ғана емес, ал колхозлар менен совхозларды, колхозшылар менен рабочийларды материаллық қызықсындырыў принципиниң бузылыўына да байланыслы болды. 1959—1962-жыллары қосымша сыйлықлар бериў бийкар етилген еди, пахта жетистириўши колхозларға дән ҳәм басқа да товарлар сатыў тоқтатылған еди.

1963-жылы пахтаның сатып алыў баҳасы колхозлар бойынша 20 процент, ал совхозлар бойынша 12 процент арттырылды ҳәм оларға дән сатыў қайта тикленди. 1964-жылы-ақ республикада пахта жетистириў бойынша дәслепки табыс қолға киргизилди.

Айырым хожалықларда сүт, гөш ҳәм басқа да өнимлер жетистириўдиң рентабеллилик дәрежеси төмен болып, бул удайы өндирис ушын жағдай дүзиўге кесент берди. Аўыл хожалығын планластырыўда, оған қаржы ҳәм кредит бериўде, баҳа сиясатында, таярлаў системасында қәтеликлерге жол қойылды Сондай-ақ дийханшылықтың мәдениятын көтериў, жердиң өнимдарлығын арттырыў бойынша тийисли шаралар көрилмеди, көплеген хожалықларда жерди алмаслап егиў системасы бузылды,



www.ziyouz.com kutubxonasi

КПСС Орайлық Комитетиниң март (1965-ж). Пленумынын қарарына муўапық партия ҳәм ҳүкиметимиз дийханшылық және малшарўашылығы өнимлерин жетистириўди ҳәм тапсырыўды көбейтиўде колхозлардың жәңе совхозлардын материаллық қызығыўшылығын арттырыўға, жерлердиң өнимдарлығын арттырыўға ҳәм колхозларға финанслық жәрдем көрсетиўге бағдарланған қарар қабыл етти. Бурын болып келгениндей колхозлардан кирис салығы улыўма өним есабынан емес, ал нақ доход есабынан алынатуғын болды. КПСС Орайлық Комитети, СССР Министрлер Совети ҳәм ВЦСПС 1965-жылы 1-апрельде совхозлардын ҳәм басқа да мәмлекетлик аўыл хожалығы кәрханаларының, сондай-ақ, совхозлар трестлеринин басшы хызметкерлери менен қанийгелеринин мийнетине ҳақы төлеў ҳаққында қарар қабыл етти.

КПСС Орайлық Комитетиниң октябрь (1964-ж) ҳәм оннан кейинги Пленумларының қарарлары тийкарында қабыл етилген илажлар барлық союзлық республикалардың, соның ишинде Қарақалпақстанның аўыл хожалығының раўажланыўына, экономикасы менен мәдениятынын буннан былай да көтерилиўине, олар арасында экономикалық байланыслардын ҳәм өз-ара жәрдемнин кеңейиўине, Советлер Союзы халықларынын дослығының буннан былай да беккемлениўине алып келди.

Қарақалпақстан АССР ы экономикасынын көтерилиў дәрежесин аўыл хожалығы мийнеткешлеринин 1965-жылы жүргизген жумысларының нәтийжелеринен айқын көриўге болады.

Республика мәмлекетке 260 мың тонна пахта (соның 81 проценти I сорт менен) тапсырды. Орташа ҳәр бир гектардан алынған зүрәәт 21,4 центнерге жетти. Бурын артта қалып келген хожалықлар тек мәмлекетлик планды ғана емес, ал пахта тапсырыў бойынша алған социалистлик миннетлемелерин де арттырып орынлап шығыўға еристи ҳәм өзлеринин экономикалық жағдайларын беккемлеп алды. Аўыл хожалығынын ҳәм жәмийетлик өндиристиң басқа да тараўларының буннан билай да раўажланыўы ушын беккем экономикалық тийкар дүзилди.

### 3. ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АССР ы МИЙНЕТКЕШЛЕРИ АБАДАНЛЫҒЫНЫН ӨСИЎИ.

Санаат ҳәм аўыл хожалығы өндириси тараўындағы ерисилген табыслар совет халқының материаллық турмыс дәрежесиниң буннан былай да көтерилиўине алып келди. Коммунистлик партия менен Совет ҳүкиметинин совет адамларынын турмыс абаданлығын арттырыўға бағдарланған ғамхорлығынын айқын көриниси жумыс күнинин қысқартылыўы болды (1960-ж. 1-июннен). Рабочийлар менен хызметкерлерге жети саатлық, ал санааттын айырым тараўларында алты саатлық жумыс күни орнатылды. Соның менен бирге рабочийлар ҳәм хызметкерлердин, әсиресе төмен хызмет ҳақы алатуғынлардын хызмет ҳақылари әлеўир көбейтилди. 1964-жылы мәмлекет колхозшыларды пенсия менен тәмин-



www.ziyouz.com kutubxonasi

леў ҳаққында нызам қабыл етти. Нәтийжеде 1965-жылы 8 миллионнан аслам колхозшы пенсия алды.

Өзбекстанда жети жыллықта миллий доход 1,5 еседен аслам өсти, рабочийлар менен хызметкерлердиң хызмет ҳақысы 32 процент, ал колхозшылардың ақшалай ҳәм затлай доходлары—33 процент өсти. Қарақалпақстан АССР ы халқының ақшалай доходлары 1958-жылғы 116,6 миллион манаттан 1965-жылы 201,8 миллион манатқа шекем өсти.

Жети жыллықта жәмийетлик фондлар да көбейди. Қарақалпақстанда жәмийетлик тутыныў фондларының көлеми 1959-жылғы 34 миллион 721 мың манаттан 1962-жылы 47 миллион 436 мың манатқа өсти. Бул мақсетлерге ажыратылған қаржылардың көлеми буннан кейинги жыллары да көбейип барды. Колхозшыларға пенсия белгилениўине байланыслы Қарақалпақстандағы пенсионерлердин саны 2,5 еседен асламырақ көбейди. Егер 1959-жылы 1-ноябрьде 19561 пенсионер болған болса, ал 1965-жылы 49 мын адам пенсия алып, олардың 21 мыңнан асламы колхозшылар болды. 1965-жылы тек пенсия төлеў ушын 6 миллион манатқа жақын қаржы жумсалып, соннан колхозшылардың пенсиялары 2, 2 миллион манатты қурады. Республикадағы пенсиялар, пособиелер ҳәм стипендиялар ретинде жумсалған қаржы 1958-жылғы 8,5 миллион манаттан 1965-жылы 21,8 миллион манатқа өсти.

Мийнеткешлердин ден саўлығын сақлаў бойынша үлкен жумыслар әмелге асырылды. Халыққа медициналық хызмет көрсетиўди жақсылаўда КПСС Орайлық Комитети менен СССР Министрлер Советинин 1960-жылы 14-январдағы қарары үлкен әҳмийетке ийе болып, онда ден саўлықты сақлаў тараўындағы жумыслардың программасы белгилеп берилди.

Республика халқына медициналық хызмет көрсетиў әдеўир жақсыланды. Егер Қарақалпақстанда 1958-жылы ден саўлықты сақлаў мақсетлерине 6,3 миллион манат жумсалған болса, ал 1965-жылы 13 миллион манат жумсалды. 1965-жылы республикада медициналық мәкемелердиң саны 1958-жыл менен салыстырғанда 1,5 еседен асламырақ көбейди, ал олардағы орынлардың саны 1,8 есе өсти.

Партия, совет органлары, профсоюз ҳәм басқада жәмийетлик шөлкемлер 1960—1961-жыллары 60 тан аслам административлик жайларды ден саўлықты сақлаў органларының қараўына берди.

24 аўыллық участкалық, 7 қанийгелескен емлеўхана, 7 диспансер. 3 поликлиника, 50 ден аслам фельдшер-акушеркалық пункт, 23 аптека, 56 аптека пункты ҳәм 20 сүт асханалары ашылды. 1958-жылы республикада 301 врач болған болса, 1965-жылы олардың саны—592 адамға жетти. Орта мағлыўматлы медицина хызметкерлеринин саны әдеўир өсти.

Медициналық жәрдемди аўыл ҳалқына жақынластырыў бойынша үлкен жумыслар жүргизилди. 1963-жылдың ақырында ҳәр бир 15—20 километрлик радиуста участкалық емлеўхана ҳәм



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳәр бир 700—800 адамға —бир фельдшер-акушеркалық пункт болды. 1964-жылы ауыл халқынын 90 процентинен асламы өз районынын қанийгелеринен медициналық жәрдем алды.

Ауыл халқына республикалық емлеўхана да ҳәр қыйлы медициналық жәрдем көрсетип келди. Онда 1965-жылы бир медицина илимлери кандидаты ҳәм Өзбекстан ССР ы және Қарақалпақстан АССР ына мийнети синген 6 врач жумыс иследи.

Республикада халықтын ден саўлығын сақлаў бойынша жүргизилген жумыслар өзинин унамлы нәтийжелерин берди. Безгек, әспили сүзек, полиомиэлит, трахома сияқлы жуқпалы аўырыўлар сапластырылды. Республикада туўылыўшылық пүткил союзлық дәрежеден жоқары болды. Улыўма, әсиресе балалардың өлиўшилиги кескин түрде азайды.

1964-жылы республикада ден саўлықты сақлаўды буннан былай да жақсылаў бойынша илажлардың комплексли планы бекитилди.

Партия ҳәм ҳүкимет турақ-жай қурылысынын көлемин арттырыўға айрықша дыққат бөлип келди. Қарақалпақстан АССР ында турақ-жай қурылысына 83,2 миллион манат жумсалды.

Мәмлекетлик ҳәм кооперативлик кәрханалар және шөлкемлер тәрепинен улыўма майданы 402 мың квадрат метр турақ-жай салынды, Соның менен бирге қала ҳалқы өзлеринин жеке қаржысы ҳәм мәмлекетлик кредит жәрдеми менен 820 мың квадрат метр турақ-жай салып алды. Аўыл халқы 7,3 мын жай салын алды. Кең көлемде жүргизилген турақ-жай қурылысы республика мийнеткешлеринин турақ-жай жағдайын әдеўир жақсылады. Бирақ соған қарамастан турақ-жай мәселеси кескин болып қалыўын даўам етти.

Аўыллық жерлерде мәдений-турмыс қурылыслары кең көлемде жүргизилди. Егер 1962—1963-жыллары республиканың колхозлары менен совхозларында усы мақсетлерге 4 миллион 400 мың манат жумсалған болса, ал жети жыллықтын соңғы еки жылы даўамында 16 миллион манаттан аслам. яғный 3.7 еседен де көп қаржы жумсалды.

Аўыл хожалығында раўажланыў пәтлеририн пәсеңлеўи, мийнет өнимлилигинин бирқанша төменлеўи халықтың миллий доходының ҳәм материаллық абаданлығынын өсиў дәрежесине бир қанша тәсир жасады. КПСС Орайлық Комитети ҳәм СССР Министрлер Совети 1965-жылдын халық хожалығы планының проектин қараған ўақытта жәмийетлик өндиристин өсиў пәтлерин тезлетиў зәрүр, деп есаплап, совет халқының материаллық турмыс дәрежесин буннан былай да арттырыўдын қосымша ресурсларын иске қосыўды нәзерде тутты. Усының нәтийжесинде 1965-жылы мийнеткешлердиң реаль доходлары 1964-жылға салыстырғанда әдеўир өсти. Әсиресе, халық абаданлығын арттырыўда КПСС Орайлық Комитетинин март (1965-ж.) Пленумынын елимиздиң аўыл хожалығын көтериў бойынша қабыл еткен экономикалық илажлары үлкен әҳмийетке ийе болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Партия ҳәм ҳүкимет халықты азық-аўқат затлары және санаат товарлары менен тәминлеўди жақсылаў бойынша барлық илажларды көрди. Халыққа гөш ҳәм колбоса өнимлерин, үст ҳәм аяқ кийимлер, холодильниклер, кир жуўыў машиналарын, радиоприемниклер, телевизорлар және т. б. товарлар сатыў көбейтилди. Халыққа тутыныў товарларын сатыў 1965-жылы 1963-жылға салыстырғанда 30 миллион манатқа артты. Жәмийетлик аўқатланыў кәрханалары өз жумысларын әдеўир жақсылады. Олардың саўда айланысы жети жыллықта 1,48 есе өсти. 1965-жылы усақлап сатыў саўда айланысы 1958-жылға салыстырғанда 57,6 миллион манатқа көбейди.

Республикада саўданын жақсыланыўына мәмлекетлик саўда тараўларының қайта тиклениўи үлкен жағдай туўғызды. 1964-жылы апрель айында Қарақалпақстан АССР Саўда министрлиги, Нөкис ҳәм Хожелиде қалалық саўда бөлимлери шөлкемлестирилди.

Жети жыллықта мийнеткешлерге мәдений-турмыс жағынан хызмет көрсетиў әдеўир жақсыланды. 1964-жылдын июнь айында болып өткен Өз КП Орайлық Комитетинин кенейтилген XIII Пленумы халықтын турмыс мәдениятын арттырыў ҳәм өтмиштиң зиянлы қалдықларын сапластырыў мәселелерин додалады. Пленумда қабыл етилген қарарда халықтын турмыс мәдениятын арттырыў сиясий әҳмийетке ийе болып отырғанлығы, бул идеологиялық ҳәм шөлкемлестириўшилик жумыслардың баслы ўазыйпаларының бири, коммунистлик қурылыстын қудиретли факторы екенлиги атап көрсетилди.

Солай етип, жети жыллық жылларында Қарақалпақстан мийнеткешлериниң материаллық абаданлығынын әдеўир арттырылыўына ерисилип, бул Коммунистлик партия менен Совет ҳүкиметиниң халқымыздың ийгилиги ҳәм бахты ушын ғамхорлығының айқын дәлийли болып есапланады.

### 4. ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АССР ынын 1959—1965-ЖЫЛЛАРДАҒЫ ЖӘМИЙЕТЛИК-СИЯСИЙ ТУРМЫСЫ

Коммунистлиқ партиянын 1961-жылы 30-июльде баспа сөзде жәрияланған жаңа Программасы менен Уставынын проектлери СССР ҳәм пүткил жер жүзи мийнеткешлеринин үлкен қызығыўшылығын пайда етти.

КПСС Программасы менен Уставының проектлери еки айдан асламырақ ўақыт даўамында мийнеткешлердиң, партия шөлкемлериниң жыйналысларында додаланып, бул додалаўларға СССР халқының үштен бирине жақыны қатнасты.

1961-жылы Нөкисте XIX Областлық партия конференциясы ашылып, онда „КПСС Программасынын проекти ҳаққында"ғы, „КПСС Уставынын проекти ҳаққында" ғы докладлар, Өз КП Обкомы менен ревизия комиссияларынын есаплы докладлары тыңланды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ӨзКП Обкомының есаплы докладында республиканың партия шөлкемлери өткен дәўир ишинде партия турмысының ленинлик нормаларын ҳәм партиялық басшылықтың ленинлик принциплерин беккем сақлағанлығы атап көрсетилди. Областлық партия комитети, районлық ҳәм қалалық партия комитетлери басланғыш партия шөлкемлери менен ҳәм республикадағы мийнеткешлер массасы менен байланысты беккемледи.

Конференция областлық партия шөлкеминиң жумысын буннан былай да жақсылаўға бағдарланған резолюция қабыл етти, областлық партия шөлкеминиң басшы органларын ҳәм Өзбекстан Компартиясының XVI съездине ҳәм КПСС XXII съездине делегатлар сайлады.

Советлер Союзы Коммунистлик партиясының XXII съезди Москвада 1961-жылы 17—31-октябрь аралығында болып өтти. Съезд жумысына 5 мыңға жақын делегат ҳәм сырт ел коммунистлик ҳәм рабочий партияларынан көп санлы мийманлар қатнасты. Съезд КПСС Орайлық Комитетиниң ҳәм Орайлық ревизия комиссиясының есаплы докладларын, Советлер Союзы Коммунистлик партиясының Программасы ҳаққындағы ҳәм КПСС Уставына өзгерислер киргизиў ҳаққындағы докладларды тыңлады. Съезд КПСС Орайлық Комитетиниң ишки ҳәм сыртқы сиясат тараўындағы сиясий жолы менен әмелий жумысын тутасы ҳәм толығы менен мақуллады.

КПСС XXII съезди КПСС тың жаңа Программасын ҳәм Уставын қабыл етти ҳәм партияның басшы органларын сайлады.

КПСС тың жаңа Программасында СССР дағы ҳәм социалистлик бирлик еллериндеги социалистлик қурылыстың бай тәжирийбеси, жер жүзилик коммунистлик ҳәм миллий-азатлық ҳәрекетиниң тәжирийбеси жуўмақластырылды.

Партияның Программасында коммунистлик қурылыстың коммунизмниң материаллық-технакалық базасын дүзиў, коммунистлик жәмийетлик қатнасықларды раўажландырыў ҳәм жаңа адамды тәрбиялаўдан ибарат баслы ўазыйпалары белгилеп берилген. Бизиң партиямыздың жаңа Программасы шын мәнисинде бизиң дәўиримиздиң Коммунистлик Манифести болып есапланады.

Съезд қабыл еткен партия Уставында партияның шөлкемлестириў принциплери коммунизм дүзиў дәўириниң ўазыйпаларына сәйкес раўажландырылған.

Партия Программасының ҳәм жети жыллық планның совет халқы алдына қойған ўазыйпалардың орынланыўының барысында коллектив басшылық етиўдиң ленинлик принциплериниң, халық хожалығын илимий негизленген планластырыў ҳәм оған басшылық етиў принциплериниң бузылыўына жол қойыў жағдайлары орын алып, бул коммунистлик қурылыстың қыйын мәселелерин шешиўде қәтеликлерге, субъективизмге ҳәм омыраў зорлыққа ҳәм тийкарсыз шөлкемлестириў-административлик қайта қурыўларға алып келди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

КПСС Орайлық Комитетинин 1964-жылғы октябрь Пленумының қарарында: коммунизм дүзиў иси партиялық ҳәм мәмлекетлик ис усылынын ленинлик нормаларын булжытпай әмелге асырыўды талап етеди, асығыслық пенен, турмыстан ажыралған ҳәм жақсылап ойланылмай қарарлар қабыл етиўге жол қойыўға болмайды, деп атап көрсетилди. Пленум қарарлары КПСС XXII съездинин көрсетпелерин ҳәм партия Программасының талапларын избе-из әмелге асырыў ушын кен жол ашып берди. Пленумнан кейин жол қойылған қәтеликлерди сапластырыў ҳәм коммунистлик қурылыстың әҳмийетли ўазыйпаларын әмелге асырыў бойынша үлкен жумыслар жүргизилди. КПСС Орайлық Комитетиниң октябрь Пленумының қарарларын партия ҳәм пүткил совет халқы бир аўыздан мақуллады. Қарақалпақстан областлық партия шөлкеми активиниң 1964-жыл 17-октябрьде болып өткен жыйналысы КПСС Орайлық Комитети Пленумының қарарларын қызғын мақуллап қүўатлады.

КПСС Орайлық Комитетиниң ноябрь (1964-ж.) Пленумынын қарарына муўапық, партия шөлкемлеринин ҳәм олардың басшы органларынын партия XXII съездинде қабыл етилген КПСС Уставында белгиленген территориялық-өндирислик қурылысы принципи қайта тикленди.

Қарақалпақстан АССРында партия, совет, профсоюз ҳәм комсомол шөлкемлеринин өндирислик белги бойынша бөлиниўи тек Хожели районында ғана әмелге асырылған еди. Районнын бул тараўдағы еки жыллық жумыс тәжирийбеси бундай өндирислик принцип бойынша бөлиниўдиң жасалмалы екенлигин, өзин ақламағанлығын көрсетти, себеби ол мийнеткешлерге саўда, медицина ҳәм мәдений хызмет көрсетиўде, олардын шағым ҳәм арзаларын қарап шығыўда және хожалық, партиялық-шөлкемлестириў мәселелерин шешиўде бир қатар қыйыншылықлар туўдырды.

Өз КП Қарақалпақстан областлық комитетинин 1964-жыл декабрь айында болып өткен VI пленумы КПСС Орайлық Комитетиниң ноябрь (1964-ж.) Пленумынын қарарын мақуллады ҳәм Хожели санаат-өндирислик парткомын Хожели өндирислик колхоз-совхоз басқармасы парткомы менен бирлестириў ҳаққында қарар қабыл етти. Республикадағы барлық өндирислик колхоз-совхоз басқармаларының парткомлары ҳәм Мойнақ санаат-өндирислик парткомы районлық партия комитетлери болып қайта шөлкемлестирилди.

Колхоз-совхоз басқармаларын дүзиў дәўринде Беруний районы Төрткүл районы менен, Қоңырат районы Хожели районы менен, Таҳтакөпир районы Шымбай районы менен бирлестирилген еди, бирақ бул илажлар тийисли нәтийжелер бермеди. Хожалық ҳәм мәдений қурылысқа басшылықты жақсылаў мақсетинде бул районлар тағы өз алдына бөлинди.

„Партия органларының шөлкемлестириў структурасы,—деген еди Л. И. Брежнев КПСС Орайлық Комитетиниң март (1965-жыл) Пленумында,—КПСС Уставына муўапықластырылды. Ле-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нинлик принциплер тийкарында бир пүтин партиялық органлардың қайта тиклениўи партия шөлкемлериниң ролин арттырды ҳәм қандай да бир ойлап табылған және турмыста өзин ақламаған қайта қурыўлар ушын оларды жасалма түрде бөлшеклеўге тыйым салынды. Партия шөлкемлери енди жемисли жумыс жүргизиў ушын барлық жағдайларға ийе"[1].

КПСС Орайлық Комитетиниң 1965-жыл март айында болып өткен Пленумы елимиздиң аўыл хожалығын буннан былай да раўажландырыў бойынша ең зәрүрли илажлар ҳаққындағы мәселени додалады.

Пленум СССР дың аўыл хожалығын көтериў бойынша бир қатар илажлар белгиледи. Таярлаў ҳәм сатып алыўдың 1965—1970-жылларға белгиленген турақлы планлары белгиленди, аўыл хожалығы ҳәм мал шарўашылығының бир қатар өнимлеринин тийкарғы баҳалары арттырылды ҳәм арттырылған баҳалар бойынша планнан зият өним сатып алыў системасы ислеп шығылды, аўыл ҳожалығының материаллық-техникалық базасын беккемлеў бойынша, илим жетискенликлерин ҳәм алдыңғы тәжирийбени өндириске енгизиў, колхозлар менен совхозларды шөлкемлестириў-хожалық жағынан буннан былай да беккемлеўдин гейпара мәселелери және аўылда партиялық жумыслардың дәрежесин көтериў бойынша шешиўши илажлар қабыл етилди.

1965-жылы сентябрь айында болып өткен КПСС Орайлық Комитетининг Пленумы санаатты басқарыўды жақсылаў, өндиристи планластырыў ҳәм шөлкемлестириўди жетилистириў, кәрханаларды экономикалық жақтан стимулластырыўды күшейтиў ҳаққындағы мәселени қарап шықты.

Социализмниң толық ҳәм биротала жеңип шығыўына және коммунистлик қурылыстың ен жайдырылыўына байланыслы пролетариат диктатурасы мәмлекети ретинде пайда болған Совет мәмлекети ўлыўма халықлық мәмлекетке, пүткил совет халқының мәплери менен еркин билдиретуғын органға айланды. Бирақ бизин жәмийетимиздин ең алдыңғы қатар ҳәм ең шөлкемлескен күши ретинде рабочий класс Советлер ели раўажланыўының жаңа басқышында да өзинин басқарыўшылық ролин әмелге асырыўды даўам еттирип атыр.

Партия социалистлик демократияны буннан былай да беккемлеў ҳәм раўажландырыў бойынша үлкен илажларды әмелге асырды.

Жоқарғы ҳәм жергилиликли советлерге сайлаўлар үлкен сиясий әҳмийетке ийе. Бул сайлаўлар халықтың суверенитетиниң көриниси болып табылады. 1959-жылдың 1-мартында мийнеткешлердиң үлкен сиясий ҳәм мийнет көтериңкилиги жағдайында Өзбекстан ССРы менен Қарақалпақстан АССР ының Жоқарғы

[1] Л. И. Брежнев. СССР аўыл хожалығын буннан былай да раўажландырыў бойынша ең зәрүрли илажлар ҳаққында. М. Политиздат, 1965-жыл, 4-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Советлерине және мийнеткешлер депутатларының жергиликли Советлерине сайлаўлар болып өтти. Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Советине сайлаўларда дизимге алынған 280 505 сайлаўшыдан даўыс бериўге 280 500 сайлаўшы, яғный 99,99 проценти қатнасып, коммунистлер ҳәм партияда жоқлардың кандидатларының блоги ушын 280 231 адам, яғный даўыс бериўге қатнасқанлардын 99,9 проценти жақлап даўыс берди. Республикадағы властын жоқарғы органына барлығы болып, 164 депутат сайланып, олардын 46 сы (28 проценти) ҳаял-қызлар, 39 ы рабочийлар ҳәм 26 сы колхозшы, 122 си КПСС ағзасы ҳәм ағзалығына кандидат, 42 си партияда жоқлар болды. Депутатлардың составы билими бойынша төмендегише болды. 43 адам—жоқары билимли, 48 адам—орта мағлыўматлы, 73 адам—баслаўыш ҳәм толық емес орта мағлыўматлы, жасы бойынша: 24 жасқа шекемгилер—6 адам, 25—29 жастағылар—14 адам, 30—39 жастағылар—63 адам, 40—49 жастағылар—51 адам, 50 хәм оннан жоқарғы жастағылар—30 адам. Егер бул мағлыўматларды республика Жоқарғы Советине 1963-жылы март айында болып өткен сайлаўлардың жуўмақлары менен салыстыратуғын болсақ, онда мына өзгешеликти көриўге болады. Депутатлардын саны өзгермегени менен олардың арасында ҳаял-қызлардың саны артты (46 ның орнына 58 адам), рабочийлар 39 адамнан 45 адамға, 30 жасқа шекемгилер—20 адамнан 35 адамға өсти.

Социалистлик демократияны буннан былай да раўажландырыў ҳәм мәмлекетти басқарыўға мийнеткешлерди барған сайын кең тартыў мақсетинде қалалық, аўыллық және поселкалық Советлерге сайлаўлар бойынша депутатлар сайлаў нормаларына елеўли өзгерислер киргизилди. Бул автономиялы республикадағы жергиликли Советлерге депутатлардын санынын әдеўир артыўна алып келди. Жети жыллық дәўринде жергиликли Советлердиң VII—X шақырықларына сайлаўлар өткерилди. Егер 1957-жылы март айындағы жергиликли советлерге сайлаўларда 3305 депутат сайланған болса, ал 1965-жылғы сайлаўларда—4799 депутат сайланды. Солай етип. автономиялы республикадағы жергиликли Советлердиң депутатлары 1494 адамға көбейди.

Жергиликли Советлердин депутатлары Советлердиң өзлеринде, олардын атқарыў комитетлеринде бөлимлеринде ҳәм мийнеткешлер массасы арасында актив жумыслар жүргизди. Жергиликли Советлер өз жумысларында республика халқының кең қатламларынын активине сүйенди.

1962-жыл 18-марттағы СССР Жоқарғы Советине болып өткен сайлаўлар партия менен халықтың беккем бирлигиниң айқын көриниси болды. Бул сайлаўларда барлығы болып 1443 депутат сайланып, олардан мың адам депутатлыққа жанадан сайланды. СССР Жоқарғы Совети депутатлары арасында Қарақалпақстан АССР ынан 15 адам болды. Олардың арасында Төрткүл районындағы М. Горький атындағы колхоздын председатели Абажан Дурдиев, Куйбышев атындағы совхоздың тракторшысы Қулнияз



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бегленов, Әмударья районындағы М. Горький атындағы совхоздын рабочийсы Айсултан Маткаримова, Тақыятас Қурылыс-монтажлаў басқармасының экскаваторшысы Салый Саатдийнов, Мойнақ балық консерва заводынын рабочийсы Нурбийке Сарсенова, Беруний районындағы „Коммуна" колхозынын тракторшысы Жумабай Оразымбетов, Нөкистеги „ВЛКСМ нын 30 жыллығы" мектебиниң муғаллими Рейма Әсенова, врач Т. А. Никитина ҳәм т. б. болды.

Жети жыллық план тапсырмаларын әмелге асырыўға республикалық профсоюз ҳәм комсомол шөлкемлери актив қатнасты.

Хожалық жағынан кем қуўатлы колхозлардын совхозлар болып қайта шөлкемлестирилиўине ҳәм жанадан салығершилик ҳәм мал шарўашылығы совхозларының дүзилиўине, жаңа кәрханалардын пайда болыўына байланыслы профсоюз шөлкемлери менен олардың ағзаларынын саны әдеўир өсти. Республиканың профсоюз шөлкемлери өндирислик тапсырмаларды орынлап шығыўда, мийнеткешлерди коммунистлик рухта тәрбиялаўда, турмыс ҳәм мийнет шараятларын жақсылаўда партия ҳәм хожалық органларына жақыннан жәрдем берип келди. Рабочийлар ҳәм хызметкерлерди пенсия менен тәминлеўде профсоюзлардын ҳуқуқлары кеңейтилди.

Республика комсомолецлери коммунистлик қурылыстын ең жуўапкерли ҳәм ылғаллы участкаларында мийнет етти. Комсомол шөлкемлери өсип киятырған жас әўладты коммунистлик рухта тәрбиялаў бойынша кен көлемде жемисли жумыс жүргизди.

КПСС Орайлық Комитетинин 1962-жыл ноябрь айында болып өткен Пленумының қарарына муўапық ҳәр қайсысы өз алдына жумыс жүргизип келген партиялық ҳәм мәмлекетлик қадағалаўдын орнына бирлестирилген партиялық-мәмлекетлик қадағалаў системасы дүзилген еди. Бирақ турмыс қадағалаў системасын буннан былай да демократияластырыўды, бул иске көп сандағы мийнеткешлерди қатнастырыўды талап етти. Усыған байланыслы КПСС Орайлық Комитетиниң 1965-жылғы декабрь Пленумы партиялық-мәмлекетлик қадағалаўды Халық қадағалаўы етип қайта дүзиўге қарар етти.

КПСС Орайлық Комитетиниң ҳәм СССР Министрлер Советиниң 1959-жыл 2-марттағы „Мийнеткешлердиң жәмийетлик тәртипти қорғаўға қатнасыўы ҳаққында"ғы қарарына муўапық халық ерикли дружиналары дүзилди. Социалистлик жәмийет нормаларын бузыўшыларға қарсы гүресте жолдаслық судларының роли әдеўир өсти.

Партия жети жыллық жылларында коммунистлик қурылыстың әҳмийетли тараўы болған идеологиялық жумысқа дыққатты күшейтти.

„Коммунизмнин жениси ушын гүресте,—деп көрсетиледи партияның Программасында,—идеологиялық жумыс барған сайын қудиретли факторға айланып баратыр. Жәмийет ағзаларының са-



www.ziyouz.com kutubxonasi

налылығы қаншелли жоқары болса, олардың коммунизмниң материаллық-техникалық базасын дүзиўдеги, мийнеттиң коммунистлик формасын ҳәм адамлар арасындағы жаңа қатнасықларды раўажландырыўдағы дөретиўшилик активлиги соншелли толығырақ және кеңирек ен жайдырылады ҳәм, демек, коммунизм қурылысының ўазыйпалары соншелли тез және табыслы шешиледи"[1].

КПСС Программасы алға қойған ўазыйпаларды әмелге асырыў бойынша республика партия шөлкеми үлкен жумыслар жүргизди. Партиялық билимлендириў системасы жетилистирилип барылды. Қарақалпақстан партия ҳәм комсомол билимлендириўи системасында 1960/61-оқыў жылында 35 мыңнан аслам адам марксизм-ленинизм теориясын үйренди. Санаат пенен аўыл хожалығының конкрет экономикасын 8 мыңнан аслам коммунист ҳәм партияда жоқлар үйренди. Республикалық, қалалық ҳәм районлық актив ушын ҳәр қыйлы семинарлар шөлкемлестирилди. Тек 1964/65-оқыў жылында бундай семинарларда 1285 басшы хызметкер сабақ өтти.

1965-жылдан баслап партия билимлендириўи тараўын қайта қурыў әмелге асырылды. Коммунистлердиң КПСС тарийхын, сиясий экономияны, философияны, илимий коммунизм тийкарларын үйрениўине баслы дыққат бөлинди. Партия билимлендириўиниң жаңа системасында даўамлылық ҳәм избе-излилик принципи әмелге асырылды. Республикада 1965/66-оқыў жылында партиялық оқыўдың жаңа системасында 16,5 мың адам оқып, олардың 15 мыңы коммунистлер болды, бул партия шөлкемлери есабындағылардың 87 процентин қурады (1967-жыл 1-январына шекемги мағлыўмат бойынша).

Партия оқыўы тараўында жетискенликлер менен бирге кемшиликлер де орын алды. Мәселен, айырым партия комитетлери сабақлардың сапасына аз кеўил бөлди, коммунистлердиң теориялық билим дәрежесин тийисли түрде есапқа алып бармады. Комсомол билимлендириўи системасында да бир қатар кемшиликлер орын алды.

Массаны сиясий билимлендириў ҳәм тәрбиялаў ўазыйпалары идеологиялық жумыстың барлық формалары менен қуралларынан мақсетке муўапық пайдаланыўды талап етти.

КПСС Орайлық Комитети 1959-жылы 11-мартта массалық-сиясий жумысларды буннан былай да ен жайдырыўға бағдарланған қарар қабыл етти. Өз КП Орайлық Комитети 1959-жылы 7-апрельде қарар қабыл етип, онда КПСС Орайлық Комитетиниң 1959-жыл 11-марттағы қарарын әмелге асырыўға бағдарланған конкрет илажлар белгиледи. Өзбекстан Компартиясының Орайлық Комитети партия шөлкемлерине орынларда пропагандалық

---

[1] Советлер Союзы Коммунистлик партиясының Программасы. Нөкис, Қарақалпақ мәмлекет баспасы, 1962-жыл, 229—230-бетлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳәм массалық-сиясий жумысларды күшейтиў бойынша бир қатар илажларды әмелге асырыўды усыныс етти.

ӨзКП Қарақалпақстан обкомының 1959-жыл 30-марттағы пленумы идеологиялық жумыстың жағдайын додалады ҳәм автономиялы республика мийнеткешлери арасында массалық-сиясий жумысларды жақсылаў бойынша конкрет илажлар қабыл етти.

1960-жыл январь айында XVIII областлық партия конференциясы ашылар алдында республикада 518 сиясий докладшы ҳәм 8453 агитатор болды. Агитаторлардың составы халық хожалығының ҳәр қыйлы тараўларының қанийгелери менен алдынғылары есабынан толықтырылып барылды. 1961 жылдың сентябрине келип, республикада 13 мыңға жақын агитатор жумыс алып барды. Олар мийнеткешлер арасында үлкен агитациялық-массалық жумыслар жүргизди. Олардың күши менен партияның жаңа Программасы менен Уставы ҳаққында 4864 гүрриң, КПСС XXII съездиниң қарарларын мийнеткешлер арасында түсиндириў ҳәм пропагандалаў бойынша 16653 гүррин және 2435 лекция өткерилди.

„Билим“ жәмийети өз жумысын жақсылады. 1960-жылдың басында ол 1100 лекторға ийе еди. Жети жыллық жылларында „Билим“ жәмийети лекторларының составы әдеўир көбейди, 1966-жылдың басына келип, олар 2189 адамға жетти, олардан 326 адам халық хожалығының ҳәр қыйлы қанийгелери, 306 адам илимий хызметкерлер, соның 70 си илим докторлары және кандидатлары болды ҳәм т. б.

Партия, профсоюз ҳәм комсомол шөлкемлери халықтың ҳәр қыйлы қатламларының мийнет ҳәм турмыс шараятларын, мағлыўматы ҳәм сиясий билим дәрежесин есапқа алып, сиясий массалық жумыслар жүргизиў усылларын жетилистириўге ҳәрекет етти. Бул жағынан партия шөлкемлериниң ҳаял-қызлар арасында жүргизген жумысы дыққат аўдарарлық. Жети жыллық тапсырмаларының орынланыўы, өсип киятырған жас әўладты тәрбиялаў ҳәм билимлендириў жумысларының дәрежеси көп жағынан ҳаял-қызлардың мийнет ҳәм сиясий активлигине байланыслы болды. Бунда Қарақалпақстан АССРы ҳаял-қызларының 1961-жылы март айында болып өткен биринши съезди белгили орын тутты. Съездге 483 делегат қатнасты. Съездден бурын кәрханаларда, мәкемелерде ҳәм оқыў орынларында ҳаял-қызлардың жыйналыслары, районлық ҳәм қалалық конференциялары болып өтип, оларға ҳаял-қызлардың 17764 ўәкили қатнасты ҳәм 1181 ҳаял-қыз шығып сөйледи.

Республика ҳаял-қызларының биринши съезди „Қарақалпақстан АССРы ҳаял қызларының халық хожалығын раўажландырыўдың жети жыллық планын мүддетинен бурын орынлап шығыў ушын гүреске қатнасыўы“ ҳаққындағы мәселени додалады.

Бул съезд ҳәм оны өткериў бойынша таярлық жумыслары республика ҳаял-қызларының коммунистлик қурылысқа актив қатнасыўын тәмийинлеўде ҳәм олар арасында идеологиялық жумыстың дәрежесин арттырыўда үлкен әҳмийетке ийе болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Республиканың мийнеткешлери Қарақалпақстан АССР ының дүзилгенине 40 жыл толыўын салтанатлы түрде белгилеп өтти. Бул сәнеге байланыслы КПСС Орайлық Комитети, СССР Жоқарғы Советиниң Президиумы менен Министрлер Совети, Өз КП Орайлық Комитети, Өзбекстан ССР Жоқарғы Советиниң Президиумы менен Министрлер Совети автономиялы республика мийнеткешлерин қызғын қутлықлады. 1964-жыл 27-ноябрьде ӨзКП обкомы менен Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Советинин бирликтеги салтанатлы мәжилиси болып, онда Қарақалпақстанның қырқ жыл ишинде патша Россиясындағы раўажланыўдың ең артта қалған үлкесинен раўажланған санаатқа, механизациялас-тырылған көп тараўлы аўыл хожалығына, гүлленген социалистлик мәдениятқа ийе болған тасқынлап өскен республикаға айланғанлығы айрықша мақтаныш пенен атап өтилди. Салтанатлы мәжилисте Қазақстан ССР ының, Қырғызстан ССР ының, Тәжикстан ССР ының, Түркменстан ССР ының ҳәм Өзбекстан ССР ының бир қатар областларының ўәкиллери республиканың рабочийларын, колхозшы дийханларын ҳәм интеллигенциясын қырқ жыл ишинде экономиканың және мәденияттың барлық тараўларында ерискен үлкен табыслары менен шын жүректен қутлықлады.

Жети жыллықта автономиялы республика халқының өсиўи экономикалық ҳәм мәдений жақтан үлкен табысларға ерисилгенлигинен дерек берди.

Халықтың есабын жүргизиўдиң 19 9-жылғы мағлыўматлары бойынша Қарақалпақстан АССР ында сол жылдың 1 январына 510 мың адам жасаған. Жети жыллық жылларында республика халқы 108,5 мың адамға өсти, ал қала халқы 1959-жылғы 27 проценттен, 1967-жылдың 1-январына 32 процентке шекем көбейди. Тақыятас, Қоңырат сияқлы қалалардың халқы усы дәўир ишинде еки еседен асламырақ өсти.

Солай етип, областлық партия шөлкеминиң басшылығы астында республика мийнеткешлери социалистлик жарысқа ҳәм коммунистлик мийнет ушын ҳәрекетке қосылып, коммунистлик қурылыс программасының состав бөлеги болған жети жыллық план тапсырмаларын табыслы әмелге асырды.

Республиканың экономикасын раўажландырыў исинде барлық союзлық республикалар ҳәртәреплеме туўысқанлық жәрдем көрсетти. Қарақалпақ халқы өзиниң барлық табысларына СССР дағы халықлардың ленинлик дослығының арқасында еристи.

Советлер Союзының Коммунистлик партиясы жумыс жүргизиўдин ленинлик стилин ҳәм партия турмысының ленинлик нормаларын буннан былай да раўажландырып, раўажланған социалистлик жәмийетти табыслы қурыў исине кесент берген барлық иркинишлерди сапластыра отырып, халық хожалығының барлық тараўларының буннан былай да раўажланыўын ҳәм халықтың материаллық турмысының тағы да абаданласыўын тәминлеўге бағдарланған илимий негизленген экономикалық планлар ислеп шықты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## *XV бап*

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АССРы СЕГИЗИНШИ БЕС ЖЫЛЛЫҚ ЖЫЛЛАРЫНДА (1966—1970-ж.ж.)

## 1. САНААТТЫҢ РАЎАЖЛАНЫЎЫ

Партияның XXIII съездинин, КПСС Орайлық Комитетинин октябрь (1964-ж.) ҳәм оннан кейинги Пленумларының қарарларын әмелге асырып, бизиң елимиздин мийнеткешлери Коммунистлик партияның басшылығы астында қысқа мүддет ишинде коммунистлик қурылыста үлкен табысларға еристи.

КПСС тың XXIII съезди (1966-жыл март—апрель) XXII съездден кейинги өткен дәўирдеги партия менен халықтың жүргизген гүресине жуўмақ жасады. Съезд: „жети жыллық планның орынланыўы нәтийжесинде коммунизмниң материаллық-техникалық базасын дүзиў жолында әҳмийетли адым атланды"[1],—деп атап көрсетти ҳәм 1966—1970-жыллары СССР халық хожалығын раўажландырыўдын бес жыллық планы бойынша Директиваларды бекитти

Қарақалпақстан мийнеткешлери жети жыллық тапсырмаларын орынлап шығыў ушын гүрести ен жайдырып жиберди. Жаңа бес жыллықтың баслы экономикалық ўазыйпасы илим ҳәм техниканың, пүткил жәмийетлик өндиристиң индустриаллық раўажланыўының табысларын ҳәр тәреплеме пайдалана отырып, жәмийетлик өндиристиң нәтийжелилигин ҳәм мийнет өнимлилигин арттырыўдан, санаат өндирисиниң әдеўир өсиўин тәминлеўден, аўыл хожалығы раўажланыўының жоқары турақлы пәтлерине ерисиўден ҳәм усыларға тийкарланып, халықтың турмыс дәрежесин тағы да әдўир көтериўден, барлық совет адамларының материаллық және мәдений талапларын толығырақ қанаатландырыўдан ибарат болды.

Сегизинши бес жыллық жылларында автономиялы республиканың экономикасы менен мәдениятын буннан былай да раўажландырыў нәзерде тутылды. Қарақалпақстанда энергетика, газ, қурылыс материаллары ҳәм металлды қайта ислеў санаатын жо-

[1] КПСС тың XXIII съезди. Стенографиялық есап. 1-т. М Политиздат. 1966-ж. 524 бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

қары пәтлер менен раўажландырыў ҳәм усы тийкарда республика өндириўши күшлериниң тасқынлап өсиўи ушын жағдай дүзиўден ибарат үлкен ўазыйпалар турды. Бес жыллықта электр энергиясын жетистириўди 9 есе арттырыў, құрастырылған темирбетон конструкцияларын ҳәм деталларын, сондай-ақ диийўал материалларын—3—4 есе, металлды қайта ислеў санаатының өнимлерин—2 еседен асламырақ көбейтиў белгиленди. Нефтегазразведкашылар Үстиртте үлкен газ запасларын тапты. Анықланған газ запаслары 50 миллиард кубометрден ибарат болды.

Бес жыллықта жеңил, азық-аўқат ҳәм гөш-сүт санаатын буннан былай да раўажландырыў нәзерде тутылды. Бес жыл ишинде бул тараўлардың өндирислик көлемин өткен бес жыллықтағыға қарағанда 45—50 процент, ал жергиликли санааттың улыўма өнимин—3 еседен асламырақ көбейтиў белгиленген еди.

Арал теңизиниң қубла бөлиминде, Әмудәрья ҳәм көплеген ишки көллерде балық запасларын көбейтиўди жайқсы жолға қойыў нәзерде тутылды. 1966—1968-жыллары Мойнақ районында 148 мың гектар жердиң мелиоративлик жағдайын жақсылаў нәзерде тутылып, бул қосымша 73 мың центнер балық аўлаў мүмкиншилигин бериўи тийис болды. Усы илажларды әмелге асырыўға 5 миллион манатқа жақын қаржы бөлип шығарылған еди.

Жаңа бес жыллық жылларында санаатты буннан былай да раўажландырыў менен бирге өндиристиң кең өсип баратырған көлеми ҳәм сол ўақытлары орын алып келген планластырыў ҳәм хожалықты басқарыў усыллары арасындағы сәйкес келмеўшиликлерди сапластырыў зәрүр болды.

Партия ҳәм ҳүкимет қарары тийкарында әмелге асырылған жаңа хожалық реформасы жағдайларында партия, совет шөлкемлери өндирис экономикасы менен тереңнен таныс болыўы, кадрларды экономикалық раўажланыў нызамлары менен қуралландырыўы, оларды материаллық ресурслардан шебер ҳәм дурыс пайдалана билиўге үйретиўи зәрүр болды. Сондай-ақ артта қалған участкаларды алдыңғылар қатарына шығарыўға, өнимниң сапасын арттырыўға, бөлип шығарылған ири қаржыларды, ишки резервлерди, жер асты байлықларын толық ҳәм мақсетке муўапық пайдаланыўға үлкен кеўил бөлинди.

Сегизинши бес жыллық план бойынша транспорт ҳәм байланыс хызметкерлери алдына үлкен ўазыйпалар қойылды. Темир жол, автомобиль, суў жолы ҳәм ҳаўа транспорты арқалы жүк тасыў ҳәм пассажирлер қатнатыўдың көлемин әдеўир көбейтиў нәзерде тутылды, республиканы туўысқан Қазақстан ССР ы арқалы өтип, Орай менен ең қысқа жол арқалы байланыстыратуғын Қоңырат-Бейнеў—Макат темир жолының қурылысы планластырылған еди. Жумыртаў — Ташаўыз темир жол шақапшасын питкериў нәзерде тутылды. Сегизинши бес жыллық даўамында 1000 километрлик автомобиль жолын салыў ҳәм реконструкциялаў зәрүр болды. Бес жыллықта байланыс тараўларын раўажландырыў бойынша үлкен жумыслар белгиленди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ири қурылыс үлкен әҳмийетке ийе болды. Қарақалпақстанның халық хожалығының барлық тарауларын рауажландырыу ушын 500 миллион манатқа жақын қаржы жумсау белгиленип, бул өткен бес жыллықтағыға қарағанда 2.2 есе көп болды. Усы қаржының 394 миллион манатын ауыл хожалығын рауажландырыуға, 18,2 миллион манатын санаат ҳәм қурылыс материаллары кәрханаларын салыуға, реконструкциялауға, 36.? миллион манатын байланыс ҳәм транспортты рауажландырыуға жумсау нәзерде тутылды.

Автономиялы республиканың мийнеткешлери партия шөлкемлериниң басшылығы астында сегизинши бес жыллық план белгилеген тапсырмаларды мүддетинен бурын орынлап шығыу ушын улыума халықлық ҳәрекетти ен жайдырып жиберди. Халық хожалығының барлық тарауларында социалистлик жарыс хәм оның ең жоқарғы формасы—коммунистлик мийнет ушын ҳәрекет кең ен жайып, оған өндирис алдынғыларынан 23 мың адам қатнасты. Коммунистлик мийнет ушын жарысқа 980 бригада, 239 цех ҳәм 5 кәрхана қосылды.

Өндирис орынларындағы мийнеткешлердиң сиясий ҳәм мийнет активлигин тәминлеуде профсоюз шөлкемлери белгили орын тутты. Олар қурылысларда ҳәм кәрханаларда дүзилген турақлы ислеп туратуғын өндирислик кеңеслердиң жумысын жолға салыу ҳәм күшейтиу бойынша үлкен жумыслар жүргизди. Республикада 138 улыума заводлық ҳәм 152 цех кеңеслери турақлы ислеп, олардың жумысына 10 мыңға жақын адам қатнасты. Май заводлары, Хожели гөш комбинаты сияқлы кәрханаларда дүзилген турақлы ислеп туратуғын өндирислик кеңеслердиң жумысы республика районларындағы басқа өндирислик участкалар ушын үлги болып хызмет етти.

Хожели санаат кәрханаларынан үлги алып, Беруний пахта тазалау заводы КПСС XXIII съезди ҳүрметине социалистлик жарысты ен жайдырып, 1966-жылдың январь айында елимизге 2188 тонна пахта мамығын жетистирип берип, айлық планды 104,2 процент орынлап шықты. Заводтың айырым бригадалары өзлериниң айлық план тапсырмаларын 113 процент орынлауға еристи. Бул кәрханадағы партия, профсоюз ҳәм комсомол шөлкемлериниң барлық жумысы заводтың барлық участкаларында социалистлик жарысты ен жайдырыуға бағдарланды. Заводта үскенелерди онлаушы М. Жумабаев, старший пресслеуши Ю. Маткаримов, пневмотранспортер рабочийсы Р. Наумов сияқлы өндирис алдынғылары өсип жетисип, олар өз жолдасларының арасында үлкен абыройға ийе болды. Кәрханада өндирис рационализаторлары ҳәрекети ен жайды. Ойлап табыушы рационализаторлардан И. Трунов, П. Кузьмин, Г. Дергунский ҳәм басқалар пахта мамығын тығызлап орналастырыуды механизацияластырыуды тағы да жетилистириу, шигит өлшеуди автоматластырыу сияқлы уазыйпаларды шешиу үстинде жумыс жүргизди. Бес жыллық тапсырмаларын мүддетинен бурын орынлап шығыу ушын мийнет вахта-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сында турып ислеп, коллективтиң өндирис алдынғылары ҳәр күни сменалық нормаларын 130—140 процент орынлауға ерисип журди.

Халық хожалығының барлық тарауларында пидәкерлик мийнет етиўиниң нәтийжесинде автономиялы республика мийнеткешлери жана бес жыллықта үлкен табысларға еристи. 1966-жылдың өним ислеп шығарыў планы улыўма алғанда санаат бойынша 102 процент орынланди Улыўма өним ислеп шығарыў 1965-жылдағыға қарағанда 3 процент. соның ишинде электр энергия жетистириў—31 процент, металлды қайта ислеў өндириси бойынша —4 процент, азық-аўқат санааты бойынша—3 процент өсти.

1966-жылдың мийнет өнимлилигин арттырыў планы санаат кәрханаларында 105 процент орынланып, бул 1965-жылдағыдан 4 процент көп болды.

Санааттың табыслы раўажланыўына өндириске илим ҳәм техника жетискенликлерин кең енгизиў, өндирис процесслерин механизацияластырыў ҳәм автоматластырыў нәтийжесинде ерисилди. 1966-жылы өндириске 1137 рационализаторлық усыныс енгизилип, бул үлкен экономикалық нәтийже берди.

Бес жыллықтың биринши жылының белгиленген тапсырмаларын орынлап шығыўда автомобиль, суў жолы, темир жол жәнe ҳаўа транспортының, почта-телеграф байланысының рабочийлары, инженер-техник хызметкерлери үлкен табысларды қолға киргизди. 1966-жылы улыўма пайдаланыўдағы автотранспорт 1965-жылдағыға қарағанда 1218 мың тонна көп халық хожалығы жүклерин тасып берди, қатнатылған пассажирлердиң саны 24 миллион адамды қурады, бул буннан бурынғы жылдағыға қарағанда 21 процент көп болды.

Республика экономикасы менен транспортының раўажланыўында Әмударья арқалы қалқыма көпирдиң қурылыўы белгили дәрежеде әҳмийетке ийе болды. Бул көпирдиң иске түсирилиўи нәтийжесинде Әмударья арқалы жүк тасыў тез көбейип, шама менен еки есе өсти. Автомобиль жолларының қурылысы кең көлемде жүргизилди. 1966-жылы 94 километрлик асфальтланған автомобиль жолы салынды, магистрал Төрткүл—Нөкис автомобиль жолының қурылысы питкерилди.

Сегизинши бес жыллықтың биринши жылында ири қурылысты раўажландырыўда әдеўир табысларға ерисилди. Республикада 56 миллион манатлық тийкарғы фонлар иске қосылды. 1966 жылы Нөкис полиграфкомбинатының жайы, Тақыятаста темирбетон өнимлери заводы пайдаланыўға берилди. 6—20 киловатт саатлы кернеўли узынлығы 125 километрлик электр жеткерип бериў линиясы қурылды. Республиканың колхозлары менен совхозлары үлкен қурылыс жумысларын жүргизди. 4,5 мың бас мал сыятуғын малхана жайлары, 18 мың бас таўық сыятуғын таўыққана жайлары пайдаланыўға берилди. Совхозлар тәрепинен жаңадан 5 мың гектар егислик жер өзлестирилди, 75 мың гектар жайлаў жерлерге суў шығарылды. Бир қатар қурылыс материал-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лары кәрханалары, соның ишинде Нөкистеги ири панелли жай соғыў заводы ылғаллы мийнет вахтасында турып ислеп, сегизинши бес жыллықтың биринши жылынын тапсырмаларын арттырып орынлап шығыўға еристи.

№ 12 қурылыс трестиниң коллективи де мийнетте үлкен жетискенликлерди қолға киргизди. Тресттин қурылысшылары „Бес жыллықтын биринши жылының тапсырмаларын муддетинде орынлап шығамыз!" деген сүрен менен мийнет етип, социалистлик жарысты ен жайдырып жиберди. Бес жыллықтын биринши жылында социалистлик жарысқа тресттиң 1500 ден аслам рабочийсы қатнасып, 36 бригада коммунистлик мийнет бригадасы атағын алыў ушын гүрес жүргизди

Сегизинши бес жыллықтын екинши жылында пүткил санааттын улыўма өнимин 1966-жылдағыға қарағанда 9 процент, ал жергиликли санаат бойынша—13,8 процент арттырыў планластырылған еди. Электр энергиясын, қурылыс материалларын жетистириўди көбейтиў, транспорттын ҳәм байланыс тараўларынын раўажланыўы пәтлерин тезлетиў нәзерде тутылды. Бес жыллықтың екинши жылынын тапсырмаларын әмелге асырыў ушын 100 миллион манаттан аслам қаржы жумсаў белгиленип, бул 1966-жылы әмелге асырылған жумыслардын көлеминен 35—40 процент көп болды.

Республика санаатында бес жыллық план тапсырмаларын табыслы әмелге асырыў менен бирге кәрханаларды планластырыўдың ҳәм экономикалық стимулластырыўдың жаңа системасына өткериў бойынша үлкен жумыслар жүргизилди.

1968-жылдың 1-январынан республикадағы барлық санаат кәрханаларында экономикалық реформаны әмелге асырыў иси басланды. Өз КП Қарақалпақстан обкомынын 1966-жыл декабрьде болып өткен V пленумы „Өз КП Орайлық Комитети V пленумынын қарарлары тийкарында санаат өндирисинин нәтийжелилигин буннан былай да арттырыў ҳәм хожалық реформасын әмелге асырыў бойынша областлық партия шөлкеминин ўазыйпалары ҳаққында" ғы мәселени додалап, санаат өндирисинин көлемин тағы да арттырыў менен бирге кәрханаларды планластырыўдын ҳәм экономикалық стимулластырыўдын жаңа системасына өткериўге байланыслы болған жумысларды да кең көлемде жүргизиў зәрүр, деп атап көрсетти. Артта қалыўшылыққа жол қоймаў, барлық кәрханалардың рентабельли ислеўине ерисиў зәрүр болды.

Хожалық реформасын әмелге асырыўдың айрықша өзгешелиги кәрхананың өндирислик жумысы нәтийжелеринин онда ислеўшилердиң материаллық қызығыўшылығына тиккелей байланыслы болыўынан ибарат. Бул жерде Мойнақ балық консерва заводын мысалға келтирип өтиўге болады. 1966-жылы завод жетистирилген өнимди реализациялаўдан 1086 мың манат пайда алды, ал онда ислеўшилердин орташа айлық хызмет ҳақысы 89 манатты қурады. 1967-жылы 1358 мың манат пайда алыў планластырылып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳәр бир ислеўшиниң орташа айлық хызмет ҳақысын 100 манатқа жеткериў нәзерде тутылды.

Усындай илажларды өндиристиң өзгешелигин ҳәм характерин есапқа алып, басқа кәрханаларда да әмелге асырыў зәрүр болды.

Кәрханаларды жаңа жағдайларда ислеўге таярлаўда экономикалық анализ бюролары менен группалары үлкен роль атқарып, олар автономиялы республикадағы 28 санаат кәрханасында шөлкемлестирилген еди. Олардың баслы ўазыйпасы өндиристиң раўажланыўының нәтийжелилигин, оның рентабельлилигин арттырыўдың жолларын излеп табыўдан, өндиристиң реформаға байланыслы болған барлық зәрүрли ресурсларын изертлеп шығып, пайдаланыўдан ибарат болды.

Нөкис қаласының кәрханаларын планластырыў ҳәм экономикалық стимулластырыўдың жаңа системасына өткериўге таярлаўда қалалық партия комитетиниң инициативасы бойынша шақырылған XI экономикалық конференция әҳмийетли роль атқарып, оған санаат кәрханаларының директорлары, бас инженерлери, инженерлик экономикалық хызмет бөлимлериниң баслықлары, қанийгелери, мастерлер ҳәм басланғыш партия шөлкемлериниң секретарлары қатнасты. Конференцияға қатнасыўшылар кәрханаларды жаңа жағдайларда жумыс ислеўге өткериў бойынша алда турған ўазыйпалар ҳаққында өз-ара пикир алысты. Усындай конференциялар Мойнақта, Хожелиде, Берунийде, Шымбайда, Қоңыратта болып өтти.

Жети жыллықтың екинши жылының тапсырмаларын орынлап шығыў ушын гүрес Уллы Октябрь социалистлик революциясының 50 жыллығын байрамлаўға таярлық көрилип атырған ўақытқа туўры келди. Халық хожалығының барлық участкаларында юбилей жылының тапсырмаларын мүддетинен бурын орынлап шығыў ушын гүрес жүргизилди. Соның менен бирге санаат кәрханаларының коммунистлик мийнет коллективлери атағын алыў ушын жүргизген социалистлик жарысы тағыда кен ен жайды. Бул жоқары атаққа бириншилер қатарында Тақыятас ГРЭС иниң, Хожели ҳәм Шымбай май заводларының, Маңғыт пахта тазалаў заводының ҳәм басқа да кәрханалардың коллективлери мияссар болды.

Өз КП Қарақалпақстан обкомының 1967-жыл февраль айында болып өткен VI пленумы юбилей жылының тапсырмаларын орынлап шығыўды тәминлеўге үлкен кеўил бөлди. Пленум санаат кәрханаларының, колхозлардың ҳәм совхозлардың коллективлерин қолда бар барлық ресурслар менен күшлерди өндиристи көтериўге, мийнет өнимлилигин системалы түрде арттырыўға ерисиўге, аўыл хожалығы өндирисин интенсивлестириўге жумсаўға шақырды. Пленум „Уллы Октябрь социалистлик революциясының 50 жыллығына таярлық ҳаққында“ қарар кабыл етти.

1967- юбилей жылында автономиялы республика мийнеткешлери санаат өнимлериниң әҳмийетли түрлерин жетистириў бо-



www.ziyouz.com kutubxonasi

йынша жаңа мийнет табысларын қолға киргизди, 375,2 миллион киловатт саат электр энергиясы жетистирилип, бул 1966-жылдағыға қарағанда 58,8 миллион киловатт саат көп, 49,8 мын кубометр қурамалы темирбетон өнимлери, 94 мың тонна пахта мамығы, 16,6 мың тонна өсимлик майы ислеп шығарылды. 1967-жылы пүткил санааттың улыўма өним ислеп шығарыўының өсиў пәтлери 1965-жылға салыстырғанда 115 процентти қурады.

Транспорт ҳәм байланыс тараўларының жумысларында да үлкен жетисикенликлер қолға киргизилди. Жүк тасыў айланысы темир жол транспорты бойынша 18123 мың тонна, яки 1966-жылдағыға қарағанда 2 есе көп, автомобиль транспорты бойынша 116,0 миллион тонна километр. ҳаўа транспорты бойынша—5,2 мың тонна, суў жолы транспорты бойынша—1577 мың тонна болды. Суў жолы транспортынан басқа транспорт түрлеримелен 26,530 мың пассажир қатнатылды. Тас төселген автомобиль жолларының узынлығы 807 километр болды.

Байланыс тараўларының жумысы да әдеўир жақсыланды. Районлар менен қалалардағы телефон аппаратларының саны 9279 ға жетип, бул 1966-жылдағыға қарағанда 713 дана көп. Радиоластырыў ҳәм телевидение бир қанша раўажланды. Радио еситтириў точкаларының саны 1300 ге көбейип, 1967-жылы 67,8 мыңға жетти.

Ири қурылыс тараўында да әдеўир табыслар қолға киргизилди. 1967-жылы Тақыятас ГРЭС иниң 100 мың киловатт қуўатлылыққа ийе үшинши гезеги пайдаланыўға берилди, ҳәр қыйлы бағдарларда улыўма узынлығы 559 километрлик электр энергиясын жеткерип бериў линиялары қурылып, бул 1966-жылдағыға қарағанда 158 километр көп болды. Төрткүлде ҳәм республика совхозларында бир қатар жәрдемши станциялар, Султан Ўәйис таўда тас майдалап сортлаўшы 300 мың кубометр қуўатлылыққа ийе завод, Нөкис қаласында 19,4 километр газопровод линиялары, 39 километр асфальтланған автомобиль жолы, 122,2 мын квадрат метр турақ-жай салынып пайдаланыўға берилди. Тақыятас гидроузелиниң қурылысы, Қоңырат—Бейнеў темир жолының қурылысы, 9 салыгершилик совхозының қурылыслары, қурылыс шөлкемлериниң өндирислик базаларының ҳәм басқа да көплеген санаат және мәдений-турмыс объектлериниң қурылыслары даўам еттирилди.

Соның менен бирге санаат ҳәм қурылыс тараўларында бир қатар кемшиликлер де орын алды. 11 кәрхана тапсырмаларды орынлай алмады ҳәм 4,2 миллион манатлық өнимди кем берди, бир қатар кәрханаларда техникалық үскенелерден пайдаланыў төмен жағдайда болды. Бир қатар қурылыс шөлкемлери—№ 166 қурылыс тресті, „Тақыятасгидроэнергострой" басқармасы, „Узсантехгазмонтаж" трестиниң көшпели механизацияласқан колоннасы, ҳәм т. б. 1967-жыл тапсырмаларын орынламады. Ири қаржы жумсаў ҳәм тийкарғы фондларды иске қосыў планлары үзилиске түсирилди. Бес жыллықтың дәслепки еки жылында 12 мил-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лион манат өзлестирилмеди. Нөкисте овощ-консерва, балық өршитиў заводларының, ун комбинатының ҳәм басқа да бир қатар объектлердиң қурылыслары созылып кетти. Мийнетти планлы шөлкемлестириўге, қурылыс механизмлеринен пайдаланыўға, мийнет тәртибин беккемлеўге тийисли итибар берилмеди

Қурылыс мәкемелериниң жумысындағы бундай унамсыз қубылыслар қурылыс жумысларының өсиў пәтлерин жылдан-жылға иркти, ал бул халық хожалығы әҳмийетине ийе болған тийкарғы санаат объектлериниң пайдаланыўға берилиўин кешиктирди

Бес жыллықтың үшинши жылының тапсырмаларын табыслы орынлап шығыў ушын кәрханалардың коллективлери тийкарғы фондлардан өнимли пайдаланыўы, өндириске комплексли механизацияластырыўды ҳәм автоматластырыўды кең енгизиўи, рационализаторлар ҳәрекетин кең ен жайдырыўы зәрүр болды.

КПСС XIII съездиниң көрсетпелерин басшылыққа алып, республика партия шөлкеминиң алға қойған ўазыйпаларын әмелге асыра отырып, Қарақалпақстан мийнеткешлери санаат өндирисин буннан былай да көтериў ушын гүрести қызғын ен жайдырып жиберди. Коммунистлик мийнет коллективлери деген жоқары атақты алыў ушын гүрес жүргизген кәрханалардың қатары өсти. Халық хожалығының барлық участкаларында социалистлик жарыс кең ен жайды.

Планластырыў ҳәм экономикалық стимулластырыўдың жаңа системасына өткен кәрханаларда мийнет өнимлилиги артып, өним ислеп шығарыўдың көлеми өсти. Нәтийжеде бул кәрханалар 7 айдың өним сатыў планын 119 процент орынлап, пландан зият 1,1 миллион манатлық өним ислеп шығарды.

Бес жыллық план тапсырмаларын табыслы орынлап шығыўда автономиялы республика мийнеткешлериниң 1968 жыл сентябрьде Коммунистлик партия менен Совет мәмлекетиниң тийкарын салыўшы уллы көсемимиз Владимир Ильич Ленин туўылғанының жүз жыллығы ҳүрметине қабыл еткен социалистлик миннетлемелери үлкен роль атқарды.

Юбилей ҳүрметине ен жайдырылған социалистлик жарыстың барысында Қарақалпақстан мийнеткешлери коммунистлик қурылыстың барлық участкаларында үлкен табысларға еристи.

1971-жыл январь айында болып өткен XXIII областьлық партия конференциясы бес жыллық план тапсырмаларының орынланыўының жуўмағын шығарды. Бес жыллық план тапсырмаларынан артық 21 миллион манатлық өним сатылды. Өндиристиң өсиў пәтлери өткен бес жыллықтағы 14 проценттиң орнына 24,4 процентти қурады. Мийнет өнимлилиги бес жыллық даўамында 10,5 процент өсти.

В. И. Лениниң туўылғанына 100 жыл толыўы ҳүрметине социалистлик жарысты ен жайдырып, көплеген кәрханалар өзлериниң бес жыллық планларын мүддетинен 2—3 ай бурын орынлап шығыўға еристи. Олардың қатарында Маңғыт, Төрткүл ҳәм Қо-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нырат пахта тазалаў заводлары, Шымбай май заводы Мойнақ балық консерва комбинаты, Хожели кеме ремонтлаў заводы ҳәм т. б. болды.

Мийнеткешлер массасын өндиристиң ишки резервлерин кең пайдаланыў ушын гүреске мобилизациялаўда КПСС Орайлық Комитетиниң декабрь (1969-ж.) Пленумының қарарлары үлкен әҳмийетке ийе болып, онда совет экономикасы раўажланыўының жағдайы менен перспективаларына анализ жасалды, ҳәзирги басқышта партиянын сиясий ҳәм шөлкемлестириўшилик жумысларының ўазыйпалары белгиленди, коммунистлик қурылыстың әҳмийетли проблемалары талқыланды. Республика партия шөлкемлери КПСС Орайлық Комитетиниң декабрь Пленумының қарарларына тийкарланып, өндириске истиң көзин билип басшылық ете баслады. Барлық кәрханаларда ишки резервлерди ашыў ҳәм оларды пайдаланыў бойынша комиссия дүзилди, 28 экономикалық анализ бюросы ислеп турды, мийнетти илимий шөлкемлестириў бойынша 26 совет жумыс жүргизди.

Санаат өндирисин көтериўде кәрханаларды планластырыўдың ҳәм экономикалық стимулластырыўдың жаңа системасына өткериў әҳмийетли роль атқарды. Усы ўақытқа келип, кәрханалардың ярымынан асламы жаңа система жағдайында жумыс иследи ҳәм республиканың бурынғыша ислеп атырған өндирис кәрханаларына қарағанда жақсы көрсеткишлерге еристи.

Бес жыллықта транспорт хызметкерлери әдеўир табысларға еристи, бес жыллықтың соңғы үш жылында транспорттың барлық түрлери менен жүк тасыўдың көлеми 1,5 есе өсти. Байланыс тараўларын раўажландырыўдың бес жыллық планының орынланыўына ерисилди.

Республиканың халық хожалығын раўажландырыў исине геологлар әдеўир үлес қосты. Қарақалпақстанның „Нефтегазразведка“ тресты терең ҳәм структуралық бураўлаў ҳәм газ запасларының өсими бойынша бес жыллық планды орынлап шықты. Ири Шақпақты газ кәни ҳәм Қуўаныш газ топланыў орны ашылды. Сонын менен бирге Султан Ўәйис таўларынан ири қазылма байлықлардың дереклери табылды.

Ири қурылыс тараўында да үлкен табысларға ерисилди. Бес жыллықтың соңғы үш жылы ишинде ири қаржы жумсаўдың көлеми 500 миллион манатқан асламырақты қурады, ал пүткил бес жыллық даўамында 812 миллион манат муғдарында ири қаржы жумсалып, бул 1961—1965-жыллардағыға қарағанда 66 процент көп болды. Бес жыллық даўамында барлық тараўлар бойынша 590 миллион манатлық тийкарғы фондлар иске қосылып, бул өткен бес жыллықтағыға қарағанда 64 процент көп болды. Магистрал газопроводларының үш қуўатлы компрессор станциясы, Халқабад пахта тазалаў заводы, Хожели сүт-май заводы, Нөкис консерва заводы, аэровокзал, телевидение орайы ҳәм т. б. пайдаланыўға берилди 4260 километрлик электр жеткерип бериў линиялары қурылды, аўыллық жерлерди толық электрлестириў



www.ziyouz.com kutubxonasi

тийкарынан әмелге асырылды. Жаңадан 12 мын гектар егислик жер өзлестирилди, 329 километрлик автомобиль жолы асфальтланды Қоңырат-Бейнеў темир жолынын қурылысы кең ен жайдырылды ҳәм т. б.

## 2. АЎЫЛ ХОЖАЛЫҒЫНЫҢ РАЎАЖЛАНЫЎЫ

1966—1970-жылларда СССР халық хожалығын раўажландырыўдың бес жыллық планы бойыша КПСС XXIII съездиниң Директиваларында: „Халықтың азық-аўқат өнимлерине, ал санааттын аўыл хожалығы шийки затларына өсип баратырған талапларын жақсылап қанаатландырыў мақсетинде дийханшылық ҳәм мал шарўашылығы өнимлерин жетистириўди әдеўир көбейтиў аўыл хожалығы тараўындағы баслы ўазыйпа болып табылады. КПСС Орайлық Комитетиниң март (1965-ж.) Пленумында ислеп шығылған экономикалық илажлар системасын избе-из әмелге асырыў бул ўазыйпаны шешиўдин тийкары болыўы тийис"[1],— деп атап көрсетилген еди.

Ҳәртәреплеме раўажланған жоқары өнимли аўыл хожалығына ийе болыў коммунистлик қурылыстың шешиўши факторларының бири болып, ол қала менен аўыл арасындағы елеўли айырмашылықты кем-кемнен сапластырыўға, рабочий класс ҳәм дийханлар арасындағы аўқамды буннан былай да беккемлеўге жағдай дүзеди.

Автономиялы республика аўыл хожалығы өндирисин раўажландырыўдың бес жыллық планына муўапық, улыўма өним жетистириўдиң орташа жыллық өсими 25,7 процентти қураўы тийис болды. Пахташылық пенен бирге салыгершиликтиң де кең раўажланыўы көзде тутылды. Әмудәрьянын төменги жағын Советлер Союзынын ири салыгершилик районларынын бирине айландырыў ўазыйпасы алға қойылды.

Мал шарўашылығын көтериўге, картошка, овощь, мийўе ҳәм жүзим жетистириўди кескин түрде көбейтиўге айрықша кеўил бөлинди. Өткен бес жыллықтағыға қарағанда пахта жетистириўди—3,9 процент, салыны—4 есе, картошка ҳәм овощты—3,5 есе, сүтти—69 процент, гөшти—27 процент, жүнди—11 процент ҳәм мәйек жетистириўди—1,5 есе көбейтиў нәзерде тутылды. Жаңа бес жыллықта аўыл хожалығы өндирисин раўажландырыў дийханшылық мәдениятын жақсылаў, барлық егинлердиң зүрәәтлилигин системалы арттырыў, суўғарып егилетуғын жерлерди мақсетке муўапық пайдаланыў, дурыс алмаслап егиўди енгизиў, пахтаның, салының ҳәм басқа да аўыл хожалығы егинлериниң жаңа әдеўир өнимдарлы сортларын өндириске енгизиў, минерал

[1] 1966—1970-жылларда СССР халық хожалығын раўажландырыўдың бес жыллық планы бойынша КПСС XXIII съездиниң Директивалары. Нөкис, „Қарақалпақстан" баспасы, 1966-жыл, 28—29-бетлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

тегинлерден нәтийжели пайдаланыў ҳәм т. б. илажларды қолланыў арқалы әмелге асырылыўы тийис болды

Жана бес жыллықта колхозлар ҳәм совхозлардың техника менен тәминлениў дәрежесин арттырыў, техника жеткерип бериўди көбейтиў, аўыл хожалығы өндирисин комплексли механизацияластырыўды тийкарынан тамамлаў нәзерде тутылды.

Партия XXIII съездиниң ҳәм КПСС Орайлық Комитетиниң март (1965 ж.) Пленумының қарарларын басшылыққа алып, Қарақалпақстан аўыл хожалығының мийнеткешлери өндиристиң барлық тараўларын буннан былай да көтериў ушын гүрести қызғын ен жайдырып жиберди.

Республика колхозлары менен совхозлары арасында бес жыллық план тапсырмаларын мүддетинен бурын орынлап шығыў ушын социалистлик жарыс ен жайды. Аўыл мийнеткешлеринен 10 мың адам, 38 бригада ҳәм 27 бөлим коммунистлик мийнет ылғаллылары ҳәрекетине қосылып, өз үстилерине арттырылған миннетлемелер қабыл етти. Республиканың бир қатар колхозлары менен совхозлары коммунистлик мийнет коллективлери атағын алыў ушын гүресип, пидәкерлик мийнеттиң үлгилерин көрсетти. Бундай хожалықлардын қатарында Төрткүл районындағы М. Горький атындағы колхозды, Қоныраг районындағы Киров атындағы совхозды атап өтиўге болады. Киров атындағы совхозда коммунистлик мийнет ылғаллылары атағын алыў ушын ҳәрекетке рабочийлардың, инженер-техник хызметкерлердиң 60 проценттен асламы қатнасты. Совхоздың төрт бригадасы менен бөлими бул жоқары атақты женип алыўға еристи.

Совхозлар менен колхозларда турақлы ислейтуғын өндирислик кеңеслердиң дүзилиўи үлкен әҳмийетке ийе болып, олар өз хожалықларындағы жумысларға илимий-экономикалық анализлер жасап, қосымша резервлерди ҳәм мүмкиншиликлерди анықлап, өндиристиң рентабельлилигин тәминлеўге жәрдемлести.

Автономиялы республика партия шөлкеми аўыл хожалығы өндириси өнимлерин буннан былай да көбейтиў ўазыйпаларын әмелге асыра отырып, аўыл хожалығының материаллық-техникалық базасын беккемлеўге үлкен кеўил бөлди Колхоз ҳәм совхоз өндирисин раўажландырыў ушын бес жыллықтың биринши жылында 49 миллион манат қаржы жумсаў белгиленип, бул 1965-жылдағыға қарағанда 13,5 процент көп болды. Жаңа техника сатып алыўға 11 миллион манат бөлип шығарылды. 1966-жылы Қарақалпақстан колхозлары менен совхозларына ҳәр қыйлы маркадағы 975 трактор, 300 пахта териў машинасын, 86 комбайн, 358 сеялка, 480 культиватор ҳәм басқа да көплеген техника сатыў нәзерде тутылды Аўыл хожалығы егинлериниң зүрәәтлилигин арттырыў ушын 100 мың тонна минерал төгинлер жәнe егинлердиң зиянкеслерине қарсы қолланылатуғын химикатлар бөлип шығарылды.

Аўыл хожалығы өнимлерин көбейтиўде, колхоз ҳәм совхозлардың егислик жерлериниң өнимдарлығын арттырыўда КПСС



www.ziyouz.com kutubxonasi

Орайлық Комитетиниң май (1966-ж.) Пленумының қарарлары үлкен әҳмийетке ийе болды. Пленумның қарарларында суў хожалығы мәселеси орайлық орынды ийеледи. КПСС XXIII съездиниң қарарлары тийкарында Пленум мелиоративлик жумыслардың, жерлерди суўғарыўдың, батпақлы жерлерди қурғатыўдың 10 жылға (1966–1975-жыллар) белгиленген планын ислеп шықты ҳәм қабыл етти.

КПСС Орайлық Комитетинин май (1966-ж.) Пленумының қарарларына муўапық, автономиялы респупликада суў хожалығы жумысларын кең ен жайдырыў мақсетлеринде бес жыллықтың биринши жылында 22 миллион манат жумсаў нәзерде тутылды.

Сегизинши бес жыллықтың биринши жылында партия шөлкеми тәрепинен көрилген илажлар нәтийжесинде аўыл мийнеткешлерине 1966-жыл тапсырмаларын арттырып орынлап шығыў ушын барлық жағдайлар дүзип берилди.

Усы илажлар менен аўыл мийнеткешлеринин пидәкерлик мийнети арқасында 1966-жылдың пахта таярлаў планы 26-октябрьде орынланды. Жыл ақырына шекем барлығы болып 289 мын тонна пахта таярланып, бул буннан бурынғы жылдағыға қарағанда 60 мың тонна көп болды. 96,4 мың тоннадан аслам пахта машиналардың жәрдеми менен терип алынды, бул 1965 жылдағыға қарағанда 32 мың тонна көп.

Жоқары зүрәәт жетистириў ушын гүресте Төрткүл районындағы М. Горький атындағы, Ильич атындағы колхозлар, Беруний районындағы Киров атындағы колхоз, Әмудәрья районындағы Крупская атындағы, Хожели районындағы „Коммунизм“, Калинин атындағы колхозлар, Ленин, Куйбышев ҳәм Киров атындағы және „Шоманай“ совхозлары жақсы көрсеткишлерге ерисип, пахтаның орташа зүрәәтлилигин гектарынан 30—35 центнерге жеткерди. Төрткүл районындағы Димитров атындағы колхоздың И. Алламбергенов басқарған бригадасы, М. Горький атындағы колхоздың Қ. Сапаров басқарған бригадасы, Беруний районындағы „Правда“ колхозының Р. Бекниязов басқарған бригадасы, Орджоникидзе атындағы колхоздын Р. Султанов басқарған бригадасы ҳәр бир гектардан орташа зүрәәтлиликти 45—56 центнерге шекем арттырды.

Жетистирилген пахта зүрәәтин машиналар менен терип алыўда Ленин атындағы, Киров атындағы, Энгельс атындағы совхозлар жақсы көрсеткишлерге еристи Киров атындағы совхоздың механизаторлары жетистирилген зүрәәттин 65,1 процентин машиналар менен терип алды. Механик айдаўшылардан Әмудәрья районындағы Энгельс атындағы колхоздан Р. Камалова, Крупская атындағы колхоздан Қ. Камалов, Киров атындағы совхоздан И. Рейимов, М. Жуманазаров атындағы совхоздан К. Рейимов, Төрткүл районындағы „XXI партсъезд“ колхозынан Х. Халмуратов өзлериниң „көк корабльлериниң“ бункерлеринен 150—160 тоннадан пахта терип төкти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Пахта жетистириуде комплексли механизацияласқан бригадалар менен звенолар үлкен табысларға еристи. Тахтакөпир районындағы „Москва" совхозының Ж. Дауекеев басқарған 5 адамнан ибарат комплексли механизацияласқан звеносы 40 гектар пахта майданының ҳәр бир гектарынан пландағы 15 центнер орнына 25 центнерден зүрәәт жетистириуге еристи.

Республиканың колхозлары менен совхозлары 1966-жылдың 26-октябрине шекем тапсырған пахтасы ушын мәмлекеттен 74,8 миллион манат алды. Тапсырылған пахтаның 90 проценттен асламы биринши сортты қурады.

Бес жыллықтың биринши жылында пахташылық пенен бирге ауыл хожалығының басқа тарауларында да әдеуир табысларға ерисилди. Мәмлекетке 36,4 мың тонна салы, 18,7 мың тонна сүт, 9961 мың дана мәйек, 1272 тонна жүн тапсырылды. Ҳәр бир қуты науқан қуртынан орта есап пенен 58,8 килограммнан өним жетистирилип, мәмлекетке барлығы болып, 725,6 тонна пилле тапсырылды.

Республика колхозлары менен совхозларында ири қара маллардың бас саны көбейип, 132,7 мың басқа жетти.

Қала халқын овощь, палыз, мийуе ҳәм жүзим өнимлери менен тәминлеуди жақсылау бойынша бир қанша жумыслар исленди.

Ауыл хожалығы тарауындағы ерисилген табыслар менен бирге бир қатар кемшиликлер де орын алды. Бир қанша колхозлар менен совхозлар пахтаның зүрәәтлилиги бойынша артта қалды, мал шаруашылығы хожалықларында өндирис процесслерин комплексли механизацияластырыу жумыслары еле қанаатланарсыз жүргизилди, маллардың көп муғдарда шығынға ушырауына, белгили дәрежеде қысыр қалыуына жол қойылды ҳәм т. б.

Өз КП Қарақалпақстан обкомының 1967-жыл февраль айында болып өткен VI пленумы айырым хожалықлардың алдынғылар дәрежесинен артта қалыу себеплерин атап көрсетип, партия шөлкемлериниң шөлкемлестириушилик ролин тағы да жоқары көтериу, ауыл мийнеткешлериниң арасында сиясий-тәрбия жумысларын буннан былай да ен жайдырыу, партия шөлкемлериниң жумысын КПСС XXIII съездиниң қарарлары тийкарында қайта дүзиу жумысларын питкериу зәрүр, деп есаплады.

Республика ауыл хожалығы мийнеткешлериниң сегизинши бес жыллық план тапсырмаларын әмелге асырыу ушын жүргизген гүреси бизиң елимиздиң турмысындағы даңқлы сәнелер— Уллы Октябрьдиң 50 жыллығын ҳәм В. И. Ленин туўылғанының 100 жыллық юбилейин салтанатлы байрамлап өтиу дәурине туўры келди. Советлер Союзы мийнеткешлериниң турмысындағы бул оғада әҳмийетли уақияларды нәзерде тутып, КПСС тың XXIII съезди „барлық коммунистлерди, рабочийларды, колхозшыларды, совет интеллигенциясын Уллы Октябрь социалистлик революциясына 50 жыл ҳәм Владимир Ильич Лениннин туўылғанына 100 жыл толыуының уллы сәнелерин социалистлик жарысты, коммунистлик мийнет ушын ҳәрекетти кеннен ен жайдырыу, ком-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мунистлик курылыста жаңа жетискенликлерге ерисиў, социализмниң күш-қудиретин беккемлеў, халық аралық революциялық ҳәрекетти женисли түрде раўажландырыў исине бизиң елимиздиң ылайықлы үлес қосыўы менен белгилеўге"[1],—шақырды.

Партияның жалынлы шақырығын Қарақалпақстанның аўыл хожалығы мийнеткешлери үлкен рухланыўшылық пенен күтип алып, 1967-юбилей жылының тапсырмаларын мүддетинен бурын орынлап шығыўға бағдарланған социалистлик миннетлемелер қабыл етти.

1968-жыл 14-февралда XXII Қарақалпақстан областлық партия конференциясы болып өтип, онда юбилей жылындағы халық хожалығы жумысларының жуўмағы шығарылды, өз үстилерине алған жоқары социалистлик миннетлемелерин инабатлы орынлап шыққан санаат ҳәм аўыл хожалығы мийнеткешлериниң табыслары атап көрсетилди.

Автономиялы республика пахтакешлери бес жыллықтың соңғы еки жылы ишинде планнан зият 83 мың тонна пахта тапсырды, орташа жыллық салы жетистириўди 25 мың тоннадан 36 мың тоннаға жеткерди.

КПСС Орайлық Комитетиниң 1968-жыл август айында қабыл еткен „Владимир Ильич Ленин туўылғанының 100 жыллығына таярлық ҳаққында"ғы қарары Қарақалпақстан аўыл хожалығы мийнеткешлериниң дөретиўшилик мийнет активлигиниң жаңа толқынын пайда етти. КПСС Орайлық Комитети партия комитетлери менен шөлкемлерине Уллы Октябрьдиң 50 жыллығына таярлық ўақтында топланған тәжирийбени пайдаланып, улыўма партиялық, улыўма халықлық ис ретинде қарап, В. И. Лениниң туўылғанының 100 жыллығына таярлық бойынша сиясий ҳәм шөлкемлестириўшилик жумысты тағы да ең жайдырыўды усыныс етти.

Партияның шақырығына әмелий ис пенен жуўап бериўге ҳәрекет етип, Қарақалпақстан пахтакешлери бес жыллық фондына планнан зият кеминде 270 мың тонна пахта, 300 тонна пилле жеткерип бериўге, пахтаның зүрәәтлилигин 1970-жылдың ақырына ҳәр бир гектар бойынша 25 центнерге жеткериўге, салы жетистириўди 39 мың тоннаға шекем көбейтиўге, органикалық ҳәм минерал төгинлерден нәтийжели пайдаланыўға, ҳәр жылы егислик жерлерге кеминде 1,5 миллион тонна жергиликли төгин шығарыўға, пахта зүрәәтин терип алыў жумысларын механизацияластырыўды кеминде 70 процентке жеткериўге, салы зүрәәтин жыйнап алыўды толық механизацияластырыўға миннетленди.

Бес жыллықтың үшинши жылының мийнет вахтасында турып ислеп, Әмударья районындағы М. Горький атындағы совхоз сияқ-

---

[1] КПСС Орайлық Комитетиниң есаплы доклады бойынша Советлер Союзы Коммунистлик партиясы XXIII съездиниң Резолюциясы. Нөкис, „Қарақалпақстан" баспасы, 1966-жыл. 25-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

лы бир қатар хожалықлар республика пахтакешлерин В. И. Лениниң туўылғанына 100 жыл толыў юбилейин жоқары мийнет көрсеткишлери менен күтип алыўға шақырды. М Горький атындағы совхоз пахтакешлери 13 мың тонна пахта жетистириўге миннетленди, бул планда белгиленгенинен 4420 тонна артық.

М Горький атындағы совхоз пахтакешлериниң баҳалы басламасын республикадағы барлық хожалықлардың коллективлери қызғын қуўатлады.

Салыгершиликти раўажландырыў ушын гүресте Қазақстан салыкешлериниң Украина, Өзбекстан, Краснодар крайының салыкешлерине салыдан жоқары зүрәәт алыў ушын, салы жетистириў ҳәм оны мәмлекетке тапсырыўдың бес жыллық планын мүддетинен бурын орынлап шығыў ушын, В. И. Лениниң туўылғанына 100 жыл толыў юбилейин ылайықлы күтип алыў ушын социалистлик жарысты ен жайдырып жибериў ҳаққындағы шақырығы үлкен әҳмийетке ийе болды. Қазақстан салыкешлериниң шақырығына жуўап ретинде Қарақалпақстан салыкешлери салы егисин жоқары агротехника талаплары дәрежесинде қысқа мүддетте питкериўге ҳәм жоқары зүрәәт жетистириўге миннетленди. „Мәденият" ҳәм Чапаев атындағы совхозлар 1968-жылы салының ҳәр бир гектарынан 40 центнерден, ал көплеген бригадалар менен бөлимлер—50 центнерден арттырып, зүрәәт жетистириўге миннетленди. „Қарақалпақирсовхозстрой" басқармасының қәнийгелескен салыгершилик совхозларының коллективлери бес жыллықтың үшинши жылында орта есап пенен гектарынан 31 центнерден зүрәәт жетистириўге миннетленди.

Бес жыллықтың үшинши жылын Қарақалпақстан аўыл хожалығы мийнеткешлери жоқары көрсеткишлер менен жуўмақлады. Мәмлекетке 300,6 мың тонна, яғный 1967-жылдағыға қарағанда 43,6 мын тонна көп пахта тапсырылды. Пахтаның зүрәәтлилиги гектарына 25,4 центнерге жеткерилип, бул буннан алдыңғы жылдағыға қарағанда 4 центнер артық болды. Салыкешлер де әдеўир табысларды қолға киргизди. Ўатан телегине 46,2 мың тонна, яғный 1967-жылдағыға қарағанда 6 мың тонна көп салы жеткерип берилди, салының зүрәәтлилиги гектарынан 1967-жылдағы 24 центнер орнына 25,8 центнерге жеткерилди.

1968-жылы автономиялы республиканың шарўалары, пиллекешлери, овошь өсириўшилери де үлкен жетискенликлерге еристи.

Аўыл мийнеткешлеринин турмысында 1969-жылы ноябрь айында Москва қаласында болып өткен колхозшылардың Пүткил союзлық Үшинши съезди үлкен ўақыя болды. Съездге Қарақалпақстан колхозшыларының делегатлары да қатнасты. Съезд аўыл хожалығы артелиниң жаңа Үлгили Уставын— коммунизм дүзиў дәўириндеги колхоз турмысының тийкарғы нызамын қабыл етти. Аўыл хожалығын раўажландырыў ушын гүрестиң ҳәзирги басқышына сәйкес келетуғын жаңа Устав жерден ҳәм колхозға дерек барлық мал-мүлктен дурыс пайдаланыў ушын шөлкемлестириў-хуқуқ тийкарларын дүзип берди, мәмлекетлик планды



www.ziyouz.com kutubxonasi

орынлап шығыў мәселесинде колхозлардың өзбетиншелигин ҳәм хожалық инициативасын әдеўир арттырды, колхоз турмысындағы демократиялық басламаларды ҳәм колхозшылардың ҳуқықларын кеңейтти.

Қарақалпақстан колхозлары менен совхозларының мийнеткешлери аўыл ҳожалығы өндирисин раўажландырыўда үлкен табысларға еристи. 1971-жылы январда болып өткен XXIII областлық партия конфенциясында атап көрсетилгениндей-ақ, колхозлар менен совхозлардың материаллық-техникалық базасы системалы түрде беккемленип барды. Оларға мәмлекет тәрепинен 5726 трактор, 1943 пахта териў машинасы, 732 автомобиль, көп муғдарда экскаваторлар. жер қазыўшы ҳәм басқа да техника жеткерип берилди. Ири қаржы жумсаў еки есе көбейип, ол 339 миллион манатқа жетти.

Жетинши бес жыллықтағыға салыстырғанда улыўма жетистирилген пахта—24 процент, салы—3 есе, овощь өнимлери—2,2 есе, палыз өнимлери— 1,6 есе, картошка 1,3 есе көбейди. 1970-юбилей жылында республика пахтакешлари үлкен табысқа ерисchallenge ти. Ўатан 334,7 мың тонна Қарақалпақстан „ақ алтынын“ алды, жетистирилген улыўма зүрәәттиң 37 проценти машиналар менен терип алынды. Бул Қарақалпақстан пахташылығының тарийхында бурын болып көрилмеген зүрәәт болды.

Аўыл хожалығы өнимлерин жетистириўди көбейтиўде егинлердиң зүрәәтлилигин арттырыў шешиўши әҳмийетке ийе болды. Жетинши бес жыллықтағыға қарағанда пахтаның зүрәәтлилиги 6 центнер артып, 1970-жылы гектарынан 27, 9 центнерге жетти салының зүрәәтлилги 4,3 центнер артып, 1970 жылы гектарынан 28,6 центнерге жетти. Овощь, палыз егинлериниң ҳәм картошканың зүрәәтлилиги әдеўир өсти.

1970-жылы Төрткүл районының хожалықлары пахтаның орташа зүрәәтлилигин гектарынан 39,1 центнерге, Шоманай районының совхозлары 27,4 центнерге жеткерди Әмударья, Қоңырат, Кегейли ҳәм Нөкис районының хожалықлары зүрәәтлиликти буннан бурынғы жылдағыға қарағанда 7—9 центнерге арттырды. Гектарынан 30 центнерден артық зүрәәт жетистирген хожалықлардың саны еки есе өсти, ал 15 хожалық зүрәәтлиликти 40 центнерден арттырды

Барлық дийханшылық егинлериниң зүрәәтлилигин арттырыўда, совхоз ҳәм колхоз өндирисин буннан былай да раўажландырыўда КПСС Орайлық Комитетиниң июль (1970-ж.) Пленумының қарарлары үлкен роль атқарды. Пленум аўыл хожалығын раўажландырыўдың кең программасын ислеп шығып, бул тоғызынши бес жыллық план тапсырмаларының тийкарын қурады, Пленум қарарлары автономиялы республика аўыл хожалығы мийнеткешлерин жана табысларға рухландырды

Сегизинши бес жыллық план тапсырмаларын табыслы әмелге асырыў нәтийжесинде автономиялы республика мийнеткешлериниң турмыс дәрежеси тағы да жақсыланды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Халық хожалығында ислеўши ҳәр бир адамның орташа айлық хызмет ҳақысы 1970-жылы 1969-жылдағыға салыстырғанда 7,5 процент өсти. Аўыл хожалығында бес жыллықтың соңғы үш жылы ишинде колхозлардың орташа жыллық доходы 33 процент, ал совхозларда —55 процент өсти. Ҳәр бир колхозшының орташа айлық хызмет ҳақысы 92 манат, ал ҳәр бир совхоз рабочийсының орташа айлық хызмет ҳақысы 88 манат болды.

Мийнеткешлердиң ақшалай доходының өсиўи халық тутыныў товарларына болған талапты күшейтти. Мәмлекетлик ҳәм кооперативлик саўданың усақлап сатыў товар айланысының улыўма көлеми жәмийетлик аўқатланыў тараўын қоса есаплағанда 1966-жылдағы 187, 3 миллион манат орнына 1970-жылы 254 миллион манатты қурады.

1970-жылы халықтың аманат кассаларына қойған аманат ақшалары бир жыл ишинде 50 процент өсип, жыл ақырында 37 миллион манатқа жетти.

Турақ-жай қурылысында да әдеўир табысларға ерисилди. 1970-жылы 241,4 мың квадрат метр турақ-жай пайдаланыўға берилди Мәмлекет ҳәм колхозлардың қаржылары есабынан көплеген мектеплер, мектепке шекемги балалар мәкемелери, емлеўханалар, поликлиникалар, клублар ҳәм т. б. мәдений-турмыс объектлери қурылып, пайдаланыўға берилди. Қала ҳәм аўылларды абаданластырыў бойынша әдеўир жумыслар исленди. 1970-жылы 6,4 мың квартира, ал бес жыллық даўамында 30,5 мың квартира газ бенен тәминленди. Аўыллық жерлердиң 90 проценти электрлестирилди, колхозшылар менен совхоз рабочийларының 21 мың хожалығына газ өткерилди.

Автономиялы республика халқына турмыс жағынан хызмет көрсетиўди тағы да жақсылаў бойынша сегизинши бес жыллықта үлкен жумыслар исленди. Турмыс жағынан хызмет көрсетиў қала ҳәм аўылық жерлерде де ен жайдырылды. 1970-жылы халыққа турмыс жағынан хызмет көрсетиўдиң көлеми 1969-жылдағыға қарағанда 28 процент, ал бес жыллық даўамында еки еседен асламырақ, соның ишинде аўыллық жерлерде бес есеге жақын өсти, Усы дәўир ишинде ҳәзирги заман техникасы менен үскенеленген турмыс жағынан хызмет көрсетиў объектлери қурылып, пайдаланыўға берилди, халыққа турмыс жағынан хызмет көрсетиўдиң түрлери көбейтилди. Булардың барлығы автономиялы республика халық хожалығында мийнет өнимлилигиниң үзликсиз өсиўине алып келди, 1970-жылы санаатта мийнет өнимлилиги 1969-жылдағыға қарағанда 6,5 процент, ал планластырыў ҳәм экономикалық стимулластырыўдың жаңа системасына өткерилген кәрханаларда – 15,1 процент өсти. Санаат өнимлериниң 65 проценти мийнет өнимлилигин арттырыў есабынан өндирилди. Мийнет өнимлилиги аўыл хожалығы тараўларында да әдеўир өсти· Бес жыллықтың соңғы үш жылында ол совхозларда 52 процент, ал колхозларда —21 процент өсти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 3. ПАРТИЯ-СОВЕТ ҚУРЫЛЫСЫ

Сегизинши бес жыллық жылларында автономиялы республика партия шөлкеми КПСС XXIII съездиниң қарарларын әмелге асырып, мийнеткешлер массасын халық хожалығы ўазыйпаларын орынлап шығыўға мобилизациялаў бойынша үлкен сиясий ҳәм шөлкемлестириўшилик жумысларын алып барды, Соның менен бирге басланғыш партия шөлкемлеринин қатарларын шөлкемлестириў жағынан беккемлеў жумысларына үлкен кеўил бөлинди.

Бес жыллық даўамында басланғыш партия шөлкемлериниң саны республикада 679 дан 913 ке өсти, ал партия ағзалары менен ағзалыққа кандидатлардын қатарлары 21423 адамға жетти. Цех партия шөлкемлери менен группаларынын саны еки есеге жақын өсти. Партияға қабыл етилгенлердин 45,6 процентин рабочийлар қурады. Партияға қабыл етилгенлердиң арасында колхозшылар, ҳаял-қызлар ҳәм комсомолецлер басым орын ийеледи. Бунын барлығы хожалық ҳәм мәдений қурылыстын өсип баратырған ўазыйпаларын шешиўде басланғыш партия шөлкемлеринин активлигин ҳәм жаўынгерлик уқыбын арттырды.

Басланғыш партия шөлкемлери секретарларынын составы жақсыланды, олардың теориялық билим дәрежелери жетилистирилди.

Республикадағы басланғыш партия шөлкемлериниң жумысын жақсылаўда КПСС Орайлық Комитетиниң „Ярославль қалалық партия шөлкеминде партия жыйналысларын өткериў практикасы ҳаққында“ ғы қарары үлкен әҳмийетке ийе болды. Бул қарардың әмелге асырылыўы нәтийжесинде коммунистлердиң өз коллективлериниң жәмийетлик ҳәм өндирислик турмысында активлиги артты.

Коммунистлик қурылыста халық хожалығының барлық тараўлары бойынша басшы кадрлар таярлаў үлкен әҳмийетке ийе. Олардын составын сапа жағынан жақсылаўға айрықша кеўил бөлинди. 1969-жылы Областлық партия комитетиниң номенклатурасына киретуғын хызметкерлердиң 98,7 проценти жоқары ҳәм орта мағлыўматқа ийе болды. Олардын составында халық хожалығынын барлық тараўларынын қанийгелери болды.

Областлық партия шөлкеми кадрларды марксистлик-ленинлик билимлендириў исине үлкен кеўил бөлди. Партия оқыўы ҳәм сиясий билимлендириўи тараўында 1970—71-оқыў жылында 29294 тыңлаўшы өз билимлерин арттырып, олардың 15760 ы коммунистлер болды, ал комсомол сиясий билимлендириўи тараўында 31928 тыңлаўшы оқып, олардың 25238 и комсомол ағзалары болды 51 халық университети жумыс иследи.

Республикада баспа сөз, телевидение ҳәм радио мийнеткешлерди коммунистлик рухта тәрбиялаўда, оларды сегизинши бес жыллық тапсырмаларын орынлап шығыўға мобилизациялаў бойынша үлкен жумыслар жүргизди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Партиялық пропаганда ҳәм идеология жумысларын жақсылаўда „Қарақалпақстан" баспасының В. И Лениниң таңламалы шығармаларының үш томлығын қарақалпақ тилинде ҳәм уллы көсемимиздиң туўылғанына 100 жыл толыўына арналған басқа да юбилей китапларын жарыққа шығарыўы белгили орын тутты.

Бес жыллық даўамында республикалық „Билим" жәмийети тәрепинен мийнеткешлар арасында 36888 лекция өткерилди, Бул дәўирде жәмийеттиң 207 басланғыш шөлкеми болып, олар өз қатарларында жәмийеттиң 3116 ағзасын бирлестирди. Жәмийет ағзаларының қатарында илимпазлар, врачлар, агрономлар, муғаллимлер, партия-хожалық хызметкерлери, искусство және әдебият искерлери болып, олар мийнеткешлер арасында ҳәрқыйлы темаларда лекциялар оқыды. Республикада 11 мыңға жақын агитатор ҳәм сиясий информаторлар мийнеткешлер арасында агитациялық-массалық жумыслар алып барды. Белгили сәнелерге арналып илимий-теориялық конференциялар өткерип барылды.

Республика халық хожалығының барлық тараўларында 80 мыңнан аслам ҳаял-қыз мийнет етти. Ҳаял-қызлар советлериниң составындағы 10 мың активист ҳаял-қызлар арасында үлкен жәмийетлик-сиясий жумыс жүргизди.

Областлық партия комитети комсомолдың, Советлердиң, профсоюзлардың ҳәм басқа да массалық жәмийетлик шөлкемлердиң жумысларын бағдарлап, оларға әмелий жәрдем берип келди. Республикада 964 басланғыш комсомол шөлкеми болып, олар 72637 комсомол ағзасын бирлестирди.

Партия шөлкемлериниң басшылығы астында Қарақалпақстан комсомолы менен жаслары халық хожалығы ўазыйпаларын әмелге асырыўға актив қатнасты.

Сегизинши бес жыллық дәўиринде Советлердин жумыслары қызғын ен жайды. Олар сайлаўшылар алдында системалы түрде есап берип барды. хожалық ҳәм мәдений қурылыстың актуал мәселелерин ҳәртәреплеме қарап, оперативлик пенен шеше баслады, өз қараўындағы мәкемелер менен шөлкемлердин жумысларына қадағалаў жүргизиўди күшейтти, халыққа турмыс жағынан хызмет көрсетиўди жақсылаў бойынша кең илажлар жүргизли.

Халық хожалығы ўазыйпаларын әмелге асырыўда, мийнеткешлерди коммунистлик саналылық рухында тәрбиялаўда, партия XXIII съездиниң қарарларын табыслы әмелге асырыў исине массаны мобилизациялаўда Қарақалпақстан профсоюзлары үлкен хызмет атқарды. Республикада 140 мыңға жақын профсоюз ағзасы болып, олар бес жыллық план тапсырмаларын табыслы орынлап шығыў ушын пидәкерлик пенен мийнет етти.

Республика халық хожалығын раўажландырыў исине халық қадағалаў органлары белгили дәрежеде үлес қосты. Олар өз қатарларында 16 мыңнан аслам рабочийларды, колхозшыларды ҳәм хызметкерлерди бирлестирди. Халық қадағалаўшылары кемшиликлердиң бетин ашыў ҳәм оларды сапластырыўда, партия ме-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нен ҳүкимет директиваларын мийнет коллективлериниң орынлап шығыўын тәминлеўде партия және совет органларына жақыннан жәрдем берип келди.

Солай етип, сегизинши бес жыллық жылларында республиканың санааты, транспорты, байланыс тараўлары тез пәтлер менен раўажланды. Ири қурылыс кең ен жайды. Аўыл хожалығының мийнеткешлери үлкен табысларға еристи. Қарақалпақстанның қалалары менен аўылларының келбети өзгерип, олар барған сайын абаданласты. Булардың барлығы партия менен ҳүкиметтиң аталық ғамхорлығының, Советлер Союзындағы туўысқан халықлардың дослығының нәтийжеси болды. Коммунистлик партияның басшылығы астында пидәкерлик мийнет етип, Қарақалпақстан мийнеткешлери сегизинши бес жыллықты үлкен табыслар менен жуўмақлады ҳәм бизиң елимизде коммунизм дүзиў исине өзлериниң ылайықлы үлеслерин қосты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## XVI бап

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АССР ы ТОҒЫЗЫНШЫ БЕС ЖЫЛЛЫҚТА (1971—1975-ж.ж.)

### 1. ЖАҢА ПЕРСПЕКТИВАЛАР.

Совет халқының коммунизм жолы менен табыслы алға илгерилеўинде, коммунизмниң материаллық-техникалық базасын дүзиў ушын гүресте 1971—1975-жылларда СССР халық хожалығын раўажландырыўдың бес жыллық планы бойынша КПСС XXIV съездиниң Директиваларын орынлап шығыўға баслы орын берилди.

Съезд Директиваларында: „Бес жыллықтың баслы ўазыйпасы социалистлик өндиристи раўажландырыўдың жоқары пәтлери, оның нәтийжелилигин арттырыў, илимий-техникалық прогресс ҳәм мийнет өнимлилигин арттырыўды тезлетиў тийкарында халықтың материаллық ҳәм мәдений-турмыс дәрежесин әдеўир көтериўди тәмийинлеўден ибарат"[1],—деп атап көрсетилди.

КПСС тың XXIV съезди совет халқын елимиздиң халық хожалығын буннан былай да раўажландырыўдың, совет адамларының материаллық абаданлығын ҳәм мәдений турмыс дәрежесин арттырыўдың уллы программасы менен қуралландырды. Съезд социалистлик экономиканы, сондай-ақ аўыл хожалығын ҳәм оның менен байланыслы болған тараўларды раўажландырыўдың индустриаллық базасын кеңейтиў ҳәм жетилистириў ўазыйпасын алға қойды. Соның менен бирге, бурынғыдай-ақ халық хожалығының раўажланыўының тийкары санаат болып қалды. Бес жыл ишинде санаат өнимлерин жетистириўди 42—46 процент, соның ишинде өндирис қуралларын жетистириўди 41—45 процент, тутыныў буйымларын жетистириўди 44—48 процент көбейтиў нәзерде тутылды.

Съезд Директиваларында елимиздиң аўыл хожалығын тез пәтлер менен раўажландырыў ўазыйпасы алға қойылды. Аўыл хожалығы өнимлерин жетистириўдиң көлемин буннан бурынғы

---

[1] 1971-1975-жылларда СССР халық хожалығын раўажландырыўдың бес жыллық планы бойынша КПСС XXIV съездиниң Директивалары. Нөкис, „Қарақалпақстан" баспасы, 1971-жыл 10-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

бес жыллықтағыға қарағанда 20—22 процент көбейтиў, солай етип халықтың азық-аўқатқа ҳәм санаттың шийки затқа болған өсип баратырған талапларын әдеўир толық қанаатландырыў ўазыйпасы белгиленди. Халық хожалығын раўажландырыўдың бес жыллық планында пахташылықты буннан былай да раўажландырыўға үлкен кеўил бөлинди. Пахта жетистириў 1975-жылы 7,0—7,2 миллион тоннаға жеткерилиўи тийис болды. Мал шарўашылығы өнимлерин жетистириўди әдеўир көбейтиў нәзерде тутылды.

Елимиздиң экономикасын раўажландырыў ҳәм халқымыздың абаданлығын және мәдений турмыс дәрежесин арттырыў бойынша белгиленген тапсырмаларды орынлап шығыў ушын бес жыллық ишинде халық хожалығына ири қаржы жумсаўды 36—40 процент көбейтиў белгиленди.

СССР халық хожалығын раўажландырыўдың тоғызыншы бес жыллық планын совет адамлары қызғын мақуллады. Тоғызыншы бес жыллық план бойынша Өзбекстан ССР ының халық хожалығын раўажландырыўға үлкен кеўил бөлинди. Өзбекстан Компартиясы XVIII съездиниң директиваларында 1971—1975-жыллары Өзбекстан ССР ында санааттың улыўма өнимин 46—49 процент арттырыў, энергетиканы, химия санаатын, машина қурылысын, ағаштан зат ислеў ҳәм санааттың басқа да тараўларын тез пәтлер менен раўажландырыў нәзерде тутылды.

Жеңил ҳәм азық-аўқат санаатының өнимлерин сегизинши бес жыллықтағыға қарағанда еки еседен асламырақ көбейтиў белгиленди.

Электр энергиясын жетистириўди 1975-жылы 30 миллиард киловатт саатқа жеткериў планластырылып, бул халықтың жан басына шама менен 2200 киловатт сааттан туўры келеди.

Аўыл хожалығы тараўында бес жыллық ишинде колхозлар менен совхозларда мийнет өнимлилигин 37—40 процент арттырыў, өнимниң өзине түсер баҳасын әдеўир кемитиў ўазыйпасы алға қойылды. Бес жыллықтың ақырына пахта жетистириўди тийкарынан зүрәәтлиликти буннан былай да арттырыў есабынан 4,8 миллион тоннаға жеткериў нәзерде тутылды.

Бес жыллықта ғәлле, әсиресе салы жетистириўди буннан былай да раўажландырыў планластырылды

Шарўалар алдына үлкен ўазыйпалар қойылды. Олар бес жыллықта гөш жетистириўди 1,5 есе көбейтиўи тийис болды.

Улыўма алғанда Өзбекстанның аўыл хожалығының жалпы өними 1970-жылдағы 3,5 миллиард орнына 1975-жылы 4,4 миллиард манатқа шекем жеткерилиўи, яғный усы дәўир ишинде 29 процент өсиўи тийис болды.

Тоғызыншы бес жыллықта Өзбекстанда транспортты раўажландырыўға үлкен кеўил бөлинди. Бес жыллықта Қарақалпақстан АССР ында жаңа темир жол линиялары қурылды. Автономиялы республиканың шеп жағалығы оң жағалық пенен темир жол ҳәм автомобиль жоллары арқалы байланысты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

КПСС XXIV съездиниң Директиваларына жəне Өзбекстан ССР халық хожалығын раўажландырыўдың тоғызыншы бес жыллық планына муўапық, 1971-жылы 24-декабрьде Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Советиниң сегизинши шақырық екинши сессиясы 1971—1975-жылларда Қарақалпақстан АССР халық хожалығын раўажландырыўдың мəмлекетлик бес жыллық планын қабыл етти. Онда 1975-жылы 1970-жылдағыға қарағанда жергиликли санаат өнимлерин 75 процент, жергиликли Советлер бойынша ири қаржы жумсаўды 34,2 процент, автотранспорттың жүк айланысын 72, 5 процент, халықтын ақшалай доходын 55, 7 процент, усақлап сатыў саўдасын 59, 5 процент көбейтиў нəзерде тутылды.

1971—1975-жылларда Қарақалпақстан АССР ынын халық хожалығын раўажландырыўдың бес жыллық планында 1975-жылы 2 миллиард 25 миллион киловатт-саат электр энергиясын, 121,6 мың тонна темирбетон конструкциясын, 112 мың тонна пахта мамығын, 1080 мың манатлық мəдений-турмыс товарларын жетистириў белгиленди.

Тақыятас ГРЭС инде 100 мың киловаттлық қуўатқа ийе тағы бир агрегат иске түсирилип, станцияның қуўатлылығын 358 мың киловаттқа көбейтиў ҳəм жаңа бес жыллық ишинде 5 мың километрлик жоқары вольтлы электр линияларын иске түсириў белгиленди.

Тоғызыншы бес жыллықта Қоңырат қаласында жылына 25 миллион дана пискен гербиш ислеп шығаратуғын завод, Шымбай ҳəм Хожели гербиш заводларында жылына 23 миллион дана пискен гербиш ислеп шығаратуғын туннельлерди иске қосыў, ал Беруний гербиш заводы жанында аглопарит-блок буйымларын ислеп шығаратуғын цех салыў планластырылды.

Сондай-ақ усы бес жыллықта Нөкис гербиш заводына жақын жерде жылына 50 мың тонна ҳəк жетистирип шығаратуғын жаңа завод салыў ҳəм солай етип, жаңа бес жыллықта дийўаллық материаллар ислеп шығарыўды 76,6 процент, бетон буйымларын ислеп шығарыўды 2,5 есе, ҳəк жетистириўди 5 есе көбейтиў белгиленди.

Тоғызыншы бес жыллықта пахта талшығын ислеп шығарыўды 117,4 процентке, ал улыўма санаат бойынша өним жетистириўди 124,4 процентке арттырыў ҳəм жаңадан еки пахта тазалаў заводын салып, иске қосыў нəзерде тутылды.

Жаңа бес жыллықта республикада азық-аўқат санаатын буннан былай да раўажландырыўға айрықша кеўил бөлинди. Нөкис қаласында жаңадан сүт-май заводы салынып оны, пайдаланыўға бериў ҳəм Шымбай май заводы менен Беруний май заводы қайта реконструкцияланып, нəтийжеде оларды суткасына 350 тонна май шығаратуғын дəрежеге жеткериў планластырылды. Нөкис консерва заводында қаўыннан, ғарбыздан, сондай-ақ овощь ҳəм мийўеден өним ислеп шығарыўдың технологиясын жетилистириў,



www.ziyouz.com kutubxonasi

соның менен бирге өндирис қуўатлылығын 30 процент арттырыў белгиленди.

Бес жыллықта сыртқы саўда ушын баҳалы шийкизат болған боян тамырын жетистириў ҳәм таярлаўды 2,2 есе арттырыў усы мақсетте составында арнаўлы совхоз ҳәм завод болатуғын санаат комплексин шөлкемлестириў белгиленди.

Мебель өндириси кен өрис алды. Нөкис мебель фабрикасы толық реконструкцияланып, жаңа технологиялық үскенелер менен тәминленди, нәтийжеде онда өним ислеп шығарыўды әдеўир көбейтиў нәзерде тутылды.

Жергиликли санаат тез пәтлер менен раўажланып, бес жыллықта улыўма өним ислеп шығарыўды 75 процент арттырыў планластырылды. Усы мақсетте Нөкистеги қара үй соғыў-кийиз басыў комбинаты реконструкцияланып, оның қуўатлылығын арттырыў белгиленди. Хожели қаласында гилем тоқыў кәрханасын салыў ҳәм районлардағы санаат комбинатларын кенейтиў нәзерде тутылды.

Бес жыллықта өндирис орынлары ушын қанийгели кадрлар, әсиресе ҳәр қыйлы кәсиплер бойынша рабочийлар таярлаўға үлкен кеўил бөлинип, усы мақсетте кәсип-техникалық училищелерине оқыўшылар қабыл етиўди өткен бес жыллықтағыға қарағанда 52 процент көбейтиў белгиленди.

Тоғызыншы бес жыллық даўамында автономиялы республика колхозлары менен совхозлары 1524 мың тонна пахта жетистириўи, соның менен бирге аўыл хожалығының басқа тараўлары бойынша да өним жетистириўди кескин түрде көбейтиў ўазыйпасы алға қойылды.

Мал шарўашылығы өнимлерин жетистириўди көбейтиў бойынша комплексли илажлар әмелге асырылып әдеўир нәтийжелерге ерисилди. Гөш ҳәм сүт жетистириў бойынша қанийгелестирилген совхозлар ҳәр тәреплеме беккемленди.

Тоғызыншы бес жыллықта автономиялы республикада транспорт ҳәм байланысты буннан былай да раўажландырыў белгиленип, бул тараўда үлкен илажлар әмелге асырыў нәзерде тутылды. Автомобиль парки әдеўир жаңаланды ҳәм толықтырылды, 336 километр тас жол салынды және реконструкцияланды, жаңадан 70 көпир қурылды. Жүклерди орайластырылған түрде тасыў бойынша трест автохожалықларында дәслепки үш жыл ишинде жүк айланысы 42 процент өсти. Бес жыллықта автотранспорттың жүк айланысын 72,5 процентке, ал пассажирлер қатнатыўды 52,2 процентке арттырыў белгиленди. Ҳаўа транспорты бойынша хызмет көрсетиў жақсыланды ҳәм пассажир қатнатыў әдеўир көбейтилди.

Бес жыллықта автономиялы республикада байланыс тараўларын кеңейтиў мәселелерине үлкен итибар берилди. Бул тараўдағы белгиленген жумыслардың көлемин 42 процент арттырыў планластырылды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тоғызыншы бес жыллықта республикадағы ири қурылысқа барлық дереклердың есабынан 1 миллиард манаттан асламырақ қаржы бөлип шығарылып, бул өткен бес жыллықтағыға қарағанда әдеўир көп.

## 2. ҚАРАҚАЛПАҚСТАН МИЙНЕТКЕШЛЕРИНИҢ ХАЛЫҚ ХОЖАЛЫҒЫН БУННАН БЫЛАЙ ДА РАЎАЖЛАНДЫРЫЎ УШЫН ГҮР ЕСИ.

1971—1975-жылларда СССР халық хожалығын раўажландырыўдың бес жыллық планы бойынша КПСС XXIV съездиниң Директиваларының проектин автономиялы республика мийнеткешлери үлкен қанаатланыўшылық пенен күтип алды. Директивалар проекти республикадағы санаат кәрханаларында, совхозларда ҳәм колхозларда қызғын додаланды. Ал 1971-жыл 13-февралда автономиялы республикадағы санаат, транспорт, байланыс ҳәм қурылыс хызметкерлериниң партия-хожалық активи болып өтип, оған қатнасыўшылар 1971-жыл ушын қабыл еткен социалистлик миннетлемелерде жәмийетлик өндиристиң нәтийжелилигин арттырыў, тийкарғы фондларды ҳәм айланыс қаржыларын жақсы пайдаланыў, жаңа техниканы енгизиў ҳәм өндиристи жәнe басқарыўды жетилистириў арқалы мийнет өнимлилигин арттырыў тийкарында өним сатыўдың жыл бойылық планын 25-декабрьге орынлап шығыў ҳәм пландан зият 2 миллион 700 мың манатлық өним сатыў нәзерде тутылды.

Бес жыллық план тапсырмаларын орынлап шығыў ушын гүресте социалистлик жарыстың шөлкемлестирилиўи үлкен әҳмийетке ийе болды. Халық хожалығын раўажландырыўдың тоғызыншы бес жыллық планын мүддетинен бурын орынлап шығыў ушын ен жайдырылған социалистлик жарысқа Қарақалпақстан халық хожалығында ислеўшилерден 118 мың адам қосылды.

Маңғыт ҳәм Қоңырат пахта тазалаў заводларының, Шымбай ҳәм Хожели май заводларының, „Өзсельхозтехниканың" моторремонтлаў заводының, Нөкис кийим тигиў ҳәм мебель фабрикаларының, Мойнақ балық консерва комбинатының коллективлери тоғызыншы бес жыллықтың биринши жылының план тапсырмаларын мүддетинен бурын орынлап шығыў ушын жүргизилген жарыстың биринши қатарларында болды.

1972-жылы СССР дың дүзилгенине 50 жыл толыў юбилейин ылайықлы күтип алыў ушын социалистлик жарыс әсиресе қызғын ен жайып кетти. Мойнақ балық консерва комбинатында юбилей алды социалистлик жарысқа 13 цех ҳәм барлығы болып, 650 адам қатнасып, олардың жигирмасы бес жыллық планларын 4—4,5 жылда орынлап шығыўға сөз берди. Комбинаттағы бир цехтың ҳәм еки участканың коллективлери коммунистлик мийнет коллективи атағын, ал 325 адам коммунистлик мийнет ылғаллысы атағын алыўға еристи.

Қоңырат пахта тазалаў заводында СССР дың 50 жыллық юбилейин ылайықлы күтип алыў ушын социалистлик жарыс кең



www.ziyouz.com kutubxonasi

ен жайдырып жиберилди. Заводтағы смена бригадаларының өз-ара жарысында коммунист О. Муқашев басқарған бригада алдыңғы қатарда болды. Заводта „Бес жыллықты мүддетинен бурын орынлап шығамыз!“ деген сүрен менен ислеўшилердиң қатары барған сайын көбейип барды. Завод рационализаторларынан А. Хожаниязов, М. Е. Малов, И. Урзумов. Ж. Әмиров ҳәм т.б. өндириске 19 рационализаторлық усыныс енгизип, аўыр мийнет талап ететуғын жумыслар механизацияластырылды ҳәм 14800 манат үнемленди.

Коллектив ағзаларының пидәкерлик пенен ислеўи нәтийжесинде Қоңырат пахта тазалаў заводы бес жыллықтың екинши жылында 35486 тонна, яки пландағыдан 2253 тонна артық өним ислеп шығарыўға ерисип, үлкен мийнет табысларын қолға киргизди.

Автономиялы республика пайтахтының санаат кәрханаларының коллективлери СССР дың 50 жыллық юбилейине ылайықлы саўға таярлады. Олар 19-декабрьде жыл бойылық планның орынланғаны ҳаққында рапорт берип, өним сатыўдың жыллық планын 100,7 процент орынлап шықты.

Хожели районының санаат кәрханаларының коллективлери үлкен көрсеткешлерге ерисги. Олар 1972-жылы 20-декабрьде жыллық өним сатыў планын орынлап шықты, яғный пландағы 52747 мың манат орнына 54247 мың манатлық өним сатылды. Бес жыллық план тапсырмаларын мүддетинен бурын орынлап шығыў ушын ен жайған социалистлик жарыстың алдынғы қатарында Тақыятас ремонтлаў-механикалық заводы, сүт-май заводы, пахта тазалаў ҳәм гербиш заводлары, қалалық санаат комбинаты, асфальт-бетон заводы ҳәм т.б. кәрханалар болды.

Қарақалпақстан энергетиклери де жақсы мийнет етти. Юбилей жылында „Қарақалпақ электр тараўлары“ кәрханалары коллективлери социалистлик жарысты ҳәм коммунистлик мийнет коллективи атағын алыў ушын ҳәрекетти кен ен жайдырып жиберди. Социалистлик жарыста электр тараўларының Хожели районлық коллективи үлкен табысларға еристи. Коллективтиң пидәкерлик мийнети нәтийжесинде 491 километрлик электр жеткерип бериў тараўлары ҳәм 180 трансформатор пункты қурылып, пайдаланыўға берилди,

„Қарақалпақ электр тараўлары“ кәрханалары коллективлериниң жигерли мийнет етиўи нәтийжесинде өндирислик план барлық көрсеткишлери бойынша арттырып орынланды. Тутыныўшыларға электр қуўатын жеткерип бериўдиң жыл бойылық планы мүддетинен бурын 1972-жыл 18-декабрьде орынланып, планнан зыят 400 мың манатлық электр қуўаты жеткерип берилди.

Автономиялы республика санаат кәрханаларында өндирис процесслерин механизацияластырыў ҳәм автоматластырыў және алдынғы технологияны енгизиў бойынша кең көлемде жумыслар жүргизилди. Техникалық прогрессти әмелге асырыў исине рационализаторлар актив қатнасты. Олар 1971-жылы халық хожалы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғына 923 рационализаторлық усыныс енгизип, усының нәтийжесинде жылына 1052 мың манатлық қаржы үнемлеўге ерисилди.

1972-жыл ушын белгиленген санаат өнимлерин сатыў планы 103, 4 процент орынланды. Жыл бойылық планнан зыят 9 миллион манатлық санаат өнимлери сатылды. Планнан зыят 15,6 миллион киловатт-саат электр қуўаты, 387 тонна гөш ҳәм колбаса, 867 тонна қаймақлы сүт, 717 тонна балық өнимлери, ҳәр қыйлы ассортименттеги 267 тонна нан өнимлери жетистирилди.

Республикадағы алдыңғы қатардағы санаат кәрханалары коллективлеринин пидәкерлик мийнети Коммунистлик партия ҳәм совет ҳүкимети тәрепинен ылайықлы түрде белгиленди. Маңғыт пахта тазалаў заводы, Тақыятас ремонтлаў-механикалық заводы, „Промстройматериаллар" трестинин қурылыс деталлары заводы КПСС Орайлық Комитетиниң, СССР Жоқарғы Совети Президиумынын, СССР Министрлер Советиниң ҳәм ВЦСПС тың юбилейлик ҳүрмет белгилери менен сыйлықланды. Автономиялы республикадағы 20 санаат кәрханасынын коллективи Өз КП Орайлық Комитетиниң, Өзбекстан ССР Жоқарғы Совети Президиумы менен Министрлер Советинин ҳәм Өзсовпрофтың юбилейлик дипломлары менен наградланды.

„Өзсельхозтехника" Қарақалпақстан бирлеспесиниң Нөкис мотор ремонтлаў заводы ҳәм Халқабад пахта тазалаў заводы коллективлеринин ылғаллы мийнети ылайықлы түрде белгиленди. Юбилей алды социалистлик жарыста женип шыққаны ушын бул кәрханаларға СССР дын 50 жыллығы аты берилди

1971—1975-жылларда СССР халық хожалығын раўажландырыўдың бес жыллық планы бойынша КПСС XXIV съездиниң Директиваларында ири қурылысқа үлкен кеўил бөлинип, өндирис объектлериниң қурылысы турақ жайлар, балалар мәкемелери ҳәм өндирислик мақсетлерге арналмаған басқа да объектлер менен комплексли әмелге асырылыўы зәрүрлиги атап көрсетилди.

Съезд көрсетпелери басшылыққа алынып, республикада тоғызыншы бес жыллықтың биринши жылында 131 мың квадрат метр турақ жай, 3100 оқыўшы орынлы мектеп жайлары, 110 орынлы емлеўханалар, 990 орынлы мектепке шекемги балалар мәкемелеринин жайлары, сондай-ақ көп санлы мәдений-турмыс ҳәм коммуналлық мақсетлерге арналған объектлер қурылып пайдаланыўға берилди.

Қурылыс-монтажлаў жумысларының жыллық белгиленген планы 106 процент орынланып, бул көлем жағынан 1970-жыл менен салыстарғанда 10 процент көп. 120 миллион манаттан аслам ири қаржы өзлестирилди ҳәм 90 миллион манатқа жақын қурылыс-монтажлаў жумыслары әмелге асырылды. 102 миллион 800 мың манатлық тийкарғы фондлар иске қосылды, өндирис мақсетлерине арналған объектлердиң иске қосылыўы 1970-жылдағыға салыстырғанда 22 процент артты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1972-жылы Қарақалпақстан АССР қурылыс шөлкемлери СССР дың 50 жыллығы ҳүрметине белгиленген жумысларды мүддетинен бурын орынлап шығыў бойынша социалистлик миннетлемелер қабыл етип юбилейди ылайықлы күтип алыў ушын социалистлик жарысты ен жайдырып жиберди. Тақыятас гидроузелиниң қурылысшылары Әмудәрьядағы тайнапыр гидротехникалық қурылысты тезлетип, онын биринши гезегин 1973-жылдың 22-апрелине—көсемимиз В.И. Лениннин туўылған күнине иске қосыў ушын миннетлеме алды. Қурылысшылардың социалистлик жарысында коммунистлер алдынғы қатарда болды. Қурылысшылардың жигерли мийнетиниң нәтийжесинде 1971-жылдағыға салыстырғанда 5 миллион манатлық қурылыс-монтажлаў жумыслары артық исленди. Тийкарғы қурылыс жумыслары бойынша 14.3 миллион манатлық ири қаржы өзлестирилди, яғный бул тараўдағы тапсырма 109 процент орынланды. Мийнет Қызыл Байрақ орденли № 12 қурылыс тресги аўыллық жерлерде үлкен қурылыс жумысларын жүргизди. Трест қурылысшылары үш мектеп жайын, Хожелиде машина есаплаў станциясын, Шымбайда дән қабыллаў пунктын ҳәм басқа да объектлерди, сондай-ақ 20300 квадрат-метр турақ жайларды пайдаланыўға берди.


Кегейли районлық байланыс бөлиминиң монтеры, Социалистлик Мийнеттин Қаҳарманы Ж. Айданиязов.

№ 166 қурылыс трестиниң коллективи де табысларға еристи. 1972-жылдың тапсырмалары бойынша тийкарғы фондларды иске қосыў планы 175 процент, ири қаржыны өзлестириў планы 100 процент орынланды. Тоғызыншы бес жыллықтың еки жылы ишинде 48 мың квадрат-метр турақ жай, 1103 оқыўшы орынлы мектеп. 280 орынлы бала-бақша-ясли ҳәм басқа да көплеген объектлер пайдаланыўға берилди. Мийнеттеги табыслары ушын ҳәм СССР дың дүзилгенине 50 жыл толыўына байланыслы № 166 трест коллективи Өз КП Обкомының, Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Советн Президиумы менен Министрлер Советинин, Облсовпрофтың юбилей дипломы менен наградланды.

1972-юбилей жылында байланыс кәрханаларының коллективлери үлкен табысларға еристи, байланыс кәрханаларының жумыс көлеми 29,2 процентке көбейди, автомат-телефон тараўлары 2527 номерге өсти. Халыққа телевидение бойынша хызмет көрсетиўди буннан былай да кеңейтиў тараўында үлкен жумыслар жүргизилди, Юбилей жылының ақырында 110 километрлик Нө-



www.ziyouz.com kutubxonasi

кис-Тахтакөпир радиорелей линиясы пайдаланыўға берилди, Мойнақ районынын мийнеткешлери телевидение программасын көриў мүмкиншилигине ийе болды. Енди автономиялы республика арқа районларының мийнеткешлери Москва, Ташкент, Ашхабад телевидение орайларының программаларын көрип атыр.

Транспорттын ҳәм жол хожалығының барлық тараўларын буннан былай да раўажландырыў бойынша үлкен жумыслар жүргизилди. Орайластырылған түрде жүк тасыў трестиниң автохожалықларында тоғызыншы бес жыллықтын өткен үш жылы ишинде жүк айланысы 42 процент өсти. 1973 жылға белгиленген план ҳәм алынған социалистлик миннетлемелер әдеўир арттырып орынланды. Суў ҳәм ҳаўа транспортының хызметкерлери де үлкен табысларға еристи. Автомобиль жолларын салыў ҳәм ремонтлаў бойынша үлкен жумыслар жүргизилди Бес жыллықтың өткен үш жылы ишинде 268 километрлик автомобиль жолларына асфальт төселип, тас жоллардың улыўма узынлығы 1324,4 километрге жеткерилди. Усы дәўир ишинде автомобиль жолларын ремонтлаў жумысларына 12 миллион манат қаржы жумсалды.

Қарақалпақстан АССР ы аўыл хожалығынын мийнеткешлери КПСС XXIV съездиниң аўыл хожалығы өнимлерин жетистириўди әдеўир көбейтиў, халықтың азық-аўқат өнимлерине ҳәм санааттын шийки затқа болған өсип баратырған талапларын толығырақ канаатландырыў бойынша қарарларын әмелге асырыўға бағдарланған үлкен илажларды жүзеге шығарды Аўыл хожалығы өндирисиниң материаллық-техникалық базасын буннан былай да беккемлеў. механизацияны. химияластырыўды, мелиорацияны кең енгизиў бойынша бир қанша илажлар әмелге асырылды. Дийханшылықтын мәдениятын арттырыў, өндиристи қанийгелестириў бойынша белгили дәрежеде жумыслар жүргизилди.

Тоғызыншы бес жыллықтын дәслепки үш жылы ишинде аўыл хожалығына 330 миллион манатқа жақын ири қаржы жумсалды, бул сегизинши бес жыллықтың дәслепки үш жылындағыға қарағанда 25 процент көп. Совет мәмлекети автономиялы республика колхозларын ҳәм совхозларын барған сайын көбирек муғдарда ен жақсы ҳәзирги заман техникасы, минерал төгинлер, гербицидлер ҳәм т. б. керек-жарақлар менен тәминлеп атыр. Бес жыллықтың дәслепки үш жылы ишинде колхозлар менен совхозлар 5500 трактор алды бул шама менен пүткил сегизинши бес жыллық ишинде алынған тракторларға тең. Дийханшылықта көплеген өндирис процесслери толық механизацияластырылды. Жерлердиң мелиоративлик жағдайын жақсылаў бойынша әдеўир жумыслар жүргизилди, кең көлемдеги жаңа жерлер өзлестирилди, дийханшылықтын мәденияты артты Бес жыллықтың дәслепки еки жылы ишинде 13200 гектар тың жерлер өзлестирилип, колхозлар менен совхозлардын егислик майданлары 8,8 процент артты.

Еки жыл ишинде 561,5 мың тонна пахта таярланып, бул бес жыллық тапсырмаларында белгиленгенине қарағанда 53,5 мың тонна көп.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Пахта таярлаўда әсиресе Қоңырат районынын пахтакешлери айрықша көзге түсти, олар 1972-жылы республикада биринши болып пахта таярлаў планын орынлап шығыўға ерисип, зүрәәтлиликти гектарынан 24,6 центнерге жеткерди.

Баҳалы шийки зат есапланған пахта жетистириўде республиканың қубла районларындағы алдыңғы қатар хожалықлардан Төрткүл районындағы Мийнет Қызыл Байрақ орденли М. Горький атындағы, Димитров ҳәм Ильич атындағы колхозлар, Әмударья районындағы Крупская атындағы, Беруний районындағы Орджоникидзе атындағы колхозлар айрықша жақсы нәтийжелерге еристи.

Автономиялы республика пахта атызларында 193 комсомол-жаслар бригадсы менен звеносы мийнет етти. Олардан Төрткүл районындағы Ленин атындағы колхоздан Сейиткамалов басқарған, „Ленинград" колхозынан Розумов ҳәм Нурымбетов басқарған, „Коммунизм" колхозынан Ражапбаев басқарған комсомол-жаслар бригадалары дийханшылықтың жоқары мәденияты ушын ен жайдырылған социалистлик жарысқа қосылып, ҳәр бир гектар пахта майданынан 50 центнерден ақ алтын жетистирип, жақсы нәтийжелерге еристи.

Республикада пахта жетистириўди көбейтиў исине механизаторлар үлкен үлес қосып киятыр. 1971-жылы пахта жыйын-теримине 2500 механизатор қатнасып, „көк кораблълердин" бункерлеринен 125 мын 200 тонна „ақ алтын" төгилди. Беруний районынын Беруний атындағы совхозынан мәўсимде 270 тонна пахта терген Пердегүл Розымова, Төрткүл районынын „XXI партсъезд" колхозынан мәўсимде 260 тонна пахта териўге ерискен Субан Жуманиязов ҳәм т. б. „көк кораблълердин"ен жақсы капитанлары есапланды.

Автономиялы республикада мал шарўашылығын көтериў бойынша әдеўир жумыслар жүргизилди. Нәтийжеде гөш, сүт, мәйек, жүн ҳәм т, б. мал шарўашылығы өнимлерин жетистириў бойынша бес жыллықтың дәслепки үш жылынын план тапсырмалары арттырып орынланды. Мал шарўашылығынын от-жем базасын беккемлеў, маллардың ҳәм қуслардың бас санын көбейтиў, олардын өнимдарлылығын арттырыў бойынша үлкен илажлар әмелге асырылды.

Республикада мал шарўашылығын көтериў исине Қарақалпақстан комсомолы актив қатнасып атыр. 1971-жылы фермаларда 1000 нан аслам комсомол ағзасы мийнет етти.

Республика салыкешлери тоғызыншы бес жыллықтың биринши жылында мол зүрәәт жетистирип, мәмлекетке 48658 тонна салы тапсырды, зүрәәтлиликти гектарынан 31,2 центнерге жеткерди. Ал „Раўшан" совхозынан М. Бухарбаев басқарған бригада гектарынан 51 центнерден, Чапаев атындағы совхоздан Ж. Досжанов басқарған бригада—47,2 центнерден, „Мәденият" совхозынан Ө. Турымбетов басқарған бригада — 46 центнерден, „Қараөзек" совхозынан Х. Ерназаров басқарған бригада—46,1



www.ziyouz.com kutubxonasi

центнерден салы зүрәәтин жетистириўге еристи. Бул табысларға агротехникалық илажларды дурыс әмелге асырыў, механизацияны кең қолланыў нәтийжесинде ерисилди.

1972-жылы ҳаўа-райының аўыл хожалығы ушын оғада қолайсыз келиўине қарамастан, колхозшылардын, совхоз рабочийларынын, аўыл хожалығы қанийгелеринин, автономиялы республиканың барлық мийнеткешлерининң пидәкерлик мийнети нәтийжесинде аўыл хожалығы егинлеринен жақсы зүрәәт жетистирилди. Гезлескен қыйыншылықларды қаҳарманлық мийнети менен жеңип, республика пахтакешлери пахта таярлаўдын мәмлекетлик планын орынлап шықты.

Пахтадан жоқары зүрәәт жетистириў ушын гүресте Ленин орденли М. Горький атындағы совхоздың, „Қоңырат". „XXIV партсъезд", „Шоманай", „Куралпа" совхозларының, Әмудәрья районындағы „XXII партсъезд" ҳәм Крупская атындағы колхозлардың, Беруний районындағы Мақтумқулы ҳәм Наўайы атындағы колхозлардын, Хожели районындағы Ахунбабаев атындағы колхоздын, Төрткүл районындағы „Қырқ қыз абад" ҳәм „Намуна" колхозларынын және басқа да көплеген хожалықлардың коллективлери жоқары көрсеткишлерге еристи.

Жетистирилген зүрәәтти жыйып-терип алыў исине механизаторлар ылайықлы үлес қосты. Терим мапазында 2000 нан аслам „көк корабль" жумыс ислеп, олардың жәрдеми менен 111 мың тонна пахта терип алынды. Хожели районынын механизаторлары үлкен табысларға ерисип. олар пахтаны машиналар менен терип алыў планын 132 процент орынлап шықты. Механик-айдаўшылардан Хожели районының Ленин атындағы колхозынан М. Жуманов, Калинин атындағы колхоздан П. Аннамурадов, Беруний районының „Ленинизм" колхозынан С. Бабажанов, Қоңырат районының „XXIV партсъезд" совхозынан Ю. Жумашев, А. Өтепов ҳәм т. б. жоқары көрсеткишлерге еристи.

Тоғызыншы бес жыллықтың екинши жылында республика салыкешлери үлкен табысларға еристи. Олар 5,8 миллион пуд салы жетистирип, бул 1971-жылдағыға қарағанда 33,8 процент артық. Бир жыл ишинде салының зүрәәтлилиги гектарынан 7,3 центнерге өсти, Ленинабад районы бойынша—7,4 центнер, Нөкис районындағы „ВЛКСМ ның 50 жыллығы" совхозында—10,2 центнер, „Алтын көл" совхозында—10,6 центнерге артты. Республиканың барлық салы егиўши районлары ҳәм салыгершилик совхозлары юбилей жылында салы таярлаў планларын ҳәм социалистлик миннетлемелерин орынлап шықты.

Автономиялы республика партия, совет, профсоюз ҳәм комсомол шөлкемлерининң салыгершиликти раўажландырыў бойынша жүргизген кең түрдеги шөлкемлестириўшилик ҳәм сиясий-тәрбия жумысларының нәтийжесинде салыкеш кадрлардың үлкен армиясы өсип жетисти. 1972-жылы 202 инженер-техник хызметкер қайта таярлаў курсларында оқып шықты, Нөкисте салыгершилик хожалықлары ушын 789 адам ҳәр қыйлы қанийгелик бойын-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ша оқытып таярланды, буннан тысқары „Қарақалпақирсовхозстрой“ басқармасының оқыў комбинатында 540 адам оқып, өз қанийгеликлерин арттырды.

Салыгершилик хожалықларында жоқары зүрәэтли бригадалардың қатарлары жылдан-жылға көбейип барды. 1972-жылы „ВЛКСМ ның 50 жыллығы“ совхозынан коммунист Алексей Кан басқарған бригада 300 гектар салы егислигиниң ҳәр бир гектарынан 50 центнерден, „Раўшан“ совхозынан коммунист М. Бухарбаев басқарған бригада 110 гектар салы егислигиниң ҳәр гектарынан 59,5 центнерден, „Мәденият“ совхозынан К. Нахипов басқарған бригада 100 гектар егислик жериниң ҳәр гектарынан 61 центнерден, „Майжап“ совхозынан Р. Жумамуратова басқарған комсомол-жаслар бригадасы 55 центнерден зүрәәт жетистириўге ерисги.

Салы жетистириўди көбейтиўде механизаторлардың хызмети үлкен болды. „ВЛКСМ ның 50 жыллығы“ совхозынан И. Андрющенко 455 тонна, М. Аманиязов 540 тонна салыны комбайн менен орып жыйнады, „XXII партсъезд“ совхозынан механизатор Ә. Рейипназаров тиккелей комбайн менен 560 тонна салы түйекледи.

Республикамызда салыгершиликти раўажландырыўда РСФСР дың Краснодар крайының салыкешлерининг туўысқанлық жәрдеми айрықша орын ийеледи. Краснодарлылардың салы жетистириўдеги алдыңғы усыллары республикамыз салыгершилик хожалықларында кең қолланылып атыр.

СССР дың дүзилгенине 50 жыл толыў юбилейин ылайықлы күтип алыў бойынша улыўма халықлық социалистлик жарысқа қосылып, пидәкерлик пенен мийнет етиўиниң нәтийжесинде республика пиллекешлери үлкен мийнет табысларын қолға киргизди. Олар мәмлекетке 680 тонна пилле тапсырды. бул 1971-жылдағыға қарағанда 28 тонна көп. Беруний районының пиллекешлери пландағы 122 тонна орнына 136 тонна пилле таярлап мәмлекетке пилле тапсырыў планын республикада биринши болып орынлап шықты.

Бес жыллықтың екинши жылында мал шарўашылығы өнимлериниң барлық түрлери бойынша мәмлекетлик план тапсырмалары арттырып орынланды. 1972-жылы ири қара маллардың бас саны 1970-жылдағыға қарағанда 9 процент, қойлардың бас саны 19,6 процент, шошқалардың бас саны 1,7 есе, қуслардың бас саны 29 процент өсти.

Халық хожалығының үзликсиз өсиўи тийкарында, Коммунистлик партия менен Совет ҳүкиметиниң күнделикли ғамхорлығы арқасында республика мийнеткешлериниң материаллық абаданлығы ҳәм мәдений дәрежеси үзликсиз өсип барды. Егер 1971-жылы халық хожалығында ислеўши ҳәр бир адамның орташа айлық хызмет ҳақысы 110 манат болған болса, ал 1972-жылы ол 121 манатқа жетти. 1971-жылы төленген пенсия ҳәм пособиелер 29 миллион 760 мың манат болған болса, 1972-жылы олар 34 мил-



www.ziyouz.com kutubxonasi



Өзбекстан ССР ҳәм Қарақалпақстан АССР ында хызмет көрсеткен врач, Социалистлик Мийнет Қаҳарманы Оразымбет Халмуратов

лион манатқа жетти, ал 1973-жылы төленген пенсия ҳәм пособиелер 36,5 миллион манат болды.

1973 жылы халықтың доходлары 1970-жылға қарағанда 68 миллион манатқа көбейди. Муғаллимлердиң, медицина хызметкерлериниң хызмет ҳақылары ҳәм стипендиялар 14 миллион манатқа артты. Мийнеткешлердиң аманат кассаларындағы сақланған ақшаларының өсиўи де халықтың ақшалай доходларының өскенлигинен дерек береди. 1971-жылы мийнеткешлердиң аманат кассаларындағы ақшалары бир жыл ишинде 11 процент өсип, 1972-жылдың 1-январына 42 миллион манаттан ибарат болды, 1973-жылы ол шама менен 35 процентке көбейди. Мийнеткешлердиң турмыс абаданлығының артып барыўы тийкарында усақлап сатыў товар айланысы жыл сайын өсип барды. 1971-жылы мәмлекетлик ҳәм кооперативлик саўда бойынша, жәмийетлик аўқатланыўды қоса есаплағанда, усақлап сатыў товар айланысының көлеми 275 миллион манатты қурап, 1970-жыл менен салыстырғанда 1? процент өсти. Ал 1973-жылы усақлап сатыў товар айланысы 52 миллион манатқа өсти. Ҳәр бир жан басына товарлар сатыў 357 манаттан 400 манатка жетти.

Республикада ден саўлықты сақлаў ислерин жақсылаў бойынша бир қанша жумыслар исленди. Халыққа медициналық жақтан хызмет көрсетиў исин әмелге асыратуғын емлеў мәкемелериниң кең тараўы шөлкемлестирилди.

Республикада, әсиресе аўыллық жерлерде емлеў мәкемелериниң қурылысы кең ен жайдырылды. Республикалық емлеўхананың жаңа корпуслары, Қоңырат районлық емлеўхананың жаңа типовой жайы, Қараөзек районындағы „Қараөзек" совхозында участкалық типовой емлеўхана Нөкис районындағы „ВЛКСМ ның 50 жыллығы" совхозында типовой емлеўхана, Берунийде ири районлық емлеўхананың, „Мәденият" „Октябрь" совхозларындағы емлеўханалар, Ленинабад районның „Алтынкөл" совхозындағы поликлиника ҳәм т. б пайдаланыўға берилди. Барлық емлеў мәкемелери жоқары маманлыққа ийе қанийгелер менен тәминленип барылды. Республикадағы ден саўлықты сақлаў мәкемелеринде 1973-жылы 1293 врач ҳәм 5253 орта мағлыўматлы медицина хызметкери иследи.

Мийнеткешлерге санаторий-қурорт хызметин көрсетиў бойынша үлкен жумыслар жүргизилип, атыр 1971-жылы рабочий ҳәм хызметкерлерге санаторий-курорт хызметин көрсетиў мақсетле-



www.ziyouz.com kutubxonasi

## *Указ Президиума Верховного Совета СССР*

### О НАГРАЖДЕНИИ КАРАКАЛПАКСКОЙ АВТОНОМНОЙ СОВЕТСКОЙ СОЦИАЛИСТИЧЕСКОЙ РЕСПУБЛИКИ ОРДЕНОМ ДРУЖБЫ НАРОДОВ

За большие заслуги трудящихся Каракалпакской АССР в укреплении братской дружбы и сотрудничества советских народов, большие успехи в экономическом, социально-политическом и культурном строительстве и в ознаменование 50-летия Союза Советских Социалистических Республик наградить Каракалпакскую Автономную Советскую Социалистическую Республику орденом Дружбы народов.

Председатель Президиума Верховного Совета СССР
Н. ПОДГОРНЫЙ.

Секретарь Президиума Верховного Совета СССР
М. ГЕОРГАДЗЕ.

Москва. Кремль. 29 декабря 1972 года.

Қарақалпақстан АССРын Халықлар дослығы ордени менен наградлау ҳаққында СССР Жоқарғы Совети Президиумынын Указы.

рине 385,3 мын манат жумсалды Республикада санаат кәрханаларынық өз басламалары тийкарында рабочийлар ҳәм хызметкерлер ушын профилакториялар шөлкемлестириў иси ен жайдырылды. Беруний пахта тазалаў заводында 1959-жылдан бери рабочий ҳәм хызметкерлерге арналған профилактория ислеп атыр. Шымбай ҳәм Хожели пахта тазалаў заводлары жанында „Тақыятасгидроэнергострой" жанынан жәмийетлик басламаларда өз дем алыў үйлери шөлкемлестирилди.

Халыққа турмыс жағынан хызмет көрсетиў тараўлары жылдан-жылға көбейип барды. Егер 1971-жылдың мартына республикада 520 мастерской ҳәм ателье, соның ишинде совхоз хәм колхозларда 223 мастерской болған болса, ал 1973-жылдын 1-январына шекем 575 мастерской ҳәм ателье, соның ишинде колхоз ҳәм совхозларда 230 мастерской жәнe ателье жумыс иследи. Халықтын жан басына хызмет көрсетиўдиң көлеми 1972-жылы 1971-жылға салыстырғанда 17 процент, соның ишинде аўыллық жерлерде 13 процент өсти.

1973-жылы мәмлекетлик ири қаржы жумсаў есабынан ҳәм жергиликли советлердиң қаржылары есабынан барлығы болып, 93 мын квадрат метр, ал бес жыллықтың дәслепки үш жылы ишинде 367 мың квадрат метр турақ жай пайдаланыўға берилди

Республиканын қала ҳәм аўылларында кең көлемде газлестириў жумысларынын жүргизилиўи мийнеткешлердин турмыс жағдайын жақсылаўда үлкен әҳмийетке ийе болды, 1971—1972-жыллары барлығы болып 21300 квартира, соның ишинде аўыллық жерлерде 15450 квартира газлестирилди. Ал тек 1973-жылдың өзинде 10,5 квартира, соның ишинде аўылларда 6,8 мың квартира газлестирилди. Автономиялы республикада 1974-жылдын 1-январына газлестирилген квартиралар 76,3 мыңға, соның ишинде аўылларда 42,3 мыңға жетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi



Әмударья районындағы Ленин орденли М. Горький атындағы совхоздың директоры, Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы Атажан Худайбергенов.



Тахтакөпир районындағы К. Маркс атындағы совхоздың шопаны, Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы Самбай Қошмуратов.

1972 жылы 21-декабрьде Москвада КПСС Орайлық Комитетиниң, СССР Жоқарғы Совети менен РСФСР Жоқарғы Советиниң бирликтеги салтанатлы мәжлиси болып, онда КПСС Орайлық Комитетиниң Бас секретары Л И Брежнев „Совет Социалистлик Республикалар Союзының елиў жыллығы ҳаққында" доклад жасады.

Қарақалпақстан АССРының мийнеткешлери өзлериниң барлық мийнет жеңислерин даңқлы юбилейге — СССРдың дүзилгенине 50 жыл толыўына арнады.

Ўатанымыздың ийгилиги ушын жумсалған мийнет партия ҳәм ҳүкиметимиз тәрепинен жоқары баҳаланды. Санаат ҳәм аўыл хожалығының мыңлаған ылғаллылары, интеллигенцияның көп санлы алдыңғы ўәкиллери СССР дың орден және медаллары менен наградланды. Ал олардың арасында аўыл хожалығы өндирисиниң шебер шөлкемлестириўшилери — Әмударья районындағы Ленин орденли Максим Горький атындағы совхоздың директоры Атажан Худайбергенов ҳәм Қоңырат районындағы Чапаев атындағы салыгершилик совхозының бригада баслығы Үббинияз Бекниязов Социалистлик Мийнет Қаҳарманы деген жоқары атақ алыўға мияссар болды.

Юбилей алдында Қарақалпақстандағы кәрханаларда. мәкемелерде, колхозлар менен совхозларда СССР дың дүзилиўи юбилейине арналған мийнеткешлердиң көп мың адам қатнасқан жыйналыслары болып өтип, оларда автономиялы республиканың рабочий класы, колхозшы дийханлары ҳәм интеллигенциясы өзлериниң барлық табыслары ҳәм бахытлы турмысы ушын Коммунистлик партияға және елимиздеги барлық туўысқан халықларға шын кеўилден шыққан алғысларын баян етти ҳәм елимиздеги коммунистлик қурылыстың ўазыйпаларын табыслы иске асырыў исине ылайықлы үлес қосыўға тилек билдирди.



www.ziyouz.com kutubxonasi



Қарақалпақстан АССР ына Халықлар дослығы орденининң тапсырылыўы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Совет халықларының туўысқанлық дослығын ҳәм бирге ислесиўин беккемлеўдеги Қарақалпақстан АССР ы мийнеткешлериниң хызметлерин, экономикалық, социаллық-сиясий ҳәм мәдений қурылыстағы үлкен табыслары ушын және Совет Социалистлик Республикалар Союзының 50 жыллығын белгилеў ретинде Қарақалпақстан Автономиялы Совет Социалистлик Республикасын Халықлар дослығы ордени менен наградлаў ҳаққында СССР Жоқарғы Совети Президиумының 1972-жыл 29-декабрьдеги Указын Қарақалпақстанның барлық мийнеткешлери үлкен қуўаныш пенен күтип алды Республиканың барлық жеринде мийнеткешлердиң митинглери болып өтип, оларға қатнасыўшылар Коммунистлик партияның ишки ҳәм сыртқы сиясатын қызғын мақуллайтуғынлығын ҳәм жоқары награда ушын партия менен Совет ҳүкиметине шын кеўилден миннетдаршылығын билдирли. 1972-жыл 30-декабрьде Нөкисте болып өткен 100 мың адамлық митинг қатнасыўшылары КПСС Орайлық Комитетине, СССР Жоқарғы Советиниң Президиумына, СССР Министрлер Советине телеграмма жоллап, онда; „Жоқары ҳүкиметлик наградаңы – Халықлар дослығы орденин қабыл етип, автономиялы республиканың мийнеткешлери КПСС Орайлық Комитетин ҳәм Совет ҳүкиметин уллы интернационаллық туўысқанлықты буннан былай да беккемлей бериўге, социализмниң оғада уллы жеңиси—халықлардың ленинлик дослығын көздиң қарашығындай сақлаўға исендиреди". —деп атап көрсетилди.

Қарақалпақстан АССР ының мийнеткешлери КПСС Орайлық Комитетинин, СССР Министрлер Советинин, ВЦСПС тың ҳәм ВЛКСМ Орайлық Комитетинин „Санаат, қурылыс, транспорт хызметкерлериниң 1973-жыл халық хожалық планын мүддетинен бурын орынлаў ушын пүткил союзлық социалистлик жарысын ен жайдырыў ҳаққындағы" ҳәм „1973-жылда дән ҳәм басқада дийханшылық өнимлерин жетистириў және таярлаўды көбейтиў ушын аўыл хожалығы ҳызметкерлеринин пүткил союзлық социалистлик жарысын ен жайдырыў ҳаққында" ғы қарарларын басшылыққа алып, пидакерлик пенен мийнет етиўиниң арқасында бес жыллықтың шешиўши жылында әжайып мийнет табысларын қолға киргизди.

Республиканың санаат, транспорт, қурылыс, байланыс ҳәм халыққа турмыс жағынан хызмет көрсетиў кәрханаларының коллективлери өним сатыў ҳәм өним жетистириўдин ен әҳмийетли түрлери бойынша 1973-жылға белгиленген планларды мүддетинен бурын 15-декабрьде табыслы орынлап шықты Планнан зыят 10.2 миллион манатлық өним сатылды Санаатта мийнет өнимлилигин арттырыў бойынша белгиленген план 105,5 процент орынланды. Рационализаторлық усыныслардың өндириске енгизилиўи нәтийжесинде 1973 жылы халық хожалығында бир миллион манаттан аслам қаржы үнемленди

Кәрханаларды планластырыўдың ҳәм экономикалық стимулластырыўдың жаңа системасына өткериўдин тамамланыўы ҳәм



www.ziyouz.com kutubxonasi

басқа да илажлардың әмелге асырылыўы нәтийжесинде өндиристин улыўма көлеми бойынша бес жыллықтың үш жылының планы орынланды. Тапсырмадан зыят 369 миллион киловатт-сатг электр қуўаты 1300 тонна өсимлик майы, 2800 тонна сүт өнимлери жетистирилди. 20 атамадағы өним мәмлекетлик сапа белгисине аттестацияланды.

Бес жыллықтың үш жылы ишинде транспорттың ҳәм жол хожалығының барлық түрлерин раўажландырыў бойынша әдеўир жумыслар исленди. Қоңырат—Бейнеў темир жол магистралының пайдаланыўға берилиўи ҳәм Орта Азия темир жолының Қарақалпақстан бөлиминиң дүзилиўи үлкен ўақыя болды. Бул Қарақалпақстан АССР ының өндириўши күшлерин раўажландырыў, қарақалпақ халқының абаданлығын буннан былай да көтериў ҳаққындағы КПСС Орайлық Комитети менен Совет мәмлекетинин үлкен ғамхорлығының жаңа көриниси, ленинлик миллет сиясаты, пролетар интернационализми салтанатының айқын дәлили болып есапланады

1973-жыл тоғызыншы бес жыллықтын шешиўши жылы Қарақалпақстан аўыл хожалығының мийнеткешлери ушын айрықша жемисли жыл болды. КПСС Орайлық Комитетинин Бас секретары жолдас Л. И. Брежневтың елимиздеги пахта егиўши республикалардың партия-хожалық активиниң жыйналысындағы ҳәм Өзбекстан ССР ына Халықлар дослығы орденинин тапсырылыўына байланыслы шығып сөйлеген сөзлери республикамыз аўыл хожалығы мийнеткешлеринде айрықша жаңа күш ҳәм қуўат пайда етти.

Пахтакешлеримиз алған миннетлемелерин орынлап шығыў ушын пидәкерлик пенен мийнет етип, мол зүрәәт жетистирди. Мәмлекетке бурын болып көрилмеген муғдарда—339 мың тонна пахта тапсырылды. Зүрәәттиң ярымынан көби машиналар менен терип алынды. Пахтаны машиналар менен терип алыўдың тапсырмасы арттырып орынланды Пахтаны машиналар менен терип алыў бойынша социалистлик жарыстың баслаўшылары атыз гвардияшылары – Крупская атындағы колхоздан Қазақ Камалов, „Қырқ қыз абад“ колхозынан Мәмбет Тәңирбергенов, Мәтеке Жуманазаров атындағы совхоздан Халықназар Бекназаров, „Халықабад“ совхозынан Қыдырбай Дәўишов ҳәм басқалар мәўсимде пахта териў машиналарының бункерлеринен 250 — 350 тоннадан „ақ алтын“ төгиўге еристи.

1973-жылы Қарақалпақстанның барлық районлары халық хожалық планларын орынлап шықты. Қоңырат, Хожели ҳәм пахташылықта биринши рет 23 мың тонналық шекти ийелеген Тахтакөпир районының пахтакешлери өз үстилерине алған жоқары социалистлик миннетлемелерин табыслы орынлап шықты. Бул табысларға партия, совет ҳәм аўыл хожалығы органларының, коммунистлердиң ҳәм комсомол ағзаларының, барлық аўыл мийнеткешлериниң үлкен ҳәм жигерли мийнетиниң нәтийжесинде ерисилди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ауыл хожалығындағы табысларды қолға киргизиўде кең ен жайған социалистлик жарыс үлкен әҳмийетке ийе болып, оған республиканың барлық районлары, колхозлары менен совхозлары қатнасты. Әсиресе пахтадан жоқары зүрәәт алыў ушын қызғын гүрес жүргизилди. Нәтийжеде Төрткүл районында ҳәр бир гектар жерден 39,2 центнерден, Хожели районында — 32,1 центнерден, ал Төрткүл районындағы Максим Горький атындағы колхозда — 44,6 центнерден, Ахунбабаев атындағы ҳәм „Намуна", Беруний районындағы Орджоникидзе атындағы, Хожели районындағы „Коммунизм" колхозында ерисилген зүрәәтлилик усы дәрежеге жақынласты. Беруний районындағы „Октябрдиң 50 жыллығы" колхозы, Хожели районындағы Ленин атындағы колхоз ҳәм басқа қа хожалықлар ҳәр бир гектардан орташа 40—42 центнерден зүрәәт жетистирди.

Төрткүл районының Максим Горький атындағы колхоздан Таған Курбаниязовгың басқарған бригадасы ҳәр гектардан 60,9 центнерден, Қурбан Сайытматов басқарған бригада 58,6 центнерден, Хожели районының „Коммунизм" колхозынан Ешан Сайыпов басқарған бригада 55,9 центнерден пахта зүрәәтин жетистирди.

Жер жүзилик пахташылықтың ең арқа зонасында жайласқан „Шоманай", „Ташкент" ҳәм Гагарин атындағы совхозлар ҳәр гектар жерден 30 ҳәм оннан да көбирек центнерден зүрәәт жетистириўге еристи.

Республика салыкешлери де пидәкерлик пенен мийнет етти. Олар салы тапсырыў бойынша өз үстилерине алған социалистлик миннетлемелерин арттырып орынлаўға еристи. 107,9 мың тонна салы жетистирилип, бул 1970-жылдағыға қарағанда еки есе дерлик көп. Мәмлекетке 90,6 мың тонна салы тапсырылды.

Тоғызыншы бес жыллықтың үшинши жылында республикада 1972-жылдағыға қарағанда 4 есе көп мәкке дәни жетистирилди. Ҳәр бир гектардан алынған зүрәәтлилик 54 центнерге жеткерилди.

Мәмлекетке картошка, овошь, бақша, мийўе өнимлерин тапсырыў планлары да арттырып орынланды.

Партия ҳәм ҳүкиметимиз автономиялы республика ауыл хожалығы мийнеткешлериниң пидәкерлик мийнетин жоқары баҳалады. Пүткил союзлық социалистлик жарыстың жуўмақлары бойынша Қарақалпақстан АССР ына, Төрткүл ҳәм Кегейли районларына КПСС Орайлық Комитетиниң СССР Министрлер Советиниң, ВЦСПС тың ҳәм ВЛКСМ Орайлық Комитетиниң Қызыл Байрақлары берилди, колхозшылардан, совхозлардың рабочийларынан, қанийгелерден, хожалықлардың басшыларынан, партия, совет, профсоюз ҳәм комсомол хызметкерлеринен 1246 адам Советлер Союзының орден ҳәм медаллары менен наградланды. Олардан үш адамға—Өз КП Қарақалпақстан обкомының биринши секретары К. Камаловқа, Кегейли районындағы „Халқабад" совхозының бригада баслығы Ү. Балтаниязовқа ҳәм Нөкис



www.ziyouz.com kutubxonasi

районындағы „ВЛКСМ нын 50 жыллығы" атындағы салыгершилик совхозының бригада баслығы А. Канға Социалистлик Мийнет Қаҳарманы деген жоқары атақ берилди.

### 3. ДАҢҚЛЫ СӘНЕ. МИЙНЕТ КӨТЕРИҢКИЛИГИ. ХАЛЫҚТЫҢ МАТЕРИАЛЛЫҚ АБАДАНЛЫҒЫНЫҢ ӨСИЎИ.

Қарақалпақстан АССР ына Халықлар дослығы орденинин тапсырылыўы ҳәм Қарақалпақстанның Россияға ықтиярлы қосылғанына 100 жыл толыў мерекесинин байрамланыўы автономиялы республика мийнеткешлеринин жәмийетлик-сиясий турмысында оғада үлкен ўақыя болды.

1974-жыл 12-февральда Нөкисте Өз КП Қарақалпақстан областлық партия комитети менен ҚҚАССР Жоқарғы Советинин автономиялы республикаға Халықлар дослығы орденин тапсырыўға арналған бирликтеги салтанатлы мәжлиси болды. Онда Қарақалпақстан Автономиялы Совет Социалистлик Республикасына Халықлар дослығы орденин тапсырып шығып сөйлеген сөзинде КПСС Орайлық Комитети Сиясий бюросынын ағзалығына кандидат, Өзбекстан Компартиясы Орайлық Комитетинин биринши секретары Ш. Р. Рашидов: „Бул жоқары наградаға Қарақалпақстан совет халықларынын дослығын ҳәм бирге ислесиўин беккемлеўге, көп миллетли Совет мәмлекетин беккемлеўге және раўажландырыўға, социалистлик ҳәм коммунистлик қурылыстың улыўмалық исине қосқан үлкен үлеси ушын миясар болды", — деп атап көрсетти. Халықлар дослығы ордени автономиялы республика мийнеткешлери ушын социализмнин ен уллы ҳәм ең қәдирли жеңислеринин бири — совет халықларының беккем бирлигинин және туўысқанлығының айқын символы болып есапланады.

Өмир сүргиш ленинлик идеялардан рухланған Қарақалпақстан мийнеткешлери Коммунистлик партияның данышпанлық басшылығында, уллы рус халқының ҳәм елимиздеги барлық халықлардын туўысқанлық жәрдеми нәтийжесинде тарийхый жақтан оғада қысқа аралықта феодаллық-патриархаллық укладтан раўажланған социалистлик жәмийетке еристи.

13-февраль күни Нөкис қаласында Қарақалпақстаннын ықтиярлы түрде Россияға қосылыўына 100 жыл толыўына арналып, Өз КП Қарақалпақстан обкомы менен Өзбекстан ССР Илимлер академиясынын бирлескен илимий конференциясы болып, онда Қарақалпақстанның ерискен оғада уллы табыслары ленинлик миллет сиясатының әмелге асырылыўынын тиккелей нәтийжеси екенлиги, халықлардын ленинлик дослығынын уллы дөретиўшилик күшинин айқын дәлийли екенлиги айрықша атап өтилди.

Тоғызыншы бес жыллықтын анықлаўшы жылы деп аталған 1974 жыл Қарақалпақстан мийнеткешлери ушын КПСС XXIV съездинин Директивалары тәрепинен алға қойылған ўазыйпаларды орынлаў жолында әҳмийетли адым атланған, хожалық



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳәм мәдений қурылыстың барлық тараўларында әжайып табысларға ерисилген жыл болды.

Автономиялы республика мийнеткешлери бес жыллықтын төртинши анықлаўшы жылынын план тапсырмаларын мүддетинен бурын орынлаў және Өзбекстан ССР, Өзбекстан Компартиясы ҳәм Қарақалпақстан АССР ының 50 жыллығын мийнетге ылайықлы саўғалар менен күгип алыў ушын социалистлик жарысты кең ен жайдырып, 1974 жылы халық хожалығын раўажландырыўда және халықтың материаллық ҳәм мәдений турмыс дәрежесин буннан былай да көтериў бойынша илажларды әмелге асырыўда үлкен жетискенликлерди қолға киргизди. Бул табысларға партия, совет, профсоюз, комсомол ҳәм хожалық шөлкемлериниң үлкен сиясий және шөлкемлестириўшилик жумысларының, рабочийлардың, колхозшылардын ҳәм республиканың барлық мийнеткешлериниң жигерли мийнетиниң нәтийжесинде ерисилди.

Автономиялы республика санааты өндирис өнимлериниң көплеген ең әҳмийетли түрлерин ислеп шығарыўдың ҳәм өним сатыўдын жыл бойылык планын мүддетинен бурын, 20-декабрьде орынлап шығып, пландан зыят 14,5 миллион манатлық өним сатты. Такыятас ремонтлаў-механика заводы. Нөкис ремонтлаў заводы, Қара таў руда емес материаллар карьери, Мойнақ балық консерва комбинаты, Хожели гөш комбинаты, май заводы, менен сүт-май заводы, Нөкис ун комбинаты ҳәм басқа да санаат кәрханалары өним сатыўдың жыл бойылық планларын әдеўир арттырып орынлады.

1974 жылы санаат өнимлерин ислеп шығарыўдын көлеми 1970-жылдағыға қарағанда 22 процент, ал 1973-жылға қарағанда 16,5 процентген аслам өсти, бул бес жыллық планның тапсырмаларынан 1,5 процент зыят.

1974 жылы темир-бетон конструкциялар, шигитсиз пахта, өсимлик майын, гөш, мал майын, сүт-май өнимлерин, балық консерваларын ислеп шығарыў, балық аўлаў планларын, ун, комбикорм жетистириў ҳәм басқа да тапсырмалар бойынша бес жыллық планда белгиленген дәрежеге ерисилди.

1974-жылы санаатта мийнет өнимлилиги 12,9 процент артты. Санаат өними өсиминин 80 проценти мийнет өнимлилигин арттырыў есабынан ерисилди. Ал бес жыллықтын төрт жылы ишинде санаатта мийнет өнимлилигин арттырыў пәтлери бес жыллықтың тапсырмаларынан әдеўир озып кетти ҳәм 22,9 процент болды.

Өткен төрт жылдын ишинде автономиялы республикада бир қатар санаат кәрханалары иске қосылды. Олардын арасында Тақыя тас гидро узелинин биринши гезеги, „Өзсельхозтехниканың" Қарақалпақстан бирлеспесине қараслы, жылына 3000 двигатель ремонтлайтуғын ремонт заводы, Нөкисте музлатқыш ҳәм жол машиналары менен жер қазыў техникасын ремонтлайтуғын завод, Қарақалпақстан қурылыс материаллары комбинатының Султан Ўәйис таўдағы тас карьери, Нөкис гранит-мрамор заводы, Өзбекстан ССР Суў хожалығы министрлигиниң жәрдемши кәрхана-



www.ziyouz.com kutubxonasi



Тақиятас Гидроузели.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ларының Нөкис комбинаты, Нөкис ҳәм Хожели асфальт-бетон заводлары, Тахтакөпир пахта тазалаў заводы, Тақыятас ун комбинаты қасындағы гүриш тазалаў заводы, Хожели гилем тоқыў цехы және басқа да кәрханалар болды. 1974-жылдың 28-декабринде Тақыятас ГРЭС иниң төртинши гезеги — 110 мың киловатт қуўатқа ийе 7-турбоагрегаты иске қосылып, санаатлық ток бере баслады. Бул қурылысшылар менен энергетиклердиң үлкен мийнет жеңиси болып табылды.

1974-жылы Тақыятас—Нөкис темир жолының қурылысы мүддетинен бурын, оғада қысқа ўақыт ишинде питкерилип, 22-декабрь күни Қарақалпакстан пайтахты Нөкиске биринши поезд келди. Таза салынған Тақыятас — Нөкис темир жолы бас темир жол магистралы менен Әмудәрьяның оң жағалығын ҳәм республика пайтахты Нөкисти елимиздиң орайы менен исенимли ҳәм турақлы түрде тутастырды. Бул жол республиканың тәбийий байлықларын өзлестириўге, халық хожалығын буннан былай да раўажландырыўға үлкен мүмкиншилик туўғызады.

Санаатта илимий-техникалық прогрессти тезлетиў, өндириске механизацияластырыўды ҳәм алдыңғы технологияны енгизиў бойынша бир қатар жумыслар исленди. Бул өндиристиң техникалық дәрежесин ҳәм оның экономикалық нәтийжелилигин арттырыўға, өнимлердиң сапасын жақсылаўға алып келди. Соның менен бирге ислеп турған айырым санаат кәрханаларында өндиристи механизацияластырыў, интенсификациялаў, технологиялық процесслерди жақсылаў, үскенелерди жаңалаў ҳәм басқа да шөлкемлестириў-техникалық илажлардың әмелге асырылыўы нәтийжесинде өндирислик қуўатлардың артыўына ерисилди. Хожелидеги май заводында кәрхананы реконструкциялаў, өндирис технологиясын жетилистириў ҳәм мийнет процесслерин механизацияластырыў нәтийжесинде бес жыллықтың төрт жылы ишинде өним ислеп шығарыўдың көлеми еки есе көбейип, заводта 1974-жылдың өзинде бес жыллықтың ақырына белгиленген дәрежеге ерисилди. Ал Қоңырат пахта тазалаў заводында мийнет өнимлилигин арттырыў бойынша бес жыллық план көрсеткиши мүддетинен бурын орынланды. Қарақалпақстан индустриясы жуўмақлаўшы 1975-жылды да жақсы нәтийжелер менен баслады, январь айында өним сатыў планы 106,8 процент орынланды. Планнан зыят 1,5 миллион манатлық өним сатылды. Мийнет өнимлилигин арттырыў планы 108,6 процент орынланды.

Автономиялы республиканың санаатында техникалық прогресстиең жайдырыў исине рационализаторлар ҳәм ойлап табыўшылар үлкен үлес қосты. 1974-жылы халық хожалығына рационализаторлардың усынысларын енгизиў нәтийжесинде 1180,9 мың манат үнемленди. Ал бес жыллықтың төрт жылы ишинде республикада 4500 рационализаторлық усыныс өндириске енгизилип, буннан 5 миллион манаттан аслам қаржы үнемлеўге ерисилди.

Қарақалпақстан санаатының ҳәр қыйлы тараўларында ҳәзирги заман қуўатлы техникасын, өндиристиң алдыңғы технология-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сын жетик өзлестирип алған, өз исиниң нағыз шеберлери болған маман рабочий кадрлар өсип шықты. Мойнақ районындағы „Октябрьдиң 40 жыллығы“ колхозының балықшысы М. Айнаев ҳәм „Ленин естелиги“ колхозының балықшысы С. Аралбаев техниканы шебер пайдаланып, жоқары мийнет өнимлилигине ерисиўи нәтийжесинде бес жылда он жыллық планды орынлаў бойынша баҳалы баслама көтерип шықты. „Бес жыллықты мүддетинен бурын!“ деген сүрен астында социалистлик жарыстың кең ен жайыўы нәтийжесинде Мойнақ районында 178 балықшы өзлериниң жеке бес жыллық планларын арттырып орынлаўға еристи. Ал „Үшсай“ балық заводының балықшысы Ә. Қәлешов төрт жылда еки бес жыллық планды, Хожелидеги „Қарақалпақстан комсомолының 40 жыллығы“ атындағы кийим тигиў фабрикасында Ә. Оразымбетова өзиниң жеке бес жыллық планын еки жыл еки айда орынлап шықты.

Тоғызыншы бес жыллықта автономиялы республикада транспорттың барлық түрлерин раўажландырыўға бағдарланған бир қатар илажлар әмелге асырылды. Әмударья арқалы темир жол ҳәм автомобиль көпирлери салынды. Темир жолшылар бес жыллықтың төртинши жылында жүк айланысы планын мүддетинен бурын орынлап, бир жылда темир жол бөлими бойынша жүк тасыў 73 процентке көбейди. Сондай-ақ ҳаўа ҳәм суў транспорты хызметкерлери де белгиленген тапсырмаларды арттырып орынлаўға ерисги. Республикада 564 мың гектар жерде аўыл хожалығы жумыслары авиация жәрдеми менен иске асырылды.

Бул дәўирде Қарақалпақстанда ири қурылыс кең пәтлер менен жүргизилди. Тоғызыншы бес жыллықтың төрт жылы ишинде пүткил сегизинши бес жыллықтағыға қарағанда 85 миллион манатлық мәмлекетлик ири қаржы көп өзлестирилди. 1974-жылы мәмлекетлик ири қаржы есабынан 169 миллион манат, яғный 1973-жылдағыға қарағанда 13 процент қаржы көп өзлестирилди. 141 миллион манатлық тийкарғы фондлар иске қосылды.

Аўыл хожалығына әдеўир муғдарда ири қаржы жумсалып, 13 мың гектарға жақын жер жанадан өзлестирилди. Ирригациялық-мелиоративлик қурылыслар кең көлемде жүргизилди.

Ири қурылыста мийнет өнимлилиги 1974-жылы 1973-жылдағыға қарағанда 17 процентке өсти.

Өзбекстан ССР ындағы санаат, қурылыс, транспорт ҳәм байланыс кәрханалары ҳызметкерлериниң социалистлик жарысының жуўмақлары бойынша 1974 жылы Қарақалпақстан АССР ы қатарына үш квартал бойына Өзбекстан Компартиясы Орайлық Комитетиниң, республика Министрлер Советиниң, Өзсовпрофтың ҳәм ӨзЛКСМ Орайлық Комитетиниң Көшпели Қызыл байрағын алыўға миясар болды. Ал Нөкис қаласы менен Хожелидеги „Қарақалпақстан комсомолының 40 жыллығы“ атындағы кийим тигиў фабрикасы 1974-жылдың халық хожалық планын мүддетинен

бурын орынлап шығыў бойынша Пүткил союзлық социалистлик жарыста ең жоқары көрсеткишлерге ерискени ушын Пүткил союзлық социалистлик жарыстың жеңип шығыўшысы деп табылып, КПСС Орайлық Комитетиниң, СССР Министрлер Советиниң ВЦСПС ҳәм ВЛКСМ Орайлық Комитетиниң көшпели Қызыл байрағы менен наградланды.

Юбилей жылында республика аўыл хожалығының мийнеткешлери қаҳарманлықтың жайнаған үлгилерин көрсетти. Нәтийжеде 1974-жылы Ўатан ғәзийнесине 371,3 мың тонна қарақалпақ „ақ алтыны" инәм етилди. Бул пландағыдан 56,3 мың тонна зыят. Жетистирилген зүрәәттиң 53 проценти „көк корабльлердиң" жәрдеми менен терип алынды. Пахтаның зүрәәтлилиги орта есап пенен гектарынан 30 центнерден асып кетти. Автономиялы республика мәмлекетке 103 мың тонна дән, соның ишинде 98 мың тонна салы тапсырды. Салының зүрәәтлилиги гектарынан орта есап пенен 39 центнерден аслам болды.

Республика пахтакешлери менен салыкешлериниң, гүлләң аўыл хожалығы хызметкерлериниң қаҳарманлық ислери партиямыз бенен ҳүкиметимиз тәрепинен жоқары баҳаланды. Социалистлик миннетлемелердиң табыслы орынланыўына байланыслы КПСС Орайлық Комитетиниң Бас секретары Л. И. Брежневтиң қутлықлаў телеграммасында: „Қарақалпақстан автономиялы республикасының мийнеткешлери елимизди пахта ҳәм салы менен тәмийин етиўге ҳәр жылы әдеўир үлес қоспақта ҳәм алдағы ўақытта да олардың аўыл хожалығының бул әҳмийетли тараўларында жаңа жеңислерге ерисетуғынына гүман жоқ", — деп атап көрсетилди.

Бес жыллықтың төрт жылы ишинде республикада 1301,7 мың тонна пахта жетистирилди. Мәмлекетке пахта сатыў бойынша бес жыллықтың төрт жылының тапсырмасы 109 процент орынланды Төрт жыл ишинде елимиз планда нәзерде тутылғанынан 107,7 мың тонна зыят пахта алды.

Автономиялы республиканың Төрткүл районы ҳәм Әмүдәрья районындағы XXII партия съезди атындағы колхоз бенен М Горький атындағы совхоз 1974-жылдың халық хожалық планын мүддетинен бурын орынлап шығыў бойынша Пүткил союзлық социалистлик жарыста ең жоқары көрсеткишлерге ерискени ушын Пүткил союзлық социалистлик жарыстың жеңип шығыўшысы, деп табылып, КПСС Орайлық Комитетиниң, СССР Министрлер Советиниң ВЦСПС ҳәм ВЛКСМ Орайлық Комитетиниң көшпели Қызыл байрағы менен наградланды.

Дән жетистириў бойынша да бес жыллық план артығы менен орынланды Төрт жыл ишинде мәмлекетке 333,4 мың тонна дән сатылды. 1974-жылы Ўатан телегине 1970-жылдағыға қарағанда 2 еседен аслам көп дән жеткерип берилди

Төрт жыл ишинде аўыл хожалығында жетистирилген улыўма өним пландағыдан 24,6 процент артты, яғный бес жыллықтың ақырына белгиленген дәрежеге жетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1974-жылы халықтың материаллық абаданлығын буннан былай да арттырыў бойынша КПСС XXIV съездиниң көрсетпелерин орынлаўға бағдарланған бир қатар илажлар әмелге асырылды.

Партия ҳәм ҳүкиметимиздиң совет адамларының турмыс аўҳалын жақсылаўға бағдарланған үзликсиз ғамхорлығының нәтийжесинде 1974 жылы аз тәмийинленген семьялар ушын балаларға пособиелер енгизилди. Ўатандарлық урыс ҳәм мийнет инвалидлеринин, асыраўшысынан айрылған семьялардың алатуғын пенсияларынын муғдары көбейди. Өндирис сферасындағы рабочийлар менен хызметкерлер категорияларының орташа айлық муғдары жоқарылатылды. Улыўма алғанда автономиялы республика халқының жалпы доходы тоғызыншы бес жыллықтын өткен төрт жылы ишинде 40 прценттен аслам өсти.

Халық турмысының үзликсиз өсип баратырғанынан мына нәрсе дәрек береди: 1974-жылы мәмлекетлик ҳәм кооперативлик саўда арқалы халыққа товарлар сатыў 23,5 миллион манаттан аслам көбейди. Төрт жыл ишинде товар айланысының өсими 72,4 миллион манат болды Бул орташа алғанда төрт адамнан ибарат бир семья бес жыллықтын басындағыға қарағанда жылына 215 манатлық товарды көп сатып ала алды деген сөз ҳәм халықтың ҳәр жаны басына есаплағанда товар айланысы 410 манатқа жеткенин аңлатады.

Автономиялы республикада бес жыллықта халыққа турмыс жағынан хызмет көрсетиў бойынша бир қатар жумыслар исленди. Қала ҳәм аўылларда жаңа техника менен қуралланған қанийгелескен кәрханалар және комбинатлар қурылып, жаңа ательелер, устаханалар, қабыл етиў пунктлери шөлкемлестирилди, хызмет көрсетиўдиң түрлери менен тараўлары көбейди ҳәм олар ҳәр қыйлы қанийге қадрлар менен беккемленди. Нәтийжеде халыққа турмыс жағынан хызмет көрсетиў төрт жыл ишинде 47,3 процентке көбейди. Республикада 1974-жылы ҳалыққа хызмет көрсетиўдин улыўма көлеми 1964-жыл менен салыстырғанда 4,5 есе өсти. Ал усы дәўир ишинде аўыл халқына турмыс жағынан хызмет көрсетиў 29 есе өсти.

Халықтың материаллық турмыс дәрежесин арттырыўда оның турақ жай жағдайларын жақсылаў айрықша орынды ийелейди. Пүткил елимиздегидей автономиялы республикада да бул бағдарда үлкен жумыс алып барылды. Төрт жыл ишинде Қарақалпақстанда мәмлекетлик ҳәм кооперативлик шөлкемлердиң ири қаржысы есабынан улыўма майданы 445 мың квадрат метрден аслам турақ жай салынды. Буннан тысқары рабочийлар менен хызметкерлер, колхозшылар өзлериниң есабынан ҳәм мәмлекетлик кредиттиң және колхозлардың жәрдеми менен усы ўақыт ишинде улыўма майданы 900 мың квадрат метрден аслам турақ жайлар салып алды Яғный 140 мыңнан аслам адамның турақ жай жағдайлары жақсыланды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 4. БАЙРАМ САЛТАНАТЫ ҲӘМ ҚУЎАНЫШЛЫ НӘТИЙЖЕЛЕР

Уллы Октябрьдиң нурлы қуяшы астында жақтылыққа, азатлыққа шыққан қарақалпақ халқы совет власты жыллары ишинде Коммунистлик партияның басшылығында жаңа турмыс ҳәм бахытлы келешек ушын гүрес және жеңислердиң даңқлы жолын басып өтти. Уллы рус халқының және елимиздиң басқа да халықларының туўысқанлық жәрдеми нәтийжесинде Қарақалпақстан раўажланыўдың кең перспективалы жолына ийе болды. Халықтың материаллық және рухый турмысы тасқынлап өсти. Қарақалпақ халқы өзинин миллий мәмлекетине ийе болды, экономика менен мәдениятты раўажландырыўда үлкен табысларға еристи.

Автономиялы республиканың мийнеткешлери совет халықларының туўысқанлық бирлигин ҳәм дослығын беккемлеўге, социалистлик Ўатанымыздың өндириўши күшлерин раўажландырыўға, оның қудиретин беккемлеўге және даңқын көтериў исине ылайықлы үлес қосып атыр.

Қарақалпақстан мийнеткешлериниң үлкен ҳәм әжайып табысларды қолға киргизиўинде областьлық партия шөлкеминиң хызмети айрықша болып, ол өзи дүзилген 50 жылдан аслам ўақыт ишинде шөлкемлестириў ҳәм сиясий жумыс бойынша ҳәр тәреплеме бай тәжирийбе топлады. Ол КПСС Орайлық Комитетиниң ҳәм Өзбекстан Компартиясы Орайлық Комитетиниң басшылығы астында коммунистлик қурылыстың планларын табыслы орынлап шығыў исине мийнеткешлерди мобилизациялаў бойынша үлкен жумыслар жүргизип атыр.

Областьлық партия шөлкеми кишкене группадан ленинши коммунистлердиң мийтиндей беккем отрядына,автономиялы республика мийнеткешлериниң жаўынгерлик авангардына айланды. Ол сан жағынан өсти ҳәм шөлкемлесиў жағынан беккемленди. Автономиялы республика партия шөлкеми масса арасында үлкен идеялық-сиясий жумыс жүргизип атыр, мийнеткешлерди пролетар интернационализми ҳәм совет патриотизми рухында, коммунистлик идеалларға шын берилиўшилик рухында тәрбиялап атыр.

Қарақалпақстанның рабочий класы, колхозшы дийханлары ҳәм интеллигенциясы өз республикасының елиў жыллық юбилейин ылайықлы мийнет саўғалары менен күтип алды. Олар жәмийетлик өндиристиң нәтийжелилигин арттырыў ушын санаатты, қурылысты, аўыл хожалығын ҳәм мәдениятты буннан былай да раўажландырыў ушын тоғызыншы бес жыллықтың тапсырмаларын табыслы орынлап шығыў ушын жигерли мийнет етти.

50 жыл ишинде—тарийхый жақтан қысқа мүддет ишинде автономиялы республика Коммунистлик партияның дана ленинлик миллет сиясатын избе-из әмелге асырыўы нәтийжесинде экономиканың, илим ҳәм мәдениияттың раўажланыўында, халықтың турмыс дәрежесин арттырыўда әжайып табысларға еристи.

Бурын тек азлы-кем майда өнерментшилик кәрханаларына ийе болған Қарақалпақстанда усы 50 жыл ишинде электроэнер-



www.ziyouz.com kutubxonasi

гетика, металлдан зат ислеў, газ, балық ҳәм овощь-консерва, кийим тигиў, мебель, полиграфия, қурылыс санааты және индустрияның көплеген басқа да тараўлары пайда болды ҳәм тез пәтлер менен раўажланды. Санааттың пахта тазалаў ҳәм май шығарыў тараўлары толық реконструкцияланды республикада санаат өндирисиниң көлеми 1925-жылдағыға қарағанда 150 есе артты.Усы дәўир ишинде Қарақалпақстан қуўатлы энергетикалық республикаға айналды. Егер 1923-жылы қуўаты 20 киловаттлық бириниши электростанция қурылған болса, ҳәзир республикадағы электростанциялардың қуўаты 360 мың киловаттқа жетти ҳәм жылына 1 миллиард киловатт-сааттан аслам электр қуўатын жетистиреди.

Автономиялы республика энергетика ҳәм санаат өнимлерин тутыныўшы үлкеден оны елимизге жеткерип бериўши үлкеге айналды. Тақыятас ГРЭС иниң жетистирген электр қуўатынан қоңысылас Хорезм, Бухара ҳәм Ташаўыз областьлары пайдаланып атыр. Үстирттиң Шақпақты кәнинен алынып атырған газ ·Орта Азия Орай газопроводы арқалы Москваға ҳәм елимиздиң орайындағы басқа да қалаларға барады. Шигитсиз пахта ҳәм линт СССР дағы және сырт еллердеги 73 адреске жибериледи. Мойнақ балық консерва комбинатының өнимлери елимизде ҳәм сырт еллерде жақсы танылды. Комбинаттың консерва ҳәм қақланған өнимлериниң 24 буйымына мәмлекетлик сапа белгиси берилди.

Совет власты жыллары ишинде Қарақалпақстанда қуўатлы қурылыс өндириси дүзилди. Ҳәзирги ўақытта Автономиялы республикада еки ири қурылыс тресги ислеп атыр. Қарақалпақстанның қолы гүл қурылысшылары ҳәзирги заман қалалары менен поселкаларын, заводлар менен фабрикалар, абаданласқан турақ жайлар менен мектеплөр, клублар менен мәденият сарайларын салып атыр.

Усы қысқа дәўир ишинде автономиялы республика автомобиль ҳәм темир жол магистралларына, тениз ҳәм дәрья жолларына ийе болды. Ол Нөкис — Тақыятас, Чаржоў—Қоңырат ҳәм Қоңырат—Бейнеў темир жоллары және ҳаўа жоллары арқалы туўысқан республикалар менен үзликсиз ҳәм беккем байланысқа ийе болып, бул байланыс экономикалық және мәдений раўажланыўдың әҳмийетли гиреўлериниң бири болып есапланады.

Басып өтилген 50 жыл ишинде, әсиресе республика аўыл хожалығының келбети менен дийханларының турмысы түп-тамырынан өзгерди. Коммунистлик партияның ленинлик кооперативлик планды әмелге асырыўы нәтийжесинде аўыл хожалығы социалистлик тийкарда қайта дүзилди. Колхозлар менен совхозлар қуўатлы аўыл хожалығы техникалары менен қуралландырылды, дийханшылық планлы ҳәм илимий тийкарда жүргизлетуғын болды. Автономиялы республикада барлық аўыл хожалығы егинлериниң егислик майданы 1924-жылға қарағанда үш еседен аслам көбейди. Усы ўақыт ишинде пахтаның зүрәәтлилиги 6 есе, жал-



www.ziyouz.com kutubxonasi

пы өним жетистириў 60 еседен аслам артты. Аўыл хожалығының басқа өнимлериниң көрсеткишлери бойынша да үлкен алға илгерилеўлерге ерисилди. Маллардың бас саны әдеўир көбейди.

Басып өтилген 50 жыл ишинде автономиялы республика экономикасының кең пәтлер менен раўажланыўы мийнеткешлердиң материаллық абаданлығының узликсиз артыўына, халықтың рухый байлығының өсиўине қолайлы жағдай дүзип берди. Халық билимлендириўи, мәденият, ден саўлықты сақлаў тараўларында үлкен қайта дүзиўлер әмелге асырылды.

Қарақалпақстан мийнеткешлериниң экономиканы ҳәм рухый турмысты раўажландырыўдағы табысларына партиямыздың ленинлик миллет сиясатының әмелге асырылыўы, елимиздиң барлық халықларының, бәринен де бурын рус халқының жақыннан туўысқанлық жәрдем бериўиниң нәтийжесинде ерисилди.

Қала ҳәм аўылларды абаданластырыў бойынша кең көлемде жумыслар жүргизилип атыр. 1974-жылы 19,1 мың квартира, соннан аўыллық жерлерде 3,2 мың квартира газлестирилип, бул бойынша план 156 процент етип орынланды. Автономиялы республикада барлық газлестирилген квартира 1975-жылдың 1-январына 85,4 мың, соннан аўыллық жерлерде 35,5 мың квартира болды.

Автономиялы республика халқының ден саўлығын сақлаў бойынша оғада үлкен илажлар әмелге асырылып атыр Егер Октябрь революциясына шекем Қарақалпақстан мийнеткешлери тийкарынан медициналық жәрдем ала алмаған болса, ал 1974-жылы халықтың ден саўлығын сақлаў тараўында 1500 ге жақын врач ҳәм 5700 орта мағлыўматлы медицина хызметкери мийнет етти Қала ҳәм аўылларда ҳәзирги заман медицина техникасы ҳәне әсбап-үскенелери менен қуралланған емлеўханалар, поликлиникалар ҳәне басқа да емлеў орынларының кең таралаўлары ислеп атыр

Ҳәзирги Қарақалпақстан жаңа социалистлик қалалар, жаңа аўыллық поселкалар, мийўели бағлар орнаған, зүрәәти толып тасқан салыгершиликлер ҳәм пахтазарлар, адамда қуўаныш ҳәм мақтаныш сезимлерин пайда ететуғын, дәрья ҳәм көллеринде балық, ал жайлаўларында семиз маллар жайылған үлкеге, халқы мийнетте мәрт, батырлар елине айланды.

Қарақалпақстан мийнеткешлери өз автономиялы республикасының дүзилгениниң 50 жыллық байрамына усындай уллы жетискенлик ҳәм табыслар менен келди, қарақалпақ халқының ерискен табыслары партиямыз бенен ҳүкиметимиз тәрепинен жоқары баҳаланды. Қарақалпақстан АССР мийнеткешлериниң коммунистлик қурылыста ерискен табыслары ушын ҳәм республиканың дүзилгенине 50 жыл толыўына байланыслы Қарақалпақстан Автономиялы Совет Социалистлик Республикасы СССР Жоқарғы Совети Президиумының 1974-жыл 19-ноябрьдеги Указына муўапық Октябрь революциясы ордени менен наградланыўға миясар болды. Буннан былай Қарақалпақстан АССР ы байрағында Ле-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нин ордени, Халықлар дослығы ҳәм Октябрь революциясы орденлери жигерли жәнe даңқлы мийнеттин белгиси регинде жайнап турады.

Республиканың 50 жыллық юбилейин байрамлаў ӨзКП Қарақалпақстан обкомының ҳәм Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Советинин 1974-жыл 22-ноябрьдеги бирликтеги жаңа искусство Сарайындағы салтанатлы мәжилиси менен басланды. Салтанатлы мәжилиске республиканың партия, совет ҳәм жәмийетлик шөлкемлериниң басшылары, санааттың ҳәм аўыл хожалығының алдыңғылары, илим ҳәм мәдeният искерлери, сондай-ақ Москвадан, Краснодар крайынан, Қазақстаннан, Түркменстаннан, Өзбекстанның барлық областьларынан қәдирли мийманлар қатнасты.

Салтанатлы мәжилисте КПСС Орайлық Комитетинин Сиясий бюросының ағзалығына кандидат, ӨзКП Орайлық Комитетиниң биринши секретары Ш. Р. Рашидов автономиялы республикаға Октябрь революциясы орденин тапсырды және республика мий-


ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АВТОНОМИЯЛЫ СОВЕТ СОЦИАЛИСТЛИК РЕСПУБЛИКАСЫН ОКТЯБРЬ РЕВОЛЮЦИЯСЫ ОРДЕНИ МЕНЕН НАГРАДЛАЎ ҲАҚҚЫНДА

*СССР Жоқарғы Совети Президиумының Указы*

Қарақалпақстан АССР мийнеткешлериниң коммунистлик қурылыста ерискен табыслары ушын ҳәм республиканың дүзилгенине 50 жыл толыўына байланыслы Қарақалпақстан Автономиялы Совет Социалистлик Республикасы Октябрь революциясы ордени менен наградлансын.

СССР Жоқарғы Совети Президиумының Председатели Н. ПОДГОРНЫЙ.

СССР Жоқарғы Совети Президиумының Секретары М. ГЕОРГАДЗЕ.

Москва, Кремль. 1974 жыл 10 ноябрь.

Қарақалпақстан АССР ын Октябрь революциясы ордени менен наградлаў ҳаққында СССР Жоқарғы Совети Президиумының Указы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

неткешлерин даңқлы юбилей ҳәм Ўатанымыздың жоқары наградасы менен қызғын қутлықлады, коммунистлик қурылыста жаңа табыслар тиледи.

Юбилей минәсибетине байланыслы Советлер Союзы Коммунистлик партиясы Орайлық Комитетинен, СССР Жоқарғы Совети Президиумынан ҳәм СССР Министрлер Советинен, Өзбекстан Компартиясы Орайлық Комитетинен, Өзбекстан ССР Жоқарғы Совети Президиумынан, Өзбекстан ССР Министрлер Советинен және басқа да орынлардан көп санлы қутлықлаўлар келди.

КПСС Орайлық Комитетиниң, СССР Жоқарғы Совети Президиумының ҳәм СССР Министрлер Советиниң қутлықлаўында: „Советлер Союзы Коммунистлик партиясының Орайлық Комитети. СССР Жоқарғы Советиниң Президиумы ҳәм СССР Министрлер Совети Қарақалпақстанның рабочийларын, колхозшыларын, интеллигенциясын, барлық мийнеткешлерин даңқлы сәне—Қарақалпақстан Автономиялы Совет Социалистлик Республикасының дүзилгенине 50 жыл толыўы менен, жоқары награда—Октябрь революциясы ордени менен шын жүректен қутлықлайды және республика мийнеткешлери партия шөлкеминиң басшылығында алдағы ўақытта да экономика менен мәдениятты буннан былай да көтериў, КПСС XXIV съездиниң қарарларын орынлаў ушын актив гүреседи"[1]—деп беккем исеним билдирилди.

23-ноябрьде республика пайтахты Нөкис қаласында үлкен қуўаныш ҳәм мақтаныш сезимлерине толып-тасқан мийнеткешлердиң байрам демонстрациясы болып өтти. Бул арқалы Қарақалпақстан мийнеткешлери КПСС Орайлық Комитетиниң дана ишки ҳәм сыртқы сиясатын, оның Сиясий бюросының және партия Орайлық Комитетиниң Бас секретары жолдас Л. И. Брежневтың жүргизип атырған оғада үлкен жемисли жумысын қызғын мақуллап, қуўатлайтуғынлығын, партия алға қойған ўазыйпаларды ҳәм тоғызыншы бес жыллық тапсырмаларын табыслы орынлап шығатуғынлығын, бизиң елимизде коммунизм дүзиўден ибарат уллы иске барлық күш-жигерин жумсайтуғынлығын тағы бир рет дәлиллеп көрсетти.

Тоғызыншы бес жыллықта Қарақалпақстан халық хожалығының раўажланыўында 1975-жылдың жуўмағы әсиресе жемисли болды Санаат өнимлерин жетистириў 1974-жылдағыға қарағанда 19,9%, ал мийнет өнимлилиги 10% өсти. Өним жетистириўдеги өсимниң 80% ине мийнет өнимлилигин арттырыўдың есабынан ерисилди. Бес жыллықтың жуўмақлаўшы жылында қурылыста, транспортта ҳәм халық хожалығының басқа да тараўларында ири табыслар қолға киргизилди.

Автономиялы республиканың санааты өним ислеп шығарыў бойынша бес жыллық план тапсырмасын мүддетинен бурын,1975-жылдың октябрь айының ақырында, орынлап шықты, планнан зият 65 миллион манатлық өним ислеп шығарылды Санаат өн-

[1] „Совет Қарақалпақстаны" газетасы, 1974-ж. 23-ноябрь саны.



www.ziyouz.com kutubxonasi

дириси көлеминиң өсими сегизинши бес жыллықта 24,7% ти қураған болса, ал тоғызыншы бес жыллықтың жуўмағында бул көрсеткиш 49,1% ке жетти ҳәм бес жыл ишинде мийнет өнимлилиги планда белгиленген 25,7% орнына 34% артты. Планнан зият әдеўир муғдарда электр қуўаты, шигитсиз пахта, өсимлик майы, қаймақлы сүт өнимлери, балық консервалары, ун, мәдений-турмыс, хожалық товарлары ҳәм басқа да көплеген өнимлер жетистирилди. Өним жетистириўдин көлемин арттырыў менен бирге, оның сапасын жақсылаў бойынша да әдеўир жумыслар исленди. Ислеп шығарылып атырған өнимлердиң 36 түри мәмлекетлик сапа белгисине ийе болды.

Бес жыллық дәўиринде көплеген санаат кәрханалары қурылып пайдаланыўға берилди. Олардың арасында Тақыятас ғәлле өнимлери комбинатының биринши гезеги, Нөкистеги қурылыс ҳәм жол техникасын ремонтлаў заводы, „Өзсельхозтехниканың“ Нөкис ремонтлаў заводы, гранит-мрамор заводы, Қоңырат гербиш заводы, 3 асфальт-бетон заводы, гилем тоқыў цехы ҳәм г б. кәрханалар болды.

Тоғызыншы бес жыллықта автономиялы республиканың халық хожалығын раўажландырыўға 1 миллиард 360 миллион манатлық ири қаржы жумсалды ҳәм усы суммадағы және сегизинши бес жыллықтағыға қарағанда еки есе артық тикарғы фонд иске қосылды.

Тоғызыншы бес жыллықта Қарақалпақстанның аўыл хожалығы тасқынлап раўажланды. Ҳаўа-райы қыйыншылықларына ҳәм суўдың кемтаршылығына қарамастан 1975-жылы пахтадан бурын болып көрилмеген дәрежеде жоқары зүрәәт жетистирилди. Уатан ғәзийнесине 386,2 мың тонна қарақалпақ „ақ алтыны“ инәм етилди, бул халық хожалығы планында белгиленгенинен 56 мың *т.*, ал 1974-жылдағыдан 16 мың *т.* көп. Пахтаның зүрәәтлилиги гектарынан 31,1 центнерге жеткерилди. Улыўма жетистирилген зүрәәттиң 208 мың тоннасы машиналар менен терип алынды. Бес жыллықта 1 миллион 686 мың *т* пахта жетистирилип, бул халық хожалық планы тапсырмасынан 163 *т* зият.

Республикада пахташылық пенен бирге салыгершилик те пәтли раўажланып атыр. Бес жыл ишинде салы жетистириўдин улыўма көлеми үш есе өсти ҳәм 543,0 мың тоннаға жеткерилди. 1975-жылы 170 мың *т.* салы жетистирилди. Салының орташа зүрәәтлилиги республика бойынша 46,7 центнер болды. Бес жыллық даўамында мәмлекетке сегизинши бес жыллықтағыға қарағанда 2,4 есе көп салы тапсырылды.

Бес жыллықта мал шарўашылығын ҳәм пиллешиликти буннан былай да раўажландырыў, овощ, палыз егинлериниң өнимин, ҳәм мийўе жетистириў бойынша да жақсы нәтийжелерге ерисилди.

Тоғызыншы бес жыллықта колхозлар менен совхозлардың материаллық-техникалық базасын беккемлеў бойынша оғада үлкен жумыслар исленди. Аўыл хожалығына 762 миллион манатлық ири қаржы жумсалды. Бул сегизинши бес жыллықтағыға



www.ziyouz.com kutubxonasi

қарағанда 3,8 есе көп. Тийкарғы фондлар 1,8 есе, ал аўыл хожалығына арналған өндирислик фондлар 2,2 есе өсти. Суў хожалығы қурылысы кең көлемде жүргизилди. Тақыятас гидроузели қурылысының биринши гезеги питкерилди, бир қатар магистраль каналлар ҳәм коллекторлар, ҳәзирги заман ирригация қурылыслары менен насос станциялары иске қосылды. 74,3 мың гектар егислик жердин мелиоративлик жағдайы жақсыланды. Бес жыл ишинда 58,2 мың гектар жаңа жер өзлестирилди. Аўыл хожалығы өндирисин механизацияластырыў ҳәм химияластырыў әдеўир жоқары дәрежеге көтерилди.

Қарақалпақстан мийнеткешлери тоғызыншы бес жыллықта бизин елимизде коммунистлик қурылыс ўазыйпаларын әмелге асырыў исине өзлериниң ылайықлы үлеслерин қосты. Олардың жигерли ҳәм дөретиўшилик мийнети партиямыз бенен ҳүкимемиз тәрепинен жоқары баҳаланды. 1975-жылдын халық хожалық планын мүддетинен бурын орынлаў ҳәм тоғызыншы бес жыллықты табыслы жуўмақлаў бойынша Пүткил союзлық социалистлик жарыста ең жоқары нәтийжелерге ерискени ушын Қарақалпақстан АССР ы, Әмудәрья районындағы „XXII партсъезд" колхозы КПСС Орайлық Комитети, СССР Министрлер Совети, ВЦСПС ҳәм ВЛКСМ Орайлық Комитетиниң „Тоғызыншы бес жыллықтағы даңқлы мийнети ушын" естелик белгилери ҳәм СССР Халық Хожалығы жетискенликлериниң көргизбесинде Пүткил Союзлық Ҳүрмет тахтасына жазылып, КПСС Орайлық Комитети, СССР Министрлер Совети, ВЦСПС ҳәм ВЛКСМ Орайлық Комитетиниң көшпели Қызыл Байрақлары менен, Төрткүл районы ҳәм Шоманай районындағы Гагарин атындағы совхоз КПСС Орайлық Комитети, СССР Министрлер Совети, ВЦСПС ҳәм ВЛКСМ Орайлық Комитетиниң көшпели Қызыл Байрағы менен наградланды. Нөкис қаласы он еки район ҳәм жетписке жақын мийнет коллективлери Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстанның республикалық шөлкемлериниң көшпели Қызыл байрақлары менен наградланды.

Тоғызыншы бес жыллықта Қарақалпақстанның халық хожалығын буннан былайда раўажландырыўдағы оғада үлкен табысларға кәрханаларды жаңа техникалық үскенелер менен қайта қураллаңдырыў, жаңа өндирис орынларын иске қосыў, ишки резервлерден толық пайдаланыў есабынан, қала ҳәм аўыл мийнеткешлериниң жигерли дөретиўшилик мийнети арқасында ерисилди. Бес жыллық тапсырмаларын мүддетинен бурын орынлаў ушын ең жайған улыўма халықлық социалистлик жарыста ерискен жоқары көрсеткишлери ушын бес жыллықта 5 мыңнан аслам рабочий, колхозшы, интеллигенция ўәкиллери, автономиялы республика халық хожалығы менен мәдениятының барлық тараўларының хызметкерлери Советлер Союзының орден ҳәм медаллары менен наградланды, оғада айрықша мийнет табысларына ерискен алдынғыларға, соның ишинде Шымбай районындағы Қ. Әўезов атындағы совхоз бригада баслығы Е. Бекбаўлиевке Социалистлик Мийнет Қаҳарманы атағы берилди



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тоғызыншы бес жыллықтың тапсырмаларын ҳәм алынған социалистлик миннетлемелерди орынлаўдағы табыслары ушын 1976-жылы Қарақалпақстан халық хожалығының, партия, совет хожалық органларының, мәденият тараўларының 478 хызметкери орден ҳәм медаллар менен наградланды. Ал Ленинабад районындағы „Алтынкөл" совхозының бригада баслығы С. Қурбанбаевқа салыдан жоқары зүрәәт алыў бойынша социалистлик миннетлемесин орынлаўдағы көрсеткен мийнеттеги батырлығы ушын Социалистлик Мийнет Қаҳарманы атағы берилди.

Тоғызыншы бес жыллықта ерисилген табыслар Қарақалпақстан халық хожалығының оныншы бес жыллықта буннан былай да тасқынлап рәўажланыўы ушын беккем тийкар дүзип берди. Себеби тоғызыншы ҳәм оныншы бес жыллық планлар өзлериниң тийкарғы бағдарлары бойынша бир пүтин, партиямыздың экономикалық ҳәм социаллық сиясатының узақ мүддетти нәзерде тутыўы менен өзгешеленеди.

КПСС XXV съезди—(1976-жыл 24-февраль—5-март), Өзбекстан Коммунистлик партиясының XIX съезди (1976-жыл 4—5-февраль) ҳәм Қарақалпақстан областлық XXV партия конференциясы (1976-жыл 16—17-январь) раўажланған социалистлик жәмийет жағдайларында пүткил елимизде, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстанда оныншы бес жыллыққа және анағурлым узақ перспективаға белгиленген партияның экономикалық сиясатының принципиал көрсетпелерин конкретлестирди ҳәм раўажландырды.

Оныншы бес жыллық план бойынша пүткил елимиздегидей-ақ қуяшлы Қарақалпақстан халық хожалығын буннан былай да раўажландырыўдың үлкен перспективалары ашылып отыр. Санааттың барлық тараўларын комплексли раўажландырыў нәзерде тутылып, оның өнимлеринин көлеми 40% ке жақын көбейеди. Индустрияның электротехника, пахта гезлемесин, минерал төгинлерди жетистириў сыяқлы жаңа тараўлары пайда болады, пахта тазалаў, қурылыс материаллары, азық-аўқат санаатларының жаңа өндирис орынлары иске косылады, қазылма байлықларды изертлеў ҳәм өзлестириў бойынша үлкен жумыслар исленеди.

Оныншы бес жыллықта автономиялы республикада темир жол, автомобиль, ҳаўа транспорты және байланыс кең көлемде раўажланады.

Жаңа бес жыллықта Қарақалпақстанның аўыл хожалығы, әсиресе оның жетекши тараўлары пахташылық ҳәм салыгершилик тез пәтлер менен раўажланады. Бес жыллықтың ақырында 450—500 мың тонна пахта, 350—400 мың тонна салы жетистириледи. КПСС XXV съездиниң „1976—1980-жылларда СССР халық хожалығын раўажландырыўдың тийкарғы бағдарлары"нда: „Қарақалпақстан АССР да салыгершиликти раўажландырыў бойынша жумыс даўам еттирилсин"[1] — деп атап көрсетилген. Бул,

[1] „1976—1980-жылларда СССР халық хожалығын раўажландырыўдың тийкарғы бағдарлары". „Қарақалпақстан" баспасы Нөкис, 1976-жыл 77-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

партиямыздың автономиялы республика экономикасын буннан былай да раўажландырыў исине жақыннан ғамхорлық көрсетип агырғанлығының айқын гуўасы болып есапланады.

Халықтың абаданлығын үзликсиз көтериў партияның жоқары мақсети болып есапланады. Онынша бес жыллықта рабочийлардың ҳәм хызметкерлердиң хызмет ҳақысын 16—18%, колхозшылардың жәмийетлик хожалықтан алатуғын доходы 34—27% артады, жәмийетлик тутыныў фондлары есабынан төленетуғын төлемлер ҳәм берилетуғын жеңилликлер 28 — 30% көбейеди. Ден саўлықты сақлаў, халық билимлендириўи ҳәм мәденият буннан былай да раўажландырылады.

Қарақалпақстан мийнеткешлери КПСС тың XXV съездинде қабыл етилген елимиздиң экономикалық қудиретин беккемлеўдиң, совет адамларының турмыс дәрежесин арттырыўдың партия белгилеген оғада уллы программасын толығы менен ҳәм бир аўыздан мақуллап, онынша бес жыллықтың—сапа ҳәм өндиристиң нәтийжелилиги бес жыллығының тапсырмаларын инабатлы орынлап шығыў исине өзлериниң жигерли мийнетлери менен ылайықлы үлес қосады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

*XVII бап*

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АССР ы СОЦИАЛИСТЛИК МӘДЕНИЯТЫНЫҢ ГҮЛЛЕНИЎИ (1938—1975-ж. ж.)

## 1. ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎИНИҢ РАЎАЖЛАНЫЎЫ

Дәслепки бес жыллықлар дәуирнде совет халқы Коммунистлик партияның басшылығы астында елди индустриаластырыўды, аўыл хожалығын коллективлестириўди табыслы әмелге асырды ҳәм мәдений революцияның жеңиске ерисиўин тәминледи.

Өзбекстан Компартиясының 1938-жыл 1—9-июльде болып өткен VIII съезди Өзбекстандағы. соның ишинде Қарақалпақстан АССР ындағы социалистлик қурылыстың барысына жуўмақ жасады. Съезд артта қалған үлкеден алдыңғы қатар социалистлик республикаға айланған Өзбекстан ССР ының экономикалық раўажланыўының табысларын атап өтти. Съездде хожалық ҳәм мәдений қурылыстың буннан былайғы перспективалары белгилеп берилди. Мәдений қурылыс тараўында халық арасында саўатсызлықты ҳәм шала саўатлылыкты биротала сапластырыў. баслаўыш, орта ҳәм жоқары мектептин жумысларын, масса арасында барлық тәрбия жумысларын жақсылаў, илимди, әдебиятты ҳәм искусствоны ҳәртәреплеме раўажландырыў зәрүр болды.

Партия XVIII съездиниң директиваларына муўапық үшинши бес жыллықта Қарақалпақстан АССР ында халық билимлендириўин раўажландырыўға оғада көп муғдарда қаржы бөлип шығарылған еди. Егер дәслепки еки бес жыллық жылларында халық билимлендириўи илажларына 87 мың манат жумсалған болса, ал тек бир ғана 1940/41-оқыў жылында халық билимлендириўи мақсетлерине 41 миллион манат бөлип шығарылды.

Халық билимлендириўи тараўында екинши бес жыллық план илажларының әмелге асырылыўы нәтийжесинде пүткил мектеп системасын буннан былай да раўажландырыў ушын беккем негиз таярланған еди. Үшинши бес жыллықтың басында баслаўыш, толық емес орта ҳәм орта мектеплердеги оқыўшылардын улыўма контингенти 68180 адамнан ибарат болды, ал 1939/40-оқыў жылында олар 79600 оқыўшыға жетти. бунда оқыўшы қызлардың санынын өсими ба.ым орын тутты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1940/41-оқыў жылынын басында автономиялы республикада 459 баслаўыш, 108 толық емес орта ҳәм 18 орта мектеп болып, оларда 92432 оқыўшы билим алды.

V—VII класслардың оқыўшылары ең жоқары өсимге ийе болып, бул партия XVIII съездиниң миллий республикаларда ғалалаба миннетли сегиз жыллық билим бериўди енгизиў ҳаққындағы қарарын әмелге асырыў ушын әҳмийетли база болып хызмет етти.

Үшинши бес жыллық дәўиринде Қарақалпақстан АССР ында тез пәтлер менен мектеп қурылысын әмелге асырыў ушын материаллық база дүзилди. Нөкисте. Төрткүлде, Хожелиде. Мойнақта ҳәм басқа жерлерде жаңа кең, жақтылы үлгили типтеги мектеп жайлары салынды Айырым аўыллық мектеплер қапталынан мектеп интернатлары шөлкемлестирилип, оларда оқыў ҳәм дем алыў ушын оқыўшыларға барлық мүмкиншиликлер дүзип берилген еди.

Қарақалпақ мектеплери ушын сабақлықлар Москвада, Ташкентте, ал 1938-жылдан баслап, Нөкисте де басып шығарылды. Бир ғана Москванын өзинда Мәмлекетлик оқыў педагогика баспасы (Учпедгиз) қасындағы Қарақалпақ бөлими тәрепинен 8 жыл ишинде (1933—1941-ж. ж.) автономиялы республика мектеплери ушын 85 атамада сабақлық басып шығарылған еди.

Республика мектеплери ушын рус тили муғаллимлерин таярлаўға үлкен кеўил бөлинди. Қарақалпақстан АССР ы Орайлық Атқарыў Комитети менен Халық Комиссарлар Советиниң 1938-жыл 15-апрельдеги „Оқытыў жергиликли миллет тиллеринде жүргизилетуғын мектеплерде рус тилин оқытыў ҳаққындағы“ қарарында: „Рус тилин үйрениў СССР халықлары арасындағы туўысқанлық байланыслар менен қатнасықларды беккемлеўдиң, елимиздиң хожалығын, мәдениятын ҳәм қорғаныў қуўатын буннан былай да үзликсиз көтериўдин және қарақалпақ халқынан ҳәм басқа да жергиликли миллетлерден илимий және техникалық билимлер тараўында кадрлар таярлаўды жетилистириўдиң қудиретли қуралы екенлигин есапқа алып, баслаўыш мектеплерде екинши класстан, толық емес орта ҳәм орта мектеплерде үшинши класслардан баслап рус тилин оқытыў енгизилсин“, — деп көрсетилди.

Усы қарар тийкарында барлық оқыў орынларындағы және муғаллимлердиң билимин жетилистириў курсларындағы оқыў планлары қайта көрип шығылды. Баслаўыш мектеплердиң екинши классларына ҳәптесине рус тили бойынша 2 саат, үшинши ҳәм төртинши классларға—4 сааттан, бесинши — жетинши классларға —5 сааттан ҳәм сегизинши—оныншы классларға—4 сааттан ажыратылды.

Усы қарарға байланыслы 1938-жылы Халық билимлендириўи кадрларын таярлаў институты қапталынан рус тили муғаллимлерин таярлаў бойынша 2 ҳәм 4 айлық курслар шөлкемлестирил-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ди. 1938-жылдың август айында рус тили муғаллимлерин таярлаў бойынша 4 айлық қурсты 56 муғаллим питкерип шықты.

Муғаллимлердиң улыўма билимин жетилистириў бойынша жумыслар да жақсыланып барылды 1938-жылы баслаўыш мектеплер ушын муғаллимлер таярлаў бойынша бир ярым жыллық курслар, баслаўыш мектеплердин муғаллимлеринин билимин арттырыў бойынша жазғы бир ярым айлық курс, оқытыў жергиликли миллет тиллеринде жүргизилетуғын мектеплер ушын рус тили муғаллимлерин таярлаў курслары, кешки педагогика училищеси шөлкемлестирилди. Бул илажлардын барлығына 2800 муғаллим тартылды.

1943 жылы халық билимлендириўи кадрларын таярлаў институты қапталындағы баслаўыш мектеплер ушын муғаллимлер таярлаў бойынша бир ярым жыллық курсларды 74 адам, соның ишинде 12 хаял-қыз, Төрткүл педтехникумын 16 адам питкерип шықты.

Республикада өз исине шын берилген, өсип киятырған жас әўладты оқытыў хәм тәрбиялаўда оғада жақсы нәтийжелерге ерискен муғаллимлердин саны көбейип барды.

Халық билимлендириўи тараўындағы жемисли жумысы ушын Қарақалпақстан АССР ындағы 18 муғаллим Советлер Союзынын орден хәм медаллары менен наградланды. Солардын ишинде Ж. Ахмедов хәм А. Нурымбетовлар Ленин ордени менен наградланды. Наградланғанлар арасында Төрткүл районындағы Шорахан толық емес орта мектебиниң муғаллими Б. Султанова да болып, ол жергиликли миллет қызларын мектепке тартыў бойынша халық арасында кен пропагандалық-түсиндириў жумысларын жүргизди.

Қарақалпақстан мектеплериниң көплеген муғаллимлери өзлериниң педагогикалық маманлығынын хақыйқат шеберлери болып жетисти, олар оқыў-тәрбия жумысларын жоқары дәрежеде жүргизиў ушын гүрести.

1939 жылы Қарақалпақстан муғаллимлери арасында 314 адам халық билимлендириўи отличниги атағына ийе еди. Усы жылы муғаллимлерди аттестациядан өткериў әмелге асырылды. Барлығы болып 2282 муғаллим аттестациядан өткерилди.

Үшинши бес жыллық жылларында Қарақалпақстанда мектеплердин тараўы кеңейди, оқыўшылар менен педагогикалық кадрлардың саны көбейди.

Қарақалпақстан АССР ында 1940/41-оқыў жылында 2605 муғаллим (соның ишинде 115 и хаял-қызлар) жумыс алып барды, ал 1937/38-оқыў жылында 1483 муғаллим болған еди. Муғаллимлер аўылда совет интеллигенциясының тийкарғы ўәкиллери болып, олар партия хәм хүкиметимиз тәрепинен жүргизилген барлық илажларға актив қатнасты. Олардың басым көпшилигин совет власты тусында өсип-тәрбияланған хәм алдыңғы совет мәдениятын таратыўшылар болған қарақалпақ жаслары қурады



www.ziyouz.com kutubxonasi

Улыўма билим бериў тараўында ерисилген табыслар менен бирге, елеўли кемшиликлер де орын алды Көплеген мектеплерде оқыў-тәрбия жумыслары төмен дәрежеде болыўын даўам етти, усының нәтийжесинде оқыўды таслап кетиўшилердиң ҳәм бир класста екинши жылы қалыўшылардын саны әдеўир болды.

1939 жылы 9-декабрьде Қарақалпақ мәмлекетлик тил ҳәм әдебият илим-изертлеў институты тәрепинен шақырылған жыйналыс болып, ол латин алфавитинен рус графикасы тийкарындағы жазыўға өтиў мәселесин додалады.

Жаңа алфавиттиң ҳәм орфографияға өзгерис енгизилиўиниң нәтийжесинде марксизм-ленинизм классиклеринин шығармаларын, илимий, оқыў-методикалық ҳәм көркем әдебиятларды қарақалпақ тилине аўдарыў аңсатласты, қарақалпақ жазыўы менен пүткил мәдениятынын буннан былай да раўажланыўы ушын негиз таярланды.

Қарақалпақ тилиниң өзине тән өзгешелигин есапқа алыў менен рус графикасы тийкарында дүзилген ҳәм 1940-жылы қабыл етилген жаңа қарақалпақ алфавити халқымыздын рус ҳәм Советлер Союзынын басқа да халықлары менен дослық жәнe мәдений байланы ларынын буннан былай да беккемлениўине жәрдемлести.

1940-жылы июль айында Ташкентте Өзбекстан муғаллимлеринин биринши съезди болып өтти. Оған Қарақалпақстан муғаллимлеринен 60 адам делегат болып қатнасты.

1941-жыл январьда Қарақалпақстан муғаллимлеринин биринши республикалық съезди болып, оған 10 миллет ўәкиллеринен ибарат 123 делегат қатнасты Съезд автономиялы республика турмысында үлкен сиясий әҳмийетке ийе ўақыя болды. Съездде „Қарақалпақстандағы халық билимлендириўинин жағдайы" ҳаққындағы доклад тереӊ ҳәм ҳәр тәреплеме додаланды. Докладда халық билимлендириўиниң раўажланыўындағы табыслар ҳаққында толық сөз етилди, мектеплердиң өсиўи менен бирге халықтын мәдениятьı да. халық хожалығының ҳәр қыйлы тараўлары бойынша кадрлар таярлаўдын да өскенлиги атап өтилди. Съезд мектеп жумысларынын раўажланыўына иркиниш жасап атырған себеплерди ашып көрсетти, қалаларда улыўма орта билим бериўди ҳәм аўыллық жерлерде жети жыллық билим бериўди толық әмелге асырыў бойынша әмелий илажларды белгиледи.

Егеделер арасында саўатсызлықты сапластырыў бойынша оғада үлкен жумыслар жүргизилди. Совет властының өмир сүриўиниң 23 жылы ишинде Қарақалпақстан халқынын улыўма саўатлылығы 64 процентке өсти Өз КП(б) Орайлық Комитети менен Өз ССР Халық Комиссарлар Советинин „Өзбекстан ССР ында саўатсызлықты сапластырыў исин питкериў ҳаққында"ғы қарары партия, совет, комсомол ҳәм профсоюз шөлкемлери алдына республикадағы егеделердиң саўатсызлығын сапластырыў бойынша конкрет ўазыйпалар қойды

Солай етип, урыстан бурынғы бес жыллықлар дәўринде, әсиресе 1938—1941-жыллары Қарақалпақстан халық билимлендири-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ўин раўажландырыўда үлкен табысларға ерисилди, саўатсызлықты толық сапластырыў ҳәм өсип киятырған жас әўладқа билим бериўди буннан былай да жақсылаў ушын беккем тийкар дүзилди. Қарақалпақстан муғаллимлери өзлериниң ийгиликли иси менен елдиң артта қалған миллий шет үлкелериниң бири болған Әмудәрьяның төменги жағында мәдений революцияны әмелге асырыўға ылайықлы үлес қосты.

Социалистлик мәдений революцияның уллы женислери Уллы Ўатандарлық урыс жылларында қатаң сынаўдан өтип, социализмниң фашизм үстинен рухий, сиясий жақтан салтанатқа ерисиўиниң қудиретли дереги болды.

Уллы Ўатандарлық урыс басланыўы менен-ақ Қарақалпақстан партия шөлкеми алдында халық билимлендириўи тараўында совет мектеплерин буннан былай да беккемлеў, өсип киятырған жас әўладты социалистлик патриотизм ҳәм пролетарлық интернационализм рухында тәрбиялаўды күшейтиў ўазыйпасы турды.

Билимлендириў тараўында улыўма билим бериў ҳаққындағы нызамды әмелге асырыў, яғный аўыллық жерлерде мектеп жасындағы балаларға улыўма миннетли жети жыллық билим бериўди, ал қалалық жерлерде улыўма миннетли орта билим бериўди енгизиўден ибарат ўазыйпаны орынлаў зәрүр болды.

Совет мектебинде оқып тәрбияланған қарақалпақ жаслары Уллы Ўатандарлық урыс жылларында пүткил совет халқы менен бирге душпан үстинен жениске ерисиў ушын фронт ҳәм тылда мәртлерше гүрес жүргизди.

1944-жылы Совет ҳүкимети колхоз ҳәм совхозларда аўыл жасларының мектебин шөлкемлестириў ҳаққында қарар қабыл етти. Енди аўыллық жерлердеги жаслар өндиристен қол үзбейақ оқыўды даўам еттириў мүмкиншилигине ийе болды.

СССР Халық Комиссарлар Совети 1944-жыл 10 январда „Баслаўыш, жети жыллық ҳәм орта мектеплердеги оқыўшылардың үлгериўин ҳәм тәртибин баҳалаўдың цифрлы бес баллы системасын енгизиў ҳаққында“, ал 1944-жылдың 21-июлинде „Оқытыўдың сапасын жақсылаў бойынша илажлар ҳаққында“ қарар қабыл етти. Енди баслаўыш ҳәм жети жыллық мектеплерди тамамлаған оқыўшылар миннетли түрде питкериў экзаменлерин, ал орта мектепти тамамлаўшылар ержеткенлик аттестат ушын экзамен тапсырыўы тийис болды. Мектеп программасын өзлестириўде ең жақсы табысларға ерисип, ең жақсы тәртип үлгисин көрсеткенлерди алтын ҳәм гүмис медаллар менен наградлаў енгизилди.

Республика мектеплериндеги оқыў-тәрбия жумыслары урыс жылларында совет патриотизми рухында, Коммунистлик партия менен Совет ҳүкиметине шын берилгенлик ҳәм садықлық, немец-фашист басқыншыларын жеккөриўшилик рухында жүргизилди. Тарийхты, әдебиятты ҳәм географияны терең үйрениў үлкен әҳмийетке ийе болды. Бул пәнлер бойынша өткерилген сабақларда бизиң көп миллетли елимиздиң өтмиштеги тарийхы ҳаққындағы,



www.ziyouz.com kutubxonasi

халқымыздың сырт ел басқыншыларына қарсы жүргизген гүреслери ҳаққындағы материалларға үлкен орын берилди, совет адамларының Уллы Ўатандарлық урыс фронтларындағы ҳәм тылдағы тени-тайы жоқ ерлик ислеринен көп санлы мысаллар келтирилди.

Урыс жылларында автономиялы республиканың көплеген мектеплеринде оқыў-тәрбия жумыслары, оқытыўдың сапасы жақсыланды. Оқыўшы жаслардың әскерий-физкультура таярлығы күшейтилди. Қарақалпақстанда елимиздиң басқа жерлериндеги сияқлы массалық физкультура ҳәрекети кең ен жайды. Спорт бойынша жарыслар ҳәм кросслар үзликсиз өткерилип барды. Оларға бир неше он мыңлаған оқыўшы жаслар қатнасты. Бул жарысларға қатнасыўшылардың 70 проценти ГТО ҳәм БГТО значоклары нормаларын тапсырды.

Уллы Ўатандарлық урыс жылларында оғада аўыр қыйыншылықларға қарамастан, ислеп турған мектеп тараўларын сақлап қалыў менен бирге жаңадан 85 жети жыллық ҳәм орта мектеп ашылды.

Толық емес мағлыўматлар бойынша 1943-жылы автономиялы республиканың мектеплеринде, педучилищелеринде ҳәм муғаллимлер институтында барлығы болып, 1803 оқытыўшы жумыс иследи. Республикада муғаллим кадрларын таярлаў муғаллимлер институты менен педучилище арқалы жүргизилди.

1941—1943-жыллары 377 муғаллим таярланды. Соның менен бирге муғаллимлер таярлайтуғын алты айлық курслар да жумыс ислеп, оларда 1944-жылы 400 адам оқыды. 1943/44-оқыў жылында муғаллимлер институты базасында Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институты дүзилди.

Урыстан соңғы жыллары Қарақалпақстанда халық билимлендириўин раўажландырыўға ҳәм мектеплер қурылысына республика халық хожалығы планында үлкен кеўил бөлинди. Қарақалпақстан АССР ы халық хожалығын қайта тиклеў ҳәм раўажландырыўдың 1946—1950-жылларға белгиленген бес жыллық планында халық билимлендириўи тараўында қалада да, аўылда да балаларды жети жасынан баслап, улыўма миннетли билим бериўге тартыў, балаларды мектепте оқытыўдың ҳәм тәрбиялаўдың сапасын арттырыў белгиленди. 1950-жылы Қарақалпақстандағы баслаўыш, жети жыллық ҳәм орта мектеплерди 500 ге, ал олардағы оқыўшылардың санын 53,3 мыңға жеткериў нәзерде тутылды.

Областлық партия комитети ҳәм Қарақалпақстан АССР Министрлер Совети урыстан соңғы дәслепки жыллары партия, совет, профсоюз ҳәм комсомол шөлкемлерин, халық билимлендириўи органларын жаңа мектеплердиң қурылысына ҳәм оларды үскенелеўге, мектеплерди оқыў-көргизбе қураллары менен тәминлеўге, мектеп жайларын ири, женил ремонтлаў жумысларын жүргизиўге кең мобилизациялады.

Партия менен ҳүкиметимиздиң өсип киятырған жас әўладты оқытыў ҳәм тәрбиялаўды буннан былай да жақсылаў ҳаққында-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғы ғамхорлығы билимлендириў мақсетлерине бөлип шығарылған қаржылардың удайына өсип барыўынан айқын көринеди. Егер 1946/47-оқыў жылында республикадағы улыўма билим беретуғын мектеплер ушын мәмлекетлик бюджеттен 52 533 мың манат бөлип шығарылған болса, ал 1950/51-оқыў жылында 75 870 мың манат ажыратылды.

Урыстан соңғы бес жыллықта баслаўыш ҳәм орта мектеплердин, жоқары ҳәне арнаўлы орта оқыў орынларының тараўларын қайта тиклеў ҳәм буннан былай да кеңейтиў бойынша үлкен илажлар белгиленди.

Халық билимлендириўиниң материаллық базасын раўажландырыў ҳәм беккемлеў исине республиканың кең жәмийетшилиги актив қатнасты. Тек Төрткүл районының өзинде 1947/48-оқыў жылында колхозшы мийнеткешлердиң күши менен 11 жаңа мектеп жайы салынды. Район колхозшылары мектеп жайларын ремонтлады, улыўма билим бериўдиң жәрдем фондына 45 мың манат ақша, 20 тоннаға жақын дән, 206 жуп аяқ кийим ҳәм көп муғдарда басқа да кийим-кеншек жыйнады. Төрткүллилердиң басламаларын республиканың басқа районлары да қуўатлады.

1950/51-оқыў жылында жәмийетшиликтиң күши менен жаңадан 12 мектеп жайы, 57 класс бөлмеси салынды. Соның менен бирге автономиялы республика колхозлары 28 баслаўыш ҳәм 22 жети жыллық мектеп, Төрткүлде, Қараөзекте, Қоңыратта, Шоманайда типовой орта мектеп жайларын салып пайдаланыўға берди. Районлардағы көплеген мектеплердиң қапталынан алыс аўыллардан келип оқыйтуғын оқыўшылар менен инвалидлердиң балалары ушын интернатлар ашылып, оларда аўқат ҳәм кийим-кеншек пулсыз берилди. Т к 1950/51-оқыў жылының өзинде жәмийетшиликтиң күши менен 15 интернат жайы салынып, пайдаланыўға берилди.

Усының нәтийжесинде урыстан соңғы биринши бес жыллықтың өзинде-ақ, Қарақалпақстанда мектеп тараўларын кеңейтиў исинде әдеўир табысларға ерисилди. Егер республикада 1946-жылы 468 мектеп ҳәм 55000 оқыўшы болған болса, ал 1951-жылы 501 мектеп болып, оларда 77180 оқыўшы билим алды. Аўыллық жерлерде миннетли жети жыллық билим бериўдиң енгизилиўине байланыслы жети жыллық мектеплердиң тараўы кеңейди. Мектеп тараўларының кеңейиўне байланыслы қанийгели муғаллимлерге болған талап барған сайын өсти 1946-жылға салыстырғанда 1951-жылы муғаллимлердиң саны 2577 адамнан 3312 адамға (соның ишинде 634 ҳаял-қыз) өсти, олардың 243 и—жоқары мағлыўматлы, 586 сы—толық емес жоқары мағлыўматлы, 2070 и—орта мағлыўматлы, 413 и—толық емес орта мағлыўматлы еди. 1947—1960-жыллар аралығында Қарақалпақстандағы муғаллимлер составы 2055 жас қанийге менен толықтырылды.

1952-жылы РСФСР ҳәм Өзбекстан ССР ының орайлық қалаларындағы жоқарғы оқыў орынларын питкерип шыққанлардан Қарақалпақстанға 152 педагог жиберилген еди. Қарақалпақ мәм

www.ziyouz.com kutubxonasi

лекетлик педагогикалық институты муғаллим кадрларын таярлап шығарыўды жылдан-жылға көбейтип барды. 1952-жылы институтты 310 жас қанийге питкерип шықты.

Урыстан кейинги жылларда мектеплердеги оқытыўдың сапасы әдеўир жақсыланды, оқыўшылардың үлгериўи артты, оқыўшылардын алған билимлери әдеўир беккем ҳәм терең болды. Орта мектепти ер жеткенлик аттестатын алып питкерип шыққанлардың саны 1946 жылғы 63 адамнан 1950-жылы 737 адамға көбейди.

Өз КП(б) Орайлық Комитетиниң 1950-жылы 5-декабрьдеги „Өзбекстан ССР ында халық билимлендириўи исин жақсылаў илажлары ҳаққында"ғы қарары Қарақалпақстан партия шөлкеми ушын мектеп жумысларының сапасын арттырыўға бағдарланған гүрестиң кең программасы болды. Республика халық билимлендириўи органлары мектеплердеги оқыў-тәрбия жумысларын шешиўши түрде қайта қурыўға киристи. Мектеп тараўлары кеңейди, оқыўшылардың контингенти өсти, мектеплер жоқары қанийгели педагогикалық кадрлар менен беккемленди.

Мектеплерде оқытыўдын сапасын жақсылаў мақсетинде Қарақалпақстан АССР Министрлер Совети 1953-жылы 25-сентябрьде аўыллық ҳәм поселкалық Советлердиң есап китапларында балалардың есабын жүргизиўди тәртипке салыў ҳаққында арнаўлы қарар қабыл етти. Областьлық партия комитети мектеплердиң жумысы сапасының миннетли көрсеткишлериниң бири оқыўшылардың қатнасының оқыў жылының ақырына шекем 100 процент болыўына ерисиўден ибарат болыўы зәрүр, деп белгиледи. 1953-жылдың декабринде бурын оқымай жүрген 4000 ға жақын бала оқыўға тартылды.

1954/55-оқыў жылында автономиялы республикада 535 мектеп, соның ишинде 57 орта, 205 жети жыллық, 273 баслаўыш мектеп иследи. Республикадағы барлық мектеплердеги оқыўшылардың улыўма саны 83172 балаға жетти 1954/55-оқыў жылында 10-классларды 1640 қыз ҳәм жигит пикерип шығып, соның 675 и жоқарғы оқыў орынларына оқыўға кирип, билим алыўды даўам еттирди Мектеп тараўларының өсиўи менен бирге педагогикалық кадрлар да көбейди. 1956/57-оқыў жылында республика мектеплеринде 5228 (соның 1217 си ҳаял-қызлар) муғаллим жумыс иследи

Советлер Союзы Коммунистлик партиясы XIX съездиниң улыўма жети жыллық билим бериўден улыўма он жыллық орта билим бериўге өтиў ҳәм политехникалық билим бериўди енгизиў ҳаққындағы директивасы совет мектебиниң раўажланыўындағы жаңа айрықша басқыш болды.

Елимиздиң басқа республикаларындағы сияқлы Қарақалпақстан мектеплеринде де политехникалық билим бериўди әмелге асырыў бойынша теориялық ҳәм практикалық жумыслар кең ен жайдырып жиберилди. V—VII класларда мектеп оқыў устаханаларында ҳәм мектеп қапталы оқыў-тәжирийбе участкаларында



www.ziyouz.com kutubxonasi

мийнет сабақлары, ал VIII—X классларда машина таныў, электротехника ҳәм аўыл хожалығы бойынша практикумлар енгизилди.

Республикалық муғаллимлердиң билимин жетилистириў институтында қанийгелик арттырыў бойынша курслар шөлкемлестирилип, оларда физиканы, химияны ҳәм биологияны оқытыў процесинде практикалық және лабораториялық жумысларды өткериўге байланыслы мәселелерге үлкен кеўил бөлинди.

Политехникалық билим бериўдиң оқыў-материаллық базасын беккемлеўде ҳәм оқыўшылардың жәмийетлик-пайдалы мийнетин шөлкемлестириўде халық билимлендириў органлары менен мектеплер кең жәмийетшиликтин, санаат кәрханаларының, колхозлардың және совхозлардың үлкен жәрдемине сүйенди.

1956-жылы республика мектеплери 77 устаханаға ҳәм 300 ге жақын тәжирийбе участкаларына ийе болып, олар қала және аўыллардағы өндирис кәрханаларынан алынған ҳәр қыйлы машиналар, қурал-әсбаплар менен тәминленген еди.

1958-жылы 24-декабрьде СССР Жоқарғы Совети „СССР да мектептиң турмыс пенен байланысын беккемлеў ҳәм халық билимлендириўи системасын буннан былай да раўажландырыў ҳаққында Нызам қабыл етип, онда оқытыўдың турмыс пенен, өндиристеги мийнет пенен тығыз байланыста болыўы кереклиги атап көрсетилди.

Автономиялы республикадағы мектеплерде оқыў-тәрбия жумысларын жақсылаўда Қарақалпақстан АССР ы Жоқарғы Советиниң „СССР Жоқарғы Советиниң ҳәм Өз ССР Жоқарғы Советиниң мектептиң турмыс пенен байланысын беккемлеў ҳәм халық билимлендириўи системасын буннан былай да раўажландырыў ҳаққындағы Нызамларын әмелге асырыў бойынша илажлар ҳаққында"ғы (1959-жыл август), „Қарақалпақстан АССР ында мектептин турмыс пенен байланысын беккемлеў ҳәм халық билимлендириўи системасын буннан былай да раўажландырыў ҳаққындағы Нызамның орынланыўының барысы ҳаққында"ғы (1962-жыл июль) қарарлары және Өз КП Обкомының 1961-жылы май айында болып өткен VII пленумының „Мектептиң турмыс пенен байланысын буннан былай да беккемлеў ушын, халық билимлендириўин жаңа басқышларға көтериў ушын" атлы қарары үлкен әҳмийетке ийе болды.

Қарақалпақстан партия шөлкеми ҳәм халық билимлендириўи органлары улыўма билим беретуғын мектеплердиң жумысын қайта қурыў бойынша үлкен жумыслар жүргизди. Миннетли сегиз жыллық билим бериў енгизилди. 1960/61-оқыў жылында жаңа оқыў планы ҳәм программалары тийкарында сегиз жыллық билим бериўге 55 мектеп өткерилди, улыўма билим беретуғын 25 орта мектеп өндирислик билим беретуғын он бир жыллық мийнет политехника мектеби болып қайта дүзилди.

Муғаллимлердиң қанийгелигин арттырыў мектеплердеги оқыў тәрбия жумысларын түп-тамырынан жақсылаўдың шешиўши факторларының бири болды. Республикалық муғаллимлердиң били-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мин жетилистириў институты бул тараўда бир қанша жумыслар иследи. 1959—1961-жыллары 5155 муғаллим семинар курсларында оқып шықты, 1244 муғаллим жоқары оқыў орынларында сырттан оқыды.

Хожели, Кегейли, Шымбай районларында ҳәм Нөкис қаласында муғаллимлер таярлаў ушын турақлы ислейтуғын бир жыллық семинарлар шөлкемлестирилди.

Республикада 6 мектеп-интернат ислеп, оларда 1200 ден аслам бала билим алды. 1962-жылы Нөкисте 250 орынлық тағы бир мектеп-интернат ашылды.

Рабочий ҳәм аўыл жасларының кешки (сменалы) мектеплери, қатнап ҳәм сырттан оқыйтуғын мектеплери улыўма орта билим бериў тараўында белгили орын тута баслады. 1962-жылы Қарақалпақстанда бундай 12 мектеп болып, оларда 4 мыңға жақын адам билим алды.

1961-жылы май айында болып өткен ӨзКП Обкомының пленумы республикада рабочий ҳәм аўыл жасларының кешки (сменалы) мектеплери тараўын буннан былай да ен жайдырыўға өндиристен қол үзбей билим алыў ушын жағдайлар дүзиўге, белгиленген жеңилликлердин толық тәмийинлениўине, бул мектеплерде оқыў-тәрбия жумысларын жақсылаўға айрықша дыққат аўдарып өтти.

1961/62-оқыў жылынан баслап улыўма билим беретуғын орта мектеплердиң питкериўши классларында ҳәм арнаўлы орта оқыў орынларында жәмийет таныў курсы енгизилди Жәмийет таныў бойынша сабақлар оқыўшыларға дүньяға ҳақыйқат илимий көзқарас болған марксизм-ленинизм ҳаққында түсиник бериўи ҳәм ширип баратырған капиталистлик дүзимге ҳәм буржуазиялық идеологияға қарағанда социалистлик дүзимниң ҳәм коммунистлик идеологияның оғада уллы артықмашлықларын көрсетип бериўи тийис болды.

КПСС XXIV съезди елимизде халық билимлендириўин буннан былайда раўажландырыў, оны жетилистириў жолларын белгиледи. Съезд тоғызыншы бес жыллықта жасларға улыўма орта билим бериўге толық өтиў ўазыйпасын алға қойды, улыўма билим беретуғын мектептиң оқыў-материаллық базасын буннан былай да беккемлеў, мектеп оқыўшыларын оқытыў ҳәм тәрбиялаўдың сапасын тағыда жоқары көтериў, оларды жәмийетлик пайдалы мийнетке анағурлым актив ҳәм мақсетке муўапық пайдаланыў туўралы илажлар көриўге миннетледи. Автономиялы республикада съезд қарарларын әмелге асырыў бойынша үлкен жумыслар жүргизилип атыр. Жасларға улыўма билим беретуғын мектеплердиң тараўлары жылдан-жылға кеңеймекте. Егер республикада 1968/69-оқыў жылында улыўма билим беретуғын 606 мектеп болып, оларда 162 мың оқыўшы оқып, 8,8 мың муғаллим тәлим-тәрбия жумысларын жүргизген болса, 1973/74-оқыў жылының басына улыўма билим беретуғын мектеплердиң саны 775 ке жетип, оларда 221,9 мың оқыўшы болды. Олардан 7,6 мың



www.ziyouz.com kutubxonasi

адам кешки ҳәм сырттан оқыў мектеплеринде оқыды. Ал барлық улыўма билим беретуғын мектеплерде 12,6 мың муғаллим жумыс иследи. 1972/73-оқыў жылында 96960 оқыўшы барлық пәнлер бойынша „4" ҳәм „5" баҳаларына үлгерди, ал 5350 муғаллим ҳәм 195 мектеп 100 процент үлгериўге еристи. Жасларға улыўма миннетли орта билим бериўге өтиўге байланыслы орта мектеплердиң тараўын рационал орналастырыў, олардағы оқыўшылардың контингентин сақлаў ҳәм олардың толық орта мектеп курсын тамамлап шығыўын тәмийинлеў бойынша бирқанша жумыслар исленди. Мектеплердеги оқытыў ҳәм тәрбия жумысларының сапасы артты. Балаларға билим бериў жаңа программалар тийкарында жүргизилип атыр, усыған байланыслы автономиялы республикадағы оқытыў қарақалпақ ҳәм рус тиллеринде жүргизилетуғын мектеплер ушын жана программалар ҳәм сабақлықлар дүзип, баспадан шығарыў бойынша үлкен жумыслар жүргизилип, бул жумыслар 1975-жылы тийкарынан тамамланды.

Мектеплердиң материаллық-техникалық базасын беккемлеў бойынша үлкен илажлар әмелге асырылды. 1972/73-оқыў жылында республика мектеплеринде физика бойынша 369, химия бойынша 345, биология бойынша 293 ҳәм басқа да пәнлер бойынша бирқанша кабинет ҳәм лабораториялар жумыс иследи.

Оқыўшылардың дүньяға марксистлик-ленинлик көз-қарасын ҳәм коммунистлик әдеп-икрамлылық қәсийетлерин қалиплестириў мектеп ҳәм муғаллимлер коллективлериниң дыққат орайында болып киятыр.

Мектеплерде рус тилин оқытыўды жақсылаў бойынша бир қанша илажлар әмелге асырылып атыр. СССР халықлары рус тилин миллетлер арасындағы қарым-қатнас қуралы ретинде ықтыярлы түрде таңлап алды.

Мектеплердиң жоқарғы классларында басланғыш әскерий тәлимди енгизиў әскерий-патриотлық тәрбияны күшейтиў исине хызмет етти.

Партиямыз бенен ҳүкиметимиз муғаллимлердиң мийнетиниң жәмийетлик-сиясий әҳмийетин көтериў, олардың материаллық аўҳалын жақсылаў ушын мүмкин болған барлық илажларды әмелге асырып атыр. 1972/73-оқыў жылынан баслап, олардың мийнетине ҳақы төлеў орта есап пенен 20 процент арттырылды.

Партияның XXIV съездиниң елимизде халық билимлендириўин буннан былай да раўажландырыў ҳаққындағы көрсетпелерин басшылыққа алып, КПСС Орайлық Комитети менен СССР Министрлер Совети „Жасларға улыўма орта билим бериўге өтиўди питкериў ҳәм улыўма билим беретуғын мектепти буннан былай да раўажландырыў ҳаққында" ҳәм „Улыўма билим беретуғын аўыллық мектеплердиң жумыс жағдайларын буннан былай да жақсылаў илажлары ҳаққында" қарарлар, ал сегизинши шақырық СССР Жоқарғы Советиниң 1973-жыл июль айында болып өткен алтыншы сессиясы „Халық билимлендириўи ҳаққында СССР ҳәм союзлық республикалар нызамларының тийкарларын" қабыл ет-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ти. Бул документлерде елимизде халық билимлендириўин буннан былай да раўажландырыўдың ҳәм жетилистириўдиң кең программасы белгиленди.

## 2. ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ БЕРИУДИҢ РАЎАЖЛАНЫЎЫ

Жоқары ҳәм орта арнаўлы билим бериўди буннан былай да раўажландырыў, халық хожалығының ҳәрқыйлы тараўлары ушын қанийгелер таярлаў иси бәрҳә Коммунистлик партияның дыққат орайында болып келди.

Ўатандарлық урыстан бурынғы жыллары Қарақалпақстанда Мәмлекетлик муғаллимлер институты, бирнеше—педагогикалық техникум, аўыл хожалығы, финанс-планластырыў ҳәм медицина техникумлары ислеп турды.

1935-жылы Қарақалпақ муғаллимлер институтында барлығы болып, 42 студент оқыған болса, 1938-жылы оның улыўма контингенти 336 студентке жетти.

Ўатандарлық урысқа байланыслы қыйын жағдайларға қарамастан, 1944-жылы Өз КП(б) Орайлық Комитети ҳәм Өзбекстан ССР Халық Комиссарлар Советиниң қарары менен Қарақалпақ муғаллимлер институты бирлескен Мәмлекетлик педагогикалық ҳәм муғаллимлер институты болып қайта дүзилди. Сондай-ақ институтта 240 орынлық сырттан оқыў бөлими ашылды.

Педагогикалық институттың ашылыўы автономиялы республиканың жәмийетлик-сиясий ҳәм мәдений турмысында үлкен ўақыя, Коммунистлик партия менен Совет ҳүкиметиниң қарақалпақ халқының экономикасы менен мәдениятын буннан былай раўажландырыў ҳаққындағы аталарша ғамхорлығының айқын көриниси болды.

1945-жылы институт Шымбай қаласынан Нөкис қаласындағы арнаўлы салынған жайға көширилди. Бул ўақытта бирлескен педагогикалық ҳәм муғаллимлер институтында 300 ден аслам студент оқыды ҳәм 30 оқытыўшы жумыс иследи. Урыс жылларында институт 204 педагог таярлап шығарды.

Урыстан соңғы жылларда институт ири жоқары оқыў орнына айланды. Ол өзиниң ислей баслаған дәўиринде 10 мыңнан аслам муғаллим кадрларын таярлап шығарды. 1975-жылға келип Т. Г. Шевченко атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтында иштен ҳәм сырттан оқып, 5,5 мыңнан аслам адам билим алды. Институттағы 25 кафедрада 270 ке жақын оқытыўшы ислеп, олардың 70 тен асламы илим докторлары ҳәм кандидатлары болды.

Орта арнаўлы оқыў орынларында кадрлар таярлаў иси де кең раўажланып атыр. Ҳәзир автономиялы республикада төрт педагогикалық училище, төрт аўыл хожалығы техникумы, гидромелиоративлик, автомобиль-жол қурылысы, энергетикалық ҳәм қурылыс техникумлары, музыка-хореографиялық ҳәм медициналық



www.ziyouz.com kutubxonasi



Нөкис мәмлекетлик университети



www.ziyouz.com kutubxonasi

училище кәсип-техникалық училищелери, саўда экономикалық, кооперативлик техникумлары, политехникум, мәдений ағартыў техникумы—барлығы болып 20 дан аслам орта арнаўлы оқыў орны ислеп атыр.

Кәсип-техника мектеплериниң кең тараўлары автономиялы республика халық хожалығы ушын көп санлы ҳәр қыйлы канийгелер таярлап берип атыр. Ҳәзир республикада оқыўдың ҳәр-қыйлы түрлери бойынша 260 мыңнан аслам адам оқып атыр

Жергиликли халықтан қанийгели кадрлар таярлаў исинде Қарақалпақстанға РСФСР дың, Өзбекстанның, Украинаның, Белоруссияның, Қазақстанның ҳәм басқада туўысқан республикалардың көплеген жоқары оқыў орынлары үлкен жәрдем берип атыр. 1967-жылы Москвадағы жоқары оқыў орынларында Қарақалпақстаннан 100 ден аслам жигит ҳәм қызлар оқып билим алған еди. Өзбекстанның тек медициналық институтларының өзинде 1970-жылы Қарақалпақстаннан 1000 ға жақын студент оқыды.

КПСС Орайлық Комитетиниң 1974-жыл 26-февралдағы „Нөкис мәмлекетлик университетин шөлкемлестириў ҳаққында"ғы қарары партиямыз бенен ҳүкиметимиздиң автономиялы республикамызда жоқары билим бериўди, илим ҳәм мәдениятты буннан былай да раўажландырыў жөниндеги аталарша ғамхорлығының айқын гуўасы болып есапланады. Нөкис мәмлекетлик университетиниң ашылыўы қарақалпақ халқының турмысында үлкен әҳмийетке ийе ўақыя болып, елимиздеги халықлар дослығының жайнаған жеңиси ретинде салтанатлы түрде белгиленди.

Халықтың ҳәр бир он мың адамына туўры келетуғын жоқары ҳәм арнаўлы орта билимли қанийгелердин саны бойынша Қарақалпақстан АССР ы көплеген раўажланған капиталистлик еллерден озып кетти.

### 3. ИЛИМНИҢ РАЎАЖЛАНЫЎЫ

Қарақалпақстан АССР ы территориясында илим-изертлеў жумыслары орайлық ҳәм жергиликли илимий мәкемелер тәрепинен жүргизилди.

Ўатандарлық урыстан алдынғы жылларда СССР Илимлер академиясының хабаршы-ағзасы, Өз ССР Илимлер академиясының ҳүрметли академиги С. П. Толстов басқарған СССР Илимлер академиясының Хорезм археологиялық-этнографиялық экспедициясы қарақалпақ халқының ҳәм Қарақалпақстан АССР ының тарийхын изертлеў бойынша үлкен жумысларды ең жайдырып жиберди. Бул Қарақалпақстанда тарийх илиминиң раўажланыўында әҳмийетли орын тутты.

1938-жылы Қарақалпақстан АССР ы Халық билимлендириўи комиссариатының қапталынан қарақалпақ тили ҳәм әдебияты бойынша илим-изертлеў секторы шөлкемлестирилип, ол бир жылдан кейин тил ҳәм әдебият илим-изертлеў институты болып қайта дүзилди. Институт урыс басланғанға шекем ислеп, барлық күшти фашист басқыншыларына қарсы гүреске мобилизациялаў



www.ziyouz.com kutubxonasi

зәрүрлигине байланыслы жабылды. Бул илим-изертлеў институты өзинин жумыс жүргизген ўақты ишинде қарақалпақ тилиниң илимий грамматикасын дүзиў. математика, ботаника, зоология, физика, медицина ҳәм билимнин басқа тараўлары бойынша терминологиялық сөзликлер дүзиў үстинде бир қанша жумыслар жүргизди. Қарақалпақ халық творчествосынын үлгилерин жарыққа шығарыў жумыслары даўам еттирилди.

Рус графикасы тийкарында қарақалпақ тилинин жана алфавитинин ислеп шығылыўы ҳәм онын баспа сөзге ҳәм мектептеги оқытыў исине әмелий енгизилиўи Қарақалпақстанның урыстан бурынғы мәдений ҳәм сиясий турмысында әҳмийетли ўақыя болды.

1944-жылы Қарақалпақстан АССРы Халық Комиссарлары Советиниң жанындағы тил ҳәм әдебият илим-изертлеў институты өз жумысын қайтадан баслады, 1947-жылы ол Өзбекстан ССР Илимлер академиясы системасына өткерилип, усы академияның Қарақалпақстан экономика ҳәм мәдeният илим-изертлеў институты болып қайта дүзилди.

1957-жылы Қарақалпақстан экономика ҳәм мәдeният илим-изертлеў институты Комплексли илим-изертлеў институты болып қайта шөлкемлестирилди. Комплексли илим-изертлеў институтының штаты экономика ҳәм мәдeният илим-изертлеў институтының штатына қарағанда бес есеге жақын көбейди. Институттың илимий хызметкерлеринен 22 адам илимий дәрежеге ийе болды. Нәтийжеде автономиялы республикада экономика ҳәм мәдeният бойынша илим-изертлеў жумысларын терең ҳәм кең түрде жүргизиў ушын үлкен жағдай дүзилди.

Урыстан соңғы жылларда пахта ҳәм аўыл хожалығының басқа да егинлери бойынша жана сортлар дөретиўде СоюзНИХИ дың (Пүткил союзлық пахташылық илим изертлеў институты) Шымбай зоналық станциясы әдеўир табысларға ерисги. Усы станцияның селекционери Г. И. Гаврилов пахтаның узын талшықлы, тез писер ҳәм жоқары зүрәәтли КК-351, КК-602, КК-1083 ҳәм басқа да сортларын шығарды. Усы станциянын селекционери Л. С. Крживец бийдайдың, жуўеринин, сулынын, мәштин ҳәм картошканың жаңа сортларын дөретти.

Қарақалпақстан АССР ындағы илимнин көплеген актуал проблемаларын шешиў исине Москваның, Ленинградтын ҳәм Ташкенттиң илимий мәкемелери де актив қатнасты.

1944-жылдан баслап, Қарақалпақстан АССР ынын территориясында Өз ССР Илимлер академиясының Топырақ таныў институты, Өз ССР Илимлер академиясынын ҳәм Орта Азия Мәмлекетлик университетиниң Е. П. Коровин басқарған Комплексли экспедициясы үлкен илим-изертлеў жумысларын жүргизе баслады.

Урыс ўақтында өз жумысын тоқтатқан Хорезм археология-этнография экспедициясы 1945-жылы изертлеў жумысларын даўам еттирди. Бул экспедиция Қарақалпақстан АССРының, Хорезм областының, Түркменстан ССР ының ҳәм Батыс Қазақстанның территорияларында бир неше мың квадрат километрден ибарат



www.ziyouz.com kutubxonasi

кең пайтах жерде изертлеў жумысларын жүргизди. 1957-жылға келип, экспедиция усы территорияларда 600 ден аслам археологиялық ескерткишлерди ашты ҳәм изертледи.

Орайлық қалалар ҳәм туўысқан республикалар илимпазларының жәрдеми менен илимий кадрлар таярлаўда үлкен табысларға ерисилди. 1939-жылы Қарақалпақстанның өсип киятырған жас илимий кадрларының арасында биринши рет Я. М. Досумов кандидатлық диссертация жақлады. Тарийх илимлериниң докторы, Өз ССР Илимлер академиясының хабаршы ағзасы, профессор Я. М. Досумов барлық күшин ҳәм өмирин республикамызда илимди раўажландырыў исине жумсады. 1951-жылы Н. Дәўқараев филология илимлериниң докторы илимий дәрежесине диссертация жақлап шықты. Н. Дәўқараев Қарақалпақстанда илимниң раўажланыўына бахалы үлес қосты.

1959-жылы Өз КП Орайлық Комитети ҳәм Өзбекстан ССР Министрлер Советиниң қарары менен Қарақалпақстан комплексли илим-изертлеў институтының базасында Өз ССР Илимлер академиясының Қарақалпақстан филиалы дүзилди. Бул автономиялы республика турмысында үлкен ўақыя болып, Қарақалпақстанда илимниң раўажланыўы ушын кең мүмкиншиликлер ашып берди.

Филиалдың составында дәслеп тек бир институт—Қарақалпақстанда илиминиң баслаўшыларының бири болған Н. Дәўқараев атына қойылған Тарийх, тил ҳәм әдебият институты, биология профилиндеги бир неше лабораториялар ҳәм экономикалық изертлеўлер секторы болды. Соның илимий бағдарлардың кенейиўине байланыслы жанадан 9 сектор ҳәм лаборатория, ал 1966-жылы тәбият таныў илимлери Комплексли институты шөлкемлестирилди.

Қарақалпақстанда басқа да илим-изертлеў мәкемелери—Пүткил союзлық аўыл хожалығы илимлери академиясының Шымбай дийханшылық илим-изертлеў институты (Өз ССР Илимлер академиясының 1952-жылы дүзилген комплексли тәжирийбе станциясы базасында 1958-жылы шөлкемлестирилген еди), Медицина профилиндеги Өзбекстан илим-изертлеў институтының филиалы (1962-жылы дүзилген), Өзбекстан педагогика илимлери илим-изертлеў институтының филиалы (1967-жылы дүзилген), Өзбекстан саллы илим-изертлеў институтының филиалы (1967-жылы дүзилген), Өз ССР Илимлер академиясы менен Өз ССР Жоқарғы ҳәм арнаўлы орта билим бериў министрлигиниң бирлескен есаплаў орайы (1969-жылы дүзилген) ҳәм т. б. ислеп атыр.

Өз ССР Илимлер академиясының Қарақалпақстан филиалы жумыс ислеген дәўирде ондағы илимпазлар тәрепинен автономиялы республиканың экономикасы менен мәдениятының раўажланыўы ушын үлкен әҳмийетке ийе болған бир қатар проблемалар ислеп шығылды.

Жәмийетлик илимлердиң раўажланыўына филиалдың тарийхшылары, философлары, экономистлери филологлары ҳәм искусство изертлеўшилери әдеўир үлес қосты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарақалпақстанның тарийхына байланыслы Р. Қосбергеновтың „XX әсирдиң басы—XX әсирдиң ақырындағы Хийўа ханлығындағы қарақалпақлардың жағдайы“, „Қарақалпақ халқының колониаль дәўирдеги мәденияты ҳәм турмысы“, „Қарақалпақстанның Россияға қосылыўы“, С. К. Камаловтың „XVIII әсирдеги қарақалпақ—рус қатнасықлары“, „XVIII—XIX әсирлердеги қарақалпақлар“, А. В. Гудкованың „Төк қала“, Л. С. Толстованың „Хорезм оазисинен сырттағы қарақалпақлар“, В. Н Ягодиннин ҳәм Т. Хожайовтың „Әййемги Миздахкан некрополи“, Я. М. Досумовтың „Қарақалпақстан АССРы тарийхының очерклери (1917—1927-жыллар)“, У. Х. Шалекеновтың „Қарақалпақстан АССР ы мәденияты тарийхының очерклери (1917—1940-жыллар)“, И. Қосымбетовтың „Қарақалпақстан совет интеллигенциясының тарийхынан“. Қ. Аметовтың „Қарақалпақстанда совет властының аграрлық сиясаты“, Ж. Уббиниязовтың „Қол өнерментшиликтен ҳәзирги санаатқа“ С. О. Татыбаевтың „Қарақалпақстанда социализм қурыўдың тарийхый тәжирийбеси“, авторлар коллективиниң „Социализм дүзиўдиң ленинлик программасының Қарақалпақстан АССР ында әмелге асырылыўы“, „Қарақалпақстан социализмнин жеңип шығыўы ҳәм коммунистлик қурылыс дәўиринде“, М К Нурмухамедов, Т. А. Жданко. С. К. Камаловлардың „Қарақалпақлар“, С. К. Камалов, Р. Қосбергенов, И. Қосымбетов, А. Қошановлардың „Мәңгиге бирге“ сыяқлы монографиялық изертлеўлери жазылып, баспадан шығарылды. Оларда қарақалпақ халқы тарийхының әҳмийетли дәўирлери биринши рет илимий түрде баянлап берилди. Еки томнан ибарат „Қарақалпақстан АССР ы тарийхы очерклериниң“ 1964-жылы жарыққа шығыўы автономиялы республиканың мәдений ҳәм идеялық-сиясий турмысында ири ўақыя болды.

Археологлар Әмударьяның ҳәзирги дельтасының ҳәм Үстирттиң археологиялық ескерткишлерин изертлеп атыр. Сондай-ақ тарийхый ескерткишлер болған Күйик қалада, Хайўан қалада, Төк қалада ҳәм үлкен археологиялық комплекстен ибарат әййемги Миздахканда қазып изертлеў жумыслары жүргизилди. Төк қаланы қазып изертлеў ўақтында VI—VIII әсирлерге тийисли ҳәм ерте орта әсирдеги Хорезм тарийхы, тили, дини ҳәм мәденияты бойынша сийрек гезлесетуғын дерек болған ертедеги орта әсир жазыўлары табылды. Миздахкан комплексин қазып изертлеў нәтийжесинде Хорезм оазиси халықларының этногенези ҳәм тарийхы бойынша бир қатар мәселелер анықланды.

Қарақалпақ әдебияттаныў илими менен аўыз еки халық творчествосының проблемалық мәселелерине Н. Дәўқараевтың, М. Н. Нурмухамедовтың, И. Т. Сағыйтовтың, Қ. Ә. Әйимбетовтың, Қ. М. Мақсетовтың, Н. Жапақовтың, Б. Исмаиловтың, Г. Есемуратовтың, Ж. Нарымбетовтың. А. Каримовтың ҳәм т. б. мийнетлери арналды. Қарақалпақ әдебияты тарийхының актуал мәселелерине арналған бир қатар ири монографиялық мийнетлер дөретилди. ӨзССР Илимлер академиясының академиги М. К. Нур-



www.ziyouz.com kutubxonasi



Өзбекстан ССР Илимлер академиясының Қарақалпақстан филиалының Тәбият илимлериниң комплексли институтының лабораторияларының биринде.

мухамедовтың қарақалпақ совет әдебиятын изертлеўге арналған мийнетлери кеннен мәлим.

„Қарақалпақстан Совет әдебияты тарийхының очерклериниң", баспадан шығарылыўы, „Революцияға шекемги қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери"ниң ҳәм „Қарақалпақ совет халық поэтикалық творчествосы тарийхының очерклери"ниң баспаға таярланыўы үлкен жетискенлик болып табылады.

Н. Дәўқараев атындағы тарийх, тил ҳәм әдебият институты коллективиниң жүргизген жумыслары нәтийжесинде ҳәр қыйлы сөзликлердин дүзилиўи, К. Убайдуллаевтың „Ҳәзирги қарақалпақ тилиниң фонетика"сы, Д. С. Насыровтың „Қарақалпақ улыўма халықлық сөйлеў тилиниң қәлиплесиўи ҳәм оның диалектлик системасы", Е. Бердимуратовтың „Ҳәзирги заман қарақалпақ тилиниң лексикалогиясы", Х. Ҳамидовтың „Қарақалпақ тили тарийхының очерклери" соншай-ақ „Қарақалпақ тили бойынша изертлеўлер", „Ҳәзирги қарақалпақ тили (морфология)" сыяқлы бир қатар монографиялардың питкерилиўи ҳәм баспадан шығарылыўы қарақалпақ тилин изертлеў тараўындағы үлкен жетискенлик болып табылады.

Илимий атеизм мәселелерин изертлеў бойынша философлар тәрепинен әдеўир жумыслар жүргизилди. Диний қалдықларды конкрет изертлеў бойынша Ж. Базарбаев әдеўир жумыслар иследи.

Экономистлер тәрепинен автономиялы республика халық хожалығы тараўларының қанийгелесиўи ҳәм орналасыўының эко-



www.ziyouz.com kutubxonasi

номикалық тийкарлары изертленилди. К. Р. Рзаев ҳәм Ж. М. Медетуллаевтың „Қарақалпақстан аўыл хожалығы ресурсларын нәтийжели пайдаланыў проблемалары“ атлы монографиялық жумысы үлкен қызығыўшылық туўдырды.

Тәбият таныў илимлери комплексли институтының биологлары, химиклери, физиклери, геологлары териялық ҳәм практикалық әҳмийетке ийе болған көплеген актуаль мәселелер үстинде, Арал теңизи менен Әмудәрья балық запасларын сақлаў ҳәм қайта тиклеў, жасалма көллерде балық өршитиў, балықлардың кеселлениўлерине қарсы гүрес жүргизиў мәселелери бойынша, Арал әгирапының өсимлеклери менен ҳайўанатын сақлаў және байытыў ҳәм т. б. мәселелер үстинде жумыс жүргизип атыр.

Институттың илимиазлары үлкен халық хожалық әҳмийетине ийе болған бирқанша илимий мийнетлерди баспадан шығарды. Олардың ишинде авторлар коллективиниң „Әмудәрьяның төменги жағынын өсимлик ресурслары“, „Арал теңизиниң балық запаслары“, „Қарақалпақстандағы кәсиплик-аншылық ҳайўанлары“, „Қубла Арал бассейниниң балықлары ҳәм гидробиологиялық режими“, Әмудәрьяның тәбийий ресурслары“, „Қарақалпақстан ботаника бағында өсимликлерди интродукциялаўдың жуўмақлары“, О. Н. Бондаренконың „Қарақалпақстанның жоқары дәрежели өсимликлериниң анықлағышы“, Ч. А. Абдиров пенен Л. Г. Константинованың „Қарақалпақстанның ири көллериниң микробиологиялық ҳәм гидро-химиялық характеристикасы“, С. О. Османовтың „Өзбекстандағы балықларда болатуғын паразитлер“, Р. Реимовтың „Қубла Аралда жасаўшы сүт емизиўшилердиң фаунасын экологиялық ҳәм морфофизиологиялық анализлеў тәжирийбеси“, М. С. Султанмуратовтың „Орта Азия ҳәм Қазақстанда карп өсириўшылық“, Р. Тлеўов, Н. И. Сағыйтовтың „Әмудәрьяның бекире балықлары“, Х. З. Зарипов, Турсынбаев ҳәм Алланиязовтың „Қубла-шығыс Үстирттиң ог-шөплик өсимликлери“, Ж. Саманов, К. Қурбаниязов, А. Палымбетов, Ж. Ибрагимовлардың „Қарақалпақстанның геологиясы ҳәм қазылма байлықлары“ сыяқлы мийнетлерди атап өтиўге болады. СССР аўыл хожалығы министрлигиниң Қарақалпақстан дийханшылық илим-изертлеў институтының илимпазлары пахтаның тез писер, жоқары зүрәәтли, вильтке төзимли сортларын шығарыў, от-жемлик өсимликлердиң, мийўе ағашларының ҳәм палыз егинлериниң жергиликли зоналық, топырақ-климатлық жағдайларына қолайластырылған жоқары зүрәәтли сортларын табыў, пахтаның ҳәм жоңышқаның тухымын жақсылаў бойынша илим-изертлеў жумысларын жүргизип атыр. Сондай-ақ институтта пахтаны ҳәм басқа да егинлерди тәрбиялаўдың және зүрәәтти жыйнап алыўдың прогрессивлик усылларын ислеп шығыў, алмаслап егиўде жерди азықландырыў ҳәм оған ислеў бериў системасын үйрениў, жерди суўғарыў ҳәм мелиорациялаўдың, отаққа, аўыл-хожалығы егинлериниң зыянкеслерине, кеселликлерине қарсы гүресиўдиң әдеўир нәтийжели усылларын табыў пахташылықта ҳәм аўыл хожалығының басқа



www.ziyouz.com kutubxonasi



Өзбекстан ССР Илимлер академиясының академиги, Қарақалпақстан АССР ында илимге мийнети сиңген ғайраткер М. К. Нурмухамедов.



Өзбекстан ССР Илимлер академиясының хабаршы ағзасы, Өзбекстан ССР ҳәм Қарақалпақстан АССР ында илимге мийнети сиңген ғайраткер С. К. Камалов.

да тараўларында механизмлер системасын қолланыўдың нәтийжелилигин арттырыў бойынша изертлеў жумыслары жүргизилмекте. Институт автономиялы республиканың аўыл хожалығы өндирисин интенсификациялаўдың тийкарғы мәселелерин ислеп шығыў бойынша әдеўир жумыслар иследи. Пахтаның ҳәм жоңышқаның, миййўениң, палыз егинлериниң перспективалы сортлары шығарылды.

Өзбекстан салы илим-изертлеў институтының Қарақалпақстан филиалы салы атызларындағы жабайы шөплерге қарсы гүресиў, Қарақалпақстан жағдайында УзРОС—59 сортының агротехникасын үйрениў, ҳәрқыйлы минерал төгинлердиң салының зүрәәтлилигине ҳәм топырақтың составындағы дуздың муғдарының өзгериуине тәсирин үйрениў, Қарақалпақстан жағдайында салыны суўғарыўдың оптималлық режимин белгилеў, салының зиянкеслери ҳәм кеселликлерине қарсы гүресиў, салының жоқары зүрәәтли, жоқары технологиялық сапаларға ийе сортларын шығарыў мәселелерин ҳәм т. б. әҳмийетли илимий проблемаларды изертлеп атыр.

Т. Г. Шевченко атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты Әмудәрьяның дельтасындағы суўғарып егилетуғын жерлердиң мелиоративлик жағдайын жақсылаў мәселелери,



www.ziyouz.com kutubxonasi

коллектор-дренаж тараўлары проблемалары, Қарақалпақстандағы фосфоритлер тийкарында арзан төгинлер алыў, аўыл хожалық егинлеринин ҳәрқыйлы зиянкеслериниң биологиясы ҳәм т. б. мәселелер бойынша изертлеўлер жүргизди. Институтының илимпазлары Қарақалпақстан тарийхы, қарақалпақ тили ҳәм әдебияты бойынша илим-изертлеў жумысларын алып барды.



Өзбекстан ССР Илимлер академиясының хабаршы-ағзасы, Қарақалпақстан АССР ында илимге мийнети сиңген ғайраткер И. Г. Сағыйтов.

Институттың илимпазлары бир катар монографиялық мийнетлерди баспадан жарыққа шығарды. Олардың ишинде Т. И. Изимбетовтың марксистлик—ленинлик атеизм мәселелерине арналған, Г. Н. Непесовтың, К. С. Сарыбаевтың, К. Г. Шарипованың, Ш. Б. Бабашевтың, Ә. Панабергеновтың, А. Төреевтиң Қарақалпақстан ҳәм оның партия шөлкеминиң тарийхына арналған, К. Ә. Әйимбетовтың, С. А. Ахмедовтың қарақалпақ әдебияты ҳәм фольклорына арналған, А. Есемуратовтың, К. Бердимуратовтың, Т. Бекжановтың, А. О. Омаровтың тил мәселелерине арналған, Ж. А. Орымбаевтың Қарақалпақстан мектеплериниң тарийхына ҳәм педагогика мәселелерине арналған, М. Галикеевтың, А. Нурмановтың, С. Ережеповтың илимниң ҳәрқыйлы мәселелерине арналған мийнетлерин атаўға болады.

Соңғы жыллары автономиялы республикада илимий кадрлар таярлаў иси тез пәт пенен жүргизилди. 1976-жылы Қарақалпақстанда 13 илим докторы, 310 илим кандидаты болып, олардың ишинде ӨзССР Илимлер академиясының академиги М. К. Нурмухамедовтың, ӨзССР Илимлер академиясының хабаршы-ағзалары С. К. Камаловтың, И. Т. Сағыйтовтың атлары республиканың сыртында да кеңнен мәлим.

Қарақалпақстанның тәбийий ресурсларын ҳәм мәдениятын изертлеўде, илимий кадрлар таярлаў ҳәм илимди раўажландырыўда туўысқан республикалар илимпазларынан П. П. Ивановтың, С. П. Толстовтың, Е. Э. Бертельстиң, С. Е. Маловтың, Н. А. Баскаковтың, Х. М. Абдуллаевтың, И. М. Муминовтың, А. С. Садықовтың, А. М. Музафаровтың, Я. Ғ. Ғуламовтың, А. М. Акрамхожаевтың, Т. А. Жданконың ҳәм т. б. хызмети үлкен болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 4. ӘДЕБИЯТ ҲӘМ ИСКУССТВОНЫН РАЎАЖЛАНЫЎЫ

СССР дағы социалистлик қурылыстың табыслары, барлық туўсқан совет республикаларының сиясий, хожалық ҳәм мәдений турмыс тараўларындағы оғада үлкен жетискенликлери қарақалпақ халқы мәдениятының раўажланыўы ушын қолайлы жағдайлар дүзип берди.

Барлық көп миллетли совет әдебияты сияқлы қарақалпақ совет әдебияты да өзинин пайда болған ўақтынан баслап, социалистлик реализм жолына түсти, бул қарақалпақ жазыўшыларының ең жақсы шығармаларында айқын көзге түсип турады.

1939-жылы қарақалпақ жазыўшыларының екинши съезди болып өтип, ол биринши съездден кейинги дәўирдеги жазыўшылардың жүргизген жумысының жуўмағын шығарды ҳәм қарақалпақ совет әдебиятының буннан былайғы раўажланыў жолларын белгилеп берди.

Уллы Ўатандарлық урыс жылларында қарақалпақ шайырлары терең патриотизм сезимлери менен толып-тасқан шығармалар дөретти. Олардың қатарынан Ж. Аймурзаевтың „Жаўды жексен етемиз", „Ўақыт келди, славян!", „Тыңлаңызлар", „Улым, тынла", „Украина от ишинде", „Тамара", „Түркмен қызы Наржан", Д. Нәзбергеновтың „Кеширмеймиз, кек аламыз", Н. Жапақовтың „Москва", М Дәрибаевтың „Ант", Х. Сейитовтың „Жаўызлық", Ә. Турымбетовтың бир қатар қосықлары орын алады.

Урыс жылларындағы қарақалпақ поэзиясы қанхор фашизмге қарсы гүрес поэзиясы, фронт пенен тылдың бирлигинин, Коммунистлик партия тәрбиялаған совет халықларының беккем дослығының поэзиясы болды. Қарақалпақстанның көплеген жазыўшылары қолларына қурал алып, саўаш майданында душпанға қарсы гүрес жүргизди, ал олардың айырымлары—жас талантлы шайырлардан—Жумат Әбиййуллаев, Сәрсен Хожаниязов, Шәмшет Хожаниязов, Артық Шамуратов ҳәм т б. фронтта қаза тапты.

Урыс жылларындағы проза жанрында да белгили табысларға ерисилди. Өткендеги халық қаҳарманлары ҳаққындағы, Қарақалпақстанның Россия менен болған қарым-қатнаслары ҳаққындағы очерклер пайда болды, урыс темасына арналған мақалалар ҳәм гүррiңлер жарыққа шықты. Н. Дәўқараевтың „Өлимди писент етпеўшилер"и усы жыллардағы ең жақсы гүррiңлердиң бири болып есапланады. Урыс жылларындағы М. Дәрибаевтың, Ж. Аймурзаевтың. Ә. Шамуратовтың, Б. Қайыпназаровтың, Ж. Сейитназаровтың, Р. Мажийтовтың, Ә. Турымбетовтың, Михаил Быкодоровтың, Александр Волковтың ҳәм т. б. қосықлары, гүррiңлери, очерклери ҳәм фельетонлары кеңнен мәлим болды.

Көркем сөз шеберлери, белгили қарақалпақ халық шайырлары Аббаз Дабылов ҳәм Садық Нурымбетовтың халық поэзиясының терең рухы менен суўғарылған қосықлары фронттағы жаўынгерлер жәнe тылдағы мийнеткеш халық арасында күшли тәсирге ийе болды. Аббаз Дабыловтың „Нәмәрт жигит неге дәркар"



www.ziyouz.com kutubxonasi

(1943-ж.), „Шәўгүл", „Жыл киятыр", „Палўанларың киятыр" (1945-ж.), Садық Нурымбетовтың „Перзентим" (1943-ж.), „Шадлық сазы" (1941-ж.), „Орынлаў дәркар" (1944-ж.) сияқлы жүрек сезимлерин баян етиўши, терең мазмунлы қосықлары халық арасында кең таралып, ядланып айтылды.

Қарақалпақ әдебиятын раўажландырыўдағы үлкен хызметлери ушын 1942 жылы Аббаз Дабыловқа ҳәм Садық Нурымбетовқа „Қарақалпақстан халық шайыры" деген ҳүрметли атақ берилди.

Урыс дәўириниң аўыр жылларында халық шайырлары менен бирге мийнеткешлерди патриотлық рухта тәрбиялаў исинде Ешан Қосполатов, Жапақ Шамуратов, Қурбанбай Тәжибаев, Есемурат Нурабыллаев, Қияс Хайратдийнов, Қаражан Қабулов сияқлы көплеген халық бақсы-жыраўлары жемисли мийнет етти.

Қарақалпақ драматургиясында да белгили дәрежеде алға илгерилеўшилик болып, онда әскерий-қаҳарманлық тематикасы орайлық орынды ийеледи. Ж. Аймурзаев 1941-жылы „Перзент", „Коля", 1943-жылы „Лейтенант Елмуратов" атлы пьесаларын жазды. С. Хожаниязов 1944-жылы „Бизиң баҳадыр" деген пьесасын дөретти. Бул пьесалардың барлығы да Станиславский атындағы театр сахнасында қойылды.

Сүйикли халық дәстанының мотиви бойынша Н. Дәўқараев тәрепинен дөретилген „Алпамыс" пьесасының қойылыўы урыс жылларында республикадағы театр турмысында үлкен ўақыя болды.

Қарақалпақ совет әдебиятының раўажланыўында рус ҳәм СССР дағы басқа да халықлар әдебиятларының туўысқанлық өз-ара байланыслары ҳәм өз-ара тәсирлери бәрҳәма сезилип турды. Урыс жылларында Лебедов-Кумачтың қосықлары, А. Толстойдың „Бизиң уллы ата-бабаларымыз", „Биз нени қорғаймыз", М. Шолоховтың „Душпанды өшпенли жек көриў илими" сияқлы публицистикалық мақалалары, Н. Тихоновтың „Киров биз бенен" поэмасы, Ғафур Ғуламның, Хамид Алимжанның ҳәм т. б. қосықлары қарақалпақ тилине аўдарылды.

КПСС Орайлық Комитетиниң „Звезда" ҳәм „Ленинград" журналлары ҳаққындағы (1946-ж.) қарарлары ҳәм партиямыздың идеология мәселелери бойынша басқа да қарарлары қарақалпақ әдебияты менен искусствосының урыстан соңғы дәўирдеги раўажланыўында үлкен әҳмийетке ийе болды.

1953-жылы август айында Қарақалпақстан жазыўшыларының III съезди болып өтти. Съездде қарақалпақ совет әдебияты ленинлик партиялылық принципи тийкарында, социалистлик реализм жолы менен раўажланып атырғанлығы атап көрсетилди. Майда қосық ҳәм гүрриңлерден ол ири улыўмаластырыўшы полотноларға—поэмалар, пьесалар ҳәм повестлер дәрежесине өсип жетискенлиги атап өтилди.

1958-жылдан баслап Қарақалпақстан Жазыўшылар союзының органы—айына бир рет шығатуғын жәмийетлик-сиясий ҳәм көр-



www.ziyouz.com kutubxonasi



Қарақалпақстан АССР халық шайыры Ибрайым Юсупов

кем-әдебий журнал „Қарақалпақстан әдебияты ҳәм искусствосы" (1958-жылдан баслап „Әмударья") журналы және қайтадан шыға баслады. „Әмударья" журналының шыға баслаўы республиканың әдебий турмысында ири ўақыя болды.

1957-жылы Ташкентте қарақалпақ искусствосы менен әдебиятының декадасы болып өтип, ол Коммунистлик партияның ленинлик миллий сиясатының әмелге асыўы салтанатының айқын көриниси болды Декада рус, өзбек ҳәм елимиздиң басқа да туўысқан халықларының жәрдеми арқасында Қарақалпақстанның социалистлик мәденияты қандай үлкен табысларға ерискенин көрсетип берди.

50-жыллардың ақырында ҳәм 60-жыллардың басында қарақалпақ совет прозасы сезилерли дәрежеде раўажлана баслады. Республика мийнеткешлериниң турмысы ҳаққында сөз ететуғын ири романлар ҳәм повестлер пайда бола баслады. 1958-жылы Асан Бегимовтың „Балықшының қызы" ҳәм Жолмырза Аймурзаевтың „Әмударья бойында" романлары баспадан шықты.

Төлек Қайыпбергеновтың „Қарақалпақ қызы" (1962-ж.) ҳәм Кәрамаддийин Султановтың „Ақдәрья" (1962-ж.) романлары китап оқыўшылар арасында кеңнен мәлим болды. Т. Қайыпбергеновтың „Муғаллимге рахмет" (1958-ж.), А. Бекимбетовтың „Сырлы излер изинен" (1961-ж.), О. Бекбаўловтың „Тарас Аралда" ҳәм басқа да усы сияқлы повестлер қарақалпақ жазыўшыларының көп санлы повестлериниң арасында үлкен қызығыўшылық туўдырды.

И. Юсуповтың „Гүз", „Ғаррры туттағы гүз", „Сейдан ғаррының геўиши", С. Салийевтиң „Дәўримиздиң дәстаны", „Үстиртке адам келди", Ғ. Сейитназаровтың „Сен қайтып келесең, Гүлжан" шығармалары усы дәўирдеги әдеўир белгили гүррин ҳәм очерклердиң қатарынан орын алды.

Повесть ҳәм романлардың пайда болыўы, проза жанрының буннан былай да раўажланыўы—қарақалпақ әдебиятының өсип жетилисиўинен дерек береди. Қарақалпақ поэзиясының мазмуны, тематикасы, диапазоны кеңейди, шайырларымыздың шеберлиги өсти. Аббаз Дабылов 1956-жылы „Баўырманлар" атлы топламын баспадан шығарды 1957-жылы Садық Нурымбетовтың „Қамары" поэмасы жарыққа шықты. Тилеўберген Жумамуратов „Қәсийет-



www.ziyouz.com kutubxonasi



Өзбекстан ССР ҳәм Қарақалпақстан АССР халық шайыры Тилеўберген Жумамуратов.



Хамза ҳәм Бердақ атындағы сыйлықлардың лауреаты, Қарақалпақстан халық жазыўшысы Төлепберген Қайыпбергенов.

ли гәўҳар тас ҳаққында ертек", „Украйна қызы", „Кийиктиң еки ылағы" ҳәм басқа да поэмалар дөретти. Шайырлардан И. Юсупов, Х. Сейитов, Н. Жапақов, Б. Қайыпназаров, Ғ. Сейитназаров, Ж. Сейитназаров, Б. Исмаилов, Х. Турымбетов, Т. Сейитжанов, М. Сейтниязов ҳәм т. б. ҳәзирги темаға арналған қызықлы шығармалар дөретти. Бул шығармаларда совет халықларының пидәкерлик мийнети ҳәм беккем дослығы үлкен поэтикалық шеберлик пенен жырланады.

50- ҳәм 70-жылларда қарақалпақ халқының бай фольклорлық-әдебий мийрасының шығармаларынан „Қырқ қыз" (1949-ж,) „Алпамыс" (1957-ж. Қыяс жыраў варианты), „Алпамыс" (1960-ж Есемурат жыраў варианты), „Мәспатша" (1958-ж.), „Шәрьяр" (1959-ж.), „Қурбанбек" 1962-ж.), „Бөзуғлан" (1962-ж.), „Қарақалпақ ертеклери" (1956—1969-ж.ж. үш томлық), „Қарақалпақ халық қосықлары" (1963-ж.) ҳәм т. б баспадан шықты.

Усы дәўирде революцияға шекемги қарақалпақ әдебиятының классиклери—Бердақтың, Күнхожаның, Әжинияздың, Жийен жыраўдың, Омардың, Өтештиң ҳәм т. б. таңламалы шығармалары бирнеше рет жарыққа шығарылды.

Урыстан соңға дәўирде қарақалпақ әдебиятының шығармаларын рус тилине аўдарыў бир қанша өсти. Белгили қарақалпақ қаҳарманлық дәстаны „Қырқ қыз" рус, өзбек, қазақ, қырғыз ҳәм түркмен тиллерине аўдарылды.

1951—1969-жыллары Гребневтың, Некрасовтың, Шефнердиң ҳәм Скворцовтың аўдармасында Бердақтың, Жапақовтың,Х. Сейи-

www.ziyouz.com kutubxonasi

товтың, И. Юсуповтың және басқалардың шығармалары рус тилинде басып шығарылды.

Рус әдебиятының қарақалпақ тилине аўдарылып басып шығарылған шығармаларының саны жылдан-жылға өсип барды. 1917—1957-жыллары А. С. Пушкиннин, Н. В. Гогольдиң, М. Ю. Лермонтовтың, Н. А. Некрасовтың, М. Горькийдиң, В. Маяковскийдиң, А. Фадеевтиң, М. Шолоховтың, В. Катаевтың, Б. Горбатовтың, К. Симоновтың, А. Твардовскийдиң, С. Михалковтың, С. Маршактың, Н. Тихоновтың, А. Сурковтың ҳәм т б. шығармалары қарақалпақ тилине аўдарылып жарыққа шығарылды Қарақалпақ китап оқыўшылары өз ана тилинде жер жүзилик прогрессив әдебиятының ўәкиллеринен Н. Ҳикметтиң, Пабло Неруданың, Рабиндранат Тагордың ҳәм т. б. шығармаларын оқыў мүмкиншилигине ийе болды.

1958-жылы Қарақалпақстан Жазыўшылар союзының IV съезди болып, онда Қарақалпақ әдебиятын буннан былай да раўажландырыў мәселеси қаралды. Съезд прозада ири шығармалар дөретиўди кең ен жайдырыў зәрүрлигин атап көрсетти.

60—70-жылларда поэзияда И. Юсуповтың „Томарис" поэмасы, Т. Жумамуратовтың „Мәкария сулыў", Т. Сейтжановтың „Ленин мениң өмиримде", Ғ. Сейитназаровтың „Разливтеги қос" атлы шығармалары пайда болды. Б. Қайыпназаровтың, Ж. Сейитназаровтың, Х. Сейитовтың, М. Сейитниязовтың, Б. Исмаиловтың, Қ. Досановтың, Ө. Хожаниязовтың ҳәм т. б. поэтикалық шығармаларында дәўримиздиң актуал мәселелери сөз етилди және заманласларымыздың идеаллары сәўлеленди. Поэзия қатарына У. Хожаназаров, Т Мәтмуратов, К. Рахманов ҳәм т. б. талантлы жас жазыўшылар келип қосылды.

Проза тараўында Т. Қайыпбергеновтың „Маман бий әпсанасы", „Бахытсызлар", „Суўық тамшы", К. Султановтың „Әжинияз", Ю. Леонтичевтың „Адамларға ықбал инәм ет" ҳәм т. б. роман және повестлери пайда болды.

1965-жылы Қарақалпақстан Жазыўшылар союзының V съезди болып, онда исленген жумыслардың жуўмағы шығарылды ҳәм қарақалпақ әдебиятының буннан былай да раўажланыўының перспективалары доғланды.

Өз КП Областлық партия комитети менен Қарақалпақстан АССР Министрлер Совети қарақалпақ әдебияты ҳәм искусствосының раўажланыўы ҳаққында удайына ғамхорлық көрсетип киятыр. 1966-жылы әдебият ҳәм искусство тараўындағы ең жақсы шығармалар ушын республикалық Бердақ атындағы сыйлықтың енгизилиўи буның айқын дәлили бола алады.

Қарақалпақ совет әдебиятының раўажланыўында туўысқан халықлардың әдебиятлары менен творчестволық байланыслар айрықша орын тутты

1964-жылдың гүзинде болып өткен Ленинград мәдениятының күнлери автономиялы республика мәдений турмысында үлкен ўақыя болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1966-жылы Қарақалпақсганға украин, белорусс, түркмен ҳәм тәжик әдебияты менен искусствосының Өзбекстандағы декадаларының қатнасыўшылары келди.

1967-жылы декабрьдеги Хорезм областында болып өткен қарақалпақ мәденияты күнлери ҳәм 1968-жылы марттағы Хорезм мәдениятынын Қарақалпақстандағы күнлери өзбек ҳәм қарақалпақ халықларының беккем дослығының салтанатлы байрамына айланды.

1969-жылы 3-мартта Ташкентте Қарақалпақстан АССРы әдебияты ҳәм искусствосының ҳәптелиги ашылды. Қарақалпақ әдебияты ҳәм искусствосынын ғайраткерлери Өзбекстан мийнеткешлери менен үшинши рет ушырасып, бунда олар өзлериниң өсип баратырған талант ҳәм шеберликлерин көрсетти.

Белгили қарақалпақ жазыўшысы Т. Қайыпбергеновқа „Муғаллимге рахмет" повести ушын 1971-жылы Ҳамза атындағы сыйлықтың берилиўи республиканын әдебий турмысында үлкен ўақыя болды.

1969-жылы Өзбекстанда Монғолия Халық Республикасы күнлари өткерилди. Монғолия Халық Республикасы мәдениятынын ўәкиллериниң үлкен бир группасы қарақалпақ жеринде болды.

1970-жылдын май айында Қарақалпақстанда москвалы ҳәм ленинградлы жазыўшылардың бир группасы— М.В. Грибачев, А.С. Иванов, С.И Викулов, С.Л. Северцев ҳәм т. б ибарат СССР Жазыушылар союзынын делегациясы болып, республикамыздың әдебий турмысы менен танысты, қарақалпақ әдебиятының шығармаларын аўдарыў ҳәм пропагандалаў бойынша планлар белгиледи.

Қарақалпақ совет әдебиятының салмағы ҳәм абыройы жылдан-жылға өсип бармақта, ол көп миллетли совег әдебиятының бөлинбес бир бөлегине айланды.

1970-жылы Қарақалпақстан Жазыўшылар союзының VI съезди болып өтти. КПСС Орайлық Комитетиниң идеология мәселелери бойынша қарарларын басшылыққа алып, съезд қарақалпақ әдебиятын буннан былай да раўажландырыўдың конкрет илажларын белгилеп шықты.

Соңғы жыллар қарақалпақ совет әдебияты ушын жазыўшылардың идеялық-теориялық жақтан үлкен өсиўи, шығармалардың тематикалық ҳәм жанрлық жағынан әдеўир байыўы және көркемлик дәрежесинин тағы да жетилисиўи менен өзгешеленеди. Қарақалпақ әдебиятынын елимиздеги тууысқан халықлар әдебиятлары менен творчестволық байланысларынын буннан былай да ен жайыўы бул жыллардын характерли белгиси болды. Қарақалпақ әдебиятынын ең жақсы шығармалары рус, өзбек ҳәм т. б. тиллерге аўдарылып, пүткил союзлық китап оқыўшылардың ийгиликли мәплерине хызмет етип атыр ҳәм олардын әдебиятымызға, бизиң халқымызға болған үлкен қызығыўшылығын пайда етип атыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi



СССР Халық артисткасы Айымхан Шамуратова.

Т. Қайыпбергеновтың „Қарақалпақ дәстаны“ трилогиясы, Ж. Аймурзаевтың „Муҳаббатым адамлар“, Ю. Леонтичевтың „Қырлы соқпақлар“. Х. Сейитовтың „Ҳәуирли самал“ романлары, Ө. Хожаниязовтың „От ишинде“, „Қыс балладасы“ А, Бекимбетовтың „Ауыр сынақлар“, К. Султановтың „Аталар әнгемеси“, Қ. Ермановтың „Ояныў“, А. Әлиевтиң „Шынлық шежиреси“ ҳәм басқа да авторлардың роман, повесть, гүрриңлери, Т. Жумамуратовтың, И. Юсуповтың, Г. Есемуратовтың, Ғ. Сейитназаровтың, М. Сейтниязовтың, Ж. Дилмуратовтың, Х. Сапаровтың, С. Абмазовтың ҳәм т. б поэзиялық шығармалары, С. Хожаниязовтың, И. Юсуповтың, Т. Сейитжановтың. П. Тилегеновтың, К. Рахмановтың ҳәм г. б. драмалық шығармалары, М. Нурмухамедовтың, И. Сағыйтовтың, С. Ахметовтың. Б. Исмаиловтың, Ж. Нарымбетовтың ҳәм т . әдебий-критикалық мийнетлери қарақалпақ әдебиятының раўажланыўындағы соңғы жыллардағы айрықша белгили қубылыслар болды.

Қарақалпақстан жазыўшыларының 1976-жыл 8-апрельде болып өткен VII съезди партиямыздың аталарша ғамхорлығына жуўап ретинде пүткил елимиздеги көркем сөз усталары менен бирге қарақалпақ жазыўшылары да совет шынлығын терең ҳәм ҳәр тәреплеме айқын, шын мәнисинде партиялық позициядан сүўретлейтуғынлығына, советлик турмыстың әбзаллықларын, көрсетип, коммунистлик жәмийет дүзиўшилердиң ылайықлы образларын дөрететуғынлығына, мийнеткешлерди коммунистлик рухта тәрбиялаўда бәрха партияның садық жәрдемшилери болатуғынлығына беккем исеним билдирди.

30-жыллардағы халық искусствосының дәстүрли формалары менен бирге театр ҳәм музыка искусствосының жаңа форма ҳәм жанрлары буннан былайда раўажланды Қарақалпақстанда 30-жылларда пайда болған драмалық шығармалар қарақалпақ миллий театрының қәлиплесиўинде әҳмийетли роль атқарды. Бул исте белгили „Таң нуры“ драмалық труппасының хызмети айрықша болды. 1930-жылы усы труппа базасында Қарақалпақ мәмлекетлик театры шөлкемлестирилди. Театр өзи жумыс ислей баслаған 50 жылдан аслам ўақыт ишинде қарақалпақ авторларының, рус ҳәм жер жүзилик драматургияның, совет ҳәм сырт ел авторларының көплеген пьесаларын сахналастырды. Театр артист-



www.ziyouz.com kutubxonasi



К. С. Станиславский атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик театрында Шекспирдиң „Отелло"сы бойынша көрсетилген спектакльден бир көринис. Роллерде: Отелло — Өз ССР ҳәм ҚҚАССР халық артисти республикалық Бердақ атындағы сыйлықтың лауреаты Қуўатбай Абдреимов, Дездемона — Айша Жәдигерова



www.ziyouz.com kutubxonasi



Өзбекстан ССР ҳәм Қаракалпақстан АССР халық артисти, республикалық Бердақ атындағы сыйлықтың лау-реаты композитор Жапақ Шамуратов



Қарақалпақстан АССР ында искусствоға мийнети сиңген ғайраткер, республикалық Бердақ атындағы сыйлықтың лауреаты композитор Әлимжан Халимов.

лери санаат кәрханалары рабочийларының ҳәм ағыз мийнеткешлериниң қәдирли мийманлары болып, олар ушын бир неше мыңлаған гостроль концертлери ҳәм спектакльлери қойып берилди.

К. Станиславский атындағы театр коллективинде тек автономиялы республикада ғана емес, ал басқа да туўысқан республикаларда кеңнен мәлим болған СССР Халық артисткасы А. Шамуратова, Өзбекстан ССР халық артистлери Т. Алланазаров, Р. Сейитов, Ю. Мамутов, Ю. Шарипов, Г. Шеразиева, С. Авезова, Өз ССР ға хызмет көрсеткен артистлер С. Алламуратова, С. Қарабаева, ҚҚАССР халық артисти Ж. Бекмуратов ҳәм т. б. сияқлы саҳна шеберлери өсип жетисти. Жасүлкен саҳна шеберлеринин бай тәжирийбесин үйренип, жас талантлы артистлер әўлады өсип жетиспекте, Олардың қатарында-тамашагөйлерге кеңнен белгили. Қарақалпақстан АССР ының халық артистлери К. Абдреимов, Ш. Өтемуратов, Н. Ансатпаев, Д Ранов ҳәм т. б. бар.

1940-жылы Бердақ атындағы мәмлекетлик филармония ҳәм Жас тамашагөйлер театры шөлкемлестирилди.

Республикада вокаль ҳәм балет искусствосы кеңнен раўажланды. Өз ССР ҳәм ҚҚАССР халық артистлери С.Мәмбетованың, А.Атамуратованың. Өз ССР ға хызмет көрсеткен артист ҳәм ҚҚАССР халық артисти Б.Мәтчановтың, Өз ССР ға хызмет көрсеткен артистка, республикалық Бердақ атындағы сыйлықтың лауреаты З.Сапарованың, ҚҚ АССР ға хызмет көрсеткен артист-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лер П. Мадреимовтын. Б. Муратовтын ҳәм т. б. атлары кеңнен мәлим.

Республикада аяқ ойын искусствосын раўажландырыўда Өз ССР ҳәм ҚҚ АССР халық артисти Е.А. Петросованың, Өз ССР ға хызмет көрсеткен артист ҳәм ҚҚ АССР халық артисти И М. Проценконың ҳәм туўысқан өзбек халқы искусствосының басқа да көплеген ғайраткерлериниң хызметлери үлкен.

Қарақалпақстанда музыка искусствосы жылдан-жылға раўажланып баратыр. Қанийгели музыка кадрларын таярлаўда 1957-жылы дүзилген Нөкис музыка-хореография билим орны әҳмийетли орын тутады. Қарақалпақ халқының музыка мәдениятын раўажландырыў исине Ж.Шамуратов, Ә Халимов, Х. Турдықулов, Ә. Султанов ҳәм т. б. үлкен үлес қосты.

Қарақалпақ искусствосының ўәкиллери көплеген республикалық, пүткил союзлық ҳәм жер жүзилик форумларға қатнасып атыр. Мәселен, 1957-жылы қарақалпақ қосық ҳәм аяқ ойын ансамбли Москвада болып өткен жаслардың ҳәм студентлердиң VI пүткил жер жүзилик фестивалына қатнасып, II дәрежели лауреат атағын алыўға еристи, 1972-жылы қарақалпақ концерт бригадасы Югославияға барып. досларымыздың үлкен қызығыўшылығына ийе болып қайтты.

Қарақалпақстанның Россияға ықтиярлы қосылыўының 100 жыллығына бағышланып,. 1974-жылы автономиялы республикада болып өткен РСФСР әдебияты ҳәм искусствосы күнлери, Ўатанымыздың пайтахты Москвада өткерилген қарақалпақ мәденияты күнлери халқымыздың жәмийетлик-сиясий ҳәм мәдений турмысында үлкен ўақыя болды.

Бул мәденият күнлери—уллы дослық байрамы, халықлар ҳәм мәдениятлар туўысқанлығының байрамы болып өтти. Автономиялы республика мийнеткешлери туўысқан рус әдебияты ҳәм искусствосының әжайып шығармалары менен тиккелей танысып, үлкен руўхый азық алды. Қарақалпақстан әдебияты ҳәм искусствосы ўәкиллериниң Москва мийнеткешлери менен, РСФСР дың творчестволық хызметкерлери менен өткерген ушырасыўлары, П.И. Чайковский атындағы концерт залында берген концерти Совет Қарақалпақстанының жаңа социалистлик дәўир дөреткен әдебияты менен искусствосының табысларын көзден өткериў болды

1974-жылғы концерт программасындағы айрықша хызметлери ушын Б Мәтчановқа, Н. Мухаммадиновқа, Г. Сырымбетоваға, П. Мадреимовқа, Б. Муратовқа, А. Худайшукировқа ҳәм Б. Турдымуратовқа Өзбекстан ССР ының Хамза атындағы мәмлекетлик сыйлығының лауреаты атағы берилди

1975-жылдың декабрь айында елимиздеги ең ири театрлардың бири Өзбекстан ССР ының Мийнет Қызыл Байрақ орденли Әлийшер Наўайы атындағы мәмлекетлик академиялық үлкен театрының Нөкисте гастролда болыўы ҳәм өз репертуарындағы рус, өзбек және Европа опера ҳәм балетиниң, совет компози-



www.ziyouz.com kutubxonasi



Қарақалпақстанның Россияға ықтиярлы қосылыўының 100 жыллығына бағышланып Қарақалпақстанда өткерилген РСФСР әдебияты ҳәм искусствосы күнлеринин ашылыўы.



www.ziyouz.com kutubxonasi



Өзбекстан ССР ҳәм Қарақалпақстан АССР ының Мийнети сиңген искусство ғайраткери, республикалық Бердақ атындағы сыйлықтың лауреаты художник Б. И. Каменев.



Өзбекстан ССР ының Мийнети сиңген искусство ғайраткери, республикалық Бердақ атындағы сыйлықтың лауреаты художник Қ. С. Сайыпов.

торларының ең жақсы дөретпелерин тамашагөйлеримизге таныстырыўы республикамыздың мәдений турмысында белгили ўақыялардың бири болды Өзбекстан искусствосы шеберлериниң бул гастролы қарақалпақ миллий опера ҳәм балетиниң қәлиплесиўи менен раўажланыўына, халқымыздың миллий искусствосының буннан былаи да байыўына, искусство хызметкерлеринин музыкалық ҳәм атқарыўшылық өнеринин артыўына жәрдемлеседи.

Туўысқан халықлар менен мәдений байланысларды барған сайын күшейтиў, рус халқынын ҳәм елимиздеги басқа да туўысқан халықлар әдебияты менен искусствосының табысларын творчестволық үйрениў жәнe өзлестириў-партиямыздың әдебият ҳәм искусство тараўындағы алға қойған ўазыйпаларын табыслы шешиўдин, мийнеткешлерди коммунистлик рухта тәрбиялаўда әдебият және искусствоның ролин барған сайын арттырыўдың зәрүрли шәрти болып есапланады.

Қарақалпақстанның искусство хызметкерлери туўысқан халықлар сахна шеберлериниң ең жақсы үлгилеринен үйренип, өзлериниң қанийгелик шеберлигин жетилистириў үстинде творчестволық түрде жумыс жүргизип атыр.

Қарақалпақстанның театр коллективлери ҳәм концерт шөлкемлери өз қатарларын Москваның, Ленинградтың, Ташкенттиң, Алма-Атаның және басқа да қалалардағы орта арнаўлы, жоқары



www.ziyouz.com kutubxonasi



Нөкис қаласындағы Баспасөз үйи.

www.ziyouz.com kutubxonasi

оқыў орынларын питкерип келип атырған жас актерлар ҳәм музыкантлар менен жыл сайын толықтырып атыр.

Мийнеткешлерди коммунистлик рухта тәрбиялаўда кино, радио ҳәм телевидение үлкен әҳмийетке ийе. 1940-жылы Қарақалпақстанда 33, 1950-жылы 72 киноустановка болған болса, ал 1976-жылы олардың саны 300 ге жетти.

Қарақалпақстан АССР ының халық хожалығының, илиминиң-әдебияты ҳәм искусствосының тасқынлап раўажланып атырғанлығын, сондай-ақ қарақалпақ халқының турмысын кең көпшиликке толығырақ көрсетиў мақсетинде Өзбекстан ССР Министрлер Советиниң Мәмлекетлик кинемотография комитети Нөкисте „Өзкинохрониканың“ Қарақалпақстан филиалын ашыў ҳаққында қарар қабыл етти. Бул филиал 1970-жылдын 1-апрелинен өз жумысын баслады. Филиал жумысқа кирискели бери көплеген көркем фильмлер қарақалпақ тилине дубляж етилди. „Совет Қарақалпақстаны“ киножурналы шығарылып, онда автономиялы республика халық хожалығы ҳәм мәдениятының барлық тараўларында ерисилген табыслар системалы түрде көрсетилип киятыр. Өзбекстан студияларының қысқа метражлы ҳәм телевизиялық фильмлериниң 1975-жылы сентябрь айында Нөкисте болып өткен IV фестивалында Қарақалпақстан кинемотографистлеринин дөреткен „Абдуллаев шыңы“ фильми ушын сыйлық алыўға миясар болыўы автономиялы республикада кино искусствосының өсип, раўажланып киятырғанлығынан дерек береди.

Нөкисте телевидение орайының иске қосылыўы менен ҳәм Москва және Ташкент телевидениелериниң программаларын алып көрсетиўдиң жолға қойылыўы нәтийжесинде көк экранлар автономиялы республиканың ең шетки аўылларында да ислей баслады.

Урыстан соңғы бес жыллықлар дәўринде коллектив агитатор, пропагандист ҳәм шөлкемлестириўши ретинде баспасөздиң роли тағы да артты. Қарақалпақстанда 4 республикалық, 12 районлық, 3 көп тиражлы газета, „Әмудәрья“ журналы, „Агитатор блокноты“ ҳәм Өз ССР Илимлер академиясының Қарақалпақстан филиалының „Хабаршысы“ шығып турады.

„Қарақалпақстан“ баспасы ҳәр жылы массалық тиражда 230—250 атамада китаплар, плакатлар басып шығарады. Марксизм-ленинизм классиклериниң шығармалары, партия съездлеринин материаллары, сиясий ҳәм экономикалық оқыў системалары ушын окыў китаплары қарақалпақ тилинде басып шығарылады. Илимий, көркем әдебиятлар, мектеп сабақлықларын ҳәм басқа да әдебиятларды басып шығарыў жылдан-жылға көбеймекте.

Коммунистлик партия социалистлик қурылыстың барлық басқышында өзиниң жергиликли шөлкемлеринен мәдений-ағартыў мәкемелериниң жумысын халықтың мәдений раўажланыўы ҳәм билимлениўи тараўында „шын мәнисиндеги оқыў жумысларының



www.ziyouz.com kutubxonasi

көлемине сыйдырыў мүмкин болмаған барлық нәрсени..."[1] қамтый алатуғын дәрежеде бағдарлаўды талап етти.

Урыстан бурынғы жылларда Қарақалпақстандағы мәденийағартыў мәкемелери өз жумысларын әдеўир активлестирген еди

1941-жылы 25-февралда Өз КП(б) Қарақалпақстан обкомы „ҚҚ АССР Республикалық китапханасынын жағдайы ҳаққында" қарар қабыл етип, ол республикадағы мәдений-ағартыў мәкемелеринин жумысын буннан былай да жақсылаўда үлкен әҳмийетке ийе болды.

1941-жылы автономиялы республикада 176 китапхана, 121 клуб 12 парткабинет, Үлке таныў музейи, 30380 китап томына ийе Респуликалық китапхана (оның турақлы китап оқыўшыларынын саны 1157 адамға жеткерилген еди) жумыс алып барды.

Урыс жылларында мийнеткешлерге мәдений-массалық хызмет көрсетиў. аўызеки ҳәм баспасөз жүзинде агитация жүргизиў айрықша әҳмийетке ийе болды. Мәдений-ағартыў мәкемелериниң тийкарғы ўазыйпасы халыққа фронттағы ўақыялар, халық аралық аўҳал ҳаққында, Совет Армиясы жаўынгерлеринин саўаш майданларындағы ерликлери, тылдағы мийнеткешлердин пидәкерлик ислери ҳаққында системалы түрде хабарлап барыўдан ибарат болды

Клублар сиясий, илимий, техникалық, агрономиялық, әскерий билимлерди системалы пропагандалап барды. Көркем ҳәўескерлер ҳәрекетине де үлкен кеўил бөлинип, бул айрықша тәрбиялық әҳмийетке ийе болды.

Урыстан соңғы төртинши бес жыллық жылларында мәденийағартыў мәкемелеринин тараўы әдеўир өсти. Бул дәўирде республикада 12 районлық мәдeният үйи, 116 қызыл чайхана ҳәм оқыў үйлери. 11 клуб, 16 районлық-қалалық китапхана, 6 аўыллық китапхана, 2 балалар китапханасы ислеп турды.

КПСС Орайлық Комитети „Ҳәзирги заман жағдайларында партиялық пропаганданын ўазыйпалары ҳаққындағы (1960-ж.) қарарында агитациялық-пропагандалық жумыстың орайлары болыўы тийис болған мәдeният сарайлары менен үйлеринин, клублардын, китапханалардың, оқыў үйлеринин, музейлердиң, парклердиң ҳәм басқа да мәдений-ағартыў мәкемелеринин жумысларын жақсылаўға үлкен дыққат аўдарылсын, деп көрсетти.

Мәдений ағартыў мәкемелериниң жумысын күшейтиў бойынша партиялық көрсетпелерди әмелге асырып, Областлық партия комитети ҳәм ҚҚ АССР Мәдeният министрлиги және оның жергиликли органлары республикада мәдений-ағартыў мәкемелериниң тараўларын кеңейтти ҳәм олардың жумысларына дыққат бөлип барды.

---

[1] КПСС съездлер, конференциялар ҳәм Орайлық Комитет пленумларының резолюция және қарарларында. 1-бөлим. М. Мәмлекетлик сиясий әдебиятлар баспасы, 1954 ж. 733-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мәденин-ағартыў мәкемелериниң көпшилиги турмыс тәрепинен алға қойылған ўазыйпалар ҳәм талапларға сәйкес өз жумысларын қайта қурып, мийнеткешлер арасында сиясий-тәрбия жәнe мәдений-массалық жумыслар жүргизиўдиң ҳақыйқат орайларына айланды. Олардың қатарында Нөкис қаласындағы № 1 Мәдeният үйин атап көрсетиўге болады. Мәдений-ағартыў мәкемелериниң жумысларын пүткил Өзбекстан бойынша көзден өткериўдиң жуўмақлары бойынша ол „Өз ССР дағы ең жақсы мәдeният үйи" деген диплом менен наградланды.

Автономиялы республика Мәдeният министрлиги аўыллық жерлердеги мәдений-ағартыў орынларының жумысларын буннан былай да жақсылаў ҳәм олардың тараўын ен жайдырыў бойынша жәнe жумысларының ең жаңа, нәтийжели форма ҳәм усылларын енгизиўге жәрдемлесетуғын бир катар илажлар әмелге асырды. 1970-жылы автономиялы республикада 229, соның ишинде аўыллық жерлерде 60 клуб, 374 массалық китапхана, сонын ишинде аўыллық жерлерде 202 массалық китапхана жумыс иследи.

В.И. Лениншиң туўылғанына 100 жыл, СССР дың дүзилгенине 50 жыл толыўы ҳүрметине ен жайдырылған социалистлик жарыстың барысында мәдений-ағартыў мәкемелери әдеўир тәжирийбе топлады ҳәм мийнеткешлерди коммунистлик рухта тәрбиялаўда, олардың сиясий ҳәм мийнет активлигин арттырыўда белгили нәтийжелерге еристи.

Мәдений мәкемелердиң тараўы кеңейиўи менен бирге олардың материаллық базасы да әдеўир беккемленди. Мәселен, 1969-жылы клублар ҳәм мәдeният үйлери ушын тек музыка әсбапларын сатып алыўдың өзине мәмлекетлик қаржылар есабынан 15 мың манат жумсалған еди.

Республикада 208 көркем ҳәўескерлер коллективи болып, оның жартысы аўыллық жерлерде жумыс алып барды, олар өз қатарларында 1122 ҳәўескерди бирлестирди. Төрткүл районындағы Келтеминар аўыл советиндеги, Шымбай районындағы Биринши май аўыл советиндеги, Қоңырат районындағы Свердлов аўыл советиндеги, Әмудәрья районындағы Куйбышев аўыл советиндеги аўыллық клубларда лекция ҳәм докладлар, тематикалық кешелер, системалы түрде өткерип барылады, аўызеки журналлар шөлкемлестириледи, көркем хәўескерлер коллективлериниң концертлери өткериледи. Массалық ҳәм жеке жумыс жүргизиўдиң тәсирли қураллары—ленинлик оқыўлар, комсомол тойларын өткериў, пенсияға шығыўды салтанатлы белгилеў ҳәм т. б. кең қолланылады.

Республикада мәдений-ағартыў хызметкерлери кадрларын таярлаў ҳәм олардын қәнийгелигин арттырыў жолға қойылды. Усы мақсетте Өзбекстан ССР ҳәм Қарақалпақстан АССР Мәдeният министрликлеринин жанында бирнеше айлық курслар шөлкемлестирилди. Ташкенттеги Низамий атындағы институтта, искусство билим орнында жәнe 1970-жылы Нөкисте ашылған мәдений-ағартыў техникумында бул тараў бойынша кадрлар таярланады.


www.ziyouz.com kutubxonasi



Нөкистеги Искусство сарайы

www.ziyouz.com kutubxonasi

Автономиялы республикада 5 халық театры ҳәм халық ансамбли болып, олар мийнеткешлерге мәдений хызмет көрсетиўге актив қатнасады.

1966-жылы „Қырқ қыз“ ансамбли дүзилип, ол көпшиликке кеннен белгили болған, халық ансамбли деген ҳүрметли атаққа ийе. Бул коллектив-Өзбекстан комсомолы сыйлығының лауреаты.

„Қырқ қыз“ ансамбли Халық хожалығы жетискенликлериниң пүткил союзлық көргизбесине еки рет қатнасып, өз шеберлигин көрсетти, Москва дөгереги елатларындағы мийнеткешлерге бирнеше концертлер қойып берди. Ансамбль өзбек әдебияты ҳәм искусствосының Москвадағы декадасына қатнасты, даңқлы коллектив Халық хожалығы жетискенликлери көргизбесиниң еки медалы, 12 ҳүрметли дипломы менен, сондай-ақ, Өз ССР ҳәм ҚҚ АССР Жоқарғы Советлери Президиумларының Ҳүрмет грамоталары менен наградланды.

Китапханалар идеологиялық жумыстың әҳмийетли участкаларының бири болып есапланады. Олардың әҳмийети китаптың ҳәм оны пропагандалаўдың жаңа адамның қәлиплесиўинде үлкен әҳмийетке ийе болыўы менен белгиленеди.

Автономиялы республикада китапханалардың саны жылданжылға көбейип бармақта. Егер 1940-жылы республикада 195 китапхана болған болса, 1967-жылы олардың саны 348 ке, ал 1976-жылы олар 444 ке жетип. 2515,7 мың дана китап фондына ийе болды.

Рабочийлар, колхозшылар ҳәм интеллигенция арасында мәдений-ағартыў жумысларын жүргизиўде сиясий ҳәм илимий билимлерди таратыў жәмийетиниң Қарақалпақстан бөлими әҳмийетли роль атқарып киятыр. Егер оның қатарында 1950-жылы 237 лектор болған болса, ал 1972-жылы олардың саны 4000 ға жетти.

Автономиялы республикада „Билим“ жәмийетиниң 2 қалалық, 13 районлық ҳәм 251 басланғыш шөлкеми жумыс ислеп атыр. Олар мийнеткешлерди коммунистлик рухта тәрбиялаўда, халық хожалығы планларын табыслы орынлап шығыў ушын олардың сиясий ҳәм мийнет активлигин арттырыўда партия шөлкемлериниң жақын жәрдемшилери болып киятыр.

„Билим“ жәмийети ағзаларының пүткил жумысы партиямыздың ишки ҳәм сыртқы сиясатын, экономика, илим ҳәм техниканың раўажланыўы, мәденият ҳәм искусство мәселелерин, халық аралық аўҳалды мийнеткешлер массасына түсиндирип барыўға бағдарланды.

Республика мийнеткешлериниң турмысына халық университетлери беккем сиңисип кетти. Ҳәзир Қарақалпақстанда он тоғыз профильдеги ҳәм жетпис факультетке ийе 59 халық университети ислеп атыр. Оларда төрт мыңнан аслам адам билим алмақта.

Шымбай Дийханшылық илим изертлеў институты жанынан шөлкемлестирилген аўыл хожалығы билимлери халық университети В.И. Ленин туўылғанына 100 жыл толыў юбилейине арналған халық университетлериниң жумысын пүткил союзлық жәми-



www.ziyouz.com kutubxonasi

йетлик көзден өткериуге қатнасып, „Ең жақсы халық университети" деген диплом менен наградланыуға миясар болды.

1969-жылы Нөкисте Республикалық халық атеизм үйинин филиалы шөлкемлестирилип, ол атеистлик тәрбия жумысларын жүргизиуде айтарлықтай нәтийжелерге ерисип атыр. 1971-жылы илимий атеизм бойынша 2702 лекция, оқылды. Нөкис қаласындағы 3 халық илимий атеизм университетин (1970—1971 жыллары) 73 тынлаўшы питкерип шықты.

Мәдений ағартыў жумыслары системасында музейлер әҳмийетли орын тутады Олар халыкты билимлендириў ҳәм патриотлық рухта тәрбиялаў бойынша үлкен жумыслар жүргизип атыр. Автономиялы республикадағы үлке таныў музейи менен сүўретлеў искусствосы музейинде халықтың көплеген әсирлер даўамында дөретилген ғәзийнелеринин үлгилери жәмленген. Музейлердеги экспонатлар қарақалпақ халқынын өтмишин, оның езиўшилерге қарсы жүргизген гүреслерин, ленинлик миллий сиясаттын салтанатын, республиканын бүгинги күнин ҳәм келешегин баянлап береди.

Соңғы жыллары сүўретлеў искусствосы музейинин фондлары әдеўир толықтырылды. Бул жерде қарақалпақ художниклери менен скульпторларынын жана жумыслары көрсетип қойылған. Третьяков сүўрет галереясы белгили рус ҳәм өзбек қылқәлем шеберлеринин 74 шығармасын музейге саўға етип берди Бул картиналардың көпшилиги ҳәзир залларда көрсетип қойылған.

Нөкис сүўретлеў искусствосы музейи В.И. Ленин туўылғанынын 100 жыл толыўына байланыслы СССР Мәденият министрлигинин юбилей ҳүрмет грамотасын алыўға ылайық болды. Ол елимиздеги ең жақсы музейлердиң биринен есапланады.

Сүўретлеў искусствосында сезилерлик алға илгерилеўлер орын алды. Автономиялы республикада сүўретлеў искусствосын раўажландырыўда Б И. Каменев, А.К. ҳәм М.Ф. Ладурлар, Қ. Сайыпов, Қ. Бердимуратов, И.В. Савицкий, Ж. Кутлымуратов, Д. Төрениязов ҳәм басқа да художниклер менен скульпторлардың хызметлери үлкен И. Савицкийдиң, Қ. Сайыповтың, Қ. Бердимуратовтың, Д. Төрениязовтың, А. Еримбетовтын, Р. Матевосянның, Ж. Кутлымуратовтың, Серекеевтың, Ж. Бекановтын ҳәм т. б. жумыслары республикалық жәнe пүткил союзлық, ҳәтте сырт еллердеги көргизбелерде көрсетилип, олар қанийгелер ҳәм жай тамашагөйлер, сүўретлеў искусствосынын көп санлы ышқыпазлары арасында үлкен қызығыўшылық туўдырмақта. Қарақалпақ қол өнери искусствосы үлгилеринин ҳәм Қарақалпақстан художниклери жумысларынын 1969, 1970-жыллардағы Москвадағы көргизбелери үлкен табысқа ийе болды.

Мәдений ағартыў мәкемелеринин жаңа адамды тәрбиялаўдағы, коммунистлик қурылыстың уллы ўазыйпаларын әмелге асырыў бойынша тутқан орны өсип бармақта. Соңғы ўақытлары мәдений ағартыў жумысларының жаңа формалары пайда болып, олар мийнеткешлерди коммунистлик рухта тәрбиялаўда әҳмийетли орын ийелейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖУЎМАҚ

Қарақалпақстанның басып өткен тарийхый жолы В.И. Лениннин: „алдыңғы еллердиң пролетариатының жәрдеми арқасында артта қалған еллер совет дүзимине ҳәм раўажланыўдың белгили басқышлары арқалы, раўажланыўдың капиталистлик дәўрин атлап өтип, коммунизмге өте алады"[1] — деп атап көрсеткен данышпанлық сөзлерининң айқын дәлили бала алады.

Қарақалпақстан мийнеткешлери бизиң елимиздиң әдеўир раўажланған халықларының, бәринен де бурын рус халқының жәрдемине сүйенип, ески дүзимнен өзлерине мийрас болып қалған экономикалық ҳәм мәдений артта қалыўшылықты сапластырып, социалистлик жәмийет дүзиўге ериси.

Қарақалпақстанда социализм дүзиў иси улыўмалық экономикалық нызамлылықлар менен бирге өзине тән өзгешеликлерге ийе болды. Қарақалпақ халқы бизиң елимизде революцияға шекем раўажланыўдың капиталистлик дәўрин басып өтиўге ерисе алмаған халықлардың қатарында болды. Совет власты жыллары ишинде Қарақалпақстан феодализмнен, капитализм дәўрин өз басынан кеширместен-ақ, социализмге өтти.

Совет Шығысындағы басқа да туўысқан республикалар сияқлы Қарақалпақстанда социализмниң биротала жеңип шығыўы ҳәм коммунизм қурылысы марксизм-ленинизм идеяларының, Коммунистлик партияның ленинлик миллий сиясатының оғада уллы салтанатқа ерисиўи болып табылады.

Бурын артта қалған еллердиң капиталистлик емес жолдан раўажланыў мүмкиншилиги ҳаққындағы марксистлик ленинлик тәлиймат әмелге асты. Орта Азия республикалары, соның ишинде Қарақалпақстан социализмнин Шығыстағы шам-шырағына айланды. Азия ҳәм Африка халықлары ушын, жер жүзиндеги барлық езилиўши халықлар ушын рухландырыўшы үлги болып хызмет етеди.

Коммунистлик партия ҳәм Совет ҳүкимети В.И. Лениниң басшылығы астында Россиядағы барлық халықлардың сиясий, юридикалық теңлигин дағазалаў менен шекленбестен, ал олардың ис жүзинде экономикалық ҳәм мәдений жақтан теңлигин тә-

---

[1] В. И. Ленин. Шығармаларының толық жыйнағы, 41-том, 246-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

минлеў бойынша оғада үлкен жумысларды ен жайлырып жиберди.

Әмударьяның оң жағасында жасаўшы қарақалпақлар 1918-жылы Түркстан Автономиялы Совет Социалистлик Республикасы дүзилгеннен кейин, оның составына өтти, 1920-жылы бурынғы Хийўа ханлығы территориясында Хорезм Халық Совет Республикасы дүзилип, оның составына Қарақалпақстанның шеп жағалықтағы жерлери өтти.

Қарақалпақстан турмысында 1924-жылдың ақырында өткерилген Орта Азия халықларының миллий-мәмлекетлик шегараларын белгилеў үлкен ўақия болды. Совет Шығысындағы барлық халықлардың турмысындағы бул оғада әҳмийетли илаж қарақалпақлардың Совет мәмлекетлик бирлигине тийкар салды.

Қазақстан АССР ының составында Қарақалпақстан автономиялы областының дүзилиўи қарақалпақ халқының турмысында оғада әҳмийетли тарийхый ўақия болды. 1930-жылы Қарақалпақстан автономиялы областы тиккелей РСФСР составына өтти.

Социалистлик қурылыс тараўында ерисилген табыслар базасында ҳәм ленинлик миллет сиясатының избе-из әмелге асырылыўы нәтийжесинде Қарақалпақстан автономиялы областы 1932-жылы РСФСР составында Қарақалпақстан Автономиялы Совет Социалистлик Республикасы болып қайта дүзилди

1936-жылы қарақалпақ халқының турмысында тағы бир тарийхый ўақия болып өтти - СССР дың 1936-жылғы Конституциясына муўапық Қарақалпақстан АССР ы бурыннан, экономикалық ҳәм мәдений байланысларға ийе болған туўысқан Өзбекстан ССРы составына өтти. Бул өзбек ҳәм қарақалпақ халықларының турмысында үлкен сиясий әҳмийетке ийе ўақия болды.

Совет дүзими ҳәм Коммунистлик партияның дана миллий сиясаты нәтийжесинде бурынғы оғада арттағы, патриархаллық ярым көшпели хожалыққа ийе ҳәм халқы шетинен саўатсыз аграрлы елден тарийхый қысқа ўақыт ишинде жоқары раўажланған санаатқа, ири социалистлик аўыл хожалығына жәнe формасы бойынша миллетлик ҳәм мазмуны бойынша социалистлик мәдениятқа ийе гүлленген совет автономиялы республикасына айланды.

Совет Социалистлик Республикалар Союзының дүзилгенине 50 жыл толыў юбилейин Қарақалпақстан АССРы мийнеткешлери халық хожалығының ҳәм мәдениятның барлық тараўларында үлкен табысларға ерисиў менен күтип алды.

Елди социалистлик индустриаластырыў нәтийжесинде Қарақалпақстанда ҳәзирги заман энергетика, металлды қайта ислеў, ремонтлаў, пахта тазалаў, азық-аўқат ҳәм санааттың басқа да тараўлары дүзилип, олар революциядан бурынғыға қарағанда өнимди еки жүз еседен көбирек жетистирип атыр. Ленинлик электрлестириў планы Қарақалпақстанда тез пәтлер менен әмелге асырылмақта. Соңғы жыллары Тақыятас ГРЭС иниң қуўаты бес еседен асламырақ артып, ол Хорезм, Ташаўыз ҳәм азлы-кем басқа да областларды электр қуўаты менен тәминлемекте. Тас жоллар



www.ziyouz.com kutubxonasi

тараўы тез пәтлер менен раўажланып, олар арқалы бирнеше мыңлаған автомобиллер көп муғдарда ҳәр қыйлы халық хожалығы жүклерин тасымақта. Қоңырат-Бейнеў темир жол магистралы иске түсип, ол республикамыздан елимиздиң орайлық районларына баратуғын жолды мың километрден аслам қысқартыўға мүмкиншилик берди. Ал Тақыятас-Нөкис темир жолынын питкерилиўи ҳәм пайдаланыўға берилиўи үлкен әҳмийетке ийе болып, ол қарақалпақ халқының көп ўақыттан берги әрманын иске асырды. Республикамыздың пайтахты Нөкис қаласы енди Уллы Ўатанымыздың барлық қалалары менен темир жол байланысына ийе. Оныншы бес жыллықта Қарақалпақстан қалың темир жол тараўына ийе болады.

Ири қурылыс автономиялы республика халық хожалығының барлық тараўларында бурын көрилмеген дәрежеде кең ен жайып кетти. 1966 - 1970-жыллары тийкарғы фондлар буннан бурынғы бес жыллықтағыға қарағанда алпыс процент көп иске қосылды. Тоғызыншы бес жыллықта халық хожалығында 1 миллиард 360 миллион манатлық, яғный сегизинши бес жыллықтағыға қарағанда 2 еседен зият тийкарғы фонд иске қосылды. Оныншы бес жыллықта автономиялы республика халық хожалығын раўажландырыўға 2 миллиардқа жақын ири қаржы жумсалады.

Қарақалпақстан АССР ының индустриаллық раўажланыў процесинде миллий рабочий класс-қарақалпақ социалистлик миллетиниң тийкарғы ядросы ҳәм жетекши күши қәлиплесип беккемленди. Ҳәзир санаат тараўларында, транспортта ҳәм қурылыста 30 мыңнан аслам рабочийлар жумыс ислейди, яғный совет власты жыллары ишинде рабочий класстың қатары 200 еседен асламырақ өсти

Автономиялы республика рабочий класы тоғызыншы бес жыллық планды табыслы орынлап шығып, КПСС XXV съездиниң тарийхый қарарлары тийкарында оныншы бес жыллық тапсырмаларын әмелге асырыў ушын пидәкерлик пенен мийнет етип атыр. Санаат тез пәтлер менен раўажланбақта. Егер сегизинши бес жыллықта санаат өндирисиниң көлеми 24,7 % өсимге ийе болған болса, ал тоғызыншы бес жыллықта бул өсим 49,1%ти қурады.

Аўыл хожалығын коллективлестириў нәтийжесинде бурынғы оғада төмен, орта әсирлик техникаға ийе болған майда дийхан хожалықларының орнында ири, жоқары механизациялысқан социалистлик хожалықлар пайда болды.

Пахташылық Қарақалпақстан аўыл хожалығы өндирисиниң баслы тараўы болып, барлық ақшалай доходтың 88—89 проценти пахташылықтан алынбақта.

КПСС XXIII ҳәм XXIV съездлериниң қарарларына муўапық автономиялы республика партия шөлкеми менен ҳүкимети тәрепинен аўыл хожалығы өндирисин көтериў бойынша үлкен илажлар әмелге асырылды. Пахтаның зүрәәтлилигин арттырыў есабынан оның улыўма өними 1965-жылғы 260 мың тоннадан 1975-жылы 386,2 мың тоннаға шекем өсти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Пахташылықты раўажландырыў менен бирге КПСС XXIII ҳәм XXIV съездлериниң директиваларына муўапық автономиялы республиканың арқа районларында ири салыгершилик зонасы дүзилип атыр. 1970-жылы 66,8 мың тонна, „сары алтын" жетистирилген болса, ал 1975-жылы даңқлы салыкешлер 170 мың тонна салы зүрәәтин жыйнап алды.

Колхоз дүзими автономиялы республикадағы көп мыңлаған дийханлар массасын абадан турмысқа жеткерди. Бурын тек түйе соқпақлары ғана кесип өткен қаңырап жатқан мениреў сахралықларда ҳәзир кең, көгалласқан көшелерге, иши кен ҳәм жақтылы турақ жайларға, мектеплерге клубларға радиоузельлерге ийе колхоз ҳәм совхозлардың абаданласқан поселкалары көргенниң кеўлин қуўандырады. Электр, газ, водопровод, телевидение, медицина пунктлери, саўда орынлары ҳәм асханалар мийнеткешлердиң хызметинде. Совет власты жыллары ишинде, әсиресе соңғы он жыллықтын ишинде турақ жай қурылысы кен көлемде жүргизилди. 1970-жылы Қарақалпақстан АССР ында мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик шөлкемлер тәрепинен 241,5 мың, тоғызыншы бес жыллықта 2 миллион квадрат метр турақ жай салынды. Онынщы бес жыллықта 2,5 миллион квадрат метр турақ жай пайдаланыўға бериледи.

Қарақалпақстанның қалалары тез өспекте. Нөкис, Төрткүл, Беруний, Хожели, Шымбай Қоңырат, Мойнақ, Тақыятас ҳәм басқа да қалалар ири санаат ҳәм мәдений орайларына айланды.

Мәдений тараўында, халықтың пүткил рухый турмысында оғада үлкен өзгерислер әмелге асты. Коммунистлик партияның удайына аталарша ғамхорлық көрсетиўи нәтийжесинде Қарақалпақстан халқы ғалаба саўатлы, әдебият, искусство ҳәм илим кен раўажланған республикаға айланды. Нөкис мәмлекетлик университетиниң ашылыўы Қарақалпақстанның мәдений турмысындағы айрықша қуўанышлы ўақыя болып есапланады.

Қарақалпақстан АССР ы студентлердиң саны бойынша тек Шығыстағы сырт еллерден ғана емес, ал раўажланған капиталистлик еллерден де озып кетти. Халық интеллигенциясының үлкен армиясының дүзилиўи социализмниң уллы жеңислериниң бири болып табылады

Бизиң елимиздиң коммунизм қурылысы дәўрине кирисиўи СССР дағы социалистлик халықлардың бурнан былай да жақынласыўы менен сыпатланады. „Коммунизмниң материаллық-техникалық базасын дүзиў совет халықларының тағы да тығыз бирлесиўине алып келеди. Миллетлер арасындағы материаллық ҳәм рухый байлықлар менен алмасыў барған сайын интенсивли жүргизиледи, ҳәр бир республиканың коммунистлик қурылыстың улыўма исине қосқан үлеси артады"[1].

---

[1] Советлер Союзы Коммунистлик партиясының Программасы. Нөкис, Қарақалпақ мәмлекет баспасы, 1962-жыл, 220—211-бетлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарақалпақстан АССР ының экономиканы ҳәм мәдениятты раўажландырыўдағы ерискен үлкен табыслары бизиң партиямыздың көп миллетли совет мәмлекетиндеги барлық халықлардын дослығына, бирге ислесиўине ҳәм өз-ара жәрдемине тийкарланған ленинлик миллет сиясатының дурыслығынын исенимли дәлили болып есапланады

Қарақалпақстан мийнеткешлериниң ерискен табыслары уллы Ўатанымыздағы халықлардың мийтиндей беккем дослығының арқасында жүзеге келди ҳәм партиямыздын данышпан ленинлик миллий сиясатының арқасында, рус, өзбек ҳәм елимиздеги басқа да туўысқан халықлардың удайына көрсетип киятырған жәрдемлериниң нәтийжесинде қолға киргизилди.

КПСС тың елимиздеги халықлардын экономикалық, идеялықсиясий, социаллық ҳәм мәдений бирлигин беккемлеўге бағдарланған ленинлик миллет сиясаты партиямыздың XXV съездинде қабыл етилген „1976—1980-жылларда СССР халық хожалығын раўажландырыўдың тийкарғы бағдарларында" өзинин айқын көринисине ийе. „Оныншы бес жыллық план.—деп атап көрсетти КПСС Орайлық Комитетиниң Бас секретары Леонид Ильич Брежнев партия XXV съездинде жасаған Есаплы докладта,—басқа барлық бес жыллық планлар сияқлы,—бизиң уллы социалистлик Ўатанымызды қурайтуғын барлық республикалар, миллетлер ҳәм халықларды раўажландырыўдың программасы болады... Гүллән елимиздиң көлеминде бирден-бир хожалық организми — бул халықлар дослығы ҳәм бирге ислесиўиниң беккем материаллық тийкары болып есапланады"[1].

Областлық партия шөлкеми Қарақалпақстан АССР ы мийнеткешлер массасының авангарды болып, ол ҳәзир өз қатарларында 25 мыңнан аслам коммунистти-рабочий класстың, колхозшы дийханлардың ҳәм мийнет интеллигенциясының ең жақсы ўәкиллерин бирлестиреди. Сиясий басшылық етиў органы ретинде онын роли өсти, масса арасында абыройы ҳәм тәсири артты.

КПСС Орайлық Комитети менен ӨзКП Орайлық Комитетиниң басшылығы астында Қарақалпақстан партия шөлкеми кең мазмунлы жемисли жумыслар жүргизип атыр. автономиялы республикадағы барлық ийгиликли ислердиң баслаўшысы ҳәм актив шөлкемлестириўшиси болмақта.

КПСС XXV съездиниң тарийхый қарарларынан рухланған Қарақалпақстан АССРының барлық мийнеткешлери Коммунистлик партияның ҳәм оның ленинлик Орайлық Комитетинин дөгерегине тағыда тығызырақ жәмлесип, пүткил көп миллетли Совет халқы менен бирге елимизде коммунизм дүзиўдиң уллы исине өзлериниң ылайықлы үлеслерин қосады.

---

[1] Л. И. Брежнев. „КПСС Орайлық Комитетиниң есабы және партияның ишки ҳәм сыртқы сиясат тараўындағы гезектеги ўазыйпалары" „Қарақалпакстан" баспасы. Нөкис, 1976-ж, 53-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## СӘНЕ ҲӘМ ЎАҚЫЯЛАРДЫҢ ХРОНОЛОГИЯСЫ

| | |
|---|---|
| 1917-ж. 27-февраль | Россиядағы февраль буржуазиялық-демократиялық революциясының жеңиси. Патшашылықтың қулатылыўы. |
| 1917-ж., март | Петро-Александровскте РСДРП (б) шөлкеминиң пайда болыўы. |
| 1917-ж., март | Петро-Александровскте рабочий ҳәм солдат депутатлары Советиниң дүзилиўи |
| 1917-ж., 5-май | Петро-Александровск гарнизоны Әскерий комитетиниң дүзилиўи. |
| 1917-ж., 26-июль—3 август | РСДРП(б) ниң VI съезди. |
| 1917-ж., 25-октябрь (7 ноябрь) | Петроградта Уллы Октябрь социалистлик революциясының жеңиси. |
| 1917-ж., 1-ноябрь | Ташкентте Совет властының орнатылыўы. |
| 1917-ж., 3(16)-ноябрь | „Россия халықлары ҳуқуқлары Декларациясының" жәрияланыўы. |
| 1917-ж., 15—22-ноябрь | Түркстан Советлериниң III Үлке съезди ашылып, ол Түркстанда Совет властын дағазалады. |
| 1917-ж., 18-ноябрь | Солдатлар менен рабочийлар депутатлары Советлериниң, қалалық өзин-өзи басқа ыўдың. жәмийетлик комитеттиң, профсоюзлар ҳәм Петро Александровск комиссариатының бирликтеги мәжлиси |
| 1917-ж., 20-ноябрь | РСФСР Халық Комиссарлар Советиниң „Россия ҳәм Шығыстың барлық мийнеткеш мусулманларына" үндеўи. |
| 1917-ж., 28-ноябрь | Түркстан Халық Комиссарлар Советиниң қызыл гвардияшы отрядлар дүзиў ҳаққындағы қарары. |
| 1917-ж., 10-декабрь | Түркстан Халық Комиссарлар Советиниң барлық областлық Советлерге „Жергиликли Советлер дүзиў ҳаққындағы реже" арқалы үндеўи. |
| 1917-ж., 12 декабрь | Петро-Александровскте Совет властының орнатылыўы. |
| 1918-ж., 15-январь | РСФСР Халық Комиссарлар Советиниң рабочий-дийхан Қызыл Армиясын дүзиў ҳаққындағы декрети. |
| 1918-ж., январь | РСФСР Халық Комиссарлар Советиниң „Ширкеўди мәмлекеттен ҳәм мектепти ширкеўден ажыратыў ҳаққында"ғы декрети. |
| 1918-ж., 6—8-март | РКП(б) ның VII съезди |
| 1918-ж., 20-апрель | Түркстан Советлериниң V Шөлкемлестириўши үлкелик съездиниң ашылыўы, онда Түркстан Автономиялы Совет Социалистлик Республикасының дүзилгенлигиниң дағазаланыўы. |



www.ziyouz.com kutubxonasi

| | |
|---|---|
| 1918-ж., 17-май | РСФСР Халық Комиссарлар Советинин „Түркстанда суўғарыў жумысларына 50 миллион манат қаржы ажыратыў ҳәм бул жумысларды шөлкемлестириў ҳаққындағы" декрети. |
| 1918-ж., 17—25-июнь | Түрксандағы большевиклик шөлкемлерлин I үлкелик съезди. Түркстан Коммунистлик партиясының дүзилиўи. |
| 1918-ж., август | Әмудәрья бөлиминде Қызыл Армияның дәслепки әскерий бөлимшелеринин дүзилиўи. |
| 1918-ж., 31-октябрь | РСФСР Халық Билимлендериў Комиссариатының „Миллий азшылылықлардың мектеплери ҳаққындағы" қарары. |
| 1918 ж., 24-ноябрь | Әмудәрья бөлиминин территориясына Жунайыд ханның баспашы бандаларының басып кириўи ҳәм Қарақалпақстанда граждаллар урысының басланыўы |
| 1918-ж., ноябрь – декабрь | Жунайыд ханның баспашы бандаларының Төрткүл, Нөкис, Шымбай әтирапларында ҳәм т. б. жерлерде қыйратылыўы. |
| 1918-ж., 24-декабрь | Петро-Александровск большевиклериниң улыўма шөлкемлестириўши жыйналысы болып, онда Түркстан Компартиясының қалалық комитетинин сайланыўы. |
| 1919-ж., январь | РСФСР Халық Комиссарлар Советинин „РСФСР халқы арасында саўатсызлықты сапластырыў ҳаққындағы" декрети. |
| 1919-ж., 26-февраль | Әмудәрья бөлими Советиниң жаңа атқарыў комитетине сайлаўлар |
| 1919-ж., 7-31-март | ТАССР Советлеринин VII айрықша съезди. |
| 1919-ж. 18—23-март | РКП(б) ның VIII съезди. |
| 1919-ж., 2-апрель | Әмудәрья бөлимине ТАССР ының А. Ф. Христофоров басшылығындағы Айрықша комиссиясының келиўи. |
| 1919-ж., 9-апрель | Тахта қаласында Түркстан Совет ҳүкимети мемен Жунайыд хан арасында питим ҳаққында келисим дүзилиўи. |
| 1919-ж., август | 17 адамнан ибарат Айрықша комиссия ағзаларының ҳәм 14 жаўынгер-интернационалшылардың М. Фильчев басқарған контрреволюционер казаклар тәрепинен өлтирилиўи. |
| 1919-ж. 6-сентябрь—3-октябрь | ТАССР Советлериниң VIII съезди. |
| 1919-ж., 11-сентябрь | Н. А. Шайдаков басшылығында Әмудәрья революцияшыл комитетиниң дүзилиўи. |
| 1919-ж., 8-октябрь | РСФСР ВЦИК и ҳәм Халық Комиссарлар Советиниң Түркстан ислери бойынша комиссиясының (Түрккомиссияның) дүзилиўи ҳаққындағы қарары. |
| 1919-ж., 11-ноябрь | Қызыл Армияның Жунайыд хан бандаларына ҳәм ақ казакларга қарсы хүжиминиң басланыўы. |
| 1919-ж., ноябрь | В. И. Ленинниң „Түркстандағы коммунист-жолдасларға" хаты. |
| 1920-ж., 1-февраль | Хийўада халық революциясының жеңиўи. |
| 1920-ж., 18-февраль | Фильчев басқарған ақ казаклар және Хан Мақсым менен питим ҳаққындағы келисимниң дүзилиўи. Шымбай участкасында Совет властының қайта тиклениўи. |
| 1920-ж., 29-февраль | Жунайыд хан бандасының Бедеркент қапталында қыйратылыўы. |
| 1920-ж., 27-апрель | Хорезм Халық Совет Республикасының дүзилиўи. |



www.ziyouz.com kutubxonasi

| | |
|---|---|
| 1920-ж , 10-октябрь | Түркстан АССР Орайлық Атқарыў Комитетиниң Әмударья бөлимин Әмударья областы етип қайта дүзиў ҳаққындағы қарары. |
| 1920-ж. сентябрь | Орта Азия Мәмлекетлик университетиниң дүзилиўи. |
| 1921-ж., 1-март | Төрткүлде аўыл хожалығы хызметкерлериниң съезди. |
| 1921-ж., 21-март | Пүткил россиялық Орайлық Атқарыў Комитетиниң „Азық-аўқат ҳәм шийки зат разверсткасын натурал салық пенен алмастырыў ҳаққындағы" декрети. |
| 1921-ж , март | РКП(б) ның X съезди. |
| 1921-ж., 25—30-апрель | Әмударья областы Советлериниң съезди. |
| 1921-ж., 23-июнь | Әмударья областындағы жери аз ҳәм жери жоқ дийханлардың I съезди |
| 1921-ж., 25—30 июнь | Әмударья областлық I партия конференциясы. |
| 1921-ж., 10—13-июль | Әмударья областлық Советлериниң I Айрықша съезди. |
| 1921-ж , 11—20-август | Түркстан Коммунистлик партиясының VI съезди. |
| 1921-ж., 7-октябрь | В. И. Ленинниң „Арал теңизиндеги рабочий, балықшы жолдасларға" үндеўи. |
| 1922-ж., 11-январь | РКП(б) Орайлық Комитетиниң „Түркстан Компартиясына" хаты. |
| 1922-ж., февраль | Әмударья областлық II партия конференциясы. |
| 1922-ж., 27-март—2 апрель | РКП(б) ның XI съезди |
| 1922-ж., июль | Советлердиң III Пүткил Хорезм қурылтайы. |
| 1922-ж., 1-ноябрь | Әмударья областлық Советлериниң VIII съезди. |
| 1922-ж., 30-декабрь | Советлердиң Пүткил союзлық I съезди. СССР дың дүзилиўи. |
| 1923-ж., март | Түркстан Коммунистлик партиясының VII съезди |
| 1923-ж., апрель | РКП(б) ның XII съезди |
| 1923-ж., октябрь | Советлердиң IV Пүткил Хорезм қурылтайы. Хорезм Халық Совет Республикасының Хорезм Совет Социалистлик Республикасы болып қайта дүзилиўи. |
| 1923-ж., 16 ноябрь | Әмударья областлық Советлериниң IX съезди. |
| 1924-ж., 21-январь | В. И Лениниң қайтыс болыўы. |
| 1924-ж , март—апрель | Әмударья областлық IV партия конференциясы. |
| 1924-ж., май | Түркстан Коммунистлик партиясының VIII съезди |
| 1924-ж., 12 июнь | РКП(б) Орайлық Комитетиниң „Орта Азия республикаларының (Түркстан, Бухара, Хорезм) миллий шегараланыўы ҳаққында"ғы қарары. |
| 1924-ж., 5—6-сентябрь | Жергиликли халық ҳаял-қызларының уездлик-қалалық конференциясы. |
| 1924-ж. 29-сентябрь – 2-октябрь | Советлердиң V Пүткил Хорезм қурылтайы. |
| 1924-ж., 14-октябрь | Советлердиң Пүткил союзлық Орайлық Атқарыў Комитетиниң Екинши сессиясының Әмударья областын Түркстан АССР ы составынан бөлип алыў ҳаққында ҳәм Қазақстан АССР ы составында Қарақалпақстан Автономиялы областын дүзиў ҳаққындағы қарары. |
| 1925-ж., январь | РКП(б) Орайлық Комитетиниң „Шығыстың рабочий, дийхан ҳәм мийнеткеш ҳаял-қызлары арасында жүргизилетуғын жумыс бойынша партияның гезектеги ўазыйпалары ҳаққындағы" қарары. |
| 1925-ж., 12—19-февраль | Советлердиң Шөлкемлестириўши съезди ҳәм Қарақалпақстан Автономиялы областының дүзилиўи. |



www.ziyouz.com kutubxonasi

| | |
|---|---|
| 1925-ж., 19—23-октябрь | Қарақалпақстан автономиялы областлық Биринши партия конференциясы. |
| 1925-ж., декабрь | ВКП (б) ның XIV съезди. |
| 1925-ж., | Төрткүл ҳәм Шымбай ун қаразларының пайдаланыўға берилиўи. |
| 1927-ж., 13–16-март | Қарақалпақстан Автономиялы областы Советлериниң II съезди. |
| 1927-ж., октябрь | Қарақалпақстан областлық III партия конференциясы. |
| 1927-ж., декабрь | ВКП (б) ның XV съезди. |
| 1927-ж. | Хожели пахта тазалаў заводының иске қосылыўы. |
| 1928-ж., 17-август | Қазақстан АССРы Орайлық Атқарыў Комитетиниң „Байлардың жерден пайдаланыўға байланыслы мал мүлкин конфискалаў ҳаққындағы" декрети. |
| 1928-ж., декабрь | Шығыстағы ҳәм миллий азшылықлардағы ҳаял-қызлар арасында жумыс жүргизетуғын хызметкерлердиң IV Пүткил союзлық кеңеси. |
| 1929-ж., 19-январь | Қарақалпақстан областлық IV партия конференциясы. |
| 1929-ж., 23-февраль—6-март. | Қарақалпақстан Автономиялы областы Советлериниң III съезди. |
| 1929-ж., апрель | XVI партия конференциясында СССР дың халық хожалығын раўажланлырыўдың биринши бес жыллық планының (1928—1932-ж ж.) қабыл етилиўи. |
| 1930-ж., 5-январь | ВКП (б) Орайлық Комитетиниң „Коллективлестириўдиң пәти ҳәм мәмлекеттиң колхоз қурылысына жәрдем бериў иләжлары ҳаққындағы" қарары. |
| 1930-ж., 1-февраль | СССР Орайлық Атқарыў Комитети менен Халық Комиссарлар Советиниң „Ғалаба коллективлестириў жүргизилип атырған районларда аўыл хожалығын социалистлик қайта қурыўды беккемлеў ҳәм кулакларға карсы гүрес жүргизиў бойынша иләжлар „ҳаққында" ғы қарары. |
| 1930-ж., 14-март | ВКП (б) Орайлық Комитетиниң „Колхоз ҳәрекетинде партияның жолын бурмалаўларға қарсы гүрес ҳаққында" ғы қарары. |
| 1930-ж., 18-май | Қарақалпақстан областлық V партия конференциясы. |
| 1930-ж., 26 июнь—13-июль | ВКП (б) ның XVI съезди. |
| 1930-ж., 20-июль | РСФСР Орайлық Атқарыў Комитетиниң Қарақалпақстан Автономиялы областын Қазақстан АССР ының қараўынан алып, тиккелей РСФСР составына өткериў ҳаққындағы қарары. |
| 1930-ж., 25-июль | ВКП (б) Орайлық Комитетиниң „Ғалаба миннетли баслаўыш билим бериў ҳаққындағы" қарары. |
| 1930-ж., декабрь | Қарақалпақ мәмлекетлик театрының ашылыўы. |
| 1931-ж., 30-июль | СССР Халық Комиссарлар Совети менен ВКП(б) Орайлық Комитетиниң „Социалистлик жарысты ең жайдырыў ҳаққында" ғы қарары |
| 1931-ж., ноябрь | Шымбай пахта тазалаў заводының иске қосылыўы. |
| 1931 ж. | Қарақалпақ комплексли илим-изертлеў институтының ашылыўы. |
| 1932-ж, январь | Қарақалпақстан профсоюзларының III съезди. |
| 1932-ж., март | Пүткил союзлық Орайлық Атқарыў Комитетиниң Қарақалпақстан Автономиялы областын Қарақал- |



www.ziyouz.com kutubxonasi

| | |
|---|---|
| | пақстан Автономиялы Совет Социалистлик Республикасы етип қайта дүзиў ҳаққындағы қарары. |
| 1932 ж., 25—29 май | Қарақалпақстан АССРы Советлериниң Шөлкемлестириўши съезди. |
| 1932-ж. | Мойнақ ҳәм Шымбай типографияларының және Төрткүл гөш комбинатының иске қосылыўы. |
| 1933-ж., февраль | Ылғаллы колхозшылардың I Пүткил союзлық съезди. |
| 1933-ж., март | Қарақалпақстанның өндириўши күшлерин үйрениў бойынша Ленинград қаласында болып өткен I конференция. |
| 1933-ж., сентябрь | Қарақалпақстан ылғаллы колхозшыларының I съезди. |
| 1933-ж. | Төрткүл ун қаразының пайдаланыўға берилиўи. |
| 1934-ж., 26-январь — 10-февраль | ВКП (б) ның XVII съезди. Съездиң „СССР халық хожалығын раўажландырыўдың екинши бес жыллық планы (1933 — 1937-ж.ж.) ҳаққындағы" резолюциясы. |
| 1934-ж., январь | Қарақалпақстан АССРы гедейлериниң I съезди. |
| 1934-ж., июнь | Қарақалпақстан жазыўшыларының I съезди. |
| 1934-ж. | Төрткүл электростанциясының ҳәм Нөкис жоңышқа туқым тазалаў заводының иске қосылыўы. |
| 1935-ж., февраль | СССР Халық Комиссарлар Советиниң ҳәм ВКП(б) Орайлық Комитетиниң „Хорезм оазисинде пахташылықты ҳәм жоңышқа туқым таярлаўды раўажландырыў бойынша илажлар ҳаққында"ғы қарары. |
| 1935-ж., ноябрь | Стахановшылардың Москвадағы Пүткил союзлық кеңеси. |
| 1935-ж., 19-декабрь | Партия ҳәм ҳүкимет басшыларының Өзбекстан, Қазақстан және Қарақалпақстан АССР ының колхозлары алдыңғылары менен кеңеси. |
| 1935-ж., 26-декабрь | Қарақалпақстанның санаат өндирисиндеги стахановшылардың биринши республикалық кеңеси. |
| 1935-ж. | Соңынан Қарақалпақстан мәмлекетлик педагогикалық институты болып қайта дүзилген Қарақалпақстан мәмлекетлик муғаллимлер институтының ашылыўы. |
| 1935-ж. | „Қыз кеткен" каналының иске қосылыўы. |
| 1936-ж., 29-июль | СССР Халық Комиссарлар Советиниң Орта Азия дәрья транспортын раўажландырыў бойынша илажлар ҳаққындағы" қарары. |
| 1936-ж., 25-ноябрь — 5-декабрь | Советлердиң Пүткил союзлық Айрықша VIII съезди, онда СССР Конституциясының қабыл етилиўи Қарақалпақстан АССР ының РСФСР составынан Өзбекстан ССРы составына өтиўи. |
| 1936-ж. | Қарақалпақстанның стахановшы-қурылысшыларының биринши республикалық кеңеси. |
| 1937-ж., 12-февраль | Өзбекстан ССР ы Советлериниң Айрықша VI съезди. Өзбекстан ССР ы Конституциясының қабыл етилиўи. |
| 1937-ж. 23-март. | Қарақалпақстан АССР ы Советлериниң Айрықша III съездинде Қарақалпақстан АССР ы Конституциясының қабыл етилиўи. |
| 1937-ж., апрель | ВКП (б) Орайлық Комитетиниң ВКП (б) Қарақалпақстан областлық партия шөлкемин Өзбекстан Коммунистлик партиясының составына қосыў ҳаққындағы қарары. |
| 1937-ж., май | Қарақалпақстан областлық VII партия конференциясы. |



www.ziyouz.com kutubxonasi

| | |
|---|---|
| 1937-ж., 12-декабрь | СССР Жоқарғы Советине сайлаўлар. |
| 1937-ж. | Нөкис гербиш заводының ҳәм Хожели кеме ремонтлаў устаханасының ислеп турған кәрханалар қатарына қосылыўы. |
| 1938-ж., 30-май—2-июнь | Қарақалпақстан областлық VIII партия конференциясы. |
| 1938-ж., 25-июль | Қарақалпақстан АССРы Жоқарғы Советине сайлаўлар. |
| 1938-ж. | Қоңырат пахта тазалаў заводының пайдаланыўға берилиўи. |
| 1939-ж., 25—27-февраль | Қарақалпақстан областлық IX партия конференциясы. |
| 1939-ж., 10—21 март | ВКП (б) ның XVIII съезди. |
| 1939-ж, 27-май | ВКП (б) Орайлық Комитети менен СССР Халық Комиссарлар Советинин „Колхозлардағы жәмийетлик жерлерди талан-тараж етиўден қорғаў илажлары ҳаққындағы“ қарары. |
| 1939-ж., 1-август. | Москвада Пүткил союзлық аўыл хожалығы көргизбесиниң ашылыўы, онда Қарақалпақстан аўыл хожалығы өнимлериниң үлгилериниң көрсетилиўи. |
| 1939-ж. 22-декабрь | ВКП (б) Орайлық Комитети менен СССР Халық Комиссарлар Советинин „Өзбекстанда пахташылықты буннан былай да көтериў бойынша илажлар ҳаққында“ ғы қарары |
| 1939-ж, 29-декабрь | СССР дың жаңа Конституциясы тийкарында Қарақалпақстан АССР ындағы мийнеткешлер депутатларының жергиликли Советлерине сайлаўлар. |
| 1940-ж., март | Қарақалпақстан областлық X партия конференциясы. |
| 1940-ж., 10-декабрь | ВКП (б) Орайлық Комитети менен СССР Халық Комиссарлар Советиниң „Өзбекстанда пиллешиликти буннан былай да көтериў бойынша илажлар ҳаққында“ғы қарары. |
| 1940-ж. | В. И. Ленин атындағы каналдың, Мойнақ балық консерва комбинатының ҳәм Нөкис ағаштан зат ислеў фабрикасының пайдаланыўға берилиўи. |
| 1941-ж., 22-июнь | Фашистлик Германияның Советлер Союзына тосыннан топылыс жасаўы, совет халқының немец-фашист басқыншыларына қарсы Уллы Ўатандарлық урысының басланыўы. |
| 1941-ж., 30-июнь | Мәмлекетлик Қорғаныў Комитетиниң дүзилиўи. |
| 1941-ж., ноябрь | Өз КП Қарақалпақстан обкомының VI пленумы. |
| 1941-ж., 24—25-декабрь | Өз КП Қарақалпақстан обкомының VII пленумы |
| 1943-ж., август | Стахановшы ҳаял-қызлардың конференциялары. |
| 1943-ж. | Нөкис мотор ремонтлаў заводының, Шаббаз ҳәм Тахтакөпир пахта тазалаў заводларының пайдаланыўға берилиўи. |
| 1944-ж., 6-март | ВКП (б) Орайлық Комитетиниң „Өзбекстанда пахташылықты қайта тиклеў ҳәм раўажландырыў илажлары ҳаққында“ ғы қарары. |
| 1944-ж., апрель | Өзбекстан КП (б) Орайлық Комитетиниң X пленумы. |
| 1944-ж., 24-декабрь | Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Советиниң юбилей сессиясының ашылыўы. |
| 1945-ж, январь | Өзбекстан пахтакешлериниң II құралтайы. |
| 1945-ж. январь | Төрткүлде алдыңғы пахтакешлердиң болып өткен слеты. |
| 1945-ж., 5-февраль | Алдыңғы пахтакешлердиң II республикалық кеңеси. |
| 1945-ж., 9-май | Фашистлик Германия үстинен ерисилген жеңис. |



www.ziyouz.com kutubxonasi

| | |
|---|---|
| 1945-ж., 14-июль | ВКП (б Орайлық Комитети менен СССР Халық Комиссарлар Советиниң „Өзбекстанда пахташылықты қайта тиклеў, ҳәм буннан былай да раўажландырыў бойынша илажлар ҳаққында" ғы қарары. |
| 1945-ж. | Өзбекстан КП(б) Орайлық Комитетиниң XII пленумы. |
| 1946-ж., 2-февраль | СССР Халық Комиссарлар Советиниң „Өзбекстанда 1946—1953-жыллар дәўиринде пахташылықты қайта тиклеў, буннан былай да раўажландырыў планы ҳәм илажлары ҳаққындағы" қарары. |
| 1946-ж., 10-февраль | Екинши шақырық СССР Жоқарғы Советине сайлаўлар. |
| 1946-ж., 16 февраль | Өзбекстан пахтакешлериниң III қуралтайы. |
| 1946-ж., март | СССР Жоқарғы Советиниң „1946—1950-жылларда СССР халық хожалығын қайта тиклеў ҳәм раўажландырыўдың бес жыллық планы ҳаққында ғы' нызамды қабыл етиўи. |
| 1946-ж. сентябрь | СССР Министрлер Совети менен ВКП (б) Орайлық Комитетиниң „Колхозларда аўыл хожалық артели уставын бузыўларды сапластырыў бойынша илажлар ҳаққындағы" қарары. |
| 1946 ж. | Хожели ҳәм Қоңырат май заводларының пайдаланыўға берилиўи. |
| 1947-ж., 16-февраль | Өзбекстан ССРы ҳәм Қарақалпақстан АССР ы Жоқарғы Советлерине сайлаўлар. |
| 1947-ж. | Сиясий ҳәм илимий билимлерди таратыў бойынша жәмийеттиң Қарақалпақстан бөлиминиң ашылыўы. |
| 1947-ж. | Қарақалпақстан АССР Министрлер Советиниң „Чаржоў—Қоңырат темир жолының қурылысына таярлық бойынша илажлар ҳаққындағы" қарары. |
| 1948-ж. | Өз КП Орайлық Комитетиниң „Республикада ҳаял-қызлар арасындағы жумыстың жағдайы ҳәм оны жақсылаў илажлары ҳаққындағы" қарары. |
| 1948-ж. | Нөкис электростанциясының, машина ремонтлаў заводының, пиво қайнатыў заводының ҳәм Шымбай май заводының пайдаланыўға берилиўи |
| 1949-ж., 17—18 январь | Қарақалпақстан областлық XI партия конференциясы. |
| 19 0 ж., 7-июнь | СССР Министрлер Советиниң „Майда колхозларды ирилендириў ҳаққында"ғы қарары |
| 1950-ж., декабрь | Қарақалпақстандағы мийнеткешлер депутатларының жергиликли Советлерине сайлаўлар. |
| 1952-ж., 15-июнь | Чаржоў — Хожели темир жолының пайдаланыўға берилиўи. |
| 1952-ж., 5—14-октябрь | КПСС тың XIX съезди. |
| 1953-ж., сентябрь | КПСС Орайлық Комитетиниң „СССР дың аўыл хожалығын буннан былай да раўажландырыў илажлары ҳаққында"ғы қарары. |
| 1953-ж., ноябрь | Өз КП Қарақалпақстан областлық партия комитетиниң IX пленумы |
| 1953-ж., 25-декабрь | Өз КП Қарақалпақстан областлық партия комитетиниң X пленумы |
| 1954-ж., январь | Өзбекстан аўыл хожалығы алдынғыларының X қуралтайы. |
| 1954-ж., 15—17-февраль | Өзбекстан Коммунистлик партиясының XII съезди |
| 1954-ж., февраль | Қарақалпақстан областлық XIV партия конференциясы. |



www.ziyouz.com kutubxonasi

| | |
|---|---|
| 1954-ж. февраль | КПСС Орайлық Комитети менен СССР Министрлер Советинин „1954—1958-жылларда Өзбекстан ССР ында пахташылықты буннан былай да раўажландырыў ҳаққында"ғы қарары |
| 1954-ж., август | Москвада Пүткил союзлық аўыл хожалығы көргизбесиниң ашылыўы, онда Қарақалпақстан АССРы аўыл хожалығы өнимлеринин үлгилеринин көрсетилиўи. |
| 1955-ж., 9-март | КПСС Орайлық Комитети менен СССР Министрлер Советинин „Аўыл хожалығын планластырыў практикасын өзгертиў ҳаққында" ғы қарары |
| 1955-ж., 13-сентябрь | Өз КП Орайлық Комитети менен Өзбекстан ССР Министрлер Советиниң „Республика колхозлары ҳәм совхозларында бағшылықты ҳәм жүзимгершиликти қайта тиклеў ҳәм буннан былай да раўажландырыў ҳаққында"ғы қарары. |
| 1956-ж., 26—28-январь | Өзбекстан Коммунистлик партиясының XIII съезди. |
| 1956-ж., январь | Қарақалпақстан областлық XV партия конференциясы. |
| 1956-ж., 14-февраль | КПСС Орайлық Комитети менен СССР Министрлер Советинин „Аўыл хожалығы бойынша илим-изертлеў мәкемелеринин жумысын жақсылаў илажлары ҳаққында"ғы қарары. |
| 1956-ж., 14—25-февраль | КПСС тың XX съезди. |
| 1956-ж., 25 март | Нөкисте алдынғы пиллекешлердиң республикалық кеңесинин ашылыўы. |
| 1956-ж., 11-август | КПСС Орайлық Комитети менен СССР Министрлер Советиниң „Пахта жетистириў ҳәм таярлаўда материаллық стимулластырыўды буннан былай да арттырыў бойынша илажлар ҳаққында"ғы қарары. |
| 1957-ж., 3-март | Қарақалпақстан АССР ындағы мийнеткешлер депутатларынын жергиликли Советлерине сайлаўлар |
| 1957-ж., март | Қарақалпақстан аўыл хожалығы алдынғыларының XII құралтайы. |
| 1957-ж., июнь | Өз КП Қарақалпақстан областлық партия комитетиниң VII пленумы. |
| 1957-ж, 30-сентябрь | Қарақалпақстаннын алдынғы шарўаларынын республикалық кеңесинин ашылыўы. |
| 1957-ж. | КПСС Орайлық Комитети менен СССР Министрлер Советиниң „Өзбекстан ССР ында жаңадан 63 совхоз шөлкемлестириў ҳаққындағы" қарары |
| 1958-ж, март | СССР Жоқарғы Совети Президиумының „Машина трактор станцияларын (МТС) ремонт-техникалық станциялары етип (РТС) қайта шөлкемлестириў ҳаққында" нызам қабыл етиўи. |
| 1958-ж., 29—30-декабрь | Қарақалпақстан областлық гезексиз XVII партия конференциясы. |
| 1958-ж., | Нөкис темир-бетон ҳәм гербиш заводларының пайдаланыўға берилиўи. |
| 1959-ж., 27-январь—5-февраль | КПСС тың гезексиз XXI съезди. |
| 1959-ж., 1-март | Қарақалпақстан АССР ындағы мийнеткешлер депутатларының жергиликли Советлерине сайлаўлар. |
| 1959-ж., 25-июль | Өз КП Орайлық Комитети менен Өзбекстан ССР Министрлер Советинин „Өз ССР Илимлер академиясынын Каракалпақстан филиалын шөлкемлестириў ҳаққындағы" қарары. |



www.ziyouz.com kutubxonasi

| | |
|---|---|
| 1959-ж., 5-декабрь | СССР Жоқары Совети Президиумынын Қарақалпақстан АССРын Ленин ордени менен наградлаў ҳаққындағы Указы. |
| 1960-ж, 28— 9-январь | Қарақалпақстан областлық XVIII партия конференциясы. |
| 196 -ж | Қарақалпақстан АССРы аўыл хожалығы алдынғыларынын II қуралтайы. |
| 1960-ж | Нөкис силикацит заводынын. Нөкис макарон фабрикасынын ҳәм Төрткүл электростанциясыны пайдаланыўғы берилиўи |
| 1961-ж 1-март | Қарақалпақстан АССР ындағы ми цеткешлер депутатларынын жергиликли Советлерине сайлаўлар. |
| 1961-ж., март | Қарақалпақстан ҳаял-қызларынын 1-съезди. |
| 1961 ж., 8-сентябрь | Қарақалпақстан областлық XIX партия конференциясы. |
| 1961 ж., 8-сентябрь | Тақыя тас ГРЭС инин биринши гезегинин иске қосылыўы. |
| 1961 ж. сентябрь | Өзбекстан Коммунистлик партиясынын XVI съезди. |
| 1961-ж., 17—31 октябрь | КПСС тын XXII съезди |
| 1961 ж | Ча жоў—Қонырат темир жолынын пайдаланыўға берилиўи. |
| 1962-ж. 18 март | Алтыншы шақырық СССР Жоқарғы Советине сайлаўлар. |
| 1963-ж. март | Қарақалпастан АССР ындағы мийнеткешлер депутатларынын жергиликли Советлерине сайлаўлар. |
| 1963-ж. 25-ноябрь | Бухара—Урал газопроводынын биринши гезегинин пайдаланыўға берилиўи |
| 1963-ж., 23—24-декабрь | Қарақалпақстан областлық XX партия конференциясы. |
| 1963-ж. | Төрткүл пахта тазалаў заводынын пайдаланыўға берилиўи. |
| 1964-ж., ноябрь | Өз ССР дын. Өзбекстан Компартиясынын ҳәм Қарақалпақстан АССР ынын 40 жыллығынын байрамланыўы. |
| 1965-ж., март | Қарақалпақстан АССР ындағы мийнеткешлер депутатларынын жергиликли Советлерине сайлаўлар. |
| 1965-ж. 1-февраль | Қарақалпақстан областлық XXI партия конференциясы. |
| 1966-ж., 3—5-март | Өзбекстан Коммунистлик партиясынын XVII съезди. |
| 1966-ж.. 29-март -8-апрель | КПСС тын XXIII съезди. |
| 1966 ж. | Тақыя тас темир-бетон өнимлери заводынын ҳәм Нөкис полиграфкомбинатынын реконструкцияланып пайдаланыўғы берилиўи. |
| 1967-ж. февраль | Өз КП Қарақалпақстан Областлық партия комитетинин VI пленумынын „Уллы Октябрь социалистлик революциясынын 50 жыллығына таярлық ҳаққындағы қарары. |
| 1967-ж. | Тақыя тас ГРЭС инин үшинши гезегинин ҳәм Султан Ўәйис таўдағы тас майдалаўшы ҳәне сортқа айырыўшы заводтын пайдаланыўға берилиўи. |
| 1968-ж. 14-февраль | Қарақалпақстан областлық XXII партия конференциясы. |



www.ziyouz.com kutubxonasi

| | |
|---|---|
| 1968-ж., 23-июль | КПСС Орайлық Комитетиниң „Владимир Ильич Лениннин туўылғанынын 100 жыллығына таярлық ҳаққында"ғы қарары. |
| 1968—1970-жыллар | Халқабад пахта тазалаў заводының, Хожели сүт-май заводынын ҳәм Нөкис консерва заводынын иске қосылыўы. |
| 1969-ж., ноябрь | Москвада колхозшылардын пүткил союзлық III съездиниң болып өтиўи ҳәм онда аўыл хожалығы артелиниң Үлгили Уставының қабыл етилиўи. |
| 1970-ж. 21—22 апрель | КПСС Орайлық Комитетиниң. СССР Жоқарғы Советинин ҳәм РСФСР Жоқарғы Советиниң Владимир Ильич Лениннин туўылғанының 100 жыллығына арналған бирликтеги салтанатлы мәжлиси. |
| 1971-ж., январь | Қарақалпакстан областлық XXIII партия конференциясы. |
| 1971-ж., 30-март — 9 апрель | КПСС тын XXIV съезди. |
| 1972-ж.. 5-декабрь | КПСС Орайлық Комитетиниң, СССР Министрлер Советинин, ВЦСПС ҳәм ВЛКСМ Орайлық Комитетинин „1973-жылы аўыл хожалығы хызметкерлериниң Пүткил союзлық социалистлик жарысын ен жайдырыў ҳәм дән ҳәм дийханшылықтын баска да өнимлерин жетистириў ҳәм таярлаўды көбейтиў ҳаққындағы" қарары. |
| 1972-ж., 21—22-декабрь | КПСС Орайлық Комитетиниң. СССР Жоқарғы Советиниң ҳәм РСФСР Жоқарғы Советиниң СССР дын дүзилгенинин 50 жыллығына арналған бирликтеги салтанатлы мәжлиси. |
| 1972-ж., 29-декабрь | СССР Жоқарғы Совети Президиумынын Қарақалпақстан АССР ын Халықлар Дослығы ордени менен наградлаў ҳаққындағы Указы. |
| 1972-ж. | Қоңырат—Бейнеў темир жолынын пайдаланыўға берилиўи. |
| 1973-ж., 22-апрель | Тақыя тас гидроузелинин биринши гезегинин пайдаланыўға берилиўи. |
| 1974-ж. 1—2-февраль | Қарақалпақстан областьлық XXIV партия конференциясы. |
| 1974-ж. февраль | Қарақалпақстанның Россияға ықтиярлы қосылғанына 100 жыл толыўына арналып РСФСР әдебиятı ҳәм искусствосының Қарақалпақстанда өткерилген күнлери. |
| 1974., 26 февраль | КПСС Орайлық Комитетинин Нөкис мәмлекетлик университетин шөлкемлестириў ҳақындағы" қарары |
| 1974-ж., 28-февраль — 3-март | Қарақалпақстаннын Россияға ықтиярлы қосылғанына 100 жыл толыўына арналып Москвада өткерилген қарақалпақ мәденияты күнлери. |
| 1974-ж. 2-март | Қарақалпақстан АССР ы аўыл хожалығы алдыңғыларынын қуралтайы. |
| 1974-ж., 16-июнь | СССР Жоқарғы Советине сайлаўлар. |
| 1974 ж. сентябрь | Қарақалпақстан муғаллимлеринин IV съезди. |
| 1974-ж. 22—23-октябрь | Өзбекстан ССР ынын ҳәм Өзбекстан Компартиясынын 50 жыллығынын салтанатлы белгилениўи. |
| 1974-ж. 19-ноябрь | СССР Жоқарғы Совети Президиумынын Қарақалпақстан Автономиялы Совет Социалистлик Республикасын Октябрь революциясы ордени менен наградлаў ҳаққындағы Указы. |
| 1974-ж. 22-ноябрь | Өз КП Қарақалпақстан областьлық партия комитети менен Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Советинин Қарақалпақстан АССР ынын ҳәм Қа- |



www.ziyouz.com kutubxonasi

| | |
|---|---|
| | рақалпақстан партия шөлкеминиң дүзилгенине 5l жыл толыўына арналған бирликт-ги салтанатлы мәжлиси. |
| 1974-ж. 23-декабрь | Тақыятас — Нөкис темир жолы арқалы Нөкискедәслепки поездтың келиўи. |
| 1975-ж. 27 февраль | Қарақалпақстан АССР ы аўыл хожалығы алдыңғыларының қуралтайы. |
| 1975-ж., 9-май. | Фашистлик Германия үстинен ерисилген жеңистиң 30 жыллығының байрамланыўы. |
| 1975-ж., 15-июнь | ӨзССР ҳәм ҚҚАССР Жоқарғы Советлерине жәнe мийнеткешлер депутатларының жергиликли Советлерине сайлаўлар. |
| 1975-ж., 18-декабрь | Қарақалпақстан ҳаял қызларының II съезди. |
| 1976-ж., 16—17-январь | Қарақалпақстан областлық XXV партия конференциясы. |
| 1976-ж., 3—5-февраль | Өзбекстан Компартиясының XIX съезди. |
| 1976 ж., 24-февраль—5-март | КПСС тың XXV съезди. |
| 1976-ж., март | Қарақалпақстан АССР ы аўыл хожалығы алдыңғыларының қуралтайы. |
| 1976-ж., 9-апрель | Қарақалпақстан жазыўшыларының VII съезди. |
| 1976-ж., 1-июнь | Нөкис мәмлекетлик университетиниң ашылыўы. |

www.ziyouz.com kutubxonasi

# КӨРСЕТКИШЛЕР

## ЖЕККЕ АДАМ АТЛАРЫНЫҢ КӨРСЕТКИШИ


Абаданов Ө. 330
Аббазов С. 35
Аббазов Сағыйдулла 504
Абатов 348
Абдреимов Қ. 505, 506
Абдиров Ч. А. 495
Абдуллаева 298
Абдуллаев Ж. 331
Абдуллаев Н. 23, 35
Абдуллаев О. 322, 324
Абдуллаев С. 30
Абдуллаев Х. М. 497
Авезова С. 506
Авельбаева З. 341
Адаев Е. 35
Адакаев А. 199
Азберген 132
Айданиязов Ж. 449
Аймурзаев Ж. 256 257, 258, 259, 260, 498, 499 500, 504
Айнаев М. 465
Айтымов Ә. 24, 30, 76, 82
Айтмуратова 348
Акрамхожаев А. М. 497
Аллабергенив И. 245
Алламбергенов И. 433
Алламбергенов Х. 28
Алламуратова С. 506
Алланазаров Т. 5 6
Алланиязов 495
Алтыбаев 85
Аманбаев А. 322
Аманиязов М, 453
Аманназаров Ә. 362
Амиров Х. 245
Аметов Қ. 495
Ангелина П. Н. 279
Андрющенко М. Е. 453
Аннамуратов П. 452
Ансатбаев Н. 506
Антипов 299
Аралбаев С. 465
Ардашир Давлет 252
Арзекеев И. 196
Арзиев 220
Арзымбетова 314
Арысланов 60
Артеменко 294
Артықова А. 404
Артықова Г. 231
Арзықылышева Е. 362
Асматдинов А. 34 , 385
Асфандияр 30 41, 50
Атамуратова А. 506
Атаниязов С. 35
Аташов Ж. 35, 118, 152
Аташев И. 177
Ахмедов Ж. 479
Ахметов С. А. 497, 504
Ахмедов Х. 256, 25·, 259
Ахмедов Ю. 17, 245
Ахунбабаев Ю. А. 208
Ахунова Т. 404
Аякеев С. 348

Әбийбуллаев Ж. 498
Әдийнаев К. 120
Әжинияз 501
Әйимбетов Қ. 255, 318, 493, 497
Әйтешев А. 152
Әлийев А. 504
Әлийев Х. 22
Әлифбаев А. 120
Әмийнов С. 41
Әмийров Ж. 447
Әсенова Р. 418
Әўезниязов Б. 371
Әўезов Қ. 152; 199, 209, 216, 245, 256, 259, 262
Әўезов Г. 330

Бабажанов Д. 17
Бабажанов Б. 53
Бабажанов М. 35
Бабажанов С. 452
Бабажанов Х. 28, 35
Бабашев Ш. Б. 497
Базарбаева 298
Базарбаев Ж 494
Байрамов М. 35
Байрон 260




www.ziyouz.com kutubxonasi

Баккаров У. 35
Балабий 64. 70
Балжанов М. 22, 28, 56, 68, 73, 82
Балмағамбетов М. 313, 320
Балтабаев А. 366
Балтаниязов Ү. 460
Баранов П. И. 61
Барановская А. К. 17
Барановский В. И. 17
Баскаков Н. А 252, 254, 497
Бахантаев Д. 35
Бахибаев Б. 281
Бахиев О. 371
Бегжанов Т. 497
Бегимов А 256, 258, 260, 500
Бегленов Қ. 418
Беканов Ж. 516
Бекдаулиев Е. 474
Бекбаулов О 500
Бекимбетов А. 500, 504
Бекимбетов И. 152
Бекимбетов Ө. 22, 30, 76, 118, 152
Бекимбетов Т. 318
Бекмуратов А. 195
Бекмуратов Ж. 506
Бекмурзаев С. 281
Бекназаров П. 30, 76
Бекназаров Х. 459
Бекниязов Д 433
Бекниязов Ў. 456
Бектурғанов 196
Бектурсынов 220
Бекчанов Р. 317, 318
Белов 61
Белоногов 188
Белоусов 190
Беляев С. А. 17
Бердақ 501
Бердақов Ж. 162
Бердибеков Ж. 35
Бердимуратов Е. 494, 496
Бердимуратов К. 497,
Бердимуратов Қ. 516
Беркимбаев У 32
Бертельс Е. Э. 497
Бетьяков Ж. 88
Богатов 318
Богданов С. 180
Бондаренко О. Н. 495
Борзикова В. И.
Борисяк А. А. 254
Брежнев Л. И. 415. 456, 459, 466, 472, 521
Бринкман 17 42, 64
Бугаев Т. 20
Булгаков 174
Бухарбаев М. 451 453
Бүркитбаева 348
Быкодоров М. 498

Ваничкин 31, 68
Варламов П. 199
Васильев И. 180
Васыгов Ф. 366
Вернигоров К. 22
Викулов С. И. 503
Вишняков 172
Власенко 222
Вавилов Н. И. 254
Волков А. 498
Волгин В П. 254
Воскобойников В. В 252
Востриков Н. И. 42
Вотинцев В Д. 51

Гаврилов Г. И 361. 362, 491
Гадецкий И. В. 35, 39, 42, 54
Галикеев М. 497
Галкин 30
Ганчиков В 42
Гастелло 320
Герасимов Г. И. 252
Герасимова 17
Гладков 172
Говоров Л. А. 319
Гоголь Н. В. 260, 502
Голикова 312
Головяшкин Д. Д. 20, 35, 56
Голощекин Ф. И. 191
Гоменюк Т. С. 80
Горбатов Б 502
Горький М. 258, 260, 502
Городецкий Б. 22, 120
Горшков 190
Грабовский Ф. В. 322
Гребнев 501
Грибачев М. В. 503
Губкин М. И. 254
Гудкова А. В. 493
Гулимбетов Т. 52
Гурская А. 87
Гурушкин А. Ф. 53
Гурьев 20
Ғуламов Я. Ғ. 497
Ғафур Ғулам 499

Дабылов Аббаз 257, 258, 498, 499, 500
Данилов А. Н. 190
Даниленко З. 405, 406
Даўытов Д. 35
Дәкенов 346
Дәлиев Е. 199
Дәменов Х. 82
Дәниярова Н. 71
Дәрибаева Ә. 319
Дәрибаев М. 260, 498
Дәўекеев Ж. 433
Дәўишов К. 159
Дәўқараев Н. 255, 260, 492, 493, 498, 499

www.ziyouz.com kutubxonasi

Дәўлетияров С. 195
Дедов 188
Демченко 190
Деник. н 57, 62
Денисов 172
Дергуновский Г. 424
Дилмуратов Ж. 504
Долгов Н. 22
Домогатский 49
Донцов 196
Дорничев А. 22
Дорогонов Н. 180
Досанов Қ. 502
Досназаров А 22, 30, 76, 120, 152
Досжанов Ж. 451
Досжанов К. 375
Досымбетов 348
Досымбетов 314
Досымов Қ. 88
Досумов С. 22
Досумов Я. М. 255, 492, 493
Дубровин Г. И. 252
Дурдыев А. 365, 366, 417
Дутов 47, 52, 54, 57, 62, 63

Евдокимов 346
Еникеев 91
Епифанов 87
Ербаев Ф. 318
Ережепон С. 447
Еременко 294
Еримбетов А. 516
Ерманов А. 23, 152
Ерманов Қ. 256, 258, 260, 504
Ерманов О. 152, 215
Ерманова Т. 169
Ерманова У. 312
Ермухаметов Ж. 35
Ерназаров И. 292
Ерназаров Е 191
Ерназаров Х. 451
Есемуратов А. 497
Есемуратов Г. 493, 504
Есенбаев Т. 52
Есенова О. 312
Ефремов М. 32
Ещанов А. 330
Ешдаўлетов 346

Жаманқазиев Е. 118
Жандосова У. 191
Жапақов Н. 260, 493, 498, 501
Жаўлыбаев Т. 24. 30, 39
Жәдигерова А. 505
Жданко Г. А. 493, 497
Желябин А. Г. 17, 35, 245
Жийемуратов А 317
Жийен Жыраў 501
Жумабаев М. 427
Жумағулов Ж. 317
Жумақова Т.
Жуманов Ж. 452
Жуматова Н 377
Жумамуратова Р 453
Жумамуратов Т 500, 501, 502, 504
Жуманазаров А. 220
Жуманазаров Қ. 362
Жуманизова Р. 304
Жуманиязов О. 313 320, 321
Жуманиязов С. 451
Жумашов Ю. 452
Жунайыдхан (Жунайыд) 28, 30, 33, 37, 41, 42, 47, 48, 49, 50, 51, 52, 54, 59, 60, 61. 62, 63, 66, 67, 70, 71 73, 74, 75, 76, 78, 80, 81, 86, 95, 96 97, 120, 121

Завадский А А. 42
Заикин 30
Зайцев 24, 26, 28, 30, 41, 42, 43
Замыслаев 64
Зарипов Х. З. 495
Заюшев Г. 17, 35, 56
Земцев В. 24
Зернов С. А. 254
Зимин 392

Ибадов Б. 35
Ибрагимов 181
Ибрагимов Ж. 495
Ибрайым болыс 71
Иванов 190
Иванов П. П. 497
Иванов А. С. 503
Иванова Е Н.
Изимбетов Т. И. 497
Ийгамбердиева Ш. 377
Ийсаев У. 151
Ингулатов 42
Иоффе А. Ф. 254
Искандеров К. 195
Искендеров С. 226
Исмайлов А 82
Исмаилов Б 493, 501, 502, 504

Казанцев 348
Калинин М. И. 206, 211
Қалқоразов 346
Камалова Айым 371, 404, 405, 408
Камалов Қ. 460
Камалов Казақ 433, 459
Камалова Р. 433
Камалов С. К. 493, 497
Каменев Б. И. 509, 516
Кан Алексей 453, 461
Кандратенко И. К. 20
Канеев Темир 39
Канеев А. 32

www.ziyouz.com kutubxonasi

Карл Франк 32
Карпинский А. П. 254
Касьяненко И. Н. 17, 21, 31, 54, 64
Катаев В. 502
Качалов В. И. 263
Качанов А. И. 21, 45, 42
Кэримов А 493
Келлер Б. А. 254
Кемпчинский 56. 57
Кенжебаев Ж. 35
Кеўлимжаев Н. 120
Киселенко 222
Киселев 17
Клевлиев И. 32
Кожуров Е. 152. 245
Кожуров И. 17
Козлов И Ф. 190
Козлов 174
Колчак 57, 61, 62, 70
Комаров В. Л. 254
Коноплев В. П. 49, 51, 54. 57
Константинова Л. Г 495
Коровин Е. П. 491
Корнеев 68 76
Костюков Д. А. 71
Крживец Л. С. 491
Крошилов В. Е. 17, 21, 31, 35, 54, 56. 57
Кузьмин П. 424
Кузнецов 317
Куйбышев В. В. 61, 70, 79
Курнаков Н. С. 254
Куров 172
Кузенбаев 222
Кунхожа 501

Қабулова А. 330
Қабулов Қ. 499
Қазымбетов 301
Қайыпбергенов Т. 500, 501, 502, 503, 504
Қайыпназаров Б. 498, 501, 502
Қалендаров С. 22
Қалбаев Т 52
Қалбаева Т. 330
Қалдықараев Ж. 321
Қалендарова С. 377

Қалменов О. 180
Қалмуратов Х 196
Қарабаева С 506
Қарақулов Ж. 322
Қарақум Ийшан 120
Қаржаўбаев Т. 30, 76, 82
Қасымов З Ф 262
Қэдирбергенова А. 315
Қэдирбергенов Х. 315
Қэлешов Ө. 265
Қэлимбетов Б 315
Китаева 17

Қосбергенава Б 231
Қосбергенов Р К 493
Қоспанов Б. 177
Қосполатов Ещан 258, 499
Қосшетеров Е. 177
Қосымбетов И. 493
Қошмамед Хан 76
Қошмуратов С 37, 54, 56
Қощанов А 493
Қудабаев Эбиў 152
Қулбаев 343
Кулькин 87
Қулымбетова У. 191
Қурамысов И. 191
Қурбанаев Д 120, 152
Қурбанбаев С 475
Қурбаниязов К. 495
Қурбаниязов Т. 460
Қурбанова Г 36., 371
Қутлымурат беглербеги 132
Қутлымуратов Ж. 516
Қуўандықов К. 375

Ладур А. К. 516
Ладур М. Ф 516
Лебедев—Кумач 499
Лебедов С. 42
Лезин С. В. 174
Ленин В. И. 13, 15. 25, 26 29, 35, 37, 38. 43 44, 55, 69, 74. 86, 89, 102, 106, 115, 117, 119, 128, 129, 131, 143, 159, 175, 182. 195, 241, 244, 258, 263, 259, 290, 429, 434, 435, 436, 440, 449, 513, 515, 516, 517,
Леонтичев Ю. А. 508, 524
Лермонтов М Ю. 260, 502
Липовский Ф. 64
Логинов Д. М. 190, 254
Лукьянов 63
Лушников Т. 17

Мадаминов Қ. 32
Маевский 195
Макаев 73
Максимов 172
Мақсетов Қ. М. 493
Малов С. Е. 447, 497
Мамутова Р. 280
Мамутов Х 320
Мамутов Ю 506
Маниулов 91, 107
Маршак С. 502
Маскалов А. К. 20
Маслов 348
Масовер Л. И. 120
Матевесян Р. 516
Матросов А 322
Махмудов М 320
Махорин И П 222, 321
Маяковский В. В. 260, 502



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мәдеминов К. 32
Мәденов 375
Мәдреимов П. 507
Мәжийтов С 243, 245, 256, 258, 262
Мәжийтов Р 145, 428
Мәзитов Х. 245
Мәмбетәлиев 188
Мәмбетова С. 506
Мәмбетова Сона 471
Мәтирзаев И. 30
Мәткаримова А. 418
Мәткәримов Ю. 406, 424
Мәтмуратов Т. 502
Мәтназаров М. 318, 319
Мәтсапаев 174
Мәтчанов Б. 506, 507
Мәтьяқубов А. 256, 258, 259
Мәтьяқубова З. 226
Мәўленов Н 23, 51, 76
Мәшәрипов М. 348
Мәшәрипова 280
Медетуллаев Ж М. 495
Мирбадалов 18
Митин И. 68, 174
Михалков С 502
Михальченко 42
Мольер 260
Морозов 42, 56
Муминов И. М. 497
Музаффаров А М. 497
Муқашев О. 447
Мурадов Б. 507
Мусабеков Н. 41
Муўсаев А. 256, 257
Муўсаев Ш. 337, 361, 362
Мусин С. 35
Мухамедова З 17
Мухамедов Н. 17
Мухаммединов Н. 507

Надыров 85
Назаров Ш. 35
Назарханов А. 396
Напесев Г. 152
Нарымбетов Ж. 493, 504
Насыров Д. С. 494
Насыров П. 177
Наумов 59
Наумов Р. 424
Наўрызбаев Инаят 313, 321
Нәзбергенов Д. 260, 498
Наўрызбаева Я 169
Нахипов К. 453
Некрасов А. 501, 502
Непесов Г. Н. 497
Низаметдинов Т. 152, 254
Никитина Г. А. 251, 252, 418
Николаев 64
Ниязов И, 24
Нурабыллаев. Е 258, 499
Нурманов А. 974
Нуржанов У. 245
Нурмухамедов Көптилеў 199, 209, 211, 259
Нурмухамедов М. К. 493, 496, 497, 504
Нурниязов А. 159
Нурпеисов П К 324
Нурымбетов А. 479
Нурымбтеов С. 257, 258, 428, 499, 500
Нурымбетов 451

Олейников 222
Оломин З. М. 321
Ольденбург С. Ф 254
Омаров А. О. 497
Омар шайыр 501
Омерзаидов 220
Оразымбетов А. 319
Оразымбетова Г 231
Оразымбетова Ә. 465
Оразымбетов Ж 418
Оразымбет улы Марқабай 188
Оралбаев 222
Орлов 172
Орманов 85
Ормат А. П. 252
Орымбаев Ж. А. 255, 497
Осипов 49
Османов С. О. 495

Өтәмбетов Ж. 52
Өтеев А. 348
Өтемуратов Ш. 506
Өтеназаров Қ 313
Өтепов Ә. 256, 258, 259, 262, 452
Өтеш шайыр 501

Пабло Неруда 502
Павлов И. С 118
Пайзалов Д 85
Палўаниязов 294
Палуаниязова Ж. 317
Палўанов 226
Палымбетов А. 495
Памщев 63
Панков 345
Панабергенов Ә. 497
Пародиев 63
Парфенов А 180
Первушин В. 39
Пересыпка И. 52
Петросова Е. А. 507
Петров 190
Першин 41
Пирниязов Ж. 162
Пищулин А А 321
Платанова В. И. 17
Полозов 172
Попов И. 39



www.ziyouz.com kutubxonasi

Попов 17
Примбетов 222
Проценко И. М. 507
Пушкин А. С. 260, 502
Пыжова О. И. 263

Рабиндранат Тагор 502
Равилов Г. 89
Ражапбаев 451
Ранов Д. 500
Рахманов Д. 131
Рахманов К. 502, 504
Рашидов Ш. Р. 461, 471
Резменов К. 35
Рейипназаров Ә. 453
Реймов И. 433
Реймов К. 433
Реймов Р. Р. 495
Репинский 190
Рзаев К. Р. 495
Розимбетов А. 195
Розимова П. 451
Розумов 451
Радионов 87
Рудзутак Н. Э. 70
Рузматов Б. 80
Рыжков Г. М. 67
Рысқулов 141
Рысмәмбетов М. 35

Саатдинов С. 315, 418
Савинов И. 17, 22
Савицкий И. 516
Сағыйтов И. Т. 493, 496, 497, 504
Сағыйтов Н. И. 495
Сағыйтов Я. 226
Садықов А. С. 497
Сазонов 41, 107
Сайыпов Е. 460
Сайыпов Қ. С. 509, 516
Сайығматов Қ. 460
Салимов К. 17, 87
Салимов Х. 245
Салиев С. 500
Саликов 91
Сальников 64
Самандарова О. 371
Саманов Ж. 495
Сапарбаева А. 365, 366
Сапарова З. 506
Сапаров К. 406, 433
Сапаров Н. (Нурым) 174, 232, 330
Сапаров Х. 504
Сараев Н. 313, 321
Саркизов 120
Сарыбаев К. 497
Сафонов М. 131
Сәгсенова Н. 418
Севергев С. Л. 503
Седов 174
Сейитова Ж. 341
Сейитов П. 196
Сейитов Р. 506
Сейитов Х. 498, 501, 502, 504
Сайид Абдуллахан 78
Сейтжанов Т. 501, 502, 504
Сейткамалов 451
Сейтмамутов Т. 258
Сейтназар хажы 71
Сайтназаров Ғ. 500, 501, 502, 504
Сейтназаров Ж. 498, 501, 502
Сейтназаров Х. 82
Сейтниязов Машарип 23
Сейтниязов . 501, 502, 504
Серекеев 516
Скворцов 501
Скилов Г. Б. 73, 74, 90
Синебрюков С. В. 36, 52
Симаков А. 42
Симонов И. 502
Симанов А. М. 321
Силаев Л. Х. 177
Сладков Н. 35, 64
Смирнов А. 42
Советкин 346
Солдатов 73
Солонов 56
Сопляков А. А. 318
Соседко А. Ф. 181
Сталин И. В. 44, 290
Станиславский К. С. 263, 499, 505, 506
Султанмурадов Д. 131
Султанмурадов М. С. 495
Султанов Ә. 177, 507
Султанова Б. 479
Султанов К. 500, 502, 504
Султанов М. 35
Султанов Р. 433
Султанов Т. 195
Султанова Ш. 377
Сурков А. 502
Суслов И. Д. 190
Сыдыйқов О. 22
Сырымбетова Г. 507
Сычев 180

Тазагул 71
Таиров А. 195
Танатаров Ж. 88
Танцерова 346
Татыбаев С. О. 493
Тәженов Б. 396
Тәжибаев Г. 389
Тәжибаев К. 258, 499
Тәнирбергенова Р. 404
Тәнирбергенов М. 459
Твардовский А. 502
Телегин 73
Темирбаев И. 177
Тилеуов А. 177


www.ziyouz.com kutubxonasi

Тилеўов Р. 495
Тимомалов Б. 180
Тимошенко А. Л. 27, 54, 56, 57
Тихонов Н 499, 502
Тоқмамбетов С. И. 71
Тоқмәмбетов Т. 32
Толстова Л. С. 493
Толстов С. П. 254,
Толстой А. 499
Толстой Л Н. 260
Тоут Ю Ю. 331
Төлегенов Д. 348
Төлемисов Д. 245
Төреев А 497
Төреев Ю 195
Төрениязов Д. 516
Төрениязов С. 566
Трунов И 424
Турдыбаев Н. 22
Турдықулов Х. 507
Турдымуратов Б. 507
Турғанбаев К. 245
Турсынбаев 49
Турсынов Б. 504
Турымбетов Ә. 498
Турымбетов Ө. 498, 551
Турымбетов Х 501
Турымов У. 281
Тынымбаев Ө. 21, 61

Убайдуллаев К. 254, 494
Уббиниязов Ж. 493
Урзумов М 447
Урядов 74
Усенко М Я. 20
Усенков Д. 24
Усманов А 180
Ўәлийов Ж 32

Фалеев А. 260, 502
Фазылов И. 256, 258, 260
Федоров В. 180
Феверов В. 317
Федеренко 87, 222
Ферсман А Е. 181, 254
Фильчев М. 49, 63, 64, 66, 70, 71, 76, 41
Фищенко 223
Фомичев Л. 319
Фролов М. М. 42, 54, 85
Фрунзе М. В. 61, 70, 78, 79, 141

Хайратдинов Қыяс 499
Хакимов Ш. 41
Халекеев А 82
Халимов Ә 506, 507
Халим ийшан 71
Халмуратов О. 76, 454
Халмуратов Х. 433
Хамза Хәкимзада Ниязий 137, 262
Хамид Әлимжан 499
Хан—ийшан 66
Хан — Мақсым 49, 64, 66, 70, 71, 73 76, 82
Харченко 30
Хасанов Х. 28. 57, 73
Хасанов Ш. 68
Хван 294
Хожайов Т. 493
Хожаниязов А. 447
Хожаниязов Қазақбай 258
Хожаниязов Ө. 502, 504
Хожа хан 49
Хожаниязов К. 35
Хожаниязов О. 22
Хожаниязов С. 499, 504
Хожаниязов Сәрсен 498
Хожаниязов У 35
Хожаниязов Ш. 498
Хожаназаров У. 502
Хорзаев Е. 118
Христофоров А. Н. 59,
Хромов А. 177
Худайбергенов А. 494
Худайшукиров А. 507
Худяков 170
Хусаинбек 29
Хәбибов М. 32
Хамидов Х. 494
Хикмет Назым 502

Чанчиков 26
Черник З. С. 68, 76
Черняховский И. Д. 321
Чехов А. П. 260
Чистяков А Н. 181

Шағнахметов 346
Шайдаков Н. А. 48, 49, 53, 66, 67, 68, 71, 73, 74
Шайн Николай 32
Шалекенов У. Х. 493
Шалимов 87
Шамуратов Ә 260, 498
Шамуратов Артық 498
Шамуратова А. 504, 506
Шамуратов Жапақ 258, 499, 506, 507
Шамуратов 172
Шарипова К. Г 497
Шарипов Ю. 506
Шатренко 222
Шевченко М. 52
Шекспир 260, 505
Шеразиева Г. 506
Шестерикоев 346
Шефнер 501
Шиповский 87



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ширинский 39
Школин К. И. 53
Шляпин Ф. 28, 35, 48
Шолохов М. 499, 502
Шутников 318
Шутов 87
Шыныкул 82

Щербаков А. М. 74, 75

Элиава Ш. З. 61, 70

Юденич 57
Юлдашев И. 371
Юнусов 64
Юсупов У. 88, 195
Юсупов И. 500, 501, 502, 504
Юсупов П. 131
Юсупова Ф. 304

Ягодин В. Н. 493
Яқыпбекова И. 118
Ялышев А 32

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ГЕОГРАФИЯЛЫҚ ҲӘМ ТАРИЙХЫЙ-ТОПОГРАФИЯЛЫҚ ОРЫН АТАМАЛАРЫНЫН КӨРСЕТКИШИ


„Авангард" (артель) 205
Азербайжан ССР ы 335
Азия 99, 144, 577
Ақбаслы (аўыл) 86, 169
Ақкамыс (аўыл) 50, 169
Ақтөбе 47, 62
АҚШ 47, 57, 264, 282
„Алғабас" (колхоз) 281, 452
„Алтын көл" (совхоз) 452, 454, 475
Аму-Луб (совхоз) 185
Англия 44, 49, 52, 60
Андижан 336
Ангрен 297
Аралск 2, 105, 180, 214
Арал теңизи 14, 62, 66, 67, 100, 112 344, 423
Арқа Кавказ 105
Афганстан 79, 99, 354
Африка 149, 517
„Ахунбабаев" (колхоз) 337, 362
Ашхабад 16, 450
Әмирабад 169
Әмудәрья 22, 157, 158, 425, 431, 464, 465, 483, 518
Әмудәрья районы 433, 451, 456' 466
Әмудәрья бөлими 14, 15, 17, 18, 20, 22, 24, 25, 27, 29, 32, 33, 34, 35, 36, 37, 38, 39, 40, 41, 42, 46, 48, 49, 50, 52, 54, 55, 56, 57, 58, 59, 63, 64, 67, 68, 70. 71, 73, 74, 76, 80 82, 83, 84, 86, 90. 92, 93, 96, 97, 104
Әмудәрья областы 60, 69, 70, 83, 84, 86, 99, 100, 101, 102, 104, 105, 106, 108, 111, 112, 113, 114, 115, 118, 119, 120, 121, 124
„Әмудәрья" (совхоз) 362
Бадай 39
Бадаркент 78
Баку 22
Балтик бойы 47, 322
Бегжап (аўыл) 169
Белоруссия 47, 420
„Беруний" (совхоз) 451
Беруний районы 418, 433, 451, 452, 460. 520
Бийжап (канал) 160
Бийбазар волосты 81, 82, 150
Бозатаў 176
Болгария 322
„Буденный" (колхоз) 176, 347
Бухара, Бухара республикасы 60, 61, 66, 67, 79, 100, 135, 140, 141, 143, 144, 401
Бухара—Урал газопроводы 401
Волга 303
„Ворошилов" (колхоз) 295
„Гагарин" (совхоз) 460
Германия 322
Гөне Үргенч 74, 75, 76, 81
Дәўқара 39, 153
Десна (дәрья) 321
„Димитров" (колхоз) 371, 433
Европа 99, 160, 249, 269
Жети суў 47, 61
Жаңа базар 153
Жаман қала 62
Жаңа Үргенч 75
„XXIV партсъезд" (совхоз) 452
„XXII партсъезд" (совхоз) 452
Зайыр 63, 64, 71, 75
Закавказье 47
Закаспий 47, 61, 62, 66, 69
Ийшан қала 40, 52
„Ильич" (колхоз) 433, 451
Ильялы 25, 74, 75
„Инқилаб" (колхоз 304
„Интруд" артель) 346
Иран 99, 354
Истемес (көл) 160
„Истемес" (совхоз) 186
Каган 16, 26
„Калинин" (колхоз) 471, 433, 452
Кегейли 406
Кегейли районы 361, 368, 460, 486
Кегейли волосты 84, 153
Кегейли (канал) 102, 160, 406
Кенес (район, совхоз) 362, 379, 380
Керки 20
„Киров" (совхоз) 432, 433
Кировабад (канал) 307




www.ziyouz.com kutubxonasi

„Коминтерн“ (артель) 296
„Коммунизм“ колхоз) 396, 433, 451, 460
„Коммунизм жолы“ (артель) 296
Коспат-уголь (Пермь областы Кизелевский районындағы трест) 296
Көкөзек 153
“Крайком“ (колхоз) 231
Краснодар крайы 436, 453, 471
„Красный металлист“ (завод 231
„Красный пролетарий“ (завод 372,
Крупская атындағы колхоз 301, 404, 433, 451, 452, 459
„Куйышев“ (совхоз) 339, 417
Күш қала 76
Казалы 16, 28, 47, 185
Казақдәрья 112, 176, 198, 275, 295
Қазақдәрья балық заводы 274, 295, 328
Қазақстан ССР ы 142, 186, 421, 423, 471, 490
Қарақалпақстан 13, 14, 15, 20, 21, 23, 25, 26, 27, 30, 37, 38, 39, 41, 43, 44, 46, 47, 48, 54, 55, 57, 59, 70, 79, 81, 82, 86, 88, 89, 90. 98, 99, 105, 111, 124, 134, 142, 166, 168, 172, 173, 175, 176, 177, 181, 194, 195, 196, 197, 199, 200, 202, 204, 209, 213, 215, 216, 217, 218, 219, 221, 222, 226, 228, 230, 231, 232, 233, 235, 241, 242, 245, 247, 249, 250, 252, 253, 254, 255, 258, 260, 263, 265, 266, 271, 274, 287, 291, 293, 295, 297, 298, 299, 300, 302, 306, 307, 308, 309, 310, 312, 313, 315, 316, 317, 325, 327, 328, 331, 332, 333, 336, 337, 338, 339, 341, 344, 345, 347, 348, 349, 350, 353, 355, 356, 357, 358, 359, 362, 364, 366, 367, 369, 372, 374, 376, 378, 381, 383, 385, 387, 393, 395, 397, 393, 395, 397, 401, 403, 411, 413, 434, 435, 436, 437, 440, 446, 447, 456, 458, 459, 461, 464, 465, 467, 468, 470, 472, 473, 474, 479, 480, 482, 484, 488, 490, 493, 497, 503, 504, 507, 511, 512, 515, 517, 520, 521
Қарақалпақстан АО, АССР ы 171, 179, 200, 201, 202, 205, 206, 207, 208, 209, 210, 211, 212, 214, 219, 223, 224, 228, 230, 234, 235, 236, 237, 238, 241, 243, 245, 269, 270, 271, 274, 275, 278, 280, 281, 282, 283, 284, 286, 287, 288, 289, 290, 292, 298, 301, 303, 307, 325, 326, 330, 331, 332, 333, 335, 337, 342, 343, 344, 347, 352, 355, 358, 361, 368, 372, 273, 374, 377, 380, 388, 390, 394, 403, 409, 410, 411, 412, 413, 415, 422, 442, 444, 449, 454, 455, 457, 458, 459, 460, 461, 462, 465, 470, 471, 474, 477, 478, 479, 480, 484, 485, 490, 491, 503, 511, 513, 518, 519, 520
Қарақум 80
„Қара өзек“ (совхоз) 451
Қара таў 67, 380
Қара терен 112, 153
Кашқадәрья 351
Қоңырат 25, 62, 74, 80, 215, 261, 421, 429, 483, 520
Қоңырат округи 115, 153, 246
Қуўаныш жарма 102, 160
Қызкеткен (канал) 160, 230, 231, 406
„Қызыл балықшы“ 176, 295
„Қызыл батрак“ 187
Қызыл жар 153
„Кызыл жулдыз“ (колхоз) 176
Қызыл қала массиви 336
„Қызыл нур“ 301
Қызыл Орда 47
„Қызыл Өзбекстан“ (колхоз) 371
„Қызыл туў“ 186
Қыпшақ 15, 50, 71, 153, 301, 306, 368,
Кыргызстан ССР ы 142, 421
Қырққыз (канал) 307
„Қырққыз абад“ (колхоз) 452, 459
Қырққыз массиви 336
Қырым 78
Қытай волосты 153,
Лаузан 153
Ленинабад (район) 133, 452, 454, 475
“Ленин“ (колхоз) 323, 404, 452, 460
„Ленин естелиги“ (колхоз) 347, 465
Ленинград 191, 249, 502, 509
Ленин жап (канал) 280
„Ленинизм“ (колхоз) 337, 371, 452
„Майжап“ 453
Майпос 176, 198, 298
„Максим Горький“ (колхоз) 371, 406, 417, 432, 433, 451, 460
„Мақтумқулы“ (колхоз) 452
Манака 25
Маңғыт 25, 429
„Марат“ (колхоз) 176
„Мәденият“ (совхоз) 408, 436, 451, 453, 454
Мискин ата 153
Мойнақ 17, 55, 66, 68, 76, 78, 105, 112, 176, 177, 198, 478, 520
Мойнақ балық консерва комбинаты 277, 274, 275, 329, 346, 347, 353, 354, 446
Мойнақ гарнизоны 76
„Молоков“ колхоз 362
Москва 16, 30, 57, 129, 196, 219, 232, 249, 260, 272, 301, 311, 317, 330, 340, 362, 368, 385, 403, 414, 450, 456, 469, 471, 478, 507, 509, 511, 515
„Москва“ (совхоз) 434



www.ziyouz.com kutubxonasi

Москва —Сортировочная депосы 395
Мынбулақ 153
Найман-өзек (канал) 160
Назархан 39, 50, 73, 80
Наманган 335
„Намуна" (колхоз) 452, 460
„Наўайы" 452
Наўайы ГРЭС и 401
Нәўпир 153
Ниязбай 25
Нөкис 30, 35, 36, 39, 40, 50, 52, 64, 66, 67, 71, 73, 75, 80, 85, 215, 276, 277, 285, 291, 292, 295, 330, 335, 347, 377, 380, 399, 413, 426, 428, 429, 452, 460, 462, 464, 472, 474, 478, 486, 488, 490, 507, 511, 513, 514, 516, 519, 520
Нөкис волосты 74
„Обком" (колхоз) 281
„Октябрьдиң 13 жыллығы" 176
„Октябрь" (совхоз) 454
„Орджоникидзе" (колхоз) 433, 451
Оренбург 47, 55, 62, 63, 249
Орта Азия 24, 38, 47, 48, 61, 62, 68, 106, 140, 141, 143, 144, 175, 213, 217, 244, 249, 394, 401, 459, 469, 517
Өзбекстан ССР ы 421, 442, 444, 462, 471, 483, 484, 488, 492, 507, 513
„Пахта арна" 102, 238, 406
„Передовик" (артель) 296, 299
Пермь 296
Перовск (Қызыл Орда) 26
Петроград 15, 16, 26, 30, 38
Поволжье 105
Польша 78, 322
Порлытаў 278
Порсы 25, 75
„Правда" (колхоз) 433
„Райком" колхоз 232
„Рәўшан" (совхоз) 453
Россия 13, 14, 15, 19, 22, 26, 46, 47, 78, 96, 105, 242, 461
Румыния 322
Самарқанд 16, 407
Саркоп жәмәәти 159
Сарыбий волосты 82, 153
Свердловск 296
Сибирь 61, 276, 394
Смольный 26
Совет Россиясы (РСФСР) 59, 62, 69, 79, 86, 92, 101, 105, 118, 128, 129, 130, 134, 137, 141, 201, 202, 203, 205, 206, 207, 241, 253, 297, 490, 507
„Советская Каракалпакия" (колхоз) 304
Сталинград трактор заводы 190, 231
„Стахановец (артель) 229, 347
Султан Ўәйис таўы 356, 428, 430
Сурхандәрья 351
Сүўенли (канал) 160, 280
Таза аўыл 169
Тазқара 64
Тақыя тас 348, 380, 421, 428, 520
Тақыя тас ГРЭС и 394, 399, 463, 464, 469, 474, 518
„Талапкер" (колхоз) 176
Таллық 153
Тамды, Тамды районы 153
Ташаўыз, Ташаўыз областы 25, 75, 331, 398, 401, 469, 518
Ташкент, Ташкент областы 16, 19, 24, 26, 30, 35, 36, 45, 57, 60, 63, 70, 73, 91, 105, 143, 191, 249, 311, 327, 329, 330, 331, 335, 340, 405, 407, 450, 478, 480, 500, 503, 509, 511
„Ташкент" (совхоз) 460
Тахтакөпир 281, 304, 306, 368, 408, 454,
Тәжикстан (АССР ы, ССР ы) 142, 208
„Текстильщик" (артель) 298
Тербенбес 75
Тиграў 66
Тикөзек 198
Тифлис 22
Тоқпақ ата 153
Төрткүл 14, 16, 28, 39, 48, 49, 50, 51, 52, 59, 60, 66, 67, 71, 73, 74, 107, 112, 113, 114, 117, 121, 123, 126, 127, 166, 199, 207, 215, 216, 221, 228, 231, 245, 251 261, 262, 292, 295, 348, 380, 428, 429, 478, 483, 520
Төрткүл районы 169, 195, 225, 360, 368, 369, 377, 432, 433, 451, 460
Төрткүл волосты 82, 153
Төрткүл округи 159, 165, 169
Транспортник (артель) 299
Түркменстан ССР ы 142, 143, 335, 421, 471
Түркия 99
Түркстан 14, 15, 16, 19, 26, 34, 35, 38, 44, 47, 55, 59, 61, 62, 74, 88, 91, 102, 105, 108, 115, 116
Түркстан АССР ы 30, 33, 45, 46, 58, 61, 68, 69, 75, 78, 82, 83, 84 86, 90, 100, 101, 102, 103, 107, 108, 113, 114, 118, 121, 125, 135, 137, 140 141, 142, 144
Түркстан үлкеси 41, 44
Узақ Шығыс 394
Украина 47, 105, 179, 436, 490
Уллабағ аўыл советн 160
Урал 294, 401
Үрге 55, 76, 176, 177, 198, 274, 295
Үргенч 21, 42, 331
Үстирт 181, 423
„Үшинши бес жыллық" (артель) 299
Үшсай 55, 198, 274, 295, 465
Ферғана 47, 407
Финляндия 322
Франция 322



www.ziyouz.com kutubxonasi

"Халқабад" (совхоз) 459, 460
Халық жап (канал) 160
Харьков трактор заводы 196, 231
Хийўа 21, 24, 50, 54, 55, 60, 66, 74, 75, 76, 79, 81, 84, 90, 96, 113, 120, 127, 128, 143
Хийўа ханлығы 20, 24, 27, 29, 41, 42, 57,61, 62, 70, 74, 75, 81, 83, 87, 89, 92, 103
Хожа жармыс 153
Хожели 24, 25, 74, 75, 113, 133, 135, 445, 478, 486, 520
Хожели округи 165, 246, 253
Хорезм 20, 21, 60, 70, 74, 75, 80, 128, 129, 134, 138, 139, 141, 142, 401
Хорезм оазиси 29, 74, 79, 113, 136, 350
Хорезм республикасы (ХХСР, ХССР) 78, 80, 100, 103, 129, 130, 131, 132
Ханқа 75
"Чапаев" (совхоз) 436, 451, 446
Чаржоў 16, 17, 27, 36, 47, 48, 49, 50, 51, 59, 66, 70, 73, 91, 107, 214, 295
Челкар 62
Чехословакия 322
"Чкалов" (колхоз) 281
Шаббаз 21, 29, 50, 51, 261
Шаббаз волосты 21, 82, 153, 159
Шабааз районы 161, 169
Шейх Аббаз-Вәлий волосты 81
Шоманай 348, 350, 483
"Шоманай" (совхоз) 452
Шоманай каналы 307
Шоманай массиви 336
Шорахан 14, 18, 23, 29, 39, 50, 81, 261
Шорахан волосты 82, 153
Шорахан участкасы 39, 69, 81, 92, 95
Шыбықлы 169
Шымбай 14, 21, 23, 25, 30, 35, 50, 52, 62, 64, 66, 70, 71, 75, 77, 85, 90, 107, 113, 117, 126, 166, 215, 251, 261, 336
Шымбай округи 165, 245, 253
Шымбай уезди 22, 85, 96, 124
Шымбай участкасы 39, 40, 45, 58, 63, 64, 66, 76, 77, 82, 89, 92, 203
Япония 326
Ярославль 439


www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӘДЕБИЯТЛАР ҲӘМ ДӘРЕКЛЕР КӨРСЕТКИШИ

### I. Марксизм-ленинизм классиклери


Маркс К и Энгельс Ф.[1] Манифест Коммунистической партии. Сочинения. т. 4 стр. 419—459.

Энгельс Ф. Принципы коммунизма. Сочинения, т. 4. стр, 332—339.

Маркс К. и Энгельс Ф. О колониальной системе капитализма, сборник, М., Госполитиздат, 1959 г

Маркс К., Энгельс Ф и Ленин В. И. О пролетарском интернационализме, сборник, М., Госполитиздат, 1957 г.

Маркс К. Энгельс Ф.и Ленин В. И. О научном коммунизме, сборник, М., Госполитиздат, 1965 г.

Ленин В И.[2] Национальный вопрос в нашей программе. т. 7. стр. 233—242,

Ленин В И. Партийная организация и партийная литература, т. 12, стр 99—105.

Ленин В. И К вопросу об общенациональной революции, т. 15, стр. 276—280.

Ленин В. И. Пробуждение Азии, т. 23. стр, 145—146.

Ленин В. И. Рабочий класс и национальный вопрос, т. 23, стр 149—150.

Ленин В И. Проект платформы к IV съезду с.—д. Латышского края (раздел: национальный вопрос), т. 23, стр. 208—211.

Ленин В И. Тезисы по национальному вопросу, т. 23. стр 314—322.

Ленин В. И. Либералы и демократы в вопросе о языке, т. 23 стр 423—426.

Ленин В. И Из „резолюций летнего 1913 года совещания ЦК РСДРП(б) с партийными работниками". Резолюция по национальному вопросу, т. 24. стр. 57—60.

Ленин В И. Критические заметки по национальному вопросу, т. 24, стр 113—150.

Ленин В И. О национальной программе РСДРП(б), т 24. стр. 223—229.

Ленин В. И. Национал-либерализм и право нации на самоопределение, т. 24. 247—249.

Ленин В. И. Нужен ли обязательный государственный язык? т. 24. стр, 293—295.

Ленин В И. Еще о „национализме", т. 24, стр. 224—326

Ленин В И. Законопроект о национальном равноправии, т, 25, стр. 16—18.

Ленин В. И. К вопросу о национальной политике, т. 25, стр. 64—72.

Ленин В. И. О праве нации на самоопределение, т. 25, стр. 255—320

Ленин В И. О национальной гордости великороссов, т. 26, стр. 106—110.

Ленин В. И. О лозунге Соединенных Штатов Европы, т. 26, стр, 351—355.

Ленин В. И. Революционный пролетариат и право нации на самоопределение, т. 27, стр. 61—68.

Ленин В. И. Социалистическая революция и право нации на самоопределение (тезисы), т. 27, стр. 225—226.


---

[1] К. Маркс ҳәм Ф. Энгельс шығармалары 2-басылыўы бойынша берилип отыр.

[2] В И. Ленин мийнетлеринен алынған цитаталар шығармаларының толық жыйнағы бойынша берилип отыр. *Ред.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ленин В. И Военная программа пролетарской революции, т. 30, стр. 131—143.
Ленин В. И. Письма издалека. Первый этап первой революции. Письмо I, т. 31, стр 9—11.
Ленин В. И О двоевластии, т. 31, стр. 145—148.
Ленин В. И Задачи пролетариата в нашей революции. (Проект платформы пролетарской партии), т. 31, стр 149—186.
Ленин В. И Речь об отношении к Временному правительству, 4(17) июня. I Всероссийский съезд Советов рабочих и солдатских депутатов 3—24 июня 1917 г.т. 32, стр. 263—277.
Ленин В. И. Государство и революция. Учение марксизма о государстве и задача пролетариата в революции, т. 33. стр. 1—120.
Ленин В. И. Грозящая катастрофа и как с ней бороться, т. 34. стр 151—199.
Ленин В. И. Марксизм и восстание, Письмо Центральному Комитету РСДРП (б), т, 34, 242—247.
Ленин В. И. Удержат ли большевики государственную власть? т. 34, стр. 287—339.
Ленин В. И. К пересмотру партийной программы, т. 34, стр 351—381.
Ленин В. И. Второй Всероссийский съезд Советов рабочих и солдатских депутатов 25—26 октября (7—8 ноября) 1917 г. (выступления), т. 35, стр 7—29.
Ленин В. И. Как организовать соревнование? т. 35, стр. 195—205.
Ленин В. И. Декларация прав трудящегося и эксплуатируемого народа, т. 35, стр. 221—223.
Ленин В. И. Тяжёлый, но необходимый урок, т. 35, стр 393—397.
Ленин В. И. Седьмой экстренный съезд РКП (б) 6—8 марта 1918 г. (Выступления), т. 36 стр. 1—76.
Ленин В. И. Главная задача наших дней, т. 36, стр. 78—82
Ленин В. И. Первоначальный вариант статьи „Очередные задачи Советской власти". стенографическая запись, гл. X т. 36, стр. 127—164.
Ленин В. И. Очередные задачи Советской власти, т. 36, стр- 165—208.
Ленин В. И. Заседание ВЦИК 29 апреля 1918 г. (Выступления), т. 36, стр.236—276.
Ленин В. И. Шесть тезисов об очередных задачах Советской власти, т. 36 стр. 277—280.
Ленин В. И. Набросок плана научно-технических работ, т. 36, стр. 228—231.
Ленин В. И У Всероссийский съезд Советов рабочих, крестьянских, солдатских и красноармейских депутатов (Выступления), т. 36, стр. 459—517.
Ленин В. И. Речь на объединенном заседании ВЦИК: Московского совета, фабрично-заводских комитетов и профессиональных союзов Москвы 29 июль 1918 г. , т, 37, стр. 1—19
Ленин В. И. Письмо к американским рабочим, т. 37, стр. 48—64.
Ленин В. И. Проект Программы РКП (б), т. 38, стр. 81—121.
Ленин В. И. Тезисы ЦК РКП (б) в связи с положением Восточного фронта, т, 38, стр 271—274,
Ленин В. И. Третий интернационал и его место в истории т, 38. стр 301—309.
Ленин В. И. Речь на конференции железнодорожников Московского узла 16 апреля 1919 г., т 38. стр. 310—315.
Ленин В. И. I Всероссийский съезд по внешкольному образованию 6—19 мая 1919 г. (Выступления), т. 38, стр. 327—372.
Ленин В. И. Великий почин. т. 39, стр. 1—29.
Ленин В. И. О современном положении и ближайших задачах Советской власти, т 39, стр. 30—43.
Ленин В. И. Экономика и политика в эпоху диктатуры пролетариата, т. 39, стр. 271—282
Ленин В. И. Товарищам коммунистам Туркестана, т. 29 стр. 304.
Ленин В И.Доклад на II Всероссийском съезде коммунистических организаций народов Востока 22 ноября 1922 г., т. 39. стр. 318—331.
Ленин В И. Доклад о субботниках на Московской общегородской конференции РКП (б) 20 декабря 1919 г. , т. 40. стр. 32—38.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Ленин В. И. Речь на III Всероссийском съезде Советов народного хозяйства 27 января 1920 г. , т. 40, стр. 76–80.
Ленин В. И. Речь на Всероссийском совещании заведующих внешкольными подотделами губернских отделов народного образования 5 февраля 1920г., т 40, стр. 160–165.
Ленин В. И. Доклад на I Всероссийком съезде трудовых казаков I марта 1920. г., т. 40, стр 166–167
Ленин В. И. К международному дню работниц т. 40, стр 192–193,
Ленин В. И. IX съезд РКП (б), 29 марта-5 апреля 1920г. (Выступления). т. 40, стр. 233–237.
Ленин В. И. От разрушения векового уклада к творчеству нового, т. 40, стр. 311–316.
Ленин В. И. Замечания на проект решения ЦК о задачах РКП (б) в Туркестане, т. 41, стр. 433–436.
Ленин В. И. От первого субботника на Московско-казанской железной дороге к Всероссийскому субботнику-маевке, т. 41, стр. 107–109.
Ленин. В. И. Конгресс Коммунистического Интернационала, 19 июля-7 августа 1920 г. (Выступления), т. 41, стр. 213–267.
Ленин В. И. Задачи союза молодежи, т 41. стр. 293 - 3 8.
Ленин В. И. О пролетарской культуре, т. 41, стр. 336–337.
Ленин В. И. VIII Всероссийский съезд Советов 22–29 декабря 1920 г. (Выступления). т. 42, стр. 89–199
Ленин В. И. X съезд РКП (б) 8–16 марта 1921 г. (Выступления), т. 43. стр. 1–127.
Ленин В. И. Приветствия совещанию представительниц женотделов народов. Востока советских областей и республик, т 4 . стр. 16-.
Ленин В. И. Товарищам коммунистам Азербайджана Грузии, Армении, Дагестана, Горской республики, т. 43, стр. 198–200.
Ленин В. И О продовольственном налоге, т 43, 205–245.
Ленин В И III Конгресс Коммунистического Интернационала, 22 июня-12 июля 1921 г. (Выступления). т. 44 стр. 1–11.
Ленин В. И.. Предисловие к книге И И Степакова „Электрификация РСФСР в связи с переходной фазой мирового хозяйства", т. 45. стр 51–52.
Ленин В. И. XI съезд РКП (б) 27 марта-2 апреля 1922 г. (Выступления), т. 45, стр, 214
Ленин В. И. IV Конгресс Коммунистического Интернационала, 5 ноября-5 декабря 1922 г (Выступления), т. 45, стр. 275–294.
Ленин В. И. Странички из дневника. т 45, стр 363–368
Ленин В. И. О кооперации т. 45, стр 369 - 377.
Ленин В. И. Лучше меньше, да лучше, т. 45, стр. 389–4 6.
Ленин В. И. Телегрмма всем губисполкомам, Сибревкому, Бухревкому и всем губпродкомам, Туркомпроду 28 мая 1921 г, т. 52, стр. 327.
Ленин В. И. К товарищам рабочим, ловцам Аральского моря 7 октября 1921 г т 53, стр. 264–258.
В. И. Ленин О Средней Азии и Казахстане, Ташкент, Госиздат УзССР, 1960.

## СОВЕТЛЕР СОЮЗЫ КОММУНИСТЛИК ПАРТИЯСЫНЫҢ ҲӘМ СОВЕТ ҲҮКИМЕТИНИҢ ӘҲМИЙЕТЛИ ДОКУМЕНТЛЕРИ

КПСС в резолюциях и решениях съездов, конференций и Пленумов, ЦК изд. VIII т. 1–10 М. Политиздат, 1953–1972 г.
Вопросы партийной работы в послевоенный период, Сборник документов. М. Госполитиздат, 1948.
Вторая сессия Верховного Совета ККАССР (второго созыва 30–31 августа 1948 г. Стенографический отчет, Нукус, 1948.
Вторая сессия Верховного Совета ККАССР (третьего созыва) 8 мая 1952. г, Стенографический отчет, Нукус, 1952.
Доклад правительства ККАССР Президиуму ВЦИК, 10 июля 1934 г. Турткуль, ККГИЗ, 1934.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Директивы XX съезд КПСС по шестому пятилетнему плану развития народного хозяйства СССР на 1956—1960 гг., Москва, 1956.
Директивы КПСС и Советского правительства по хозяйственным вопросам, М. Госполитиздат, 1958.
Закон о пятилетнем плане восстановления и развития народного хозяйства ККАССР на 1946—1950 г г., Нукус, 1946.
Коммунистическая партия Узбекистана в цифрах. Сборник статистических материалов, 1924—1964 гг., изд-во „Узбекистан", Ташкент, 1964.
Конституция (основной закон) Каракалпакской АССР. Турткуль, 1938.
Материалы XX съезда КПСС. М., Политиздат, 1956
Материалы внеочередного XXI съезда КПСС, Москва, Политиздат, 1959,
Материалы XXII съезда КПСС, Москва, Политиздат, 1961.
Материалы XXIII съезда КПСС, Москва, Политиздат, 1966.
Материалы XXIV съезда КПСС, М., Политиздат, 1971.
Материалы XXV съезда КПСС Москва, Политиздат 1976 г.
Материалы пятой сессии Верховного Совета СССР (шестого созыва) 9—11 декабря 1964г. Москва, 1964.
Материалы по производительным силам Узбекистана, ККАССР вып. I изд-во АН УзССР, 1950.
Материалы по производительным силам Узбекистана, вып. 12, Современное состояние и перспективы развития промышленности и транспорта низовьев Амударьи (ККАССР и Хорезмская область), изд-во АН Уз ССР, Ташкент, 1959.
Образование СССР. Сборник документов (1917—1924гг.), Москва Ленинград, изд-во АН СССР, 1949
О мерах по дальнейшему подьему хлопководства в Узбекистане. Постановление СНК СССР и ЦК ВКП (б). Ташкент, 1940.
О преодалении культа личности и его последствий. Постановление ЦК КПСС от 30 июля 1956 г. Москва, Госполитиздат, 1956.
Отчет 2-го экономического совещания Туркестанской республики в ноябре 1922 г Ташкент, 1923.
Отчет Центрального Комитета КПТ за период с VII по VIII съездами (1923—1924 гг.), Ташкент, 1924.
Партия-организатор крутого подъема сельского хозяйства СССР. Сборник документов(1953—1958 гг.), Москва, Госполитиздат 1958.
Первая сессия Верховного Совета ККАССР (второго созыва), Нукус, 1946
Победа Великой Октябрьской Социалистической революции в Туркестане, Сборник документов, изд-во АН УзССР, 1952.
Подготовка и проведение Великой Октябрьской социалистической революции в Туркменистане. Сборник документов, Ашхабад, 1954.
Подготовка и проведение Великой Октябрьской социалистической революции в Узбекистане. Сборник документов. Ташкент 1947,
Постановление первой межсоюзной конференции профсоюзов, ККАССР 11—12 августа 1951 г, Нукус, 1956.
Постановление июльского (1955г.)Пленума ЦК КПСС, Москва, Госполитиздат,1955
Постановление СНК ККАССР и бюро Обкома КП (б) Узбекистана № 13 от 11—12 мая 1943 г.
Постановление ЦК КПСС о подготовке к празднованию 40-й годовщины Великой Октябрьской социалистической революции, „Правда." 17 марта 1957 г.
Программа Коммунистической партии Советского Союза. Москва, Госполитиздат 1952.
Сборник Законов УзССР и Указов Президиума Верховного Совета УзССР (1938—1965гг)., Ташкент, Госиздат, 1965.
Сорок лет Каракалпакской АССР (1924—1964 гг.), Нукус, ККГИЗ, 1964.
Справочник партработника, вып. I, II III, Москва, Госиздат, 1957—1961. г. г.
Стенографический отчет первой сессии Верховного Совета ККАССР второго созыва 5—6 июля 1947 г., Нукус, КК ГИЗ, 1947.
Юблейная сессия Верховного Совета ККАССР 24 декабря 1944г Стенографический отчет, Нукус, изд-во ККГИЗ, 1945.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Советлер Союзы Коммунистлик партиясы менен совет ҳүкимети басшыларының мақалалары ҳәм шығып сөйлеген сөзлери

Брежнев Л. И. О неотложных мерах по дальнейшему развитию сельского хозяйства СССР. Доклад на пленуме ЦК КПСС 24 марта 1965г Москва, Политиздат, 1965.

Брежнев Л И. Речь на третьем Всесоюзном съезде колхозников 25 ноября 1969 г. Москва , Политиздат, 1969.

Брежнев Л. И. О пятидесятилетии Союза Советских Социалистических Республик, Москва, Политиздат, 1973.

Брежнев Л. И. Ленинским курсом. Речи и статьи, т.1—4 Москва Политиздат 1970—1974 гг,

Дзержинский Ф. Э. Избранные произведения, т. I и II. Москва, Политиздат, 1957.

Калинин М. И. Вопросы советского строительства, статьи и речи. (1919—1946 гг.) Москва, Политиздат, 1958.

Киров С. М. Избранные статьи и речи (1912—1934 гг.), Москва, Политиздат, 1957.

Косыгин А. Н. Директивы XXIV съезда КПСС по пятилетнему плану развития народного хозяйства СССР на 1971—1975 гг., Москва, Политиздат, 1971.

Куйбышев В. В. Индустриализация страны и режим экономии. Доклад на пленуме ЦИК ВКП(б) 4 апреля 1929 г. Москва—Ленинград, Госиздат 1929.

Куйбышев В. В. Первый этап пятилетки и социалистическое соревнование. Москва, Книгоизд-во ВЦСПС, 1929.

Орджоникидзе Г. К. Генеральная линия партии и правый уклон. Речь на I Московской областной конференции ВКП(б) 18 сентября 1929 г., Москва изд-во Московский рабочий 1929.

Подгорный Н. В. 4э-ая годовщина Великой Октябрьской социалистической революции Доклад на торжественном заседании 6 ноября 1963 г., Москва Политиздат, 1963.

Пономарев Б. Н. Ленинизм—наше знамя и всепобеждающее оружие Доклад на торжественном заседании в Москве посвященном 93-й годовщине со дня рождения В. И. Ленина. Москва, Политиздат, 1963.

Рашидов Ш. Р. Ленинизм—знамя освобождения и прогресса народов. Ташкент, изд-во „Узбекистан", 1972.

Рашидов Ш. Р. Торжество дружбы народов (Речь кандидата в члены Политбюро ЦК КПСС, первого секретаря ЦК компартии Узбекистана). В семье единой народов—братьев. Н, изд-во „Каракалпакстан" 1974 г. стр. 10—30.

Рашидов Ш. Р. Бир туўысқан халықлар семьясында Қарақалпақстан АССР ына Халықлар дослығы орденин гапсырыў ҳүрметине арналған салтанатлы мәжилисте шығып сөйлеген сөзи. „Совет Қарақалпақстаны" газетасы, 1974-ж. 13-февраль, № 31.

Рашидов Ш. Р. Халықлардың ленинлик дослығының салтанаты. Өз КП Қарақалпақстан областлық партия комитети менен Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Советинин Қарақалпақстан АССР ының ҳәм Қарақалпақстан партия шөлкеминиң дүзилгенине 50 жыл толыўына арналған бирликтеги салтанатлы мәжилисте шығып сөйлеген сөзи. „Совет Қарақалпақстаны" газетасы, 1974-ж. 23-ноябрь. № 230.

Суслов М. А. Избранные речи и статьи. Москва Политиздат, 1972.

Суслов М. А. Второй съезд РСДРП и его всемирно-историческое значение. Доклад на торжественном заседании в г. Москве, посвященном 70-летию II съезда РСДРП 13 июля 1973 г. Москва, изд-во Политлитературы 1973.

## АРХИВЛЫҚ ДӘРЕКЛЕР

Всетуркменский учредительный съезд союза „Кошшы" (25-ноября—1-декабря 1925 г.). Полторацк (Ашхабад), 1926.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Материалы архива внешней политики (МИД) СССР, Фонды полномочного представительства РСФСР в Хорезмской и Бухарской СНР.
Материалы архива Октябрьской революции Туркменской ССР фонды ЦИК и СНК ТССР Ташаузского окрисполкома, ф. 1, оп. 1,4, ф 2, оп. 1,ф 34, 313, ф. с/б 3,50.
Материалы архива Казахского филиала института марксизма-ленинизма при ЦК КПСС, ф. 141, оп 1.
Материалы архива Туркменского филиала института марксизма-ленинизма при ЦК КПСС, ф, 1, оп 1 ф оп 2/1, ф. 7, оп, 1, фонды Ташаузского, Керкинского и Чарджоуского окружных комитетов КП б) Т.
Материалы Центрального Архива Советской Армии, фонды Туркестанского военного округа Управления Амударьинской группы войск, ф. 110, 267, 5859.
Материалы Центрального Государственного архива Октябрьской революции СССР, фонды Наркомнации, Туркцика и Московского бюро Турккомиссии ВЦИК.
Материалы Центрального Государственного военно исторического архива СССР фонды Азиатской части главного штаба.
Материалы Центрального партийного архива Института марксизма-ленинизма при ЦК КПСС, фонды Турккомисии, ВЦИК: Туркбюро ЦК РКП(б), Средазбюро ЦК РКП(б), Куйбышева В. В.
Материалы ЦГА Узбекской ССР, ф. 12, 13, 16, Р—17, Р—25, 43, 73, 85, 267, 307, 344, 764 И-1, И—7, И—99, И—181, И—910 И—915, Р—39,Р-243, Р-735, Р—1394, Р—1613.
Партийный архив Каракалпакского обкома КП Узбекистана, ф 1,3, 6,279, 1334.
Партийный архив при ЦК КП Узбекистана, ф. 16, 57, 60, 296, 361, 499, 1757.
Центральный Государственный архив Каракалпакской АССР, ф. 3, 6,9, 10, 11, 21, 12, 27, 37, 43, 50, 63, 73, 87, 105, 110, 160, 175, 176, 179, 182, 229. 322.

## БИБЛИОГРАФИЯЛЫҚ ӘДЕБИЯТ

Абдуллаев Ш. От неравенства к расцвету. Ташкент, Госиздат, 1964.
Абдуллаев. Х. М. Советский Узбекистан (социально-экономический очерк), Москва, Госполитиздат, 1948
Абдуллаев Х. М. 40 лет Советской науки в Узбекистане, Ташкент, изд-во АН УзССР, 1958.
Абишев Б. Н. О некоторых вопросах социалистической индустриализации Казахстана Алма—Ата, изд-во АН КазССР, 1957.
Авезов К, Варламов П. Каракалпакстан к 10 летию Казакстана. Алма—Ата, 1930
Агзамходжаев, А., Уразаев Ш. З., Развитие Конституции Узбекской ССР. Ташкент, Госиздат Уз ССР, 1957.
Академия наук СССР республикам Средней Азии, 1924—1934.
к десятилетию национального размежевания Средней Азии, Москва-Ленинград, изд-во АН СССР, 1934.
Аламииев П. М. Ликвидация экономического неравенства народов Советского Востока и социалистическое размещение промышленности, Москва, изд-во АН СССР, 1958.
Алексеров Ю. Интервенция и гражданская война в Средней Азии, Ташкент Госиздат УзССР, 1959.
Алиев А. Великий Октябрь и революционизирование народов Бухары, Ташкент, Госиздат УзССР, 1958
Альбанов Д. В. Пути промышленного развития Каракалпакии, Москва, ККНИИ, 1936.
Аметов К. Аграрная политика Советской власти в Каракалпакии, Н., изд-во „Каракалпакия", 1972.
Аминов А. М. Экономическое развитие Средней Азии (колониальный период). Ташкент, Госиздат УзССР, 1959.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аминова Р. Х. Аграрная политика Советской власти в Узбекистане. (1917—1920 гг.) Ташкент, изд-во ФАН УзССР, 19с3.
Аннаклычев А. А. Развитие промышленности Туркменистана за годы Советской власти—(1921—1937 гг.), Ашхабад, изд-во АН ТССР, 1958.
Аннакурдов М. Д. К истории коммунистической печати в Туркменистане,Ашхабад, Госиздат Турк ССР, 1958
Арутюнян Ю. В. Советское крестьянство в годы Великой Отечественной войны. Москва, Изд-во АН СССР. 1963.
Ахмедов С. И. Коммунистическая партия Узбекистана в борьбе за дальнейшие развитие хлопководства в годы четвертой пятилетки .1946—1950гг.), Ташкент, Госиздат, УзССР 1962.
Бабашев Ш. Воины—комсомольцы Каракалпакии в боях за Родину. Нукус, 1965.
Бабашев Ш. Б Делу Ленина и партии верны Изд-во „Каракалпакстан" Нукус. 1976.
Бабаджанова Р. Партийно-массовая работа в кишлаке в период земельно—водной реформы (1925—1926 гг.) Ташкент, Госиздат УзССР, 1955.
Бабаходжаев А. Х. Провал английской агрессивной политики в Средней Азии и на Среднем Востоке в период признания Советского государства де—факто и де-юре (1921—1924 гг.), Ташкент, изд во А УзССР, 1957
Баишев С. Закономерность и особенности социалистического строительства в республиках Средней Азии и Казахстана, Алма—Ата, изд-во АН КазССР, 1957.
Бахабов М. Формирование узбекской социалистической нации. Ташкент, Госиздат УзССР, 1962.
Бедринцев К. П. Десятчиков Б. А. Промышленность Узбекистана за 40 лет, Ташкент, изд во АН УзССР 1957.
Бекимбетов А. Ленинлик кооперативлик планнын Қарақалпақстанда иске асыў тарыйхынан. Нөкис. „Қарақалпақстан" баспасы 1975.
Бекманов А. Капитальное строительство в Каракалпакии—на индустриальные рельсы. Нукус, изд-во „Каракалпакия". 1970 г.
Бердак (Бердимурат). Толық жыйнақ ҚҚМБ, Төрткүл, 1941.
Бердах. Избранные произведения, Ташкент, изд-во АН УзССР 1951 г.
В семье единой народов братьев Нукус, изд о „Каракалпакстан", 1974.
Вопросы строительства коммунизма в СССР, Материалы научной сессии отделений общественных наук АН СССР. Москва, изд во АН СССР, 1959.
Воронович А. Аграрная программа КПСС и ее осуществление в СССР. М. Госполитиздат, 1954.
Гаипова А. История развития социального обеспечения и здравоохранения Каракалпакстана в период развитого социализма (1959—1970 гг.), Автореферат диссертации. Изд-во „Каракалпакстан", Нукус, 1972.
Гаипова А. Рост благосостояния трудящихся ККАССР Н., изд-во „Каракалпакстан" 1974 г
Гуламов Я. Г. История орошения Хорезма с древнейших времен до наших дней. Ташкент, изд-во АН УзССР, 1957.
Дәўқараев Н. Бердақ шайыр. Нөкис. 1960.
Давлет- Юсупов М. Х. Союз „Кошчи" и его роль в укреплении Советской власти и восстановлении сельского хозяйства в Туркестанской АССР (1919—1924 гг), Ташкент, Госиздат УзССР, 1956.
25 лет Каракалпакской АССР, сборник, Нукус, ККГИЗ, 1950.
Джамалов О. Б. Развитие материально-производственной базы колхозов Узбекистана. Ташкент. Госиздат УзССР, 1959.
Джунусов М. С Об историческом опыте строительства социализма в ранее отсталых странах. Москва, Госполитиздат, 1958.
Додонов И. К. Победа Октябрьской революции в Туркестане, Ташкент Госиздат, 1958.
Документы и материалы Союза рабочего класса и трудового дехканства Туркестана в период Великой Октябрьской социалистической революции

и гражданской войны (1917—1920 гг.), Ашхабад, изд-во АН ТССР, 1957.
Досумов Я. М. Қарақалқақстанда Совет властының орнатылыўы, Нөкис, ККМБ 1957.
Досумов Я. М. Победа Великой Октябрьской социалистической революции в Каракалпакии, Ташкент, изд-во АН УзССР, 1959.
Досумов Я. М. Очерки истории Каракалпакской АССР 1917—1927 гг. Ташкент, изд-во АН УзССР, 1960.
Досумов Я. М. Каракалпакия в годы гражданской войны (1918— 920) „Каракалпакстан" Нукус 1975.
Жданко Т. А. Очерки исторической этнографии каракалпаков, Москва—Ленинград, изд-во АН СССР, 1950.
Житов К. Е. Победа Великой Октябрьской социалистической революции в Узбекистане, Ташкент, Изд-во АН УзССР, 1957.
Житов К. Е. 40 лет Советской власти в Узбекистане. Ташкент, 1957.
Житов К. Е., Непомнин В. От колониального рабства к социализму. Ташкент, изд-во, ЦК КП Узбекистана, 1939.
Зевелев А И. Из истории гражданской войны в Узбекистане, Ташкент, Госиздат, УзССР, 1959.
Зиядуллаев С. К. Советский Узбекистан в семилетке (1959—1965 гг.) Ташкент, Госиздат УзССР, 1959
Зиядуллаев С. К. и Манакин А. Социалистическая промышленность Советского Узбекистана, Ташкент, Госиздат УзССР, 1949.
Изимбетов Т. И. Дәстүрлер, үрип-әдетлер ҳәм турмыс „Қарақалпақстан", Нөкис, 1975.
Иноятов Х. Ш. Борьба большевиков за победу Советской власти в Туркестане, Ташкент, 1957.
Иноятов Х. Ш. Октябрьская революция в Узбекистане, М., Госполитиздат 1958.
Иноятов Х. Ш. Победа Советской власти в Узбекистане и Каракалпакии и ее историческое значение. См. С Великим русским народом—на вечные времена. Н Изд-во „Қарақалпақстан", 1974 г. стр. 56—63.
История Казахской ССР, изд-во Академии наук Казахской ССР. Алма—Ата. 1963.
История Каракалпакской АССР т. 2, Ташкент изд-во „ФАН" УзССР, 1974 г.
История Киргизской ССР, том 2, Фрунзе, Госиздат, 1963.
История Коммунистической партии Советского Союза. Москва, Политиздат, 1971.
История коммунистических организаций Средней Азии, Ташкент, изд-во „Узбекистан", 1967.
История колхозов и совхозов Узбекистана, 3-ая книга, Ташкент, изд-во „Узбекистон", 1972.
История СССР (эпоха социализма) 1917—1961 г.г., Москва изд-во Политлитературы, 1964.
История СССР, ч. II, Москва, изд-во Мысль, 1973,
История рабочего класса Узбекистана, т. II и III Ташкент, изд-во „Наука", 1965, 1966 г. г.
История рабочего класса Советского Узбекистана Т. изд-во „ФАН" 1974 г.
Исторический опыт КПСС в осуществлении новой экономической политики. Москва, Политиздат, 1972.
Ишанов А. Победа народной Советской революции в Бухаре. Ташкент, изд-во АН УзССР, 1957.
К социализму минуя капитализма. Исторический опыт по социалистическому строительству в Средней Азии и Казахстане в 1917—1937 гг. М. Политиздат, 1974 г.
Камалов Қ. Уллы рус халқы менен мәңгиге! Өз КП Қарақалпақстан обкомы менен ӨзССР Илимлер академиясының бирлескен илимий конференциясындағы Қарақалпақстанның ықтыярлы түрде Россияға қосылыўына 100 жыл толыўына арналған доклады. „Совет Қарақалпақстаны" газетасы 1974-ж. 14-февраль № 39.
Камалов К. С великим русским народом на вечные времена! (Доклад на объединенной научной конференции Обкома КП Уз и Академии наук



www.ziyouz.com kutubxonasi

УзССР посвященной 100 летию добровольного присоединения Каракалпакии к России) С Великим руссим народом на вечные времена", Н. изд-во „Каракалпакстан", 1974 г. стр 10—36.

**Камалов Қ.** Бирликтеги бир семьяда. Өз КП Каракалпақстан областьлық партия комитети менен Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Советиниң Қарақалпақстан АССР ының ҳәм Қаракалпақстан партия шөлкеминиң дүзилгенине 50 жыл толыўына арналған бирликтеги салтанатлы мәжилисте жасаған доклады. „Совет Қарақалпақстаны" газетасы, 1974-жыл, 23-ноябрь. № 230.

**Камалов Қ.** Ленин ўәсиятлары - өмир жолымыз Нөкис, „Қарақалпақстан" баспасы, 1975.

**Камалов К.** По заветам Ленина, Нукус, изд-во „Каракалпакстан", 1975.

**Камалов С.** О дружбе народов Хорезмского оазиса. Нукус, ККГИЗ, 1961.

**Камалов С., Косбергенов Р, Косымбетов И.** На веки вместе. Нукус изд-во „Каракалпакстан". 1973.

**Камалов С. К., Қосбергенов Р., Қосымбетов И., Қошшанов А.** Мәнги дослық. Нөкис. „Қарақалпақстан" баспасы", 1973.

Каракалпакия в период победы социализма и коммунистического строительства, Ташкент, Изд-во „ФАН" УзССР, 1969.

Қарақалпақстан комсомолы тарийхының мәселелери. Нөкис, ҚҚМБ, 1958.

Каракалпакская АССР в братской семье советских республик, Нукус, изд-во „Қарақалпақстан", 1964.

**Кары-Ниязов Т. Н.** Очерки истории культуры Советского Узбекистана, М., Госполитиздат, 1955.

**Кетебаева Б. К.** Қуяшлы Қарақалпақстан ҳаял-қызлары. Нөкис, „Қарақалпақстан" баспасы, 1975.

**Қосбергенов Р.** Қарақалпақстанда Совет власты жылларында илимниң раўажланыўы. Нөкис ҚҚМБ. 1957.

**Қосымбетов И.** Культурное строительство в национальных республиках Средней Азии (на материалах Каракалпакской АССР) в кн. „Из истории выполнения второй программы партии в области культурного строительства". М. 1968, стр 111—151.

**Қосымбетов И.** Қарақалпақ совет интеллигенциясының тарийхынан „Қарақалпақстан" баспасы, 1970.

**Қосымбетов И.** Уллы дослық жемислери. Нөкис, „Қарақалпақстан" баспасы, 1972.

**Қосымбетов И.** Каракалпакия в братской семье народов СССР, в кн. С великим русским народом на вечные времена Нукус. изд-во „Каракалпакстан" 1974, стр. 81—89.

Материалы по производительным силам Узбекистана, вып 11—14 Ташкент Изд-во АН УзССР 1960—1961

**Матнепесов О.** Колхоз—дийханлар ушын коммунизм мектеби. Нөкис, „Қарақалпақстан" баспасы, 1969.

**Мелешко А.** Современное состояние и пути развития животноводства ККАССР. Нукус, изд-во „Каракалпакстан", 1960.

Минуя капитализма—(о переходе к социализму республик Средней Азии и Казахстана) М, Госполитиздат. 1961.

**Мухаммедбердив К. Б.** Коммунистическая партия в борьбе за победу народной советской республики в Хорезме. Ашхабад, Туркменздат, 1959.

**Нурмухамедов М. К., Жданко Т. А. Камалов С. К.** Каракалпаки (краткий очерк истории с древнейших времен до наших дней) Ташкент, изд-во „ФАН", 1971.

Очерки истории Каракалпакской АССР т. II (1917—1963 гг.) Ташкент, изд-во „Наука" УзССР, 1964.

Осуществление ленинской программы построения социализма в Каракалпакии (1917—1937 гг.). Ташкент. изд-во „ФАН" УзССР, 197 .

**Панабергенев А.** Партийная организация Каракалпакии в борьбе за осуществление культурной революции (1917—1940 гг.) Нукус, изд-во Каракалпакия", 1969.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Победа Советской власти в Средней Азии и Казахстане, Ташкент, изд-во „ФАН", 1967.

**Рзаев К., Тоғжанов Т.** Аўыл хожалық өнимлеринин өзине түсер баҳасы ҳәм оны арзанластырыўдын резервлери Нөкис, „Қарақалпақстан" баспасы, 1964.

**Рзаев К., Медетуллаев Ж.** Проблемы эффективного использования ресурсов сельского хозяйства Каракалпакии. Нукус, изд-во „Каракалпакия", 1972.

**Ризаев Г.** Сельское хозяйсто Узбекистана за 40 лет. Ташкент, Госиздат УзССР, 1957.

С великим русским народом на вечные времена. Нукус, изд-во „Каралалпакстан" 1974.

Советский Узбекистан за 40 лет. Статистический сборник. Ташкент. Изд во „Узбекистан", 1964.

Строительство коммунизма и проблемы культуры Москва. изд-во АН СССР, 1963.

**Таджимуратов А.** Развитие экономики и культуры КК АССР за годы советской власти, 1963.

**Татыбаев С.** Исторический опыт построения социализма в Каракалпакии (1917—1941) Нукус, изд-во „Каракалпакстан", 1971.

**Тулепбаев Б. А** Компартия Узбекистан в борьбе за крутой подъем сельского хозяйства (1953—1958) Ташкент, Госиздат УзССР. 1969.

**Уббиниязов Дж.** От кустаршины до современной промышленности, Нукус изд-во, „Каракалпакстан", 1971.

**Уббиниязов Дж.** Түслик Аралда балық аўлаў ҳәм балық санаатын раўажландырыўдын гейпара мәселелери, Нөкис, 1961.

**Уббиниязов Дж.** Роль РСФСР в создании национальных кадров рабочего класса в Каракалпакии, в кн „С великим русским народом-на вечные времена" Нукус изд-во „Каракалпакстан", 1974, стр. 64—71.

**Уббиниязов Дж.** Помощь русских рабочих аўлам Каракалпакии – (1928—1932 гг), Вестник Каракалпакского филиала Академии наук УзССР 1974, № 4 стр. 40—52.

Узбекистан за 7 лет (1959—1965 гг.) Краткий статистический сборник Ташкент, изд-во „Узбекистан", 1966.

**Шарипова К. Г.** Қарақалпақстан партия шөлкеми Уллы Ўатандарлық урыс жылларында (1941 – 1945-ж. ж.) Нөкис, „Каракалпакстан" баспасы, 1974.

## ЎАҚЫТЛЫ БАСПАСӨЗ

### Журналлар

Агитатор блокноты, ӨзКП Қарақалпақстан обкомынын органы (1953—1975-ж. ж.)

„Әмударья", Қарақалпақстан жазыўшылар Союзынын органы 1955—975-ж. ж.

ӨзССР Илимлер академиясынын Қарақалпақстан филиалынын „Хабаршысы" („Вестник") 1950—1975-ж. ж.

### Газеталар

„Правда" (1950—1976—-ж. ж.)
„Известия" (1945—1976-ж ж.)
„Правда Востока" 1939 1976-ж. ж.)
„Совет Қарақалпақстаны" (1939—1976-ж. ж.)
„Советская Каракалпакия" (1931—1976-ж ж.)

## МАЗМУНЫ

Кирисиў . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 7

*Биринши бөлим* ОКТЯБРЬ СОЦИАЛИСТЛИК РЕВОЛЮЦИЯСЫНЫН ЖЕНИСИ. ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АССР ы СССР да СОЦИАЛИЗМ ДҮЗИЎ ДӘЎИРИНДЕ (1917—1937-ж.ж.)

I бап. Уллы Октябрь социалистлик революциясының жеңиси ҳәм Қарақалпақстанда Совет властының орнаўы 1917-жыл апрель — 1918-жыл июль) . . . . . . . . . . . . . . . . 13

1. Қарақалпақстан Уллы Октябрь социалистлик революциясын таярлаў дәўиринде (1917 жыл апрель - ноябрь) . . . . . 13
2. Қарақалпақстанда социалистлик революцияның жеңиси ҳәм Совет властынын орнаўы (1917-жыл декабрь—1918-жыл февраль) . . . . . . . . . . . . . . 26
3. Дәслепки социалистлик өзгерислер Қарақалпақстанда Совет властын беккемлеў ушын гүрес . . . . . . . . . . . 34
4. Түркстан совет автономиясының жәрияланыўы ҳәм қарақалпақ социалистлик миллетинин қәлиплесиўине алдын-ала жағдайлардың дүзилиўи . . . . . . . . . . . . . . . . 43

II бап. Қарақалпақстан сырт ел әскерий интервенциясы ҳәм гражданлар урысы дәўиринде (1918—1920-ж ж.) . . . . 47

1. Гражданлар урысының басланыўы Ишки ҳәм сыртқы контрреволюция үстинен шешиўши жеңис дәўири (1918-жылдың жазы 1920-жыл март) . . . . . . . . . . . . . . . 47
2. Қарақалпақстан гражданлар урысынын тамамланыў дәўиринде (1920-жыл март—декабрь) . . . . . . . . . . . . . 78
3. Қарақалпақстан халық хожалығы гражданлар урысы ҳәм сырт ел интервенциясы жылларында, социалистлик қурылыстын басланыўы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 88

III бап. Қарақалпақстан халық хожалығын қайта тиклеў дәўиринде (1921 — 1925-ж. ж.) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 99

1. Әмудәрья областында жаңа экономикалық сиясатқа өтиў . . —
2. Әмудәрья областының халық хожалығын қайта тиклеў . . . 102
3. Әмудәрья областындағы партия-совет қурылысы . . . . . 114
4. Қарақалпақ ҳаял-қызларынын азатлыққа шығыўы . . 124
5. Хорезм республикасынын қарақалпақ районларындағы революциялық-демократиялық ҳәм социалистлик қайта дүзиўлер (1920 — 1924-ж ж.) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 127



www.ziyouz.com kutubxonasi

IV бап. Орта Азияны миллий шегаралаў ҳәм Қарақалпақстан автономиялы областының дүзилиўи . . . . . . . . . . . . . 140

V бап. Қарақалпақстан АССР ы халық хожалығы социалистлик реконструкциялаўға өтиў дәўиринде (1926—1928-ж ж.) . . . . 155

1. Қарақалпақстан мийнеткешлериниң социалистлик санаатты раўажландырыў ушын гүреси . . . . . . . . . . . . . 155
2. Аўыл хожалығын көтериў ушын гүрес . . . . . . . . . . . 159
3 Партия- совет аппаратының беккемлениўи. . . . . . . . . 164
4. Ҳаял-қызлардың социалистлик қурылысқа қатнасыўы . . . . 167

VI бап. Қарақалпақстан АССР ы социализмниң экономикалық фундаментин дүзиў дәўиринде (1929—1932-ж. ж.) . . . . . . 171

1. Биринши бес жыллықта санааттың раўажланыўы (1929—1932-ж. ж.) . . . . . . . . . . . . . . . . . . —
2. Қарақалпақстан мийнеткешлериниң аўыл хожалығын коллективлестириў ушын гүреси . . . . . . . . . . . . . . . . 182
3. Жәмийетлик сиясий турмыс . . . . . . . . . . . . . . 197

VII бап. Қарақалпақстан АССР ының дүзилиўи . . . . . . . . . . 201

VIII бап. Қарақалпақстан АССР ы халық хожалығын социалистлик қайта қурыўды тамамлаў дәўиринде (1933—1937-ж. ж.) . 212

1. Санаат . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . —
2. Аўыл хожалығы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 224
3. Мийнеткешлердиң материаллық абаданлығының көтерилиўи . 233
4. Совет жәмийетлик ҳәм мәмлекетлик дүзиминиң буннан былай да беккемлениўи . . . . . . . . . . . . . . . . . . 234

IX бап. Қарақалпақстан АССР ында мәдений революция (1917 — 1937-ж. ж.) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 241

1. Халық билимлендириўи . . . . . . . . . . . . . . . . —
2. Жоқары ҳәм орта оқыў орынларының раўажланыўы . . . . 249
3. Илим, әдебият ҳәм искусствоның раўажланыўы . . . . . . 252
4. Мәдений- ағартыў жумысларының ең жайдырылыўы . . . . 263

*Екинши бөлим* ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АССР ы СССР да РАЎАЖЛАНҒАН СОЦИАЛИСТЛИК ЖӘМИЙЕТ ДҮЗИЎ ДӘЎИРИНДЕ (1938—1958-ж. ж.)

X бап. Қарақалпақстан АССР ы СССР да социалистлик жәмийетти беккемлеў ҳәм раўажландырыў дәўиринде (1938—1941-жыл июнь) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 269

1. Санаат ҳәм транспорттың раўажланыўы . . . . . . . . . —
2. Колхоз дүзиминиң беккемлениўи ҳәм социалистлик хожалықтың раўажланыўы . . . . . . . . . . . . . . . 277
3. Мийнеткешлердиң материаллық абаданлығының буннан былай көтерилиўи . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 284
4 Партия ҳәм совет қурылысы. Жәмийетлик ҳәм қорғаныў массалық шөлкемлериниң беккемлениўи . . . . . . . . . . . 285

XI бап. Қарақалпақстан АССР ы Уллы Ўатандарлық урыс жылларында (1941 — 1945-ж. ж.) . . . . . . . . . . . . . . . 290

1. Советлер Союзының Уллы Ўатандарлық урысының басланыўы Қарақалпақстан мийнеткешлериниң патриотлық көтериңкилиги . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 290



www.ziyouz.com kutubxonasi

2. Қарақалпақстан санааты, транспорты ҳәм байланысы Ўатандарлық урыс жылларында . . . . . . . . 293
3. Қарақалпақстанның аўыл хожалығы Уллы Ўатандарлық урыс жылларында . . . . . . . . . . . . . . . . 300
4. Уллы Ўатандарлық урыс жылларында Қарақалпақстанның жәмийетлик-сиясий турмысы . . . . . . . . . . . . 308
5. Қарақалпақстан мийнеткешлери тылдың фронт пенен байланысын беккемлеў ушын гүресте . . . . . . . . . . . 313
6. Қарақалпақстан жаўынгерлериниң Уллы Ўатандарлық урыс фронтларындағы көрсеткен ерликлери . . . . . . . . . . 317

**XII бап. Қарақалпақстан АССР ы социалистлик халық хожалығын қайта тиклеў ҳәм раўажландырыў дәўиринде (1945—1950-ж. ж.) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 325**

1. Санааттың, транспорттың ҳәм байланыстың раўажланыўы —
2. Аўыл хожалығының раўажланыўы . . . . . . . . . . . . 332
3. Жәмийетлик-сиясий турмыс . . . . . . . . . . . . . . . . 339

**XIII бап. Қарақалпақстан АССР ы социализм дүзиўдиң тамамланыўшы басқышында (1951—1958-ж.ж.) . . . . . . . . . . 344**

1. Қарақалпақстан санаатының бесинши ҳәм алтыншы бес жыллықлардағы раўажланыўы . . . . . . . . . . . . . . 344
2. Қарақалпақстан аўыл хожалығы бесинши ҳәм алтынши бес жыллықлар дәўиринде . . . . . . . . . . . . . . . . . 357
3. Мийнеткешлердиң материаллық абаданлығының өсиўи . . . 379
4. Қарақалпақстанның жәмийетлик-сиясий турмысы . . . . . . 384

*Ушинши бөлим* ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АССР ы СССР да КОММУНИЗМ ҚУРЫЛЫСЫ ДӘЎИРИНДЕ

XIV бап. **Қарақалпақстан АССР ы жети жыллық планды әмелге асырыў жылларында (1959—1965-ж. ж) . . . . . . . . . 393**

1. Санаат . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . —
2. Аўыл хожалығы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 403
3 Қарақалпақстан АССР ы мийнеткешлери абаданлығының өсиўи . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 410
4. Қарақалпақстан АССР ының 1959—1965-жыллардағы жәмийетлик-сиясий турмысы . . . . . . . . . . . . . . . . . 413

XV бап. **Қарақалпақстан АССР ы сегизинши бес жыллықта (1966—1970-ж. ж) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 422**

1. Санааттың раўажланыўы . . . . . . . . . . . . . . . . —
2. Аўыл хожалығының раўажланыўы . . . . . . . . . . . . 431
3. Партия совет қурылысы . . . . . . . . . . . . . . . . 438

XVI бап. **Қарақалпақстан АССР ы тоғызыншы бес жыллықта (1971—1975-ж. ж.) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 442**

1. Жаңа перспективалар . . . . . . . . . . . . . . . . . . —
2. Қарақалпақстан мийнеткешлериниң халық хожалығын буннан былайда раўажландырыў ушын гүреси . . . . . . . . . . 446
3. Даңқлы сәне. Мийнет көтеринкилиги. Халықтың материаллық абаданлығының өсиўи . . . . . . . . . . . . . . . 461
4. Байрам салтанаты ҳәм қуўанышлы нәтийжелер . . . . . . 468



www.ziyouz.com kutubxonasi

XVII бап. Қарақалпақстан АССР ы социалистлик мәдениятының гүлleниўи (1938—1975-ж. ж.) . . . . . . . . . . . . . . 477

1. Халық билимлендириўинин раўажланыўы . . . . . . . . . —
2 Жокары ҳәм арнаўлы билим бериўдин раўажланыўы . . . . 488
3. Илимнин раўажланыўы . . . . . . . . . . . . . . 490
4 Әдебият ҳәм искусствонын раўажланыўы . . . . . . . . 498
Жуўмақ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 517
Сәне ҳәм ўақыялардын хронологиясы . . . . . . . . . . 522
Көрсеткишлер . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 533
Жеке адам атларының көрсеткиши . . . . . . . . . . . —
Географиялық ҳәм тарийхый топографиялық орын атамаларының көрсеткиши . . . . . . . . . . . . . . . . . 541
Әдебиятлардын көрсеткиши . . . . . . . . . . . . . 545

www.ziyouz.com kutubxonasi

## „Қарақалпақстан АССР ы тарийхы“ ның I томы бойынша дүзетиў

| Бети | қатары | | Басылғаны | Дурысы |
|---|---|---|---|---|
| | жоқарыдан | төменнен | | |
| 5 | 17 | — | 163,6 *кв. км* | 165,6 мың *кв км* |
| 163 | — | 2 | таўла | жаўлап |
| 393 | — | 4 | халы | халық |

www.ziyouz.com kutubxonasi

*На каракалпакском языке*

**ИСТОРИЯ КАРАКАЛПАКСКОЙ АССР**

**Том II**

„Каракалпакстан"
Нукус — 1977

Редактор *Мамбет Абдреимов*
Худ. редактор *К. Нажимов*
Тех. редактор *Ж. Досжанова*
Корректор *А. Юсупова*

Териўге берилген ўақты 18/VII-1976-жыл. Басыўға рухсат етилген ўақты 10/XI—1976. Қағаз форматы 60×90¹/₁₆. Көлеми 35,0 баспа табақ. 38,3 есап баспа табақ. РК 30765. Тиражы 10000.
Баҳасы 2 манат 65 тийин.
„Қарақалпақстан" баспасы, Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.

Самарқанд областлық баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша басқармасынын М. В. Морозов атындағы баспаханада терилди ҳәм басылды. Заказ № 3620

www.ziyouz.com kutubxonasi